Северо-Осетинский институт гуманитарных и социальных исследований им. В. И. Абаева – филиал Федерального государственного бюджетного учреждения науки Федерального научного центра «Владикавказский научный центр Российской академии наук»

ИРОН-УЫРЫССАГ ДЗЫРДУАТ

ОСЕТИНСКО-РУССКИЙ СЛОВАРЬ

ТОМ 4

Т – Я

Владикавказ 2019

ББК 8.1

Издается по решению Ученого совета СОИГСИ ВНЦ РАН

Осетинско-русский словарь. Том 4. В 4-х т. Владикавказ: СОИГСИ ВНЦ РАН, 2019. – 749 с.

ISBN 978-5-91480-268-1

ISBN 978-5-91480-311-4

Составители:

Гуриев Т. А. – доктор филологических наук, профессор, зав. отделом осетинского языкознания СОИГСИ ВНЦ РАН,

Гутиева Э. Т. – н. сотрудник отдела осетинского языкознания СОИГСИ ВНЦ РАН.

В оформлении обложки использован орнамент, выполненный Фриевой Гоппо

ББК 8.1

ISBN 978-5-91480-268-1
ISBN 978-5-91480-311-4

© СОИГСИ ВНЦ РАН, 2019
© Гуриев Т.А., Гутиева Э.Т., 2019

Предисловие

«Осетинско-русский словарь» организован по принципам составления двуязычных словарей и ставит своей целью наиболее полно отразить лексический состав осетинского языка, включая как общеизвестные, так и архаические лексемы, диалектизмы, историзмы, этнографические термины, неологизмы и заимствования, отмеченные в системе языка.

Слова представлены во всех своих значениях. Для максимальной семантической детализации осетинских слов приведено наибольшее возможное количество русских эквивалентов.

Заглавное слово либо слова в словарной статье приводятся в виде тильды (~), в тех случаях, когда второе из заглавных слов является изменяемой / спрягаемой частью речи *(напр. кæнын, уæвын)*, тильда обозначает только первую часть сочетания.

Словарь содержит информацию о коллокационных возможностях осетинских лексем, в словарных статьях приводятся примеры употребления слов в свободных и полусвободных словосочетаниях.

Фразеологические единицы (в статьях маркированы знаком ●) снабжены дословным переводом, эквивалентным переводом и, при наличии эквивалентных фразеологических единиц в русском языке, сопоставляются с ними.

Этнографические термины сопровождаются этнокультурным комментарием.

При переводе стихотворных строк используется принцип подстрочного перевода. В отдельных случаях, когда существующие поэтические переводы близки тексту оригинала, приводятся их соответствующие фрагменты.

В связи с отсутствием строгой орфографической нормированности некоторые слова приводятся в различных сосуществующих вариантах, либо выбирается наиболее распространённый вариант написания.

Многие словарные статьи содержат иллюстрации, выбранные из максимально полного корпуса произведений осетинской литературы, публицистики, научных и художественных работ, периодических изданий, устной речи, из словарей и справочных изданий.

Список мононимов

Азæмæт – Хъайтыхъты А.
Арсен – Коцойты А.
Ашæх – Токаты А.
Ахуырбег – Мæхæмæтты А.
Æрнигон – Тогъуызты Г.
Æхсар – Хъодзаты Æ.
Æхсарбег – Æгъуызарты Æ.
Болайы фырт – Хъуыбатты А.
Васо – Абайты Васо
Гафез – Гаглойты Ф.
Гæстæн – Агънаты Г.
Гриш – Плиты Г.
Дамир – Дауыраты Д.
Дауырæ – Дауыраты З.
Дауыт – Дарчиты Д.
Дæбе – Мамсыраты Д.
Елбыздыхъо – Брытъиаты Е.
Изæтбег – Цомартаты И.
Куыдзæг – Дзесты К.
Къоста – Хетæгкаты Къ.
Лademыр – Сечъынаты Л.
Максим – Цæгæраты М.
Михал – Цырыхаты М.
Нафи – Джусойты Н.
Нигер – Дзанайты И.
Рамазан – Сæбæтхъуаты Р.
Секъа – Гæдиаты С.
Созырыхъо – Хъуылаты С.
Тазе – Бесаты Т.
Тасо – Гуыриаты Т.
Тæтæри – Епхиты Т.
Уари – Санаты У.
Умар – Богазты У.
Фæрнион – Фæрниаты Къ.
Хадо – Плиты Х.
Цомахъ – Гæдиаты Ц.
Цоцко – Æмбалты Ц.
Шамил – Джыккайты Ш.

Список
использованных лексикографических источников

1. *Миллер В. Ф.* (и *А. А. Фрейман*). Осетинско-русско-немецкий словарь, тт. 1-3. Изд. АН СССР. Ленинград, 1927-1934.

2. Ирон-уырыссаг дзырдуат, 5-æм рауагъд. (Сарæзтой йæ *Бигъуылаты Б.*, *Гагкайты Хъ.*, *Гуыриаты Т.*, *Хъуылаты Г.*, *Туаты О.* Ред. *Гуыриаты Т.*). Дзæуджыхъæу, 2004.

3. Ирон æвзаджы æмбарынгæнæн дзырдуат (цыппар томæй), тт.1-2. (*Гæбæраты Никъалайы* иумæйаг редакцийæ). Мæскуы, 2007-2010.

4. *Абаев В. И.* Историко-этимологический словарь осетинского языка, тт. I-IV. М.-Л., 1958-1989.

5. *Абаев В. И.* Русско-осетинский словарь. М.: Советская энциклопедия, 1970.

6. Ирон æмбисæндтæ. (Чиныг сарæзта *Гуытъиаты Хъазыбег*). Орджоникидзе, 1976.

7. Осетинские (дигорские) народные изречения. Из собрания *Г. А. Дзагурова*. (Отв. редактор *Р. Л. Цаболов*). М., 1980.

8. *Таказов Ф. М.* Дигорско-русский словарь. Русско-дигорский словарь. Владикавказ, 2015.

9. Словарь русского языка в четырёх томах, изд. 2-ое. (Гл. редактор *А. П. Евгеньева*). М., 1981-1984.

10. *Ожегов С. И., Шведова Н. Ю.* Толковый словарь русского языка / Институт русского языка им. В. В. Виноградова. – 4-е изд., дополненное. – М.: Азбуковник, 1999.

Список условных сокращений

ав. – авиация
анат. – анатомия
арх. – архаизм
астр. – астрономия
библ. – библеизм
биол. – биология
бот. – ботаника
букв. – буквально
вет. – ветеринария
воен. – военный термин
в разн. знач. – в разных значениях
геог. – география
горн. – горное дело
грам. – грамматика
груб. – грубое слово / вульгарное
д. – дигорский
дет. – детская речь
диал. – диалектизм
дипл. – дипломатическое
зоол. – зоология
ирон. – в ироническом смысле
иск. – искусство
ист. – исторический термин
и т. д. – и так далее
кг – килограмм
кто-л. – кто-либо
км – километр
кул. – кулинария
ласк. – ласкательное
лингв. – лингвистика
литер. – литературное
мат. – математический термин
мед. – медицина
межд. – междометие
мест. – местоимение
мор. – морской термин
муз. – музыка
НК – Нарты кадджытæ
напр. – например
охот. – охотничий термин
перен. – в переносном значении
полит. – политический термин
пренебр. – пренебрежительно
прост. – просторечное слово
прям. – прямой смысл
Р. – «Рæстдзинад»
разг. – разговорное (слово, выражение)
рел. – религия
сад. – садоводство
спец. – специальный термин
спорт. – спортивное
ср. – сравните
строит. – строительный
с.-х. – сельское хозяйство
театр. – театральный термин
тех. – технический термин
тип. – типографический термин
уст. – устаревшее слово
физ. – физический термин
филос. – философия
фольк. – фольклор
хим. – химический термин
ч. – число
что-л. – что-либо
шутл. – шутливое слово / выражение
эвф. – эвфемизм
эк. – экономика
эл. – электричество
этн. – этнографический термин
юр. – юридический термин

Значение символов

~ заменяет заглавное слово внутри словарной статьи
/ косая линия указывает на идентичность / альтернативность.
● чёрная точка ставится перед пословицами и поговорками.

Ирон алфавит

Аа	Ææ	Бб	Вв	Гг	Гъгъ
Дд	Джджж	Дздз	Ее	Ёё	Жж
Зз	Ии	Йй	Кк	Къкъ	Лл
Мм	Нн	Оо	Пп	Пъпъ	Рр
Сс	Тт	Тътъ	Уу	Фф	Хх
Хъхъ	Цц	Цъцъ	Чч	Чъчъ	Шш
Щщ	Ъъ	Ыы Ьь	Ээ	Юю	Яя

Т

та 1. *част.* опять, же, а; *союз противит.* а
ногæй ~ æрцыд — он опять пришёл; это опять случилось
уый æнхъæл ~ чи уыд? — кто же это мог предположить?
● знаг ызнаг у, ’рвад ~ ’рвад у — враг есть враг, а родственник есть родственник
æз ам уыдтæн, ды ~ сахары — я был здесь, а ты в городе
таба *кæс* **тебæ**
табæт — гроб
~ ныххæлар кæнын — освятить гроб
~ уæлмæрдтæм къух-къух фæхæсын — отнести гроб на кладбище на руках
цинкæй ~ы мард æрласын — привезти в цинковом гробу
~ы уæлхъус — у гроба
~ы уæлхъус ныхасгæнæг — выступающий на траурном митинге
табель — табель
табельфыссæг (*бир.* табельфысджытæ) — табельщик
таблеткæ — таблетка
~ аныхъуырын — проглотить таблетку
~ æвзаджы бын æвæрын — положить таблетку под язык
иугай ~тæ — по одной таблетке
цалдæр ~йы фæд-фæдыл бануазын — выпить подряд несколько таблеток
таблеткæдон — таблетница
таблицæ — таблица
бæркæнынады ~ — *мат.* таблица умножения
хаткæнынады ~ — *мат.* таблица умножения
иугонд ~ — сводная таблица
табор — табор
табу — табу; молитва, мольба, просьба, хвала; запрет
~ кæнын — молиться; просить; воздавать почести; боготворить; запрещать; наложить табу
~ хистæрты фарнæн! — Слава благодеяниям старших!
~ Хуыцауæн! — слава Богу!
~йыл къух сисын — отступить от правила; отойти от обычая
Хъасболат йæ чындзытæм комкомæ бакæсын æфсæрмы кодта. Ацы хатт уыцы ~йыл йæ къух систа. *Æхсарбег. Хæххон доны уынæр* — Касполат стеснялся разглядывать своих невесток, смотреть на них. На этот раз он отступил от этого обычая
табуафси — пожалуйста
~, абон нæм-иу æрбацæут — пожалуйста, приходите к нам сегодня
~, мидæмæ! — добро пожаловать!
табугæнæг (*бир.* табугæнджытæ) — 1. поклонник; 2. благоговейный

дзуарæн табугæнджытæ — поклоняющиеся божеству

табугонд — заслуживающий поклонения, боготворимый; запретный

~ ном — запретное имя; боготворимое имя

табуйаг (*бир.* табуйæгтæ) — 1. святыня; реликвия; 2. священный, почитаемый; запретный; табуизированный

~ кувæндон — святое место для исполнения религиозных обрядов

~ хæс — священный долг

~ хæринагыл нымайын — считать запрещённой пищей

● нывондаг ~ у, къæрныхтæ дæр æй нæ давынц — жертвенное животное священно, его даже воры не крадут

бинонты табуйæгтæ — семейные реликвии

уæлдай ~ — особо почитаемый; под особым запретом

табырджан — 1. меринос; 2. мериносовый

~ къуымбил — шерсть мериноса

~ фыс — мериносовая овца

тавæг — согревающий

тавиц — 1. ласка; внимательность; нежность, изнеженность; 2. ласковый, приветливый, внимательный

~ аккаг — достойный внимания

~ митæ кæнын — любезничать

~ ныхæстæ кæнын — говорить любезные слова

~ рæстæг — приятное время

Йæ фæлмæн цæстæнгасæй уыйбæрц ~ ивылы, цыма адæймагыл æрхъæцмæ дæр нæ хъæцы. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — В её взгдяде столько нежности, как будто она в тебе души не чает

Уалдзæджы цинтыл нæ кæнын дызæрдыг, / Уалдзæг нæ быхсы æнкъард. / Райсомы сатæгæй ~ изæртæм, / Стауы йæ буц мæргъты зард. *Брытъиаты А. Рагон уалдзæг* — Не сомневаюсь в радостях весны, / Весна не терпит грусти. / С прохладного утра до ласкового вечера / Восхваляет её пение птиц

Уарзт, цы сфæлдыста дæу? / Цардау цинтыл ælгъин дæ. / Де ссыгъд амондæн нæу, / Сты дæ ~тæ хинтæ. *Шамил. Цард йæ мæты аргъ нæу* — Любовь, что тебя создало? / Как и жизнь, ты на радость скупа. / Ты загоришься не на счастье, / Твои ласки сулят ненастье

тавицгæнгæйæ — ласково, нежно, приветливо

тавицджын — приятный, ласковый

тавс — тепло; теплота

тавтологи — тавтология, повторение

тавын — греть

агъуыстытæ ~ — обогревать помещения

зæрдæ ~ — греть душу

Тæхуды, абон та кæй тавынц / Сæ хъармæй рухс хурау фæлмæн, / Тæхуды, афтæ тынг кæй уарзынц, / Куыд уарзтой цард-уалдзæджы мæн!.. *Кочысаты М. Сау цæстытæ* — Узнать бы, они сегодня согревают кого, / Своим теплом сияющего солнца маня, / Узнать бы, они сегодня любят кого, / Как когда-то любили меня!..

пецы цур хи ~	греться у печи
● уазал пецмæ йæхи ничи тавы	у холодной печки не согреться
хи хурмæ ~	греться на солнце, загорать
хур тынгдæр тавы	солнце греет сильнее
● хур чердыгæй тавы, уыцырдæм де ‘ргом аздах.	откуда солнце греет, туда и поворачивайся
● хур адæмы се ’ппæты нæ тавы	солнце тоже не всех греет
хуры тынтæ тавынц зæхх	солнечные лучи согревают землю
● æмбаргæ лæг зынгæй йæхи тавгæ кæны, æдылы та дзы йæхи судзы	разумный у огня согревается, глупый огнём обжигается
фыдæлты кад æмæ намысы хи ~	греться в лучах славы предков; жить их прошлыми заслугами
таг (*бир.* тæгтæ)	зона, полоса; линия; жила; верёвка; нить; волокно; гребень (*горы);* роща, полоса леса (*продольная)*
кæрдоты ~	полоса грушевых деревьев
ныхасы ~	нить беседы / разговора
тагджын	полосатый, в полоску; с каёмкой; жилистый; волокнистый
тагъæ	ливень
тагъд	1. скорый, быстрый, поспешный; скоростной; 2. скоро, быстро, поспешно
~ афоны	в скором времени
~ æй ардæм хъæуы	он скоро прибудет сюда
~ æмæ æнцонæй	быстро и легко
~ æххуыс	скорая помощь
~ дæхи айс!	Проваливай поскорее!
~ кæнинаг хъуыддаг	срочное, неотложное дело
~ кæнын	торопить(ся), спешить
Мæргътæ дæр куыд кæнынц / Хъарм бæсты ‘рдæм ~. *Кочысаты М. Цæй хæрзбон, мæ уарзон*	И как поспешно улетают / Птицы в тёплые края
~ ма кæ!	не торопись, не пори горячку!; не спеши!
~ рæзын	быстро расти
~ рæстæджы	в скором времени
Фæззыгон дымгæ куыд ~ ссыф-сыф ласы, афтæ ~ сыф-сыфгæнгæйæ ахæлиу ис æгас хъæуыл хабар. *Ашæх. Тасолтаны балц*	Подобно быстрому шелесту осеннего ветра, разнеслась, прошелестела эта весть по селу
~ темпытæй	быстрыми темпами
● ~дæр размæл, уаллоны хылд цы кæныс?	шевелись, ползёшь, как улитка
● ~ дон фурды не ’ййафы	тише едешь – дальше будешь; хочешь сделать дело, работай без спешки, суеты
Ныхасмæ йæ куы бауромин, уый мæ зæрды уыди, фæлæ уый цыди ~, мæстджын лæджы цыдæй. *Ашæх.*	Я пытался остановить его для разговора, но он шёл быстрой походкой рассерженного человека
● æвзæр ~æй хорз сындæг хуыздæр у	лучше медленно, да хорошо, чем быстро, но плохо

● ægæр mætgænag ma y, kænnod ~ basæronд yыдзынæ — кто много печалится, тот быстро старится

● bæxы kъax ~ y — конь быстроног

● dугъон бæхæн йæ цæфхæдтæ ~ ихсийынц — у скакового коня подковы быстро стираются

● зонджын лæг дзурынмæ ~ нæ кæны — умный впопыхах не скажет

● кæдæм ~ кæныс – дæ дзаджджынтæ куы нæ уазал кæнынц — куда ты спешишь? можно подумать, что твои пироги остывают

● мæлынмæ ~ ничи кæны — на тот свет никто не торопится

● ныстуан фæдисæй ~дæр хæццæ кæны — завет быстрее тревоги разносится

● ~ ныхасæй уæзбын ныхас кадджындæр y — достойней размеренно говорить, чем частить

● стыр комдзæгтæй ~дæр нæ бафсæддзынæ — большими кусками голод быстрее не утолишь

тынг ~ — очень быстро

тынг ~ рæзын — быстро расти

цас ~дæр, уыййас хуыздæр — чем быстрее, тем лучше

● цас ~дæр кæнай, уыйбæрц æрæгмæдæр — тише едешь, дальше будешь

● чъынды лæг ~дæр хорхъуаг кæны — у скупого зерно быстрее заканчивается

тагъдад *кæс* **тагъддзинад**

тагъдæй — быстро, торопясь

фыр ~ — в спешке, наспех

тагъдæхсæг — скорострельный

тагъдгæнаг — торопливый; поспешный

тагъдгæнæг *(бир.* тагъдгæнджытæ) — торопливый человек; торопыга

тагъдгæнгæ, тагъдгæнгæйæ — в спешке

тагъдгомау — поспешно, спешно

тагъддзæуæг *(бир.* тагъддзæуджытæ) — торопливый; быстроходный

тагъддзинад — быстрота, скорость, поспешность

~ фæкъаддæр кæнын — убавить скорость, замедлить

~æй ерыс кæнын — соревноваться в скорости

кæсыны ~ — скорость чтения

тагъддзу *кæс* **тагъддзæуæг**

~ нæу — быстроходный корабль

тагъддзурæг — быстро говорящий

тагъддзуринаг — скороговорка

тагъдивгъуыйаг — быстротечный; скоротечный

тагъдкæнын — спешка

тагъд-тагъд — второпях, на скорую руку

Нæ хъæуы ~ кæнын царды, / Кæд иу хатт цæры лæг уæддæр. *Гаджиты Г. Гутон æмæ стъалытæ* — Не надо торопиться в жизни, / Хоть и даётся один раз она

~ цæуын (кæнын) — торопиться, спешить, идти быстро

● ~ цы ацаразай, уый дын дыккаг хатт кæнын бахъæудзæн — что на скорую руку сделаешь, переделывать понадобится

тагъд-тагъдæй — в спешке

тагъдуайæг быстро движущийся, быстро бегающий

тагъдцæттæгæнаг скороспелый

~ фæткъуы ранний сорт яблок

тагъдцæуæг быстро идущий, быстро едущий; быстроходный

тад растаявший, талый; расплавившийся; расплавленный; растворившийся; растворённый; переварившийся; переваренный

~ мит талый снег

Сæ цæсгæмттыл та лæсæнтæ кодта ~ миты дон А таявший снег стекал по их лицам

~ царв растопленное масло

æфсæст ~ насыщенный раствор

● рагон мастæн – ~ давней обиде – забвение; кто старое помянет

таддаг таяние; растворение; раствор (*жидкость)*

таддзаг *кæс* **тад**

таджикаг (*бир.* таджикæгтæ) 1. таджик; 2. таджикский

тадзæн пипетка

тадзгæ-баргæ кæнын измерять каплями

тадзин плотничий инструмент; тесло

тадзын капать, вспрыскивать

тайæн удобоваримый; легко усваиваемый

тайга тайга

тайфун тайфун

тайын 1. таяние; 2. таять; плавить(ся); растворять(ся); переваривать(ся) *(о пище)*

~ кæнын плавить; растворять; растапливать

Хъæбæр дуры мыггæгтæ донау ~ кодтой сæ куырдадзы ’мæ арæзтой æрттигътæ ‘мæ кæрдтæ. *НК. Нарты Борæ* Из твёрдых пород, которые они плавили в своей кузне, они делали трёхгранные наконечники стрел и мечи

ænусон цъититæ тайынц тают вечные ледники

● бирæйæн калмы сой дæр тайы многим всё впрок идёт; *букв.* многие даже змеиный жир переварят

бонæй-бонмæ тад йæ хъару с каждым днём таяли силы его

● боны ’ххормагæй фыд тайы, ’хсæвы ’ххормагæй та стæг тайы днём не поешь – жир растает, ночью голодный – кости ослабевают

● булкъ судзаг у, фæлæ ахсæны хорз тайы редька на вкус острая, а переваривается легко

● искæмæ фырхæлæгæй ~ умирать от зависти к кому-л.

● иуæн цы тайы, уый иннæмæн нæ тайы что можно одному, то нельзя другому

● катайæ ~ æмæ руайын быть очень обеспокоенным и измученным; сохнуть и чахнуть

Уæдæй фæстæмæ Азæ тади æмæ руади, цы бæллæх ыл æрцыд, уый мæтæй. *Умар. Цард тындзы сæ размæ* С тех пор Аза чахла и сохла, переживая то, что с ней случилось

● курæггаг фиу тагъд тайы подачек надолго не хватает

● уælдай комдзаг ахсæны нæ тайы — лишний кусок – не впрок; всё хорошо в меру

● цæсты фиутæ тайынц — *прост.* лопаться от зависти

● ихы фæзгъæртæ рухс хурæй тайынц — льдинки тают от солнечного света

сойын цырагъау ~ — таять (как свечка) на глазах

Нана йæм ницы дзуры, фæлæ йæхимидæг сойын цырагъау тайы. *Малиты В. Калм æмæ хъисфæндыр* — Мать ему ничего не говорит, но про себя тает как свечка

тæригъæд нæ тайы — обида не проходит; грех не прощается

● хæлæфы хæрд æмæ ноздт нæ тайынц — что наспех съедено и выпито, то впрок не идёт

● хæрам хойраг нæ тайы — вредная пища не впрок

хурæй ~ — таять на солнце

тайынгæнæн — плавильный, литейный

~ цех — литейный цех

тайындзинад — *тех.* плавкость

така, тахъа — шлем

таксæ — такса

~мæ гæсгæ уæй кæнын — продавать по таксе

такси — такси

~ бауромын — остановить такси

такт — такт, умение держать себя

тактикæ — *воен.* тактика

тактикон — *воен.* тактический

~ ахуыр — тактическое учение

такъуындела — *бот.* болиголов

тала — *бот.* побег, поросль

~ æнæ донæй бахуыск вæййы — саженец без воды погибает

~ бæлас — молодое деревце, саженец

● ~ бæлас тасаг у — молодое деревце гибкое

~ садзын — сажать

~тæ уалзæджы иууылдæр схæцыдысты — весной все саженцы дружно принялись

● бæлас ~йæ бæрæг у — по саженцу можно судить о дереве

● бæлас ~йæ тасы, адæймаг сывæллонæй — дерево гибким бывает только саженцем, человек только ребёнком

● бæлас ~йæ тасын кæн — учить всему надо с раннего детства; *букв.* дерево гнуть нужно молодым

бæлас куы ралыг кæнай, уæд йæ бынаты ног ~ ныссадз — на месте дерева, что срубил, новое посади

нæмыгæй сæвзæрд ~, рауад дзы уидагджын бæлас æмæ радта адджын дыргътæ — семя дало побег, из него выросло мощное дерево, давшее сладкие плоды

таладон (*бир.* таладæттæ) — питомник; место разведения растений

талас — 1. ласка; поддержка, защита; пристрастие; 2. ласкательный

~ кæнын — ласкать; поддерживать, защищать

бакæсгæйæ ~ — с виду ласковый

таласдзинад — ласка, защита; покровительство

таластæг (*бир.* таластджытæ) — *анат.* лучевая кость

таласхъуаг — беззащитный

~ сылгоймаг — беззащитная женщина

талахæссæн — вербное воскресенье

талæн — мысль, предположение, точка зрения

талæу — *мед.* сибирская язва

Кæд нæ нуазы, уæд æм тыхæй цæмæн нылæууыдтæ, цы ~ дæ тилы? *Тасо. Ныхасы къуыбылой* — Если он не пьёт, чего ты к нему пристал, какой чёрт тебя надирает?

талм — *бот.* ильм горный

талон — талон

талф-тулфæй — наспех, второпях

~ кусын — работать в спешном порядке

Ахæм ахсджиаг хъуыддаджы фæдыл ~ ныхæстæ кæнын зонды нысан нæу. — Говорить о таком важном деле второпях это не признак ума

талынг — 1. темнота, мрак; тьма; 2. тёмный, мрачный

~ æнахуыргонд адæймаг — тёмный, невежественный человек

~ æхсæв алыгъд / Боны рухсы разæй. / Арвыцъæх æрбазынд. *Кочысаты М. Талынг æхсæв алыгъд.* — Сбежала ночи тьма / От солнечного дня. / Показалась неба синева

● ~ бæсты гæзæмæ рухс дæр дардмæ ’рттивы — в темноте и слабый свет далеко виден

~ зондыл хæст — мракобес

~ кæнын — темнеть

~ срухс кæнын — озарить тьму; прогнать мрак

~ уат — тёмная комната

~æй рабадын — встать засветло

~æй тæрсын — бояться темноты

Сывæллон ~æй тæрсы. — Ребёнок боится темноты

Дыггаг бон дæр та схæцыдысты ’мæ суанг ~мæ ахаста сæ хæст. *НК. Нарты Борæ* — На второй день снова сошлись и до самой темноты бились

● арвы ~ты лидзын — скрываться, избегать встречи

Сылгоймаджы уындæй арвы ~ты чи лидзы, ахæм лæджы зæрдæ дæр нæ фæлæууыдаид Заретайы бахудтмæ. *Ашæх. Фæндыр* — Перед улыбкой Зареты не устояло бы и сердце даже такого мужчины, кто женщин избегает

Ныффæрск и, никæй зондмæ байхъуыста, арвыталынгæй ~дæр ныцци. *Максим. Райсомы мигъ* — Заупрямился, не послушал ничьего совета. Стал мрачнее тучи

Цæуылдæр тыхсы. Куы хъæлдзæг, куы та арвыталынгæй ~дæр. *Макисм. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* — Что-то его гложет. То весел, то чернее тучи

● къæрныхæн ~ – йе ‘мбал, йе хæрзгæнæг — темнота – злоумышленнику друг и пособник

рухсмæ ~æй цæуын — выходить на свет

● сау ~ — тьма кромешная

● уды ~æй — в силу невежества

● хурбон хурæй тарстысты, къæвдабон – уарынæй, асæстбон – мигъæй, æхсæв – ~æй — бояться всего на свете; в солнечный день солнца бояться, в дождливый – дождя, в пасмурный облаков, ночью – темноты

талынггæрæттæ — сумерки

Талынггæрæтты сыстадысты уазджытæ стъолы уæлхъусæй. *Æхсарбег. Куырды фырт.* — Гости встали из-за стола уже в сумерках

талынггæрæттæм — дотемна; до наступления темноты

талынгдзинад (*бир.* талынгдзинæдтæ) — темнота, мрак; *перен.* невежество; дремучесть

Гъеуымæн нæм ис ныр дæр ма чызгыскъæфтытæ, хистытæ æмæ ноджы æндæр бирæ талынгдзинæдтæ. *Ашæх. Катя* — Вот потому-то и есть у нас до сих пор похищения девушек; поминки и многие другие пережитки прошлого

талынджы — впотьмах

~ йæ ничи бафиппайдта — в темноте никто не заметил его

~ аныгъуылын — раствориться в темноте

тамада — распорядитель пира

тамазокъо — *бот.* шампиньон

тамако — табак

~дымæн бынат — место для курения; курительная комната

~ дымын — курить табак

● ~ фылдæр ноздуарзаг дымы — кто выпить любит, тот и курить станет

● ~ хæйрæджы холлаг у — табак – зелье дьявола

~ы фæздæг — табачный дым

~ы чыссæ — кисет

æууилгæ ~ — жевательный табак

дымынæн бæзгæ ~ — курительный табак

тамакодымæг — курильщик

● ~ адæмы не ’ййафы — курильщик за остальными не поспевает, отстаёт от людей

● ~ æнæ тамакойæ мæсты кæны — курильщик без курева в ярость приходит

тамакодон (*бир.* тамакодæттæ) — табакерка

тамакосыгъд — прокуренный

~ хъæлæс — прокуренный сиплый голос

Æдзæм кæртæй æппынфæстаг райхъуыст læппуйы ~ хъæлæс. *Хæблиаты С. Дзæнæты мæргъ* — Наконец, из безмолвного двора послышался прокуренный голос парня

тамастæ — чудеса

тамасхан — нижняя перекладина ярма

тангенс — *мат.* тангенс

танк — *воен.* танк

~ æрбаскъæрын — направить танк

хæлд ~тæ — подбитые танки

танкджын — танковый

танкер танкер
нефты ~ нефтеналивной танкер
танкеткæ *воен.* танкетка
танкист *воен.* танкист
танкты *воен.* танковый
~ иугонд танковое соединение
танкцæвæн противотанковый
Дыгæйттæй сæ уæхсчытыл хъайвантæ хæссæгау хастой дæргъæй-дæргъмæ ~ топпытæ. *Ашæх. Сырх стъалы* По двое они несли на плечах длиннющие противотанковые ружья, похожие на столбы
танхъа *кæс* **тахъа**
тапка навес
таппызайраг провалившийся под землю
Бахостон та ноджыдæр, фæлæ та ничи ракаст. Уæдæ, зæгъын, цы ~ баисты мадыхойæ, æмхæрæфыртæй. *Ашæх. Æфсинтæ æмæ чындзытæ* Постучал ещё раз, но опять никто не откликнулся. Думаю, сквозь землю провалились что ли и тётка, и племянник
таппызар мрак
~ фæуын провалиться сквозь землю
~ы хай бауын *уст.* пропасть без вести
тар I 1. темнота, мрак; сумрак, мгла; 2. тёмный, мрачный; дремучий; сумрачный
~ ахорæнтæй фыст в мрачных тонах
~ кæнын чернеть(ся); темнеть(ся)
Уæд горат бæрæгбон хуыз уыди. Ныр та ~ æмæ уазал. *Æхсарбег. Куырды фырт* Тогда у города был праздничный вид. А сейчас он выглядит угрюмым и холодным.
~ хъæд дремучий лес
~ хъæды цас арфдæр ныгъуылыс, уыйас дыл фылдæр тас æфтауы. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* Чем больше углубляешься в дремучий лес, тем больший страх охватывает тебя
● ~ хъæды балбирæгътæ хицау сты в тёмном лесу волки хозяйничают
~ хъуыдытæ мрачные мысли
● авд ~ы фæуын провалиться в преисподнюю, в тартарары
æхсæвы ~ мрак ночи; ночная мгла
Цыма кæдмæ афтæмæй цæрынмæ хъавыс? Кæдмæ дæ æмбæхсдзæн æхсæвы ~? *Максим. Æхсызгон улæфт* До каких пор ты собираешься так жить? До каких пор тебя будет скрывать темнота ночи?
мигътæй ~дæр чернее тучи
Мигътæй ~дæр ныцци йæ цæсгом Лицо его стало чернее тучи
Уыдзæн æнæ дæу дуне ~. / Дæуыл лæудзæн мæ зæрдæ. *Михал. Дидинæджы ингæн* Мир без тебя станет мрачным. / На тебя вся надежда моя будет
● цæстытæ ~ кæнынц в глазах темнеет; становится дурно (от усталости, волнения)
тар II (*бир.* тæрттæ) *кæс* **тæрттæ** пазуха; грудь
таран таран
~ кæнын таранить
тарæ тара, упаковка

тарæрфыг угрюмый, мрачный

Бæхтæрæг нæ сыхаг Бег разынд. Ахæм ~æй йæ никуыма федтон. *Мæрзойты С. Уæрдонвæндæгтæ* Возницей оказался наш сосед Бек. Никогда прежде не видел его таким насупленным

тарæрфыгæй угрюмо, мрачно; хмуро, неприветливо

~ кæсын хмуриться, насупиться; смотреть из-под нахмуренных бровей

Æрмæст иу каст бакодта Муратмæ ~, цыма дзы уый стыр зылынджын уыд, уыйау. *Фæрниаты Б. Зурийы масинæ* Она лишь раз бросила на Мурата насупленный взгляд, как будто он провинился перед ней

тарбос *уст.* тесёмка (*на женском платье)*

тарбур бурый

тарбын темноватый

~ мора тёмнокоричневый

~ сырх тёмнокрасный

~ цъæх темносиний, темносерый, темнозелёный

тарваз (*бир.* тарвæзтæ) косяк (*дверной, оконный)*

– Ныртæккæ дыл дуары зыхъхъыртæй, рудзынджы тарвазтæй куы æрбадыма, уæд æй дæ уд базондзæн, – зæронд сыстад æмæ кæрц фæстæмæ Къостайы уæхсчытыл æркодта. *Максим. Æхсызгон улæфт* – Вот подует на тебя сейчас из дверных щелей, из оконных косяков, вот тогда и почувствуешь, – старик встал и снова набросил шубу на плечи Коста

тард 1. изгнание, высылка; 2. загнанный, изгнанный

~ æрцæуын быть выгнанным, высланным, выдворенным

куыстæй ~ æрцæуын быть уволенным; быть выгнанным с работы

цæрæн бæстæйæ ~ æрцæуын быть изгнанным с места проживания; быть выселенным

~ куыдзы хуызæн как загнанный пёс

~ рувас загнанная лиса

æгады ~æй атæрын изгнать с позором

● куыдзы ~ ракæнын выдворить; *прост.* выпереть как собаку

тардзæст угрюмый; насупленный

тарзæрдæ с чёрным сердцем

тариф тариф

посты ~ почтовый тариф

тармилтæ сумерки

тарниз *уст.* туберкулёз, бугорчатка; чахотка

~æй сæйын болеть туберкулёзом

тарнизджын чахоточный

тарпан тарпан (*дикая лошадь)*

тарст 1. страх; 2. испугавшийся; испуганный

~ сæгъы каст кæны смотрит, как перепуганная коза

~ тæрхъусау астъæлфын метнуться в испуге как заяц

~ бæхау куы иуырдæм стъæлфыдтæн, куы иннæрдæм. *Ашæх. Оксанæ* — Метался как напуганная лошадь то в одну сторону, то в другую

~ хуызæй кæсын — иметь испуганный вид

~ хъæлæсæй — испуганным голосом

тынг ~ адæймаг — очень перепуганный человек, охваченный ужасом

искæй ~ сисын — снять страх; успокоить кого-л.

мæ ~ фæдзæгъæл ис — мои опасения развеялись

мæлæтдзаг ~ — смертельный страх

● сонт ~ адæймаг — человек в панике, в испуге

фыр ~æй — со страху

тарстдзинад — испуг

тарстзæрдæ — перепуганный

тарстхуыз — тревожный (*вид),* пугливый, испуганный, боязливый

~ цæстæнгас — испуганный взгляд

Йе стыр сау цæстытæ бахаудтой. Йæ цæсгом – фæлурс, фæллад æмæ ~. *Ашæх. Катя* — Её большие чёрные глаза впали. Лицо бледное, уставшее и испуганное

тарстхуызæй — боязливо

Иу каст ма фæкодта уæрдоны ‘рдæм æмæ ауыдта, йæ лæппу ~ куыд фестади. *Арсен. Тохы бон* — Ещё раз кинул взгляд в сторону телеги и увидел, что его сын боязливо вскочил с места

Сыхæгты ус уыцы ~ уынгмæ разгъордта æмæ хъæр-фæдис кæны. *Чеджемты Æ. Сауцаты Бускайы тыххæй* — Соседка в страхе выбежала на улицу и давай голосить, звать на помощь

тарсырх — тёмнокрасный

тарф — тяжёлый

~ рынчын — тяжелобольной

~ сæйын — тяжело болеть

~ фынæй — глубокий сон

Стонг æмæ кæуынæй / Лæг куы сфæлмæцы, ~ у уæд йæ фынæй, / – Маст æм нал хъуысы. *Къоста. Сидзæргæс* — Когда от голода и плача / Устанет человек, / То сон его глубок, / Горе тогда ему безразлично

~ фынæй кæнын — крепко спать

● ~ хъуыды кæн æмæ ма фæрæдийай — продумывай всё, чтоб не совершить ошибку

хъæды ~ — чаща леса

~дæр мæ зæрдæ йæхимæ куы хæссид / Искæй зынад, / Дунейы хæрзтæй хуыздæр мæм куы кæсид / Уарзондзинад!.. *Къоста. Гъæй, джиди!* — Если б глубже моё сердце принимало к себе / Тяжкую долю чужого, / Если б из благ вселенной лучшей мне казалась / Любовь!

тарфæй — из глубины; в тяжёлом состоянии

Бинонтæм хæстæгдæр чи уыди, уыдон лæджы баййæфтой тынг ~. *Баситы М. Цардæнхъæл* — Более близкие родственники, зайдя в дом, застали его в крайне тяжёлом состоянии

зæрдæйы ~ — от всей души

хъæды ~ — из глубины леса

тарфон *муз.* низкий детский голос

тархъæнджын чахоточный

~ рынчынтæ больные чахоткой

тархъæнджын низ *мед.* астма

тарцæсгом мрачный, угрюмый (*вид лица)*

тарцæст темноглазый, черноглазый; карий (*о глазах)*

тарыстæг ключица

тас I таз

тас II страх, боязнь, ужас; опасность, угроза

~ æфтауын напускать страх

~ дзы бацыд им овладел страх

● ~ зæрдæмæ нæ уадзын не поддаваться страху

Æмæ цыдæр ~ ныффæлдæхт зæрдæйы. Хъыгдары улæфæнтæ. *Максим. Райсомы мигъ* На сердце навалился какой-то страх. Мешает дышать

~ мын æрбалхъывта мæ зæрдæ страх сковал моё сердце

~ нæмæ ссыди испуг ещё не прошёл

Майырбеджы цæфтæ раджи байгас сты, уæддæр йæ бинойнагæн йæ ~ нæма ссыди. *Умар. Цард тындзыы сæ размæ* Раны Маирбека давно затянулись, а у его жены страх всё ещё не прошёл

~ ницæмæй уал у опасность миновала

– Цымæ, афонмæ нæ дурын цы фæци? – цыма нæ уымæй стырдæр хъуыддаг нæ уыди, уый хуызæн арф ныуулæфыд Таму. – Дурынæн ницы ~ у. Чи дзы цы кæны? *Максим. Балцы зарæг* – Что там, интересно, наш кувшин поделывает? – и, как будто это была наша самая большая забота, тяжело вздохнул Таму. – А что кувшину будет. Кому он сдался?

~ уадзын наводить страх

~ цæстытыл фыст уыди в глазах стоял ужас

~æй ризын трястись от страха

~ы бацæуын прийти в ужас

Йæ къæрцгæнæн, уæздан ныхасы / Куы хъазыд хуры тын, куы та дзы / Мæнгард лæджы æппæрста ~ы. *Михал. Дидинæджы ингæн* В его хлёстких, благородных словах / То солнца луч играл, / От них коварного страх насквозь пробирал

● ~ы цæсты мыст хох у у страха глаза велики

зæйтæ рацæуыны ~ опасность схода лавин

зæрдæ ~ы бахауд сердце обуял страх

Уырызмæджы фæкадджын кодтой, фæлæ, Уырызмæгæн йæхи зæрдæйы цы ~ и, уый нæ зыдтой Нартæ. *НК. Нартыл фыд зымæг куыд скодта* Окружили Урызмага почётом, но не знали Нарты, какой у него самого страх на сердце был

● знагæн йæ номæй йæ ~ фылдæр у не так страшен враг, как страх перед ним

● йæ уæны ~ бадти он испытывал подспудный страх

йæ удæн ~ нæу угрозы для жизни нет

● кæнæ – ~, кæнæ – æфсарм за страх или за совесть

~ нæ зонын не ведать страха; не бояться

~ равдисын — проявить трусость, смалодушничать

мælæтæй ~ — страх смерти

Мælæты ~æн йæ кой, йæ хъæр дæр никуыуал аззад. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Ужас смерти исчез без всякого следа

сонт ~ — паника

стыр ~ы раз стыр ныфс хъæуы — чтоб справиться с большим страхом требуется большое мужество

удæн ~æй — с опасностью для жизни

● уымæн æвзæрæй ~ нæу — он не может быть плохим

фесæфынæй ~ — угроза исчезновения

Зæххы цъарыл ис 6 мин æвзаджы. Уыдонæн се ‘мбисæн у ~ фесæфынæй. *Цгъойты Х. Не ‘взаг – нæ историон адрис* — В мире существует около 6 тысяч языков. Половине из них грозит исчезновение

● хи ~ы ран æвæрын — рисковать всем; поставить всё на карту

тасаг — гибкий, *перен.* податливый; *перен.* изворотливый; живой

~ зонд — гибкий ум

~ уæнгтæ — гибкие члены

Дæ ‘взаг у барз уисау ~ / Æмæ сæрдасæнау – кæрдаг. *Михал. Дидинæджы ингæн* — Язык твой гнётся как прут берёзы, / Как лезвие бритвы остёр твой язык

Бимболат, цыма йæ ~ бæрз уисæй фæнадæуыди, афтæмæй лæууыди машинæйы цур. *Ашæх. Катя* — Бимболат стоял около машины с таким видом, как будто его отстегали берёзовым прутом

● сызгъæрин алырдæм дæр ~ у — золото податливо

● тала бæлас ~ у — молодое деревце бывает гибким

тасагдзинад — гибкость

тасæг — гнущий; сгибающий

тасæн — гибкий

ænцон ~ — податливый, сговорчивый; *перен.* гибкий

тасæфтауæг — 1. пугало; кто угрожает, страшит, вызывает боязнь, ужас; 2. пугающий, устрашающий

~ æнкъарæнтæй зæрдæ мæгуыр кæны — страх притупляет другие чувства и эмоции

– Байсæфтæн! – февзæрди мæ сæры ~ хъуыды. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — – Я пропал! – возникла в голове пугающая мысль

тасдзинад — угроза, опасность

~ æвзæрын кæнын — порождать опасность

~ æфтауын — вызывать страх

æддагон ~ — внешняя угроза

æнæкæрон ~ — всепоглощающий ужас

зæрдæмæ ~ хъары — в сердце закрадывается страх

Цыма нæм цырты хицау йæхæдæг мæрдтæй рацыд, уый хуызæн нæ цавæрдæр ~ уадзы. *Максим. Балцы зарæг* — Страх навевает такой, как будто покойник с того света сам вышел к нам из-под своего надгробия

Цавæрдæр ~æй ризынц уæнгтæ. Цавæрдæр ~ хойы рудзгуыты æвгтæ. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Какой-то страх сковывает члены. Какой-то страх стучит в окна

мælætхæссæг ~ — смертельная угроза

сывæллæтты цардыл ~ — страх за детские жизни

фыдбылызтæ æрцæуыны ~ — угроза несчастных случаев

тасдзыд — испуганный, перепуганный

~ цæстытæ — испуганные глаза

тасмачъи — жесть

таст — 1. изгиб; 2. согнутый, загнутый; закрученный

тастрагъ — прогнутый; прогибающийся

~ фынг — изобильный стол

Зындзинæдтæ хъæлæкк бирæ бавзæрстам, фæлæ амæй фæстæмæ ахæм ~ фынгты уæлхъус куыд бадæм. *Лademыр. Хæддзуйæ хистæр* — Мы испытали много трудностей, но чтобы отныне мы сидели за такими изобильными столами

тасуадзæг — грозный, пугающий, внушающий страх

тасын — гнуть(ся); сгибать(ся); *перен.* изворачиваться; поддаваться

~ кæнын — выгибать

æвзаг дæр нæ тасы — даже язык не поворачивается

йе ‘взаг алырдæм дæр æнцонæй тасы — у него язык без костей

● бæлас талайæ куынæ ’ртасын кæнай, уæд зæрондæй нал тасы — дерево молодым гнётся, в старости не поддаётся

● кафаг чи у, уый тасгæ дæр хорз кæны — кто танцует хорошо, тот и гнётся легко

● къух нæ тасы — рука не поднимается сделать что-л.

йæ къухтæ цæмæдæрты тасынц — он кое-что умеет делать

тасындзæг — *грам.* склонение

~ кæнын — *грам.* склонять

номдар хауæнтæм ~ кæны — существительное склоняется по падежам

бирæон нымæцы номдарты ~ — склонение существительных во множественном числе

миногон номдаримæ бастæй ~ кæны — прилагательное склоняется вместе с существительным

номивджыты ~ — склонение местоимений

нымæцонты ~ — склонение числительных

тасындзинад — гибкость; *перен.* изворотливость; *перен.* податливость, сговорчивость

татуировкæ — татуировка

татха — грядка, гряда; участок огорода

тау — *с.-х.* отава; побег, росток; поросль

● уый бирæ ~тæ ахордта — он много видел в жизни

бæхты рæгъау ~ыл хизы — табун лошадей пасётся на отаве

~ рауадзын / суадзын — пустить ростки, побеги

Ног сæрдар йæ алы къахдзæфы дæр æмбæлди, «хæларзæрдæ» æмæ «рæдау» Гадæккойы митæ цы ~ рауагътой, ууыл. *Ашæх. Ног сæрдар* — Новый председатель на каждом шагу натыкался на побеги, которые пустили действия «доброжелательного» и «рачительного» Гадакко

Бæласæн йæ зæнг куы алыг кæнай, фæлæ йæ уидæгтæ цæрдхъомæй куы баззайой, уæд та ~ суаддзысты. *Цъгъойты Х. Не ‘взаг нæ историон адрис*
Если дереву ствол спилить, а корни всё равно жизнеспособными остались, то они побеги дадут снова

тауæг *(бир.* тауджытæ)
сеющий; сеятель

тауæгтъаффæ *д.*
бот. щавель

тауæн
1. сеялка; 2. посевной

~ æрмæг
посевной материал

~ кампани
посевная кампания

~ куыстытæ æххæст цæуынц
ведутся посевные работы

~ мыггаг
семенной материал

~ фæзуæттæ
посевные площади

тауби
арх. класс дворян, феодалов; представитель знатного сословия

Уалæ Инал дæр йæ урс бæхыл рацæуы; / Йемæ йæ зæронд, йæ фæлтæрд æмгæрттæ: / …, / ~тæ, хантæ, æнæуый æлдæрттæ... *Къоста. Хетæг*
Вот Инал выезжает на своём белом коне; / Вместе с ним его старые испытанные сверстники, / …, / знать, ханы и просто алдары

таугæрдæг
с.-х. отава

тауинаг (*бир.* тауинæгтæ)
семена, предназначенные для посева

~ байтауын
бросить семена в землю, посеять

● æвзæр хуымы хорз ~ дæр сæфы
плохая пашня и хорошие семена погубит

таулинаг (*бир.* таулинæгтæ)
тавлин; тавлинка

таурæгъ
рассказ, повесть; история; басня; легенда, предание; притча

~ æрхæссын
привести пример; потчевать историями

Æмæ цынæ ~тæ хастой кæрæдзийæн хъæуы зæрæдтæ! *Максим. Æхсызгон улæфт*
И какими только байками не развлекали друг друга старейшины села!

● ~тæ нывæндын
сочинять истории / байки

~ы мидис бамбарын кæнын
объяснить значение притчи

~тæн сæ сæйраг мидис баст вæййы адæмы цардимæ
главное содержание сказок отражает жизнь людей

~ы сæйраг фæлгонцтæ
главные действующие лица рассказа

адæмон ~тæ æмæ аргъæуттæ
народные легенды и сказки

алы ~тæ кæнын
рассказывать всякие истории

зымæгон даргъ æхсæвтæ-иу ~тæм хъусгæйæ аивгъуыдтой
коротали долгие зимние вечера, слушая сказки

● дардыл ~тæ хæссын
ходить вокруг да около

Ау, æмæ дæ кæд бæх хъуыд, уæд дардыл ~тæ цы хастай? Æрбацу æмæ зæгъ: «Ахмæт, бæх мын нæй». *Елбыздыхъо. Худинаджы бæсты – мæлæт*
А если тебе конь понадобился, так чего ты издалека разговор завёл? Приди и скажи прямо: «Ахмат, коня у меня нет».

бинонты ~тæ
семейные предания

мыггæгты ~тæ
фамильные предания

незæманы ~тæ
преданья старины глубокой

● ныхас ныхасы фæдыл цыди, ~ – ~ы фæстæ
слово за слово, история за историей

равзæрды ~ — история создания; легенда о сотворении
рагон ~ — старинное предание; древняя легенда
уый йæхæдæг ~ты дзуринаг у — об этом можно слагать легенды
фыдæлты ~ — предание старины
цуанæтты ~тæ — охотничьи байки
Цуанон лæгыл ~тæ хæссын дæр фидауы. *Мæрзойты С. Къæхтысæр* — Охотнику положено попотчевать других байками

таурæгъгæнæг (*бир.* таурæгъгæнджытæ) — сказитель, рассказчик
Таурæгъгæнджытæ куыд дзурынц, афтæмæй дыккаг бон дур йæ бынаты нал разынд. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Рассказывают сказители, что на второй день камня на месте не оказалось

таурæгъон — сказочный, былинный; легендарный; повествовательный
~ æмбисæндтæ — притчи
~ богæлттæ — сказочные богатыри
~ диссаджы, алæмæты бæхы мыггаг — сказочная удивительная порода коней
~ стиль — повествовательный стиль
~ хъуыдыйад — *грам.* повествовательное предложение
~ цæрæгой — сказочное существо, сказочное животное

таурæгъондзинад — повествование
документалон ~ — документальное повествование
Уый адыл документалон ~ æнæхъæнæй дæр сног кæны архæйдтыты цард æмæ сгуыхтдзинад. *Хозиты Б. Р. 14. 02. 2019* — Тем самым документальное повествование возрождает жизнь и заслуги действующих лиц

таучел — щедрый; добродушный
~ зæрдæ — щедрое сердце
● мæгуыр ~ у — бедняк щедр

тауын — сеять; разбрасывать; расстилать; устилать; вешать, развешивать
адæмы ‘хсæн хорздзинад ~ — сеять добро среди людей
æнæгъдаудзинад ~ — распространять невоспитанность
гæрстæ ~ — вешать бельё
зонындзинæдтæ æнæвгъауæй ~ — щедро делиться знаниями
мæнæу ~ — сеять пшеницу
рухс ~ — просвещать
фыдæхдзинад ~ — сеять враждебность
хорздзинад ~ — сеять добро
● хуым фæрсгæйæ ничи тауы — действуй своим умом; вызвался пахать, так за советами не бегай
● царды быдыр дидинæг у – сындз тауæн дзы нæй — поле жизни для цветов, негоже на нём колючки высеивать
царм ~ — развешивать шкуру для сушки

тауыс — слух, молва
дам-думтæ ~ кæнын — распространять слухи
кæрæдзиуыл нæбадгæ ~тæ — разноречивые слухи
мæнг ~тæ — недостоверные слухи

Цас ын фæлæгъстæ кодта, цас ын фæдзырдта, уарзондзинад рæузонд устыты ~æй тыхджындæр у, зæгъгæ. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ*

Сколько он её умолял, сколько убеждал, что любовь сильнее сплетен легкомысленных женщин

тахт полёт

ænæуынæр ~ бесшумный полёт

Æртыггаг ~æн ауыдта чызджы цæсгом. Чызг дæр æртæ хатты ауыдта Мадзынæджы. *НК.* Во время третьего полёта успел он увидеть лицо девушки. А девушка Мадзынага увидела все три раза

мæргъты ~ птичий полёт

сæрзилæн ~ головокружительный полёт

фаты ~ полёт стрелы

тахта грядка

тахынæг колбаса (*из бараньего желудка и кишок)*

фæздæгдзыд ~ копчёная колбаса

ærдæгфæздæгдзыд ~ полукопчёная колбаса

Гъы, ~æй ферхæцай, кæцы чиныджы бакæстæ Семы ныхæстæ? Зондджын кæнын байдыдтай, ænхъæлдæн. *Ашæх. Æууæнчы аргъ*

Гъе, чтоб ты подавился, в какой книге, интересно, прочёл слова мудрого Сема? Кажется, шибко умным становишься

тахъа, така шлем

бидасы ~ *фольк.* магический, чудесный шлем

тахъана *охот.* ружьё

тачанкæ тачанка

тæбæгъ тарелка

● ~ асаст, уæд æй аппар битую посуду в доме не держат

● ~ы æвærдау арæвдз кæнын преподнести на блюдечке

Фидар афтæ ænхъæл уыд, æмæ чызг æрмæстдæр сразы уæд, ændæр хъуыддаг ~ы æвærдау рæвдз уыдзæн. *Дзæбайты Т. Донхарис* Фидар думал, что самое главное добиться от девушки согласия, а всё остальное будет преподнесено на блюдечке

● ~ы хæссæгау кæнын легче лёгкого; *букв.* будто тарелку несёт

дурын къустæ æмæ ~тæ глиняные миски и тарелки

● исты æвзист / сызгъæрин ~ы бадарын преподнести что-л. на золотом блюдечке

● искæмæн йæ ~ы авærын уколоть кого-л.; сказать неприятное

● кæмæ цал ~ы ис, уый базонын узнать всю подноготную; *букв.* выяснить, у кого сколько тарелок

Чи цæмæй цæры, уый йæ хион, йæ коймæгтæй нæ бамбæхсдзæн. Кæмæ цал ~ы ис, уый дæр сын сусæг нæу. *Мæрзойты С. Къæхтысæр* Кто чем живёт, от своих, от жителей ущелья не скроешь. И у кого сколько тарелок-плошек в доме, тоже не секрет

къуырф ~ глубокая тарелка

уæлæнгай ~ мелкая тарелка

● сызгъæрин ~ты кувын молиться на кого-л.; боготворить

● Лæгтыдзуар, сызгъæрин ~ты дын фæкувæнт Покровитель мужчин, пусть молитвы тебе на золотых блюдах возносятся

хицæн ~ отдельная тарелка

● хъуыддаг ~ы донау дыууæрдæм кæны — положение неустойчиво, как вода в тарелке

Хъысмæт ~ы донау кæдæм фæкъул уыдзæнис, уый стыр Хуыцауæй дарддæр ничи зоны. *Хъазиты М. Нæ ис, нæ бис* — Судьба как тарелка с водой, никто не знает, в какую сторону накренится, одному Богу ведомо

● цард ~ы донæй уæлдай нæу — жизнь переменчива, что вода в тарелке

цины ~ — чаша радости

тæбæгъбæдтæн — большая матерчатая салфетка для заворачивания пирогов

тæбæкк — сжатый; смятый; придавленный

~ кæнын — сжимать; мять; сплющивать

● ~ мардæй тыппыр мард хуыздæр — умирать, так с музыкой

тæбинаг — шерстяная нитка

тæбын — 1. шерсть; сукно; 2. шерстяной; суконный

● ~ы хал дæр н' аскъуындзынæн æз уый тыххæй — я и пальцем не пошевелю ради него

● ~ы хал йæ хъуырыл, афтæмæй ма дзедзырой кæны — в чём только душа теплится

~ хъуымац — шерстяная, суконная материя

Мидхъуырдухæн адæймаджы зæрдæ хæры, æфсæйнаджы згæ куыд хæры, ræмпæг ~ куыд хæры афтæ. *Æхсарбег. Хурхæтæны* — Глубокое переживание гложет душу так же, как ржавчина разъедает металл, как моль пожирает шерсть

тæбынг — клин, которым запирают ярмо на шее вола; палка, которая вставляется в ярмо

тæваг — воздействие, влияние; козни

йæ ~ йæхирдæм фæуæд — пусть его козни / умыслы обернутся против него самого

тæвд — 1. жар, температура; жара; 2. согретый; горячий, жаркий

~ æрæппарын — сбить температуру

~ барын — мерить температуру

рынчыны ~ сбарын — померить температуру больному

Бакæсæм уал æм. Кæд йæ ~ чысыл ссæуид — Давай понаблюдаем за ним. Может температура немного спадёт

~ бæстæтæ — жаркие страны

~ дзул цыхтимæ — горячий хлеб с сыром

~ иту — горячий утюг

● ~ къæйыл бадæгау уæвын — сидеть как на иголках

~ кæнын — согревать(ся); нагревать(ся); горячить(ся); топить; температурить

~ туг — вспыльчивость; горячая кровь

~ цай бацымын — выпить горячий чай

~æй судзын — гореть в жару; быть в лихорадке

~æй сулæфæн нæй — от жары дышать нечем

~æй сатæджы бамбæхсын — спрятаться от пекла в тени

æфсæйнаг ~æй æндæгътой — железо ковали горячим

буар ~ кæны — поднимается температура тела

буары ~ — температура тела

● искæй ~ къæйыл скафын кæнын — задать жару кому-л.

– Ехх, мæн лæг цы Хуыцау нæ фæкодта. æз уæ ~ къæйыл скафын кодтаин. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* — – Эх, жаль, что Бог не создал меня мужчиной. Уж я бы вам задала жару

● йæ гуыбыны тыххæй ~ цæхæры дæр бахаудзæн — чтоб поесть хоть в пекло отправится

зынгты ~æй сфыцын — испечь на огне

пецы ~ — жар от печки

Сæрды тынг ~ амоны зымæджы уазал — Сильная жара летом к холодной зиме

хи ~æй хъахъхъæнын — остерегаться жара

цæуыл ~ кæныс? — чего ты кипятишься?

тæвдæй — сгоряча; в горячем виде

фынгмæ хæринаг ~ хæссын — подавать на стол горячие блюда

тæвдбарæн — термометр, градусник

тæвдгæнаг — 1. человек, склонный к горячности; 2. вспыльчивый, легковозбудимый

Хæдзымæт кæд йæхиуыл хæцын фæрæзта, уæддæр ~ уыд. *Хъайттаты С. Фæдисонтæ* — Хадзымат, хотя и умел сдерживаться, по натуре был вспыльчивым человеком

тæвдгæнæн — то, чем согревают, обогревают

~ аг — отопительный котёл

~ афон — отопительный сезон

~ гарзæг — нагревательный прибор

~ системæ — отопительная система

тæвдгонд — отопление

~ цæуын — отапливаться, топиться

тæвдзæрдæ — горячий; вспыльчивый

тæвдзонд — вспыльчивый; склонный к горячности

тæвдниз — *мед.* тиф; *разг.* горячка

тæвдтуг — *перен.* горячий, вспыльчивый

● ~ адæймаг йæ мæсты фæдыл цæуы — гневливый всегда на поводу у своего гнева идёт

тæвдуат — теплица

тæвдхæлофæй — в спешном порядке; нарасхват

Сæ дивизийы сын ~ Мæскуыйы бынмæ аскъæфтой. *Дзадтиаты Т. Æхсæргарды зæлланг* — Их дивизию в спешном порядке перебросили под Москву

тæвдзу нау — теплоход

тæгтæ — узы; жилы

ænæаскъуыйгæ ~й баст — связанные неразрывными узами

зæрдæйы ~ — сердечные мышцы; сердечные узы

кæрæдзиимæ фидар ~й баст уæвын — быть связанными друг с другом крепкими узами

хæлардзинады ~ — узы дружбы

хæстæгдзинады ~ — родственные узы

Ныскъуыдтæ сты æндон ~ – мæ рохтæ, мæ цæрæнуат – æмыр бæстæ, ныккæнд. *Æхсар. Дзуры фæндыр* — Разорваны стальные узы – мои поводья, моё жильё – немым стал мир, погреб

тæгæл — осколок, щепка; частица, кусочек

~тæ бауын — разбиться вдребезги

Дюкен мæстæй ~тæ хауд. Ænæхъæн къуыри хъуыды кодта уыцы хъæддæгтæй йæ маст куыд карздæрæй райса ууыл. *Азæмæт. Фыййауы лæдзæг* — Дюкен рвал и метал. Целую неделю думал, как побольнее отомстить этим дикарям

мæстæй ~тæ хауын — очень сердиться, гневаться

зæрдæ ~тæ хауы — сердце разрывается

сæр ~тæ хауы — голова раскалывается

уазалæй ~тæ кæнын — дрожать от холода

тæгæлтæгæнæг — душераздирающий

~ ниуын — душераздирающий вой

тæгæна — корыто (*деревянное);* колода

Дугъæттæй фыддæр бæргæ нæу, / Йæ разы куы уаид ~, / Дæттиккам ын сырх мæнæу, / Цæмæй хуырджыны нæ кæла. *Секъа. Дугъон* — Не хуже он любого скакуна, / Было бы перед ним корыто, / Мы бы дали ему овса, / Не спотыкался бы сытым

● иу ~йæ хæрын — быть неразлучными; *букв.* есть из одной кормушки

Иу ~йæ хордтой, иу ран сæ фæллад уагътой, æмæ сабыргай хæрдмæ цыдысты. *Изæтбег. Хурмæзилæг* — Они были неразлучны, вместе отдыхали, постепенно поднимались по карьерной лестнице

● йæ ~ йын сафтид кæнын нæ уагъта — кормил вдоволь

тæгæр I — *бот.* горный клён, явор

● ~ы сыфау цы сræуæг дæ? — чего суетишься?; зачем проявляешь нетерпение?

тæгæр II — крепкий, твёрдый

~ их — крепкий лёд

тæгиатæ — тагаурцы, одно из сословных названий феодалов Восточной Осетии

тæгъдызæй — проливной дождь; ливень

Уыцы æхсæв фыддуг скодта. ~ уарын фæйлауæнтæ хаста. Арв нæрыди, æртгывта. *Секъа. Хъуды Цыппу* — Страшная пора началась в ту ночь. Ливень налетал своими волнами. Небо гремело, сверкало

тæгъз I *(бир.* тæгъзытæ) — *анат.* костный мозг

тæгъз II — *хим.* селитра

тæдзæн — жёлоб, труба для стока воды

тæдзгæ — текущий, протекающий

Фыййау куы уыди, / Уæд-иу хуыссыди / ~–ыскъæты. *Къоста. Хъуыбады* — Когда он был пастухом, / Ночевал он, бывало, / В хлеву с прохудившейся крышей

~ туджы пырхытæ — капли пролившейся крови

тæдзын — капать; протекать

● æфсины армæй сой тæдзы — у хозяйки с руки масло капает

дон æртахгай тæдзы — вода стекает по каплям

● зæрдæйы тугтæ тæдзынц — сердце кровью обливается

● мæрддзæсты къухæй дон дæр нæ тæдзы — у скупого даже капля из руки не просочится

уæлейæ ныл нæ тæдзы — над нами не каплет

хид ныхæй тæдзы — со лба стекает пот

цæссыг тугхæццæ тагъди — текли кровавые слёзы

тæдзынæг (*бир.* тæдзынджытæ**)** — течь, место протекания; капель

● ~ дуры гуыбыны дæр фæхуынкъ кæны — капля камень точит

● ~æй цыхцырæгмæ — из огня да в полымя; пришла беда, отворяй ворота; из куля в рогожу

Мæ тых мæ бонæй тырныдтон къуырцдзæвæнæй раирвæзынмæ, æмæ ~æй цыхцырæгмæ бахаудтæн. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — Изо всех сил я старался выбраться из тупика, а вместо этого угодил из огня да в полымя.

● ~æй цыхцырæгмæ дæр йæ былыцъæрттæ хордта — готов был из огня да в полымя угодить; готов был к самому страшному

● тæдзынæджы дон дæр ыл никуы æртагъди — он никаких трудностей не видел; *букв.* на него даже капля не попала никогда

тæдзынæджы ихтæ — сосульки

Уарын йæ сæх-сæхæй не ‘нцайы. Тæдзынджытæ тæдзынц. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* — Дождь идёт, не переставая. Каплет кругом

тæзгъыдон — дождевая вода

тæккæ — как раз; самый

~ егъаудæр — наибольший, самый большой

~ зæрдæйы дзæбæхыл — в самом благодушном настроении

Стæй иу хатт фыд йæ ~ зæрдæйы дзæбæхыл куы уыди, афтæмæй сфæнд кодта йæ фондзазыдзыд фазæттæн куывд скæнын. *Максим. Райсомы мигъ* — Однажды, когда отец был в самом добром расположении духа, он задумал устроить кувд в честь своих пятилетних близнецов

~ знон — ещё вчера

– Цытæ дзурыс?.. Ау, æмæ ~ знон дæр ма саг-сырды хуызæн куы уыд! *Дегъуаты С. Хуыцауы фыдæх* — Что ты такое говоришь? Как же так, ещё вчера был молодцом, что дикий олень!

~ лæгыл — в самом расцвете сил

Хæмæт йæ ~ лæгыл, йæ ~ хъару æмæ æзоныл куы уыдис, уæд-иу зондамонæн ныхæстыл схæцыд. *Ладемыр. Бынылзад* — Когда Хамат был в самом расцвете сил и постоянно якал, он любил поучать остальных

~ кæронмæ ныххæццæ уæвын — добраться до окончания; дойти до самого конца

~ нырыккондæр технологитæй пайда кæнын — пользоваться самыми современными технологиями

~ райдайæнæй фæстæмæ — с самого начала

~ райсом — прямо завтра; не откладывая

~ тæмæны — в самом апогее, в самом зените

зымæг йæ ~ карзы бацыд — зима в самом разгаре

● йæ ~ лæппуйæ — во цвете лет / сил

лæппу йæ ~ тыхæй, йæ ~ хъаруйæ — парень в самом расцвете сил, мощи

йæ ~ астæуыл æй алыг кодта — нанёс болезненный точный удар; *букв.* разрезал как раз посередине

● йæ бындур йæ ~ бынæй ныззилæд! — чтобы дом его до самого основания разрушился!

йæ ~ тыхстæй — в самом отчаянном положении

● къах йæ ~ роны — чёрт с ним

хæст йæ ~ тынгыл уыдис — война была в самом разгаре

чиныг йæ ~ кæронмæ бакастæн — я прочитал книгу до самого конца

Ссыгъди уынгæг тох нæ ~ къæсæрмæ, / Калынмæ хъавы нæ сæнтты цæджындз. *Гриш. Ма ку* — У самого порога разгорелась война, / Хочет обрушить дом наш до основания

тæккæдзаг(æй) — переполненный; полным полно

тæлæн — смысл

тæлæсон — уязвимый, ранимый, хрупкий

~ астæ — годы детства

~ уæвын — быть уязвимым, ранимым

Чызг – ~ авг у. *Бицъоты Г. Кæрдæджы стъалы* — Девушка – хрупкое создание

тæлæт — *уст.* конфискация; добыча

~ балц — разбойничий поход

~ кæнын — конфисковывать; насильственно угонять скот

– Бæрæг æмгъуыдмæ куы нæ бафида, уæд æм хæдзарæй цы хай хауы, уый ~ æрцæудзæни. *Дзабайты Т. Донхæрис* — Если он не погасит долг к указанному сроку, то причитающаяся ему часть дома будет конфискована

фосы ~ — насильственный угон скота; угнаный скот

хæстон ~ — трофеи; военная добыча

Чи ма дзы баззади, уыдон сæ хæдзæрттæм / Заргæ æрбацæуынц... / Семæ сæ ~... *Къоста. Хетæг* — Те, кто уцелели, возвращаются домой / С песнями. / Везут свои трофеи

тæлæттгонд — конфискованный

тæлæттаг — конфискованный; насильственно отторженный

тæллæх — понос

Æндæртæ зæгъынц: – Йæ бæхы ~ы бын нæ фæкодта. Аннæтæ зæгъынц: – Фаджысæй сæхи самæстой æмæ мах дæр цæгъдынмæ хъавынц. *НК. 4* — Одни говорят: – Его конь своим навозом нас всех перепачкал. Другие говорят: – В навозе сами вывозились, нас перебить надумали

тæлм — полоса

хъæды ~ытæ — лесные полосы

быдырхъахъхъæнæн ~ — лесозащитная полоса

хъæды ~ — ряд

тæлмац — перевод (*с одного языка на другой);* переводчик; *уст.* толмач

~ кæнын — переводить (*с одного языка на другой)*

аивадон ~ — художественный перевод

æмдзæвгæтæ зын ~ кæнæн сты — стихи трудно переводить

дæлрæнхъон ~ — подстрочный перевод

Дæлрæнхъон ~тæн сæ ахадындзинад кæд егъау у, уæддæр сæм ис иу хъандзинад. *Гуыриаты Т. «Ирон фæндыр» уырыссаг тæлмацты*
Хотя значимость подстрочных переводов велика, всё равно у них есть один недостаток

дзырдæй-дзырдмæ ~ — дословный перевод
комкоммæ ~ — прямой перевод
мадæлон æвзагмæ ~ кæнын — переводить на родной язык
раст ~ ссарын — найти правильный перевод
хи ~æй — в авторском переводе

тæлмацгæнæг *(бир.* тæлмацгæнджытæ) — переводчик, толмач
тæлмацгæнæджы курдиат — талант переводчика
тæлмацгæнæджы лæггад — услуги переводчика

тæлмацгæнæн — переводческий
~ дзырдуæттæ — переводческие словари
~ хаййад — переводческое отделение

тæлмацгонд — переведённый; переводной
~ æрцæуын — быть переведённым
~ роман — переводной роман

тæлмæн — впечатление
~ кæнын — произвести впечатление
~ рахæссын — вынести впечатление
~ уадзын — отпечатываться
~тæ æвзарын кæнын — производить впечатление
~ты фæдыл — по следам впечатлений
æнæссæугæ ~ — неизгладимое впечатление
тыхджын ~тимæ æрбаздæхын — вернуться с сильными впечатлениями
фæндаджы ~тæ — дорожные впчатления
цины ~тæ нæ бауромын — не сдержать радости

тæлмæндзæг — впечатлительный; впечатляющий

тæлмæндзинад — впечатлительность

тæлных — лоб
● ~ батонын — разбить наголову
Знагæн йæ ~ кæд нæмæ батыдта, уæддæр йæ адзалы къахыл лæуд уыд. *Лademыр. Поезд æнкъуысыд*
Враг хоть и не был ещё разбит наголову, но уже был при последнем издыхании

тæлтæг — экспансивный; легкомысленный
~ æмæ сонт архæйдтытæ — суетливые и необдуманные действия
~ бæх — норовистый конь
● ~ бæх æмæ рæуæг барæг гуыргъахъхъы хауынц — норовистый конь и суетливый всадник в канаву свалятся
А ныр æй æрцæва, афтæ йæ Борæ барæхуыста, æмæ рахауди гуымирты хистæр йæ ~ бæхæй. *НК. 1*
Только тот приготовился его поразить, как Бора толкнул его, и свалился вожак гумиров со своего норовистого коня
Нæ фæивта мæ уарзон кæрт хæрз гыццыл дæр, / Йæ къуымты разылд раджыйы ~ зæрдæ. *Хостыхъоты З. Мæ мысинаг*
Совсем не изменился мой любимый двор, / Во все его углы заглянуло всё ещё порывистое сердце

~ змæлдтытæ — порывистые движения

~ кæнын — горячить; раздражать

Мæ зæрдæйыл ныффæлдæхти фæндыр, / ~ риуыл ныттынг ысты йæ тæнтæ. / *Мамыкъаты Хъ. Зæххон цин* — На сердце мне фандыр облокотился, / Струны волнуют порывистую грудь

~ уæвын — горячиться, быть легкомысленным

Æз федтон хæххон къада уалдзæг ~æй, / Йæ уылæнтæм бирæ фæкæстæн хæстæгæй. *Дауыт. Къада* — Я видел весной горный ручей прытким, / Я долго вблизи наблюдал его бег

тæлтæгдзинад — горячность; невыдержанность; вспыльчивость

тæлфаг — беспокойный, вертлявый, непоседливый; суматошный

~ бæх — беспокойная лошадь

~ бæхыл бадын — сидеть верхом на беспокойном коне

~ лæппу — непоседа, озорник

тæлфæгой — 1. непоседа; 2. не стоящий спокойно; вертлявый; непоседливый

тæлфт (*бир.* тæлфтытæ, тæлфынтæ) — вертлявость, суета; беспокойство

~ кæнын — суетиться, беспокоиться

Кусыны рæстæг Абайы фырт æнæхъуаджы ~ никуы зыдта, кæддæриддæр уыд хиуылхæцгæ æмæ уæздан. *Р. 10.09.1980* — Во время работы Абаев никогда не знал излишней суетливости, был неизменно выдержан и деликатен

тæлф-тулф — суета, суматошность; излишняя торопливость

~ фыстытæ — каракули; неразборчиво наспех написанное

æнæхъуаджы ~ — ненужная, неоправданная торопливость; скоропалительность

тæлфын — двигаться, крутиться, вертеться; суетиться

тæлфгæ змис — зыбучие пески

тæлфгæ ма кæ! — не вертись! не суетись!

адæм мæлдзгуытау тæлфынц — люди снуют как муравьи

зæрдæ фырцинæй тæлфы — сердцу от радости неймётся

тугдадзинты туг тæлфы — кровь бурлит в жилах

фæнд тæлфыд йæ зæрдæйы — сердце забилось от желанья

цалынмæ мæ зæрдæ мæ риуы тæлфа — пока сердце будет биться в моей груди

цард тæлфыд — жизнь бурлила

тæлы — обруч

● судзаг ~ зæрдæ æрбалвæста — сердце мучительно сжалось как обручом

Айсæ джихæй баззади, Ахмæты уарзондзинадæй йæ зæрдæ сыгъди, цыма йын йæ зæрдæ тæвд æфсæйнаг ~ æрбалвæста. *Секъа. Айсæ* — Айса остолбенела от удивления, любовь Ахмата обжигала её сердце, как будто сердце стиснуло раскалённым железным обручем

хуры ~ — круг солнца

тæлыйаг — материал для обруча

тæмæн блеск, сверкание, блик; зенит, кульминация

~ дæттын отражать

~ калын отражать; отсвечивать; искриться

Йæ цæстытæ, судзгæ цырæгътау, ~тæ калынц. *Гуыцмæзты М. Даргъ дзыккутæ* Глаза её, как горящие свечи, сияют

~ кæнын отражаться

~ы бацæуын достичь зенита

сæрд йæ ~ы бацыд лето было в самом зените

хъазт йæ ~ы бацыд танцы были в разгаре

аивадон ~ы на пике творчества

айдæны ~ отражение в зеркале

хур йæ ~ы ис солнце находится в зените

● кады ~ы в зените славы

куысты ~ разгар работы

куыст йæ тæккæ ~ы бацыди работа была в самом разгаре

Челæхсайы фырт йæ куысты тæккæ ~ы куы бацыд, уæд райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст. *Ахуырбег. Р.20.10.2009* Работа Челахсаева была в самом разгаре, когда началась Великая отечественная война

мæйы ~тæ лунные блики

тæккæ ~ы в самом расцвете, в зените; на самом пике

тынты ~ свет лучей

тыхты ~ы в расцвете сил

хъаруйы тæккæ ~ы в самом расцвете сил

царды ~ы в расцвете лет

тæмæнкалгæ искрящийся

~ курдиат искрящийся талант

хуры сæумæйы ~ тынтæ сверкающие лучи утреннего солнца

тæмæнон кульминационный

тæмæссаг 1. чудо; 2. чудесный, чудный; 3. чудесно

~ музыкæ чудная музыка

тæмæссон удивляющийся; впечатлительный

Æз дæр кæддæр дæу хуызæн уыдтæн: æрыгон, æвæлтæрд ~, æнцон агайæн. *Гæстæн. Фембæлды æгъоммæ* Когда-то и я был такой же, как ты: молодой, неопытный, восприимчивый, впечатлительный

тæмæстæ чудеса

~ кæнын удивляться, поражаться

~н кæрон нæй нет предела чудесам

● дистæ-~ диво дивное

тæн I нижняя часть живота

~тæй улæфын дышать животом

~ы тæнæг ныхæстæ оскорбительные, уязвляющие слова

● йæ ~тæ бахаудысты он очень похудел

● уæдмæ уал йæ ~тыл фæхæцæд как же, пусть ждёт, не дождётся

тæн II *муз.* струна
бæхы хъисæй ~ струна из конского волоса
зæрдæйы ~тæ раргом кæнын обнажить струны души
фæндыры ~тæ ælвасын перебирать струны фандыра
Цард ыстыхст, ысмæгуыр – / Алырдæм кæлæнтæ. / Æрцæгъд-ма, мæ фæндыр, / Ныззарæнт дæ ~тæ. *Секъа. Ныры дуджы цард* Жизнь стала бедной и жалкой – / Кругом наветы одни. / Играй, моя гармошка, / Пусть струны запоют твои

тæнæг (*бир.* тæнджытæ) 1. мель; 2. жидкий; тонкий; мелкий; редкий
~ былтæ тонкие губы
~ дон мелкая река
донæн йæ тæнæджы ахизын перейти реку по мелководью
~ змæст хуыссæ некрутое, жидкое тесто
~ кас жидкая каша
~ сагъд къутæртæ редко посаженные кусты
~ цармæй конд из тонкой кожи
~ цъар тонкая кожица
● лæгдзарм ~ у человек раним
● мады зæрдæ ~ у сердце матери отходчиво
● ме ’взаг уыдонæн лæгъстæтæй ~дæр сси мне надоело их уговаривать
● хойы зæрдæ æфсымæрмæ ~ у все мысли сестры о брате

тæнæгбыл тонкогубый

тæнæггонд разреженный; раскатанный; расплющенный

тæнæгдзинад тонкость

тæнæгой жижа

тæнæгпъири *прост.* тонкогубый

тæнæгсæр ветреный, беспечный; легкомысленный
● ~ лæг мæстыгæнаг у глупого легко вывести из себя

тæнæгцъар плёнка
~ фиу плёночный жир

тæнгъæд 1. жидкость; 2. жидкий
~ артаг жидкое топливо
Хъустæй цыдæр ~ рахъардта, æвæццæгæн туг у. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* Из ушей выделилась какая-то жидкость, наверное, кровь

тæнджын I жирный, упитанный, тучный

тæнджын II струнный
~ фæндыр струнный народный инструмент; фандыр
~ фæндыртæй цæгъдæг оркестр струнный оркестр

тæнджытæ брод; мелководье
● ~ агурын искать лёгких путей
● донæн йæ ~ сгарын искать броду

Уый кæд хуымæтæджы лæг у, уæд донæн йæ ~ агурдзæн. Кæд æцæг барæг у, уæд донæн йе ‘рфыты æрбацæудзæн. *НК. 1*

Если это обычный человек, то станет искать брод. Если это настоящий всадник, ринется в воду, не разбирая дороги

хи тæнджыты найын

купаться на мелоководье

тæндзæгат

разг. слабак

● ~ уæвын

прост. кишка тонка; не хватает сил, смелости

тæндзæсгом

уступчивый, мягкий; безвольный, бесхарактерный

● ~ лæг дæрчъыйы аргъ дæр нæу

бесхарактерный человек не стоит и маленького козлёнка

тæнзæрдæ

мягкосердечный, добрый, отзывчивый; ранимый, сердобольный

~йæ хи равдисын

показать себя слабаком

Æгæр карз дзырд куы срæдийа, уæд ногæй ацы хохаг лæппуйы бын куы скуыси уа, уымæй тарсти, æгæр ~йæ дæр æй нæ фæндыди йæхи равдисын. *Малиты В. Тæрхон*

Он и не хотел слишком резко ответить этому горскому парню, боясь, что тот опять подомнёт его под себя, но и показать себя бесхарактерным слабаком тоже не хотел

● ~йæ хъæбатыр нæй

мягкосердечный героем не становится

Фæлæ фыд, йæ чызджытæн фæндон цы нæу, уый нæ кæны. Æвæццæгæн, ~ вæййы идæдз лæг. *Хъайттаты С. Ханты цагъд*

Но отец не делает ничего против воли дочерей. Наверное, вдовец бывает мягкосердечным

тæнон

струнный

тæнтæхауд, тæнхауд

с ввалившимися животом, боками

~ бæхтæ

измождённые кони

Уызын куыддæр хæстæгдæр къуыбырмæ схæццæ, афтæ йæ размæ алæууыд цьæх бирæгъ, ~ æмæ уæнтæхъилæй. *Зæронд уызын йæхицæн мад куыд агуырдта*

Как только ёж к холму поближе оказался, так перед ним возник серый волк, бока у него ввалились, сам удручённый

● ~æй гæпп дæр нæй æмæ дугъ дæр

живот ввалился, больше ни на что не сгодился

Куыд ныттынг уой йæ мæллæг тугдадзинтæ, / – нырау куыд нал уа цардмондаг, ~. *Мамыкъаты Хъ.*

Пусть кровью нальются его худые вены, – пусть впредь не будет унылым, с ввалившимися боками

тæнтыдзагæй

полной грудью

~ ныуулæфын

вздохнуть полной грудью

тæнтъихæг

тощий; нежный; слабый, слабосильный; невынослив, имеющий крайне болезненный вид; в гроб краше кладут

● дзурынмæ – къæр-къæраг, кусынмæ – ~

разговаривать – так трещотка, а работать – так на щепотку

Сæлимæт уыд ~ сылгоймаг, хæрзконд, хæрзуынд. *Тæтæри. Мæнтæгрæмудзæн*

Салимат была стройненькой, хорошосложенной, красивой женщиной

тæнтъихæгарæзт

слабого сложения

тæнтъихæгдзинад болезненность

тæнуæдолæ *д.* висок

тæнуд тщедушный

тæнцъар тонкокожий

~ дзаджджын хæбизджынтæ пироги с обильной начинкой и тонким слоем теста

Суанг ма сæ хæдзæртты дæр ракодтой Хадзыгуайы ~ дзаджджын уæливæхты кой. *Максим. Æхсызгон улæфт* Уже вернувшись, каждый ещё рассказывал о вкусных пирогах, которыми угощала их Хадзыга

тæпп (*бир.* тæппытæ) щепотка; точка, крапинка; горошина; вспышка

~ытæ хахх пунктирная линия; вспышка

~ытæ хъуымац ткань в горошину

~ытæ царм пятнистая шкура

бæмбæджы ~ кусок ваты

● кæд ма дæм сæрыстырдзинадæй чысыл ~ытæ уæддæр ис… если у тебя есть ещё хоть капля гордости

● сау ~ытæ хурыл дæр ис нет людей без недостатков; и на солнце есть тёмные пятна; ко всему можно придраться

рухсы ~ вспышка света

Ницæмæуал бæллыд, æмæ ма иу рухсы ~ йæ зæрдæйыл сæмбæлдзæн, уый йæ нал уырныдта. *Бицъоты Г. Зæды зæрдæ* Он более ни к чему не стремился и не надеялся, что в душе ещё будет какой-нибудь просвет

ссады ~ щепотка муки

● ссады ~ы тыххæй къуырой мæрзын по сусекам скрести; *букв.* ради щепотки муки мельницу мести

хуры ~ытæ пятна на солнце

● фыдхæсджынæй – фæнычы ~ с должника хоть шерсти клок

цæххы ~ щепотка соли

Сæрдармæ ныртæккæ афтæ фæкаст, цыма Тотырадзимæ цæххы путы уыцы фæстæг ~ бахордтой. *Æхсарбег. Хурхæтæны* Председателю показалось, что они с Тотразом съели последнюю щепотку из того самого пуда соли

тæппаз конечности

~тæ цæгъдын биться в судорогах

тæппал (*бир.* тæппæлттæ) волдырь, нарыв; сыпь

~ æвзагыл типун на языке

● къахы ~ыл ныллæуын задеть за живое; наступить на мозоль

Уæд ын цыма йæ къахы ~ыл ныллæууыди, афтæ хъыг ын фесты чызджы ныхæстæ. *Ашæх. Катя* Как будто ему наступили на любимый мозоль, так обидно было ему услышать слова девушки

къухыл ~ фæзынди на руке вскочил волдырь

пысырайы ~ дудаг у крапива больно жжёт

тæпп-тæпп мигание (*лампы, свечи);* ритмичное постукивание; трепетание; биение

зæрдæйы ~ биение сердца

тæппуд 1. трус; 2. трусливый, малодушный; робкий

~ адæймаг *разг.* безвольный, мягкотелый человек

Нæ уарзта уый сылгоймагау ælгъитын, / Йæхæдæг худт ~ лæгтыл ædзух. *Михал. Цæссыгты ком* Проклинать как женщины считал он недостойным, / Над трусами всегда смеялся сам

~ æмæ ædых уыди был он малодушен и слаб

● ~ лæг æмæ тæрхъусæй уælдай нæй нет разницы между трусливым человеком и зайцем

● ~ лæг йæхи мæсыджы аууон æмбæхсы трусливый за башней прячется

~ лыгъд фæкодта. Цал æмæ цал хатты æфхæрдта йæхи уыйфæстæ. *Æхсарбег. Куырды фырт* Она малодушно сбежала. А сколько раз она потом корила себя за это

~ тæрхъусау трусливый как заяц

Уым цæстуынгæйæ лидзы ~, / Уым хъæбатыр лæг ратты йæ уд. *Дзаболаты Х. Тæссæй* Там трус у всех на глазах убегает, / Там геройскую смерть герой принимает

~ фæсвædæй цæвы трусливый бьёт со спины

~ чи вæййы, уый иннæтæн дæр хъæбатыр ænхъæл нæ вæййы кто сам труслив, тот и других не считает героями

● ~æй йæ ничи федта он не из робкого десятка; в трусости его не заподозришь

~æй цæрын жить в вечном страхе

● ~ы цæстытæм карчы айк дæр хохы йас зыны у страха глаза велики

æртхъирæнтæ ~ лæг кæны трус на угрозы скор

– Мæ удæй мæ хуылфы ницыуал аззади. – Ахæм ~æй дæ нæ зыдтон. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* – У меня душа в пятки ушла. – Не знал, что ты такая трусливая

искæй ~ы бынаты æрæвæрын выставить кого-л. трусом

● хъæбатыр иу хатт амæлы, ~ та алыбон храбрец умирает один раз, а трусливый – каждый день

тæппуддзинад трусость, малодушие, робость

~ равдисын проявить трусость, смалодушничать

тæппудзæрдæ трус

тæппузбылæй надув губы, обиженно

тæппуз, тæппузыр волдырь; нарыв; пузырь

хиды ~ капля пота

сапоны ~ мыльный пузырь

Уый йæ цæст дæр не ‘рныкъуылдта. Хиды ~ нæ рахъардта йæ тæрныхæй. *Бицъоты Г. Урс æмдзæвгæтæ* Он даже глазом не повёл. На лбу не выступила капля пота

тæпсыгъуæ *уст.* объездка (*молодых лошадей)*

~ кæнын объезжать лошадь

тæраз весы

● ~æй барæгау – йæ алы куыст дæр его работа безупречна

~æй барын взвешивать на весах

● иу ~ыл барын — мерить на один аршин
● Хуыцау ~æй бары — Бог всё скрупулёзно взвешивает, не принимает поспешных решений

~ы тæбæгъ — чаша весов
~ы иу тæбæгъыл æрæвæрын — положить на одну чашу весов
автоматон ~ — автоматические весы
● азтæ царды ~ сты — годы – весы жизни
æнæсайд ~ — точные весы
● хорз æфсинæн йæ цæст ~ у — у хорошей хозяйки глаз намётан (как весы, глаз-алмаз)
● хорз усæн йæ цæст ~ у, йæ дзырд – адджын — у хорошей жены глаз – весы, слово – мёд

Тæраз — *астр.* Весы
~ы стъалыбардз — созвездие Весы
тæразгæс — весовщик
тæран — порода лошади *(кабардинская)*
тæрæг *(бир.* тæрджытæ) — погонщик
тæрæй — *разг.* парнишка
Таму комкоммæ куыдзмæ фæраст. – Фæхæцдзæн дыл, ~! – фæтарст хæдзары хицау. *Тасо. Ныхасы къуыбылой* — Таму прямиком направился к собаке. – Парнишка, она тебя укусит! – испуганно закричал хозяин дома
тæрæн — случка (*мелкого скота)*
~ кæнын — случаться (*о мелком скоте)*
тæргай (*бир.* тæргæйттæ) — 1. каприз; обида; отказ; 2. капризный; обиженный

~ кæнын — капризничать, обижаться; отказываться
● ~ сæгъы дугъ акæнын — умчаться как разобиженная коза
~ суадзын — высказать обиду; перестать обижаться
~ фæлидзын — убежать в обиде
Сидзæртæй фæлыгътæ / Ингæнмæ ~!.. *Къоста. Сидзæргæс* — От сирот ты укрылся / В могиле в обиде на них
● фыдусæн йæ цæгатмæ ~ лидзын чындзæхсæв у — плохая жена обидится и в отчий дом как на свадьбу ринется
● иу лæгæн хъæды йæ сæмæн асаст æмæ сæхимæ ~ алыгъд — в лесу ось у телеги сломалась, так хозяин обиженный домой побежал
● цардæн лæгъстæ хъæуы, кæннод ~ кæны — жизнь надо умасливать, иначе обижаться станет
сывæллоны тæргæйттæ — детские капризы
тæргæйттæ кæнынмæ сывæллонæй уæлдай нæу — он капризничает (обижается), как ребёнок
Хур æмæ Зæхх нæм ысты кæд ~?! / Нал исынц адæмы куывдæй сæ хай. *Дауырæ. МД.5-6-2014* — Солнце и Земля, может, обиделись на нас?! / Не принимают больше наши молитвы
Дæ тæргæйттæ ныууадз! — Перестань капризничать! Не дуйся!
тæргайгæнаг — капризный; обидчивый
● буц чызджытæ ~ вæййынц — избалованные девушки капризны
● сдзырд æм нæй: ~ у — слова ему не скажи: такой обидчивый

● тæргайгæнаджы хай — доля обиженного; невостребованная часть

● тæргайгæнаджы хай фарсыл хæцы — один обижается, другие за его счёт наживаются

● тæргайгæнаджы хай – хæлæйфаг — доля обиженного нарасхват

● тæргайгæнаджы хай хъæстæн хос у — доля обиженного другим впрок идёт

Фæлæ кæд нæ уалдзæг ахæм ~ у, уæддæр базмæлыд æрдз. *Дзабайты Т. Донхарис* — Но хоть и капризна наша весна, а природа всё же просыпается

хæхбæсты боныхъæд ~ у — в предгорьях погода переменчива

тæргайгопп — капризуля, привереда

тæргайдон — капризная река

тæргайдзинад (*бир.* тæргайдзинæдтæ) — каприз, обида

Сæмæг кæд уæлæмæ ницы дзырдта, уæддæр йæ хуызмæ гæсгæ йæ ~ æргом зынд. *Лademыр. Хъæуæй горæтмæ* — Самаг хоть и не говорил ничего, но вид его красноречиво свидетельствовал, что он обижен

тæргайлидзæг — капризный; взбалмошный

● ~ ус дзырдтæ мысы — капризная женщина склонна к наветам

тæргайхуызæй — с обиженным видом, надутый

~ бахъуыр-хъуыр кæнын — обиженно проворчать

тæргæбæхæй — вскачь, во весь опор

~ сурын — преследовать изо всех сил

Лæппу та абадти æфсæн уырсыл æмæ ~ Уырызмæджы цур фестад. *НК. Уырызмæджы æнæном лæппу* — Вскочил юноша опять на железного жеребца и примчался во весь опор к Урузмагу

~ цæуын — скакать во весь опор

– Лæппу, бауром! Кæдæм ~ цæуыс? Дæ каистæм куы нæ лæбурыс миййаг. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* — – Парень, осади! Куда несёшься во весь опор? Чай не на родню жены нападаешь

тæргæйтты мæй — март

тæригъæд — сострадание, жалость; грех; ошибка, прегрешение, провинность

● ~ бафидын — получить отмщение за обиды, горести; искупить грех

● ~ дуры гуыбыны дæр нæ тайы — прегрешение даже камень не простит

~ зæгъын — грешить против истины; наговаривать

– Кæд ~ зæгъыс? – Æз лæджы дæр æмæ усы дæр зонын. *Гæстæн. Фембæлды æгъоммæ* — – Может, ты напраслину на них возводишь? – Уж я-то и мужа, и жену знаю

~ кæнын — жалеть

æз ын ~ кæнын — я от души ему сочувствую

Мардæн ~ кæны, цæрдуд адæймаджы марын кæны. О, мæ раттæг Хуыцау, циу уæд ~? *Болайы фырт. Адæм* — Покойника жалеет, а живого не щадит, на смерть обрекает. О, Создатель, в чём же тогда жалость?

искæмæн ~ кæнын — сжалиться над кем-л.

никæмæн ~ кæнын — никого не жалеть

тынг ~ кæнын — испытывать глубокое сострадание

● ~ кæнын хорз у, фæлæ æппæт адæмыл ахæссæн нæй — жалость хорошо, но на всех её не хватит

~ нæ зонын	не сочувствовать, не знать сострадания
~ никæмæн тайы	прегрешение никому не прощается
~ райсын	нанести обиду
Фæлæ мæ дæ ~ нæ хъæуы. Дæ ~ райсыны бæстæ – мæлæт хуыздæр. *Ахуырбег. Хуры зарæг*	Но я не хочу обидеть тебя. Лучше смерть – чем причинить тебе боль
● ~æй скъуыйын	разрываться от жалости
зæрдæ ~æй скъуыйы	сердце разрывается от жалости
● ~æй тæрсын хъæуы	не бери грех на душу
● ~тæ йæм теуайы уаргъæй фылдæр ис	все его грехи верблюду не навьючишь
~тæ кæнын	грешить
~тæ ныббарын	простить грехи
Хуыцау ~ нæ бары	Господь не прощает грех
Цыфæндыйæдæр раст уды ~ / Лæгмарæн нæ ныббардзæн Хуыцау. *Чеджемты Æ. Цæй хæрзбон*	Как бы то ни было, но праведного / Убийство Бог не простит
~тæ сыгъдæг кæнын	замаливать грехи
~тæ химæ исын	взять грех на себя
~ы бацæуын	совершить прегрешение
~ы сæр дзы ницæмæн хъæуы	жалость здесь ни к чему
Æмæ йæхæдæг дар нал ‘мбæрста: ~ ын кæны æви… уæвгæ, цæмæн, кæд бæллицаг уаваæры ис æмæ дзы ~ы сæр ницæмæн хъæуы.	Он и сам не понимал: жалел ли он её… хотя, к чему жалость, если положение у неё завидное
адæмы ~æй зæхх арæхдæр æнкъуысын байдыдта	земля всё чаще сотрясается от грехов человеческих
● æгомыг фос ~ у: дойны дæр æмæ ’ххормаг дæр æгомыгæй	жалко безмолвную скотину; и жажду и голод безмолвно сносит
● æнаххос лæджы ~ аххосджыны фæстæ суры	убийство невинного несмываемым грехом на убийцу ложится
● æрдуйы бæрц ~ дæр нæ фæкæнын	ничуть не пожалеть
● ~ бирæ фæлтæрты йафы	грех несколькими поколениями не искупится
● давæгæй радавын ~ нæу	украсть у вора не зазорно
● дæхи ~ы дæр ма цу, искæй гуыбыны ~ы дæр	не мори голодом ни себя, ни другого
● дывзагон йæ хæдзармæ ~ хæссы	лицемерный на свой дом беду накличет
● зилгæ куыройæ хор давын ~ у	красть у работающего грех; *букв.* стыдно с работающей мельницы зерно таскать
● змæст рæстæг фыдгæнæг йæ ~тæ искæй æккой самайы	в смутное время свои злодейства злодей на других возлагает людей
● искæй ~ы бацæуын	взять грех на душу; грешить (*против кого-л.)*
~ы цæмæн цæуыс? Цы дын кодта? *Дауыт*	Зачем берешь грех на душу? Что он тебе сделал?
● искæй ~ы нæ цæуын	не брать грех на душу, жалеть; испытывать чувство сострадания
● искæйы ~ фидын	*библ.* платить за чужие грехи

● йæ ~æй дур аскъуыйдзæн — сердце разрывается от жалости к нему

● йæ ~ ын фæхæсс! — чтобы ты ответил за свой грех!

йæ ~тæ йыл æртыхстысты — он расплатился за свои грехи

Йæ зæрдæ, дам, ныллæуыд. Йе та, чи зоны, йæ ~тæ йыл æртыхстысты. *Гæстæн. Йæ рухс ном* — Говорят, у него остановилось сердце. Или, кто знает, может, он расплатился за свои грехи

● карчы цъиуы ~ы дæр нæ бацæуын — цыпленка не обидеть; быть очень безобидным

● лæгæй мæнг зæгъын ~ у — грешно наговаривать на человека

● мард буармæ бавналын ~ у — грешно дотрагиваться до покойника

● марды ралгъитын – ыстыр ~ — проклясть мёртвого – большое прегрешение

● мæлдзыджы ~ы дæр никуы бацæуын — муравья не обидеть

мæлæтæй ~ бафидын — смертью искупить грех

● ныхас хъуырмæ куы ссæуа, уæд йæ аныхъуырын ~ у — слова, что к горлу подступают, уже никто не глотает

● сидзæры ~æй сау хъæды бæлæстæ галау уасынц — от жалости к сиротинушке ревут деревья в дремучем лесу

стыр ~ — смертный грех

● ~тæ уадзын — исповедоваться в грехах; отпускать грехи

● уымæн йæ ~тæ дон дæр нæ аласдзæн — его прегрешениям нет числа

● фыдæлты ~тæ сывæллæттæ фидынц — за грехи отцов расплачиваются дети

хæсты ~ нæй — война жалости не знает

хи ~тæ фидын — расплачиваться за свои грехи

Афоныл сæвæрын æмбæлди йæ бынаты Зариффæйы, фæлæ байрæджы кодта æмæ ныр йæ ~тæ фиды. *Умар. Цард тындзы сæ размæ* — Во время надо было ставить Зариффу на место, но он опоздал с этим и теперь расплачивается за свои ошибки

тæригъæдгæнаг — жалостливый, сострадательный

мæгуыр ~ вæййы — сострадание сердце бедняка знает

~ зæрдæйы хицау — человек с сострадательным сердцем

Хуыцау ~ у — Бог милостив

тæригъæдгæнæг — жалостливый, сострадательный человек

нæй йын ~ — не от кого ей ждать сочувствия

тæригъæддаг — достойный сожаления, жалости; жалкий; жалобный

~ адæймаг — жалкий человек

~ уавæр — жалкое положение

~ хъысмæт — жалкий удел

сидзæр сывæлæтты ~ хъысмæт — сиротская горькая доля

~ цард кæнын — влачить жалкое существование

тæригъæддагхуызæй — жалобно

тæригъæдджын — 1. грешник; 2. грешный

● ~ адæмæн мæрдты бæсты зындон сæ бынат — грешникам на том свете уготован ад

● ~ аргъуанмæ зæрондæй цæуын байдайы — грешник на старости лет богомольцем становится

● ~ кæнын — брать грех на душу

Дæхи ~ ма кæн, Цопанон. Дæ чызджы дæ хæдзары дарыс ахст бæлонау. *Ашæх. Катя* — Не бери грех на душу, Цопанон. Держишь свою дочь взаперти дома как голубку в клетке

● ~ лæг зынудисæн кæны — грешный умирает в тяжких муках

● ~ лæг фæстæрдыгæй цæвынæй тынгдæр тæрсы — грешник боится больше всего удара в спину

● ~ топпы дзыхæй лæбурæг дзуры — нападающий действует языком оружия

● ~ тохы зарæгæн тæппуд дæр фæхъырны — боевой песне и трус подпевает

~ хъуыддæгтæ бирæ кæнын — совершать много грехов

● ирæдисæг ~ у — кто калым возьмёт, грех на душу берёт

● йæ рæдыдыл фæсмон чи нæ кæны, уый ~æй баззад — кто в своей ошибке не раскаивается, грешником остаётся

● сайæгой, фæлывд, æппæлой, мæнгарды дины чингуыты бын куы банордай, уæддæр ~æй баззайдзысты — пройдоху, обманщика, самохвала, мошенника хоть обложи священными книгами, всё равно грешниками останутся

Хуыцауы разы ~ уæвын — быть грешным перед богом

тæригъæддзинад *кæс* **тæригъæд**

тæрк — 1. каприз, непостоянство; раздражение; 2. капризный; непостоянный; раздражительный, вспыльчивый

~ бæх — норовистая лошадь

~ кæнын — капризничать; раздражаться

~ хъæлæс — раздражённый голос

тæркдзинад — вспыльчивость

тæрккъæвда — гроза, ливень

Кæд-иу ~ рацыд, уæд-иу къох йæ хуыз скалдта. *Максим. Райсомы мигъ* — После проливного дождя роща представала во всей красе

Куы ныл йæ ~ ныккæуы, / Куы калы судзгæ хур йæ хъал. *Мамыкъаты Хъ. Фæлæ йыл нал ауæрды фæззæг* — То ливень нас оплакивает, / То солнце жаром пепелит

тæрна *д.* — юноша

тæрных — 1. лоб; 2. *перен.* упрямый; твердолобый; нахальный

лæгъз ~ — гладкий лоб

нæмыг раст йæ тæккæ ~ыл сæмбæлд — пуля попала ему прямо в лоб

Ælдар бынтондæр атад, йæ ~ хиды фæрдгуытæй айдзаг. *Максим. Райсомы мигъ* — Алдар и вовсе растаял, на лбу проступили бусинки пота

тæррæст кæнын (ласын) — прыгать; прыгнуть; перескочить

тæрс *(бир.* тæрсытæ) — *бот.* бук; чинара

~ы æхсæртæ — чинарики; многоорешки

тæрсаг — 1. трус; 2. трусливый, пугливый

● ~ куыдзæн йæ къуди йæ быны вæййы — трусливая собака хвост поджимает

~ куыйтау — подобно трусливым псам

● ~ лæг доны æртæхæй лидзы — трус теряется по всякому поводу

● мады зæрдæ ~ вæйы — сердце матери всего боится

● цумайæ ~ фæсмонгонд уыдзæн — кто поручений пугается, потом раскается

тæрсæн — 1. пугало; страшилище; 2. пугающий; устрашающий

~ гæрæх фæкæнын — дать предупредительный выстрел

~ ныхæстæ кæнын — запугивать, стращать

Сæхи-иу ~ты хуызæн скодтой, ома, фыдбылызтæ фæтæрсой æмæ сæ асурой сæ уындæй — Они одевались страшилищами, чтобы невзгоды при их виде испугались и убежали бы прочь

тæрсгæ-ризгæйæ — трусливо, боязливо; с трясущимися поджилками

Йæ цардæн сæфынæй чи тæрсы, æмæ йæ цард ~ чи тоны, уый цардæй разы никуы уыдзæн — Кто всё время за свою жизнь дрожит, кто с трясущимися поджилками живёт, тому жизнь в радость никогда не будет

тæрсгæгомау — опасливо, настороженно

тæрсгæйæ — боязливо, опасливо; со страхом

● æвæдæй ~ фыдвæдмæ цæуæм — боязнь остаться без потомства приводит к никчемному потомству

тæрсхъæд — буковый лес

Лидзы цалх æмæ ~ы бамидæг. / – У, мардзæ, ~, ме знаг фæлидзы, / Бауром мын æй! – дзуры йæм Сослан. *НК. Сосланы мæлæт* — Убегает колесо и закатилось в буковый лес. / – О, лес, уходит мой враг, / Задержи мне его! – обратился к нему Сослан

тæрсын — бояться, пугаться

~ кæнын — пугать; страшить

● ~æн дыууæ гæрахы дæр хорз — напугать и парой выстрелов можно

● абырæгæй абырæг дæр тæрсы — абреков сами абреки боятся

● абырæг лæг нæмыгæй нæ тæрсы — абреку пуля нипочём

адзалæй нæ ~ — не страшиться судьбы

● арсæй куы тæрсай, уæд хъæдмæ ма цу — волков бояться – в лес не ходить

● аууон аууонæй нæ тæрсы — *букв.* тень тени не боится

● æвзæр йæ удæн тæрсы — никчёмный / трусливый всегда боится умереть

● æргом ныхасæй чи тæрсы, уый йæхæдæг аххосджын у — кто откровенных слов избегает, сам виноватым бывает

æппындæр ницæмæй ~ — ничего вообще не бояться

æххормагæй фесæфынæй ~ — бояться голодной смерти

● бирæгъ æппæлыд йæ мыггагæй «мах, – загъта,– кæмдæриддæр зонынц æмæ нæ тæрсынц кæмдæриддæр – хъæды дæр, хъæуы дæр» — волк похвалялся своей породой: «нас, мол, везде знают, и везде нас боятся – что в лесу, что в селе»

● бирæгъæй хæйрæг дæр тæрсы — волка и черт боится

● дон нуазгæйæ дæр донæн фæуынæй тæрсы — скупой; паникёр; *букв.* воду пьёт и трясётся, что она закончится

● дыууæ æфсымæрæй арс дар тæрсы — на двух братьев и медведь не пойдёт

зындзинæдтæй нæ ~ — не бояться трудностей

● зæрдæхудтæй куы тæрсай, уæд сайгæ ма кæн — не лги, если боишься на обиду нарваться

● ирон адæм гæрзты хорз æмæ знаджы бирæйæ нæ тарстысты — осетины не боялись хорошо вооружённых и многочисленных врагов
● иугай гæрæхтæй нæ ~ — быть не из пугливых; ничего не бояться
● кæрæдзийæн авджын дзаумайау æрхауынæй ~ — бережно относиться друг к другу
куыстæй нæ ~ — не бояться работы
ма тæрс! — не робей! держись!
мæлæтæй нæ ~ — не страшиться смерти
● сæркъуырд ælхыскъæй нал тæрсы — лишившись головы, чего щипков бояться
● хæппæй дæр тæрсгæ кæнын — быть очень пугливым
● хи аууонæй ~ — быть очень трусливым, бояться собственной тени
● хорз лæг мæлæтай нæ тæрсы, æвзæр та йæ удæн тæрсы — достойный смерти не боится, а плохой за свою жизнь страшится
худинагæй ~ — страшиться позора
● худинагæй куы тæрсай, уæд дыл не ’рцæудзæн — если позора остерегаться, он тебя не настигнет
Хуыцауæй дæр нæ ~ — ни с кем не считаться, даже Бога не бояться
● хъал бæх й’ аууонæй тæрсы — спесивый конь своей тени боится
● чъынды ’фсин къæйных уазæгæй тæрсы — скупая хозяйка боится бесцеремонного гостя

тæрсынгæнæн — страшилка, пугало, страшилище
~ гæрах — предупредительный выстрел
тæрсындзинад — боязнь, страх
тæрсынкæнæн — устрашение
тæрттæ — борта
кæрцы ~ — борта шубы
● искæйы тæрттыл фæхæцын — *разг.* взять / схватить за грудки
~ байгом кæнын — раскрыть объятия
~ гомæй хæссын — ходить в одежде нараспашку; быть чистосердечным. откровенным
мæ ~й мæ сулæфæн нæй — мне тяжело дышать
Мæнæн та бавнæлдта мæ ~м / Тызмæгæй уазалдых фæззæг. *Михал Хъысмæт* — Снова меня схватила за грудки / Мрачная холодная осень

тæрттæгомæй — нараспашку
тæрф — низина; котловина; впадина; долина, русло реки; лесная чаща (*в котловине)*
ныллæг ~ — лощина
Терчы ~ — долина Терека

тæрх — стан, станок
тулæн ~ — прокатный станок
уафæн ~ — ткацкий станок

тæрхæг (*бир.* тæрхæджытæ) — полка; нары; каменная скамья на ныхасе
~ыл хуыссын — спать на нарах
● алцыдæр ~ыл авæрын — разложить всё по полочкам

дуканийы ~	прилавок
чингуыты ~	книжная полка
тæрхойнаг	подсудный
тæрхон (*бир.* тæрхæттæ)	суд (*процесс);* судебное решение, постановление; обсуждение; приговор
~ æххæстгæнæг	судебный исполнитель
● ~ иутæн – ахъазæн, иннæтæн та – маст	одним приговор на пользу, другим на горе
~ рахæссын	вынести приговор
дисциплинарон ~ рахæссын	вынести дисциплинарное взыскание
раст ~ рахæссын	вынести справедливый приговор
Поэт цыфæнды стыр хицауæн / Йæхæдæг рахæссы ~, / æмæ уæд суанг ыстыр Хуыцауæн / Нæу уымæн аивæн йæ бон. *Гаджиты Г. Поэт*	Поэт любому начальнику большому / Сам выносит приговор, / Никто, сам Бог не сможет / Отменить его потом
фехсыны ~ рахæссын	приговорить к расстрелу
Нæ фыдæлтæ иу се знæгты знагдæрæн цы ~ хастой, ахæм ~ ын рахæссæм. *Максим. Хæххон барæг*	Давайте вынесем ему такой приговор, какой наши предки выносили своим злейшим врагам
~ кæнын	судить; обсуждать
искæй хъуыддæгтыл тæрхæттæ кæнын не ‘мбæлы	не надо судить других
~ сæххæст кæнын	привести приговор в исполнение
● ~ хъæуы абоныл, сом цы уыдзæн, уый нарты Сырдон дæр нæ зыдта	решение нужно сегодня принимать, что завтра будет даже Нарт Сырдон не знал
~æй æртхъирæн кæнын	угрожать судом
~ы бон	судный день
~ы лæгтæ	люди, вершащие чьи-л. судьбы; судьи
Зæй уæ фæласа, нæ ~ы лæгтæ, / Иу ма уæ фезмæлæд искуы лæгау! *Къоста. Додой*	Погибнуть бы вам под обвалом, наши судьи, – / Хоть бы один из вас пошевелился как муж настоящий!
~ы лæгтау рабадын	рассесться с важным видом
~ы рабадт	судебное заседание
азымы ~ рахæссын	вынести обвинительное заключение
аккаг ~	заслуженное, справедливое наказание
ахæстоны фæбадыны ~ рахæссын	приговорить к тюремному заключению
● æгомыг лæг ~æн нæ бæззы	из немого какой судья
æдылыйæн ~ нæ кæнынц	дуракам закон не писан
æхсæнадон ~	общественный суд
искæйы ~ы бадын	осуждать кого-либо
● лæгæн йæ худ ~ы к’ уа, йæ бæх – дугъы, ус – æвгъæды, уæд йæ зæрдæ иухуызон вæййы	когда дело его в суде, лошадь его на скачках, жена его в родах, мужчина переживает
мæлæты ~	смертный приговор
раст ~	справедливый суд
● раст ~ нæ риссы	справедливый приговор не ранит
● фехъуыстоныл ~ нæй, ~ федтоныл ис	судить можно по тому, что видел, не по тому, что слышал

Хуыцауы ~ — Божий суд

● хъуыддаг ~мæ не ‘руадзын — не доводить до суда; помириться до суда

хъуыдытæ æмæ тæрхæттæ кæнын — думать и гадать

Уæллæгхъæу Дæлбылхъæуы сæ хидыл ацæуын нал уагътой. Уæдæ Уæллагхъæуæй нæ маст цæмæй райсæм, зæгъгæ, тæрхæттæ кодтой. *Максим.* — Жители Верхнего села запретили пользоваться своим мостом жителям Нижнего села. Те стали судить-рядить, чем бы им отомстить

тæрхонæххæстгæнæг — судебный исполнитель

тæрхонгæнæг *(бир.* тæрхонгæнджытæ) — судья

~ уынаффæ рахаста — судья вынес приговор

адæмон ~ — народный судья

сæйраг ~ — верховный судья; главный судья

тæрхонгæнджыты æрбадт — заседание суда

тæрхонгæнджыты иумæйаг уынаффæ — общее решение судей

фидауыны ~ — мировой судья

Хуыцау сын уæд ~ — Господь им судья

Гъей, чызгай, цæмæн / Афæлывтай мæн?! / Цæй, дæ Хуыцау дын / Уæд ~!. *Къоста. Фесæф* — Гей, девушка, почему / Ты обманула меня? / Ну, пусть тебе твой Бог / Будет судья!

тæрхонгæнинаг — подсудимый

тæрхонгонд — решённый, определённый; осуждённый, присуждённый

тæрхондон (*бир.* тæрхондæттæ) — суд

~-рæстæвзарæн бынат — суд – это место, где торжествует справедливость

~ растыл банымадта — суд счёл справедливым

~ы æрбадт — заседание суда

~мæ дæттын — предавать суду, отдавать под суд

~ы раз æрлæууын — предстать перед судом

~ы уынаффæ — решение суда

æфсæддон ~ — военный трибунал

æфхæрды фæдыл ~ — разбирательство правонарушения

бæрзонд ~ — трибунал

бынæттон ~ — местный суд

фидауынгæнæг ~ — примирительное разбирательство

тæрхонкæнынад — судоустройство

тæрхонрахаст — присуждение

тæрхоныскъуыд — приговор

~ фехъусын кæнын — огласить приговор

азымгæнæн ~ — обвинительный приговор

тæрхъус — заяц

● ~ æмбæхсæн – сындзы, йæ фæлладуадзæн – рындзы — заяц прячется, спасается в колючках, а отдыхает в укромных местах

● ~ æппæтæй хъустæ у, фæлæ уæддæр амæттаг фæвæййы — заяц весь в слух обращается, всё равно добычей становится

● ~ дыл сæумæраджы куы амбæла, уæд дын фæндараст фæуæн нæй — с утра заяц на дороге попался, день не задался

● ~ йæ лæппыны афтæ фарста: «аз дæ схæссон æви æртæ боны?» — заяц с зайчонком советовался: «год тебя кормить или три дня?»

● ~ау хуынчъы бамбæхсын — трусливо спрятаться в норе

● ~æн йæ къæхтæ – йæ ирвæзынгæнæг — зайца спасают ноги

● ~æн йæ фыдæй йæ царм зынаргъдæр — шкура зайца дороже его мяса

● ~ы гæпп тæссæй дывæрццыг у — с перепугу заяц в два раза дальше прыгнет

● ~ы басы бас — седьмая вода на киселе

● ~ы зæрдæ — заячья душонка

● ~ы лæппынæй тæппуддæр — трусливее зайчонки

● ~ы сайд — провести, обвести вокруг пальца

● ~ы тас куы бацæуы, згъорын уæд байдайы — как испуг на зайца найдёт, так он стрекача и даёт

● ~ы уæрдонæй ахсы — лёжа на телеге, зайца ловить

● ~ы хъус хъусаг у — у зайца ушки на макушке, всё слышит

● ~ы цармæй сын фæйнæ кæрцы æрцæуид — им одной заячьей шкурки на две шубы хватит

● арсы æнхъæл ~ амарын — обмануться в ожиданиях

● ахсинаг ~æй ахст ~ хуыздæр — лучше синица в руках, чем журавль в небе

● æртæ ~ы ахсæг иу дæр нал æрцахста — нельзя браться за много дел одновременно; за тремя зайцами погонишься, ни одного не поймаешь

Кæд, миййаг, зæронды дыууæ ~ы иу ахстæй æрцахсын фæндыд. *Мæрзойты С. Къæхтысæр* — Может, старик хотел одним выстрелом двух зайцев уложить

● бирæгъдзуаны ~ æрцахста — обмануться в ожиданиях; *букв.* пойти на волка, поймать зайца

● дзæбидыры фыды бæсты зæронд ~ы дзидза дæр райсын — на безрыбье и рак рыба; *букв.* получить старую зайчатину вместо мяса тура

● иу æхстæн дыууæ ~ы амарын — убить двух зайцев одним выстрелом; выполнить два дела; решить две задачи

● иу ~æй дыууæ кæрцы кæнын — быть бережливым; из одной заячьей шкурки две шубы шить

● мæгуыр ~, рувæстимæ чи хизы — трудно зайцу в лисьей стае

тæппуд ~ — трусливый заяц

● тæппуд лæг æмæ ~æй уæлдай нæй — трусливый мужчина, что заяц

хæдзарон ~ — кролик

● хæйрæг ~ы хуызы цæуы — дьявол прикидывается зайчиком

● хæмпæлыл арт куы бандзарай, йæ ~тæ лидзын уæд байдайынц — бурьян загорится, зайцы разбегутся

тæрхъусдзарм (*бир.* тæрхъусдзæрмттæ) — заячья шкура

● ~æй сын фæйнæ кæрцы æрцæуид — они живут душа в душу, жить в согласии

● ~ыл дæр бацæудзыстæм æз æмæ ды — и на заячьей шкурке поместимся; нам много не надо

● иу бонваг ~ дæр кæны — один день чем угодно можно обойтись

тæрын I — отрок; молодой человек

тæрын II — гнать, гонять, угонять, прогонять, выгонять

~ы бары æвдисæндæрттæ — права, водительское удостоверение

ægады бынатмæ ~ — позорить

бæх ~ — погонять лошадь

зæрдæ ~ — быть расположенным

искæйы тых ~тæ кæнын — насильно заставлять / принуждать кого-л.

кад дæлæмæ ~ — ронять честь

куыстæй ~ — выгонять с работы

къуыммæ ~ — загонять в угол; ставить в тупик

машинæ ~ — водить машину

● нозт йæ лымæны сæфтмæ тæры — выпивка кого полюбит, того и погубит

ном худинагмæ ~ — дискредитировать, опозорить имя

сæфтмæ ~ — губить; приводить к гибели

фос хизæнмæ ~ — гнать скот на выпас

● фыргуыст, фырмаст æмæ фыдниз адзалмæ тæрынц — изнуряющий труд, сильная обида, тяжёлая болезнь жизнь сокращают

хи фæнд ~ — делать по-своему

хъуыддаг иу фæндыл ~ — стоять на своём

тæсзæрдæ — 1. трус; 2. трусливый, малодушный

● ~йæн сæдæ цæсты ис, æмæ сæ иу дæр раст нæ уыны — часто опасность преувеличивается, видится там, где её нет; у страха глаза велики

● æгæр рахъуыды-бахъуыды ~йы нысан у — долгие сомненья – признак трусливости

тæскъ (*бир.* тæсчъытæ) — большая корзина

тæсчъы дзаг дыргътæ — полная корзина фруктов

тæсчъы хæссинаг — немощный, дряхлый

● йæ зæронд тæсчъы хæссинаг фæци — немощь на старости лет его удел

æз тæсчъы хæссинаг нæма дæн — *букв.* меня ещё не надо носить в корзине; я ещё не такой дряхлый

Фælæ астæ, астæ. Æртиссæдз азы мæнæ не сты. Кæд тæсчъы хæссинаг фæци. *Мæрзойты С. Къæхтысæр* — Но годы, годы. Шестьдесят лет не шутка. Может, он совсем одряхлел

● æнæбын тæсчъы дуртæ хæссын кæнын — *букв.* заставлять таскать камни в корзине без дна; носить воду в решете

бæгæны фæрсудзæн ~ бийын — сплести цедилку для пива

Тæсчъы мидæг кæрчытæ, бабыстæ æмæ хъастæ алы æвзагæй сæрдиаг кодтой, цыма æмбæрстой, сæ райгуырæн кæртæй сæ дард бæстæм уæймæ кæй ласынц. *Арсен. Цы уыдзæн, цы?* — Загоготали, закудахтали, закрякали на разные голоса гуси, куры, утки из большой корзины, будто понимали, что увозят их с родного двора в далёкие края

тæсмæл — трусливый, пугливый; робкий

Зивæггæнаг æмæ ~ кæй дæн æмæ мæ бынаты кæй нытътъæпæн вæййын, уымæ гæсгæ ницы зонын. *Къодоты О. Дуджы фæлгæт* — От того, что я ленив и труслив, и сижу как приклеенный на своём месте, я ничего не знаю

тæссаг опасный; страшный; ужасающий; устрашающий

~ адæймаг опасный человек

~ низ опасная болезнь

~ сырд опасный зверь

● сырд цæфæй ~дæр вæййы раненым зверь опаснее

~ у есть опасность; нависла угроза

~ уавæр опасность; критическое положение

~ уавæры хауын подвергаться опасности; быть на краю гибели

~ цæф опасная рана

~æй дзы ницы ис нет никакой опасности

æнæниздзинадæн ~ опасный для здоровья

æхсæнадæн ~ адæймаг общественно-опасный человек

иттæг ~ крайне опасный

● лæгмар хъæддаг сырдæй ~дæр у убийца опасней дикого зверя

хи ~ раны æвæрын рисковать, поставить всё на карту

тæссагдзинад (*бир.* тæссагдзинæдтæ) опасность

~æй нæ тæрсын не считаться с опасностью

тæссагдзинæдтæ æвзарын подвергаться опасности

тæссар (*бир.* тæссартæ) 1. склон, горная терраса; 2. косой, наклонный; поперечный

● искæмæн ~ фæндагыл слæууын стать поперёк дороги кому-л.

Фæлæ ацы ~ыл у иууылдæр сæ фæндаг. *Букъуылты А. Фаризат* Но вся их дорога идёт по этому склону

тæссарарæзт кривой

тæссарвад кривоногий

тæссармæ поперёк; косо; наискосок

~ кæсын *перен.* смотреть косо, недружелюбно

– Хаджумар мæм цæйдæр тыххæй ~ фæкæсы, куы йыл сæмбæлын, уæд, цæй тыххæй, уымæн ницы æмбарын. *Ашæх. Катя* – Хаджумар почему-то косится на меня при встрече, почему – не понимаю

~ æрзилын покоситься, наклониться

● æвзæр галау ~ хæцын не уметь делать хорошо; *букв.* как плохой вол прямую борозду не проложит

● фæндагыл ~ лæууын стоять поперёк дороги

тæссæй из страха; боясь

~ кæрæдзи сæрты схъиуын перескакивать через друг друга в панике

~ къуымы баныгъуылын от страха забиться в угол

зæрдæхудты бацæуыны ~ боясь задеть чувства, обидеть

Тамара, сылгоймаг йæхимæ исты куы бамбара, уый ~ ракодта йæ хабæрттæ. *Æхсарбег. Хурхæтæны* Тамара, боясь, что женщина примет это на свой счёт, рассказала о себе сама

фыр ~ алидзын удрать в страхе

тæссон опасный

тæссонд ломкий, хрупкий, непрочный; податливый

~ авгау хрупкий, как стекло

~ кæнын расшатываться

~ рæстæджытæ скодта жизнь стала неустойчивой; наступило нестабильное время

~ сабырдзинад æрлæууыд наступило хрупкое перемирие

адæймаджы зæрдæ ~ у сердце человека хрупкое

Адæймаджы зæрдæ ~ у, йæ фæриссын кæнынæн бирæ нæ хъæуы. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* Сердце человека хрупко, его легко ранить

Нырма у тигъ бæрзонд... / Æваст мæ къах фæбыры... / Фæхæцæн дур – ~... / Сæрсæфæн ком – мæ быны... *Дзаболаты Х. Фын* Выступ высок ещё… / Только нога моя скользит… / Камень, чтобы ухватиться, хрупок… / Пропасть подо мной

тæссондзинад хрупкость, шаткость

тæтæйраг (*бир.* тæтæйрæгтæ) 1. татарин; 2. татарский

● ~ иу æхсæв фыны цымгæ федта ’мæ йæм уидыг нæ уыди, иннæ ’хсæв æд уидыг бафынæй, фæлæ цымгæ нал федта татарину кисель приснился, да ложки не было, другой раз лёг с ложкой, да кисель не приснился

~æй æвзæрдæр кæй рахонынц, ахæм уазæгæй фæцæрдзынæ ацы зæххыл. *Къодоты О. Дуджы фæлгæт* Проживешь свой век на этой земле гостем, который, как говорится, хуже татарина

тæтæр татары

~ы æрдонг татарская орда

● искæмæ ~ы æрдонгæй балæууын ввалиться непрошеными гостями; набежать без приглашения

Æрцардтат æй Чабаханы, ~ы æрдонгæй йæм куы балæууат æмбисæхсæв, уæд. *Хаблиаты С. Дзæнæты маргъ* Вот обрадуется Чабахан, когда в полночь вы к ней такой татарской ордой завалитесь

тæу одно из выигрышных положений альчика

тæф запах; аромат; пар

~ кæнын издавать запах, пахнуть

æвзæр ~ кæнын дурно пахнуть

● æхца ~ нæ кæны деньги не пахнут

~ уадзын испускать запах

~ фындзыл ауади ударило в нос, повеяло; запахло

Фæлхасы зæрдæмæдзæугæ ~тæ фындзыхуынчъыты арыдтой. *Ладемыр. Хæддзуйæ хистæр* Приятные ароматы щекотали ноздри

● дæ ~ (дымгæ) дæр ам куыд нал уа! чтобы духу твоего здесь не было!

Лæджы ~ дæр дæ никуы рацæудзæн. Ацу æмæ мын дæхи мауал фенын кæн. *Бицъоты Г. Газгайы чындз* Никогда в тебе мужского духа не будет. Уходи и больше не показывайся мне на глаза

~æй кусгæ машинæ паровая машина

Куырдалæгон ыл æртдзыскæнæй ныххæцыд æмæ йæ денджызмæ нынтъыхта. Денджыз сфыхти æмæ байсыст – арвмæ фæцыд ~æй. *НК. Батырадз йæхи куыд байсæрын кодта*

Ухватил его Курдалагон щипцами и швырнул в море. Закипело море и пересохло – выпарилось всё в небо

● искæй ~тыл дæр нал ауайын

близко не подходить

Уыцы лæппу та дæ ~тыл дæр нал ауайдзæн. *Бицъоты Г. Газгайы чындз*

А этот парень к тебе и близко не подойдёт

комы ~ы бæрц

немного, чуть-чуть

галы комы ~ы йас рахъарм

чуть-чуть потеплело

● мæгуыр лæг куы схъæздыг вæййы, уæддæр ма дзы фынддæс азы мæгуыры ~ фæцæуы

бедняк разбогатеет, а ещё долго от него бедностью пахнет

● сæнар ~ дæр кæны 'мæ – хъарм дæр

от кизяка и запах идёт, и тепло он даёт

● сыгъды ~æн бамбæхсæн нæй

запах гари не скроешь

Хуыцауы комы ~

искра божья; искра таланта

тæфаг

издающий запах; *перен.* влияние

Хетæгкаты Къостайы ~

влияние Коста Хетагурова

ирон литературæйыл ~ дарын

оказывать влияние на осетинскую литературу

зианхæссæг ~

пагубное влияние

зианхæссæг тыхты тæфаджы ахсты бахауын

попасть под разрушительное влияние

тæфаджы сферæ

полит. сфера влияния

фыдбылызы ~

тлетворное, пагубное влияние

хæрзахъаз ~

благотворное влияние

Фынгты æвæрдыл тыхст заманæн йæ ~ дæр нæ зынд. *Лademыр. Артдзæст*

По обильному застолью нельзя было догадаться о трудных временах

тæфæбон

траурный день

~ы ниуд

заунывный плач; оплакивание

тæфæвзæрæн

парообразование

тæфæрфæс

сочувствие, соболезнование (*по поводу смерти)*

~ ракæнын

выразить сочувствие, соболезнование

~ы ныхæстæ кæнын

произнести слова соболезнования

~ы тел арвитын

отправить телеграмму с выражениям соболезнования

мыггагæн, хиуæттæн ~ кæнын

выразить соболезнование семье, родным

хъыгзæрдæйæ ~ кæнын

искренне и глубоко соболезновать

Сылгоймæгты хъарæг комы айхъуысти. Нæлгоймæгтæ ирон ~ ракодтой Æфсатийæн. *Максим. Хæххон барæг*

В ущелье слышались причитания женщин. Мужчины выразили соболезнование Афсати, согласно осетинскому обычаю

тæфæрфæсгæнæг *(бир.* тæфæрфæсгæнджытæ)

соболезнующий, выражающий соболезнование (*по поводу смерти)*

Тæфæрфæсгæнджытæй йыл бирæтæ кæугæйæ ныттыхсынц. *Лademыр. Æнæном писмо*

Многие соболезнующие, плача, обнимают его

тæфгæнаг

пахучий, ароматный, душистый

~ кæрдæг — пахучая трава
тæфон — паровой
~ машинæ — паровая машина
~ нау — паровое судно
~ тæвдгæнæн — паровое отопление
тæфсаг — навязчивый
тæфсагдзинад — навязчивость, назойливость
тæфсæг — *мед.* лихорадка, малярия
тæфсæджы къогъо — малярийный комар, анофелес
тæфсæджы ныхмæ тох кæнын — бороться с малярией
Йæ къухтæ-иу сæ зыр-зырæй нал æнцадысты, цыма йыл ~ уыди. *Дзадтиаты Т. Дыууæ барæджы* — Руки у него беспрестанно тряслись как от лихорадки
Дзургæ ницы кодта, фæлæ-иу уыцы хъуыды йæ сæры куы фегуырди, уæдиу мæстæй йæ зæрдæ атыппыр ис, цыма йыл ~ уыди, уыйау-иу ризын байдыдта. *Арсен. Саломи* — Он ничего не говорил, но когда вспоминал об этом, то от ярости сердце разбухало, и начинал бить озноб как при малярии
сызгъæрин ~ — золотая лихорадка
тæфсæгджын — малярийный
тæфст — 1. тепло; оттепель; 2. согретый; талый
тæфсын — согреваться; таять; лихорадить, знобить; навязываться
ихуазал зæрдæ нæ тæфсы — холодное сердце не оттает
тæфсы мыл — меня знобит
тæфуадзæн — отдушина, труба, отверстие для выпускания пара, нагретого воздуха; *тех.* паропровод
тæфхъæд — черёмуха *(букв. пахучее дерево)*
тæх — сильное течение; *физиол.* возбуждение, эрекция
тæхæг *(бир.* тæхджытæ) — 1. лётчик; пилот; 2. летающий
~ гæнах — *миф.* летающая крепость
~ стъалы — *астр.* комета
~ маргъ — *прям., перенос.* перелётная птица
æнæбæрæг ~ объект — неопознанный летающий объект
хæстон ~ — военный лётчик
тæхæн — летательный
~ аппарат — летательный аппарат
тæхгæ — летучий; летательный
~ мæргътæ — перелётные птицы
● ~ маргъ бын нæ кæны — кому на месте не сидится, у того добра не скопится
~ мæсыг — *фольк.* летающая башня
~ фатау — подобно летящей стреле
~ цæргæс — парящий орёл

~ цыд кæнын — идти летящей походкой

– Ды мæнæй бæх æмбæхсыс, ~цыд чи кæны, дымгæсур цы бæх у! – Нæ, мæ хур Сослан, уымæн раласæн нæй. *Æз* базæронд дæн. Уымæн та барæг хъæуы. Кæм и уый аггаг барæг? *НК.* — – Ты от меня прячешь коня, что летит стрелой, нагоняет ветер! – Нет, солнце моё Сослан, нельзя на нём ездить. Я состарился. А коню всадник нужен. Где найти всадника, достойного его?

тæхгæ-нæргæ — летящий-гремящий; *этн.* эпитет Уастырджи

~ сызгъæрин Уастырджи — летящий-гремящий святой Уастырджи

тæхгæ-тæхын — на лету

~-~дзы цъиу нæ ирвæзт — он попадал в птицу на лету

тæхой — *разг.* летун

тæхсæг — плотник

тæхсæл — *зоол.* хорь, хорёк

тæхудиаг (*бир.* тæхудиæгтæ) — 1. предмет желаний, зависти; 2. желанный; завидный

~ – æнæниз чи у! — хорошо быть здоровым!

~ уæвын — блаженствовать

~ вæййынц кæрæдзийы уарзгæйæ чи баиу вæййы — счастливы те, кого сводит вместе любовь

~ стут — хорошо вам; вы блаженствуете

иунæджы цард ~ нæу — в жизни одинокого человека нет ничего завидного

~, буц хъæбулæй / Йæ уалдзæджы царды хурæй / Чи бафсæст йæ мады хъæбысы! *Къоста. Тæхуды* — Блажен, кто ребёнком обласкан, / Кто солнцем весны своей жизни / Насладился в объятиях матери своей!

тæхуды — о, если бы

● ~ ’мæ дæ дзыхы хорзæх! — твои слова да Богу в уши!

● ~ ’мæ ды кæй фæсцæджындз балæудзынæ! — счастлив тот, в чей дом ты войдёшь невесткой

● ~ ’мæ уыцы лæппу кæй фæсдуар балæудзæн! — счастлив тот, чьим зятем станет этот юноша

~, дæ бынаты фест! — вот бы на твоём месте оказаться

● ~ – ~ — если бы да кабы; вот бы

~ кæнын — страстно хотеть; завидовать белой завистью

● ~, сымах цы мад ныййардта! — завидую матери, что вас родила

● ~, цæрынæй бафсæд демæ — насладиться бы жизнью с тобой

● ~йæ мælын — испытывать острую зависть

~ йæ фыды зæххыл, / Йæ уарзон æмгарты рæгъыл / Кæмæн хъуысы дардмæ йæ зарæг! *Къоста. Тæхуды* — Блажен – чья на отцовской земле / В кругу любимых сверстников / Далеко разносится песня

тæхудыгæнæг *(бир.* тæхудыгæнджытæ) — жаждущий; стремящийся; завидующий белой завистью

● тæхудыгæнæджы мад нæ куыдта, хæлæггæнæджы мад мæстджынæй йæ бонтæ æрвыста — на других сын равняется – матери плакать нечего; сын завидует – мать в отчаяньи с утра до вечера

тæхын — летать; *перен.* лететь, проходить

Тарст сагтæн сæ бон нæ уыди сæхи уромын æмæ дымгæйау тахтысты. *НК.* — Не могли перепуганные олени со своим страхом справиться и неслись как ветер

● æнæ базыртæй мæргътимæ ~ — бескрылому с крылатыми птицами не летать

● маргъ дæр æнæ базыртæ нæ тæхы — без крыльев и птица не взлетит

● мæгуыры хуртуанмæ сырддонцъиу тæхаг у — любит синица у бедняка таскать пшеницу

● кæмæндæр, дам, йæ дзывылдар нæ тахт, æмæ хуым нал кодта — мол, синица всё не прилетала, и не пахал, думал, весна не настала

нæ быны мæлдзыг не змæлы, нæ сæрты цъиу нæ тæхы — все нас боятся: букашка не копошится под ногами; птицы не летают над головами

ныллæг ~ — низко летать

рæстæг тагъд тæхы — время летит

уæлæрвты ~ — парить в небесах

уд цинæй уæлæрвтæм тæхы — от радости парит в небесах

фатау ~ — лететь стрелой

фæйнæрдæм ~ — разлетаться в разные стороны

хæдтæхæг тæхы — самолёт летит

цæргæсау ~ — парить орлом

театр — театр

● ~ дзаумæттæ ауындзæн рагъæнтæй райдайы — театр начинается с вешалки

~ы аивадон разамонæг — художественный руководитель театра

адæмон ~ — народный театр

паддзахадон драмон ~ — государственный драматический театр

Хетæгкаты Къостайы номыл Паддзахадон драмон ~ — Государственный драматический театр имени Коста Хетагурова

театралон — театральный

~ кассæ — театральная касса

театрдзау — театрал

театриртасæг — театровед

театрмæкæсæг (*бир.* театрмæкæсджытæ) — театральный зритель

театруарзаг — любитель театра

тебæ — сковорода

~йы фых хъæбынтæ — пирожки

тезгъо — прогулка

~ кæнын — гулять; прогуливаться; дышать свежим воздухом; *перен.* дуть *(о ветре)*

~, æвæдза, раст ныхас нæу, ~ сæрибар адæймаг фæкæны, йæ зæрдæйы дзæбæхæн, фæлæ йæ æндæр цы схуындæуа! Нæ фыдæлтæм ахæстоны прогулкæйы æмнысан дзырд нæ уыд æмæ сæ хъæугæ дæр ницæмæн кодта. *Дзесты К.* — Гуляние, конечно, неподходящее слово, гуляет свободный человек, для собственного удовольствия, но какое ещё слово подобрать! У наших предков не было слова для обозначения тюремной прогулки, да и необходимости в нём не было

фистæг ~ — пешая прогулка

тезгъогæнæг (*бир.* тезгъогæнджытæ) — 1. гуляка; 2. гуляющий

тезис — тезис

раныхасы ~тæ — тезисы выступления
~ты æмбырдгонд — сборник тезисов
текст — текст
~æй скъуыддзаг — отрывок текста
~æн сæргонд æрхъуыды кæнын — придумать название текста
мыхуырон ~ — печатный текст
текстилон — текстильный
текстиль — текстиль
тел — проволока; телеграмма
~ ныццæвын — отправить телеграмму
~ ~ы фæстæ цавтой, фæлæ сæ ничи ницæмæ дардта. *Умар. Стъалы куы скæса* — Они отправляли телеграмму за телеграммой, но на них никто не обращал никакого внимания
~ раттын — отправить телеграмму
арфæйы ~ы дзырдæуы — в поздравительной телеграмме говорится
лыстæг ~ — тонкая проволока
сындзджын ~ — колючая проволока
телгæрæнтæ — проволочные заграждения
телеамонæг — телеведущий
телевизион — телевизионный
~ центр — телевизионный центр
телевизор — телевизор
телеграммæ, тел — телеграмма
телеграф — телеграф
æнæтел ~ — беспроволочный телеграф
телеграфист — телеграфист
телеграфон — телеграфный
телемеханикæ — телемеханика
телескоп — телескоп
телеуынынад — телевидение
æхсæнадон ~ — общественное телевидение
паддзахадон ~ — государственное телевидение
телефон — телефон
æнкъарæг ~ — сенсорный телефон
æрмæст ~ йæ къухы бафтæд… — стоит ей добраться до телефона…
æууæнчы ~ — телефон доверия
чырæгон ~ — сотовый телефон
~æй дзурын — говорить по телефону; телефонировать
искæмæ ~æй бадзурын — позвонить кому-либо по телефону
~ы æвæрæнтæ — память телефона
джыбыджын ~ — кнопочный телефон
дзыппыдаргæ ~ — мобильный телефон
нæ ~ нæ кусы — наш телефон не работает
телефон-автомат — телефон-автомат
телефонæй æрвыстæг — смс

телефонограммæ телефонограмма
телогрейкæ телогрейка
телын проволочный
~ æмбонд проволочное заграждение
телыхъæд телеграфный столб
теман большая игла
● ~ голладжы нæ бамбæхсдзынæ шила в мешке не утаишь
● ~ кæрцæмпъузæн нæу шубу большой иглой не латают
● ~ лыстæг нæ хуыйы большой иглой мелкий стежок не сделать
● ~ы фындзыл æвæрд уæвын быть в затруднительном положении
● ахæм ælгъин у ‘мæ судзины бын ~ ласы очень скупой
● судзинæй ~ аразын преувеличивать; *букв.* делать из иголки шило

Иу ранæй / Згъæлдзæн хуыр: къæдзæхы скъуыдтæ дзы ~æй / Иу ус æмпъузы. *Къоста. Уæлмæрдты* Из одного места / Сыпется галька, которой женщина зашивает расщелины скал большой иглой

Уæдæмæ адæм схæйрæджджын сты æмæ сыл æвзæгты бæстæ ~тæ æрзад. *Ладемыр. Рæвдауæнтæ* Люди всё же стали зловредными, а вместо языков у каждого шило

тематикæ тематика
тематикон тематический
~ пълан тематический план
темæ тема
темп *(бир.* темпытæ) темп
~ытæ тагъддæр кæнын ускорять темпы
~ытæ сындæгдæр кæнын замедлять темпы
куысты ~ытæ ныллæгдæр куыд нæ кодтаиккой чтобы не снижались темпы работы
темперамент темперамент
температурæ температура
бæрзонддæргонд ~ повышенная температура
æмбæлгæ ~ нормальная, должная, надлежащая температура
~ сбарын измерить температуру
тенденци тенденция
тенденциозон тенденциозный
тенка темя, макушка; *устар.* головушка
● сар йæхи ~йыл акæны горе его головушке
сæры ~ макушка головы
Уый та уый амоны ‘мæ куы хæца, уæд æй чи мара, уыдонæн сæ сæры ~тæ хауын кæндзæни. *НК. 3* А это означает, что тем, кто будут пытаться его убить, тем макушки снесут
Лæгтæ!.. Лæджы худ мын дзы йæ сæры ~йы чи нæ ныссаддзæн. *Максим. Райсомы мигъ* Тоже мне, мужчины! Кто только не водрузит себе на макушку мужской головной убор

теннис *спорт.* теннис
тенор *муз.* тенор
тентекк легкомысленный, ветреный
~ адæймаг легкомысленный человек
Уый æцæг лæг у, ахæмимæ цы цæрын хъæуы, уыцы тентеччы хуызæн нæу. *Умар. Цы ис царды рæсугъддæр!* Это настоящий мужчина, с таким жить нетрудно, не то что с этим вертопрахом
● ~ лæг æмæ суццайæ уæлдай нæй легкомысленный и вспыльчивый – пара пятак
● ~ хорз лæгæй цауд сабыр лæг хуыздæр у лучше муж хоть никчемный, да спокойный, чем вертопрах
теологи теология
теоремæ *мат.* теорема
~ равдисын доказать теорему
~йы æвдисæйнаг доказательство теоремы
теоретик теоретик
теоретикон теоретический
~ конференци теоретическая конференция
теори теория
терапевт терапевт
терапевтон терапевтический
термин термин
терминологи терминология
терминологион терминологический
~ къамис терминологическая комиссия
термит *хим.* термит
термометр термометр
термос термос
террасæ терраса
территори территория
паддзахады ~ территория государства
территориалон территориальный
террор террор
~ аразын терроризировать
терроризм терроризм
террорист террорист
тертт каприз
тесмел клинок
~ кард *уст.* род меча
тетрад тетрадь
~ы цъар обложка тетради
бæзджын ~ общая тетрадь
бæрæггæнæнтæ ~ы æвæрын ставить оценки в тетрадь
теуа верблюд
иугоппон ~ одногорбый верблюд

дыууæгоппон ~ — двугорбый верблюд
~ фосæй се ’ппæтæй дæр тыхджындæр у — грузы тяжелее остальных верблюд таскает
~ фысты ‘хсæн куыд уа, афтæ бæрæг дарын — выделяться как верблюд среди овец
~ йæ уæрджытыл куы æрлæууа, уæддæр цыфæнды куыдзæй дæр бæрзонддæр уыдзæн. *Гусалты Б. Тугдар æмæ тугагуыр* — Верблюда даже если на колени поставить, всё равно выше любой собаки он будет
● ~йау æнæзонд — *разг.* глуп как верблюд / пробка
● ~йау йе ’нæзондæй фесæфт — как верблюд по собственной глупости пропал
● ~йæн йæ иу фарс хордæуыд, иннæ – нæ — тушу верблюда с одной стороны обглодали, с другой нет
● ~йæн йæ саргъ – йæхицæй — на верблюде и седло верблюжье
~йы къуымбил / хъуын — верблюжья шерсть
● ~мæ карчы зонд ис — у верблюда мозги куриные

техминимум (*техникон минимум)* — техминимум (*технический минимум)*
техник — техник
техникæ — техника
~ сахуыр кæнын — овладеть техникой
~йы тæккæ ногдæр æнтыстдзинæдтæм гæсгæ — по последнему слову техники
нырыккон ~ — современная техника
хæстон ~ — боевая техника
хъæууонхæдзарадон ~ — сельскохозяйственная техника
техникон — технический
~ гæрзтæ — техническое оборудование
~ культурæтæ — технические культуры
~ мадзæлттæ — технические средства
~ ногдзинадтæ — технические новинки
~ уаваер — техническое состояние
~ фæрæзтæ — технические средства
техникум — техникум
технолог — технолог
технологи — технология
æппæты нырыккон ~ — самая современная технология
куыстады ~ — технология производства
технологион — технологический
тибынг — кусок сафьяна, нашиваемый к седлу для предохранения платья от протирания
тигр — тигр
тигрхуыз — тигровый; полосатый; похожий на тигра
тигъ — выступ; край; гребень (*горы);* грань; угол (внешний) дома; крыльцо
къæдзæхы ~ — гребень скалы
уынгты ~тыл лæууын — околачиваться на улице, бездельничать

Заводтæ сæ куыстæй не ‘нцадысты æмæ адæм уынгты ~тыл лæууыны бæсты куыстылхæст уыдысты. *Р. 12.02.2016*
Заводы работали, не останавливаясь, и люди, вместо того чтобы слоняться по улицам, были заняты работой

хи ~ кæнын
сторониться

хи ~тыл хойын
биться по углам

тигъджын
гранёный

~ агуывзæ
гранёный стакан

тигъмæ
косо, наискось; поперёк

~ кæсын
перен. смотреть косо, недружелюбно

● уый æдзухдæр ~ симы
он всё делает наперекосяк

тигътæ кæнын
разг. коситься на кого-л.

тигъын
сеять; просеивать

тикис *д.*
кошка

тиласæр
1. тремор; 2. качающий головой

● æвзæр кардæн –
нож злого человека пусть дрогнет

тилын
кивать; махать; трясти

гæндзæхтæ ~
биться в агонии, в конвульсиях

куыдзау йæ къæдзил тилы
виляет хвостом как пёсик

къæхтæ ~
болтать ногами

къухтæ ~
размахивать руками

сæр тилгæ ацæуын
уйти, качая головой

тин, тинт
1. белка; соболь; 2. пушной

~ы кæрц
шуба из беличьего, собольего меха; дорогая шуба; сказочная шуба

тингун *д.*
возбуждённый, раздражённый

тиндзарм (*бир.* тиндзæрмтæ)
пушной мех, пушнина

тинсырд
пушной зверь

тинтычъи
подшёрсток

~ гаруз
пуховый платок

кæлмæрзæнтæ ~йæ фæбийынц
пуховки вяжут из подшёрстка

уырысаг ~
байка

Арсы хъуын – йæ лыстæн, / ~ – йæ баз... / Цæй, хуыссæд! *Къоста. Фсати*
Медвежья шерсть – ему на подстилку, / Козий пух – ему для подушки… / Что ж, пусть спит!

тип
тип

типикон
типический

типографи
типография

типографион
типографский

типон
типичный, характерный

тир
тир

тираж
тираж

рамбылдты ~
тираж выигрышей

чиныг уагъд æрцыд стыр ~æй
книга издана большим тиражом

тиран
тиран

тире
тире

титул титул

тиу деверь, брат мужа

● ~ куыд уайсада, чындз дæр афтæ уайсады — каков привет, таков ответ; *букв.* будешь при невестке молчать, и она станет обычай соблюдать

● ~ куынæ уайсада, уæд чындз дæр нæ уайсады — деверь если сам не будет соблюдать обычай избегания, то и невестка не станет

● ~æн бирæ чындзытæ куы уа, уæд æм бирæ амонд кæсы — много невесток – деверю в радость

● ~ы амонд – чындзмæ хорз дзурын — удел деверя – ладить с невесткой

● ~ы къух радтаг у — деверь щедрым должен быть; *букв.* рука деверя бывает дающей

~ы ном зæгъын æгъдау нæ амыдта — не положено было произносить имя деверя

~ы цыд — визит брата жениха в дом невесты

Йæ бахъуыд-сахатæн / Мæгуыры бон циу? – / Нæ фæци мæ мадæн / Нæ файнуст, нæ ~. *Къоста. Чи дæ?* — В трудный час / Может помочь бедняк? / Не оказалось у моей матери ни невестки, ни деверя

тиф *мед.* тиф

артæнты ~ — брюшной тиф

здæхгæ ~ — возвратный тиф

фадгæ ~ — сыпной тиф

тихалæг (*бир.* тихалджытæ) — былинка, травинка, соломинка; *перен.* былинка (*о человеке);* очень тонкий предмет

~ кæрдæгау — тонкий, как былинка

● былæй хауæг адæймаг ~мæ фæлæбуры — падающий за соломинку хватается

Сæрсæфæн былæй хауæг адæймаг ма ~мæ куыд фæлæбуры, афтæ фæлæбурдта Тасолтан бæндæны кæронмæ. *Ашæх. Тасолтаны балц* — Подобно тому, как утопающий хватается за соломинку, так Тасолтан ухватился за конец верёвки

● галы комы ~ — как волу травинка

● хус ~æй баззайын — остаться ни с чем

тобæ обет, зарок, клятва; запрет

~ кæнын / зæгъын — зарекаться, клясться

~ аиуварс кæнын — отменить запрет

~ сæвæрын — наложить запрет

~йы сæрты ахизын — нарушить запрет

~йы сист — снятие запрета

фыдахуырыл ~ — отказ от вредной привычки

хойраджы (ивар) ~ — воздержание от еды

~, Хуыцау, ~, Хуыцау – цармæ тарстхуызæй кæсы Мерет. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — – Упаси, Боже, упаси, Боже, – испуганно воздела глаза к потолку Мерет

тобæгонд запретный, заповедный, запрещённый

~ архайд — запрещённая деятельность

~ бынæттæ — заповедные места

~ хос — запрещённый препарат

~ хъæд	заповедный лес
закъонæй ~ уæвын	быть запрещенным законом
сылгоймæгтæн Уастырджийы ном ~ у.	женщинам запрещено произносить имя Уастырджи
тоблахъ	*бот.* девясил
товар	товар
~ты зилдух	товарооборот
~ты номхыгъд	ассортимент; список товаров
~ы аргъ	цена товара
баргæ ~	весовой товар
сæудæджерадон ~	предметы торговли
фæлхасгæнæн ~тæ	потребительские товары
фыццаг æххуысы пайдагæнæн ~тæ	товары первой необходимости
хæрзхъæд ~	доброкачественный товар
цæуаг ~	ходовой товар
товарон	товарный
~ фетишизм	товарный фетишизм
~ поезд	товарный поезд
товаруадзæг (*бир.* товаруадзджытæ)	товаропроизводитель
ток	*эл.* ток
ивгæ ~	переменный ток
æнæивгæ ~	постоянный ток
тол	погреб
толахъ	отставка; развод
толпар	1. богатырь; 2. сильный, мощный, богатырский
том	том
томат	томат, помидор
тон	*муз.* тон
тона	хищение, расхищение; добыча; рвач
~ кæнын	расхищать
Ныр дæр нæмæ ныууагътой сæ ~. *Мæрзойты С. Къæхтысæр*	Они до сих пор не оставили свои хищения
Сæ ~йæ сæ фæрсæг нæма фæци. *Мæрзойты С. Къæхтысæр*	С них ещё не спросили за расхитительство
● дуры гуыбынæй дæр ~йы хай ракæнын	отовсюду урвать; даже из камня выковырить для себя пользу
тонагæнæг (*бир.* тонагæнджытæ)	рвач; расхититель
химæ ~ уæвын	быть рвачом; урвать для себя
тонæн	то, чем снимают урожай фруктов (*напр., плодосъем)*; время сбора / уборки урожая; сбор, уборка урожая
тоннаж	тоннаж
тоннæ	тонна
тонх	*перен.* поле
æрхайды фæтæн ~	широкое поле деятельности

тонын — рвать, разрывать; взрывать; царапать; терзать; изнашиваться

● ælæmæй тонæгау ~ — срывать без труда; легко достигать

Ælæmæй тонæгау тыдтай царды циндзинæдтæ æмæ дæм афтæ кæсы, цыма уыдон ælæмыл сæхæдæг æрзадысты. *Ашæх. Ног сæрдар* — Как будто с волшебного дерева ты срывал радости жизни, и тебе кажется, что они сами выросли на этом дереве

● бæттæнтæ ~ — срываться с привязи; торопиться

● быцъынæг ~ — напрягаться; надрывать пупок

дыргътæ ~ — собирать фрукты

зæрдæ йæхи сæрибармæ тоны — душа рвётся на волю

зæрдæ фæйнæрдæм тоны — сердце разрывается на части

● ингæны хъæдтæ ~ — переворачиваться в гробу

● иу цыкурайы фæрдыгыл кæлмытæ кæрæдзи тонынц — за одну волшебную бусину змеи передерутся

Йæ къутутæ, йæ гонтæ хорæй фæйнæрдæм тыдтой — Его амбары, закрома ломились от зерна

иуырдæм ~, иннæрдæм ~ — рвать во все стороны

● кæрæдзийы тонгæйæ цæрын — жить, как кошка с собакой; постоянно сориться

куыйтæ кæрæдзи тонынц — собаки грызутся

● мæгуыры бонтæ ~ — жить в нищете; прозябать

● мæстæй ~ — пылать гневом, лопаться от злости

● рустæ æмæ дзыккутæ ~ — царапать щёки, рвать на себе волосы

● сæры хъуын ~ — рвать на себе волосы

сæры фæрстæ тонынц фæйнæрдæм — голова раскалывается на части

сойджын кæрдæг ~ — пастись на сочной траве

Фыццаг уыдысты гуымирытæ; фæрæт нæ дардтой, бæлæстæ къухæй тыдтой. *НК. Нартæ* — В начале жили гумиры; они топорами не пользовались, деревья руками вырывали

Иннæтæ та кæрæдзи хъуынхъис хордтой æмæ Мæрдты дæр кæрæдзи тонынц. — Иные друг друга поедом едят и на том свете друг друга в покое не оставляют

хи ~ — убиваться

адæм цыл сæхи тонынц — люди за них убиваются

хи искæй къухтæй ~ — вырываться из чьих-л. рук

● фыдбоны кæрчытау кæрæдзи ~ — драться не на жизнь, а на смерть

● царды циндзинæдтæ ~ — пожинать радости жизни

● цъиу йæ тоны аргъ дæр нæу, йæ расур-басур та – йæ уæлдай — овчинка выделки не стоит; *букв.* цыплёнка ощипывать не стоит, а гоняться за ним и подавно

топджын — с ружьём, вооружённый ружьём

топдзæф — пулевое ранение

топдзы — *арх.* пушкарь

топограф — топограф

топографи — топография

топографион — топографический

~ картæ — топографическая карта

топп ружьё

~ æмæ арцæй хъахъхъæнын защищать с оружием в руках

~ æргъæвдæй хæссын с ружьём наизготовку

● ~ æхст куы фæуа, уæд ын йæ нæмыг мауал ахс пуля – не воробей, вылетит – не поймаешь

~ къухмæ райсын взять в руки ружьё

● ~ лæгтæ куы марид, уæд æфтауцдоны дуæртты иу лæг дæр нал аирвæзид если бы ружьё само убивало, то из проходящих мимо арсенала никого бы в живых не осталось

~ нæмыгæй сифтындзын зарядить ружьё

● ~ райсын кæм фæхъæуы, уым сармадзанæй ничи фехсы не стоит палить из пушки по воробьям

~ саразын прицелиться

● ~ цуанонгæнæг нæу одного ружья для охоты мало; ружьё ещё не делает охотника

● ~æн – сампал, лæгæн – дзых у ружья шомпол, у человека – рот

~ы гæрæхтæ оружейные выстрелы

● ~ы дзыхæй нæмыг куы аирвæза, уæд æй цу æмæ æрцахс пуля вылетит – не поймаешь

● ~ы дзыхмæ æвæрын навести ружьё; поставить к стенке

● ~ы кæсæнæй искæмæ кæсын смотреть как на врага; смотреть через прицел

Æмæ Хъауырбег куыд балымæн уыдаид тæгиатимæ? ~ кæсæнæй йæ куы агурынц. *Ашæх. Нæ фæлтæры фæндæгтæ* А разве Каурбек мог подружиться с тагаурцами? Они же не сводят с него ружей

~ы кæсæнæй дæм чи кæсы, уый куы базонай, уæд дзы хи хъахъхъæнын æнцондæр вæййы. *Максим. Райсомы мигъ* Когда знаешь, кто на тебя через свой ружейный прицел смотрит, то легче от него обороняться

~ы нæмыг дробь, пуля

● фатæхст ~ы нæмыджы не ’ййафы стрела пулю не нагонит

● фыдæвзаг ~ы нæмыгæй рæвдздæр у злое слово быстрее ружейного выстрела ранит

фæцыд ~ы хъæр раздался ружейный выстрел

~ы хъæрмæ хъустæ гуыр-гуыр кæнынц уши гудят от ружейных залпов

● ~ы цæфæй æвзаджы цæф зындæр дзæбæхгæнæн у злые языки страшнее пистолета

астард ~ ружье с отделкой

● æвзæр ныхас ~ы нæмыгæй дарддæр хауы злое слово пулю перегонит

æвзист нывæфтыд ~ ружьё с серебряной отделкой

● бæхæй уæздандæр фосæй нæй: лæгимæ ~ы дзыхмæ уый йедтæмæ ничи цæуы нет никого благороднее коня: под дула ружей только он с человеком идёт

● дамбацайæн ~ы ифтыгъд ма кæн пистолет как ружьё не заряжай

дыууæхæтæлон ~ двуствольное ружьё

● дыууæ знаджы иу ~æй не ’хсынц оба врага из одного ружья друг в друга не выстрелят

джебогъджын ~ штык-ружьё

● искæй ~ы кæсæнæй агурын — смотреть через ружейный прицел

● искæуыл ~ ныццæвын — выстрелить в кого-л.

● йæ ныхас – кардæй кæрдагдæр, ~ы фатæй – растдæр — его слово разит сильнее меча, вернее пули

● кард æй нæ кæрды, ~ дзы нæ хизы — меч его не берёт, пуля не пробивает

● кæмæндæр йæ ~ хæстæгмæ нæ хауд æмæ йæ дардмæ 'хста — близкую цель поразить не мог, а в дальнюю целился

мадзайраг ~ — маджарское ружьё

● марадз æмæ сыл ~ цæв — хоть кол на голове теши (о чьём-л. упрямстве)

Нал мæ базыдтай, уый мæ, ~ мыл ныццæв, уæддæр нæ бауырндзæн. *Гæстæн. Æндæргъ* — В то, что ты меня не узнал, хоть убей, не поверю

схонджын ~ — кремневое ружьё

хъырымаг ~ — кремнёвое ружьё

● хъырымаг ~ æрмæстдæр къулыл ауыгъдæй федта — пороху не нюхал; *букв.* кремневое ружьё только на стене видал

● мидагъудмæ хъырымаг ~ дæр ничи 'лхæны — кота в мешке не стоит покупать; ружьё в чехле не выбирают

● саулохаг бæх мæллæгæй куынæ ссарай, хъырымаг ~ – ызгæйæ, уæд мæгуыры къухы кæм æфтынц — бедняку хороший конь только тощим достаться может, а кремневое ружьё ржавым

топпадзагъд — стрельба, перестрелка

топпаразæг — оружейник

● ~ сампал, чердыгæй йæ фæнда, уыцырдыгæй аразы — мастеру виднее; оружейник сам знает, куда шомпол прицепить

топпælвæстæй — готовый выстрелить; с заряжённым оружием

топпæргъæвдæй — во всеоружии; с возведённым курком

топпæхсæг (*бир.* топпæхсджытæ) — стрелок

● ~ йе 'мбалы нæ фæрсы — стреляющий с друзьями не советуется

● куырм йæхи ~ нæ кæны — слепой стрелять не берётся

рæстдзæвин ~ — меткий стрелок

хæрзарæхст ~ — отличный стрелок

топпæхст — ружейный выстрел

● искæйы ~мæ дæр нæ уадзын — не подпускать кого-л. на пушечный выстрел

Цардæй къæртт куы 'ппарид, уæд æм йæ лæггадгæнджытæ мæн ~мæ дæр нæ бауадзиккой. *Изæтбег. Зынгхуыст бæлицтæ* — Если бы она жила в роскоши, то её прислужники и на пушечный выстрел не подпустили бы меня к ней

● ~ дойны кæны — раненого жажда мучает

топпуадзæн — бойница

топпынæмыг — пуля

топпыфат — шомпол

топпысыдз — приклад

~æй ныццæвын — ударить прикладом

~æй схойын — подгонять прикладом

топпыхос, топхос — порох

~ау ныггуыпп кæнын — вспыхивать как порох; быть вспыльчивым

~ дзæгъæлы сафын — переводить порох

Цыма мыл дæ ~ дзæгъæлы сафыс, Хæби. Кæмæндæр йæ бæхыл йæ бон нæ цыд æмæ йæ сæргъы надта. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* — Похоже, зря ты на меня свой порох переводишь, Хаби. Один с конём не справлялся, так седло лупил

~ы боцка — пороховая бочка

Ацы бонты йæм сæ хæдзар ~ы боцкайы хуызæн кæсы – кæд сræмудздзæн, уый бæрæг нæй. *Гæстæн. Мæйы фæстаг бонтæ* — В эти дни дом кажется ему похожим на пороховую бочку – неизвестно, когда рванёт

~ы фæздæгмæ смудгæ дæр нæ бакæнын — не понюхать пороха

Афтæмæй та Темырби хæстмæ æмгæрон дæр нæ бафтыди, ~ы фæздæгмæ смудгæ дæр нæ бакодта. *Ашæх. Нæ фæлтæры фæндæгтæ* — Между тем, Темырби на войне и близко не был, пороха не нюхивал

~ы хуызæн фæтæпп кæны — быть очень вспыльчивым

раст Гакърайы ~ — вспыльчив как порох Гакра

ссудзынмæ ~æй уæлдай нæ уæвын — быть вспыльчивым как порох

топпыхосдон — пороховница

топпыхъæд — ложе ружья

тормоз, уромæн — тормоз

торпедæ — *воен.* торпеда

торф — торф

торфы — торфяной

тоталитарон — тоталитарный

тоталон — тотальный

тотем — тотем

~ы цæрæгой — тотемное животное

тох — борьба; война; сражение, бой; спор

~ кæнын — бороться; воевать, сражаться

~ куыд æвиппайды райдыдта, афтæ тагъд фæмыр — бой внезапно начался и так же скоро сошёл на нет

~мæ расидын — призвать на бой, на войну

Зæххыл сын цы знæгтæ уыд, уыдон куы басастой, уæд расидтысты ~ Хуыцауæн йæхиимæ. *НК.* — Когда всех врагов на земле победили, тогда бросили вызов Богу самому

~ы быдыры — на поле брани

~ы зарæг — военная песнь

● тæригъæдджын ~ы зарæгæн тæппуд дæр фæхъырны — боевой песне и трус подпевает

~ы тырысатæ — боевые знамёна

~ы фескъухын — отличиться в борьбе

~ы хъæр — боевой клич

амонд ссарыныл ~ хъæуы — за счастье нужно бороться

ænæбафидаугæ	непримиримая борьба
ænæуæрдон ~	беспощадная борьба
бæрзонд хорæрзадыл ~ кæнын	бороться за высокий урожай
Нарты фæдонтæн – ирон адæмæн – / Сæрибары ~ сæ туджы бады, / Сæ фидары дзырд – сæ карды комы. *НК. Райдайæн кадæг*	У потомков нартов – у осетин – / Свобода в крови, / Их слово – на острие клинка
● кæд ~, уæд карз ~	биться, так до победного конца
кълассон ~	классовая борьба
мæлæтдзаг ~	смертельный бой
уыдон ~ кодтой сæ райгуырæн сæрвæлтау	они сражались за родину
хъазуатон ~	героическая борьба
хъысмæтлыггæнæг ~	судьбоносное сражение
● чысыл лæг Хуыцауимæ дæр ~ кæны	маленький человек и с Богом поспорит
● цард ~æй у	жизнь – борьба
тохæлвæстдзинад	боеподготовленность, боеспособность, воинственность
тохæмбал	соратник
тохæмбæлд	столкновение
~ фæкæнын	столкнуться, вступить в столкновение
тохæхсыст	закалённый в боях
тохвæллад	изнурённый боём; выбившийся из сил, выдохшийся
тохвæразон	испытанный, стойкий, выносливый
Мæ ныфс, мæ зæрдæ, ~ разын, / Цæмæй дын зæхх гыццийы къух ысуа. *Хостыхъоты З. Мæ зæрдæ*	Моя опора, моя душа, прояви стойкость, / Пусть земля станет рукой матери для тебя
тохгæ *д.*	колбаска (*из бараньих кишок и требухи*)
тохгæнæг *(бир.* тохгæнджытæ)	борец
сæрибардзинадыл тохгæнджытæ	борцы за свободу
тохифтонг	боевой, готовый к борьбе
~ дзырд	боевой клич
тохмæсидæг	призывающий к борьбе
тохмондаг	воинственный, задиристый
тохон	военный
~ фæлтæр	военное поколение
Нарты домбæйттæ, сæ кæрæдзийы мидæг дæр уыдысты ~ адæм, кодтой быцæу æмæ-иу цагътой кæрæдзи. *НК.*	Лучшие из нартов и между собой всё время воевали, спорили между собой и истребляли друг друга
тохси	альчик крупного рогатого скота
● мæлзыджы ~йы йас	ничтожный; пустяковый, пустячный; несуществующий
Йæ амонд мæлзыджы ~йы йас у	Он невезучий
тохына	дымоходная труба, дымоход
● ~ куыд фæнды зылын ма уа, уæддæр дзы фæздæг æмраст фæкæлы	даже из кривого дымохода дым ровным столбом валит

тохъхъыл, тохъыл откормленный баран

● ~ы фыдыл дæр æгæр цæхх нæ фидауы не нужно проявлять излишнее усердие

– Райсом, Сырдон, дуне сæфдзæн. Дæ ~ нын аргæвд, æмæ ма нæхи фæстаг хатт хорз фенæм. *НК. Нарт Сырдоны тохъыл куыд бахордтой* – Сырдон, завтра конец света наступает. Зарежь своего откормленного барашка, давай напоследок попируем наславу

тпуй *разг.* тьфу

трагеди *прям., перен.* трагедия

Йæ (*Коцойты Арсены*) радзырдтæн куыд се ‘рмæг, афтæ сæ сюжетон арæзт æмæ сæ архайджыты хъысмæттæ дæр нывæзт цæуынц ~йы ахорæнтæй. *Шамил. Ирон аив дзырды зæрингуырд* В его (*Коцоева Арсена*) рассказах всё окрашено трагическими красками – и материал, и сюжет, и судьбы действующих лиц

трагик трагик (*актёр)*

трагикон трагический

~ хъысмæт трагическая судьба

~ цау трагическое событие, трагический случай

традици традиция

~мæ гæсгæ согласно традиции

удварны ~тæ духовные традиции

фыдæлтæй баззайгæ ~тæ традиции предков

традицион традиционный

тракт тракт

трактат трактат

философион темæйыл ~ трактат на философскую тему

трактор трактор

калмдзалх ~ гусеничный трактор

тракторист тракторист

тракторон тракторный

трам порода кабардинских лошадей

трамвай трамвай

~ы æрлæууæн трамвайная остановка

трамплин *спорт., перен.* трамплин

транзит транзит

транзитон транзитный

транскрипци транскрипция

трансляци трансляция

~ кæнын транслировать

концерты ~ трансляция концерта

трансляцион трансляционный

трансмисси *тех.* трансмиссия

транспарант транспарант

транспорт транспорт

æфсæнвæндаджы ~ железнодорожный транспорт

æхсæнадон ~ общественный транспорт

бæлцæттæласæн ~ пассажирский транспорт

сахары ~	городской транспорт
~æй сифтонг кæнын	обеспечить транспортом
транспортёр	*тех.* транспортёр
транспортир	транспортир
транспортон	транспортный
~ нау	транспортное судно
~ фæрæзтæ	транспортные средства
~ цауы бахауын	попасть в транспортное происшествие
трансформатор	*физ., тех.* трансформатор
трансформаци	*физ., тех.* трансформация
траншей	*воен.* траншея
трассæ	трасса
каналы ~	трасса канала
ног магистралон ~	трасса новой магистрали
трахтæ	*охот.* капли крови
трек	*спорт.* трек (*дорожка для велосипедных гонок)*
трест	трест
трибунал	*воен.* трибунал
~мæ рахæссын	отдать под трибунал
трибунæ	трибуна
~мæ схизын	подняться на трибуну
тригонометри	*мат.* тригонометрия
трикотаж	трикотаж
трикотажгæнæн	трикотажный
~ фабрикæ	трикотажная фабрика
триллион	*мат.* триллион
трилоги	*лит., театр.* трилогия
триумвират	*ист.* триумвират
триумф	триумф, торжество
троллейбус	троллейбус
тропик	*геогр.* тропик
тропикон	тропический
~ тæлм	тропический пояс
~ климат	тропический климат
тротуар	тротуар
трофей	*воен.* трофей
хæстон ~тæ	военные трофеи
трофейон	*воен.* трофейный
трюмо	трюмо
ту	плевок
~ кæнын	плевать
● йæ дзыхы йын ~тæ акодта	грубо прервал; оборвал
● ~тæ кæнын	поплёвывать, чтобы защитить от «дурного глаза»

туаг 1. окись; 2. кислый
~ æхсыр кислое молоко; кефир
~ гагатæ кислые ягоды
~ кæнын киснуть; окислять(ся)
~ худт кислая улыбка
~ цымгæ кисель
æхсынцъыйæ ~дæр кислятина
туагад кислота
~ы уарын кислотный дождь
боры ~ борная кислота
карз ~ концентрированная кислота
сондоны ~ серная кислота
туаггуыр кислород
~ы хъуагдзинад недостаток кислорода
~ы цухдзинад отсутствие кислорода
туагдзинад, туагаддзинад кислотность
уæлдай ~ повышенная кислотность
туагдзæхдон окрошка
туагхудт бакæнын кисло улыбнуться
туалет туалет
туаллаг (*бир.* туаллæгтæ) 1. туалец (*житель Туалетии);* 2. туальский
туаратæ бакæнын разорвать в клочья
туас шило
~æй ахуынкъ кæнын проделать отверстие шилом
~æй рæхойын ударить шилом
~æй рæхойæг цæстытæ колючие глаза
● кæмæндæр куыст нæ уыди, æмæ йæ æрбадæны ~ фæтъыста подложить свинью самому себе; создать себе проблему
туасæн *зоол.* стрекоза
туасбындз *зоол.* наездник *(насекомое)*
туацъæ 1. низкое болотистое место, поросшее камышом; 2. болотистый
туацъæнæмыг камышовое зерно
туацъæйы нæмыг клюква
тубдиспансер *мед.* тубдиспансер
туберкулез *мед.* туберкулёз
туг кровь; характер
● ~ ~ у сказывается чувство родства
● ~ ~æй æхсын кровь кровью смывать, мстить
Уадз æмæ йæ зона, ды уымæй лæгдæр кæй дæ, ~ ~æй кæй не ‘хсыс, уый. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* И пусть знает, что у тебя характера побольше, чем у него, что ты кровью кровь не смываешь
● ~ æмæ æхсырæмхæццæхуыз цæсгомы цъар *разг.* здоровый, цветущий (*о человеке)*, кровь с молоком

● цæсгом – ~ æмæ æхсыр — лицо кровь с молоком

● ~ æмæ хидæй батонын цард — прожить, проливая кровь и пот

~ æмæ хидæй батыдтой нæ фыдæлтæ сæ цард. Зæйты бын фесæфтысты сæ бæллицтæ. *Мæрзойты С. Дзæбуг æмæ хъæсдарæг* — Проливая кровь и пот, прожили наши предки. Под лавинами похоронены их мечты

~ æнæхъæнæй дæр цæсгоммæ сывылд — вся кровь прилила к лицу

~ æппарын — харкать кровью

~ æхсиды йæ тугдадзинты — кровь бурлит в его жилах

~ æхсныфæй нуазын — пить кровь, выжимать все соки

Æцæгæлон адæм, æцæгæлон бæстæ / Æхсныфæй нуазынц мæ ~. *Къоста. Æнæхай* — Чужие люди, чужая страна / Жадно пьют мою кровь

~ байсысын — обескровить, изнурить

~ байсысын нæ бауадзын — не дать обескровить

~ бауромын — остановить кровотечение

~ бафидын — *уст.* заплатить / откупиться от кровников

~ дардмæ хæссы — наследственность долговременна

~ исыны æгъдау — обычай кровной мести

● ~ мын фестæд — пусть станет мне родным

~ ныккалын — пролить кровь

● иуæй ~ куы кæла, уæд иннæмæй æхсыр нæ тæдзы — если один кровью исходит, то и другой не молоко проливает

хи ~ ныккалын — пролить свою кровь

● ~ ныууарыд мæ мæгуыр хæдзарыл — горе обрушилось на мой бедный дом

~ райсын — отомстить

● ~ сæрмæ ныццавта — кровь ударила в голову

~ сæхсидын кæнын — довести до белого каления

~ суадзын — пустить кровь

● ~ уазал кодта — кровь стыла в жилах

● ~ фæтæрсын кæнын — испугать до смерти

Æхстой алырдæм дæр, æхстой уайгæуайæны, ома нæ фæтæрсын кæной. *Ашæх. Хæхты* — Стреляли во все стороны, стреляли на бегу, чтобы напугать нас

~ фидынад — кровная месть

● ~ хæссы — сказывается характер; кровь заговорила

● ~ авд фæлтæры хæссы — наследственная черта может проявляться в седьмом поколении

~ хъары — кровь сочится

Бæх фæрсы: – Кæдæм цæуæм, уый уæддæр куы зонин, мæ къахыл цæфхад нал и – баихсыдысты, мæ сæфтджытæй ~ хъары, æмæ уæд кæдæм цæуыс? *НК.* — Конь спрашивает: – Хоть бы ведать, куда отправляемся, без подков я остался – стёрлись они, из копыт кровь сочится, и куда ты так собираешься?

● ~ ~æй не ‘хсадæуы — злом зла не поправишь

~æй сахорын — обагрить кровью

~æй сырх-сырхид Хъобаны дон адардта, / Сакъадæхтæй дзы ныббадтысты мæрдтæ... *Къоста. Хетæг*
Красная от крови течёт река Кубань, / Островками застряли в ней трупы

~мæ марын
убивать из-за кровной мести

~тæ мысын
клеветать (понапрасну); взвести напраслину

Мæ цуры мыл æнæфсæрмæй ~тæ куы мысы, уæд ма мæ фæсауюнмæ та цытæ фæдзуры цыма? *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ*
Если она в моём присутствии так беззастенчиво клевещет на меня, то, что она, интересно, говорит за моей спиной

~ыл аскъуыйын
быть обильным; уродиться

● харбыз ~ыл аскъуыд
был необычный урожай арбузов

● адæм ~ цы хæсты ныккалой, уым фидыдæн æнæ ’рцæугæ нæй
война, на которой кровь проливается, перемирием всегда кончается

● бындзы фаг дзы ~ нæй
ни кровинки в нём нет; *букв.* крови даже на муху в нём не наберётся

● зæрдæйы ~тæ ныккалдысты
сердце рвалось на части

искæй ~ бацъирын
жестоко эксплуатировать кого-л.; выжимать все соки; обрекать на нищету

● искæмæй ~ дарын
быть чьим-то кровником

● иу ~ – иу стæг уæвын
быть одной плоти и крови

йæ ~ йæ дзыхæй акалд
у него кровь пошла горлом

● йæ ~ ныллæууыдис
он похолодел, кровь застыла в жилах

● йæ ~ – йе стæг
кровь от крови (*о кровном или идейном родстве)*

● йæ ~ сæрмæ ныццавта
кровь ударила ему в голову

● йæ туджы кæмæн цы уа
наследственные черты

● куыдзы ~æй æхсад
без всякой совести; *букв.* умытый собачьей кровью

Куыд æрбахастай дæ сау цæсгом ардæм, кæд дын куыдзы ~æй æхсад нæу, уæд? *Хъайттаты С. Куырдуаты бадæг*
С каким лицом ты заявился, или совсем ты совесть потерял?

● мæ ~ фæтарсти
я побледнел

Нæ ~тæ куы схæццæ кæнай, уæддæр хицæнтæй æркæлдзысты. *Умар. Уæ, нæ хæхтæ, нæ бæстæ*
Мы не совместимы, даже если нашу кровь смешать, стекать будет отдельно одна от другой

сау ~
чёрная кость

Йе ‘фхæрæг йæ сау туджы фæтула!
Пусть его обидчик захлебнётся своей кровью!

Йæ сау ~ куы нæ ныккала хæсты, / Уæд сывæлæттæн хъазæнхъул уыдзæнис. *Гаджиты Г. Зæронд хæстон*
Если он на войне не прольёт крови своей, / Он станет предметом насмешек детей

● туджы аргъ ыл бафыста
он заплатил за него уйму денег

туджы аргъæй
задорого, втридорога; *букв.* ценой крови

туджы арф ацæуын
войти в кровь

● туджы ахъарын
войти в плоть и кровь; становиться устойчивой чертой, привычкой

туджы ælхъывдад
кровяное давление

● туджы зæй сæ ласта — истекали кровью; *букв.* лавина крови их уносила

туджы зилдух — кровообращение

туджы зилын — багроветь, налиться кровью

● туджы мæцын — тонуть в крови

туджы ‘ртæхтæ — капли крови

● туджы ’ртах дзы нал и — в нём ни кровинки не осталось

туджы сæвдулын — обагрить в крови

туджы фæд — кровавый след

● къæрныхы фæндаг туджы фæд хæссы — дорога злодея кровавыми следами запятнана

● туджы фæстаг æртахмæ — до последней капли крови

туджы цъыртт дзы нал уыди — в лице ни кровинки не осталось

Банцад чызг... Туджы цъыртт нал уыд йа уадулты. / Базырзыр кодта, фæцудыдта размæ… *Къоста. Хетæг* — Девушка замолчала.. На щеках не осталось ни кровинки. / Задрожала она. / Шатнулась вперёд

● уый йæ туджы ис — это у него в крови

уæздандзинад адæймагæн йæ туджы ис — благородство у человека в крови

фыдæлты ~ — кровь предков

● хæстон кард ~æй сæрст у – не ’мбийы — клинок воина обагрён кровью, он не ржавеет

● цæстытæ туджы разылдысты — глаза налились кровью

цæфæй ~ хъары — из раны сочится кровь

● цæхæрадон ~ыл аскъуыд — в саду / огороде небывалый урожай

● чысыл лæджы ~ æмæ стыр лæджы ~ æмаргъ ысты — цена жизни не измеряется положением

тугагур — кровомститель; требующий отмщения

~ы нæмыг ыл сæмбæлд — пуля мстителя настигла его

тугамæст, тугæйамæст — окровавленный

~ æхцатæ — деньги на крови

● карк йæ фыццаг айк ~æй æфтауы — первая попытка всегда неудачна; первый блин комом, *букв.* курочка своё первое яйцо с кровью снесёт

тугæйахуырст — окровавленный

тугæйдзаг — окровавленный

~ æхсаргард — обагрённое кровью оружие

~ ссыртæ — окровавленные клыки

● бирæгъ æмæ къæрныхæн сæ дзых ~ у — у волка и преступника пасть в крови

тугæнæн — плевательница

тугæнхъæвзæн — кровопролитие

тугæппарын — кровохаркание

тугærхæм — 1. кровоточащая рана; кровоподтёк; 2. кровоточащий

тугærхæмттæй — в кровоподтёках

тугæххæст — полнокровный

тугвæд — кровавый след

Ærымбырд кодтой æхсинæгæн йæ игæры кæрдихтæ, æмæ ~ыл араст ысты Æхсар æмæ Æхсæртæг. *НК.1*

Собрали кусочки печени голубки и пошли по кровавому следу Ахсар и Ахсартаг

Зæгъут ма мын Европæйы быдыртæ, / Нæ ферох кодтат алантæн сæ сурæт? / Цы ран ысты сæ æнæном цыртытæ, / Кæм ацыди цæф сагуытау сæ ~? *Гаджиты Г. Хæрзбон, хæхтæ*

Ответьте мне, степи Европы, / Не забыли ли вы образ алан? / Где их безымянные надгробья, / Где они, подобно раненой косуле, оставили свой кровавый след

тугвæллой тяжёлый, надрывный труд

~а бакусын зарабатывать кровавым потом

● нæхи ~æ на наши кровные

Се нæфсис хъæлæсы адæмы ~ аирвæзт. *Козаты Х. Тæригъæдтæ*

В их ненасытные глотки кровь людская залилась

тугвидыд примирение кровников

туггоп

тугдадзин кровеносный сосуд, вена, артерия

~æй туг райсын взять кровь из вены

~ы къул стенка сосуда

~ты низтæ болезни сосудов

● Нæртон туг зилы йæ ~ты в его жилах течёт кровь нартов

сæрымагъзы ~тæ сосуды головного мозга

● туг æхсиды йæ ~ты кровь бурлит в его жилах

тугдар кровник; человек, который совершил тяжкое преступление и над которым тяготеет кровная месть

~тæ æвæрдтой цыты фынг кровники должны были устроить застолье в знак примирения

тугдæппæл кровоподтёк

тугдæттæг донор

тугдымст налитый кровью

~ цæстытæ налитые кровью глаза

тугджын полнокровный; с примесью крови

тугдзæссыг кровавые слёзы

~æй кæуын плакать кровавыми слезами

тугдзыд обескровленный

тугдзых 1. волк; 2. кровожадный; хищный

~ бирæгъау лæбурын кидаться как кровожадный волк

~ знаджы ныхмæ лицом к лицу с беспощадным врагом

~ сырдтæ хищные звери, хищники

~ сырдтæй хи хизын опасаться хищных зверей

~ сырды каст ныккæнын уставиться хищным взглядом

~тæ сæ кæнон зæнгыл нæ уадзынц хищников не переучить

● карз адæймаг ~ сырдæй æгъатырдæр у жёсткий человек безжалостнее хищника

Уый фæстæ æрбацыд йæ бынатмæ, æмæ йæ 'рбацыдмæ йæ бæх дæр алыгъд, фæтарстис ~ мæргътæй. *НК. Сырдоны кадæг Нарты Уæхтæнæгыл*

Потом он пришёл на прежнее место, а к его возвращению конь сбежал, испугавшись хищных птиц

уыцы ~ты мын мæхи бар уадзут — дайте мне самому разобраться с этими нелюдями

хъалагъур ~тæ — кровожадные хищники

тугдзыхæй — яростно, разъярённо

~ балæбурын — жестоко напасть

тугзилдух — кровообращение

тугзнаг — кровный враг

тугисæг (*бир.* тугисджытæ) — *уст.* кровомститель

● ~ сæрылхаст кæны — кровомститель становится жертвой

● ~ туджджын кæны — мститель становится кровником

тугисæджы къухæй мæлæт ссарын — пасть от руки кровомстителя

тугист — месть, мщение

тугисын — кровная месть

тугкалæн — 1. кровопролитие; 2. кровопролитный

~ хæст — кровопролитное сражение

тугкалд, тугныккалд (*бир.* тугкæлдтытæ) — кровопролитие

~ æруромын — остановить кровопролитие

æнæхъуаджы ~ — напрасное кровопролитие

тугмæхсæн — кровоизлияние

Туджы æлхъывдад куы сбæрзонд вæйы, уæд тæссаг у ~æй. *Р. 29.07.2017* — Когда поднимается артериальное давление, появляется риск кровоизлияния

тугмондаг — 1. кровопийца; 2. кровожадный

~ бырынкъ — кровожадный клюв

тугмондагдзинад — кровожадность

туграсыг — разъярённый

тугрохст — вспыльчивый

тугрохстдзинад — вспыльчивость

Уыцы хабармæ йæ ~ æмæ йæ зонд æддæг-мидæг ауадысты Мыхцийæн. — При этом известии его вспыльчивость и благоразумие смешались в голове Мыхци

тугсæлынгæнæг — леденящий кровь

тугсывæр — поток крови

~ дæ ахæссæд! — чтоб тебя поток крови снёс!

тугтæригъæдджын — кровник

тугтæрхон — уголовный

~ бæрн — уголовная ответственность

тугуагъд — кровотечение

тугуадзæн — шприц

тугуадзын — кровопускание

тугуарæн — 1. погибель; бедствие; кровопролитие; 2. кровопролитный

~ замантæ скодта — наступили бедственные времена

~ хæст — кровавая резня

~ хæсты фæндæгтыл фæцæуын — пройти кровавыми дорогами войны

тугур *д.* — чердак

тугхæссæг — кровеносный

тугхæстæг (*бир.* тугхæстæджытæ) родственник по крови; близкий родственник

~ æййафын приходиться кровным родственником

~ уæвын быть в кровном родстве

● æнæ ~ æфсымæр нæй братом может быть только кровный родственник

~, иу мады гуыбынæй кæимæ рантыстæн, ахæм мын нæй. *Гæстæн. Фембæлды æгъоммæ* Близких родственников, единоутробных братьев и сестёр у меня нет

тугхæстæгдзинад родство по крови; узы крови

тугхор *кæс* **тугцъир**

тугхъуаг, тугхъуаджджын 1. малокровие, анемия; 2. малокровный, анемичный

~ скæнын обескровить

тугхъуагдзинад малокровие, анемия

Рынчынтæн сæ фылдæр тыхсыдысты сæ ахсæнтæй, ~æй, тæфсæгæй, простудæй. *Дæбе. Уæззау операци* Большинство больных страдали от желудочных болей, малокровия, лихорадки и простуды

тугцæугæ кровоточивый

тугцух 1. малокровие; 2. малокровный

тугцухдзинад малокровие, анемия

тугцъир кровопийца

~ сæсчыта кровососущие насекомые

æнæхатыр ~ безжалостный кровопийца

тугъд *д.* война; бой, битва

тудждзын *уст.* кровник, ответчик за кровь

● ~ æмæ тугагур кровник и его мститель

● ~ æмæ тугагурæй цæрын враждовать; *букв.* жить как кровник и его мститель

Абон рæстæг аивта, / Аивта нæ дуг. / Бафидыдтой ~тæ, / Нал кæлы сæ туг. *Кочысаты М. Хъама* Другие нынче времена, / Настала эпоха другая. / Примирились кровники, / Не проливают кровь друг друга

● ~ты ’фсæрм уыд рагæй дæр фыдæлтæ-иу хисты кæнæ куывды ~ты бадын кодтой хицæнтæй, уынгæ-иу сæ ’взæр нæ фæкодтой, хæйттæ ’мæ сын-иу нуазæнтæ ’рвыстой Издавна считались с кровниками, сажали их на поминках или кувдах отдельно, угощали их на славу, посылали им угощения и бокалы

● ~ы цæстæй мæм кæсы он смотрит на меня враждебно, как на кровника

Хуыцауы бын се ‘хсæн ницы уаринаг ис. Гъе, уæддæр кæрæдзимæ ~ты цæстæй кæсынц. *Лademыр. Сихорафон* На этом свете им нечего делить. Нет, всё равно смотрят врагами друг на друга

● æдылы ~имæ зын бафидауæн у с неразумным кровником трудно примириться

дыууæ хæдзары бинонтæ систы ~тæ члены двух семей стали кровниками

● нартæм уыди ’гъдау: сæ ~имæ дæр хордтой иумæ, фæлæ йæ хъуамæ зыдтаиккой У нартов был обычай: они могли сесть за один стол с кровником, но должны были об этом знать

Хорзæй фæзæгъынц, æппæлы йæ ~, / Чи та – йæ фыдæлтæй, чи та – йæ чындзæй. *Къоста. Хетæг*

Про хорошего человека говорят: он и кровника своего похвалит, / Кто хвалит своих предков, а кто свою невестку

туджыхæстæгад

кровное родство

~ы уидæгтæ

родственные корни

туджыхъæд

наследственность, преемственность, потомственность

Уый мæнæн мæ ~ы ис – мæ фыдыл сахуыр дæн.

Это в меня въелось – у отца научился

тула

катышек, ком, комок

тулаваст

упрямый, настойчивый

тулæг

катающий, валяющий

● дæ хъæумæ ныхъхъæр кæн: «~ кæмæн и – тулæджимæ рацæуæд, бадæн кæмæн и, уый бадæнимæ рацæуæд!»

брось клич по селу: кого катить надо, пусть того прикатят, кто сидеть может, пусть со своим сиденьем приходит

● фырхудæгæй тулæджджытæ кæнын

кататься от смеха; покатываться со смеху

тулæн I

каток (*для трамбовки мостовой);* скалка; *тех.* вал

тулæн II

соус

тулдз

дуб

● ~ æрæгмæ зайы, фæлæ цæргæ та æнустæм кæны

дуб медленно растёт, зато вечно живёт

● ~ бæлас афæлдæхы, хъамыл та лæугæйæ баззайы

буря валит дубы, а тростник устоит

● ~ бæлас дæр ракæлы

и дуб, бывает, валится

● ~ бæласæй æрмæстдæр ~ы тала зайы

дети повторяют своих родителей; у дуба побеги дуба бывают

тулдзхъæд

дубняк, дубовый лес

тулдзы гыркъо

жёлудь

тулдзбын, тулдзджын

дубовая роща, дубрава

Адæмы фæзмгæйæ иухатт мæ йерæдзыпп / Ахастон тулдзджынмæ мемæ. *Къоста. Ахуыр*

И я как остальные однажды отправился / С ружьём своим в дубовый лес

туллакк

кувырок

● хорз бæх æртæ туллаччы кæны

хороший конь делает три кувырка

тулдзфæрскджын

силач, крепыш

тулын

1. катание; валяние; обмакивание; 2. катать(ся); катить(ся); валять(ся); окунать, обмакивать

● æвзæр къæдзæхæй æвзæр дур тулы

с плохой скалы плохой камень скатится

дзул мыды ~

обмакивать хлеб в мёд

нæууыл ~

валяться на траве

● тулгæ дурыл хъуына нæ хæцы

кому на месте не сидится, тот добра не наживёт

Сæлимæт архайдта йæ лæппуйы адæймаджы хуызæнæй равдисыныл, Руслан та куыдфæстæмæ тылд æмæ тылд дæлæмæ. *Тæтæри. Мæнтæгрæмудзæн*

Салимат прикладывала все усилия, чтоб сын выглядел не хуже остальных, а Руслан катился всё ниже и ниже по наклонной плоскости

туман *уст.* десятирублёвка
● мысты хуынкъ ~æй агурын быть в отчаянии; спасаться бегством
~æй иу сом аппарын уступить рубль с червонца
тундræ *геогр.* тундра
тур тур
конкурсы дыккаг ~ второй тур конкурса
турæ жирный суп с мясом
турбинæ *мех.* турбина
тæфон ~ паровая турбина
турбогенератор *мех.* турбогенератор
туризм туризм
турист турист
туркаг (*бир.* туркæгтæ) 1. турок; 2. турецкий
туркменаг (*бир.* туркменæгтæ) 1. туркмен; 2. туркменский
турник турник
турнир турнир
~ы раззаг лидер турнира
шахмæтты ~ шахматный турнир
тута *бот.* тут; тутовое дерево, шелковица; ягода тутового дерева
~йы калм шелковичный червь, тутовый шелкопряд
тутабæлас *бот.* тутовое дерево; тут
тутдзинад пустота
тути попугай
● ~йау искæйы алцæмæй фæзмын подражать кому-л. во всём
● ~йау уыцы иу ныхæстæ кæнын твердить одно и то же; заладить как попугай
тутсæр глупый (*букв. пустоголовый),*голова соломой набита
тутт 1. полость; пустота; 2. полый, пустой
~ æхсæр пустой орех
~ бæлас дуплистое дерево
~ сæр пустоголовый
Фылдæр хатт афтæ рауайы царды, æмæ рæсугъд адæймаг ærдзæй рахæссы афтид ængузау ~. *Баситы М. Зæрдæты дугъ* Часто в жизни бывает, что красивый от природы человек оказывается пустым как орех
туттургъан *бот.* хрен
Тутыр(тæ) *рел.* название праздника в честь Тутыра (патрона волков)
● ~ фосхизæг кæмæн у, уымæн цæрын цы хъæуы! если сам повелитель волков в пастухах, что ещё тебе от жизни надо
● ~æн гал ничи ’ргæвды Тутыру вола в жертву не приносят
● ~æн – къуымæл, адæмæн – цæл каждому своё; *букв.* Тутыру – квас, людям – еда
~ы сынк шов крестом
~ы хуыздæр кувинаг къуымæл у лучший напиток в честь Тутыра – квас

туфли — туфля
ныллæгзæвæт ~тæ — туфли на низком каблуке
тухæг — наматывающий
нымæт ~ — *этн.* тот, кто заворачивает в войлок приданое невесты
тухæн I — 1. обёртка; 2. обёрточный
быдтæ ~ — медный станок для тесьмы
сывæллоны ~ хæцъил — детская пелёнка
тухæн II — мучение, страдание, терзание
~ кæнын — мучиться, страдать, терзаться
● ~æй марын — заставлять страдать, мучить, терзать, жилы тянуть
Цы зæрдæ мæм дарут, уый базонын мæ фæндыди æмæ уæ уымæн ~æй мардтон. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — Я хотела узнать, как вы ко мне относитесь, и потому из вас все жилы тянула
~æй мæлын — горе мыкать
~тæ æмæ фыдæбæттæ — мучения и мытарства
~ты хай фæуын — быть обречённым на мучения
адæргæйæ ~тæ — судорожные усилия
бирæ ~тæ бавзарын — пройти через многие испытания
дзæгъæлы ~ кæнын — напрасно терзаться
æнæхъуаджы ~тæ — напрасные мучения
мæрдты бæсты ~ кæнын — претерпевать мучения в загробном мире
● нарт-иу фæндæн кæддæриддæр Сырдоны сæвзæрстой, ~æн та – Сосланы — Нарты всегда выбирали Сырдона для совета, Сослана для испытаний
сæрнизæй ~ кæнын — мучиться головными болями
тухгæ — складной
~ асин — раскладная лестница
~ бандон — складной стул
~ сынтæг — раскладная кровать
зилгæ дымгæ æмæ ~ уад — *фольк.* крутящийся ветер, окутывающая вьюга
тухи — мучение, страдание, терзание
~ кæнын — мучиться, страдать
~йæ мæлын — испытывать непомерные страдания
сау тыхкуыстæй ~йæ мæлын — мучиться на тяжёлой работе
~тæй нал фæразын — не выдерживать груза страданий
● æнæ ~йæ арвæй ницы хауы — ничего не сделаешь без усилий, страданий
– Чи загъта, цæрын æнцон у? Æнæ ~йæ арвæй ницы хауы. *Гæстæн. Даргъ фæзыгон фæндаг* — Кто сказал, что жить легко? Ничего не даётся без труда
искæмæн ~тæ æмæ хъизæмæрттæ бавзарын кæнын — обречь кого-л. на страдания и мучения
фыдæвзарæн ~тæ — адские мучения
тухиаг — мучительный, тяжёлый

Сау кусæгмæ / ~ мызд / Фаг куы хауид, – / Цы хорз уаид! *Цæрукъаты А. Цы хорз уаид* — Чернорабочему / Его трудный заработок / Если б сполна давался, / Как бы было хорошо!

тухигæнæг *(бир.* тухигæнджытæ) — страдалец, горемыка

тухын — наматывать, мотать; сворачивать (*что-л.);* заворачивать, завёртывать; кутать

къабуска ~ райдыдта — капуста начала завиваться в кочан

туш — *муз.* туш

~ цæгъдын — играть туш

тыбар-тыбур кæнын — трепетать; дрожать; мелькать, мерцать, блестеть, сверкать, искриться

стъалытæ ~ кæнынц — звёзды мерцают

тыгуылдур — булыжник

тыгуыр — группа; сборище, собрание; гурьба

адæмы ~ — толпа народа

~ кæнын — столпиться, сгрудиться

тыгуырæй — тесной группой, скопом

тыгъд — 1. бескрайность; просторность; 2. протянутый; натянутый, растянутый; открытый

~ быдыртæ — бескрайние просторы

Нæ хæхтæй, нæ ~ быдыртæй / Æмхуызон нæ иуæн дæр нæй, / Кæм кусæм, кæм цæуæм, кæм бадæм!. *Къоста. Ракæс* — Наших гор, наших раздольных равнин / В равной мере мы все лишены, / Где нам работать, где жить, где ходить!..

арвы ~ — простор небес

тыгъдад — пространство

~ æмæ рæстæг — пространство и время

арвы ~ — небесная ширь

Тыхджын цæргæс, / Уæларвы ~ы фидыц, / Æфсæн базыртæ – иу цæдæу æмдых! / Цæргæстæ дæм / Уæларвы ~мæ сидынц! / Дæ бартæ хæстыл ма бауадз фæтых. *Дауырæ. Хæс æмæ бар* — Сильный орёл, / Краса небесной шири! / Железные крылья / Упряжку волов перетянут, / Орлы зовут тебя в небо! / Не дай своим правам / Обязанность осилить

тыгъдæг — открытое пространство

тыгъдбыдыр — степь; привольное поле

тыгъдгом — настежь

дуар ~ у — дверь открыта настежь

тыгъдызæй — проливной дождь

денджызы ~ — шторм

тыд — 1. *с.-х.* сев; 2. разостланный, расстеленный; посеянный

фæззыгон ~ — озимый сев

æфсирджынты ~ — сев колосовых

зæххыл ~ нымæтыл уый йæхи æруагъта — он опустился на разостланную на земле бурку

тызмæг — суровый, строгий, грозный; злой, сердитый; мрачный; жестокий, безжалостный

~ æмæ цæхгæр ныхас кæнын — говорить жестоко и прямолинейно

~ бакаст — суровый взгляд

~ дзырд — безжалостное слово

Никуы дзы фехъуыстой уайдзæф, ~ ныхас... / Цардамондæн сын лæвæрдта йæ уд дæр... *Къоста. Хетæг* — Никогда они не слышали от него упрёка, грубого слова, / Для счастья их жизни он душу отдавал свою

● ~ лæгмæ раст ныхас дæр хъыг кæсы — жестокому человеку даже правдивое слово не по нутру

~ заман — жестокие времена

● ~ заман домы ~ хотых — суровое время требует суровых мер

● ~ заман ~ лæгтæй фидауы — безжалостное время требует безжалостных людей

Дæ цæстытæ ныссæрф æмæ ~дæр у, ~ заман ~ лæгтæй фидауы. Салдатæн кæуын нæ фидауы. *Ашæх. Сырх стъалы* — Утри слёзы и будь грозен, безжалостному времени нужны безжалостные люди. Солдату не пристало плакать

~ рæстæг уыд, ~ уынаффæтæ хастой — время было суровое, решения тоже принимались суровые

~ тæрхон рахæссын — осудить сурово; вынести суровый приговор

хи ~ævдисын — напускать на себя суровость

царды æгъдау ~ у — закон жизни суров

цæсгомæй ~ зæрдæйæ ~ нæу — суров лицом не значит суров сердцем

тызмæгæй — сурово, грозно, сердито, строго

~ мæм ма кæс, / Мæ фыды зæронд, / Дæ зæрдæмæ ма хæсс / Мæ зæрдæйы конд! *Къоста. Ныфс* — Не смотри на меня сурово, / Мой старый отец, / Не принимай к сердцу мой нрав

Сæрдæй-зымæгæй, гуыбыр, ~. / Йæ кæрцы мидæг, гъей, / Ныхасы бады / Зæронд Хъуыбады. *Къоста. Хъуыбады* — И летом, и зимой, / Сгорбленный, суровый, / В своей шубёнке, / Сидит на нихасе / Старый Кубады

тызмæгдзаст — с суровым видом

тызмæгдзинад — суровость, строгость

тызмæгхуыз — грозный, суровый, строгий на вид

тызмæгхуызæй — грозно, сурово, строго, сердито

тыл — *анат.* темя; швы черепа

тылиф — увёртка

~ кæнын — уклоняться (*от чего-либо), разг.* увиливать

Ма ~ кæн дæхи. Мæн æргом ныхас хъæуы. *Бицъоты Г. Газгæйы чындз* — Не увиливай. Мне нужен прямой ответ

æнæ ~тæ дзурын. — говорить без обиняков

куыстæй ~ кæнын — увиливать от работы

хæстæй ~ кæнын — уклоняться от уплаты долгов; от войны

тылифахаст — уклончивый

тылифгæнæг *(бир.* тылифгæнджытæ) — уклоняющийся

~ дзуапп — уклончивый ответ

тыллæг — урожай; посев; хлеб

~ æрæмбырд кæнын — собрать урожай

Ут хиуылхæцгæ, бонзонгæ, сæрныллæг. Æртасын кæны къабузты сæ ~ — Будьте воздержанными, скромными, покорными и пожнёте очень многое

~ сисын — собрать, убрать урожай;
бæрзонд ~ — богатый урожай
хъæздыг ~ — небывалый урожай
тыллæгæрзад — урожайность
астæуккаг ~ — средняя урожайность
иумæйаг ~ — общая урожайность
тыллæгджын — урожайный
тымбыл — 1. круг; кругляшок, 2. круговой; круглый
~ кафт — лезгинка (*букв. круговой танец)*
~ къух — кулак
~ фынг — круглый стол
~ хыгъд — ровный счёт
~ хыгъдæн — для ровного счёта
хи ~тæ кæнын — жаться; съёжиться
хос сагойæ ~ кæнын — сгребать сено вилами
сау мигъы ~тæ — чёрные облака
хыссæйы ~тæ — шарики теста
тымбылæг (*бир.* тымбылджытæ) — шарик; шар; круг, окружность
~æй лæууын — стоять кругом; образовать круг
Фæсивæд, чызгæй, лæппуйæ ~æй лæууыдысты, хъусти фæндыры рæсугъд цагъд. *Умар. Стъалы куы скæса* — Молодёжь, девушки, юноши, стояли кругом, слышалась красивая мелодия гармошки
зæххы ~ — земной шар
зæххы тымбылæджы зилдух йæ сæмæны алыварс — вращение земли вокруг своей оси
здæхæн ~ — руль
тымбылæджы уæлцъар — *мат.* поверхность шара
уæлдæфон ~ — воздушный шар
тымбылдур *кæс* **тыгуылдур**
тымбылдзæгæй — калачиком
тымбылдзæсгом — круглолицый
тымбылзылд — круг; круглый вырез на платье
~æй бадын — сидеть кружком
тымбылкъух — кулак (*руки)*
~ бавдисын — погрозить кулаком
~ балвасын — зажать в кулак
~æй æвзидын — грозить кулаком
Уый ~æй æвзидын уарзы. Махыл хъæртæ кæнынмæ дæсны у. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* — Он любит кулаком грозить. На нас кричать он горазд
~æй ныццæлхъ ласын — врезать кулаком
~æй стъол æркъуырын — стукнуть кулаком по столу
~æй ралæууын — отмутузить кулаками
~æй уæраджы хъæбæртæ хойын — бить себя по коленям, сокрушаться

Лæг ~æй йæ уæраджы хъæбæртæ цæуыл ныххойа, ахæмæй дæр дзы ницы ис. *Ашæх. Æфсинтæ æмæ чындзытæ* — Ничего такого, от чего стоило бы себя бить по коленям, в этом деле и нет

~æй хæцын — биться на кулаках

адæм ~ау æрбангом сты — люди объединились

хи риувæйнæг ~æй хойын — бить себя кулаком в грудь

● хылы фæстæ ~æй уæлдæф хойын — после драки кулаками махать

тымбылкъухæй — кулачный

~ хæст — *уст.* кулачный бой

● фæсхыл æмæ фæснад – ~ æртхъирæнтæ — запоздалые угрозы; грозить кулаком после драки

тымбылхъæд — бревно

~æй арæзт — сложенный из брёвен

тымбылхъæдур — горох, фасоль

тымыгъ — буран, метель

змисы ~ — песчаная буря

● стыр ~ы размæ бæстæ æрсабыр вæййы — затишье перед бурей

● тæккæ лæджы ~ы уæвын — в самом расцвете сил

Æз ма саби куы уыдтæн, уæд уый йæ тæккæ лæджы ~ы уыдис. *Азæмæт. Царды хабæрттæ* — Когда я был ещё ребёнком, он уже был в самом расцвете сил

тымыгъау — молниеносно; как буря

тымыгъджын — бурный

~ монц — бурная страсть

тын I — паутина

~ нывæндын — плести паутину

● дæ ~ дæ къух ссардта — ты добился своего

тын II — луч

æнæуынгæ ~тæ — невидимые нити

● йæ иу уæхскыл – хуры ~ — на плече – солнца луч

хуры ~ — луч солнца

тын III — кусок, штука ткани; шерстяная ткань; тюк

~ уафын — ткать сукно

● ~ дæрдтыл уафын — заходить издалека; пространно объяснять

Мæ бон дæм уæд нæмæ уыдис ысдзурын, / Æниу мæ ~ дæрдтыл цы уафон ныр. *Дæуыт. Æз уарзын* — Тогда не мог с тобою говорить я, / А впрочем, к чему сейчас вокруг да около ходить

~ уæрдын — катать шерсть

Мæхи та дын стауын, / Нæ дын зыдтон, цы. / ~ уæрдын, ~ уафын, / Хæрдгæйæ – дæсны. *Къоста. Чи дæ?* — Опять хвалюсь пред тобой, / Не умел разве я / Шерсть катать, сукно ткать, / Быть искусным в золотом шитье

тынаг — шерсть; сырьё для ткани

тынг — 1. подъём, разгар; 2. натянутый; 3. крепко; очень; сильно; напряжённо

~ кæнын — напрягать, усиливать

~ мæсты — очень сердитый, разгневанный

~ хъыг мын уыди — мне было чрезвычайно обидно, неприятно

~ цыбырæй — вкратце; очень коротко

~дæрæй дæуæн дзурын — обращаюсь, главным образом, к тебе

● адæм рагон æмбисондæй æрыгон æмбисондмæ ~дæр хъусынц — недавние события интереснее давних историй

● йæ тæккæ ~ыл — в ударе, в разгаре

● афтид боцка ~дæр хъæр кæны — пустая бочка пуще гремит

● зиан кæуыл æрцæуы, ~дæр уый фæриссы — с кем горе случается, у того и сердце сильней разрывается

● знаджы цæфæй хæлары цæф ~дæр риссы — друг ранит сильней, чем любой враг

тынджы бацæуын — быть в самом разгаре

Йæ тынджы бацыд хæст, / Фæлæ мыл макæ мæт, / Тæппуд салдат нæ дæн *Чехойты С.* — Война в разгаре самом, / Но не печалься за меня, / Я не трусливый солдат

минас бацыдис йæ тæккæ тынджы — застолье было в самом разгаре

Тагъд æрбарухс уыдзæн бон, райхъал уыдзæн æрдз, æмæ та царды згъорд бацæудзæн йæ тынджы. *Фæрниаты Б. Хадизæты амонд* — Скоро новый день настанет, проснётся природа, вновь бег времени будет в самом разгаре

цы ~ дæ! — вот даёшь! ты в ударе!

тынгад — напряжение

бæрзонд ~ — *физ.* высокое напряжение

мидæг ~ — внутреннее напряжение

мидæг быцæуы ~ — напряжение внутреннего конфликта

хъусдарды ~ — напряжение внимания

тынгæй-тынгдæр — всё более и более

~ кæнын — усиливаться; обостряться (*о болезни)*

~ нæры арв — всё громче грохочет гром

зæрдæ йæхи къултыл ~ хойы — сердце бьётся всё сильнее

тынггонд — напряжённый; натянутый; развитой

~ тæнхъис — натянутая струна

тынгдар — мера длины, равная расстоянию от подошвы до кончиков пальцев вытянутой руки; сажень

тынд — 1. царапина; 2. сорванный, снятый, собранный; ощипанный; поцарапанный

~ нартхор — собранная кукуруза

● ~ ælвыдыл худы — ощипанный смеётся над стриженным

● ~ уæрццы хуызæн — как коза драная, как ощипанная выдра

Лæппу йæ зæрдæйы баззади кæддæры Муратæй: немыцы рæстæг ~ уæрццы хуызæнæй хъæдæй чи рацыди. *Æхсарбег. Куырды фырт* — У неё в памяти он остался прежним Муратом: который во время немцев вышел из леса похожий на драную козу

тындзаг — стремящийся

● аргъау – ~, аргъаугæнæг – фæлмæцаг — сказка к концу идёт, а сказитель устаёт

тындзгæ — поспешно, торопливо

~ цыд кæнын — идти быстрым шагом

тындзгæйæ — второпях

тындзын — стремиться; спешить; мчаться; протягивать; растягивать, натягивать; расстилать

размæ ~ — мчаться вперёд

рæстæг размæ тындзы, йемæ ивддзинæдтæ хæссы — время неумолимо мчится вперёд и несёт с собой изменения

Цард тындзы йæ размæ... / Всати ма хуыссы... / Всатийæ зæронддæр / Дауджытæм кæм и? *Къоста. Всати* — Жизнь стремится навстречу ему… / А Всати ещё спит… / Кто старее Всати / Из небесных покровителей?

тындзынад — стремление

уæлахизмæ ~ — стремление к победе

тынуагъд — излучение

радиоактивон ~ — радиоактивное излучение

тынуафæг (*бир.* тынуафджытæ) — ткач

тынуафæн — 1. ткацкий станок; 2. ткацкий

~ æндах — пряжа

~ æрмттæ — педали ткацкого станка

~ бандон — ткацкий станок

~ цалх — прялка

тынуæрæг (*бир.* тынуæрджытæ) — валяльщик (*шерсти*)

● чидæр тынуæрдджытæм йæ кæрц куыд баппæрста, уыйау — как кто-то валяльщикам свою шубу подбросил

тыппыр — 1. бугор, холм; 2. вздутый; выпуклый; толстый; тучный; надутый

~æй лæууын — дуться, лопаться от злости

● ~тæ суадзын — отвести душу; изливать обиды

Мæ фыды фыд дæр-иу ам хъисынæй цагъта, / Йæ масты ~тæ йæ фæндыræй уагъта. *Дауыт. Гæнæх* — Мой дед бывало, тоже на скрипке играл, / Своей игрой на любимом инструменте отводил душу

Сунгæг вæййы хатгай зæронд усы зæрдæ. Æмæ йæхи истæй æфсон иуварсырдæм айсы. Уым сусæгæй йæ ~тæ суадзы. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Иногда расстраивается старушка. Тогда она под каким-нибудь предлогом отходит. И там в сторонке отводит душу

~ы хос — причина вздутия; лекарство от вздутия

● кæуынæй ~тæ суадзын — дать волю слезам; выплакаться

● кувæггагæй-иу йæ ~тæ суагъта — отводить душу бокалом

гуыбын ~ кæны — живот пучит

● дзаг голладжы хуызæн ~ — раздутый как переполненный мешок

● дзыпп æхцайæ ~ — карман, оттопыренный от денег

● мастæй мæ зæрдæ – ~ — сердце переполнено горечью

● масты дзæкъул ~æй хæссын — носить свои обиды

● мæрдтæм зæрдæ ~æй ахæссын — уйти из жизни обиженным, с тяжёлым сердцем

● судзгæ маст риуы ~æй хæссын — терпеть жгучую обиду

● тæбæкк мардæй ~ мард хуыздæр — умирать, так с музыкой

● чындзæхсæвы йæ мондæгтæ суагъта æмæ хистмæ араст йæ ~тæ уадзынмæ — на свадьбе душу отвёл, а обиды изливать на поминки пошёл

тыппыргонд — 1. вздутие; 2. вздутый; выпуклый

тыппырон — *уст.* хлеб, приготовленный из ячменной муки; мешок, наполненный зерном

● ~æй ком ничи уадзы — ячменным хлебом не разговеешься

Уæ хорзæхæй, уæртæ мын уыцы ~ (гобаны цъар мæнæу ~æй йæ тæккæ дзагæй) мæнæ кæронмæ æрбатулут. *Азæмæт. Ачеон* — Пожалуйста, вот тот мешок (чехол от матраца, наполненный пшеницей) подвиньте мне к краю

тыппыртæарæзт — полноватый

тыппырыхæлдтæ кæнын — покатываться со смеху

Ныхас ракæнынмæ йæ ничи амбылдтаид. Хъазты, чындзæхсæвы адæм йæ хъæлдзæг ныхæстæм ~ кодтой. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* — Балагурить он был горазд. На танцах, на свадьбе люди от его весёлых разговоров покатывались со смеху

тыр, тырын — мальчик; сын

Уæ ус уын ~ куыд ныййара / Хъæуваг куывд уæм куыд æрцæуа! *Къоста. Нæуæгбоны зарæг* — Чтоб у хозяйки вашей сын народился! / Чтоб на всё село закатили вы пир!

тыргъ — крыльцо; веранда; коридор, сени; двор

● ~ æфснайдæй фидауы — крыльцо красиво убранным

● лæг куынæ бæзза, уæд ~ судзы, ус куынæ бæзза, уæд – хæдзар — муж не годится – крыльцо пропадает, жена не годится – весь дом сгорает

● хæдзары бæсты ~ басудзæд — лучше пусть крыльцо сгорит, чем дом

● хæдзары бæсты ~ ныккæлæд — чем весь дом завалится, пусть лучше крыльцо свалится

● хæдзары змæстытæ ~мæ рахæссын — выносить сор за порог; выставлять личное на обозрение

● цъылын æмæ уисой мæрзынæн ысты, фæлæ цъылын хæдзары лæууы, уисой та – ~ы — и веник, и метла подметать умеют, но веник в доме, а метла дальше порога в дом не смеет

тырнæн — порыв чувств

зæрдæйы хорз ~тæ — прекрасные порывы души

тырнын — стремиться; порываться; стараться

бæллицтæ сæххæст кæнынмæ ~ — стремиться осуществить задуманное

ног цардмæ ~ — стремиться к новой жизни

уæлахизмæ ~ — стремиться к победе

хицауы бынаты сбадынмæ ~ — стремиться занять место начальника

хорздзинадмæ ~ — стремиться к добру, к хорошему

тырнындзинад (*бир.* тырнындзинæдтæ) — стремление; порыв; старание; тенденция

æнæкæрон ~ — неукротимое стремление

стыр ~ æвдисын — проявлять большое стремление

тыррыкк-тыррыкк — трепет

~ кæнын — трепетать

йæ зæрдæ ~ кодта — его сердце трепетало

тырты — *бот.* барбарис

~йы бæлас — барбарисовый куст
~йы гагатæ — ягоды барбариса
~йы сындз — барбарисовая колючка
● фыдхæсджынæй ~ мих дæр райс — со злостного должника хоть шерсти клок

тыртына — *зоол.* белка

тыртынай — *зоол.* бельчонок

тыр-тыр — шум, рокот (*мотора)*

~ кæнын — шуметь, рокотать

тыртыраг — вертушка

тырын, тыр — младенец; мальчик, отрок

уæ ус ~ ныййара — пусть у вашей хозяйки родится мальчик
уæ лæг саг амара, уæ ус ~ ныййара — чтобы хозяин убил оленя, чтоб у хозяйки родился мальчик

Æртæ кæстæры Нарты ~тæй йæ фæстæ æмæ йæ дыууæ фарсы лæууыдысты æмæ йыл бындз абадын нæ уагътой. *НК. Нарты мыггаджы сæфты аргъау* — Трое младших, нартовских юношей стояли позади и по обе стороны от него и не давали мухам сесть на него.

Уæд иу райсом сæумæцъæхæй / Кæсгон хъæуæй кæсгон æлдар / Йæ хъал бæхыл куыд рацæуы, / Йæ хъал бæхыл ~тимæ. *Дæуыт. Гæмæт* — Как-то утром на рассвете / Из кабардинского села кабардинский алдар / Выезжает на своём горделивом коне, / На горделивом коне да со своими сыновьями

Фæндаггæрæтты номы цыртытæ æвæрдтой, цæрыны бæрты сæрвæлтау йæ туг чи калдта, уыцы ~тæн. *Айларты И. Тæрхоны лæгтæ* — На обочинах дорог устанавливали памятники тем юношам, которые проливали свою кровь за право на жизнь для всех

тырыса — знамя, флаг

~ æркъул кæнын — приспустить флаг (*в знак траура)*
~ æруадзын — спустить флаг
~ бæрзонд хæссын — высоко, с честью нести знамя
~ сисын — поднять флаг
~ фæйлауы — развевается знамя
~йы бын хæцын — воевать под знаменем
~йы хай — *этн.* выкуп за флажок невесты
дзыллæйы ~ — знамя народа

Поэт мæнгард дзырдтæ куы фысса, / Уæд уый нæу дзыллæйы ~, / Уæд уый нæу дзыллæйы цæсгом. *Гаджиты Г. Поэт* — Если поэт нечестно пишет, / Тогда не станет знаменем народа он, / Тогда не станет совестью народа своего

кады ~ — почётное знамя
паддзахадон ~ — государственный флаг
сырх ~ — красное знамя
тохы ~тæ — боевые знамёна
уæлахизы ~ — знамя победы
чындзы ~ — *этн.* флажок невесты

тырысахæссæг (*бир.* тырысахæсджытæ) — знаменосец

ног царды ~ — знаменосец новой жизни
фарн æмæ кады ~ — несущий благополучие и честь

тыфтырыкъо *разг.* легкомысленный

тыфыл разгар, момент наивысшего напряжения; напряжение

мæстæй ~тæ калын горячиться, кипятиться, приходить в исступление

хæсты ~ы в разгар битвы

хæстæн йæ тæккæ ~мæ бырсын бросаться в самое пекло войны

хъазт йæ тæккæ ~ы бацыди веселье было в самом разгаре

тых сила; мощь; *физ.* сила, энергия

~ кæнын побеждать; руки выкручивать, выламывать; совершать насилие; изнасиловать, притеснять

Кæд æмæ, цы ранмæ æрбахæццæ уа, уым рауайа комкоммæ, уæд уын уый, цы ~тæ фæкодтат, уыдон уын уæхицæн бакæндзæн – йæ гыццылмæ йын ма кæсут. *НК. 2.* Если же он в том месте прямиком переходить станет, не ища броду, то всё зло, что вы ему чинили, он вам самим учинит – не смотрите, что он ростом не вышел

● ~ кæуыл нæ цæуы, ахæм ~ нæй нет такой силы, которую нельзя осилить

● зæрдæйы фæндыл хъуамæ сæрымагъз ~ кæна сердечные помыслы должны подчиняться голове

● мыдджын арахъхъ æгæр ма баназ – ~ кæны хватишь медовухи лишку – она тебя одолеет

● рæстдзинадыл ничи ~ кæны правду победить нельзя

~ ныхас резкие слова

~ ссарын совладать

~ хæссын понуждать

~æй архайын действовать силой

иумæйаг ~тæй архайын действовать общими усилиями, сообща

~æй домын требовать силой

● ~æй тыхджындæртæ бирæ ис, ноджы – лæгæй лæгдæртæ, ноджы – бæхæй бæхдæртæ на силу всегда есть сила, на мужественного – более мужественный, на быстроногого коня – более быстрый

~тæ æмæ фыдтæй ссарын найти с большим трудом

~тæ æрбамбырд кæнын собраться с силами

~ты растуæз равновесие сил

● ~ ~ы сæтты сила силу ломит

● ~тæ æмæ æхсæрттæй сразы кæнын принудить к согласию

~тæ фæлварын испытывать силы

~ы ныхмæ ~ хъæуы силе должна противостоять сила

Фælæ армыдзаг адæмæн утæппæт ~ы раз цы йæ бон у?.. *Нафи.* Но что может сделать горстка людей против такой силы?

~ы уæвын быть в силе

«Бон цæуы æмæ фарн хæссы». Хорз уаид, ацы æмбисонд алы хъуыддаджы дæр йæ ~ы куы уаид. *Гуыриаты Т. Къостайы «Ирон фæндыр» уырыссаг тæлмацты* «Новый день – новая благодать». Было бы хорошо, если бы эта поговорка в любом деле была в силе

~ы фæдыл цæуын нæ хъæуы нельзя идти на поводу у силы

● ~ыл ~ куы ’вæрдæуа, уæд дывæр кæны — сила к силе – это уже двойная сила

● ас ~æн æвдисæн нæу — сила от роста не зависит

атомы ~ — атомная энергия

– Ахæм ~имæ ма дæ хъару дæр хъæуы. – Уымæй дæр цух нæ дæн. – Уæдæ ма Донбеттырты мæсыг фезмæлын кæн. *НК.3* — – Да с такой силищей тебе ещё и доблесть нужна. – А я и этим не обделён. – А сдвинь тогда с места башню Донбеттыров

æнæбасæтгæ ~ — несокрушимая сила

æрвон ~тæ — небесные силы

æппæт ~тæй бавналын хъуыддæгтæм — взяться за дела изо всех сил

бархъомыс ~ — властная сила

гæрзифтонг ~тæ — вооружённые силы

гуымиры ~ — грубая сила

дæ ~æй ма фæбузныг у — не возгордись, что ты сильный

Дунейы мидæг цыдæр ~ ис æмæ æппынфæстаг рæстдзиналд фæулахиз вæййы. *Умар. Стъалы куы скæса* — Есть какая-то сила на свете, и в конце концов правда всегда побеждает

дывар ~ — удвоенная сила

дымгæйы ~ — сила ветра

знагыл ~ кæнын — побеждать неприятеля

● зондджын сæрæй архайы, æдылы та – ~æй — умный действует умом, недалёкий – силой

● искæмæн ~ нæ арын — не справляться с кем-либо

Иунæг дæр дзы (*куыйтæй*) йæхи адзалæй нæ амард: цалынмæ сæ хъару сæхимæ уыд, уæдмæ сын ~ нæ ардта бирæгъ. *Хæблиаты С. Дзæнæты маргъ* — Ни одна (из собак) своей смертью не пала: пока они бывали в силе, волк с ними справиться не мог

● иумæйаг ~ дур дæр халы — против общих усилий и камень не устоит

йæ ~ – йæ бонæй — по мере сил, с полной отдачей; изо всех сил

Мæ ~ – мæ бонæй бæргæ архайын, фæлæ мын ницы æнтысы — Я стараюсь изо всех сил, но у меня ничего не получается

йæ ~æн æмбал нæ уыд — ему не было равных в силе

● кæвдæсарды ~ дуртæ халы — кто в яслях рождён, силой наделён

● лæг дæ: дзыхы фидар æмæ ~ы хъæбæр! — будь мужчиной: слову хозяин, силы оплот

● лæг ~æй æнцон абырсæн у, фæлæ зондæй абырсын зын у — силу легко переломить, ум трудно сломить

точы ~ — сила тока

уæзы ~ — сила тяжести

уæларвон ~ — силы небесные

фидауынгæнæг ~тæ — миротворчески силы

Хуыцау скодта гамерыты; фæлæ та уыдон дæр æгæр стыр разындысты асæй дæр æмæ ~æй дæр. *НК. Нарты бæлас* — Сотворил Господь гамеров; но и те оказались слишком большими и непомерно сильными

хæрам ~тæ — тёмные силы

● хæргæфсы ~мæ бæх хæлæг кæны — конь мула силе завидует

хи ~тæй архайын — обходиться своими силами; действовать самостоятельно

● Хуыцауы ~æй паддзахы ~æй хъауджыдæр нæй — что божья воля, что царская воля

тыхагур — *фольк.* богатырь, ищущий силача, с кем можно померяться силой (*букв. искатель силы)*

● ~ йæхи тых дæр сафы — кто силу ищет, свою силу растеряет

● ~ тыхыл æмбæлы — кто силу ищет, с сильным столкнётся

тыхамæлттæй — с большим трудом; ценой больших усилий

~ цæрын — терпеть нужду, лишения; еле сводить концы с концами

тыхархайд (*бир.* тыхархæйдтæ) — натужный труд; напряжённые усилия, активные старания

~ домын — требовать сверхусилий

æгæр ~ кæнын — перестараться; слишком стараться

ænæ ~æй ацæуын — пройти без лишних усилий

иумайаг ~ы фæрцы — благодаря совместным усилиям

хицауады ~æй — благодаря стараниям начальства

тыхæвдисæн — демонстрация силы

тыхæвзарæн — проверка, испытание сил

● ~ бон — время испытаний, в трудный момент

~ кæнын — испытывать силу

– Ды ~ куы нæ кæнай, уæд нæ зоныс, – тæргайгæнæджы хъæлæсæй дзырдта Сабаз. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* — – Ты не можешь без рукоприкладства, – обиженным голосом говорил Сабаз

● нартæн ærдхæрæны куывд ~ æмæ æууæнкæн уыди — когда нарты на пиру присягу приносили, то демонстрировали и силу, и преданность

Цæй ~тæ кæныс? Дæхи дзы хъахъхъæн. — Что ты испытываешь силу? Остерегайся его

тыхæвналд — насилие

– Дзырд дæттыс, ~ æм нæ бакæндзынæ, ууыл? – Дæттын. *Максим. Хæххон барæг* — – Даёшь слово, что не применишь к нему насилие? – Даю

тыхæй — насильно

тыхæйбайсæг — завоеватель, грабитель

тыхæйисын — завоевательный

тыхæйсæттæг (*бир.* тыхæйсæтджытæ) — взломщик

тыхæй-фыдæй — с большим трудом; еле-еле, кое-как; *прост.* с грехом пополам

● ~ скæнын — с горем (грехом) пополам справиться

тыхæмбырдгæнæн — зарядный

тыхæмхасæн — с трудом, с усилием; с применением силы

тыхæрхъуыды — вымысел

тыхæфтыд — взлом

тыхбарæн — силомер

тыхбахаст — принуждение

тыхбæттæг — укротитель

кæлмыты ~ — укротитель змей

тыхбæттæн — укрощение

тыхбегара — *разг.* повинность; обязанность против желания; *уст.* подневольный труд

~йæ ферваэзын — освободиться от повинности

тыхгаджидау — принудительный тост

~ нæу — это не принудительный тост

тыхгæнæг *(бир.* тыхгæнджытæ) — насильник, разбойник, притеснитель, угнетатель

● ~ æнæ ныфсæй нæ цæуы — разбойнику в его деле уверенность нужна

~ сæм нæ уæнды — с ними никто не справится

● ~ хъæбæрзæрдæйæ цæуы — злоумышленник со злым сердцем идёт

● ~ сын тых не ссардзæн — их нельзя победить

● ~ыл тых цæуы — насильника сила подавляет

● Нарт ~ уыдысты — Нарты действовали силой

● тых мыл куы цыдаид, уæд дæумæ ныхъхъæр кодтаин, ныр ~ – дæхæдæг, уæд ма кæмæ ныхъхъæр кæнон? — если бы на меня сила шла, я бы тебя призвал, а теперь ты сам насилие творишь, к кому мне теперь обращаться

тыхгæнджытæн – мæлæт!. — смерть угнетателям

Хуыцау, ~ чи у, уымæн тых ракæн. Цардаразæг чи у, уымæн цард радт. *НК. Сосланы кæнгæ мад æмæ фыд* — Господь, кто насилие творит, над ними самими насилие соверши. Кто жизнь созидает, тем жизнь дай

Мæ мæгуыр Ирыстон! / Æрцæуæг æлдарæй, / ~ хæддзуйæ дæ ма уæд, ма, мæт? *Къоста. Катай* — Моя бедная Осетия! / С властью пришельца-алдара, / Пришельца-насильника неужели миришься ты?

тыхгæнд — насилие

~ы фæрцы байсæн и бæстæтæ / Хæзнатæ, исбон – амондæй фæстæмæ. *Æхсар.* — Насильно можно земли отобрать, / Сокровища, добро – но счастье нет

тыхдæттæг — дарующий силу; внушающий силы

● мады ад – ныфсдæттæг, мады уарзт – ~ — от матери вера идёт, материнская любовь силу придаёт

тыхдымгæ — сильный ветер; ураган

~ бæлæсты цъуппытæ фæйлауы — сильный ветер колышет верхушки деревьев

~ сыстад — поднялся шторм; начался ураган

~йы фæстиуджытæ иуварс кæнын — ликвидировать последствия урагана

тыхджын — 1. сильный, интенсивный; 2. сильно; очень

~ – рæбынджын — у сильного – богатство

~ кæуын нæ зоны — сильному слёзы неведомы

~ – ныфсджын — сильный уверен в себе

~ ныхмæлæууæг — сильный соперник

~ хъæздыг у, æдых – мæгуыр — сильный – богач, слабый человек – бедный

● ~æй ~дæр – мæлæт — сильнее всего – смерть

● ~æй ~дæртæ бирæ ис — сильнее сильного многие найдутся

● ~æн дæр мæллæг йе ‘мбуар куынæ лæууид, уæд цæй ~ у? — если с силачом рядом тощий не встанет, как узнать, что он сильный

Адæм дзырдтой: «Ахсæртæггаты ~тæ хæтæны ацыдысты, кæмдæр сыл сæхицæй ~дæртæ сæмбæлди, æмæ, æвæццæгæн, фæцагъды сты». *НК.*

Люди говорили: «Самые сильные из Ахсартаговых ушли в поход, встретили где-то таких, кто сильнее их самих, и, наверное, те их всех перебили»

- ~ы хинæй ахстæуы — сильного хитростью взять можно
- иу фæндыл лæуд адæм ~ сты — общие цели силу большую дают
- куыдз дæр йæхи дуармæ ~ у — у своего порога и собака сильна
- мæлдзыг, дам, афтæ загъта: «Æз пылæй ~дæр дæн – ныллæууыди мыл, фæлæ йæ æз хъуыды дæр не ’ркодтон...» — муравей похвалялся, мол: «Я сильнее слона, он на меня наступил, так я даже не почувствовал»
- туг ~ у — кровь – не водица
- хæрæфырт ~ у — племянникам (*детям сестры*) почёт
- хæрд куынæ уа, уæд ~æй ~ нæй — чтоб силу иметь, надо поесть суметь
- хъæздыджы раз ~ – æдых — богатый силу сильного ломит; богатство одолеет силу
- цæхх æмæ хойраг ~ ысты — хлеб-соль всё могут

Цыма ацы зæххыл адæймагæй ~дæр, адæймагæй фæразондæр исты ис? *Гæстæн. Дысоны фын*

Интересно, есть на этом свете что-нибудь сильнее человека, выносливее человека?

тыхджынæй-тыхджындæр — сильнее и сильнее; самый сильный

тыхдзинад — насилие; дерзость, грубость

тыхдзырд — 1. резкое слово; неучтивость, несдержанность; 2. несговорчивый

~ кæнын — говорить резкости

иуæй-иутæ хъæуа-нæ хъæуайы ~ кæнын уарзынц — некоторые без всякого повода могут наговорить резкостей

Нæ фысымы циндзинад цæуыл æнад кæнæм? Стæй, уæ хорзæхæй ~ макæмæ кæнут. *Максим. Æхсины лæг*

Зачем нашему хозяину отравлять радость? И вообще не говорите никому резкостей

тыхисæг — насильник

тыхист — грабёж, ограбление

тыхкуыст — тяжёлый изнурительный труд

~ кæнын — работать как ломовая лошадь до изнеможения

сау ~æй тухийæ мæлын — изнемогать от тяжёлой работы

тыхкъул — крутой склон

тыхлæвæрд — принуждение к замужеству

моймæ ~ ракæнын — выдать замуж против воли

тыхмард — 1. насильственная смерть; умерший насильственной смертью; 2. умерщвлённый

~æй амарын — убить, лишить жизни

~ы миниуджытæ — признаки насильственной смерти

æндæр бæстæм ~æй афардæг уæвын — уйти из жизни в результате насильственной смерти

тыхми — насилие

~ кæнын — совершать насилие; принуждать, неволить

● ~ фыдми у — насилие – преступление
~йы ныхмæ — против насилия
~тæ æвзарын — испытывать насилие; подвергаться насилию

● æвæндон хъуыддаг ~ у — принуждение есть насилие
кæрæдзийы ныхмæ ~тæ аразын — применять насилие по отношению друг к другу

тыхмигæнæг — насильник
● ~ – тыхсæттæг — кто насилие совершает – силы лишает
тыхмион — насильственный
тыхна — битком набитый
тыхныхъуырд — 1. глоток, сделанный с усилием; 2. проглоченный с трудом

~ кæнын — глотать с усилием, с трудом
● ~ комдзаг фарсыл нæ хæцы — кусок через силу съешь, всё равно на пользу не пойдёт

● бахъуыды бон хæрзæууылд æмæ ~ хъæуы — в час беды жевать надо долго, да глотать трудно
Мад йæ цæстысыгтæ ~ акодта — Мать с трудом проглотила слёзы
тыхсаг — вьющийся; суетливый; озабоченный; теряющийся, лишённый самообладания

~ зайæгойтæ — вьющиеся растения
~ хъæдурхос — вьющаяся фасоль
тыхсаст — 1. взлом; 2. ослабленный, слабый; худой; обессиленный, изнурённый

~ кæнын — взламывать; ослабить, подорвать силы
Нæ уд нын бахордтой фыднизтæ, / ~ нæ бакодта фыдгуыст. *Шамил. Мæсыгамайджытæ* — Болезни души нам разъели, / Нас изнурил тяжёлый труд
~ фæуын — изнуриться, выбиться из сил
~имæ хуыснæг — кража со взломом
тыхсæг — заботящийся, заботливый
адæмыл ~ — заботящийся о людях
иннæтыл ~ — заботливый к окружающим
Сырдон йæхи сагъæсгæнæг æмæ ~ скодта. Йæ фыртыхстæй йæхи кæуæг дæр скодта. *НК.* — Сырдон притворился сочувствующим и переживающим. Так старался, что даже слезу пустил
тыхсæттæг — лишающий сил; изнурительный
~ низ — изнурительная болезнь
тыхсой — вьюн (*рыба)*
тыхст — 1. замешательство, переживание; проблема, нужда; 2. спутанный, запутанный; переживающий, встревоженный, обеспокоенный; суетливый

~ адæймаг амалджын у — человек в нужде находчив; голь на выдумки хитра

~ адæймагæн фæлмæн дзырдæй зæрдæтæ авæрын — подбадривать человека, оказавшегося в затруднительном положении

● ~ æмæ уырыдæй цæрын — жить в тяжелейших условиях

Цард æнæуи дæр – ~ æмæ уырыд, цæстысыг æмæ хъарæг. *Гæстæн. Даргъ фæззыгон фæндаг* — Жизнь и без того – сплошные переживания, слёзы и плач

~ рынчын — тяжелобольной

~ хæссын — быть в тяжёлом состоянии

Амæйразмæ дæр дæ абæрæг кодтон, фæлæ ~ хастай. *Умар. Уæ нæ хæхтæ, нæ бæстæ* — Перед этим я тоже проведал тебя, но ты был в тяжёлом состоянии

~ы мидæг æххуысы хай бакæнын — оказать посильную помощь в трудную минуту

~ цæрдтытæ кæнын — жить в бедности; терпеть лишения

● искæй ~мæ къухтæ тавын — наживаться, нагревать руки на чужой беде

● иу йæ ~æй – курæг, иннæ – йæ хъалæй — один просит от нужды, другой − от спеси / избалованности

мæ ~ заманы — в трудное для меня время

● дæ ~ы заман дын тых уыдзынæн, ныфсы заман ныфс — в трудное время силы найдутся, в час надежды надежда придёт

тæккæ ~æй — в самом отчаянном положении

низы ~æй хæрдмæ хауын — страдать от болезни; мучаться сильными болями

фыр ~æй — в отчаянии; от безысходности

тыхстаг — вызывающий беспокойство; предмет беспокойства

~æй мæм ницы ис — мне нечего беспокоиться

~ фарста — беспокойный вопрос

тыхстдзинад — трудность; переживание

тыхстуат — затруднительное положение

тыхстхуыз — озабоченный

тыхстхуызæй — озабоченно

тыхстызмæлд — суета

хæдзары ~ сыстад — в доме поднялась суета

тыхсын — свиться, обвиваться; наматываться; запутываться; переживать; тревожиться, беспокоиться; суетиться; находиться в затруднении; не находить выхода

~ кæнын — мучить, беспокоить, тревожить; донимать

дзæгъæлы ~ — зря беспокоиться

искæй ~ кæнын — быть в тягость кому-л.; донимать, обременять, тяготить кого-л.

● кæлæнгæнæг йæхи кæлæнæй тыхсы — колдуна его же колдовство настигает

ма тыхс! — будь спокоен! будь уверен! не сомневайся

мацæуыл тыхс — ни о чём не беспокойся

химидæг ~ — испытывать внутреннее беспокойство

Куы бамбариккой, цæмæй тыхсæм, цæмæй хъæрзæм, кæдæм тырнæм, уæд нын, æвæццæгæн, фæпайда уаид. *Æхсарбег. Хæххон доны ууынæр* — Если бы они поняли, о чём мы тревожимся, от чего стонем, куда стремимся, тогда, наверное, это бы пошло нам на пользу

● хингæнæгæн йæ хин йæхиуыл тыхсы — хитрецу его хитрость боком выйдет

тыхсынгæнæг — стеснительный, стесняющий

~ уæгæвæрдтæ — стесняющие правила

тыхт — свёрнутый; закутанный

~ гауыз — свёрнутый ковёр

тыхтард — 1. понукание; 2. насильно угнанный

~ бæх — загнанный конь

тыхтæ-амæлттæй — едва, кое-как, насилу

~ бонтæ æрвитын — жить в тягости

~ къухы бафтын — с трудом раздобыть

~ сразы уæвын — с трудом согласиться; дать вынужденное согласие

Æрæджиау дзы ~ схаудта дыууæ дзырды. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — наконец она с трудом вымолвила два слова

тыхтæй-фыдтæй, тыххæй-фыдæй — с трудом, с большими трудностями

мæлæтæй ~ фервæзын — чудом уцелеть; спастись от смерти

тыхтæрæн — насилие, притеснение, принуждение

тыхтон — связка; клубок; свёрток

æхцайы ~ — пачка денег

тыхтона — насилие; перепалка; рвачество

~тæ кæнын — прилагать усилия

Барст дын уæд ацы хатт, / Ацы ~! Искуы ма фембæлæм. / Додой дæ къона! *Къоста. Бирæгъ æмæ хърихъупп* — Пусть на этот раз простится тебе твой проступок! / Но если мы ещё раз встретимся. Горе твоему очагу!

тыхтухæнтæ — мучения, муки, мытарства

~ кæнын — испытывать мучения

тыхтухæнтæй — с невероятными мучениями

~ размæ рацæуын — с трудом выбиться в люди

~ фервæзын — еле спастись

тыхтынд кæнын — отрывать с силой

тыхуарын — ливень

тыхулæфт — удушье; одышка

~ кæнын — задыхаться, тяжело дышать

тыхурæд — резкая, насильственная остановка

хи ~ кæнын — с трудом сдерживаться

зæрдæйы рыст ~ кæнын — сдерживать, подавлять сердечную боль

цæссыгтæ ~ кæнын — с трудом сдерживать слёзы

тыхфæлварæн — испытание силы

~ кæнын — испытывать силу

● ~ мауал ыскæнæм, фæлæ цардфæлварæн ыскæнæм — хватит испытывать себя в силе, давайте испытывать себя в жизни

● ~ уыл чи кæны, уымæн йæ тых куыд сæттат, уыйбæрц арфæ уæ уæд! — кто на вас силой идёт, пусть вами побуждённым уйдёт!

тыхфæлгъуыд — 1. принуждённый; 2. принуждённо

тыхфæлгъуыдæй — принуждённо

тыххæй(ты) I — едва, кое-как, с трудом; насильно

~ аирвæзын — ●едва (еле, насилу) ноги унести

~ дæхи нæ бауарзын кæндзынæ — насильно мил не будешь

~ты фæуæлахиз уæвын — насилу победить

● кæрæдзйыл ~ хæцын — держаться еле-еле

● уд ма удыл ~ хæцы — в чём душа теплится

кæуын ~ бауромын — с трудом не расплакаться

къæхтыл ~ слæууын — с трудом подняться, стать на ноги

тыххæй II — ради, из-за, вследствие; о, об, относительно

адæмы ~ — ради народа

дæу ~ уац бакастæн — я о тебе прочитал статью

канд уый ~ нæ — не только поэтому; по ряду причин

ницæй ~ фесæфын — погибнуть ни за что

уарыны ~ никуыдæм ацыдтæн — из-за дождя я никуда не пошёл

уый ~ — поэтому

уый ~ иу сыпп дæр нæ — об этом ни звука

цæй ~? — за что?

тыххæй-фыдæй — насилу, с трудом

къухы ~ бафтын — с трудом раздобыть

хæринаг ~ арын — с трудом добывать пропитание

тыххæрд, тыхуырдыг — крутизна, крутой подъём

тыххæст — поднятие тяжести

~æй йыл талæу фæзынди — он сорвал здоровье, поднимая тяжести

тыххæссын — понуждение

тыхцард (*бир.* тыхцæрдтытæ) — многотрудная, суровая жизнь

тыхцæрдтытæ кæнын — бедствовать, бедовать, терпеть лишения

тыхцæрдтытæ кæнгæйæ бонтæ æрвитын — вести жизнь, полную лишений; жить, прозябая

рагон тыхцæрдтытæ æрæмысын — вспоминать прежние тяготы

тыхцæф ныккæнын — больно ударить

тыхцыд кæнын — идти с трудом

тыхыскъæрд — сильное подхлёстывание

● царды хæрæгау ~ хъæуы, кæннод размæ нæ цæуы — жизнь надо подхлёстывать, а то вперёд не двинется

тыччы — камешек (*игральный)*

~тæй хъазын — *перен.* играть в бирюльки

● зилгæхох ~йы йас куы уыди, Леуахи – къадайы йас — когда гора была с камешек, а река с ручеек

мæ фæндагыл ~йы йас цæлхдур нæмæ фæци — на моём пути не возникло ни малейшего препятствия

Тъ

тъанг (*бир.* тъæнгтæ) *анат.* кишка; колбаса; шланг

● æд ~, æд тъунг со всеми потрохами

● æд ~, æд тъунг аныхъуырын проглотить со всеми потрохами

Ælдары бон куы цыдаид, уæд æй, æвæццæгæн, æд ~, æд тъунг аныхъуырдтаид. *Азæмæт. Ход* Алдар, если бы мог, то, наверное, проглотил его со всеми потрохами

доныскъарæн ~ пожарный шланг

● искæй æд ~, æд тъунг уынын видеть кого-л. насквозь

лыстæг тъæнгтæ тонкие кишки

раст ~ прямая кишка

ставд ~ толстая кишка

● мæрдты хæрæджы тъæнгтæ фæхæр (хæрæджы тъæнгтæ хæргæ фæцу) чтобы на том свете питался ты ослиными кишками

● тъæнгтæ ацæгъдын задеть за живое; возмутить; взбесить

Хæрзаг та сын сæ тъæнгтæ ацæгъддзæн мæ фæзынд. *Максим. Райсомы мигъ* Небось моё появление опять будет бесить их

тъæнгтæ кæнын делать колбасу

тъæнгтæ кæрдихтæ кæнынц внутренности надрываются

тъæнгтæ хафын *разг.* кишки надрывать; чистить кишки

● æргом ныхас тъæнгтæ хафы откровенный разговор кишки дерёт

тъæнгты низтæ болезни кишечника

тъæнгты фелхынцъ сты заворот кишок случился; надорвался

Машинæйæ дуканийы къæбицмæ дыууæ голладжы куы бахæссын, уæд адонæй мæ тъæнгтæ фелхынц уыдзысты? *Ладемыр. Сихорафон* Что мне будет от этого груза, если я в кладовку магазина по два мешка заношу, когда машину разгружаю?

тъæнгты фиутæ кишечный жир; жир, снятый с кишок

● тъæнгтыл хæцын дожидаться напрасно

Фæнды сæ, цæмæй уыдон хуызæн магуса æмæ æввонгхорæй агæпп кæнон æз дæр. Уæдмæ дæр сæ тъæнгтыл хæцæнт. *Хацырты С. Æцæг хæлар* Хотят они, чтобы я как и они стал таким же лодырем и дармоедом. Не дождутся

● дæ хуылфы цал тъанджы и, уый дæр базондзæни от него ничего не утаишь; всё твоё нутро просмотрит

тъангыскъуыд уæвын надорваться

тъаран вобла, тарань

● искæмæн йæ ~ йæ къухтæм аваерын припомнить, уязвить, уколоть кого-л.

● уымæн ~ дæр – дзидза *разг.* ему всё без разницы

тъасхæ *д.* разведка

~ кæнын разведывать

тъасхæгæнæг разведчик

тъаффа широкая часть кнута

тъахтин тахта

тъахина *охот.* оружие

тъæбæртгæнæг (*бир.* тæбæртгæнджытæ) обслуживающий; угождающий; услужающий; шестерящий

Дæ хæлар цыма дзæгъæл тæбæртгæнджытæй нæу. *Мæрзойты С. Къæхтысæр* Твой приятель вроде не из тех, кто будет суетиться понапрасну

тъæбæртдзæст мерцающий; часто мигающий *(о человеке);* с бегающими глазами

тъæбæртт (*бир.* тъæбæрттытæ) топот; галоп

~ кæнын (ласын) топать; бежать; скакать; мерцать, мигать

● зæрондæй фæсивæдимæ ~ыл ма схæц не тягайся с молодыми на скачках

● иууырдæм дугъ, иннæрдæм ~ носиться во все стороны; где бегом, где галопом

Цыма зæхх йæ къæхты бын судзы, уыйбон иууырдæм дугъ, иннæрдæм ~. *Максим. Райсомы мигъ* Как будто земля горит у него под ногами, несётся то в одну сторону, то в другую

цæсты ~мæ в мгновение ока

цæстытæй ~ кæнын мигать глазами

тъæбæрттæй галопом; во весь мах, во весь опор, вскачь

тъæлланг 1. звон; окрик *(злой);* 2. звонкий

Йæ тызмæг æнгасæй, йæ мæсты ~æй хæрдты хауынц йæ бинонтæ, йæ сых. *Æрнигон. Челе* От его сурового облика, от его сердитого окрика трепещут и родные, и соседи

тъæлландæй звонко

Ма ‘рвит, булæмаргъ, зæлландæй / Цардцин мæ размæ! / Ма зар райсомæй ~ / Рудзынгæй мæ размæ. *Æрнигон. Иунæджы зæрæг* Не посылай мне, соловей, звонкую / Радость жизни! / Не пой звонко по утрам / Мне в моё в окошко

тъæнг (*бир.* тъæнджытæ) треск

~ кæнын трескаться

тъæнджытæ калгæ уазал трескучий мороз

Уазал-иу тъæнджытæ куы калдта, уæддæр-иу дæ уындæй мæ зæрдæ схъарм и. *Æхсарбег. Куырды фырт* Даже когда бывали трескучие морозы, при виде тебя у меня на душе становилось теплее

тъæнг-тъæнг кæнын рявкать; отчитывать

Хъазджери мæстыйæ кæуылдæр ~ кодта. *Ашæх. Нæ фæлтæры фæндæгтæ* Казгери в сердцах отчитывал кого-то

тъæнджы мæй январь *(букв. месяц трескучих морозов)*

● ~ы арв нæ нæры всему своё время; зимой гром не грянет

~ы уазалтæ январские морозы

● рагон лæг ~ы хуры цæст федта ’мæ йæ кæрц ауæй кодта один в старину в мороз как приметил солнца луч так сразу и продал шубу

● сæнæфсиры къæрных ~ бæрæг кæны кто летом виноград таскает, в трескучий мороз выяснится

тъæпæн 1. плоскость; гладкая поверхность; площадь; 2. плоский; низкий; приземистый

~ кæнын сплющивать

~ фындз приплюснутый нос

~ хъæдур — чечевица
~ хъæу — кладбище; *букв.* плоское селение
Кæугæ дæр-иу акæ дæ фыды æнæ дæ цæссыг ма ауадз ~ хъæумæ. *Баситы М. Зæрдæты дугъ* — Ты хоть поплачь, проводи отца на кладбище со слезами
армы ~ — ладонь
Зæхх ~ кæй у, ууыл фидар æууæндысты. Раджы, раджы уыд уый. *Къодоты О. Дуджы фæлгæт* — Они твёрдо верили, что земля плоская. Давным-давно это было

тъæпæнæг (*бир.* тъæпæнджытæ) — кадушка, кадка
● ~ къуыстилы ивы — менять шило на мыло
● тъæпæнæджы хуызæн адæймаг — коротышка, толстяк
тъæпæнбылой — плоскогубцы
тъæпæнбын — плоскодонный
~ чема / бæлæгъ — плоскодонная лодка
~ аг — медный котёл для пива
тъæппæнгопп худ — пилотка
тъæпæндзартæ — ярусы (*плоские площадки в горах*)
тъæпæнсæр — с плоской крышей
~ хæдзар — горская сакля с плоской крышей
тъæпæнсы саг — лось
тъæпæнсыкъа — *охот.* лось
тъæпæнфаст — гладкопричёсанный
тъæпæнфындз — тупоносый
тъæпнад — *прост.* лупка, лупцовка
тъæпп; тъæппытæ — 1. удар; 2. хлоп, бац
~ ахауын — треснуть; *разг.* лопнуть *(от зависти)*
~ кæнын — хлопать, ударять; лопаться, трескаться
~ фæцыд — раздался шлепок
доны йæ ~ фæцыд — он шлёпнулся в воду
зæххыл йæ ~ фæцыди — грохнулся оземь
Афайыл йæхи баскъæрдта, фæлæ та фæстæмæ зæххыл йæ ~ фæцыд. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Он бросился к Афаю, но снова шлёпнулся на землю
искæуыл йæ ~ фæцыди — свалился на чью-л. голову
йæ ~ æдзух йæ сыхæгтыл фæцæуы — все его проблемы всегда соседи разрешают
~ хауын — лопаться, трескаться
~ хауын фырхæрд æмæ фырнозтæй — лопаться от выпитого и съеденного
минасæй ~ хауын — объесться
нардæй ~ хауын — лопаться от жиру
Сырдонæн уыди нард хæрæг, фиуы къæртт цыма уыди – стымбылтæ ис æмæ нæрдæй ~ хаудта. *НК._Сырдоны хæрæг фæразæй* — Был у Сырдона жирный ишак, как кусок сала весь округлился – стал он таким круглым, что от жира лопался

цардæй ~ хауын — *разг.* жить в полном достатке
ам – ~, уым – ~ — кое-как, плохо; небрежно; тяп-ляп
ам – ~, уым – ~æй кусын — работать спустя рукава
машинæ иу ~æй скуыста — машина сразу завелась

тъæппæй — наскоком; наспех; на скорую руку
● ~ дуцгæйæ нæу, фæлæ сабырæй — наскоком ничего не добиться

тъæпкъах — плоскостопие; *перен.* неряха

тъæппытæ-мыхъхъытæ — хлопанье дверью в сердцах; громкое сердитое топанье, бросание предметов

тъæппытæ хауын — разрываться
зæрдæ ~ хауы — сердце разрывается
мæ сæр ~ хауы — у меня раскалывается голова
мæстæй ~ хауын — беситься от ярости
кæрæдзи схуыстытæ æмæ ~ кæнын — толкаться и пинаться
фыр хæлæгæй ~ хауын — лопаться от зависти
Хæлæгæй ~ хауы, сæхи læппутæ куыройы доны куыд цыллинджытæ кæнынц уымæ. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Вид соседских мальчиков, плещущихся в воде у мельницы, вызывает у него жгучую зависть
фыр худæгæй ~ хауын — корчиться от смеха

тъæр — место в доме, где складывают дрова

тъепа, тъепагæсаг — мелкая рыба, малёк, карась; мелкая сошка; маленькие санки
фурды – ~, галы комы – сыфтæр — капля в море; что-то очень маленькое, незаметное
● ~ дæр бырыди ’мæ дзоныгъ дæр — и саночки скользят, и сани
● ~ ласынæн æмæ бырынæн у — маленькие санки и для перевозки, и для катания сгодятся
● ~ сурыл аззайгау йæ дзых фæхæлиу-фæхæлиу кæны — хватать воздух как рыба, вытащенная на берег
● ~ сывæллæттæн хъазæн у — маленькие санки – детям забава
● ~йы дзоныгъваг суг самадтой æмæ йе ’фсæр ныссаст — нагрузили дров как на большие сани, вот саночки и сломались
● ~йыл галтæ ничи ифтындзы — из пушки по воробьям; в маленькие санки быков не впрягают

тъизæг (*бир.* ææææ — 1. нытик; 2. плаксивый

тъизой — 1. нытик; 2. плаксивый

тъизын — хныкать, плакать
~ дæ сæрмæ ма хæсс — не будь нытиком
Ædзух дæ хъуыр-хъуыр æмæ дæ ~æй адæм схъæхдæндаг сты. *Бицъоты Г. Арвы айдæн* — У людей оскомина от твоего вечного ворчания и хныкания

тъизындзинад — хныканье

тъолма — голубцы

тъуз — туз *(в картах)*

тъунг — *разг.* потрох
● æд тъанг, æд ~ — со всеми потрохами

тъунел туннель

тъупгæнаг (*бир.* тъупгæнæгтæ) пузырь

кæсаджы ~ плавательный пузырь

тъупгæнаг сындз *бот.* дурман

тъупп-тъупп кæнын стучать, колотить

тъури *дет.* круглый камень, употребляемый в игре

тъыл гайка

~тæ баздухын закрутить гайки

тъылланг плеск; крик

тъылланг-тъыллунг плескание; разбрызгивание

тъылолупп шлепок; бряканье; чавканье

– Кæсут, æмæ ма уæ хъус дарут цæй ~ытæ хъуысы. Уый Батырадзы гуыпп у. – Нæ уæдæ ды! Фæдисы дæр æнæфсæстæй нæ цæуы. *НК. Нартæ æмæ мæликк* – Берегитесь и прислушивайтесь к звукам, что доносятся. Это Батрадза стук. – Ну что ты будешь делать. Голодным он не сдвинется с места даже по тревоге

тъыма-тъыма весь род, вся родня; во веки веков

● йæ ~ дæр ын зонын знать как свои пять пальцев; знать всю подноготную

тъысгæдзаг набитый битком

Бадæнтæ, уæлвæйнæгтæ, цæуæнтæ иууыл ~ уыдысты адæмæй. *Арсен. Фембæлдысты* Сиденья, полки, проходы, всюду набились люди

тъыссæнтæ запасы

~ кæнын запасаться, делать запасы

тъыссæнтæгæнаг запасливый

тъыссын совать, вкладывать

● дæ къус кæм нæ уа, уым дæ уидыг ма тъысс в чужой соус своей ложкой не лезь

● бинонты царды фындз ~ совать свой нос в дела чужой семьи

хи ~ вмешиваться

алы хъуыддаджы хи ~ всюду лезть

● искæй(ы) хъуыддаджы дæхи ма тъысс не вмешивайся в чужое дело

йæхи цы хъуыддаджы нæ тъыста, ахæм нæ уыдис всюду совал свой нос; куда только не лез

тъыфал веко

тъыфыл небольшая охапка

миты ~тæ хлопья снега

● ныхас – ~, йæ сæххæст та – мæкъуыл сказать – что охапку собрать, сделать – целый стог сложить

тъыфылхъус лопоухий; вислоухий

● бæхæн йæ ~мæ ма кæс не смотри, что конь вислоух; не суди по внешности

У

у *3 л. ед. ч. наст. вр. от* уæвын / уын «быть»
уый студент ~ он студент
● мит урс ~, фæлæ дзы къæхтæ сыйынц снег белёхонек, да ноги от него мёрзнут
уа так
~ æхсызгон дæ цæмæ бахъуыд? зачем он тебе так срочно понадобился?
~ раджы слишком рано
Кæцæй дæ Хуыцау æрбахаста ~ раджы? откуда тебя Бог принёс в такую рань?
уый ~ диссаг нæу ничего такого удивительного в этом нет
уавæр условие; положение
~ фендæр положение изменилось
~æй разы уæвын мириться со своим положением
~æй рахизыны мадзал ссарын найти выход из положения
~имæ нæ фидауын не мириться с обстоятельствами
~тæ домынц хуыздæрмæ ивддзинæдтæ условия нуждаются в улучшении
~тæй разы уæвын довольствоваться положением
~тæй тыхсын тяготиться условиями
~ы æлдар хозяин положения
~ы бахауын оказаться в положении, в трудных условиях
уæлдай зын ~ы бахауын попасть в трудное положение, в беду; пострадать больше других
æбæрæг ~ неопределённое положение
æвадат ~ безвыходное положение
Чиныг цы у, уый нæ зыдтой. Ахæм æвадат ~ты сæ æппæтæй тынгдæр хъуыди сæ мадалон æвзаг. *Изæтбег. Хурмæзилæг* Они не знали, что такое книга. В таких трудных условиях для них важнее всего был их язык
æвзæр ~тæй хъаст кæнын жаловаться на трудные условия
æддагполитикон ~ внешнеполитическая ситуация
ælхъывд ~тæ стеснённые обстоятельства
æмбæлгæ ~тæ аразын создавать надлежащие условия
ænæнхъæлæджы ~ты министрад министерство по чрезвычайным ситуациям
ænæуæзады ~ состояние невесомости
ænахъинон ~ нелепое положение
ændæгъд ~ напряжённое положение
æфсæддон ~ военное положение
æхсæнадон ~ общественное положение
барадон ~ правовой статус
бæллицæг ~ завидное положение
бинонты ~ семейное положение

бинонты ~мæ гæсгæ	по семейным обстоятельствам
Курдиат ныффыста. Йæ бинонты ~мæ гæсгæ, йæ куыстæй уæгъдгонд цæмæй æрцæуа, уый тыххæй. *Æхсарбег. Хæххон доны уынæр*	Он написал заявление. Чтобы его освободили от работы по семейным обстоятельствам
боныхъæды ~тæ	погодные условия
бынсæфт ~	плачевное, безвыходное положение
демографион ~	демографическая ситуация
зын ~æй ферæзын кæнын	вызволить из трудного положения
зынвадат ~	затруднительное положение
искæй ~ бамбарын	входить в чьё-то положение
искæй æнæмбæлгæ ~ы сæвæрын	поставить кого-л. в неудобное положение
иу ~æй иннæ ~мæ хизынхъом уæвын	переходить из одного состояния в другое
йæ ~ æвзæрæй æвзæрдæр кæны	его состояние ухудшается
йæ ~ дыууæйыл у	его положение неопределённое
кадджын ~ы	торжественно; в праздничной обстановке
кадджын ~ы сбæрæг кæнын	отметить в торжественной обстановке
кæуинаг ~	плачевное состояние
уæ ~ кæуинаг куы нæ уаид, уæд ныххуд	можно бы посмеяться, да плакать впору
материалон ~ фæхуыздæр кæнын	поправить своё материальное положение
материалон ~тæ	материальные условия
нырма йæ ~ тæссаг у	пока он в опасности
ныртæккæйы ~мæ гæсгæ	судя по сегодняшней ситуации
сæрмагонд ~тæ	особые условия, преимущества
сæрмагонд ~тæй пайда кæнын	пользоваться удобствами, преимуществами
сæфты ~тæй тыхджындæр разынын	справиться со смертельной опасностью; оказаться сильнее опасности
тæссаг ~тæй бафæдзæхсын	оградить от опасных обстоятельств; предотвратить опасность
тæссонд ~	шаткое положение
тыхст ~ы уæвын	быть в стеснённых обстоятельствах
тынг æвзæр ~	положение хуже некуда
фыццаджы ~тæ æгъгъæд нал сты	прежние условия стали уже неудовлетворительны
хæххон ~ты	в условиях гор
Ахæм уæззау æмæ тыхст рæстæг стыр арæзтадмæ, уæлдай та хæххон ~ты бавналан ис, уый зын бауырнинаг уыд. *Хъаныхъуаты В. Хохаджы зæрдæйы рухс*	Было трудно поверить, что в такое трудное время приступить к такому большому строительству возможно, да ещё и в условиях гор
хъулайы ~	осадное положение
хъуыддаг зын ~ы уыд	дело было на грани срыва
цардуагон ~тæ	бытовые условия
цæрæнуаты ~тæ	жилищные условия
царды уæззау ~тæ	тяжёлые жизненные условия

уаг, уагахаст нрав, характер; норма; поведение; порядок; распорядок; положение, состояние

~ æвæрын устанавливать порядок

~ зонын соблюдать порядок; знать правила приличия

Годзе уыди дзырдзæугæ сылгоймаг, йæ къæхы айстæн дæр ~ æмæ æгъдау чи зыдта, ахæм. *Ашæх. Ход* Гозе была авторитетной женщиной, которая во всём знала и правила приличия, и обычаи

~ нæ зонын не соблюдать порядок; не укладываться в рамки

дзыхæн ~ нæ зонын быть дерзким на язык; давать волю словам

адæмы ~ыл по-людски

азымджын ~æй с виноватым видом

æмбæлгæ ~ыл как положено; должным образом

æвзæр ~ райсын усвоить дурную привычку

алцæмæн дæр ~, рæстæг æмæ æгъдау ис для всего есть порядок, время и приличие

● йæ ~ыл нæу он не в своей тарелке; в необычном, неприятном для себя состоянии

– Хъæумæ куы ныууаиккам. – Дæхæдæг ныууай, æз мæ ~ыл нæ дæн. *Умар. Цард тындзы сæ размæ* – Может, проскочим в село. – Поезжай сам, я что-то не в форме

зæрдæйы ~ настроение; расположение духа

зæрдæйы ~ бамбарын кæнын объясниться с кем-л.; выразить чувства

зæрдæйы ~ аивын передумать; изменить отношение

нывыл ~æй должным образом; как положено

ныхасы ~ тон, характер речи

цы ныхасы ~æй дзурыс? каким тоном ты разговариваешь?

уазал ныхасы ~æй холодным тоном

хæстæ хъæугæ ~æй æххæст кæнын надлежащим образом выполнять обязательства

хи ~ыл ныууадзын предоставить самому себе

хи цардæн ~ сæвæрын наладить / установить свой жизненный уклад

хронологийы ~ыл æвæрд цæуын располагаться в хронологическом порядке

царды ~ образ жизни; быт; уклад

уагахаст поведение; состояние; положение

æнæуаг ~æй тыхсын кæнын беспокоить неподобающим поведением

~æй бæрæг дары по поведению можно судить

~ы цæхгæр ивддзинæдтæ резкое изменение поведения

уагæвæрæг (*бир.* уагæвæрджытæ) организатор; устроитель

ног ~ реформатор; реорганизатор

уагæвæрд положение, ситуация, обстановка; устав; правило; статус

~ сфидар кæнын принять положение; утвердить устав

~æй фæиртæст отступление от правил

~мæ гæсгæ по правилам; в соответствии с уставом

~ы закъонхæлдтытæ ссарын — обнаружить в уставе несоответствия закону
~ы сæйраг домæнтæ — основные положения устава
~ы хыгъдгонд бæрæггæнæнтæ — перечисленные в уставе положения
~ыл æнцой кæнын — опираться на устав
~ыл æнцойгæнгæйæ архайын — действовать согласно уставу
~ыл æххæст кæнын — действовать по уставу
~ыл баныхас кæнын — обсудить устав, положение
æвзæрстыты ~ — положение о выборах
ерысы ~ — условия, правила соревнований
институтмæ бацæуыны ~ — правила поступления в вуз
ног ~ — новшество, нововведение
снысангонд ~мæ гæсгæ — в соответствии с принятым уставом
тыхсынгæнæн ~тæ — стесняющие правила
уынгты змæлды ~тæ — правила уличного движения
фæндаггон змæлды ~тæ — правила дорожного движения
фидаргонд ~ — утверждённый порядок, распорядок
хидарыны ~ — правила поведения

уагæр, уагæры — *частица, выражающая удивление, вопрос*
~ æвзæрæй цы ракодта? — Что такого он мог сделать?
~ цавæр хъуыддаг уыдаид? — интересно, что это могло быть за дело?
Уым ма цы маст баззад ~ йæ зæрдæйы, / ~ цы зæрдæйы мæт нæу уым рохы? *Къоста. Хетæг* — Какое горе, должно быть, осталось в сердце, / Какое же беспокойство, должно быть, ещё живо в нём?
~ цавæр чызгыл барвæссыд? — не представляю, какую девушку он выбрал?
цастæ сæ хъæуы ~? — сколько им всё-таки нужно?

уагдар — распорядитель

уагдæттæг (*бир.* уагдæтджытæ) — устанавливающий порядки, правила

уагдон (*бир.* уагдæттæ) — бюро, заведение; учреждение; *воен.* ставка
ахуыры ~ — учебное заведение
зонадон ~ — научное учреждение
ирхæфсæн ~ — развлекательное заведение
культурон-рухсадон ~ — культурно-просветительские учреждения

уагдонад (*бир.* уагдонæдтæ) — ведомство
~мæ басидын — обратиться в ведомство
æфсæддон ~ — военное ведомство

уагджын — порядочный, честный; выдержанный
– Нарт, Батрадзæй тыхджындæр, ныфсджындæр, йæ гуыбыныл хæцынæй, сылгоймагимæ ~дæр никæй ссардзыстут. *НК. Нарты æмбырд* — Нарты, никого вы не найдёте сильнее, храбрее, воздержаннее в еде и порядочнее в отношениях с женщинами, чем Батрадз

уагуадзæн — перемена, реорганизация

уагхæлд, уагхæлддзинад — нарушение порядка, распоряжения, положения
~ рабæрæг кæнын — выявить нарушение

Бæрнон кусджытæ рабæрæг кодтой ~. ответственные работники выявили нарушение

ænæ ~æй без нарушений

ænæ ~æй ахицæн уæвын пройти без нарушений

уагыл 1. беспорядок; 2. из-за, по причине

уагъд 1. отпуск; выпуск; 2. отпущенный; развод; разведённый *(о супругах)*

~ ус разведённая жена

джиппы ~ цæуын выйти в печати

йæ цæстæй йæ ~ нæ уагъта не выпускал его из поля зрения

уагъылы *бот.* шиповник

~йы дыргътæ плоды шиповника

~йы дидинæг цветок шиповника

Ды тæрсыс фыдбоны тымыгътæй, мылазон мигътæй, фæлæ æнцон басæттæн нæ дæ, сындзджын ~йы дидинæг æнцон æртонæн куыд нæу, афтæ. *Калоты Х. Тыхгæнджытæн – мæлæт!..* Ты боишься ненастий тяжёлых дней, чёрных зловещих туч, но тебя нелегко сломить, как нелегко сорвать цветок шиповника

~тæ сырх арт суагътой заалели ягоды шиповника

~ы къутæр куст шиповника

● де ‘взаг ~тимæ аныхъуырыс, æви что ты, язык проглотил (вместе с шиповником)

уад I (*бир.* уадтæ) вихрь, буря, ветер

~ау тæхын мчаться вихрем

~ы уынæр рёв бури

● дзæбидыры хъусы ~ бесполезно говорить; говори – не говори, всё одно

зилгæ дымгæ æмæ тæхгæ ~ *фольк.* крутящийся вихрь, окутывающая вьюга

Къæрид кæрцы бызгъуыртæ фæйнæрдæм рæмудзы здухгæ ~. *Максим. Дзыллæйы сагъæстæ* Вихрь рвёт старую шубу во все стороны

Ирон адæмы ’хсæн дзырд ~ы бæхыл бады, сусæг нæ кæны. *Секъа. Мад æмæ фырт* Молва среди осетин вихрем разносится, секрета не утаить

● ныхас ~æй тагъддæр у, топпæй – тыхджындæр слово ветра быстрее, ружья сильнее

уад II (*бир.* уадтытæ) бег; визит, поездка, пребывание

æхсгæ ~ краткосрочный визит / пребывание

æхсгæ ~æй смидæг уæвын заскочить ненадолго

къæхтæ сиргæ ~æй цагъдын взбрыкивать; пританцовывать

уадæмдых *поэт.* равный силе ветра, бури; бурегон

мигъæмдзу ‘мæ ~ бæх конь-бурегон; конь, бегущий с тучами и бурей наравне

Йæ мигъæмдзу æмæ ~ бæх æй арвæй зæххы астæуты фескъæфы. *НК.* Конь его, бурегон, по облакам несёт его между небом и землёй

уадæмдзу *поэт.* не уступающий буре, ветру; бурегон

мигъæмбал æмæ ~ бæх — конь, бегущий с тучами и бурей наравне

уадгалд — бурелом

уадгуырой *(бир.* уадгуырæйттæ) — ветряная мельница

уаддавд — унесённый бурей, ветром

уаддымгæ — буря

уаддымд — 1. непоседа; *фольк.* быстроногий *(о лошади);* разнесённый, развеянный, унесённый ветром

дæ хæдзар ~ фæуæд — чтоб в твоем доме ветер гулял, чтоб дом твой опустел

уадджын — бурный

~ денджыз — бурное море

● уалдзæг – ~, фæззæг – мæкъуылджын — весна с грозами – быть осени со стогами

уаддзагъд — поваленный ветром, бурей

~ бæлæстæ — поваленные бурей деревья

уаддзалх — *бот.* перекати-поле

уадидæгæн — *разг.* быстро, стремительно; вскоре, скоро, тотчас же, сразу, в два счёта

боныхъæд ~ аивы — погода очень переменчива

фарстæн ~ дзуапп дæттын — мгновенно дать ответ

~ цæ афснайдта Сатана. Стæй Хæмыцæн зæгъы: – Нарддæр кусæрттæгтæ ‘рбаргæвд æмæ мын Нарты ‘рхон. *НК.3* — Тотчас прибралась Шатана. И говорит потом Хамыцу: – Забей самых откормленных животных и пригласи в гости Нартов

Дзамболат хъырымаг раскъæфта, æмæ дыууæ барæджы ~ мæйдары фæтар сты. *Азæмæт. Амондуарджытæ* — Дзамболат выхватил кремневое ружьё, но два всадника стремительно скрылись в темноте ночи

уадиссаг (*бир.* уадиссæгтæ**)** — нечто важное, значительное, особенное

~ раппæлинаг дзы ницы ис — нечем тут особенно похвастаться

~æй ницы загъдæ уыд — ничего особенного сказано не было

ницы уадиссæгтæ нæм ис — ничего сверхъестестенного с нами не произошло

– Арфæтæ кæнын нæ зонын. – Хатыртæ ма кур, ~æй ницы сарæзтам. *Бицъоты Г. Арвы айдæн* — – Я и поблагодарить, как следует, не умею – Не за что просить прощения. Мы ничего особенного не сделали

цыбыр афæлгæсты ~æй цы хъуамæ загътаид — что особенного он мог сообщить в коротком выступлении

уадиссаджы уавæртæ — чрезвычайные обстоятельства

уадздзаг (*бир.* уадздзæгтæ) — лента, полоса, полоска; пояс

æрчъиаджы дæргъ ~ — полоска кожи на арчи

зæххы ~ — полоска земли

кувæндоны бæлæстыл хæцъилы уадздзæгтæ бабæттын — повязать на ветки деревьев у святилища ленточки

сырддзæрмттæй уадздзæгтæ рауадзын — нарезать полоски из шкур зверей

уыгæрдæны нарæг уадздзæгтæ — узкие полосы сенокоса

уадсаст, уадгалд — бурелом

~ бæлæстæ — поваленные деревья

уадсис(тæ) — небольшие перистые облака

уадсур
~ æфсургъ
уадтымыгъ
сыстад ~
царды ~тæй нæ сæттын
уадул
~ ныкъкъæрц кæнын
● дæ ~ дын исчи куы ныццæва, уæд æм иннæ бадар
~æн аба кæнын
~æн дзæхст ныккæнын
Æлгъыст фæуæд йæ ~ы ныдздзæхстæн / Ныббарынвæнд кæмæ æрцыд фыццаг! *Михал. Цæссыгты ком*
~тæ сырххъулон аисты
~ты дзыхъхъытæ
йæ ~тæ ссырх сты уазалæй
мидæмæ хауд ~тæ
ставд цæстысыг æруади тымбыл ~ыл
Ныййарæгæн, хъæбул мысгæ, фæцæйтоны йæ зæрдæ, / Æрцæйтулы йæ ~тыл цæссыг. *Дæуыт. Нæ байсысти йæ хъыг*
хæмпус ~тæ
уадфидиуæг *(бир.* уадфидиуджытæ)
уадымс, уддзæф

изæрон ~
Рог сатæг ~ æхсызгон уыди се ‘ппæтæн дæр
сабыр ~ ‘рбаулæфыд
сыгъдæг ~ хæхты ‘рдыгæй ‘рбадымдта
уадын
уадынгарз *(бир.* уадынгæрзтæ)
гуыбынон ~
дæлæйы ~
хуыйысæр ~
уадындз

~ бамыр
~ уасы
~ фæдисмæ сиды
~ы хъæлæс
~ты хъæр зæлы
● иу ~æй уасын
автомобилон ~тæ
алæмæттаг ~

фольк. скакун-бурегон
жеребец-бурегон
метель, буран
поднялась метель
не гнуться от житейских бурь
скула, щека
отвесить пощёчину
если тебя ударят по щеке, подставь другую
поцеловать в щёчку
дать оплеуху
Пусть будет проклят тот, кому пощёчину / Вздумалось первому простить!

щеки пошли красными пятнами
ямочки на щёчках
мороз разрумянил его щёки
впалые щёки
крупная слеза скатилась по круглой щёчке
Сердце матери, сына вспоминая, разрывается, / По щекам слёзы катятся

пухлые щёки
зоол. буревестник, альбатрос
поэт. тёплый, лёгкий ветерок, зефир, веяние
вечерний ветерок
Всем был приятен лёгкий прохладный ветерок
дохнул слабый ветерок
с гор повеяло чистой прохладой
музыка
музыкальный инструмент
муз. разновидность виолончели
муз. тип балалайки
муз. разновидность скрипки
муз. свирель, разновидность продольной флейты
затихла свирель
поёт свирель
свирель играет тревогу
звук свирели
раздаются звуки свирели
дудеть в одну дуду
автомобильные сирены
фольк. волшебная свирель

Æфсатимæ уыд алæмæт ~, уый йæ балæвар кодта Ацамæзæн. — Была у Афсати волшебная свирель, и подарил он её Ацамазу

Уарзонæн а зæххыл хорзæй цы курын, / Уый æз мæ зæрдæйы ~æй дзурын. *Чеджемты Æ. Арвæй цы курын* — Того, что прошу для любимой своей, / Я выражу сердца свирелью моей

сыгъзæрин ~ — *фольк.* золотая свирель

Иудзæвгар куы рацыд, уæд Агуындæ сцалцæг кодта ~ æмæ йæ ратта Ацæмæзæн. — Спустя время, Агунда починила эту свирель и передала её Ацамазу

сауæфтыд сыгъзæрин ~ — *фольк.* чернённая золотая свирель

уалдзæг иууылдæр цъæхснагмыр ~тæ фесты — весной все звонко заголосили

лалым-~ — разновидность волынки

фыййауы ~ — пастушья свирель

фыййау цъæхснаг ~æй уасы — дудит пастух свирелью звонкой

хъæлæсы / хурхы ~тæ — голосовые связки

Иу ус, йæ хъæлæсы ~тæ тыхджын кæмæн уыдысты, ахæм, кодта хъарæг, дзырдта, æвæццæгæн, алы ран дæр цы ныхæстæ кодта, уыдон. *Арсен. Ханифæйы мæлæт* — Одна из женщин, у которой был сильный голос, причитала, произносила слова, которые, наверное, говорила каждый раз и на других похоронах

хурхы ~тæ ахгæдтой — голосовые связки закрылись

хурхы ~ты архайдмæ гæсгæ дæр æмхъæлæсонтæ алыхуызон сты — согласные различаются и по участию голосовых связок в их образовании

Ацæйы фырт чысыл Ацæмæз йæ ~ аст æвзагæй сифтындзы — Сын Ацы маленький Ацамаз заводит свою свирель на семи языках

цуаноны ~ — охотничий рожок

уадынон — музыкальный

~ культурæ — музыкальная культура

уадз — поговорка

~æн баззайын — войти в поговорку

уадзаваерд — поражённый, изумлённый, растерянный

~ баци — он был изумлён

уадзаваердæй — поражённо, изумлённо, растерянно

уадзæн бынат — пропускной пункт

уадзæндзырд — изречение

уадзевзæ *д.* — стих

уадзимист *д.* — легенда

уадздзаг (*бир.* уадздзæгтæ) — полоса, полоска; лента; пояс

æрхуыйы ~ — медная полоска

æфсæйнажы ~ — полоса железа

сырддзæрмттæй уадздзæгтæ рауадзын — вырезать полоски из кожи животного

сырх ~ алыг кæнын — перерезать красную ленточку

уыгæрдæны нарæг уадздзæгтæ — полосы земли для сенокоса

фæндаджы ~ — дорожная полоса

Йæ цæстытæ фæндаджы ~æй дарддæр ницыуал ахстой. *Бицъоты Г. Урс æмдзæвгæтæ* — Кроме дорожной полосы он ничего не различал

фæндаджы уадздзаджы дыууæ фарсы — по обе стороны дорожной полосы
хæцъилы ~ — ленточка
хуымхъахъхъæнæн хъæды ~ — полезащитная лесная полоса
хъуымацы уадздзæгтæ — тканевые ленты
царды амондджын ~ — счастливая полоса жизни

уадзыг (*бир.* уадзгуытæ) — 1. беспамятство; обморок; 2. упавший в обморок, потерявший сознание; бессознательный

~ фæуын — упасть в обморок, потерять сознание
уадзгуытæ кæнын — терять сознание
искæуыл уадзгуытæ кæнын — сходить с ума по кому-л.
уадзыджы уавæрмæ æрцæуын — быть в обморочном состоянии
● хæппæй ~ чи кæны, уый фæдисæн нæ бæззы — пугливого в погоню с собой не берут

уадзыгæй — без сознания
~ ахауын — упасть без сознания
Æрхаудтæн æз уæд ~, / Цы æрцыд, цы уыд – нæ бамбæрстон. *Хъаныхъуаты В. Кадæг* — И тут я без сознания упал, / Что случилось, почему – не понимал
~ æрбаййæфын — застать в бессознательном состоянии
зæххыл ~ æрфæлдæхын — опуститься на землю без сознания

уадзыггæнæг — одуряющий, опьяняющий, одурманивающий

уадзыггонд — забытье

уадзын — оставлять; разрешать, позволять; давать возможность; пускать, отпускать

уадз, уæд афтæ — пусть всё будет так
Кæддæр амондджын кæм уыдтæ, уырдæм фæстæмæ здахын нæ хъæуы, уадз, баззайа цæстыты раз афтæмæй. *Хъайтматы С. Дзерассæ* — Туда, где некогда был счастлив, не нужно возвращаться, пусть в памяти останется всё так, как было
арахъ ~ — гнать араку
æппын уæгъд нал ~ — не оставлять в покое
дон ~ — пускать воду
джиппы ~ — печатать, издавать
дзыхæй уадзгæ нæ ракæнын — не произнести; безмолвствовать
● куыроймæ дон куы уадзай, уæд ыссын агуры — подвёл воду к мельнице, так молоть принимайся
куыст нæ ~ — не оставлять работу, не бросать дело
мондæгтæ ~ — отвести душу; излить душу
пиллон арт ~ — извергать пламя; неистовствовать
тæф ~ — источать запах
туг ~ — пускать кровь
– Уадзгæ дæ не скæндзынæн – æууæнк уыл нæй сымахыл! – Уæдæ мыл бæхбадт акæн. *НК.* — – Я тебя не отпущу – вам доверия нет никакого! – Ну, тогда садись на меня верхом
● удæй арт ~ — выходить из себя; сильно стараться

фæллад ~ — отдыхать

фæстейæ ~ — опередить; оставить позади

хъуаг нæ ~ — обеспечивать всем необходимым

цæссыг ~ — обливаться слезами

Нæ арв-иу йæ мигътæй къуыригай фæкæуы нæ цардыл, / Нæ хæхтæ дæр уадзынц сæ цæссыг, мæнау. *Секъа. Æнкъард хъуыды* — Неделями тучи из-за жизни нашей рыдают, / Наши горы льют слёзы, со мною стенают

Цы уадзгæ у ивгъуыды, цы исгæ – фидæнмæ — негодное прошлому отдать, нужное надо в будущее взять

чиныг ~ — выпускать книгу

уадзынхъомдзинад — *физ.* проводимость

уаз — святой, праведный; божественный

~ бæллиц — праведное стремление

~ бынæттæ — святые места

фыдæлтыккон ~ бынат — древнее святое место

Уæд цы кадджын дæн: æдзухæй / Хъахъхъæнынц мæ ~ бынат, / Куы рæнхъон хæстонтæ йе та – / Даргъ, фæтæнуæхск лейтенант. *Хаджеты Т.* — Какой же у меня почёт: всегда / Караул у моего святого места несут / То солдаты рядовые, / То высокий широкоплечий лейтенант

~ ном — священное имя

Долорес кæд бирæ нæ фæцард, уæддæр ын кæддæриддæр йæ ~ ном хорзæй кæй мысдзысты, уый дызæрдыккаг нæу. *Р. 11.11.2017* — Хоть и недолгую жизнь прожила Долорес (*Билаонова*), но, без всякого сомнения, её светлое имя всегда будут вспоминать с благодарностью

~ ныв — священное изображение; икона

~ нысан — благочестивая цель

уазал — 1. холод; холодность, равнодушие, безразличие; простуда; 2. холодный

~ ахаст дарын — относиться с равнодушием, холодно

● ~ æмæ стонгæй бирæгъ дæр тæрсы — голода и холода даже волк боится

~ дымгæ — холодный ветер

~ дзы бацыди — он простудился, переохладился

~ кæнын — остывать; мёрзнуть; становиться холодным; остужать

хи ~ кæнын — простудиться

~ цæстæнгас — холодный, равнодушный взгляд;

~æй æндзыг кæнын — цепенеть от холода

~æй гæртт-гæртт кæнын — дрожать от сильного холода; зуб на зуб не попадает

~æй фæлæуæн нæй — нестерпимо холодно

~ы басыйын — околеть на холоде

● зæрдæ ~ кæны — сердце замирает, холодеет

● искæуыл ~ дон бакалын — выплеснуть ушат холодной воды на кого-л.; ошарашить, ошеломить кого-л.

● кæдæм тагъд кæныс – дæ дзаджджынтæ куынæ ~ кæнынц! — куда так поспешаешь, будто угощенье остывает!

сырдтæ зымæджы ~æй бамбæхстысты — звери попрятались от зимней стужи
тъæнг ~ — трескучий мороз
уадултæ ссырх сты ~æй — мороз разрумянил щёки
уæнгты æнахуыр ~ риз ацыд — члены сковал холод
фыццаг ~тæ ма дард сты — первые морозы ещё нескоро
~ цæстæй кæсын — относиться холодно; холодно смотреть
● цæхджын фыд æрæгмæ ~ кæны — *букв.* солёное мясо остывает дольше

уазалад — холод; холодность, безразличие
уазалæй — холодным; в холодном виде
~ бахæрын — съесть холодным
уазалæнбыхсаг, **уазалæнфæразон** — морозоустойчивый, морозостойкий *(о растениях)*
уазалбацыд — простуда
уазалбын — холодноватый
уазалгæнæн — 1. холодильник; 2. холодильный
~ камерæ — холодильная камера
уазалгонд — охлаждённый
уазалдзæф — прохладный; подмороженный
уазалдзинад — холодность, равнодушие; холод
уазалриз — озноб, лихорадка
~ кæнын — быть в лихорадке
уазалзæрдæ — 1. безучастие; 2. равнодушный; безучастный
~ дарын — относиться равнодушно, холодно, безразлично
уазалзонд — холодность, беспристрастность; равнодушие
уазалцæст — равнодушный
уазалцæстæнгас — холодность, равнодушие, невнимание
уазæг (*бир.* уазджытæ) — гость
● ~ – бинонты амонд — гость – счастье для семьи
● ~ кадыл даринаг у — гостя с почётом надо принимать
~ кæнын — принимать, угощать гостей; присматривать
~, мидæмæ! Ностæй рæвдз не стæм, фæлæ нæм хæрдмæ фæлæуу! — Добро пожаловать к нам в гости! Выпивку не обещаем, а к столу приглашаем!
~ сæ къæсæрæй никуы бакаст — ни разу их порог гость не перешагнул
● уазæджы ’рцыдмæ ма бæлл; куы ’рцæуа, уæд та йыл хъыг ма кæн — о госте не мечтай; а уж коли пришёл, так привечай
● ~ рæстæг не ‘взары — гость может нагрянуть в любой момент
– ~ рæстæг не ’взары, фысым та йæ, цы хъуыддаджы тыххæй æрбацыди, уымæй нæ фæфæрсы. *Ашæх. Катя* — Гость может нагрянуть в любой момент, а хозяин не спросит, по какому делу он пришёл
~ ус — гостья
● ~ уынаг у — гость всё подмечает
~ фысымы бар — гость в распоряжении хозяина

● ~ фысымы дуар йæ риуæй кæны	гость в дом напролом идёт
~ хъæнтæ бæрæг кæны	гость замечает все недостатки
– ~ нæ уадзут, хæдзаронтæ? – Мидæмæ! ~ – Хуыцауы ~!	– Гостей принимаете, хозяева? – Заходите! Гость – божий гость!
● ~ – Хуыцауы ~	гость – божий гость
● ~ цæттæ, фысым æдзæттæ	гость уже на пороге, а хозяева ещё на полдороге
● æвзæр лæг у: ~æй æмбæхсы	хорошему человеку не годится от гостей таиться
● ~æн аргъæуттæ ма кæн	гостя баснями не кормят
● ~æн йæ хæрд йæхи куы фæвæййы, уæд дуармæ фæкæсы	*букв.* когда гость уже сыт, он смотрит на дверь
● ~æн кусарт кæнын хъæуы	ради гостя полагается забить животное
● ~æн – уазæджы бынат	гостю – место гостя
● ~æн – уазæджы нымад	гостю – уважение гостя
● ~æн – уазæджы хуыссæн	гостю – постель, ложе гостя
● ~æн – хистæры бынат	гостю – место старшего
● ~æн – хистæры кад	гостю – уважение старшего
● алы боны ~ ~ нæу	ежедневный гость – не гость
æвæлхас ~	незатратный гость
Цы фестут, мæ хорз хæстæджытæ? Лæдзæджы ~ – æвæлхас ~. Ма дзы бамбахсут! Уæ бонтæ хорз!. *Æрнигон. Уайсадаг чындз*	Где вы, мои добрые родственники? Гость с палкой – незатратный гость. Не прячьтесь от него! Доброго вам дня!
ænафоны ~	запоздалый, поздний гость
● ænафоны ~ фыдбылызхæссæг у	поздний гость не к добру
● ænафоны ~ – хуыссæгсафæн	гость в ночь – сон прочь
● æппæты ~ хурмæ баззад	общий гость остался на солнце (остался без приглашения)
кæстæр / хъæмпхор / къæмхор ~	младший гость на свадьбе со стороны жениха
● сур саламæй ~ æфсæст нæ вæййы	соловья баснями не кормят; только приветственными словами гость сыт не бывает
Сывæлæтты де ~ кæнæм	присматривай за детьми; поручаем детей тебе
● уазæджы цæст стыр у	гость видит, замечает всё
уазджыты сбуц кæнын	уважить гостей
уазджыты се ‘рбацыды нысанæй фæрсын аив нæу	неудобно спрашивать гостей о цели их прихода
● уазджытыл сой ауадзын	угостить гостей на славу
уазæджы цæх æмæ кæрдзынæй сбуц кæнын	угостить хлеб-солью
Фынгыл æвгтæ афтид уыдысты. Уазджытæй стыны фæнд ничи кодта. Карумæн ма йæхи дæр ануазын фæндыди. *Арсен. Æнæхъус Карум*	На столе стояли пустые бутылки. Никому из гостей не хотелось вставать из-за стола. Да и Каруму самому хотелось ещё принять
кадджын уазджытæ	почётные гости

кувæггаг ~æн аваерын — поднести гостю почётный бокал

уазæджы нуазæн — почётный бокал гостю

уазæджы хай — почетная доля гостя

● мæ уазæджы хай дæр æмæ хуынды хай дæр мæн ысты — хотеть одновременно всего; и застолье не пропустить, и с собой долю с пира унести

● хæдзармæ бæркад ~ хæссы — изобилие дому гость несет

● хæдзары ~ – сыхбæсты ~; сыхбæсты ~ – хъæубæсты ~; хъæубæсты ~ – комбæсты ~ — гость дома – гость для всей улицы; гость улицы – гость для всего села; гость села – гость для всего ущелья

● хæддзу ~ къæдор куы баййафа, уæддæр хъуамæ бузныг уа — незваный гость за любое угощение благодарен должен быть

хæддзу уазæджы кад нæй — незваному гостю почёта нет

● хи искæй ~ бакæнын — довериться

хорз ~ йæ фысымæй хъаст нæ кæны — добрый гость на хозяина не жалуется

хорз уынинаг ~ — особенно почётный гость

Хорз уынинаг уазджытæ бæргæ стут. Фæлæ ностæй рæвдз не стæм. *Максим. Къæвдатæ* — Вы-то, конечно, заслуживаете особого приёма. Вот только с выпивкой у нас туго

хуынд ~ — приглашенный, званый гость

ænæхуынд уазджытæ — незваные гости

Хуыцау, мах де ~! — Боже, сохрани! Храни нас, Бог!

цыты ~ — почётный гость

Уым махыл цы цин фæкодтой, уый йæ цыты ~ыл дæр ничи фæкæндзæн. *Хуыгаты С. Зын кары зарæг* — Там нам так обрадовались, даже самых почётных гостей так не встречают

чызгæрвысты уазджытæ — *этн.* гости на празднестве по случаю отправления дочери замуж

чындзхасты уазджытæ — *этн.* гости на празднестве по случаю привода невесты в дом жениха

Зæгъынц: Гуынты 'лдар хорз ~ ахæмы хоны, æмæ йыл хæрд æмæ ностæй чи фæтых уа. Иннæйы афæдзы дæргъы йæхицæн лæвар кусын кæны. *НК. Гуынты 'лдар æмæ Сослан* — Говорят, гунский предводитель считает хорошим гостем такого, кто его в еде и в питье превзойдёт. А иначе заставляет на себя целый год даром работать

уазæггаг — то, что положено гостю

уазæгдон — кунацкая; гостиная; уборная, туалетная комната

● дæ ~ы какон сындз куы сзади — давно гостей ты не принимал; *букв.* кунацкая у тебя колючками заросла

уазæгджын — гостеприимный

уазæгдзæрæн *кæс* **фысымуат**

уазæгуарзаг, уазæгуарз, уазæгуарзон — гостеприимный

~ фысымтæ — гостеприимный хозяин

~ хæдзар амонджын вæййы — гостеприимный дом – счастливый дом

Афтæмæй дæ уазджытæ ~ æмæ рæдау куыннæ схондзысты. *Ашæх. Цы номæй дæм сдзурон* — Как же тогда твои гости смогут назвать тебя гостеприимным и щедрым хозяином

уазæгуарзондзинад гостеприимство
~ы æгъдау обычай гостеприимства
– Бузныг дæ ~æй, фæлæ рæстæг фадат нæ дæтты. *Хæцырты С. Хæхты фæдисон* Благодарю за гостеприимство, но время не позволяет принять приглашение

уазæгуат (*бир.* уазæгуæттæ) гостиная; приют, пристанище, комнаты для гостей гостиница; отель
~ агурын искать пристанище
фæлладуадзæн уазæгуæттæ санатории; места отдыха

уазæгуаты в гостях
~ æрбахонын пригласить в гости
~ цæуын идти в гости
● арс цуанонмæ ~ куыд цыд собрался медведь охотника проведать
кæрæдзимæ ~ цæуын ходить друг к другу в гости
~ уæвын гостить у кого-л.
● æлдаратæм ~ бадæгау сидеть как на именинах, бездельничать

уазæгхор не оказавший достойного гостеприимства; не обеспечивший покровительства гостю
~ æгад уыдис кæддæриддæр не оказать должного гостеприимства осуждалось всегда

уазджын священный
Кувæг лæг дзуарылæгау у бæрнджын æмæ ~. *Р. 26.06.2018* Молящийся подобно священнослужителю ответственен и священен

уазныв икона

уаих æрбауай! уайых фæуæй! стыдись!

уайаг 1. скакун; бегун; 2. быстрый; быстроногий
~ бæх быстрый конь, скакун
Авд азы дæргъы уæ арæхстдзураг дзых дзургæ куыд нæуæл кæна, уæ кæрдаг кард – кæрдгæ, уе ‘мбæлаг фат – æмбæлгæ, уæ ~ бæх – уайгæ, кæд нæ фидаут, уæд! *НК.* Чтобы семь лет ваш краснослов слова вымолвить не мог, чтоб острый нож не резал, стрела в цель не разила, а быстроногий скакун не скакал – если вы примириться не можете!
● алы ~ бæх дугъы раззаг нæ кæны не каждый скакун может на скачках первым прийти
● ~ бæхæн йæ къæхтæ йе сæфтæн ысты, тæрхъус та йæ къæхты фæрцы ирвæзы скакуна его ноги к гибели несут, а зайца ноги его спасут
● ноздджын лæджы бæх ~ у чем всадник пьянее, тем лошадь его резвее
● фæстаджы бæх ~ у у последнего конь резвый бывает
Кæд афтæ ~ дæ, уæд мæнæ мæ бæхимæ бафæлвар. *НК. 1* Если ты такой резвый, вон, с конём моим потягайся
~ дæтты хæлхæл журчание бегущей воды

уайагдзинад резвость (скакуна)

уайæгой прыщ, прыщик

уайæн дорожка, тропинка
дугъы ~ фæндæгтæ беговые дорожки
зын ~ты ауайын испытать трудности в жизни

Дæ хæрам дæр ахæм ~ты ауайæд, уый цы бирæ фыдæбæттæ æмæ зындзинæдтæ бавзæрста царды. *Р. 19.04.2017*
Врагу не пожелаешь испытать столько трудностей, сколько ей пришлось испытать в жизни

уайгæ
вскачь, бегом

~ бæх
скаковой конь; скакун

уайгæ-уайын
на бегу

уайдзæф
укоризна, укор; упрёк; замечание; порицание

~ æрхæссын
делать замечание; выговаривать

● ~ дурæй у уæззаудæр
упрёк тяжелее камня

~ кæнын
укорять, упрекать; делать замечание, выговор

~тæ мурмæ дæр нæ дарын
не считаться с замечаниями

~ райсын
получить выговор

~ расайын
вызвать нарекания

ахæм архайд йæ фæдыл бирæ ~тæ расайдта
такая деятельность вызвала много нареканий

~тæ сæ бынаты сты
упрёки вполне заслужены, справедливы

Уæ ~тæ сæ бынаты сты, фæлæ уый зонут, Нарт, æмæ сылгоймаджы тыххæй дæр никуы ссардзыстут мæ фырт Батрадзæй уагджындæр. *НК. Нарты æмбырд*
Справедливы все ваши упрёки, но знайте, нарты, и в отношениях с женщинами не найдётся никто воздержаннее моего сына Батрадза

~æй дзурын
говорить с укоризной

● ~ты бын фæкæнын
засыпать упрёками

~ы хуызы зæгъын
сказать в качестве замечания

аккаг ~
заслуженное порицание

~ы аккаг хъуыддагыл нымад цæуын
считаться осуждаемым; порицаться

● æдылыйæн цас фылдæр ~тæ кæнай, уыйбæрц æдылыдæр кæны
дурак от замечаний только глупее становится

æнæбындур ~
безосновательная критика

карз ~ кæнын
отчитывать; снимать стружку

кæстæртæм хистæрты ~тæ нал хъардтой
младшие не реагировали на замечания старших

● расыг лæджы ~ никæмæ хъары
пьяного попрёки все мимо ушей пропускают

сæрæмбырзт ~
скрытый упрёк

● хивæндмæ ~ нæ хъары
своенравного упрёком не проймёшь

● хорзæн – кад, æвзæрæн – ~
хорошему – почитание, плохому – порицание

● цæмæ фæныхилæй ~имæ уый нæй
не в чем упрекнуть

уайдзæфаг (*бир.* уайдзæфæгтæ)
повод для замечания, упрёка

уайдзæфæмхиц
укоризненный

уайдзæфгæнæг
укоризненный

~ бакаст
укоризненный взгляд

уайдзæфгæнæджы хъæлæсæй дзурын
говорить с укором

уайдзæфгæнæгау
укоризненно

~ зæгъын
сказать укоризненно, с упрёком

уайминут — в ту же минуту

~ афынæй уæвын — заснуть тут же

уайсадæг — соблюдающая обычай избегания

~ чындз — *этн.* невестка, соблюдающая обычай молчания при старших

~ чындз, æнæ дзургæ нал и, зæгъгæ, уæд йæ ныхæсты фæстæ сдзуры: Мæрдты мæ дзых къæбутæй баст фæуæд! — Если невестке, молчащей при старших, нельзя не заговорить, она после своих слов добавляет: Чтобы на том свете мне рот затылком связали!

Бинонтæ ~ чындзы æфсармæй йæ разы нæ кодтой цы не᾽мбæлы, ахæм ныхас. — В семье при молодой невестке, соблюдающей обычай избегания, не принято было заводить неположенные речи

уайсадгæ — молчащий, соблюдающий обычай избегания

~ хъæлæсæй — шёпотом; приглушённым голосом

уайсадын — *этн.* молчать *(в присутствии старших);* соблюдать обычай избегания

бинонты хистæртæм ~ — молчать в присутствии старших

ном дзурын уайсадгæ кæнын — избегать произносить имя

кæрæдзимæ ~ — стесняться друг друга

● тиу куынæ уайсада, уæд чындз дæр нæ уайсады — деверь если сам не будет соблюдать обычай избегания, то и невестка не станет

● чидæр къуыри уайсадгæ кодта, дыууæ къуырийы та – дзургæ — неделю помолчала, а потом две недели рот не закрывала

уайсахат — тотчас; немедленно; сразу же

куыддæр хабар иу дзыхæй сирвæза, афтæ ~ апырх вæййы — стоит только одному вымолвить слово, сразу новость до всех ушей дойдёт

уайсур — что-нибудь, приготовленное

уайтагъд, уайтагъддæр — тотчас же, без промедления, немедленно, сразу

~ иумæйаг æвзаг ссарын — сразу найти общий язык

● сынты уавæрæн у: холы кæм и, уый ~ базоны — как ворон: всегда разузнает, где падалью поживиться можно

● æмбаргæ лæг дын дæ ныхас ~ бамбардзæн — понимающий эти слова сразу поймёт

Уæд дын æм рувас / Кæцæйдæр рауад... / Уайтагъддæр минас / Йæ фындзыл ауад. *Къоста. Халон æмæ рувас* — В это время откуда-то / Выбежала лисица… / Тотчас почуяла она / Носом запах пищи

уайтæккæ — тут же, враз; незамедлительно

~ ацæдтæ уæвын — собраться в мгновение ока

~ цæст æрæвæрын — сразу заприметить; положить глаз тут же

~ фæхабар кæнын — немедленно, оперативно оповестить

уайуысм — в тот же миг, в мгновение ока

~ февзæрын — появиться мгновенно

Чызг ныхудт. Ныхудт лæппу дæр. ~ йæ къæхтыл алæууыд. *Гæстæн. Мæйы фæстаг бонтæ* — Девушка рассмеялась. Парень тоже расхохотался. В тот же миг вскочил на ноги

уайын — скакать, бегать; мчаться, течь

бæгъæввадæй ~ — бегать босиком
бонтæ бонты фæдыл уайынц — дни бегут за днями
гагкæй ~ — *дет.* топать ножками
дугъы ~ — скакать, бежать
● йæ бæх дугъы кæмæн уайы, уымæн йæ зæрдæ ‘нцой нæу — у хозяина, чья лошадь на скачках бежит, сердце от волнения дрожит
● кæсаг кæфимæ дугъы уади — тягаться с неравным; *букв.* рыбёшка с рыбиной в скорости тягалась
къахыл ~ байдыдта — научился ходить
ницы уайы — ничего не получается
хъуыддагæй ницы уайы — дело не получается
тæф йæ фындзыл уайын байдыдта — запах ударил в нос
уарыныдæттæ уадысты — текли потоки дождевые
хъустыл ~ — стоять в ушах; чудиться
абон дæр мæ хъустыл уайынц йæ ныхæстæ — и сегодня ещё в ушах стоят его слова
цæссыгтæ донау уайынц — слёзы текут ручьями
цæстытыл уайын — чудиться в глазах
цыппæрвадыгæй ~ — мчаться карьером

уайых æрбауай — стыдись
~ фæуай! — постыдился бы!
~ æрбауай, зондджын лæг куы дæ, уæддиу æдылы митæ цæмæн фæкæныс? *Æхсарбег. Куырды фырт* — Постыдился бы, ты же умный человек, так почему же ты глупые поступки совершаешь?

уал I — *мест.* столько
~ æмæ ~ азы — столько лет; так долго
кæм уыдтæ ~ боны? — где ты был столько дней?
~ хорзы дæ уæд — столько же тебе добра

уал II — пока; больше
банхъæлмæ ~ сæм кæсæм — подождём их пока

уалæ — вот наверху
~ бæрзонд хæхтыл мæй — вон месяц на высоких горах

уалгæдзон — терпеливый

уалдзæг — весна
● ~ зымæгæй райгуыры — весна от зимы родится
● ~ кусынæн, зымæг хæрынæн — работать надо весной, чтоб не голодать зимой
~ йæ тыхы бацыд — весна вступила в свои права
~ къæсæрыл æрбалæууыдис — весна стоит на пороге
● ~ уадджын, фæззæг – мæкъуылджын — весна с грозами – быть осени со стогами
● ~ чи цы байтауы, фæззæг дæр уый æркæрды — что весной посеешь, то осенью пожнешь
● ~ царды фидиуæг — весна – глашатай жизни
ралæууыдис ~ — наступила весна
уæлахизы ~ — весна Победы
уалдзæджы ралæудимæ — с наступлением весны

уалдзæджы фидиуæг — вестник весны
уалдзæджы — 1. посевная; 2. весенний; 3. весной
уалдзыгæнд — *с.-х.* весенний; яровой (сев)
~ мæнæу — яровая пшеница
~ хъæбæрхор — яровой ячмень
~ы куыстытæ — весенние полевые работы
уалдзыгон, уалдзæгон — 1. весенний; 2. весной
~ æрсидт — весенний военный призыв
~ æфснайд — генеральная уборка
~ бæрæгбон — весенний праздник
● ~ бон афæдз дары — весенний день год кормит
~ бонæмиасад — весеннее равноденствие
~ фыццаг дидинджытæ — первые весенние цветы
~ хортыд — весенний сев
~ хуры тынтæ — лучи весеннего солнца
уаллон (*бир.* уаллæттæ) — червь
● ~ калмыл йæхи барста, æмæ йæ астæуыл аскъуыди — не тягайся с неравным; *букв.* червь подражал змее и лопнул
● ~ау хилгæ чи кæны, уый никæцæй хауы — рождённый ползать упасть не может
● ~ы бырд æмæ калмы селф — любыми средствами; *букв.* ползти как червь, скользить как змея
● ~ы хылд кæнын — ползать как червяк
● ~ы цард — жалкое существование
Дæхи ~ау дар, æмæ дын калмы кад уыдзæн. *Ладемыр. Артдзæст* — Будешь себя как червячок держать, тебя как змею станут уважать
дыргъы ~ — плодовый червь
зæххы ~ — земляной червь
● кæсаджы ~æй сайынц — рыбу на червяка подманивают
фаджысы уаллæттæ — навозные черви
фæскъæвдайы ~ — дождевой червь
Фæскъæвдайы ~ы царды хуызæн цард кæсын байдыдта. *Ахуырбег. Мæ базырджын азтæ* — Жизнь стала казаться прозябанием дождевого червя
цæргæ ~ дæр кæны, æцæг фаджысы — червь тоже живёт, но в навозе
уалынмæ, уалынджы — между тем, тем временем; к тому времени
~ нæ уазæг дæр фæзынди — к тому времени явился и наш гость
● зынг цалынмæ не ’сцырын, ~ йæ рагацау ахуыссын кæн — пока огонь сильно не занялся, надо его тушить приняться
● цалынмæ арсы амарай, ~ йæ цармæй ныфс макæмæн бавæр — шкуру неубитого медведя никому не обещай
Сатана, цалынмæ мын дæ цæст æрттива, ~ мæнæн бинонтæ ‘рхæссæн нæй. *НК.* — Шатана, пока твои глаза мне светят, до тех пор не могу я привести себе другую жену
Æгас фæндаг сæ хабæрттæ кæрæдзийæн фæкодтой, ~ хъæугæронмæ бахæццæ сты. *Умар. Адæймаджы амонд* — Всю дорогу они пересказывали друг другу новости, к тому времени уже оказались на окраине села

уанæбæрæг, уанæбæрæджы ничем не выдающийся; ничего из себя не представляющий

уанел съезд, собрание

уанелдзау участник, делегат съезда

уанцон нæу неужели; не может быть

– Мидæмæ рацу æмæ иу арахъ бануаз. – Бузныг, Саулох, сæумæрайсом ~ нæу. *Ашæх. Æууæнчы аргъ* – Заходи, пропустим рюмку араки. – Спасибо, Саулох, с самого утра, как можно

уанцъылы *бот.* бузина травянистая

● ~йы сыфтæй балхæнын на шиши купить; *букв.* заплатить листьями бузины

Уыцы дзаума ~йы сыфтæй балхæдтай? На какие шиши ты купил такую вещь?

уарæг (*бир.* уарджытæ) делящий; раздающий

~ уарт *тех.* распределительный щит

амæндтæ ~ дæлæмæ æрхауæд раздающий счастье пусть низвергнется

амæндтæ ~ сыл амбæлæд раздающий счастье пусть им навстречу выйдет

хæринаг ~ раздающий продовольствие

● хорз ~ – æнæ хай кто делит хорошо за счёт себя

● хорз ~ йæхицæн хай нæ кæны кто хорошо делит – себе долю не выделит

уарæггаг то, что раздаётся после пиршества

уарæн распределительный

~ фæз поле для дележа

Уырызмæг æмæ лæппу ‘рбатардтой сæ фосы конд Нартмæ. ~ фæзы сæ æрурæдтой. *НК.* Урызмаг вместе с мальчиком пригнали скот к нартам. Остановились на поле для дележа.

уаргъ (*бир.* уæргътæ) ноша, вьюк, груз

~ исын разгружать

~ы зилдух грузооборот

æмуæз ~ равная нагрузка

● бæхы ~ хæрæгыл ничи æвæры груз лошади на осла не навьючивают

егъау ~ большой груз; тяжёлая ноша

зынты ~ груз невзгод

● искæй ~ фæрогдæр кæнын облегчить чью-л. жизнь, ношу

искæй ~ хи уæхсчъытыл сисын взвалить чужую ношу на свои плечи; взять на себя чужие заботы

искæуыл ~ æвæрын обременять кого-л. работой, делами, заботой; взваливать на плечи кого-л.

рог ~ лёгкий груз

стыр ~ уæхсчытæй ахаудта большая ноша с плеч свалилась

уæззау ~ тяжёлая ноша; бремя

æгæр уæззау ~ уæхсчытæм райсын взвалить на плечи слишком тяжёлую ношу

се ’ккойæ уæззау ~ ахауд тяжёлая ноша свалилась с плеч

● цы уæззау ~ сæвæрдтай дæхиуыл какую ношу ты взвалил на себя

уæргътæ ласын перевозить грузы

● уды ~ фæрогдæр кæнын снять камень с души

● хæрæг йæ ~æн нæ афæраздзæн — ослу такая ноша не по силам
● хæрæгæн – ~, бæхæн та – саргъ — ослу ношу, чтоб было тяжело, скакуну – седло

● хæс ~ у — обязательство надо выполнять
● хи ~ уæз нæ кæны — своя ноша не тянет
цыма ~ йе ’ккойæ ’рхаудта — гора с плеч, от сердца отлегло, гора с плеч, словно камень с души свалился

уаргъæвæрæг — грузчик
уаргъæвæрд — 1. нагрузка; 2. навьюченный, нагруженный; *перен.* обременённый

уæлдай ~ — дополнительные нагрузки
уаргъджын — навьюченный, нагруженный
уаргъисæн — грузоподъёмный
~ машинæ — грузоподъёмная машина
уаргъисынад — грузоподъёмность
уаргъхæссæг (*бир.* уаргъхæсджытæ) — тот, кто несёт на себе груз; носильщик
уаргъхæссæн — 1. переноска тяжестей; 2. вьючный *(о животных)*

уард — выпадение осадков
къæвда йæ ~æй нæ банцад — ливень не прекращался
миты ~ — выпадение снега
миты ~ не ’нцайы — снег не перестаёт
нæмгуыты ~ — шквал пуль
уарди — роза
~ты баст — букет роз
Дæ усæй æппæлыс – мæнæн у æхсызгон, / Дæ хъысмæт ды ~йæ хоныс рæссугъддæр. *Дæуыт. Мæнæн у æхсызгон* — Ты восхваляешь свою жену – мне это приятно. / Свою судьбу считаешь красивее алой розы
уардихуыз — алый
уарзаг — любящий; влюбчивый
~ зардæ — любящее сердце
рæстдзинад ~ — поборник справедливости
хиуæттæ ~ — любящий родню
хъазæнныхас ~ — шутник
уарзæг — поклонник, любитель
ус ~ — женолюб
Æфсымæртæ дзурынц: – Раст цын амоныс, фæлæ нæ хойыл Нарты сылыстæг ~ дæр дзуры. – Уымæй хуыздæр цы ис! *НК.* — Говорят братья: – Правильно судишь, но к нашей сестре и нартовский сердцеед сватается. – О чём ещё мечтать можно!
фыдыбæсты ~ адæймаг — человек, любящий отчизну
хуыссæг-~ — лежебока
уарзæгой — любящий, любвеобильный
~ ахæст — любовное отношение
~ зæрдæ дарын — относиться с любовью
~ фырт — любящий сын

~ цæстæй кæсын — смотреть влюблёнными глазами, бросать влюблённые взгляды

Æз дæн йæ бирæ ~ сыхæгтæй сæ иу — Я один из многих любящих его соседей

уарзон (*бир.* уарзæттæ) — 1. любовник; 2. любимый, возлюбленный; любовный

æвзонг уарзæттæ — юные возлюбленные

● дыууæ ~ адæймаджы хохы цъуппыл дæр фæцæрдзысты — любящие души и на вершине горы проживут (*счастливо*)

иунæг ~ — единственный избранник

сусæг ~ — тайный возлюбленный

● уарзæттæ ихы сæрыл дæр фæцæрынц — с милым рай в шалаше; *букв.* любящие и на льдине проживут

● фыццаг ~ нæ рох кæны — первая любовь не забывается

хъуыддагмæ ~ цæстæй кæсын — любовно относиться к делу

Стыр лæг дзы куыд рауайа, адæмæн ~ — Пусть он станет большим человеком, милым людям

Райгуырæн бæстæйæн йæ хур дæр фæлмæн у, / Зынаргъ у йæ зæхх дæр. / У ацы арвы бын мæ ~ Ирыстон / Дунеты дзæбæхдæр. *Чеджемты Æ.* — На родине и солнце ласковее греет, / И земля теплее. / И нет под этими небесами / Земли лучше Иристона, любимого нами

уарзонад — любовь

уарзонæй — в любви

~ хонын — называть любовно

иумæ ~ цæрын — жить вместе в любви

йæ ном адæмæн ~ баззад æнусты дæргъы — его имя осталось в благодарной памяти народа на века

уарзондзинад — любовь; нежные чувства; любезность, приветливость

● ~ арæнтæ нæ зоны — любовь границ не знает; для любви нет преград, она всё побеждает

● ~ æмæ хуыфæгæн бамбæхсæн нæй — любовь да кашель не утаишь

● ~ дурты бын дæр нæ баныгæндзынæ — любовь невозможно утаить; *букв.* любовь и под камнями не спрячешь

● ~ карз низæй уæлдай нæу — любовь – болезнь неизлечимая

● ~ рæстæг æмæ бынат нæ зоны — время и место невластны над любовью

● ~ саугуырм æмæ къуырма у — любовь бывает слепа и глуха

~ у сæууон хур æнгæс, / Сæууон хур æнгæс – зæрдæйы хъæлæс. / ~ у æнæ ныхасæй, / Æрфыджы фезмæлд, цæсты æнгасæй. *Чеджемты Æ. Амонды фæндаг* — Любовь как солнце на рассвете, / Как солнце на рассвете голос сердца. / Любовь не в словах, / В движеньи брови и во взгляде

● ~ хæддзу уазæгау, йæхæдæг фæзыны — любовь заявляется сама, как непрошеный гость

● ~ хæрæджы хъустыл дæр абады — *разг.* любовь зла – полюбишь и козла

● ~ цардаразæг у — жизнь строится на любви

● ~æй æнæуынондзинады æхсæн æрмæст къахдзæф и — от любви до ненависти один шаг

~æй пиллон уадзын — сгорать от любви
● ~æн æмæ мæгуыræн басусæг кæнæн нæй — любовь и бедность невозможно скрыть
~ы дыууæ хъусмæ аныгъуылын — влюбиться по уши
~ы цæстæй ракæсын — встретить приветливо, любезно
æнæдзуапп ~ — безответная любовь
● æрмæст ~æй цæræн нæй — одной только любви для жизни мало
æхсидгæ ~ — пламенная любовь
райгуыræн бæстæмæ æхсидгæ ~ — пламенная любовь к родине
● фыццаг ~ зæй ракалдæй уæлдай нæу — первая любовь как сход лавины

уарзт — любовь
~ы цæхæры судзын — быть в любовном угаре
æнæдзуапп ~ — безответная любовь
æнæкæрон ~ — безграничная любовь
æцæг ~ — подлинная любовь
æгæрон ~æй уарзын — любить безмерно, безгранично
● æнæ æцæг ~æй цард уæлхъæдæй бахус вæййы — сохнет ствол жизни без настоящей любви
зæрдæ фыр ~æй фæтоны — сердце разрывается от любви
Дауыры фырты зæрдæбынæй уарзынц æппæт Ирыстоны дæр. *Хозиты Б. Р.* — Даурова от всей души любят во всей Осетии
мады ~ – тыхдæттæг — материнская любовь внушает силы
судзгæ ~ — пламенная любовь
сусæг ~ — тайная любовь
уæлдай ~ кæнын — особенно сильно любить
Кæд мæ фыдæй дæр бирæ хистæртæ уыдысты, уæддæр сæ уæлдай ~æй уарзтон. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* — Хотя они и были даже старше моего отца, я всё равно любил их по-особому
фыр ~æй тайын — млеть, таять от любви
хъулон ~ кæнын — испытывать особое чувство; выделять; относиться с пристрастием

уарзын — любить; любовь
● адæмы чи уарза, уый адæм дæр уарзынц — кто любит людей, тому люди отвечают любовью своей
Урс дидинæджы сыфтæ-иу тыдтон, / «Уарзы», «Нæ уарзы», – мæхицæн дзырдтон. *Дзаболаты Х. Чызджы сагъæс* — Белых цветов лепестки обрывал, / «Любит», «Не любит» про себя гадал
æнæкæрон уарзтæй ~ — любить безмерно
● зæгъæн дæр ын нæй, куыд ~, уымæн — словами не передать мою любовь
зæрдæбынæй ~ — любить от всей души
● кæй нæ уарзай, уымæн йæ хæрын цъæм-цъæм, йæ цæуын сæпп-сæпп — кого не любишь, тот во время еды чавкает, во время ходьбы шаркает
кæрæдзийы нæ уарзынц — они не любят / терпеть не могут друг друга
райгуыræн зæхх ~ — любить родной край
тынг ~ — обожать
● уарз æмæ дæ уарзой — люби и будешь любимым

Дыккаг ус æрхаста... / Æркодтой мæн дæр... / Мæ «чындз» мæ нæ уарзта, / Фыдсыл уыд кæмдæр! *Къоста.*
Привёл он вторую жену… / Послали и за мной … / Невзлюбила меня «невестка», / Была она женщиной злой!

● хæс исын чи уарзы, уый йæ фидынмæ рæвдз нæ вæййы
кто в долг легко берёт, с трудом долг отдаёт

Æви дæм кæуинаг кæсы мæ хъысмæт?.. Нæ, рæдийыс... Бауром сæ. Æз нæ ~ цæстысыгтæ, ма сæ хардз кæн, æвгъау сты... *Калоты Х. Хорзæй баззай, Ир...*
Или считаешь, мою судьбу нужно оплакивать? Нет, ошибаешься. Сдержи слёзы их. Не люблю я слёз, не трать их, жалко их

хъæбулы уарзтæй ~
любить любовью сына, дочери

уари
сокол

Фæдиссæдтæ – сæрæнгуырдтæ, / Сæ дугъæттæ – раст ~тай. / Цахæр кæлы сæ цæфхæттæй. *Хъаныхъуаты В. Кадæг*
В погоне все молодцы, / Кони их подобны соколам, / Искры сверкают из-под их копыт

уаридзаст
острый глаз

уаридзæф, уаридзæвд
клюнутый соколом / коршуном

● ~ кæрчытау фесты иууылдæр
все обомлели; *букв.* как клюнутые коршуном куры стали

● ~ кæрчыты ’лхъывд ныккодтой сæхи зæхмæ
перепугались, вдавились в землю как куры, клюнутые коршуном

уаринаг (*бир.* уаринæгтæ)
то, что нужно поделить; *мат.* делимое

~ нын æппындæр ницы ис
нам совершенно не из-за чего спорить

~ сын цы уыд, уый байуæрстой
поделили всё, что у них было

~æй нæм ницы ис
нам нечего делить

уæ хæдзар ~ фæуæд
чтоб ваш дом по рукам пошёл

Цы ~ уын баззад?
чего вы не поделили?

уарт (*бир.* уартытæ)
щит, панцирь

~ыл згæ схæцыд
заржавел за ненадобностью щит

искæмæн ~ фестын
стать щитом для кого-л.

арц æмæ ~æй хъæзтытæ
копейные поединки

фæлæ йæм уый ~ фæдардта, арц фæбырыди ~ыл æмæ зæххы афардæг.
но тот выставил щит, копьё скользнуло по щиту и вонзилось в землю

кард æмæ ~æй
букв. мечом и щитом

риу ~æн сæвæрын
прикрыть собственной грудью

уарæг ~
тех. распределительный щит

хицæй ~ аразын
становиться на защиту кого-л.; стать живым щитом

● хорз кард æндон ~ыл æмбæлаг у
хороший клинок часто в надёжный щит разит

уартæ
вот *(о предмете, находящемся где-то в стороне)*

уартæнгæс
щитовидный; щитообразный

~ рæзынæг
анат. щитовидная железа

уартгонд
щитообразный

уартджын
со щитом

уартхæссæг (*бир.* уартхæсджытæ)
воен. броненосец

уарын I
1. дождь; 2. идти *(об осадках)*

~ ныллæууыди — дождь перестал

● къæртайæ уарæгау — дождь льёт как из ведра

мит уары, къæвда уары — идёт снег, идёт дождь

къæвда йæ ~æй нæ банцад — дождь лил без остановки

~мæ ныххуылыдз уæвын — промокнуть, размокнуть от дождя

Тæрсгæ мын ма кæн, мæ мады хай. Иу ~мæ чи ныллæхъир уа, ахæм каст дын нæ кæны дæ фырт. *Максим. Хæххон барæг* — Не бойся за меня, мать. Не похоже, что твой сын из тех, кто раскиснет от первого дождя

~ы дон — дождевая вода

дæттæ ~æй раивылдысты — реки разлились от дождей

Фыд къæвда, фыд ~æй бахиз / Нæ хуымтæ, нæ кæрдæг фæзтæ. *Секъа. Чырыстиуы цъупмæ* — Пусть сильный ливень, сильный дождь обойдёт / Наши поля, наши травяные луга

● хурбон хурæй тарстысты, къæвдабон – ~æй, асæстбон – мигъæй — Всего боялись: в солнечный день – солнца, в дождливый – дождя, в пасмурный день – облаков

цæстгай уары — местами дождь

уарын II — 1. раздел; 2. делить; раздавать; отделяться; разводиться

æфтиагджын бынæттæ хæстæджытыл ~ — ставить на прибыльные места своих родственников

● нæ сæдæ фысы уарæм? — что мы отару овец делим? что нам делить?

мæ бинойнагимæ уаргæ кæнын — я развожусь с женой

● фыдусæн кæнæ барын хъæуы, кæнæ та дзы ~ хъæуы — плохой жене или надо прощать, или от себя её отдалять (разводиться)

хæзнатæ ~ — делить богатства

уарынæнгæс — признаки дождя

абон ~тæ нæу — не похоже, что сегодня будет дождь

уарындзаст — пасмурный, нахмуренный *(о погоде)*

уарындзæг *кæс* **уарындзаст**

уасаг I — ревущий, свистящий, мяукающий, блеющий

● ~ гæды мыст нæ ахсы — мяукающая кошка мышей не ловит

уасаг II — *охот.* осёл

уасæг (*бир.* уасджытæ) — петух

● ~ куы нæ ныууаса, уæддæр бон кæндзæни — пусть и петух не прокричит, всё равно день наступит

● ~ хæдзармæ мидæмæ уасы – уазæгмæ æнхъæлмæ кæс — петух кричит в дом, быть гостю на пороге

~æн дæр бæргæ ис базыртæ — крылья-то и у петуха есть

● ~ыл уасын æмбæлы — петуху положено кукарекать

● ~ыл саргъ æвæрын — *букв.* седлать петуха; привирать

Адæм ~ыл саргъ æвæрынц, дæ фыдгул уыдоны дзыхмæ бахауа. *Гæстæн. Мæйы фæстаг бонтæ* — Люди всё раздувают, упаси Боже, попасться им на язык

● адæм ~ыл дæр саргъ сæвæрдзысты — люди любят небылицы сочинять

уасæджы къоппа — петушиный гребень

● уасджытæй раздæр чи суасы, хъæрццыгъа уый хæссы — инициатива наказуема; *букв.* кто из петухов первым голос подаёт, того и ястреб унесёт

уасджыты хъæрахстмæ фестын — проснуться от петушиных криков

● чидæр худæгæн уасæджы уаст кодта — кто-то для потехи пел петухом

уасæгой — кукушка

уасæн — свисток; свистковая флейта; дуда

~æй цæгъдгæ цу, æмæ сæхæдæг дæ фæдыл цæудзысты. *НК. 1* — Иди и свисти в свой свисток, а они сами за тобой увяжутся

Уæд городовой, лæг кæй нал змæлыди, адæм та кæй апырх сты, уый куы федта, уæд йæ ~ сындæггай йæ дзыхмæ схаста æмæ фæдисы æхситт ныккодта. *Арсен. Тохы бон* — Когда городовой увидел, что мужчина лежал без движения, а люди разбежались, то, не торопясь, поднёс свисток к губам и дал свисток тревоги

уаскъуыпп — *рел.* холм для молитвы

уаст (*бир.* уастытæ, уасынтæ) — свист; гудок; блеяние, ржание, мычание, мяуканье; крик, пение, карканье

уадындзы ~ — звуки свирели

хæфсыты ~ — кваканье лягушек

уастæн — *мод. слово* воистину

~ æгуппæг æрбауай — воистину остолбенеть бы тебе

Йæ бонæй уа, ~, / Дæргъæрфыг рæсугъд! / Кæм лæууы йæ хъазтæн / Лæппуйы тæппуд! *Коста. Чи дæ?* — Воистину, завидна доля её, / Длиннобровой красавицы! / Перед нею разве / Устоять робкой душе юноши!

Дæлдæр фæуæд, ~. Дæ бинойнаджы æртæ сывæлонимæ афтид уаты ныууадз. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — Воистину, чтобы он провалился. Как можно оставить жену с тремя детьми в пустой комнате

~ фехæлай мæстæй! — воистину разорваться бы

Уастырджи — *миф.* Уастырджи, *(покровитель мужчин)*

~ дæ рахиз фарс цæуæг фæуæд! — пусть Святой Уастырджи всегда покровительствует тебе!

● ~йæн кувгæ чи кæны, нывæндтæ дæр ын уый хæссы — Уастырджи кто молитвы возносит, тот и жертвы ему приносит

Табуйаг ~ — Святой Уастырджи

уасхæ, уасхо — клятва

уасын — 1. рёв, блеяние, ржание, мычание, мяуканье и др.; крик, пение; карканье *(птиц);* 2. реветь, свистеть; гудеть; играть *(на духовом инструменте);* издавать звуки

● ахæм карк кæм уыдзæн, æфтаугæ дæр чи кæна ‘мæ уасгæ дæр? — где взять курицу, чтоб и яйца несла, и кукарекать могла?

● бирæгътимæ чи цæры, уый бирæгъау уасы — с волками жить – по-волчьи выть

● бындз йæ базыртæй уасы — муха жужжит своими крыльями

кæмдæр ма гакк-гукк уасы — где-то кукует кукушка

уадындзæй ~ — играть на свирели

Сау хохы фыййау айнæджы тигъæй / Уадындзæй уасы, йæ хорз æмбалыл / Зæрдæуынгæгæй йæ цæссыг калы. *Сау хохы фыййау* — Из-за скалы Черной горы пастух на свирели играет. / По своему другу / Горестные слёзы проливает

фыййау цъæхснаг уадындзæй уасы — дудит пастух свирелью звонкой

● уасæг куынæ уаса, уæд карк уасы — если петух промолчит, курица прокричит

● хæфс дæр ма калмы хъæлæсмæ уасгæ æмæ удхаргæнгæ фæбыры — лягушка уже в пасти змеи и то кричит и мечется

● чидæр хæрæг уасынæн куыд дардта, афтæ — подобно тому, который держит осла ради его ржания

Цъыфæй ныррæсыд, / Хæфсытæ уасыд / Йæ къахы скъуыдтæй. *Коста. Хъуыбады* — От грязи опухли его ноги, / Лягушки квакали / Из трещин его ног

уат (*бир.* уæттæ) — комната; постель; спальня

~ æрцагурын — лечь спать

~ æфснайын — убирать комнату

~ бакæнын — постелить, застелить постель

~ исын — заправлять постель

~ы дуарæхгæдæй бадын — сидеть взаперти

дзаумæттæ ивынæн ~ — комната для переодевания

кусæн ~ — комната для работы, кабинет

мидæггаг ~ — внутренняя комната

Масинкæ уазæгмæ фæлмæн бахудт, йæ сæр батылдта «нæ», зæгъгæ, стæй здухгæ цыдгæнгæ ~æй рахызт. *Æхсарбег. Хурхæтæны* — Масинка мягко засмеялась, отрицательно покачала головой, мол, «нет», и вертлявой походкой вышла из комнаты

рох ~ы уадзын — предавать забвению

рынчындоны ~ — больничная палата

уæтты æвæрд — расположение комнат

уынаффæгæнæн ~ — зал заседаний

фæлладуадзæн ~ — комната отдыха

хицæн уæттæ — отдельные комнаты

хуыссæн ~ — спальная комната

чындзы ~ — комната невесты

уатон — постельный; комнатный

~ рынчын фæуын — слечь в постель

~ температурæ — комнатная температура

уафæг (*бир.* уафджытæ) — ткач, ткачиха

уафæн — 1. то, чем ткут; ткацкий станок; 2. ткацкий

~ тæрх — ткацкий станок

~ фабрикæ — ткацкая фабрика

~ хъæдæг — валик ткацкого станка

уафс (*бир.* уæфстæ) — подошва, подмётка

● ~ уæлфадæн зонд амыдта — *букв.* подошва голенище поучала; яйцо курицу учит

● дæ былæй мын æртæ ~ы и — чего разобиделся, губы надул

зæвæтты ~ — подошва

зæхх-ма ма хаф дæ ~æй	не шаркай
● искæй уæфстæ сдæрын	прислуживать, лизоблюдничать; лизать пятки кому-л.
Æмæ дын уыдон сæ уæфстæ куы сдæрын кæной, уæд дæр сæ коммæ кæсинаг дæ? *Болайы фырт. Чермен*	А если они тебя заставят сапоги им лизать, ты всё равно намерен им подчиняться?
● уæфстæ баихсыдысты цæуынæй	стоптать обувь; подошвы стёрлись от ходьбы
Мæ уæфстæ баихсыдысты сымахмæ цæуынæй, ме ‘взаг слыстæг и сымахæн лæгъстæ кæнынæй. *Ашах. Катя*	Я стоптал башмаки, пока к вам ходил, язык свой стёр, пока вас уговаривал
уафсхор	кожа / материал на одну подошву
Ахæм цæф фæкæн бæхæн, æмæ д’ армы тъæпæнæй чъылбыс куыд ысхауа, й’ агъды фарсæй – ~. *НК.*	Так хлестни лошадь, чтоб у тебя на ладони вырвало лоскут кожи, а у лошади из ляжки чтоб вырвало кусок кожи
● дыууæ ~ы дзабырваг нал сысты	нерачительно использовали; *букв.* двух кусков на одну подошву не хватило
Фæлæ сын къæдзæхы йас пылы царм куы æрытауин, уæддæр æй бампылын кæниккой æмæ дзы иу ~ дæр нал равзæрид. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ*	Но если бы даже я расстелил перед ними шкуру слона величиной с гору, всё равно им бы даже на одну подошву не хватило
уафын	ткать, плести
къуымбилæй ~	ткать из шерсти
теуайы къуымбилæй сгæллад ~	ткать сукно из верблюжьей шерсти
цухъхъайаг ~	ткать материал для черкески
Хур тавы йæ кастæй, / Хур уафы йæ тынтæ уæрæх. *Секъа.*	Солнце согревает взглядом, / Солнце лучами пряжу тепла сучит
уафынад	ткачество
уахъæз	ветер, дующий с гор
фæлмæн ~ раулæфыди	подул лёгкий ветер
~ Уазы къуыппыл хъазы, / Багъæц, ахсын дæ – фæлæуу!.. / Ныр фынддæс æмæ дæс азы. / Уарзын зæды хуызы дæу. *Шамил. Дæ ном*	Ветерок резвится на святой вершине, / Вот, погоди, тебя поймаю! / Четверть века уже ныне / Тебя как ангела я обожаю
Сæууон рæубазыр ~ ацы ныхæстæ дидинæджы сыфтау рахæсс-бахæсс кæны. *Дзугаты Г. Æхсæвиуат*	Утренний легкокрылый ветерок носит эти слова как лепестки цветов
уац	весть, известие, новость, сообщение, корреспонденция; статья; изречение; проповедь
~ хæссын	извещать, приносить весть, сообщать новость
~ты æмбырдгонд	собрание статей
æрцæугæ ~	быль
зонадон ~тæ	научные статьи
публицистикон ~тæ	публицистические статьи
хорз ~	добрая весть
чиныг арæзт у хицæн ~тæй	книга состоит из отдельных статей

уацайраг (*бир.* уацайрæгтæ) пленник; *уст.* невольник

~ акæнын увести в плен

Иу адæм иннæйы нæ зыдта, кæрæдзи нæ уарзтой, кæрæдзимæ лæбурдтой, кæрæдзийы фос тыхæй тардтой, кæрæдзийæ уацайрæгтæ хастой. *Секъа. Хо æмæ æфсымæр* Народы не знали друг о друге, не любили друг друга, совершали взаимные нападения, угоняли скот друг у друга, забирали в плен и с той, и с другой стороны

æфсæддон ~ военнопленный

уацайраджы ссæрибар кæнын освободить пленника

уацайраджы суæгъдгæнæггаг фиддон выкуп за пленного

Стæй-иу ныффыстой уацайрæгты бинонтæм: уæ лæг махмæ ис æмæ, кæд уыйас æмæ уыйас æхца фидут ахæм æмæ ахæм æмгъуыдмæ, уæд æй ауадздзыстæм, кæннод та йæ маргæ акæндзыстæм. *Куыдзæг. Илас Æрнигон* Потом они отправляли письмо семье пленного: ваш родственник у нас, и если вы такую-то сумму заплатите к такому-то сроку, мы его отпустим, нет – мы его убьём

Тырысамæ чи æрбаразæй уа, уымæн йæ фыццаджы хай – ~ лæппу, дыккагæн – ~ чызг, аннæ бæхтæй дæр иу дæр æнæ хай нæ уыдзæнис. *НК. Сæууай* Кто первым у знамени окажется, тому доля победителя – пленник, второму – пленница, и из других скакунов никто не останется без награды

хæстон ~ военнопленный

Рудзынгæй мæм ракæс, / Бахуд мæм фæлмæн. / Асур мын мæ сагъæс – / ~ дын дæн. *Хъаныхъуаты В. Рудзынгæй мæм ракæс* Выгляни в окно, / Улыбнись мне нежно, / Прогони мою печаль – / Я пленник твой

Уацамонгæ *фольк.* волшебная чаша

уацар плен

~æй раирвæзын спастись из плена

~æй ратонын вырваться из плена

~æй суæгъд кæнын освободить, вызволить из плена

~ы райсын взять в плен

~ы бахауын попасть в плен

хъуыдыты ~ы бахауын быть в плену своих мыслей

Сабыргай йæ ~ы куыд бахаудтæн, уымæн абон дæр ницы зонын. *Гæстæн. Фембæлды æгъоммæ* Как незаметно ему удалось взять меня в плен, я до сих пор не понимаю

тохы рæстæджы фæцæфи æмæ ~ы бахаудта во время боя он получил ранение и попал в плен

цæф лæг ~ы бахауынæй тарсти раненый боялся попасть в плен

дины ~ы в плену религии

хи ~ы раттын сдаться в плен

чызджы ~ы бахауын попасть в сети девушки

ænætохæй бахауд лæппу æвзонг чызджы ~ы. *Р. 10.01.2019* без борьбы сдался парень в плен юной девушке

уацард пленение, плен

уацау повесть

уацæг 1. такой; истинный; 2. *разг.* настолько; справедливо, правильно, верно

Цацæг раст зæгъын, ~ Нарты Уацамонгæ мæ фыд Хæмыцмæ бацæуæд. *НК.* — Поскольку я правду говорю, постольку чаша Уацамонга Нартов пусть моему отцу Хамыцу достанется

уацæрвыст — извещение

уацгæххæт — повестка

Уацилла — *этн.* Уацилла, грозовое божество, покровитель урожая

● Ичъына дæр дзуар у ‘мæ ~ дæр — не все небесные покровители одинаковы

Тбау ~, фыдбылызæй нæ бахиз — Святой Илья, убереги нас от напастей

уацмыс — произведение, сочинение

~ хи ныхæстæй дзурын — пересказать произведение своими словами

~æн йæ астæуыстæг у æвирхъау цау — в основе произведения чудовищное происшествие

~ты æххæст æмбырдгонд — полное собрание сочинений

~ы аппæн райсын — взять за основу произведения

~ы архайджытæ — действующие лица произведения

~ы мидис райхалын — раскрыть значение произведения

~ы сæйраг хъуыды сбæрæг кæнын — определить основную мысль произведения

адæмон уацмыстæ æмбырд кæнын — собирать народные предания

аивадон ~тæ — художественные произведения

æвзæрст ~тæ — избранные произведения *(сочинения)*

дунеон классикон ~тæ — классические произведения мировой литературы

лакæй ахуырст ~тæ — лакированные произведения

музыкалон ~ — музыкальное произведение

равзæрст ~тæ — избранные произведения

хицæн ~тæ — отдельные произведения

уацмысгонд — так себе, посредственное произведение

уацмысæг — сочинитель

уацфыссæг — летописец

уацфыст — летопись

~ балхынцъ кæнын — завершить летопись

уацхæссæг (*бир.* уацхæсджытæ) — вестник; корреспондент

æфсæддон ~ — военный корреспондент

æхсæнадон ~ — общественный корреспондент

сæрмагонд ~ — специальный *(собственный)* корреспондент

уацхæсджыты къорд — группа корреспондентов

уацхæссæджы æрмæгæй базонын — узнать из материалов корреспондента

хæстон ~ — фронтовой корреспондент

уацхъуыд — весть, известие, новость; молва, слух; заметка; корреспонденция

уацхъуыдхæссæг, уацхæссæг — корреспондент

уаццаг, уадздзаг — полоса, полоска; лента; пояс

уачъи — подбородок; нижняя челюсть

Батырадз æй йæ ~йæ ацахста, йæ ныхы чысыл къобола йын ыстыдта, стæй зæгъы: – Сылыстæг дæ, æндæра дын дæ ~ арæдывтаин! *НК.*

Батрадз ухватил её за подбородок, вырвал чубчик у неё изо лба и говорит: – Женщина ты, а то я бы тебе челюсть свернул!

~тæ сыскъуынын — свернуть челюсть

уачъиздыхт — вывих челюсти

уæ I — ваш; вас

~ хæдзар — ваш дом

нæ ~ федтон — не видел вас

уæ II — *межд.* эй

уæбау (*бир.* уæбæуттæ), **обау** — курган; холм

уæвæг (*бир.* уæвджытæ) — 1. участник; существо; действующее лицо; 2. сущий, существующий

~ нормативтæм гæсгæ — по существующим нормативам

удæгас ~ — живое существо

æмбырды уæвджытæ фæсидтысты — участники собрания призвали

уæвæгой — существо

уæвгæ — хотя, впрочем; в действительности, на самом деле

~ ыл бирæ фылдæр цæуы — в действительности он намного старше

уæвгæйæ — находясь, в бытность

Мæскуыйы ~, æз уыдтæн цалдæр музейы — находясь в Москве, я посетил несколько музеев

уæвд — *текст.* уток

уæвинаг — возможный

уæвын, уын — быть; находиться; состоять; существовать

кæм уыдтæ? — где ты был?;

Ды кæмæн уыдта, æмæ ды кæмæн нал дæ. *Ашæх. Уæззау рæдыд* — Счастье было тебя иметь, горе тебя потерять

сæрибар ~ (уæвын) — быть свободным

цы уыди, уый уыди — что было, то было, прошлого не вернёшь; что было, то быльём поросло

Ыссæдз азмæ азгай / Æххуырсты цыддæн... / Цы нæ кодтон радгай, / Цы нæ-иу уыддæн? *Къоста. Чи дæ?* — До двадцати лет из года в год / Батрачил я, чего только не перепробовал, / Кем только я не был

● дунейы уæвæн цæмæн нæй, ахæмæй ницы ис — всё может быть / случиться

уымæн уæвæн нæй — этого не может быть

Ацы дунейы уæвæн цæмæн нæй, ахæм нæй! *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — На этом свете нет ничего невозможного

хиуыл ~ — быть занятым самим собой

уæвынад, уæвындзинад — бытие, существование; нахождение; состояние

~ амоны æмбарынад — бытие определяет сознание

~ кæнын — существовать

уæвындзинад — присутствие, пребывание; наличие

уæ ~ ахсджиаг у — ваше присутствие необходимо
уæ ~ иттæг фæндгæ у — ваше присутствие очень желательно

уæгъд — несвязный, ненатянутый; свободный; слабый

~ баст — слабый узел
~ бынæттæ не ‘ссарын — не найти свободных мест
~ кæнын (уадзын) — развязывать, освобождать, отпускать
бынат ~ кæнын — освобождать место
Мæ бынатмæ лæбурдтай, Дзабо, æмæ дын æй ~ кæнын. *Ашæх. Æууæнчы аргъ* — Ты рвался на моё место, Дзабо, и я его тебе освобождаю
~ нал уадзын — не оставлять в покое
æддагон знæгтæ йæ ~ нæ уагътой — внешние враги постоянно допекали
Ацы хъуыдытæ йæ ~ нал уагътой, балбирæгътау ын лæбурдтой йæ сæры магъзмæ. — Эти мысли не оставляли её в покое, сверлили её мозг
Чызг-иу læппуйы къухыл ныффидар æмæ цалынмæ фæстæмæ сæхимæ раздæхтысты, уæдмæ-иу æй ~ нал суагъта. *Умар. Стъалы куы скæса* — Девчушка, бывало, крепко схватится за его руку, и пока они не вернутся домой, не выпускала её
~ къух — свободная рука
~ рæстæг — свободное время
~ рæстæг æрвитын — проводить свободное время
~ уæвын — быть свободным
Барастыры размæ ~ фæндагæй бацу — Дорога к повелителю мёртвых пусть будет широкой для тебя

● дæ бæхы рохтæ ~ куы суадзай, уæд былæй ахаудзынæ — отпустишь поводья, упадёшь в пропасть

уæгъдæй — свободно; на свободе
~ хизынмæ ауадзын — отпустить пастись
~ цæуын — идти налегке

уæгъдæппæрст — разбросанный; раскинутый; беспорядочный; наброшенный

сæрыл кæлмæрзæн ~ — платок накинут на голову
Йæ уæлæдарæсæй цыдæртæ ~ уыдысты уаты астæу стъолыл. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Кое-что из её одежды было разбросано на столе в середине комнаты

уæгъдæппæрстæй — беспорядочно
уæхсчытыл ~ — наброшенным на плечи

уæгъдæфсæр — болтливый
~ты хицау — болтун

уæгъдвæндаг — доступ

уæгъддзырд — 1. болтун, пустомеля; празднословие; 2. несдержанный, дерзкий на язык

уæгъдибар — свободный, вольный; беспрепятственный
~ базар кæнын — вести свободную торговлю
~ бацыд — свободный вход

~ рæстæг иумæ алæууын, ахудын, ахъазын – сæ уд, сæ дзæцц сæ дыууæйæн дæр. *Букуылты А. Фаризæт* — Их мёдом не корми в свободное время, дай постоять, посмеяться, поиграть

~ скæнын — освободить, дать волю, отпустить на волю

~ хæтæнтæм аирвæзын — выбраться на свободу

~ хъæбысхæст — вольная борьба

~ цард — вольная жизнь

уæгъдибарæй — свободно, вольно

~ сæзмæлын нæ уадзын — лишить всякой свободы; не давать двинуться

рафистæг кæн дæхи æмæ абадам ~ — раздевайся, и мы посидим спокойно

уæгъдибардзинад — свобода, воля

уæгъдидонæй — свободно; вольно, привольно

~ хизын — свободно пастись

~ цæрæн нæй. Алчидæр нæ хъуамæ кардау ælвæст уа. *Мæрзойты С. Ælгъыст* — Нельзя жить привольно. Все должны быть предельно собранными

уæгъдрох — безалаберный, разнузданный

уæгъды — напрасно

~ нæ — неспроста

~ нæ загъта — он неспроста сказал

уæгъуыр — неудачливый; несчастный; жалкий

Кæсут æм ныр – æркъæдз рыгъдæй, / Цæуы æргъæфст æмæ ~æй. / Вæййы зынаргъ дзаума, гъе стæй / Æрхауы быræттæм бызгъуырæй. *Шамил.* — Вон, полюбуйтесь на него, / Идёт, согнувшись, весь несчастный. / Вот так и вещь, когда-то дорогая, / Лохмотьями становится

уæгъуырсыдз, огъуырсыдз — 1. *разг.* пройдоха; 2. неудачливый; несчастный; не хватает сил, способностей, смелости; жалкий

Æ, мæнæ ~, ай дæр та ам куы февзæрди, – схор-хор ыл кодтой Нарт. Сырдон дæр цыл ысбустæ кодта. *НК. 4* — А, вот пройдоха, и этот здесь оказался, – забурчали нарты, увидев его. Сырдон тоже на них надулся

уæд — тогда, в таком случае, то

кæд афтæ у, ~ æз разы дæн — если так, то я согласен

~ æмæ уым — в этот момент, тотчас же; тогда и там

Аргъ куы нæ кæнай кæстæрæн, / ~ æгъдау домæн нæй уымæй! *Дзаболаты Х. Нæртон удыхъæд* — Если младшему не оказывать уважения, / То какой с него можно спрашивать порядок!

● адæймаг йæ цæсгомæн чъизийæ куынæ тæрса, ~ цынæ бакæндзæн? — если бы не страх потерять совесть, то что бы сдерживало человека

уæдæ — так, то, в таком случае

~ афтæ — значит, так

~ куыд? — а как же?

~ цы? — а что ещё?

гъемæ ~ — и вот; ну тогда

уæдæгомау, уæдæгонд (*бир.* уæдæгæндтæ) — 1. глупец; 2. слабоумный, глуповатый; *разг.* так себе

Дæу уырдæм чи бауагъта, уый та дæхицæй ~дæр. *Лademыр*. — А тот, кто тебя туда допустил, сам ещё глупее тебя

уæдæй — с тех пор

~ нырмæ — с того времени

~ нырмæ йæм мæ зæрдæ æхсайы — с тех пор я беспокоюсь за него

~ рацыд мæй — с тех пор прошёл месяц

~ фæстæмæ — с тех пор и поныне

уæдæйсарæй — с тех самых пор; всё это время

уæдæртт (*бир.* уæдæрттытæ) — шпулька; веретённое кольцо

кæройнаг ~ — крайняя шпулька

сæрккаг ~ — верхняя шпулька

сæр ~ау разылди — голова закружилась как веретённое кольцо

уæддæлæ (уддæлæ) кæнын — угрожать

уæддæр — всё же, всё-таки, однако; тем не менее

~ сæфт æмæ сæфт! — всё одно пропащий

Тар хъæды бæлас нын калын нæ комы, / Ой, æмæ, калын нæ комы. / Куы кала, ~ хъæды кæронмæ. *Зарæг* — В тёмном лесу дерево не повалить, / Ой, не повалить. / А уж коли упадёт оно, / То к краю леса

● йæ сæрыл ын сой куы рауадзай, ~ дæ бузныг нæ фæуыдзæн — хоть что ему делай, не дождёшься благодарности

Дунетæй хуыздæр куы фестай, / Гъе, ~ дæхи уд ма стау! *Къоста. Булкъ æмæ мыд* — Если даже будешь лучше всех на свете, / Всё равно не превозноси себя

~ сæ къухтæ не руагътой — тем не менее, они не отступили, руки не опустили

цыдæр у, ~ — как бы там ни было

уæдмæ, уæдмæйы — до тех пор, до того времени, к тому времени

~ æрталынг, — тут и стемнело

● ~ кæнæ хæрæг мæлдзæн, кæнæ – йæ хицау — к тому времени многое изменится; или ишак падёт, или хозяин его умрёт

уæды, уæдыккон — тогдашний

~ заманы — в те времена

~ онг — до тех пор

~ рæстæджы — в ту пору

Уый стыр хъуыддаг уыд ~ рæстæджы — в ту пору это было важным событием

~ хуызæн — как тогда

Мæцыхъойæн ~ хуызæн никуы фæтæригъæд кодтон. *Максим. Сау хохы фиййау* — Никогда ещё мне не было так жалко Махцыко как тогда

уæз — тяжесть; вес; ноша

~æй басæттын — победить, сломить силой

~æй бафтауын — прибавить в весе

~æй фæцух уæвын — убавить в весе

~тæ исынæй тыхтæ æвзарын — соревноваться в поднятии тяжестей

~ы тых — *физ.* сила тяжести

~ыл бафтауын — прибавить в весе

адæймаджы ~ — масса тела; вес человека
азтæ йыл сæ ~ æруагътой — возраст сказался на нём
● æфсондзы фидар ~мæ гæсгæ у — прочность ярма зависит от груза
æхсæйнаг ~имæ — общим весом; со средним весом
● бумбулийы ~ дæр дзы нæй — и веса в нём нет; легче пушинки
гыццыл ~имæ райгуырын — родиться с маленьким весом
къабуз йæ дыргъты ~æй æркъуыл — ветка склонилась под тяжестью плодов
● цард ыл йæ ~ нæма æруагъта — жизнь его ещё не проверила на прочность
йæ ~ цæйбæрц у? — сколько он весит?
йæ ныхасы кæддæриддæр ~ вæййы — все его слова имеют вес
уæззау ~ы богал — спортсмен-тяжеловес
уæлдай ~ — лишний вес; дополнительный вес
фыдракæнды ~ мæ гæсгæ — в зависимости от тяжести преступлений
хайон ~ — удельный вес
● хæдзармæ ~ нæй — своя ноша не тянет
хи ~ыл банымайын — счесть своей обязанностью
хиуыл ~ никуы æруадзын — никогда не утруждать себя
Йæ цард-цæрæнбонты йæ къах-къух дæр никуы срысти. Йæхиуыл ~ никуы æруагъта. *Изæтбег. Фыдхъус – хæдзархал* — В жизни у него ничего не заболело никогда. Никогда не утруждал себя ни в чём
хицæй уæззаудæр ~ — вес, превышающий собственный
● искæй ~ фæрогдæр кæнын — облегчить кому-л. что-л.
~ йæ иу къахæй иннæуыл æруагъта. — перенёс вес с одной ноги на другую
Цонг цæмæй æривæза, ахæм ~æй дзы цыма ницы уыди. *Бицъоты Г. Урс æмдзæвгæтæ* — Казалось, что никакого такого веса, чтобы оттянуть так руку, не было

уæзад — тяжесть
~ы центр — *физ.* центр тяжести

уæзæг (*бир.* уæзгуытæ) — возвышение, бугор; часть шеи быка, на которой держится ярмо; мозоль
~ кæрц — лямка под ярмо
Загъта, – фос уал ам мæ сæрмæ / Хизæд ~ыл, / Æз фæхуысдзынæн изæрмæ / Уыцы бæмбæгыл... *Коста. Æрра фыйау* — Сказал он, – пусть надо мной скот / Пасётся на склоне горы, / А я до вечера посплю / На той ватной лежанке
● уæзæджы къуыбæрыл баззайын — оставаться без крова; потерять отчий дом
● уæзæджы къуыбæрыл уадзын — оставить без крова; обречь на нищенскую жизнь
● кæйдæр ~ыл иунæгæй баззайын — остаться вдовой
Кæмæн мæ ныууагътай уæзæджы къæйыл? *Максим. Нæ цæугæ мæсыг* — На кого ты меня покинул?
уæзæджы хай — очаг, земля; *букв.* доля очага, земли
уæзæджы рисæй риссын — болеть за свою отчизну
æнæкæрон уæзгуытæ — бескрайние горные просторы
знаджы ~ — логово врага

● лæг хъуамæ йæхи ~ыл райгуыра 'мæ йæ фæстаджы бон йæхи ~ыл бавæрой (*Рагон нæртон æгъдау*). — где родился человек, там и лежать ему вовек

● мæликк дæр ма Зæрæмæджы ~æй фæстæмæ раздæхт — с Зарамагскими высотами даже малик не справился

● Нарт-иу, сæхи ~ыл чи нæ райгуырд, уый сæхицæй нæ хуыдтой — Нарт не считали за своего того, кто не на их земле родился

райгуырæн ~имæ бастдзинад — преданность отчему краю

райгуырæн ~æй хуыздæр цардагур ацæуын — покинуть отчий дом в поисках лучшей жизни

фыды ~ — родина, отчий дом, место обитания предков

фыдæлты уæзгуытæ дих кæнынмæ фæуын — кинуться делить нажитое старшими

● фыды ~ адджын у — отчий дом дорог

фыды ~ыл баззайын — навсегда остаться в отчем доме, не выйти замуж

● фыды ~æн дзабырты бынтыл ахæссæн нæй — родину с собой не перевезёшь

● фыды ~ ныууадзын — покинуть отчий дом, улететь из гнезда

Лæг йæ ~æй дард бæстæм афты, / Амонд дард искуы ссары фæрнæй, / Фæлæ хи хъæу куыд фæуарзы, афтæ / Иу къуым дунейыл зæрдæйæн нæй. *Гриш. Ногир* — Вдали от родных мест оказавшись, / Можно обрести там счастье, / Но нет такого уголка на свете, / Которое бы полюбил как своё село

уæзæгджын — мозолистый

~ къухтæ — мозолистые руки

~ æрмттæ кæрæдзиуыл сæрфын — потирать мозолистые руки

уæзбарæг (*бир.* уæзбарджытæ) — весовщик

уæзбарæн — весы

уæзбын — тяжёлый на подъём, ленивый; тяжеловесный

~ зонд — тугодум; обдумывающий основательно

~ зонд у. Хъуыддаджы бацæуыны размæ йыл хъуамæ бирæ фæхъуыды кæна — Он тугодум. Прежде чем заняться чем-либо, должен основательно всё обдумать

~ къахдзæф — тяжёлая походка

~ ныхас — обдуманная, неторопливая речь

● адон хæсгæ галау ~ ысты — ленивые как откормленные быки

● тагъд ныхасæй ~ ныхас кадджындæр у — медленная речь весомее быстрой кажется

уæзбынарæзт — тяжеловатый; с ленцой

уæзбындзинад — косность; тяжеловесность; неповоротливость; основательность; добротность

уæзбынæй — глубоко, значительно, крепко, серьезно, резонно, добротно, капитально

~ æрæнцайын — обосноваться основательно

ныхас уыцы ~ ауадзын — обстоятельно заговорить

хи ~ равдисын — обнаружить косность

уæзвад — с тяжёлой походкой, поступью

уæзгæ весомый, ощутимый

~ аргумент весомый аргумент

~ хуын весомый вклад, дар

Ирон литерæтуræмæ Сергей цæстуарзонæй ~ хуын бахаста куыд прозæ æмæ поэзийы афтæ драматурги æмæ публицистикæмæ дæр. *Р. 06.04.2017* В осетинскую литературу весомый вклад Сергей (*Марзоев*) внёс как в поэзию и прозу, так и в драматургию и в публицистику

уæздан (*бир.* уæздæттæ) 1. *ист.* дворянин, аристократ, уздень; 2. благородный; вежливый, учтивый, деликатный

● ~ æгъдауджын лæджы хонынц благородным того считают, кто традиции соблюдает

~ зæгъын приглашать кого-либо

~ згъæртæ благородные металлы

● ~ йæ дзырд дыууæ нæ кæны благородный человек всегда сдерживает обещание

~ кафт сдержанный, благородный танец

● ~ кæддæриддæр ~ у благородный человек благороден во всём

~ лæг благородный человек; аристократ

Йæхицæй хуыздæр æмæ ~дæр адæймагæн скæнæн нæ уыд. Невозможно было представить кого-либо лучше и благороднее, чем он

● ~ лæгæн йæ чъылдыммæ сбад, сау лæгæн – йæ разы *букв.* садиться надо позади благородного и впереди простолюдина

● ~ йæ дзырд дыууæ нæ кæны благородный от своего слова не отказывается

● ~ лæг йæ над нæ хъæр кæны знатный скрывает, когда тумаков получает; благородный о своём унижении трубить не станет

● ~ лæг лæджы æнæмгъуыд нæ мары благородный не убьёт, если смерти срок не подойдёт

● ~ лæг мæсты нæ кæны благородный ходу гневу не даст

● ~ лæгыл гæды ныхас нæ фидауы благородному ложь не к лицу

● кæд ~ лæг дæ, уæд мын дæ мæсыджы бындур равдис подтверди свои претензии; *букв.* если знатностью кичишься, то покажи основание своей родовой башни

~ лæг хæргæ хæрын нæ дзуры воспитанный человек, кушая, не станет говорить

~ мыггагæй благородного происхождения

● ~ ныхас – зæрдæйæн æхсызгон учтивые речи всегда по душе

~ хъуымæцтæ дорогие, натуральные ткани

● пъæнæзы ном тадзинæй ~дæр у как не назови

~ы хаттæй куы зæгъæм уæд мягко выражаясь

~ыл банымайын счесть благородным

● бæхæй ~дæр фосæй нæй: лæгимæ топпы дзыхмæ уый йеддæмæ ничи цæуы нет животного благородней коня: под пули с хозяином только он идёт

гуыбынæй ~ умеренность в еде

мæгуыр, фæлæ ~ бедный, но честный

● Нарты ном ~æн баззад нарт означает благородство

Сауæй, ~æй, кæйдæриддæр йæ къах, йæ бæх хæссы, – паддзах уæ хоны. *Ирон адæмон аргъæуттæ.*

Простолюдины и благородные, кто ходить может, под кем конь ходит, – всех царь к себе зовёт

● хæрæг, дам, хуыйæн афтæ загъта: цом æмæ сагимæ бацæрæм æмæ нæ ~ы ном айхъуыса

Говорят, осёл свинье сказал: пойдём с оленем заживём, пусть думают, что мы из благородных

● хæснаг ~ лæгимæ скæн

пари только с благородным заключать можно

хи ма гыццыл ~дæр дар

будь поучтивей; веди себя повежливей

● чындздзон чызгæй – ~дæр

застенчивее девушки на выданье

уæзданæй

учтиво; благородно; из вежливости

~ ницы зæгъыс?

из приличия ничего не скажешь?

кæнгæ ~

с деланной учтивостью

хи ~ равдисын

проявить благородство

уæздангуырд

1. человек благородного происхождения; 2. высокородный

уæздандзинад

благородство; вежливость, учтивость, деликатность

● ~ адæймагæн йæ туджы ис

благородство у человека в крови

гуырдзæй рахæсгæ ~

природное благородство

Дæ ~!

Ваше благородие! (*обращение*)

Цыдæр фыдбылыз, дам, æрцыд. Йæ ~æн зæгъын хъæуы. *Умар. Уæ нæ хæхтæ, нæ бæстæ*

Говорят, случилась какая-то беда. Надо доложить его благородию

● уымæн ~ фыдæй нæ баззад

откуда в его крови взяться благородству

● хæрæгыл саргъ куыннæ фидауы, афтæ сау лæгыл – ~

простолюдину учтивость, что корове седло

уæзданхуыз

благородный; вежливый, благородный, учтивый, деликатный

уæзданхуызæй

с учтивым видом; благородно

уæздзинад

тягость

уæззау

тяжёлый; *в разн. знач.* грузный

~ зонды хицау

разумный; рассудительный; продуманный, осмотрительный человек

~ индустри

тяжёлая индустрия

~ кæнын

тяжелеть, становиться тяжелее

~ куыст кæнын

выполнять тяжёлую работу

~ мысинаг

тяжёлые воспоминания

~ рынчын фæуын

заболеть тяжело

~ рынчынæн фервæзын æнхъæл нал уæвын

не надеяться на выздоровление тяжелобольного

~ тæлмæн

тягостное впечатление

~ уаргъ хæссын

нести тяжёлую ношу

~ уæз

тяжёлый вес

~ уæзы ерыс кæнын

выступать в тяжёлом весе

~ фæд ныууадзын

оставить недобрый след

~ фæстиуджытæ

тяжёлые последствия

~ фыдракæнд — тяжкое преступление

● ~ хъуыддаг рог ныхæстæй нæ рæзы — на словах всё легко; легче сказать, чем сделать; *букв.* тяжёлое дело не делается пустыми словами

● ~ хъуыддагыл рог фæндтæ ма кæн — в тяжелой ситуации легкомысленные решения не принимай

~ хъысмæт — тяжёлая судьба

~ цардæвзарæнтæ — тяжёлые испытания

~ царды уавæртæ — тяжёлые жизненные условия

~ цæфтæ — тяжёлые раны

Цæф ~ цæф разынд. Дзырдтам æм, фарстæм æй, фæлæ нын йæ ~ хъæрзынæй дарддæр ницы загъта. *Максим. Уалдзыгон улæфт* — Рана оказалась тяжёлой. Мы звали его, расспрашивали, но он в ответ только тяжело стонал

æппæты ~дæр уæзы — в супертяжёлом весе

уæхсчытæй ~ уаргъ аппарын — сбросить с плеч тяжёлый груз

уæззауаг — тяжесть, груз

уæззаугай — не торопясь, медленно

~ цæуын — идти не торопясь

уæззаугомау — 1. тяжеловатый; нелёгкий; медлительный, неуклюжий; 2. тяжеловато; медленно, неуклюже

~ дзуапп радтын — медлить с ответом

уæззаузæрдæйæ — с тяжёлым сердцем

~ дзы мæ цæстытæ атыдтон æмæ иуварс ацыдтæн. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — С тяжёлым сердцем я оторвал от него взгляд и отошёл в сторону

уæззаузонд — разумный; рассудительный; продуманный, осмотрительный

~ыл хæст — благоразумный человек

уæззаууæзон — тяжеловес

уæзисæн — *тех.* подъёмный кран; домкрат, рычаг

уæзласæн — грузовой

~ автомобиль — грузовой автомобиль

~ бæх — ломовая лошадь, тяжеловоз

~ лифт — грузовой лифт

~ хæдтулгæтæ — грузовой транспорт

уæзон — весовой

уæзтырнæн — тяготение

~ тых — сила тяготения

зæххы ~ — земное тяготение

уæзхъус — тугой на ухо; тугоухий

● агтæхуыйæг ~ у — паяльщик тугоух

Къуырмайæн аргъуан дыккаг хатт нæ фæцæгъды, кæд ~ дæ, уæд мæ дын иу хатт зæгъын. *Азæмæт. Ирон хæсмæ тындзæн нæй* — Глухому две обедни не служат, но тебе как тугоухому скажу ещё раз

уæй I продажа

~ кæнын продавать

сусæгæй ~ кæнын продавать из-под полы

уæй II что? *(ответ на чей-либо зов)*

~, тох *припев в героических песнях*

● ~ уæрæйдæ, ой, уæрæйдæ *припев в народных песнях*

уæйгæнæг (*бир.* уæйгæнджытæ) 1. продавец; предатель; 2. продающий; продажный

● ~ æмæ ælхæнæг кæрæдзийы сайынц продавец и покупатель друг друга обманывают

● ælхæнæг дæр, дам, пайдамæ хъавыд æмæ ~ дæр каждый думает о своей выгоде

дуканийы хистæр ~ старший продавец в магазине

райгуырæн бæстæ ~ предатель родины

уæйгæнджытæ æргътыл уæлæмæ схæцыдысты продавцы взвинтили цены

уый тынг дæсны ~ у он продаст что угодно с выгодой для себя

уæйгæнæн торговый

~ пункт торговая точка

уæйгæнинаг (*бир.* уæйгæнинæгтæ) продажный

уæйгуытæарæзт богатырского сложения, великан

уæййаг (*бир.* уæййæгтæ) 1. товар; предатель; 2. продажный

~ цъар продажная шкура, изменник

● алы ~мæ дæр ælхæнæг фæзыны на каждый товар находится покупатель

● расыг læджы бæх ~ вæййы пьяный и коня пропьёт

уæййагдзинад продажность

уæйлаг верхний

~ нымæт бурка *(букв. верхняя бурка)*

уæйыг 1. *фольк.* великан, циклоп, богатырь; 2. мощный, сильный, гигантский

авдсæрон ~ *фольк.* семиглавый великан

Адæмы ныхмæ цы ~ фæлæудзæн? Чи сыл фæуыдзæн уæлахиз æхсарæй? *Цомахъ. Адæм* Какой великан может противостоять всему народу? Кто может превзойти в отваге всех?

Нартæн сæ хæхты сæвзæрдис хъулонзачъе ~. *НК. Нарты Батырадз æмæ Хъулонзачъе уæйыг* Появился в горах нартовских пестробородый великан

● уæйыджы хъусы уад уайы говори не говори; в одно ухо вошло, в другое вышло; *букв.* в ушах у уаига ветер свистит

Цалдæр азы сын бæргæ дзырдтон, иу чысыл æй йæ фæллад суадзын бауадзут, уæйыджы хъусы уад. *Максим. Сау хохы фийау* Несколько лет я им твердил, чтобы дали возможность ему отдохнуть, но с ними говори-не говори

уæйыгарæзт богатырского сложения

Хъазджери дæрдзæфмæ бафиппайдта, йæ ныхмæ чи æрбацæйтындзыдта, уыцы ~ы. *Бицъоты Г. Урс æмдзæвгæтæ* Хазджери издалека заприметил ринувшегося на него человека богатырского сложения

уæл- *элемент слов со значением* над, наверху; сверх

~хæдзар крыша *(плоская в горских саклях);*

~зæхх над землёй

уæладзæн балка, перекладина

уæладзыг (*бир.* уæладзгуытæ) этаж

● æвзæр бындурыл уæладзгуытæ амайæн нæй на плохом фундаменте ничего не возводят

быннаг ~ нижний этаж

уæллаг ~ верхний этаж

● уæллаг ~ цыдæр кодта крыша поехала; головой тронулся; рассудок помрачился

Ацы лæгыл цыдæр бæллæх сæмбæлд. Йæ уæллаг ~ цыдæр кодта. *Ахуырбег. Æргаскы мæсыг* С этим человеком приключилась какая-то беда. У него рассудок помрачился

уæладзыгджын многоэтажный

~ хæдзæрттæ многоэтажные дома

уæлазар насилие, давление; превосходство

уæламад *филос.* надстройка

идеологион ~ идеологическая надстройка

базис æмæ ~ базис и надстройка

уæларв (*бир.* уæлæрвтæ) 1. небо; 2. на небе, в небесах

● ~æй стъалы æрхауынмæ æнхъæлмæ кæсын *букв.* ждать пока с неба звезда упадёт; ждать невозможного / несбыточного

~ асинтæ кæнын / амайын добиваться недостижимого

● ~æй æхсидав куы æрхаудаид, уæд зæхмæ не 'рхæццæ уыдаид, уыйбæрц адæм æрæмбырд сты *разг.* народу было столько, что яблоку было негде упасть

● ~æй æрхауæгау свалиться как снег на голову

● ~æй æхсидæвтæ скъæфын хватать звёзды с неба

Иннæ æфсæддонтæ цы кодтой, уый кодтон æз дæр, æндæр ~æй æхсидæвтæ не скъæфтон. *Дæбе. Царды хицæуттæ* что другие солдаты делали, то и я, звёзд с неба не хватал

● ~æй зæхмæ æрисын спустить с небес на землю

● ~æй Хуыцауы дзæгъæлы ницы хауы просто так ничего не бывает; с неба ничего не падает

~ы дауджытæ небесные покровители

● уæлæрвты сæр выше облаков

● уæлæрвты тæхын витать в облаках, быть не от мира сего

уæларвмæ ввысь, в небо

Куы кувынц сæ зæдтæм ~, / Куы фыдæлты кады фæмысынц. *Секъа. Уалдзæг* То молятся своим небесным святым, / То предков былую славу вспоминают

Нарт сæ тых, сæ бонæй ныззарыдысты, æмæ сын ~ сæ зарыны хъæр фехъуыста Нарты болат Батрадз. *НК.* Нарты, что было сил, запели, и в небесах их пение донеслось до слуха стального нарта Батрадза

● йæ иу къæпсыр – ~, йеннæ – дæларвмæ *фольк.* один клык до неба, а другой до подземного царства

● цинæй ~ хауын — прыгать до небес от радости

Ды цы сылгоймагмæ баулæфай, уый хъуамæ цинæй ~ хауа. *Ахуырбег. Æргаскы мæсыг* — Женщина, к которой ты посватаешься, должна до небес от радости прыгать

Абон нæ фырцинæй зарæм, / Хъуысы ~ нæ цагъд. *Цины зараг* — Сегодня от радости распеваем, / До небес доносится наша музыка

● ~ сисын — вознести кого-л. до небес

● ~ скæсын кæнын — угостить на славу

Кусартæй уын зæрдæ не ‘вæрын, ~ уæ не скæсын кæндзынæн! *Мæрзойты С. Дзæбуг æмæ хъæсдарæг* — Барана зарезать вам не обещаю, на славу вас не угощу

худ ~ æппарын — сильно радоваться

уæларвон — небесный

уæларв-уæларврæгъты — на небесах, в облаках

~ куы уай, уæддæр дæ ссардзынæн — отыщу тебя всюду, хоть в небесах

~ сылгоймаг — неземная женщина

Уæларвыл бадæг — Всевышний

~ æнамонд мæ ма скæн, галы сæрæй дын скуывдзынæн. *Мæрзойты С. Хахуыр* — Всевышний, не обрекай меня на несчастья, я принесу тебе в жертву быка

уæларгъ — наценка

~ кæнын — делать наценку

уæларм — кисть руки; тыльная часть ладони; *этн.* широкий висячий рукав

~ дзаг — полная ладонь

~ тъæпæн — тыльная часть кисти

дæларм-~ — в обнимку, рука об руку, под руку

дæларм-~ æрхæцын — взяться за руки

● къухы ~мæ кæсæгау зыны — видно как на ладони

уæларт — над огнём, над очагом, на плите, на печи

~ фæкæнын — поставить на плиту; начать готовить пищу

● æвзæр чызг йæ фыды ~ мæлы — плохую девушку никто замуж не возьмёт

дæ фыды ~ амæл! — чтоб тебе век в девках остаться!

● йæ фыды ~мæ арвитын — вернуть женщину (жену) в отчий дом

● йæ фыды ~ баззад — не вышла замуж; в девках осталась; *букв.* осталась в отчем доме

● йæ фыды ~ урс дадалитæ æруадзын — состариться в отчем доме; не выйти замуж

уæларттаг — члены одного очага, семьи

уæлартыфых — приготовленный на огне, на печи

~ хойраг — пища, приготовленная на огне

уæлархайд — воздействие

уæларынг — у миски/корыта для теста

~ балæууын — приступить к выпечке хлеба, пирогов

Æфсин, Ирыстонæй нæм уазæг сæмбæлд, зæгъгæ, куы базыдта, уæд уыцы сахат ~ балæууыд. *Максим. Хæххон барæг* — Хозяйка, как только узнала, что к нам пожаловал гость из Осетии, тут же принялась печь пироги

уæлахиз превосходство; господство; победа
~ кæнын побеждать, одерживать победу; доминировать, господствовать
~ уæвын превосходить
~æй раздæхын вернуться победителем
Дзæбæх мын у, сæрæгасæй ~имæ æрæздæх. *Æхсарбег. Куырды фырт* Будь здоров, живым возвращайся с победой
~æн бындур сæвæрын заложить основы для победы
~мæ æркæнын привести к победе
~мæ тырнын стремиться к победе
~ы бон день Победы
~ы орден орден Победы
мælætыл ~ победа над смертью
уæлахизад победа, победоносность
~имæ æрæздæхын вернуться с победой
~ сæ цæстыты, сæ касты, / Йæ хъысмætыл нæ кодта / Иу дæр хъыг. *Дæуыт. Сæ уалдзæг* Победоносность их в глазах, во взгляде, / Никто из них / Не ропщет на судьбу
уæлахизгæнæг (*бир.* уæлахизгæнджытæ) побеждающий; победоносный
æппætыл ~ тых всепобеждающая сила
уæлахиздзау победитель
~тæ сбæрæг сты стали известны победители
~ы хуызæн победоносно, победно, как победитель
● ~ы фаугæ ничи кæны победителей не судят
алыхуызон къæпхæнты ~тæ победители различных уровней
ерысты ~ победитель соревнований
уæлахиздзинад превосходство; победа; господство; успех
~ æнцойты къухы нæ бафты победа не идёт сама в руки
~ нывонд кæнын посвящать победу
æвзæрстыты ~ победа на выборах
æвидийгæ ~ невиданный успех
Мælæт кæнæ ~! Смерть или победа!
Хорз ~ бафтыд Иссæйы гвардионты къухы. *Дзадтиаты Т. Æхсаргæрдты зæллæнг* Гвардейцы Иссы (Плиева) добились больших успехов
уæлахизиуæггæнæг (*бир.* уæлахизиуæггæнджытæ) берущий верх, побеждающий, одерживающий победу; победоносный
уæлахизон превосходящий; победный
~ бæрц превосходная степень
~ марш победный марш
уæлахизхæссæг (*бир.* уæлахизхæсджытæ) победоносный
~ Советон Æфсад победоносная Советская Армия
уæлахизхæсджыты кадæн во славу победителей
уæлæ над, наверху, сверху, на; вот, вон
● ~ кæнай, дæлæ кæнай как ни крути

~ скæнын — надеть, одеть
● йæ ном дæр йæ ~ — название говорит само за себя
● хæфсытæ хъæдын лæгæй фыццаг фæтæрсынц, уыйфæстæ йæ ~ сбырынц — ко всему привыкнуть можно; *букв.* лягушки вначале от пугала шарахаются, потом на него взбираются

хи ~ скæнын — надеть на себя
уæлæвæрæн, уæлæвæрд — 1. надбавка; приложение; наложение; 2. наложенный

~ фиддонимæ — наложенным платежом
уæлæдарæн: ~ нымæт — бурка, накидка
уæлæдарæс — одежда
уæлæйы — верхний
~ æмæ къахы дарæс — верхняя одежда и обувь
~ дзаумæттæ — верхняя одежда
~ дзауматы лидзæг фæуын — бежать в чём был
уæлæконд — одёванный; надетый
~ дзаума — одёванная одежда
уæлæмæ — вверх, наверх; встань! хватит лежать!
● ~ ницы срæдыйын — не промолвить ни слова
Аминæт хъæрзы, фæлæ ~ ницы дзуры. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — Аминат стонет, но не произносит ни слова

~ скæсын нæ уадзын — не давать свободы, отдыха
~ стад — вставание в память об умершем
бæрæггæнæнтæ ~ цæуынц — показатели улучшаются
● зæххæй ~ нæ зыны — от горшка два вершка
къухтæ ~ нал исын — смертельно устать; еле руки поднимать
Нæ бæстæйы уавæр мыл æнæскъуынгæ æрхæндæг бафтыдта мæ уæззау низтæй ~. *Р. 20.04.2017* — Положение дел в нашей стране навело на меня беспрерывную тоску вдобавок к моим тяжёлым болезням
● сæр ~ схæцын — поднять голову, посметь
тырыса ~ сисын — поднять знамя
● чингуытæй сæр ~ нал исын — не поднимая головы, много читать
цæуы мыл 80 азæй ~ — мне свыше 80 лет
20 градусæй ~ — свыше 20 градусов
уæлæмæдзæуæг, уæлæмæдзу (*бир.* уæлæмæдзæуджытæ) — восходящий, подымающийся *(наверх)*
уæлæмхай — 1. придаток, придача, добавка; приложение, дополнение; 2. добавочный, дополнительный

чиныджы ~ — приложение к книге
уæлæмхас — дополнительный; сверх нормы; сверхурочный

~ куыст — сверхурочная работа
~ хæрдзтæ — дополнительные затраты
уæлæмхасæн — 1. вставка, добавка; добавление; в придачу; 2. дополнительный, добавочный

~ ахуырад — дополнительное образование
~ ахуыртæ — дополнительные занятия
~ куысты руаджы — за счёт дополнительной работы
~ ныхæстæ — излишние разговоры
Ам ~ ныхæстæ уæлдай уыдзысты — Здесь все дополнительные разъяснения излишни
~ фиддонтæ — дополнительные платежи
~ хæслæвæрдтæ — дополнительные обязательства
~æй пайдагæнджытæ — пользователи приложения
~æн бафтауын — дополнительно обеспечить; добавить к имеющимся
~ы хуызы — в качестве приложения
● æвзæрæн йæ хин – йæ ~ — плохой, да ещё и хитрый в придачу
Нæхи æвæлтæрд, нæхи æгуыдзæг нын æгъгъæд нæ уыд. Шольц та ма – ~. *Мæрзойты С. Къæхтысæр* — Мало нам было нашей неопытности, нашей нерасторопности. Да ещё и Шольц в придачу
дзаума лæвар ~тимæ — вещь с бесплатным приложением
конституцимæ æмбæлгæ ~тæ бахæссын — внести в конституцию соответствующие поправки
лæвар ~ — бесплатное приложение
мобилон ~ — мобильное приложение
мызды ~ — прибавка к зарплате
сæйраг æмæ ~ — основное и дополнительное
хъазæн ~тæ — игровые приставки
чиныджы ~ — приложение к книге
чырæ телефонты ~тæ — приложения на телефон

уæлæмхæст — приклеенный сверху
~ разæвæрд — *грам.* придаточное предложение
~ хъуыдыйæдтæ — *грам.* придаточные предложения
сæйраг æмæ ~ хæйттæ — главное и придаточное предожение

уæлæнгай — 1. мелкий, неглубокий; беглый, поверхностный; 2. поверху; слегка, поверхностно; вскользь; потихоньку, помаленьку
● армытъæпæнау ~ — как на ладони; ясно, отчётливо
~ асгæрст — беглый осмотр; поверхностное знакомство
~ бакаст — беглый взгляд
~ бакастæй уынын — увидеть невооружённым взглядом
~ дзаума — лёгкая одежда
~ зонынад — поверхностные представления, знания
~ искæй кой скæнын — вскользб упомянуть о ком-л.
~ кæсæг — верхогляд
~ ныхас — несерьёзный разговор
~ уидæгтæ — неглубокие корни
~ цæстæй кæсын нæ хъæуы — надо относиться серьёзно
~ цæстæнгас — поверхностное отношение *(к чему-л.)*

О, федтон уыцы дон æз дæр, / Мæ зæрдæ барухс ис йæ цыдæй. / Нæу арф, уæрæх, фæлæ уæддæр / Уый арфдæр у дæ ~ хъуыдытæй. *Хъайтыхъты Г. Эпиграммæтæ*

О, видел и я эту реку, / Порадовался её бегу. / Неглубока, неширока, но / Глубже твоих мыслей её дно

● зæххы ~ сагъд уæвын

непрочно стоять на ногах

Æз кæйдæрты хуызæн зæххы ~ сагъд нæ дæн. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ*

Я, в отличие от некоторых, прочно стою на ногах

фарстæн ~ дзуапп дæттын

дать непродуманный ответ

● цæстысыгтæ ~ дарын

держать глаза на мокром месте

уæлæнгайзонд

недалёкий, недалёкого ума

~ адæймаг

недалёкий человек

уæлæнгæйтты

по поверхности; неглубоко

~ аирвæзын

легко отделаться

Ныхасæй дæхи фæтылиф кæнынмæ хъавыс, фæлæ мæ ацы хатт ~ нал аирвæздзынæ. *Æхсарбег. Куырды фырт*

Ты собираешься улизнуть от разговора, но на этот раз ты легко не отделаешься

Дæхæдæг дæр дзы ~ нæ аирвæздзынæ. Дæумæ дæр сæ хъæуы, ма тæрс. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ*

Ты тоже от них легким испугом не отделаешься. Не надейся, они и до тебя доберутся

уæлæндыг

жердь над очагом

~ æмæ дæлæндыг хъæдын тæрхæджытæ

жерди для подвесного плетня для сушки зерна над очагом

уæлæон

земной

~ дунейыл

в земной жизни

~ цард

земная жизнь

Ардыгæй Быценæгтæ æрбахизынц æмæ ~ лæджы хъуамæ сæхицæн аскъæфой, кæннод сæ иу амæлы. *НК. Нарты Æхсары кард*

Отсюда Быцента пробираются, и должны они похитить для себя земного человека, иначе один из них самих умирает

уæлæрдæм

кверху, наверх, в верхнюю сторону

~ фæндаг амонын

показывать путь наверх, к лучшему

уæлæрдыгæй

сверху; с верхней стороны

уæлæрдыгон

верхний; живущий восточнее или выше

уæлæрдзон

сверхъестественный

~ тыхтæ

сверхъестественные силы

Санаты Семы курдиат æмбисондæн баззад. ~ зонындзинæдтæй, дам, уыд хайджын Санаты Сем. *Хъесаты В. Санаты Сем.*

Дар Шанаты Сема вошёл в поговорку. Считалось, что он был наделён сверхъестественными способностями

уæлæсых

верхний квартал села

~æй дæлæсыхмæ

всем селом; во всём селе

уæлæты

поверху; поверх

уæлæуæз

1. возвышенный; 2. высоко

● ~ фæтахти, фæлæ бынуæз æрбадти

высоко летает, низко упадёт

Ех, ныр сæрибарæй ацæр дæ уалдзыгон бонты, / Цæргæсау, дæ зæрдæ ~ тæхæд! *Секъа. Æнкъард хъуыды*

Эх, прожить бы вольно жизни весну, / Сердце парило бы в выси подобно орлу

уæлæуæзты поверху

● ~ дзурын говорить свысока

уæллæууæнк доверчивый

уæлæуыл наверху; на этом свете, на земле

● ~ дæр æмæ мæрдты дæр и на этом свете, и на том

Адон ~ куы нæ баиу уой, уæддæр мæрдты иу кæндзысты. *Дзабайты Т. Донхæрис* Эти даже если на этом свете не окажутся вместе, на том свете обязательно воссоединятся

● ~ мард живой труп

● ~ мын хæс ратт æмæ дын æй мæрдты бафиддзынæн долг на этом свете возьму, а заплачу его на том

● ~ сæ ничиуал ис в живых никого не осталось

● мæ зындон ~ бафыстон я свои адские мучения на земле принял

Тæхуды, йæ уарзондзинад, / Йæ хорз ном, йæ фыдæлты кад, / Чи уадзы ~ зæрондæй! *Къоста. Тæхуды* Блажен, кто свою любовь, / Своё доброе имя, предков славу / В старости оставляет на этой земле!

Барастырмæ балцы цæуын, / Мæ фæллад ысуадздзынæн нæууыл. / Нæ хъæуы мæ мардыл кæуын, / Кæуинаг мæ цард уыд ~. *Шамил* К Барастыру в мир мёртвых я иду, / Там на лужайке дух переведу, / Не надо слёз о том, что не стало меня, / Заслуживала слёз при жизни жизнь моя

уæлæфсæдтæ наземные войска

уæлæфтау 1. накидка; 2. в придачу

~ æрбаппарын накинуть на себя накидку

~хуыд обмётка

сырды цармай ~ накидка из звериной шкуры

Фыййауæн – ~, / Хæлынхуд, хызын, / Йæ къæбæр – æнæвгъау, / Йæ куыст нæу уæд зын. *Къоста. Чи дæ?* Если имеет пастух войлочную накидку, / Шапку из козьей кожи, котомку, / Хлеба чёрствого вдоволь, / Работа его тогда нетрудна

уæлæфтуан надбавка; приложение

уæлæфц *архит.* капитель

уæлæхох возвышенный, высокопарный

~ кæнын брать верх; осиливать; сокрушать; считать себя выше

Зондджындæр мæм кæсы, фæлæ мын уæддæр хъыг у, йе ‘фсымæрыл ~ кæй кæны, уый. *Изæтбег. Зынгхуыст бæлицтæ* Хоть и кажется мне умнее, но всё равно мне обидно, что он так пренебрежительно относится к брату

~æй кæсын смотреть свысока

астæ бæллицтыл ~ систы возраст взял верх над стремлениями

уæлæхохдзинад горделивость, гордыня, заносчивость, надменность, кичливость, чванливое поведение

уæлæххæст идеальный; совершенный; распрекрасный

~ усгуыр идеальный жених

уæлбар льгота; дополнительное право

уæлбариуæг кæнын главенствовать, командовать, править
уæлбарон льгота
~ уавæртæ льготные условия
уæлбæдæн лобок
уæлбæр обрезки овчины; заплата
● кæрц ~æй æмпъузын *букв.* латать шубу овчиной
уæлбæрзонд высотный
~ тахт высотный полёт
~ хæдзар высотное здание
уæлбæрц чрезмерный
уæлбæх верховой
~ фидиуæг верховой глашатай
~ хъазт конная игра
уæлбæхæй верхом; не спешиваясь с коня
~ дзурын говорить свысока
Лæг сын ~ салам радта Мужчина поздоровался с ними, не спешиваясь с коня
● ~ разамынд дæттын руководить, не спешиваясь с коня
~ хонæг верховой приглашающий
~ хъазт гæррыйæ игра в мяч верхом на лошади
~ цæуын ездить верхом на лошади
Æрхауди ~ уырдыгмæ йæ худ, / Ædзæрдæй дæрзæг хæхты систа йæ уд. *Дæуыт. Фырмæстæй нытталынг и хъæд* Слетела шапка с головы всадника, / В суровых горах молодым испустил он дух
● йæ хуымы гæппæлы иу хоры нæмыг баппарынмæ дæр зивæг чи кæны, афтæмæй ~ нартхор тонын кæй фæнды ленится даже зёрнышко в пашню бросить, а верхом кукурузу собирать душа его просит
уæлбикъдараен набрюшник, пояс
уæлбикъон надменный; исключительный; льготный
~ бар исключительное право; льгота
хи ~ кæнын ставить себя выше всех
Ницы уæвгæйæ, сæхицæй ~тæ аразынц, мæн та ædылыйы бынаты æвæрынц. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* Не представляя из себя ничего, строят из себя особенных, а из меня дурака делают
уæлбон *д.* заря, раннее утро
уæлбыл наверху
● искæйы ~ фæкæнын возносить кого-л.
Уазæджы цинæй ~ фæкодтой Они очень обрадовались гостю
~ фæуын быть расхваленным
Æмæ ныр ~ фестут? Дæ фыд Тætæри æхсæвæй-бонæй куыста. *Æхсарбег. Куырды фырт* А сейчас вы вознеслись что ли? Твой отец Татари работал днём и ночью
уæлбын беглый, поверхностный, неглубокий
уæлвадæн подкожный жир
уæлвæд по свежим следам; сразу следом
~ ныхæстæ кæнын говорить невпопад; вторить

Алан Мамайæн йæ ~ фæцыдысты, / Цалынмæ се знаг нæ ахызт сæ бæстæй. *Къоста. Хетæг* — Аланы преследовали Мамая, / Пока враг не оставил их страну

хæд ~ — сразу вслед

Йæ хæд ~ Сослан йæ балцæй æрыздæхти, æмæ йæ усыл йæ цæст куы нæ ‘рхæцыд, уæд бафарста Сатанайы, кæм ис, зæгъгæ. *НК.* — В это же время вернулся из похода Сослан и, не увидев своей жены, спросил Шатану, мол, где она

Уыцы бон фæссихор ахицæн Мæхæмæт. Йæ хæд ~ сау уæйлаг нымæтыл æрбахастой мæ фыды дæр. *Максим. Æхсызгон улæфт* — В тот день после обеда скончался Магомет. Сразу вслед са ним на чёрной бурке и моего отца принесли

уæлвæз — возвышенность, возвышение; плоскогорье

~тæ æмæ дæлвæзтæ — *геогр.* возвышенности и долины

уæлвæйнæг (*бир.* уæлвæйнæджытæ) — полка

чингуыты ~ — книжная полка

уæлвæндаг — у дороги

уæлвæтк — исключение из правил

æнæ ~ фæткæвæрд нæй — нет правила без исключения

уæлвæткон — исключительный

~ бартæ — исключительные права

~ хабар — исключительная весть

уæлвиддон, уæлфиддон — пеня

уæлвонг — 1. высь, вышина, высота; 2. поверхностный, неглубокий

~ æнкъарæнтæ — неглубокие / возвышенные чувства

~ кæнын — возвышать

~ уæвын — возвышаться

уæлвонгад — высь, вышина, высота

уæлвонгæй — без труда; налегке

уæлвонгдзинад — возвышенность

уæлвонгхор — дармоед; тунеядец

уæлгом — лицом вверх обращенный

● дæлгоммæ къус ~ не скæнын — пальцем не пошевелить

уæлгоммæ — лицом вверх, навзничь

~ ахауын — упасть навзничь; опрокинуться на спину

~ хуыссын — лежать плашмя

● бæстæ ~ у — всё перевёрнуто навзничь

уæлгуыр, уæллаггуыр — кофта

уæлгъæдæ *д.* — перила

уæлгъæдæй — стоя, не нагибаясь

уæлдай (*бир.* уæлдæйттæ) — 1. избыток, излишек; остаток; 2. лишний; особенный, особый; 3. как, подобно

~ аргъ кæнын — особо ценить

~ æфтиаг — халтура; дополнительная прибыль

~ бузныг зæгъын — выразить особенную благодарность

~ (дæр) ын нæу — ему всё равно
~ даринаг / хæссинаг — лишний рот, нахлебник
~ нал зæгъын — согласиться, не возражать
~ митæ кæнын — выходить из себя; сильно стараться; стараться услужить
~ нæу — одно и то же; что в лоб, что по лбу
Мæнæн ~ нал у. Донласт хуылыдзæй нал тæрсы. *Болайы фырт. Адæм* — Мне уже всё равно. Утопленнику чего воды бояться
~ ныхæстæ — лишние разговоры
~ радзур-бадзур — лишняя болтовня
~ рæсугъд — особенно красивый
~ хæсыл нымайын — счесть особым обязательством
Æмæ йæм хъама куы сласой, уæддæр ~ хуызон нæ фæуыдзæн. *Лademыр. Артдзæст* — Да на него даже если с кинжалом пойдут, он и виду не подаст
~ хъусдард здахын — уделять особое внимание
~ цума зæгъын сын нæ хъæуы — они сразу всё исполняют
● ницы ~ сæ ис — два сапога пара; одного поля ягода; их друг от друга не отличишь
● айкæй ~ уадзын — быть излишне экономным
æнæ ~ митæ — без всяких; безоговорочно; без колебаний
искæй уæлдæйттæ — остатки, крохи с барского стола
мæнæй ~ — кроме меня; в отличие от меня
пъланæй ~ — сверх плана
рагон усæй ~ нæу — (он) подобно старой женщине
● тæппуд лæг æмæ тæрхъусæй ~ нæй — человек с трусливой душой, что заяц-косой
уд ~ ракæнын — не пощадить жизни
уымæй ~ ма — помимо того
Мæ хо йæ сывæлæтты катайæ ~ мæ мæт дæр кæны. *Ашæх. Батраз æмæ Лиза* — Моя сестра вдобавок к заботам о своих детях ещё и за меня переживает
хæринаджы уæлдæйттæ — объедки
цы ~ у? — какая разница?

уæлдайдæр — особенно, в особенности

уæлдайджынтæй — с избытком, с лихвой
~ бафидын — заплатить с лихвой
Немыц мæ æртæцæфы фæкодтой. Мæ туг ~ райстон, стæй ма ноджыдæр райсдзынæн. *Гриш. Фыстæг* — Я получил три ранения от немцев. Отомстил им с лихвой, и буду продолжать мстить
Сæххæст кодта, сылгоймагмæ, мадмæ цы хæстæ хауы царды, уыдон ~ кад æмæ радимæ. *Р.10.10.2018* — Она с лихвой и с честью, и достоинством выполнила то, что полагается выполнить женщине, матери
куыстадон пълан ~ баххæст кæнын — перевыполнить производственный план

уæлдайдзинад — избыток, излишек, остаток

уæлдайзад — разность; особенность

уæлдæйттæй *кæс* **уæлдайджынтæй**

уæлдайхуызон другой с виду; изменившийся
~ нæ фæуын не подать виду
Цыма Бимболаты уайдзæфы ныхæстæ нæ бамбæрста, уыййау ~ дæр нæ фæци Бексолтан. *Æхсарбег. Куырды фырт* Бексолтан не подал и виду, что он понял упрёки Бимболата

уæлдард сверхдальний

уæлдæр 1. высший; повышенный; высокий; 2. выше
~ ахуырад высшее образование
~ ахуырады диплом диплом о высшем образовании
~ къæпхæны дохтыр врач высшей категории
~ скъола высшая школа
~ уæвын превосходить
~ уынаффæдон высший совет
денджызы æмвæзадæй ~ выше уровня моря
хи ~ кæнын ставить себя выше других; заноситься
Адæмимæ фыццагау уыдис хæлар. Йæхи ~ кæныныл никуы архайдта. *Æхсарбег. Куырды фырт* С людьми он по-прежнему был дружелюбен. Никогда не ставил себя выше других

уæлдæргонд повышенный, высокий

уæлдæрранымад вышеупомянутый

уæлдæрхуынд вышеназванный

уæлдæф воздух
~ тымбыл къухæй хойын рубить воздух; терять время
~ фаг нал кæны не хватает воздуха
~ чъизи кæнын загрязнять воздух
~æй уæззаудæр тяжелее воздуха
~ы температурæ температура воздуха
æвдадзыхосы ~ целительный воздух
дзæбæхгæнæн ~ целительный воздух
рæуджытæй ~ раулæфын выдохнуть воздух из лёгких
сатæг ~ прохладный воздух
сыгъдæг ~æй баулæфын подышать свежим воздухом

уæлдæфдзон, уæлдæфуадзæн, дымгæдзон форточка; отдушина

уæлдæфленк воздухоплавание

уæлдæфленкгæнæг воздухоплаватель

уæлдæфныхмæ противовоздушный
~ иргъæф противовоздушная оборона
~ хъахъхъæнынад противовоздушная оборона

уæлдæфон воздушный
~ бабырст воздушный налёт
~ тох воздушный бой
~ тымбылæг воздушный шар
~ фæдис воздушная тревога
~ фæндаг воздушное сообщение

~ флот — воздушный флот
уæлдæфцух — безвоздушный
уæлдон — надводный; воды поверх льда; верхняя часть хвоста
уæлдымæг — *груб.* таз; часть тела ниже спины; зад
уæлджинаг — взявший верх
уæлдзагъд — на плетне
~ кæнын — чистить, развесив на плетне *(войлок, ковер)*
уæлдзарм (*бир.* уæлдзæрмттæ) — 1. баранья шкура, курпей, мерлушка; папаха; 2. барашковый
~ дарæс — одежда из овчины
~ кæрц — шуба из овчины; тулуп из овчины
~ худ — барашковая шапка
~ худ арф æрсадзын — надвинуть низко папаху
уæлдзармхуд — папаха
уæлдзармын — бараний, мерлушковый
~ худ — мерлушковая шапка
уæлдзæм — сало, мелкий лёд *(на реке перед ледоставом)*
уæле, уæлейы — наверху, сверху
● ~ кæсгæйæ алцыдæр хуыздæр зыны — сверху виднее
● ~йæ исгæ бынæй ахадгæ нæу — ничего неисчерпаемого нет
● ~йæ ныл нæ тадзы — на нас сверху не капает; крыша над головой есть
● искæмæ ~йæ дæлæмæ кæсын — смотреть на кого-л. свысока
● мæ ~ — старше меня
● дæ фыдæх мæ уæд: дæ бæхджынтæ – дæлейы, дæ фистæджытæ – ~йы! — пусть я у тебя буду в немилости – мне всё равно
– Дæ бар дæхи. Нæ дæ тæрсын, æрдумæ дæр дæ нæ дарын. Зонын æй хъаст мыл кæндзынæ, уый, фæлæ ~ дæ фистæджытæ, дæле – дæ бæхджынтæ. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Воля твоя. Я тебя не боюсь, ты для меня ничего не значишь. Знаю, что ты будешь на меня жаловаться, но мне всё равно
уæлеисгæ-бынæйахадгæ — неисчерпаемый; неиссякаемый
уæлзайæццаг (*бир.* уæлзайæццæгтæ) — пережиток
рагон царды ~ — пережиток прошлого
уæлзæллон — сверхзвуковой
~ хæдтæхæг — сверхзвуковой самолёт
уæлзæнг — ботва
цæхæрайы ~ — свекольная ботва
уæлзæхх — наземь, на землю; над землёй; наверху
Уынынц: иу ран иу лæджы фæйнæрдæм бабастой, йæ боцъотæ æмæ йын йæ рихитæй хил асин бийынц уæлзæхмæ. *НК. Нарты Æхсары кард* — Видят, в одном месте, растянули человека верёвками, а из бороды и усов его вьют верёвочную лестницу над землёй
уæлзæххон — надземный; наземный

~ æфсæдтæ — наземные войска; сухопутные войска
~ дуне — этот / белый свет
~ дунейы цæрæг нал уæвын — покинуть мир живых
~ дзæнæт — рай неземной
~ ингæн — наземная могила
~ саудзыдзыда — земной ад
~ уарзт — неземная любовь
~ уидаг — надземные корни *(у растений)*

уæлзонынджын — премудрый
уæли — начальник
уæлиау — высоко
● ~ гæрæхтæ кæнын — высоко парить; возноситься; возгордиться
● ~тæ кæсын — смотреть свысока

уæлиаумæ — ввысь, вверх, высоко, высоко вверх
уæлибæх, уæливых — пирог с сыром, творогом
~æй ацаходын — *этн.* надкусить от освящаемого пирога
æртæ ~æн физонæг сæ уæлæ æрæвæрын — *этн.* на три освящаемых по радостному поводу пирога положить шашлык
æртыгай ~тæй куыд кувæм — *этн.* чтоб мы освящали три пирога (*по радостному поводу*)
дзаджджын ~ — пирог с обильной начинкой из сыра

уæли-дæли кæнын — увиливать, уклоняться, отнекиваться
уæлидзинад — преимущество
уæлимон — дух, небожитель
уæлингæн — надгробный
~ раныхас — надгробная речь

уæлиуæг, уæлиуæгдзинад — победа, нанесение поражения; верховенство, господство; преимущество
~ кæнын — главенствовать, верховодить
никæй ~æн быхсын — не терпеть никакого верховенства

уæлиуæггæнæг — руководитель, гегемон
уæлион — верхний; земной, наземный
~ зындон — ад на земле
~ суæвын — встать с постели *(после болезни),* поправиться
~ цард — земная жизнь

уæлих — надо льдом; на льду
● ~ уæлмитыл ныууадзын — бросить на произвол судьбы
● дæлих – уæ гуыр-гуыр, ~ – уæ сыф-сыф — на поверхности всё хорошо

уæлкар — устарелый, устаревший
~ фæуын — устареть

уæлкæнын — преувеличивать
уæлкондад — перепроизводство

уæлкурдиат вдохновение

уæлкъæй на плите

~ дзыкка дзыкка из сыра с кукурузной мукой

~ фых приготовленный на плите

уæлкъæсæр над порогом, у самого порога

● мах мыггаг паддзахы ~ фыст у мы на особом положении; наша фамилия над порогом самого царя написана

Фыдбылыз нæ ~ æрфистæг, хæст райдыдты. *Мæрзойты С. Ælгъыст* Беда спешилась у самого нашего порога, началась война

уæлкъона над очагом

уæлкъух тыльная сторона руки

~тæ дæндæгтæй æхсынын грызть ногти от волнения

уæлкъуыбыр над холмом, над бугром; на холме, на бугре

● халон зиу ракодта, йæхæдæг ~ ысбадти ворон помощников работать собрал, а сам на бугре восседал

уæлкъуыпп над холмом, над бугром; на холме, на бугре

~ы бæрзондмæ схæссын поднять на вершину холма

Æфсати ~æй касти ‘мæ зæгъы йæхицæн: «Уый, æз Нарты Ацæйæн цы уадындз балæваркодтон, уый куы у! Уæд дзы чи уасы?» *НК.* Афсати смотрит с горки и говорит про себя: «Ведь это свирель, которую я нарту Аце подарил! А кто же на ней играет?»

Уый у Уыналы авдазон скъола. Хъæуæй иппæрд, *~. Хъайттаты С. Æнæном обау* Это унальская семилетняя школа. Стоит в стороне от села, на пригорке

уæллаг 1. *прост.* голова; 2. верхний; верховный

~ ахуырад высшее образование

~ æфсæр верхняя челюсть

~ дарæс верхняя одежда

~ ком верхнее ущелье

~ нарт нарты верхнего села

~ уæладзгуытæ верхние этажи

~ чъирийы кæронæй ацаходын *этн.* надкусить верхний из трёх освящаемых пирогов

● ~æй æххæст нæ уæвын с головой неполадки

дæлладжы гæккуыри, уæлладжы гæккуыри прыжок вниз, прыжок вверх (*выкрик*)

уымæн йæ ~ нæ кусы у него голова не работает

Уæллаг Бог, Всевышний

~ цы сныв кæна, уымæн цы нæ бон у на всё воля божья

~æй æлгъыст проклятый Богом

~æй бузныг слава Богу

– Зæрондæн йæ фындз асæрф æмæ йæ зондæй афæрс. – Мæнæн, ~æй бузныг, сæрфинаг нæмæ у. *Лademыр. Поезд анкъуысыд* – Старому нос утереть помоги, а потом совета спроси. – Хвала Всевышнему, мне пока его утирать не нужно

~æн йæхи ардыстæн — клянусь Всевышним

~æн йæхи ардыстæн, иу ахæмы куы уа, уæд мæ уромæнтæ феуæгъд уыдзысты. *Лademыр. Фыдлæг* — Клянусь Всевышним, в один прекрасный день моё терпение лопнет

~ æй ныццæва! — разрази его гром!

~мæ дæ митæ хъыг куы фæкæсой, уымæй дæр нæ тæрсыс, Знауыр? *Биццоты Г. Цæстырухс* — Знаур, а ты не боишься, что Всевышний не одобрит твои поступки?

Уæлладжы фæндæй — по воле Всевышнего

кæд Уæлладжы фæнда — если Всевышнему будет угодно

уæллаггуыр — кофта

уæлладжыраг, уæлладжырон — алагирец *(житель Алагира и Алагирского ущелья Республики Северная Осетия-Алания)*

уæллæгъи — *межд.* ей-богу! ей-ей!

уæллоз — высоковатый

~ бæрзæндтæм лидзын — стремиться к высотам

хи ~ исын — заноситься

уæллозæй — высоковато

Дон хауди тынг ~. *Ашæх. Фæндыр* — Вода падала с большой высоты

уæлмæрд — могила; погост

~ыл дидинджытæ сæвæрын — возложить цветы на могилу

~ыл нæу æвæрын — покрывать могилу дёрном

● чидæр йæ ~ыл ту акодта — осквернил самое святое; наплевал на могилу

æдзæллаг ~ — заброшенная могила

æмныгæд ~ — братская могила

иумæйаг ~ — общая могила

рагон ~ — давнее захоронение

рох ~ — забытая могила

хæстонты ~ — кладбище павших воинов

Хорз лагæн йæ ~ ис йæ фыды цур — достойный человек должен лежать рядом со своими предками

● хъæу кæм и, ~ дæм уым — где деревня, там и погост

● хъæубæсты æфснайд йæ ~ыл зыны — о селе судят по кладбищу

уæлмæрдтæ — кладбище

нæ фæтчы ~й исты хæссын — нельзя ничего уносить с кладбищ

уæлмæрдты — на кладбище

● сæракдзабыртæ уæлмæрдты дæр бирæ ис — дорогих вещей и на кладбище немало

~й куы ‘рцыдтæн мæ уазал хæдзармæ, / Уæд бацыд зæрдæйы ноджы тыхджындæр маст. *НК.* — Вернулся с кладбища в опустевший холодный дом, / И ещё сильнее в сердце застучала ярость

уæлмæрдтыл æфсæдтон кадæй бавæрын — похоронить с воинскими почестями

фыдæлты ~ — фамильное кладбище; могилы предков

Йæ мард йæ фыдæлы уæзæг æмæ уæлмæрдтыл ма сæмбæлæд! — Чтобы сгинуть ему и лежать в чужой земле! *букв.* чтобы ему не вернуться в родительский дом и не быть похороненным на фамильном кладбище

Æхсныфæй нын куы нуазы знаг нæ туг, / Фæхъазыд нын нæ фыдæлты ~й! *Гриш.* — Враг кровожадный пьёт нашу кровь, / Оскверняет могилы предков наших

уæлмæрдхæрнæг — поминки в день похорон

уæлми — лишнее, ненужное дело

уæлмигъты — над облаками

● ~ цæргæсты хæтæнтæ — над облаками летают орлами

● цæргæсы бæллын – уæлмигъты тæхын — орёл мечтает парить над облаками

уæлмит — на снегу

~ыл ныууадзын — бросить на произвол судьбы

уæлмонц — 1. вдохновение; страсть, воодушевление; 2. вдохновенный

~ æнкъарæнтæ бавзарын — испытать возвышенные чувства

~ базыртыл — на крыльях вдохновения

~ зарæггæнæг — вдохновенный певец

~ нысаниуæг — высокое значение

~ ныхас — вдохновенная речь

~ уарзондзнад — возвышенная любовь

~ы суадон — источник вдохновения

уæлных — выше лба

~ты хæссын — носить на руках; сажать на голову; *перен.* нянчиться, лелеять

– Гъеныр нæ куыд фыддзæсгом кæныс... Мах нæ хицæутты иæ ~ты куы хæссæм, уæд. *Умар. Стъалы куы скæса* — – Ну как ты нас так позоришь. Мы же своё начальство на руках носим

Йæхи мадау дæ буц куыд дара (чындз), йæ ~ты дæ куыд хæсса. *Ашæх. Катя* — Чтобы (невестка) холила тебя как родную мать, носила тебя на руках

искæйы ~ты сисын — возносить кого-л., восхвалять кого-л.; взяться за кого-л.

Тæрсын, куы фезмæлон, æмæ йæ ~ты цы уæнгроггæнæн музыкæ систа, уый куы ‘рбайсæфа. *Изæтбег. Зынгхуыст бæлицтæ* — Боюсь пошевелиться, чтобы волшебная музыка, от которой я высоко воспарил, не исчезла бы вдруг

уæлрадон — внеочередной; чрезвычайный

уæлсынт — на носилках

~ыл хæссинаг фæци — она умерла; *букв.* её вынесли на носилках

● сæ мард ма ~, афтæмæй зарын байдыдтой — покойника ещё не похоронили, а уже веселье наступило

уæлтау — прикрытие копны *(из ветвей горной берёзы для защиты копны от ветра)*

мæкъуылы ~ — прикрытие стога

уæлтæмæнад — блеск, сверкание

уæлтынгад — перенапряжение

уæлтых — тяжёлый, непосильный

~ куыст — изнуряющая непосильная работа

Адæймаг ~ куысты фæстæ цæуыл не сразы уыдзæн? — Человек на что только не пойдёт после изнурительной работы

~ куыстгæнæг — трудолюбивый, не знающий устали работник

~ радтын — придать силы

уæлтъæпæн — тыльная сторона

армы ~ — тыльная сторона ладони

уæлтъæфал, уæлтъыфал — верхнее веко

уæлуаргъ — перегруз

уæлуаргъджын — перегруженный

уæлувад — свес *(горской крыши)*

Æркаст бынмæ ~æй. Уым бынæй, кæрты, лæууыдысты йе ‘хсæз æфсымæры. *Багаты Л. Мæ фæззыгон най* — Посмотрел вниз с крыши. Там, внизу, во дворе стояли его шестеро братьев

уæлуваддараен — деревянный карниз *(на крыше горского дома)*

уæлфад (*бир.* уæлфæдтæ) — подъём *(ноги);* верхняя часть обуви до щиколотки

~æй уæлæмæ — выше щиколотки

● ирон æгъдауыл дæ къахæй куы ныллæууай, уæд дæ ~æй ысгæпп ласдзæн — осетинские обычаи сильны; наступи на них, так они из-под ног выскочат

● лæппу лæгæн денджыз – йæ уæлфæдтæм — молодому парню море по колено

Хъуыды дæр нал акодта, кæдæм цæуы, ууыл. Фæлæ дуне уæрæх у, лæппу лæгæн та фурд – йæ уæлфæдтæм. *Ашæх Фæндыр* — Он даже не задумался, куда ему ехать. Но мир велик, а молодым – море по колено

● расыг лæгæн фурд – йæ уæлфæдтæм — пьяному море по щиколотку

уæлфæдзæхст — 1. повеление свыше; 2. священный

~ хæс — святой долг

~ыл нымайын — считать священным

уæлфæлмæст — переутомление

уæлфиддæн — доплата

уæлфиддон — пеня, надбавка к налогу

уæлфидиуæг — *зоол.* буревестник

уæлфынг — за столом

~ бадын — сидеть за столом; угощаться

уæлфыст — надпись; эпиграф

~ кæнын — надписывать

уæлхаххон — надстрочный

уæлхæдзар — *(плоская)* крыша *(горской сакли)*

~ аразæг — кровельщик

~æй апæр-пæр кæнын — вспорхнуть с крыши

~мæ схизын — взобраться на крышу

дывæлдах ~ — двускатная крыша

науы ~ — палуба

● уымæн йæ ~ мæлхъы сисæй æстæрд у — у него крыша павлиньим пером выложена

уæлхох — 1. нагорье; 2. нагорный, гористый, альпийский, высокогорный

~ быдыр — нагорье; нагорная область, нагорье

уæлхохсæр — высокомерный

Уæ хъæстæ сегасæй дæр лæгдзинадмæ – хыссæйы тулатæ, æнæуый та – ~. *Ашæх. Цард – фын фенæгау* — Вся ваша порода, когда надо смелость проявить – комки теста, а так вообще вы гордецы

уæлхур — над солнцем

~ зæххы — *фольк.* в неведомой стране над солнцем

~ стъалы — *фольк.* звезда над солнцем

● арвы дуар гомæй федтон, ~ ыстъалы федтон, Фосы дзуг хуысгæйæ федтон, Калмы дзыхы хæфс федтон. — видел небеса разверзнувшиеся, видел звезду над солнцем, видел стадо овец лежащим, видел лягушку в пасти змеи

● ~æй дæлхурмæ цы хабæрттæ ис? — что нового на земле и в небесах?

~мæ лæбурын — взвиваться в небо

уæлхуыд — нашивка; обшивка

уæлхуыйæг (*бир.* уæлхуыйджытæ) — обшивка на чувяках; подошва сафьянового чувяка; подмётка

уæлхъæд — 1. перила; 2. на корню

~ мæнæу — пшеница на корню

уæлхъæдæй — стоя; на ногах; на корню;

низ ~ арвитын — перенести болезнь на ногах

~ бахус уæвын — засохнуть на корню

~ мæгуыр бахус. Нал мæрдтæй у, нал – æгастæй. *Мæрзойты С. Æлгъыст* — Он весь высох. Ни живой, ни мёртвый

бæлас ~ бахус — дерево засохло на корню

Нæ мад йæ мæстæй ~ бахус. *Максим. Райсомы мигъ* — Наша мать высохла от переживаний за него

мыдадзын цырагъау ~ тайын — таять как свечка

чызг ~ цыма тади — девушка будто таяла

~ хи хус кæнын — стариться, сохнуть, вянуть

Æмæ нын минæвæрттæ барвитын дæр куы нæ бауагътай, уæд ~ цæуыл йæхи хус кæны. *Лademыр.* — Они нам даже сватов заслать не позволили, так чего ради она сохнет дальше

~ цæрын — жить бедно; перебиваться

уæлхъæу — верхнее селение; над селением

уæлхъ кæнын — рвать, вырывать; рыгать

уæлхъомыл — переросток

уæлхъус — около, возле, рядом

авдæны ~ — над колыбелью

арынджы ~ балæууын — месить тесто; заниматься готовкой

Адонмæ нæ кæсыс?! Раст дæ дыстæ бафæлдах æмæ дæхæдæг арынджы ~ балæуу. Уæуу мæнæ Царциатæ!.. *Умар. Стъалы куы скæса* — И что ты с ними будешь делать?! Хоть самому впору рукава засучить и заняться тестом. Ну, чудеса!..

ингæны ~ — у могилы
искæйы ~ ærлæууын — стать рядом с кем-л.; прийти на помощь
● иу арынгы ~ дыууæ ‘фсины нæ хъæуы — две хозяйки одно тесто не месят; двум хозяйкам в одном доме тесно
йæ ~ ничи фæци — около него никого не оказалось
куысты ~ — в работе
фынгты ~ — за столом; во время застолья

уæлхъуыр — выше горла, надгортанник

уæлцъар — поверхность
асфальт ~ — асфальтовое покрытие
доны ~ — поверхность воды
Арвы стъалытæ æмæ æрдæг мæй хъазыдысты доны æрттиваг ~ы. *Дæбе. Æхсарбег* — На блестящей поверхности воды отражались звёзды и полумесяц
зæххы ~ — земная кора
зæххы ~æй фесæфын — исчезнуть с поверхности земли; исчезнуть
Зымæг цады ~ ныссæлы — Зимой поверхность озера замерзает
миты ~ уазалæй ахъæбæр — снег сверху покрылся ледяной коркой
фæндаджы ~ баивын — заменить дорожное покрытие

уæлцъарыг — оболочка

уæлцъæхснаг — *муз.* лирическое сопрано

уæлштатон — внештатный

уæлыгæс — пастух ягнят
~ цæуын — пасти ягнят
~ цæуынхъомæй фæстæмæ — с детских лет; как начал ребёнком работать
Сылгоймæгтæ ссывтой хос, сывæлæттæ уыдысты ~тæ. *Дæбе. Æхсарбег* — Женщины сгребали сено, дети пасли ягнят

уæлыдон — помещение для барашков

уæлыстæг — *мед.* надкостница

уæлыстъол — настольный
~ лампæ — настольная лампа
~ чиныг суæвын — стать настольной книгой
~ хъазт — настольная игра

уæмын *кæс* **омын**

уæн — лопатка *(кость);* плечо
~ы кæсæг — *букв.* смотрящий в лопаточную кость; провидец
фысы ~ы кæсын — *букв.* гадать на бараньей лопатке; пророчествовать
Хистæртæ ~ы кæсынæй ирхæвстой сæхи, кæстæртæ – сгуы æмæ базыг сæттынæй. *Шамил. Нæртон лæг æмæ нæртон намыс* — Старшие развлекались гаданием на лопатке, младшие на спор ломали крупные бараньи кости
● ~тыл сæвæрын — положить на обе лопатки; победить
● ~ы кæсын байдыдтай? — ты провидцем стал?

● халонау ~ы кæсын — накаркать будущее
● цыма йæ ~ы касти — как в воду глядел
дыууæ ~ы астæуæй гуырд Батрадз — *миф.* родившийся между лопаток отца Батрадз

~ы стæг — лопаточная кость
– Æмæ цæмæй базондзыстæм, Сослан у æви нæ, уый? – Сосланæн йæ дыууæ ~ы астæу ис ærдзæй рахæсгæ сау стъæлф. *НК. Сослан мæрдты бæсты* — – А как мы узнаем. Сослан это или нет? – У Сослана меж двух лопаток родимое пятно есть

● йæ ~ы къæм бады — он в плохом настроении
● йæ ~ы мигъ бады — его ожидают неприятности
Сæ бон ницыуал у. Уырысы æфсæдтæй сæ ~ы мигъ бады. *Умар. Уæ нæ хæхтæ, нæ бæстæ* — Они бессильны. Русские войска несут им опасность

хъама дыууæ ~ы астæуы ныссадзын — вонзить кинжал меж лопаток

уæнг — член, часть тела; *грам.* слог
~тæ аивазын — размять члены; потянуться
~тæ айтынг кæнын — распрямиться; размяться
~тæ кæнын — делить на части; расчленять, разделывать тушу; *грам.* делить на слоги

● ~тæ æрызгъæлдысты — обмяк от испуга
Фыццаг хатт амардта лæг. Йе ~тæ æрызгъæлдысты, цыма йæм тæфсæг фæзынди. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Он впервые убил человека. Он весь обмяк, как будто у него был озноб

● ~тæ никуы æрызгъæлдысты — никогда не опустятся руки
Бынатæй йын зæрдæ чи бавардта, уый йæхæдæг æнæ бынатæй аззад. Йæ ~тæ æрызгъæлдысты. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Тот, кто обещал ему должность, сам остался без работы. Он очень испугался

● ~тæ саст фæкæнын — избить; отлупить; изувечить
● ~тæ цъæх арт уагътой — был вне себя; изрыгал пламя
● ~ты иннæрдæм ахизын — пронзить насквозь
● мæ ~тæ мæ нал хæссынц — ноги не несут
● мæ ~ты уазал бацыд — я простудился
● ~тыл схæцын — выпрямиться; ободриться
аккаг ~тæ — достойные члены
æхсæнады ~тæ — члены общественной организации
æххæстбарджын ~тæ — полноправные члены
бинонты ~ты нымæцмæ гæсгæ — в соответствии с числом членов семьи
гом ~ — *грам.* открытый слог
иудамгъон ~ — *грам.* однобуквенный слог
● йæ ~ амарди — впал в уныние; обессилел
йæ алы уæнджы дæр лæджихъæддзинад — он мужественный до кончиков пальцев
● йæ ~тæ коммæ нал кæсынц — члены не слушаются её
партийы ~ — член партии
профцæдисы ~ — член профсоюза

фыдгæнджыты къорды ~тæ — члены преступной группы
хицауады ~ — член правительства
хъуыдыйады сæйраг æмæ фæрссаг ~тæ — *грам.* главные и второстепенные члены предложения
цавдон æмæ æнæцавдон ~тæ — *грам.* ударные и безударные слоги

уæнгад — членство

уæнгæл — 1. нечто противное; поветрие; 2. ненавистный *(как поветрие)*

~æй æнаддæр — ещё более отвратительный
~ уынын (фæуын) — ненавидеть *(кого-л.)*
~ фестын, фенын — возненавидеть
адæмæн ~ фестын — стать ненавистным людям
бинонтæн ~ фестын — возненавидеть кого-л. всей семьёй
● кæрæдзийæн ~ фестадысты: топпы кæсæнæй кæсы сæ иу иннæмæ — они стали ненавистными друг другу: смотрят друг на друга как сквозь прицел
~æй æнаддæр — очень противный, омерзительный
~ы ад скæнын — опротиветь; осточертеть
Уадидæгæн йæ ныхæстæй ацы лæг ~ы ад скодта Афайæн. *Малиты Х. Мæйрухс – мæ хуры тын* — Тут же за эти слова Афай возненавидел этого человека
~ы фæллад — смертельно усталый
~ы хай фæуын — стать ненавистным
~ы хуызæн цæстынгас — дурной глаз; недоброжелательный взгляд

уæнгæлвæст — с вывихнутой конечностью

уæнгæндзыг — парализованный

уæнгбæттæн — *анат.* связка; сочленение

уæнгвидар — плечистый, широкоплечий; мускулистый; крепкий

цъæх арвы бын ~æй бахъомыл уæд — Дай Боже вырасти ему крепким и сильным

уæнгвидауцæй кафын — красиво двигаться в танце

уæнггай — на части, по частям; по слогам

~ скæнын — расчленить
дзырд ~ зæгъын — произнести слово по слогам

уæнгдих — 1. разделённый на части; разложенный на составные части; членораздельный; 2. членораздельно

уæнгдых(ы) — физический; мускульный
~ фæллой / куыст — физический труд
Цыбыр ныхасæй, ~ куыст кæм хъæуыд, уыцы ран æнæсайдæй архæйдта. *Дæбе. Цыт* — Короче говоря, там, где работа требовала физической силы, он трудился добросовестно
~ хъæддыхдæр кæныныл иудадзыгдæр кусын — постоянно тренировать мышцы
~ы цæттæдзинад — физподготовка; физическая готовность
~æй фидар — физически крепкий

уæнгджын — плечистый, плотный, коренастый

Хуыцау хорз, æмæ ærдзæй фидар фæци, хæрзконд æмæ ~, хъаруйæ æххæст. *Арсен. Тохы бон* — Благодарение Богу он от природы был крепким, хорошо сложенным и коренастым, физически сильным

уæнгджынтæарæзт — крепкого сложения

уæнгмарæн — удручающий

уæнгмард — расслабленный, вялый; упадочнический

~ æмæ зæрдæсастæй — удручённый, подавленный

~ къух — вялая безжизненная рука

уæнгмардæй — вяло, упаднически

уæнгмарддзинад — вялость; апатия; упадочничество

уæнгон — членский; *грам.* слоговой

~ бахæст — членский взнос

~ билет — членский билет

~ фиддон — членский взнос

уæнгрог — оживлённый; бодрый; подвижный; смелый; энергичный

~ уæвын — быть оживлённым, бодрым

~ кæнын — оживлять(ся); делать(ся) подвижным; ободрять(ся)

уалдзæджы миниуджытæ адæймаджы ~ кæнынц — признаки весны делают человека бодрее

уæнгрогæй, уæнгтæрогæй — бодро, энергично; оживлённо; с лёгкостью

Дæ сæдæ азы сæрты ~ акæс! — Доживи до ста лет бодрым и энергичным!

уæнгроггæнæг — ободряющий, бодрящий

уæнгрогдзинад — бодрость

уæнгсаст — вялый; усталый; апатичный; надломленный, неподвижный

уæнгтæ кæнын — делить на части; расчленять, разделывать тушу*; грам.* делить на слоги

уæнгтæбаст — связанный по рукам и ногам

уæнгтæхаудæй — как в воду опущенный

уæнгтæхъилæй, уæнтæхъилæй — удручённо; подавленно

уæнгтæцъæлæй — раздавленный

уæнгуагъд — апатичный, вялый; унылый; безучастный

уæнгуагъдæй — вяло

Бон изæрмæ йæм фенхъæлмæ кæсы, стæй læппу куынæ фæзыны, уæд та ~ фæстæмæ æраздæхы халагъудмæ. *Гæглойты В. Гъе, мардзæ, исчи!..* — Она ждёт его с утра до вечера, а потом, когда парень не появляется, подавленная возвращается в шалаш

уæнгуагъддзинад — апатия; вялость, уныние

уæнг-уацхæссæг — член-корреспондент

уæнгхъуаг (*бир.* уæнгхъуæгтæ) — 1. калека; 2. увечный

~ кæнын — калечить; увечить

уæнгцух — калека

~ фæкæнын — покалечить, нанести увечье

уæндаг дерзающий; храбрый, дерзкий, смелый, отважный; бойкий

уæндон смелый, отважный, храбрый; развязный, дерзкий

~ къахдзæфтæ кæнын смело шагать

~ ныхæстæй ныфс дæттын дерзкими речами внушать смелость

Домбай æмæ ~ фæлтæр уыдысты æртынæм азты фæсивæд. *Умар. Стъалы куы скæса* Сильным и смелым поколением была молодёжь тридцатых годов

уæндонæй безбоязненно; бесстрашно, смело, храбро; развязно

фидæнмæ ~ кæсын уверенно смотреть в будущее

равзæрст фæндагыл ~ цæуын смело идти по избранному пути

уæндондзинад смелость, отвага, храбрость; развязность

~ уæлахизы райдайæн у! смелость – залог победы

уæндын осмеливаться, отваживаться

● арв дзы нæрын нæ уæндыд все дрожали от ужаса

Чысыл раздæр арв нæрын кæмæй нæ уæндыди, уыцы карз лæг аххосджын сывæллонау йæ уаты смидæг и. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* Тот самый человек, перед которым ранее все дрожали, убежал в свою комнату как нашкодивший ребёнок

акъахдзæф кæнын дæр нæ ~ бояться шаг сделать

размæ дæр нæ ~, фæстæмæ дæр ни вперёд, ни назад ступить не сметь

● стъæлфын дæр дзы нæ уæндынц он держит всех в страхе

уæнтæбæрзонд подавленный

уæнтæхъил подавленный

~ æмæ сæргуыбырæй подавленый с поникшей головой

уæнтæхъилæй удручённо; подавленно

уæныг *(бир.* уæнгуытæ) бычок, молодой бык

● мæгуыры ~ тагъд гал кæны у бедного бычок быстро волом становится

Афтæмæй læппу балæг ис дыууæ хæдзары æхсæн фыдæбætты. Мæгуыры ~ тагъд гал кæны. *Ашæх. Фæндыр* Таким образом мальчик быстро повзрослел, трудясь, не покладая рук, в двух домах. У бедного бычок до срока волом становится

Уæныг *астр.* Телец

уæныкæсæг провидец

~ дæ сыгъдæгæй дæр. Абон уæм уазæг уыдзæн, уый дæр базыдтай. *Бицъоты Г. Цæстырухс* Ты, конечно, прямо провидец. Даже узнал, что у вас сегодня гость объявится

уæр *кæс* **уæрыкк**

уæраг (*бир.* уæрджытæ) колено; голень

● нæ уæрджытæ нæ быны нал цæуынц колени подкашиваются

уæраджы æрхæг (фæзилæн) *анат.* коленный сустав

уæраджы стæг коленная чашечка

уараджы хъæбæртæ хойын бить себя по коленям

уæраджы чъири *анат.* надколенная чашечка

уæрджытæ фæтасыдысты ноги подкосились

уæрджыты нуæрттæ — коленные связки
уæрджытыл æрхауын — пасть на колени
уæрджытыл бырын — ползать на коленях
уæрджытыл лæугæйæ — стоя на коленях
уæрагбæттæн — подвязка *(для чулок)*
уæрагвидар — крепкостоящий на ногах
уæрагмæ — по колено
уæрагсаст — переломленное колено
~ фæуын — подкоситься *(о ногах)*
Гуымир-уæйыг цæм расæррæт ласта, фæлæ йæ Уæрхтæнæг æвиппайды ~ фæкодта. Хъахъхъæнджытæ дзурынц Буртæджы фыртмæ: – Гуымир-уæйыг ~ фæци. *НК.* — Выскочил на них великан, но Уархтанаг ему сразу ноги перебил. Охранники говорят сыну Буртага: – Великану ноги переломили
искæй ~ фæкæнын — перебить ноги кому-л.
уæрагсæттæн — *анат.* коленный сустав
уæраджысæр — колено
~æй дæлæмæ зæххы афардæг кæнын — вбить по колено в землю
уæрас — напиток, брага
Алы диссаджы уæзæй фынгтæ дæлæмæ тасыдысты. Суанг ма дзы ~ æмæ халыва дæр уыдис. *Азæмæт. Амондуарджытæ* — Столы гнулись под тяжестью всевозможных яств. Вплоть до браги и халвы
уæрæдæс — *разг.* кавардак, неразбериха
● ~ кæнын — создавать беспорядок, хаос
Райсомæй сихормæ нын агуыридур нæ вæййы, æмæ ~ фæкæнæм. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Кирпич не завозят с утра до самого обеда, и мы валяем дурака / создаём неразбериху
уæрæйдæ — *припев к осетинским народным песням*
Уæрæсе — Россия; русские
~йы Федераци — Российская Федерация
~йы Зонæдты академи — Российская академия наук
уæрæседзау — человек, побывавший в России, уехавший в Россию
Уыцы заман ~ кадджын уыд, æмæ йæ буцæн хуыдтой «бæлццон». *Арсен. Фæрнæйдзаг адæм* — В те времена побывавший в России был в чести и его уважительно называли «путешественник»
уæрæсейаг (*бир.* уæрæсейæгтæ) — 1. россиянин; 2. российский
Паддзахы заманы Китайы зæххыл Уæрæсе сарæзта æфсæнфæндаг. Уыцы фæндагæн йæ кусджытæ дæр уæрæсейæгтæ уыдысты. *Куыдзæг. Илас Æрнигон* — В царское время Россия построила в Китае железную дорогу. Служили на этой дороге русские
уæрæх — широкий, просторный; обширный
~ дарæс — широкое платье
~ дзыллæтæ — широкие массы
~ кæнын — расширяться
~ уæвын — быть широким

~ фадæттæ — широкие возможности

арвы ~ — небесная ширь

● иу хæдон дæр нын ~ уыд — мы были очень дружны

Стæй йæ куы базыдта хæстæгдæр, уæд сын иу къаба ~ кæнын райдыдта, афтæ схæлар сты. *Умар. Стъалы куы скæса* — Когда она узнала её поближе, то им и в одном платье просторно было, так они сдружились

уæрæхад — 1. ширина; 2. широковатый, мешковатый, свободный *(об одежде)*; 3. немного

~ кæнын — быть мешковатым, широким

хъуыдыты ~ — широта мышления

уæрæхæй — широко

~ пайда кæнын — широко пользоваться

уæрæхбыл, уæрæхчъил — широкополый

~ худ — широкополая шляпа

уæрæхгонд — расширенный

~ æмбырд — расширенное заседание

уæрæхсæн — приспособление, орудие для камнеметания; праща

уæрæхуæхск — широкоплечий

уæрæхчъил, уæрæхбыл — широкополый

~ худ — широкополая шляпа

~ худ сæрыл ныккæнын — водрузить широкополую шляпу на голову

уæргъæфтыд · — неожиданная встреча

~ кæнын — нарваться

уæргъласæн — грузовой

~ машинæ — грузовая машина

уæргъуын — поярок *(шерсть молодого барашка)*

~ къуымбил — моток шерсти

цухъхъаваг ~ къуымбилтæ — шерсти на черкеску

нымæт худ арæзтой ~æй — войлочную шляпу валяли из поярка

Æрмæст Афайæ йæхи дæрдты ласта. Сæ мыды къæм нæ, фæлæ æнæхъæн ~ кæй бахауд, уый фæсивæд æмбæрстой. *Максим. Мады зарæг* — Только Афая он сторонился. И молодёжь понимала, что между ними не просто кошка пробежала, а целый слон

уæргъхæссæн — грузовой

● дугъоны фæстаг – ~ — в последний раз конь своего всадника как груз привозит

Уæрдахъ — *астрон*. одна из звёзд Плеяд

уæрдæх — бечева, верёвка из хвороста

● ~ ауæрыздыхтытæ кæнын — согнуть / скрутить в бараний рог; подавлять кого-л.; добиваться покорности

Нымæтхуд, æрчъитæ, / Мæ ронбаст –~... / Фæрсыс ма мæ: чи дæ? / Уæд байхъус дзæбæх! *Къоста. Чи дæ?* — Войлочная шляпа, на ногах – арчи, / Подпоясан хворостиной… / Спрашиваешь, кто я? / Слушай внимательно меня!

~ дæр хорз уаид, фæлæ нæ алыварс – быгъдæг. *Хацырты С. Хæхты фæдисон* — хорошо бы бечеву иметь, но вокруг нас пустота

Йæ цæрæн «уаты» кауын дуар ын баййæфтон ~æй æхгæдæй. *Ашæх. Нæ фæлтæры фæндæгтæ*

Дверь его «жилой» комнаты я нашёл завязанной на бечеву

● къубалыл ~ сæвæрын

затянуть петлю на шее; поставить в безвыходное положение

уæрдон (*бир.* уæрдæттæ)

арба, повозка

● ~ кæдæм нæ тула,' уыцы хæдзары бæркад нæй

если телега во двор не заезжает, то и изобилие в доме не прирастает

● ~ кæм асæтта, уым æй аразынц

делать всё на месте; где телега сломалась, там её и чинят

~ равдæлон кæнын

разгрузить подводу

~ы бадæг

седок

● ~ы дыууæ цалхау уæвын

быть неразлучными; *букв.* как два колеса одной телеги

Хъайти æмæ Серафиныл сахуыр сты, ~ы дыууæ цалхау сын æнæ кæрæдзи уæвын нæ уыди. *Бицъоты Г. Норст цæхæр*

Все привыкли к тому, что Кайти и Серафин были неразлучны, как два колеса одной телеги

æнæсæрст ~ау хъинцъ-хъинц кæнын

скрипеть как несмазанная телега

Бирæтæ йæ зонынц æмæ дзурынц, фæлæ ма «~ абон дæр уым йæ бынаты ис». *Умар. Стъалы куы скæса*

Многие знают об этом и заводят разговоры на эту тему, но «воз и ныне там»

галтæ ~ы сифтындзын

запрячь волов в арбу

гыбар-гыбургæнгæ ~

грохочущая арба

● дыдзæлхыг ~ хорз арæхсы хохы дæр æмæ быдыры дæр

арба на двух колёсах и в поле пройдёт, и в горах дорогу найдёт

● искæй ~ы ма бад

не в свои сани не садись

йæ сау ~ ын ærбатулæнт

чтоб прикатили его на чёрной (траурной) арбе

● йæхицæн фæрæтхъæд самайын чи нæ зыдта, уый иннæмæн ~ арæзта

сам не мог древко топора выстругать, а другим телегу мастерил

● йе сæ ~ фæлдæхдзæн, йе та се 'фсондз сæтдзæн!

всё время что-то не так; всегда предлог найдётся; *букв.* то телега перевернётся, то ярмо сломается

● кæй ~ы бадай, уый зарæг кæн

в чужой монастырь со своим уставом не ходят; с кем поведёшься, от того и наберёшься

● ныртæккæ уал мах ~ыл баст дæ

ты пока с нами заодно, связан с нами

● суг ласгæйæ дæ ~ асæтта, зæрондæй дæ ус амæла

пусть с тобой случится самое худшее; *букв.* чтоб в пути твоя гружённая дровами арба сломалась, в старости, чтоб жена скончалась

● тærхъус ~ыл ахсын

зайца, не сходя с телеги ловить

хæрæджы ~ыл суг ærласын

привезти арбу дров на осле

● хицауады ~æй асхъиуын

выбыть из руководящего состава

хъæдындзæлхыг ~

телега с деревянными колесами

хъинцгæнаг ~

скрипучая арба

цъупдзаг ~

гружёная доверху подвода

уæрдонæмбæрзæн покрывало для подводы, брезент

уæрдонвæд след телеги

уæрдонвæндаг (*бир.* уæрдонвæндæгтæ) колёсная / проезжая дорога

уæрдондон помещение для арбы

уæрдын катать, валять, мять *(сукно, войлок)*

● нымæт ~ сылгоймаджы хъуыддаг у валять войлок – женское занятие

уæрко *дет.* ягнёнок, барашек

уæрм (*бир.* уæрмытæ) яма для хранения овощей; погреб

~ скъахын выкопать погреб

● искæмæн ~ чи къахы, уый дзы йæхæдæг хауы не рой другому яму, сам в неё попадёшь

● хæфсы, дам, ~ы ныппæрстой, æмæ дам, арв армытъæпæны йас хуыдта говорят, лягушку в погреб швырнули, так она думала, что небо в овчинку

уæрст 1. делёж, раздел, распределение; 2. разделённый, поделённый

~ æрцæуын быть поделённым

Цы-иу бакуыстой, уый-иу ~ æрцыд уды сæрыл æмхуызон Всё, что зарабатывалось, делилось подушно поровну

Æнæ ~æй уын цы баззад? Что вы ещё не поделили?

Хасан уæд базыдта: мулк æмæ фос – ~. *Умар. Уæ нæ хæхтæ, нæ бæстæ* Тогда Хасан точно узнал: имущество и скот поделены

ænæargъæй ~ распределённый бесплатно

бинонтæй ~ отделившийся от семьи; ставший самостоятельным

● иу артæй ~ *букв.* поделившие один (очажный) огонь; разделившие общий дом

ногæй ~ передел

се ’хсæн ~ нæй у них всё общее

уæртæ *част. указат.* вон *(близко)*

~ лæппу, дæ куыстмæ ма байрæджы кæн! Смотри, парень, на работу не опоздай!

~ лæппу, фæлæу-ма эй, парень, погоди-ка

Гъе, ~ гацца, уый иууылдæр дæ зондæй дзурынц. *Беджызаты Ч. Мæсгуытæ дзурынц* Эй, сука, они все по твоему наущению говорят

– Уый ды нæ зарыс, фæлæ арахъхъ зары, арахъхъ. – *Æмæ уæдæ* ~ дурыны ц’ арахъхъ ис, уый цæуылнæ зары? Это не ты песню поёшь, арака поёт, арака. – А тогда почему арака, вон, что в кувшине осталась, не поёт?

уый ~ кæд æмæ кæд уыди да когда это было-то

~ мын, зæгъы, / Сау хохы фале / Залиаг калм цыкурайы фæрдыгæй хъазы, / Ой. Уый арвайдæн у, арвайдæн! *Зарæг* Вон там, говорит, / За чёрной горой / Чудовищный змей волшебной бусиной забавляется, / Ой, это зеркало неба, зеркало неба

уæртæ уый вот тот (*жена так называла мужа в присутствии его родственников*)

Йæ лæгмæ комкоммæ куы бакаст: – Бынтондæр куы ныцъцъæх дæ, ~, фæндагыл баргъæвстæ. *Умар. Уæ нæ хæхтæ, нæ бæстæ* Когда прямо посмотрела на мужа: – Ведь совсем посинел, ты же продрог в дороге

уæртджын со щитом
~ хæфс *зоол.* черепаха (*букв. лягушка со щитом)*
~ хæфсыл цæуæгау цæуын плестись как черепаха
уæрх ширина
ængуылдзы ~æй барын мерить пальцами
● даргъ фæндагæн йæ ~ нæ барынц длинную дорогу в ширину не мерят
● дæргъ ~мæ гæрста вдоль и поперёк
дывæр ~ двойная ширина
искæмæн йæ ~ дæр æмæ йæ дæргъ дæр иу скæнын отмутузить; *букв.* сделать что в ширину, что в длину одинаковым
истæмæн йæ ~ дæр æмæ йæ дæргъ дæр зонын всё знать досконально о чём-то
йæ дæргъæй, йæ ~æй хъауджыдæр нæй что в длину, что в ширину
уаты ~ ширина комнаты
● фæндагæн йæ дæргъæй, йæ ~æй хъауджыдæр нæй дорога, что вдоль, что поперёк, одинакова
уæрхад широта
цæгат ~ *геогр.* северная широта
хуссар ~ *геогр.* южная широта
уæрхмæ поперёк, в ширину
уæрхырдæм вширь
уæрцдзуан охота за перепелами
уæрцмæнæу *бот.* пастушья сумка
уæрцц (*бир.* уæрццытæ) *зоол.* перепёлка, перепел
● ~ халонæй баивын поменять кукушку на ястреба
● ~ цæргæсы сæрыл лæбурдта заступалась перепёлка за орла
● армы ~ хуымы ~ыл нæ лæвæрдæуы синицу в руках не меняют на журавля в небе
Кæсаг æмæ ~ уыдысты лымæнтæ, фæлæ ~ донмæ нæ цыди, кæсаг – хуыскъмæ Подружились рыба да перепел, но перепел в воду не идёт, рыба – на сушу
~ы æйчытæ перепелиные яйца
● ~ы мардмæ – æхсаргард из пушки по воробьям
~ы хъæрмæ зæрдæхæлд фæци от крика перепёлки аж сердце зашлось
~ы цъæхснаг крик перепёлки
азтæ ~ытау апæрræст ластой годы пролетели как птицы
● æргъævст ~ау суазал замёрз как цуцик
● мæгуыр ~æн уад æрхæссы бедному повезёт; *букв.* бедной перепёлке ветер надует
● ныгъуылд ~ау ныттымбыл съёжиться; скукожиться
тынд ~ы хуызæн как общипанная перепёлка
● цыма дæ ~ алыгъд, уый каст куы кæныс ты такой растерянный, будто перепёлка вылетела у тебя из рук
уæрццы мæнæу *бот.* трясунка
уæрыкк (*бир.* уæрыччытæ) барашек, ягнёнок
● ~ йæ мады йæ хъæлæсæй зоны ягнёнок узнаёт мать по голосу
● армахуыр уæрыччытау згъорын бегать как приручённые ягнята

● æнæазым ~ — агнец; невинная овечка
● хи æнæазым ~ау акæнын — прикинуться невинной овечкой
дзуары номыл ~ æргæвдын — принести святому в жертву ягнёнка
● сабыр ~ дыууæ мады дæйы — ласковый ягнёнок двух маток сосёт
● уæрыччы зæрдæ — 1. мягкосердечие; 2. мягкосердечный
Уыдон адæм не сты, фæлæ бирæгътæ, сырдтæ. Фæлæ Катя йæ уæрыччы зæрдæимæ куыд равзæрд уыдон æхсæн? *Ашæх. Катя* — Они не люди, а волки, звери. Но как могла среди них родиться Катя с её мягким сердцем?
● уæрыччы хуызæн сабыр — кроткий как ягнёнок
уæрыччы цармы бирæгъ — волк в шкуре ягненка
урс ~ сын фестон — да паду я их жертвой
● фыс цы уа, йæ ~ дæр уый — яблоко от яблони; *букв.* какова овца, таков и ягнёнок

уæс *д.* — телёнок
уæсиат — завещание, завет
~ кæнын — завещать
уæтæр — кутан, кош *(жилище пастуха в поле);* овчарня; отара овец
~ы схъомыл дæ, æви цы? — ты что на скотном дворе вырос?
æвзæргæнджыты ~ — логово преступников
æнæмбæрзт ~ — овчарня без крыши
● хæдзар нæ, фæлæ ~**!** — не дом, а овчарня
уæуу — уау, ой *(выражающее боль, испуг)*
~ зæгъын — стенать, жаловаться; ойкнуть
Уый бæрц фыдæбон иу адæймагæн æнцон нæ уыди, фæлæ уæддæр Хъараты чындз ~ никуы загъта. *Азæмæт. Амонд-уарджытæ* — Слишком много для одного человека свалилось на неё, но невестка Караевых никогда не пикнула
~, мæнæ диссæгтæ! — Как же так! Не может быть!
уæууа — *межд., выражающее сожаление*
~, куыд нæ æрбацыд! — жаль, что он не пришёл!
~, цы хабар у? — что такое случилось?
уæууæй — *межд. выражающее упрёк, порицание, сожаление*
~, мæ бон! — О, Боже
~, цы æнамонд сты, цы! — О Боже, какие они несчастные
~, цытæ хæссыс дæ сæрмæ? — О Боже, до чего ты опустился
уæу-уæу — *межд. выражающее горе, испуг*
уæфсаг (*бир.* уæфсæгтæ) — сыромятная кожа для подошвы
– Ахæм цæфтæ мын ныккæн, дæ къухæй уæфсæгтæ куд рахауа афтæ — – Хлестни меня с такой силой, чтоб кожа на руках сошла
Ныры онг уыдтæн дæ ~, / Ныр мæ мауал хон дæ цагъар. *Секъа* — Был я для тебя, что подошва всегда, / Теперь не зови рабом своим меня
уæфт (*бир.* уæфтытæ) — ткань
~ы хуызæгтæ — образцы ткани

фистæй ~ тынтæ дæрзæгдæр сты, фæсмæй ~ытæ – фæлмæндæр — ткань из шерсти весенней стрижки жёстче, чем из шерсти осенней стрижки

уæфтæг — *бот.* ткань

иугæнæн ~ — *анат.* соединительная ткань

хæцъæфы ~ — мышечная ткань

бæмбæг ~ — хлопчатобумажная ткань

уæфти — шпулька

Мæ фæрдгуытæ нæ сирейыл / Фæуагътон æз æнæмæтæй, / Ох, æна, цы кæнон... / Уыдонимæ мæ ног судзин, йæ къутуйыл мæ рох ~. *Малиты Г.* — Свои бусы на деревянной тахте / Оставила я беспечно, / Ох, мама, что мне делать, / А с ними новую иголку, в амбаре оставила я шпульку

уæх — свойство, качество, особенность, сущность; нрав, повадка; мнение

цуанон сырдæн йæ ~тæ базыдта — охотник узнал повадки зверя

уæхæдæг, уæхуыдтæг — вы сами

~ æвдисæн — сами можете видеть; вы сами свидетели

~ куыд зонут, афтæмæй — как известно,

~ та кæд æрбауайдзыстут? — вы сами когда придёте?

мæнæ йæ ~ дæр уынут — как видите сами

уæхи — вас самих; ваш

~ бацамонут — представьтесь

~ ныл ма атигъ кæнут! — не отвернитесь от нас!

~ фæндиаг уæд! — Пусть сбудутся ваши ожидания!

~ цæстытæй фенут — убедитесь своими глазами

фыдбылызæй ~ хизут — будьте осторожны

уæхсджи — коромысло

уæхск (*бир.* уæхсчытæ) — плечо

~ æмæ сæр баиу кæнын — наклонить голову к плечу

Сылгоймаг ницы сдзырдта, афтæмæй йæ галиу ~ æмæ сæр баиу кодта, ома, нæ зонын. *Дзабайты Т. Донхæрис* — Женщина ничего не сказала, лишь повела левым плечом, мол, не знаю

~æй дур æппарын — *этн.* метание камня с плеча

искæй уæхсчытыл хизын иу бæрнон бынатæй иннæмæ — подниматься по головам с одной должности на другую

● искæмæ ~ бадарын — оказать помощь, подставить плечо

● де ~мæ схизын кæй бауадзай, уый дæ сæры цъуппмæ дæр схиздзæн — *букв.* кому позволишь забраться на плечо, тот и на голову тебе сядет; палец в рот не клади – откусит

уæззау уаргъ уæхсчытæй ахаудта — тяжёлый груз свалился с плеч

Куыройдзаутæ сæхи хорз куы федтой, уæд сæ хистæр Хъасболат загъта: «Уæхсчы дзагæн цы сфæразай, уый дын хай уыдзæн нæ дзуллагæй». *Хæблиаты С. Уациллайы хорзæх* — Угостились хорошо те, кто на мельницу приехал, а старший их Касполат говорит: «Что на плече сможешь унести, то и будет твоей долей от нашей муки».

уæхсчытæ кæрæдзимæ балхъивын — пожать плечами

уæхсчыты сæрты кæсын — смотреть свысока; посмотреть через плечо

Паддзахад æй сахуыр кодта, слæг и. Стæй уæд йæхи ныййарджыты хуызæттæм йе уæхсчы сæрты кæсын райдайы. *Æхсарбег. Хурхæтæны*

Выучился за счёт государства, стал человеком. А потом он начинает смотреть свысока на таких, как его родные

уæхсчытыл сæры къодах

на плечах чурбан

Алкæмæн дæр йæ уæхсчытыл сæры къодах ис, æмæ-иу бæрæгбæтты уæддæр истæмæй сриссæд. *Мæрзойты С. Къæхтысæр*

У каждого голова на плечах, и пусть она хоть по праздникам заболит

● йæ уæхсчытыл сæры бæсты куысыфтæг

у него вместо головы тыква на плечах

уæхсчытыл схæцын

пожать плечами

Цалдæр хатты йæ Фаризæт ракъахынмæ хъавыди, фæлæ-иу Темыр æрмæст йæ уæхсчытыл схæцыд. *Умар. Стъалы куы скæса*

Несколько раз Фаризат старалась выпытать у него, но Темыр только пожимал плечами

фæрæт ~ыл авæрын

закинуть топор на плечо

● цард кусæг лæджы ~ыл бады

жизнь опирается на плечи работяги

цæф ~ыл сæмбæлд

удар пришёлся в плечо

Авд уæйыджы рацыдысты Сосланмæ, йе уæхсчытæ йын æрхостой, не сиахс дæ, зæгъгæ, æмæ йæ бабуц кодтой. *НК. Сослан мæрдты бæсты*

Вышли к Сослану все семь уаигов, потрепали его по плечам, мол, ты нам зятем доводишься, угостили на славу

уæхскуæзæй

в полную силу

~ æрæвналын

взяться изо всех сил

~ кусын

работать в поте лица / до седьмого пота; работать, не покладая рук

хæс кæронмæ ахицæн кæныныл ~ кусын

работать, не покладая рук, чтобы выполнить обязательство

– Хъуыддæгтæ бирæ, æрмæст сыл иумæ ~ схæцын хъæуы. – Уый бæгуыдæр афтæ у. ~. Иумæ. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ*

– Дел полно, но надо всем вместе навалиться изо всех сил на них. – Совершенно верно. Изо всех сил. Вместе

уæхскджын

плечистый

уæхск-уæхск

плечом к плечу; рядом, в тесном единении, заодно

~ лæууын

стоять плечом к плечу

Мах, æнæ зæхх, æнæ фос адæм, кæрæдзи куы бамбариккам, ад хæцæнгæрзтæ ~ куы æрлæууиккам, уæд хæхтæ дæр афæлдахиккам. *Ашæх. Нæ фæлтæры фæндæгтæ*

Мы, безземельные, безлошадные люди, если бы поняли друг друга, стали бы плечом к плечу с оружием в руках, мы бы своротили горы

уæхст (*бир.* уæхстытæ)

вертел, шампур

● ~ дæ фындзы

букв. шампур тебе в нос

● ~ дæр æнæхъæн, физонæг дæр хæрзарыд

чтобы шашлык не пригорел, и вертел остался цел

~ау басудзын

сгореть как вертел

● хъуамæ кæнæ ~ басудза, кæнæ физонæг — обязательно чем-то приходится жертвовать; *букв.* или вертел сгорит, или шашлык пригорит

● ~ы фындзыл сисын — изводить, терзать; *букв.* вздеть на вертеле

~ы фындзыл мæ систой – чи дын сты, цы дын сты! *Максим. Райсомы мигъ* — Извели меня – кто они тебе, да что они тебе!

~ыл бакæнын — надеть, нанизывать на шампур; наказать

~ Цы фехъусай мæнæй – иунæг сыбыртт дæр нæ! Куы мæ базоной, бакæндзысты мæ ~ыл. *Гæглойты В. Гъе, мардзæ, исчи!..* — – Ни звука о том, что от меня услышишь! Если они узнают, что это я – наденут меня на вертел

физонæджы ~ — шампур шашлыка

● искæй ~ыл физонæг кæнын — поживиться за чей-то счёт; попользоваться; *букв.* на чужом шампуре свой шашлык жарить

уæхствад — надетый на вертел; проткнутый острым

уæхсчъи — коромысло

уæхуыдтæг *кæс* **уæхæдæг**

уæххай — *межд.* увы! неужели!

уæцъæф — желудок; рубец *(первый отдел желудка жвачных животных);* брюхо

~тæ `фсадыны бон — праздник чревоугодия

~ты пайдайæн — ради собственной корысти

● ~ы дæ цæвæрдæуæд! — чтоб тебе было пусто!

● йæ зæрдæ йæ ~ы ис — обжора он, чревоугодник; ему лишь бы поесть; *букв.* сердце его в брюхе

● сæры кад ~æй фæныллæгдæр кæнын — уронить честь

● хи ~æн цæрын — жить ради собственного брюха

Дæуæн дæ ~ у ælдар, / Ды та йын – коммæгæс цагъар — Твой желудок – твой господин, / А ты его покорный слуга

– Уый лæджы ~ы йеддæмæ ницы уыдзæн, уымæн нæй байдзаг кæнæн. Ничи ма йын базыдта æгас дунейыл йе ‘фсис. *НК.* — – Это может быть только желудок человека, его невозможно насытить. Никто на всём свете не научился наполнить его

хъæрмхуыпп фысы ~æй — суп из рубца баранины

уæцъæфхъус — любитель поесть; раб желудка

уæчыл — второй шафер

увертюрæ — *муз.* увертюра

угæрд — вырез

угæрдæн — сенокос, луг

~ æркæрдын — скосить луг

~тæ æнæконд æмæ æнæкарстæй лæууыдысты — луга стояли неубранные и нескошенные

~тæ фæмæкъуылджын сты — появились стога на сенокосах

угæс — несколько снопов, сложенных вместе для просушки; суслон

~ най кæнын — сложить сноп

Бон æрмæст иу ~ най кæнын райдыдтой, æмæ сæм алы ~æй дæр цыдис иу голладжы дзаг, мæкъуылæй та – дæс голладжы. *НК.*

За день получалось у них только один сноп сложить, а с каждого снопа только мешок зерна собирали, а со стога – десять мешков

~тæ амайын

складывать суслон

уголовон

юр. уголовный

~ агуырд

уголовное расследование

~ бархалынад

нарушение закона

~ кодекс

Уголовный кодекс

~ фыдракæнд

уголовное преступление

~ хъуыддаг байгом кæнын

открыть уголовное дело

~ хъуыддаг сгæрст æрцыд бæстонæй

уголовное преступление было тщательно расследовано

угулакк

кувырок

● хорз хæрæг æртæ угуллаччы кæны

хороший осёл три раза брыкается

уд

душа, дух

● ~ армы хæссын / дарын

быть в опасности, в тревоге; испытывать большие трудности

Æхсæв бонмæ йæ цæст не ‘рцъынд кодта Мырза. Йæ ~ йæ армы фæдардта. *Максим. Хæххон барæг*

До самого утра Мырза не сомкнул глаз. Он был в тревоге

~ бавæрын

сберечься; уберечь себя

● ~ бавæрынæн зондджын лæг хъæуы

умный человек зря не рискует

~ бауадзын

оживить

● ~ зыгъуыммæ рафæлдахын

вывернуть душу наизнанку

● ~ зынаргъ у

жизнь дорога

~ къогойы къахæй лыстæгдæр сси

жизнь висела на волоске; в чём душа теплилась

● ~ мæ хъуырмæ схæццæ

меня довели до крайности

● ~ нарæджы бакæнын

притеснять, задать перцу

● ~ нæ бавгъау кæнын

всем пожертвовать; не щадить себя

● ~ сисын

умереть

● ~ суæлдай кæнын

не щадить себя, не жалеть сил

● ~æй арт уадзын

сделать всё возможное, не щадить усилий, из кожи вон лезть

● ~æй арт цæгъдын

всеми силами добиваться чего-л.; выворачиваться наизнанку

● ~æй цырагъ судзын

не щадить себя

● ~æн йæ фидар уынгæджы бон рабæрæг вæййы

крепость духа в тяжёлых испытаниях проявляется

● ~мæ скæнын

досаждать, донимать

● ~мæ уæвын

быть на пределе

● ~ы бицъинæг тонын

лезть из кожи вон

~ы сыгъдæгдзинад

душевная чистота

● ~ы хъæздыгдзинад зæххæн дæр сой у

богатства души и землю обогощают

~ыл нæ ауæрдын

всячески стараться, из кожи вон лезть

● æвзæр йæ ~æн тæрсы — плохой человек только о себе печётся
● æнæниз буары – æнæниз ~ — в здоровом теле – здоровый дух
● дæ ~ дæ дзабырты агуринаг куы фæци — у тебя от страха коленки трясутся; мурашки по коже

Дæ ~ы фæхъхъау фæуон! — Да стану я жертвой твоей!
зæрдиагæй ~ байтындзын — раскрыть душу; поделиться без утайки самым сокровенным

● искæй ~ сласын — вынуть душу из кого-л.; силой, угрозой заставить кого-л. сделать что-л.

● искæй ~ снарæг кæнын — докучать; приставать; назойливо преследовать кого-л.

● искæйы ~ гæркъайы хуынчъы ласын — долго мучить кого-л.
● искæмæн йæ ~ йæ хъуырæй ласын — мучить, истязать кого-л.
● иу ~æй æз — лично я
● йæ ~ ~ыл нæхæцы — в чём только душа держится
● йæ ~ искæуыл (йæ сывæллоныл) лæууы — она в нём (в ребёнке) души не чает

йæ ~, йæ дзæцц — зеница ока
● йæ ~ йæ дзæцц – хъæндзинæдты тыххæй дзурын — *прост.* он обожает говорить о недостатках; его хлебом не корми, дай лишь возможность поговорить о недостатках

Йæ ~ йæ дзæцц адæймагæн хорз фæуын. Искæй зынæй йæхи нæ аласдзæн. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Его мёдом не корми, лишь только дай возможность делать добро. Он человека в беде не оставит
● йæ ~ йæ къæхты бынæй ауад — душа в пятки ушла
йæ ~ йе ’вдисæн — только он сам свидетель, он сам знает
● йæ ~ сисынмæ дæр æй нал æвдæлы — очень занят, нет ни минуты свободной; повеситься некогда

йæ ~ уæлдай никæмæн у — жизнь всем дорога
● йæ ~æй йын схъазыд — он поиздевался над ним
● куыдзы ~ ыл ныффидар — живуч, как собака
● мæ ~ æй зоны — я это знаю; интуитивно чувствую
мæ ~ дæ фæхъау! — да стану я твоей жертвой
● мæ ~ дзы баззади — *разг.* она мне очень понравилась
● мæ ~æй мæ хуылфы ницыуал аззади — я была насмерть перепугана
● мæ ~ы йас æй уарзын — люблю его всем сердцем (всей душой)
мæ ~ы гага — моя душенька
мард ~ — мёртвая душа
мæллæг ~ — трусливая, ничтожная душонка
рæзгæ ~ — молодой, растущий человек
рæсугъд ~ы хицау — человек красивой, золотой души
● уæд мæ ~æй цас ахауд — сколько я тогда пережила
Цавæр фидар у адæймаджы ~! — Как же силён духом человек!
– Уæ бон хорз!– Дæ ~ фидар уæд! — – Добрый день! – Будь здоров!
● хи ~ бахъахъхъæнын / хи ~ ирвæзын кæнын — спасти свою шкуру

хи ~æй адджындæр — дороже собственной жизни

хи ~æн цæрын — жить в своё удовольствие

хи ~ы бæрц уарзын — любить как самого себя

хи ~ы кой кæнын — думать только о себе

хи ~ы пайдайæн — ради своей личной выгоды

– Уазæг, дæ тых, дæ ныфс æмæ дæ ~ кæм сты, уый мын зæгъ. *НК.* — – Расскажи, гость, где спрятаны твоя сила, твоя отвага и твоя душа.

● цалынмæ уын мæ ~ æгас уа — пока я жив, пока я могу вам помочь

Цалынмæ уын мæ ~ æгас уа, уæдмæ уын исты амæлттæ чындæуыдзæн. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Пока я жив, до тех пор буду помогать вам, чем могу

цæрæг ~ — живая душа

О, Хуыцау, мæ дзырд мын ма фехъус, цæрæг ~æй мард куыд зæгъын! Кæд исты амалæй фервæзид. *Малиты В. Тæрхон* — О, Всевышний, не услышь мои слова, как я о живой ещё душе говорю как об умершей! Может, выкарабкается как-нибудь

удагайæг — волнующий; проникновенный; задушевный

~ ныхас — проникновенная речь

~ хъæлæс — проникновенный голос

удаист — 1. сильное волнение; испуг; паника; 2. испуганный; перепуганный

~ бафтыд — испытать сильный испуг

~ фæуын — оторопеть от страха; сильно испугаться

~ хъæр райхъуысти — послышался испуганный крик

~ цъæхахст — испуганный вопль

Цæй худаисты кой кæныс, мæхи ~ы куы бацыддæн, – загъта. *НК.* — Тут не до шапки, голову бы сносить

удаистæй — лихорадочно; испуганно

~ уасын — истошно вопить

удаистдзинад — беспокойство, испуг, страх, паника

~ бафтыдис — наступила паника

Фæлæ йæ уæддæр цавæрдæр æбæрæг ~ æнцой нæ уагъта. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Но какое-то смутное беспокойство не давало ей покоя

~ыл фæуæлахиз уæвын — преодолеть страх

удайын — мочить, смачивать, увлажнять, пропитывать влагой

æхсинæгтæ ~ — замачивать бельё

● зæронд æрчъиæгтæ ~ — ворошить прошлое

● зæхх хидæй ~ — поливать землю потом; работать на земле до седьмого пота

Зæхх хидæй чи удайы, кусгæ йæ чи кæны, уыдон та сæхæдæг æххормаг æмæ тыхстæй цæрынц. *Дæбе. Æхсарбег* — Те, кто поливает землю своим трудовым потом, кто обрабатывает её, живут впроголодь и бедствуя

ударм — подставка, чурбан для колки дров

ударник *кæс* **хъазуатон**

удæвдз *фольк.* чудесная свирель

удæвзарæн 1. испытание; 2. испытательный, испытующий

удæгас (*бир.* удæгæстæ) живой

~ адæймаг живой человек

Фæлæ сæ дыууæ дæр сты ~ адæймагтæ. Удæгæстæ та кæрæдзийы ныхасæн аргъ фæкæнынц. *Æхсарбег. Куырды фырт* Но ведь они оба живые люди. А живые должны ценить слово друг друга

цалынмæ удæгæстæ хъуыды кæной пока живые будут помнить

– Гъе, Хуыцау нæ куыд ралгъыста, – загътой. – Ай нæ мæрдтæ куы базыдтой, уæд нæ удæгæстæ нæ базондзысты? *НК. 2* – Эх, Бог на нас проклятие наложил, – сказали. – Раз нас мёртвые узнали, то живые что не признают нас?

Амæлæгæн удæгæстæ – æвдисæн, ~æн мард æвдисæн нæй Живые свидетельствуют об умерших, умершие живым не свидетели

~ классик живой классик

~ лæгмæ æргом цы ис, дыууæ ахæмы та йæм сусæггæртæ ис У живого человека в два раза больше тайного, чем явного.

~ уæвæг живое существо

нæ мæрдтæй, нæ удæгæстæй ни живые, ни мёртвые

● удæгæстæй мæрдтæм æввахсдæр скорее мёртв, чем жив

удæгасæй живьём; в живых

~ баззайын остаться в живых; уцелеть

● ~ зындоны арты судзын переносить адские мучения, жить в аду кромешном

~ къухы бафтын попасть живым в плен

~ нал сæййафын не застать в живых

~ ныгæнынвæнд скæнын похоронить заживо

~ хи радтын сдаться живым в плен

~ цыртдзæвæн сæвæрын поставить памятник при жизни

Вероникæ (Дудараты) йæ ~ ссис национ символ. *Р. 01.12.2016* Вероника (Дударова) ещё при жизни стала национальным символом

удæмбал (*бир.* удæмбæлттæ) жена, супруга

● зæрондæн йæ лæдзæг – йæ ~ старику его клюка – ему подруга

удæндидзæг оживляющий, воскрешающий

удæндидзæн воскрешение

удæндидзынгæнæн оживление

удæнцой покой; удобство

~ нæ арын не находить покоя

Чызг йæ зæрдæмæ рагæй цæуы. Фæлæ а фæстаг рæстæг та læппу ~ нал зоны. *Дæбе. Адæм адæм сты* Девушка давно нравится ему. А в последнее время парень совсем лишился покоя

~ нæ дæттын не давать покоя

~ ут! Не беспокойтесь! Не волнуйтесь!

~ хæссын обеспечивать покой

~ цард кæнын жить в покое и комфорте

удæнцойæн для удобства
зæрæдты ~ для удобства пожилых
рынчынты ~ для удобства пациентов
удæнцойдзинад душевный покой
~ райсын получить удовольствие
адæмæн ~ æрхæссын принести людям покой
удæст промокший, вымокший
~ ееуы зыгуым проросшее просо
~ чъыр гашёная известь
тугæй ~ мокрый от крови
хъарм доны ~ отмоченный в тёплой воде
удæссын терпеть
удæсын мокнуть, увлажняться, пропитываться влагой
удæхцон удовольствие
~ æфтауын доставлять удовольствие
хи ~ыл тыхсын думать / жить в своё удовольствие
удбæрзонд возвышенный, одухотворённый
~ адæм одухотворённые люди
удбæрзондгæнæг возвышающий, возвеличивающий
Афтæ (*Дудараты*) Вероникæйæн дæр уæздандзинад йæ туджы уыд. Хиуылхæст, ~ миниуджыты хицау. *Р. 01.12.2016* Благородство было в крови у Вероники (*Дударовой*). Сдержанная, обладающая возвышенными качествами
удбæрзонддзинад величие духа
Ирон æвзаг æмæ ~ бахъхъæнын Ирон театр ахъазаджы фæрæз кæй у, уый зæрдыл даргæйæ, (*Тæбæхсауты*) Бало йæ удыл нæ æуæрста – афтæмæй фæкуыста. *Р.02. 07.2015* Помня о том, что Осетинский театр играет огромную роль в сохранении осетинского языка и в одухотворении народа, Бало (*Тхапсаев*) служил, не жалея сил
удварн духовность
~æй сыгъдæг, удыхъæдæй хъæздыг чистый душой, богатый духом
удварнон моральный
удварны духовный; нравственный
~ мадзæлтæ высокодуховное мероприятие
~ хæзнадон духовная сокровищница
~ хойраг духовная пища
~ хъæздыгдзинæдтæ духовные ценности
~ хъомыладæй фæхъæздыгдæр кæнын обогатить нравственным воспитанием
~æй хъæздыг нравственно богатый
удвидар, удфидар сильный духом
– ~ адæм! – сфæлхатт кодта ногæй Альфтæн, – хæйрæг дæр сæ нæ бамбардзæн. *Хацырты С. Хæхты фæдисон* – Сильные духом люди! – снова повторил Альфтан, – сам чёрт их не поймёт
удгай подушно
удгæ старательный

удгоймаг (*бир.* удгоймæгтæ) человек; живое существо

Дзырд дæр ~æй уæлдай цы у. Ис йын йæхи хъысмæт. *Бицъоты Г. Урс æмдзæвгæтæ* Слова, что люди. У них есть свои собственные судьбы

хицæн удгоймæгты æнтыстытæ достижения отдельных личностей

хъал ~ важная персона

удджын одушевлённый

~ æмæ æнæуд одушевлённый и неодушевлённый

уддзæбæхгæнæн душеспасительный; благотворный; успокоительный

уддзæф струя воздуха; звук; лёгкий ветерок

~ бауадзын вдохнуть жизнь

~ дæр не схауд йæ дзыхæй он не проронил ни слова

Сæууон ~ тахти сындæгæй мæ сæрты, / Дзырдта мын мæ хъусы: «æнæнизæй рæз!» *Дæуыт. Нæ кæртæй* Утренний ветерок тихонько пролетал над головой, / Шептал мне: «Расти здоровым!»

Фæлтау хур кæсæд, ~ дымæд Пусть лучше светит солнце, дует лёгкий ветерок

уддзыд зачатие, оплодотворение

~ кæнын оплодотворять

экстракорпоралон ~ экстракорпоральное оплодотворение

Сатана нарты кæстæртæй æртæ лæппуйы ‘фсæн дзæккортимæ акодта ~ дурмæ. Рæйдыдтой йæ сæттын. *НК.* Троих из молодых нартов с их железными молотами Шатана взяла с собой и повела к камню зачатия. Стали те его ломать

удивад изнурённый, еле живой

удирвæзæн, удирвæзынгæнæг спасительный; душеспасительный

~ ныхас душеспасительная беседа

удисæг 1. смерть; 2. агонирующий, умирающий

удисæн, удласæн 1. агония, кончина, смерть; 2. душераздирающий

~ рæстæг роковой час

~ хъæрзын душераздирающий стон

~тæ кæнын быть при последнем издыхании

~ы сахат час смерти; момент смертельной опасности

● сæрд – худисæн, фæззæг – ~ лето шапку снять заставит, осень без сил оставит

удист 1. смерть, кончина; 2. безжизненный

~ хъæр предсмертный крик

удлæууæн 1. опора, надежда; 2. подающий надежды; надёжный

~ фыстæг обнадёживающее письмо

● сывæллон чысылæй – ~, стырæй удхор маленьким ребёнок – души опора, большим – душегуб

удмар палач

удмарæн губительный

~ сагъæстæ губительные переживания

Зæххыл мæлæтæй æгъатырдæр, риссагъдæр, ~дæр хъуыддаг нæй. *Р.19.12. 2015*

На земле нет ничего более безжалостного, более болезненного, более губительного, чем смерть

удмидæг чуть живой

~ æрцæуын прийти в себя

Йæ лæппу ма йæ ~æй æрбайæфта Сын едва застал его живым

удмуртаг 1. удмурт; 2. удмуртский

уднарæг скæнын притеснять; унижать

удон духовный

~ фыд духовный отец; духовник

~ хæлддзинад душевная испорченность

~ хорздзинæдтæ духовные блага

~ царды рæстад духовное развитие

удрæбын в глубине души

удрæвдауæн ласкательный

удрис душевная боль

удрухсдзыд одухотворённый

~ цæсгом одухотворённое лицо

удсабыргæнæг успокаивющий; успокоительный

удсыгъдæггæнæн душеспасительный

~ динамынд душеспасительное вероучение

удуæлдай самоотверженный

~ куыстæн стыр аргъ кæнын высоко ценить самоотверженный труд

~ тох самоотверженная борьба

~ тох кæнын знаджы ныхмæ самоотверженно сражаться против врага

Ныр та дæ цард сбастай, нырмæ дын зонгæ чи нæ уыд, ахæм ~ адæймагтимæ. *Хацырты С. Хæхты фæдисон*

А теперь ты связал жизнь с доселе неизвестными тебе самоотверженными людьми

удуæлдайæ самоотверженно; беззаветно; рискуя жизнью

~ кусын целиком отдаваться работе

~ лæггад кæнын самоотверженно служить

Хъаныхъуаты Валодя ~ балæггад кодта ирон æвзагæн. Дæс æмæ ссæдз азы уыд газет «Рæстдзинады» редактор. *Р. 06.04.2017*

Кануков Владимир самоотверженно прослужил осетинскому языку. В течение тридцати лет он был редактором газеты «Растдзинад»

~ хæцын самоотверженно воевать, бороться

удфæлварæн суровое испатыние

удфидар, удвидар сильный духом; живучий

~ у! Будь крепким духом!

~ нын фыдæлтæй баззад силу духа мы унаследовали от предков

удхайраг (*бир.* удхайрæгтæ) 1. мученик; 2. мучительный

~ куыст мучительная работа

~ мæлæт баййафын принять мученическую смерть

~ фæлварæн мучительная попытка

Йæ цæстытыл уайынц йæ ~ бонтæ, йæ бирæ æфхæрдтытæ. *Максим. Нæ цæугæ мæсыг* — Перед глазами проходят дни её мучений, многочисленные перенесённые обиды

удхар (*бир.* удхæрттæ) — мучение, терзание, страдание

~ кæнын — мучиться, терзаться, страдать

Дыууæ цæргæсы – денджыз æмæ уад – / сæумæцьæхæй кæрæдзи пакьуы калынц. / Цы ~ у, цы хьазуат у, цы уарынц? *Æхсар.* — Два орла – море и буря – / С утра друг другу жизни не дают. / Что их терзает, что мучит, что поделить не могут?

сывæллоны кæдмæ ~ кæндзынæ? — до каких пор ты будешь донимать ребёнка?

Сындæггай рох кæнынц йæ зынтæ, цы ~ бавзæрста кæддæр. *Гаджиты Г. Гутон æмæ стъалытæ* — Понемногу забываются тяготы, страдания перенесённые некогда

удхарæй марын — мучить, терзать, причинять страдания

О, чызгай, къайæн мæхицæн дæу равзæрстон, / Ма уал мæ ~ мар. *Хъаныхъуаты В. Зарæг* — О, девушка, ты стала моей избранницей, / Не мучай меня больше

хи ~ марын — мучиться; терзать себя

удхарæй мælын — испытывать мучения, страдания

удхаргæнæг — мученик; страдалец

удхауд фæуын — сильно испугаться

● ~ мæ фæкодта — у меня коленки трясутся; душа в пятки ушла

удхæссæг (*бир.* удхæсджытæ) — душегуб; *уст.* ангел смерти; отвратительное, страшное существо

~ фестын — опротиветь

~ æй ахæсса! — черт бы его побрал!

искæмæй ~ уынын — очень сильно ненавидеть, презирать

● мæ мæрдты ~ дзы федтон — он мне омерзителен

уды ~ — самое ненавистное

удхæссæджы ад кæнын — быть омерзительным; вызывать отвращение

удхæссæджы къалиу — дьявольское отродье

удхæстæгдзинад — духовная близость

удхор — губитель; душегуб; душитель

бирæ мулк, бирæ æхцатæ ~ сты — большое богатство, большие деньги губят душу

удхос — спасительное лекарство, средство

удхъомыс — спасительный

~ хæрзтæ — спасительные блага

удхъуаг — калека; безжизненный

удцырын — вдохновение

~ дæттын — приносить вдохновение

~ кæнын — вдохновлять

удцырынгæнæг — вдохновитель

удцырынгонд — вдохновенный

удыбæстæ *рел.* потусторонний мир; рай; благое дело

~ скæнын заслужить благодарность, выручив кого-либо в беде

дæхицæн ~ скодтай ты сделал благое, богоугодное дело

баххуыс кæнын ~ у помощь – дело богоугодное

Рахæссут уадындз, сæххæст кæнæм нæ туджджыны фæстаг курдиат, æмæ не ‘цæг дунейы ~ уыдзæн. *Азæмæт. Амонд-уарджытæ* Несите свирель, давайте выполним последнюю просьбу нашего кровника, обеспечим себе место в раю

● гæртамхорæн ~ нæй рай не для взяточников

Ирыстон у мæ зæрдæ атонын кæцæй нæ комы, уыцы ~. *Р.06. 09.2018* Для меня Осетия – это благославенное место, в котором сердце моё навсегда

Фæкалдтæм ыл нæ цæссыг не ‘ппæт дæр, æмæ йын ~йæн æххуыс уæнт. *Дæбе. Уæззау операци* Мы все оплакали его, и пусть наши слёзы будут ему во благо

удыбæстæджын милосердный; добрый

удыбыцъынæг стремление, желание

йæ ~ сцæйхауы душа еле теплится; очень хочется

удыгага *разг.* славный, милый; душечка, душенька

~йы хуызæн очень милый

удызиан смерть

хъæубæсты дæсгай ~тæ æрцыд в селе случились десятки смертей

удыконд внутренний мир человека

Мæнмæ гæсгæ, адæймаджы ~ афтæ у, æмæ йæ царды цы хъуамæ æрцæуа, уый йæхицæй аразга у. *Умар. Стьалы куы скæса* По-моему, человек устроен так, что всё, что должно случиться в его жизни, зависит от него самого

удыкъæртт *разг.* славный, милый; душечка, душенька

~ы хуызæн очень милый

~ чызг очень красивая девочка

~ лæппу очень милый мальчуган

Удыкк, Авд хойы *астр.* Семь сестёр

удылтайга чарующий, захватывающий

Дæхи фæуром æмæ йæ цуры ‘нцад алæуу, Чайковскиймæ иуцасдæр лæмбынæг фæкæс, æмæ дæ зæрдæйæ раивылдзæн ~ сабыргæнæн музыкæ. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* Останови свой шаг, постой, молча, рядом, внимательно вглядись в Чайковского, и через какое-то время в сердце раздастся чарующая, успокоительная музыка

удылхæцæг (*бир.* удылхæцджытæ) поддерживающий дух, ангел-хранитель; благодетель

● усы хæстæг – ~, мады хæстæг – хурхылхæцæг родня жены надежду вселяет, родня матери нож к горлу приставляет

Мæ ~ / Æнæ æнцой уа, / Мæ мады зæнæг / Мæ мардыл кæуа! *Къоста. Сагъæс* Пусть мой ангел-хранитель / Покоя не знает, / Пусть родня моя / Оплачет меня

удын 1. старание; 2. стараться, силиться

удынарæг: ● удынарæджы скæнын *прост.* пристать с ножом к горлу; брать за горло

удынцой *кæс* **удæнцой**

удысконд характер, нрав

удыскъуыд самоотверженный; готовый отдать душу

~ фæуын погибнуть

~ фæу! Чтоб тебе сгинуть!

удыхай *разг.* муж, супруг; жена, супруга, благоверная

Искуы искæй бауарзджæн æмæ йæ йæ ~ рахондзæн, уымæн та йын йæ уавæр фадат нæ лæвæрдта. *Гæглойты В. Гъе, мардзæ, исчи!..* Его положение не позволяло ему надеяться, что он когда-нибудь сможет полюбить кого-нибудь и назвать её своей благоверной

Сонайæн йæ ~ фыдæбæсты Стыр хæсты фесæфт. *Нафи. Сæхъис къуыбылой* Муж Сона погиб в Великую Отечественную войну

удыхос эликсир жизни; чудесное лекарство

удыхъæд моральное, душевное качество; склад характера

● ~æй мæгуыр, буарæй дæр афтæ убогий, что душой, что телом

~æй хъæздыг высоконравственный

Де сфæлдисæг ærдз дын уымæй хъæздыгдæр ~ ма раттæд. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* Пускай природа наделит тебя неменьшими душевными достоинствами

● адæймаг ауындзæны бын дæр йæ ~ нæ аивдзæн характер и могила не исправит; *букв.* характер и на виселице не поменяется

зындзинады сбæрæг вæййы адæймаджы ~ в трудностях познается характер человека

нæртон ~ с достоинствами нартов; стойкий характер

фидар ~ равдисын проявить сильный характер

фидар ~ы нысан проявления сильного характера

хъæбатыр хæстонты ~ мужество храбрых воинов

Нæ хъайтартæм кастыстæм сæ дæргъмæ дæр, сæ уæрхмæ дæр. Фæлæ сын тынгдæр иртæстам сæ ~, сæ зæрдæйы уаг. *Ахуырбег. Мæ базырджын азтæ* Мы пристально и вдоль и поперёк следили за нашими героями. Но больше всего обращали внимание на их характер, на их душевные качества

удыхъæдджын достойный

~ адæймаг достойный человек

Æхсызгон ын уыди, йæ чындз ~, æцæг адæймаг кæй разынди, æмæ … кæд йæ лæппуйыл хорзырдæм фæзынид æмæ адæмы хъæр бамбарнд. *Умар. Стъалы куы скæса* Радовалась она от того, что невестка её оказалась достойным, настоящим человеком, может, и на её сына она положительно повлияет, и он начнёт жить по-человечески

узæлаг радушный, ласковый

мады ~ къухтæ ласковые, заботливые руки матери

узæлæг (*бир.* узæлджытæ) 1. покровитель; 2. покровительствующий; ласкающий; ухаживающий

~ кæнын ухаживать, покровительствовать, заботиться

Афтæмæй искуы фæндагыл куы амбæлынц, / Амæлис дисæй! / Хотау, кæрæдзийыл ~ акæнынц / Уайтагъд сæхицæй! *Къоста. Рувас æмæ зыгъарæг* Между тем, когда встречаются по дороге, / Ты бы умер от удивления! / Как сёстры вдруг начинают / Ласкаться друг к другу!

хæрзмæ ~ зæд	святой покровитель
узæлæн	ласка; ухаживание; уход, забота
узæлæнтæ кæнын	ухаживать
узæлгæ	ласково, заботливо
~ дауын	ласково гладить
~ зæрдæ	любящее сердце
Йæ къух-иу узæлгæ мæ русыл æрхаста, / Йæ гыццыл æнгуылдзтæй мæ дзыккутæ фаста. *Дауыт. Мады къух*	Ручкой ласково гладил меня по щекам, / Пальчиками гладил меня по волосам
узæлгæйæ	радушно, заботливо, ласково
узæлд	ласка
Мæ ном мын æхсызгон ~имæ фæдзуры.	Ласково произносит она моё имя
узæлын	ласкать; ухаживать; заботиться
къуырттон каркау ~	быть заботливой как курица-наседка
ныййарæг мадау ~	заботиться подобно родной матери
– Уый та цавæр Хъамболат у? – Чи йыл уызæлы, уый. *Тæтæри. Размæ*	– Это ещё что за Камболат? – Да её ухажёр
узæлындзинад	ласка, забота
узæн	качалка
узбекаг (*бир.* узбекæгтæ)	1. узбек; 2. узбекский
узгæлын	кидаться; бросаться
бирæгътау ~	набрасываться свирепо
Сымах дæр батызмæг кæнут уæхи. Афтæ сæм бирæгътау узæлут, цæвиттон сæ æд стджытæ аныхъуырынмæ хъавæм. *Болайы фырт. Чермен*	Вы тоже напустите на себя суровость. Как волки на них напуститесь, как будто мы их с потрохами хотим проглотить
узгæ-узгæ	раскачиваясь; вперевалку
бабызау ~ цæуын	идти, подобно утке, переваливаясь; вразвалку идти
Йæ худ фæздæгкалгæ сисы йæ сæрæй, мæсты цæф æй æркæны йæ уæраджы сæрыл æмæ фæззыгон арсау ~ æрбацæуы фæстæмæ лæгътмæ. *Максим. Æхсызгон улæфт*	Кипя от злости, снимает шапку с головы, сердито бьёт ею по колену и идёт, как медведь осенью вразвалку забирается в свою берлогу
узгæцыд	развалистая походка
узурпатор	узурпатор
узурпаци	узурпация
~ кæнын	узурпировать
узын	качать; убаюкивать
авдæн ~	качать люльку
● авдæн дыууæйæ ~ нæ фæтчы	вдвоём одну колыбель не качают – к беде
Тæхуды, авдæн узгæйæ куы ‘мбарид ныййарæджы зонд, фылдæр кæцырдæм акъул уыдзæн йæ хъæбулы амонд. *Быгъуылты Къ.*	Вот если бы, качая люльку, могла бы мать прознать, откуда её ребенку счастья ждать
сывæллон ~	убаюкивать ребёнка
уигъын	трясти, шатать; встряхивать, махнуть

Фælмæны уæхсчытæ цыма сæ исчи уигъгæ кодта, уыйау рызтысты. *Максим. Райсомы мигъ*
Плечи Фалман вздрагивали так, как будто её кто-то встряхивал

● арс цы бæласыл бада, уыцы кæрдо ма уигъ
зачем трусить грушу, на которую медведь забрался; не буди лиха

Нæ фыдæлтæ-иу афтæ дзырдтой: «арс цы бæласыл бада, уыцы кæрдо ма уигъ». Уадз æмæ ацæуа йæ лæгæтмæ. *Хъайтаты С. Фæдисонтæ*
У наших предков было выражение: «зачем трусить грушу, на которую медведь забрался». Пусть себе в берлогу подобру-поздорову уйдёт

уидаг (*бир.* уидæгтæ)
корень

~ агурын
мат. извлекать корень

~ бындзарæй рæдувын
вырывать с корнем; истреблять под корень

квадратон ~
мат. квадратный корень

бæлас ~æй фидар лæууы
дерево крепко своими корнями

Бæлас æнæ ~ нæ лæуы, / Йæ цот – йæ уидæгтæ лæгæн. *Цæгæраты Г. Р. 19.01.2018*
Дерево без корней не живёт, / У человека корни – дети, что ему судьба даёт

дзырды ~
грам. корень слова

● зæрдæйы уидæгтæ сæнкъуысын кæнын
потрясти до глубины души

уидæгтæ акъуырын
обрубить корни

Æвзаг амæлы бинонты ‘хсæн ын йæ уидæгтæ куы акъуырой уæд. *Васо. Р. 05.06.2018*
Язык обречён, если ему в семье корни обрубят

уидæгтæ ауадзын
пустить корни; укорениться

Ацу, кæд мæ кæрты уидæгтæ уадзынмæ нæ хъавыс, уæд. *Бицъоты Г. Цæсты рухс*
Ну уходи же, или ты собираешься свои корни у меня во дворе пустить

зæххы уидæгтæ ауадзын
пустить корни; укорениться

Æз хъæуыккаг лæг дæн, мæ уидæгтæ хуымгæнды норст сты. *Мæрзойты С. Къæхтысæр*
Я сельчанин, я в землю всеми корнями врос

Зæхх хъысмæт кæмæн радта, уыцы уидæгтæ нæ фæиппæрд сты сæ бынатæй. *Калоты Х.*
Корни, которым земля дала жизнь, остались на месте

фыдыздыхт уидæгтæ
переплетённые корни; скрюченные корни

уидагдыргъ, уидагбын
корнеплод

уидагджын
с корнями; жилистый

уидагкъах
зоол. корненожка

уидадз
поводья

уидон, идон
уздечка, поводья

~ кæнын
взнуздать

уидыг (*бир.* уидгуытæ)
ложка

● ~ хæрыны рæстæг хъæуы
дорога ложка к обеду

~æй архайын
орудовать ложкой

● иу ~æй хæрын
есть с одной ложки; быть неразлучными

Иу ~æй фæхордтой Энвер æмæ Хъазæн æфсады, иумæ фæхастой дыууæ азы дæргъы салдаты уаргъ. *Хæблиаты С. Ænамæ мын исчи бадзурæд* — Одной ложкой ели во время службы Энвер и Хазан, вместе тянули солдатскую лямку два года

● кæд кас хæрыс, уæд ын ~ дæр дар — будь предусмотрительным; кашу есть идёшь, где потом ложку найдёшь

● мæ ~æй цы ‘рхауа, уый – мæ къусмæ — что с ложки упадёт, всё равно в свою миску попадёт

стыр ~ — столовая ложка

уидгуыты гыбар-гыбур — постукивание ложек

хъæдын уидгуытæ — деревянные ложки

хъæрмхуыппцымæн ~ — столовая ложка

хъæрмхуыппцымæн уидыджы дзаг хос — полную столовую ложку лекарства

цайцымæн ~ — чайная ложка

уидзын — клевать, собирать *(зёрна)*

æфсиртæ ~ — собирать колосья

дыргътæ ~ — собирать фрукты

● карк намыггай уидзы, фæлæ йæхи бафсады — курочка по зёрнышку клюёт и наедается

уиззæ — *бот.* незабудка; толстый съедобный корень

● хуыскъæл фыхæй хуыздæр у, ~ – хомæй — кервель варёным лучше есть, а корень сырым

уиззæйы сæр — *бот.* колокольчик

уилын — подбрасывать, метать *(напр., альчики)*

уимæ — при том

уираг — 1. еврей; 2. еврейский

уирагдур — камень-валун; булыжник

~ зæрдæ — каменное сердце

уис — хворостина, прут; лоза; полоса скошенной травы

~ау тасаг — гибкий как лоза

~æй снæмын — высечь хворостиной, наказать розгами

Мард нын нæ уадзынц, нæ хæхтæ нын байстой, / Стырæй, чысылæй нæ ~тæй нæмынц. *Къоста. Додой* — В покое не оставляют мёртвых наших, отняли горы наши, / Всех нас, что старых, что малых, розгами бьют

~тæ иугай æнцонæй асæтынц — прутья по одному без труда ломаются

галы ~æй æрцæвын — хлестнуть быка хворостиной

фæнды дæумæ дзур, фæнды дон ~æй нæм — напрасно тратить время на разговоры, тебя не переубедить; *букв.* с тобой говорить, что воду хлестать

● фидар кау тасаг ~тæй бийынц — прочный забор из гибких прутьев плетут

уисæн — послушание, повиновение

~ кæнын — слушаться, повиноваться; подчиняться

Æз ын афтæ: ацу горæтмæ. Уый марадз зæгъай, кæд ~ кæны. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Я ему говорю: перебирайся в город. А он ни в какую не слушается

Уыдтæн-иу æз арæх мæхæдæг æвдисæн, / Нæ фæкæны цъиу дæр æнæ мадæй ~. *Дауыт. Мады къух*
Я сам-то свидетелем бывал не раз, / Слушает даже птенец только матери наказ

нæ ~ кæнын
заупрямиться, проявить неповиновение

уисæнгæнæг
послушный, покорный

~ лæппу
послушный сын

уисбыд
плетень

уисгай
по прутику; по отдельности

● уисой ~ у
метла из прутьев состоит

уисой (*бир.* уисæйттæ)
метёлка, метла

● ~ зын сæттæн у, фæлæ иугай уисгай æнцон
метлу трудно переломить, а по одному прутику легко

● иугæйттæ ~ы хæлттæ æнцондæр асæттæн сты
по одному прутья метёлки нетрудно переломать

уисхъæд
клён (полевой)

украинаг (*бир.* украинæгтæ)
1. украинец; 2. украинский

уксус
уксус

улæфæг (*бир.* улæфджытæ)
дышащий; отдыхающий

улæфæн
1. отдых; 2. дыхательный

~ уат
комната отдыха

~ оргæнтæ
дыхательные органы

уæллаг ~тæ
верхние дыхательные пути

улæфонтæ
муз. духовые инструменты

улæфт
дыхание; отдых

~ бауромын
затаить дыхание; задержать дыхание

~ уадзæн хæдзар
дом отдыха

~ уадзын
отдыхать

рæстæджы ~
дыхание времени

фæстаг ~ы онг архайын исты хæрзты бацæуыныл
до последнего вздоха он пытается принести какую-нибудь пользу

хатгай йын ~ нал фæфаг кæны
иногда у неё бывает одышка

улæфын
дышать; вздыхать; отдыхать

риуы дзаг ~
дышать полной грудью

тыххæй ~
еле дышать; дышать на ладан

чи цæмæй улæфы базонын
всё разузнать, выяснить, кто чем дышит

Æгæр зыд дæ. Нырæй фæстæмæ мæм улæфгæ дæр бауал æрбакæн. *Æхсарбег. Куырды фырт*
Ты жаден без меры. Отныне даже не дыши в мою сторону, не приближайся ко мне

улупа
уст. зарплата, оклад, жалованье

Документтимæ уыдис иучысыл æхца дæр. ~ йæ хонынц. *Мæрзойты С. Ælгъыст*
С документами была небольшая сумма денег. Они называют это жалованьем

Диссаг у мæ фæлтæры хъысмæт: / Чи уæйыгау къæдзæхтæ рæмудзы, / Чи кæны йæ ~йы мæт, / Чи æнæнцой тохы арты судзы. *Гаджиты Г. Къостайы мысгæйæ*
Удивительная у моего поколения судьба, / Кто взрывает скалы подобно великану, / Кто о жаловании печётся своём, / Кто борьбою горит ночью и днём

ультиматум
ультиматум

~ æрæвæрын — предъявлять ультиматум

ультрафиолетон — *физ.* ультрафиолетовый

~ тынтæ — ультрафиолетовые лучи

унæут — прислуга; горничная

универмаг — универмаг

универсалон — универсальный

университет — университет

~ каст фæуын — окончить университет

унификаци — унификация

уоли — 1. *уст.* начальник; правитель; глава; 2. выборный

уолидзинад — владычество

уонг *кæс* **онг**

уонгджын — крепкого сложения

Уыйхыгъд стыр аргъ кодта йе ‘мгæртæй тыхджындæртæн. Йæхæдæг дæр тыхджын уыд, ~, бакастджын. *Цхуырбаты М. Æнæмæлгæ уидаг* — Потому-то он ценил более сильных из своих сверстников. Сам он тоже был силён, крепкого сложения, внешне привлекателен

уосилийнæ *д.* — тёща

упли (*бир.* уплитæ); **упыли** — дьяволёнок; пострелёнок

дзурынмæ ~ — болтливый дьяволёнок

Куыддæр та мæ пъартфелмæ фæцæйæвнæлдтон, афтæ та дын уыцы ~ йæ къух сдардта. *Тæтæри. Бæрбæр Бæрбæры фырт* — Я, было, собирался взяться за портфель, а этот пострелёнок опять руку поднял

ураугæ — палящий, обжигающий; раскалённый

~ хур — палящее солнце

урæд — 1. вычет, задержка; остановка; 2. задержанный; остановленный

урнæ — урна

урок — урок

уромæг — сдерживающая сила

● ~ сæ уромын нал фæрæзта — *разг.* им не было удержу

Фыдуаг митыл фæци, зæгъгæ, уæд та йæ ~ уромын нал фæфæразы. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Уж коли он начинал шалить, то удержа ему не было

уромæн — средство, способ остановки, задержки, торможения; тормоз

уромын — останавливать, задерживать, тормозить, удерживать, препятствовать; выдерживать, терпеть; успокаивать

ægъдау дæ куы уромид — если бы ты придерживался порядка, обычаев

бæх ~ — останавливать лошадь

● зæхх сæ куыд уромы? — как только их земля держит, терпит

нæ йæ уромын — мне невмоготу терпеть; я не задерживаю его

хи ~ сдерживаться

хи тыххæй ~ с трудом сдерживаться

● чидæр рувасы кæркгæс урæдта доверить козлу капусту; *букв.* лису птичницей назначить

урс 1. белизна; 2. белый; седой

~ ахорæн белила

~ ахорын красить в белый цвет; белить

~ æмдзæвгæ белый стих

● ~ дадалитæм схæццæ уæвын состариться, дожить до седин

~ дарын белеть; седеть

● ~ дæндаг æмæ сау зæрдæ мягко стелет – жёстко спать; любезность, прикрывающая жестокость

~ кæм уа, уым сау дæр вæййы где белое, там и чёрное

~ кæнын делаться белым; седеть

~ рихитæ седые усы

● ~ сауæй нал æвзары не может отличить белое от чёрного

~ сæрбæттæн белая косынка

~ытæй (саутæй) хъазын *шахм.* играть белыми (чёрными)

● ~ къух сау къух не ’хсы белая рука чёрную не моет; своя рубашка ближе к телу

● ~ хохæй ~ дуртæ тулы *букв.* с белой горы белые камни падают

Æппæлынц дæ фыдæй, æппæлынц дæ мадæй, / Уыдзынæ ды хайджын сæ кадæй, / Нæ фæхауы ~ хохæй сау дур. *Дауыт. Нæ фæхауы урс хохæй сау дур* Хвалят твоего отца, хвалят твою мать, / Тебе тоже достанется доля их имени, чести, / Не упадёт с белой горы камень чёрный

● ~æй сау зæгъын уверять, что чёрное – белое; утверждать что-то, противоречащее истине

● ~ы дæр сауы дæр сæхи нæмттæй хонын всё называть своими именами

~ы къуыри масленица; *букв.* белая неделя

Алы хатт ~ къуыри нæ вæййы, Берд æмæ Госæдæмæ ахæм хъуыды не ‘рцыд. *Нигер. Маст алчидæр æййафы* Не всё коту масленица. Берду и Госада такая мысль и в голову не пришла

~ыл сау фыстау бæрæг чёрным по белому; совершенно очевидно

бынтон ~ совершенно белый, белоснежный

миты хъæпæнау ~ белый как снег

урсаг (*бир.* урсæгтæ) *биол.* белок; молочный *(о продуктах);* молоко

урсæгтæ æмæ сойæгтæ белки и жиры

Лæг кæрдзынæй дæр æфсæды / Гутоны фæстæ, / Рагæй нал фæци нæ гæды / Урсаджы хъæстæ. *Къоста. Марходарæг* Человек и чуреком бывает сыт, / Если он (идёт) за плугом, / Давно не пробовал наш кот скоромного

урсагон 1. белковая пища; 2. белковый

~ буаргъæд белковые вещества

урсахорæн белила

урсахуырст белёный

~ четан белёный холст

урсæмхæццæ с проседью
~ боцъо борода с проседью
урсæфсæддон, урсгвардион 1. *ист.* белогвардеец; 2. белогвардейский
урсбарц белогривый *(конь)*
урсбын беловатый; серый
урс гæдыбæлас осина
урсгæф белуга
урсгвардион 1. *ист.* белогвардеец; 2. белогвардейский
урсдадали 1. седые волосы; 2. седовласый
~ зæронд ус седая старушка
урсдæллагхъуыр белошеий
урсдæндаг белозубый
урсдзалыг белобрысый
урсдзагъд побелка; отбелка
урс дзæнхъа хрусталь
урсзачъе белобородый, старый
~ зæронд лæгтæ белобородые старики
урс кæсаглас аист
урскъух *разг.* белоручка
~æн йæ дзыппы ницы у белоручки карман пуст
урсных белолобый
урсрихиджын белобородый; седоусый
урссæр белоголовый; с седой головой
~ зæронд седой старик
урссæрст побелённый, окрашенный белой краской
урс-урсид очень белый, белоснежный; белый (седой) как лунь; совершенно седой
~ адарын побелеть, поседеть
фæндæгтæ митæй нал зындысты, ~ адардтой Дорог от снега не было видно, их занесло снегом
Уайтагъд ~ адарынц йæ кæрцы æфцæггот, йæ хъуынджын худ. *Максим. Æхсызгон улæфт* Тотчас белоснежными становятся ворот его шубы, его мохнатая шапка
Ахæм цæрдтытимæ сæрыхъуынтæ ~ адардтой. *Изæтбег. Фыдхъус – хæдзархал* От такой жизни он совсем поседел
урсфыст беловик; беловая рукопись
урсхил седовласый; беловолосый
урсхъуын 1. седина; 2. белобрысый
урсцъар белокожий; белолицый
урсытæ седина
Уыд рæсугъд мæ конд, мæ уынд, / О, фæлæ мæнæн мæ сæрыл / ~ дзæвгар фæзынд. *Дæуыт. Сусæг сагъæстæ* Была красива я, была стройна, / А вот теперь седых волос / Голова полна
урундухъ *д. кæс* **уырындыхъ**

ус (*бир.* устытæ) женщина; жена; *разг.* баба

~ уадзын разводиться *(о супругах)*

● ~ æмæ лæг иу фæрæтхъæдæй барст сты муж и жена – одна сатана

● ~ æмæ лæджы хыл бирæ нæ хæссы милые бранятся – только тешатся

● ~ куы курай, уæд æй йæ мадæй бафæрс прежде чем жениться, разузнай всё о будущей тёще

● ~ хицау жена верховодит в доме

● ~æн къонайы къæсæрмæ сæдæ фæнды ис от очага до порога женщина решений поменяет много

● ~мæ хъусаг лæг муж под башмаком у жены

● ~тытæй иутæ уынджы – зæд, аргъуаны – сих, хæдзары – æргъуыд бирæгъ некоторые женщины на людях ангелы, в церкви святоши, дома разъярённые волчицы

~ы ауагъд развод; *букв.* отпускание, отсылание жены

~ы мад тёща

~ фсымæр шурин

~ы фыд тесть

~ы хо свояченица

ацы ~ эта женщина (*обращение к жене*)

зæронд ~ старушка, старуха

идæдз ~ вдова

уæртæ ~ женщина (*резкое обращение к жене*)

Цæттæ дæ, уæртæ ~? – тыргъæй æрбайхъуыст Сабаны хъæлæс. *Малиты В. Сурмейы хæдзар* – Женщина, ты там собралась? – с крыльца послышался голос Сабана

хорз ~ добрая женщина; славная жена

Дымгæйæ нæ тæрсы, уарынæй нæ лидзы / Æфхæрдты Госæма, Солæманы хорз ~. *Къубалты А. Æфхæрдты Хæсанæ* Не боится ветров, не таится от ливней / Госама Афхардты, славная жена Соламана

усаг невеста

усай! жена! *(обычное обращение)*

усардыд настроенный женой; направляемый женой

~ лæг подкаблучник; муж, которого настрополила жена

● ~ лæг цыргъ карды комæй уæлдай нæу кого жена подговорит, тот как лезвие ножа разит

усæмвæнд подкаблучник; с женою заодно

усбирæгъ *фольк.* ведьма; оборотень

усвæнд управляемый женой; зависимый от жены

~ лæг муж-подкаблучник

● ~ хæдзар семья, в которой главенствует жена

● ~ хæдзар хæдзар нæу семья, где главенствует жена, не семья

усгур жених *(букв.* просящий жену)

~ цæуын идти свататься

– Æгæр дзæбæх дæр ма дæ фæскуыст. ~ цæуынмæ дæр бæззыс. *Æхсарбег. Куырды фырт* – Да после работы ты ещё очень даже хорош. Хоть свататься отправляйся

● ~ы дзых урс уæрыччытæй дзаг вæййы — жених даёт много обещаний, *букв.* у сватающегося *(жениха)* полный рот белых барашков

Æллæх, цал сæрæн ~ы! Нæ фæлæ æцæг ~тæ æрмæстдæр хæсты быдыры ссарæн ис. *Хæмыцаты Ц. Арвæй æрвыст лæг* — Ах, боже мой, сколько завидных женихов! Все же, настоящих женихов можно найти только на поле битвы

усдон — гарем

усджын — женатый

усонг *кæс* **мусонг**

ус-паддзах — королева; царица

усракуырд — женитьба

устав, уагæвæрд — устав

~ы бынат кæмæн нæй, ахæм ахастдзинæдтæ — неуставные отношения

ус-хицау — хозяйка; госпожа; начальница

ус-хуыцау — богиня

усхъæз *кæс* **уысхъæз**

усымад — тёща

усхъуммæ *д.* — наизнанку, наоборот

усхъуммæгонд *д.* — вывернутый наизнанку

утæппæт — столько, так много, такое множество

~ æхца — такая куча денег

~ стыр куыстæн хъæуы стыр æхца — на столько работ нужны большие деньги

утæхсæйнаг — мученический

~ цард — мученическая жизнь

утæхсæн — страдание, мучение

~ кæнын — страдать, мучиться, умирать медленной смертью

Æхсæв мæ хуыссæг фæхауы, рынчын адæймагау мыл цыдæр ~ бафты. *Гуыцмæзты М. Даргъ дзыккутæ* — По ночам у меня бессонница, одолевает меня какое-то страдание, как будто я болен

● цард æм мæлæты æхсæн ~ кæнын — между жизнью и смертью находиться

утилизаци — утилизация

~ кæнын — утилизировать

утилитарон — утилитарный

утопи — утопия, несбыточная мечта

утопизм — утопизм, несбыточные мечтания

утопион — утопический, несбыточный; ненаучный

утопист — утопист, сторонник утопического социализма; мечтатель

утт-утт лæг — крепыш

уттæлты сисын — допечь; довести приставаниями

Сихæрттæм тыхтæ-амæлттæй бафæрæзта Афай. Стæй йæ йæ цæфты рис ~ систа. *Максим. Æхсызгон улæфт* — С большим трудом продержался Афай до обеда. А затем боль, которую ему доставляли раны, стала невыносимой

уттылы кæнын, уттæлы кæнын, уæдтылы кæнын приставать, доставать, надоедать

● цы мæ ~ кæныс?! чего ты от меня хочешь?! ты надоел мне!

ууыл о том

● ныртæккæ ~ нæ дæн сейчас мне не до того

уфтæ, афтæ-уфтæ так и сяк

уыг филин, сова

● ~ау дæ зæрдæ макæмæн базонын кæн как делают сычи, о сокровенном молчи

уыгард (*бир.* уыгæрдтæ) надрез; зарубка, зазубрина, насечка

~ акæнын сделать зарубку

Нæ мад Дзгомæ дзауматæвæрæн хъæдын чырын уыди. Уый уæлæ-иу алы аз дæр ныккодта ~ – Алиханыл цал азы рацыд, уый бæрæггæнæнтæ. *Æхсар. Токаты Алихан* У нашей матери Дзго был сундук для вещей. Она каждый год делала на его крышке насечки, чтобы отсчитывать возраст Алихана

уыгæрдæн, угæрдæн сенокос, луг

уыдайын замачивать

уыдисн *кæс* **дисны**

уыдисныбæрц крошечный

уыдон / уыдæттæ они; те; их; тех; *притяж.* их; тех

æз уыдæттыл нæ дæн мне не до этого

● ~ы æрцыдмæ дзæбæхæй фæцæр! пожелание долгой жизни, *букв.* живите до второго пришествия

~ уæлæуыл кæрæдзийы куы нæ ссардтаиккой, уæддæр сын мæрдты æнæ баиу хос нæ уыд *букв.* если бы не на этом свете, то на том свете обязательно бы встретились; у них очень много общего

уыдоныстæн во имя тех

мæ фыд цы мæрдты ис, ~ во имя тех, к кому ушёл мой отец

уыдырны экзема

~йы хос *бот.* название лекарственного растения

уызын ёж

~ы læппын ежонок

~ы балцы цæуын медленно прогуливаться

уызындзарм ежовые колючки

~ æрмкъухтæ ежовые рукавицы

уыимæ; уимæ при том; к тому же

уый он, она, оно; тот, та, то

~ æмæ дын то ли дело

~ дын хъызт! Ну и морозец!

● ~ дзы ис в том-то и дело! в том-то и суть

~ онг, ~ бæрц до такой степени

● ~ онг куы æрхæццæ уаиккам до этого дожить ещё надо

~ та куыд? Как это так?

~ тыххæй поэтому

● ~ уымæн йæ цæсты сындз у он для неё бельмо в глазу

~ фæдыл — вследствие этого
● ~ хурæй бæрæгдæр у — это и так очевидно
æмæ ~ дæр — да ещё
● маст чи нæ бавзары, ~ хорз не 'мбары… — не отведав горького, не узнаешь и сладкого
цыуа, ~ уæд — будь, что будет; либо пан, либо пропал; чему быть, того не миновать

уыйадыл — на этой почве; по этой причине
~ йæ ныхас фæци — на этом он закончил свой рассказ
уыйас — *мест.* столько
иу ~ — ещё столько же
дæс ~ы фестын — увеличиться в 10 раз
ницы ~ — ничего особенного
● чи цас фены, ~ зоны — сколько увидишь, столько и узнаешь
уыйæндæраз — позапрошлогодний
уыйбæрц — настолько, столько, так много, такое множество
~ адæм нæ федтон — я не видел столько народу
дыууæ ~ы фылдæр — два раза (вдвое) больше
ницы ~ хорз — не очень-то хороший
● цас зонай, ~ ма дзур — не выбалтывай всё, что знаешь
уыййедтæмæ — а не то; иначе как
уыйохыл — по этой причине; поэтому
Хазби кæддæрты базаргæнæгæй акуыста. Иуахæмы фæазымджын. ~ æй йæ куыстæй систой. *Æхсарбег. Хæххон доны уынæр* — Хазби одно время поработал продавцом. Как-то он провинился. Вот потому-то его и сняли с работы
уыйразмæ — до того, перед этим
~(йы) æхсæв — предыдущая ночь
~йы дугтæ — минувшие эпохи
уыйфæлтау — лучше бы
уыйфæстæ — после этого; с тех пор
уыйфыдæй — поэтому, из-за этого
уыйхуызæн — такой
уылæн — волна
~ты уынæр — шум волн
~ы дæргъ — *физ.* длина волны
~ ~ суры. ~ ~ы ныхъуыры. Фыцынц, хъурдухæнтæ кæнынц ~тæ. *Максим. Хæххон барæг* — Волна волну догоняет. Волна волну поглощает. Кипят, страдают волны
уылæнгай — волнами; волнообразно
цард ~ цæуы — жизнь идёт неравномерно, волнами
уылæнгонд — волнообразный
уылæнтæ — волнистый
уылæнтæ кæнын — волноваться, бушевать *(о море)*

уылынг *уст.* пядь *(мера длины)*, дюйм

~ йедтæмæ нæу он низкого роста; от горшка два вершка

● бон сыл ~ æфтыди, æхсæв – уыдисн росли не по дням, а по часам

Цыма йæ фаззоны сырдта, уыййау æргъæутты куыд вæййы, афтæ бон ~ рæзти, æхсæв та уыдисны. *Максим. Райсомы мигъ* Она как будто хочет догнать своего брата близнеца, растёт как в сказке не по дням, а по часам

● искæй фæд ~æй барын тщательно следить за кем-л.

уылынджы бæрц зæххы гæбаз пядь земли

уылынгбæрц крошечный

~ зæххы уадздзаг клочок земли; пядь земли

уылынджыйас очень маленький, крошечный

Ничи сæм кæсы? Нырма зæххæй ~ы йедтæмæ нæма зынынц, афтæмæй сæм дзургæ дæр мацы скæн. *Максим. Балцы зарæг* Только посмотрите на них. От горшка два вершка, а уже и слова им не скажи

уым там; в тех местах

~дæр там тоже

уымæй оттого; оттуда

~ æнаддæр нæй противный, отвратительный; нет ничего хуже

~ уæлдай кроме того; сверх того

уымæйдæр при том; вместе с тем

уымæл 1. влага, сырость; 2. влажный, сырой

~ зæхх сырая земля

~ йæ низæн низ кæй у, уый бæргæ æмбæрста, фæлæ хуыссæны бафæлмæцыд Он-то понимал, что сырость при его болезни опасна, но лежать в постели было уже невмоготу

уымæлхор *бот.* сыроежка

уымæлад влажность

уымæлбын влажный, сыроватый

уымæлдзинад влага

уымæн оттого

~ æмæ потому что; поэтому, потому, для этого; так как; для того, чтобы

уымы тамошний

уымыты в тех местах

уын *кæс* **уæвын**

уынаг зоркий, бдительный

адæм ~ сты люди видят всё; от людей ничего не скроешь

Йæ фæндæгтыл бирæ фæзылдтæн цыбæлæй, / Æз хатыдтон алцы, – уыдтæн æз ~. *Дæуыт. Æз федтон* По этим дорогам я много и жадно бродил, / Я всё подмечал, я всё время бдил

дардмæ ~ дальновидный

~ цæст зоркий глаз; всевидящее око

● иуы цæстæй сæдæйы цæст ~дæр у — сто человек видят больше, чем один человек

● мæрдджыны цæст ~ у — в горе человек всё подмечает

уынаффæ — совет; наставление; решение, постановление; распоряжение

~ кæнын — решать, постановлять; отдавать распоряжение; советовать

● ~тæ кæнынмæ йæ ничи амбулдзæн — он мастер давать советы

Лæг зондæй ~ куы кæна, уæд нæдæр йæ дзырдтæ сафы, нæдæр йæ фæнд. *Секъа.* — Советуй с умом: и слова не пропадут впустую, и задуманное осуществится

~ хæссын — принимать, выносить решение

~ химæ райсын — взять в руки принятие решения

~(йы) хъуаг не стæм — мы не нуждаемся в советчиках

~й æмбырд — совещание

~йы бар — право голоса

хæдзары сæм ~йы бар никæмæ хауы — в семье ни у кого из них нет права голоса

~тæ нывæндын — замышлять что-л.; вынашивать планы

кæйдæр ~тæ хъуаг ма стæм? — нам что чужих советов не хватает?

æмбырды ~ — решение собрания

● æнæ ~ хæдзар – ривæддон — дом, где никто не распорядится, скоту для отдыха только сгодится

æнæууылд ~ — скоропалительное решение

зондджын ~ — разумный совет

● искæй ~йæ хæдзар хæлы — чужим умом свой дом не содержат

● искæйы ~тæ ныссуйтæ кæнын — расстраивать чьи-л. планы, решения

карст æмæ барст ~тæ — взвешенные, продуманные решения

● куы нæ дæ фæрсой, уæд ~ ма кæн — не оказывай услуг, о которых не просят

Нарты ~йы бон — день совета Нартов

● райсомы куыстæн ~ хъæуы — нужен совет на будущее

тæрхондоны ~ — решение суда

тызмæг рæстæг тызмæг ~тæ домы — суровое время требует суровых решений

Уый дæ хæдзары ~ нæу! — Это не твоего ума дело!

хи ~тæй цæрын — жить своим умом

Чызджытæй алчидæр йæ амонд ссардта æмæ сæхи ~тæ кæнынц. *Умар. Цард тындзы сæ размæ* — Дочери повыходили замуж и живут своей жизнью

Цы нын ~ кæны? — что он нам указывает?

– Куыд зæгъыс, Бон, исты бафтауинаг, йе аппаринаг ис нæ ~тæй? – Ницы. *Малиты В. Тæрхон* — – Что скажешь, Бон, есть, что убавить или добавить к нашим решениям? – Нечего

уынаффæгæнæг (*бир.* уынаффæгæнджытæ) — тот, кто принимает решение, постановление; советчик

● мæгуырæн иууылдæр – ~ — бедному человеку все дают советы

● уынаффæгæнджытæ цас къæддæр уой, уыйас куыст хуыздæр æмæ рæвдздæр цæуы — чем меньше советчиков, тем лучше и быстрее работа спорится

● хæдзары – дæлдзиныг, ныхасы – ~ — в своём доме голос не подаёт, на нихасе советы раздаёт

уынаффæдон — учреждение *(заведение)*

уынаффæйад — решение, постановление

уынаффæйон — совещательный

~ хъæлæс — совещательный голос

уынаффæхъуаг — нуждающийся в советах

~ не стæм — мы не нуждаемся в советчиках

уынæг — видевший

иу ~ нæ фæци — совершенно незаметно для всех

Лидзгæ ракодтай? Иу ~ дæ куыннæ фæци? – дисгæнгæ загътон æз. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* — – Ты сбежала? Как это тебя никто не заприметил? – удивлённо спросил я

уынæр — гул, шум

ænæ уæлдай ~æй — без лишнего шума

зæрдæйы къуырмагонд ~ — глухой сердечный шум

къахдзæфты ~ райхъуысти — раздался звук шагов

Мæ рæзты дыууæрдæм кæнынц Цопаны къуыдырон къæхтæ. Хъавгæ цыдæй, ænæ ~æй. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Мимо меня туда-сюда снуют ноги Цопана, похожие на чурбаки. Ступают осторожно, бесшумно

мæргъты ~ — птичий гомон

уынæргæнгæ — шумно

уынæргъын — 1. стон, вой; 2. стонать; выть

цæф арсау ~ — стонать как раненый зверь

уынæргъæгау — как бы со стоном

уынæрджын — шумный

уынæт — товарищ, друг; единомышленник

уынг — улица

● ~мæ равдисынмæ нæ бæззын — стыдно показаться на людях

Бакастæй йæм фау æрхæссæн нæй. ~мæ равдисынмæ бæззы. *Æхсарбег. Хæххон доны уынæр* — К её внешности не придерешься. Не стыдно на людях показаться

● ~тæ нæмын — праздно шататься; бесцельно бродить

~ты змæлд — уличное движение

адæмарæх ~ — людная улица

цæхгæрмæ ~ — перпендикулярная улица; поперечная улица

уынгæг (*бир.* уынгæджытæ) — 1. теснота; затруднение; затруднительное положение; 2. тесный; узкий; стеснённый; сдавленный

~ къаба — узкое платье

уынгæджы бахауын — оказаться в затруднительном положении

● уынгæджы лæг цы нæ кæны — в трудный момент человек на всё способен

● удæн йæ фидар уынгæджы бон рабæрæг вæййы — крепость духа в тяжёлых испытаниях проявляется

зæрдæ ~ кæнын — вызывать жалость; щемить душу
~ ран — тяжёлое положение
~ бон мыл акодта — это тяжелейший день для меня
Поэты ном – уынгæджы бон. / Тæрсын, зæххы æмуæз куы разына мæ рифтаг. *Æхсар*. — Поэта имя в трудный день. / Боюсь, не потяну я эту ношу

уынгæгад — узость
~ кæнын — быть тесноватым
Нæ мæгуыр сыхагыл уыд дзыхъхъынног цыргъфындз къалостæ. Æвæццæгæн ын ~ кодтой, æмæ сæ афтид тæнæг цъындатимæ скодта. *Максим. Æхсызгон улæфт* — На нашем бедном соседе были новёхонькие узконосые галоши. Наверное, они ему были маловаты, и он надел их поверх тонких носков

уынгæгæй — тесно
уынгæгдзинад — стеснение
уынгæгзæрдæйæ — жалостливо
уынгæджы кæнын — поставить в затруднительное положение
уынгæджы уæвын — быть в затруднительном положении
уынгæгбон, уынгæджы бон — чёрный день, несчастье, бедствие
уынгæггонд — стеснённый; угнетённый, закабалённый
уынгæгдзинад — теснота; стеснение, притеснение; *перен.* печаль; мука

уынгæгзæрдæйæ — с комком в горле
уынгфæзилæг — закоулок
уынд — вид, наружность, внешность, облик
● ~æй йæ æрдз фæхайджын кодта — природа наделила её красотой
~æй, кондæй, æгъдауæй никæмæй дæлдæр уæвын — не уступать никому ни в красоте, ни сложением, ни воспитанием
● нæ дзы ~ ис, нæ конд — *прост.* ни рожи, ни кожи; некрасивый / худой человек
● нæ уыди æмбал йæ ~æн — по красоте ей не было равных
æрдзон конд æмæ ~æн æмбал нæй — природную красоту ни с чем не сравнить
йæ ~ дæр мын тых кæны — видеть его не могу
йæ ~æй зæрдæ райы — её внешность радует глаз

уындæй — на вид, по облику
~ зонын — знать на вид

уындджын — видный, представительный; приятный, симпатичный; осанистый
~ лæг — видный мужчина

уындивд — видоизменение, метаморфоза; преобразование, превращение

уындхъуаг — непривлекательный
~ нæу — с внешностью у него всё в порядке

уындцух — некрасивый, невзрачный, неказистый
уынджыцæуæг (*бир.* уынджыцæуджытæ) — прохожий
уынинаг — подлежащий осмотру; то, что нужно осмотреть, увидеть

уынын видеть

фыны ~ видеть во сне

дардмæ ~ видеть на расстоянии; предвидеть

хорз ~ угощать

Гъе мæгуыр, куырм Бибо!.. / Гъе мæгуыр зæронд лæг!.. / Дæ бон дыл баталынг, / Де ’хсæв дыл бамыр ис: / Нал уыныс арвы цъæх, нал уыныс зæххы сау!. *Къубалты А. Æфхæрдты Хæсанæ* Эх, Бибо, бедный ты слепец, / Гъе, бедный ты старик! / Померк твой свет, / Ночь опустилась на тебя: / Не видишь, что небо синее, что земля чёрная

● уынгæ цас фæкодтай, зонгæ дæр уыйас кæндзынæ сколько увидишь, столько и узнаешь

● чидæр арсæн йæхи уыдта ’мæ ма йын йæ фæд агуырдта не видеть очевидного; *букв.* медведя самого видел, а всё следы его искал

уынынад способность воспринимать окружающее; видение

уыр булыжный камень, валун, галька, гравий, щебень; каменистое место

~ыл фæуадзын оставить ни с чем; лишить всего

О, бецау Майрæм, дæ сидзæрты мады фæстæ куы ахæлæф кодтай æмæ сæ ~ыл куы фæуагътай. *Умар. Уыцы бон касти хур* О, бедняга Майрам, почему ты поспешил за матерью своих сирот, как ты мог их оставить ни с чем

● кæсаджы ~мæ раппæрстой рыбу выбросили воды

Йæ бæхы сæфтджыты гуыпп цæуы, цæфхæдты бын дуртæ лыстæг ~æй ызгъæлынц æмæ фæйнæрдæм хауынц. *НК. 1* Слышится громкий стук копыт его коня, из-под его подков камни летят, во все стороны разлетаются

уыраугæ палящий

~ пиллон арт опаляющее пламя

~ хур палящее солнце

уырауын палить *(шерсть, щетину)*

уырг *анат.* почка

● ~тæ куысты рафтауын подорвать здоровье на работе

Æз мæ къæхтыл цæуынхъом куы фæдæн, уæдæй нырмæ сау куыстæй мæ ~тæ куы рафтыдтон. *Ашæх. Фыдæх* С тех пор, сколько себя помню, и до сих пор на тяжёлой работе здоровье своё надрывал

~ты дуртæ ныммур кæнын раздробить камни в почках

змæлгæ ~ *мед.* блуждающая почка

уыргæфтыд с блуждающей почкой; надорвавшийся

~ кæнын надрываться

~ фæуын надорваться

● ~ фæкæнын зверски, до полусмерти избить кого-л.; довести до изнеможения

Ехх, æвæдза, мæ бон ыл куы цæуид, уæд æй ~ фæкæнин. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* Эх, если бы я только мог, я бы до полусмерти оттянул его

уыргъуыйау 1. замешательство; 2. оторопелый, растерявшийся

~ кæнын теряться, приходить в смятение

уырд I ремиза *(в ткацком станке)*

уырд II *зоол.* выдра

● ~ы над фæкæнын избить до бесчувствия, до полусмерти

Хорз æфсин, дам, йæхæдæг æххормагæй баззайы, уый та къæбицы ~ы хуызæн сси. *Р. 24.07.2018* Хорошая хозяйка, говорят, сама голодной остаётся, а эту разнесло как кубышку, как складскую крысу

уырдæм туда

● раст ~ йæ фæндаг туда ему и дорога

уырдæндах нитки ремизки *(в ткацком станке)*

уырднад избитый до полусмерти

уырдыг (*бир.* уырдгуытæ) крутой склон, уклон, отвес; поезд; вертикальное положение

~ лæууын стоять прямо; обслуживать *(гостей за столом)*

Рувас ~ сыстад æмæ афтæ зæгъы: / – Мælæт ын ницы ‘фхæрд у ацы налатæн. *Секъа. Рувас æмæ уырд* Встала, вытянувшись, лиса и говорит: / – Смерть – недостаточное наказание этой нахалке

● зæхх ~ кæцырдæм у, дон дæр уыцырдæм кæлы вода всегда под уклон бежит

кæстæртæ хистæртæн ~ лæууынц младшие старшим прислуживают

поезд уырдыджы фæцæуы поезд идёт под уклон

сæрыхъуын ~ сбадти волосы на голове дыбом встали

Уый фæстæ нæ фæндагмæ куы ракастæн, уæд мæ сæрыхъуын ~ сбадти. *Умар. Дзæбидырдзуаны* Позже, когда я оглянулся на нашу дорогу, у меня волосы на голове дыбом встали

фæндаджы уырдгуытæ крутые дорожные склоны

Хæхбæсты фæндагыл фистæгæй дæр æмæ машинæйы дæр цæуын тæссаг, кæм ис хæрдтæ, кæм уырдгуытæ. *Р. 07.02.2003* По горным дорогам опасно и пешком ходить, да и на машине ездить, местами подъёмы, местами – крутые спуски

цины сахат ~ лæууы, зиантæн та йæ къахы фыдæбон дæтты на пиру прислуживать умеет, и в горе поможет, себя не пожалеет

цырагъау ~ лæууын стоять как свечка; очень стараться

уырдыгæй оттуда

Уæдæ бакувæм Хъобанмæ, / Ирон рæсугъд æгъдæуттæ / Нæм ~ куы цæуы. *Куывды зарæг* Давайте возблагодарим Кобан, / Красивые осетинские обычаи / Оттуда к нам идут

– Гъе ныр хорз цæр æмæ æгас цу, Къоста. Кæцæй фæдæ? – Раст кæцæй рацыдтæн, ~. *Арсен. Фыдбылыз* – Ну, а теперь, Коста, доброй тебе жизни и здравствуй! Откуда взялся? – Прямиком оттуда, откуда вышел

уырдыгæйты оттуда, из тех мест

уырдыгбар, уырдыгбарæн отвес, вертикальный склон

уырдыглæугæйæ в стоячем положении

уырдыглæууæг (*бир.* уырдыглæуджытæ), **уырдыгыстæг**
прислуживающий на пиру, за столом; кравчий; стоячий, стоящий

~ зианы фынгыл галиуæрдыгæй лæууы
этн. на поминках прислуживающий за столом располагается с левой стороны

уырдыгмæ
вниз; книзу

асинтыл ~ фæцæйцæуын
спускаться по лестнице

● дур хохæй ~ тулы
камень с горы вниз катится

● хæрдмæ цæуын кæм хъæуы, уым ~ цæуын дæр бахъæудзæн
где наверх взбираешься, там и вниз спускаешься

уырдыгон (*бир.* уырдыгæттæ)
тамошний

Зилгæйы кой куыннæ фехъуыстаиккат! ~ дæн æз. *Хæблиаты С. Æнамæ мын чи бадзурдзæн?*
Вы, конечно же, слышали о селе Зильги. Я из тех мест

уырдыгхаxx
перпендикуляр

уырдыгыстæг (*бир.* уырдыгыстджытæ), **уырдыглæууæг**
прислуживающий на пиру, за столом; кравчий

~ цины фынгыл лæууы хистæры рахиз-фарс
этн. за праздничным столом кравчий располагается справа от старшего

уырджын
каменистый

~ фæндаг
каменистая дорога

уырз
кончик пальца

~æй æвзарын
быть привередливым; разборчиво отбирать

– Мæнæ ма мæ фыды уæларт иу-ссæдз азы куы абадон, уæд. – Кæй аххос дын у? Лæппуты ~ æвзарыс. *Ашæх. Цард – фын фенæгау*
– Вот когда посижу ещё лет двадцать в отчем доме. – А кто тебе виноват? Ты так перебираешь женихов

~æй æвзарæгау
на ощупь

~æй æвзæрст
тщательно отобранный

~æй аныдзæвын
нащупать

~æй сгарын
ощупывать, прикасаясь кончиками пальцев; осязать

Уæрхæг сындæг равнæлдта æмæ йæ къухы ~тæй радыгай / Æрысгæрста лæппуты цонджы хъултæ. *НК.*
Уархаг потянулся и кончиками пальцев по очереди / Ощупал медленно косточки на руках у обоих юношей

Амонд нæй сгарæн ~æй. / Нæй йын, хуынд уазæгау, базонæн, / Фæлæ нæу амонд куырм зæй, / Райгуыры немæ уый фаззонау. *Дзаболаты Х. Амонд нæй сгарæн уырзæй*
Нельзя счастье ощупать руками, / Нельзя в гости его позвать, / Но счастье не слепо стоит рядом с нами, / Оно близнецом рождается с нами

Адджын ме ’взаг хаты, фæлмæн та – мæ ~. *(Рагон куырм лæджы ныхæстæ).*
Вкусное язык почувствует, мягкое пальцы нащупают (*в старину так говорили незрячие люди*)

Мад йæ хъæбулты рæвдауы. / Цухъатæ йæ ~тæй дауы, / Иуæй иннæмæ цæуы… *Гриш.*
Мать ласкает своих детей. / Черкески гладит руками, / От одной к другой переходя…

● ~тæ асдæрын — облизнуть пальчики; получить удовольствие от вкусной еды

Мæ мад тебæйы сало картофимæ бурфых куы акæны, уæд ма адæймаг дыккаг бон дæр йæ ~ асдæры. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Когда мать жарит картошку на сале, то и на другой день ещё пальчики оближешь

~ты бавнæлдæй — прикосновением пальцев; прикоснувшись

уырзацауæй — тщательно; наощупь

~ басгарын — тщательно осмотреть

Сыхы хистæр сылгоймæгтæ ~ басгæрстой чындзагтæ æмæ лæвæрттæ, тынг фæцыдысты сæ зæрдæмæ. *Ахуырбег. Æргаскы мæсыг* — Соседки старушки тщательно осмотрели приданое и подарки – они им очень понравились

уырзævнæлд — прикосновение

уырзæг — вещество

~ байсысти — вещество испарилось

~ батади — вещество расплавилось

уырзæн — осязание

уырзыдзаг — щепотка

иу ~ мацы ауæй кæнын — не продать ни крошки

уырнæг — верующий

~ адæм — верующие люди

уырнæн — 1. поверие; 2. убедительный

уырнæндзырд — заверение

уырнинаг (*бир.* уырнинæгтæ) — заслуживающий доверия, достоверный, правдоподобный

~ æвдисæн — достоверное свидетельство; убедительная улика

~ дзуапп — заслуживающий доверия ответ; убедительный ответ

~ радзырд — правдоподобный рассказ

уый æххæст ~ нæу — не следует безоговорочно верить этому

уый ницы ~ у — это совершенно неправдоподобно

уырнинагæй — убедительно

уырнинагдзинад — убедительность

уырнын — верить

~ кæнын — внушать; убеждать

дæ ныхæстæ мæ уырнынц — я верю твоим словам

зынæй ~ — с трудом верится

нæ мæ уырны — я не верю этому

фидарæй ~ — твердо верить

уырнынад — верование, религия, поверье

Заратустрæ та уыд, ирайнаг адæмты динон ~ чи ærбæстон, бабиноныг кодта, уыцы сыгъдæг уд. *Р. 28.01.2017* — Заратуштра был тем светлым человеком, который упорядочил религиозные верования иранских народов

уырнындзинад вера, уверенность, верование
~ кæронмæ ахæссын не предать веру; не отступить от веры
~ сæттын разуверить
динон ~ религиозная вера
дины ~ хæлиу кæнын распространять веру
уырс (*бир.* уырсытæ) жеребец
~ кæнын господствовать
~мæ цæуын идти на случку *(о кобыле)*
æнæдомд ~ытæ необъезженные жеребцы
æфсæн ~ железный жеребец
æфсæндзых ~ жеребец с железной пастью
хаст ~ откормленный жеребец
хи ~ыл баппарын вскочить на жеребца
уырсиуæг случка *(лошадей)*
~ кæнын господствовать; владычествовать
уыры крыса
● ~тау хуынчъыты абырын попрятаться как крысы в норах
● адæм – фæдисмæ, ~тæ – къæбицмæ все по тревоге несутся, а крысы в закрома суются
гæрæм ~ суслик
куырм ~ крот
къуда ~ хомяк
хъулон ~ хомяк
фæсчъылдым ~тæ тыловые крысы
● цæстытæ ~йыл дæр ис, фæлæ нæ уыны глаза и у крота есть, но не видит ими
уырыд 1. тревога, беспокойство; 2. тревожный, беспокойный
~ азтæ лихие годы
уырыдæй в состоянии беспокойства
● тыхст æмæ ~ цæрын жить в постоянных трудностях и тревогах
уырыдзарм крысиная шкура
~æй худ ондатровая шапка
уырыдзы морковь
уырынг зазубрина, насечка, нарезка; позвонок; пупырышек
буар ~тæ абадти мурашки по телу побежали
уырынгдзалх колесо с зазубринами, зубчатое колесо
уырынгтæгæнæг пронизывающий
~ цæстæнгас пронизывающий взгляд
уырындыхъ деревянная кровать
уырыс русские; россияне
уырыссаг (*бир.* уырыссæгтæ) *сущ. и прил.* русский
~ æвзаг русский язык
~ æвзагмæ раивын перевести на русский язык

~ адæм	русский народ
~ адæмон аргъау	русская народная сказка
~ арахъ	водка
Æвзаджы къуыхцытæ, ~-фæлдæхт хъуыдыйæдтæ. *Хуыгаты С. Фæндаджы цин æмæ зын*	Языковые ошибки, предложения на русский манер
уырыссагау	по-русски
уырыхсны	кружение
~ кæнын	кружиться
уысм	отрезок времени; период; мгновение, момент; выдержка
~ы бæрц дæр нæ	ни на миг
Рæстæг та æгъатыр у. ~ы бæрц дæр ын фæлæууыны амал нæй. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ*	Время беспощадно. Его не остановить ни на миг
аккаг ~	подходящее время
алы ~ дæр зынаргъ у	каждая минута дорога
● æвзæр ном райсынæн иу ~ дæр æгъгъæд	опозорить своё имя одного мгновения хватит
æрвыл ~	каждое мгновение
иу ~ дæр дызæрдыг нæ кæнын	без всяких колебаний
иу ~ сабыр алæугæйæ хъæбатырты ном ссарын	почтить память героев минутой молчания
иу ~мæ	через мгновение
Иу ~мæ ахæм хъæр фæцыди, æмæ йæ хъæрæй бæлæстæ ныттæстытæ сты, цад уылæнтæй сурмæ акалди. *НК. Нарты Æхсары кард*	Через мгновение раздался такой крик, от которого деревья погнулись, озеро на сушу волнами вылилось
иунæг ~ нæ рох кæнын	не забывать ни на мгновение
иунæг ~ æнцой нæ зонын	не иметь ни минуты покоя
рæстæгæй иу ~ дæр нæ сафын	не терять ни минуты времени
Рæстæг кæд ~æй нæ барстат... / Кæд нæ домдтат цардæй бирæ... *Дзаболаты Х. Нымайы сахат*	Если вы время не отмеряли мгновениями… / Если не требовали многого от жизни
тыхсты ~ы	в минуту отчаяния
Фæлæ уыцы ~ йæ хъуыдыйы æрмæстдæр уыд арты цæхæрæй сабиты ирвæзын кæнын. *Р.01. 09.2017*	Но в тот момент он думал только о спасении детей из огня
фæстаг ~ы онг	до последнего мгновения
царды алы ~	каждое мгновение жизни
цинаг ~	радостное мгновение
цыдæр ~	в какой-то момент
уысмæн	периодически, регулярно; часто
искæмæ ~ гæпп кæнын	регулярно проведывать, часто навещать
Фатъимæт дæр æмæ мæм йæ чызджытæ дæр ~ гæпп кодтой. *Æхсарбег. Куырды фырт*	И Фатимат, и её дочери часто меня навещали

уысмгай
по минутам

Цард у минутгай, ~, / Тагъддæр дзы бафæлвар алцы. *МД.4. 2007*
Жизнь состоит из мгновений и минут, / Быстрее всё испробуй

уысммæ
вмиг, в одно мгновение

иу ~ фездæхын
вернуться очень скоро

уысмон
мгновенный

уысхъæз
дерзкий, вызывающий

уытт-уыттгæнгæ, утт-уттгæнгæ: ~ лæппу
разг. парень что надо

– Нæ зонын, нæ зонын, исты дзы рауайа? – Уымæй раст ~ гуырд уыдзæн. *Лademыр. Мурту*
– Не знаю, не знаю, получится из него что-нибудь? – Ей богу, из него получится парень, что надо

уыттыр
болт; чека

● цард мæ ~ы хуынчъы ауайын кодта
жизнь пропустила меня через жернова

уытъырн
червь *(водяной)*

уыхеры, ухеры
испытание, страдание, мучение

~ кæнын
мучиться, страдать

Йæ мой ахæстоны куы уыдис, уæд хæдзары ~ йе ‘ккоймæ æрхауди. *Æхсарбег. Куырды фырт*
Когда муж был в тюрьме, вся тяжесть работы по дому легла на её плечи

~ фæкæнын
пройти тяжкие испытания

уыхерыгæнæг (*бир.* уыхерыгæнджытæ)
мученик, страдалец

уыхерыйаг *(бир.* уыхерыйæгтæ)
1. страдалец; 2. несчастный

уыци-уыци
загадка

~ кæнын
загадывать загадки

Цы дзуурыс, уый æргом æмæ бæлвырдæй зæгъ, æндæр дын уыдон цавæр ~ сты? *Лademыр. Тъæпæнсæр обау*
То, что говоришь, излагай открыто и точно, а то к чему эти загадки?

~тæй дзурын
говорить загадками

Цыма мын ~тæй дзурыс, ме ‘фсымæр. Стæ-ма, Батрадз, ма мæ тæрсын кæн. *Ашæх. Цард – фын фенæгау*
Как будто ты мне загадки загадываешь. Подожди-ка, Батрадз, не пугай меня

~тæ равзарын
разгадывать загадки

Дæ ныхас куы фæбæлвырд кæнис. ~тæ нæ уарзын. *Æхсарбег. Хæххон доны уынæр*
Говори яснее. Не выношу загадки

уыциу, уыцыиу
сразу; одним разом; зараз; одним махом; в один присест

~ зыввытт нылласын
зашвырнуть одним махом

~ рæстæджы
в это же самое время; одновременно

~ тъæбæртт акæнын
немедленно помчаться

~ ныхъуырд акæнын
проглотить разом

Домбæйтты-иу сæ сæртыл авæрдтой уыцы læппутæ, æмæ-иу сæрсæфæн къæдзæхты сæрты ~ сæррæтт акодтой. *НК.1*
Эти юноши взвалят, бывало, на себя львов и начинали перепрыгивать одним махом через гибельные скалы

~ цæфæй — одним махом, с одного удара, наотмашь

уыцы — тот, то, та

~ бонæй нырмæ — с того самого дня

~ хатт — в тот раз, тогда

~ хæдзар ацы аз самадтой — тот дом построили в этом году

уыцыиухуызон — однообразно; в одной и той же манере

уыцырдæм — туда, в ту сторону, в том направлении

● адæм кæцырдæм аздæхой, ~ атондзысты — куда все пойдут, туда и дойдут

● адæм кæцырдæм симой, ды дæр ~ сим — куда люди, туда и ты; *букв.* куда люди в симде двигаются, туда и ты танцуй

● бæрзæй чердæм зила, сæр дæр ~ — куда шея повернет, туда же и голова

● фæндагыл де ‘ргом чердæм радтай, ~ фæхæццæ уыдзынæ — в пути куда смотреть будешь, туда и дойдёшь

● хур кæцырдыгæй тавы, адæймаг йæ цæсгом ~ дары — откуда солнце греет, туда и человек поворачивается

уыцырдыгæй — оттуда, с той стороны

● фылдæр адæм кæцырдыгæй уой, тых дæр ~ ис — где больше людей, та сторона и сильней

● топпаразæг сампал, чердыгæй йæ фæнда, ~ аразы — своя рука – владыка; *букв.* кто ружьё делает, сам решает, с какой стороны шомпол должен быть

уыцырдыгон — тамошний

– Кæцон дæ? – Мæ ус кæцон у, ~! — – Ты из каковских? – Из каких моя жена и я из таковских!

уыцыхуызы — таким образом

Ф

фабрикæ фабрика
~йы маркæ фабричная марка
хуыйæн ~ швейная фабрика
фабрикон фабричный
фабулæ *лит.* фабула
фаг 1. достаточный; 2. достаточно, вдоволь; порядком
~ æмæ уæлдай более, чем достаточно
~ кæнын (уæвын) хватать, быть достаточным
Йæ удхæссæг дзы уыдта Мælсæг: иннæтæн ~ чи уыд, уый уымæн ~ нæ кодта. *Максим. Хæххон барæг* Малсаг его ненавидел, то, чего другим хватало, ему никогда не было достаточным
~ аргъ кæнын оценивать по достоинству, должным образом
æхца нæ ~ кæны денег не хватает
Мах бирæ бонты ~ нал стæм, куы нæ иу фæхъæуы, куы иннæ. *Хæблиаты С. Ænамæ мын чи бадзурдзæн* Нас надолго не хватит, то один выбывает, то другой
Мах ~ рæвдыд царды нæ зыдтам, / Нæ хæлæрттæ – маст æмæ хъыг. *Гаджиты Г. Мæ фæлтæр* Мы не были вдоволь обласканы жизнью, / Друзья наши – горе и обида
~ фæуæд довольно; этого достаточно
~ фæуæд, нæ дыууæ дæр æвæрæз, æвадат царды кæй байрæзстыстæм довольно того, что мы оба выросли в тяжёлых, стеснённых условиях
~ хойраг достаточное количество продуктов
~ хъыг дзы стæн он мне порядком надоел
~æй фылдæр ~ больше, чем нужно; хоть пруд пруди
уыдæттыл ныхас ~æй фылдæр фæцыд об этом разговоров было более, чем достаточно
алкæй ~ всем вдоволь; хватит каждому
О, гыцци кæд уыдзæн? / Райс-ма, цæй, дæ аг!.. / Абадут!.. Фæуыдзæн / Алкæй дæр йæ ~. *Къоста. Сидзæргæс* О, Гыцци, когда же будет? / Ну, сними же свой котелок! / Посидите!.. Достанется / Каждому из вас вдоволь
бирæйы ~ нæу он долго не протянет
● зæрдæйы ~ ницæмæй ис человеку свойственно желать ещё и ещё
● иннæтæн ~ цы у, уый дæуæн дæр ~ уæд довольствуйся тем, чем довольствуются другие
● иуы куы хонай, уæд къорды ~ ысцæттæ кæн хоть одного в гости звать, а еды на стол надо много класть
кусæнуаттæ ~ нæ кæнынц не хватает рабочих мест
къæбæры ~ æхца денег только на хлеб
уый дæр дын ~ нæу этого ещё тебе мало

цы дын нæ ~ кæны? — от добра добра не ищут; чего тебе (ещё) надо?

цыдæр нæ ~ кæны — чего-то не хватает; что-то не так

Ædзухдæр-иу æмбæрстон, мæ разы нæ дæ, зæгъгæ, уæд мын цыдæр нæ ~ кæны. *Умар. Большевиччытæ* — Я всегда понимал, когда тебя нет рядом, мне не по себе

фагæфсæст — насыщенный; обеспеченный

фад — нога, стопа, ступня

● йæ сæр, йæ ~ нал æмбары — ничего не соображает

Суанг ма хъазæн митæ дæр акæны, фæлæ йын кæйдæр арахъхъ куы нæ батайы, уæд йæ сæр, йæ ~ нал фембары. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — Он и пошутить может. Но если ему чужая арака впрок не пойдёт, то совсем соображать перестаёт

● йæ сæр йæ ~ ысси — голова пошла кругом

фадат (*бир.* фадæттæ) — 1. условие, обстоятельство, средство; возможность, случай 2. удобный; богатый возможностями

~ дæттын — благоприятствовать; создавать условия

æнæ ~æй баззайын — остаться без средств к существованию

~ у аразæг, рæстæг у хосгæнæг, чи ныдздзæгъæлтæ, уыцы рæстудтæн. *Мæрзойты С. Дзæбуг æмæ хъæсдарæг* — Возможности помогают, время лекарь для заблудших праведных душ

● замманай ~ дын фæци — тебе представилась замечательная возможность

йæ ~ куыд амоны уымæгæсгæ — как позволяют его средства

● йæ фадæттæ, йæ гæнæнтæ амонынц — *разг.* у неё большие возможности

зын ~ — труднодоступный

куыддæр ~ фæзына — при первой же возможности

къуындæг фадæттæ — стеснённые возможности / обстоятельства

маст исыны ~ — возможность отомстить

– Хорз Уырызмæг! Æнæсаст бæстæ ма дын кæм баззади? – Сау денджызыл ацæуыны ~æн ницы ссардтон, æмæ ма мын уый тыххæй Терк æмæ Турчы бæстæ æнæсаст баззадысты. *НК.* — – Урызмаг! Есть земли, которые ты не подчинил? – Не смог я через Чёрное море перебраться, потому земля Терк-Турков осталась незавоёванной

уæрæхдæр фадæттæ — более широкие возможности

Куы сиу уой, уæд сын æргом пайда у: сæ фадæттæ æмæ сæ мадзæлттæ фæуæрæхдæр уыдзысты. *Дæбе. Минæвæрттæ* — Если они объединятся, то они явно выиграют: у них будет больше возможностей и средств

фадæттæ сегас рагхыгъд бакæнын — предусмотреть все возможности

хуыздæр ~ фæзыныны онг — до лучших обстоятельств

цыбыр фадæттæ — ограниченные возможности

фадатджын — имеющий возможности, условия

~ ран — удобное место

~ ран ской кодта чызгæн йæ хабæрттæ. *Цоцко. Æлдары чызг* — В нужном месте ввернул слова про историю девушки

фадатон — *грам.* обстоятельственный

~ дзырдтæ — обстоятельственные слова

фадæг I пильщик

фадæг II высыпающий *(о сыпи)*

~ау кæнын высыпать *(о сыпи)*

~ низ оспа, сыпь

фадгæ: ~ тиф *мед.* сыпной тиф

фаддзу ход шагом

фаддзуйæ шагом

фадниз *вет.* ящур

фадхос мягкое сено, которое кладут в горскую обувь

фадхъул щиколотка, лодыжка

Изæр мит ~мæ ныууарыд Ночью снег выпал по щиколотку

фадыварц, фадыфарц обувь; походка

● ~ иухуызон кæнын шагать в ногу

Уыдон-иу сæхи хæстæгдæр дардтой Сафиатмæ, сæ ~ иухуызон куыд уайæ, ууыл архайгæйæ. *Сæбæтхъуаты Р. Æмхъæуккæгтæ* Они держадись поближе к Сафиат, стараясь шагать в ногу

● ~ фехалын изменить образ жизни

● йæ ~ нæ аивта отставать от жизни, не идти в ногу со временем

Ницы сдзырдта сауджын. Цæмæй ма йæ бафарстаид, йæ ~æй бæрæг уыд йæ бацы хъуыддаг Бестолæн. *Мæрзойты С. Дзæбуг æмæ хъæсдарæг* Ничего не сказал священник. Чего было спрашивать, по виду Бестола про его поездку и так всё было понятно

Йæ сынтæгмæ бацыд фидар къахцæфтæй, æмæ йыл æд худ, æд пъалто, æд ~ уæлгоммæ йæхи ауагъта. *Нигер. Маст алчидæр æййафы* Уверенными шагами подошёл к кровати и завалился как был в шапке, в пальто, в обуви

фадыг I (*бир.* фадгуытæ) штанина

● карк йæ фадгуытæ дæр не стулдзæн неглубоко, там курица лап не замочит; воробью по колено

Уым Терк бынтон тæнæг у, карк йæ фадгуытæ дæр не стулдзæн. *Гусалты Б. Тугдар æмæ тугагур* Терек там совсем мелководен, курица лап не замочит

фадыг II область, отрасль

архайды ~ сфера деятельности

фадын I расщеплять; колоть, раскалывать; пилить; рассекать

хырхæй ~ распиливать пилой

● хъæд йæ цъуппæй ~ хъæуы обо всём по порядку; *букв.* доску надо расщеплять сверху вниз

фадын II покрываться сыпью

фадынæг *мед.* корь

фадынæджы ныхмæ дзуар æфтауын делать прививку против кори

фадыстæг (*бир.* фадыстджытæ) *анат.* плюсна

фадыфарц, фадыварц обувь; походка

фаджыс навоз; отбросы; грязь

~ калын кидать навоз; обливать грязью

~ куф, рагъ! Дрянь! Никчемность!

~тыл зилын питаться отбросами

Халон бауад гæпп-гæпгæнгæ, Созырыхъо йæ бакъуырдта йæ къахæй æмæ загъта: – Ацу, фыдуынд, æмæ ~тыл зил. Дæ цæрæнбонты æгад у адæмæн! *Нарты Созырыхъо* Подпрыгивая, ворон к нему приблизился, отшвырнул его ногой Созырыко и говорит: – Убирайся, уродина, питайся отбросами. Будь ненавистен людям вовек!

~ы дзыхъхъ навозная яма

● ~ы къæритыл зилын копаться в навозной куче, опуститься

Кæд Шольц уымæ ‘рхауд, уæд йæ раны ис, уæд, æвæццæгæн, тагъд ~ы къæритыл зилын райдайдзæн. *Мæрзойты С. Къæхтысæр* Если Шольц до этого дошёл, значит, его дела плохи, наверное, скоро он в навозе копаться начнёт

~ы хъæндил *зоол.* навозный жук

● ~ хъæндилæн – йæ къæбиц навоз жуку кормушка

● дæ ~ мын фенын кæн, æмæ дын дæ хорæрцыд зæгъон посмотрю, как ты унавозил землю, и скажу, какой урожай тебя ждёт

● искæй ~тæ хафын *прост.* убирать, делать чёрную работу, прислуживать

Æдылы, сæрхъæн, ам искæйы ~тæ хаф уæдæ, фæлæ дæ куы рантъæрой, уæддиу мын дæхи мауал фенын кæн. *Умар. Уыцы бон касти хур* Дура, сумасбродка, убирай тут за ними, но когда тебя выгонят, мне на глаза больше не показывайся

лæхъир ~ жидкий навоз

фосы ~ навоз

● сау ~æй – хæмпус дзул чтоб пышный хлеб получить, надо зерно в чёрнозём положить

● сау сыджыт æнæ ~æй дæр бæззы чернозём можно не удобрять

фаджысгонд унавоженный

фаджысдон место хранения навоза

фаджысджын: ~ хуым унавоженное поле; навозный

● ~ хуым – хорæрзад унавоженное поле даст хороший урожай

фаджыскалæн свалка, навозная куча

фаджысхъацæн навозное удобрение

фаз I ягодица, ляжка

фаз II трещина

къулы ~ трещина в стене

фазæ фаза

фазвистон рукоятка ножа, состоящая из двух складывающихся частей

Фаззæттæ *астр.* созвездие Близнецы

фаззон (*бир.* фаззæттæ) близнец

~ æфсымæр брат-близнец

Цыбыр дзырдæй, курдиат æмæ удуæлдай фæллой ~ æфсымæртæ сты. *Ахуырбег. Хуры зарæг* — Одним словом, талант и самоотверженный труд неразлучные близнецы-братья

● фаззæттæ дæр ма кæрæдзийы халдих куы нæ вæййынц — и близнецы бывают непохожими

фаздзарм — шкура, кожа (*ягодичной части*)

~ыл бырын — пресмыкаться, угодничать, угождать

фазт — распиленный

~ хъæдæрмæг — пиломатериалы

фазтаг — *ист.* плаха

~ суг — расколотые, распиленные дрова

фазыл — ползком

~ бырын — ползать; с трудом передвигаться

~ бырынхъом уæвын — с трудом передвигаться; ползать на брюхе

файл — файл, дело, досье

файнуст (*бир.* файнустытæ) — жена деверя, ятровь

файнустытæ — жёны братьев по отношению друг к другу

файтон (*бир.* файтæттæ) — *уст.* фаэтон

факс — система связи посредством электронной передачи текстов

факт (*бир.* факттæ, фактытæ) — факт

~тæ галиу кæнын — искажать факты

~ты бындурыл лæууын — базироваться на фактах

Йæ биографийы цы нæ уыдис, ахæм хабæрттæ дæр ыл-иу æрымысыдысты, искæцы ~ ныффидар кæнынæн фаг æвдисæнтæ нæ вæййы. *Æхсар. Токаты Алихан* — Ему приписывались события, которых не было в его биографии, некоторые факты не находят достаточного подтверждения

фактон — фактический

фактор — фактор

иудадзыг архайæг ~тæ — постоянно действующие факторы

фактори — фактория

фактурæ — *торг.* фактура

факультативон — факультативный, необязательный

факультет — факультет

историон ~ — исторический факультет

цæттæкæнынады ~ — подготовительный факультет

фалангæ — фаланга

фалæ, фалæрдæм — по ту сторону, за; на ту сторону

фæлæгъздæр кæнын — сгладить; выровнять

Дыууæ бинонты цард ноджы ~ ис, кæрæдзиуыл сæнувыддæр сты. *Умар. Стъалы куы скæса* — Две семьи ещё больше притёрлись, ещё теснее привязались друг к другу

фалæрдыгæй — с той стороны, на той стороне

фалæрдыгон — тамошний, нездешний

фалæты — по той стороне, с той стороны

фалæуæз далеко туда

фалгæр около

Мах арæнмæ хæстæг уæд / Уыд ыстыр сахар. Йæ фæд / Нал ис зæххыл бынтон, / Нал гуыры йæ ~ дон. *Дауырæ. Доназар* Тогда недалеко от нашей границы / Большой город был. Ни следа / Не осталось от него, / Ушла из этого места вода

фалгæрон окружность, место вокруг чего-л.; края жёрнова

~ кæнын *перен.* громить

знаджы ~ кæнын громить врага

мæ ~ дæр ма ауай не приближайся ко мне

фалдæр дальше *(где-то)*

~ бабадын передвинуться, подвинуться *(о сидящих)*

фалдзус 1. окрестность; 2. вокруг, около;

Тæрсын дзы байдыдтой адæм, йе ~мæ ничиуал цыд. *Æгъниан. МД. 3. 2007.* Начали люди её страшиться, обходить стороной

фале по ту сторону, с той стороны

~ кæнын переводить, переправлять *(на другую сторону)*

– Ахæм уæздан кæд дæ, уæд дæ дуары ~ фæрсын хъуыд. Ды та рæбыноз æрбацыдтæ æмæ мæ афтæмæй хатыр курыс. *Умар. Стъалы куы скæса* – Раз уж ты такой воспитанный, то надо было спрашивать, пока ты ещё за дверью был. А ты уже ввалился, а теперь извиняться вздумал

Куыддæр хиды ~ фæци, афтæ йæ хъус ацахста Чермены зарæг. *Ашæх. Нæ фæлтæры фæндæгтæ* Как только он оказался по ту сторону моста, его слух уловил песню о Чермене

фалеты *кæс* **фалæты**

фалер, балер форель

фалиау далеко

фаллаг противоположный, другой

~ фарс противоположная сторона; другой берег; тот, кто находится по ту сторону

фальсификаци фальсификация

~ кæнын фальсифицировать

фальсификацигæнæг (*бир.* фальсификацигæнджытæ) фальсификатор

истори ~ фальсификаторы истории

фальшивкæ фальшивка

фанар фонарь

электрон ~ электрический фонарь

фанатикон фанатичный

фанел *текст.* фланель

фанерæ фанера

фанка *прост.* большой, широкий, неуклюжий

фантази фантазия

фантан фонтан

фантастикæ фантастика

фантастикон фантастический

фараон
Уый басгæрста стыр ~ты ингæнтæ, / Кæмæн-иу сæ сæнттæ Стикс кодта дæлдон. *Цæрукъаты А. Философ, поэт дæр*

фараон
Разведал погребения великих фараонов, / Чьи помыслы воды Стикса смыли, унесли

фараст
девять

фарастаздзыд, фарастазыккон
девятилетний

фарастсæдæ
девятьсот

фарасттигъон
девятиугольный

фарастфондзыссæдзы
девятьсот

фарæстæймæг, фарæстæм
девятый

фарин
клин *(в платье)*

фæрисæй *кæс* **цæстмæхъус**

фарк (*бир.* фæрчытæ)
лопасть; часть, осколок, кусок

Дзерассæйæн фаты æрттигъ ахызтис йæ зæрдæйы, атыдта дзы гæппæл æмæ йæ игæрæй та ~. *НК.*
Трёхгранный наконечник стрелы вошёл Дзерассе в сердце и оторвал от него частичку и от печени кусочек

● фарчы хай тонын
урвать для себя кусочек

Йæ фарчы хай тыдта алы ранæй дæр, æмæ куыд не ‘мбæлы афтæ схъæздыг и. *Изæтбег. Æндæрг*
Отовсюду он урывал что-нибудь для себя и разбогател невероятно

– Лæг хъуамæ йæ фарчы хай ма ныууадза. – Дæ хорзæхæй, Стъалбег, цавæр уæлдай фарчы хай ма дæм хауы? *Таго. Ныхасы къуыбылой*
– Свою долю нельзя оставлять. – Побойся Бога, Сталбек, какая тебе ещё дополнительная доля нужна?

● фæрчытæ хауын
разрываться на части; раскалываться на куски

● зæрдæ фæрчытæ хауы
сердце разрывается на части

Мæ зæрдæ байдзаг уыдзæн мастæй æмæ æцæг фæрчытæ уый фæуыдзæн. *Ахуырбег. Хуры зарæг*
Сердце моё наполнится горем, и вот оно-то и разорвётся на части

● уый та куыройæн йæ кæцы ~ у?
какое это имеет отношение? он какое колесо в телеге? какая лопасть мельницы?

фаркгай, фæркгай
частями, долями, по кускам

фармакологи
фармакология

фармацевт
фармацевт

фарн
мир, спокойствие; обилие; счастье; блага жизни; благость, благоденствие, благодать, заслуга

~ ам уæд!
Пусть будет здесь изобилие!

~ ацы хæдзары!
мир и благополучие этому дому!

~ дæм бадзурæд, фæлæ…
извини, пожалуйста, но…

~ дæр ~ кæмæ ис уымæ цæуы. *Шамил*
Счастье счастливого находит

~ дыл бандзæвæд
пусть снизойдёт на тебя благодать

~ сасир æмæ арынгæй цæуы
изобилие в доме от хозяйки исходит

~ уæ бадты
изобилия вашему столу

~ уæ бадты! – загътой зæрæдтæ æмæ сæ сбадын кодтой
Изобилия вашему столу! – сказали старейшие и усадили их за стол

● ~ы комулæфт æм нæ хæццæ кæны — его не коснулась благость

~ы комулæфт кæмæ нæ хæццæ кæна, уымæ нæдæр æгъдау, нæдæр æфсарм хæццæ кæны. *Хозиты Б. Р. 14.02.2019* — Кому не достаёт благости, тому неведомы порядочность и деликатность

адæмы ~ бирæ у — люди могут всё

● бон цæуы æмæ йемæ ~ хæссы — *библ.* будет день, будет пища

● ~ы дзурæгæн ~ хъусæг хъæуы — чтоб благопожелания сбылись, их надо слушать с верой

● ~ы къах æрбавæр — пусть твой приход принесёт счастье

~ы лæг — благостный, высоконравственный человек

~ы сахат — в добрый час

● æхсæвы ~æй боны ~ хуыздæр — утро вечера мудренее

дæ ~ фынæй уæд — прошу прощения

Мæ къай дын арфæ кæны æмæ бæллы, рæхджы искæимæ куыд бакъай кæнай, уымæ, дæ ~ фынæй уæд. *Елбыздыхъо. Фыстæг Цоцкомæ* — Моя супруга передаёт тебе благодарность и выражает надежду, что вскоре ты найдёшь свою половину, если позволено сказать так

кæстæртæ дын дæ ~ рæсугъдæй хæссæнт — пусть младшие пронесут твоё наследие с честью

уæ ~ бирæ уæд! — Пусть преумножается ваше благополучие!

Фæлæ ~ диссаг у, – адæймаджы куы рæвдауа, уæдæй йæхæдæг ссардзæн. *Ахуырбег. Хуры зарæг* — Благополучие – удивительное дело, если захочет, само найдёт человека

фыды ~ мæрдтæм нæ хастæуы — созданное предками остаётся потомкам

Фыды ~ мæрдтæм нæ цæуы, зæгъгæ, мæнгæн нæ акæнынц. Йæ фыд дæр æхсæнады хъуыддæгтыл афтæ уыдис. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Не зря говорят, мол, блага, созданные предками, остаются. Его отец, бедняга, тоже так болел за общественные дела

фыды ~ыл ~ æфтауæг фырттæ — сыновья, преумножающие доставшееся в наследство благоденствие

Иннæ æртæ фырты та сæ фыды ~æй хайджын сты. *Хацырты С. Хæхты фæдисон* — А другие три сына обладают достоинствами своего отца

хистæрты ~ баныгæнын — забыть, презреть благодеяния старших

Хуымæтæджы нæ бакæнынц, адæмы ~æй къæдзæх дæр ныннæры, зæгъгæ. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Не зря говорят, когда народ счастлив, и скала может загромыхать

фарнтауæг (*бир.* фарнтауджытæ) — тот, кто несёт мир, обилие, счастье

фарнхæссæг (*бир.* фарнхæсджытæ) — тот, кто несёт мир, обилие, счастье

● хорз уазæг ~ у — с хорошим гостем в дом благополучие приходит

фарон — прошлый год; в прошлом году

фароны, фароныккон — прошлогодний

~ хорз ацы азæн дæр æххуыс у — добрые дела в прошлом не остаются

фарс (*бир.* фæрстæ) — бок, сторона; страница; стена; берег

● ~ æвæрын — ставить знак равенства; считать равноценными, одинаковыми

● ~ кæнын (ласын) — поддерживать *(чью-л. сторону, напр. в споре)*

● ~ кæрдæгыл ахафын — стать зрелым; дозреть

~ уæвын — быть сторонником, приверженцем

~ хæцын — поддерживать, заступаться, защищать

Йæ ~ æгæр хæцыс, нана, – Зæлинæмæ амоны баба. – Афтæмæй фехалынæн бирæ нæ хъæуы. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — – Ты уж слишком за неё заступаешься, мать, – кивает на Залину отец. – Так и испортиться недолго

~æй ратонын — урвать

Тынг хорз зыдта Басилы – сомы аргъ дын исты хорз ракодта, фондз сомы аргъ та дын дæ ~æй ратондзæн. *Бицъоты Г. Зæды зæрдæ* — Он Басила хорошо знал – на рубль хорошее сделает, на пять рублей себе урвёт

● ~æй фæуын — выйти боком

Дæ ~æй тæнæгæй фæуæнт — Пусть они выйдут тебе боком

– Гæбийы læварыл цыма йæ цин фегæр. – Æгæр цин та ~æй фæвæйы. *Бицъоты Г. Лæджы бынат* — – Как-то слишком сильно она обрадовалась подарку Габи. – Слишком большая радость всегда боком выходит

● ~ыл хæцын — идти впрок, на пользу

Хæрын, фæлæ æнæбары, æмæ дзы мæ ~ыл ницы бахæцдзæн. *Лademыр. Сихорафон* — Ем, но не по собственному хотению, и впрок мне еда не пойдёт

Бестолæн йæ хæрд æмæ нозт йæ ~ыл на бахæцыдысты. *Мæрзойты С. Дзæбуг æмæ хъæсдарæг* — Бестолу съеденное и выпитое впрок не пошло

● сусæг минас ~ыл нæ хæцы — съеденное украдкой впрок не пойдёт

● искæй ~ лæууын — стоять на чьей-л. стороне, поддерживать

Сыхаг куыйтæй йæ ~ ничи фæци. *Максим. Райсомы мигъ* — Другие собаки в округе этого пса не поддержали

ацы ~ — эта сторона

дæллаг ~ — нижняя сторона

Нæ хистæр æнæнизæй бирæ цæрæд! / Йæ кæстæртæ мæнæ йæ дæллаг ~ бадæм, / Йæ фæлмæн ныхасæй ысбуц вæййынц адæм. *Дæуыт. Кæстæрты номæй* — Пусть наш старший в здравии долго живет! / Мы, младшие его сидим пониже его за столом, / От его добрых слов людям приятно становится

иу ~æй иннæ ~мæ — с боку на бок

иу ~мæ — набок

иу ~мæ фаст дзыккутæ — зачёсанные набок волосы

мах ~ — на нашей стороне; за нас

Рæстдзинад у мах ~, æмæ, / Уæлахиз дæр мах ~ уыдзæнис! *Кочысаты М. Адæмы маст* — Правда на нашей стороне и / Победа тоже будет за нами

Мæ фæрстæ дын айхалой — да стану я жертвой твоей

фаллаг ~ыл — на той стороне; на другой стороне

фæрстæ фæйнæрдæм тонынц — распирает (*от гнева, ярости*)

фарсæрбалæууæг (*бир.* фарсæрбалæуджытæ) — сторонник, последователь, приверженец

фарсдар, фарсдарæг сторонник; союзник; защитник
фарсдзурæг защитник; заступник
фарсласæг пристрастный
~ цæстæнгас пристрастное отношение
фарсласæн пристрастие, пристрастное отношение
фарслæууæг (*бир.* фарслæуджытæ) 1. сторонник, последователь, приверженец; 2. пристрастный, необъективный

фарсмæ *в знач. послелога* около, рядом, возле, у
арты ~ лæууын стоять у костра
искæй ~ цæуын идти рядом с кем-л.
Ды карз тохты алкæд мæ фарсмæ цыдтæ, / Мæ зæрдæйæ нæмгуытæ здæхтай. *Максим. Цырагъдар* В суровом бою ты всегда шла рядом, / От сердца сына пули отводя

фарсон боковой
алыхуызон ~ разносторонний, с разными гранями
алыхуызон ~ æртæкъуымон *мат.* разносторонний треугольник
фарсрахæцæг (*бир.* фарсрахæсджытæ) защитник; заступник
фарст (*бир.* фарстытæ)**, фарста** (*бир.* фарстатæ) вопрос; запрос
~ æнæ дзуаппæй ныууадзын оставить вопрос без ответа
~ бахæссын внести запрос
~ цæхгæр æвæрын ставить вопрос ребром; спрашивать о чём-л. напрямик
● ~атæ йыл ныккалдтой его засыпали вопросами
● ~атæ лыг кæнын решать вопросы
~æн ~æй дзуапп дæттын отвечать вопросом на вопрос
~æн ~æй дзуапп чи дæтты, уый у æмбæхст зæрдæ, хиуарзон æмæ æнæууæнк адæймаг. *Р.19.11. 2016* Тот, кто привык отвечать вопросом на вопрос, скрытный, себялюбивый и ненадёжный человек
~ы нысан *грам.* вопросительный знак
~ытæ æмæ дзуæппытæ вопросы и ответы
амонæн ~ наводящий вопрос
æмбырды ~ æрæвæрын поставить вопрос на собрании
● æррайы ~æн дзуапп нæй на дурацкий вопрос ответов не бывает
национ ~ национальный вопрос
радон ~ очередной вопрос
райхæлинаг ~ назревшая проблема
судзæггаг ~ злободневный, больной вопрос; трудная проблема
цавæр ~атæ ма ис боны фæткы? какие ещё вопросы стоят в сегодняшней повестке?
цæрæнуаты ~ жилищный вопрос
фарставæрæг задающий вопрос; интервьюер, корреспондент

фарстон вопросительный

~ хъуыдыйад — *грам.* вопросительное предложение
фарстуат — вопросник
фарсункæ — *тех.* форсунка
фарсхæцæг (*бир.* фарсхæцджытæ) — сторонник; защитник; болельщик
сабырдзинады ~ — сторонник мира
фарсхæцджытимæ фембæлд — встреча со сторонниками; с болельщиками
Хорз фарсхæцджытæ дын фæцис, дæ бонæй уай. — Хорошо тебе, верные защитники у тебя появились
фарсылæвзаг — *анат.* селезёнка
Оххх, дæ ныхæстæй мæ ~ саухъулон ссис! *Ладемыр. Нæ туджы ис* — Оххх, от твоих разговоров у меня аж внутренности пятнами пошли
фарсылдарæн — носимый на боку; поясной
~ кард — поясной нож
фарсытænæг — селезёнка
~ бакъуырын — ударить под дых
фарфор — фарфор
~ къус — фарфоровая чашка
фарфорон — фарфоровый
фасад — *арх.* фасад
фасон — фасон
фаст I — 1. трещина; 2. распиленный
къулы ~ — трещина в стене
фаст II — сыпь; расчёс
буары ~ — сыпь на теле
фаст III — 1. причёска; 2. причёсанный
фасын — причёсывать; гладить, приглаживать
фат — стрела; шомпол
~ æхсын — пустить стрелу
~ æхст æрцыд æмæ йæм ænхъæлмæ кæс, кæнæ саг амардзæн, кæнæ уызын. *Азæмæт. Годжиты Пойдæ* — Стрела выпущена, и поди узнай, то ли она оленя убьёт, то ли в ёжика попадёт
● ~ дзы нæ хизы, кард æй нæ кæрды — стрела не разит, нож не режет; в воде не тонет, в огне не горит
~ йæ нысаныл сæмбæлд — цель достигнута; стрела попала в цель
~ суадзын — пустить стрелу
~ фатдоны бафснайын — положить стрелу в колчан
~ау æмраст нæу царды фæндаг — дорога жизни – не прямая стрела
● ~ау тæхын — лететь стрелой (очень быстро)
Фæлæ цыфæнды куы фæдзурай, уæддæр Берды бæх мæн хохы – цæргæсау, быдыры – ~ау хæсдзæн. *Елбыздыхъо. Худинаджы бæсты – мæлæт* — Но говори сколько угодно, а конь Берда будет подо мной орлом в горах летать, стрелой в поле мчаться
~æй фехсын — пронзить стрелой
~ы бæх — *уст.* лошадь *(подарок жениха родным невесты)*

ærдын æмæ ~тæ — лук и стрелы

● Æфсатийы ~ау раст — прямой как стрела Афсати

● зондджын ныхас ~ у, йæ фехсæг та ærдын. *Хъайттаты С. Куырдуыта бадæг* — умное слово, что стрела, а пустивший его – лук

● йæ ~ сælвасы, йе ‘рдын бамбæхсы — концы в воду; всё шито да крыто; *букв.* стрелу выпустит, лук спрячет

● йæ ныхас – кардæй кæрдагдæр, топпы ~æй – растдæр — слово его ножа острее, выстрела точнее

Де ‘взаг мыдыбындзы ~æй уæлдай нæу: йæ цæф риссаг у, фæлæ йæхи мælæт дæр уымæй вæййы. *Малиты В. Сурмейы хæдзар* — Твой язык всё равно, что жало осы: укус болезненный, но и её саму убивает

● мыдыбындз давджыты йæ ~æй цæвы — сражаться своими силами; *букв.* пчела своим жалом разит

топп ~æй сыгъдæг кæнын — чистить шомполом ружьё

цыкурайы ærтæ ~ы — *фольк.* три волшебные стрелы, бьющие без промаха

фатализм — фатализм

фаталист — фаталист

фаталон — фатальный

фатæг — *бот.* пестик

сахаты ~ — часовая стрелка

фатæнгæс — стреловидный

~ æрфгуытæ — брови стрелой

фатæхсæг — стрелок; лучник

● æдылыйæ зондамонæг æмæ куырмæй ~ иу сты — что дурак поучает, что слепец из лука стреляет

Фатæхсæг — *астр.* Стрелец

фатгæс — стрелочник

фатдон — колчан

~ фаттæй сафтид кæнын — расстрелять весь колчан стрел

– Уазæджы разæй ~æй не сласдзынæн æз мæ фат,– загъта Батрадз. *НК.* — – Прежде гостя я стрелу из колчана не достану, уступлю право первого выстрела гостю, – сказал Батрадз

фатджыгæдæн — из приличия

– Цæмæн фæстиат кæндзысты! – ~ афарста Тебо. *Дзадтиаты Т. Æхсаргæрдты зæлланг* — – Чего им время тянуть! – из приличия спросил Тебо

фатдзæф — раненный стрелой

~ дур — пронзённый камень

~ сырдау — как раненый зверь

фатер — квартира

~ы цæрæг — квартирант

фатербадæг (*бир.* фатербаджытæ) — квартирант

фатфæдисонау — очень поспешно; в спешке; как на пожар

фатхъæд — *бот.* граб

Лидзы Балсæджы цалх, лидзы ‘мæ баирвæзт / Иу ~бынмæ. – Ма ауадз, ~, / Фæу’ром мын æй! – дзуры йæм Сослан. *НК. Сосланы мæлæт*

Бежит колесо Балцага, бежит и добежало / До граба. – Граб, не отпускай его, / Задержи его пока! – просит его Сослан

фау порицание, осуждение, хула, порок

~ æварын (хæссын) порицать, осуждать; хулить, порочить

Йæхæдæг чи ницы у, уый искæуыл ~тæ февæры Кто сам ничего из себя не представляет, тот обычно других порицает

~тæ æвæргæйæ хи хъæнтыл дæр хинымæр хъуыды кæнын æмбæлы осуждая других, следует и о собственных недостатках подумать

~æм ничердыгæй æрхæссæн ис он само совершенство; к нему не придерёшься

А Тепкамæ ма уыцы æнæхайыры козбаудзинад куы нæ уаид, уæд ~æм ничердыгæй æрхæссæн ис. *Ладемыр. Артдзæст* А к этому Тепка, если бы не чёртово его подхалимство, вообще ни с какой стороны не придраться

иннæты куыстыл ~тæ æвæрынмæ рæвдз уæвын с готовностью критиковать работу других

~ æрхæссын кæмæ нæй, ахæм рæсугъддзинад фыццаг хатт уынын. *Малиты В. Сурмейы хæдзар* Впервые вижу такую безупречную красоту

фауадзæг порицаемый

фауæвæрæг (*бир.* фауæвæрджытæ) 1. придира; хулитель; 2. придирчивый

● ~ йæхи фауы других осуждая, себя опускаешь

фауæг (*бир.* фауджытæ) хулитель; тот, кто поносит

● искæйы ~ йæхи фæлгъауæг других хулить, себе выгоду сулить

Нал мын и дауджытæ, / Нал и рæвдауджытæ, Алырдæм акæс-ма, худынц мыл фауджытæ. *Хетаггаты Д. Згъæлæнтæ* Никто меня больше не опекает, / Никто больше не ласкает, / Посмотри по сторонам, смеются хулители надо мной

~ ныхас осуждение

~ фыстæг арвитын написать пасквиль

фаудздзæг отрицательный; заслуживающий порицания

~ кæнын забраковывать, хулить, поносить, порочить

ном ~ кæнын порочить имя

~ миниуæг отрицательная черта

~ митæ порицаемые выходки

фауинаг заслуживающий порицания

~æй ницы ис не к чему придраться

фаунæ фауна

фаухæссæг (*бир.* фаухæсджытæ) 1. придира; 2. придирчивый

фауын осуждать, порицать; хулить, порочить; злословить; высмеивать

Фыд йæ цоты куы фауа – фидауы йын. Фырт йæ фыды – нæ фидауы. *Æхсарбег. Куырды фырт* Отцу пристало критиковать сына. Сыну отца – не пристало

● хи стауынæй хи ~æй хъауджыдæр нæй — одинаково плохо и восхвалять себя, и принижать себя

фахс (*бир.* фæхстæ) — бок, сторона, грань; откос; склон

сæры ~ — боковая сторона головы

хохы ~ — склон горы

хъæдæхгæд хохы ~ — поросший лесом склон горы

фахсон — боковой; откосный

~ хахх — откосная линия

фахс-фахс — боком-боком

Йæ хъæбулы нæууыл æрæвæрдта лæг, / Йæхæдæг дын ~ фæтæхы цæрдæг. *Дæуыт. Дон* — Мужчина положил сына на траву, / А сам бочком-бочком убегает

фахъæра — 1. нищий; 2. слабый, немощный,

● ~йы хызын бафтауын — пойти по миру; стать нищим; просить милостыню

● ~йы хызын дзаг нæ кæны — сума нищего не наполняется

● ~йы хызынимæ фæхæт — чтобы ты с сумой нищего скитался

фашизм — фашизм

фашист — фашист

фашистон — фашистский

фаянс — фаянс; фаянсовый

~ мигænæнтæ — фаянсовая посуда

фæ- — *глагольная приставка выражает многократность или длительность действия*

фæабухын — разбухать; свирепеть

Уалдзыгон дон хæхты фæабухта æмæ йемæ рахаста хуыр, змис, æлыг. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Весной река в горах стала многоводной и принесла с собой гравий, песок, глину

фæагайын, фæцагайын — бередить душу, рану

фæагурын, фæцагурын — долго искать

фæадджын уæвын — понравиться

~ мын ис канд йæхи уынд нæ, фæлæ суанг сæ хъæуккæгты фенд дæр. *Дæбе. Алхæсты ускуырд* — Мне было очень приятно не только её увидеть, но и даже их односельчан

фæазымджын кæнын — обвинить

фæамонын, фæцамонын — долго показывать; пояснять; объяснять, учить; поучать

фæарæх кæнын — участить

фæарæх уæвын — участиться

фæархайын — поработать; повозиться *(с кем-л., с чем-л.)*

фæаслам — удешевление

~ кæнын — удешевить; снизить цену

фæаууон кæнын — укрыть, скрыть

фæаууон уæвын — укрыться, скрыться

мæйдары ~ сты — они скрылись в темноте

Парчы бацæуæны фанары рухсмæ йæм фæзындысты Азæ æмæ Дæуыт, стæй ~ сты. *Дæбе. Минæвæрттæ* — У входа в парк при свете фонаря он увидел Азу и Даута, потом они скрылись

фæахсын — половить; переловить; похватать; перехватить

фæахъаз кæнын — помочь, оказать помощь

фæбадын — посидеть

● дæлдæр фæбад сæгъын — понизить в должности; поставить на место; унизить

● иунæгæн ~ — посвятить жизнь единственному ребёнку (*о вдове*)

Балойы мад, Софи, баззад æрыгонæй сидзæргæсæй æмæ нырмæ Балойæн фæбадти. *Тæтæри. Мæ хæнкъæлæй хаст чызг* — Мать Бало, Софи, овдовела и осталась на руках с сыном совсем молодой, но ради Бало больше не стала выходить замуж

фæбалц кæнын — отправить(ся) *(в путь);* попутешествовать

фæбарын — много раз прощать, извинять; долго мерить, измерять; отмерять

фæбатæ кæнын — целовать(ся)

фæбæгъитт уæвын — измениться

Афайы цæстытæ ~ сты. *Малиты В. Мæйрухс – мæ хуры тын* — Глаза Афая широко раскрылись

фæбæззын — пригодиться; созреть

кæрдотæ къуыримæ хæрынæн фæбæздзысты — груши созреют через неделю

фæбæлвырд кæнын — уточнить; определить

Дæ хорзæхæй, сæ фæндон нын ~ кæн. *Умар. Уæ нæ хæхтæ, нæ бæстæ* — Пожалуйста, объясни нам, чего они хотят

хъуыды ~ кæнын — уточнить мысль

фæбæллын — долго мечтать *(о чём-л.)*

сывæллоны хорздзинадмæ ~ — мечтать о счастье ребёнка

царды хæрзиуджытæм ~ — стремиться к жизненным благам

Тыппыр ус кæмæн вæййы, уый ма мын, зæгъы, / Боцкъамæ цæмæн фæбæллы? *Зарæг* — У кого, мол, жена толстушка, / Зачем тому ещё кадушка?

фæбæрæг кæнын — отметить; сделать пометку; довести до сведения, сообщить; делаться заметным

фæбæрæг уæвын — стать известным, заметным; обнаружиться

● уый Къобы хæрды ~ уыдзæн — время покажет; дело покажет

фæбæрзонд кæнын — повысить, поднять

æрфгуытæ ~ кæнын — поднять брови

квалификаци ~ кæнын — повысить квалификацию

кусджытæн сæ мызд ~ кæнын — поднять заработную плату сотрудникам

хъæлæс ~ кæнын — повысить голос

фæбæрзонд уæвын — повыситься, подняться

доны æмвæзад ~ — уровень воды поднялся

фæбогъ кæнын (ласын) — заплакать, *разг.* зареветь

фæбон кæнын прояснится *(о погоде)*

Ма-ма рацу, дымгæ, хæхтæй, / Арв æрбарухс и, ~, / Уадз æмæ уал мæнæ зæххæй, таугæрдæг ысцъира дон. *Дæуыт. Сæумæйæ* Ветер, оставайся пока в горах, / Рассвело, наступил день, / Пусть пока отава впитает воду из земли

фæбонырдæм уæвын рассветать

фæбузныг уæвын быть благодарным, проникнуться признательностью

● дæ тыхæй ма ~ у не кичись своей силой

Кæд ыл йæ зæрдæ нæ дардта, уæддæр лæппуйæ ~. Хотя он и не надеялся на него, но сыну всё равно был благодарен

фæбур кæнын желтеть

фæбур уæвын пожелтеть

сыфтæртæ ~ сты листья пожелтели

фæбынæй кæнын победить, повалить, побороть *(в борьбе)*

фæбынæй уæвын быть побеждённым *(в борьбе)*

фæбырон кæнын разбить на мелкие куски

фæбырон уæвын разбиться на мелкие куски

фæбырын поскользнуться; поползти

фæбыцæу кæнын подпереть; поссорить

фæбыцæу уæвын поссориться; повздорить

фæвазыгджын кæнын усложнить; поднять важность

фæвæййын заканчивать(ся), завершать(ся); бывать, побывать

арæзтад фæвæййы завершается строительство

Мæ дæгъæлтæ цы фесты? Алы хатт цы фæвæййынц, уый не ‘мбарын. Куда подевались мои ключи? Куда они каждый раз деваются, не понимаю.

фæгаджитау кæнын провозгласить тост

фæгæды кæнын уличить, изобличить

фæгæды уæвын быть уличённым; не сдержать слова

Йе ‘фсин хæрзæрæджы æрбацыди æмæ куы ~ уа, уымæй тарсти. *Умар. Цард тындзы сæ размæ* Его жена пришла только что и боялась, что её в этом уличат

● дæ зæгъæджы зæгъ, æмæ ма ~ уай говори, что на сердце, и не будешь уличён во лжи

фæгæдзæ кæнын потерпеть; подождать, выждать; погодить, помедлить

Дæ хорзæхæй, ~ уал кæн. Æрбад. Пожалуйста, потерпи немного. Присядь

чысыл ~ кæнын немного повременить

ацы хъуыддагыл ~ хъæуы с этим делом надо погодить

фæгæмæл уæвын навострить уши

хъустæ ~ сты ушки на макушке

Хъомдонæй мæм цыдæр къæрцц райхъуысти, æмæ ~ дæн. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* Из хлева послышался какой-то треск, я навострил уши

фæгæпп кæнын подпрыгнуть; вскочить, быстро встать

фæгæрах кæнын выстрелить

фæгæрдын прорезать, прорубить

фæндаг ~ прокладывать путь

Ныв джын лæгау исты нæ бакæсдзæн коммæ, / Уырыйау бынуæзты фæгæрды фæндаг, / Йæ талынг хъуыдытæ нывæнды дæлгоммæ – / Ысвæййы йæ корто фæстагмæ дзырддаг. *Дæуыт Дæлгоммæ* Он, как примерный человек послушен, / Понизу как крыса прокладывает путь себе, / Тёмные делишки обдумывает по секрету, / Напоследок его голова становится пересудов предметом

фæгæрз уæвын приспособиться; приноровиться; освоиться

Алцæмæ дæр дæ хъус дар, æмæ уæд куыстыл ~ уыдзынæ. *Умар. Адæймаджы амонд* Ты во всё вникай и тогда ты освоишь работу

фæгобан кæнын замучить

● бæхы ~ кæнын загнать лошадь

фæндагыл дыууæ бæхы ~ кодта по дороге он загнал двух лошадей

фæгобан уæвын слечь

● æгæр бирæ ма кус: æнахуыраæй ~ уыдзынæ не перетрудись, а то сляжешь

● сусæны бадт бæх ~ вæййы лошадь, оставленная на солнцепёке, валится с ног

фæгуыбыр кæнын согнуть(ся); сгорбить(ся)

фæгуыбыр уæвын согнуться, сгорбиться

фæгуырысхо уæвын усомниться; заподозрить

фæгъæй кæнын *разг.* двинуть вперёд

Сгæппытæ кодтой сæ бæхтыл. Фосы рæгъауыл ~ кодтой. *Хацырты С. Хæхты фæдисон* Они вскочили на своих коней. И двинули стадо вперёд

фæд след; колея

~ агурын выслеживать

~ амонын указать путь

~ дæр нал баззади и след простыл

Фæлæ цы кодтой уæ быдыртæ, сæ кæддæры кадæн йæ ~ дæр куынæуал баззади. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* Но что случилось с вашими полями, от их былой славы не осталось и следа

~ кæнын наследить; проложить след; протоптать

~ ныууадзын отпечататься; оставить след

Йæ фæстæ лæг цы ~ ныууадзы, / Кæнынц ын уымæ гæсгæ аргъ дæр. *Михал. Дидинæджы ингæн* Какой человек след после себя оставляет, / Так его и вспоминают

~ ссарын напасть на след

● ногуард миты йын йæ ~ ничи ссардзæн на свежем снегу следы не оставит

Ахæм хин адæймаг у ‘мæ йын æвæд миты йæ ~ ничи ссардзæн Он такой хитрец, что даже на свежевыпавшем снегу не найти его следы

уымæн йæ ~ хæйрæг дæр нал ссардзæн сам чёрт его след теперь не отыщет

~ фесафын сбиться со следа, потерять след

Æмбаргæ сылгоймаг у, йæ ~ сафын фæразы. *Дæбе. Æхсарбег* Она женщина сообразительная, умеет заметать следы

Номхыгъдтæ нырмæ йæхимæ сты. *Æмæ ма цалынмæ йæхимæ сты, уæдмæ сын сæ ~ фесафын хъæуы. Дæбе. Уæззау операци*
Документы, списки ещё у него. И вот, пока они у него, надо, чобы их след затерялся

~тæ æмбæрзын
заметать следы

~ыл бафтын
идти по следу

~ыл зилын
кружить по следу

● арф ~ ныууадзын
оставить глубокий след, внести весомый вклад

Æрфæны фæд
астр. Млечный путь

● гутонæн йæ куыст йæ ~ыл бæрæг вæййы
каков плуг, борозда покажет

● искæй царды арф ~ ныууадзын
оставить глубокий след в чьей-л. жизни

● искæй ~ыл аууоны хуызæн зилын
постоянно ходить по пятам, как нитка за иголкой; следовать как тень

● искæй ~ыл фæхæст уæвын
напасть на чей-л. след

● искæй ~ыл цæуын
идти за кем-л.; следовать

● йæ ~ыл ын цæхх кæн
его и след простыл; как сквозь землю провалился; и был таков; ищи ветра в поле

искæй ~ ссарын
напасть на след кого-л.

къахы ~тæ
следы ног

йæ ~ – йæ ~ ссыдтæн
я пришёл по его следам

Фæлæ йæ Мырзабег йæхæдæг бацагурдзæн, йæ ~ – йæ ~ фæцæудзæн, уый æнхъæл нæ уыди. *Бицъоты Г. Цæстырухс*
Она никак не ожидала, что Мурзабек сам отыщет её, пройдя по её следам

сæ ~ – сæ ~
след в след

сæ ~ – сæ ~ рафардæг уæвын
разг. убраться восвояси

Зарæггæнджытæ дæр сæ ~ – сæ ~ афардæг сты. *Максим. Æхсызгон улæфт*
А за ними и певцы тоже убрались восвояси

сусæгæй искæй ~ скарын
сесть на хвост кому-л.

сырды ~
звериный след

тугхъулон ~
кровавый след

хæдзары ~
родословная

– Дæ фыд дæр иунæг æмæ сидзæрæй схъомыл, дæхæдæг дæр. Уæ хæдзары ~ дæуыл куыд фесæфдзæн. *Умар. Стъалы куы скæса*
– И твой отец был единственным ребёнком, вырос сиротой, как и ты. Почему ваш род на тебе прерваться должен

хæсты зынгарыд ~тæ
опалённые войной следы

● хорзы ~ нæ сæфы
память о хорошем не исчезает

● чидæр дам арсæн йæхи уыдта, афтæмæй ма йын йæ ~ агуырдта
не видеть очевидного; вижу медведя, ищу его след

фæдæг *(бир.* фæдджытæ)
сосок (*у животных*)

фæдавын
красть, воровать, похищать

фæдагур(æг) (*бир.* фæдагурджытæ)
разведчик, следопыт

фæдагуырд
расследование; следствие

административон ~
административное расследование

фæдамонæг
проводник; путеводитель

фæдаргъ кæнын удлинить(ся)

бон ~ кæны день удлиняется

● цонг ~ кæнын протянуть руку помощи

фæдаргъ уæвын удлиниться

фæдард кæнын отдаляться; удаляться

фæдард уæвын отдалиться; удалиться

фæдарын подержать; поносить; кормить; прокормить

цырагъ ~ подержать лампу

дзаума ~ поносить одежду

хъус (цæст) ~ проследить *(за кем-л.)*; присмотреть

фæдауын I потереть; поточить

фæдауын II метать икру

фæдæг (*бир.* фæдджытæ) сосок *(у животных)*

фæдæгъд I *бот.* бузина

фæдæгъд II план

Иссæ цæргæсмæ скаст, фæлæ йæ ницæмæ æрдардта. Йæхицæн ~ арæзта, æмæ хинымæры цыдæр хъуыдытыл фæцис. *Дзадтиаты Т. Æхсаргæрдты зæлланг* Исса посмотрел на орла, но не обратил на него никакого внимания. Он себе строил планы и углубился в свои мысли

фæдæлæ кæнын опорожнить; опустошить

цалдæр хъуырттæн агуывзæ ~ кодта большими глотками опорожнил стакан

фæдæлгом кæнын опрокинуть, положить ничком / лицом вниз

фæдæлгом уæвын опрокинуться, упасть ничком; *уст.* пасть ниц

фæдæлдæр, фæдæлдæрад понижение

фæдæлдæр кæнын понизить

фæдæлдон утопление

~æй тас кæмæн вæййы, уыцы науæй уырытæ лидзгæ фæкæнынц. *Æхсарбег. Хурхæтæны* С тонущего корабля крысы убегают

~ кæнын утопить

~ уæвын утопиться

– Мæ тых, мæ хъару байсыст, ~мæ мæ бирæ нал хъуыд. *Гуыцмæзты М. Даргъ дзыккутæ* Силы мои были на исходе, я чуть не утонул

фæдæлдзæх исчезновение

~ кæнын спрятать

~ уæвын исчезнуть; потеряться; умереть; след простыл; как в воду кануть

фæдæлсыджыт кæнын закопать; похоронить, схоронить

фæдæлсыджыт уæвын погибнуть; *букв.* оказаться под землёй; быть погребённым

фæдæмбæхсæн сбивающий с толку

~ ныхæстæ сбивающие с толку разговоры

фæдæргæвст пересечение
~ кæнын перерезать, пересекать
фæндаг ~ акæнын перерезать *(пересечь)* дорогу
фæдæттын давать *(многократно)*
фæдбæрæг след
фæдджи подол, пола
~ басчъил кæнын завернуть полу
● ~йы бын бакæнын держать под каблуком, под подолом
дæ ~тæ æрбадар держи карман пошире
~ ивазджытæ сбирæ сты нахлебников стало много
● ~йы бын æмбæхсын держаться за юбку; прятаться под подолом
● усы ~йы бын æмбæхсын прятаться под подолом у жены; быть подкаблучником
● ~йæ раласын применить принуждение
● ~йы бын къæбæр хæрын есть украдкой; есть из-под полы
Йæ къæбæр ~йы бын чи хæры, уыдонæй дæр куы нæ дæн, уæд кæм цæмæй фæрæдыдтæн. *Азæмæт. Алыксийы хъулон гал* Я же не из тех, кто хлеб украдкой жуёт, тогда в чём же и когда я ошибся
● ~тæ æрбамбырд кæнын собраться с духом; набраться решимости
Нæ ~тæ ацыбыр кæнæм æмæ айда ацы гæбæрдымæг ранæй. *Ашæх. Амондагуырджытæ* Давайте подберём полы и айда из этого паршивого места
● ~тæ фæсроны æртъыссын заткнуть полы за пояс
● ~йы цæрæг адæймаг подкаблучник; цепляющийся за женский подол
● æппæлæгой лæгæн йæ ~ аивазын одёрнуть хвастунишку
● истæмæ ~ дарын подставить подол; ожидать чего-л.
Мæ ~ты сæнтурс дзæнхъæтæ / æппынфæстаг æруидздзынæн, / Гъе уыдонæй цæхæр-дзынгатæ / Мæ фидæнмæ нырвитдзынæн. *Хетаггаты Д. Нæ мæ уырны* В подол себе белоснежного кремня / Напоследок наберу, / Вот из него жалящие искры / В будущее пошлю
● кæм дон æмæ кæм дæ ~тæ сысчъил кодтай? опережать события; *букв.* до реки ещё далеко, а подол уже задран высоко
● мах нæ фæнычы къæрмæг нæ ~йы куы хæссæм! мы горсть своей земли с собой носим
● мæгуырдзинадмæ йæ ~ ничи дары к бедности никто не стремится
куырæты ~тæ æрцæгъдын собраться с силами; приготовиться; оправить одежду
● мамайы ~йыл баст лæппу маменькин сынок
● фыдбылызмæ йæ ~ барвæндонæй ничи дары никто не просит о ниспослании неприятностей
● хицæутты ~тæ хæссæгæй кусын быть прислужником начальства
– Ацы лæг йæ сонты бонты дæр хицæутты ~тæ рахæс-бахæсмæ бæллыд. *Æхсар. Цардæй ист ныв тæ* – Этот человек с младых ногтей только и мечтал быть прислужником у начальства
чызг мады ~йыл баст девочка очень привязана к матери
фæдджифæсронæй кусын трудиться без устали, закатив рукава

● цард ~ кусгæйæ æрвитын — трудиться без передышки

фæдджихъилæй — с задранным подолом

~ лидзын — бежать, подобрав подол; улепётывать

Дæ ныхæстæм гæсгæ, афтæ у хъуыддаг, цыма ~ мæ фæстæ лидзынмæ лæууы. *Тæтæри. Мæ хо* — По твоим словам, дело обстоит так, что она готова бежать за мной, задрав подол

фæддзæгъдæн кæнын — дрыгать ногами; притоптывать

фæддзæл — нитковдеватель

фæддзу — аллюр

фæддзуджын — скороход

фæдис — тревога; караул; погоня

● ~ кæнын — бить тревогу

● ~ уæ фæсте суры? — что, за вами гонятся / погоня?

~ы æрвитын — поднять по тревоге; послать вдогонку

~ы дзæнгæрæг — набат

● ~ы дзæнгæрæг ныццæгъдын — бить в набат; бить тревогу; бить в колокола, поднять шум (тревогу)

● ~ы раззаг йæ сæр нывондæн хæссы — впереди погони кто мчится, рискует головой

● ~ы фæстейы баззайын – мæлæтæй фыддæр — оказаться в хвосте погони – хуже смерти

~ы хъæр — крик о помощи; клич тревоги

● адæм ~мæ, куыдз та къæбицмæ — кто куда, а собака в кладовку

● афæдзы фæстæ ~ы нæ фæцæуынц — после драки кулаками не машут; в погоню надо немедленно пускаться; *букв.* год спустя в погоню не отправляются

● æнæ хъуыддаг базонгæ ~ы дзæнгæрæг ма цæгъд — не надо бить тревогу преждевременно

● бæстæ ~ скæнын — кричать на всех перекрёстках

мæнг ~ — ложная тревога

уæлдæфон ~ — воздушная тревога

~ науы — аврал

хæстон ~ расидын — объявлять боевую тревогу

фæдисгæнæг (*бир.* фæдисгæнджытæ) — тот, кто поднимает тревогу; тревожный; человек

фæдисгæнæн — сигнализация

фæдисон (*бир.* фæдисæттæ) — откликнувшийся на тревогу, идущий по тревоге к месту происшествия

~ арт — сигнальный костёр на башне

Фыдæлты мæсгуытыл – ~ æртытæ, / Бæхфæлдисæн таурæгъ æдзарды уæлхъус. *Цæрукъаты А. Сонет ирон æвзагыл* — На башнях предков – сигнальные костры, / Рассказы о посвящении коня усопшему

● ~ йæ маст йæ ныхыл хæссы — человек, идущий по тревоге, несёт свой гнев на лбу

~ы læбурд кæнын — вести себя агрессивно

сæрибары ~ — глашатай свободы

● сыхаг ~ у — сосед первым придёт на помощь

● фæдис куы хъæр кæнай, уæд дæхæдæг ~ы разæй уай — инициатор должен быть в первых рядах собственной затеи; кто тревогу объявляет, сам её и возглавляет

Фондзæй скъæфджытæ мард фесты, фондз та ~тæй фæмарди. *Секъа.* — Пятеро похитителей были убиты, из преследователей тоже пятеро погибли

фæдисонау — стремглав, очертя голову; как на пожар

фæдисхъæр — клич тревоги

Цы уыдис, куыд уыдис, уæддæр Цыппуйы ~ уæллæгтæм, суанг Мæскуйы уæллæгтæм дæр фехъуыст. *Хъаныхъуаты В. Хохаджы зæрдæйы рухс* — Что бы то ни было, как бы то ни было, но начальство, вплоть до московского начальства, крик Цыппу о помощи услышали

Сæ ~ – уырыссагау, Ирон дзырд сæ нæ райхъуыст. *Цæрукъаты А. Ирон æвзаг сæфы* — Тревогу (*о судьбе осетинского языка*) кличут на русском языке, / Ни слова не говорят на осетинском

фæдихдзинад — раздвоение; расчленение; раздробление; рассечение

фæдих кæнын — раздвоить; разделить; расчленить; раздробить; разбить, расколоть, рассечь

фæдих уæвын — раздвоиться; разделиться; расчлениться; раздробиться; разбиться; расколоться, рассечься

фæдомын — постоянно требовать *(чего-л.)*

фæдон — последователь, потомок; приверженец

Мæ буц ~, куы дын зæгъон æргом, / Фыдуаг рæстæг йæ кæнонтæ фæкæны, / Æрцæудзæнис мæ даргъ бонтæн кæрон. *Дæуыт. Æз уарзын* — Мой дорогой потомок, скажу от сердца, / Смутное время делает своё. / Наступит моим трудностям конец

Дæ мæгуыр ~ й'адæмæй фæхауд / Дæу аххосæй! Фæкодтай æнæвзаг! *Дауырæ. Дæхæдæг дæр цæмæй дæ, цæ, ирон?* — Твой бедный потомок отбился от своего народа / По твоей вине. Лишённый родного языка!

фæдонзоныг уæвын — обессилеть

фæдсгарæг — следопыт

фæдсмуд, фæдысмуд — шпион

фæдуарæдде — за порогом, за дверью

~ кæнын — выставить за дверь; выгнать вон

~ уæвын — выскочить из помещения

фæдургом уæвын — окаменеть

фæдургонд — окаменелый

фæдуцын — доить *(продолжительное время)*

фæд-фæд — вслед

фæдфæдыл — без перерыва; один за другим, гуськом; по следам; вслед; следом; последовательно; подряд

гураей-гурмæ ~ кæнын — следовать по пятам тесным строем

Чысыл мæм байхъус, ~ дын сæ радзурдзынæн — Выслушай меня, я тебе всё изложу последовательно

Хæсты хабæрттæ сæ сæрæй сæ кæронмæ / Арæхсгæ радзырдта Биаслан ~. *Къоста. Хетаг* — О событиях битвы с начала до конца / Биаслан рассказал по порядку

фæдфæдылдзинад последовательность

фæдфæливæг *(бир.* фæдфæливджытæ) двурушник; тот, кто увиливает, заметает следы

фæдфæливæн 1. увиливание, заметание следов; обман; двурушничество; 2. двурушнический, увиливающий

Гæххæт та йын йæ дзыппы цæвæрдта ~ы тыххæй. *Дæбе. Уæззау операци* А бумагу положил ему в карман, чтобы замести следы

~ митæ кæнын пытаться замести следы, увильнуть

Муради, ма сыл баууæнд. ~мæ рувæстæй уæлдай не сты. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* Муради, не верь им. Они лучше лис умеют заметать свои следы

~ ныхæстæ двурушнические разговоры

фæдхæсгæ наследственный

фæдхæссынад наследственность

фæдывæр кæнын удвоить; усугубить

хи аххос ~ кæнын усугубить свою вину

фæдывæр уæвын удвоиться

фæдыдагъ кæнын сложить вдвое

фæдыдагъ уæвын сложиться вдвое

Мæ зæнгтæ цæугæ цæуын мæ быны ~ вæййынц Во время ходьбы ноги у меня подкашиваются

фæдызæрдыг уæвын усомниться

Лæппу Цыппуйæ барæй ницы загъта, фæлæ фæлтæрд хохаг ~. *Мæрзойты С. Къæхтысæр* Юноша намеренно не упомянул Цыппу, но опытный горец впал в сомнения

фæдыл вслед, следом *(за кем-л.);* по поводу

~ сагъуйын увязаться; пристать

ацы хъуыддаджы ~ по поводу этого *(данного)* дела

искæй ~ ауайын провожать

● искæй ~ зилын выслеживать, ходить по пятам за кем-л.

аууонау искæй ~ зилын ходить как тень за кем-л.

● мыст йæ хуынчъы нæ цыд, æмæ ма йæ ~ картоф ласта мышь в норку не могла пролезть, а ещё пыталась с собой картошку затащить, чтоб там съесть

нозты ~ сæфты цæуын спиваться

фæдылгæнæг поводырь

фæдылдзæуаг, фæдылдзог провожающий, следующий за

фæдылдзу преследователь

фæдылкæсæг (*бир.* фæдылкæсджытæ) провожающий

фæдылсайæг манящий

фæдылфæуæг последователь

фæдымын дуть продолжительное время *(напр. о ветре);* долго курить

фæдын раскалываться

фæдысмудæг, фæдсмудæг шпион

~ куыдз ищейка

фæдыфæд во веки веков

сæ ~ дæр никуы никогда

сæ ~ дæр ма бафидауæнт ну и пусть никогда не примирятся

фæджигул кæнын тщательно обыскать

фæджиуын промаяться, страдать; околачиваться

Цас фæтухæнæй марди ацы цыппар къуымы астæу, цас дзы фæджиудта иунæгæй. *Хуыгаты С. Урс изæртæ* Сколько он промучился в этих четырёх стенах, сколько перестрадал в одиночку

фæджих уæвын поразиться, *разг.* остолбенеть

фæдзæбæх кæнын вылечивать; выздоравливать; хорошеть

фæдзæбæх уæвын вылечиться, выздороветь, поправиться

фæдзæгъæл уæвын растеряться; заблудиться

Йæ ныййарджытæй ~ хæсты рæстæджы Во время войны он отбился от родителей

Æцæг райдайæны фыдуаг митæ акодта... – Фыдуаг митæ нæ, фæлæ ~ дæн мæ фæндагæй,– загъта æфсæрмхуызæй Мырза, зæхмæ кæсгæйæ. *Дæбе. Уæззау операци* – Правда, сначала, он позволял себе кой-какие шалости… – Далеко не шалости, сбился с пути истинного, – застенчиво проговорил Мырза, не поднимая глаз от земли

фæдзæл нитковдеватель; конец нитки, вдеваемый в ушко иголки; тонкая нитка в ушке иголки, соединяющаяся с другой, более толстой, которая не может войти в ушко *(при шитье обуви)*

~ кæнын вдевать нитку в ушко иголки

● ~ судзинæн – уаргъхæссæн дополнительная нагрузка; обуза

фæдзæхсæг (*бир.* фæдзæхсджытæ) *юр.* завещатель; дающий наказ; поручитель

~ æздæх *д.* повелительное наклонение

ærтхъирæнгæнæг ~ у дающий наказы склонен к угрозам

Уастырджи де ‘мбал æмæ дæ ~ Да будет Уастырджи

фæдзæхст 1. поручение, наказ; назидание; предписание; завет; завещание; страхование; 2. заказной, запретный, запрещённый

~ бынат запретное место, заповедное место

~ фыстæг заказное письмо

мады ~ материнский наказ

Мадæлты ~: / Макуыал уæд хæст. *Сланты Э. Зарæг* Наказ матерей: / Чтоб никогда больше не было войны

~: «Уый нæ фехъуыстон» мачи зæгъæд наказ: «Не говорите, что не слышали»

Ног ~ *рел.* Новый Завет

Рагон ~ *рел.* Ветхий Завет

О, ныййарæг мад, де стыр ~ дын / Æз тырысайау дарын бæрзонд! *Елехъоты М. Фыстæг хæсты быдырæй* Родная мать, твой великий наказ / Я как знамя держу высоко

æвзарджыты ~ сæ депутатæн наказ избирателей депутату

фæдзæхстадон страховой

~ æхсæнад страховое общество

~ кассæ — страховая касса
~ компани — страховая компания
~ преми — страховая премия
фæдзæхстгонд — заветный; завещанный; предписанный
фæдзæхстон здæхæн — *грам.* повелительное наклонение
фæдзæхсын — 1. страхование; 2. давать наставления поручать; наказывать; предписывать; завещать; благословлять; страховать; заказывать
~ агент — страховой агент
зæдтыл, дауджытыл хи ~ — просить покровительства святых, ангелов
фæдзой кæнын — качнуться
фæдзомбас уæвын — охрометь
● гæртамистытæй ~ уæвын — быть махровым взяточником
фæдзонгой уæвын — потерять руку; получить увечье
фæдзурын — долго говорить; наговорить; позвать
дзæгъæлы бирæ ~ — наговорить много лишнего
● мæрдтæйдзæуæг æцæгтæ фæдзуры — вернувшийся с того света врать не станет
● ницыфенæг исты куы фены, уæд æй уæлдайджынтæй фæдзуры — малоповидавший любит преувеличивать увиденное
сывæллæттæм ~ — позвать детей
● хæдзармæ лæджы номæй фæдзурынц — в дом кличут по имени хозяина-мужчины
фæдзырд — вызов
æддæмæдзæуæг ~ — исходящий вызов
мидæмæдзæуæг ~ — входящий вызов
нæрайст ~ — непринятый вызов
фæдзырддаг кæнын — сделать предметом пересудов
Уаих фæуай, ме ‘фсымæр, Дадуйы фæстаг фæдзæхсты сусæг чи ~ кодта. *Азæмæт. Дзамбабайы ныстуан* — Стыдись, брат мой, ты сделал предметом пересудов секрет последнего наказа Даду
фæегъау кæнын — укрупнить
фæз — площадь
Сырх ~ — Красная (Красивая) площадь
стæхæн-æрбадæн ~ — взлётно-посадочная полоса
тохы ~ — поле битвы
Сиды мæм мæ бæстæ / Тохы ~мæ тагъд. *Кочысаты М. Цæй хæрзбон, мæ уарзон* — Зовёт меня страна / На поле боя срочно
хъазæн ~ — поле для зрелищ
фæзагъд кæнын — выговаривать, ссориться
искæмæ тынг ~ — *разг.* разделать под орех; сильно выругать
фæзбыдыр — равнина; плоскость
фæзарын — петь, распевать
фæзау — отлогий
фæзæрдæджын — воодушевлённый
~ кæнын — воодушевить
~ уæвын — воодушевляться

фæзæрдæдзæф кæнын нанести удар в сердце; довести до отчаяния

фæзæрдæлхæд уæвын смалодушничать; разжалобиться

фæзæрдæргом уæвын разоткровенничаться

Мæгуыр лæг ~, радзырдта йын саджы курдиат, ракодта йын усы хабар. *Чеджемты Æ. Аргъæуттæ* Бедняк разоткровенничался и стал пересказывать просьбу оленя, рассказывать, что с женщиной произошло

фæзæрдæфæлдæхт уæвын перемениться в душе

Уырызмæг дын ~, загъта: – Ай мыл цы бæллæх сæмбæлдис, цæй æнамонд фæндагыл рацыдтæн! *НК.* У Уырызмага переменилось настроение, говорит он: – Что за беда встретилась мне, по какой же несчастливой дороге я пошел!»

фæзæрдæфæлмæн уæвын умилиться; сжалиться

фæзæрдæхæлд кæнын расстроить; причинить боль

фæзæрдæхæлд уæвын расстроиться; перенести сердечное потрясение

Уымæн йæ сывæллон Боряйы куы аскъæфта Æхсарбег, уæд ~ ис. *Дæбе. Æхсарбег* После того, как его сына Борю похитил Ахсарбек, он перенёс сердечный удар

фæзæрдæхудт кæнын обидеть; оскорбить

фæзæрдæхудт уæвын обидеться

фæзбын с ровным дном, плоскодонный

фæзгъæр соты; пласт; кусок; глыба

– Æрмæст ын уыцы хос ис, æмæ фæстæмæ куы баназид йæ туджы ~тæ æмæ йæ игæры ~тæ, уæд фервæзид, йæ мад æй куыд ныййардта, афтæ. *НК.* – Есто только одно средство, её можно спасти, если она выпьет частички своей крови и кусочки своей печени, тогда станет такой, как мать её родила

~ фæцæуын разлететься на куски; расколоться

ихы ~ глыба льда

Бæрзондæй кæсынц дæлдæр-уæлдæртæ, / Къуыбыргай згъæлынц цъитийы ~тæ. *Секъа. Фыдыбæстæ* Смотрят с разной высоты, / Откалываются глыбы от ледников

мыды ~ пчелиные соты

мыды ~ læмарæн медогонка

Туг дзы, цыхцырæгау, калди, æмæ йæ хъæбул æгасæйдæр фестад ахст туджы ~ы хуызæн. *Гуыцмæзты А. Дæ уды фарн* Кровь хлестала из него, а её ребёнок весь превратился в сгусток запекшейся крови

фæзгъæрджын улей с богатыми сотами

фæздæг дым

~ калын дымить

~ уадзын выпускать дым

● ~æй хи хизын, æмæ арты смидæг уæвын из огня да в полымя; *букв.* беречься дыма, а угодить в пламя

● ~æй лидзæг арты бахауд бежал от дыма, угодил в пламя

● æнæ артæй ~ нæ вæййы нет дыма без огня

Хабæрттæ дзæгъæл хуымætæджы не сты: æнæ артæй ~ нæ вæййы. *Тазе. Марфæ* Неспроста эти слухи: нет дыма без огня

● æнæ артæй ~ дæр вæййы — бывает и дым без огня

Уый фæдыл нын Елберд радзырдта мæнæ ацы хабар, æмæ уæд, æнæ зынгæй ~ кæй вæййы, уый мæ бауырныдта. *Ашæх. Хæхты* — В связи с этим Эльберд рассказал нам эту самую историю, и тогда-то я и поверил, что и без огня дым бывает

● æнæ арт, æнæ ~ — без огня, без дыма; не имеющий своего очага

● йæ ~ йæ фæсхъустæй кæлы — дым из ушей идёт

топпыхосы ~ — пороховой дым

● топпыхосы ~мæ нæ басмудын — не нюхать пороху, не быть на войне, не воевать

фæздæджы смаг — запах дыма

● хицæн ~ уадзын — жить отдельным домом; пускать дым из своей трубы

Хæдзæрттæй алчидæр хицæн ~ уадзын райдыдта. *Чъерджиаты У. Бæрæзгаты чындзхаст* — Каждый зажил своим отдельным домом

● Хуыцауы ~æй марæм — коптим белый свет, небо

● нырмæ сæ къахвæдтæн сæ тæвды ~ куы кæлы — идти без промедления по горячим следам

Нырмæ уæ къахвæдтæн сæ тæвды ~ куы кæлы, уæд дæхи дæр æмæ мæн дæр куы бын кæныс. *Лademыр. Дыууæ бæллæхы* — Ещё ваши следы не остыли, а ты уже хочешь и меня, и себя погубить

фæздæгæйдзаг — задымлённый

фæздæггæнаг — дымящийся

фæздæгджын — дымный; задымлённый

● хорз дæ фендзыстæм: кæд дæ фæнды – ~ сихорæй, кæд дæ фæнды – æвæздæг сихорæй — угостим тебя на славу – хочешь с дымком, хочешь без дымка

фæздæгдзон — дымоход

фæздæгдзыд — пропитанный дымом; закопчённый

~ кæнын — коптить

фæздæгкалгæ — дымящий

фæздæгуагъд — окуривание

фæздæгхуыз — сизый

фæздон (*бир.* фæздæттæ) — вымя

фæздонджын — корова с большим выменем

фæззæг — осень

● ~ æппæтæй æххæст у — осень всем богата

● ~ – æфснайæг — осень – уборочная пора

● ~ æмæ уалдзæг – æвзæрты удхæссæг — никчемные не терпят осень и весну

● ~ дæ фæллæйттæ бафснай, æмæ дæ зымæг æнæмæт уа — осенью всё собери и зимой без забот живи

● ~ дзаджджын у — осень – изобильная пора

● ~ зæрдæуынгæгæй бакус, æмæ уалдзæг дæ зæрдæ рухс уа — осенью работай до боли в сердце, а весной сердце порадуется

● ~ къутæры бын дæр афтид нæ вæййы — осенью и под кустом найдёшь что-нибудь

● ~ рæдау у, уалдзæг мæрддзæст — осень щедра, а весна – скряга (скупа)
● ~ хорзæн – зæрдæрухс, æвзæрæн – мæлæтхæссæн — работящему осень в радость, никчемному опасность
● ~ царды къæбиц у — осень – кладовая жизни
● ~æй зæрдæ буц у — осенью сердце радуется
● атынæг – фæззæджы нысан — праздник урожая – символ осени
● афæдзы хъару ~ у — осень – сила года
● уалдзæг рæсугъд у, ~ – хъæздыг — весна красива, осень изобильна
фæззæджы бæркад — осеннее изобилие
● фæззæджы бæркад афæдз хæссы — осеннее изобилие весь год кормит
● фæззæджы зарæгмæ куыст дæр фæхъырны — осень поёт, работа подпевает
фæззæджы хист — *этн.* поминки по умершему члену семьи из урожая осени
● фыццаг мæкъуыл куы фенай, уæд ~у — первый стог – примета осени
● царды фæззæджы — на склоне лет (дней, жизни); в старости

фæззыгæнд — озимь
~ мæнæу байтауын — посеять озимую пшеницу
~ хортæ æфснайын — убирать озимые
хортæ хорз тыллæг ратдзысты — озимые дадут хорошие всходы

фæззыгон — 1. осенний; 2. осенью
~ æвæрæнтæ — осенние припасы
~ куыстытæ — осенние работы
~ къæвда — осенний дождь
~ мæнæу — озимая пшеница
● ~ мыстау йæ фæллæйттæ ’фснайы — как мышь, которая осенью свою норку набивает
~ сидæн — осений призыв
~ сыфтæр — осенняя листва
● ~ бон гæппы бæрц йедтæмæ нæу — осенний день очень короток

фæзиан кæнын — повредить, причинить вред, принести убыток
лæдзæджы бырынкъæй ~ кæнын — повредить концом палки

фæзиан уæвын — пострадать, потерпеть убыток; умереть
æнæнхъæлæджы ~ уæвын — безвременно уйти из жизни
æрцæугæйы фæстиуæг ничи ~ — вследствии происшествия жертв нет
хъæд сыгъдæй ~ ис — лес пострадал от пожара
Æрмæст йæ хистæр фыртты мад куы ~, уæд ын дыккаг усимæ фæзындæр. *Дзабайты Т. Сидзæртæ æмæ сидзæргæстæ* — Только, когда умерла мать его старших сыновей, со второй женой ему стало труднее

фæзилæг — поворачивающийся, уклоняющийся

фæзилæн — 1. поворот; закругление; излом; сустав, сочленение; 2. поворотный
● ~тæ зонын — знать, откуда ветер дует; знать, что к чему

● ~ты дæхи хъахъхъæн! — легче на поворотах!
~ты сабырдæр у! — Полегче на поворотах!
алы ~ дæр базонын — узнать всё до тонкостей
историйы ~ момент — поворотный момент истории
лыстæг ~тæ — мелочи, детали
● зул ~тæ агурын — выискивать обходные пути; *букв.* искать кривые закоулки
● раст фæндагыл зул ~тæ агурын — быть привередой, быть излишне придирчивым
– Æмæ куыд лæг у? – Куыд лæг у? Раст фæндагыл дæр зул ~тæ чи агуры, ахæм. *Ашæх. Сход* — – Что он за человек? – Что за человек? Из таких, кто, даже находясь на прямой дороге, кривые закоулки пытается найти
хъуыддаджы ног ~ — новый поворот в деле
царды зын ~ты — на резких поворотах судьбы
цæхгæр ~ — резкий поворот

фæзилдух кæнын — повертеть(ся)

фæзилын — повернуть(ся); ухаживать *(напр. за ребёнком, за больным);* побывать, посетить

искæмæ фæндагæй ~ — мимоходом зайти
фæстæмæ ~ — обернуться
Æнæ фæкæсгæ, æнæ фæзилгæ йæ рæзты нæлгоймаг кæй нæ ацыдаид, уый зыдта. *Максим. Райсомы мигъ* — Она знала, что, не оглянувшись, не повернув голову, ни один мужчина не пройдёт мимо неё

фæзмаг — переимчивый, подражающий

● фæзмæджы хал ахæр! — чтоб тебе достался жребий подражателя!

фæзмæгой — подражательный

фæзмæнтæ — стихи-дразнилки

фæзминаг (*бир.* фæзминæгтæ) — пример, достойный подражания; примерный, образцовый

~ миниуджытæ — качества, достойные подражания
~ хистæр — старший, достойный подражания
~æн амонын — привести в пример
Хæдзардзин кæй уыди уый тыххæй ма йæ хицауад ~æн дæр амыдтой иннæ колхозонтæн. *Ашæх. Ног сæрдар* — Его хозяйственность начальство ещё и ставило в пример другим колхозникам
кæстæртæн ~ — образец для подражания (для молодых)
● ныййарджытæ сæ цотæн – ~ — дети берут пример с родителей
Сахъ фыдæлтæн хорз æгъдæуттæ уыд, / Иутæ дзы нын – абон дæр ~. *Гаджиты Г. Фыдæлты æгъдау* — У наших славных предков были хорошие обычаи, / Некоторые из них и сейчас достойны подражания

фæзминагæй — примерно, образцово

фæзмын — подражать, следовать примеру; дразнить

~ хорз нæу — передразнивать нехорошо
● зонджын æдылыйы нæ фæзмы — умный глупому не подражает
● фылдæр адæм цы кæной, ды дæр уый фæзм — поступай как все

Искæй цыд æмæ миниуджытæ фæзмгæйæ адæймаг æппындæр цæуын дæр нал зондзæн. *Æхсар. Токаты Алихан*

Подражая походке и качествам другого, можно разучиться ходить самостоятельно

фæзой

мат. плоскость

~ты дзуарæвæрд

пересечение плоскостей

фæзонын

знать, уметь

Лæгæн йæхи удæй хуыздæр / Йæ аипп никæцы фæзоны. / Фæлæ ма афтæмæй уæддæр / Йæхи уæлæуæздæр фæхоны. *Арбиаты Хъ. Аипп*

Лучше самого себя никто / Своих недостатков не знает. / А между тем всё равно / Себя каждый выше всех считает

Æмæ, дам, амондмæ æнхъæлмæ кæсын чи фæзоны, уый йыл æмбæлгæ дæр скæны. *Дегъуаты С. Тызмæг фыды гакк*

И, говорят, кто умеет дождаться счастья, тот и может его встретить

фæзуат (*бир.* фæзуæттæ)

площадь

раззаг ~

передний план (*картины*)

Раззаг ~ы та парахатæй æвдыст цæуы зæрдæрухс хъазт. *Хацырты С. Æцæг хæлар*

На переднем плане ярко показаны веселье, пляски

цæрæн ~

жилая площадь

фæзул кæнын

скривиться; передёрнуть

æрфгуытæ ~ кæнын

вздёрнуть брови; выразить неудовольствие

цæстытæ ~ кæнын

бросить косой взгляд

фæзулдзаст уæвын

начать относиться с подозрением

фæзулдзых уæвын

поссориться; быть в напряженных отношениях

Дыууæ хæларæн сæ хъуыды иу у, æмæ мæн аххосæй цæмæн хъуамæ ~ уой сæ кæрæдзимæ. *Хацырты С. Æцæг хæлар*

Оба друга придерживаются одинакового мнения, и почему из-за меня они должны поссориться

фæзыгъуыммæ кæнын

извратить; вывернуть наизнанку

фæзыгъуыммæ уæвын

быть превратно истолкованным

фæзылд (*бир.* фæзылдтæ, фæзылдтытæ)

поворот

чысыл ~

лёгкий поворот

Йæ алы ~ы дæр æгъдау

в каждом его движении благородство

фæзылын

искривление

~ кæнын

искривить; обвинить

искæй ~ кæнын

возвести напраслину; возложить вину на кого-л.

~ уæвын

покривиться; провиниться

фыр диссагæй йæ дзых ~

от удивления рот скривился

фæзынаргъ кæнын

поднять цену; сделать более дорогостоящим

цæхгæр ~ кæнын

взвинтить цену

фæзынаргъ уæвын

удорожиться; подорожать

фæзынæн

место появления

фæзынвадат кæнын

усложнить

дунейы уаваер ~ кæны

положение в мире ухудшается

фæзынд (*бир.* фæзындтæ, фæзындтытæ) явление, появление
~æй фæстæмæ со времени появления
~ы аххосæгтæ æмæ уидæгтæ причины и корни явления
~ы сусæгдзинад тайна появления
~ы фæстиуджытæ иуварс кæнын преодолевать последствия явления
~тыты ныхмæ тох кæнын бороться с проявлениями
адæмы ~æй фæстæмæ со времени возникновения человечества
Алы ~æн дæр ис йæхи фæтк. *Гуыриаты Т. Къостайы «Ирон фæндыр» уырыссаг тæлмацты* У каждого явления свои закономерности
ахæм ~ арæхæй-арæхдæр æмбæлы такое явление встречается всё чаще
æгъдаухалæн ~тытæ отрицательные явления
æнæмæнг хъæугæ ~ несомненно необходимое явление
æнæнхъæлæджы ~ неожиданное появление
Хæрзаг та сын сæ тъæнгтæ ацæгъддзæн мæ ~. *Максим. Райсомы мигъ* Представляю, как им будет неприятно моё появление
æрдзы ~тæ явления природы; возникновение, появление
ахæм æрдзон ~æн æвдисæн фыццаг хатт уæвын впервые стать свидетелями такого природного явления
зæронд лæджы ~æй бадæг адæм иууылдæр сыстынц при виде пожилого человека все сидящие встают
зианхæссæг ~æй хи бахъахъхъæнын оградить себя от вредного явления
Æгъуызарты Æхсарбегæн йæ романтæ сты зынгæ ~ ирон литературæйы. *Шамил. Р.2004. 2017* Романы Ахсарбека Агузарова – заметное явление в осетинской литературе
Иннæ газеттæ дæр тынг къæрцхъусæй лæууыдысты царды алыхуызон ~тытæм. *Ахуырбег. Хуры зарæг* В других газетах тоже внимательно отслеживали все происходившие события
иу ~æй иннæйы ‘хсæн от одного события до другого
иу уавары ~тæ сходные явления
ног ~ нæ бафиппайын не обратить внимание на новое явление
ног бæллицты ~ появление новых устремлений
ноггуырд лæппуйы ~ ирон хæдзары стыр хъуыддаг у рождение мальчика считается большим событием в осетинской семье
физикон ~тытæ физические явления
фыццаг ~æй бафиппайын заметить с первого проявления, с самого начала
царды фыддæр ~ худшее явление жизни

фæзынын показаться, появиться; возникнуть; обнаружиться, выявиться; сказаться; промелькнуть
æвзæрæрдæм ~ плохо сказываться
æндæр кæцæй фæзындис? откуда бы ему взяться?
искуы иу хатт ~ крайне редко появляться
куыддæр уавæр фæзына как только появятся условия

● малусæг фæзынд, зæгъгæ, уæд рагуалдзæг у — подснежник появился, значит, вестник весны объявился

Мæлынмæ мæ ма радт, / Фæзын, кæд лæг дæ! *Къоста. Чи дæ?* — Не отдай меня на погибель, / Явись, если мужчина ты!

мыхуыры ~ — выйти в печати

ныхасмæ гæсгæ иу хъуыды фæзындис — в ходе разговора возникла мысль, появилась идея

● сæ рыджы дæр нæ фæзынын — во многом уступать; не сравниться

Сайынмæ та афтæ сты, афтæ, æмæ нæхи Сырдон сæ рыджы дæр нæ фæзындзæн. *Максим. Мады зарæг* — Ну, и обмануть они такие мастера, такие, что самого хитреца Сырдона за пояс заткнут

● уалдзæг æрцыди, уазæг фæзынди — весна на пороге – гость уже в дороге

фæзындысты фыццаг дидинджытæ — появились первые цветы

фæндыр куыд фæзынд — как появился фандыр

хъуыддаджы фæзынд къуылымпытæ — в деле возникли затруднения

цæсгæмттыл фæзындис мæт — на лицах появилась озабоченность

фæзыхъхъыр кæнын — приоткрыть; оскалить

дæндæгтæ ~ кæнын хæцынæввонг — оскалиться при нападении

фæзыхъхъыр уæвын — приоткрыться; оскалиться

фæивазын — растягивать

фæздæг йæхи хæрдмæ фæивазы — дым стелется вверх

фæивар кæнын — оштрафовать

~ кæныны хуызы — в качестве штрафа

хъалонтæ фидын чи не сразы, уыдоны ~ кодтой — отказавшиеся уплатить налоги были оштрафованы

фæивæзын — растянуться; растягиваться

фæивгъуыйын — миновать, пройти мимо; промахнуться

сæрд фæивгъуыйы — проходит лето

мæ афон фæивгъуыйы — проходит моё время

фæивддзаг кæнын, фæивддзæгтæ кæнын — перепутать

~ ысты цард æмæ зындон. *Æхсар* — Перепутались жизнь и ад

нæй ~ кæнæн — нельзя спутать

Нæй ~ кæнæн Хазбийы (*Дзаболаты*) сфæлдыстадон æууæлтæн æндæр поэты æрмдзæфимæ. *Р.16. 04. 2016* — Творческий почерк Хазби (*Дзаболова*) нельзя перепутать ни с каким другим поэтом

никæимæ уыд ~ кæнæн — нельзя было ни с кем перепутать

Халдихтæ! Кæрæдзийæ нæ ~ уыдзысты — Похожи как две капли воды! Их не перепутать

фæивылын — разливаться

дон фæивылы — река начинает разливаться

фæивын — изменять(ся), менять(ся); линять *(о материи)*

фæидæдз уæвын — овдоветь

фæизæрмилтæ кæнын — вечереть, темнеть

фæизгард уæвын — вступить в конфликт; ощутить изжогу

фæиппæрд кæнын отделить, выделить, обособить

фæиппæрд уæвын отделиться, выделиться, обособиться

фæирд кæнын проясниться

арв ~ кæны небо проясняется

фæирд уæвын проясниться

цæсгом ~ лицо просветлело

цæстытæ ~ сты глаза просветлели

фæиртасын различать, отличать; отделять; разъединять

сывæллоны мады риуæй ~ отнять ребёнка от груди

фæиртæст отступление

уагæвæрдæй ~ отступление от правил

фæиртæсын различить, отличить; отделить; разъединить

фыдæлты фæткæй ~ отойти от установленных традиций и правил

хи ~ избавиться; отделаться

– Уазал у, – сдзырдта чызг, æмæ Зауырбегæн уый æфсон фæцис Хæмæтæй йæхи ~. *Дæбе. Уæззау операци* – Холодно, – проговорила девочка, и для Заурбека это послужило поводом избавиться от Хамата

фæисын брать, взимать

фæиуварс кæнын отстранить, отодвинуть; отложить

хи ~ кæнын устраниться

хъæццул ~ кæнын откинуть одеяло

фæиуварс уæвын отстраниться, отойти, отодвинуться

фæиугай кæнын разъединить, разобщить, разрознить

фæиугай уæвын разобщиться, разъединиться

Чермен куы нал уа, уæд сæ бон ницыуал уыдзæн. Сæ дзырд кæрæдзиуыл нал баддзæн æмæ ~ уыдзысты. *Болайы фырт. Чермен* Когда Чермена не станет, они будут беспомощны. Между ними не будет согласия, они станут разобщёнными

фæифтындзын запрягать; заряжать

Уырыссаг лæг бæх æрæгмæ фæифтындзы, фæлæ уайын куы байдайы, уæд æй бауромын зын у Русский человек долго запрягает, но уже когда с места тронулся, остановить его трудно

фæихсийын иссякать, истощаться; изнашиваться; стираться

фæих уæвын превращаться в лёд *(о жидкости)*

фæйлауæн волна, зыбь

~ ~ы сырдта æмæ æнусы къæдзæхтыл пæлхæндæг æртахæй йæхи цавта. *Секъа* Волна гналась за волной и об вечные скалы разлеталась на мелкие брызги

~тæ кæнын колыхаться, волноваться

Астæумæ кæрдæг дзы ~тæ кодта. Там колыхалась трава по пояс

царды ~тæ волны жизни

Царды уылæнтæ бирæ ~тæ фæкодтой Много жизненных бурь пронеслось

фæйлауын волноваться *(о море);* колыхаться, развеваться, реять

тырысатæ фæйлауынц — реют знамёна
хæхтæй дымгæ фæйлауы — веет ветер с гор
Угæрдæнты зæлдаджы хуызæн кæрдæг дымгæ фæйлауы. *Секъа.* — Ветер колышет шелковистую траву лугов

фæйлыд — взволнованный, расстроенный
Сæ цардвæд тад æвзист æртæхæй / Сæ ~ зачъетыл æрбадт. *Дзаболаты Х. Хъæууон райсом* — Жизнь свой след серебристыми каплями оставляла, / Что на их колышущихся бородах оседали
~ зæрдæ — встревоженное сердце

фæйнæ — поровну; каждому; от каждого
● ~ æвзагыл дзурын — говорить на разных языках; не понимать друг друга
~ бадымын — перекурить; выкурить по одной
~ бануазын — пропустить по одной; выпить
~ къонамæ фæцæуын — разойтись по домам
Æгъдау куыд амоны, ахæм хуызы нæм азилут, æмæ нæ ~ къонамæ фæцæуæм. *Лademыр. Къабайаг* — Поухаживайте за нами, как полагается, а там мы разойдемся по своим домам
~ чиныджы нын радтой — нам дали по книге
~ фарс — по обе стороны
фæндæгты ~ фарс — вдоль дорог по обе стороны

фæйнæг (*бир.* фæйнæджытæ) — доска
зæрдылдарæн ~ — мемориальная доска
Кады ~ — доска Почёта
лæгъзгонд фæйнæджытæ — обструганные доски
нæзы ~ — сосновая доска
сыфнæзыйы фæйнæджытæй арæзт — сколоченный из лиственницы
номарæн ~ — памятная доска
фыссæн ~ — письменная доска
хъусынгæнинæгты ~ — доска объявлений
дæ фæйнæджыты хъæр айхъуысæд! — чтоб загромыхали твои дроги!

фæйнæгбын — дощатый *(напр. пол)*

фæйнæгриу — плоскогрудый

фæйнæгфарс — сильный, выносливый *(о человеке необычайной силы), букв.* с досчатыми боками

фæйнæрдæм — в разные стороны
~ акæнын — разнять
~ атъæпп ласын — лопнуть, разлететься на куски
фырхæлæгæй ~ дæр атъæпп ласæнт — пусть хоть лопнут от зависти
~ лидзын — разбегаться
~ фæцæуын — разойтись в разные стороны
Цæуæм фæйнæ фæндагыл ~ æмæ, фæстæмæ цæугæйæ, æртыггаг фæндагыл уæд нæ сæмбæлд. *НК.* — Разойдемся по двум дорогам, а на обратном пути пусть на третьей дороге будет место нашей встречи
~ фервитын — разослать
~ хæссын — растаскивать

Хæст нæ ~ты фæхаста — Война раскидала нас в разные стороны

~ хæцын — тянуть в разные стороны; быть не в ладу

Иу ран ус æмæ лæг хуыссынц; дынджыр галдзарм сæ быны тыд, иннæ ахæм галдзарм – сæ уæлæ; ~ сæ ратон-батон кæнынц,– нæ сыл æххæссынц. *НК. Сослан мæрдты бæсты* — В другом месте лежат муж и жена, под ними огромная воловья шкура, такой же сверху накрыты, тянут их каждый в свою сторону – не могут поделить

● æвзæр галтау ~ хæцынц — тянут в разные стороны, как плохие волы

● биноитæ ~ куы хæцой, уæд сыл цард нæ хæцы — если в семье разлад, то и жизнь там не пойдёт на лад

къабæзтæ ~ аивазын — потянуться во все стороны

къæмисæнтæ ~ тонын — разрывать виски

Раздæрау къæмисæнтæ ~ тыдта иу хъуыды: чызг афтæмæй бирæ фаг не суыдзæн. *Максим. Райсомы мигъ* — Как и раньше голову разрывала одна мысль: дочь так долго не протянет

цæнгтæ ~ акæнын — раскинуть руки в стороны

фæйнæрдæмдзыд — просторный, обширный

~ агъуыст — просторное помещение

фæйнæрдыгæй — с разных сторон, отовсюду; кругом, вокруг

Адæм ~ цъиутау уасынц, Бексолтаны, дам, дæ бынаты æвæрдзысты. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Кругом только и разговоров, мол, Бексолтана на твоё место назначают

фæйнæфарс — по обе стороны; вокруг

Æгæр дæр ма бадæм / Нæ хæхты мах: / Дæ ~ – адæм / Сæ фæдыл ыздах. *Æрнигон. Фæлмæн у дæ лыстæн* — Мы уж слишком засиделись / В своих горах: / Кругом люди, / Вслед за ними иди

фæйнæхуызон — различный

~ бæрæггæнæнтæ — различные показатели

бынтон ~ — совсем разное; непохожее

бынтон ~ дыууæ адæймаджы — два совершенно разных человека

фæкарздæрдзинад — обострение, усиление, углубление

фæкаст (*бир.* фæкæстытæ) — взгляд; помощь

æнæ ~æй баззайын — остаться без присмотра

иу ~æй — с одного взгляда

Уыцы иу ~æй зæрдæ чи ныццæвы, ахæм сонт рæсугъд нæ уыди. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Она не из тех, кто поражает своей красотой с первого раза

иу ~æй афтæ зыны, цыма — с первого взгляда можно подумать, что

Кæйдæр лæппу мын йæ иу ~æй / Мæ уд фæхаста. *Кокайты Т. Ехх, куыд хорз у* — Какой-то юноша взглядом одним / Сердце моё покорил

иу ~æй атайын — сразу растаять; сомлеть с первого взгляда

хъуызгæ ~ — вкрадчивый взгляд

фæкайын — урвать кусочек; отведать, откусить

Лæг нафы куывдæй куы сысты, уæддæр ма, дам, æндæр хæдзары, æндæр фынгыл исты фæкайы. *Къæбысты 3. Царды фæлтæртæ* — Говорят, что даже после сытного пиршества можно в другом доме, за другим столом ещё что-нибудь отведать

фæкалын выбрасывать; проливать; вырубать; просыпать

алывыд ~ выругать; наговорить

бæлæстæ ~ повалить деревья

быræттæ ~ повыбрасывать мусор

дидинæг ~ распуститься цветком; расцвести

хæсты быдырты туг ~ проливать кровь на полях сражений

Ныры онг цы туг фæкалд, уый æгъгъæд нæу? Неужели недостаточно крови, что уже пролилась?

цæссыгтæ ~ пролить слёзы

● æдылы йе᾽дылытæ фæкалы в дураке одни дурости

● Дæ фарсæй йæ фæкал! Чтоб тебе боком вышло!

фæкатай кæнын долго волноваться, тревожиться; долго мучиться, страдать *(от боли)*

фæкафын долго танцевать

фæкæлын пролиться; просыпаться; споткнуться

~ æмæ ахауын споткнуться и упасть

йæ рыг фæкæлы пыль с неё сыпется

рухс фæкæлы льётся свет

фæкæнын сделать; проложить

бындзагъд ~ истребить под корень

бынтæ ~ наживать состояние

Бынтон æндæр фæкæны цард Жизнь сильно меняется

дыууæрдæм ~ колебаться; изменяться

● дзырды бын ~ заговорить, заболтать

Кæдæм нæ фæкæныс? Куда ты нас ведёшь?

кæстæриуæг ~ долго прислуживать

фæндаг ~ проложить дорогу; строить дорогу

хæринаг ~ приготавливать пищу; наготовить еды

хирдыгæй ~ присвоить, захватить; приблизить к себе

хуымтыл дон ~ поливать грядки

● цыфæнды фæкæн(ай) *прост.* как ни крути; что не сделай

Раздæр уæм мæ иунæг læппуйы йеддæмæ ничи рауайдзæни, æмæ мын-иу æй зианы цæфтæ ма фæкæнут, æфсоны цæф æй ракæнут. *НК.* Навстречу вам первым мой единственный сын выйдет, и не наносите ему смертельных ударов, для вида лишь ударьте его

фæкæрдын жать; кроить

æвзаг сæ нæ фæкæрды невозможно выговорить

зонд дзæбæх нæ фæкæрды туго соображает

● нæмыг дзы нæ хизы, кард йæ нæ фæкæрды пуля не берёт, клинок не проткнёт

хосгæрдджытимæ хос ~ косить с косарями

фæкæсæг (*бир.* фæкæсджытæ) оказывающий помощь, поддержку; помощник; наблюдатель

~ æм нæй за ним нет ухода; ему некому помочь

уазæгмæ уæ ~ куы нæуал ис! почему гостя никто не привечает?

хæдзармæ ~ — помощник по дому

фæкæсинаг (*бир.* фæкæсинæгтæ) — беспомощный; нуждающийся в опеке, в присмотре

~ хистæртæн лæггад кæнын — оказывать помощь нуждающимся в ней старикам

Мæ хо, мæгуыр, æртæ æнæхъом сывæллонимæ баззади, ~ уыди. *Ашæх. Батраз æмæ Лизæ* — Моя сестра, бедняжка, осталась одна с тремя детьмя, нуждалась в помощи

фæкæс-фæкæс кæнын — оглядываться, оборачиваться

Адæмæй тæрсгæйæ, фæстæмæ ~ гæнгæ, къулрæбынты æхсæвы мæйдары хъуызгæ цыди сылгоймаг. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Таясь от людей, постоянно оглядываясь назад, по-над самой стенкой в темноте ночи, крадучись, шла женщина

фæкæсын — посмотреть, взглянуть; присмотреть; позаботиться; помочь; читать; показаться

афтæ нæм фæкæсы — так нам представляется

диссаг мæм фæкæсы — мне кажется удивительным

дон мæм хъарм фæкаст — вода мне показалась тёплой

искæмæ ~ — позаботиться; уделить внимание кому-л.

Сидзæргæстæм сæ быдыры куыстытæм фæкæсдзыстæм — Вдовам во время полевых работ окажем помощь

ныхас хардзау фæкаст — слова показались обидными

фæстæмæ ~ — оглянуться

æнæ фæстæмæ фæкæсгæйæ — без оглядки

цард æнæ фæстæмæ фæкæсгæйæ раттын — отдать жизнь, не задумываясь

фыдмæ ~ — помочь отцу

хабар худæг фæкасти — новость показалась смешной

химæ дзæбæх ~ — угоститься на славу

хи сывæллонæй хуыздæр ничи фæкæсы — свой ребёнок кажется самым лучшим

худинаг нæм фæкæсы — мы стесняемся; нам представляется стыдным

фæкæсынхъуаг — беспомощный, нуждающийся в опеке, в помощи

~ адæймаг — беспомощный человек

фæкæуын — наплакаться

фæкомкоммæ уæвын — заметить, обратить внимание; направиться; нацелиться; столкнуться

фæкувын — долго молиться

● алы цуанон дæр йæхи фæндагæн фæкувы — каждый за себя, о себе печётся; каждый охотник о своём походе молится

фæкурын — выпрашивать

● чызджы сæдæ фæкуры, хæсгæ та йæ иу акæны — сто девушку будут сватать, а замуж один возьмёт

фæкусын — долго работать

фæкуыддæр уæвын — стать странным; прийти в замешательство

æнæрхъуыды фарстайæ ~ — непродуманный вопрос привёл его в замешательство

йæ сæрызонд ~ — у него что-то с головой

Тауыче æнæнхъæлæджы фæзынд, лæппутæ ~ сты. *Хъайттаты С. Тауыче* — Неожиданно появилась Тауче, юноши пришли в замешательство

Фæрыстæн дæ мастæй, / ~ мæ цард. / Дæ фæрцы нæ бæстæй / Фæлыгъдтæн æз дард. *Æрнигон. Æнамонд Ирыстон* — Я пережил твою обиду, / Жизнь моя стала какой-то странной. / Из-за тебя я покинул / Наши родные места

фæкуыддæрау уæвын — потеряться, растеряться

фæкуыси уæвын — залезть, пробраться, *разг.* затесаться *(куда-л.)*

фæкъаддæр кæнын — уменьшить; сократить

фæкъаддæр уæвын — уменьшиться, стать меньше, сократиться

нымæц дзæвгар ~ — количество значительно уменьшилось

фæкъахын — долго копать; выпытать; *перен.* ограбить, украсть

фæкъахыр кæнын — нарушить целостность

фæкъахыр уæвын — пострадать

фæкъæдз кæнын — согнуть

фæкъæдз уæвын — согнуться

азты уаргъæй астæу ~ — от груза лет спина согнулась

къах ~ — нога подогнулась

фæкъæйных кæнын — внушить дерзость

хи ~ кæнын — набраться дерзости

фæкъæйных уæвын — стать дерзким; обнаглеть

Йæ чызг дæр кæм комы?! / ~ цæм и, / Йæ дзыккутæ тоны, / Æргæвды йæхи. *Къоста. Чи дæ?* — Сама девица, где уж там – не соглашается?! / Стала им наперекор, / Рвёт на себе волосы, / Убивается

фæкъæмдзæстыг кæнын — сконфузить, смутить

Лæджы ~ кæнын æм ницы кæсы — Ему ничего не стоит поставить человека в неловкое положение

фæкъæмдзæстыг уæвын — сконфузиться, смутиться; провиниться

зæронд лæг уыцы ныхастæй ~. — старика смутили эти слова

фæкъæпп кæнын — щёлкнуть; ёкнуть

зæрдæ ~ кодта — сердце ёкнуло

фæстæмæ ~ кæнын — огрызнуться

фæкъæртт кæнын — вскрыть *(о нарыве);* отломать

фæкъæртт уæвын — вскрыться *(о нарыве);* отломиться

фæкъæрцхъус уæвын — насторожиться

фæкъотыр уæвын — прогореть; разориться; обанкротиться

фæкъул кæнын — наклонить, склонить; опрокинуть

фæкъул уæвын — наклониться, склониться; опрокинуться

фæкъулбадæг кæнын — избаловать; разбаловать

фæкъулбадæг уæвын — избаловаться

Сывæллоны æгæр буц дарыс æмæ ~ — Ты слишком балуешь ребёнка, и он стал капризным

фæкъуывитт уæвын — обанкротиться

фæкъуызын — запнуться

фæкъуылымпы кæнын помешать, воспрепятствовать; приостановить

фæкъуылых уæвын захромать

мæ бæх ~ ис моя лошадь захромала

фæкъуырма уæвын оглохнуть

фæкъуыхцы кæнын промахиваться

фæкъуыхцын запутаться; споткнуться; сделать запинку

Соломон иучысыл фæкъуыхцыдис, ахъуыды кодта æмæ та загъта. *Умар. Адæймаджы амонд* Соломон немного запнулся, подумал и опять сказал

фæласын унести *(водой);* увезти; раздеваться, разуваться

фæлахс 1. истощение; 2. испитой; поношенный; стёртый; исхудалый, истощённый, тощий

~ цæсгом испитое, исхудалое лицо;

фæлæ но, однако

~ уæддæр тем не менее, при всём при том

● фæрæт цыргъ у, ~ арх дæр хъæбæр у топор остёр, но и сук твёрд; нашла коса на камень

мæгуыр, ~ уæздан бедный, но честный / порядочный

~ царды мидæг æгæр бирæ ис «~тæ». Нæ алы къахдзæф дæр «~тимæ» баст у. *Æхсарбег. Куырды фырт* Но… в жизни есть много «но». Наш каждый шаг связан с «но»

~, егъ, уыцы «~»-йы бын цы бæллæхтæ уыди, уыдон нæ уыдтой бирæтæ. Но однако, сколько бед было под этим «но», многие не видели

фæлæбурд нападение; схватка; набег

фæлæбурын схватить(ся); напасть, кинуться; быстро приняться за дело; наброситься

фæлæвар кæнын подарить, преподнести

фæлæгæрдын пробираться; ходить; пробиваться

фæлæгхуыз уæвын возмужать

фæлæгъстæ кæнын умолять, умолить; упрашивать, упросить

фæлæдæрсын стекать, просачиваться

фæлæмарын выжимать, выжать

фæлæмæгъдзинад ослабление

фæлæмæгъ кæнын ослабить

фæлæмæгъ уæвын ослабеть

фæлæсын поплестись, потащиться

фæлæуд перебой

зæрдæйы куысты ~тæ перебои сердечной деятельности

фæлæууæн(дон) место стоянки

фæлæууын стоять; постоять; подождать, вытерпеть; погодить

● баст хæрæг дæр æм нæ фæлæудзæн невозможно удержаться; *букв.* и связанный осёл не устоит

● дзæгъæлдзыхмæ баст хæрæг дæр нæ фæлæудзæн болтун и привязанного осла из себя выведет

дыууæ сахаты уынджы ~ простоять два часа на улице
нал æм фæлæууыди его терпение лопнуло; не сдержался
мах дæм фæлæудзыстæм мы подождём тебя
Чи нæ раздæр æрцæуа, уый-иу нæ нысанмæ ‘ркæсæд æмæ-иу иннæмæ фæлæууæд. *НК.* Тот, кто вернется раньше, пусть посмотрит на нашу метку и подождет другого
искæй фарс ~ встать на чью-то сторону
фæлæуу-фæлæуу кæнын то и дело останавливаться
фæлæу-фæлæугæнгæ с перебоями; с остановками
~ куыст работа с перебоями
фæлæууынхъом способный противостоять
Организм уазæлтты ныхмæ ~ цæмæй уа, уый тыххæй хæрын хъæуы калориджын æмæ тæвд хæринаг Для того, чтобы организм мог противостоять холодам, надо есть калорийную и горячую пищу
фæлварæг испытующий
~ бакæст испытующий взгляд
фæлварæгау испытующе
~ кæсын смотреть испытующе
фæлварæн 1. экзамен, испытание, проба; попытка; опыт; упражнение; 2. опытный; испытательный, пробный
~ æмгъуыд испытательный срок
● ~ баппарын закинуть удочку
~ быдыр опытное поле
~ зæхх опытный участок
~ станцæ опытная станция
~ хъазт пробная игра
~ы хуызы в порядке эксперимента
æнæнтысджын ~тæ безуспешные попытки
бацæуæн ~тæ раттын пройти вступительные испытания
йумæйаг паддзахадон ~ы бæрæггæнæнтæ результаты единого государственного экзамена
рауагъдон ~тæ выпускные экзамены
тых ~ кæнын мериться силами
фыццаг ~ первая попытка
фæлварæнтæисæг къамис приёмная комиссия
фæлварын экзаменовать; испытывать; пробовать; пытаться
амонд ~ пытать счастье
мауал фæлвар дæ амонд перестань искушать судьбу
ног хæдтæхджытæ ~ испытывать новые самолёты
тых ~ испытывать силы; пытаться
Фæлвæра *этн.* Фалвара, покровитель крупного и мелкого скота
~йы мæй месяц Фалвара, одно из названий июня
~йы хуызæн лæг щедрый человек

фæлвæрд 1. опыт; 2. испытанный
~ æмбал испытанный друг
~ мадзал испытанное средство
~ цæуын проходить испытания
амарыны ~ покушение на жизнь
фæлвых недоваренный
фæлгæнæн воображение
~æй æххæст имеющий воображение
~ы хъуаг недостаток воображения
Мæ ~ы алыхуызон ныфсæвæрæн нывтæ кæрæдзи ивынц. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* В моём воображении разнообразные картинки, внушающие надежду, сменяют одна другую
сфæлдыстадон ~ творческое воображение
хорз ~ы хицау обладатель хорошего воображения
фæлгæнæнты в воображении
фæлгæнын воображать
фæлгæрон разорение
фæлгæсæг (*бир.* фæлгæсджытæ) *воен.* дозор; наблюдатель, обозреватель
● сæр у сæйраг хистæр, бæрзæй йæ хæдивæг, уæн – ~ старший – голова, заместитель его – шея, наблюдатель – лопатка
хæстон ~ военный обозреватель
фæлгæсæн наблюдательный
~ бынат наблюдательный пункт
~-хъахъхъæнæн мæсгуытæ наблюдательно-оборонительные башни
фæлгæст смотр; обзор, наблюдение
рæнхъыстад æмæ зарды ~ смотр строя и песни
хæстрæнхъон ~ военный смотр
фæлгæсын смотреть, созерцать, наблюдать, обозревать
~тæ сисын озираться, оглядываться
Тæхы зæрватыкк, тæхы... Фæлгæсы арвы бæрзондæй зæххы ныллæгмæ. *Чеджемты Æ. Аргъæутты бæстæйы* А ласточка летит и летит. С высоты небесной оглядывает землю
алфамбылай ~ оглядывать вокруг, обозревать
Ærлæудзысты дзæбидыртæ уым тигъыл… / Зæрдæрухсæй фæлгæс æмæ фæлгæс. *Дæуыт. Гыццыл æрдудз* Там на углу остановятся туры… / С радостью созерцай и созерцай
фæлгæт оправа; рамки; пространство
~ кæнын обрамлять
бæлвырд ~æй ахизын выйти за отведённые рамки
газеты ~ы в рамках газетной статьи
истæй ~ы в рамках чего-л.
● искæй ~ы дарын держать кого-л. в рамках
● къуындæг ~ты бацæуын оказаться в тесных рамках
федералон программайы ~ы в рамках федеральной программы
фембæлды ~ы в рамках встречи

Знон та Фыдыбæстæйы Хъæбатырты бон сбæрæг кæныны ~ы горæт Дзæуджыхъæуы Намысы мемориал бабæрæг кодта Æнæмæлгæ полк. *Р.10.12. 2015*

Вчера Бессмертный полк посетил Владикавказский мемориал славы в рамках празднования дня Героев Отечества

фæлгæтгонд обрамлённый
фæлгонд воображаемый
фæлгондз воплощение
фæлгондзын представлять
фæлгонц лицевая сторона; фасад; внешность, внешний вид; фигура; образ

~ сныв кæнын создать образ
~æй равдисын олицетворять
~ы бацæуын войти в образ
ærымысгæ ~ придуманный образ
зædæнгæс ~ ангелоподобный образ
знаджы ~ аразын создавать образ врага
рухс ~ светлый образ
дæ рухс ~ дын мæ риуы хæссын образ твой я в груди своей храню

фæлгонцад приведение в порядок; порядок; убранство
фæлгонцаразæн создание образа
~ ныхæстæ выразительные слова
~ фæрæзтæ выразительные средства
фæлгонцгонд, фæлгонцджын упорядоченный; убранный, украшенный
фæлгуыр обод; круг; карниз; ящик в горской мельнице *(где собирается мука)*

● ~– куыройæн йæ сæйраг главное на мельнице – ящик, куда мука ссыпается

фæлгъауаг (*бир.* фæлгъауджытæ) требовательный; добивающийся
фæлгъауæг (*бир.* фæлгъауджытæ) вымогатель; тот, кто требует, добивается
фæлгъауæн притязание
æнæбындур ~тæ необоснованные притязания
фæлгъауын требовать; добиваться; вымогать; вымогательство

● кад фæлгъаугæ(йæ) нæу славы вымогательством не добиваются
аслам кад ~ добиваться дешёвой славы

фæлдахæг опрокидывающий; переворачивающий
● лæг – лауыз, ус – ~ жена всем заправляет
фæлдахын опрокидывать, переворачивать
зæхх ~ пахать, поднимать пар
● рæстæг хæхтæ фæлдахы время и горы перевернёт
● фæлдахгæ над скæнын отдубасить; отмочалить
фæлдæхт (*бир.* фæлдæхтытæ) 1. переворачивание, перевертывание, запрокидывание, низвержение; 2. опрокинутый, перевёрнутый; вспаханный, поднятый *(о целине)*

Зæдты тыхджындæр æмæ хæйрæджыты фыдуынддæры, арвы æрхауд æмæ зæххы ~ куы федтаин, уæддæр мæ фылдæр джихæй нæ федтаис. *Елбыздыхъо. Худинаджы бæсты – мæлæт*

Даже если бы я увидел самого главного из ангелов, самого страшного из чертей, как разверзлись небеса или перевернулась земля, я бы не смог больше удивиться

дæлгоммæ ~

опрокинутый

Раджы заманы адæм афтæ æнхъæлдтой, цыма арв конд у хъæбæр буарæй æмæ къусау дæлгоммæ ~ у Зæххыл. *Сиукъаты Н. Дун-дуне нæ алфæмблай*

В древности люди думали, что небо сделано из твёрдого тела, и оно лежит на Земле как перевёрнутая чаша

зыгъуыммæ ~

вывернутый наизнанку

● ног ~ бæгæны дæ мад, дæ фыдæн дæр ма ратт

свежесделанное пиво даже родителям не предлагай

Нымæт худ галиу сæры фахсыл ~, астæуыл – хъама, рахиз уæхскыл – æнцойгонд топп, галиу къухы лулæ. *Арсен. Фынддæс азы*

Войлочная шляпа набекрень на левую сторону, на поясе – кинжал, к правому плечу прислонена винтовка, в левой руке трубка

Додзи уыд дæсны мæсыгамайæг. Кой дзы баззади: дурæн дам-иу цалынмæ авд ~ы не скодтаид, уæдмæ-иу æй мæсыгыл йæ бынаты не ’вæрдта. *Гуытъиаты Хъ.*

Додзи считался знатным строителем башен. Вспоминают про него, что, мол, пока семь раз камень не примерит, место ему в башне не определит

фæлдæхтæй

в перевёрнутом виде

~ æвдисын

представлять в искажённом виде

~ лæууын

быть перевёрнутым

фæлдæхын

опрокидываться, переворачиваться

● сау хох куы фæлдæха, уæд æм дæ риу ма сараз

не рискуй, умей соразмерять свои силы; грудью обваливающуюся скалу не остановишь

фæлдисон

уст. тварь, создание

фæлдисонд

произведение, творение

авивады ~

произведение искусства

фæлдисын

1. посвящение *(мёртвым);* 2. посвящать *(мёртвым);* творить, создавать

● æдзæфхад бæх мардæн ничи фæлдисы

неподкованного коня посвящать покойнику нельзя

ногæй ~

воссоздать

фæлдурæг

непостоянство; изменчивость

фæлдурæджджын

обманчивый, уклончивый, изменчивый; неуравновешенный

~ адæймаг

непостоянный человек

~ зæрдæйы хатт

изменчивый характер

~ ми

непристойный поступок

фæлдурæн

непостоянство; изменчивость

рæстæджы ~

изменчивость погоды

фæлдыст

посвященный *(мёртвым);* созданный, сотворенный

● ~ бæхыл дугъы нæ уайынц

посвящённый конь в скачках не участвует

Мады хъæбысау дын адджын уæд ацы зæхх, / Уды хæларæй ~ дын уæд ацы бæх. *Къоста. Уæлмæрдты*
Как объятия матери, пусть будет сладкой тебе эта земля, / С искренней любвью тебе посвящается этот конь

● ~ бæх рæгъауы астæу бæрæг у
посвящённый покойнику конь в табуне держится особняком

~ дзаумæттæ
вещи, посвящённые умершему

● ~ фос бирæ нæ хæссы
посвящённого животного век короток

~ чызг
уст. девушка, посвящённая погибшему жениху

~ чызгæн не ‘мбæлы хъазтмæ цæуын. *Ашæх. Нæ фæлтæры фæндæгтæ*
Девушка, что жениху покойному предназначена, не должна посещать увеселений

● мæ куыдз ~ уæ мыггагæн!
мой пёс да будет посвящён вашей фамилии!

● мæнæ хæйрæджы ~
творение дьявола

● сауджын – ~, молло – æлгъыст.
священник посвящён, молла – проклят

● уазæг æрцæуынмæ чи бæллы, уымæн йæ мæрдтæн хæрæг ~ фæуæд
кто о госте мечтает, его покойникам пусть осла посвящают

фæлдзæгъдæн
метель

хохыл мит ~ хаста
в горах мела метель

Мæ алыварс сабыргæй мæ цæст хæссын, фæлæ мæм миты ~æй ницы зыны. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ*
Медленно оглядываюсь по сторонам, но из-за снежной метели ничего не видно

фæлдзæгъдын
идти *(о снеге);* мести *(о метели)*

фæлдзæуæн, фæлдзæуын
переходный

~ дуг
переходный период

фæлекка кæнын
проходить понапрасну; расхаживать; бродить

фæленк кæнын
проплыть

фæливæг (*бир.* фæливджытæ)
обманывающий; обманщик

Йæ хо – хæрзгæнæг, йæ фырт – тыхгæнæг, йæхæдæг – ~? *НК.*
Сестра его добро делает, сын его насилие творит, а сам он обманами промышляет?

фæливын
обманывать; запудривать мозги

æууæнкджын адæмы ~
обманывать доверчивых людей

фæливындзинад
обман, плутовство; измена

фæлидзæг кæнын
обратить в бегство

фæлидзæг уæвын
обратиться в бегство, убежать, удрать

фæлидзын
побежать, убежать, переселиться

● афтæ смæгуыр, æмæ йæ мыстытæ дæр фæлыгъдысты
обнищал как церковная мышь; *букв.* из-за его нищеты даже мыши от него сбежали

зæхх фæлидзы къæхты бынæй
земля уходит из-под ног

Сырдтæ йæм байхъуысынц, сырдтæ йæм нынниуынц, / Фæстæмæ фæлидзынц сæ хуынчъыты былтæм. *Къубалты А. Æфхæрдты Хæсанæ*
Звери прислушиваются, воют звери на него, / Назад в свои норы забиваются

хицæй фæлидзæн нæй
от себя не убежишь

фæлин
анат. диафрагма

фæлитой 1. плут; обманщик, мошенник; 2. жуликоватый

~ лæгыл худинаджы зарæг скæнын ославить жулика в позорной песне

~ митæ йæ фæсонæрхæджы дæр не сты ему не свойственно никакое жульничество

● рувасы ~ митæ плутовские проделки

цæстфæлдахджыты ~ митæ жульнические проделки обманщиков

фæлитойдзинад жульничество, плутовство, мошенничество

фæллад 1. усталость; 2. усталый; измученный, утомлённый

● ~ бæхтыл / галтыл кæдæм цæуыс загнанного коня / вола не запрягают

~ кæдæмдæр фæлыгъд усталость улетучилась

Суадоны рæсуг доны фæстæ мæ ~ кæдæмдæр фæлыгъд Я выпил прозрачной родниковой воды, и усталость моя улетучилась

~ нæ зонын не знать усталости

~ ницæмæ дарын не обращать внимание на усталость

~ суадзын отдохнуть

Фæлæ уал уе'ппæт дæр абон – мæ уазджытæ... / Бахъæлдзæг мæ кæнут... суадзут уæ фæллад. *Къоста. Хетæг* На сегодня все вы пока мои гости… / Развеселите меня, отдохните

дæ ~ суадз отдохни

Хъуамæ райсом афтæ фæхуысса, æмæ йæ ~ куыд ссæуа. *Дæбе. Минæвæрттæ* Он должен завтра спать столько, чтобы его усталость прошла

● ~ фистæг – бæхджыныл худæг сам пеший да усталый, а над верховым потешается

● фыр ~æй мæлын *разг.* быть без задних ног, не в состоянии двигаться от усталости

къæхтæ арт уадзынц фыр ~æй ноги горят от усталости

Хъуыдытæ ~ æмæ фæндаг цыбыргæнæн сты. *Æхсарбег. Куырды фырт* Мысли помогают притупить усталость и сократить путь

фæлладдзинад усталость

фæлладсафæн, фæлладсурæг средство от усталости

фæлладуагъд отдых

фæлладуадзæг (*бир.* фæлладуазджытæ) отдыхающий

фæлладуадзæн для отдыха

~ хæдзар дом отдыха

~ бонтæ дни отдыха

фæлладхуыз усталый

фæлладхуызæй устало

фæллайын уставать

~ кæнын утомлять

се 'взæгтæ куыд нæ фæллайынц! сколько можно языками молотить!

фæллой труд, работа; продукт труда; имущество; богатство

~ кæнын трудиться

~ы базарад рынок труда

~ы бар — право на труд

~ы урок — урок труда

● ~ кæм уа, фарн дæр уым — где труд, там и изобилие

æвæллæйгæ ~ — неустанный труд

Хуымгæнæгмæ / Йæ ~æ / Хай куы заид, – / Цы хорз уаид! *Цæрукъаты А. Цы хорз уаид* — Если бы тому, кто пашет, / Доля трудов его доставалась / Как хорошо бы было!

● æнæсæрфат ~ — бестолковая, бесполезная работа

æхсæнадон ~ — общественное достояние

● искæй ~æ цæрын — пользоваться плодами чужого труда; жить за чужой счёт

● хæдзары ~ магуса сафы — лентяй разбазаривает нажитое в семье

фæллойаг — опасность, угроза; вероятность, возможность

изæры куы ныууара, уымæй ~ у — очень вероятно, что вечером пойдёт дождь

фæллойад — имущество; труд

паддзахады ~ — государственное имущество

фæллойадон — трудовой

~ архайд — трудовая деятельность

~ дисциплинæ — трудовая дисциплина

фæллойбон — трудодень

фæллойгæнæг (*бир.* фæллойгæнджытæ) — 1. трудящийся, труженик; 2. трудовой, трудящийся

~ адæм — трудящееся население

фæллойуарзаг, фæллойуарз — трудолюбивый

~ дзыллæтæ — трудолюбивые люди

Иууылдæр уыдысты ~. Хæдзар ницы хъуаг сæййæфтæ. *Хъаныхъуаты В. Зарæгмæ хъуыстой кæугæйæ* — Они все были трудолюбивы. Семья ни в чём не нуждалась

фæллойхъом — трудоспособный

фæллойхъомад — трудоспособность

фæлм — мгла; дымка, туман, пар; бельмо; пелена

~æй æмбæрзын — накрывать пеленой

Афæлгæсыди арвыл, йæ цæстæнгас афæстиат ис хæхты сæрмæ бæзджын ~ыл. *Арсен. Джанаспи* — Обвёл глазами небо, задержал взгляд на толстой пелене, опустившейся на вершины гор

~æй фæндаг нал зыны — в тумане не видно дороги

рохуаты ~ — пелена забвения

Рæстæг, дам, алцыдæр, алкæйдæр ферох кæнын кæны, бамбæрзы йæ рохуаты ~æй. *Р. 30.08.2018* — Говорят, время всех и всё заставляет забыть и покрывает всё пеленой забвения

сайæн ныхæсты ~ — пелена лживых речей

фæлмас — 1. бесхарактерный; мягкий, уступчивый; ласковый, нежный, кроткий; 2. мягко, не грубо

● ~ уæрыкк дыууæ мады дæйы — ласковый телёнок двух маток сосёт

фæлмасдзинад — мягкость; нежность, кротость

фæлмасхуызæй нежно, кротко

фæлмæмбæрзт туманный, мглистый, затянутый мглой

фæлмæн 1. мякиш; мякоть; 2. мягкий; сговорчивый

~ адæймаг мягкий, кроткий человек

~ бæласы калм хæры мягкую древесину червь точит

~ кæнын делать(ся) мягким, размягчить(ся)

● ~ лæгæй нæ бæззы мужчине мягкость не пристала

Ды дæ мæ бæллиц, præссугъд чызгæй, / ~ мидбыл мæм фæкæн. *Зарæг* О тебе я мечтаю, красавица, / Улыбнись мне нежно

~ нысан мягкий знак

● ~ ныхас алкæмæн дæр æхсызгон у доброе слово и кошке приятно

~ ноз напиток (не пьянящий)

~ фыд мякоть

~дæр домæнтæ менее жёсткие требования

● бадт дзуллагæй ~дæр очень мягкий; мягче осевшего белого хлеба

бæмбæгæй ~дæр мягче ваты

Зæгъынц уæйыгæн: – Æппæты ~дæр у зæрдæйы ахаст. Уый маст æртасын кæны, ныфс ратты лæгæн. *НК.* Говорят уаигу: – Самое мягкое из всего это сердечное отношение. Оно и гнев усмирит, и надежду вселит

● куы хыссæйæ ~дæр, куы та – мæсыгау æнæсæтгæ то мягкий как тесто, то неприступный как башня

уæрыккы къуымбилау ~ нежный как шерсть ягнёнка

Ныр ~дæр цæстæй кæсынц, фыццаг цæрæг чи уыди æмæ ныр чи нал у, уыдонмæ. *Арсен. Джанаспи* Сейчас они снисходительнее относятся к тем, кто жили раньше и которых больше нет

фæлмæнæй мягко

~ зæгъгæйæ мягко выражаясь

● зæлдаг ælвисæгау ~ дзуры так мягко речь ведёт, словно шёлк прядёт

● ~ цы бакæнай, уый хъæртæй нæ сараздзынæ мягкостью можно получить то, чего криками не добьёшься

фæлмæнвад 1. безволие; бесхарактерность; 2. бесхарактерный; слабовольный; мягкотелый; непритязательный

Æз ахæм ~ нæ дæн, мæнæ бандæттыл бакъул кæндзынæн æмæ тынг дзæбæх бахуысдзынæн. *Дæбе. Уæззау операци* Я не такой изнеженный, вот на стульях прикорну и прекрасно высплюсь

фæлмæнваддзинад бесхарактерность

фæлмæнвæнд безволие

фæлмæндзæстыг покорный; смирный; незлобивый; добродушный

Уæддæр сылгоймаг хъуамæ æфсæрмдзаст æмæ ~ уа. *Малиты В. Сурмейы хæдзар* И, тем не менее, женщина должна быть застенчивой и покорной

фæлмæндзинад мягкость

фæлмæндзых ласковый, нежный

фæлмæнзæрдæ 1. отзывчивость; доброта; 2. мягкосердечный, добрый

фæлмæнзæрдæдзинад отзывчивость; душевная мягкость; мягкосердечность

фæлмæнкъух мягкий, ласковый; отзывчивый; милостивый

фæлмæнтæ мягкое место; мякоть; зад

~ ранæмын пошлёпать, нашлёпать

Микъалозы берданкæйы къæртдзæх дзы бирæты ~ басыгъта. *Максим. Æхсызгон улæфт* Микалоз крупной солью из своей берданки многим их мягкие места обжёг

фæлмæнтæдзурæг ласковый; сладкоречивый

фæлмæнцыхт творог

фæлмæнылбадæг безбедный; успешный; благоденствующий; *букв.* сидящий на мягком

● ~ хъæбæрылбадæджы нæ зоны сыт голодного не разумеет

фæлмæст усталый, измученный, утомлённый; удручённый

Рынчын абон ~дæр хуыз у. Больной сегодня выглядит более усталым

фæлмæцаг быстро устающий, утомляющийся

● бадæг чызг ~ у девушка, что, засидевшись, в доме отца живёт, быстро устаёт

фæлмæцæн утомительный

фæлмæцыд, **фæлмæст** усталый, измученный, утомлённый; удручённый

низæй ~ истощенный болезнью

фæлмæцын тяготиться; уставать, утомляться; изнывать

~ кæнын докучать; надоедать, досаждать; мучить; утомлять

● адæймаг царв æмæ мыдæй дæр фæлмæцы даже мёд с маслом приедаются

адæймаг ма фыдджын хæрдæй дæр куы фæлмæцы всё приедается; даже самые лучшие кушанья приедаются

дойныйæ ~ изнывать от жажды

Фæхъус та ис зæронд, йæ сæрыл ысхæцыд… / Мæсыгмæ кæсгæйæ, мæгуырæг, фæлмæцыд. *Дæуыт. Гæнæх* Умолк старик, поднял голову… / Глядеть на башню, бедняга, устал

● хорз нæ фæлмæцы хороший человек устали не знает

фæлмæцынгæнæг (*бир.* фæлмæцынгæнджытæ) 1. надоеда; надоедала; 2. навязчивый; надоедливый; утомительный

~ адæймаг назойливый человек; назойливая муха

~ æнтæф изнуряющий зной

~ тæвд утомительный зной

фæлмхуыз матовый

фæлмджын мглистый; туманный

фæлтау *частица* лучше (бы); то ли дело

~ амæлын хуыздæр — лучше смерть

Æмæ дæ никуы ратдзынæн / Ызнагæн, зон уый ды, / ~ мæлæт ыссардзынæн / Дæ сæрвæлтау хæсты! *Кочысаты М.* — Но никогда врагу тебя я не отдам, / Знай это твёрдо, / Лучше смертью храбрых паду / На этой кровавой войне

~ зæронды онг дæ бонтæ иунæгæй æрвит — лучше одному до старости бобылём жить

~ куы ацыдаин — лучше бы я уехал

~ мæ демæ ауадз… Ам мын баззайæн нал ис. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Лучше возьми меня с собой. Здесь мне больше нельзя оставаться

Ауадзут ма мæ ~, / Райхалут мæ бæттæн! *Къоста. Цъиу æмæ сывæлæттæ* — Лучше отпустите меня, / Развяжите меня

~ цы дзурыс, ууыл хъуыды кæн, цы загътай, ууыл фæсмон кæныны бæсты — лучше думай, что говоришь, чем сожалеть, о том, что сказал

● æнæхъæн дзуг фесæфыны бæсты ~ иу цау фесæфæд — лучше одного из стада потерять, чем всё стадо

● дæ аиппыты тыххæй дæ хæлæртты ма фæрс, ~ базон, де знæгтæ цы дзурынц, уый — о своих недостатках у друзей не узнаешь, недруги о них лучше расскажут

фæлтæр — период; эпоха; слой; серия; разряд; степень; поколение

~ рæстæг кæны — время создают поколения

æхсæнадон ~ — сословие

æхсæнады уæлдæр ~ — высшее сословие

● дуг дуджы ивы, цард – царды, ~ – ~ы — эпоха сменяет эпоху, жизнь меняется, сменяются поколения

● дугæй нæй хъастгæнæн, фæлæ ~æй – ис — не на время надо пенять, а на поколение

мæ дуджы ~ — моё поколение; мои современники

Уый раджы уыд, раджы, фæлæ ма ныр дæр / Сæ хабар фæкæны мæ дуджы ~æн. *Дæуыт.* — Давно это было, давно, но и сейчас / Рассказывают моим современникам о них

рæзгæ ~ы хъомылад — воспитание подрастающего поколения

ныры ~ — нынешнее поколение

уæды ~ — тогдашнее поколение

Уæды ~ æмæ ныры ~ æхсæн бирæ бындыртæ ис. *Умар. Стъалы куы скæса* — Между тогдашним поколением и нынешним – дистанция огромного размера

хистæр ~ыл аудын — заботиться о старшем поколении

фæлтæрæвæрд — наслоение

фæлтæрæй-фæлтæрмæ — из поколения в поколение

фæлтæрæн — 1. опыт, испытание; попытка; 2. опытный, испытательный

~ кæнын — пытаться; пробовать; чередоваться

~ты зонд ссарæг — умудрённый опытом

цалдæр ~ы скæнын — предпринять несколько попыток

Хицауимæ аныхас кæнон, зæгъгæ, цалдæр ~ы скодтон, фæлæ мын ницы бантысти. — Я предпринял несколько попыток поговорить с начальником, но мне не удалось

царды ~ — жизненный опыт

фæлтæргай — посменно

~ ивын — перемежаться
~ кусын — работать посменно
● дуг ~ æмæ рæстæггай у — эпоху создают поколения и времена
● цардыуаг – ~ — условия жизни меняются

фæлтæрд, фæлтæрдад — 1. опыт; 2. опытный; испытанный; привычный; устойчивый; закалённый

~ адæймаг — опытный, бывалый человек; тёртый калач
~ æмгар — испытанный друг
● ~ лæг зынсайæн у — бывалого человека не проведёшь
~ хъуыддаг — привычное дело
● ~ цуанон дæрдтыл зилы — опытный охотник ищет добычу в отдалённых местах

бирæ азты ~ — многолетний опыт
Вассойы ~ райстой бирæ ахуыргæндтæ, æмæ ныр ахæм дзырдуæттæ фæзындысты æндæр æвзæгтыл. *Гуыриаты Т. Бæллицаг хъысмæт* — Опыт Васо (*Абаева*) переняли многие учёные, и сейчас и на других языках появились такие словари
раздæр ~ы скъола — школа передового опыта
хи ~æй базонын — убедиться на собственном опыте

фæлтæрдджын — опытный, испытанный

фæлтæрддзинад — опыт, навык; опытность

раззагдæр ~ — передовой опыт
фæллойы ~ — трудовые навыки
царды ~ — жизненный опыт
Мæ бæрзæйыл æвæрд ис империалистон æмæ мидхæсты ~. *Дзæдтиаты Т. Æхсаргæрдты* зæлланг — За моей спиной опыт империалистической и Гражданской войн

фæлтæрджын — слоистый

фæлтæрын — пробовать, испытывать; осваиваться; акклиматизироваться

фæлтæхæг — перелётный
~ мæргътæ — перелётные птицы
Къæдз у растбырынкъ егъау ~ маргъ — Аист – крупная перелётная птица с прямым клювом

фæлтæхæн — перелёт
хърихъуппыты ~ хуссармæ — перелёт журавлей на юг

фæлтынггонд — перенапряжение

фæлурс — 1. бледность; 2. бледный, бледнолицый

мæрдон ~ — бледный, как смерть
~ кæнын — бледнеть; становиться незначительным; ослабевать
Абоны рæстæг цард куыд тагъд ивы, афтæ тагъд ~ кæнынц адæмы æхсæн хæстæгдзинады æнкъарæнтæ дæр. *Р. 08.07.2017* — В нынешнее время быстро меняется жизнь, и с такой же быстротой ослабевают родственные чувства между людьми
~ уæвын — быть бледным

Фæлæ дзырдтæ хъуыры ныббадтысты, йæ ~ былтæ дзæгъæл змæлд кодтой. *Арсен.* — Но слова застряли у него в горле, бледные губы беззвучно шевелились

фæлурс-бур — белокурый; светло-жёлтый

фæлурсбын — бледный, кремоватый; с желтоватым оттенком

фæлурсдзæсгом — бледнолицый

фæлурсдзинад — бледность

фæлхас (*бир.* фæлхæстæ) — издержки, расход

~ кæнын — тратить, расходовать; потреблять; затрачивать

~ кæнын бахъæудзæн — предстоят расходы

~æй пайда къаддæр у — прибыль не покрывает издержек

~æй тæрсын — бояться потратиться

Иуæй дæ ном ыскæнын фæнды, аннæмæй та ~æй тæрсыс. Уый гæнæн нæй: хъуамæ кæнæ уæхст басудза, кæнæ – физонæг — С одной стороны, ты хочешь имя заработать, с другой, расходов избегаешь. Так не получится: нужно идти на жертвы – либо шампур сгорит, либо мясо пригорит

артаджы ~ — расход топлива

рæстæджы ~ — трата времени

стыр фæлхæстæ не ‘мбæлы — не принято много тратиться

фæлхæстæ фидын — выплатить расходы

фæлхæсты ахъаззагдæр хай — значительная часть расходов

● хорз уазæг ~ фынгыл дæр къæбæр фæуадзы — приличный гость даже за столом, что вскладчину, не жадничает

Уазæг уарзаг нæ уыди, ~ йедтæмæ цы сты уазджытæ, æмæ йæм куыд нæ цæуой, уымæн дæр исты фæндтæ кæндзæн. *Арсен. Джанаспи* — Гостеприимным он не был, от гостей один расход, а как их отвадить он тоже что-нибудь придумает

фæлхасад — потребление

уæрæх ~ы товартæ — товары ширпотреба

фæлхасадласæг чырæ — потребительская корзина

фæлхасадон — потребительский

~ кооперaци — потребительская кооперация

фæлхасæхсæнад — потребсоюз

~ы цæдис — потребсоюз

фæлхасгæнæг (*бир.* фæлхасгæнджытæ) — 1. пайщик; потребитель; едок; 2. расходующий, потребляющий

фæлхаскæнынад — потребление

фæлхаст — одурелый

фæлхат, фæлхатынад — повторение

~ кæнын — повторять; перечислять

рагон хабæрттæ ~ кæнын — перепевать, повторять старые истории

Ныртæккæ ахæм хабæрттæ сарæх сты. Æз сæ ~ нæ кæндзынæн. *Р. 02.02.2017* — В наше время такие явления участились. Не буду вновь перечислять их

хи ~ кæнын — повторяться

фæлхатæн — перевоплощение

фæлхатгай повторно

фæлхатгæнæг повторяющийся

фæлхатын 1. повторение, рецидив; 2. переворачивать; повторять

● ~ у ахуыры сæр повторение – мать учения

зæрдæйы мæстытæ ~ бередить сердечные раны

искæй зæрдæ ~ выворачивать чью-л. душу

низы ~ рецидив болезни

фæлхæрст, фæлхæст безумный, ненормальный; взбалмошный; душевнобольной

исчи дæ ~ фæхондзæн сочтут тебя безумным

Де ‘ррa ныхæстæм та бахæццæ дæ, ~! *Æхсарбег. Куырды фырт* Опять ты повторяешь эти глупости, безумец!

фæлхæрттæ объедки; недоеденные куски

фæлхæтын переворачиваться; повторяться

фæлхор (*бир.* фæлхæрттæ) отходы, остатки; *перен.* недостатки

● искæй фæлхæрттæ хурмæ (уынгмæ) хæссын говорить о чьих-л. недостатках на людях

● кæйдæр ~ къæбæртæм æнхъæлмæ кæсын жить подачками; дожидаться объедков

фæлхыгъд перерасчёт; переучёт

фæлхъазæн, фæлхъæзæн волна, зыбь

Йæ зæрдæйы сагъæстæ, йæ маст ын ноджы тынгдæр сабухтой Терчы ~тæ. *Æхсарбег. Куырды фырт* Ещё больше разбухли её переживания, её гнев от вида бегущих волн Терека

фæлхъæзын волноваться

фæлывд 1. враньё; обман, мошенничество; 2. обманутый; фальшивый

~ ми подлог

уыцы ~ митæй цы рамбулынмæ хъавы? чего он добивается своими мошенническими выходками?

~ нотæ фальшивая нота

~ ныхæстыл бауæндын поверить лживым речам

~æй цæуын обмануть, провести

Сывæллоны зæрдæ, дам, зонаг у, / ~æй йыл рацæуæн нæй! *Абайты Э. Сæрмæтæн* Говорят, ребёнок сердцем всё чувствует, / Его не обманешь!

кæд кусæм, уæд æнæ ~æй! если работать, то добросовестно!

уаз ~ святая ложь

фæлывддзинад неискренность

фæлыг кæнын отрезать; отрубить

ныхас цæхгæр ~ кæнын резко, грубо оборвать

фæлыг уæвын оборваться, обрезаться

Ныхас куыддæр ~ и, / Бæрзæй æрхауд йæ риуыл. / Цæссыг тугæй æрцыди, / Лæг нал хæцыд йæхиуыл. *Мамсыраты Т. Дыууæ æмбалы* Оборвались слова, / Голова на грудь упала. / Кровавая скатилась слеза, / Сил держаться не стало

фæлыгъд побег; переселение

фæлымæн кæнын (уæвын) подружить(ся)

фæлындæн оборудование; обмундирование; украшение; одежда

куыстуæтты ногдæр ~ новейшее оборудование предприятий

назы ~тæ ёлочные украшения

сылгоймаджы ~тæ женские украшения

фæлындын 1. украшательство; украшение; оборудование; 2. одевать; облачать; наряжать, украшать; оборудовать; отделывать, преображать

Хъæууон сылгоймæгтæ уарзтой къухы бафтгæ алыхуызон нывтæй сæ къуылтæ ~. *Дæбе. Уæззау операци* Сельские жительницы любили украшать свои стены разными картинками, которые им попадали в руки

фæлыст 1. убор, убранство, наряд; пара (одежды); комплект; 2. разодетый, *разг.* нарядный

бæхы ~ конская упряжь

дидинджытæй ~ кæрт убранный цветами двор

дыууæ ~ы цъындатæ две пары носков

иу ~ цырыхъыытæ пара сапог

Райсомæй уæрдоны дыууæйы ~ хуысæнгæрзтæ æмæ ма чысыл цыдæртæ бафснæйдтой. *Цхуырбаты М. Æнæмæлгæ уидаг* Утром они сложили в телегу постельные принадлежности обоих и ещё кое-что

чындзы ~ наряд невесты

Иутæ æфсæст, иннæтæ тыхст, иутæ лæгъз дарæсæй ~, иннæтæ гомгуыбын. *Мæрзойты С. Къæхтысæр* Одни в сытости, другие в скудости, одни в пух и прах разодетые, другие в обносках

фæмард кæнын убить наповал, сразить

фæмард уæвын быть убитым (*в бою, драке и т.д.*)

хъæбатырæй ~ уæвын пасть смертью храбрых

Райста сау хабар: «Майор Басаты Темыры фырт Таймураз хъæбатырæй ~ немыцаг фашистты ныхмæ хæсты». *Умар. Стъалы куы скæса* Получил он горестную весть: «Майор Басаев Таймураз Темырович пал смертью храбрых в борьбе с фашистскими захватчиками»

фæмарын убивать; убить

тухæнæй ~ замучить

фæмаст кæнын погоревать

фæмæгуыр уæвын обеднеть

фæмæллæг уæвын похудеть

фæмæлын умирать

дойныйæ ~ *разг.* умирать от жажды

фæмæнг кæнын разоблачить, уличить

фæмæнг уæвын оказаться ложным, неправдоподобным; промахнуться

фæмæрзын мести, выметать, подметать

фæмæсты кæнын рассердить

фæмæсты уæвын рассердиться

фæмæцын вываляться; *разг.* выпачкаться

туджы ~ валяться в крови

фæмидæг кæнын водворить; быстро ввести

фæмидæг уæвын быстро войти; водвориться

фæмиддуар уæвын войти вовнутрь

фæмизын просочиться; помочиться

фæмил кæнын покрываться сажей; делать чёрным

фæмил уæвын почернеть; пробиться *(об усах)*

~ вæййынц хæхтæ, / Фæбур вæййы дон, / æртæхынц нæм мæргътæ, / Фæтынг вæййы бон. *Къоста. Чи дæ?* Чернеют горы, / Желтеют реки, / Прилетают к нам птицы, / Удлиняется день

фындзы бын ~ начали пробиваться усы

Уый уыд саулæгъз, сау йæ хил. Фындзы бын чысыл ~. *Дæуыт. Гæмæт* Был он смуглым, черноволосым. Уже начали пробиваться усы

фæмилдзæсгом кæнын скомпрометировать

фæминас кæнын попировать

Нæ лæппуйы бонтæ фæмысыдыстæм, ~ кодтам. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* Повспоминали нашу молодость, попировали

фæмур кæнын разбить на куски

фæмур уæвын разбиться

фæмынæг уæвын погаснуть, померкнуть *(об огне)*

Артдзæсты къæцæлы муртæ фæрухс-~ кодтой, Азау æмæ Дыса арты фарсмæ иу ран æрбадтысты. *Секъа.* Дровишки костра то вспыхивали, то гасли. Азау и Дыса присели рядом у костра

æууæнкдзинад нæ ~ доверие не исчезло

бæрæг аххосæгтæм гæсгæ куыст ~ по известным причинам работа сошла на нет

рæвдаугæ хъæлæсæй кæуын ~ кæнын ласковым голосом унять плач

стыр цин ~ большая радость померкла

сфæлдыстадон архайд ~ творческая деятельность угасла

цæстыты цæхæр ~ свет в глазах померк

фæмынæггомау померкший

кой ~ об этом стали меньше говорить / судачить

Дыууæ бæллæхæй Хамырзæйы хабар фæсудзагдæр, æмæ скъæфты кой ~. *Лademыр. Дыууæ бæллæхы* Из двух бед история Хамырзы оказалась более жгучей, и история с похищением померкла перед ней

фæмырхын стащить; провозиться

фæмысын вспоминать; выдумывать; наговорить, наклеветать

фæнай кæнын *с.-х.* долго молотить

фæнайын долго купать

фæнарæг кæнын сделать узким, тесным, сузить

фæнарæг уæвын сделаться тесным, узким, сузиться

фæнæмын побить, поколотить; долго мять, утрамбовывать

Хæйрæджы фарстой: «Чи дæ фæнадта?» Уый сын афтæ: «Мæхи мæхæдæг».

– Цытджын ælдары номдзыд фæсдзæуины нæмынмæ дæ нæ ракодтон. – Над фæуынæй ~ хуыздæр у. *Болайы фырт. Чермен*

Чёрта спросили: «Кто тебя отдубасил?» А он в ответ: «Сам себя»

– Я тебя не для того привёл, чтоб ты побил телохранителя именитого алдара. – Уж лучше побить, чем самому быть битым

фæнæхстæр кæнын отправиться

фæнд совет, указание; воля; дума, мысль; замысел; решение

~ (фæндон) аивын отказаться от своего прежнего намерения, отступить; передумать

Йæ ~ ма аивæд æмæ та мæ суг сæттынмæ ма арвитæд. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* Лишь бы он не передумал и не отправил меня снова рубить дрова

~ аивын передумать

~ аивын кæнын разубедить

● ~ æмæ хъуыддаг иу не сты желаемое и сделанное не одно и то же

● ~ зондæн фæндаг мысль уму дорогу прокладывает

~ кæнын советоваться; намереваться; задумывать; замышлять

~ сæвзæрд зародилась мысль

~ сæрæй цух нæ кодта мысль застряла в голове

~ сæххæст кæнын осуществить задуманное

чъизи ~ сæххæст кæны осуществить грязное намерение

~тæ æрдæгыл аскъуыдысты планы прервались на половине

● ~тæ дызгъуын кæнын сбивать с толку; спутать планы

Нæ куысты мидæг цавæрдæр хъæндзинад ис, æмæ нын нæ ~тæ дызгъуын кæны. *Умар. Адæймаджы амонд* Есть какой-то недостаток в нашей работе, и это сбивает нас с толку

~тæ къухы бафтыдысты задуманное осуществилось

~тæ нывæндын замысливать; строить планы

Йæхицæй Наполеон ма аразæд? Цыдæр ~тæ нывæнды. *Мæрзойты С. Къæхтысæр* Он что из себя Наполеона строит? Что-то замышляет

~тæ хъуыры фæбадтысты планы не удались, стали поперёк горла

Доны пырхытау мæ бæллицтæ лыстæг мур фестынц, мæ ~тæ хъуыры фæбадынц. *Мæрзойты С. Дзæбуг æмæ хъæсдарæг* Мои мечты разлетаются как капли воды, мои планы поперёк горла становятся

~тæй дарддæр хъуыддаг нæ цæуы дальше планов дело не идёт

~ыл ныффæрск уæвын настаивать на своём

Стæй фæстæдæр разы уыд йæхицæй, йæ ~ыл кæй ныффæрск ис, уый тыххæй. *Умар. Стъалы куы скæса* А впоследствии очень собой был доволен, что смог настоять на своём

адæмы ~мæ гæсгæ по воле народа; согласно общему решению

æдылы ~ глупая затея

ænærцæугæ фæндтæ, саст ныфсытæ — несбыточные желания, обманутые надежды

дардмæ ~тæ — далёкие планы

Дæ ~тæй ма фæтæрс! — Не страшись задуманного!

Зæрдæ ~тæй дзаг — сердце полно планов

зæрдæйы сусæг ~тæ — тайные сердечные желания

йæ ~ ын ницы амалæй аивын кæндзынæ — его невозможно разубедить

марыны ~ скæнын — замыслить убийство

● мæ ~ карст у — моё решение окончательно

● искæй ~ыл дыууæ нал зæгъын — уступить, согласиться с кем-л.

кæддæриддæр искæй ~ыл цæуын — всегда следовать чьей-то воле

мæхи ~æй — по своей воле, добровольно

сау ~тæ — чёрные, недобрые мысли; злой умысел

● сæдæ ~ы скæн, æмæ сæ хуыздæр чи уа, уый равзар — сто раз отмерь и как лучше отрежь

сусæг ~ — тайный замысел

● æвронджы сусæг ~ – расыгæй ныхас — что у трезвого на уме, у пьяного на языке

фæуæд дæ ~! — пусть будет по-твоему!

● хи ~ тæрын — стоять на своём; гнуть своё; гнуть свою линию

Æ-æ-æ, къулбадæджы сæныкк, йæ ~ атардта æмæ Мæскуыйы баллæуыд. *Изæтбег. Фыдхъус – хæдзархалæг* — А-а, пострелёнок, настояла на своём и отправилась в Москву

Уари цы дугъы нæ уыд, уый дугъ нæ хуыдтой. Гъемæ сæрра дæн, зæгъын, цы уа, уый уæд. Атардтон мæ ~. *Хуыгаты Г. Хъæздыг хæдзар* — Скачки, на которых не было Уари, даже скачками не называли. Вот меня и понесло, решила, будь, что будет. Настояла на своем

● хи ~ыл лæууын — стоять на своём; отстаивать своё мнение

хорз ~тæ — благие намерения

● хистæры хорз ~æй кæстæр дæр рæзы — от благопожеланий старшего младший растёт

Хуыцауы ~мæ гæсгæ — в соответствии с божьей волей

фæндаг (*бир.* фæндæгтæ) — путь; дорога

~ бацамонын — указать путь

– ~ мын чи ацамонид, иу ахæм мын мемæ бафтау, бузныг дæ уыдзынæн, хорз ус. *НК* — – Отправь со мной того, кто смог бы указать мне дорогу, буду тебе благодарен, добрая женщина

~ дарын — идти, держать путь

фæстæмæ ~ адарын — отправиться в обратный путь

дæ ~ дар! — иди своей дорогой! Иди, куда шёл!

Ды та дæ ~ дар, мæ хур, уæхирдæм. *Тæтæри. Мæ хо* — А ты, мой дорогой, держи путь домой

ныхæстæгæнгæ сæ ~ адардтой — беседуя, они отправились в путь

● ~ дæттын — уступить дорогу, пропустить; разрешить

Фарны уазджытæ… Хæстæгæн дæ агурынц. ~ сын дæттыс? *Максим. Æхсызгон улæфт* — Благословенные гости. Хотят породниться с тобой. Ты даёшь им разрешение?

~ кæнын	проводить, прокладывать дорогу, путь
~ искæуыл акæнын	заходить *(мимоходом),* навестить
æз мæ ~ акæндзынæн нæхиуыл	Я по пути заскочу домой
дæ ~ мæныл ракæн	по пути зайдёшь ко мне
● ~ ныннæмын	проторить дорогу; протоптать тропинку
~ раттын	посторониться, уступить дорогу
~æй æрæдиййын	сбиться с пути
галиу ~ыл æрæдиййын	стать на опасный путь
~тæ уæрæх	скатертью дорога
– Мæ бон афтæ цæрын нал у. – Æмæ дын ~тæ уæрæх. *Гæстæн. Мæйы фæстаг бонтæ*	– Я больше так жить не могу. – Ну и скатертью дорога
● фæндæгтæ уæрæх-цæугæ	скатертью дорога
Ацы хæдзар кæй нæ хъæуы, уымæн ~ уæрæх-цæугæ уæд. *Умар. Уалдзæджы улæфт*	А тех, кому этот дом не дорог, мы здесь не задерживаем, скатертью дорога
~ыл афæстиат уæвын	задержаться в пути
~ыл уæвын	быть в пути
● ~ыл дæ фысымуатмæ чи хона, уымæиу бацу	кто ночлег станет предлагать, у того и стоит ночевать
~ыл фæкæлын	оступиться; совершить ошибку в жизни
~ыл цæуын	быть в пути; идти по дороге
сæрсафæн ~ыл æрлæууын	встать на опасную дорожку
хи ~ыл цæуын	идти своим путём
● ~ыл цæуыс, уæд дæ лæдзæг ма ныууадз	отправляешься в путь, палку не забудь
● ~ыл цæхгæр æрлæууын	стать поперёк дороги
● адзалы ~ыл лæууын	стоять одной ногой в могиле
● фисынмæ ~ыл æрлæууын	сбиться с правильного пути
● амонджын ~ – цардхæссæг	главное правильно выбрать в жизни путь
● ахæрæты ~ыл арвитын	проводить в последний путь
● адзалы ~ыл ацæуын	уйти в последний путь, умереть
● æнцон ~ агурын	идти по линии (по пути) наименьшего сопротивления; уклоняться от трудностей
● æртæ фæндаджы ис зонды ’гъдаумæ: хъуыды кæныны ~ – сегасæй уæздандæр, фæзмыны ~ – сегасæй æнцондæр, бавзарыны ~ – сегасæй зындæр	есть три разумных пути: – думать – самый лучший путь, подражать другим – самый лёгкий, испытать самому – самый трудный
æстæрд ~	мощёная дорога
æфсæйнаг ~	железная дорога
бырынцъаг ~ыл ацæуын	пойти по скользкому пути
масты бырынцъаг ~ыл цæуын	пойти на поводу у ярости
галиу ~	опасный путь; левая дорожка
гакъон-макъон ~	извилистая дорога
гуыргъахъ ~	ухабистая дорога
дард ~	дальний путь; долгая дорога

Лæппуйы уæлхъус æрурæдта йæ Хъулоны æмæ йæм дзуры: – Уæлæмæ, лæппу; ~ даргъ у, бон цыбыр у! *НК.*

Остановил своего коня Хъулона возле мальчика и говорит ему: – Вставай, парень; дорога длинная, а день короток!

● дард ~æн ыстыр амонд хъæуы

чем в пути дольше, тем удачи надо больше

● дуаргæс дын лымæн куынæ уа, уæд мидæггæгтæм ~ нæй

двери открывает знакомство

дурнад ~

проторенная дорожка

● дурнад ~ыл цæуын

идти по проторенному пути

дзыхъхъытæ ~

ухабистая дорога

● нæ фæндæгтыл æхсыр алас æмæ дзы нæлхæ схаудзæн

дороги у нас ухабисты; по нашим дорогам с молоком поедешь, с маслом приедешь

зæрдæмæ ~ ссарын

найти путь к сердцу

йæ ~ раст

скатертью дорога; гладкой дорожки

згъорæн ~

беговая дорожка

● зонд – ~, амонд – хæссаг

ум – путь, счастье – ведёт

ирон ~

этн. обрядовое оплакивание умершего; приготовление поминального стола умирающему человеку для облегчения предсмертных мук

● искæй ~ыл лæууын

становиться поперёк дороги кому-л.

● искæй раст ~ыл сæвæрын

наставить на путь истинный

● искæмæн ~ акъæртт кæнын

прокладывать, пробивать дорогу кому-л.

искæмæн йæ ~ алыг кæнын

перекрыть путь / дорогу кому-л.

какон сындзыл ~

тернистый путь

Мæ хъысмæт мын ахæм амонд нæ радта, какон сындзыл мæ ~. *Хацырты С. Хæхты фæдисон*

Судьба ко мне не была благосклонна, мой путь тернист

Фыдæбæтты чи схъомыл вæййы, уый царды какон фæндæгтыл цæуынмæ хуыздæр арæхсы. *Ашæх. Катя*

Тот, кто пережил трудное детство, умеет лучше преодолевать тернии жизни

кæстæры ~

сторона (*левая*), с которой должен идти младший

– Галиу фарс кæстæры ~ у, ды та хъуамæ рахиз фарс цыдаис æмæ дын фæсномыгæй уый æмбарын кодта. *Чеджемты Æ. Аргъæутты*

Слева младшему положено идти, а ты должен был идти справа, это он и давал тебе понять намёками

● куыдз рæйы, бæлццон йæ ~ дары

собака лает, караван идёт

лæгъз ~

гладкая, ровная дорога

● мæ сæрыл дын ~

хоть через мою голову

● мæ фæндæгтæ схæмпæл сты

я давно нигде (там) не был; заросли мои дорожки

Мæнæ дын мæ сæры астæуты ~!

Делай, что хочешь, хоть через мою голову иди!

нарæг ~ыл

на узкой дорожке

● нарæг ~ыл баиу уæвын

сойтись на узкой тропинке

Æгæр нарæг ~ыл баиу стæм. Дыууæйæ йыл дарддæр цæуæн нал и. *Максим. Хæххон барæг*

На слишком узкой тропинке мы встретились. Двоим нам на ней не разойтись

● нæ ~ иу у — нам с вами по дороге
● ныхасимæ цыбырдæр кæны ~ — беседы помогают скоротать путь
● пирæны дæндæгтыл – дæ ~ — твой путь тернист
● рагацау фæндæгтæ æхсæдын — заранее готовить почву
раст уырдæм сæ ~ — туда им и дорога
рæдыд ~ыл — на ложном пути
рæдыд ~мæ бадзæгъæл кæнын — сбиться с праведного пути
сусæг фæндæгтæ агурын — искать тайные ходы
сфæлдыстады ~ — творческий путь
сылгоймагæн ~ раттын — уступить женщине дорогу
уæлахизы фæндæгтæ — дороги победы; победная стезя
● уæлæмæ, лæппу: ~ даргъ у, бон – цыбыр — поднимайся, сынок, путь долгий, день короткий
● уый у ацу æмæ мараздæхы ~ — это очень опасная дорога
фæллойады ~ — трудовой путь
фæндаджы дæргъ — длина пути
Зарынц бæлццæттæ фæндаджы даргъыл, / Зарынц фæндæгтæ рæстæджы уаргъыл. *Дзаболаты Х. Зарæг фæдисон æнусыл* — Поют путники о дорогах бесконечных, / Поют дороги о ношах вечных
● фæндаджы кæроны йæ не ссардзынæ — на дороге не валяется
фæндаджы саджилæг — развилка дорог
фæндаджы тæлмæнтæ — дорожные впечатления
● фæндаджы хъуыддаг æмæ зæрдæйы фæндон иу не сты — не всё идёт, как задумано
фæрнæйдзаг ~ — счастливый путь
фæрсдзæуæн ~ — обходной путь
фæстаг ~мæ сцæттæ кæнын — снарядить в последний путь
фæстæмæ(йы)~ — обратный путь
фидæнмæ ~ — дорога в будущее
хæдтæхджыты ~ — авиалиния
хæдзармæ ~ыл — по пути домой
● хæрамы ~ бирæ нæ хæссы — преступная дорожка недолго вьётся
хи ~ыл — собственным путём
хицæн ~ айгæрдын — прокладывать себе дорогу
● царды сæйраг ~ равзарын — выбрать жизненный путь
● царды ~ топпы фатау æмраст нæу — жизнь бежит, не стрелой летит
● цырдæм – дæ ~, цырдæм – дæ рындз? — куда твой путь и где твой дом?

фæндагамонæг (*бир.* фæндагамонджытæ) — 1. проводник, вожак, вожатый; 2. путеводный
~ стъалы — путеводная звезда
● зонд лæгæн ~ у, зæрдæ та йын æхсар дæтты — разум путь указывает, сердце отвагу даёт

фæндагарфæ — напутствие в дорогу
~ кæнын — напутствовать в дорогу

фæндаггаг (*бир.* фæндаггæгтæ) — дорожная провизия; подорожник; деньги на дорогу

● æмбойны ~ – гуыбыны — запас на один день пути – у путника внутри

● бæрæзейы нæмыг балцмондаг маргъæн – йæ хуыздæр ~ — ягода бузины перелётной птице – лучший подорожник

● иу боны ~ фæнды де ’рагъыл уæд, фæнды – дæ гуыбыны — подорожник на один день что на спину взвалить, что в живот положить

фæндаггæрон — 1. обочина; 2. придорожный

~ дурыл æрбадын — присесть на придорожный камень

~ кæрдæг — придорожная трава

~ дидинæг / Хуры тынтæм райы. / Хъæуы уынгты цингæнгæ / Сабитæ фæуайынц. *Хъаныхъуаты В. Царды уалдзæг мах у* — На обочине цветок / К лучам солнца тянется. / На улицах села / Ребятня играется

~ къудзитæ — придорожные кусты

~ цырт ныссадзын — поставить памятник у обочины

фæндаггæс — следящий за дорогой

фæндаггон (*бир.* фæндаггæттæ) — 1. путник; странник; 2. дорожный

● ~ лæг фæлмæцаг у — путник быстро устаёт

● ~ лæгæн уис дæр æххуыс у — в пути и прутик в помощь

~ фыдбылызтæ — дорожные происшествия

~ фыдбылызы æвдисæн — свидетель дорожного происшествия

~ фыдбылызы бынатæй сæр бафснайын — скрыться с места дорожного происшествия

~ хордзен — дорожная сумка

● ~мæ хъазын нæ цæуы — путнику не до шуток

~ы зарæг — песня путника; дорожная песня

Змæлы дуне ~ы змæлдæй, / Ризы дуне тырнæг зарды сæлтæй. *Дзаболаты Х. Зарæг фæдисон æнусыл* — Движется мир от движения путников, / Пение стремящихся сотрясает мир

● ~ы ма уром — путника не задерживай

~ы фиппаинæгтæ — дорожные наблюдения

~ мах абон дæ цæрæнбон нуазæм / Æмæ нын дзæбæхæй дæ бынат ссар. *Хъаныхъуаты В. Фæндаггон* — Путник, мы сегодня пьём за твоё здоровье, / Чтобы ты невредимым до места дошёл

Нæ ~тæ дæр де уазæг, Уастырджи, æмæ нæ бынæттонтæ дæр! — И путники наши, и дома оставшиеяся да будут под твоим покровительством, Уастырджи

● æвзæры ~ арвит, æмæ былæй ахаудзæн — пошли дурака богу молиться, он и лоб себе расшибёт; *букв.* дурака отправь в путь, он с обрыва упадёт

бæхджын ~ — конный путник

фæндаглыггæнгæйæ — наперерез

фæндагмæгæсæг (*бир.* фæндагмæгæсджытæ) — *ж.-д.* путевой обходчик

фæндагнæмæн — дорожный каток

фæндаграст — доброго пути; прямой дороги

фæндагсар — путеводитель; покровитель путников

~ Уастырджи — путеводитель Уастырджи
~ Уастырджийы фæдзæхст уæд! — Пусть будет под покровительством Уастырджи

фæндагсудзæг — колдун
фæндагфæдзæхст — напутствие
~ кæнын — напутствовать
фæндагхъахъхъæнæг (*бир.* фæндагхъахъхъæнджытæ) — тот, кто охраняет дорогу

фæндараст — до свидания; в путь
~ фæут! — счастливого пути!
~ зæгъджытæ — провожающие
~ зæгъын — попрощаться
Æхсæвæн бон ~ загъта, / Ныррухс ысты нæ хæхтæ, нæ фæзтæ. *Хъаныхъуаты В.* — День попрощался с ночью, наши горы / Озарились светом, как и наши просторы
~ кæнын — провожать
Уæ, Лæгтыдзуар, ~ сæ фæкæн нæ фæсивæды! — О, покровитель мужчин и путников, даруй счастливой дороги нашей молодёжи!
~ фæуын — отправиться в дорогу; быть отправленным
● йæ балцыл раздæр чи ахъуыды кæны, ~ дæр уый фæвæййы. *Р. 30.11.2019* — кто раньше в путь соберётся, большего добьётся
фæстаг ~ зæгъын — проводить в последний путь
Тагъддæр мæ балцæн йæ фæстаг кæрон / Уый «~æй» кæд ссарин æз йемæ. *Къоста. Хæрзбон* — Скорее, может быть, тогда конец своего пути / С её «благословенья» я вместе обрету
фæндарастгæнæг (*бир.* фæндарастгæнджытæ) — провожающий
хæстонты ~ — провожающие военных на фронт
фæндæй — умышленно, намеренно; по совету; разумно
~ архайын — поступать разумно
иумæйаг ~ — по единогласному мнению
хи ~ кæнын — поступать по собственному усмотрению
Хуыцауы ~ — по воле Божьей
хъысмæты ~ — волею судьбы
фæндæттæхæссæн чиныг — книга пожеланий
фæндвидар, фæндфидар — 1. решимость; 2. решительный; полный решимости
~ дзуапп — решительный, категоричный ответ
~ уынаффæ рахæссын — вынести окончательное решение
Фылдæр хатт ~ нæ разыны лæг йæ бинойнаджы уайдзæфты раз. *Гæстæн. Знон æмæ абон* — Чаще всего мужу не удаётся дать отпор упрёкам жены
фæндвидарæй, фæндфидарæй — решительно
бæллицтæм ~ тырнын — решительно идти к цели
хъуыддагмæ ~ бавналын — решительно взяться за дело
фæндвидардзинад, фæндфидардзинад — решимость; решительность

Уырысхан чысылæй фæстæмæ уарзта нывтæ кæнын, æмæ йæм уыцы ~ разынд – йæ ахуыр никуы ныууагъта. *Умар. Стъалы куы скæса*
С раннего детства Урусхан увлекался рисованием и проявил решимость и последовательность – никогда не бросал своей учёбы

фæндгæнæг (*бир.* фæндгæнджытæ)
разг. советчик

æз уын ~æн нæ бæззын
я вам в советчики не гожусь

● йæ хæдзары – дзæгъæлдзых, искуы та – ~
в своём доме пустомеля, а где-то советчик

мыггаджы фæндгæнджытæ
совет фамилии

хъæуы фæндгæнджытæ
совет села

фæндиаг
желанный, желательный; радостный; предмет желаний

~ уæвын
быть желанным; пожелание

Йæ фыды ~ / Кæм вæййы фырт дæр? *Къоста. Ныфс*
Таким, как хочется отцу, / Разве бывает сын?

● адæймагæн йæ фæндтæ йæхи ~ æдзух нæ цæуынц
не всегда всё случается как задумано

зæрдæйы ~
вдоволь

искæй ~
на радость кому-л.

Дæ мады ~ байрæз!
Оправдай надежды своей матери!

Дæ ~ дæ хуыцау ма фæкæнæд!
Пусть твоим желаниям Бог не даст осуществиться!

Кæрæдзийы ~ фæут!
Пусть сбудется, что желаете друг другу

Мæ ~ куы фæуид, уæд иу бон дæр нал ахæссид
Была бы моя воля, он бы и дня не прожил.

искæй ~æй
Будь по-моему, это бы сразу закончилось по чьей-то воле

Дæ фæндаг дæхи ~, фæлæ дæ фæдзæхсын: уæхимæ цæугæйæ дыл цыфæнды маст æмбæла, дæхи-иу бауром, иу къухæй-иу иннæйыл ныххæц. *Царциаты –*
Пусть твой путь оправдает твои ожидания, но наказываю тебе: какая бы неприятность ни встретилась тебе по пути домой, сдержись, придержи одной рукой другую

фæндон (*бир.* фæндæттæ)
желание, воля; предложение; решение

~ бахæссын
внести предложение

~ сæххæст кæнын
исполнить волю

● ~æн кæрон нæй
желания бесконечны

~ы бæрц
сколько угодно

~ы рæзты ацæугæйæ
вопреки желанию

~ы сæрты ахизын
поступить вопреки решению

зæрдæйы ~ банкъарын
почувствовать желание сердца

искæй ~мæ гæсгæ
по желанию кого-л.

искæй ~ыл дыууæ нæ зæгъын
подчиниться без возражений

фæстаг ~
последняя воля

хæддзу ~
произвольный выбор; случайное решение

Æз цехы исчи нæ дæн. Стæй мæ ~ хæддзу ~ нæу. *Умар. Цард тындзы сæ размæ*
Я не чужой человек в цехе. И потом моё решение не на голом месте появилось

хи ~мæ гæсгæ
по своей воле; по собственному желанию

Фæндæттæ хорз сты, фæлæ æрмæст ~ йæхæдæг хъару æмæ тых нæма у. *Дæбе. Уæззау операци*

Пожелать чего-то это хорошо, но само желание – ещё не воля и не сила

фæндонæй

1. произвольный; 2. добровольно, по собственному желанию, по доброй воле

Гæрæм ацы аз куыддæр федыхдæр. Цы кæна, зæронд ~ нæу. *Джиоты Д. Зæмирæт*

Гарам в этом году как-то сдал. Что поделать, старость приходит, согласия не спросит

хорз ~

из добрых побуждений

Тыхгæнæг хæддзумæ кæд искуы ~, / Æууæнккагæй радтай, рæстæнхъæл, дæ бар? *Къоста. Катай*

Насильнику-пришельцу, может, когда по доброй воле / Доверил в надежде на правду свои права?

фæндонджын

волевой; решительный

фæндондзинад

желание, пожелание

Лæппу стыр ~имæ райдыдта йæ ног куыст

Молодой человек с большим желанием принялся за дело

фæндонсаст

безвольный, слабохарактерный

фæндфидар, фæндвидар

1. решимость; 2. решительный; полный решимости

фæнды

или; либо; хоть

● ~ дын саргъ ма уæд, ~ – бæх, уæддæр балцы н' ацæудзынæ.

что седла нет, что коня нет, всё равно в путь не отправишься

~ абон, ~ райсом

либо сегодня, либо завтра

~ дзур, ~ ма

хоть говори, хоть нет; ему хоть бы что

фæндыйæ

угодно

кæм ~

где бы то ни было

куыд ~

как бы то ни было

цы ~

во что бы то ни стало

фæндын

желать, хотеть

● фæнда дæ, нæ…

разг. поневоле; хочешь, не хочешь

мæн фæнды кусын

мне хочется работать

● æрмæст фæндгæ кæнæд

стоит только захотеть

● йæ уазæгæн кусарт акæнын кæй фæндыд, уый йын карк аргæвста; кæй нæ фæндыд, уый та – гал

всё пошло не по плану; кто в честь гостя хотел забить животное, курицу зарезал, а кто не собирался – быка забил

куыд дæ фæнда, афтæ кæн

поступай, как знаешь

● лæджы куы фæнда, уæд цы нæ бакæндзæн

где хотенье, там и умение; было бы желанье

● низ дæ куы фæнда, уæд æй ыссардзынæ

болезнь всегда можно придумать

цы уæ фæнды?

что вам угодно?

● цы йæ фæнды, уый кæны

своя рука владыка, сам себе хозяин

● бæргæ фæнды, фæлæ къух нæ амоны

хочется, конечно, но средств нет

● фиййауы куы фæнда, уæд йæ нæл сæгъы дæр радуцы

было бы желание; *букв.* стоит пастуху захотеть, он и козла подоит

фæндыр

фандыр, музыкальный инструмент *(скрипка, гармошка, лира)*

~ – фæллад сафæг — гармошка разгоняет усталость

~ – зæрдæйы айдæн — фандыр – зеркало души

~æй цæгъдын — играть на гармошке

Æппындæр стонгæн нæ лæууын. Гъеныр мæ бæхтæй иу кæрдзыныл æрбауæй кæнин. Цæй, ~æй уал ацæгъдон, кæд айрох уаид ме стонг. *Елбыздыхъо. Худинаджы бæсты – мæлæт* — Вообще не могу голод терпеть. Вот сейчас за краюху коня бы продал. Ладно, поиграю на фандыре, может, заглушу свой голод

~тæй фæцæгъдын — ославить кого-л.; позорить;

Ацы хабар куыддæр рахъæр уа, афтæ нæ ~ты фæцæгъддзысты, зарджытæ ныл ыскæндзысты. — Как только это станет известно, нас ославят, про нас сложат песни

~ты цæгъдинæгтæ — то, о чём надо всех известить; кого надо ославить

Редакцийы кусджытæн æрмæст исты зæгъ, æндæр адæймаджы ~ты цæгъдинæг фæкæндзысты. *Максим. Быны чызг* — Работникам редакции стоит только что-нибудь рассказать, они это тут же предадут гласности

~ы зæлтæ — звуки гармошки

~ы хъæрмæ — под звуки гармошки

~ы цагъд — игра на фандыре, на гармошке

● абадгæ чызджы ~ы цагъд хъарæг у — старая дева на гармошке играет, что причитает

● мæгуыры ~ фæллад хъæр кæны — у бедного гармошка надрывно поёт

дала ~ — музыкальный инструмент; лира

дзыхæйцæгъдæн ~ — губная гармошка

дыууадæстæнон ~ — двенадцатиструнный фандыр

тæнджын ~тæй цæгъдæг оркестр — струнный оркестр

уадындз ~ — свирель

хъандзал ~ — осетинская гармошка

хъисын ~ — скрипка

хъырнæн ~ — большой струнный инструмент

фæндырдзæгъдæг (*бир.* фæндырдзæгъджытæ) — гармонист, скрипач

Ныхасы бады / Зæронд Хъуыбады, / Нæ ~. *Къоста. Хъуыбады* — Сидит на нихасе / Старый Кубады, / Наш музыкант

æмбисонды ~ — замечательный гармонист

дæсны ~ — искусный исполнитель на фандыре; искусный музыкант, гармонист

курдиатджын ~ — талантливый гармонист, скрипач

● уидыггæнæджы бинонтæ фæмардысты, ~æн – аирвæзтысты — у мастерового вся родня поумирала, а у музыканта все выжили

фæндырыхъис — струна

фæндзай — пятьдесят

фæндзайæм — пятидесятый

фæндзæймаг — пятый

фæндзгай, фæндзгæйттæ — по пять; пятёрками

фæниуын выть, завывать

● баст куыдзау фæниу чтоб скулил ты как пёс на привязи

● бирæгъ бирæгъмæ холыйыл сидæгау фæниуы волк волка к добыче воем подзывает

● иунæг бирæгъау ~ выть одиноким волком

фæнуазын выпивать

фæнывылдæр кæнын упорядочить, навести порядок

фæныгуылын закатываться, заходить *(о солнце)*

фæныгуысын окунуть

Æфсин уасæджы фыцгæдоны фæныгуста. *Лademыр. Рынчынфæрсæг* Хозяйка ошпарила петуха в кипятке

фæныгъуылæн укрытие, убежище

~ агурын искать укрытие, убежище

фæныгъуылын окунуться; нырнуть; скрыться, спрятаться; утонуть

фæныдзæвд прикосновение

фæнык зола; пепел

~ кæнын (фестын) истлеть, испепелить(ся), превратить(ся) в золу

Æмæ нæхи куы нæ бафснайæм, уæд нæ се ‘хсæн ~ фестын кæндзысты. *Ашæх. Ход* Если мы здесь не спрячемся, то они все вместе от нас мокрого места не оставят

● ~æй йæ йæ къах нал хæссы не хочется уезжать из дома

● ~æй къусбар кæнын бить баклуши; бездельничать

● алы бон ~ змæнтын цард нæу это не жизнь – копаться каждый день в золе

● арт дæ фæнычы бацæуæд! чтоб ты сгорел

● арт дæр ын нæй æмæ ~ дæр у него нет ничего за душой; *букв.* нет у него ни огня, ни золы

● зæронд ~ дæр кæддæр бæлас уыд *букв.* зола тоже когда-то была деревом

● искæй ~ дымгæмæ ныддарын пустить по ветру; развеять на ветру; разорить

● ме ‘рбадæнтæ фæнычы, мæ сæр та хохы цуппыл зола на штанах, а витает в облаках; не знает своих возможностей

● сау ~ фестын сгореть дотла; превратиться в пепел

Йæ ~тæ ма йын райста Куырдалæгон, æмæ сæ бырæттæм бакалдта фæрсы ‘рдæм. *НК.* Курадалагону только оставалось собрать его пепел и выбросить в сторонке

фæнычы фых испечённый в золе

● фæнычы фых кæрдзын адджындæр у *букв.* чурек в золе испечённый лучше на вкус

● фæнычы хъал лæгыл нымад нæу с горделивым бедняком никто не считается

● фыдхæсджынæй – фæнычы армыдзаг с должника хоть шерсти клок, хоть пригоршня золы

● хи фæнычы уæлхъус бадын отсиживаться дома

● хи фæнычы цур æвзæр куыдз дæр хъæхъхъаг вæййы — всяк кулик на своём болоте велик

фæныкæйдзаг — испачканный золой

– Ацы ~ мæгуыр сывæллоны тæригъæд нæ цæмæн хъæуы? *НК.* — – Зачем нам брать грех на душу из-за этого перепачканного золой ребёнка?

фæныкгуыз — домосед *(букв. сидящий у золы);* бездельник

● ~æн фæнычы зæй – йæ лæсæн

● ~ы бæллиц – æввонг цард — мечта бездельника – лёгкая жизнь

● ~ы ничи нымайы — с бездельником никто не считается

фæныкдзæг — щёлок

фæныкварс — неряшливый

фæныкхуыз — серый; пепельный

фæныкъулын — моргнуть, мигнуть

цæст ~ — подмигнуть кому-л.

фæныкъуылд — мгновение, миг

● цæсты ~мæ — в мгновение ока

фæныллæг кæнын — понизить, снизить

æргътæ ~ — снизить цены

искæй цæсты ~дæр кæнын — унизить в чьих-л. глазах

фæныллæг уæвын — понизиться, снизиться

фæнымайын — долго считать, высчитывать

● дæттæ фæнымадта – Æрыдоны дон æнæ нымадæй баззад — пропустить очевидное; перечислил все реки, а реку Ардон позабыл

фæнысан кæнын — наметить; сделать отметку, зарубку

фæныфсджын кæнын — воодушевить; приободрить

ныхæстæй хи ~ кæнын — распалиться от собственных речей

фæныфсджын уæвын — приободриться; воспрянуть духом

фæныфссаст уæвын — оробеть, пасть духом; отчаяться

фæныфсфидар уæвын — приободриться

фæныфсхаст кæнын — осмелеть

фæныфсхаст уæвын — осмелиться, решиться

фæныхас кæнын — долго беседовать, разговаривать

фæныхæй-ныхмæ уæвын — столкнуться лбами

фæныхилын — дотронуться, тронуть; запустить руку

● æвæрд æхцамæ ~ — залезть в отложенные деньги

● искæй дзыппмæ ~ — запустить руку в чужой карман

искæй исбонмæ ~ — запустить руку в чужое имущество

мысайнæгтæм ~ нæ фæччы — нельзя тратить деньги, выделенные на пожертвования

фæныхкъуырд кæнын — привести в угнетённое, подавленное состояние

фæныхкъуырд уæвын — быть подавленным

Уый размæ чысыл кæй ~хуыз, уый Темырæн æрбайсæфт æмæ йын фенцондæр. *Умар. Стъалы куы скæса* — Чувство подавленности, которое Темыр перед этим испытал, прошло, и ему стало легче

фæныхкъуырдхуыз подавленный; угнетённый

фæныхсын увязнуть; вонзиться

авджы лыстæг къæртт буары фæныхсыд маленький осколок стекла вонзился в тело

фæныхылд покушение; посягательство

фæныхын почёсывать

фæоцани уæвын заартачиться

Никуы ницæуыл ~, фæлæ ныр, мæнæ иу сылгоймаджы раз, дзæгъæлтæ кæны. *Ашæх. Батраз æмæ Лиза* Никогда ни в чём не артачился, а вот теперь, перед какой-то женщиной выделывается

фæпайда кæнын получить пользу; использовать

æнæфсæрмæй ~ кæнын беззастенчиво пользоваться

фыдгæнджытæ хиндзинæдтæй ~ кæнынц злоумышленники используют мошеннические приёмы

цæстфæлдахджытæ цавæр гæды митæй ~ кодтой какими обманными средствами воспользовались жулики

Кæцæй йын ~гæнæн ис, уый хорз зоны. Иудзырдæй, кæсаг йæхи доны æппарын кæны. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* Хорошо знает, где чем можно поживиться. Словом, рыбка сама просится в воду

фæпæрræст кæнын вспорхнуть

фæпырх кæнын рассеять, разогнать; разбить

фæпырх уæвын рассеяться; разойтись *(о толпе)*

мигъ ~ ис туман рассеялся

Маймулиты къорд фæранчы фæзындмæ куыд фæпырх вæййы, афтæ ~ сты. *Булкаты М. Нарты Сосланы æвдæм балц* Они разбежались, как стая обезьян бросается врассыпную при виде барса

хъуыдытæ, зæрнæджытау, ~ сты мысли разлетелись, как журавли

фæпъæгъгъæст кæнын брызнуть

фæразаг выносливый

фæразæй кæнын опередить; *перен.* выставить на первый план

Дæхи ~ кодтай, æндæр ын зæгъинаг уыдтæн Ты меня опередил, а то я бы ему высказал

фæразæй уæвын опередить, обогнать

фæразæнгард кæнын вдохновить

фæраздæр уæвын опередить, упредить; предупредить

дæ кад дæ карæй ~ слава твоя опередила твой возраст

● адзал æнафоны ~ смерть наступила преждевременно

● фидисмæ чи ~ уа, уый у раст кто первым упрекнёт, тот и прав

● хъавæгæй æхсæг ~ уыдзæн приступивший к делу всегда опередит того, кто только собирается; *букв.* стреляющий опередит прицеливающегося

~ уæд мастисæг: / Уæззау гæрах ныннæрыди. *Хъаныхъуаты В. Кадæг* Опередил его мститель: / Гром выстрела его раздался

● цаутæй ~ уæвын опередить события

фæраздæронæй наперегонки

æз ~ уайын бежать, пуститься наперегонки

фæразил-базил кæнын походить, побродить, *разг.* пошататься
фæразон выносливый, терпеливый; неутомимый
~ адæймаг неприхотливый; терпеливый человек
хæрд æмæ ностæн ~ уæвын быть неприхотливым в еде
● ~ы æккой фылдæр æвæрынц на терпеливого взваливают больше
фæразондзинад выносливость, терпение
фæразуæз уæвын опередить
фæразын мочь, быть в состоянии; выносить
~ хъæуы надо терпеть; нужно смириться
æгуыстæй бадын нæ ~ не уметь сидеть без дела
● æдзæсгом лæг цыдæриддæр фæразы бессовестный всё стерпит
● Æфсондз, дам, галæн афтæ загъта: «Нал ~ дæ рацу-бацуйæ». Гал та, дам, ын афтæ загъта: «Æз та дæу рахæсс-бахæссæй нал ~». Говорят, ярмо волу сказало: «устал я от твоего хождения». А вол, говорят, ему в ответ: «а я устал тебя таскать на себе»
● дур дæр нæ фæразы невыносимо, даже камень не выдержит
искæмæй нал ~ житья нет от кого-л., отчего; не выносить кого-л.
● къуда гал йæхи бындзытæ асурын нæ фæрæзта 'мæ рæгъауы бындзытæ сырдта бесхвостый вол от себя мух не мог отогнать, а всему стаду хотел помочь
нал дзы ~ он мне надоел
рыстæн ~ терпеть боль
сулæфынтæ дæр нæ ~ не быть в состоянии вздохнуть
● хи уаргъ хæссын дæр нæ ~ не в состоянии тащить собственную ношу
Цы уаргъæн нæ фæразай, ахæм бæттын нæ хъæуы Не надо брать вьюк, который не сможешь нести
хи уромын нæ ~ не уметь сдерживаться; не владеть собой
Æз æцæгæлонæн куы ницæмæй ~ «нæ» зæгъын, уæд ма дæуæн, мæ уарзон æрдхорд, куыд нæ баххуыс кæндзынæн. *Елбыздыхъо. Худинаджы бæсты – мæлæт* Я даже чужому человеку ни в чём не могу отказать, а уж тебе, своему доброму товарищу, и подавно помогу
Цас ис фæразæн? Сколько можно терпеть?
фæрак отруби
~тæ ссадæй алуарын отсеять отруби от муки; отделить зерно от плевел
Хъарм доны ~ антыдта 'мæ йæ бахаста Ацæйæн. Ацæ амæсты ис. *НК*.2 Размочив отруби в тёплой воде, занесли это Аце. Аца осерчал
фæракæ-бакæ кæнын водить туда и обратно; возиться; говорить нерешительно; увиливать; *разг.* водить за нос
кæдæй-кæдмæ ~ кодта долго-долго провозился, увиливал
цас æмæ цас ~ кодта сколько провозился
фæранк, фыранк *зоол.* барс
митын ~ снежный барс
фæранчы цармдарæг витязь в барсовой шкуре

Се'ууæнк нæ фæсайдтой,– хæстæн йæ астæуты / Размæ лæбурдтой сæ бæхтæ, ~тау. *Къоста. Хетæг* — Не подвели они – в самую гущу боя, / Как тигры бросались они

фæрасай-басай кæнын — обманывать, *разг.* водить за нос

фæрасгар-басгар кæнын — обыскивать, ощупывать

фæраст кæнын — выпрямить; внезапно отправить (*куда-л.*)

фæраст уæвын — выпрямиться; неожиданно отправиться (*куда-л.*)

● ирон лæгæн афтæ куы зæгъай: хидыл ауай, уæд доныл ~ вæййы — осетин не ищет лёгких путей, всё по-своему сделает; *букв.* скажи осетину: иди через мост, он обязательно в воду зайдёт

тохы быдырмæ ~ уæвын — отправиться на битву

● хъуыддаг ~, фаты хуызæн — дело выправилось; *букв.* дело стало прямым как стрела

фæрасыг кæнын — напоить пьяным

фæрасыг уæвын — опьянеть

æгады гакк та – фынгыл ~! — напиться во время застолья позорно

æгъдау мæ æрцахста æмæ уымæн ~ дæн — приличия не позволили мне отказаться от выпивки

ærвон уæлдæфæй ~ уæвын — опьянеть от свежего воздуха

● куывдтæ фæкодтой, сæ куывды ма æз дæр ~ дæн — был там пир, и я там был, там пиво пил

фæрауат кæнын — привести в негодность; развалить

фæрауат уæвын — прийти в негодность; развалиться

фæрацу-бацу кæнын — расхаживать, прохаживаться

фæрæвдауын — долго ласкать

Иуыл – йæ чындзæхсæвмæ цы адæм æрцыд – сеппæты дæр фæрæвдыдта. *НК. 2* — Всем, кто на свадьбу к ним собрались, сумел внимание уделить

фæрæвдз кæнын — приготовить

хъуыддæгтæ ~ кæнын — запустить, наладить дела

фæрæвдз уæвын — приготовиться

– уавæртæ чысыл ~ сты — обстоятельства несколько улучшились

фæрæвдз уæвын — расщедриться

фæрæдийын — ошибиться

~ кæнын — ввести в заблуждение

искæй ~ кæнын — сбивать кого-л. с толку, вводить в заблуждение, запутывать

● ~æн бирæ нæ хъæуы — до ошибки всего один шаг

● бахатыр кæн, чи фæрæдыд, уый æз — прошу прощения, признаю свою вину

● дæ тыхы фæдыл ма ацу – фæрæдийдзынæ — не иди на поводу у силы – ошибёшься

Кæдæй-уæдæй! Куыд ма нæм фæрæдыдтæ? — В кои веки! Как это ты к нам заблудился?

фæндагыл ~ — сбиться с пути

уавæр хорз чи зоны, уыдон мæ ~ нæ бауадздзысты — те, кто хорошо знакомы с обстоятельствами, не дадут мне ошибиться

фæрæз средство, способ; ухищрение; приспособление, устройство; возможность; выход из положения

~ дын ис, спайда дзы кæн пользуйся предоставленной возможностью; не упускай свой шанс

~ кæнын добывать, приобретать, доставать

~тæ самал кæнын извлечь средства

аивадон ~тæ художественные средства

● алцæмæн дæр ~ ис из всякого положения есть выход

арæзты ~мæ гæсгæ по способу образования

æхцайы ~тæй æххуыс кæнын помогать денежными средствами

бастдзинады ~тæ средства связи

дзыллон коммуникацион ~тæ средства массовой коммуникации

змæлæн ~тæ средства передвижения

ирвæзæн ~ спасительное средство

иугæнæг ~æй амад построенный с помощью строительного раствора

кæрæдзи æмбарыны ~ способ взаимопонимания

● куыст цардæн ~ у работа – средство к существованию

куыстады ~тæ средства производства

● лæджы ном мыл ма уæд, æз исты ~ куынæ скæнон! не будь я мужчиной, если я что-нибудь не придумаю!

● мæгуыр – амæлæг, æгас та йæхицæн ~тæ кæндзæн жалко того, кого не стало, кто остался, что нибудь придумает

мыхуыры ~ печатное издание

стилистикон ~ стилистическое средство

Дохтыртæ хатгай давон амонынц куыд адæймаджы организм сыгъдæггæнæн ~. *Р. 02.03.2016* Врачи иногда рекомендуют черемшу в качестве средства очищения организма

тыхгæнæг ын тых нæ ары, йæ амарынæн ~ нæй никто не может с ним справиться, нет возможности извести его

уæлæмхасæн ~ дополнительное средство

фæлгонцаразæн ~тæ образные выразительные средства

хабархæссæг ~тæ средства вещания

хисæрмагонд ~тæй на собственные средства

царды ~тæ средства существования

Мадæлон æвзаг у адæмы фарн æмæ æгъдау иу фæлтæрæй иннæмæ адæттыны сæйрагдæр ~. *Цгъойты Х. Не ‘взаг – нæ историон адрис* Родной язык является основным средством передачи благополучия и обычаев от одного поколения другому

цуан адæмæн царды ~ уыди охота была средством существования

цуанæй ~ кæнын промышлять охотой

Кæд ын уый дæр ницыхъом уыд, уæддæр йæ рыст нозты бын хуыдуг кæныны йедтæмæ ницы ~ ссардта. *Гæбæраты Ю. Новеллæты баст* Хоть и это не помогало, всё равно он пытался заглушить боль спиртным, другого средства он не нашёл

фæрæзгæнæг сообразительный; изобретательный

● мæгуыры мард – ~ голь на выдумки хитра

фæрæзджын имеющий средства, возможность

~ бинонтæ обеспеченная семья

æвзаджы дзырдарæзты амæлттæ сты ~ словообразовательные возможности языка богаты

Ирон æвзаг стыр цæугædонау фæтæн æмæ уæрæх, хъæздыг æмæ ~ йæ къабæзтæй кæны. *Р. 23.01.2016* Осетинский язык подобно полноводной широкой реке, вбирающей в себя притоки, становится богаче и выразительнее

● мæгуыр ~ голь на выдумки хитра

фæрæзджынад, фæрæзджындзинад материальная обеспеченность

фæрæйын долго лаять

фæрæствæндаг уæвын собраться, отправиться в счастливый путь

~ у! счастливого тебе пути

фæрæстмæ кæнын способствовать благоприятному исходу дела

фæрæстмæ уæвын удаться, завершиться успешно; быть успешным, удачным

амонд ~ ис судьба наладилась

æртæ хатты дæ амонд бавзар, иу хатт ~ уыдзæн трижды попытай счастья, хоть раз повезёт

дæ куыст ~ твоя работа удалась

● кæмæндæр йæ сины саст ~ не было бы счастья, да несчастье помогло; *букв.* и спину сломал, и удачу поймал

фырттæй иудæр нæ ~ ни один из сыновей не удался

цот ~ сты дети удались, получились хорошие

фæрæсугъд кæнын украсить; приукрасить; принарядить

фæрæсугъд уæвын похорошеть

фæрæт топор

● ~ йæ фыццаг цæфæй бæрæг вæййы топор с первого удара распознать можно

~ сцыргъ кæнын наточить топор

● ~ цыргъ у, фæлæ арх дæр æнæ хъæбæр нæу топор острый, но и сук крепок

● ~æй амад грубо сделанный

● ~æй хост грубо сколоченный

● ~ы хъæд рукоять топора, топорище

● ~ы хъæд аныхъуырын аршин проглотить; *букв.* рукоять топора проглотить

● лæг æмæ ус – ~ы хъæдæй барст муж и жена – два сапога пара

● ~ы цæф байгас уыдзæн, фæлæ æвзаджы хæст нæ рох кæны рана от топора затянется, но рана от слов не забудется

джида-~ топор плотника

● лæгъзгæнæнæй йæ куы слæгъз кæнай, уæдæй ~æй мауал амай что обстругал от души, там топором уже не маши

● саг ~мæ æрцыди на ловца и зверь бежит

● сæр ~ы бын æрæвæрын положить голову на плаху; сдаться на произвол судьбы

хæстон ~тæ боевые топоры

● хорз ~ – хъæддзауæн æмбал — хороший топор – дровосеку друг

● чысыл ~ стыр бæлас дæр афæлдахы — мал, да удал; *букв.* большое дерево и маленьким топором срубить можно

фæрæтдзæгат (*бир.* фæрæтдзæгæттæ) — обух

● уыдонæн сæ сыст ~æй марын куынæ куымдта — из пушки по воробьям; *букв.* не могли блоху топором прибить

фæрæтдзæф — удар топора; заметка, зарубка топором

фæрæтфæлдæхт фæуын — в корне, окончательно измениться

фæрæтхъæд — топорище

● йæхицæн ~ самайын чи нæ зыдта, уый иннæмæн уæрдон арæзта — выскочка, всезнайка; *букв.* себе топорище не мог сделать, другому арбу вызвался

● ~æй барст — на один аршин; одинаковые

Фæлæ Науырызы стырдæр сгуыхт уыди бинонты хъомылдзинады. Йæ цардæмбал Гатеонимæ ~æй барст уыдысты. *Азæмæт. Хæдзары хицау* — Но самая большая заслуга Науруза – воспитание детей. Со своей женой Гатеон, они, как говорится, одним аршином мерены

фæрæтъузын — проколоть, проткнуть

фæрæхойын — пропороть, пронзить, проткнуть, проколоть; уколоть; кольнуть

зæрдæ ~ — кольнуть в сердце

● уазал судзин ын фæрæхуыста йæ зæрдæ — холодной иглой кольнуло ему сердце

фæрæхуыст — выпад; укол; удар

фæрв (*бир.* фæрвытæ) — *бот.* ольха

● ~ыл фæткъуытæ нæ зайы — откуда на ольхе яблокам взяться

Фæлтау адзурдзыстæм лæгæй лæгмæ, æмæ дын бамбарын кæндзынæн ~ыл фæткъуытæ зайы, æви нæ, уый. *Ахуырбег. Хуры зарæг* — Лучше поговорим как мужчины между собой, а я тебе объясню, растут ли на ольхе яблоки, или нет

● æгас цу дæ ~ сугтимæ! — *разг.* явился, не запылился

Абон хъæуыс æмæ дæ уæларвмæ сисдзысты, райсом кæцыдæр хицауы зæрдæмæ нæ фæцыдтæ, æмæ дæ ~ сугтæ дæхи. *Ахуырбег. Хуры зарæг* — Сегодня ты у дел, и тебя до небес вознесут, а завтра не придёшься по нраву какому-нибудь начальнику, и оставайся на бобах

● ~ хъæдæн й'арфы нæ зайы, фæлæ йæ кæрон, стæй æнцонгуыст у — ольха в глубине леса не растёт, только на опушке, к тому же и податлива

фæрвбын, фæрвджын — ольховая роща

фæрдыг (*бир.* фæрдгуытæ) — бусина; бисер, ожерелье

мæ уды ~ — мой милый

титыччы ~ — бусина из драгоценного камня

титыччы ~ куынæ дæ, миййаг! — тоже мне цаца!

фæрдгуытæй нывæфтауын — вышивать бисером

фæрдыджы хуызæн сылгоймаг — женщина – картинка

хиды ~ — бусинка пота

цæссыг æртагъди фæрдгуытæй — слезы скатились бусинками

цæсты ~ — *анат.* хрусталик (*глаза*)

цыкурайы ~ — волшебная бусина

Мæнмæ цыкурайы ~ ныр ис. / Ædзух вæййы мæнмæ æппæт, цы курон. / … / Дзæбæх кæны фыдниз, уый зоны рис. *Токаты А. Цыкурайы фæрдыг*

Есть теперь у меня волшебная бусинка. / Все есть, чего не пожелаю. / Болезни исцеляет, боль снимает

фæрдыггуырд

ювелир

фæрдыггуырдон

ювелирный

фæрзиу

трапеза

Абонæй фæстæмæ æз æмæ ды – дыууæ ærдхорды. Чи фæсайа, уый фæдыл ~ы фарн! *Болайы фырт. Чермен*

Отныне мы с тобой друзья – ты и я. Кто подведёт, тот накрывает стол!

фæривæд кæнын

опорожнить; истощать

фæривæд уæвын

опорожниться; истощаться

фæризын

долго дрожать; болеть малярией (*продолжительное время*)

фæринк

вид сабли, шашки; клинок

~ кард

сабля

Цыма тохы фæзæй хъуысы / Ссад ~ кæрдты къæрц-къæрццц. *Дзаболаты Х. Ирон кафт*

Как будто с поля битвы слышен / Звон отточенных франкских клинков

● фæтæджы ~ыл згæ нæ хæцы

клинок вождя не заржавеет

фæриссын

переболеть; поболеть; перестрадать

адæмы зæрдæтæ ~ кæнын

разбередить сердца людей

– Хæсты уæззау астæ мæ афтæ нæ ~ кодтой, уыцы ænаккаджы бафхæрдæй куыд фæрыстæн, – бирæ азты фæстæ дæр маиу ænкъард æмæ фæлладхуызæй дзырдта Зауырбег. *Чеджемты. Æ. Сау дурæй урс мæсыг*

– Даже военные тяжёлые годы я не так тяжело перенёс, как оскорбление от этого негодяя меня больно ударило, – ещё спустя многие годы грустно и устало говаривал Заурбек

алчи йæхи мардыл фæриссы

каждый свою потерю оплакивает

● зиан кæуыл æрцæуы, тынгдæр уый фæриссы

кто потерю понёс, тому и больнее

искæй ~ кæнын

причинить боль кому-л.

Мæ бирæ цот уыл, бæргæ, фæдзæхсын, / Фæлæ цын уæддæр тæрсгæ куы кæнын: / Хуры тæвдæй цæ куы нæ бахизат, / Куы мын фæриссой уазал фæндæгтыл... *Чеджемты Æ. Верычкæйы зарæг*

Оставляю на вас своё большое потомство, / Но всё равно, не спокойно мне за них: / Защитите ли вы их от палящего солнца, / Не застынут ли на студёных дорогах…

● иу цæфæй дыккаг тынгдæр фæриссы

второй удар бывает болезненнее

● кæмæй цы фæриссы, уый кой кæны

у кого что болит, тот о том и говорит

● фырхудæгæй йæ артæнтæ фæрыстысты

он смеялся до коликов

худæн ныхасæй гуыбыны цъæрттæ ~ кæны

рассмешит до колик своими шутками

фæрк (*бир.* фæрчытæ)

толстый кусок, ломоть

~гай кæнын

громить; разрывать в клочья

фидæрттæ ~гай кæнын

крушить крепости

куыройы фæрчытæ

лопасти мельничного колеса

фæрчытæ хауын

разлетаться на куски

Бомбæты рæдывдæй зæхх фæйнæрдæм ~гай хауы. *Хъайтматы С. Фыдыуæзæг*
От разрывов снарядов комья земли разлетаются во все стороны

зæрдæ фæрчытæ хауы
сердце разрывается на части

æмæ уыцы егъау хъыгæй фæрчытæ хауы дæ зæрдæ
От этой большой обиды твоё сердце разрывается на части

Гуырдзыбегæн нæмыг раст йæ ныхы стæгыл сæмбæлди æмæ иннæрдыгæй магъзы фæрчытæ атыдта. *Секъа.*
Пуля попала Гурдзибеку прямо в лобную кость и высадила ему мозг, пройдя навылет

фæрчы хай ратонын
урвать жирный кусок

фæрнæй
счастливо; в изобилии

● ~ дар дæ къухтæ!
(пожелание) да будут благословенны твои руки!

фæрнæйдзаг
обильный, изобилующий; благодатный; счастливый;

~ у
будь счастлив

– Фарн а хæдзары æмæ уæ изæртæ хорз! – ~ ут, æмæ кæй изæр у, уый хорзæх уæ уæд. *Малиты В.*
– Благополучия этому дому и добрый вечер! – Будьте счастливы и доброго вечера вам

~ къух
руки, несущие изобилие

~ хæдзар
счастливый дом

фæрнджын
мирный; обильный; довольный; счастливый; благодатный

● ~ лæг æнамонд никуы вæййы
мирный человек несчастливым не бывает

● ~ уый у, адæмимæ цæрын чи зоны
счастлив тот, кто умеет ладить с людьми

● ~ хæдзармæ – ~ уазджытæ
в добрый дом – добрые гости

● æхсæв бонæй ~ у
ночь благодатнее дня

● зондджын æмæ ~ иу не сты
умный и довольный не одно и то же

● хох ~, быдыр бæркадджын
горы мирные, степи обильные

~ цыд акæнын
удачный поход совершить

Ацы хатты цыд та ноджы ~дæр уæд, / Уе ‘хсæн хæрæфырт куыд райгуыра, афтæ! *Къоста. Хетæг*
Да будет твой приезд ещё более счастливым, / Племянник чтобы народился на свет

фæрнджынæй
счастливо; успешно; щедро

фæрныг
1. счастливец; удачник; 2. преуспевающий, богатый, щедрый

~ лæг
преуспевающий человек

● ~ фысымæн йæ фиййау дæр хъæлдзæг вæййы – сау къæдзæхы сæрыл кафгæ ’мæ заргæ кæны
у хорошего хозяина и пастуху весело живётся – на вершине чёрной горы танцует, песни распевает

● ~ хистæрæй фарн цæуы
от хорошего старшего мир и спокойствие идут

Уæ алы аз дæр хорзæй уынат! / Уæ фидæнмæ ~дæр уат! *Къоста. Ногбоны зарæг*
Каждый ваш год пусть будет добрым! / В будущем пусть прирастает изобилие!

фæрныгад
благополучие; благосостояние

материалон ~
материальное благосостояние

Мæ зæрдæ уын ~ зæгъы
Желаю вам благополучия

фæрныгæй
счастливо, богато, припеваючи

фæрныгдзинад изобилие
фæрог кæнын облегчить
дзыппытæ ~ кæнын опустошить карманы; много потратить
зæрдæ ~ кæнын успокоить сердце
ирæды уæз ~ кæнын уменьшить бремя калыма
рис ~ кæнын облегчить боль
фæрог уæвын стать лёгким
фæрохст уæвын растеряться
фæрохстхуыз уæвын стать рассеянным, невнимательным
фæрсаг (*бир.* фæрсæгтæ) I 1. подпевание; *муз.* бурдонный бас 2. сторонний, косвенный; расспрашивающий
~ æвдисæнтæ косвенные улики
~ къабаз побочный отросток
~ уайдзæф райсын получить косвенный упрёк
● хохаг лæг хабæрттæй ~ у горцы любят порасспрашивать
фæрс ласын стать на сторону (*кого-л.*)
фæрсаг (*бир.* фæрсæгтæ) II одно из дигорских сословий
~ мыккаг независимое сословие
Æз мæхæдæг уæздæттæй дæн, кæд ~ мыккагмæ æрцыдтæн уæддæр. Сæбæтхъуаты Р. Æмхъæуккæгтæ Я-то сама из благородных, хотя и вышла замуж в семью фарсагов
фæрсагау вопрошающе
фæрсаглæг *ист.* представитель сословия свободных крестьян
фæрсагми *грам.* деепричастие
фæрсагхъау посёлок
фæрсæг 1. ворожея, гадалка; 2. спрашивающий
● ~ йæхицæн ницы зоны сапожник без сапог; *букв.* гадалка своей судьбы не знает
зондæй дæ ~ куы уа, уæд если к тебе за советом обратятся, тогда советуй
фæрсæджы каст бакæнын посмотреть вопрошающе
Хьуыр-хъуыргæнгæ уатмæ æрбаздæхти æмæ пыхцыл æрфгуыты бынты Темырмæ фæрсæджы каст бакодта. *Умар. Стъалы куы скæса* С ворчанием вернулся в комнату и из-под мохнатых бровей вопросительно посмотрел на Темыра
фæрсæй-фæрстæм сплошь, подряд; бок о бок, рядом
фæрсæрбалæууæг поддержка
фæрсдзырд *грам.* наречие
фæрск (*бир.* фæрсчытæ) ребро
бæхы фæрсчытæ æрбалвасын сдавить рёбра коню
кусарты æртæ фæрсчы три ребра жертвенного животного
мурзæг ~ ребро; грудинка
сидзæр ~ одиночное ребро
уæрдоны фæрсчытæ бруски, доски, на которых закрепляются дощатые стенки арбы

● фарс куынæ рисса, уæд ~ дæр нæ риссы — если бок не болит, то и ребру не больно
● фæрсчытæ банымайын — ребра пересчитать; сильно побить
физонæг кæразимаг фæрсчытæй — шашлык из грудинки
● кусарты кæразимаг фæрсчытæй дын – физонæг — всё самое лучшее тебе; достанется тебе шашлык из грудинки
● хъуари фæрсчы хуызæн уæвын — быть худым
Нæ, фæлæ нæ кадæй / Мах нæ ивæм цæл, / Мах фæрсчытæ надæй / Никуы вæййынц цъæл. *Къоста. Уайдзæф* — Но мы свою честь / Не меняем на угощение, / Нам рёбра побоями / Никогда не ломают

фæрсласæг — 1. пособник; 2. пристрастный
~ цæстæнгас — пристрастное мнение
фæрсмæ — в сторону; боком
фæрссаг I (*бир.* фæрссæгтæ) — окно; ставни
~ æхгæнын — закрывать окно (ставни)
рудзгуыты фæрсæгтæ — ставни
фæрссаг II — чужой, посторонний; побочный; второстепенный, неосновной, косвенный, сторонний;
~ адæм — переселенцы
~ æвдисæнтæ — косвенные улики
~ æгъдауæй — косвенным образом
~ куыст — второстепенная побочная работа
~ ныхас — *грам.* косвенная речь
~ кæнын — вторить, повторять
хионтæ æмæ фæрссæгтæ — свои и чужие
фæрссагдон (*бир.* фæрссагдæттæ) — *геогр.* приток
фæрссагми — *грам.* деепричастие
фæрсты — *нареч. и послелог* мимо
фæрсудзæгау дзурын — цедить сквозь зубы
фæрсудзæн — фильтр; цедилка, дуршлаг, *разг.* воронка
фæрсудзын — сцеживать, процеживать, цедить
фæрсуынг — переулок
фæрсхъæу — селение, аул, находящийся в стороне от главной магистрали, от центра
фæрсыгъд — процеженный
~ æхсыр — процеженное молоко
фæрсыл: ~ хъæдур — сорт невьющейся фасоли
фæрсылæй — легко, без труда; сложа руки
~ хуыссын — лежать пластом
уымæн ~ дæр ис — ему всё в руки плывёт
фæрсын — спрашивать; читать; гадать; навещать, проведывать
● фæрсгæйæ ма læг ælдарыхъæу ссары — язык до Киева доведёт
лыстæг ~ — выспрашивать; *ирон.* устроить допрос с пристрастием
фæндæй ~ — спросить о намерении

фæрсынтыл схæцын начать расспрашивать
● ~ мæ ма схæцут, тагъд кæнын не расспрашивайте меня, я тороплюсь
фæрсырдæм *нареч.* в бок, в сторону
~ фæзилын свернуть в сторону
фæрсырдæмты на стороне, на сторону; в сторону; по сторонам
~ бирæ хæрдзтæ кодта Дзынга. *Дæбе. Цыт* Дзынга много тратил на стороне
фæрсырдыгæй 1. побочный; 2. сбоку, со стороны
~ алцыдæр кæддæриддæр хуыздæр зыны со стороны виднее
~ æфтиаг побочная, незаконная прибыль
~ кæсын смотреть со стороны
фæрсыссад отточенный
~ кæнын точить
фæртт *межд.* хлоп; удар
~ кæнын (ласын) хлопать; ударять; убивать
фæртт-фæртт кæнын стучать; молотить без умолку
фæрувын полоть, пропалывать
фæрухс кæнын осветить
● зæрдæ ~ обрадовать; поднять настроение
фæрухс уæвын стать светлым; осветиться
зæрдæ ~ обрадоваться; подняться *(о настроении)*
фæрцы благодаря; вследствие, по причине, посредством, при помощи; из-за
Кæй ~ слæг дæ, уый дæ рох ма уæд не забывай своего благодетеля
Ныр сæ хæрд æмæ сæ ноздт фæсабырдæр ис, сæ ныхас та ноздты ~ тынгдæр фæци. *Арсен. Джанаспи* Постепенно они уже не столько пили и ели, сколько разговаривали, разогретые выпитым
● хорз уазæджы ~ бинонтæ дæр фæминас кæнынц если гость хороший придёт, то и семье на обед перепадёт
фæрынчын уæвын заболеть
уæззау низæй ~ уæвын заболеть тяжелой болезнью
фæс- *первая часть сложного слова* за, позади; после
фæсабыр кæнын успокоить, утешить
фæсабыр уæвын успокоиться, утихнуть
Ныхасæй нæ ~ уыдзæн зæрдæйы рис Словами не притупить боль в сердце
фæсаджил кæнын раздвоить; разветвить; расщепить
фæсаджил уæвын разветвиться; расщепиться
Рагон ирайнаг æвзаг дæр ~тæ æмæ дзы рауад хицæн диалекттæ. *Гуыриаты Т. Хæстæгдæр æвзаг? Ягнобаг* Древнеиранский язык тоже разделился, и появились отдельные диалекты
фæсадзын всадить, воткнуть; сажать, рассаживать *(растения);* встревать
хи ~ впутаться, встрять
Сæ ныхасы дæхи цы фæсагътай? Зачем ты встрял в их разговор?

фæсайын обмануть, подвести; слукавить

дзырд ~ не сдержать слово

зæрдæ ~ обмануть чувства

хи истæмæй ~ чем-нибудь себя занять, отвлечься

фæсал *(бир.* фæсæлттæ) стелька из сена в горском чувяке; сухая трава; мох; луговой мятлик; осока

● кардзыд адæймаг æрыгæтты ‘хсæн фароны ~ цъæх кæрдæджы фарсмæ человек в возрасте среди молодёжи, что сухая трава на зелёном лугу

– Дæлæ уæ йæ бæхы фæсарц ~ баст кæмæн ис, уый у кæстæр, иннæ та – хистæр. *НК.* – Вон тот, у которого к седлу сзади привязано сухое сено, тот младший, а другой – старший

фæсалхуыз цвета соломы

~ сæрыхъуынтæ волосы цвета соломы

фæсарæйнаг *(бир.* фæсарæйнæгтæ) заграничный, иностранный, иноземный

~ легион иностранный легион

фæсарæн заграница

~æй / тæй из-за границы

~ы за границей

дард ~тæ дальнее зарубежье

дард ~ты æхсæнад диаспора; зарубежное общество

хæстæг ~тæ ближнее зарубежье

фæсарм *анат.* запястье

фæсарц: ~ бадын сидеть вторым на лошади; прятаться за широкой спиной

искæй ~ æвæрын усадить за спиной

Бадзи хъæумæ ацыд, йæ фысымты лæппуйы йæ ~ авæрдта. *Максим. Хæххон барæг* Бадзи ускакал в село, посадив вторым на лошади сына своих хозяев

Фелдфебелы бæхыл æй хъæдмæ йæ ~ чи ахаста, уый дæр ды нæ уыдтæ, нæ? *Максим. Æхсызгон улæфт* И как будто это не ты его укрыл в лесу, посадив его сзади на коня фельдфебеля?

фæсаст перелом, поворот, резкое изменение

фæсатæг кæнын охладить, остудить

фæсатæг уæвын охладиться; посвежеть, похолодать (*о погоде*); поспеть (*об орехах*)

уæлдæф ~ ис къæвдайы фæстæ воздух после дождя стал свежим

фæсауæрц, фæстауæрц резерв

фæсау кæнын очернить

фæсаууон 1. заочный; закулисный, тайный; 2. в тени; заочно; в отсутствии

~ æмбæхстæй в укрытии

Æфсымæр-иу кусынмæ ацыди, æмæ йæ ~ цытæ цыди, уый кæм уыдта. *Бицъоты Г. Арвы айдан* Брат уходил на работу, и откуда ему было знать, что происходит в его отсутствие

~ лæууын стоять в тени; не выпячиваться

~ ныууадзын оставить в тени; превзойти

~ ныхас закулисные переговоры

фæсаууонмæ за глаза, заочно; в отсутствие
~ ахуыр заочное обучение
● ~ дæ койтæ кæны он судачит о тебе за твоей спиной
~ хонын звать за глаза
фæсау уæвын почернеть, потемнеть
фæсаходæн после завтрака
фæсахсæн путы *(надеваемые на ноги лошади)*
~ кæнын надевать путы, стреножить *(лошадь)*
фæсахуыр после учёбы, занятий
~ рæстæг арвитын проводить внеклассное время
фæсахъат кæнын изувечить
фæсахъат уæвын изувечиться; приобрести хроническую болезнь
фæсахъатджын кæнын изуродовать
фæсæвæрд I отложенное про запас
~ цалх запасное колесо
фæсæвæрд II *грам.* послелог
фæсæйын проболеть
фæсадтæн æнæхъæн къуыри я проболел целую неделю
фæсæлæт кæнын перекормить жирной пищей; пресытить
фæсæлæт уæвын переесть, насытиться жирной пищей; пресытиться
фæсæлхæр кæнын свести с ума
Бауырнæд дæ, Бицко, дæ куыдз йæ рæйдæй адæймаджы ~ кæндзæн. *Умар. Уалдзæджы улæфт* Можешь мне поверить, Бицко, твоя собака своим лаем человека с ума свести может
фæсæлхæр уæвын одуреть
фæсæмбисæхсæв(тæ) после полуночи; за полночь
Суанг ~тæм нал бафынæй дæн. *Максим. Æхсызгон улæфт* Я уснул только после полуночи
фæсæмбисбон после полудня
фæсæрæндзаст уæвын приободриться
фæсæттæн переломный
~ы заман переломное время
● зæронд лæг й' азтыл нал фæсæтты старый свой возраст скрывает
фæсæттын смягчиться *(напр. о погоде);* поддаться на уговоры; переломиться
● зæрдæ фæсæттынæн дæс цæфæй иу лæгъз ныхас хуыздæр одно ласковое слово действеннее десяти ударов
● уæ къæсæртæ уын фæсастон? я что ваши пороги обивал?
тых фæсасти силы надломились
фыдгултæ тасы бацыдысты æмæ фæсастысты враги испугались и были сломлены
фæсæфсин женщина, которая остаётся за хозяйку в доме

● ~ баззайын — временно быть на хозяйстве; остаться за хозяйку

● ~ы фсин радау вæййы — не своё не жалко; временная хозяйка щедра бывает

фæсæфтуан — *лингв.* суффикс

фæсæфцæг — за перевалом

~ цæрæг — живущий за перевалом

● искæйы хъыг ~ — чужое горе не болит

фæсæхсæвæрты — после ужина

фæсбын — сукно

Морæ ~æй дæ буц хъæбулы зæрдæ / Нал ысрухс кодтай, мæ мад! *Къоста. Салдат* — Взлелеянного тобой сына в коричневую черкеску / Не нарядила ты больше, мать моя

фæсвæд — окольный путь; в стороне; далеко от центра

~ аззайын — остаться за бортом

~ кæнын — прятать, скрывать

~ къахвæндагыл — окольной тропинкой

● цæмæй дæм хæрамхæссæг ма уа, уый тыххæй ~ макæй кой кæн — не хочешь неприятностей, не обсуждай никого за спиной

~ цæуын — ходить окольными, кружными путями

Мæ фæлтæр, дæ сагъæс, дæ рыстæй / Æз никуы ыздæхтæн ~. *Гаджиты Г. Мæ фæлтæр* — Моё поколение, от твоих печалей и болей / Я никогда не держался в стороне

фæсвædæй — скрытно, украдкой, исподтишка

● æртхъирæнгæнæг ~ хæцы — от кого угроза идёт, тот исподтишка нападёт

фæсвædмæ — в сторону; на обочину

Рæстæджы фарн æппары нæ фæндагæй ~ уæззау цæлхдуртау. *Чеджемты Æ.* — Ход времени сбрасывает нас со своего пути, как ненужные препятствия

хи ~ асайын — уйти в сторону; держаться в тени

Иу бæлас, зæгъынц, базæронд æмæ загъта: «О, адæм, æз зæххыл хæцынæй бафæлладтæн æмæ фæлдæхын, фæлæ-иу мæ ~ æгады æппæрст ма акæнут». — Рассказывают, что было дерево, когда оно состарилось, то попросило: «О, люди, устало я за землю держаться и валюсь, но не бросайте меня с позором на обочине»

фæсвæндаг — обочина; в стороне от дороги

фæсгæрон — окраина, пригород, загород

горæты ~мæ цæуын — ехать загород

фæсгоймаг — *охот.* гость

фæсгорæтон, фæссахайраг — загородный

фæсденджыз — заморский

фæсденджызон — заморский

фæсдон — заводь, затон

фæсдуар — за дверью

~ кæнын — выгонять *(букв. выставлять за дверь)*

Дæуæй фылдæр чи кусы, ахæмтæй бирæтæн сæ хæдзары цы ис, уымæй дæуæн дæ ~ы фылдæр ис. *Æхсарбег. Куырды фырт* — У тебя за дверью больше, чем в домах тех, кто больше тебя работает

~мæ аппарын — вышвырнуть за дверь

~мæ зæронд дзаумайау æппарын — выбросить как старьё

● искæй ~ авæрын — задвинуть на задворки

● искæй ~ цæрын — жить у кого-то из милости; быть приживалом

● ~ лæууын — вести себя скромно; стоять за дверью как будущий зять

Тæхуды ‘мæ уыцы лæппу кæй ~ балæудзæн — Завидую тому, чьим зятем станет этот молодой человек

хæдзары ~ — за дверью дома

фæсдыгъд — после дойки

фæсдзарм — шкирки; шиворот

~ радавын — взять за шиворот

● искæй йæ ~æй уынгмæ раласын — за шкирки вытащить

Мæ ~æй мæ куы ласай, уæддæр дын нал акомдзынæн. *Изæтбег. Æндæрг* — Если ты даже за шиворот меня потащишь, я всё равно не пойду

фæсдзæгат — задворки

фæсдзæуин — слуга, служанка, прислуга; ординарец; *разг.* прихвостень

● искæмæн ~ы митæ кæнын — ходить на задних лапках; прислуживать кому-л.

паддзахы ~тæ — царские слуги, свита

● уалахиз – дæ ~! — Да сопутствует тебе победа!

фæсдзыд — сопровождение

фæсдзырд — *грам.* послелог

фæселф кæнын — отрезать; увильнуть

фæсенк ласын — проскочить

фæсивæд — молодёжь

~ы æппæтдунеон фестиваль — Всемирный фестиваль молодёжи

æнæрцæф ~ — нестреляная молодёжь; умеющая постоять за себя молодёжь

Нарты æнæрцæф ~ — гордая молодежь Нартов

нырыккон ~ — современная молодежь

сагсур ~ — лучшие представители молодёжи

Фыдыбæстæй Стыр хæст бирæ сагсур ~ы бабын кодта. *Р.23. 01. 2019* — Много отборной молодёжи сгинуло на фронтах Великой отечественной войны

хъал ~ — кичливая, горделивая молодёжь

● хъæд ма арæх куы уыди, уæд хъал ~ гуыппы тыххæй бæлас калдтой — вытворять ненужные действия; *букв.* когда кругом были леса, спесивцы валили деревья для показухи

хъæуы ~ — молодёжь села

Уынджы ма ноджыдæр уый фæстæ ~ сарæзтой симд. *Чехойты С. Хæсты цы фын федтон, уый* — Да ещё после этого на улице молодёжь устроила симд

фæсивæдон — молодёжный

фæсидт — призыв, обращение; вызов

фæсидын — призвать; пригласить

фæсидзæр кæнын — осиротить

Фыд йæ цардæй ахицæн, ~ кодта йæ чызджы — Отец ушёл из жизни, сиротой осталась его дочь

фæсидзæр уæвын — осиротеть

фæсизæр — поздно вечером

фæсимын — долго танцевать симд

фæсирын — идти иноходью; протанцевать

фæскавказаг — 1. закавказец; 2. закавказский

фæскомарынг — *анат.* мягкое нёбо

фæскомарынгон — *лингв.* задненёбный

фæскомцæдис (Фæсивæды Коммунистон Цæдис) — комсомол *(Коммунистический Союз Молодёжи)*

фæскомцæдисон — комсомолец, комсомолка; комсомольский

~ билет — комсомольский билет

фæскуыст — 1. нерабочее время; 2. после работы

фæскъау (*бир.* фæскъæуттæ) — отходы шерсти; волокно; пакля

● фæддзæгъдæнæй гæны фæскъæуттæ цæгъдын — морочить голову; вешать лапшу на уши

Ды мæнæн фæддзæгъдæнæй гæны фæскъæуттæ ма цæгъд. *Æз æй зонын. Тæтæри. Мæ хо* — Ты мне голову-то не морочь. Я его знаю

мигъы ~тæ — обрывки облаков; клубы тумана

Барæджы цъæх басылыхъхъ мигъы ~ау дымгæмæ ныттыгъд. *Хъайттаты С. Фæдисонтæ* — За спиной всадника на ветру развевался его серый башлык как клубы тумана

фæскъауджын — волокнистый

~ сыфтæртæ — волокнистая листва

фæскъæбут — загривок

● æрра йæ ~ цæвы — по загривку дурака удары приходятся

фæскъæвда — после дождя

~ арв асыгъдæг — небо прояснилось после ливня

● ~ хур бон цæсты тынгдæр фæахады — после ливня солнечный день

Дæлийы цæсгом барухс, ~ хур бон куыд фæрухс вæйы, афтæ. *Тæтæри. Размæ* — Лицо Дали озарилось как будто после ливня солнечный день наступил

Хæхтæй æрбазынæг рухс хуры тын, / Арвыл ~ сырх-хъулон æрдын. *Дзаболаты Х. Æрдз æмæ адæймаг* — Из-за гор появился светлый луч солнца. На небе после дождя яркая цветная радуга

~йы маргхъæстæ зокъотау сарæх уæвын — развелось как ядовитых грибов после дождя

фæскъæдзæхæй — из-за скалы

фæскъул за домом

Саударæгус зæгъы: – Уæртæ ~ иу къуылых бæх, кæд дын бæззы, уæд. *НК.3* Женщина в трауре говорит: – Вон за домом хромая лошадь, может, тебе сгодится

фæскъуым за углом

~ты æмбæхсын прятать по углам

● зындзинæдтæй хи ~мæ ласын забиться от трудностей по углам

фæсм шерсть

~æй конд дзаума вещи из шерсти

~ы бакуыст обработка шерсти

фæсмардæрцыд после похорон

Ærбадæм ~ иу адæмау сыхты, хъæуты, сахарты æмæ … æнæ масты фæдыл цæугæйæ, æнæ æртхъирæнтæ кæнгæйæ ныллæууæм раст фæндагыл. *Айларты И. Нæ рæстæг – нæ ирвæзынгæнæг* Давайте после произошедшего присядем без суеты как соседи, односельчане, горожане и без злости и без угроз выберем себе правильный путь

фæсмæр живой; дерзкий; наглый, бойкий

фæсмæргомау дерзкий; наглый

~ лæппу дерзкий мальчик

фæсмæрдон посмертный

~ рауагъд посмертное издание

~ хуызы посмертно

фæсмæрдзинад бойкость, дерзость

фæсмæрын узнавать

фæсмойнаг 1. причина раскаяния; 2. раскаивающийся

~ ницæмæй уæвын не в чем раскаиваться

● барон лæг æвæсмон у, æнæбарон – ~ терпимому человеку не в чем раскаиваться, а нетерпимому приходится

● дыууæ загъдгæнæгæй иу – ~ один из двух проиграет; один точно пожалеет, что в скандал ввязался

● знагимæ лымæн чи кæны, уый фæстагмæ ~ кæны кто с врагом побратается, в конце концов в этом раскается

фæсмон раскаяние, сожаление

● ~ амондæн ахъаз нæу сожалением счастью не поможешь

~ æм æрцыди в нём заговорила совесть

Кæд æм искуы ~ æрцæуид может, в нём когда-нибудь проснётся раскаяние

~ кæнын сожалеть о непоправимом; кусать локти

зылын мийыл ~ кæнын раскаяться в преступлении

цардыл ~ кæнын сетовать на жизнь

Куы бахизы райгæ йæ уарзон къæсæрæй, / Куынæ кæна мисхал йæ цардыл ~. *Дæуыт. Æз уарзын* Когда с радостью переступает свой любимый порог, / Он ничуть не сожалеет о своей жизни

● Фæлтау цы дзурыс, ууыл хъуыды кæн, цы загътай, ууыл ~ кæныны бæсты Лучше думай, о чём говоришь, чем раскаиваться, когда уже сказал

~ ницæуыл кæнын ни о чём не сожалеть; ни в чём не раскаиваться

Тæхудиаг у уыцы адæймаг, йæ ныхæстыл, йæ митыл ~ чи нæ кæны — Блажен, кто не сожалеет о сказанном и содеянном

Мæ хæлар, мæ уарзон! / Ныммæл мын ~æй, / Ды искуы хæддзуйæ куы скæнай ældar! *Къоста. Катай* — Мой друг, мой любимый, / Умри от раскаянья, Если когда-нибудь пришельца сделаешь алдаром

райгуырдыл ~ кæнын — жалеть, что на свет появился

~ы арты судзын — очень сильно раскаиваться, сожалеть

Мæ цыд кæй фæдзæгъæл и, уый тыххæй ~ы арты судзын — Очень сожалею, что мой приход окончился ничем

● ~ы къуыбылой здухынæй ницы пайда ис — бесполезно раскручивать клубок сожалений

● æрæджиау ~ кæнын — локти себе кусать; посыпать голову пеплом

● ~æн æм йæ аууон дæр нæй — у него нет и тени сомнения

фыдракæндыл ~ нæ кæнын — не раскаиваться в преступлении

хи ~æй аргæвдын — замучить себя раскаянием

хи ~æй бахæрын — мучаться раскаяниями

● хорз куы бакæнай, уæд ыл ~ ма кæн — не сожалей о содеянном добре

фæсмонгæнæг (*бир.* фæсмонгæнджытæ) — раскаивающийся; сожалеющий, кающийся

● фæсмонгæнæджы сæр кард нæ кæрды — повинную голову меч не сечет

фæсмонгæнæджы хъæлæсæй — раскаивающимся голосом

● хонæг – æдзæсгомгæнæг, æдзæуæг – ~ — кто приглашение посылает, ставит в неловкое положение, а тот, кто приглашение не принимает, – сожалеет

фæсмонгонд — раскаявшийся

~ æрбауай — чтобы ты искренне раскаялся в содеянном

~ фæуын — раскаяться

● хылкъахæг ~ кæны — скандал кто раздует, тот об этом пожалеет

фæсмонгондæй — в раскаянии

царды бонтæ ~ æрвитын — раскаиваться всю жизнь

фæсмондзинад *кæс* **фæсмон**

фæсмын — 1. шерсть, сукно; 2. шерстяной, суконный

æфтаугæ дзабыртæ ~ зæнгæйттимæ — чувяки с шерстяными ноговицами

фæснозт — 1. похмелье; 2. с перепоя; с похмелья

фæсном (*бир.* фæснæмттæ) — прозвище; прозвание

~ раттын — прозвать; дать прозвище

фæсномыг — 1. прозвище; псевдоним; аноним; 2. иносказательный

~ ныхас — недомолвка; намёк; притча

~ ныхæстæ кæнын — говорить обиняками, выражаться иносказательно

фæсныхас (*бир.* фæсныхæстæ) — послесловие

фæсномыгæй — иносказательно, инкогнито

фæсон, фæсонтæ — спина

искæй раз ~ы нуæрттыл атулын — пресмыкаться перед кем-л.

~тæ æрдзæхст ласын — хлестнуть по спине

~тæ знагмæ раздахын — спасаться бегством; показать врагу спину

~тæ ныхгæйæ — лениво, почёсывая спину

кард ~ты ныссадзын — ударить сзади; вонзить нож в спину

● кæмæндæр йæ сис кæлæддзаг уыд æмæ йæм быцæуæн йæ ~ сарæзта — чтоб забор не упал, он его спиной подпирал

~тыл æрæвæрын — взвалить на спину

Сæууон ирдгæ дын дæ риу куы хойы, изæрон дымгæ – дæ ~, уæд цæуыл ыскъал дæ? — Утренний холодный ветер бьёт тебя в грудь, вечерний ветер – в спину, так с чего ты так возгордился?

гуыбыр ~ — согбенная спина

Цыппæрæм (*фæткъуы*) æрхауди уæд иу дымгæ бон / Бæласæй зæххоны ~тыл. / Гъеуæдæй хъуыдыты ныгъуылди Ньютон / Нæ дунейы мидхалæг скондыл. *Цæрукъаты В. Мифон фæткъуытæ* — Четвёртое (*яблоко*), сбитое ветром, / Ударило смертного в спину. / И вот погрузился в думы Ньютон / О том, как устроен мир

фæсонæрхæг — углубление между лопатками

● мæ фæсонæрхæджы дæр никуы уыди — и в мыслях у меня никогда не было

фыд ракæнын йæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыд — у него и в мыслях не было сделать что-нибудь дурное

Йæ фæсонæрхæджы дæр не ‘рцыд сылгоймагæн хъыг фæкæсдзæн, уый. *Лademыр. Дыууæ бæллæхы* — Ему и в голову не пришло, что женщине это может показаться обидным

Пугачы сæры та февзæрди, ныронг йæ ~ дæр чи никуы фæзынди, ахæм хъуыды. *Æхсарбег. Куырды фырт* — У Пугача появилась такая мысль, которая ему никогда не приходила в голову

фæсонт уæвын — изумиться, поразиться, быть ошеломлённым; вспылить, потерять самообладание

фæсонтхела уæвын — обезуметь

фæсохъхъыр уæвын — окриветь

фæсполярон — заполярный

~ горæт / сахар — заполярный город

фæсрагъ — за хребтом

Хъазджери йæ бæхыл саргъ баппæрста æмæ ацыди ~мæ йæ рæгъæуттæ бабæрæг кæнынмæ. *Ашæх. Нæ фæлтæры фæндæгтæ* — Казгери оседлал коня и отправился за хребет проведать свои табуны

фæсрæфтад — 1. послеобеденный; 2. после обеда

фæсрон — за поясом

искæй ~ бакæнын — *разг.* заткнуть кого-л. за пояс

фæдджитæ ~ы атъысын — подоткнуть полы

Фистæг лæгæн ты циу. Йæ фæдджитæ йæ ~ы тъыстæй кæуылдæриддæр ауайдзæн. *Ашæх. Тасолтаны балц* — Хорошо пешему. Подоткнёт полы за пояс и пройдёт, где угодно

фæссихор — после обеда

фæстаг (*бир.* фæстæгтæ) — 1. конец; старость; 2. задний; последний

~ аргъ — окончательная цена

~ æмгъуыд — крайний срок

~ æхцайæ — на последние деньги

● ~ бынат бацахсын ерысы — занять последнее место в состязании

● ~ дæ нуазын нал хъуыди — *ирон. букв.* последний бокал не надо было пить; ты перебрал

● ~ кад кæнын — отдавать последний долг; прощаться с умершим на его похоронах

● ~ капекк — последняя копейка, последний грош

● ~ кæрдæгыл ахафын — стать зрелым; дозреть

Рагæй дæр æвæрæз адæмæн æххуысгæнæг дæн. Афтæмæй сæ йæ ~ кæрдæгыл чи ахафы, уый мæ зонгæ дæр нал кæны. *Сæбæтхъуаты Р. Æмхъæуккæгтæ* — С давних пор я помогаю беспомощным людям. При этом, как только они становятся самостоятельными, они перестают со мной знаться

~ къах — задняя нога

● ~ къæхтыл лæуын — ходить на задних лапках, лебезить

~ рæстæг — в последнее время

● ~ сулæфты онг — до последнего вздоха

● ~ туджы æртахмæ — до последней капли крови, до самого конца

~ фæдзæхст — последний завет

~ фæлварæн — последняя попытка

● ~ хабæрттæ — последние известия

~ хатт бафæлварын — попытаться в последний раз

● ~ хæдон раттын — отдать последнюю рубашку; не пожалеть последнего

Аминæтæй æнувыддæр ныл ничи у. Мах тыххæй йæ ~ хæдон дæр раласдзæн. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — Больше всех о нас заботится Аминат. Она готова последнее нам отдать

● ~ хъуыддагтæ бакæнын — отдать последний долг умершему

Мæ зæрдæ дардтон, дæ бирæ цотæй иу уæддæр мæнæн мæ бирæ лæггады тыххæй, мæ ~ хъуыддæгтæ бакæндзæн. *Дауыра. Æнæном фыстæг* — Тешила себя надеждой, что хоть один из твоих многочисленных детей, после всего, что я для них сделала, похоронит меня

æппын ~ — в конечном счёте

йæ ~ аллайагмæ æрцыд — конец его был позорным

● раззаджы цæф ~æй нæ риссы — удар, что впереди идущему достаётся, последнему в строю болью не отдаётся

● раззæгты куы нæ æййафай, уæддæр дæхи фæстæгтæй бахиз — если не первый, то хотя бы не последний

уый нæ хъæуы лæппуты къорды сæ ~ кæрон лæуд нæу — он не самый последний парень в нашем селе; он у нас на хорошем счету

фæстаджы раззаг — предпоследний

фæстаджы цæфæн фиддæн нæ вæййы — последний удар остаётся неотмщённым

● хуыснæджы ~ – ахæстон — вор тюрьмой закончит

● Хуыцауы дæ ~ къахæй ма цæв — не дерзи; не богохульствуй

царды ~ азтæ — последние годы жизни; конец жизненного пути

Мæ ~ ænæфæхæцæг кæй у, мæ фæдыл иу кæстæр кæй нæ рацæудзæн, уый дæр мæ ærбайрох рæстæгмæ. *Максим. Хæххон барæг* — На время я даже забыл, что в старости некому будет обо мне позаботиться, что нет у меня младших

фæстагæрдæг — зад; задняя часть туловища

фæстагмæ — напоследок, в заключение, к концу; наконец

æмæ ма ~ иу фарста — ещё вопрос напоследок, в заключение

фæстагон *(бир.* фæстагæттæ) — 1. потомок; последователь; 2. последующий; последний

Не ‘взагыл нæ тых / Æмхуызон бавзарæм, / Ныллæууæм хъæддых. / Цæмæй ныл ма худой / ~ фæлтæр. *Секъа.* — Давайте все силы / На язык наш направим. / Станем стойко. / Чтоб не смеялись над нами потомки

Æз ахæм æмбисонд уадзын: нæ фæстагæттæ нæ ном хъусæнт, фæлæ чи стæм, уый мауал зонæнт. *Царциаты фæндиæгтæ сæ кæстæртæн* — А я оставляю такой наказ: чтоб потомки имя наши слышали, а кто мы, чтоб больше не ведали

Йæ фæстагæттæ хæссынц æндæр мыггаг — его потомки носят другую фамилию

Уæ фæстагæттæ уыл бахъоды кæндзысты — потомки проклянут вас

Уый макæмæй ферох уæд, / Зонæнт æй фæстæггæтæ дæр. *Хъаныхъуаты В. Хохаджы зæрдæйы рухс* — Пусть никем не будет забыто, / Пусть и потомки помнят

фæстагætты цæсты — в глазах потомков

● фыдæлты аххостæ фæстагæттæ фидынц — за предков прегрешения потомки расплачиваются

фæстаджырдæм, фæстагырдæм — впоследствии; к концу; позднее

~ бынтондæр сау адæмы фарс ахæцыд. *Болайы фырт. Чермен.* — Со временем он полностью перешёл на сторону черни

фæстауæрц — экономия, бережливость; сбережения; заначка

~ кæнын — экономить, беречь

● ~ чъындыйы нысан нæу — бережливость не есть признак скупости

фæллойадон ~ — трудовые сбережения

хæцæн æрмæг ~ кæнын хъæуы! Рæстдзæвин ут! — Надо экономить боеприпасы! Будьте меткими!

хойраджы ~ — продовольственные запасы

фæстауæрцгæнæг (*бир.* фæстауæрцгæнджытæ) — экономный, бережливый

фæстауæрцджын — бережливый; запасливый

фæстауæрцдзинад — бережливость

фæстæ — за, позади; после

~ зайын — отставать

~ фæуадзын — перегнать, оставить позади

ægас адæмы ~ ærбацыд — он пришёл после всех

дуары ~ — за дверью

мæ ~ слæууыд — он встал позади меня

● мæ ~ хæрæгæй дæр хуым кæнæнт — после меня хоть трава не расти; *букв.* после меня пусть хоть на ослах пашут

сегасы ~ — самым последним; позже всех

уый ~ — после этого, вслед за тем

Уæ! Нæ хæхтæ, нæ бæстæ, / Куыд цæрæм уæ ~!.. *Мамсыраты Т. Сагъæстæ* — О! Горы наши, Земля наша! / Как без вас жить!

фæстæгтæ — задние конечности; потомки

● иугæр раззаг къæхтæй куы ахизай, уæд ~й дæр хъæуы — коль начал, так уж продолжай; *букв.* передними ногами ступил, то и задними нужно

фæстæгтыл сбадын — сесть на задние лапы

Сырдтæ æрбамбырд сты. Сæ фæстæгтыл æрбадтысты æмæ диссагмæ хъусæгау хъуыстой цъиуы зардмæ. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Звери собрались. Сели на задние лапы и как чудо слушали пение птицы

фæстæгтыл слæууын — *разг.* встать на дыбы; резко проявлять несогласие, протест

Минæвæрттæ барвитынæн мын бар раттут, зæгъгæ, сæм хуыздæрæн иу сылгоймаджы барвыстон, æмæ, дам, Хамырзæ йæ фæстæгтыл слæууыд. *Ладемыр. Дыуæ бæллæхы* — Хотел получить разрешение заслать сватов, думал как лучше и послал к ним одну женщину, а Хамырза, говорят, на дыбы встал

● фæстæгтыл схæцын — *разг.* поднять зад; проявить интерес

Уæ фæстæгтыл ма схæцут æмæ æддæмæ акæсут! Уæ ахуырдзаутæ сæ сæртыл хъен слæууыдысты. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — Оторвите свои зады и выгляньте! Вон ваши ученики на ушах стоят

фæстæгты фарс фæуын — быть на стороне потомков

фæстæдæр — на потом; на более позднее время, на будущее

● ~ фенай! — это еще цветочки, а ягодки впереди

~мæ æргъæвын — отложить на потом

~мæ ныхас æргъæвын — отложить разговор

æмбисæхсæв бирæ ~ — далеко за полночь

раздæр æви ~ — раньше или позже; рано или поздно

фæстæзад — 1. отставание; отсталость; 2. отсталый; отстающий

~ æгъдæуттæ — устаревшие обычаи

~ æгъдæуттыл фидар хæцын — цепляться за устаревшие обычаи

~ хъуыдытæ — отсталые взгляды

Кæд æй (*Шекспиры*) искæцы адæм сæхи æвзагмæ нæ тæлмац кæнынц, уæд уыдон æнæфенд æмæ ~ сты. *М.Д. 7.2010* — А если на какой-то язык он (*Шекспир*) не переведён, это может свидетельствовать об отсталости и невежественности этого народа

фæстæзаддзинад — отсталость; отставание

фæстæзæлд — отголосок

фæстæздæм *кæс* **фæстæрдæм**

фæстæздыгæй *кæс* **фæстæрдыгæй**

фæстæмæ 1. обратный; 2. назад, обратно; кроме, за исключением

~ айсын отобрать, взять назад

~ аласын отступить

~ нæ аласын не отступить; не оставить в беде

Нæ зонын, фæлæ сын баххуыс кæнын мæ бон цы уа, уымæй иу сахат дæр мæхи ~ нæ аласдзынæн. *Дæбе. Æхсарбег* Не знаю, но если я чем-то помочь им могу, я их в беде одних не оставлю ни на час

~ алæууын отступить

~ дзурын противоречить, возражать; огрызаться

~ здахæн нæй обратного пути нет

~ здæхгæйæ на обратном пути

~ здæхт æрцæуын возвратиться

~ иу къæхдзæф дæр нæй! Ни шагу назад!

~ кæсын нæ зонын не уметь осторожничать

~ къæпп кæнын огрызаться

~ къæхтыл слæууын кæнын восстановить; поставить снова на ноги

~ пропорци *мат.* обратная пропорция;

~ раздæхын вернуться обратно

~ ракæнын отозвать

~ уромын удерживать

Мæй йын ис мызд 7 сомы, уыдон дæр ын алы æфсонæй ~ уромынц. *Арсен. Фембæлдысты* В месяц она получает 7 рублей, да и те под разными предлогами удерживают с неё

~ фæзынын появиться *(вновь)*; вернуться

~ фæкастмæ дæр в мгновение ока

Стонг адæмæн иу фыс цас ахæринаг у? ~ фæкастмæ дæр дзы ницыуал фæуагътой. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* Что стоит голодным людям съесть одного барана? В мгновение ока они от него ничего не оставили

~ фæкæсын оглянуться *(назад)*

~ дæр мауал фæкæс даже не раздумывай

~ фæкæсынмæ дæр нæ нал æвдæлы у нас совсем нет времени оглядеться

~ мауал фæкæс беги без оглядки; не медли

~ фæндаг обратный путь

~ хæцын удерживать; тянуть назад; экономить

Ханиффæ æмдзæрæны куы царди, уæд мыздыл дæр ~ хæцын фæрæзта. *Умар. Уыцы бон касти хур* Когда Ханиффа жила в общежитии, она умудрялась экономить зарплату

~ цæуын возвращаться; отступать

● адæм – размæ, уый – ~ люди все – вперед, а этот – назад идёт

амæй ~ отныне, впредь

æрæгæй ~ йæм афтæ кæсын райдыдта, цыма рæсугъдзинады уд нæй. *Умар. Цард тындзы сæ размæ* С недавних пор ему стало казаться, что в красоте нет души

● æнæ ~ фæкæсгæйæ не колеблясь, сразу; недолго думая; без оглядки

зындзинадты раз ~ нæ кæнын не отступать перед трудностями

иуæй иутæй ~ — за исключением некоторых

● мæ къухтæ мын ~ куы бабæттай, уæддæр æй бакæндзынæн — это же пара пустяков; *букв.* я это и со связанными руками сделаю

ныраæй ~ — отныне

райгуырдæй ~ — с рождения

стæмæй ~ — за редким исключением

уæдæй ~ — с тех пор

Уый размæ дæр арæх бадæг нæ уыд Цола ныхасы, фæлæ уæдæй ~ бынтондæр нал цыд. *Дæбе. Цыт* — И до этого Цола не часто сиживал на ныхасе, а с тех пор вообще перестал приходить

● уый капеккыл ~ нæ фæхæцы — она совсем не экономит ничего

● цъиуы æхсыраæй ~ дзы цы нæ уыд, ахæм нæй — кроме птичьего молока там было всё

мæнæй ~ — кроме меня

фæстæмæдзураг — огрызающийся

фæстæмæзæвæтджын — чёрт, дьявол

фæстæмæхæцæг — тянущий назад

фæстæмæцыд — отступление

знаджы ~ — отступление противника

фæстæрдæм — обратно, назад; задом

~ лидзын — отступать

къæлæтджыныл хи ~ аскъæрын — откинуться назад в кресле

фæстæрдыгæй, фæстæты — сзади, с тыла

~ бахъуызын — подкрасться сзади

кæм та фæрсырдыгæй, кæм та ~ — где сбоку, где сзади

фæстæуæз, фæстоз — далеко позади

~ аззайын — остаться далеко позади

хи ~ аскъæрын къæлæтджыны — откинуться назад в кресле

фæстæуæзгомау — чуть позади

фæсте — сзади, позади

~ ницыуал ныууадзын — ничего не пожалеть; выложить всё

цардæй ~ баззайын — отстать от жизни

фæстейы — позади

~ зайын — отстать

Дзæбе чылауитæ йæ дзыхы калдта. Мах дæр Дзæбейæ ~ нæ задыстæм. *Максим. Балцы зарæг* — Дзабе забрасывал сливы в рот. Мы тоже от Дзабе не отставали

~ йæ цыма Агуыры æфсæдтæ сырдтой — как будто за ним гнались войска агуров

~ хилын — плестись в хвосте

● искæмæй ~ ницы ныууадзын — быть похожим как две капли воды на кого-то

● разæй худгæ кæны, ~ та счъилы нуæртæ цæгъды — с виду приветлив, а сам на пятки наступает

● фæдисы ~ баззайын – мæлæтæй фыддæр — в погоне в хвосте остаться хуже смерти

фæндæгты ~ аззадысты — дороги пройдены, остались позади

фæстиат задержка, опоздание, промедление, замедление

~ кæнын задерживаться, опаздывать; мешкать, медлить

~ кæнын мæлæт у промедление смерти подобно

æнæ ~æй без промедления; безотлагательно

хъуыддаг ~æн нæ быхсы дело не терпит отлагательств

хъуыддаджы ~ кæнæн нæй нельзя мешкать

цалдæр боны ~имæ с опозданием на несколько дней

фæстиаттæгæнæг медлительный

фæстиаттæгæнæн 1. промедление; 2. тянущий время; отвлекающий внимание

~ ныхæстæ отвлекающие разговоры

фæстиаттæгæнгæ не спеша, мешкая

фæстиау *кæс* **фæстæуæз**

фæстигъ за углом

~ æнхъæлмæ кæсын поджидать за углом

фæстигъæй из-за угла

фæстинон 1. выздоровление; 2. выздоравливающий, ещё не оправившийся после болезни

● ~ рынчыны фæстæ вæййы всё своим чередом; сначала больной, потом выздоравливающий

● ~ хæраг у после болезни аппетит хороший бывает

● рыны цагъдæй чи аирвæзы, уый ~ у тому, кто в эпидемию уцелел, ещё поправиться нужно

фæстиуат промедление

~ кæнын медлить, мешкать

фæстиуæг (*бир.* фæстиуджытæ) итог; результат, последствие, следствие

~ раттын дать результат

мадзæлттæ аккаг ~ радтой меры дали соответствующий результат

~æн в результате

æвæлмон æмæ æввонг царды ~ итог праздной беззаботной жизни

● зæххыл æнæ ~æй ницы сæфы на свете ничего не обходится без последствий

зынгирвæзты ~ последствия воспламенения

кæуинаг фæстиуджытæ плачевные результаты

куысты ~ результат работы

низы ~ последствие болезни

● фæстиуджытæ иуварс акæнын устранить последствия

хæсты фæстиуджытæ последствия войны

хъаст æнæ ~æй ныууадзын оставить жалобу без рассмотрения

хъæугæ ~ надлежащий итог

цæстыахадгæ ~ ощутимый результат; видимое следствие

фæстиуæджджын чреватый последствиями

фæстоз далеко позади

● куы æгæр ~, куы æгæр разоз мимо цели; то перелёт, то недолёт

Нæмгуытæ куы æгæр ~, куы æгæр разоз хæлынц — пули не попадают в цель

фæстозгомау — далековато

фæстуæз — груз в задней части телеги, машины

фæстымыгъ — после бури

фæсуард — после дождя

● ~ы зокъоты бæрц — множество; что грибов после дождя

фæсудздза уæвын — разнервничаться, рассердиться

фæсудзын — долго гореть

хурмæ ~ — загорать

фæсур I — эпилептический припадок

~ кæнын — привести в обморочное состояние

~ уæвын — упасть в обморок; потерять сознание

фæсур кæнын II — подсушить

ком ~ кæны — пересыхает во рту

фæсур уæвын — подсушиться

фæсуроктæ — после уроков

фæсурын — гнать; прогнать, погнать; разогнать; гнаться *(за кем-л.)*

Æхситтæй дæ фæсырдæуæд! — Чтоб тебе вслед улюлюкали!

дурадзагъдæй ~ — прогнать камнями; забросать камнями

дымгæ мигътæ фæсырдта — ветер разогнал тучи

знаджы ~ — изгнать врага

куыстæй ~ — прогнать с работы

низтæ ~ — исцелить от болезней

ныййарæг бæстæй ~ — согнать с родных мест

сагъæс зæрдæйæ ~ — прогнать печаль из сердца

уалдзæг зымæджы фæсырдта — весна прогнала зиму

фæйнæрдæм ~ — рассеять во все стороны; разогнать по сторонам

фæллад ~ — развеять усталость

хуыссæг ~ — вызвать бессонницу

фæсус — 1. хрипота; 2. хриплый, сиплый

фæсусгомау — хрипловато

фæсусхъæлæсæй — хриплым голосом

фæсусæг кæнын — утаивать, умалчивать *(долгое время)*

● сылгоймаг цы зона, уый кæмæй хъуамæ ~ уа — то, что знает женщина, знают все

фæсусæндæгъд — охрипший

~ хъæлæс — охрипший голос

фæсутыр кæнын — ошеломить, оглушить; окоченеть

фæсутыр уæвын — быть оглушённым; задохнуться

Фехæлд нæмыг. Тосяйæн йæ хъустæ ахгæдтой, ~ æмæ исдуг ницыуал бамбæрста. *Лæдемыр. Тося* — Разорвался снаряд. Тосю оглушило, и какое-то время она ничего не понимала

фæсфæд 1. *уст.* укромное место, где хоронили умершего новорожденным; 2. потаённый, удалённый

~ æфснайын спрятать в укромном месте

~ ран закоулок; глухой переулок; укромное место

~ хъæутæ отдалённые сёла

Нæ мын уыд бабайæ адджындæр зæххыл. Фæлæ куы фæзынд де 'фсымæр… О, Хуыцау! ~ æй фæуагъта!… *Хуыгаты Г. Хъæздыг хæдзар* Никого не было у меня дороже отца. Но когда появился твой брат… О, Боже! Он его затмил!…

фæсфæстæгон (*бир.* фæсфæстагæттæ) далёкий потомок

Абоны лæджыхъæд канд махæн нæ, фæлæ / Фæсфæстагæттæн дæр царды йаргъ кад у! *Къоста. Хетæг* Мужество, проявленное сегодня, не только для нас, но и / Для далёких потомков честь, равная жизни

фæсфурдон заречный; заморский; заокеанский

фæсхæдзар за домом

фæсхæрд после еды

● дæ мад дæ ~ ныййардта ты как всегда некстати

Сæнар кæмæ нæй, уый ныссæйы, / Цырагъ нæм чи судзы ~?!. *Къоста. Мæгуыры зæрдæ* У кого нет кизяка чтобы топить – тот валится спать, / Кто у нас лучину после ужина зажжёт?!

фæсхæст 1. послевоеный; 2. после войны

~ сыздæхын райгуырæн хъæумæ вернуться с войны в родное село

Цыд ~ салдат хæхбæстæм, / Рагæй нал уыд ам. / Цин ыл кодтой быдыр, фæзтæ. *Хъаныхъуаты В.* Шёл с войны солдат, шёл в горы. / Давно он не бывал в родном краю, / Поля, равнины ему дарили радость свою

~ы бонтæ послевоенные дни

фæсхох за горой, за горами

фæсхохаг 1. горец; 2. живущий в горах

фæсхыл после драки

● ~ йæ къухтæ ничиуал фæтилы после драки кулаками не машут

● ~ æмæ фæснад – тымбылкъухæй после драки кулаками махать

фæсхъаймæт после потопа

фæсхъæу 1. отдалённое село; 2. за селом, за деревней

Паддзахвæндагæй тынг дард нæу, фæлæ уæддæр ~ыл нымад у. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* Хотя село располагается недалеко от трассы, но всё равно считается отдаленным

Ставд-Дурты хъæу нымад у республикæйы ~тæй иуыл. *Р.07.02. 2017* Село Ставдорт считается одним из самых отдалённыых сёл

хæрз чысыл къæбылайæ йæ ссардта ~ Он нашёл его совсем крошечным щенком за селом

фæсхъус за ухом

~ аныхын почесать за ухом

Хатгай-иу йæ хъуыдытæй куы ницы уади, уæд йæ ~ аныхта. *Умар. Фыды фарн* Бывало, когда у него ничего не получалось, почешет за ухом

фæсцуан после охоты

фæсчъылдым тыл, задняя сторона чего-либо

~ архайджытæ работники тыла

~æй, ~ты бацæуын напасть с тыла

знаджы ~ в тылу врага

знаджы ~мæ бацæуын заходить в тыл неприятелю

къухтæ ~ амбæхсын прятать руки за спиной

Рараст балцы фистæгæй. Йæ ~ цыдæр дзæкъулгонд. Он отправился в путь пешком. За спиной какая-то котомка

фыдгулы ~мæ в тылу врага

фæсыдз кæнын сдать назад, отступить

фæсыкк промах, осечка поражение

~ уæвын промахнуться, дать осечку; провалиться, потерпеть крах

фæндтæ ~ сты мечты не сбылись; сорвались замыслы

Ацы хæст фесæфта бæстæ, ~ сты мæ фæндтæ, мæ хъуыры фæбадтысты. *Кочысаты М.* Война всё на свете испортила, не сбылись мои мечты, застряли у меня поперёк горла

фæсыкъадзæф уæвын опьянеть, захмелеть

фæсындæг замедление

~ кæнын замедлить

фæсыпп уæвын замолкнуть

дымгæ ~ ветер стих

● Адæм фырдисæй, цы уыдзæн, уымæ æнхъæлмæ кæсгæйæ, се ‘мдзæгъд фæуагътой, фæндыр ~. *Дæбе. Æхсарбег* От любопытства, что же будет дальше, люди перестали хлопать, гармошка затихла

фæсырд разгон

фæсырх кæнын подкрасить красным

фæсырх уæвын покраснеть

йæ цæсгом ~ ис его лицо покраснело

~ фæззыгон фæткъуы сæрды, / Сæт калм сæлæф хуылфы æрцард. *Шамил.* Зарумянилось осеннее яблоко летом, / Слизистый червь поселился в рыхлой мякоти его

фæсырхбын кæнын придать красноватый оттенок

фæсысын иссякать; иссякнуть; испаряться

фæсыффытт кæнын (ласын) проскочить, пронестись *(быстро)*

фæтагъд кæнын поспешить; ускорить

æххуысмæ ~ кæнын поспешить на помощь

къахы айст ~дæр кæнын ускорить шаг

размæцыд ~дæр кæнын ускорить развитие, движение вперёд

куыдфæстæмæ кафт ~дæр вæййы танец постепенно набирает темп

цыд ~дæр кæнын прибавить шагу; набирать скорость

фæтагъдгонд ускоренный

уынаффæ ~ кæнын ускорить принятие решения

фæтайын постепенно таять

сойджын сырх дзидза дзыхы фæтайы жирное мясо во рту тает

цъитийы уæлцъар хурмæ фæтайы — поверхность ледника тает на солнце

фæталынггæрæттæ кæнын — темнеть, наступать *(о сумерках)*

фæталынгæрæттæ уæвын — стемнеть

Хур рагъы фæстæмæ ныттылд. ~. Уæддæр Мурат зынæг нæмæ ис. *Баситы М. Цардæнхъæл* — Солнце закатилось за хребет. Стемнело. А Мурата всё нет

фæтар — затмение

хуры ~ — затмение солнца

фæтар кæнын — сделать слишком тёмным

хи ~ кæнын — нахмуриться, насупиться

фæтар уæвын — потемнеть

цæсгом ~ — помрачнел; лицо потемнело

фæтары кæнын — запрятать, спрятать, упрятать

фæтары уæвын — исчезнуть, погибнуть

балæбурджытæ ~ сты — грабители скрылись

зæххон зынтæ ~ сты — исчезли земные трудности

уайтагъд ~ — тотчас скрыться; вмиг исчезнуть

Тугъанмæ иу æнахуыр миниуæг и. Ничи йæ бафиппайы, афтæмæй æнæдзургæйæ ~ вæййы. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — У Тугана есть одна странная особенность. Молча и незаметно для других вдруг исчезает

фæтасæн — изгиб; сустав; извилина

● дæ сæрызондæн йæ кæцыдæр ~ ælвæст у — у тебя явно не достаёт одной извилины

цонджы ~ — локтевой сустав

фæтаст — загиб

фæтасын — прогнуться; поколебаться, смягчиться

● æрду дæр нæ ~ кæнын — не тронуть ни волоска

● æвзаг нæ фæтасыди — язык не повернулся

Йæ дзых бахæлиу кодта чызг, фæлæ йе ‘взаг нæ фæтасыди уыцы дзырдтæ зæгъынмæ. *Арсен. Фембæлдысты* — Девочка разинула рот, но у неё язык не повернулся произнести эти слова

● зæронд бæлас талайау нал фæтасы — старое дерево как саженец не гнётся

йæ къæхтæ йæ быны фæтасыдысты — ноги у него подкосились

● кæд йæ зæрдæ фæтасид — может он смягчится

кæй къух фæтасыд — у кого рука поднялась

уаргъæй ~ — согнуться под весом

Фат дæр ма фæкъæдз вæййы, фæлæ мæнæн фæтасæн нæй. *НК.1* — Даже стрела погнуться может, но мне нельзя дать слабину

фæтæг — вождь

бæхджын æфсады ~ — командующий конармией

кусæг къласы ~ — вождь рабочего класса

удварны ~ — духовный лидер

● фаты ‘рттигъ фæтæджы ныхасау æмбæлы — слова вождя разят как трехгранный наконечник стрелы

● фæтæджы фæринкыл æмæ ерæдзыппыл згæ нæ хæцы — клинок вождя и кремневое ружье не ржавеют (не боятся ничего)

хæстон ~ — *ист.* воевода

фæтæген — керосин

~ цырагъ ссудзын — зажечь керосиновую лампу

● артыл ~ калын — подливать масла в огонь, усугублять что-л.

Мураты ныхæстæ уыдысты артыл ~ калæгау. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Слова Мурата подлили масла в огонь

Лæг ницыуал загъта. Бамбæрста: дарддæр дзурын артыл ~ калынæй уæлдай нæу. *Хъаныхъуаты В. Ирæд* — Муж ничего больше не сказал. Он понимал: продолжать разговор всё равно, что подливать масла в огонь

йанассынæйы ~ — чёрте что

● искæй хардзæй ~ дæр бануаздзæн — на халяву и уксус сладок

Судзгæ æхсидавы ма, дам, ~ хъуыд æмæ йыл æй бакалдтой. *Гуыцмаæзты М. Даргъ дзыккутæ* — Горящей головне, мол, керосина не хватало, вот и плеснули на неё

фæтæгендон — сосуд для керосина

фæтæдзын — протекать, течь *(о крыше, о посуде)*

● раст ыл цыма фæтагъд æмæ фæуарыди, уыйхуызæн у — как будто на него натекало и дождём поливало

фæтæлфын — шевелиться; постоянно вздрагивать

фæтæн — 1. ширина; 2. широкий

~ риу — широкая грудь

~ хъама — широкий клинок

Уæд læппу ацыди разæй, æмæ йæ бæхы комы тæфæй уæрдонвæндаджы ~æн ... фæндаг уыдис салд зæхх хусæй. *НК.* — Тогда мальчик пошёл впереди, и от дыхания его коня дорога, по которой проедет арба, стала мёрзлая и сухая

доны ~ — ширина реки; равнина

фæтæнæг кæнын — утончить; сделать прорывку, проредить; расчистить *(лес);* разбавить, разжидить, сделать жидким; сделать менее полноводным

фæтæнæг уæвын — поредеть; стать жидким; обмелеть, пересохнуть *(напр. о реке)*

фæтæнæгзæрдæ уæвын — умилиться; смилостивиться

фæтæнкъабаз — развесистый

фæтæнныхъ — человек с широким, высоким лбом

фæтæнриу — широкогрудый

фæтæнуæхск — широкоплечий

~ læппулæг — широкоплечий парень

Йæ цъæлтæ сурæт ауыгъдæй сæ къулыл – / Цы ~, цы къабазджын кæддæр! *Цæрукъаты А. Диди æмæ Азымур* — Помятая фотография на стене висит – / Каким широкоплечим, мощным был когда-то

фæтæпп кæнын — вспыхнуть; взорваться

фæтæппæлæг кæнын — *разг.* умертвить

фæтæппæлæг уæвын — умереть

фætæррætт кæнын *разг.* вскочить *(с места),* встать быстро, торопливо

фætæргай уæвын обидеться

Мойгæнаг чызджы чысыл æфсон йедтæмæ нæ хъæуы ~æн. *Лademыр. Дыууæ бæллæхы* Девушке на выданье достаточно малейшего повода, чтобы обидеться

фætæригъæд кæнын сжалиться, пожалеть

~ мын кæн сжалься надо мной

искæмæн ~ кæнын пощадить кого-л.; сжалиться над кем-л.

● гæды мыстæн ~ кодта ‘мæ йæ ахордта кошка мышку пожалела, мышку кошка съела

фætæригъæдджын уæвын провиниться; согрешить

Цæмæн фидæм нæ зындон хъиамат уæлæуыл, уыйас цæмæй ~ стæм? *Умар. Уæ нæ хæхтæ, нæ бæстæ* За что терпим адские мучения на земле, в чём так сильно провинились?

фætæркк кæнын (уæвын) закапризничать; вспылить

фætæрсын испугаться, струсить

● донласт хуылыдзæй нал фætæрсы снявши голову, по волосам не плачут; *букв.* утопленник сырости не боится

искæй ~ кæнын напугать, испугать, перепугать

Нæ вæййы сау лæгæн хъысмæт, / Цагъар нæ фætæрсы æгадæй. *Шамил.* Не бывает судьбы у простого человека, / Не боится бесчестия раб.

фætæрын прогнать, разогнать, отогнать

рæгъау ~ гнать стадо

Не знаг нæ былмæ фætæры, / Кадмæ бæлгæйæ æгадæй мæлæм. *Къоста. Додой* Враг нас к самой пропасти гонит, / Славы желая, без славы умрём

фæйнæрдæм ~ разогнать по сторонам

фætæхын долго лететь; пролетать; долго бежать

● бæрзæндты чи фætæхы, уый ныллæгмæ дæр æрхауы кто высоко летает, тот и низко упасть может

уадау ~ мчаться вихрем

● цæргæс куынæуал фætæхы, уæд цады был хизы когда орёл перестает летать, то у берега озера пасётся

фætдзæгъдæн лук для очистки, сортировки шерсти перед сучением ниток

● хæйрæджыты ~ пострелёнок, чертёнок; *ирон.* потомок

фætевзæ нижняя наволочка подушки; обивка матраца

фætезгъо кæнын погулять

фætигъ кæнын: хи ~ обидеться, *перен.* отвернуться

фætилын кивать; кивнуть; махать; махнуть; трясти

фætк правило, обычай, порядок; последовательность; законопорядок

~ дæттын управлять

~ сæвæрын установить порядок, правило

~æн райсын взять за правило

~мæ гæсгæ — согласно обычаю
~ы зарджытæ — обрядовые песни
~ыл — по правилам
● æгас адæмæн иу лæг ~ нæу — один всем не указ
ærдзы ~ — закон природы
бæлвырд ~ — образцовый порядок
боны ~ — распорядок дня; повестка дня *(собрания)*
карзгонд ~ — усиленный режим
● Нартæм æртæ ~æн баззад: царды хъуыддаджы, куысты ‘мæ фынгыл дæр — Три традиции унаследовали нарты: в поведении в жизни, в работе и в ведении стола
фидар ~ — строгий порядок; неукоснительный обычай
фыдæлтæй баззайгæ ~ — обычай предков; древняя традиция
Къохæй иунæг къæцæлы мур рахæссæн дæр нæ уыд. Рагон фыдæлтыккон ~ уыди. *Максим. Райсомы мигъ* — Из рощи нельзя было выносить даже малюсенькую палочку. Это давнишний обычай
фыдæлтæй нырмæ ~ афтæ у — испокон веку повелось
хæдзары сæвæрын — установить порядок в доме
хи дарыны ~ — правила поведения
царды ~æй аиртасын — выбить из колеи

фæткамынд — нравоучение
фæткæвæрæг (*бир.* фæткæвæрджытæ) — распорядитель; управляющий
● хъахбай сыл – ~ — развратница порядок устанавливать берётся

фæткæвæрд — установленный порядок, положение
~мæ гæсгæ кусын — работать по инструкции
æхсæнады ~ — общественный порядок
хъалон исыны ~ — порядок взимания налогов

фæткæй — последовательно
фæткдар — руководитель; распорядитель
фæткдаруат — учреждение
фæткон — порядковый; соответствующий обычаю, правилу, закону; закономерный

фæтксаст — нарушение
фæткхалæг (*бир.* фæткхалджытæ) — 1. нарушитель; 2. безнравственный
~ архæйдтытæ — противоправные действия
фæткхалджыты гоймагдзинад сбæлвырд кæнын — установить личности нарушителей

фæткхæлд — нарушение правил
фæткъуы — яблоко
нæрты ~ — яблоко нартов
Æвдадзы хос – Нарты сызгъæрин ~, / Æвдисы, кæцæй у нæ этнос. / Сæнайау бæрзондмæ фæцыдис, бæгуы, / Æнусон цыртдзæвæн – нæ эпос. *Цæрукъаты В. Мифон фæткъуытæ* — Чудодейственно лекарство – / Золотое яблоко нартов, / Указывает нам, откуда наш этнос. / До высоты горы поднялся / Наш вечный памятник – наш эпос

нæфæтчиаг ~	запретное яблоко
фæткъуы бæлас	яблоня
Нартæн сæ цæхæрадоны задис иу ~. *НК.*	В саду нартов росла одна яблоня
● ~ыл кæрдо нæ зайы	на яблоне груши не растут
фæткъуыджын	пирог с яблоками
фæтох кæнын	бороться *(долго, упорно)*
сабырдзинадыл ~ кæнын	бороться за мир
хæстæн йæ райдианæй йæ кæронмæ ~ кæнын	пройти всю войну
хъысмæты фыдæвзарæнтимæ ~ кæнын	бороться с тяготами судьбы
фæтуджджын уæвын	стать кровниками
фæтулын	катать, валять *(тесто в муке);* макать
фæтутæ кæнын	оплевать
фæтухæн кæнын	промучиться; настрадаться
фæтухи кæнын	промаяться; настрадаться
фæтчы, фæччы	положено
Хуры бын бæгънæгæй цæуынтæ куы фæччид, уæд ацы тæвды иу адæймаг дæр йæ уæлæ пысул нал скæнид. *Гуыцмазты А. Дæ уды фарн*	Если бы разрешено было ходить раздетыми, то в эту жару ни один человек ничего на себе из одежды не оставил бы
нæ ~	не положено; не пристало
● авдæн афтидæй узын нæ ~	плохая примета качать пустую колыбельку
цæхх калын нæ ~	соль рассыпать не к добру
уæлæкондæй дзаума æмпъузын, хуыйын нæ ~	одежду на себе не штопают, не зашивают
● хурныгуылды фæстæ зынг дæттын нæ ~	после заката огонь для растопки не положено давать
фæтчыгъæдæн, фæччыгъæдæн	для порядка; для видимости; ради приличия
æрмæст ~ бафæрсын	поинтересоваться только ради приличия
Цæмæйдæрты кæрæдзи ~ куы арафæрс-бафæрс кодтой, уæд ын хъуыддагæн йæхи дæр бамбарын кодта. *Гусалты Б. Æмæ уый цыдæр удыгага куы у!*	После ничего не значащих расспросов-вопросов друг другу, он изложил ему суть дела
фæтыгуыр уæвын	свалиться, рухнуть
фæтызмæг кæнын	рассердить
фæтызмæг уæвын	стать суровым; рассердиться, разгневаться
фæтылд	кивок; взмах
къухы ~	взмах руки
сæры ~	кивок головой
фæтылиф кæнын	отлынивать, уклониться
æфсæддон службæйæ хи ~ кæнын	уклониться от воинской службы
дзуапп раттынæй хи ~ кæнын	уклониться от ответа
ныхасæй хи ~ кæнын	уклониться от разговора

Ændæр ран фембæлгæйæ, чи зоны, мæхи исчердæм ~ кодтаин. *Æхсарбег. Цардæй ист ныв тæ* — Встреться мы в другом месте, кто знает, может, я бы увильнул куда-нибудь

фæтымбыл кæнын — сделать круглым, округлить; собирать

фыдæй-фыртмæ хæзнатæ ~ кæнын — поколениями копить состояние, от отца к сыну

фæтымбыл уæвын — свернуться клубком

фæтынг кæнын — усилить; увеличивать; распрямить

фæтынг уæвын — усилиться; увеличиваться; распрямиться

~ вæййы бон — удлиняется день

фæтынггонд — усиленный

~ хæлц — усиленное питание

~ хъахъхъæнынад — усиленная охрана

фæтынгдæр кæнын — усилить

фæтынгдæр уæвын — усилиться

зæрдæйы гуыпп-гуыпп ~ — сердце застучало громче

ныхас ~ — беседа оживилась

рыстытæ ноджы ~ сты — боли ещё более усилились

фæтындзын — долго стремиться; поспешать, торопиться

Æмæ ризы æмризæджы зæхх, / Уый фæтындзы йæ дард балцæй хохаг. *Хаджеты Т. Хохаг* — Сотрясается земля, / Это горец спешит домой из дальнего похода

фæтырныи — стремиться *(к чему-л.),* мечтать

фæтых кæнын — одолеть; осилить; победить

фæтых уæвын — осилить, победить

астæ йыл нæ ~ сты — годы его не сломили

зондæй ~ уæвын — победить умом

● иу мыст æддæмæ хаста, сæдæ мысты мидæмæ хастой, æмæ дам сыл иу мыст ~ и — мышь, что из норки таскала, перетаскала всё, что сто мышей в норку натаскали

нозт ыл ~ — он спился; он опьянел

ныхмæлæууæгыл ~ уæвын — одолеть соперника

фæлладыл ~ уæвын — превозмочь усталость

Хъаруйæ сыл кæй нæ ~ уыдзæн, уый æмбæрста. *Максим. Райсомы мигъ* — Он понимал, что силой ему их не одолеть

фæтыхджын кæнын — сделать более сильным, усилить

фæтыхджын уæвын — сделаться более сильным, усилиться

зæрдæ зондыл ~ — чувства взяли верх над разумом

фæтыхджындæргонд — усиленный

фæтыхст — замешательство; трудность

фæтыхсын — виться, обвиваться; растеряться, оказаться в затруднительном положении

хи мидæг ~ — испытывать переживания

фæтъæбæртт кæнын (ласын) — поскакать (верхом); помчаться;

цæстытæ ~ кæнын — мигнуть, моргнуть глазами

цæст дæр нæ ~ кæнын — даже глазом не моргнуть

фæтъæлланг ласын прикрикнуть; цыкнуть; рявкнуть

Уæ хорзæхæй, – ~ сыл ласта Жаннæ, – цæрын мæ нал ныууадзыстут иу ран?! *Гæстæн. Темыры кæстæр чызг* Ради Бога, – рявкнула на них Жанна, – вы мне дадите жить?!

фæтъæнг ласын рявкнуть; взреветь

фæтъæпæн кæнын сделать плоским, расплющить

фæтъæпæн уæвын стать плоским; сесть

зæххыл ~ уæвын распластаться на земле

фæндаггæрон ~ ис он сел на краю дороги

фæтъæпп кæнын (ласын) набухать, лопаться *(напр. о почках)*

фæтъупп кæнын (ласын) выстрелить

фæтъысс-фæтъысс кæнын засовывать

фæтъыссын всадить, вонзить; вручить, всучить, всунуть; *перен.* ввернуть

ныхас ~ ввернуть слово

искæйы хъуыддаджы хи ~ вмешаться в чужое дело

ай дæр йæхи кæм нæ фæтъысдзæн куда он только не влезет

фæнды цæсты къух фæтъысс хоть глаза выколи

уым дæр йæ фындз фæтъыссы любопытствует; всюду суёт свой нос

фæуадзыг уæвын упасть в обморок

фæуадзыггонд уæвын впасть в забытье

фæуадзын оставить, покинуть, бросить; разрешать

искæй æнæницæмæй ~ оставить с пустыми руками; оставить с носом

куыст ~ оставить работу

бæх йæ æндон цæфхæдтæй цæхæр арт фæуадзы конь своими стальными подковами выбивает искры

фæсте ницы ~ ничего после себя не оставить

фæуазал кæнын (уæвын) похолодать

æдде ~ кодта на улице похолодало

фæуазæг кæнын угостить; приютить

фæуазæг уæвын прибыть в гости; погостить

фæуайын пробежать *(определённое расстояние);* получаться

● куыд нæ; къахкъухтыл дæм фæуайы как бы не так; бежит – спотыкается

● хæрæг дæр бæхты къах-хъæрмæ фæуайы осёл под топот коней скакать пытается

● цæстытыл фæуайы вспоминается; представляется; пробегает перед глазами

фæуарын зарядить *(о дожде)*

æхсæвæй бонмæ æнæрæнцайгæйæ мит фæуарыд всю ночь беспрерывно шёл снег

фæуæгъд кæнын освободить *(на короткое время)*

баст ~ кæнын ослабить узел; развязать путы

хъуыры ælхъывд ~ кæнын расстегнуть, ослабить воротник

фæуæгъд уæвын освободиться, разгрузиться немного

фæуæзау кæнын стать тяжелее, отяжелеть

фæуæзау уæвын стать тяжелее, отяжелеть

Астæ Терчы уылæнтау кæрæдзи фæдыл аивылдысты, æмæ Алмасхæн ~ и. *Изæтбег. Ændærг*
Годы пронеслись как волны Терека, и отяжелел Алмасхан

фæуæзбын кæнын придать основательность

фæуæзбын уæвын приобрести основательность

Нырма нæ йæ фезмæлд ~, нæ йæ фæкаст. *Хуыгаты С. Урс æхсæв.*
Пока ещё ни его движения, ни его взгляды не стали основательнее

фæуæй кæнын торговать, продавать, распродавать

фæуæй уæвын быть распроданным

фæуæлахиз победа

~ уæвын преодолеть; одержать победу, оказаться победителем, положить на лопатки; восторжествовать; взять верх

Йæхи афтæ банкъæрдтæ, цыма ~, цыма йæ æгас Ирыстоны адæм дæр базыдтой. *Æхсарбег. Куырды фырт*
Он себя почувствовал так, как если бы он одержал победу, как будто вся Осетия узнала о нём

~ы фæдыл раарфæ кæнын поздравить с победой

знаг куыд никуы ~ уа! чтобы враг всегда был повержен

знагыл ~мæ уæзгæ хайбавæрд бахæссын внести значительный вклад в дело победы над врагом

мælæтыл ~ уæвын победить смерть

фæуæлахизуæвæг 1. победитель; 2. победивший

æвзæрстыты ~ победитель на выборах

дæхи ~ыл дзæгъæлы нымайыс ты зря себя победителем считаешь

фæсхæст фæуæлахизуæвæджы ныфс с видом победителя после войны

фæуæлахизуæвæгау с победным, победоносным видом

фæуæлбыл через край

~ кæнын облагодетельствовать; превознести

~ мæ кодтай! ты мой благодетель!

Йæ хæрзтæй мæ куы нæ ~ кодта миййаг. *Ладемыр. Дыууæ бæллæхы*
Какими милостями я ей обязана, интересно

~ уæвын одержать верх; удаться

Мæрдтыл хæрдмæ бырыди Æхсар, æмæ ~. Ногæй та цæ цæгъдын байдыдтой. *НК. 1*
Взобрался по мёртвым Ахсар и оказался наверху. Снова начали их истреблять

нæ иуты цард ~ жизнь у некоторых удалась

искæй хæрзтæй ~ кæнын *ирон.* облагодетельствовать

фæуæлгоммæ кæнын свалить; перевернуть *(лицом вверх)*

фæуæлгоммæ уæвын свалиться; перевернуться *(лицом вверх)*

уæзласæн хæдтулгæ ~ ис грузовая машина перевернулась

фæуæлдæр кæнын поднять

фæуæлдæр уæвын подняться, возвыситься

фæллойы æнтысындзинад ~ производительность труда выросла

фæуæл кæнын преувеличить; одолеть

знагыл ~ кæнын — одолеть врага
фæуæн — завершение, окончание
куыстæн йæ ~ — завершение работы
хæсты ~ы бон — день окончания войны
фæуæндын — осмелиться, решиться
фæуд — 1. окончание; 2. оконченный, законченный
~ кæнын — подходить к завершению
аргъау ~ кæны — сказка идёт к концу
сфæлдыстадон фæндаг ~ кæны — подходит к завершению творческий путь
~мæ æрцæуын — быть на исходе
æмгъуыды ~ — окончание срока
æнусы ~ы — в конце столетия
боны ~ы — на исходе дня
куысты ~ фæстиат кодта — окончание работы задерживалось
куыстыты ~ы номыл — в честь окончания работ
ууыл ~ кæнын — на этом закругляюсь
хæсты ~ы онг — до окончания войны
хистæр скъола каст ~ы тыххæй диплом — диплом об окончании вуза
фæудаист уæвын — перепугаться насмерть
сырдтæ бирæгътæй ~ сты — волки зверей перепугали до смерти
фæудхар кæнын — мучиться, помучиться
мæлæты размæ бирæ ~ кæнын — мучительно уходить из жизни
фæуинаг — подлежащий окончанию; то, что нужно окончить, закончить

афтæ-уфтæ ~ — чтоб тебе; ни дна тебе, ни покрышки
ælгъыст ~ — пусть будет проклят
хæйрæджы амæттаг ~ — чтоб черти унесли
фæулæфын — дышать; надышаться; отдыхать
рыгæй ~ — надышаться пыли
фæурæд — остановка; перерыв
~ сидын — объявлять перерыв
ахсты ~ — задержание; арест
цыбыр ~тæ — передышки; краткие перерывы
фæуромын — задержать, остановить, приостановить, прервать

фæуыгард кæнын — сделать отметку, зарубку
фæуын — кончить, окончить; очутиться, оказаться; *перен.* отругать

● искæмæн хорз ~ — сделать добро кому-либо; отругать хорошенько

кæрæдзимæ ~ — наброситься друг на друга
– Кусынмæ дæр ахæм ænæрхъæц куы уаис. – Æмæ нæ дæн?. – Цæй кæрæдзимæ та ма фæут. *Изæтбег. Ændæрг* — – Если бы ты и до работы был так охоч. – А разве нет? – Ладно, только не набрасывайтесь больше друг на друга
● кæцæй фæдæ? — откуда ты взялся?

Ærвиты мæм ал-хатт: / “Цы фæдæ, кæм дæ? *Къоста. Чи дæ?*
Посылает за мной каждый раз: / Куда ты подевался, где ты?

Фидауынмæ уæм куы цыдысты, уæд мæнмæ дæр сæрвыстой, фæлæ нæхимæ нæ фæдæн. *Максим. Райсомы мигъ*
Когда они шли к вам мириться, тогда и меня звали, но меня дома не оказалось

● кæмæн куыд фæуай, афтæ дын фæуыдзæн
как ты, так и тебе; как аукнется, так и откликнется

сагъæсты ~
погрузиться в переживания

скъола каст ~
окончить школу

скъола каст ~ кады гæххæттытимæ
окончить школу с грамотами

– Уаих фæуай, хорз лæг, уæдæ йæ базармæ адæмæн æвдисынмæ æрбаластон? – загъта ус. *Тасо. Мила – хъугæвзарæг*
– Вот тебе раз, уважаемый, а что же я ее на базар привела, чтобы людям показывать? – сказала женщина

фæндараст ~
отправиться в путь

● тæрхъус дыл сæумæраджы ку’ амбæла, уæд дын фæндараст фæуæн нæй
встретишь спозаранку зайца, удачи не жди

фæуæн кæмæн нæй
бесконечный

Донуадзджытæ кæд абон фæуой, уæд дын иннæбон уыцы адæмы барвитдзынæн. *Ашæх. Цы номæй дæм бадзурон*
Если водопроводчики завтра закончат работу, то послезавтра направлю этих людей к тебе

фæуæд афтæ
пусть будет так

фæуæд дæуырдыгонау
пусть будет по-твоему

фыдæн æххуысхъом ~
стать помощником отцу

● цы мын фæдæ, уый мын мауал фæу
хватит с меня твоих благодеяний

Цы фæуыдаин уымæн ницыуал зыдтон
Не знал, куда деваться

хи ~
присвоить

Ацы документ амоны: 1917 азы Алиханæн йæ 23 азы йæхи фесты. *Æхсар. Токаты Алихан*
Этот документ подтверждает, что в 1917 году Алихану исполнилось 23 года

фæуынхъус
близкий к завершению

арæзтад у ~
строительство близится к завершению

куыст ~ уыдис
работа была практически завершена

Уæд каст нæмæ фæци, фæлæ ~ уыди. *Хуыгаты С. Урс изæртæ*
Тогда он еще не закончил школу, был ещё выпускником

фæуыргъуыйау уæвын
приходить в крайнее замешательство, остолбенеть

~ сты æмæ йын дзуапп нæ раттой
они остолбенели и не ответили ему

Не ‘ппæт дæр ~ стæм Манийы хабар базонгæйæ. *Р. 10.12.2015*
Мы все остолбенели, узнав о том, что произошло с Мани

дисæй ~ уæвын
оторопеть от изумления

фæуырдыг кæнын (уæвын)
спуститься, направиться вниз

хæдтæхæг ~
самолёт пошёл на снижение

хур ныгуылæнмæ ~
солнце клонилось к закату

цæхгæр ~ кæнын
начать резкий спуск

асинтыл ~ кæнын
спускаться по ступенькам

Афтæ хъуыды кодтон æз «Рæстдзинады» редакцийæ куы рахызтæн æмæ дурын асинтыл куы ~ кодтон уæд. *Максим. Æхсызгон улæфт*

Так я думал тогда, когда вышел из редакции «Растдзинада» и пока спускался по каменным ступенькам

● царды асинтыл ~ кæнын

двигаться к концу жизни

Гъе, нæ зæронд, ~ ысты д' азтæ, æмæ дæ де зноны бон дæр ферох. *НК.*

Э, старик, много лет тебе уже, и позабыл ты, что недавно случилось?

фæуырдыггæнæн

спуск

фæуырдыгмæ кæнын

спускаться вниз

фæуыхеры кæнын

промучиться

Иунæгæй фæцардтæн ацал-ауал азы. Иунæгæй ~ кодтон, фæлæ аххосджын никæй кæнын. *Максим. Мæйрухс – мæ хуры тын*

Все эти годы я прожил один. Промучался в одиночку, но никого в этом не виню

фæфале кæнын

перевезти, переправить

сбад уæдæ, æз дæ ~ кæнон

садись, я тебя переправлю

фæфале уæвын

переправиться

денджызæй ~ уæвын

переправиться через море

хиды сæрты ~ уæвын

перейти через мост

фæфасын

причёсывать *(долго)*

фæфауын

осуждать

фæфæдис кæнын

забить тревогу

фæфæдис уæвын

пуститься в погоню; отправиться к месту происшествия

Малаканты слабодкæйы фос быдыры хизæнуатæй аскъæрдæуыди. Сæ фæдыл ~ сты милицæ. *Арсен. Джанаспи*

Скот жителей Малаканской слободки угнали с пастбища. Милиция пустилась в погоню

Хъæу ~ сты, æндæр цы: æнхъæлдтой, æмæ Адыл быдыры ласгæ мард фæцис. *Гусалты Б.*

Село, конечно, всполошилось: подумали, везут Адыла, который в поле скончался

фæфæдзæхсын

поручать, вверять; завещать

фæфæлгъауын

требовать; долго просить; добиваться

фæфæлдахын

опрокинуть, перевернуть

зыгъуыммæ ~

вывернуть наизнанку

фæфæлдæхт

переворот

~ нæ фæрæстмæ и

переворот не удался

~ы сæргъы æрлæуын

возглавить переворот

~ы фæстиуæг

последствие переворота

æфсæддон ~

военный переворот

большевикон ~

большевистский переворот

паддзахадон ~

государственный переворот

зонады (мидæг) ~

переворот в науке

фæфæлдæхын

опрокинуться, перевернуться

дуне фæфæлдæхт

мир перевернулся

зæрдæ фæфæлдæхт

сердце перевернулось

фæфæлмæндæр кæнын

ослабить, смягчить

уынаффæ ~ кæнын — смягчить приговор

фæфæлмæндæр уæвын — ослабиться, смягчиться

хъæлæсыуаг ~ — голос стал мягче

цæстæнгас ~ — взгляд подобрел

фæфæлурс уæвын — побледнеть

фæфæразын — смочь, быть в состоянии; выносить, выдерживать, переносить, долго терпеть

фæфæрсын — долго спрашивать, расспрашивать

фæфæсвæд кæнын — скрыть, спрятать

Йæ стипендийы æхцатæй иу капекк никуы ~ кодта. *Максим. Терчы был* — Он никогда копейку из своей стипендии не припрятал

фæфæсвæд уæвын — скрыться

фæфæсмон кæнын — пожалеть, раскаяться

ныхасыл ~ кæнын — пожалеть о сказанном

равзæрстыл нæ ~ кæнын — не сожалеть о выборе

Цы фæндаг равзæрста ууыл никуы ~ кодта — Никогда не пожалел об избранном пути

фæфæстæмæ кæнын — отступить

фафæстиат кæнын — задержать

фафæстиат уæвын — задержаться

фæфæстинон уæвын — начать выздоравливать, поправляться

Æххæст ма ахордтаис уыцы муртæ. ~ дæ, уый дæ хæрдæй бæрæг у. *Ладемыр. Артдзæст* — Доел бы эти крохи. Видно по твоему аппетиту, что ты ещё не совсем поправился

фæфæтк уæвын — стать нормой; быть в ходу

фæфидар кæнын — укрепить

æнæниздзинад ~ кæнын — укрепить здоровье

зæрдæ ~ кæнын — вдохнуть уверенность, надежду

уаваер ~ кæнын — стабилизировать положение

хи ~ кæнын — укрепиться; собраться с духом

фæфидар уæвын — укрепиться; окрепнуть

бастдзинæдтæ ~ сты — связи укрепились

фæфидын — выплачивать, платить *(определённое время)*

хæстæ ~ — выплачивать долги

фæфиппайын — заметить, приметить

фæфистæг кæнын — спешиться; взяться; приняться

● хи ~ — приняться за работу, засучив рукава

цæнгтæ ~ кæнын — засучить рукава

фæфос кæнын — поживиться

Уымæй ницы ~ кæндзынæ — от него никакой пользы

Мæнæй йын зынаргъдæр чи уыди, ахæм ардхæрдтæ фæзынд. Пайда йын чи уыди, ~ кæнæн кæмæй уыди, ахæм ардхæрдтæ. *Максим. Æхсызгон улæфт* — У него появились друзья, которые ему стали дороже, чем я. Такие друзья, которые были полезны, за чей счёт можно было поживиться

– Цы «фæлæ»?.. Ома дзы ды дæр ницы ~ кодтай? Уый дын хъуыдис. Мæн тыххæй цыфæнды кæнæд Хъырым, фæлæ дæм баст хæрæг дæр нæ фæлæууыдаид... *Нафи Фыдæлты туг*

– Что за «но»? Ты тоже ничем не поживился? Так тебе и надо. Каким бы Крым не был, но ты кого угодно из себя выведешь

фæфутт кæнын шарахнуться, кинуться в сторону

фæфыдæбон кæнын затратить много энергии

фæфыдном кæнын опорочить, оклеветать

Уыцы æнæхæдзар ма нæ телевизорæй дæр ~ кодта. *Æхсарбег. Хæххон доны уынæр*

Эта бездомная нас ещё и по телевизору опорочила

фæфыдынхъæл кæнын разочаровать; подвести, не оправдать ожиданий

Дысоны хъуыддаг дын хатыр фæуæд, кæд мæ ~ кодтай уæддæр. *Умар. Стъалы куы скæса*

За вчерашнее я тебя прощаю, хоть ты и разочаровал меня

фæфыдæнхъæл уæвын обмануться в ожиданиях

фæфыддæр кæнын ухудшить, усугубить

фæфыддæр уæвын ухудшиться; стать хуже

боныхъæды уавæр ~ уыдзæн погода ухудшится

дзурынмæ сылгоймæгтæй ~ сты языками молотят больше женщин

уавæр ноджы ~ ситуация усугубилась

цæхгæр ~ уæвын резко ухудшиться

фæфыддзæсгом кæнын оклеветать; опозорить

фæфыддзæсгом уæвын оказаться в неудобном положении

фæфыдзæрдæ уæвын озлобиться

фæфылдæр кæнын умножить, увеличить

зилдух ~ кæнын увеличить оборот

номхыгъд ~ кæнын расширить список

нымæц ~ кæнын увеличить число

фæллойы æнтысындзинады бæрц ~ кæнын поднять производительность труда

цалдæр хатты ~ кæнын увеличить в несколько раз

цæхгæр ~ кæнын резко увеличить

фæфылдæр уæвын умножиться, увеличиться

æргътæ ~ сты цены выросли

æфтиæгтæ ~ сты прибыль выросла

фæфынæй кæнын долго спать

æнæхъæн бон ~ кæнын проспать весь день

фæфыссын писать много и долго

фæфыцын поварить *(некоторое время)*

ныллæг артыл ~ варить на медленном огне

фæхабар кæнын известить, дать знать, сообщить

фæхай кæнын наделить; поделиться

фæлтæрддзинадæй кæстæртæн ~ кæнын поделиться опытом с молодыми

Нæ бонджынтæ йын сæ уæлдай хуымтæй, сæ фæтæн уыгæрдæнтæй куы нæ ~ кæндзысты. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Ведь не выделят наши богачи ему из своих лишних пахотных земель, широких сенокосов

фæхайджын кæнын — выделить долю; наделить

ærдз æй курдиатæй ~ кодта — природа наделила его талантом

дзæбæх миниуджытæй дзæвгар ~ кæнын — щедро наделить положительными качествами

сæрмагонд уæлбартæй ~ кæнын — наделить особыми полномочиями

фæхайджын уæвын — быть наделённым

царды хорздзинæдтæй ~ уæвын — быть наделённым благами жизни

нæ ~ уæвын — не доставаться

фæхалас уæвын — поседеть

йæ сæр афонæй раздæр ~ — он рано поседел

Йæ сау рихитæ, æрæгвæззæджы фæсалау, ~ сты, йæ астæу фæгуыбыр, цæсгом ныффæлурс, фенцъылдтæ. *Секъа.* — Его черные усы, как солома поздней осенью, покрылись инеем, спину скрючило, лицо стало бледным. морщинистым

фæхаст — разграбление

фæхатын — просить, обратиться

фæхатыр кæнын — простить, извинить; уступить

кæрæдзийæн нæ ~ кæнын — не уступать друг другу

фæхауæггаг, фæхауæццаг — 1. отщепенец; 2. отколовшийся

бынатæй ~ уæвын — лишиться места работы

уæзæгæй ~ уæвын — лишиться отчего дома

Нæ хъæубæстæй чи ~ вæййы, уымæй хæдзарæн пайда нал ис. *Малиты В. Сурмейы хæдзар* — От того, кто порывает со своим селом, для дома уже никакой пользы нет

фæхауæццаг — 1. отщепенец; 2. отколовшийся

хæдзарæй ~ — оставшийся без крова

Нæ фæстаг капечъытæ университетыл схардз кодтам æмæ уырдыгæй ~ у. *Гæстæн. Темыры кæстæр чызг* — Истратили последние копейки на учёбу в университете, так он оттуда вылетел

фæхауын — упасть; оторваться; утратить связь

бынатæй ~ — слететь с должности

Æвзæр хицау / Йæ бынатæй / Куы фæхауид, – / Цы хорз уаид. *Цæрукъаты А. Цы хорз уаид* — Плохой начальник / Если места лишится, / – Благо свершится

зын у райгуырæн зæххæй ~ — трудно оторваться от родины

хæрдмæ ~ — подскочить вверх; вздрогнуть

фæхафын — скоблить; соскоблить

● зæххыл базыртæ ~ — уткнуться носом в землю

фæхæдмæл кæнын — убить *(животное)*

фæхæдмæл уæвын — издохнуть *(о животном)*

фæхæлас уæвын — поседеть

йæ сæр афонæй раздæр ~ — голова его поседела до срока

фæхæлæттаг кæнын — разбазарить; растранжирить

æхсæны мулк ~ кæнын — разбазарить общественное имущество

фæхæлæф кæнын расхватать, растащить

фæхæлиу кæнын раскрыть *(рот);* раздвинуть *(руки);* расставить *(ноги);* рассеять

фæхæлиу уæвын рассеяться

фæхæмпæл уæвын зарасти сорняками

● къахвæндæгтæ ~ сты забылось; тропинки заросли

фæхæпп кæнын наброситься; огрызнуться

фæхæппæвонгæй готовый наброситься

фæхæрам уæвын обидеться; разозлиться

мыггагмæ ~ уæвын обидеться навсегда

фæхæрдгæнæн подъём *(в гору)*

фæхæрд кæнын, фæхæрдмæ начать подъём *(в гору)*

асинтыл ~ кæнын подняться по лестнице

● къæхтæ ~мæ кæнын поставить с ног на голову

фæхæрд уæвын проиграть

Æниу цы æмбулы æмæ цæмæй ~ уыдзæн? *Лademыр. Дыууæ бæллæхы* Впрочем, что она выигрывает и что проиграет?

фæхæрзхуыз уæвын поздороветь; поправиться (*прибавить в весе*)

фæхæррæтт кæнын хлынуть

фæхæрын съедать, поедать

● æнæууылдæй чи фæхæры, уымæн йæ хуылф фæриссы не пережёвывая, глотать – здоровью вредить

● кусарты сæр æнæ хистæр нæ фæхæрынц голова забитого животного без старшего за столом не съедается

фæхæсджын уæвын задолжать

фæхæссын унести; вырастить

къух дард ~ замахнуться рукой

намыс сыгъдæгæй ~ с честью пронести славу

уаргъ ~ унести ношу; носить

сывæллæттæ ~ вырастить детей

● йæ комы комдзæгтæй йæ фæхаста вырастила его, отрывая кусок от себя

фæхæст уæвын схватить(ся), ухватить(ся); поймать; получить, приобрести

фæхæтæгхуаг кæнын сделать бездомным; оставить без крова

Чызг иу ранæй ~, ныр та йæ ардыгæй дæр сурынмæ хъавут? *Бицъоты Г. Цæргæс тæхгæйæ фидауы* Девушку уже оставили без крова, а вы и отсюда её прогнать собираетесь?

Мæгуыр сæ бон, уыцы бирæгътæ сæ ~ кодтой. *Æхсарбег. Куырды фырт* Бедные они, бедные, эти звери оставили их без крова

фæхæтын побродить; попутешествовать пространствовать

фæхæцæг поддерживающий; покровитель; поддержка, опора волосатая (мохнатая) лапа; влиятельное знакомство, связи, блат

~ ыл нæй ей не на кого опереться

Иу ~ ыл нæй, цы фæкæна йе ‘намонд сæр? *Умар. Уалдзæджы улæфт* — Некому её поддержать, где преклонить ей свою несчастную голову?

● ~ дыл куы нæ уа, уæд дон хиды бынты — если у тебя нет поддержки – всё бесполезно

ænæ ~æй — без всякой поддержки

мæ ~ ды дæ — моя опора ты

фæхæцæн — ручка, рукоять

фæхæццæ кæнын I — смешать *(соединить что-л. с чем-л.)*

фос ~ кæнын — смешать скот *(объединить в одно стадо)*

фæхæццæ кæнын II — довести; доставить

æххуыс ~ кæнын — доставить помощь

хæдзармæ ~ кæнын — доставить домой

фæхæццæ уæвын I — смешаться

фæхæццæ уæвын II — достигнуть, прибыть

адæймаджы къух кæдæм нæ ~ — куда только не дотянулся человек

кæронмæ ~ уæвын — близиться к завершению

● фæндагыл де ‘ргом чердæм радтай, уыцырдæм ~ уыдзынæ — куда в пути смотреть будешь, туда и прибудешь

фæхæцын — ругать, упрекать; укусить; поддержать; биться

искæмæ тынг ~ — взгреть кого-л., задать кому-л. жару / перцу, ругать на чём свет стоит

куыдз ыл фæхæцыд — собака укусила его

● ма хъыгдар калмы æмæ дыл ма фæхæца — не трогай змею, чтоб не укусила

● нæртон лæгыл сайд куы ‘рцæуы, уæд нал фæхæцы — нарт обман не стерпит

уæлцонгыл ~ — схватить за руку

● хæрд фарсыл нæ фæхæцы — еда не идёт впрок

хиуыл ~ — сдержать себя

Лæппу ма цыдæр зæгъинаг уыдис, фæлæ йæхиуыл фæхæцыди. — Юноша хотел было ещё сказать что-то, но прикусил язык

хъæлæс кæнынæй йæхиуыл ~ — воздержаться от голосования

цард æрдуйыл фæхæцы — жизнь на волоске держится

фæхеры кæнын — покачаться на качелях

фæхибар кæнын — отделить, выделить

фæхибар уæвын — отделиться, выделиться; уединиться

Нинæ йæ хоимæ куы ~, уæд ын сусæгæй загъта. *Умар. Улдзæджы улæфт* — Когда Нина уединилась с сестрой, она сообщила ей секрет

фæхизын — влезать, взбираться, подниматься наверх; долго пасти; пастись; долго ожидать

фæхилын — проползти

фæхистæр кæнын — сделать старшим, главным

хи ~ кæнын — раскомандоваться; взять на себя права

фæхистæр уæвын — оказаться старше, сильнее, главнее; превзойти

нæдæр хинæй æмæ нæдæр зондæй нæ ~ уæвын — не превзойти ни хитростью, ни умом

фæхистæрхуыз уæвын — внешне повзрослеть; напустить важный вид

фæхитын — пострадать, помучиться

Æртæ мæйы дæргъы фæхитыд та Гæппо йæ хуыссæны. *Дæбе. Æхсарбег* — В течение трёх месяцев опять промучился Гаппо в своей постели

фæхиу уæвын — разъехаться *(о ногах)*

Ахæм цæф фæласта Батырбеджы уадулæн æмæ уый зæххыл ~. *Дæбе. Æхсарбег* — Он дал Батырбеку такую пощёчину, что у того ноги разъехались по полу

фæхицæн — разъединение, обособление

~ кæнын — разъединить; отделить, обособить; расчленить

~ уæвын — разъединиться, отделиться, обособиться

Дæу аххосджын нæ кæнын нæ ~ы. Ам æз дæр æмæ ды дæр аххосджын нæ уыдыстæм. *Дауырæ. Æнæном фыстæг* — Я не обвиняю тебя в нашем разводе. В этом ни ты, ни я не виноваты

фæхицæндзинад — разъединение

фæхойын — побить, поколотить; стучать

Фехъусдзæн, ныннiудзæн йæ зæронд хъæлæсæй, / Йæ урс сæр фæхойдзæн ставд цым лæдзæгæй. *Къубалты А. Æфхæрдты Хæсанæ* — Услышит, завоет своим старческим голосом, / Станет колотить свою седую голову кизиловой палкой

фæхонын — позвать, пригласить; называть

фæхс (*бир.* фæхсытæ) — полоса; доска

фæхсбандон (*бир.* фæхсбандæттæ) — скамейка

фæхсын — окорок; туша; баран *(выпотрошенный и закопченный целиком);* курдюк

~ стигъын — свежевать тушу

Иннæ авд æддæдæр / Аходæн фыцынц… / Физонæг фæхъæбæр, / ~тæ нæрсынц. *Къоста. Фсати* — Другие семеро поодаль / Готовят завтрак… / Поджарился шашлык, / Туши набухают

● чидæр бирæгъы чъылдымыл ~ баста — всё равно что волку к хвосту окорок привязать

фæхсынджын — курдючный

~ фыс — курдючная овца

фæхт (*бир.* фæхтытæ) — ступка

● ~ы хойын — растолочь в ступе; намеренно мучить

Уый дын мæм фæлæбурдта æмæ мæ куы ~ы хоста, куы уæхстыл кодта, куы пирæныл пырдта. *Лademыр. Зианы фæстæ ныхæстæ* — Он набросился на меня и давай издеваться, и то в ступе толок, то на вертел нанизывал, то на чесалке чесал

Хуыцауæй арфæгонд фæцис, афтæ кæмæй фæзæгъынц, ахæм рауад гуырдзæй. Æвæццæгæн, æй ~ы хостæй чи фæхостаил, уымæ дæр не смæсты уыдаид. *Лademыр. Арв ныттар* — О таких говорят: он благословен Богом с самого рождения. Он, наверное, даже на того, кто бы его в ступе растолок, не обиделся бы

● ~ы дон хойын — толочь воду в ступе

Æртæ сахаты бæрц ~ы дон хойæгау фæкодтой, æмæ ницы уынаффæ рахастой. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Около трёх часов толкли воду в ступе, а ни к какому решению так и не пришли

● ~ы хосты хуызæн — как выжатый лимон

● æфсæн ~æй фидардæр — очень стойкий; крепче железной ступки

райсомæй сыстын ~ы хосты хуызæн — утром просыпаюсь, как будто на мне пахали

цæххойæн ~ — ступка для соли

фæхтхойæн — пест

фæхудинаг кæнын — опозорить; скомпрометировать

фыды ном нæ ~ кæнын — быть достойным славы отца; не опозорить имя отца

чызджы ~ кæнын — обесславить девушку; надругаться над девушкой

фæхудинаг уæвын — опозориться

фæхудын — посмеяться, рассмеяться

искæй зæрдæ ~ кæнын — обижать, задевать чьи-либо чувства

фæхурх уæвын — задохнуться

фæхус кæнын — осушить

гуыбын ~ кæны — случаются запоры

дарæс артмæ ~ кæнын — подсушить одежду у огня

фæхус уæвын — осушиться, высохнуть

фæхуыдиртаст уæвын — получить расхождение швов

Ноджы ма йæ чиныг ахæм уæззау у æмæ адæймаджы сæрыл куы ‘рхауа, уæд ~ уыдзæн. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — К тому же и весит его книга столько, что если свалится человеку на голову, у того череп треснет

фæхуыдуг уæвын — задохнуться; захлебнуться

фæздæгæй ~ уæвын — задохнуться от дыма

туджы ~ уæвын — захлебнуться в крови

фæхуыздæр — улучшение, усовершенствование

~ кæнын — улучшить; усовершенствовать

~ уæвын — улучшаться

~ы нысанæй — с целью улучшения

æнæниздзинад ~ кæнын — укрепить здоровье

царды уавæртæ ~ кæнын — улучшить условия жизни

фæхуым кæнын — пахать

Мæ удæй дзы ~ кодтон æмæ уынджы къæйыл дымгæйы ‘вджид баззадтæн. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — Я пахал изо всех сил и остался без ничего, на улице, на ветру

фæхуымæтæгдæр кæнын — упростить

растфыссынад ~ кæнын — упростить правописание

фæтк ~ кæнын — упростить порядок

фæхуынкъ кæнын — продырявить

фæхуынкъ уæвын — продырявиться

фæхуыссын поспать; продежать во сне; прилечь; потухнуть

фæхуыфын покашлять

фæхыл кæнын поссорить

фæхыл уæвын поссориться

фæхынджылæг кæнын подшутить, поднять на смех; поиздеваться; надругаться

– Цы ныл æрцыд? – Цы ма ныл æрцæуа? ~ нын чындæуыд нæ хæдзары фарнæй. *Хъайттаты С. Куырдуаты бадæг* – Что у нас произошло? – А что ещё может произойти? Надругались над нашим домом

фæхынцын I сосчитать, счесть

фæхынцын II угостить; почитать

Мæ уазджыты хъуамæ мæхæдæг фæхынцон, сæхимæ иу цы кæной, уый кæнæнт. *Тæтæри. Размæ* Своих гостей я должен угостить сам, а у себя пусть делают, что хотят

фæхъавын прицеливаться; намереваться

Сырдон фæхъавыд топпæй æмæ чызджы дурын асаста. *НК.* Сырдон прицелился из ружья и разбил кувшин девушки.

фæхъадджын кæнын *уст.* почать

фæхъадджын уæвын быть начатым, початым

фæхъазын долго играть; подшутить

фæхъарæг кæнын причитать

фæхъарм потепление

~ кæнын греть; подогреть; согреть

~ уæвын согреться; потеплеть

Мартийы ~мæ цыхцырджыты уынæр не ‘нцади. *Умар. Цард тындзы сæ размæ* До наступления мартовского потепления шум капели не утихал

фæхъарын I сочиться; проникнуть

фæхъарын II предлагать свою вещь к продаже и т.д.

фæхъаст кæнын жаловаться *(на кого-л.)*

фæхъау, фæхъхъау жертва

~ æрбауын стать жертвой

Дæ ~ фæуон! Да стану я твоей жертвой!

Бынæй йæм дзуры, / Уындæй дæ цуры, / Дæ ~ фæуон, / Кæмæй раппæлон?! *Къоста. Халон æмæ рувас* Говорит ей снизу, / Перед красотой твоей / Да умереть бы мне, / Кого мне хвалить?!

Уыцы фыдбылыз саразынмæ чи бæллы, уый адæмы ~ фæуæд. *Умар. Уалдзæджы улæфт* Кто мечтает это зло устроить, пусть падёт жертвой народа

фæхъаугъа кæнын поспорить; поскандалить

фæхъаугъа уæвын поссориться

фæхъауын выключить; израсходовать; причинить ущерб

фæхъахъхъæнын посторожить

фæхъæбатыр кæнын набраться храбрости

фæхъæбатыр уæвын расхрабриться, набраться храбрости

фæхъæддых кæнын поддержать чьё-либо здоровье
хи ~ взять себя в руки
фæхъæддых уæвын подкрепиться
фæхъæдхъиутæ уæвын расшататься
фæхъæлдзæг кæнын повеселить; развеселить
фæхъæлдзæг уæвын развеселиться; повеселеть
фæхъæн надлом
~ кæнын повредить; нарушить целостность
~ уæвын повредиться
Мæнмæ ис мемæ райгуыргæ кард, цалынджы уымæй мæ буар ~ уа, уæдмæ мын мæлæн нæй. *НК.* У меня есть меч, с которым я родился, умереть я могу только от раны, которую от него получу
фæхъæр кæнын (ласын) закричать, крикнуть*;* призвать к порядку
ærвнæрæгау ~ ласын зычно прикрикнуть; крикнуть громовым голосом
фæхъæр уæвын обнаружиться; разгласиться
фæхъæстæ кæнын дать попробовать *(напр. пищу)*
фæхъæуын начаться
фæхъæцын потерпеть, подождать
● ~ хорз у терпеть надо
Гыццыл лæппутæ нал фæхъæцыдысты хонæгмæ, райсом раджы афардæг сты кувæндоны бæрзондмæ. *Дæбе. Æхсарбег* Маленькие мальчишки не стали дожидаться приглашения, рано утром отправились на вершину к святилищу
фæхъиамæт кæнын пострадать, погоревать; потрудиться
фæхъизæмар кæнын помучиться
зындоны арты ~ кæнын гореть в адском огне
фæразонæй ~ кæнын терпеливо сносить мучения
Куы дæм цыдыстæм, уæд нæ ралгъыстæуыд, æмæ авд азы уый тыххæй ~ кодтам. *НК.* Прокляли нас, когда мы к тебе шли, вот и промучились мы целых семь лет
фæхъил кæнын приподнять *(напр. одеяло);* приоткрыть *(напр. крышку кастрюли)*
фæхъил уæвын раздуваться *(от ветра)*
фæхъомыл кæнын взрастить, воспитать
фæхъомыл уæвын вырасти, подрасти
~ дæн афтæ, / Æдæрсгæ цыддæн... / Кæм заргæ, кæм кафгæ / Æмбырдтыл зылддæн... *Къоста. Чи дæ?* Вот так и подрос, / Свободно шагал… / Где с пеньем, где с пляской / Бродил по пирам
фæхъомысджын уæвын встать на ноги; подняться, встать на крыло
фæхъулон кæнын обидеть; обделить; особо отметить
● ærдз сæ кондæй ницæмæй фæхъулон кодта природа не обделила их внешностью
фæхъулон уæвын запестреть; выгодно или невыгодно отличиться, выделиться
фæхъус кæнын успокоить
фæхъус уæвын успокоиться; прислушаться

Арвы æрттывдæй дуне ~ау, / Фестъæлфы бæстæ арвы гæрæхтæй. *Цомахъ. Арв нæры*
От сверкнувшей молнии мир затих, / Но содрогнулся от раскатов грома

фæхъуын уæвын
повздорить

Иубон директоримæ кæй ~ стут, уый дыууæйæ дæр уæ зæрдæмæ айстат. *Умар. Уалдзæджы улæфт*
На днях вы повздорили с директором, и оба приняли это близко к сердцу

фæхъусын
долго слушать

фæхъуыд
нехватка; потеря; уход из жизни

~ уæвын
уйти из жизни; не досчитаться

адæймаджы ~
уход человека из жизни; смерть

адæймаджы ~ зæрдæйы агайы, риссын æй кæны. *Р.14. 10.2017*
Уход человека из жизни ранит душу, причиняет ей боль

æнафоны йе мгæрттæй ~
ушёл безвременно из жизни

Газет «Терские ведомости» фыста: «19 марты ~ хъуыстгонд ирон æмæ зынгæ уырыссаг поэт Хетæгкаты Къоста»
Газета «Терские ведомости» сообщала: «19 марта ушёл из жизни известный осетинский и видный русский поэт Коста Хетагуров»

фæхъуыды кæнын
долго думать; обдумывать; заметить

фæхъуызын
подкрасться

Ныр уыдон (дзæбидыртæ) сæхицæн æнцад хизынц, цæмæй хæйрæг уыдысты, сæ фыдбылыз сæм фæхъуызы, уый. *Умар. Дзæбидырдзуаны*
А сейчас они (туры) мирно пасутся, откуда им было знать, что им грозит опасность

фæхъуынтыз кæнын
ощетиниться

фæхъуырдухæн кæнын
спорт. бороться; возиться *(напр. с больным)*; мучиться

– Куыд у рынчын? – Дысоны бонмæ ~ кодта, ныр бафынæй. *Малиты В. Хæрзбон, мæ сабидуг!*
– Как больной? – Всю ночь до утра промучился, теперь уснул

фæхъуыртхъом уæвын
стать на ноги; поправить своё материальное положение

фæхъуысын
доноситься *(о шуме)*

фæхъхъау, фæхъау
жертва

фæхъыг уæвын
тяжело переживать

Æгас дуне уыцы цауыл тынг ~ кодта
весь мир тяжело переживал произошедшее

искæй химæ ~ кæнын
враждебно настроить кого-л. против себя

Хуыцауы химæ ~ кæнын
прогневить Бога

фæхъыгдард уæвын
пострадать

хæдзары сæр ихдзагъдæй ~ ис
крыша дома пострадала от града

фæхъыгдарын
помешать; задеть, потревожить

фæхъыдзы кæнын
пощекотать

Бирæ ма ~ кодтой кæйдæр æвзæгтæ уыцы дам-думтæ. *Максим. Æхсызгон улæфт*
Долго ещё эти сплетни были на языке у многих

фæхъызт (*бир.* фæхъызтытæ)
приступ, припадок

зæрдæйы ~
сердечный припадок

хуыфæджы ~ — приступ кашля

фæхъыллист кæнын — запищать; закричать

фæхъынцъым кæнын — погоревать

фæхъырдхъом уæвын — опериться

Цотæй алчи дæр кусынмæ фæцараехст, æмæ бинонтæ чысыл ~ сты. *Умар. Адæймаджы амонд* — Все дети смогли приспособиться к работе, и семья чуть оперилась

фæцавддуртау уæвын — остолбенеть; окаменеть

Уалынмæ куы фæзынд, уæд ~ фесты – иугæр Бурсæрон худгæ не ‘рбацыд, уæд æй зон – хорз хабар не ‘рбахаста. *Ладемыр. Дыууæ бæллæхы* — Когда она появилась, они оцепенели – коли Бурсарон не улыбается, тогда так и знай, хорошую весть она не принесла

фæцагайд — прикосновение

фæцагайын — дотронуться; прикоснуться, коснуться, задеть; пустить вскачь; пуститься, припуститься вскачь, бегом; ринуться; *охот.* зарезать, забить

зæрдæ ~ — брать за живое; волновать душу

Йæхи йыл цы чызджытæ мардтой уыдонæй ничи фæцагайдта Цолайы зæрдæ. *Р.10.01. 2019* — Ни одна из девушек, что умирали за ним, не разбередила сердце Цола

риссаг ~ — задеть за живое

● искæй дудгæтæ-риссæгтæ ~ — разбередить чьи-то раны

● йæ сынкъ ын фæцагайдтой — подумаешь, прыщик ему задели

● кæмæндæр йæ сæр лыг кодтой æмæ, дам, афтæ хъæр кодта: «Мæ сынкъ мын ма фæцагайут» — снявши голову, по волосам не плачут; *букв.* ему голову отрезали, а он кричал: «прыщ мой не заденьте».

● хъæдгом ~ — затронуть больное место; затронуть больную тему

Асланбег сихор цæттæ кæныныл афтыдта æртæ адæймаджы, йæхæдæг та фæцагайдта колхозы къæбицмæ. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Асланбек поручил трём женщинам готовить обед, а сам бегом пустился в колхозную кладовую

фæцагурын — долго искать, выискивать

фæцагъды кæнын — истребить, уничтожить, погубить

фæцагъды уæвын — погибнуть *(о массовой гибели),* подохнуть

знаджы нæмыгæй ~ уæвын — пасть от вражеских пуль

фæцагъуыйын — повадиться

фæцайдагъ уæвын — повадиться; приучиться; привыкнуть

фæцайдагъдзинад — приспособление

фæцалх уæвын — войти в колею; приняться *(за что-л.);* привыкнуть, войти в работу; втянуться; пристраститься

Дæцци дæр ~ æмæ-иу кæд æрхæц схæцгæнгæ дзырдта, уæддæр йæ хъуыдытæ хорз æмбарын кодта. *Умар. Адæймаджы амонд* — Дацци тоже втянулась и, хоть и говорила с заминками-запинками, могла хорошо разъяснить свою мысль

ностыл ~ уæвын — пристраститься к спиртному

Куы сыл ~ уай, уæд дæ се ‘гъатыр дзæмбытæй нал суаддзысты. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — Если ты пристрастишься к ним, то они тебя из своих безжалостных лап больше не выпустят

сæ куыст йæ тæмæны куы бацыд, уæд ыл ~ сты — когда работа была уже в разгаре, они втянулись в неё

сывæллон алцæуыл дæр æнцонæй ~ вæййы — дети быстро ко всему привыкают

чингуытæ кæсыныл ~ уæвын — пристраститься к чтению

фæцамонын — поучать

● æдылыйæн авд-авды зонд фæцамон, уæддæр – æдылы — учи-учи дурака уму-разуму; *букв.* дурака семь раз по семь учи уму-разуму, все равно дурак

фæцаразын — направить; исправлять, выправлять; строить *(долго)*

фæцарæхст — приспособление

фæцарæхсын — справиться; привыкнуть, войти в работу; сделать кстати, изловчиться, приноровиться; умудриться

дзуапп раттынмæ ~ — вывернуться с ответом

фæцардхуыз уæвын — воспрянуть; взыграть духом; возродиться

адæм сæ къæхтыл слæууыдысты, ~ сты — люди стали на ноги, стали жить лучше

Уæд дзы иу хæдзары авд æфсымæры райгуырди, æмæ та Алæгатæ чысыл ~ ысты. *НК. 2* — Тогда в одной семье семеро братьев родились, и фамилия Алаговых снова стала возрождаться

фæцархайын — стараться; трудиться

Сæрдар рагæй фæцархæйдта ацæргæ фæлтæрджын кусæг ссарын. *Дæбе. Минæвæрттæ* — Председатель давно уже старался найти опытного работника со стажем

фæцауæрдын — поберечь; придержать приберечь

фæцахуыр кæнын — научить; учить; учиться; приучить; приручить

фæцахуыр уæвын — научиться; приручиться; привыкнуть; повадиться

кæрæдзиуыл нæма ~ сты — они ещё не привыкли друг к другу

фæцæвын — проткнуть; сунуть

фæцæгъдын I — побить; истребить;

фæцæгъдын II — поиграть *(на музыкальном инструменте)*

фæцæй- — *глагольная приставка, обозначающая несовершенный вид*

~лидзын — спасаться бегством, убегать; бежать

~хæццæ кæнын — приближаться

~цæуын — отправляться; направляться

фæцæйуадзыг кæнын — быть в полуобморочном состоянии

фæцæнд: гуыбыны ~ — запор; непроходимость

фæцæнд уæвын — столпиться, сгруппироваться

фæцæрæн — прожиточный

~ минимум — прожиточный минимум

фæцæрдæг кæнын оживить; ободрить; ускорить

фæцæрдæг уæвын оживиться; ободриться; ускориться

фæцæрдхъом уæвын стать жизнеспособным

фæцæрын жить; пожить; прожить; дожить

æвал-æвидисæй ~ прожить безупречную жизнь

бирæ ~ прожить долгую жизнь

● бирæ чи фæцарди, уый ма бафæрс; бирæ чи федта, уый бафæрс спроси не того, кто много прожил, спроси того, кто много видел

Фæцæрай мын бирæ, кæмдæриддæр дæ, / Мæ цæст ма дыл иу хатт куы ‘рхæцид бæргæ. *Дæуыт. Æз акæсын хæларæй* Живи долго, где бы ты ни был сейчас, / О, если б увидеть тебя ещё хоть раз

кад æмæ радæй ~ честь-честью; честь по чести прожить

● уарзонимæ лæгæты дæр фæцæрæн ис с милым рай и в шалаше

● цы фæцардтæ, уымæй фылдæр нæ фæцæрдзынæ большую часть жизни ты уже прожил

Цæмæн дæхицæн маст кæныс, зæронд лæг куы дæ, цы фæцардтæ, уымæй фылдæр нæ фæцæрдзынæ. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* Зачем сам себе проблемы создаешь, ведь ты старик, больше, чем уже прожил, уже не проживёшь

фæцæстдзыд уæвын подвергнуться порче; быть сглаженным

~æй мын тæрсыс? ты боишься, что меня сглазят?

Ма ~ уæд нæ ныхасæй чтоб мы его своими словами не сглазили

фæцæсты кæнын *разг.* сглазить

фæцæсты уæвын пострадать от сглаза

куынæ ~ уаид! чтоб не сглазить

фæцæттæ кæнын долго готовить, приготовлять

фæцæуын пойти; уйти; пройти; поехать; уехать; проехать; раздаться

гæрах фæцыд раздался выстрел

зонды муртæ сæрæй ~ кæнын лишить последнего ума

Ноджы ма йæ йæ галиу æрфыг дæр схæр-схæр кодта æмæ бынтондæр скатай, мастмæ мын фæцæуы, зæгъгæ. *Дегъуаты С. Тызмæг фыды гакк* К тому же левая бровь чесалась время от времени, и он вовсе забеспокоился, мол, это к неприятностям

мæ тъæпп фæцыд я шлёпнулся; оказался в неловкой ситуации

– Дæхæдæг дзы нæ сархайдтай / Нæхи ‘взагыл зæгъынмæ? / – Бæргæ быстон трибунæмæ, – / Мæ тъæпп фæцыд æддæдуар... *Цæрукъаты А. Ирон æвзаг сæфы* – А сам ничего не сумел сказать / На нашем родном языке? / – Хотел, к трибуне пробивался, / Но прям за дверью оказался

Цас фæцыдаид, чи йæ зоны Кто знает, сколько он прошёл

фæцæф кæнын ранить

● арс амарын зын нæу, фæлæ йæ ~ кæнын у зын нетрудно убить медведя, трудно его ранить

фæцæф уæвын быть раненым

● знаджы нæмыгæй ~ уæвын быть раненым вражеской пулей

– ~ дæ, мæ лымæн, сæрæй? / Рагæй æмхиц у нæ уæздан мыггагмæ / Хъримаг, йæ хицау фæкæна дæдæй! *Къоста. Саг æмæ уызын*

Ты, кажется, ранен в голову, мой друг? / Издавна преследуем наш благородный род / Ружьём, да постигнет его владельца несчастье

фæцин кæнын обрадоваться, порадоваться

фæцола уæвын похудеть

фæцудын споткнуться; пошатнуться; оступиться, совершить ошибку в жизни

Адæймаг куы фæцуды, уæд йæ цард зæронд кауы хуызæн сваййы – алырдыгæй йæм быцæутæ æвærын фæхъæуы. *Гуыцмæзты А. Дæ уды фарн*

Стоит человеку оступиться, как его жизнь становится похожей на старый забор – со всех сторон подпорки ставить надо

дзуллагæй макуы фæцудæд арынг

чтоб всегда был достаток; чтоб не переводилась пшеничная мука

фæцух кæнын пропустить *(лекцию, урок);* лишить; отделить; оторвать; отвлечь *(от занятий)*

фæцух уæвын пропустить *(лекцию, урок);* отделиться; оторваться, отвлечься *(от занятий)*

фæцыбыр кæнын укоротить; сократить *(напр. доклад)*

● æвзаг ~ кæнын укоротить язык; заставить замолчать

Ныр кæд йе ‘взаг даргъ у, уæд ын æй ~ хъæуы. *Букуылты А. Зарæг баззад цæргæйæ*

Ну а если язычок у него слишком длинный, его укоротить следует

Тынг смæгур ис, йæ авналæнтæ зынгæ ~ сты.

Он очень обеднел, возможностей у него стало намного меньше

æмгъуыд ~ кæнын сократить срок; уменьшить период

● базыртæ ~ кæнын подрезать крылья

Цæрæг адæймаг уыди фыццаг, фæлæ йын а фæстаг рæстæг йæ базыртæ ~ кодтой. *Умар. Адæймаджы амонд*

Раньше он был зажиточным, но в последнее время крылья ему подрезали

фæндаг ~ кæныны тыххæй

чтобы сократить путь

фæцыбыр уæвын укоротиться; сократиться

бонтæ ~ сты дни стали короче

фæцыдæр кæнын скрыть, спрятать, запрятать

фæцыдæр уæвын скрыться, спрятаться, исчезнуть

æхцайы фæрæзтæ цæсты фæныкъуылдмæ ~ сты

за считанные мгновенья деньги разлетелись

сабыргай маст ~ понемногу злость улетучивалась

фæллад ~ вæййы усталость улетучивается

фæцымын попить

фæцырд кæнын сделать более деятельным, активным; оживить

фæцырд уæвын стать более деятельным; активным; оживиться; быстро справиться; изловчиться

фæцырддзаст уæвын стать бдительным; насторожиться

фæцыхауи ласын выхватить

Хъæныхъ дын уый фехъуса – хъама ~ ласта. *Максим. Хæххон барæг* — Стоило Кануку это услышать, он тут же выхватил кинжал

Де ‘взаг та абырæджы хъамайау куы ~ ластай. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Опять ты своим языком как кинжалом аброка набросился

фæцъæрræмыхст кæнын — оцарапать

фæцъæхахст кæнын — взвизгнуть; крикнуть

фæцъæх кæнын — выкрасить в зелёный или в синий цвет; засинить *(напр. белье)*

фæцъæх уæвын — зазеленеть; надоесть; набить оскомину

мæ зæрдæ ~ ис — мне надоело до смерти

фæцъипп ласын — вывернуться; выкрутиться

фæцъирын — пососать; высосать

фæцъист кæнын — раздавить; прищемить

фæцъорт ласын — быстро вытащить, выдернуть

хъама ~ ласын — выхватить кинжал

Гыццыл ма бафæраз, нæ хъуыддæгтæй иу чысыл куы феуæгъд уæм, уæд дын æй мах йæ фыды дзæмбытæй ~ ласдзыстæм. *Максим. Хæххон барæг* — Потерпи ещё немного, как только чуть разберёмся со своими делами, так сразу из лап её отца вырвем её.

фæцъыллинг кæнын — выскользнуть

кæсаджы къæдзил доны ~ кодта — рыбка хвостом по воде плеснула

Хæмби дæсны уыди алы тæссаг зындзинæдтæй бырынцъаг калмгæсæгау ~ кæнынмæ. *Ашæх. Уæззау рæдыд* — Хамби имел талант выскользнуть скользким угрём из любых трудностей

фæцъынд уæвын — закрыть глаза; *прост.* умереть

Мæлæтæй тæрсын райдыдтон: æвиппайды куы ~ уон, уæд ацы сывæлæттæ цы фæуыдзысты. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — Стала я смерти бояться: если вдруг со мной что, куда эти дети денутся

фæчепп-фæчепп — прихрамывание

~ кæнын — прихрамывать

Уый фæцис йæ ныхас æмæ та ~гæнгæ, араст йæ бынатмæ. *Дæбе. Уæззау операци* — На этом он закончил своё выступление и, прихрамывая, проковылял на своё место

фæчиуын — споткнуться; захромать; пошатнуться

фæччиаг — дозволенный ритуалом

фæччы, фæтчы — пристойно

на ~ — не пристало

● иу нæ ~ — неприлично давать одну штуку чего-л.

● майрæмбоны бирæ сылгоймæгтæ нæ хуыйынц – нæ, дам, ~ — по пятницам некоторые женщины не шьют, мол, не положено

● хуырхы мигænæн æнæ цыхтæй ныуадзын нæ ~ — плохая примета емкость с сывороткой без сыра оставлять

● цы ~, уый бакæн, цы нæ ~, уый ма бакæн — что положено – делай, что не положено – не делай

фæчылиу-фæчылиу кæнын — прихрамывать

фæчындæуы — пристало; подобает

– Гæррæт, цæуыл у дæ сусæг зарæг? Чысыл ма йæ фæхъæрдæр кæн. – *Æмæ никуы фехъуыстай, сусæг зарæг хъæрæй нæ ~. Дзадтиаты Т. Хæххон стъалы*

– Гаррат, о чем твоя тайная песня? Спой её немного погромче. – А ты никогда не слышал, что тайные песни громко не поют.

фæчындз кæнын быстро выдать замуж; быстро подготовить

Ныра куы ницы ма загътон, уæд мæ куыд тагъд ~ кодтой. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* Я ещё и слова не произнёс, а вы меня уже поженили

фæчъизи кæнын загрязнить, запачкать

цæсгом ~ кæнын опозорить(ся)

Ныффысдзысты мæ цыртыл мæ азтæ, мæ ном, / Нæ ~ кодтон мæ фыды цæсгом. *Чехойты С.* На памятнике напишут мой возраст, имя моё, / Не запятнал я имя отца моего

Лæгтыдзуар, мæ хъæбулы сыгъдæг уд мын ма бауадз ~ кæнын. *Хъайттаты С. Куырдуаты бадæг* Покровитель мужчин, не допусти, чтоб запятналась чистая душа ребёнка моего

февайын побледнеть

бон февайд рассвело

феваст уæвын случайно выстрелить *(о ружье)*

феваерын долго хранить, откладывать, собирать, копить

февгъау кæнын сберечь, сэкономить

февгъуыйын *кæс* **фæивгъуыйын**

февдисын указать, показать

февдулын раскатать, вымесить *(тесто)*

февзарын выбирать, отбирать; перебирать; сортировать; рассортировать; испытывать *(неоднократно)*

февзæрын пустить ростки; появиться, возникнуть; очутиться

Бæрджытæ фæстæмæ сæ сæргътыл февзæрдысты Всадники снова очутились в сёдлах

къухы ~ оказаться в руках

уæлдон ~ вынырнуть; всплыть

февзидын потрясти; замахнуться; взмахнуть; пригрозить

февзилын взяться; начать, приступить; дотронуться; схватить(ся)

февзыст угроза

иу ~æй фæтæрсын испугаться одной угрозы

Дæу хуызæн нæлгоймаг хъуамæ иу ~æ ма фæтæрса æмæ ма аздæха. *Лademыр. Дыууæ бæллæхы* Такому мужчине как ты не пристало пугаться и отступать из-за одной угрозы

февналын приступить; начать

куыстмæ ~ приступить к работе

● куыстæн йæ зын – йæ ~ лиха беда начало

фынгмæ ~ приступить к трапезе

февнæлд (*бир.* февнæлдтытæ) хватка

● йæ ~ – арт, йæ фезмæлд – зынг — хватка – пламя, движение – огонь

● йæ ~ – бирæгъау, ивылд донау – йæ куыст — у него хватка как у волка, его работа как река в половодье

йæ ~ыл цæст нæ фæхæцы — за ней даже взглядом не поспеть

нæдæр дзыхы ныхасæй, нæдæр армы ~æй — на слова не горазд, хваткой не вышел

февраль — февраль

~ы революци — февральская революция

фегад кæнын — обесчестить; опозорить; обесславить

● дзых æмæ гуыбыны йедтæмæ лæджы ничи ~ кæндзæн — только язык и желудок могут опозорить человека

ном ~ кæнын — уронить имя

фегад уæвын — опозориться

фегæр кæнын — перегнуть палку; преувеличить

феггуырсын — сдвинуться

бынатæй ~ — сдвинуться с места

фегоймаг кæнын — обезличить

фегом — брешь

~ кæнын — открыть, раскрыть, распахнуть

~ уæвын — открыться, раскрыться, распахнуться

фегуыдзæг кæнын — причинить ущерб; разорить

фегуыдзæг уæвын — ослабеть; понести убыток

фегуыппæг уæвын — замолкнуть; остолбенеть; замереть

Адæм кæд раздæр къæйныхгомау схор-хор кодтой, уæддæр Барысбийы фенгæйæ цæмæдæр ~ сты. *Умар. Уалдзæджы улæфт* — Люди, хотя вначале вели себя с вызовом, увидев Барысби, почему-то примолкли

Ныссабыр æрдз. Бæстæ ~. *Мæрзойты С. Къæхтысæр* — Притихла природа. Всё замерло

фегуырын — возникнуть, появиться; очутиться

феддæ кæнын, федде кæнын — удалить, выдворить

Лæппу, уæлдай ныхас ма куы скæнай, уæд дæ ~ кæндзынæн. *Гæглойты В. Гъе, мардзæ, исчи!..* — Молодой человек, ещё одно лишнее слово и я тебя выдворю

феддæ уæвын, федде уæвын — удалиться, выйти

феддæдуар кæнын — выгнать, выставить за дверь

феддæдуар уæвын — выйти, покинуть помещение

федерализм — федерализм

федералон — федеральный

~ æмвæзад — федеральный уровень

фарста ~ æмвæзады хынцын — рассматривать вопрос на федеральном уровне

~ зылд — федеральный округ

~ хицаудзинад — федеральное руководство

федеративон — федеративный

федераци — федерация

профцæдисты ~ — федерация профсоюзов
сылгоймæгты ~ — федерация женщин
федылы уæвын — поглупеть
федых кæнын — ослабить, обессилить
федыхуæвын — ослабеть; обессилеть
федзæллаг кæнын — разрушить; разорить; запустить, привести в негодное состояние; ослабить
федзæллаг уæвын — разрушиться; разориться; прийти в негодное состояние; ослабнуть
федзæм кæнын — притихнуть
федзæрæг кæнын — опустошить; сделать безлюдным
Знаг нæ цалынмæ нæ ~ кодта, уæдмæ нæхи нæхæдæг суæгъд кæнæм знаджы дзæмбытæй. *Дзæдтиаты Т. Æхсаргæрдты зæлланг* — Пока враг нас не стёр с лица земли, надо нам самим освобождаться из его лап
федзæрæг уæвын — опустошиться, сделаться безлюдным
Гæлиаты зæххытæ сты хъæздыг, о, фæлæ дзы цæрынæн æмбæлгæ уаваертæ кæй нæй, уымæ гæсгæ хъæу ~. *Р.08.08.2018* — Земли в Галиате плодородные, но, т.к. там нет должных условий жизни, село обезлюдело
● хъæубæстæ ~, уæд ын вæййы рувас ældар — в безлюдном селе в лиса хозяйничает
фезгъалын — осыпать
ставд цæссыг ~ — ронять крупные слезинки
фезгъælын — осыпаться
дургай-мургай ~ — осыпаться по-немногу
● кæмæндæр йæ куырой фезгъæлдта ‘мæ йæ сасир дæр фехста — мельница осыпалась, так он и сито вышвырнул
Нæ иумæйаг куырой ссинаг донмæ фезгъæлдта нæхи æнæмæты, æдзæлгъæды аххосæй, æмæ нæ сасир йæ фæдыл мауал æппарæм. *Айларты И. Нæ рæстæг – нæ ирвæзынгæнæг* — Наша общая мельница, что намолола, то и потеряла из-за нашей беспечности, так давайте же не выбросим ей вслед и сито
Сыфтæртæ фезгъæлынц зæхмæ — листва опадает на землю
цæстысыг æнæвгъау фезгъæлы — проливается много слёз
фезгъорын — побежать; бежать (долго)
æнæрлæугæйæ ~ — бежать без остановок
фездахын — повернуть; вернуть
йе ‘ргом мæм фездæхта — посмотрел на меня; повернулся лицом ко мне
Хуыснæг дын фестъæлфыд, йе ргом мæм фездæхта. *Къоста. Ахуыр* — Вор вздрогнул, повернулся лицом ко мне
бæх ~ — развернуть коня
чъылдым ~ — повернуться спиной
фездæхæн — место поворота
фездæхт — поворот
фездæхын — завернуть; повернуться, обернуться
искæмæ ~ — заскочить в гости

тигъыл ~ — завернуть за угол

фæстæмæ ~ — вернуться назад

хурныгуылæнмæ ~ — повернуть на запад

фездухын — закрутить; повернуть

фездыхсæн — место действия

фездыхсын — закрутиться; повернуться

къах фездыхт — нога подвернулась

фездыхсæн дзы нæ уыд — было тесно; повернуться негде было

фезмæлæнтæ — жилплощадь, пространство

сæ ~ къуындæг не сты — их жилплощадь позволяет

Сæ ~ ахæм къуындæг не сты, æмæ бинонтæ батыхсой. *Ладемыр. Арв ныттар* — У них в доме достаточно просторно, семья не будет стеснена

фезмæлд — движение, передвижение; сдвиг

● йæ ~ыл цæст нæ хæцы — у неё всё в руках спорится, горит

● иунæг былы ~æй дæр бамбарын — понимать без слов, с полуслова

Сæ сываллоны бонтæ иумæ ærвыстой æмæ ныр иунæг былы ~æй дæр бамбарынц кæрæдзийы хъуыдытæ. *Тæтæри. Бæрбæр бæрбæры фырт* — Они выросли вместе и теперь понимают мысли друг друга с полуслова

фезмæлын — сдвинуться, двинуться, тронуться;

поезд фезмæлыди — поезд тронулся

~ кæнын — двинуть, сдвинуть, тронуть

фезмæлæн дзы нæй — повернуться негде; очень тесно *(о скоплении людей, вещей)*

Сæхæдæг кæм фезмæлой, уый сын куы нæ ис, уæд ма дзы æз та чердыгæй хъæуын? *Æхсарбег. Куырды фырт* — Им самим негде повернуться, а я ещё с какого боку там нужна?

фезнаг уæвын — стать врагом

● дæ фыдгулмæ йе ‘фсымæр ~ уæд — с братом враждовать только врагу можно пожелать

Сырдон Сосланимæ цæмæн ~ ис. *НК.* — Почему Сырдон стал врагом Сослана

фезнæмын — шарахнуться

фезнæт кæнын — спугнуть

фезнæт уæвын — испугаться, *разг.* шарахнуться

Адæм ~ сты, фæйнæрдæм алæууыдысты æмæ Хъази иунæгæй аззад. *Секъа.* — Люди оробели, шарахнулись в разные стороны, и Кази остался один

цыма сæм бирæгътæ фæлæбурдтой, афтæ ~ сты — шарахнулись так, будто на них волки набросились

фейерверк — фейерверк

бæрæгбонон ~ — праздничный фейерверк

кæронбæттæн барæсугъд кодтой аив ~æй — в завершение был дан красочный фейерверк

феййафын — догнать, настигнуть

Уæд зæронд лæг зæгъы: – Авд хорзы дæ уæд, цу уал дæ фæндагыл, æз дæр дæ ~. *НК. 2* — Говорит тогда старик: – Пусть семь раз тебе улыбнётся счастье, ступай пока своей дорогой, я тебя скоро догоню

хъуаг ~ — нуждаться

хæдзар ницы хъуаг феййафы — дом – полная чаша

хъусæй хъуаг ~ — недослышать

феккуырсын — двинуться; посторониться

бынатæй ~ — двинуться с места

– Алан æмæ мын Туганмæ фæдзур. Мæ бынатæй феккуырстæн æмæ нæхимæ стырындз дæн. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — – Позови-ка мне Алана и Тугана. Я подскочил с места и устремился домой

● иумæйаг тых къæдзæхы дæр йæ бынатæй ~ кæндзæн — сообща можно и гору своротить

хъуыддаг йæ бынатæй иу чысыл феккуырсы — дело немного сдвигается с места

фелвасын — вытащить, извлечь; выхватить, схватить; внезапно появиться

аркъауæй ~ — вытащить клещами

æвзаг ~ — высунуть язык

● дыууæ цæсты æхсæнæй фындз ~ — меж двух глаз нос стащить; быть оборотистым

● иу йæ цæст фæцагайдта, иннæ та йæ йæ бынæй фелвæста — один глаз ударил, другой ему этот глаз выбил

● къæбæр хъуыræй ~ — кусок из горла вытащить; отнять всё до последнего

Ногæй та йын йæ худ фелвæста æмæ йын æй зæххыл ныццавта. *Гусалты Б. Цъатайæ хаст лæппу* — Он снова выхватил его шапку и ударил её оземь

хи зындзинадæй ~ — выпутаться из затруднений

хъама ~ — обнажить кинжал; объявить войну

хъæбысы ~ — схватить на руки

кæцæйдæр ~ — внезапно откуда-то объявиться

фелвæсын — вывихнуть

~ кæнын — вывихнуть; выскочить (о суставе)

фелгъ — брезгливость

Сæниат йæхи æндæрхуызон дæр нæ фæкодта, нæ ~ ис æнæзылд чызджы уындæй. Хи хъæбулау æй цынадта, ног дарæс ыл скодта. *Баситы М. Цардæнхъæл* — Саниат не выдала своим видом ничего, не поморщилась при виде неухоженной девочки. Искупала её как собственное дитя, одела в новое

фелгъæд кæнын — перекормить *(жирной пищей)*

фелгъæд уæвын — пресытиться, переесть

фелгъитын — выругать; проклясть

æвзæр ~ — проклинать последними словами

– Дæ хорзæхæй, цасдæриддæр мæ æлгъитинаг дæ, уыйас мæ ацы ран фелгъит, кæннод хъæумæ куы бахæццæ уæм, уæд дыл адæм фæхуддзысты. *Секъа. Зонджын æдылыйы зæрдæмæ нæ цæуы* — – Пожалуйста, все проклятия, которые ты в мой адрес собираешься произнести, говори здесь, а не то, когда мы до села доедем, народ будет над тобой потешаться

● хорз лæппу йæ мад æмæ йæ фыды нæ ~ кæндзæн — родителей хорошего сына проклинать никто не станет

фелсыр — фельдшер

~ы дæсныйад райсын — выучиться на фельдшера

фелхæнын — закупить, *разг.* накупить

фелхынцъ кæнын — завязать узел, петлю; сморщиться

æрфгуытæ ~ кæнын — насупить брови

тъæнгтæ ~ сты — случился заворот кишок

фелхыскъ — щипок

~ кæнын — ущипнуть; *перен.* уколоть

– Ды афтæ дæ, нæ лæг: хорз чи вæййы, уый дæр æнæ ~ нæ уадзыс! *НК. 2* — – Ты таков, супруг мой: даже если человек хороший, ты его всё равно поддеть должен

– Бахатыр кæнут, карздæр исты куы уаид, уæд уын гаджидау мæхæдæг рауадзин, – æнæ ~ та нæ бафæрæзта Къабуз. *Хæблиаты С. Дзæнæты маргъ* — – Прошу прощения, но было бы это что-то покрепче, я бы и сам не замедлил вам бокалы подать, – не удержался, чтобы не съязвить Кабуз

фелхъивын — сжать, прижать; поджать; прищемить

фельетон — *лит.* фельетон

фельетонист — *лит.* фельетонист

фемæхст — взрыв

æмдзæгъды ~ — гром оваций, аплодисментов

масты ~ — взрыв негодования

туджы ~ — кровотечение

фемæхсын — дать течь, начать протекать; вырваться (*о чувствах*); хлынуть

● арв фемæхсти — небеса разверзлись

судзгæ цæссыг фемæхст — хлынули горючие слёзы

Фæстæгмæ йæ йæ риумæ нылхъывта æмæ йæ цæссыгтæ фемæхстысты. *Малиты Х. Мæйрухс – мæ хуры тын* — Под конец она крепко обняла девочку и слёзы просто хлынули из глаз

Уарын къæртайæ калæгау фемæхст. — Дождь полил как из ведра

Сау фæлмы – къæдзæхы тигътæ, / Зæхх – цыма зæдтæн куывта. / Бæстæ ныттар кодтой мигътæ, / Фемæхст цыхцырæг къæвда. *Цæрукъаты А. Къæппæгахст* — В чёрной пелене скалы, / Земля как будто молилась ангелам. / Тучи затмили всё вокруг, хлынул ливень

царæй тæдзынджытæ фемæхстысты — крыша сильно протекала

цæфæй туг фемæхсти — из раны хлынула кровь

фемæхсынæввонг — на грани взрыва, воспламенения

фембарын — почувствовать; понять; осенить

æвиппайды ~ — осенить; вдруг догадаться

иу иннæйы куы нал фембары — когда нет взаимопонимания

кæронмæ нæ ~ — не осознавать до конца

рæдыдтытæ нæ ~ — не осознавать ошибок

хи хорз нал ~ — чувствовать себя неважно

хорз æмæ æвзæр нал ~ — не отличать хорошее от плохого

Хæмæт фембæрста Лексойы æрбацыды сæр, фæлæ уый тыххæй кой дæр нæ кæны. *Секъа. Декрет* — Хамат догадался, что привело Лексо, но даже и не заговаривает об этом

хъуыддаг цæй мидæг ис уый уайтагъд фембæрста — он сразу сообразил, в чем суть дела

фембæлæг (*бир.* фембæлджытæ) — встречный

фыццаг ~ — первый встречный

фембæлгæйæ — при встрече

~ кæрæдзийæн салам дæттын — приветствовать друг друга при встрече

~ кæрæдзийы къухтæ исын — при встрече пожать друг другу руки

фембæлд — встреча, свидание

~ арæзт æрцыд — была организована встреча

~мæ — до свидания, до встречи!

Сæхи йæм хæстæг ластой лæппутæ. Фæлæ ~мæ дæр никуы никæмæ рацыд. *Малиты В. Мæйрухс æхсæвтæ* — Молодые люди тянулись к ней. Но она ни разу ни к кому даже на свидание не вышла

æхсызгон ~ — радостная встреча

зæрдылдарæн ~ — запоминающаяся встреча

кæронбæттæны ~ — *спорт*. заключительная схватка

кусæгон ~ — рабочая встреча

радон ~ — очередная встреча

сфæлдыстадон ~ — творческая встреча

фæрстытæ æмæ дзуаппыты бындурыл арæзт ~ — интервью

фыццаг ~æй кæрæдзи зæрдæмæ фæцыдысты — они понравились друг другу с первой встречи

фембæлын — встретить(ся), повстречаться); сойтись

арæх фембæлгæ хъуыды — распространённое мнение

знагимæ тохы быдыры ~ — сойтись с врагом на поле битвы

комкоммæ ~ — встретиться лицом к лицу

фарсхæцджытимæ ~ — встретиться с болельщиками, со сторонниками

фембис кæнын — истратить половину; поделить пополам

фембудын — почуять

фембулын — проиграть

– Гъеныр фембылдтæ, Сырдон. Хур кæуыл нæ кæсы, ахæмæй ницы ис зæххыл æмæ ма кæмæ ‘нхъæлмæ кæсыс? *НК. 4* — – Вот ты и проиграл, Сырдон. Нет ничего на земле, что солнце не видит, так кого ты теперь ждёшь?

фембылд — проигрыш

~(ы) уæвын — проиграть, оказаться в проигрыше

уæлахиздзинад-~ты хыгъд — счёт побед и поражений

● йæ гал цъындыйы чи радта, уый ~ и — проиграл тот, кто заложил своего вола

фембырд кæнын — собирать, копить

æвзарæгау ~ кæнын — выборочно собирать

лæмбынæг ~ кæнын — дотошно собирать

мургай ~ кæнын — копить по крупицам

Хаттæй-хатт зæй раскъуыйынæн хъæрæй ныхас кæнæ змисы мур фаг куыд вæййы, афтæ Алиханæн дæр йæ зæрдæйы цы катай æмæ хъыг ~, уыдон раскъуынынæн фæахъаз, Къостайы уацмыстæ кæй каст, уый. *Æхсар. Токаты Алихан* — Как иногда громкое слово или песчинка могут вызвать сход лавины, таким толчком для Алихана оказались произведения Коста, которые помогли ему излить скопившиеся в нём обиду и отчаянье

фемдзаст уæвын — встретиться глазами; взглядом

О, ме скæнæг! Йæ цæстытæм ын ~ дæн æмæ мæ'васт мæ сæрæй мæ къæхты бынмæ цыдæр тых ахызти. *Хуыгаты Г. Æрдхорд æфсымæртæ* — О, мой создатель! Я встретился с ней взглядом, и какая-то неведомая сила внезапно пронзила меня с головы до ног

Кæрæдзимæ куы ~ стæм, уæд-иу мæхи иннæрдæм кæсæг акодтон. *Максим. Æхсызгон улæфт* — А когда мы встречались взглядом, я отводил глаза, делая вид, что смотрю в другую сторону

Куыд рæсугъд у æмæ йæм куыд никуы ~. Иннæ чызджытау йæ цæсгомы цъар хурсыгъд дæр нæу, диссаг... *Нафи. Фыдæлты туг* — Как она хороша, как они никогда даже взглядом не встретились. Удивительно, даже лицо у неё не загорело на солнце как у других девушек

фемдзæхтон уæвын — сдружиться; сблизиться; спутаться

● искæимæ ~ уæвын — свести тесную дружбу с кем-л.

Немыцимæ ~, æви сæм нæхиуæттæй сусæг æрвыст у – ницы йын зонын. *Бицъоты Г. Арвы айдæн* — Ничего я не знаю о нём, то ли он с немцами спутался, то ли нашими к ним подослан

фемдзыд уæвын — совпасть

фемзонд уæвын — сговориться

фемхæццæ кæнын — перепутать; смешать

~ кæнæн нæй — нельзя перепутать

фемхæццæ уæвын — перепутаться; смешаться

фемхиц уæвын — пристраститься; увлечься, приохотиться

фенад кæнын — противеть; сделать неприятным

фенад уæвын — стать противным, неприятным

фенамонд кæнын — сделать несчастным; принести злосчастье

Сæ тæригъæды бацу, ~ сæ кæн, уæд цас раст уыдзæн? *Максим. Райсомы мигъ* — Взять на себя такой грех, чтобы обречь их на несчастье, разве это правильно?

хи ~ кæнын — разрушить собственное счастье

фенамонд уæвын — сделаться несчастным, злосчастным

уый аххосæй цал чызг æмæ лæппуйы ~ сты — сколько девушек и парней пострадали по его вине

фенæг — видавший виды; бывалый

куыд дзырдтой ~ адæм — как говорили бывалые люди

фенæууæнк кæнын — заставить усомниться

● адæймаг иу хатт йæхи куы ~ кæны, уæд ыл ничиуал феууæнды — единожды солгавши, кто тебе поверит

фенæуынон уæвын — опротиветь; надоесть

цал хатты мын ~ мæ цард — как часто мне была противна моя жизнь

Фælæ иу мæйрухс æхсæв цы федта, уый фæстæ йын уыцы ном ~. *Ашæх. Батраз æмæ Лизæ* — Но после того, что она увидела одной лунной ночью, это имя ей опротивело

фенд — вид; облик

~æй бафсæдын — насладиться видом

Хъыг мын у йæ ~ — он мне неприятен

Ацырухсыл йæ хицауы ~æй хуртæ æмæ мæйтæ ракаст. *НК.* — При виде мужа Ацырухс вся засветилась от счастья

● дидинæгæн йæ ~æй йæ тæф æхсызгондæр у — аромат цветка приятнее его вида

фендавын — греть

хур нал фендавы — солнце больше не греет

фендæр кæнын — переиначить; преобразить; изменить

ныхас цæхгæр ~ кæнын — резко изменить разговор

хуыз нæ ~ кæнын — не измениться внешне; не подать виду

фендæр уæвын — измениться; преобразиться

зæрдæйы уаг ~ ис — изменилось отношение

йæ зонд ~ ис — она передумала; изменила своё мнение

фендæрхуызон кæнын — переделать, изменить, преобразить

æрдз ~ кæнын — преобразить природу

фендæрхуызон уæвын — измениться, преобразиться

æппындæр нæ ~ уæвын — нисколько не измениться

– Дæ хорзæхæй, Хъауырбег, цом æмæ Фаризæты æвæрæнты хъæстæ нæхи фæкæнæм. – Гъе, уый дын лæджы ныхас, – ~ Хъауырбег. *Умар. Стъалы куы скæса* — – Пожалуйста, Каурбек, пойдём-ка отведаем припасы Фаризат. – Вот это мужской разговор, – преобразился Каурбек

фендджын — тот, кто много видел; бывалый; искушённый

~ адæймаг — опытный, знающий; культурный

фендтаг (*бир.* фендтæгтæ), **фенддаг** (*бир.* фенддæгтæ) — 1. достопримечательность; 2. заслуживающий внимания

~ бынæттæ — достопримечательности

Сыбыры æрдз афтæ ~ кæй у, уый Æхсæртæг ныронг никуы фæхатыд. *Гæглойты В. Гъе, мардзæ, исчи!..* — Никогда Ахсартагу не приходило в голову, что природа Сибири такая необыкновенная

рагон фенддæгты астæу сæрмагонд бынат ахсын — занимать центральное место среди древних достопримечательностей

сæйрагдæр фенддæгтæй иу — одна из основных достопримечательностей

фендтаджы, фенддаджы — достопримечательный; примечательный

фенинаг — подлежащий осмотру; то, что нужно посмотреть

~ цау — любопытный случай

хи цæстæй ~ — то, что стоит увидеть собственными глазами

фенкъард кæнын — опечалить

фенкъард уæвын опечалиться

Фæстаг рæстæг лæппу куыддæр ~, фæсагъæсхуыз. *Гæстæн. Дысоны фын* В последнее время молодой человек выглядит опечаленным, озабоченным

фенкъусын поколебать, покачнуть; сдвинуть

фенкъуыст сдвиг

фенкъуысын поколебаться, покачнуться; сдвинуться

бынатæй ~ сдвинуться с места

Мæнæ йæм ныр йæ бынатæй ~ дæр зын кæсы. *Арсен. 24 боны* А теперь ему даже с места сдвинуться кажется трудным

~ кæнын поколебать, покачнуть; сдвинуть

ифтыгъд уæрдон ~ кæнын дæр нал фæрæзтой груженую арбу не могли даже с места сдвинуть

феномен феномен

феноменалон феноменальный

фентой кæнын разорить, расхитить

фентъухын бросить, кинуть

фенуд кæнын потушить; задушить *(лишить возможности дышать)*

фенуд уæвын погаснуть; задохнуться

фенхъæвзын полоскать

фенхъæлмæ кæсын подождать

Æппæт куыстытæ дæр йæхимæ ~ кæсынц. Всё приходится делать самому

дзуаппмæ нал ~ кæсын не дожидаться ответа

йæ фæзындмæ йын тынг ~ кæсын с нетерпением ждать его выхода, появления

сæ сахатмæ ~ кæсынц они ждут своего часа

цæргæ бонты ~ кæсын всю жизнь надеяться

фенхъæлын подумать, предположить

● фыццаг хъæстгæнæджы алчи раст фенхъæлы верят обычно первому жалобщику

● хъуаз фыццаг хатт куы ныззайы, уæд йæ родæй фæлидзы: афтæ фенхъæлы ’мæ залиаг калм у олениха от своего первенца бегом убегает, думает, что это ядовитый змей

фенхъизын бродить *(о пиве, вине)*

фенцайын перестать; умолкнуть; опереться

рис нæма фенцад боль ещё не утихла

хуыфæг ~ кæнын заглушить кашель

● цард лæгты уæхсчытыл фенцайы жизнь держится на мужских плечах

фенцой кæнын опереться

лæдзæгыл ~ кæнын опереться на палку

рæмбыныкъæдзыл ~ кæнын опереться на локоть

фенцон кæнын облегчить

● уæз ~дæр кæнын облегчить ношу

фенцон уæвын почувствовать облегчение

уæззау уаргъ йæ уæхсчытæй ахауд, æмæ йын ~ — тяжёлая ноша упала с плеч, и ему стало легче

фенцъулын — сплющить; собрать в сборки

фенцъылд уæвын — замяться; покрыться складками

фенын — увидеть; заметить

фендзыстæм — время покажет, поживём-увидим

Цæй, æниу бирæ цы дзурæм: цы федтам уый федтам, цы уыдзæн уый дæр фендзыстæм. *Хæблиаты С. Æнамæ мын чи бадзурдзæн?..* — Ну что об этом долго говорить: что было, то мы видели, что будет, тоже увидим

~ кæнын — показать; продемонстрировать

~мæ! — до свидания, до встречи

● бирæ чи фæцарди, уый ма бафæрс; бирæ чи федта, уый бафæрс — спроси не того, кто много прожил, спроси того, кто много видел

зындзинæдтæ ~ — испытать трудности; хлебнуть горя

● искæмæн ~ кæнын — не давать спуску; держать в ежовых рукавицах; показать, где раки зимуют

● лæг цы у, уый сын ~ кодта — показал себя настоящим мужчиной

● искæй истæмæй ~ — угостить; покормить

Исты ма нын фен, сыдæй мæлæм. *Умар. Цард тындзы сæ размæ* — Дай нам перекусить, умираем с голоду

Искуы дæ уазæджы цæсты бафтыдтон? Уыйбæрц дæр уæнт – иу лæджы хуызæн дын сæ фендзынæн. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Разве я когда-нибудь поставила тебя в неловкое положение перед гостями? Сколько бы гостей не было, всех угощу на славу

● искæй хорз ~ — хорошо угостить; радушно принять

● иу хатт ~ дыууæ хатты фехъусынæй хуыздæр — лучше один раз увидеть, чем сто раз услышать

● ме сæфты хай дзы федтон — я это возненавидел

● мин хатты фенынæй иу хат бавзарын хуыздæр — чем сто раз увидеть, лучше один раз попробовать

● мæ цæсты кæронæй дæр æй нæ федтон — я его никогда не видел в глаза

● мæ цæсты кæронæй дæр дæ куы нæ федтаин — глаза бы мои тебя не видели

● ницыфенæг исты куы фены, уæд æй уæлдайджынтæй фæдзуры — малоповидавший любит преувеличивать увиденное

рæвдыд ~ — ощутить заботу и ласку

рухс ~ — увидеть свет; появиться на свет

уагæр цы диссæгтæ федтай? — что за чудеса тебе встретились?

фыны ~ — увидеть во сне

Цы фесты, цы дымды цъæх уалдзæг, мæ сæрд? / Æрмæст ма сæ ~ мæ фыны. *Цæрукъаты В. Артисты юбилей* — Куда подевались зелёная весна и лето? / Только во сне я их вижу

● фыны дæр нæ ~ — даже во сне не увидеть; и не снилось

хæстæджыты ~ — повидаться с родственниками

хи искæмæн ~ кæнын — показаться кому-л.; проконсультироваться

хи истæмæй ~ — угоститься
фенынджын — многоопытный, многовидавший; бывалый
~ адæймагæн æнцондæр цæрæн у — опыт помогает в жизни
феодал — *ист.* феодал
феодализм — *ист.* феодализм
феодалон — *ист.* феодальный
~ æхсæнад — феодальное общество
~ цардæвæрд — феодальный строй
феппарын — бросать; бросить; сбрасывать; сбросить; кидать; скинуть
аргъæй нæ ~ — не уступить в цене
артмæ ~ — швырять в огонь
дарæс ~ — сбросить одежду
Æркодта йæ усы Хæмыц сæхимæ, æрхуы мæсыгмæ бацыдысты ‘мæ Хæмыц йæ хæррæгътæ феппæрста. *НК.* — Привёл Хамыц жену в дом, завёл её в башню медную, и сбросил Хамыц тряпьё, что на нём было
● цæхæрмæ сойы фæзгъæртæ ~ — распалять; усугублять; подбрасывать
феппæлын — захвалить
хицæй ~ — самохвальствовать
● æвзæр йæхицæй феппæлы — себя только дурак хвалит
● зæрондырдæм лæг йæ усæй феппæлы — к старости свою жену муж хвалить начинает
æгæр æгæр ~ — перехвалить
афтæ тынг феппæлыд æмæ йын æгæр æппæлд фæци — так хвалил, что перестарался
фераинаг — отрадный
ферайæг — злорадный
ферайын — *уст.* возрадоваться; злорадствовать
ферайынад — злорадство; радость
ферæджы кæнын (уæвын) — опаздывать; опоздать; промедлить
Хус æфсирты нæмгуытæ згъæлынц, уæд сæ кæрдынæн ~ — Когда зёрна колосьев осыпаться начинают, значит, упустили время косить
фервæзинаг — могущий быть спасённым
рынчын ~ нал у — больной в безнадёжном состоянии
фервæзт — 1. спасение, избавление; 2. спасённый, избавленный
Хетæджы ~ы таурæгъ — история спасения Хетага
фервæзын — спастись; избавиться; проскользнуть
~ кæнын — спасти, избавить
бæллæхæй ~ кæнын — спасти от несчастья
бынсæфтæй ~ — спасти от погибели
● зынранæй ~ — выпутаться из затруднительного положения
искæмæй / истæмæй тагъд ~ — быстро (скоро) избавиться от кого-л., чего-л.

Фервæзт нæ рынчын!.. / Хърихъупп æм бадзырдта: / – Цæй-ма, мæ мызд мын! *Къоста. Бирæгъ æмæ хърихъупп*
Спасся наш больной!.. / Журавль к нему обратился / «Ну-ка дай мне плату!»

мælætæй ~
избежать смерти

мælætæй ~ кæнын
спасти от смерти

тыххæй ~
едва избежать, быть на волоске

уæзæй ~
избавиться от груза

Мæ бон нал у ацы стыр сыкъатæ хæссын, баххуыс мын кæнæд, кæд искуы сæ уæзæй фервæзин. *Чеджемты Æ. Аргъæутты бæстæйы*
Не могу больше носить эти тяжёлые рога, пусть поможет мне, может быть, когда-нибудь избавлюсь от этой тяжести

фыдбылызæй ~
спастись; избежать опасности

фервæзынæнхъæл
имеющий шанс спастись; надеящийся на спасение

● ~ хъæмпы халмæ дæр фæлæбуры
надеящийся на спасение хватается за соломинку

фервæзынгæнæг *(бир.* фервæзынгæнджытæ)
спаситель, избавитель

фервæссын
понадеяться; посчитать достаточным

тыхыл ~
понадеяться на силу

хиуыл ~
быть довольным собой; успокоиться на достигнутом; возомнить о себе, зазнаться

Æгæр мæ ма ‘ппæл, дæ хорзæхæй. Мæхиуыл куы фервæссон, уымæй нæ тæрсыс? *Малиты В. Калм æмæ хъисынфæндыр*
Ради Бога, не захвали меня. Не боишься, что я возгоржусь, зазнаюсь?

хиуыл æгæр ~
переоценить себя

фервитын
послать; посылать; отослать; отсылать; отправить, отправлять

фыстæг ~
отправить письмо *(по почте)*

фергом кæнын
открыть, раскрыть; открывать

Куы ~ кæнынц, куы та амбæрзынц нартхоры нæмгуытау æмхуызон фидар дæндæгтæ. *Нафи Фыдæлты туг*
То приоткроются, то прячутся ровные, похожие на зёрна кукурузы крепкие зубы

фергом уæвын
открыться

фергъæвын
взводить курок; подсаживать; взваливать *(на спину);* заметить, увидеть

● йæ цæстæй фергъæвта
он заметил его

Мæ тых мæ бонæй ныхъхъæр кодтон кæсæнцæстджыны фæдыл æмæ дамбаца фергъæвтон. *Максим. Æхсызгон улæфт*
Во всё горло я закричал вслед очкастому и взвёл курок револьвера

фердæхт (*бир.* фердæхтытæ)
движение, ловкость, сноровка

фидауц ~ытæ
изящные движения

фердæхтджын
поворотливый

фердиаг кæнын
долго горевать

фермæ
ферма

æхсыры ~
молочная ферма

ферох кæнын
забыть

● ам цы ~ кодтай? — что ты здесь (*у нас и т.п.*) забыл? что тебе здесь надо? ты здесь не нужен

● рагон хабæрттæ ~ — предать прошлое забвению

ферох уæвын — быть забытым

● знон цы бахордтон, уый дæр мæ ~ — всё на свете позабыл; *букв.* что вчера проглотил, сегодня забыл

Цæй бæрц хъуыддæгтæ ~ вæййы царды! — сколько всего забывается в жизни!

ферра кæнын — взбудоражить; привести в раздражение; увлечь; свести с ума

ферра уæвын — взбудоражиться; прийти в раздражение; увлечься; сойти с ума

ферттив-ферттив кæнын — блестеть *(периодически),* поблёскивать

ферттивын — заблестеть, блеснуть

арв ферттывта — блеснула молния

Куыд фæзæгъынц, ферттывта æмæ айсæфт — Как говорится, сверкнула и погасла

йæ сæры хъуыды ферттывта — в голове сверкнула мысль

рухсы цъыртт ферттывта — блеснул свет

сæууон æртæх дидинджытыл ферттивы — роса сверкает на цветах

стъалыйау ферттывта — сверкнула как звезда

талынджы зынг ферттывта — в темноте забрезжил огонек

хъама ферттывта — блеснул кинжал

цæстысыг ферттывта — блеснула слеза

ферттывд — блеск, сияние

арвы ~ — молния

стъалыты ~ — блеск звёзд

ферхæм уæвын — загноиться

● цæф йæ цæфыл куынæ бабæттай, уæд ~ вæййы — надо принимать экстренные, своевременные меры; рану надо сразу перевязать, а то загноится

ферхæндæг уæвын — опечалиться

ферхæндæгхуыз — опечаленный

ферхæцын — поперхнуться

саби ферхæцыд, æмæ йæ хуыфæг сулæфын нæ уагъта — ребёнок поперхнулся, и кашель не давал ему вздохнуть

ферхуымзæрдæ уæвын — опечалиться; взгрустнуть; помрачнеть

фесафын — погубить; уничтожить; истратить; потерять, растерять

● æфсармæн йæ бахъахъæнынæй йæ ~ æнцондæр у — легче честь погубить, чем её сохранить

● ном ~ — погубить свою репутацию

уды æнцой ~ — потерять душевный покой

● хи ~ — погубить себя

рæстæг дзæгъæлы ~ — потерять время понапрасну

● зæххы цъарæй ~ — стереть с лица земли

фсеæфт — утеря

фесæфын погибнуть; пропасть; исчезнуть, скрыться

кæм фесæфтæ? где ты пропал? куда ты запропастился?

æбæрæгæй ~ пропасть без вести

æвæдæй ~ пропасть бесследно

Сæ фыд фесæфти, йæ кой, йæ хъæр никæцæйуал хъуысы дыккаг аз. *Арсен. Фембæлдысты* Пропал их отец, второй год о нём ни слуху, ни духу

● мæ хуызæн дæ фесæфт чего уставился; *букв.* такого как я потерял

Иууылдæр уымæ кастысты, цыма йæ уыцы бон фыццаг хатт федтой, кæнæ сæ Афайы хуызæн фесæфт. *Максим. Æхсызгон улæфт* Все на него так уставились, как будто в тот день впервые его увидели, или потеряли кого-нибудь похожего на Афая

фесæф ардыгæй! сгинь отсюда! проваливай!

О нана, Фесæфти мæ фын, / Горæтмæ рæсугъд чызгайы / Курынмæ цæуын. *Цæгæраты Г. Нана* О, нана, лишился я сна, / В город девушку красавицу / Еду сватать

● фесæфт æмæ фесæфт что пропало, то пропало

фесгуыхын отличиться; прославиться; ославиться; опозориться

айдагъ нывгæнæгæй нæ фесгуыхт прославился не только как живописец

искæй уæлдай нæ ~ быть как все; не отличаться от других

● мæгуыр læджы фырт куыд фесгуыха, афтæ хъæздыджы фырт нæ фесгуыхдзæн отличиться как сын бедняка сын богача не сможет

Царды кæм уай, уым алы ран дæр фесгуыхæн ис. *Умар. Æхсызгон улæфт* Куда бы ни забросила тебя жизнь, везде можно отличиться

Цы ‘взагыл дзурæм: «Фесгуыхт та ирон læг!» / – Зæгъут-ма, уый куыд бамыр уыдзæн, куыд?! *Хостыхъоты З.* Тот язык, на котором говорим: «Отличился опять осетин!» / Скажите, как может угаснуть такой язык?!

фескъæрын погнать

● хынджылæг ~ валять дурака

фескъуыддзаг кæнын оторвать; отколоть

фескъуыддзаг уæвын оторваться; отколоться

Мæ лæппу йæ фыдыхæдзарæй кæй ~ – уый мын ничи ныббардзæн. *Малиты В. Сурмейы хæдзар* То, что сын оказался оторванным от отчего дома, мне никто не простит

фескъуыйын порваться, прорваться, лопнуть; оборваться

зæй фескъуыди сошла лавина

зæрдæ фескъуыйы сердце разрывается

тохвæндаг фескъуыдис оборвался боевой путь

фæндтæ фескъуыдысты желания не осуществились

фескъуынын порвать, прорвать; оборвать

ærдæгыл ~ оборвать на середине

балц ~ сæ бахъуыд им пришлось прервать поход

ныхас ~ оборвать разговор; прервать речь

цыдæр сцæйдзырдта, фæлæ йæ фескъуыдта хотел было что-то сказать, но оборвал себя

Тæхуды йæ быны зæхх куы фескъуынид! *Лаемыр. Дыууæ бæллæхы* — Хоть бы под ним земля разверзлась!

хъуыдыты хал ~ — прервать ход мыслей

фессæндын — подмять; затоптать; взять курс; направление

● кæнæ галиуырдæм фессæнд, кæнæ та рахизырдæм — хватит колебаться; пора принять решение; или уже вправо, или влево, но иди

● хъал лæг ивылд донау у – чердæм фессæнды, уыцырдæм атындзы — надменный человек всё равно что талая вода, куда направится, туда и отправится

Уавæр… Кæцырдæм фæкъул уыдзæни, кæцырдæм фессæндзæни. *Ашæх. Сход*. — Ситуация… в какую сторону качнётся, куда возьмёт курс

фестауын I — хвалить, славить

фестауын II — мешать, помешать *(напр. пищу в котле)*

фестиваль — фестиваль

мæскуыйы ~ — московский фестиваль

фестылдæр — увеличение; прирост

~ кæнын — увеличить в размерах; приумножить

царды бæркад ~ кæнын — преумножить изобилие

~ уæвын — увеличиться в размерах

фестын — 1. превращение; 2. встать; вскочить; стать; превратиться

~ кæнын — заставить встать; превратить

дзауматæ æхца ~ кæнын — вещи превратить в деньги

авд ахæм хуыздæр ~ — стать в семь раз краше

æндæр ~ — в корне измениться; преобразиться

● масты дзæкъул ~ — обратиться в желчь; стать раздражительным

● сау фæнык ~ — сгореть до тла; превратиться в прах; умереть

● сæрæй къæхтæм хъустæ ~ — обратиться в слух

уайсадæг чындз мын фестад — тоже мне застеснялся; как красна девица засмущался

цавддур ~ — окаменеть

цард зындон фестади — жизнь превратилась в ад

● цæсты сындз ~ — стать занозой

фестынад — превращение

фестыр кæнын — сделать большим, широким, свободным

фестыр уæвын — стать широким, свободным, подрасти *(напр. о ребёнке)*

● цæсты ~ уæвын — вырасти в глазах кого-л.

фестырзæрдæ уæвын — возгордиться; заважничать; относиться с прохладцей

Дæ рагон хæлармæ макуы ~ у — Не предавай старую дружбу

Лæппу, куыд дæ бамбæрстон, афтæмæй ахуырыл ~ дæ, и? *Дзабайты Т. Сидзæртæ æмæ сидзæргæстæ* — Сын, насколько я понимаю, ты с прохладцей стал относиться к учёбе, так?

фестырдæргонд укрупнённый

фестъæлфæн вздрагивание; искра

фестъæлфын дрогнуть, вздрогнуть

калмдзæфау ~ подскочить как ужаленный

сыбырттæй дæр ~ вздрагивать от каждого шороха

Хаттæй-хатт дуары хъæр куы фæцæуы, уæд йæ мидбынат фестъæлфы, йæхи бæласы ауоны амбæхсы. *Максим. Æхсызгон улæфт* Иногда когда раздаётся скрип двери, она вздрагивает и прячется за деревом

Гæды фестъæлфыд... фырмæстæй / Аныхта йæ сæр, / Ракаст йе знагмæ мæрддзæстæй, / Гъæ, зæронд сæлхæр! *Къоста. Марходарæг* Кот вздрогнул и, разозлившись, / Почесал голову, / Посмотрел на врага с ненавистью, / «Эй. Старая дура!»

фесхойын толкнуть; двинуть; ударить; *перен.* уехать

фесхъауын ковырять *(зубы);* чистить *(зубы)*

фесхъæл кæнын выпрямить

фесхъæтæг отщепенец

хæдзарæй ~ уæвын отбиться от дома

~ йæ хæдзарæй, йæ хъарм къона баивта йæ фыдыфыд Саламбеджы куыроймæ. *Малиты Х. Мæйрухс – мæ хуры тын* Он отбился от дома, сменил уютный очаг на мельницу своего деда Саламбека

фесхъиуын отскочить; соскочить; вскочить; полететь; вздрогнуть

уæларвмæ ~ подскочить высоко; подпрыгнуть до небес

бынатæй ~ подскочить с места; сорваться; лишиться места

фесчъил кæнын загнуть *(края)*

● былтæ ~ кæнын отнестись с пренебрежением

феттæдуар кæнын выставить за дверь

феттæдуар уæвын выскочить из помещения; оказаться за дверью

фетишизм фетишизм

феуæгъд кæнын освободить, развязать

бæттæнтæ ~ кæнын освободиться от пут

феуæгъд уæвын освободиться, развязаться; расстегнуться

● мæнæ цыма куыдз йæ бæттæнæй ~ ис как будто с цепи сорвался

● де ‘фсæрты дзоныгътæ ~ уыдзысты перестань болтать (а то челюсти соскочат)

феууæндын поверить; довериться

феууæрдын повалять; тренировать *(лошадь);* помять *(траву);* растереть

къæмисæнтæ ~ растереть виски

æхсæв-бонмæ цæстытæ ~ всю ночь не спать; тереть глаза до рассвета

фефсæрмы кæнын сконфузить; постыдить; пристыдить; повергнуть в смущение

фефсæрмы уæвын сконфузиться; устыдиться

уайдзæфæй ~ уæвын устыдиться от замечания

фефсæрын осесть *(напр. о доме);* взять направление, взять курс *(о войсках)*

фефснайын убирать, прибирать

фефтауын выкинуть *(о преждевременных родах);* сделать аборт; вытащить

фефхæрын обижать; оскорблять; порицать

фехалын разрушить, разбить, разломать, сокрушить; повредить; испортить; развязать

ардбахæрд ~ нарушить клятву

æгъдау ~ нарушить традицию

æмгъуыд ~ сорвать срок

æрдзы фæтк ~ пойти против закона природы

бадзырд ~ нарушить договор

бæрæгбон ~ сорвать праздник

дур топпыхосæй ~ взорвать камень динамитом

мархо ~ нарушить пост

фæтк ~ нарушить порядок

фыст ~ стереть написанное

● хæдзар кæнын зын у, йæ ~ – æнцон ломать – не строить

фехæлд распад; разрушение; взрыв; нарушение; порча

æгъдауы ~ нарушение порядка

æнæ æмгъуыдтæ ~æй цæуын проходить без срыва сроков

бомбæйы ~ взрыв бомбы

паддзахады ~ развал государства

Советон Цæдисы ~ распад Советского Союза

царды ~ крах жизни

Ныр мæнæ бульвары бандоныл бады æмæ æрдиаг кæны йæ царды ~ыл. *Арсен. Декрет* А теперь вон сидит на бульваре на скамейке и оплакивает крах своей жизни

фехæлын распасться; разрушиться; разбиться; разломаться; обвалиться; взорваться; разорваться; стереться

æгъдау фехæлы обрывается традиция

бомбæ фехæлди бомба взорвалась

фæтк фехæлы нарушается порядок

фехгæныn запереть(ся); закрыть(ся)

фехсайын усомниться; долго беспокоиться

зæрдæ фехсайы сердце беспокоится

фехсæг 1. стрелок; 2. стрелявший

фехсæдын чистить, очищать *(напр. овощи);* ломать *(кукурузу);* обрезать *(сухие ветки)*

фехситт кæнын засвистеть, свистнуть

зæй фенкъуысынæн иу ~ дæр фаг у для схода лавины и просто свиста достаточно

фехст выстрел; расстрел

● иу ~æй дыууæ тæрхъусы амарын — одним выстрелом убить двух зайцев

фехсын — 1. расстрел; 2. выстрелить; расстрелять; бросить, метнуть, кинуть

~ы тæрхон — расстрельный приговор

доны астæумæ ~ — зашвырнуть на середину реки

● йæ фат фехста, йе ‘рдын бамбæхста — концы в воду; стрелу пустил, лук припрятал

фехсынын — грызть; выгрызать; прогрызать

феххуыс кæнын — помочь

феххуыс уæвын — быть полезным

фехъал кæнын — разбудить

фехъал уæвын — проснуться

алы мырмæ дæр ~ уæвын — просыпаться от каждого звука

тарф фынæйæ ~ уæвын — пробудиться от крепкого сна

телефоны зæллангмæ ~ уæвын — проснуться от телефонного звонка

хъæрæй ~ уæвын — проснуться от крика

фехъусæггаг — 1. недостоверность; 2. недостоверный

~ ныхæстæ — слухи

фехъусын — услышать

~ кæнын — дать знать, сообщить, уведомить; объявить, огласить, довести до сведения

зианы фыдуац ~ кæнын — передать траурное сообщение

йæ хъæлæс мын ма ~ кæн — чтоб я о нём больше не слышал

● ~æй, фенын хуыздæр у — лучше увидеть, чем услышать

Афтæмæй та-иу ын раджы кæддæр дзырдта: ахуырмæ бæлл, бæстæтæ фен, ~æй, фенын хуыздæр у. *Умар. Цард тындзы сæ размæ* — А между тем, он, бывало, говорил ему: стремись к учёбе, повидай мир, лучше увидеть, чем услышать

● абон уал сусу-бусу, райсом æй ком фехъусдзысты — пока шушукаются, а скоро весь мир узнает

● сæдæ хатты ~æй иу хатт фенын хуыздæр у — чем сто раз услышать, лучше один раз увидеть

искæй кой ~ — услышать о ком-либо

Нæ фехъуыстон ма зæгъут — не говорите, что не слышали

● фехъуыстоныл тæрхон нæй, тæрхон федтоныл ис — судят не за услышанное, судят за увиденное

хабар ~ — услышать новость

Кæстæртæ, фæсдуар кæй фæкæнæм, ахæм сты? Кæннод фыдæлты дзырд, «Зонд кæстæрæй хистæры сæрыл нæу», зæгъгæ, никуы фехъуыстат? *Елбыздыхъо. Хазби* — А что молодёжь надо за дверь выставить? Как будто никогда не слышали, что наши предки говорили, «Ум не от возраста зависит»?

● цы фехъустон, уый дзурын — за что купил, за то и продаю; повторяю то, что слышал, (но за достоверность не ручаюсь)

фехъусынгæнинаг — то, о чём нужно объявить, заявить

фехъусынкæнын — донесение

фехъуысын раздаться *(о звуке, шуме);* быть разглашённым

фецæгæлонхуыз уæвын отдалиться; делаться чуждым

Темыр райкомы куысын куы райдыдта, уæдæй нырмæ фендæрхуызон, куыддæр ~. *Умар. Стъалы куы скæса* С тех пор как он стал работать в райкоме, Темыр как-то изменился, стал более отчуждённым

фиалкæ *бот.* фиалка

фиаско фиаско

фигурæ фигура

фидар 1. крепость; укрепление; твердыня; поручитель; покровитель; защитник; выносливость; 2. крепкий, выносливый; прочный; устойчивый; 3. крепко, прочно, устойчиво

~ æмæ æнæаскъуыйгæ тæгтæ прочные и неразрывные узы

~ бындурыл на прочном основании

● мæсыгæн йæ сæрæй йæ бындур ~дæр аразын хъæуы фундамент надо прочнее крыши строить

~ кæнын утверждать; укреплять, крепить

~ лæууын крепиться, быть твёрдым, прочным

Хъуыддагæн йæ ‘рцæуынæй тæрс куы æрцæуа, уæд та ~ лæууын хъæуы. Хуыздæр гæнæн нæй, мæ хур. *Фæрниаты Б. Мады рæдыд* Бояться надо, пока не случилось. А уж коли случилось, надо крепиться. Другого выхода нет, моя дорогая

● ~ фæлæуу! мужайся! не теряй надежды! крепись!

● ~ ныхас – ~ мæсыг у твёрдое слово, что твердыня

~ уæвын быть твёрдым, крепким, прочным; прикрепиться

~ уд крепкий дух

~ уидæгтæ прочные корни

~ хæцын крепко держать

~ хъахъхъæнын оборонять крепость

~æн бындур сæвæрын заложить основание крепости

● ~ы мад, дам, нæ куыдта бережёного Бог бережёт; *букв.* мать бережённого не плачет

æнæфæцудгæ ~ непоколебимая твердыня

Уæ бон цы у, уымæй æрдынбос алвасут æмæ мæ Хызы ~мæ фехсут. *НК.* Как можете натяните тетиву и выстрелите мною в крепость Хиза

бадзырд ~ кæнын утверждать договор

● ~ бæлас ракæлы, хъинц-хъинцгæнæг баззайы скрипучее дерево долго живёт

● дæндаг куы сызмæла, уæд ~ нал кæны зуб зашатается, обратно не закрепится

дыууæ къухæй ~ хæцын крепко держать двумя (обеими) руками

дзыппæй ~ состоятельный, упакованный

зæрдæйæ ~ уæвын быть крепким духом

знæгтæ ~æн ницы тых ардтой враги не могли осилить крепость

● лæджы ~æн дунейыл ницы ис человек может всё вынести

сыджытæй ~ земляное укрепление

● уый ~ у – бирæгъы нуæрттæй конд у — очень выносливый; *букв.* сильный – у него волчьи жилы

● цыма Хъарсы ~ басастай — тоже мне герой; с видом победителя; *букв.* как будто ты взял крепость Карс

фидарарæзт — крепкого телосложения
фидарахаст — выдержка; выносливость
фидарæй — крепко, твёрдо; уверенно
~ зонын — быть совершенно уверенным
~ сфæнд кæнын — принять непоколебимое решение
~ йæ уырны — он твёрдо верит
ныхæсты рæстдзинадыл ~ æууæндын — быть уверенным в правдивости слов
фыдæлты зондыл ~ хæцын — придерживаться старых, традиционных обычаев, правил

фидаргæнæн — крепление
фидаргонд — 1. укрепление; 2. утверждённый; упрочённый; установленный; укреплённый, прикреплённый
~ æрцæуын — утвердиться; упрочить(ся); укрепить, прикрепить(ся)
~ гæххæтт — заверенный документ
æгъдауæй ~ — общепринятый; установленный обычаем
закъон ~ æрцыд — закон был принят
ног дзырдтæ ~ æрцыдысты — новые слова были усвоены
хъæбатыры кадджын ном ~ æрцыд — было присвоено почётное звание Героя
цардæмбалимæ къайад ~ æрцыд — был зарегистрирован брак
юридикон æгъдауæй ~ рцыдис — закреплено юридически
фидаргондæй — в прикреплённом виде; в установленном виде; в заверенном виде

фидардзинад — крепость, прочность, сила, мощь; устойчивость; поручительство
~ фæцудыдта — дрогнул; стойкость дала сбой
~æй фидардæр — крепче крепкого
æргъты ~ — устойчивость цен
буары ~ — крепость организма
иудзинады ~ — сила единства
уды ~ — сила духа
удыхъæды ~æй æххæст уæвын — иметь стойкость духа
фидардзырд — 1. гарантия; 2. гарантированный
~ æмхуызон бартæ — гарантированное равноправие
~ дæттын — гарантировать
фидарзæрдæ — 1. хладнокровие; 2. смелый, храбрый; стойкий; хладнокровный

фидаруырнæг — убеждённый; верующий
фидауæг (*бир.* фидауджытæ) — примиритель, посредник; сват
туджджынты ~ — примиритель кровников

Ма мыл фæхудут, хорз адæм, / Ма мыл ыскæнут зарджытæ, гъей. / Зæгъут-ма уыцы чызгайæн: / Фæцæуынц æм фидауджытæ, гъей. *Зарæг*

Добрые люди, не смейтесь, / Не высмеивайте меня в песнях, гей. / Скажите этой девушке, / Идут к ней сваты, гей

фидауæггаг (*бир.* фидауæггæгтæ) плата при заключении брачного соглашения

фидауæн примирительный

~ ныхæстæ слова примирения

фидаугæ 1. сговор; 2. подходящий; надлежащий

~ кæнын подходить, хорошо смотреться; договариваться

– О, хъал Нартæ, æнæ мæн та куы амбырд стут. ~ мæнæй куы кæнут! *НК.*

– О, нартовские гордецы, опять без меня собрались. А что вы без меня!

~ дæр нæ кæнын не подходить; быть несовместимыми

~ бакæнын заключать договор

фидауц красота; изящество; стройность

~ы дзаума предмет роскоши

ærдзы ~ краса природы

● бæсты ~ – сылгоймаг украшение вселенной – женщина

бинонты ~ краса, гордость семьи

Дæ ~æн æмбал нæй с тобой никто не сравнится

тулдз – хъæды ~ дуб – краса леса

уымæй у сæ ~ в этом их главное украшение

фезмæлды ~ изящество движений

хъæуы ~ гордость села

фидауцæн для украшения

~ дарын держать для красоты

~ скæнын сделать ради красоты; нарядиться

фынджы ~ для украшения стола

фидауцджын красивый; изящный; стройный; привлекательный

~ аивад прекрасное творчество

~ æвзаг красивый язык

~ кæнын украшать; приукрашивать

~ цæстытæ прекрасные глаза

фидауын мирить(ся); примирять; быть к лицу

~ кæнын примирять; приличествовать; гармонировать; быть к лицу; красоваться; заключать брачный договор

нæ ~ быть не в ладу; постоянно ссориться

фидауы подобает; надлежит; смотрится

адæймаг йе `гъдауæй фидауы человек красен своими манерами

алцыдæр бæрцæй фидауы всё хорошо в меру

алцыдæр йыл фидауы ей всё к лицу

ахæм дзыхыуаг нæ фидауы неприлично так выражаться

● бæлас йæ сыфтæртæй фидауы, адæймаг та – йæ удыхъæдæй — дерево красит листва, человека – дух и душа

● ирон хъазт ирон кафтæй фидауы — осетинский танцевальный вечер красен осетинскими плясками

● лæг хъуыддагæй фидауы — мужчину красят его дела

● мархо дæр мæгуыр лæгыл фидауы — пост только бедняку к лицу

● нæлгоймагыл куыд фидауы, афтæ — по-мужски; как подобает настоящему мужчине

● уæздан лæгыл гæды ныхас нæ фидауы — благородному обманывать не пристало

● фаутæ хæссын нæ фидауы — придираться не подобает

мæлын дæр адæмы æхсæн фидауы — на миру и смерть красна; *букв.* умирать тоже надлежит среди людей

Уæ хуызæттæ аразынц рæстæг, / Уæ хуызæттæй фидауы дуг. *Гаджиты Г. Мæ фæлтæр* — Время создают такие как вы, / Такими как вы прекрасна эпоха

● царв æмæ мыдау фидауынц — хорошо ладят, подходят друг другу

цард халардзинадай фидауы — жизнь прекрасна друзьями

● чъирикувæгыл æвзæр ныхас нæ фидауы — кто пироги освящает, тому сквернословить не подобает

фидауынгæнæг (*бир.* фидауынгæнджытæ) — примиритель, посредник

фидауындзинад — примирение

фидæг (*бир.* фидджытæ) — плательщик

фидæн I — 1. будущее; будущий год; 2. будущий, грядущий

~ аз — будущий год; предстоящий год

~æй ныфсджын уæвын — быть уверенным в будущем

~æй цинæнхъæл уæвын — верить в радостное будущее

~мæ фæндаг — дорога в будущее

ахæм уагæн ~ нæй — у такого порядка нет будущего

● ивгъуыдыл дуар чи æхгæны, уымæн ~ нæй — закрыв дверь в прошлое, в будущее не попасть

рухс ~ — светлое будущее

тæхудиаг ~ — блестящее будущее; завидное будущее

Цæй тæхудиаг ~ ма ис лæгæн мæ кары. *Гусалты Б. Стæмтæй иу* — Какого ещё блестящего будущего можно ждать в моём возрасте

фæрныг ~ — светлое будущее

фидæн II — время платы; место платы

фидæнмæ — на будущее

~ йæ дæ зæрдыл бадар — на будущее запомни

~ хæссын фыдæлты кад æмæ намыс — нести в будущее честь и доблесть предков

фидæны — 1. будущий; 2. в будущем, впредь

Æхсæнадон лæгдоны фыдгæнджытæ куы сваййынц уынаффæйыл, уæд дзы ~ хорзмæ æнхъæлмæ кæсæн нæй. *Айларты И. Нæ рæстæг – нæ ирвæзынгæнæг* — Когда в обществе решение принимают злоумышленники, то в будущем ничего хорошего ждать не приходится

~ ахуыргæндтæ — будущие учёные

~ фæлтæр — будущее поколение

Ныртæккæ æрдзы сыгъдæгдзинад куы нæ бахъахъхъæнæм, уæд ~ нæ фæстæгæттæй хъастаг уыдзыстæм. Р.14.08.2018 — Если мы в настоящем не сохраним чистоту природы, то в будущем наши потомки будут нас осуждать

фидæрттæарæзт — крепкого сложения

фиддæн — уплата; возмездие; пособие

~æй уагъд уæвын — быть освобождённым от уплаты

~ы æмгъуыд — срок платежа

иурæстæгон ~ райсын — получить единовременное пособие

● сауджыны куы нæмай, уæд ахъаззаг над: йæ ~ иу у — идти до конца; бить священника, так по-настоящему – расплата одна

фиддон — плата; платёж; взнос; возмездие; налог; *уст.* подать

~тæ æххæстæй бафидын — произвести полную оплату

~ты æмгъуыдтæ — график платежей

~ты бæрц — тариф

бацæуæн ~ — вступительный взнос; долг

уæнгон ~ — членский взнос

● хистæрты ~тæ – кæстæртæн фидинаг — долги старших ложатся на младших

хъалонты фиддонтæ — налоговые платежи

● царды алцыдæр ~ у — за всё в жизни надо платить

цæрæнуæтты коммуналон хæдзæрадон фиддонтæ — выплаты ЖКХ

коммуналон фæрæзты ~тæ — оплата коммунальных услуг

фидийын — иссякать; убывать, оскудевать

ацы суадоны дон тагъд фидийы — вода в этом источнике быстро иссякает

фидинаг *(бир.* фидинæгтæ) — то, что нужно уплатить; долг

коммуналон фидинæгтæ — коммунальные платежи

● хæс ~ у — долг платежом красен

хуыснæджы тæригъæдтæ цоты ~ — за грехи вора расплачиваются дети

Хуыцауæй алчидæр иу хæс дары, æмæ ~ у — перед Богом у всех долг есть, и всем платить надо по нему

фидис — злословие; упрёк; порицание; хула

● ~ карды цæфæй риссагдæр у — хула ранит сильнее меча

~ кæнын — поносить, срамить, порицать; упрекать; обижать

● ~æй ахуырст ницæмæй цæуы — очернят – так не отмоешься

● ~æй æвзæр йæ мæстытæ уадзы — никчемный свою ярость злословием вымещает

● ~æй ничи мæлы — от упрёков ещё никто не умирал

● ~мæ раздæр чи фæуа, уый йæхæдæг фидиссаг кæны — тот, кто первый начинает хулить, тот сам достоин порицания

● адæмы ~ – дыууæ боны — людская хула – на два дня

æбуалгъы ~ — чудовищный упрёк

дæлгом ~ кæнын — скрытое осуждение, упрёк

Хъырым бамбæрста, дæлгом ~ ын кæны, æмæ æнæдзургæйæ сыстад, фездæхт Дзæццимæ æмæ йын тымбылкъухæй йæ риу бацавта: – Ардæм ~тæ кæнынмæ æрбацыдтæ, и? *Нафи. Фыдæлты туг*

Хырым почувствовал скрытое осуждение в этих словах, молча поднялся, повернулся к Дзацци и, ударив его в грудь кулаком, сказал: – Ты что, сюда упрекать заявился, а?

● хорз лæг ~ нæ кæны — хороший не станет очернять

фидисгæнаг — хулитель; критик; критикан

● æвзæр – ~ — никчемный всё хулит

● Нарт ~ уыдысты — нарты всё порицали; злословны были

фидиссаг *(бир.* фидиссæгтæ) — то, за что упрекают; достойный порицания; позорный

~ кæнын — порицать; позорить

● ~ фидисмæ раздæр у — позорник скор на хулу

Хицæуттимæ цæрын куы зонай, уæд зæххыл дæуæй ~дæр ма уæд, сæ фарсмæ дæ се ‘мгар лæгау сбадын кæндзысты. *Изæтбег. Æндæрг*

Если умеешь дружить с начальством, будь ты хоть самый никчемный, они тебя с собой усадят как равного

● фидиссаджы бæсты фесæфын хуыздæр у — лучше смерть, чем позор

фидиссаджы бынаты æвæрын — обречь на позор

фидиссæгтæ калын — бросать упрёки

Йæ хъæр, йæ загъд дардмæ кæмæн хъуыст, уыцы сылгоймæгтæ ~ уыдысты æнæхъæн хъæуы дæр. — Крикливые, скандальные женщины порицались всем селом

фидиуæг (*бир.* фидиуджытæ) — глашатай, вестник

~æн арвитын — послать глашатая

Цæттæ кæнынц, фæлæ ~æн кæй арвитой, ахæм Нартæй змæлæг ничиуал уыди. *НК.* — Они-то готовятся, а кого глашатаем послать не знают, никто из нартов и двинуться не мог

зæллангхъæлæс ~ — звонкоголосый глашатай

уалдзæджы фидиуджытæ — вестники весны

~ фæдзæхсы: «Уой, нæ фехъуыстон мачи зæгъæд!» — глашатай предупреждает: «Не говорите, что не слышали»

фидиуæн — *ист.* место, откуда вещал глашатай; вещание; телевещание

Фидиуæг ~ы сæрмæ схызти ‘мæ ныхъхъæр кодта. *НК.* — Забрался глашатай на возвышение и крикнул оттуда сверху

~ фескъуыйын — прервать вещание

фидиуын — оглашать, возвещать

фидыд — 1. примирение, мир; согласие; сговор (помолвка); 2. мирный

● ~ фыдыхæй хуыздæр — лучше мир, чем вражда

~ халын — нарушать перемирие; расторгать помолвку

~ цæфæй æркуырын — в знак примирения ударить по рукам

~ы бадзырд — мирный договор

~ы нуазæнтæ баназын — скрепить примирение чаркой

авдæнмæ ~ — *этн.* предназначенные в супруги с рождения

ирон ~ бакæнын — договориться по-осетински

Фæлтау дын æз цы зæгъон, уымæ байхъус: ирон ~æй бафидаут æмæ уæ дыууæйæн дæр хуыздæр уыдзæн. *Хæблиаты С. Дзæнæты маргъ* — Лучше послушай, что я тебе скажу: договоритесь по-нашему, и так лучше будет вам обоим

● ирон ~ цæхх æмæ кæрдзынæй у — хлебосольство – осетинский способ примирения

рæстæгмæ ~ — перемирие

туджджынты ~ — примирение кровников

● хорз хылæй æвзæр ~ хуыздæр — худой мир лучше доброй ссоры

● хылы фæстаг ~мæ цæуы — ссора заканчивается миром

хъæздгуытæ æмæ мæгуыртæ ~ никуы уыдзысты — бедный с богатым не сговорятся

фидыдæй — в согласии; единодушно; мирным путём; по сговору

~ цæрын — жить в согласии

● тыхæй нын ма фæуæд, хорз адæм! Цы бакæнæм, уый – ~! — добрые люди, не силой будем биться. Что сделаем, то миром

цæф цæфæй ничи исы, фæлæ ~ — нельзя ударом на удар отвечать, надо мирно решать

хъуыддаг ~ ахицæн — дело закончилось мирно

фидыддзинад — мир; перемирие; примирение

~ы декрет — декрет о мире

Нæхи мидæг та, нæ фыдбылызæн, ~ нæ уыди, æмæ æмвæндæй тыхгæнджытимæ схæцын хъом нæ уыдыстæм. *Р. 23.06.2018* — А между нами, на нашу беду, согласия не было, и мы не могли сообща противостоять насильникам

фидын — платить

● иу гал радавта, иннæ та йæ фидгæ бакодта — один бычка украл, а другой убыток покрывал

тæригъæд ~ — искупать грех

уарзондзинадæй ~ — платить любовью

фидгæ бындурыл — на платной основе

● хæрзтæ ~ — платить за добро добром

цæмæй фидгæ сты дæ бирæ хæрзтæ? — чем могу отблагодарить тебя за добро?

хæстæ ~ — выплачивать долги

хъалон ~ — платить налог

фидынхъом — платежеспособный

адæмæн сæ хæрзтæ ~ у! — сумей отплатить людям за добро!

фидыц — украшение

ærдзы ~ — венец природы

цæсты ~ — заглядение

фидыцджын — складный, красивый

~ ныхас — складная речь

~ уæнгтæ — ладное сложение

физик — физик

физикæ — физика

физикон физический
~ кабинет физический кабинет
физиологи физиология
физиологион физиологический
физиономи физиономия
физкультурæ физкультура
физкультурон 1. физкультурник; 2. физкультурный
~ парад физкультурный парад
физонæг (*бир.* физонджытæ) *кул.* шашлык
~ кæнын жарить шашлык
~æй ацаходын отведать шашлыка
æртæ чъири æмæ ~æй скувын *этн.* вознести молитву тремя пирогами и шашлыком
бур ~ золотистый шашлык
● искæй уæхстыл ~ кæнын поживиться за чей-то счёт; попользоваться; *букв.* на чужом шампуре свой шашлык жарить; мучить
Æз æй федтон, ай размæ колхозы сæрдæры уæхстыл куыд ~ кодта, уый. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* Видел я, как на днях он председателя колхоза на вертеле поджаривал
физонæджы кæрдих цирхъыл акæнын кусок шашлыка насадить на меч
● нæ йæ уæхст судзы, нæ – йæ ~ он ничего не теряет; ему безразлично
Мидæмæ æрбахызт тынг стæвдтæ арæзт læппулæг, цалынмæ йæ алыварс æрзилай, уæдмæ ~ сцæттæ уыдзæн. *Хъаныхъуаты В. Уæхæдæг мæ бамбарут* В комнату вошёл очень плотный мужчина, за время пока его обойдёшь, можно шашлык приготовить
физонæггаг (*бир.* физонæггæгтæ) мясо, годное для шашлыка
физонæггæнæн жаровня
физонæггонд жареный
фиктивон фиктивный
фикци фикция
филантроп филантроп
филантропи филантропия
филармони *муз.* филармония
филиал филиал, отделение
Зонæдты академийы ~ филиал Академии наук
филолог филолог
филологи филология
филологон филологический
~ факультет филологический факультет
философ философ
философи философия
материалистон ~ материалистическая философия
философион философский
~ факультет философский факультет

фильм фильм
хуызджын ~ цветной фильм
фильмоскоп фильмоскоп
фильмотекæ фильмотека
фильтр фильтр
фильтраци фильтрация
финаг (*бир.* финæгтæ) 1. финн; 2. финский
финал финал
финансист финансист
финансон финансовый
~ капитал финансовый капитал
~ хайад финансовый отдел
~ инспектор финансовый инспектор
финанстæ финансы
~ уадзынад финансирование
~ уадзын финансировать
финиш финиш
~мæ фыццаг æрцæуын прийти к финишу первым
фиппаинаг (*бир.* фиппаинæгтæ) оговорка; примечание; замечание; нарекание
æмбæлон ~ уместное замечание
æрхъуыдыджын ~ глубокомысленное замечание
кадæгфысджыты фиппаинæгтæ примечания собирателей сказаний
критикон фиппаинæгтæ критические замечания
мидисджын фиппаинæгтæ содержательные замечания
тæлмацгæнæджы фиппаинæгтæ примечания переводчика
уæздан ~ тактичное замечание
фиппаинæгтæ æрхæссын сделать замечания
хъусæрдаринаг фиппаинæгтæ ценные замечания
хъуыддаг æнæ фиппаинæгтæй æмæ зындзинæдтæй райдыдта дело пошло без замечаний и проблем
фиппайæг замечающий
~ цæст всевидящее око
● адæмы цæст ~ у от людей не спрячешься
фиппайæн замечание
фиппайын замечать, примечать; предчувствовать; догадываться; воспринимать
● адæймаг йе ‘взæр йæхæдæг нæ фиппайы за собой плохого никто не замечает
Уыцы кары чызджы усгуртæ ~ райдайынц На девушку в этом возрасте начинают заглядываться женихи
фирмæ фирма
~йы кусджыта работники фирмы
арæзтадон ~ строительная фирма
зындгонд ~ известная фирма

фист (*бир.* фистытæ) шерсть весенней стрижки; имущество, состояние

~ калын линять *(о животных)*

● ~ разайын стать состоятельным

Нæ бинонтыл ~ разадис Семья наша стала жить лучше

● ~ы гæппæл *этн.* клок овечьей шерсти весенней стрижки на счастье невесте

● æгас цу дæ фароны ~имæ явиться, не запылиться

– Нæ хъазты фидыц Черчесты Саламджери нæм куыд æрæгмæ зыны? – Уæртæ йæ фароны ~имæ схæццæ. *Азæмæт. Ирон хæсмæ тындзæн нæй* – Что-то долго нет украшения наших танцев Саламджери Черчесова? – Вот он, явился, не запылился

● дæу фæуæд йæ фароны ~имæ забирай его со всеми потрохами

Кæд дæ ныфс хæссыс, уæд йæ фароны ~имæ дæу уæд. *Хъайтыхъты А. Цæллагты саурæсугъд* Если у тебя хватает смелости, забирай его со всеми потрохами

● Хæлар дын уæд йæ фароны ~имæ! бери его на здоровье со всеми потрохами

фистæг (*бир.* фистæджытæ) 1. пешеход; 2. пеший

~ æфсад пехота

~ бæлццон пешеход; пеший турист

Бæхджын ~æн æмбал куыд никуы вæййы, мæгуыр дæр хъæздыгæн æфсымæр никуы вæййы. *Тазе. Марфæ* Пеший конному не товарищ, а бедному богатый не брат

● дæлейы – дæ бæхджынтæ, уæлейы – дæ фистæджытæ! мне всё равно

● фæллад ~ – бæхджыныл худаг чего усталому пешему над конником смеяться

фистæгæй пешком; на своих двоих; на одиннадцатом номере

~ ахизæн пешеходный переход

~ цæуæг пешеход

– Цæй, рацу æмæ сбад. – Дæ фæндаджы кой кæн. ~ мæм хуыздæр кæсы. – Ну, иди, садись. – Нет, езжай своей дорогой. Я лучше пешком пройдусь

фистæгæфсад пехота

моторизацигонд ~ мотопехота

фистæгæфсæдтон 1. пехотинец; 2. пехотный

фистæгвæндаг (*бир.* фистæгвæндæгтæ) пешеходная тропинка

фистæгцæуæг (*бир.* фистæгцæуджытæ) пешеход

фисткалæг (*бир.* фисткалджытæ) линяющий *(о животных)*

фисткалæн время линьки *(животных)*

фистон (*бир.* фистæттæ) ручка, рукоятка, черенок

~ риумæ саразын направить рукоять к груди

раст ~ы онг ныссадзын вогнать по самую рукоятку

карды ~ рукоятка ножа

кардæн йæ ~ балхъивын сжать рукоятку ножа

хъама ~æй раттын подать кинжал рукоятью

фистонджын с рукояткой

фистсæр непричёсанный

фистхъуын необработанная шерсть

фисын угол *(внешний); геом.* ребро

иу ~æй иннæ ~мæ от угла до угла

уынг иу ~æй иннæ ~мæ ныммæрзын подмести целый квартал

хæдзарæн йæ ~тæ асгарын поискать по углам

дыууæ уынджы ~ыл амад хæдзар угловой дом

– Денджызы былыл сараз æфсæн галуан, Уыцы галуанæн йæ цыппар ~ыл Аза-бæласы сыфтæ сагъд куыд уа. *НК. Сослан мæрдты бæсты* – Построй дворец на берегу моря, а у этого дворца во всех четырёх углах аза-дерево чтоб посажено было

чиныджы ~ корешок книги

фисынмæ под углом; противоположной стороной, наизнанку

~ ардауын заморочить, задурить, сбить с толку

Ды хъуамæ дæ кæстæртæн зонд амонай, зонд, ды та сæ ~ ардауыс, ~. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* Ты должен младших уму-разуму учить, уму-разуму, а ты их, наоборот, с толку сбиваешь

~ здахын учить дурному; баламутить

~ здахын нæ бакуымдта æмæ йæ равзæрст фæндагыл уæндонæй ацыди не дал сбить себя с толку и пошёл выбранным путём

~ зонд мозги набекрень

Байхъус, байхъус, Хъазджери, æмæ дæ ~ зонд ноджы фæфисындæр уа. *Ашæх. Сход*. Слушай, слушай, Казгери, и твои дурные мозги ещё больше набекрень съедут

~ зондыл хаст порочный; сбитый с толку

● æрыхъусæггаг дзырд ~ ‘мбары услышанное превратно истолковывает

иунæг ~ улæфт дæр макуы скæн ни один вздох несогласия чтоб не вырвался у тебя

Лæппу баздæхт, афтæмæй йæ бæхæн цæфхæдтæ ~ ныссагъта æмæ рацыди. *НК.* Тогда юноша перековал подковы своему коню в другую сторону и ускакал

Фисынмæдзæуджытæ *астр.* Большая Медведица

фисынмæхæцæг (*бир.* фисынмæхæцджытæ) баламут; подстрекатель, смутьян

фител фитиль

фиу сало, жир *(внутренний)*

~ сæвæрын нагулять жир

Дыууæ мæйы фæстæ сывæллон бынтон сдзæбæх æмæ стæй уæд ~ æвæрын дæр байдыдта. Спустя два месяца мальчик полностью поправился и даже стал набирать вес

● зæрдæ бæзджын ~ сæвæртта очерствел; сердце заплыло жиром

Сæ зæрдæтæ бæзджын ~ сæвæрдтой æмæ сæм мæгуыр адæмы хъыг æппындæр нал хъары. *Изæтбег. Æндæрг* Сердца их заплыли жиром, и сквозь него заботы простых людей до них совсем не доходят

~ тухын завязать жирок; поживиться; нажиться; извлечь выгоду

~ дзы ничима батыхта никто там не нажился

● ~æй цъар æвæрын — толстеть от беззаботности; заплыть от жира

● ~ы бын фæуын — разжиреть; раздаться

Йæ даргъ рихи йæ фæлмæн дзæмбыйæ адаудта гæды,– æз ныртæккæ дæн тынг æфсæст æмæ мыст ~ы къуыбылой куы феста, уæддæр мæ нæ хъæуы. *Чеджемты Æ. Аргъæутты бæстæйы* — Мягкой лапой погладил себя по усам кот, – я сейчас так сыт, что будь мышь куском сплошного сала, и то бы я на неё не позарился

арсы ~ — медвежий жир

● гæды дам ~мæ не ‘ххæссыд æмæ йæ мархо хуыдта — недостижимое и потому порицаемое; *букв.* кот не дотягивался до сала и называл его скоромным

● йæ ~ йæ цармы кæмæн нал цæуы — тучный; так раздался, что жир у него из кожи выпирает

● курæггаг ~ тагъд тайы — выпрошеннное сало быстро заканчивается

~тæ тайын кæнын — растопить сало, жир

стад ~ — топлёный жир

● стад ~æй ælхæнын — подкупать; давать взятку

Уыдон мæ стад ~æй ælхæд сты. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* — Они все подкуплены мной

уæлдай ~ — ожирение; лишний вес

● фос зæрдæйы ~ — скот – отрада для души

● фырхæлæгæй йæ цæстыты ~тæ тайынц — от зависти лопается; *букв.* жиры в глазах от зависти тают

хъазы ~ — гусиный жир

● цæсты фиутæ тайынц — *прост.* лопаться от зависти

Куы фæкæны, зон, адæймаг хæлæг, / Куы фæкæнынц йæ цæсты ~тæ тайгæ, / … / Зæрдæйæ дæр уæд ысвæййы мæллæг. *Дæуыт. Нæ кæнын сайгæ* — Когда зависть, одолеет человека, знай, / Когда глаза от зависти запали, / … / То сердце тоже похудевшим стало

фиуджын — пирог с нутряным говяжьим салом

● хорз лымæн – ~ цæхæраджын — хороший друг, что пирог сытный

● хорз хæзгулæн – ~ гуыдын — для любезного дружка – пирог с салом

фицауын — мешать мясо в котле

флагмæн — *мор.* флагман

флакон — флакон

фланг — *воен.* фланг

рахиз ~ — правый фланг

галиу ~ — левый фланг

флангон — фланговый

флейтæ — *муз.* флейта

флекси — *лингв.* флексия

флективон — *лингв.* флективный

флигель — флигель

флорæ — флора

~йы хуызтæ — виды растительности

~йы хъæздыгдзинæдтæ — богатства растительного мира

флот — *мор.* флот
денджызон ~ — морской флот
уæлдæфон ~ — воздушный флот
флотили — *мор.* флотилия
флюгер — флюгер
фляжкæ — фляжка
фойе — фойе
фокус — фокус
~ы дæрддзæг — фокусное расстояние
фольклор — фольклор
~ æмбырд кæнын — собирать фольклор
~ иртасын — исследовать фольклор
~ы хæзнатæ — сокровищница народного творчества
фонд — фонд
куысты мызды ~ — фонд заработной платы
медицинон фæдæхстады ~ — фонд медицинского страхования
тауинаджы ~ — семенной фонд
хæрзаудæн ~ — благотворительный фонд
цæрæнуæтон ~ — жилищный фонд
фондз — пять
~ æнгуылдзау — как пять пальцев
~ хатты — пять раз
Ды сыгъдæг ~тыл фæдæ æмæ дæуæн сæрмагонд бланкыл аттестат æмбæлы. *Гусалты Б. Стæмтæй иу* — Ты закочил школу на одни пятёрки, и поэтому тебе положен аттестат на особом бланке
фыццаг «~ыл» фæцин кæнын — радоваться первой «пятёрке»
● хи ~ æнгуылдзы хуызæн зонын — знать, как свои пять пальцев
фондзаг — пятёрка
фондзаздзыд — пятилетний *(о возрасте)*
фондзазон — 1. пятилетка; 2. пятилетний
адæмон хæдзарад рæзынкæныны ~ пълан — пятилетний план развития народного хозяйства;
фондзазыккон — пятилетний *(о возрасте)*
фондзæй — впятером
~ уæ ныууагъта / Иу ныййарæгæн, / Мады зæрдæ скъахта, / Царæфтыд фæдæн!.. *Къоста. Сидзæргæс* — Вас пятерых оставил он / Матери одной, / Истерзал он материнское сердце, / Разрушен мой очаг
● Къора – къордæй, Цымыти – ~, уæддæр Цымыти тыхджындæр — Из Кора много, из Цымыти пятеро, всё равно Цымыти сильнее
фондзæхстон — пятизарядный
фондзкъуымон — пятиугольник
фондзтигъон — пятиконечный
~ стъалы — пятиконечная звезда
фондзуæнгон — пятичленный
фондзывар — впятеро

фондзыссæдзæймаг сотый
фондзыссæдзæм сотый
фондзыссæдз(ы) сто
● ~ фысæй ~ лымæны хуыздæр сты не имей сто рублей, а имей сто друзей
фонемæ *лингв.* фонема
фонетикæ *лингв.* фонетика
фонетикон *лингв.* фонетический
фонограф фонограф
формализм формализм
формалон формальный
хъуыддагмæ ~ цæстæй кæсын формально относиться к делу
формат формат
чиныджы ~ формат книги
формаци формация
æхсæнадон ~тæ общественные формации
формæ форма
~ æмæ аппы иудзинад единство формы и содержания
Нарты кадджытæн сæ ~ дæр куыд хъæуы афтæ бады сæ аппимæ. *Васо. Нарты эпос* В нартовском эпосе форма надлежащим образом соответствует содержанию
формæдарæс обмундирование
~æй фæлындын обмундировать
формæйон форменный
формулæ формула
алгеброн ~ алгебраическая формула
формулировкæ формулировка
формуляр формуляр
форпост форпост
форт *воен.* форт
фортепиано *муз.* фортепиано
фортификаци *воен.* фортификация
форточкæ, дымгæдзон форточка
фос скот; имущество
● ~ æрмыдул уарзы скот привычен к грубому обхождению
● ~ – бæстæ дарæг скот всех кормит
● ~ бирæ сты – уæд сын хос дæр хъæуы много скота – много сена нужно
● ~ – særдæйы фиу скот – отрада
● ~ зылдæй у скот требует ухода
● ~ йæ хицаумæ гæсгæ у каков хозяин, таков у него скот
● ~, кæй дуарæй уаса, уый у у чьих ворот мычит, того и корова
● ~ы бирæ – царды сой много скота – сытая жизнь
~ дарын держать скот; имущество
~ кæнын разводить скот
~ы дохтыр ветеринарный врач
● алы ~ дæр йе ’мдæндаг агуры свой свояка ищет

● арскъухæй ~ дарæн нæй — жестоко со скотом нельзя обращаться
● æвзæр ~ зæвæтдзæгъдæн кæны — никчемная скотина брыкается
● æгомыг фос тæригъæд у: дойны дæр æмæ ’ххормаг дæр æгомыгæй уромы — жалеть бессловесную скотину нужно: и голод, и жажду молча переносит
● æдзæлгъæд ~æй иу дуцгæ хъуг хуыздæр — лучше одна дойная корова, чем никчемное стадо
● æнæ ~æй цæрæн нæй — жизнь без скота немыслима
● æнæ фиййау ~ – бирæгъты амæттаг — скот без пастуха – добыча для волка
● æнæ хъæд ~æн дарæн нæй — чтобы скот держать, лес нужен
● æфсæст бирæгъæй ~ æдасдæр ысты — сытый волк не так опасен для скота
● æххуырсты ~ – æнæзылд — скот батрака не ухожен
● бæркад ~æй цæуы — скот приносит изобилие
● бæрнаг ~ зындарæн у — трудно ухаживать за оставленным на попечение скотом
● бирæгъы тæссæй йæ ~ ничи сафы — волков бояться, скот не держать
● дзæгъæл ~æн – бирæгъ сæ хицау — бесхозному стаду волк командир
● искæй хардзæй ~ кæнын — наживаться за чужой счёт
● лæгæн йæхи ~ы йедтæмæ маст ничи кæны — проблемы своё собственное стадо доставляет
лыстæг ~ — мелкий скот
● лыстæг ~мæ бирæгъ æмхиц у — волк падок на мелкий скот
ставд ~ — крупный рогатый скот
● Урс ~ – æнæ ~, сау ~ – æрдæг ~, халас ~ – æххæст ~. *Рагон ирон таурæгъы ныхæстæй* — белый скот – что нет скота, чёрный скот – что половина скота, серый скот – много скота
● фиййауы бæллиц – бирæ ~ — пастуха мечта – много скота
Кæм мæгуырæй хæтыс æфстаугур? / Кæм ныдздзæгъæл дæ рагæй? / Уæд та ма нывондæн иу фыс пырх ~æй ракæ хъæдæй. *Токаты А. Кæм дæ* — Где ты бродишь, одалживаясь? / Где ты заблудился давным-давно? / Хоть одну овцу из разбредшегося по лесу стада забей
● фиййæуттæ сæ ~ гаккæй æвзарынц — пастухи скот по тавру различают
хæдзарон ~ — домашний скот
● цард ~æй у — скот – основа жизни
● цымæ йын йæ ~ атардæуыд — как в воду опущенный

фосæнхъæл — надеющийся получить скот (прибыль)
● ~ лæг нæ фæллайы — кто хочет нажить добро, трудится без устали

фосæргæвдæн — бойня; скотобойня

фосгæс — пастух
Чи хæссы йæ ныфс ~æй ацæуынмæ, уый кувæггаг айсæд! *НК.* — У кого хватит смелости пойти в пастухи, пусть возьмёт первый бокал

фосдар(æг) (*бир.* фосдарджытæ) — скотовод, животновод

фосдарæн — 1. загон; 2. скотоводческий, животноводческий
~ кæрт — загон для скота
~ скъæт — хлев

~ совхоз — животноводческий совхоз
фосдарын, фосдарынад — скотоводство, животноводство
фосдарыны — животноводческий
~ куыстгæнæг — животновод
~ продукттæ — животноводческие продукты
фосдон — овчарня
фосдуцæг *(бир.* фосдуцджытæ) — доярка
фосджын — 1. скотовод; владелец скота; 2. скотоводческий, животноводческий
фосивд — *уст.* скотообмен; товарообмен
фосскъæрæг *(бир.* фосскъæрджытæ) — погонщик скота
фосфор — *хим.* фосфор
фосхиз — пастьба
фосхизæг — пастух
фосхизæн — пастбище
фотоаппарат — фотоаппарат
фотограф — фотограф
фотографи — фотография
фотографион — фотографический
~ пластинкæтæ — фотографические пластинки
фотокорреспондент — фотокорреспондент
фоторепортер — фоторепортёр
фрагмент — *лит., иск.* фрагмент
фразæ — фраза
фразеологи — *линг.* фразеология
фразеологион — *линг.* фразеологический
~ иуæгтæ — фразеологические единицы
фракци — *полит.* фракция
фракцион — *полит.* фракционный
фракционер — *полит.* фракционер
францаг — французский
францусаг (*бир.* францусæгтæ) — 1. француз; 2. французский
фрезер — фрезер
фрезерон — фрезерный
~ тæрх — фрезерный станок
фронт — фронт
~ айгæрдын — прорвать фронт
~ бакъахыр кæнын — прорвать фронт
фронтаг — фронтовик
фу — дуновение
~ кæнын — дуть; раздувать
Лæджы дам бас куы басудзы, / Уæд ~ кæны йæ доныл дæр. *Къоста. Æхсины лæг* — Когда, говорят, человека суп обожжёт, / Тогда он и на воду дует

Нæ дзы хъæуы доныл ~ кæнын, бас дæ кæм басыгъта уым. *Къодоты О. Дуджы фæлгæт* — Ни к чему дуть на воду, коли обжёгся на молоке

● ~йæ афæлдæхдзæни — *шутл.* божий одуванчик, ветхая старушка; дунешь − упадёт

● йæ ~ фæцыд — из него дух вон; сила вышла; выдохся

фугас — *воен.* фугас

фугасон — *воен.* фугасный

~ бомбæ — фугасная бомба

фугæ — *бот.* рододендрон кавказский

фугæнгæ — *муз.* духовой

~ инструмент — духовой инструмент

~ оркестр — духовой оркестр

фундамент — фундамент

фундаменталон — фундаментальный

фуражкæ — фуражка

фургон — фургон

фурд — большая судоходная река; море

● ~ бонджын у – цы нæ хæринаг дзы ис, ахæм нæй — богата вода, всякая в ней водится еда

~ ныххуыскъ ис — река пересохла

● ~ суадонмæ ‘фстаугур æрцыди — в долг просила большая река воды у родника

~ы былгæрон — на берегу моря, реки

~ы гæды — *зоол.* котик

~ы гæдыйы царм — мех котика

● ~ы − тъепа — капля в море *(букв. в море плотва)*

● ~ыл гæдыйы фæд ыссардзæн — дотошный, до всего докопается; *букв.* в море след котика отыщет

æгæрон ~ — бескрайнее море

● æрра лæгæн ~ йæ уæлфæдтæм у — сумасшедшему море по колено

● стыр ~æн – стыр уылæн — большому кораблю – большое плавание

● раст къæцæлы дон ~мæ ласы, зылын къæцæл баззайы — прямую палочку вода до моря донесёт, а кривая останется

● тагъд дон ~ы не ‘ййафы — торопливая река до моря не доберётся

Уæд ~ æрбафæйлыдта, уылæнтæ йæ хæрдмæ фехстой. *НК.* — Тогда хлынуло море, волны подняли его высоко

Цаваер ~тæ ма мын аласдзысты мæ худинаг? *Дæбе. Æлхæсты ускуырд* — Какие волны смоют мой позор?

царды ~ — море жизни

фурдаг — морской

футæг (*бир.* футæджытæ) — *бот.* лебеда

футбол — *спорт.* футбол

футболæйхъазæг — футболист

футболист — футболист

футболон — футбольный

~ командæ — футбольная команда
футляр — футляр
футт (*бир.* футтытæ) — фырканье
~ кæнын — дуть
~ытæ кæнын — дуться, фыркать; относиться с пренебрежением
Цæуыл ~ытæ кæныс, дæ хæринаг дæ зæрдæмæ нæ цæуы? — Чего ты дуешься, или тебе еда не по вкусу?
Дæ ныййарджытæ мыл æдзух ~ытæ кæнынц — Твои родители на меня всегда смотрят с пренебрежением
дымгæйы ~ — порыв ветра
дымгæ ~ытæ кæны — дует порывистый ветер
● къæдзæх дымгæйы ~ытæй нæ цуды — скала порывов ветра не замечает
уыцы иу ~ фæласын — фыркнуть
фуфайкæ — фуфайка
фу-фу кæнын — задувать огонь; сдувать пылинки; осторожничать
фуфугæнæг (*бир.* фуфугæнджытæ) — осторожный; заботливый
хи хæдзарыл ~ — пекущийся о собственном благополучии
● артдзæстыл ~ куы нæ кæнай, уæд арт мынæг кæны — чтоб огонь не затух, надо его раздувать
фыд I — мясо
агъды ~ — ляжка; мясо на ляжке
● гал амæла – ~, уæрдон асæтта – суг — из всего извлекать барыш; бык падёт – мясо будем есть, телега сломается – дрова будем жечь
дæ ~æй мæлын — очень ты мне нужен? зачем ты мне нужен?
дæндаджы ~ — десна
● кард æмæ ~ уæвын — быть на ножах; враждовать
● кæрæдзийы кард æмæ ~ау агурынц — они враждуют постоянно
карчы ~ — курятина
● рувас карчы ~ куы бахæры, уæд йæ къæдзилыл фынæй фæкæны — полакомившись курочкой, лиса блаженно спит на своём хвосте
● къухы ~ты хæрын — раскаиваться; кусать локти
къухы ~тæм февналын — кусать локти
Залихан, чысыл ма бахъæуа, йæ къухтæм февнала. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Ещё немного, и Залихан бы уже кусала локти себе от досады
● адонæн сæ ~ иумæ куы сфыца, уæддæр сæ бас не сæмхæццæ уыдзæн — эти совсем несовместимы
● аслам ~ы бас нæй — дешёвое мясо навара не даёт
● бирæгъы комы – ~ы хай — мяса кусок, да в пасти волка
● тæрхъусæн йæ ~æй йæ царм зынаргъдæр у — шкурка зайца дороже зайчатины
фыд II — жёрнов *(мельничный)*
куыройы ~ — мельничный камень
куыройы ~тæ ривадæй зилынц — вхолостую крутятся мельничные жернова

Куыройы ~тæ фестадысты йæ ‘фсæртæ, фæлæ сгæ нæ кодтой, æмæ-иу комыдзаг ærдæгæууылдтытæй ауагъта. *Лademыр. Фондз абазийы*
Его челюсти работали без остановки как мельничные жернова, но они полностью не перемалывали, и он проглатывал едва прожёванные куски

фыд III
отец

~ Иуане
Иоанн Креститель

~æй баззайын
достаться от предков

~æй мын баззад
я унаследовал от отца

● Нарты адæмæн ~æй нæ баззад ус æмæ лæджы кæрæдзийæ фæхицæн кæнын
У нартов не было принято разводить мужа и жену

● уымæн уæздандзинад ~æй нæ баззад
у него ни капли благородства в крови

● ~æй фырт хуыздæр кады хъуыддаг
следует гордиться, если сын лучше отца

● ~æй фырт хуыздæр стæм кæны
сын редко бывает лучше отца

Ирон æгъдаумæ гæсгæ уазджыты цур фырт йæ ~имæ иу фынджы уæлхъус никуы фæбады.
По осетинскому обычаю сын при гостях никогда не садится с отцом за один стол

● ~æн фыртæн нæ райгуырдтæн
я не я

~æн фыртæн нæ райгуырдтæн æз дæуæн уыцы гадзрахатдзинад куы ныббарон. *Æхсарбег. Куырды фырт*
Я буду не я, если прощу тебе такое предательство

~ы ~
дед *(по отцу)*

~ы ’рдыгæй
с отцовской стороны, по отцовской линии

● ~ы лымæн – ~ы хæзна
друг отца – наследство, оставленное отцом

● ~ы лымæнæй ~ы ад цæуы
друг отца – всё равно, что отец

● ~ы фарн мæрдтæм нæ хастæуы
добрые дела наших предков остаются с нами

~ы фарн мæрдтæм нæ цæуы. Лæппу йæ ~ы хуызæн рауади. *Умар. Стъалы куы скæса*
Добрые деяния отцов остаются с потомками. Юноша оказался похожим на отца

бирæсывæллонджын ~
многодетный отец

● дæ ~æн цы фæуай, дæ фырттæ дын уый фæуыдзысты
какой от тебя твоему отцу почёт, такой и тебя в старости ждёт

● ис ~æй æнæ ~ уæвын
при живом отце сирота

Ис ~æй æнæ ~ у, уымæй æвирхъаудæр хъуыддаг ацы зæххыл исты ис? *Гæстæн. Дысоны фын*
Быть сиротой при живом отце – что может быть чудовищнее такого?

нæ ~ы хай
отец (*обращение к пожилому человеку*)

ныййарæг мад æмæ ~
родители

фыд IV
1. зло, неприятность; недостаток; вина; 2. дурной, злой

~ дуг
время бедствий; лихие времена

~ ракæнын
причинить зло / неприятность;

● хорз ракæныны æфсон ~ ракæнын
оказать медвежью услугу

● хорз ма ракæн æмæ ~ ма ссарай
не делай добра, не найдёшь зла

~æй дæр дын ницы ракодта æмæ хорзæй дæр
ни плохого, ни хорошего ты от него не видел

~ хъысмæт — горькая судьба
алы ~æн хос зонын — находить выход из любой неприятности
æндæр ~ нæм ма ‘рцæуæд — пусть большей беды не случится с нами
искæй ~æй — по чьей-л. вине
● мæ арм сын фынгæн фæдардтон, фæлæ мыл сæхуыдтæг ~æй разылдысты — я что только им не сделал, а они мне отплатили злом

фыдтæ — неприятности
~ иууылдæр уый аххос уыдысты — он виноват во всех бедах
алы ~ калын — устроить взбучку; наговорить неприятности
рын æмæ ~ — беды и напасти
фыдты цырв — виновник несчастий

фыд- — очень; сильно; крайне; плохой
~зæронд — очень старый

фыдадæм — скверные, порочные люди

фыдаз — трудный / неурожайный год; лихая година
Нартыл ~, фыддуг ныккодта. — Неурожайный год, лихие времена настали для нартов
~ бавзарын — испытать время бедствий

фыдамонд — 1. горькая доля, злосчастье; 2. злосчастный, несчастный
~æй хъуырмæ уæвын — натерпеться; хлебнуть много горя

фыдархайд — злоупотребление
~ бакæнын — раскрыть злоупотребление
~ раргом кæнын — злоупотребить
бартæй ~ кæнын — злоупотреблять правами

фыдаудæн — недоброжелательность
~ кæнын — вредить, действовать во вред; гадить

фыдаудæнгæнæг (*бир.* фыдаудæнгæнджытæ) — 1. недоброжелатель; 2. недоброжелательный

фыдахаст — злодеяние, дурной умысел; враждебное отношение

фыдахуыр — 1. плохое воспитание; дурная привычка; 2. избалованный; невоспитанный
~ саби — избалованный ребенок
~ кæнын — баловать; плохо воспитывать
сывæллæты ~ ма кæнут — не балуйте детей

фыдаххæл — враждебный

фыдæбойнаг — тот, из-за кого страдают; то, из-за чего страдают
~ фæндаг — тернистый путь
~ цард — многотрудная жизнь

фыдæбон (*бир.* фыдæбæттæ) — труд; трудность; страдание, мука
~ кæнын — страдать, мучиться
~ бавзарын — пострадать; испытывать трудности

Ахуысс уал, мæ лæппу, ахуысс уал мæ уарзон, / Цалынмæ нæ зоныс фыдбылыз, ~. *Къубалты А. Æфхæрдты Хæсанæ*
Поспи пока, сынок, поспи, любимый, / Пока ты не узнаешь страдания и зло

● æнæ ~æй ницы ис
всё трудом достаётся

● ~æн мызд фæисынц
за труд положено вознаграждение

● ~ы хай бакæнын
внести свою лепту; принять посильное участие

Бæппу сæ тынг фæбузныг, сæ тыхсты сæ иунæгæй кæй нæ ныууагътой, сæ ~ы хай кæй бакодтой, уый тыххæй. *Баситы М. Цардæнхъæл*
Отец был им очень благодарен, за то, что не бросили их одних, в трудный час приняли посильное участие

æнæпайда ~
напрасный труд

бынтон дзæгъæлы ~ кæнын
совершенно впустую стараться; не добиться никакого результата

дæ фыдæбæттæ нæ фæдзæгъæл сты
твои труды не напрасны

● мæ бирæ фыдæбæттæ – дон хиды бынты
все мои труды, усилия напрасны

● искæй ~ истæмæ æрдарын
оценить чьи-л. труды / усилия

● искæй фыдæбæттæ бафидын
отблагодарить кого-л. за труды

искæй ~ы бафтауын
ставить кого-л. в затруднительное положение; подвести под монастырь

мады ~ ничима бафыста
все в неоплатном долгу у матери

Сизифы ~
Сизифов труд; бесполезные усилия, страдания

Æмæ Сизифы æнæпайда ~ кæдмæ кæндзыстæм. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ*
И до каких пор мы будем бесполезно и мучительно трудиться

хорзы ном хæссыныл бирæ ~ ис
доброе имя трудами зарабатывается

● хорз суæвыныл бирæ ~ ис, æвзæры ном дыл сбада, уымæн иу ми дæр фаг у
доброе имя многими трудами даётся, а для плохой репутации одного проступка достаточно

● хъуыддаг йæ ~ы аргъ нæу
игра не стоит свеч; овчинка выделки не стоит

фыдæбонгæнæг *(бир.* фыдæбонгæнджытæ)
труженик, работяга; горемыка; помогающий в организации похорон, поминок

бон ~ыл ныддаргъ вæййы
долог день у работяги

фыдæбонджын
многострадальный

~ цард
многострадальная жизнь

фыдæбуалгъ
чудовищный, кошмарный; мерзкий

фыдæвзаг *(бир.* фыдæвзæгтæ)
1. сплетник; сплетня; 2. острый, злобный, злоречивый; язвительный

● ~ дуртæ дæр халы
злым языком и камень расколоть можно

~ сылгоймаг
злоязыкая женщина

● ~ топпы нæмыгæй рæвдздæр у
злые языки страшнее пистолета

● ~ – фыдызнаг
сплетник – заклятый враг

● ~ хох халы
злой язык разрушает горы

~ цы нæ скæрддзæн — у сплетника язык без костей

● кæндысау ~ байтыдта — злыми словами сказать, что белену посеять

фыдæвзæгтæ — злые языки

Кæйдæрты фыдæвзæгтæ мын мæ цæстытæ æгæр суынаг кодтой, мæ хъустæ – æгæр хъусаг, мæ зæрдæ та æгæр хъæбæр. *Тæтæри. Размæ* — Злые языки некоторых сделали меня слишком многовидящим, многослышащим, а сердце слишком чёрствым

иунæг сылгоймаг фыдæвзæгтæй æдас нæу — одинокая женщина безоружна перед злыми наветами

фыдæвзарæн — тяжёлое испытание

~ бавзарын — пройти тяжёлое испытание

Мæ сæрыл къодæхтæ нæ састой, æндæр цы нæ бавзæрстон, ахæм царды ~тæй зæххон царды нæй. *Гусалты Б. Тугдар æмæ тугагур* — Разве что чурбаки не тесали у меня на голове, а так какие только испытания земной жизни не пришлось мне пройти

~ рæстæг — тяжёлая година; година испытаний

~ты рæстæджы хъару даттын — придавать силу в тяжёлых испытаниях

~тæй цух нæ баззайын — хлебнуть испытаний

Цы зонут сымах, цы бавзæрстат? Æниу уын Хуыцау ма зæгъæд ахæм ~. *Нафи. Фыдæлты туг* — Что вы знаете, что вы пережили? Впрочем, не дай вам Господь таких испытаний

~ы хай бауын — пройти много тяжёлых испытаний

Æмæ нæ ма бакæн ~ы, фæлæ нæ фервæзын кæн фыдбылызæй. — И не введи нас во искушение, но избави нас от лукавого

● азтæ æмæ ~тæ сæ дзывыр ауагътой — оставили борозду годы и тяжёлые испытания

Æрыгонæй рæсугъд уыди, уый бæрæг у, фæлæ йæ азтæ æмæ ~тæ сæ дзывыр ауагътой. *Изæтбег. Зынгхуыст бæлицтæ* — Видно, что в молодости она была красива, но годы и тяжёлые испытания избороздили её лицо

Нæ хистæртæ царды ~ты цæхæры басыгъдысты — Наши старшие закалились в горниле тяжёлых испытаний

удыхъæд рабæрæг вæййы ~ты — характер проявляется в испытаниях

фыдæвхæрд — изнурённый

фыдæгъдау — злонравный; невоспитанный

фыдæй — по вине; по причине

исты ~ — по какой-то причине

кæй ~? — по вине кого?

зæфцы ~ — по недосмотру, недогляду

знаджы ~ — по вражеской воле

фыдæй-фыртмæ — от отца к сыну, по наследству; во все времена; испокон веку

~ цæуын — переходить из поколения в поколение

● ацы къæлæтджын ~ цæугæ нæу – у мыггаджы ‘мæ цæуы лæгæй-лæгмæ — это кресло передаётся не от отца сыну, оно фамильное и передаётся лучшим мужам

фыдæл предок; прародитель

æвзаджы ~ праязык

иумæйаг ~ общий предок

Ныр ыл цыппар мин азы цæудзæн, абоны индиаг æмæ ирайнаг æвзæгтæн иумæйаг ~ куы уыдис, уæдæй. *Гуыриаты Т. Хæстæгдæр æвзаг? Ягнобаг* Прошло приблизительно около четырёх тысяч лет с тех пор, как у индийских и иранских языков был общий предок

мыггаджы ~ основатель фамилии, пробанд

рагон ~ далёкий предок

Нарты ~ Сæуæссæйæ равзæрдысты Нартæ. Нарты произошли от нарта Сауассы

Кæм цагъта мæ ~ мæгуырæй: / Йæ къæбæр – цæххимæ, йæ суг та – сæнар. *Хаджеты Т. Мæ Иры къæс* Где прозябал в бедности мой предок: / Хлеб ел с солью, топил кизяком

фыдæлгъыст 1. злейшее проклятие; 2. проклятый

● ~ фыдми у проклятие, что преступление

● ~ хи сæрыл цæуы проклятие всегда на голову самого проклинающего обрушивается

● фыдæх хæссынæй ~ хуыздæр у чем зло копить, лучше его в проклятии излить

Дæ марæг ~ фæуæд! Пусть будет проклят твой убийца!

карз ~ баййафæгау фæуын как проклятый; будто злейшее проклятие свершилось

фыдæлтæ предки; предшественники

~й баззад досталось от предков

● æмбисæндтæ ~й баззадысты поговорки достались нам в наследство

~й нырмæ испокон веку

~й нырмæ фæтк афтæ у испокон веку такой порядок; уж так повелось

~й райсын унаследовать

~й рафтгæ наследственный; унаследованный

● æвзæр хъаст кæндзæн йæ ~й плохому по всём предки виноваты

Дæ ~ рухсаг, / Дæхæдæг мын бæзз! *Къоста. Хъазтæ* Предкам твоим светлая память, / А ты сам-то годен будь

● дзырдарæхст сын ~й баззад речистость у них в крови

● нуазæн раттын ~й кадæн баззад преподнести бокал – это традиционная почесть

● фыдæлты ныхæстæ раст ысты изречения предков правильны

фыдæлтыккон старый, старинный; древний; архаичный; отцовский; дедовский

~ æгъдæуттæ старинные обычаи

~ таурæгътæ старинные предания

~ хæзна сокровище предков

фыдæлхыскъ щипок; подкол; шпилька; едкое замечание

● фыдæлгъыст æмæ ~æй уæлдай нæй злейшее проклятие что язвительное замечание

фыдæмбæлæг *(бир.* фыдæмбæлджытæ) *этн.* лицо, встреча с которым приносит несчастье; *охот.* заяц

~æй дæ Хуыцау бахизæд! храни тебя Бог от встречи с приносящим неудачу!

~ дыл макуы амбæлæд пусть никогда на пути не встретится вестник неудачи

● тæрхъус-æмбæлæг ~ заяц навстречу – быть беде

Уæд йæ фондз намыгæй иу ~æн нывонд *Мæрзойты С. Хъысмæт* Из пяти пуль одна тому, кто встретится на беду

фыдæмпъызт плохо зашитый; весь в заплатах

● фыдгомæй ~ хуыздæр лучше в заплатках, чем без всего

● фыдæх хæссынæй ~ у хуыздæр чем творить зло, лучше латать кое-как

фыдæнæн 1. злостный; мстительный; 2. назло, в отместку

~ иу макуы мацы кæн никогда не поступай назло

~ кæнын делать что-л. назло; мстить

Ехх, чызджытæ, лæппу-иу ахæм писмомæ куыд фенхъæлмæ кæсы, уый! Фæлæ сымах ~тæ кæнут, ~! *Дæбе. Адæм адæм сты* Эх, девушки, как парни ждут таких писем! Но вы всё назло делаете, назло!

Сырдон куы амард, уæд йæ ус йæ ~ мидгъуын кæрц дарын байдыдта, зымæг таиу тæвд дзул хордта. *НК. Сырдоны мард* Как умер Сырдон, жена его ему назло стала носить шубу мехом вовнутрь, а летом ела горячий хлеб

– ~? æмæ дын бирæгъ ~ дæ сæныкк куы ахæсса, уæд уый та кæй ~ уыдзæн? *Нафи. Фыдæлты туг* – Назло? А если волк тебе назло козлёнка утащит, кто пострадает?

~ нæфидæг злостный неплательщик

– Æз хъуыстон, зæгъгæ, адæмæй бирæтæ ~ нывыл нæ бакуыстой æмæ сæм хор бирæ не ‘рцыдис. *Арсен. Дыууæ фембæлды* – А я слышал, что многие намеренно работали, не как полагается, и у них урожай плохой

Мæ ~ йæ чыр-чыр цыди кæмæндæр. *Максим. Æхсызгон улæфт* Кто-то заливался смехом назло мне

фыдгулты ~ назло врагам

хъысмæты ~ назло судьбе

● чидæр барæджы ~ фистæгæй цыди назло всаднику пешком отправился

● чидæр кæйдæр ~ йæ цыхт нæ хордта один назло другому свой сыр не ел

Йе сæфты стонгыл / Ныр дисæй марди. / Зæрдæхъæлзæгæн / Тæрхæттæ кодта / Æмæ ~ / Йæ цыхт нæ хордта. *Къоста. Халон æмæ рувас* Удивляясь своему / Смертельному голоду, / Рассуждала, чтобы увеселить своё сердце, / Назло / Свой сыр не ела

фыдæнæнау как назло

Цæлхыдзаг мæй ~ / Хъæриуы хохы къахырæй сзынд. *Хъайттаты С. Азат бæх* Как назло луна во всей полноте своей / Показалась из-за выступа горы Кариу

фыдæнæнгæнæг (*бир.* фыдæнæнгæнджытæ) делающий назло; мститель

фыдæнæнгæнæгау как нарочно

Шофыр ~ машинæ скъæрдта тæккæ уæрæхдæр, змæлæг фылдæр кæм уыди, уыцы уынгты. *Бицъоты Г. Урс æмдзæвгæтæ* — Шофёр, как назло, гнал машину по самым широким, самым оживлённым улицам

Æмæ уæд цы цæсгомæй хъуамæ райстаид фæндыр? ~? *Гæстæн. Дысоны фын* — С какой совестью она бы взяла в руки гармошку? Назло?

фыдæнæрай фæуын — пропасть

~ фæуæд! — *разг.* пропади он пропадом! *(проклятие)*

фыдæнхъæл — 1. разочарование; 2. обманутый в своих надеждах; разочарованный

~ фæуын — обмануться в своих надеждах

Цæргæ-цæрæнбонты мæ амондмæ фенхъæлмæ кастæн, фæлæ ~ фæдæн. *Малиты Х. Мæйрухс – мæ хуры тын* — Всю жизнь я ждала своё счастье, но обманулась в своих ожиданиях

хуыздæрмæ æнхъæлмæ гæсгæйæ, ~ фæуын — быть обманутым в лучших ожиданиях

Ды бавзæрстай царды зынад. / Æмæ кæд, хуыздæрмæ бæлгæйæ, / ~ фæкодтон дæ цард. *Кочысаты М.* — Тебя жизнь тяготами испытала, / А я, может, сам того не желая, / Обманул твои надежды

~ фæкæнын — обмануть надежды

Сæ ног чындз сæ ~ нæ фæкодта — Молодая невестка не разочаровала их

~æй бахизын — уберечь от разочарований

фыдæнхъæлц — разочарование

зæрдæты ~ фæзынд — в сердце поселилось разочарование

фыдæнцой — неспокойный, беспокойный

фыдæрхъис — кусочек мяса

~ ыл æрхæцыди — поправился; жирок завязал

~ ыл фæхæцыди æмæ йæ хуыз скалдта. *Изæтбег. Æндæрг* — Он немного поправился, и это ему очень к лицу

фыдæсмаг — зловоние

фыдæх, фыдæхард — 1. немилость; вражда; гнев; ненависть; 2. враждебный; неблагожелательный

~ баййафын — впасть в немилость

~ æмæ хорзæх — ненависть и милость

~ зæрдæ хæссын — относиться с враждебностью

~ тауын — сеять вражду

● ~ хæссынæй фыдæлгъыст хуыздæр у — чем зло копить, лучше его в проклятии излить

О, стыр Хуыцау, цы дын кодтам, ~ зæрдæ нæм цæмæн хæссыс? — Великий Бог, что мы сделали, что впали в твою немилость?

~ ссарын — впасть в немилость; вызвать ненависть

Алардыйы ~ ссар! — да настигнет тебя гнев Аларды! чтоб тебя оспа поразила!

~æй хи хъахъхъæнын — быть очень осторожным

кæд нæм бынтон ~ нæ разынид — может, судьба будет к нам благосклонна

Лæг хъуамæ расыг ма кæна сæнæй, / Фæлæ æрмæстдæр уарзт æмæ ~æй. *Гæджиты Г. Æрвонг хъуыды* — Не должно мужчине пьянеть от вина, / Пьянят его только любовь и война

паддзахы ~ — царская немилость, опала
уæ ~ мæ уæд! — пусть я буду у вас в немилости!
Хуыцауы ~ — гнев божий
Хуыцауы ~ мæ уæд! — пусть накажет меня Бог!
Хуыцауы ~æй сæ хъахъхъæн! — Защити их от божьей кары!
адæмы ~ йæ фæдыл бафта — пусть он будет в немилости у людей
искæмæ ~ уæвын — враждебно относиться к кому-л.
Уæдæ мæнмæ дæр цыма ~ нæу, афтæмæй йæм фæстæмæ дæр сдзурын. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Да и ко мне он враждебности вроде не проявляет, хотя я порой и огрызаюсь в ответ
уæддæр йæ зæрдæйы ~ нæ райгуырд — всё равно в его душе не зародилась ненависть
химæ ~ кæнын — восстановить против себя
● хурæн мæ йæ хорзæх уæд, мæйæн йæ ~ — пусть я буду в милости у солнца и в немилости у луны

фыдæхдзинад (*бир.* фыдæхдзинæдтæ) — неприязнь, недоброжелательство; враждебность; антагонизм

● ~ кæм нæ уа, уым уарзондзинад дæр нæй — от любви до ненависти один шаг; *букв.* где нет вражды, там нет и любви
~ нал уромын — не сдерживать враждебности; давать выход неприязни
зæрдæйы фыдæхдзинæдтæ — недоброжелательство
рæстдзинад ~ыл фæуæлахиз — правда победила ненависть

фыдæхзæрдæхæссæг — злопамятный

фыдæхсæв — тревожная ночь; ночь с кошмарными снами; первая ночь после погребения *(букв. дурная ночь)*

● ~ чи хæсса, уый йæ йæхи сæрæй бафиды — кто другим спать от горя не даёт, за это горе сам не заснёт
~ы хист — поминки
бирæ ~тæ арвитын — провести много бессонных ночей
● йскæй ~ кæнын — устроить кому-то бесонную ночь
Фæлæуу-ма. Мæн ницы хъæуы бахуыссынæй хуыздæр. Мауал ~ кæн бинонты. *Дæбе. Уæззау операци* — Погоди-ка. Мне ничего не нужно, только бы поспать. Не устраивай больше бессонных ночей для семьи
● мад æмæ фыды хыл зæнæгæн – ~ — родители ссорятся, а у детей бессонница

фыдæххæл — 1. враждебность; 2. враждебный

● ~ бинонтæн сæ уæрст хуыздæр у — семье, что враждует, лучше разъехаться
Уалдзæг нал кæны нæ зæххыл, / Хур нæ нал батавы сæрд. / Знæгтау зæрдæтæ – ~, / Уарзт – тынд пæлæзау – лæзæрд. *Шамил.* — Весна не приходит на нашу землю, / Летом нас солнце больше не греет, / Вражда в сердцах как у врагов, / Любовь расползается как поношенная накидка

фыдбæллæх — катастрофа; бедствие
~æй тас кæмæн нæу — никто ни от чего не застрахован
æвирхъау ~ — чудовищная катастрофа

фыдбон — 1. недобрый день; невзгода; 2. несчастливый, несчастный;

● ~ бæхмæ ма бабæлл, хъазты чызджы ма бауарз — во время ненастья не позарься на коня, во время пира – на девушку для себя

~æй хизын — оберегаться от несчастий

Нæ Иры иронæй / Кæмæ ис æгъдау, / Уый хизæд / ~æй, фыдмастæй Хуыцау. *Æрнигон. Зарæг* — Тех, кто в Осетии осетинский / Обычай соблюдает, / Пусть от бед и зла / Бог оберегает

~ы гуырд — рожденный в роковой день; проклятый с рожденья

● ~ æмæ фыдлæг бирæ нæ хæссынц — и непогода, и негодяй долго не протянут

Фælæ ~ æмæ фыдлæг бирæ нæ хæссынц – ~ аивгъуыйдзæн, фыдадæм фесæфдзысты, æмæ уæд нæ куыст кæндзыстæм. *Арсен. Джанаспи.* — У непогоды и негодяя век недолог – плохие времена пройдут, негодяи пропадут, а мы своё дело дальше будем делать

● æнæ ~æй хорздзинад нæ вæййы — нет худа без добра

фыдбойнаг — 1. несчастливец; 2. несчастный; проклятый

фыдбонтæ — невзгоды, невзгодье

~ æййафын — испытывать трудности в жизни

царды ~ — жизненные невзгоды

цард ~й æрвитын — жить в постоянных трудностях

фыдбылыз — беда, несчастье; напасть; зло; злой дух; бедокур; *охот.* волк

● ~ ~ы къахы — зло порождает зло

● ~ ~ы къахыл баст — беда за бедой

● ~ адæймагæн йе ‘взаджы бын бады — неприятности человеку его язык доставляет

~ æнкъарын — предчувствовать беду

Мæ зæрдæ рагацау цы ~ æнкъары, афтæ æргомæй цæмæ кæрзы? *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — Какую беду предчувствует моё сердце, отчего оно так содрогается?

~ æрцыди — случилась беда

Æнæ ~ æрцæугæ дæр нæ уыди – кæм фос, кæм та «æрра барæг – донысгарæг». *Максим. Æхсызгон улæфт* — Без бедствий тоже не обходилось – где скот, где «безумный наездник, не знающий броду»

~ дæхи къахæй ма агур — сам не нарывайся на неприятности

● ~ дымгæ æрбахæссы æмæ йæ фæстæмæ дæр ахæссы — ветер надует беду, а потом развеет её

● ~ йæ фæсхъусы бады — беды его не оставляют; ему плохо живётся

● ~ куы ‘рцæуа, уæд фидар лæуу — пришла беда, волю слабости не давай

~ къахын — навлекать зло на себя

● ~ мæгуыр, æнамонд адæймаджы кæмфæнды дæр ссары — бедного да несчастного беда везде найдёт

~ мин къахыл лæууы — у беды пособников много

~ нæм æдде æртхъираен кæны — Нам грозит опасность извне

~ расайын — навлечь неприятности

~ сафæг дзуар — ангел-хранитель

~ сæнтауын — заварить кашу
● ~ фæндагыл мыд конд и — опасный путь притягателен
● ~ фынджы цур бадгæ дæр æрцæуы — несчастье придёт и за застольем найдет
● ~ хæдзæй ма лас — не буди лиха
Бучъи, ~ хæдзæй ма лас. Мæнæй ахъазынвæнд куы скæнай, уæд дæ тъанг аскъуыйдзæн. *Хуыгаты С. Урс изæртæ* — Бучи, не буди лиха. А задумаешь мною поиграть, кишки надорвёшь
~ хæссын — приносить несчастье
~æй бахизын — уберечь от напасти
~æй искæй фервæзын кæнын — спасти кого-л. от бед, несчастий
~æй уæхи хизут! — берегите себя!
~æй фервæзын — спастись от беды
~æй хызт у — пусть минуют тебя все беды
~æн бирæ нæ хъæуы — далеко ли до беды
~æн лæгъстæ кæнын нæ хъæуы, уайтагъд йæхæдæг дæ уæлхъус æрбалæудзæн. *Умар. Уæ нæ хæхтæ, нæ бæстæ* — Беду долго не надо звать, сама на пороге объявится
~ты фыддæр — худшее из зол
Ирæд (*Коцойты*) Арсен йæ уацты хуыдта «Нæ ~ты фыддæр» — В своих произведениях Арсен (*Коцоев*) называл калым «худшим из наших зол»
~ты цырв — виновник несчастий
~ы баппарын — довести до беды
~ы бахауын — попасть в беду
~ы бынатæй алидзын — выбраться из бедственного положения
~ы гуырд — рождённый под несчастливой звездой
~ы фæстиуджытæ — последствия несчастья
Гуырдзæй рахæсгæ къуылых кæй нæу, уый бæрæг у, цыдæр ~ы фæстиуæг ын уыдзæн. *Гусалты Б. Тугдар æмæ тугагур* — Видно, что он не от рожденья хромой, это, наверное, последствие какого-то несчастного случая
~ы халæттау уасын — каркать несчастье
~ы хос йедтæмæ пайда ницы дæ — от тебя одни беды и никакой пользы
~ы цауты бæрæг æфсæнттæ — явные причины происшествий
● ~ чи агуры, уый йæ ссары — ● кто ищет зло, тот его находит; кто сеет ветер, пожнёт бурю
● ~мæ дардмæ цæуын нæ хъæуы — беда не за горами; быть беде!
● адæймагмæ ~ кæцæй æнхъæлмæ кæсы, уый бæрæг нæ вæййы — никто не знает, какая беда его ожидает
ærдзон ~ — стихийное бедствие
ærдзон ~æй хъыгдард баййафын — пострадать от стихийного бедствия
Ænæ æфсон æмæ аххосæй нæдæр ærдзон ~æн вæййы æрцæуыны мадзал, нæдæр æхсæнадон-социалон. *Айларты И. Нæ рæстæг – нæ ирвæзынгæнæг* — Без всякой причины и повода не происходят ни стихийные бедствия, ни общественно-социальные
● дыууæ усы лæгæн ~ ысты — две жены до добра не доведут

● зонджыны фарс Хуыцау у, ædылыйы фарс та – ~ — на стороне умного Бог, на стороне глупого – рок

● иуы рæдыд ~ у, дыууæйы рæдыд – бæсты сæфт — один ошибся – беда, двое ошиблись – погибель

● ~ кæддæриддæр дзаг армæй уары — беда не приходит одна

мæ ~тæ дæ хай — пусть мои беды падут на твою голову

● сылгоймаджы зонд кæдæм фæхæццæ уа, уым ~ агур — жди беды оттуда, куда ум женщины добрался

Нарты ~ — Сырдон, Зло нартов

Сырдон рагæй дæр Нартæн ~ кæм нæ уыди! *НК.* — Сырдон издавна доставлял нартам огорчения!

фæндаггон ~ æрцыд — произошла авария

фæндаггон ~ты нымæц фæфылдæр — увеличилось количество дорожных происшествий

фæндаггон ~ы бынатæй сæр бафснайын — скрыться с места дорожного происшествия

● фыдæмбæлæг ~мæ здахаг у — встретишь недоброго – быть беде

фын исты ~мæ цæудзæнис — сон к какой-то беде

хи ~ы тъыссын — впутываться в неприятности

● Хуыцау, ~æй нæ бахъахъхъæн — упаси нас, Боже, от всех напастей

цыдæр ~ æрæфтыд дæ зæрды — взбрело тебе в голову

фыдбылызæн — на беду; как на беду

нæ ~ — на наше несчастье

Æртæ хойы нын уыди æмæ сæ ~ сахуыр сты Нарты цæхæрадонмæ. *НК.* — Три сестры было у нас, и как на беду повадились они в сад нартов

Зæронд йæ ~ хæдзары уыди, рудзынджы комкоммæ лæуд фæци. *Бицъоты Г. Норст цæхæр* — На свою беду старик был дома и оказался прямо напротив окна

фыдбылызæрцыд — несчастный случай; злоключение

фыдбылызгæнæг (*бир.* фыдбылызгæнджытæ) — злоумышленник

● ~ фыдбылызæй нæ тæрсы — злоумышленник беды не боится

хъуыддаджы сæйраг ~ — главный виновник преступления

фыдбылызджын — несчастный; приносящий несчастье

~ хæдзары æрцæрын — поселиться в несчастливом доме

Амонджын лæджы цур алчидæр амонд ары, ~ лæджы цур та – фыдбылыз. *Секъа.* — Около счастливого человека каждый счастье обретает, около несчастного только несчастьями обрастает

фыдбылызсафæг — оберегающий от несчастья

~ дзуар — ангел-хранитель

Реком æмæ Мыкалгабыр бæркадæфтауæг æмæ ~ сты. — Святилища Реком и Мыкалгабыр приумножают изобилие и оберегают от несчастий

фыдбылызхæссæг (*бир.* фыдбылызхæсджытæ) — несчастливец; злоумышленник

фыдвадат (*бир.* фыдвадæттæ) — 1. несчастье; 2. несчастный

● фыдвадætты бонтæ тонын — жить в тяжелейших условиях; прозябать

Зæхх сын фаг нæ уыд, æмæ фыдвадætты сæ бонтæ тыдтой. *Арсен. Фæрнæйдзаг адæм* — Земли у них было мало, и они испытывали страшные затруднения

фыдвæд — несчастное, дурное потомство

● ~æй æвæд хуыздæр у — лучше совсем без потомства, чем дурное потомство

● ~æй мыггагыскъуыд фесты — из-за дурного потомства прервалась их родословная

● иу йе 'вæдыл куыдта, иннæ та – йæ ~ыл — один плакал, что потомства не было, другой, что дурное потомство

– Мыййаг уыл куы фæтых уон, уæд уын уæ мыггаг иууыл сыскъуынон, æви ма уæ ~ ныууадзон? *НК.* — – А если случится, что я над вами одержу верх, мне ваш род полностью истребить или дурное потомство оставить?

Нартмæ ~ цас уыди, хæрзвæд сæм сæдæ ахæмы уыд. — У нартов на каждого неудачного младшего сто хороших приходилось

Се 'дылытæ дзурынц: – Æвæды бæсты уадз æмæ ~ дæр уа. *НК. Нарты сæфт* — А глупцы говорят: – Чем вообще без потомства, пусть хоть плохое потомство будет

фыдвæнд — 1. злой умысел; коварство; 2. злонамеренный; со злым умыслом

~ кæнын — замышлять зло

Чи зæххон уарзтæн скарста ~тæ æмæ зæрдæтæм кардæй нывнæлдта. *Дзаболаты Х. Зарæг фæдисон æнусыл* — Кто чинил зло земной любви и кто ножом до сердец достал

Йæ райгуыræн боны номæй йын спайда кодтай дæ ~ бакæнынæн. *Малиты В. Калм æмæ хъисфæндыр* — Ты воспользовался его днём рожденья как предлогом, чтобы осуществить свой коварный замысел

~ сæххæст кæнын — осуществить преступный замысел

сæ ~ нæ фæрæстмæ — их злой умысел не удался

сæ ~тæ сæ хъуыры фæбадтысты — их коварство им вышло боком

фыдвæндаг — неудачный, несчастный путь

– Цæуæм – æмæ ~ кæндзыстæм, аздæхæм – æмæ худинаг. *НК.* — – Пойдем – на верную гибель попадём, вернемся – верный позор найдём

Чызг фæцъæхахст ласта æмæ загъта: – ~ фæут! Афæдзæй афæдзмæ цы къæвда скæндзæн, уый уыл иу бон æрцæуæд! *НК.* — Девушка вскрикнула и сказала: – Пусть дорога ваша будет неудачной! Дождь, который идет в течение года, пусть прольется за один день!

фыдвæндгæнæг *(бир.* фыдвæндгæнджытæ) — заговорщик; злоумышленник

фыдвæтк — пагубный обычай; неправильный порядок

● – Фыдгойæ тæрсыс æви ~æй? – Фыдгой дæхи фæуæд, фæлтау ~æй æрцæуæд мæ мæлæт — – Ты сплетен боишься или пагубных привычек? – Сплетни пусть тебе достанутся, а мне так лучше смерть от пагубных привычек

фыдгæнæг (*бир.* фыдгæнджытæ) — злодей, преступник

~ уыди. Давта, стыгъта, мардта æмæ йæ мæлæт ссардта. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — Преступник он был. Воровал, грабил, убивал, и смерть нашёл свою

~ йæ аххосыл нæ басаст — преступник не признал своей вины

● ~ фыд ары — злодей хорошо не кончит

~æн тæрхон кæнын — судить преступника

~ыл ничи ауæрды — преступника никто не щадит

● абырæг ~æн – мæлæтхæссæг — абрек злодею смерть несёт

● змæст рæстæг фыдгæнæг йæ тæригъæдтæ искæй æккой самайы — как смута, так злодей свою вину на другого взваливает

Иу æхсызгоны дзырдхæссæг, иннæ ~æй. — Один вестник радости, другой − горя

фыдгæнæджы къухæй адзал ссарын — погибнуть от рук преступника

фыдгæнджыты къордыл бафтын — вступить в преступную группу

– Фыдгæнджыты мæм зын сахат æмгæрон чи нæ æрбауагъта, мæ цард мын чи бахъахъхъæдта, ууыл куыннæ ис баууæндæн? *Чеджемты Æ. Аргъæуттæ бæстæйы* — – Как не поверить тому, кто ко мне злодеев близко не подпустил в трудную минуту, кто мне жизнь спас?

хæрзгæнæг дæр Хуыцаумæ кувы æмæ ~ дæр — и добродетельный, и злоумышленник Богу молятся

● хæрзгæнæг хорз ары, ~ – æфхæрд — добро творящему добро воздаяние, злодею – наказание

Хæрзгæнæгæн æз хорзы бацæуын кæддæриддæр, – фæлæ ~æн дæр аггаг фæвæййын. *НК. 1* — Кто добро творит, того я всегда добром награждаю, но и злодею на его зло сполна отвечаю

хæрзгæнæгæн – хæрзныхыдзуар, ~æн – фыдныхыдзуар — творящему добро – счастливая судьба, творящему зло – несчастная судьба

фыдгæнæн — *этн.* ритуал посвящения животных покойнику

фыдгæнд — злодейский, преступный

~ митæ — злодейские выходки

~ фырзыдæй саразын — от жадности на злодеяние пойти

● мартъийы мæйæн – ~ хъæуы: нæ уалдзæг уадзы, нæ зымæджы тæры — надо марту задать: ни весну не пускает, ни зиму не прогоняет

фыдгæнддзинад — злодейство, злодеяние

фыдгæнон — преступный

~ æнархайд — преступное бездействие

~ ми — преступное действие

фыдгой, фыдкой — сплетня, клевета

~ кæнын — сплетничать

● ~ кæнынæй йе ‘взаг стæнæг — столько злословил, что язык стёр

● ~ − хæдзархалæг — злая молва разрушает дом (семью)

● ~ хъæдбыны дæр нæ фидауы — сплетничать даже в лесу не пристало

● адæм йе ~æ фылдæр не сты — люди только и говорят о нём

● дæуæн æндæртæй чи дзуры æвзæртæ, фæкæны уый дæ ~тæ æндæртæн — кто о других злословит с тобой, тот с другими о тебе злословит

● искæй ~ кæнынмæ иуылдæр дæсны стæм — сплетничать мы все горазды

фыдгойгæнæг (*бир.* фыдгойгæнджытæ) — сплетник, клеветник; злоязычник

● хорз хабархæссæг дæр æмæ ~ дæр бæлццон лæг вæййы — от путника и хорошие вести узнаешь, и сплетни услышишь

фыдгомæй — раздетый; непристойно одетый

● ~ фыдæмпъызт – хуыздæр — лучше в заплатках, чем без всего

фыдгул — ненавистник; противник, враг

● ~ бавзарæд — можно только врагу пожелать

● ~ куы нæ сæтта, уæд æй сафын хъæуы — если враг не сдаётся, его истреблять надо

~ы æфсад — вражеское войско

Фæлыгъд нæ карз цæфтæй ~! / Цыдис нæ хæсты уынæр дардæй. *Хъаныхъуаты В.* — Враг бежал от наших жёстких ударов! / Грохот войны доносился издалека

~ы фæндиаг — что враг пожелал

● дæ ~ы фæндиаг дæхи ма фæкæн — чтоб не сбылись пожелания твоего врага

Бæрзондыл бадæг сызгъæрин Уастырджи, ~ы фæндиаг нын ма фæкæн нæ кæстæрты. *Баситы М. Цардæнхъæл* — О Святой Уастырджи, не допусти, чтоб с нашими младшими случилось то, что враги им желают

~ты фыдæнæн — назло врагам

Йæхи та мæ тигъыл уæйыгау æруагъта. / ~ты фыдæнæн фæндыræй æрцагъта. *Максим. Фыдæлты рыст мæсыг* — Опустился на мой угол подобно великану, / Назло врагам на гармошке заиграл

● æддагбæстаг ~æй хи ~ ~дæр у — внутренний враг опаснее внешнего врага

● мæ ~æн дæрæй мæ цæст нæ бауарзид — даже врагу не пожелаю

Мæ ~ы хæдзарæй ма авдæны зарæг æмæ сывæллоны кæуын ма райхъуыса. *Хъайттаты С. Куырдуаты бадæг* — Даже своему врагу не пожелаю, чтобы в его доме не звучала колыбельная песня и не слышался плач ребёнка

● дæ ~ уыдоны дзыхы бахауа — врагу не пожелаю попасть им на язык

● уæ бын уæ ~æн баззайæд! — чтоб ваше имущество врагу досталось!

цыфыддæр ~тæ — злейшие враги

фыдгулæн — на беду

фыдгуыбын — 1. обжора; обжорство, ненасытность, жадность; *охот.* волк; 2. ненасытный, жадный

~ уæвын худинаг уыд — обжорство порицалось

куыдзæй ~дæр — ненасытный как волк

фыддард — истасканный, затасканный (об одежде)

~ фæкæнын — истаскать, затаскать

~æй дарын — держать в чёрном теле

фыддæр *(бир.* фыддæртæ) — 1. худшее; 2. хуже

~ кæнын — ухудшаться

~ фынты бæллæх æрцыд — сбылся кошмарный сон

● ~тæ дын хъæуы — ты заслуживаешь худшего

æххормагæй бирæгъæй ~ уæвын — на пустой желудок злее волка быть; не терпеть голод

зындонæй ~ — страшнее ада

● иварæй уайдзæф ракæнын ~ у — хуже упрекать, чем деньги взыскать

● кæмæн ~ – хъæбæрдæр — скатертью дорожка! пусть мне будет хуже!

мæлæтæй ~ — хуже смерти

фыдбылызты ~ — худшее из зол

● цыфæнды дæр уæд, ~ нæ уыдзæн — терять нечего; можно пойти на риск, т.к. хуже уже не будет

фыддæрагæн, фыддæрадæн — назло

цыма ~ — как назло, словно нарочно / специально

Мæхæмæт ма йæм туджджыны цæстæй дæр акаст, цыма йын ~ кæны, афтæ йæ бамбæрста. *Тæтæри. Размæ* — Магомет враждебно посмотрел на него, подумав, что он делает это ему назло

~ кæнын — делать что-л. наперекор кому-л.; назло; гладить против шерсти

~ митæ кæнын — поступать назло

мæ ~ — мне назло, мне в отместку

мæлæты ~ — назло смерти

раст цыма ~ у — как будто специально, назло

хъысмæты ~ — назло судьбе

● цæсгомы ~ мæ фындз алыг кæнон — поступать во вред себе самому; назло маме отморожу уши

фыддæрагæндзинад — противление, сопротивление, противодействие

фыддæрагонау — к несчастью, назло

~, поезд нæ цыд — как назло, поезд не приходил

фыддæрадæн, фыддæрагæн — назло

фыддæрырдæм — в худшую сторону

~ фендæрхуызон уæвын — измениться в худшую сторону

фыдджинаг — фарш, мясо для пирога

фыдджын I — 1. пирог с мясом; 2. мясистый

~ы къæрис — корочка пирога с мясом

● ~ы къæрис адджын у — у пирога с мясом корочка вкусная

~ фос — мясной скот

фыдджын II — имеющий отца

фыддзард (*бир.* фыддзæрдтытæ) — трудная жизнь

фыддзæрдтытæй хъаст кæнын — сетовать на тяжёлую жизнь

фыддзæрин — неуживчивый, сварливый

Кæд, миййаг, ~ адæймаг у? Кæд ын адæм æфсæрмæй быхсынц? *Гæстæн. Йæ рухс ном* — Может, она неуживчивый человек. Может, её терпят из приличия?

фыддзæсгом — бессовестный

~ кæнын — ставить в неловкое положение

~ фæуын — оказаться в неловком положении

фыддзæсгомгæнаг — позорный

фыддзæсгомгæнæг (*бир.* фыддзæсгомгæнджытæ) — человек, ставящий кого-л. в неловкое положение

фыддзæст — 1. *разг.* дурной глаз; 2. недоброжелательный; ненавистный

● ~ – зынæфсадæн — дурное око хочет много

~æй кæсын — смотреть с ненавистью, недоброжелательно

фыддзæф — удар; увечье

~ ныккæнын — больно ударить; нанести увечье

● фыддзырды бæсты ~ хуыздæр у — лучше больно ударить, чем словами поранить

фыддзинад (*бир.* фыддзинæдтæ) — зло; злоба; вред

фыддзурæг — злословящий

фыддзырд — 1. злословие; 2. несговорчивый, непослушный

~ы амæттаг — жертва клеветы

фыддзых — 1. сквернослов; говорящий непристойности; 2. язвительный

~æй дзурын — говорить непристойности, сквернословить

Ноджы ма иу йæхицæй ælгъитыныл дæр нал æуæрста. Хуымæтæджы йыл не сбадти ~ы ном. *Сæбæтхъуаты Р. Æмхъæуккæгтæ* — К тому же он не переставал браниться по-чёрному. Не зря его прозвали сквернословом

фыдзаман — лихолетье; время бедствий

фыдзæрдæ — 1. злоба; недоброжелатель; 2. злобный, враждебный; чёрствый, бездушный

~ адæймаджы æфхæрд уæддæр баййафдзæн — зло будет всё равно наказано

~ лæг макуы ‘рбахизæд ацы къæсæрыл — чтоб враждебный злобный человек никогда не переступал порог этого дома

~ нæ дарын — не держать зла

Фælæ йыл иу ~ дарæг / Фыдæнæн калдзæнис йæ марг. *Гриш.* — Но один недоброжелатель найдётся, / Нарочно будет брызгать ядом на него

– Цæмæ нæ ælгъиты, цыма? Зулдзыхы ныхас дæр нæ куы никæмæй зоны, уæд нæм ахæм ~ цæмæ дары? *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — – За что она нас так проклинает? Ведь она же ни одного недружелюбного слова ни от кого не слышала, за что же она так враждебно к нам относится?

~ хæссын — ненавидеть; лелеять злобу

~ хорзæн аргъ кæнын нæ зоны — злой добро ценить не умеет

~йы гакк сбадти — приклеилось клеймо бездушного

йæхæдæг куыд ~ у, афтæ æнхъæл у иннæтæн дæр — всех по себе меряет; сам злой и думает, что все такие же

куыд зыны афтæ ~ нæу — он не такой бездушный, как кажется

фыдзæрдæдзинад — ненависть; зло

~ сраст кæнын — исправить нанесённый вред

фыдзæрдион — враждебный, злобный

фыдзиангæнæг (*бир.* фыдзиангæнджытæ) — 1. вредитель; 2. враждебный; вредящий

фыдзонд — зловредный, злонамеренный, мстительный; злокозненный

~ адæймаг — человек с дурным характером

фыдзыд — жадный; алчный; скупой

фыдзыкъуыр 1. забияка, задира; 2. противный

~ бæлас корявое дерево

Чи зоны æнæхин у, фæлæ зондæй бынтон æххæст нæу, ноджы ма ~. *Æхсарбег. Куырды фырт* Может, он и бесхитростный, но не ума палата, да и задиристый он

Фæлæ хорз зыдта йæ ~ хъæбулы зондахаст, æмæ, иугæр уый йæ мидзæрдæйы афтæ скарста, уæд йæ зондахаст нæ аивдзæн. *Дегъуаты С. Тызмæг фыды гакк* Но прекрасно знала про задиристый характер своего сына, и уж, если тому что вздумается, он от своего не отступит

фыдис, фыдисæн большая вилка для вынимания мяса из котла

Хæмыц йæ хъуджы дзидзатæ ~æй систа æмæ сæ хæры. *НК.* Достал Хамыц мясо своей коровы из котла большой вилкой и ест его

фыдиуæг отцовство

~ сфидаргонд кæнын узаконить отцовство

фыдиуæггаг вред, зло

сæ пайда армыдзаг, сæ ~ арвы бын нæ цæуы пользы от них мало, а вреда не перечесть

фыдкæрдæн мясорубка

фыдкой, фыдгой сплетня, клевета

~тæй уе ‘фсæртæ нæма фæрыстысты? ваши челюсти не устали сплетни перемалывать?

● дæ сыхаджы ~ ма ракæ про соседа не злословь

фыдконд (*бир.* фыдкæндтытæ) плохосложенный, нестройный, безобразный

фыдкусæг работящий, работающий до изнеможения

~ æмæ фæразон кæй у, уымæ гæсгæ йæ хъæубæстæ къамбец хуымæтæджы не схуыдтой. *Лademыр. Артдзæст* Соседи не зря прозвали его буйволом, был он работящий и выносливый

фыдкуыст изнурительная работа; чрезмерная нагрузка

~ кæнын выполнять изнурительную работу

фыдкъуыхцытæй безграмотно

фыдлæг изверг, изувер, злодей

● ~ æмæ фыдбонæн бирæ цæрæнбон нæй у негодяя и непогоды век недолог

● ~ мæлгæйæ зынудисæн кæны изверга ждёт мучительный конец

~æй хи хъахъхъæнын хъæуы надо остерегаться злых людей

● ~æн бæх æмæ ус бирæ нæ цæрынц у изувера ни конь, ни жена долго не протянут

● ~æн йæ сæры æрмæст фыдмитæ ис у злого человека на уме только зло

● бирæгъæй ма тæрс, ~æй тæрс бояться не волка надо, а человека-гада

Фыдлæджы кард, дам, кæрддзæмы нæ лæууы, / Фыдæлты фарн та мæрдтæм нæ цæуы. *Мамыкъаты Хъ. Мыггаджы мæсыг* Ножу в ножнах у злодея неймётся, / А слава предков на земле остаётся

● фыдлæджы цæфæй хъæдгом æрæгмæ ‘ндидзы изувер рану нанесёт – нескоро заживёт

фыдмард насильственная смерть
~ акæнын убить; угробить
~ фæуын умереть насильственной смертью
~æй амарын убить; угробить
~æй амæлын умереть не своей смертью
~ы нысæнттимæ с признаками насильственной смерти
фыдмаст горечь, сильное огорчение
~ бавзарын хлебнуть горя
фыдмæгуыр 1. крайняя нищета; 2. нищенский
Ам дæр чи ~, чи та дзы йæ исбоны нымæц зонгæдæр нæ кодта. *Дзадтиаты Т. Æхсаргæрдты зæлланг* Здесь так же, одни в нищете прозябают, другие счёта своим богатствам не знают
фыдми 1. бесчинство, злодеяние, насилие; варварство; 2. злодейский
~тæ кæнын насиловать; бесчинствовать
~ рох кæнын прощать злодеяние
– Хорзы ферохæн ницы у, фæлæ ~ рохгæнаг кæй сыстæм, уый фыддæр у. *Нафи. Фыдæлты туг* – Ладно бы ещё за добро не ответить, но на злодеяние не ответить, это уже совсем никуда
● æвзæр чызг йæ мыггагæн – ~ ‘мæ худинаг плохая девушка – это злодеяние и позор для семьи
æвирхъау ~ чудовищное преступление
æнæрцæугæ ~ небывалое злодеяние
● тыхми ~ у насилие – это злодеяние
фыдмиад бесчинство; садизм
фыдмион злодейский; злостный
~ ракæнд злодейский поступок
фыдмыггаг фамилия, род, достойный осуждения
● ~æй ус дæр ничи куры, ~æн чызг дæр ничи дæтты. из плохой фамилии девушек в жёны не берут, и им своих девушек не отдают.
● ~æн йæ чызджы ракур, фæлæ йын дæ чызджы ма ратт. из плохой фамилии девушку сватай, но свою дочь им не отдавай
фыднад 1. избиение; 2. избитый, побитый
~ кæнын избивать *(нещадно)*
фыдналат дерзкий, бесстыдный, наглый
фыдниз тяжёлая болезнь; неизлечимая болезнь
Нартæ дæр загътой: – Хур ма нын не уæнгтæ бахъарм кæны, ~æй нæ бахизы. *НК.* Нарты тоже сказали: – Солнце наши кости прогревает, от тяжелых болезней нас защищает
Сæ фыдцæртытæй ~тæ ссардтой æмæ амардысты. *Р. 08.10.1997* В результате жалкого существования они заболели тяжёлыми болезнями и скончались
● фыдцот – ~ от потомства плохого нет лекарства никакого
фыднозт злостное пьянство
~ кæнын напиваться до беспамятства

хи ~æй хъахъхъæнын — не предаваться злостному пьянству

фыдном — 1. дурное имя; дурная слава, репутация; 2. позорный

~ кæнын — порочить; позорить

~ фæлитой — известный мошенник

~ хæссын — иметь дурную репутацию

фыдномгæнæг (*бир.* фыдномгæнджытæ) — бесчестящий, компрометирующий

● ~ мыггаджы сафы — бесславный человек всю фамилию обеславит

фыдномхæссæг — позорник; позорящий

● ~ адæмæй ælгъыстаг у — навлекающий позор подлежит проклятию

фыдных — злобный; злостный

фыдох — несчастье, бедствие, печаль, траур

~ы æгъдæуттæ — траурный ритуал

~ы бон — день траура

~ы боныл банымайын — объявить траурным днём

~ы ныууадзын — бросить в беде

~ы уæвын — быть в трауре

Ныр цыппар боны сæ хъæубæстæ ~ы сты. *Гæглойты В. Гъе, мардзæ, исчи!..* — Вот уже четыре дня всё село в трауре

~ фынгтæ — поминальные столы

● йæ сæрыл ~ æртыхсти — на его голову обрушились беды

Йæ сæрыл цъæх мигъау æртыхсти ~, / Хъазуатæй фыдгултимæ сарæзта тох. *Дæуыт. Фырмæстæй нытталынг и хъæд* — Над головой его беда нависла мрачной тучей, / Он отважно боролся с врагами

фæлæ цин ~мæ раивта — но радость сменилась печалью

хи ~æй бахизын — уберечься от беды

● хуыссæг ~æй тыхджындæр у — сон одолеет печаль

хъæбулы маст мад æмæ фыдæн ~ у — горе ребенка – несчастье для родителей

фыдохдзинад — бедственность; несчастность

фыдраваерын — заживать *(о ране)*

фыдрайсом — горестное утро; *этн.* первое утро после погребения умершего члена семьи

фыдракæнæг (*бир.* фыдракæнджытæ) — вредитель

фыдракæнд, фыдракæнддзинад — злодеяние, преступление; преступное деяние

~ы амæттаг — жертва преступления

~ыл басæттын — сознаться в совершённом преступлении

æбуалгъ ~ — чудовищное злодеяние

● ныййарджыты ~тæ сæ цот фидынц — за злодеяния родителей расплачиваются их дети

фыдракæндон — криминальный. преступный

~ къорд — преступная группа

~ фæндтæ сæххæст кæныны нысанæн — с целью осуществления преступных замыслов

фыдрасыг
сильно пьяный; вдребезги пьяный

Сатанайы нуæзт йæ зæрдæмæ афтæ тынг фæцыд, æмæ дзы æгæр аныз та ‘мæ ~ фæци. *НК.*
Сильно по вкусу ему пришёлся напиток, приготовленный Шатаной, он хлебнул лишку и сильно опьянел

фыдрасыггæнаг
горький пьяница; беспробудный пьяница

фыдрæдыдтæй
безграмотно

~ фыссын
писать с чудовищными ошибками

фыдрæстæг (*бир.* фыдрæстæджытæ)
ненастье, плохая погода; лихолетье

~ æрцæуынмæ хи барæвдз кæнын
подготовиться к тяжёлым временам

● ~ æмæ фыдлæг бирæ нæ хæссынц
у негодяя и непогоды век недолог

● халæттæ уасынц: ~ кæндзæн
вороны каркают – это к непогоде

фыдрохгæнæн
для забвения плохого

~ цъæх дур
фольк. серо-синий камень забвенья горестей

Ды мæнæн ~ цъæх дуртæй / Самайыс æрвылуалдзæг мæсыг. *Æхсар.*
Ты только камнями забвенья / Выкладываешь для меня башню каждую весну

фыдрын
эпидемия

~ау хи хъахъхъæнын
оберегаться как от чумы

~ дæ фæхæссæд!
забери тебя чума!

● фырхæрд – ~
обжорство – страшная чума

фыдсæрæн
1. умелец, мастер на все руки; 2. полный энергии и сноровки; изворотливый

фыдсыл, фыдус
злая, сварливая женщина; *разг.* бой-баба; злодейка

Хуыцау ахæм ~ ма радтæд, йæ лæгæн сылгоймаг чи фенад кæна. *Дауырæ. Зонды стъæлфæнтæ*
Не дай Бог такую злодейку, из-за которой мужчине весь женский род опротиветь может

фыдтæвд
пекло, изнуряющий зной

фыдтухи
мучение

Госæмæйы хъысмæты хуызæн куы рауайа, ныронджы ~тæ мын æгъгъæд не сты. *Умар. Стъалы куы скæса*
Вдруг и у меня сложится всё, как у Госама, мало мне уже пережитого мною

фыдтызмæг
крайне суровый; крайне жестокий

фыдуаг (*бир.* фыдуæгтæ)
1. позорник; 2. избалованный, шаловливый

● ~ галæн йæ сыкъа сæтты
бодливой корове Бог рога не дал

~ гуырд
шалун

~ кæнын
шалить, баловаться; баловать, портить

Ма фыдуæгтæ кæнут!
Не балуйтесь!

~ митæ
шалости, проделки

~ митæ кæнын
шалить; баловаться

Уæ ~ митæ ныууадзут!
Оставьте свои шалости!

Йæхи куы фæиуварс кæнид, ~ митæ куы акæнид æмæ гыццылæй куыд тæрсын кодта хистæрты, афтæ та сæ куы фæтæрсын кæнид, уый йæ æрфæндыд. *Дæбе. Хърихъупп Бипп-Бипп*
Захотелось ему податься в сторону, немного пошалить, и снова переполошить старших, как он делал маленьким

~ лæг — необузданный человек; неотёсаный; куролесник

● ~ лæджы хъæр сыхæн – ælгъыстаг — шалопай шум поднимает, а соседи страдают

~ фæсивæд — избалованная молодёжь

~ цæугæдæттæ — бурные, непокорные реки

Хистæртæ куыд дзурынц, афтæмæй уæды заманты тынг ~ уыди Змæстдон. *Максим. Æхсызгон улæфт* — По рассказам старших, в прежние времена речка Змастдон была очень бурной

æгæнон ~ — несносный шалун

● куыройдзау куыроймæ нал уагъта, дондзау – донмæ, ахæм ~ уыд — идущих молоть на мельницу не пускал, водовозу воду не давал

● хъæхъхъаг куыдзæн рæхыс хъæуы, ~ лæгæн та – ахæстон — злую собаку на цепь нужно сажать, а бестыжего человека в тюрьму сажать

фыдуагдзинад (*бир.* фыдуагдзинæдтæ) — шалость, проказы, баловство

Мырза æгас хъæуæн дæр бæрæг уыдис йæ хъал митæ æмæ фыдуагдзинæдтæй, ныхæстæ дзы кодтой, зæгъгæ, давгæ дæр кæны. *Дæбе. Уæззау операци* — Мырза был известен всему селу своими дерзкими выходками и вызывающим поведением, поговаривали, что он и воровством промышлял

фыдуайæн — трудность; мучение

бирæ ~ты ауайын — испытать многие трудности / мучения

фыдуац — скорбная весть

● ~ хабарыл дыууæ базыры ис, цины хабарыл – цыппар — скорбная весть на двух крыльях летит, а радостная вдвое быстрее

Ныууадз мæ, халон, / Дæ хъæрæй тæрсын. / Кæдмæ дын барон / ~тæ хæссын?! *Секъа* — Оставь меня, ворона, в покое, / Боюсь я крика твоего. / Буду терпеть я доколе / Скорбные вести, что каркаешь ты

фыдуацхæссæг (*бир.* фыдуацхæсджытæ) — вестник несчастья, печали, траура; ворона

Тагъд хæст райдайдзæни Германимæ. Уыцы кой ~ халонау тахти комæй коммæ, хъæуæй хъæумæ. *Ашæх. Нæ фæлтæры фæндæгтæ* — Будет война с Германией. Эта весть, на крыльях предвещающей горе вороны летела из ущелья в ущелье, из села в село

фыдуæйгæнæг (*бир.* фыдуæйгæнджытæ) — мясник

фыдузæлд — жестокое обращение

фыдус, фыдсыл — злая, сварливая женщина; *разг.* бой-баба; злодейка

~ы ælгъыстау — как проклятие злой бабы

Ай нын хин ысчындæуыди ‘вæццæгæн, кæнæ ~ы ælгъыст фестæм. *НК.* — Либо нас околдовали, либо злая баба проклятие наслала

– Мæнæ мыл ~ы ælгъыст куыд æрцыд, цы ранмæ æрбахаудтон ай! – ныккæрзыдта та химидæг Зæлдайы зæрдæ. *Дегъуаты С. Тызмæг фыды гакк* — – Вот сбылось злодейское проклятие, в каком положении я очутилась! – занервничала про себя Залда

фыдутæхсæн — адские муки

фыдуынд, фыдынд — некрасивый

æрыгонæй ~ нæй — в молодости все красивы

Тепсыры хотæй ~дæр æмæ фыдконддæр сылгоймаг, æвæццæгæн, зæххыл нæ равзæрди. *Ашæх. Тепсыры тохъхъыл* — Таких некрасивых и плохо сложенных женщин как сёстры Тепсыра свет не видывал

фыдфæзмаг передразнивающий

фыдфын кошмар, тяжёлый сон

● ~ сыхаджырдæм арæзтæуы тяжёлый сон на соседа переходит

● æхсæвы ~тæ бон – зæрдæйæн маст ночью кошмары к неприятностям днём

● мæ ~тæ – дæ хай! пусть перейдут мои дурные / кошмарные сны к тебе

фыдфынтау как в страшном сне

~ æрбахъуызыдысты кæйдæр дамдумтæ. *Максим. Æхсызгон улæфт* Как в кошмарном сне подкрались чьи-то пересуды

фыдхабар дурная весть, неприятность

~ фæхаста халон накаркала ворона беду

фыдлæджы ‘гъдау афтæ у æмæ ~ тагъддæр адам кæна дардыл дурной человек стремится быстрее дурную весть всем разнести

фыдхаст плохо откормленный *(о скоте)*

фыдхæрд обжорство

● ~ бирæгъы гуыбыны дæр нæ тайы обжираться и волку вредно

~ бакæнын объесться, съесть лишнее

хъыджы фынг ~æн нæу за поминальным столом не принято объедаться

фыдхæстджын злостный должник. неплательщик

● ~æй дыууæ ’рчъихоры дæр хорз у с паршивой овцы хоть шерсти клок

● ~æй тырты мих дæр райс со злостного должника хоть щепотку урвать надо

● ~æй фæнык райс æмæ йын æй йæ цæсты бакал возьми золу у злостного должника и в глаза ему засыпь её

● ~æй – фæнычы тæпп со злостного должника хоть щепотку золы

● ~æй фисты хъуын хуыздæр со злостного должника хоть что-то лучше, чем ничего

● ~æн рыг йæ цæсты бакал должнику, что не платит, пылью глаза засыпь

фыдхор плотоядный

~ сырд плотоядный зверь

~ цæрæгойтæ плотоядные животные

~тæй æвзæрдæр самый хищный из всех; нелюдь

лæджы ~ каннибал

фыдхуыз худой, измождённый *(на вид)*

~ цæсгæмттæ измождённые лица

фыдхъæд злокачественный

~ рæсыд злокачественная опухоль

фыдхъæздыг чрезмерно богатый

фыдхъомыл плохо, дурно воспитанный

фыдхъомыс злоупотребление

~ кæнын злоупотреблять

фыдхъус глуховатый, плохо слышащий; тугоухий

● ~ – хæдзархал глухой может разрушить семью, дом

фыдхъуын взъерошенный, косматый; лохматый *(о шерсти);* нахмуренный

фыдцард (*бир.* фыдцæрдтытæ) тяжёлая, безрадостная жизнь; нищета

~ кæнын нищенствовать

– Алыбон фыдцæрдтытæ æвзарыны бæсты сæ иу хатт баныгæн. *Умар. Стъалы куы скæса* – Чем в мучениях каждый день жить, уж лучше их один раз похоронить

Фыдцæрдтытæй нæ зæрдæтæ сдæрзæгсты, æмæ сæм æппындæр ницы уал хъары. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* От безрадостной жизни сердца наши очерствели, абсолютно ничего их не понимает

фыдцæф сильный пинок, удар

фыдцот плохое потомство; вырожденцы

фыдцъылыз невзрачный, некрасивый, непривлекательный, неприглядный; неуживчивый; злой; злостный

~ бæх невзрачный конь

Гала ацы чызджы раз йæхимæ бынтон ~, бынтон ницæйаг фæкæсы. *Малиты В. Мæйрухс æхсæвтæ* Рядом с этой девушкой Гала чувствует себя совершенно невзрачным, совсем непривлекательным

фыдцъылызарæзт на вид невзрачный

Ærыгон дæр нал уыд, карджын дæр нæма. Цыдæр ~ытæ, фæлæ зонды къуыбылой. *Æхсарбег. Куырды фырт* Он уже и не молод был, но и в летах ещё не был. На вид неприметный. Но зато умник

фыдцъылыздзинад невзрачность; неуживчивость

фыдыбæстæ отечество, родина, отчизна

~ хъахъхъæнджытæ защитники отечества

~йæ адджындæр ницы ис нет ничего дороже родины

~йæ фæхауын оказаться вдали от родины

~йы Стыр хæст Великая Отечественная война

мад æмæ ~ Хуыцауæй лæвæрд сты мать и отчизну не выбирают

мад æмæ ~н зæрдæйы хицæн бынат ис мать и отчизну любят особой любовью

фыдыбæстæйаг отечественный

фыдыбæстон отечественный

фыдызæхх родная земля, отчизна

фыдызгъæл мясо, мясное

● чидæр ~ нæ хордта, фæлæ йын йæ бас цымдта мяса в рот не берёт, а бульон мясной попьёт

фыдыздæхт уродливый

~ хъомылад уродливое воспитание

фыдыздухæн беспощадный, свирепый, лютый

царды ~ тымыгътæ суровые бури жизни

фыдызнаг заклятый враг

● ~æй фыдæрвад фыддæр плохой брат хуже, чем заклятый враг

Дæ къæсæрæй дæ ~ куы æрбахиза, уæддæр ын дæ цæхх, дæ къæбæр ма бавгъау кæн. *Максим. Райсомы мигъ* Даже если твой заклятый враг перешагнёт через твой порог, не откажи ему в хлебе и соли

искæмæ фыдызнаджы зæрдæ дарын — враждебно относиться к кому-л.

фыдымад — бабушка по отцу

● ~ – хи мадæй зынаргъдæр — отца мать дороже родной матери

фыдынд, фыдуынд — некрасивый; уродливый, гадкий

~ кæнын — обезображивать; уродовать

фыдынддзинад — уродство, безобразие

фыдыном — отчество

фыдысмаг — зловоние

фыдыстæн — клянусь отцом

фыдыуæзæг — отчий дом

Райгуырæн, фыдыбæстæ, уый æгæр стыр ныхас у. Фæлæ ис ~, уый алкæмæ хæстæгдæр, зæрдæйæн æхцондæр. *Хайттаты С. Фыдыуæзæг* — Родина – это слишком громкое слово. Но есть отчий дом, который ближе и милее сердцу каждого

фыдыус — мачеха

● ~ мады ад нæ кæны — мачеха мать заменить не может

~ мады ад никæмæн скодта, стæй не скæндзæн. *Гæстæн. Темыры кæстæр чызг* — Мачеха никогда никому не заменила и не может заменить родную мать

● ~ – фыдрын — мачеха как чума

~ы зæрдæ бадарын — отнестись к кому-л. как мачеха

искæмæ ~ы цæстæй кæсын — плохо обращаться с кем-л.

Афтæ мын хъæуы. ~æн йæ ном йæ уæлæ. Хорз ма ракæн, æмæ фыд ма ссарай. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Так мне и надо. Само слово мачеха за себя говорит. Не делай добра, не получишь зла

фыдыфыд — дед по отцу

фыды хай — отец *(обращение к пожилому человеку)*

нæ ~! — Отец!

фыййаг (*бир.* фыййæгтæ) — лопата *(обычно деревянная)*

фыййау (*бир.* фыййæуттæ) — пастух, чабан

~ йæ фысвос хæхтыл хизы — пастух пасёт овец на горных пастбищах

~æй цæуын — быть в пастухах

● Иу, дам, ~æй цæуын йæ сæрмæ хаста, фæлæ йæ ~ы мызд райса, уый нæ хаста йæ сæрмæ. *Хуыгаты С. Суадæтты хъæуы* — Про одного говорят, он пастухом быть не гнушался, а пастушью долю получать стеснялся

● ~æн йæ къæбиц – йæ хызын — сума пастуха – его кладовая

~ы зарæг — песня пастуха

~ы лæдзæг бирæ фæхæссын — долго пробыть в пастухах

~ы уадындз — пастушья свирель

● æмбаргæ ~ йæ фосы рæгъау нымадæй дары — у умелого пастуха все на учёте

● бирæгъы уæрыччыты дзугæн ~ æрвитын — доверить волку ягнят пасти

● иу фысæн бæндæн хъæуы, дыууæйæн та – ~ — одному барану и верёвки хватит, двум уже чабан нужен

Фыййауы лæдзæг *астр.* созвездие Пастуший посох
фылдæр 1. большинство; 2. больше, большей частью
~-~ самое многое; максимум
● ~ бараг ~ æмбулы кто терпит дольше, получает больше
~ кæнын увеличивать, умножать
~ уæвын увеличиваться, умножаться
● ~ кусаг ~ цæры кто работает больше, тот живёт дольше
● ~ фенæг ~ зоны кто много видел, тот много знает
~ хай большая часть
~ хъæлæстæй расидын решить большинством голосов
æгъæдæй ~ больше, чем достаточно
● æдылы сæрыл цæфтæй ~ цы уайы? дурной голове кроме тумаков что достанется?
æппæлынæй ~ нал уыдысты только и делали, что хвалили
Сæ цæст æрæвæрдтой æлдары чызгыл, уымæй æппæлынæй ~ нал уыдысты. *Цоцко. Æлдары чызг* Приглянулась им дочь алдара, они только и знали, что нахваливали её
● иуæн цас хъæуы, дæсæн дæр уымæй ~ нæ хъæуы десятерым нужно столько же сколько одному
иуыл ~ самое большее
кауы михтæй ~ огромное количество чего-л.
сæрыхъуынæй ~ больше, чем волос на голове
Паддзахы æфсæдтæ хъæды сыфтæртæй ~ уыдысты... *Нафи*. Царских войск было больше, чем деревьев в лесу
● хи удæй ~ уарзын любить больше всего на свете
● цы-уыдзæн цы-уыдисæй ~ у впереди больше, чем позади, в прошлом
фылдæрæй-фылдæр всё больше и больше
фылдæргæнæн увеличение, повышение
зонындзинæдтæ ~ курсытæ курсы повышения квалификации
фылдæргонд увеличенный, умноженный
~ хъалон увеличенный налог
мызд ~ æрцыдис зарплату подняли
фылдæрзонæг умный, знающий много, эрудированный
● ~ фылдæр домы чем умнее, тем требовательнее
● ~ фылдæр бары чем умнее, тем терпимее
фылдæркæнынад увеличение, умножение; рост; размножение
фылдæртæ большинство
фылдæрхатт чаще всего; по большей части
фын сон, сновидение
~ алыгъди сон не приходит
● ~ бæласы сыфтæртау ныппырх вæййы сон рассеивается как листва дерева
~тæ уынын видеть сны
~ фенæгау как во сне

~ фенын — видеть сон
~ фесæфти — сон пропал
~тæ райсомы мигътæй уæлдай не сты — сны, что утренний туман
адджын ~ — сладкий сон
● ахæм дзы ~ы дæр нæ фендæуыдаид — такое бы и во сне не приснилось
● гæды йæ ~ы дæр мыстытæ ахсы — кот и во сне мышей ловит
● гæдыйы ~тæ – хъæбынтæ — кошке во сне пирожки снятся
● дæ ~ æцæгмæ рацыд — твой сон оказался в руку
● дæ ~ дæ фæсайдта — твой сон не сбылся
● йæ ~ æй æрыййæфта — сон его сбылся наяву
● лæг ~ы диссæгтæ уыны, хъалæй – фесæфынц — во сне чудеса снятся, а днём они рассеиваются
● мæгуыры зæрдæ ~тæй хъал — бедняка тешат его сны
Йæ бон кæд арвиты зынтæй, / Уæддæр нæ ныххуыссы æнкъардæй / Йæ зæрдæ хъал вæййы ~тæй. *Къоста. Мæгуыры зæрдæ* — Хоть день он в тяготах проводит, / Ложится спать он, не грустя, / В приятных снах он ночь проводит
● рувас йæ ~ы дæр кæрчытæ ахсы — лиса и во сне кур таскает
● стонг карчы ~ – еууы быдыр — голодной куме – хлеб на уме; *букв.* голодной курице поле проса снится
мæ ~ цæуаг у — мои сны сбываются
Хорз ~тæ уынут! — Приятных снов!
Хурхæтæны та лæг ~тæй фылдæр цы уыны! — В солнцеворот какие только сны не снятся!

фынау — как сон; как во сне

фынæй — 1. сон; 2. спящий
~ кæнын — спать
● ~ кæнынмæ байрагæй уæлдай нæу — горазд поспать
~ лæг — спящий человек
● Нарт ~ лæг амарын сæ сæрмæ нæ хастой — Нарты считали ниже своего достоинства убивать спящего
● фынтæ ~ лæг уыны — чтобы сны увидеть, надо заснуть
~ цæуы — хочется спать
Иу комсорг нæм ис æмæ æдзухдæр ~ у, йæ фындзы бын цы ис, уый дæр нæ уыны. *Умар. Стъалы куы скæса* — Есть у нас один комсорг, вечно на ходу спит, не видит, что у него под носом творится
~æ бафсæдын — выспаться
~æ райхъал уæвын — проснуться
мæрдон ~ — беспробудный сон
мæрдон ~æ райхъал кæнын — пробудить от мертвецкого сна
~æ фестъæлфын кæнын — резко пробудить от сна
~ы лалым — соня; лежебока
~ы хос — сонные капли; снотворное
● æнусон ~ бауын — почить; уснуть вечным сном, умереть
● стонг адæймагæн йæ ~ дæр ~ нæу — на голодный желудок что за сон

● тæрхъусы ~ кæнын — спать урывками

тарф ~ — глубокий сон

уæззау ~ бауын — забыться тяжёлым сном

фынæйæ — во сне

фынæйæгуырд — вялый, сонный

фынæйæфсон — как будто во сне

хи ~ скæнын — притвориться спящим

– Нæ загътон, ныртæккæ та исты æрхъуыды кæндзæн, зæгъгæ, – мæхи ~ скодтон æз. *Максим. Æхсызгон улæфт* — – Как я и говорил, он сейчас что-нибудь обязательно придумает, – я притворился спящим

фынæйгæнаг (*бир.* фынæйгæнджытæ) — *разг.* соня; любитель поспать

фынæйгæнæг — спящий; усыпительный; снотворный

фынг — круглый низкий столик на трёх ножках; накрытый стол; угощение

~ æвæрын — накрывать на стол

~ йæ фырдзагæй æртасыд — стол ломился от угощений

~ сисын — убрать со стола

Ацырухс ~ куы схорз кодта, уæд йе ‘фсымæртæн бафæдзæхста, кæйдæр лæппуйы иунæгæй ма ныууадзут. *Хацырты С. Хæхты фæдисон* — А как со стола убрала, Ацырухс наказала своим братьям, не оставлять гостя одного

● ~ у ирон царды скъола — застолье у осетин – школа жизни

● ~æй сгуытæ хæссын уарзын — прихватывать лучшее для себя; *букв.* с застолья домой уносить ляжки жертвенного животного

~мæ æвналут! — угощайтесь! К столу! *(обращение к гостям)*

~тæ сæттынц хæринæгтæй — столы ломятся от кушаний

● ~ы уæрст нæй — за столом дележа нет – все равны

● ~ыл бадгæйæ алчи хъуамæ йæ бынат зона — за столом каждый должен знать своё место

● ~ыл рон суадзын — объедаться без меры; *букв.* за столом ремень ослабить

~ыл рон суадзын худинаг кæй у, уый йæм нымады дæр нæ уыд. *Ахуырбег. Хуры зарæг* — Ему и в голову не приходило, что есть без меры неприлично

● ~ыл хъулон нæ фидауы — за столом все равны

● арм ~æн дарын — прислуживать

~æн нын дардтай ды дæ арм, / Куыд фенæм къаддæр тухи, маст, / Дæ чызджытæм куыд уа æфсарм, / Дæ лæппутæ куыд уой ныфсхаст. *Гаджиты Г. Заз бæлас* — Ты всегда служила нам, / Чтоб мы видели меньше мучений, обид, / Чтобы дочери были скромны, / А сыновья храбры

æртæкъахыг ~ — стол-треножник

● бæрæгбоны ~ уазджытæй фидауы — праздничный стол гостями красен

● дзаг ~ æдзæххæй æгад у — накрытый стол без соли – это позор

зианы, хæрнæджы ~ — поминальный стол

Нæ зианы ~тæ чындзæхсæвы ~тæй цауддæр нæ вæййынц ностæмæ хæринæгтæй. *МД. 11.2013* — Поминальные столы у нас стали накрывать так же богато, как и свадебные застолья

ирон ~ ирон чъиритæй фидауы — осетинское застолье красят осетинские пироги

● куывд фынджы бæркадæй фидауы — пир красен изобилием столов

● къухтæ ~æн дарын — служить кому-л. с готовностью

Дæ ~ та мæ ~æй, æвæццæгæн, кæуинагдæр. *Мæрзойты С. Дзæбуг æмæ хъæсдарæг* — У меня на столе еды – кот наплакал, а у тебя, видать, ещё меньше

тудждыхтæн сæ бон уыдис иу ~ыл бадын — кровники могли сидеть за одним столом

фынджы æгъдау — правила застолья; застольный этикет

фынджы иссæггæгтæ — остатки еды

фынджы уаг — проведение застолья, порядок за столом

фынджы уаг бирæ аразгæ у хистæрæй — порядок застолья во многом зависит от старшего

● фынджы уæлхъус иууылдæр суарзон вæййынц — сотрапезники все лучшими друзьями становятся

Фынджы уæлхъуыс куы фæбадай, уæд дзы уыйфæстæ арфæтæ дæр фæхъæуы. *Ладемыр Арв ныттар* — Коли за столом вас привечали, положено, чтобы и благодарностью отвечали

фынджы фидауцæн — для украшения стола

хъæздыг, дзаджджын ~ — богатое угощение

● ~ цыфæнды дзадджын куы уа, уæддæр æдзæхæй нæ бæззы — самое изобильное застолье без соли не годится

цæлы ~ — пирушка

● цæхх æмæ кæрдзын ирон фынджы фидауц сты — осетинское застолье украшают соль и чурек

цины ~ — застолье по радостному поводу

Æвæццæгæн царды уыдзынæ зын рæтты… / Дæ фæндаг лæгъзытæ нæ уыдзæн ~ау. *Дæуыт. Бæлццонæн* — Наверное, трудности в жизни тебя поджидают… / Дорога не расстелется скатертью пред тобой

фынгæвæрд — накрытый стол; застолье

бæрæгбоны ~ — праздничный стол

номхæссæн ~ — небывалое застолье

фæрныг ~ — богатый стол

чындзæхсæвы ~ — свадебное застолье

фынгæмбæрзæн — скатерть

фынгисæг (*бир.* фынгисджытæ) — тот, кто убирает стол

● фынгисæггæг – ~æн — кто со стола убирает, тот всё со стола себе забирает

фынгисæггаг (*бир.* фынгисæггæгтæ) — *этн.* еда для обслуживающих столы

● иу айкæй ~ уадзын — быть чрезмерно воздержанным в еде

● рагон уазæг айкæй ~ ныууагъта — в старину гость одно яйцо из скромности не доел

● ~ дæр нæ ныууадзын — съесть всё подчистую

Иугæр хæринагмæ баирвæзтæн, уæд дзы ~ дæр нал фæуагътаин, æмæ мæ худинаджы хъæр цыди. *Хæблиаты С. Ænамæ мын чи бадзурдзæн?* — А если я добирался до еды, то съедал всё подчистую, ничего не оставлял, и о моём позорном поведении все знали

фынгылбадæг (*бир.* фынгылбадджытæ) — участник застолья

фынддæс — пятнадцать

фынддæсаздзыд, фынддæсазыккон — пятнадцатилетний

фынддæсæймаг, фынддæсæм — пятнадцатый

фынджыдзаг — *этн.* поминальный стол

~ ныххæлар кæнын — посвятить еду покойному

~ скæнын — приготовить поминальный стол

фындз — нос; кончик; остриё

● ~ æгæр фесхъæл кæнын — задрать нос; зазнаться; возомнить о себе

● ~ æддæмæ дæр нæ радарын — даже нос не высунуть

● ~ дæлæмæ æруадзын — повесить нос; опечалиться

Дæ ~ цы ‘руагътай? Даргъ дын куы у рагæй дæр. *Къодоты О. Дуджы фæлгæт* — И чего ты нос повесил? Он у тебя и без того с давних пор длинный

● ~ дæр не æрбадарын — даже носа не казать

● ~ дымгæмæ дарын — держать нос по ветру

Æз дымгæмæ йæ ~ чи дары, йæ хъуыдытæ рæстæг æмæ фадæттæм гæсгæ раив-баив чи кæны, уыдонæй нæ фæдæн. *Ашæх. Цард – фын фенæгау* — Я не из тех, кто держит нос по ветру и меняет свои убеждения в зависимости от времени и обстоятельств

● ~ зæххыл ахафын — споткнуться

~ хæрдмæ сдарын — задрать нос; высунуть нос

~æй æхситт кæнын — свистеть

~æй уæлдæф сулæфын æмæ йæ фæстæмæ рауадзын — вдохнуть и выдохнуть через нос

~ы бын бахъуыр-хъуыр кæнын — пробурчать себе под нос

Фырмæстæй йæ ~ы базыртæ дымсын райдайынц — От злости у него крылья носа начинают раздуваться

● ~ы пырх акалын — разбить нос

● ~ы рагъ мæ хæры — переносица чешется (*к гостям*)

Знон бонсауизæрмæ мæ мæ ~ы рагъ хордта. Нæ дын загътон уазæг нæм цæудзæн. *Дзабайты Т. Сидзæртæ æмæ сидзæргæстæ* — Вчера до самого вечера у меня переносица чесалась. Я же не зря говорила, что быть гостю

~ы хуынчъытæ — ноздри

● уый дæр йæ ~ы хуынчъытæй дон нæ нуазы — он тоже не лыком шит; его не проведёшь

● дæ ~ дæр ма радар — чтоб даже носу не казал

● дыууæ цæсты астæуæй ~ фелвасдзæн — он на ходу подмётки рвёт; *букв.* меж двух глаз нос стащит

А-а, Саладин? Хуыцау бахизæд. Цæстфæлдахæг у! Дыууæ цæсты астæуæй ~ фелвасдзæн! *Ашæх. Цы номæй дæм бадзурон* — А-а, Саладин? Боже упаси! Он жулик! На ходу подмётки рвёт

● искæй ~ амæрзын — утереть нос кому-л.; обойти в чём-то

● искæй ~ насхафæнæй асæрфын — *разг. перен.* «приласкать» кого-л., жёстко обойтись с кем-л.

● искæй ~æй ласын — водить за нос; обманывать

● искæй йæ ~ы кæронæй ралас-балас кæнын — водить кого-л. за нос; долгое время обманывать кого-л.

Хазби дæр, йæ ~ы кæроныл кæмæн ныхæцай æмæ дæ фæдыл ралас-балас кæй кæнай, ахæм нæлгоймаг нæу. *Ладемыр. Артдзæст* — Хазби тоже не из тех мужчин, кого можно ухватить за нос и водить за этот нос

● йæ тæккæ ~ы бын — *прост.* под самым носом у кого-л.

● йæ тæккæ ~ы бынæй — *прост.* из-под носа

Мæхи Тамарæ та. Мæ ~ы бынæй мын æй иу Хасаны хуызæн куы фелваса! *Ашæх. Цы номæй дæм бадзурон* — А моя Тамара. Так какой-нибудь Хасан у меня её прямо из-под носа уведёт!

● кæйдæр хъуыддаджы ~ тъыссын — лезть не в своё дело; совать нос в чужие дела

Афай фæмæсты уыцы ныхæстæм. Цы тъыссы ацы сылгоймаг йæ ~ Афайы хæдзары хъуыддæгтæм. *Малиты Х. Мæйрухс – мæ хуры тын* — От этих слов Афай разозлился. Какое дело этой женщине совать нос в домашние дела Афая

къахы ~æй скъуырын — толкнуть носком ноги; необдуманно поступить

дæ амонд дæ къахы ~æй ма асхой — сам не оттолкни своё счастье

къæхты ~тыл кафын — танцевать на носках

● нырма йæ ~ы бын нæма бахус — ещё сопли под носом не высохли

Нырма йæ ~ы бын нæма бахус, афтæмæй цытæ зоны… Мурадийы роны куыд абырыд. *Максим. Нæ фехъуыстон ма загъ* — Он ещё совсем сопливый мальчишка, а какой умный… Влез в душу Муради

● нырма йæ ~ ныссæрфын нæ зоны — он ещё ничего не умеет; *букв.* сам нос не научился себе вытирать

Йæ ~ ныммæрзын чи нæма зыдта, уыдон дæр аллырдыгæй къæпп-къæпп кодтой. *Максим. Райсомы мигъ* — И даже те, у кого ещё молоко на губах не обсохло, тоже тявкали со всех сторон

● судзины ~æй агурын — быть дотошным, педантичным

● судзины ~æй зæрдæ скъах, судзины бынæй зæрдæ балхæ — пустяком можно обидеть человека, пустяком можно его расположить к себе

схъæл ~ — вздёрнутый нос

тæф ~ыл ауад — учуял запах

фæтты ~тæ — наконечники стрел

● бафидаудзыстæм карды ком æмæ фаты ~æй! — пусть помирят нас клинок и наконечник стрелы!

● хи ~æй дарддæр ницы уынын — ничего не видеть дальше собственного носа

● хистæрæн йæ ~ амæрз, æмæ йæ зондæй бафæрс — поухаживай за стариком, а потом попроси у него совета

хæсгарды ~ остриё ножниц

хъамайы ~ острие кинжала

Уыцы рæстæджы куывтой хъамайы ~æй. В те времена молились, насаживая ритуальное мясо на острие кинжала

● Царциатæ ‘мæ Нарт фаты фындзмæ сæ риу дардтой, карды коммæ – сæ бæрзæй Царциата и Нарты стрелы грудью встречали, мечам – шею подставляли

фындзæуæг привидение; лунатик

~ фæзынд явилось привидение

фындзæфтыд с перебитым носом

● рог лæппу – ~ с сердцем беспечным – с носом увечным

фындзджын с большим носом, носатый

фындзон *лингв.* носовой

~ хъæлæсонтæ носовые гласные

фындзыкæлмæрзæн носовой платок

фындзырагъ (*бир.* фындзырæгътæ) переносица

кæсæнцæстытæ ~ыл бакæнын надеть очки

● мæ ~ мæ хæры переносица чешется – быть гостю

Мæ зæрдæ йæ зыдта. Зыдта абон кæй ссæудзынæ, уый! Æнæхъæн къуыри мæ ~ дзæгъæлы нæ хордта! *Изæтбег. Кæлæх фæндаг* Чуяло моё сердце. Чуяло, что ты сегодня приедешь! Целую неделю у меня переносица чесалась

фындзыхуынкъ (*бир.* фындзыхуынчъытæ) ноздря

● мах дæр дон нæ фындзыхуынчъытæй нæ нуазæм мы тоже не вчера родились; мы тоже не лыком шиты

фындзыхуынчъытæ хъыдзы кæнын щекотать ноздри

фындзыхъæл *кæс* **фындзырагъ**

фынк (*бир.* фынчытæ) 1. пена; 2. мыльный; взмыленный

~ кæнын пениться

комæй ~ ракæлы пена изо рта идёт

сапоны фынчытæ мыльная пена

сапоны ~ау фехæлын лопнуть как мыльный пузырь

Куыд мæнгæфсон у амонд а дунейыл! Бафу ыл кæн, æмæ фехæлдзæн сапоны ~ау. *Малиты В. Кæйдæр тетрадæй* Как хрупко счастье на этом свете! Дунь на него, и оно растает как мыльный пузырь

фынчытæ канчырийæ исын снимать пену шумовкой

хуымæллæджы фынчытæ пена хмеля

фынкæйдзаг пенистый; вспенённый; мыльный

фынкгæнаг пенистый

фынкисæн, фынккалæн ложка для снятия пены, шумовка; дуршлаг

фынккалгæ пенящийся; шипучий

~ æхсæрдзæн пенящийся водопад

~ бæгæны пенистое пиво

~ уылæнтæ пенящиеся волны

● комы ~йæ дзурын говорить с пеной у рта

фынктъанхъатæ
пенистые капли

Арагуийы дон къæдзтæ-мæдзтæ, пырх калгæ, æнусы къæдзæхтыл йæхи æппæрста, фырмæстæй урс ~ фæйнæрдæм пырх кодта. *Секъа. Арагуийы æлдар Нугзар*
Река Арагви, извиваясь, бурля, бросалась на вечные скалы, в сердцах разбрасывала вокруг пенистые воды

фынсайд
1. разочарование; 2. разочарованный

~ фæкæнын
разочаровать; растаять как сон

~ фæуын
разочароваться; обмануться

фынфенæгау
как во сне

Даргъ хæххон зымæг, / Уалдзыгон бонау, / Ныр æрымысын / Æз, ~. *Къоста. Фесæф*
Долгую горскую зиму, / Как весенний день, / Теперь вспоминаю / Я как сновидение

фыр *(бир.* фырытæ)
баран; одно из положений альчика в игре

● ~ытæ гуыппытæ кæнынц, далыстæ хизгæ
бараны дерутся, а ягнята пасутся

Мæ цыбыр зондæй дын зæгъын: ~ытæ хæцынц, мах та нæ сæртæ цæуыл риссын кæнæм. *Джимиты Г. Сау мигъ*
Вот что я тебе скажу своим скудным умишком: паны дерутся, а мы чего себе проблемы создаём

● ~ыты гуымсæй ком арауы
от ударов баранов ущелье сотрясается

● гуымыдза ~ сыкъаджынимæ хæцыди ’мæ йæ йæ хъустæ дæр нал фесты
безрогий баран с рогатым бился и ещё и ушей лишился

● фысы цæф ~æн нæ риссы
удар овцы баран не чувствует

● хорз фиййау уæрыччы дæр тохъхъыл-~ыл нымайы
хороший пастух и ягнёнка за барана считает

● цæваг ~ы каст кæнын
смотреть с вызовом, как бодливый баран

Баввахс ысты Нартæ рæгъаугæстæм æмæ кæсынц фосмæ: уæрыччытæ – далысты йæстæ, далыстæ – ~ыты йæстæ, ~ытæ – уæнгуыты йæстæ. *НК. 2*
Приблизились нарты к пастухам и рассматривают их скот: ягнята как годовалые барашки, барашки как бараны, а бараны как бычки у них

Фыр
астр. Овен

фыр-
очень, сильно; чрезмерно

фырадæргæй
от переживаний

~ фæцæй æрра кæнын
сходить с ума от волнений

● ~ ма цы акæна, уый нæ зоны
он вне себя от переживаний, тревоги

Мæ ~ лæхурын алы диссæгтæ
От переживаний несу всякую чушь

Фыртагъд цыд æмæ ~ йæ сур хид акалд. *Баситы М. Иубæстаг*
От быстрой ходьбы и чрезмерного страха с него семь потов сошло

фырадджын
слащавый; приторный

~ мидбылхудт
слащавая улыбка

● ~ фырмастмæ цæуы
что приторно начинается, горечью кончается

фыранк, фæранк
зоол. барс

● цæф фыранчы хуызæн
как раненный зверь, яростно

фырæгъуыссæг
недосыпание

фырæгъуыссæгæй
от недосыпания

фырæмбаргæ
заумный

~ митæ кæнын — умничать

фырæмхиц — пристрастие, склонность

аивадмæ ~ — склонность к творчеству

фырæнувыдæй — из чрезмерной преданности

фырæппæлд кæнын — захваливать; перехваливать

фырæрхуымæй — в отчаянии

Кларæ ~ сулæфынхъом дæр нал уыдис. *Æхсарбег. Куырды фырт* — От отчаяния у Клары перехватило дыхание

фырæфсæрмæй — со стыда; от чрезмерной застенчивости

~ йæ цæсгом ссыгъдис — от смущения лицо зарделось

Бирæ ныхасгæнæг нæ уыд. Ныр дæр æнцад хъуыста æмæ ~ уадултæ сыгъдысты. *Æхсарбег. Хурхæтæны* — Она была неразговорчивой. Вот и сейчас она молча слушала, и щёки её горели от смущения

~ цæсгомы цъæрдтæ ссудзынц — от стыда щеки начинают гореть

~ сырх-сырхид афæлдæхын — стать пунцовым от стыда

~ цы фæуон, уый нæ зонын — не знаю, куда деться от стыда

~ ма мæхи цы фæкодтаин, уый нал зыдтон — я от смущения не знала, куда себя деть

● чидæр ~ йæ усы ’фстау радта — так стеснялся, что жену отдал в долг

● чидæр ~ йæ чъири къæйыл ныууагъта — от чрезмерной застенчивости пирог на плите оставил

фырæфсæст — обжорство, переедание

~æй сæ рæттæ æддæдæр рауагътой — от переедания пришлось им пояса расширить

● абырæг бирæгьау у: куы ~, куы – ’ххормаг — у абрека что у волка, то пусто, то густо

фырæфхæрд — большая обида, оскорбление

фырбирæ — уйма

фырбуцæй — от избытка чувств, заботы, внимания

фырбуцæн — из уважения; с теплотой

фырвæллад — переутомление; чрезмерная усталость

фырвых кæнын — переварить что-л.

фыргуист — баран *(годовалый)*

фыргуыст, фыркуыст — непосильный, тяжёлый труд

~ кæнын — выполнять тяжёлую работу; надрываться

● фырхуыстæй ~ хуыздæр — чем много лениться, лучше много трудиться

фырдис — сильное удивление; изумление

~æй йæ бинаг æфсæр æрхаудта — от удивления нижняя челюсть отвисла

~æй йæ цæстытæ ахъоппæг сты — от изумления он глаза выпучил

~æй уæлгоммæ фæцæйхауын — подскочить от изумления

Мах та ацал-ауал азы ~æй не ‘муд æрцæуын нæ фæразæм — А мы уже столько-то лет не можем прийти в себя от удивления

~ы æфтыд — восхищённый, изумлённый

фырдиссагæй — от чрезмерного удивления

фырдзаг чрезмерно полный; обильный; переполненный

фырдзарм *(бир.* фырдзæрмттæ) овчина

фырдзураг, фырдзурæг болтун

фырдзырд 1. говорун; спорщик; болтовня; 2. многословный, говорливый, болтливый

● ~ адæймаг ривæд куыройы гæркъæрæджы хуызæн у пустослов как мельничная трещотка

● ~ кæнын болтать; спорить; говорить лишнее

~æй фæллайын кæнын утомлять разговорами

~ ыл бафтыд словоохотливость на него нашла; разговорился

~ ныл ноздæй нæ бахæцыд, нæ тыхстæй сдзураг стæм. *Мæрзойты С. Къæхтысæр* Это мы не от выпивки такие словоохотливые стали, это наша нужда нам языки развязала

фырдзыт слишком почитаемый, боготворимый

● цыт хорз у, фæлæ ~ æдзыт у почитать хорошо, а боготворить не пристало

фырдзыхарæхст красноречивый; велеречивый; склонный к краснобайству

фырзæронд дряхлый, старый, ветхий

фырзонаг мнительный

фырзонагдзинад мнительность

фырзыд 1. жадность; 2. очень жадный; алчный

фыркатайæ в тревоге; в отчаянии

~ мæ уд мæ хъуырмæ свæййы от отчаяния комок к горлу подкатывает

● ~ хицæн бынат нал арын не находить себе места от отчаянья

фыркуыст изнурительный труд

~æй хи марын изнурять себя работой; загнать себя трудом

фыркъа баран *(от шести месяцев до одного года) прост.* смотрит как баран на новые ворота; смотреть недоумённо, растерянно

● ~ ног дуармæ куы ныджджих уа, уый каст кæны

фыркъæмдзæстыгæй слишком застенчиво

фырлæгъстæ чрезмерные уговоры

● ~йæ ме ‘взаг ыстæнæг от всех этих уговоров у меня язык уже стёрся

фырмæгуыр нищенский

Арф уидæгтæ кæмæн нæ уа, уыцы бæласæн бирæ цæрæнбон нæй, уымæн йæ къалиутæ ~æй джихтæ кæнынц. *Чеджемты Æ.* Дерево, что глубоко корни не пустит, долго не протянет, веточки от слабости свисают

фырмæгуырдзинад крайняя бедность, пауперизация

фырмæстæй от злости

~ ныттыппыр уæвын раздуться от злости

● ~ фæсæнтдзæф уæвын — *разг.* остолбенеть от гнева
~ фæрстæ куыннæ фæцæйтыдтой — как не лопнул от ярости
~, дам, хæхтæ ныррызстысты уæд, / Æхсæвау нытталынг фыдæлтыккон хъæд. *Дæуыт. Фырмæстæй нытталынг и хъæд* — Говорят от злости содрогнулись горы, / Древний лес потемнел как ночь

фырмæтæй — от переживаний; в волнении
~ зардæ рисы — сердце от переживаний болит
~ мæ хуыссæг дæр нал ахсы — от переживаний сон пропал
~ удхар кæнын — от переживаний страдать
Афтæ æнхъæл уыдтæ, æмæ нæ зыдтон æнæ мæн ~ куыд удхар кæндзынæ, уый. *Фæрниаты Б, Хадизæты амонд* — Ты думала, я не понимаю, как ты без меня страдать станешь от волнения
~ хицæн бынат нæ арын — не находить себе места от беспокойства

фырмонц — 1. страсть; 2. пылкий; страстный

фырнад — избиение
~æй акъæрт кæнын — избить до беспамятства
~æй сцъæхтæ кæнын — наставить синяков
Амар æй фæлтау ~æй, / Акъах ын йæ цæст, / Фесаф æй бынтон, æгадæй, – / Бафсад æй æрмæст! *Къоста. Марходарæг* — Лучше избей его до смерти, / Выколи ему глаза, / Уничтожь его совсем с позором, / Только накорми его!

фырнард — ожирение; чрезмерная полнота

фырнардæй, фырнæрдæй — от полноты, от лишнего веса
~ скъуынын — сильно полнеть; лопаться от жира
~ фиу зæрдæйыл схæцыд — сердце заплыло жиром

фырнозт — запой
~ кæнын — пить до невменяемости

фырнымд — чрезмерно стеснительный, щепетильный; чопорный; церемонный
~ лæг æдзыт у — чрезмерно щепетильный человек не в чести
– Чидæр æм ис. Бацу. – Хъыгдарын нæ уарзын. – Æгæр ~ дæ. *Æхсарбег. Хæххон доны уынæр* — – У него кто-то есть. Ты зайди. – Не люблю беспокоить. – Ты чрезмерно щепетилен
æхцайы хъуыддаджы тынг ~ у — в денежных делах он чрезвычайно щепетилен

фырнымддзинад — щепетильность; принципиальность

фырræгъæд — перезрелый; переспелый
~ кæрдо — перезрелая груша

фырræузонд — легкомыслие

фырркк — фырканье, храп *(лошади)*
~ кæнын — фыркать, храпеть

фырсæрæн — слишком энергичный, активный, предприимчивый

фырт — сын

● ~ хъуамæ фыды кад мæрдтæм ма ауадза — славу отца должен сын продолжить

æз мæ фыдæн ~æн нæ райгуырдтæн — Я не я; не будь я сын своего отца

● барон-барон – лæджы ~, æгæр барон – куыдзы ~ — терпеливый – молодец, а слишком терпеливый – глупец

иу мад, иу фыды ~тау — как родные братья

иунæг ~ — единственный сын

сахъгуырд ~тæ — смельчаки

усы ~ — пасынок

хæсгæ ~ — приёмный сын

хистæр ~ — старший сын

фыртагъд — 1. торопливый, поспешный; 2. торопливо, поспешно

фыртагъдæй — в спешке; второпях

фыртардæй рафтын кæнын — загнать; замучить ездой, гонкой

фыртарст — 1. перепуг; 2. сильно перепуганный

фыртарстæй — с перепугу; в страхе

фыртæвдæй — от сильного жара; сгоряча; в раздражении

~ зынг фестын — воспламениться от жара; вспыхнуть

фыртæригъædæй — от чрезмерной жалости; из сострадания

Æмæ сын ~ мæ зæрдæйы тугтæ ныккæлынц. Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ — Из сострадания к ним у меня сердце кровью обливается

фыртæссæй — от страха

~ ыл ихæн риз бахæцыд — его лихорадит от страха

фыртуаг — *хим.* перекись

фыртыфырт — внук *(сына сын)*

фыртыхст — сильное беспокойство; душевное страдание; безвыходное положение

фыртычызг *(бир.* фыртычызджытæ) — внучка *(дочка сына)*

фыруарзт — пристрастие, склонность

фыруæрæх — мешковатый (*о платье)*

фырфæлмæст — переутомление

фырфæсмонæй — сильно сожалея; в раскаянии

● ~ къухы фыдтæ хæрын — локти кусать; сильно сожалеть

фырхаст — перекормленный

фырхæлæгæй — от чрезмерной зависти

~ мæлын — быть очень завистливым; *букв.* умирать от зависти

~ тъæппытæ хауын — разрываться от зависти

~ уæлæмæ дæр не сræзыд — он не вырос от избытка хитрости

● ~ цæсты фиутæ тайынц — умирать от зависти

● иутæ цардæй къæртт æппарынц, иннæтæн та сæ ~ сæ цæсты фиутæ тайынц — Одни живут в роскоши, а другие от зависти к ним умирают

фырхæраг обжора
фырхæрд обжорство
● адзал ~æй дæр æрцæуы смерть и от обжорства наступить может
● ~ арсæн дæр нæ тæйы обжорство и медведю выходит боком
~ кæнын обжираться, наедаться до отвала
фырхинæй от избытка хитрости
● ~ уæлæмæ дæр не сræзыд от хитрости даже не вырос
фырхиуарзт чрезмерное самолюбование
Йæ ~æй зæрдæйы тых сæры магъзыл фæуæлахиз. *Фæрниаты Б. Мады рæдыд* От самовлюбленности сердце взяло верх над разумом
фырхудæгæй со смеху
~ ратул-батул кæнын кататься со смеху
~ мæ æртæнтæ фæрыстысты я смеялся до колик
фырхуыст избыток сна; долгий сон
● ~æй фыргуыст хуыздæр чем много лениться, лучше много трудиться
фырхъал слишком гордый, надменный, спесивый
фырхъалæй от избытка чего-л.; от пресыщения / пресыщенности
● йæ ~ йыл хуыз нæ хæцы от него одна тень осталась из-за избытка всего
● йæ ~ нæ не от хорошей жизни
● йæ ~ цы ракæна, уый нæ зоны дурит от безделья / пресыщения; с жиру бесится
● сæ ~ сины фыд нал хордтой от пресыщености они стали слишком привередливыми / разборчивыми в еде
● уæлбикъон йæ ~ хъайла цæгъды привередливый от жира бесится
фырхъæздыг очень богатый; роскошный
~æй ракæл-ракæл кæнынц не знают, куда девать свое богатство
~ бæстæ очень богатый край
фырцæрæгджын перенаселенный
фырцæрæгджынад перенаселенность
фырцин восторг, избыток радости; восхищение
~ы æфтыд восхищенный
фырцинæй от радости, на радостях
● ~ хицæн бынат нал арын не находить себе места от радости
фырцыбæлæй введённый в соблазн
фырцыбыркъух крайняя бедность
фырцымыдисæй мæлын сгорать от любопытства
фырыстонг проголодавшийся, очень голодный
● иу фырæфсæстæй куырм у, иннæ та – ~æй кто от сытости ничего не видит, кто от голода
фырыстыд хвалёный; захваленный
фырыстыр 1. колосс; 2. колоссальный
фырыхъул крупный альчик, бабка

~ы хуызæн лæппу — крепкий славный малыш; парень, что надо

Мæгуыр сæ ныййарджытæ, ~ы хуызæн хъæбултæй æнæхæй чи фæци. *Фæрнаты Б. Сæфт хъæбул* — Бедные их родители, которые лишились таких славных сыновей

фыс — овца

● ~ æдылы у: бирæгъ æй куы хæры, уæд иннæтæ та бирæгъмæ смудынц æмæ фæцагъды вæййынц — овца глупа, её волк загрызть хочет, а другие бараны принюхиваться начинают и сами пропадают

● ~ – комы, сæгъ – хохы. — овцы в ущелье, козы в горах

● ~ сæгъы фæдыл цæуы, фæлæ сæгъы хизæнтæм нæ хизы — овцы за козлом ходят, но так высоко как козёл не заходят

● ~æн йæ царм кæрцаг у, йæ царв та бæркад у — шкура овцы для шубы, а масло для изобилия

● ~тæй зæддаг – хицæн, хуыскъаг – хицæн — овцы отдельно, яловые отдельно

~ты дзуг — стадо овец

● ~ы комæй хал нæ раласдзæн — (и) мухи не обидит; не обидит слабого

Нæ уыди сыхбæсты сæрыстыр, йе хъал, / Нæ раласта никуы ~ы комæй хал. *Дауыт. Чабæхан* — Не было среди соседей гордецов или зазнаек, / Никто никогда бы и мухи не обидел

● ~ы цæф фырæн нæ риссы — удар овцы баран не чувствует

● æдде ~ уыд, мидæгæй та бирæгъ — снаружи овечка, а в доме волк

Искуы дæр ма ~ йæхицæн бирæгъæй цæдис амбал кæны. *Æхсарбег. Хурхæтæны* — Разве баран берет когда в союзники волка

● гæбæр ~ — паршивая овца

● далыс бонхуыздæр кæны, ~ – бонвыздæр — барашек с каждым днём сил набирается, а овца день ото дня хуже становится

● дзуджы астæу хæццæ ~ бæрæг у — заблудшая овца в отаре выделяется

● æддаг ~ фырæй кадджындæр у — овцематка выше барана ценится

● нæ ~тæм раздæхæм — вернемся к нашим баранам

● рагон лæг йæ ~тæ лæсчъы радта, йæхæдæг та лæскъ райста — своих овец отдал на содержание, а сам на содержание скот взял

● сау ~ фырæхсадæй амард — во всем нужно знать меру

● тарст ~ ног кулдуармæ куыд кæсæ — смотреть как перепуганный баран на новые ворота

● хуыскъ ~ æддаг ~æн ælдар у – тых ыл кæны — бесплодная овца овцематку побеждает силой

● хуыскъ ~ нæл ~ы 'мдых у — яловая овца силой что баран

фысвос — баранта; мелкий рогатый скот

~ дарын — разводить мелкий рогатый скот

● иу ~æн – авд фыййауы — у семи нянек дитя без глаз

фысвосдарæг — овцевод

фысвосдарын — овцеводство

фысгæс — пастух овец

фысдон *(бир.* фысдæттæ) — овчарня

фысдзарм *(бир.* фысдзæрмттæ)
- бирæгъ ~ы тыхтæй — овчина
- ~ бирæгъы цармæй раивын — волк в овечьей шкуре
- ~ бирæгъы цармæй раивын — сменить овечью шкуру на волчью

Уайтæгъд пъалицæйы æрбалæууыд æмæ бынтондæр йæ ~ бирæгъы цармæй раивта. *Хъæйттаты С. Æнæном обау* — В ту же минуту примчался в полицию и, окончательно сбросив свою овечью шкуру, предстал волком

фыссæг *(бир.* фысджытæ) — 1. писатель; поэт; 2. пишущий
- номдзыд ~ — именитый писатель
- райдайгæ ~ — начинающий автор

Райдайгæ ~мæ сфæлдыстады зынг æмæ поэтикон уынынад куы нæ уа, уæд йæ фыдæбæттæ хæрдзæгъæлы сты. *Абайты Э. Р.17.10.2019* — Если начинающим авторам не достаёт творческого огонька и поэтического видения, то их усилия совершенно напрасны

- фысджыты цæдис — Союз писателей
- фысджыты цæдисы сæрдар — председатель Союза писателей
- фыссæджы курдиат — талант писателя, поэта
- фыссæджы къухфыст — рукопись писателя
- фыссæджы сфæлдыстад — творчество писателя

фыссæггонд *(бир.* фыссæгæндтæ*)* — писака, бумагомаратель

фыссæн — письменный; записной
- ~ машинкæ — пишущая машинка
- ~ стъол — письменный стол
- ~ чиныг — записная книжка
- ~ фæйнæг — доска *(классная);* пишущий

фыссæнгарз — ручка
- хатгай ~ æхсарæй тыхджындæр у — иногда перо разит сильнее меча

фыссын — писать
- ~æй фыст дæр мæм нæу — он ничего для меня не значит
- æмхæстæй ~ — писать слитно
- кæрæдзимæ ~ — переписываться
- кърандасæй ~ — писать карандашом
- тагъд ~ы æгъдæуттæ — скоропись

фыссынад — письменность
- ~ райрæзын кæнын — изобрести письменность
- ~ы цыртдзæвæнтæ — памятники письменности
- кириллон ~мæ раивын — перейти на кириллицу

фыст — 1. письмо; писание; 2. написанный
- ~ равзарын — разобрать почерк
- ~ цы ‘рцæуа, уый сартæй дæр нал скъахцынæ — что написано пером, не вырубишь топором

фыстæг (*бир.* фыстæгтæ, фыстæджытæ) — письмо
- арфæйы ~ — поздравительный адрес
- æмбарынгæнæн ~ — объяснительная записка
- дзуаппон ~ — ответное письмо
- хæстон фыстæджытæ — фронтовые письма

фыстæгхæссæг письмоносец

фыстисæг принтер

фыстуац статья

фыстхалæн резинка для стирания написанного

фысым хозяин; лицо, оказывающее гостеприимство

Дзæуджыхъæуы дæр нæ бацагуырдта нæ ~, нæ уæзæгуат. *Ашæх. Батраз æмæ Лиза* — И в Дзауджикау тоже он не стал искать, ни у кого можно остановиться, ни гостиницы

● ~ æмæ уазæг, цæхх æмæ кæрдзын, стæй дзуапп фондз æфсымæры сты — хозяин, да гость, соль, да хлеб, да ещё беседа – пять родных братьев

~ æмæ уæзджытæ райстой кæрæдзийы къухтæ. *Умар. Стъалы куы скæса* — Хозяин и гости пожали друг другу руки

~ бакæн — будь гостем

● ~ – бирæгъ, уазæг – фыс — гость в распоряжении хозяина; *букв.* хозяин – волк, гость – овечка

~ ивын — переходить, переезжать в другой дом

● ~ йæ рæдыдыл куы сæтта, уæд æй уазæг дæр уромы — если хозяин свои ошибки признаёт, гость стерпит

~ кæнын — останавливаться в гостях; делать остановку в пути

~ нæм бакæ — предлагаю тебе ночлег

● ~ уазæджы фæрцы фæцæл кодта — гостя угощал и себя не забывал

~ уæвын — оказывать гостеприимство

Дæуæй хистæр ничи ис ~тæм, сæгъгæ, йæ хистæрæн сбадын кодтам. *Куыдзæг. Илас Æрнигон* — Сказали, мол, старше тебя у хозяев никого нет, и посадили его за тамаду

● ~ фыд бахордта, уазæг та стæг бахсыдта — хозяин мясо доедал, гость кости глодал

● ~ аивæг уазæг – дзæгъæлдзу — гостеприимного хозяина на другого только праздношатающийся гость меняет

● æвзæр ~æн уазæг уынаффæ кæны — плохому хозяину гость указ

● уазæг цæттæ, ~ æдзæттæ — гость уже на пороге, а хозяин ещё на полдороге

– Æмæ ирон æмбисонд нæ зоны,– худгæ бакасти Белæ Темырмæ,– уазæг цæттæ, ~ – æдзæттæ. Ныббардзæн нын. Æццæй, Темыр?! *Умар. Стъалы куы скæса* — – А он не знает осетинскую поговорку, – и Белла со смехом взглянула на Темыра, – гость на пороге, а хозяева ещё на полдороге. Простит нам. Ведь правда, Темыр?

● уазæг ~ы дуар йæ риуæй кæны — гость дверь хозяина дома грудью открывает

● уазæг ~ы бар у — гость в воле хозяина

● уазæг уазæджы нæ уарзта, ~ та – сæ дыууæйы дæр — один гость другого не жаловал, а хозяин – их обоих

мидæмæ, ~ уын стæм — милости просим, желанными гостями будете

фæрныг ~ — щедрый / богатый хозяин

● фæрныг ~æн йæ фиййау дæр хъæлдзæг вæййы – сау къæдзæхы сæрыл кафгæ ’мæ заргæ кæны — у щедрого хозяина и пастух не тужит, живёт – на вершинах пляшет и поёт

● хорз ~ уазæджы цур йæхи фæцух кæнын — хороший хозяин себя накажет, но гостю ни в чём не откажет

● хорз ~æй къах нæ хæссы — от доброго хозяина ноги прочь не несут, уходить не хочется

● хорз уазæг йæ ~æй хъаст нæ хæссы — добрый гость на хозяина не сетует

цæхх æмæ дын кæрдзынæй ~ стæм — заходите на хлеб-соль

фысымдон — гостиница; ночлег, место ночлега

фысымуат — место для ночлега; гостиница

фысыфыд — баранина

фых — 1. варенье; 2. варёный, сваренный, печёный; кипячёный

● ~ хойраг бирæ нæ хæссы — варёная еда быстро портится

● ~ хойраг мыггагæн нæ бæззы — то, что сваришь, уже не прорастёт

● чи ~, чи хом зæгъы — вам не угодишь

балы ~ — вишнёвое варенье

фыхæй — в варённом виде

● хуыскъæл ~ хуыздæр у, уизза – хомæй — репа вкуснее варёной, а толстый корень – сырым

фыхдон — кипяток

фыхсæг — накипь

лимоны туаг дон сыгъдæг кæны цайдон йæ ~æй — лимонная кислота хорошо очищает чайник от накипи

фыххъуаг, фыцынхъуаг — недоваренный; недопечённый; недокипячённый

фыцгæ — кипящий; бурлящий

~ дон — кипящая вода, кипяток

фыццаг *(бир.* фыццæгтæ) — 1. начало; 2. первый, начальный, первоначальный; передовой; передний; 3. сначала, первоначально, ранее; впереди

● ~ амонд – цардæфсæст, дыккаг амонд – мæстæлгъæд — первый брак в удовольствие, второй на горе

● ~ ауæдз хох у — *букв.* первая межа – гора

~ æмбæлæг — первый встретившийся; первый попавшийся

~ бакастæй — с первого взгляда

~ бакастæй зæрдæмæ чи нæ фæцыдаид, ахæм адæймаг нæ уыд. *Умар. Цард тындзы сæ размæ* — Он был из тех людей, что нравятся с первого взгляда

~ бонтæй фæстæмæ — с самых первых дней

~ бынат — первое место; первенство

~ гуырд — первенец

● ~ дæ хорзы кой айхъуысын кæн, стæй де ’взæр никæйуал бауырндзæн — заработай доброе имя, и в плохое о тебе уже не поверят

~ дунеон хæст — Первая мировая война
~ сæнæг — первенец; перворожденный
● ~ сæнæг – халоны хæссинаг — перворожденный долго не живёт
● ~ кад сæры кад у, дыккаг – бæрзæйы кад, æртыккаг – уæны кад — главная застольная почесть – голова жертвенного животного, вторая – шея его, третья – лопатка его
● ~ къахдзæф зын вæййы — трудно сделать первый шаг
~ кæркуасæны — с первыми петухами
Æхсар райгуырди ~ кæркуасæны, Æхсæртæг та райгуырди дыккаг кæркуасæны. *НК. 1* — Ахсар родился с первыми петухами, Ахсартаг родился со вторыми петухами
~ къæпхæны диплом — диплом первой степени
~ нæ дæн, фæлæ фæстаг дæр нæ уыдзынæн — я не первый, но и не последний по счёту
~ ныхас уымæ хауы — право первого слова принадлежит ему
~ рæнхъытæ — первые ряды
~ сныхасæй дæр бæрæг уыд — с первых слов было понятно
~ сорт — первый сорт
~ хæдивæг — первый заместитель
● ~ хонæг – кадджын, дыккаг хонæг – æфсарм, æртыккаг хонæг – æгад — одно приглашение – знак уважения, второе – уже стеснение, третье – бесчестье
● ~ хъæстгæнæджы алчи раст фенхъæлы — кого первым выслушаешь, того сторону и возьмёшь,
● ~-иу адæмæн дзырд уыди, ныр хъуыддаг гæххæттæй фидаргæнгæ ’рцыд — раньше, бывало, на слове всё держалось, а теперь на бумаге
æппæты ~ — прежде всего; первым делом; сразу же
● æппæт адæмæн фыццæгтæ уæвæн нæй — все не могут быть первыми
● дæ ~ нæ цы скодтай? — что ты к нам пристал?
● зарæджы сæйраг æмæ фидисы ~ фæци — стал героем позорной песни и пересудов
исты искæй ~ скæнын — подарить, отдать что-л. кому-л.
● уазæг ~ куыд фена, афтæ ’нхъæлы — что первое гость увидит, то и подумает

фыццагад — *филос.* первичность
материйы ~ — первичность материи
фыццагбæрцон — первостепенный
фыццагдæр — во-первых; прежде всего
фыццагзæддæг — первотельная; корова, отелившаяся в первый раз
фыццагау — по-прежнему, как прежде
фыццагмайон — первомайский
фыццагон — прежний; древний
~ хуыз фæивын — изменить прежний вид
фыццаградон — первоочередной; первостепенный
~ æххуыс — первая помощь
~ æххуыс бакæнын — оказать первую помощь
~ хæс — первоочередная задача

фыццаграйдайæн первоначальный
фыццагсортон первосортный
фыццагуæвæг *(бир.* фыццагуæвджытæ) первобытный
фыццаджы 1. прежний; 2. первым долгом, в первую очередь

Темыр куы сыздæхт, уæд ~ Белæйы нал сæййæфта: иуварсырдæм æм æфсæрмыгæнгæ æрбакасти æцæг чызг. *Умар. Стъалы куы скæса* — Когда Темыр вернулся, то прежней Беллы уже не застал: искоса и стесняясь, на него посматривала взрослая девушка

● лæг ~ фыццаг хъуамæ йæхи бамбара — перво-наперво человек должен в себе разобраться

фыццаджыдæр во-первых, прежде всего; главное, главным образом; первым долгом, в первую очередь

~ зæгъын хъæуы уый, æмæ — во-первых, необходимо сказать следущее
æппæты ~ — прежде всего; перво-наперво
лæг æппæты ~ йæ мадæлон æвзаг базоны — прежде всего человек узнаёт свой родной язык

фыццаджыхуызæн прежним образом
фыццæгæймаг, фыццæгæм первый
фыццæгты поначалу
фыцын 1. варение; варка; 2. варить(ся); жарить, печь; кипеть; кипятить

бæгæны ~ — варить пиво
дон ~ — кипятить воду
● йæ тых цæджджинагау фыцы — сила бурлит в нём
йæ маст фыцы — его злоба кипит
мæстæй йæ туг фыцы — он кипит от гнева
пælхъ-пælхъæй ~ — бурно кипеть
уæларт ~ — вариться на огне
хи мидæг ~ — кипеть от злости
хъæдур ~ — варить фасоль

Х

хабайраг

хабар (*бир.* хабæрттæ)

~ айхъуысти — разнеслась весть

~ базонын — понимать, как обстоят дела, понимать положение

● ~ дымгæйы базыртыл тæхы — новости ветром разносятся

~ иуыл хæрзтæй нæу — дела обстоят не лучшим образом

– ногæй ницы? уый йæхæдæг хорз ~ у — – ничего нового? уже хорошо

ницы кæны, ~ дæр нæу — не важно, это не стоит упоминания

~ дзы нæй — от него нет известий; он не пишет

● ~ дзыхæй дзыхмæ цæуы — молва распространяется; весть все пересказывают

Исчи дыл къæм федта, зæгъгæ, æмæ уыцы ~ дзыхæй дзыхмæ ацыд, уæд дзы фæстагмæ гобанваг къумбил рауайы. *Ладемыр. Артдзæст* — Если на тебе пушинку кто увидит, и слух об этом пойдёт, то под конец из этой пушинки шерсти выйдет на целый матрац

~ сарæй бынмæ радзурын — последовательно всё рассказать

~ хорз нæу — дела плохи

адæмы зæрдæ цæуыл фæлæууыдаид, ахæм ~ нæ уыди — не было ничего достойного внимания

ахæм хабæрттæ — вот такие пироги, вот так обстоят дела

æцæг хабæрттæ — действительные события

● ацы дунейы иу ~ дæр никуыма басусæг — на этом свете всё тайное становится явным

● æвзæр ~ дымгæйыл бады, хорз ~ та фистæгæй цæуы — худые вести не лежат на месте, а хорошие доходят медленно

● æвзæр ~ дугъон бæхæй тагъддæр тæхы — плохая молва на крыльях летит

æвирхъау ~ — чрезвычайное событие; ужасающая весть

ædзух уыцы иу ~ кæнын — твердить об одном и том же

ænагъæддаджы ~æй фæтæрсын кæнын — переполошить небывалым известием

ænæнхъæлæджы ~ — неожиданная новость, непредвиденный оборот дела, казус

ænахуыр ~ — исключительный случай; дело

æрæмысгæ ~ — надуманная, притянутая за уши история

æхсызгон ~ фехъуысын — услышать радостную весть

гъе, уый дын йæ ~ — вот (тебе) и весь сказ

● зæронд хабæрттæ хурмæ хæссын — ворошить прошлое

зынгæ ~æй ницы фехъусын кæнын — не сообщить ничего важного

мысгæ хабæрттæ — вымыслы; измышления, домыслы

ницы ~ дзы и — ни ответа, ни привета

рагон хабæрттæ — старая история, дело прошлое, старая песня

1. известие, новость; 2. известный

известие; новость; случай; происшествие

● рагон / зæронд ~ мысын, уыдайын — ворошить прошлое
радзырд амад у æцæг хабæрттыл — рассказ основан на реальных событиях
рæстæгмарын хабæрттæ кæнын — убивать время за разговорами
сусæг ~ — секрет
● сусæг ~ хурæргомæй нæ фæчындæуы — о тайном прилюдно не говорят
тæссаг ~æй дзы ницы ис — бояться нечего
уæззау ~ — печальная весть
уый номгæнæн ~ нæу — это чести не делает
уыцы ~ чи нæ зоны — это всем приевшаяся новость
фæстаг хабæрттæ — последние известия
хæдзары хабæрттæ хурмæ хæссын — выносить сор из избы
хабæрттæ сæрæй бынмæ радзурын — рассказать обо всём с начала до самого конца
хабæрттæй фæрсын — расспрашивать
хабæрттæй фæрафæрс-бафæрс кæнын — подробно расспросить о новостях
куысты хабæрттæй афæрсын — расспросить о работе
хабæрттæ кæнын — сообщать новости; случай, происшествие
хабæрттыл бæстон æрныхас кæнын — подробно обсудить события
хæстон хабæрттæ — вести с войны
худинаджы ~ у — это непристойно
царды хабæрттыл æрдзурын — обсудить факты биографии
цины ~ — радостная весть, событие
цы ~ у? — в чём дело?, что случилось?
цы хабæрттæ ис? — какие новости?

хабарæй — по слухам, понаслышке

хабаргæнæг (*бир.* хабаргæнджытæ) — рассказчик; *этн.* человек оповещающий о поминках
таурæгъгæнæг хуымæтæг ~ нæу — сказитель – это не просто рассказчик
зианы кæндтыты вæййы ~ — специальный вестовой оповещает о поминках
Ирон царды адæммæ мæрды фæдыл ис хъæргæнæг, йæ ныгæнæн бонмæ, йæ дыууисæдзæм боны æмæ афæдзы кæндтытæм та ~. *Р. 14.10.2017* — В осетинском обществе о смерти оповещает специальный вестовой, а о поминальных событиях – о дне похорон, сороковинах и годовщине – отдельный вестник

хабардзурæг (*бир.* хабардзурджытæ) — рассказчик

хабармондаг уæвын — лезть в душу кому-л.; выспрашивать

хабархæссæг (*бир.* хабархæсджытæ) — 1. вестник; вестовой; ординарец; 2. информационный
Сатана йæм дзуры: – О, мæнæ зæрватыкк, ~ мын фæу! *НК.4* — Говорит ей Шатана: – О, ласточка, стань моей посланницей!
Иуæй ~ сты, иннæмæй та уыдонæй хуыздæр кæимæ ауынаффæчындæ уыдзæн хъæуы цардыл. *Мæрзойты С. Къæхтысæр* — С одной стороны, они только вести сообщают, с другой, а с кем ещё посоветоваться по вопросам жизни сельчан
~ фæрæзты кусджытæ — работники информационных служб
дзыллон ~ фæрæзтæ — средства массовой коммуникации

хорз ~ — вестник радостного события

● хорз ~ дæр æмæ фыдгойгæнæг дæр бæлццон лæг вæййы — и хороши вести, и слухи путники разносят

хабæрттæисæн — приёмный

~ радиоцентр — приемный радиоцентр

хабæ-сабæ — *разг.* неряха; неряшество

хабедзен — какой важный! *(ироническое замечание)*

мæлæты ~ — подумаешь, какой важный; то же мне цаца

– Ды та куыд æмбарын, афтæмæй дæ Тараты Катя? – Æз дæн уыцы ~, – дзуапп радта æрæджиау Катя. *Ашæх. Катя* — – Ты, как я понимаю, Тараева Катя? – Да, эта важная птица я, – помешкав, ответила Катя

хада (*бир.* хадатæ) — гроздья съедобного растения

хадзонæг (*бир.* хадзонджытæ) — кривая, ломаная (линии); крючок

хадзы — *рел.* хаджи *(совершивший «хадж», паломничество в Мекку)*

~ ацæуын — отправиться в хадж

хай (*бир.* хæйттæ) — доля, часть; порция; лепта

~ арвитын — послать подношение, долю

хæдзармæ хæйттæ арвитын — послать в дом долю угощения с мероприятия

~ кæнын — выделять, предназначать долю, часть

Цъус куы уа дæумæ кæрдзын, / Де ‘мбæлттæн дзы бака ~. *Дæуыт. Гæмæт* — Даже если у тебя хлеба краюха, / Поделись ею с друзьми

● нард ~ бакæнын искæмæн — щедро оделить кого-л.

~ ратонын — урвать долю

Амæндты хуыздæр дæ ~! — Самого большого счастья тебе!

ахсджиаг ~ — желанная доля

æмбалы ~ райсын — *охотн.* взять долю добычи, причитающуюся товарищам удачливого охотника

æмхуызон ~ бакæнын — выделить одинаковые доли

Æрдзы цыдæриддæр хорздзинадæй ис, уыдон адæмæн иумæйаг хъуамæ уой, се ‘ппæтæн дæр дзы хъуамæ æмхуызон ~ уа. *Максим. Райсомы мигъ* — Все богатства природы должны быть в общем пользовании, доля каждого в них должна быть одинаковой

æнæ ~ фæуын — остаться обездоленным

Цы ма мын кæндзынæ? / Дæ цæстытысыгæй / Æнæ ~ фæуыдзæн мæ мард!. *Къоста. Æнæ хай* — Чем ты мне ещё поможешь? / Твои слёзы / Не омоют мою смерть!

æнæбайсгæ ~ — неотъемлемая часть

æнæфæхицæнгæнгæ ~ — неотъемлемая часть

æртыккаг ~ — треть; третья часть

æфсæддон ~ — воинская часть

● æхсæвы ~ нæ уагъдæуы — не положено оставлять недоеденный кусок на ночь

● бирæгъы ~ — костистая часть

● бирæгъы къахыл ~ бæттын — доверь лисе курятник

буары хæйттæ — части тела

де ’ххуысы ~ бакæн — прими участие, помоги, чем можешь

● дуры гуыбынæй дæр тонайы ~ ракæнын — отовсюду урвать; даже из камня извлечь для себя пользу

дыууæ ~ыл адих кæнын — разделить пополам

дзаджджындæр хæйттæ райсын — урвать самые лакомые куски

Хистæй уæд, куывдæй уæд, хуыздæр хæйттæ цыдысты Лексойы хæдзармæ. *Арсен. Декрет* — И что с поминок, что с пиров лучшее и отборное посылалось в дом Лексо

зæххы ~ — участок земли

● зындзинад мæгуыры ~ у — удел бедняка – тяготы

иваен хæйттæ — запчасти

● йе ’фхæрды ~ – йæ худинаджы кой — его обида – позорный слух

искæй ~ æдзухдæр стырдæр зыны — в чужих руках ломоть всегда велик

● искæй ~мæ æнхъæлмæ кæсын — разевать рот на чужой каравай

искæй(ы) ~ бауын — достаться кому-л.

кæйдæр ~ бауын — достаться кому-л.

Сæ фыды уæзæг кæстæр фырты ~ баци — Отчий дом достался младшему сыну

къаннæгдæр ~ — меньшая доля

● къоболайы цæфæй дæр ын ~ ис — ему от всех достаётся

лæджы ~ — возлюбленный

Сылгоймаг йæ лæджы ~ы йæ мойæ буцдæр фæдары — Женщина возлюбленного больше мужа лелеет

лыстæг хæйттыл дихтæ кæнын — делить на мелкие части

● мæ ~ыл нæ кæуын, фæлæ ме ’гадыл кæуын — плачу, не оттого, что доли лишился, плачу, что осрамился

● мæ уазæджы ~ дæр æмæ хуынды ~ дæр мæн ысты — хотеть одновременно всего; и застолье не пропустить, и с собой долю с пира унести

● раст уарæг – æнæ ~ — кто по справедливости делит, себе долю не выделяет

● сагъæсты ~ бакæнын — погрузить(ся) в печаль

● суджы ~ артмæ æппарын — разжигать страсти; подбрасывать дров в огонь

Цы арт ссыгъд, ууыл алчидæр йæ суджы ~ æппæрста, æмæ арт тынгæй тынгдæр сыгъд. *Гæстæн. Дысоны фын* — В полыхнувший костёр каждый подбрасывал свою вязанку дров, и огонь разгорался всё сильнее

уый мæ ~ фæци — это досталось мне

фронты раззаг ~ — передовая

фылдæр ~ — большая часть

царды фылдæр ~ — большая часть жизни

хæйттæ кæнын — делить на части

● хи халы ~ бахæссын — внести свой посильный вклад

● хионы искæй хæдзары стыр ~æ ма хынц — в чужом доме своего близкого не наделяй лучшим

хуыздæр ~ — лучшая доля; лучший кусок

● цæвæгæн йæ иргъæвæг – йæ Хуыцауы ~ — разнимающий для дерущегося – ангел-хранитель

хайад (*бир.* хайадтæ, хайæдтæ) — отделение, отдел; филиал; участие

~ исын — участвовать
куысты ~ райсын — принять участие в работе
адæмон ахуырады ~ — отдел народного образования;
ахуыры ~ — учебная часть
ахъаззаг ~ райсын — принять заметное участие
æвзарæн хайæдтæ — избирательные участки
банчы ~ — филиал банка
бынæттон ~ — местное отделение
зынгхуыссынгæнæн ~ — пожарная часть
милицæйы ~ — отделение милиции
æххуысагур фæсидын пъæлицæйы ~мæ — обратиться за помощью в отделение полиции
рынчыны исæн ~ — приёмный покой

хайадисæг (*бир.* хайадисджытæ) — 1. участник; 2. причастный
~-бæстæтæ — страны-участники
ерысты хайадисджытæ — участники соревнований
комкоммæ хайадисджытæ — непосредственные участники
фембæлды хайадисджытæ — участники встречи
хæсты ~ — участник войны

хайбаваерд — вклад, лепта
~ бахæссын — внести вклад
егъау ~ бахæссæг — внесший огромный вклад
уæзгæ ~ хæссын — внести весомый вклад

хайвæндаг (*бир.* хайвæндæгтæ) — доля, предназначенная *(кому-л.);* наследство

хайгай (*бир.* хайгæйттæй) — по частям, частями
~ бауын — распасться на части
~ зæрдыл æрлæууын кæнын — заставлять постепенно вспоминать
~ фидын — платить частями

хайгæнæг (*бир.* хайгæнджытæ) — тот, кто делит, наделяет
хорздзинæдтæй ~ — раздающий блага

хайгонд — поделённый на части; долька

хайгур — ожидающий доли

хайдарæг (*бир.* хайдарджытæ) — пайщик

хайджын — наделённый, имеющий долю
~ уæвын — получать долю
~ фæкæнын — наделить
амондæй ~ ут — будьте счастливы
ærдзæй ~ — наделённый от природы
чызг рæсугъддзинадæй ærдзæй ~ у — девушка от природы наделена красотой
ærдзон зондæй ~ уæвын — быть наделённым природным умом
Йæ фæтæн ных, арф æвæрд цæстытæй бæрæг уыд, ærдзон зондæй ~ кæй у, уый. *Æхсарбег. Хурхæтæны* — Его высокий лоб, глубокопосаженные глаза говорили о том, что он наделён природным умом
курдиæттæй ~ — наделённый талантами

уæлдайджынæй ~ уæвын — иметь в избытке; быть чрезмерно наделённым

фарнæй ~ фæуын — исполненный благодати

хорздзинæдтæй ~ — добродетельный; наделённый благами

Мæрдты хорздзинæдтæй ~ у — Чтобы ты мог вкусить райских благ на том свете

Стыр Хуыцаумæ бирæ æвæрæнтæ ис, æмæ дæ ~ кæнæд — У великого Бога много благ в запасе, и пусть он одарит тебя ими

хайон — частичный; *мат.* частное

~ уæз — удельный вес

æнæххæст ~ — *мат.* неполное частное

хайуан — домашнее вьючное животное; бестия; *бран.* скотина

● дыкъахыг ~тæ — зверь о двух ногах

● ~ыл æууæнк нæй — на животное полагаться нельзя

– Хорз ус, ацы ~ дын уæййаг у? …– Æхца мæ тынг æхсызгон куы нæ хъæуид, уæд æй ницæйы тыххæй ауæй кæнин. *Гуырион Т. Милæ – хъугæвзарæг* — – Уважаемая, это домашнее животное продается? – Если бы мне не нужны были срочно деньги, я бы ни за что его не продавала

– Дæ бæх фæллад ~ы каст нæ кæны, ифтыгъд бæх ахæм нæ вæййы. Саргъы бæх кæмæ ис, уый та мæгуыр нæу. Ис ма дæм æндæр бæхтæ дæр, æвæццæгæн. — – Не похож твой конь на замученную ломовую лошадь, вьючные не такие бывают. А у кого верховой конь есть, тот бедным не будет. Найдутся у тебя, должно быть, и другие кони

хайыг — часть*; грам.* частица; вспомогательная часть речи

æппæрццæг ~тæ — *грам.* отрицательные частицы

хайыджы нысаниуæг сбæрæг кæнын — установить значение частицы

фæрсдзырдты ~тæ — наречные частицы

~ «гъы» фыссын хъæуы кæддæриддæр хицæнæй. *Р. 27.08.1982* — частица «гъе» всегда пишется раздельно

элементарон ~тæ — элементарные частицы

хайыр — 1. польза, прок; 2. счастливый; удачный

~ дын уæд! — на здоровье!

~! — будь здоров!

~дæр хъуыддаг чи бакодта, уыдон æмбал дæ иунæг кадджын Хуыцау фæкæнæд! — Желаю, чтобы великий Бог даровал вам счастья не меньше, чем у самых счастливых семей!

~ кæнын — награждать; наделять

Абон мæлætæй кæй фервæзын кодтай, уый, мæ зæронды бонты хуры тын мæ иунæг чызджы дын ~ кæнын. *Ашæх. Тасолтаны балц* — Ту, которую ты сегодня спас от смерти, утешение моей старости, мою единственную дочь – отдаю тебе

~ фенын — воспользоваться

~ нæ фенын — не знать ничего хорошего

~ цард фæкæн! — Счастливой тебе жизни

● æвæндонæй цы куыст бакæнай, уым ~ нæй — работа, которую без желания сделаешь, впрок не пойдёт

хъуыддаг ~ уæд! — в добрый час!; желаю удачи

Цы комдзаг скодтай, уый дын ~ уæд! — Пусть пойдёт тебе впрок всё, что ты отведал!

хайыргæнæг уæвын — приносить удачу; пойти впрок

хайыргонд — полезный; идущий впрок

хал I *(бир.* халтæ, хæлттæ) — травинка; былинка; нитка; вереница

● ~ ~æн æххуыс у — с миру по нитке – голому рубаха

Хæлуарæджы тынтæ расыгъдæг кæн. Уый дæр куыст у. Стæй ~ ~æн æххуыс у. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Поснимай паутину по углам. Это тоже работа. А потом – с миру по нитке – голому рубаха

● ~ ~мæ хæссын — собирать по крупицам

~ ~мæ хæсгæйа, дур дурыл æвæргæйæ Васо бакодта иттæг стыр куыст. *Гуыриаты Т. Бæллицаг хъысмæт* — Собирая по крупицам, складывая по камешкам, Васо проделал грандиозную работу

~ ~ыл æвæрын — собирать по крохам

~ кæнын — нанизывать

● ды дæр дæ ~ы хай баппар — *прост. ирон.* вставь свои пять копеек

дзыккуйы ~ — волосинка

● искæй хурхæй ~ сласын — замучить кого-л.; подвергнуть кого-л. адским мучениям

● йæ ~, йæ бæндæн фæхауын кæнын — лишить покоя; вывести из равновесия

Хъæуырбег йæ хъæстытæ фæкодта йæ хæлар Темырæн æмæ йын йæ ~, йæ бæндæн фæхауын кодта. *Умар. Стъалы куы скæса* — Каурбек поведал свои жалобы своему другу Темыру, тем самым лишив его покоя

кæрдæджы ~тæ — травинки

налхъуыт фæрдыджы ~тæ — нитки бус

ныхасы ~ — нить разговора; ход беседы

● тæбыны ~ дæр нæ аскъуындзæн искæй тыххæй — пальцем не пошевелит ради кого-л.

хъæмпы ~ — соломинка

ирвæзынгæнæн хъæмпы ~ — спасительная соломинка

хърихъуыппыты ~ — журавлиный клин

дуканийы раз хърихъуыппыты ~ау дæргъ рæнхъытæ — у магазинов журавлиными клиньями выстроились длинные очереди

хъуыдыйы ~ — ход мыслей

цæппузырты ~ — нитка жемчуга

Сæ дарæс бызгъуыр, скъуыдтæ, цъæнуты хæлттæй бæстытæ, мæллæг, сæ цæстытæ арф кæцæйдæр æрттивынц. — Одежда у них драная, лохмотья, перевязанная бечёвками, сами худющие, глаза откуда-то из глубины поблёскивают

хал II *(бир.* хæлттæ) — жребий

~ исын — тянуть жребий

~ схаудта — жребий выпал

адæймагæн йæ ~ цы схауа, уымæй йын алидзæн нæй — от жребия, уготованного судьбой, не убежишь

Æхсызгон мын у, дæуимæ мæ ~ кæй схауди, уый. *Бицъоты Г. Арвы айдæн* — Обрадовался я тому, что наши с тобой жребии вместе выпали

~æй æвзæрст — выбранный жребием

дыууæрдæм хæлттæ хæссын — сновать; бегать взад-вперёд

искæй ~ ахæрын — *библ.* разделить чью-л. судьбу, жребий

Рæхджы мæнæ ацы чындзы ~ ахæр. *Ашæх. Катя* — Вскоре чтоб ты тоже вышла замуж

Æцæг ын йæ ~ ма ахæрæд æмæ мæнæ ахæм æнæккаджы хай ма фæуæд. *Изæтбег. Цъæхдзаст доны чызг* — Только бы она не разделила такую судьбу и не досталась бы такому негодяю

сæ ~ сæ бынæй фæхаудта — удача / счастье отвернулось от них

хæлттæ æппарын (цæгъдын) — бросать, метать жребий

ном хæлттæ æппаргæйæ æвæрын — выбрать имя по жребию

– Цæй, хæлттæ сæппарæм, æмæ кæй ~ схауа, уый куыд аскъæра фос æмæ сæ куыд фæхиза Тары фыртты зæххыл. *НК.* — – Давайте бросим жребий, чей выпадет, тот и погонит скот и будет пасти его на землях сыновей Тара

худæджы ~ — смешинка

● худæджы ~ ахордта — смешинка в рот попала

● худаджы ~ – æвæндаг — жребий смешливого не выпадает

● худаджы ~ хауаг у — смех заразителен

Ахуд, ахуд… тагъд дæхи дæр мæ бынатмæ хъæуы. Худаджы ~ хауаг у. *Максим. Уасил, Уасил* — Смейся, смейся, скоро и ты будешь на моём месте. Заливайся смехом, смешливого жребий часто выбирает

● хицæй худæджы ~ аразын — выставлять себя на посмешище

халаботъа — беспорядок; бестолковость

~ куыст — бестолковая работа

хала-була — 1. беспорядок, суета; бестолковость, суетливость; 2. беспорядочный; бестолковый; суетливый

Ænхъæлдæн, læппу, æмæ дæ мæт бацыди? Уæдæ куыд æнхъæлдтай! Хойы моймæ дæттын ~ у? *Тæтæри. Размæ* — Похоже, парень, ты озаботился? А как ты думал? Сестру замуж отдавать – это просто так?

халагъуд — шалаш, палатка

æфсæдтон сæхъхъис ~тæ рæвæрын — поставить палатки из солдатского сукна

● хорз цуанон иунæг æхсæвиуаты тыххæй дæр ~ аразы — хороший охотник и из-за одной ночёвки шалаш поставит

Батырадз сæгуыт амардта, йæ цармæй йын скодта ~. *НК.* — Батрадз подстрелил косулю, а из её шкуры сделал шалаш

Хъæумæ-иу куы бафтыдысты, уæд-иу хъæугæрон сæ ~тæ асагътой. *Беджызаты Ч.* — Попав в село, они, бывало, на околице ставили свои палатки.

халамæрзæн — грабли

~ау химæ сивы — он гребёт под себя

● æхца ~æй сивын — грести деньги лопатой

Дæ разы Бæройты насау ныддæнгæл дæ, ахæм бынаты дæ сæвæрын кодтон, æхца ~æй ссивыс. *Ашæх. Батраз æмæ Лизæ* — Ты раздулся как бароевская тыква, ещё бы, на такую работу я тебя устроил, что ты гребёшь деньги лопатой

халас — 1. иней; 2. серый, чалый *(о масти лошади)*

~ боцъо — седая борода

~ уæвын — покрыться инеем; быть поседевшим
~ йæ сæрыл фæзынди — он поседел
~æй æмбæрзт цæуын — индеветь
халасæмхæццæ — с проседью
Йе стыр фындзы сæрмæ ælхынцъæй дардта йæ ~ хъуынджын æрфгуытæ. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Над его большим носом насупились густые с проседью брови
халасджын — покрытый инеем
халасдзагъд — заиндевелый; поседевший
халасдзæф — с проседью
~ рихитæ — усы с проседью
халасхæццæ — с проседью
халасхуыз — серый, чалый *(о масти лошади)*
халат — халат
халæг (*бир.* халджытæ) — портящий, разрушающий; нарушающий; разрушитель; нарушитель
халæй — понемногу; гуськом
~ цæуын — идти гуськом
халæй-халмæ — с большой осторожностью; *букв.* с травинки на травинку
● ~ цæуын — ступать с оглядкой
Цæуы сындæггай йæ фæдыл Сæуæссæ, къуыппæй-къуыпмæ, ~. *НК.* — Отправился вслед Сауасса, ступает с кочки на кочку, с травинки на травинку
халæмдих — 1. точная копия; 2. очень похожий
халæн — разрушительный; подрывной; взрывной; взрывчатый
~ архайд — подрывная деятельность
~ буаргъæдтæ — взрывчатые вещества
~ мидис — разрушительное назначение
æгъдæутæ ~ — подрывающий устои
халæнтых — взрывчатость; взрывная сила
халæнхос — взрывчатка
халæппæрст *(бир.* халæппæрстытæ) — жеребьёвка
халбаст *(бир.* халбæстытæ) — связка; цепь
дæгъæлты ~ — связка ключей
халбыд *(бир.* халбыдтæ) — венок
халва — халва
халгай — по ниточке; понемногу; мало-помалу, понемножку
~ ласын — вытягивать по ниточке
● мæсыг – дургай, цъына – ~, цард та – мургай — башню – по камешку, стог – по соломинке, а жизнь по кусочкам
~ цыдæртæ уидзын — поклёвывать понемногу
халдих *(бир.* халдихтæ): — 1. подобие; сходство; схожесть; копия, дубликат; образ; 2. подобный, сходный; тождественный; похожий

~ уæвын — быть очень похожими, подобными; похожими как две капли воды; одинаковыми по величине, качествам

~ фаззон — идентичный близнец

адæймаджы ~ — подобие человека

адæймаджы ~ саразын — сделать подобие человека

ахæм хъуагдзинæдты ~ алы ран дæр ис — подобные недостатки есть везде

чызг мады ~ вæййы — дочь бывает очень похожа на мать; по матери дочка

лæппу уыдис йæ фыды ~ — юноша был очень похож на своего отца

иу иннæйы ~ — один копия другого

паспорты ~ — копия паспорта

тæккæ ~ — точная копия

уæздандзинадæй раст мад æмæ фыды ~ — воспитанием вся в родителей

● ~тæ! Кæрæдзийæ нæ фæивддзаг уыдзысты — Схожие! Их не перепутаешь

хæд ~ — точная копия

хæрз ~тæ — на одно лицо

халер — *мед.* холера

халинаг — подлежащий ломке, разрушению; то, что нужно ломать, валить, разрушать

халон (*бир.* халæттæ) — ворона

● ~ ~мæ тæхы — рыбак рыбака видит издалека; свой ищет своего; ворон к ворону летит

● ~ ~ы дардмæ уыны — свой свояка видит издалека

● ~ ~ы цæст нæ къахы — ворон ворону глаз не выколет

● зылын зылыны не схъæр кæндзæн, ~ ~ы цæст нæ къахы — виновный виновного покрывает, ворон ворону глаз не выклюет

Иугæр се ‘хсæн куы рфидар уай, уæд та дæхицæн мауал тæрс, ~ ~ы цæст нæ къахы. *Изæтбег. Æндæрг* — Если ты закрепишься среди них, то уже ничего не бойся. Ворон ворону глаз не выклюет

● ~ æргъæвстæй æнцон ахсæн у — замёрзшего ворона поймать легче

● ~ зиу ракодта, йæхæдæг уæлкъуыбыр сбадти — ворона созвала всех на зиу (на подмогу), а сама на пригорке уселась

● ~ мæкъуылы сæр куы сбада, уый бадт скæныи — рассесться как ворон на стоге сена

● ~ стджыттæ дæр нал ссардзæни — ворон костей не найдёт

Ацы былæй куы атæхон, уæд мын ~ ме стджытæ дæр нал ссардзæн. — Если я с этого обрыва упаду, то и ворон моих костей не соберёт

● ~ау æртæфондзыссæдзгай астæ ничи цæры — триста лет только ворон живёт

– Рæстæгмæ! Не ‘ппæт дæр рæстæгмæ цæрæм зæххыл! ~ау æртæфондзыссæдзгай астæ ничи цæры. *Ашæх. Цы номæй дæм бадзурон* — – Временно! Все мы временно живём на этой земле! Кроме ворона триста лет никто не живёт

~ау уасын — каркать; кликать беду

~ æгас бон фæуасыди, стæй йæм изæры фæсмон æрцыд æмæ афтæ зæгъы: «Ныр цымæ ’нæхъæн бон цæуыл уасын?» Фæлæ та дыккаг бон уасын райдыдта. — Целый день ворона каркала, а вечером охватило её раскаяние, и говорит она себе: «Вот чего я целый день кричала?» Но на следующий день опять каркать начала

● ~ау уæлæуыл баззайын — жить вечно как ворон

Бауырнæд дæ, нæхи адзалæй куыннæ амалæм, уæд уæлæуыл баззайдзыстæм ~ау. *Хæбliаты С. Анамæ мын чи бадзура?* — Поверь мне, если мы не умрём своей смертью, то будем жить вечно как ворон

~ау уæны кæсын — обладать даром предвидения (как ворон)

~ау цы хъахъхъ-хъуахъхъ кæныс? — что ты каркаешь как ворона?

● ~æн йæ læппын амард æмæ йыл цæргæсты та кæуын кодта — заставляла орлов ворона своего воронёнка оплакивать

● ~ы айчы хæлд фæкæнын — разбиться, испортиться как воронье яйцо

● ~ы былæй аппæрстой — бросили щуку в воду; *букв.* ворона со склона сбросили

● ~ы фæстæ ку’ ацæуай, уæд дæ фаджысмæ бакæндзæн — за вороной пойдешь, ничего хорошего не найдёшь, отбросы найдёшь

● ~ы хъуахъхъ æвæндарасты фыдæхгурæггаг у — ворона на дорогу каркает – плохая примета

● дæ сæр дын хæлæттæ бахæрæнт — чтоб тебя вороны склевали

Ехх, мæ кæддæры цардæмбал, цалынмæ ды ацы хæдзары уыдтæ, – хъуыдытæ кодта уый – уæдмæ мæ сæрты сау ~ дæр никуы атахт. *Хъайттаты С. Фæдисонтæ* — Эх, спутник моей жизни, пока ты был в доме, – думала она – над моей головой даже ворон не смел пролететь

Дзедз æмæ дзедз! Уæлæ ~ фæтæхы Дзедз æмæ дзедз! Йæ дзыхы та цы хæссы? — Дзедз и дзедз! Вон летит ворона, Дзедз и дзедз! А что несет в клюве?

● иунæг адæймаг хъæды ~æй мæгуырдæр — жить одному труднее, чем ворону в лесу

● йæ уæрцц ~æй баивта — поменял перепёлку на ворона

● мард бæхы сæр – ~ы бадæн — голова мёртвой лошади – сиденье для ворон

урс ~ы хуызæн — как белая ворона

● уыдонæй ~ стæг куы нæ ахæсдзæн — они очень скупы

● фыдбоны халæттæ кæрæдзи тонынц — дерутся как вороны в непогоду

хæдмæлхор халæттæ — вороны падальщики

● холы кæм уа, халæттæ дæр уым вæййынц — где падаль, там и вороны

хъæды ~ау иунæг — совершенно одинок: один как перст

халонхъæдур — *бот.* дикий горошек

халсар (*бир.* халсартæ, халсæрттæ) — овощ

● æнæ хурыцæст фенгæйæ ~ нæ рæзы — овощ без солнечного света не вырастет

хи цæхæрадоны ~тæ — овощи с собственной грядки

● хур йæхимæ ~ ыздахы — овощи к солнцу поворачиваются

халонбадæн — место, где вороньё сидит

● кæройнаг бæлас – ~ — дерево, где вороньё сидит, с краю стоит

халсардон (*бир.* халсардæттæ) — житница, амбар; огород

халсархæссаг плодоносный *(об овощах)*

халсаск вид бурьяна, лекарственной травы

халскъуыд похожий

хæд ~ вылитый

Йæ лæппу дæр, дам, Бексолтаны хæд ~ у. *Æхсарбег. Куырды фырт* Её мальчик, говорят, тоже вылитый Бексолтан

халтурæ халтура

сæрæй бынмæ – ~ полная халтура

халхор *охот.* травоядное животное

● ~ бирæгътæй уæлдай не сты травоядные, что волки

~ цæрæгойтæ травоядные животные

халхос плохое сено *(из жёсткой грубой травы)*

халхуыз травянистый; травяной

бирæазон ~ зайæгой многолетнее травянистое растение

халыввæ халва, печенье, хворост *(род печенья)*

халын 1. нарушение; 2. ломать; валить; портить; взрывать, подрывать; расстраивать; разрушать; нарушать; развязывать, распутывать; пороть, распарывать

~ алкæй бон дæр у! Ломать кто не умеет!

~ æмæ аразын иу не сты ломать не строить

Иуæй-иутæм ~ аразынæй æнцондæр кæсы. *Умар. Цард тындзы сæ размæ* Некоторым кажется, что ломать легче, чем строить

ахастдзинæдтæ ~ портить отношения

Нæ йæ фæндыдис, тæккæ удисæн рæстæг йæ хæдивæгимæ сæ ахастдзинæдтæ ~. *Дзадтиаты Т. Æхсаргæрдты зæлланг* Не хотелось ему в такой тяжёлый момент портить отношения со своим заместителем

ахуыр ~ избавляться от привычки

æгъдæуттæ халын нæ хъæуы не надо подрывать обычаи

æндæхтæ ~ распутывать нитки

● зиудых дур халы общими усилиями можно камень разрушить

● фыдæвзаг дур дæр халы злые языки даже камень разрушают

хамасхор 1. дармоед; 2. всеядный

Кæм цы ~ и... Что не дармоед...

~ æмбæлттæ дæр ма йæ куы фæуагътой даже друзья дармоеды его бросили

Уæд мын афтæ хъыг нæ уаид, утæппæт æхца ацы дыууæ ~æн дæттын нæ фæнды. Тогда мне было бы не так обидно отдавать такую уйму денег этим двум дармоедам

хамбохъ суп из молока и муки; похлёбка

● цыдæр «~» дзы рауад не удалось; бурда какая-то получилась

хамут хомут

хан *ист.* хан

ханты цагъд танцевальная мелодия

ханад *ист.* ханство

хаос *кæс* **халаботъа**

характер характер
фæндвидар ~ волевой, решительный характер
хъæддых ~ цельный, твёрдый характер
ахæм ~ æнцонæй бантыст фыссæгæн этот характер легко дался писателю
характеристикæ характеристика
~ раттын дать характеристику
цыбыр ~ раттын кратко охарактеризовать
харæ название шёлковой материи
сæуæхсиды сырх ~ æрттивы сияет ранняя заря красным шёлком
Нарты Сосланæн сыгъзæрин чырын уыди, сыгъдæг ~йæ мæрдзаг. *НК.* У Нарта Сослана из чистого золота был гроб, из чистого шёлка погребальная одежда

харбыз арбуз; *груб.* башка
~ы хуым бахча
~ы цъар арбузная корка
● ~ы цъары аргъ дæр нæу не стоит выеденного яйца
● иу армы дыууæ ~ы нæ цæуы в одной руке два арбуза не вмещаются
фыррæгъæд ~ перезрелый арбуз
Фæлæ дæуæн дæ ~ нæ кусы. Æхсыр æнцъухын йедтæмæ ницы зоныс. *Елбыздыхъо. Худинаджы бæстæ мæлæт* Но у тебя башка не работает. Только и умеешь, что молоко лакать
хæрзхъæд ~ спелый арбуз
хардз (*бир.* хæрдзтæ) расход, трата, издержки
~ кæнын расходовать, тратить; транжирить
æхца ~ кæнын тратить деньги; спускать деньги
тыхтæ ~ кæнын расходовать силы
хъарутæ ~ кæнын расходовать силы
~ы гæххæтт счёт; чек
æнæвгъауæй ~ кæнын тратить с расточительностью
дзæгъæл ~ кæнын делать ненужные расходы
● бирæ дзæгъæл ~ (хæрдзтæ) фæкодта он промотал много денег
гуыбыны ~æн расходы на еду
доны ~ расход воды
● йæ ~ы аргъ нæу себе дороже; игра не стоит свеч
лыстæг хæрдзтæн æхца карманные деньги; деньги «на булавки»
исбонады ~ растрата имущества
хæрдзтæ фæкъаддæр кæнын сократить расходы
хардзау фæкæсын показаться обидным
~ æм фæкаст он обиделся
Иветæмæ ~ фæкæст: Асланы æмгæрттæй цал рацыди кусынмæ. *Дзабайты Т. Сидзæртæ æмæ сидзæргæстæ* Ивете показалось обидным: вон сколько ровесников Аслана вышли на работу
~ кæсын æм райдыдта, кæй нæ разы кæнынц, уый. *Æхсарбег. Куырды фырт* Обидным стало ему казаться, что они всё не дают своего согласия
~ фæкастысты Хæмыцмæ Уырызмæджы дзырдтæ. *НК.* Задели Хамыца такие слова Урызмага

химæ ~ æркасын — почувствовать себя обиженным

хардзæй — в счёт; за счёт

дзæгъæл ~ — напрасно, попусту

искæй ~ — за чужой счёт

● искæй ~ фæтæген дæр бануаздзæн — за чужой счёт и керосин выпьет

Габанты ~ цæрын — добиваться жизненных благ за счёт других; нахлебничать

паддзахады ~ — за счёт государства

хи ~ — за свой счёт, от себя, на свои средства

Искæй ~ куы фæнуазын, уæд мæ сæр фæриссы, мæхи ~ та – мæ зæрдæ. *Изæтбег. Æндæрг* — Выпью за чужой счёт, потом голова болит, выпью за свой – сердце болит

хи дзыппы ~ — за свой счёт, из своего кармана

хардзгæнæг (*бир.* хардзгæнджытæ) — 1. благодетель; 2. расходующий

хардзгонд — 1. расход; 2. израсходованный; истраченный

~ цæуын — расходоваться

æнæхъуаджы ~ æрцыд — было израсходовано нецелевым образом

æхцатæ ~ цæуынц — деньги тратятся, расходуются

рæстæг ~ æрцыд — время было потрачено

фæрæзтæ ~ æрцæудзысты — средства будут израсходованы

хардзифтонг — снабжение

хару — каша из муки на масле

хас — холодный осенний дождь

Цъиусуры тасæй, / Фæлдзæгъдæг ~æй / Мæга ныгъуылы. *Секъа. Гæнис* — Боясь коршуна, / Боясь холодной метели, / Бекас прячется

хаст I *(бир.* хæстытæ) — 1. пленник; переноска; ссылка; 2. ссыльный

~æй раздæхын — венуться из ссылки, из плена

~æй суæгъд уæвын — вернуться из ссылки

~ы фæуын — быть унесённым, похищенным

йæ сæрыл ~ фæуай! — чёрт тебя побери!

~ы хуызæн стæм — в доме нашем пусто

Нæ хъæу ~ы хуызæн фæци — Село наше обезлюдело

Баззадыстæм ~æй, састæй. / Уазал. / Хъызт. / Цæссыг. *Гафез.* — Остались мы пленниками, побеждёнными. / Холодными. / Замёрзшими. / Со слезами

иу ~æн — за одну ходку

Сывæллæттæй алчи дæр иу ~æн фæрæзта 2-3 дуры. *Арсен. Джанаспи* — Каждый из ребят за одну ходку переносил два-три камня

хаст II — 1. питомец; 2. воспитанный; откормленный

~ гал — откормленный бык

имонау ~ — выросший в ласке

● нæ фыдæлтæ хъæбæрхоры кæрдзынæй ~ уыдысты — наши предки питались ячменным чуреком

фырнымд, фырбуц ~ — забалованный; окружённый большим вниманием и заботой

хатæг (*бир.* хатджытæ) — переворачивающий; убеждающий, уговаривающий, упрашивающий; обращающийся; понимающий

● ~ хæрзгæнæг у: йæхицæн ницы домы — убеждающий доброе дело делает, для себя ничего не требует

Хатджытæ, минæвæрттæ мæ сæры хилтæй арæхдæр свæййынц. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Просителей, посредников появляется больше, чем у меня волос на голове

хатæн — отделение; комната, каюта

мидæггаг ~ — внутреннее помещение

науы ~тæ — каюты парохода

поезды ~ — купе поезда

раззаг ~ — передняя; прихожая

– Уе скъæт дыууæ ~æй конд у? – О, – зæгъын. – Уæдæ мын иу ~ суæгъд кæн. *Малиты В. Тæрхон* — – В вашем доме два помещения? – Да, – говорю. – Тогда одно освободите для нас

хæдзары сылгоймæгты ~ — женская половина дома

Картофтæй иу ~ы пъолмæ æрхауди, иннæ та цыппар къухы астæу ныппырх ис. *Арсен. Фембæлдысты* — Одна картофелина упала на пол, а другая меж двух пар рук раскрошилась

хатæнгонд — небольшая постройка; подобие комнаты; жалкое жильё

хатæнкъул — перегородка

хатгай — иногда

~ йæ цавæрдæр ныфс рæстæгмæ йæ бынатæй фезмæлын кæны. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Иногда какая-то уверенность ненадолго сдвигала её с места

хатдзæг — вывод, заключение; итог; приговор

~ скæнын — сделать вывод

~ бæрæггæнæнтæм гæсгæ скæнын — прийти к выводу, исходя из показателей

зылынгæнæг ~ скæнын — вынести обвинительный приговор

ивгъуыд азæн ~ скæнын — подвести итог прошлому году

кæронбæттæн ~тæ скæнын — сделать окончательное заключение

хицæн ~ скæнын — сделать для себя вывод

~мæ æрцæуын — прийти к выводу

~тæй разыйæ баззайын — быть удовлетворённым итогами

~тæм хи зондæй æрцæуын — самостоятельно прийти к заключению

бæлвырд ~мæ æрцæуын — прийти к определённому выводу

хиваст ~ — произвольный вывод

хатдзæгæй — итого; в результате

хатиаг — *фольк.* хатиагский; принадлежащий какому-то известному нартам народу

~ æвзаг — непонятный язык; язык известного нартам народа

~ æвзаг рох кæндзæни, æмæ Ир пырх кæндзысты. *НК.* — Хатиагский язык будет забываться и ир(он)ы станут рассеиваться по земле

● ~ау мæм ма дзур — не говори загадками; говори понятным языком

~ау не ‘мбарын — не понимать тарабарского языка

хаткæнынад, хаттондзинад — умножение, увеличение

хатт (*бир.* хаттытæ) — раз

адæмы ~ — народность

ацы ~ — на этот раз

æндæр ~ — в другой раз; в следующий раз

● æртæ ~мæ рæдыд хатыр у — три раза ошибка простительна

иннæ ~ — в другой раз; в следующий раз

иннæ ~ытау — как обычно; как прежде

Ислам иннæ ~ытау йæ куыстмæ раджы рацыд. *Тæтæри. Размæ* — Ислам, как обычно, вышел на работу рано

искуы-иу ~ — раз в год по обещанию, в исключительных случаях, нет-нет да и…; редко

радон ~ — в очередной раз

стæм ~ — изредка

стæм ~æй фæстæмæ — за редким исключением

иу дыууæ ~ы, цалдæр ~ ы — раза два, несколько раз

иу ~ нымады нæ цæуы — один раз не в счёт

иу ~ — один раз, однажды

● афæдз иу ~ цу ’мæ дын – афæдзы кад, алыбон куы цæуай, уæд та дын – боны кад — приходи один раз в год, будут тебя чтить весь год, будешь ходить каждый день – и чтить тебя будут один день

иу ~æн бафидауын — прийти к свадебному сговору с первого сватовства

иу ~ дæр нæ — ни разу

иу æмæ дыууæ ~ы нæ… — не раз и не два

иуæйиу ~ — иногда; изредка

цалдæр ~ы къаддæр — в несколько раз меньше

дыууæ ~ы фæфылдæр кæнын — увеличить вдвое

къорд ~ы — несколько раз

фæстаг ~ ма уæм хатын — обращаюсь к вам последний раз

фыццаг ~æй — с первого раза

Фыццаг ~ закъон куы фехалай, уæд карз фæдзæхст, дыккаг ~æн ивар — за первое нарушение закона строгий выговор, за второе – штраф

фыццаг æмæ иунæг ~ — первый и последний раз

Хуыцау дæс ~æн зонджынмæ байхъусы, иу ~ – æдылымæ — Бог десять раз умного выслушает, а один раз – дурака

хаттæй-хатт — иногда, по временам, изредка

● ~ хъазгæйæ цæст дæр ысхауы — опасность везде подстерегает; иногда и во время игры можно глаза лишиться

хаттæн — иногда

хаттон умножаемый
-хаттон *вторая часть слова со значением* – кратный
дыууæхаттон двукратный
хатын переворачивать; убеждать, склонять, уговаривать, упрашивать; обращаться; понимать, разбирать
зæрдæйы рæбыны ~ чувствовать сердцем
зондæй ~ понимать умом
тæрхоны лæгтæм ~ взывать к судьям народным
хи æвзæр ~ плохо себя чувствовать
хи хæсджынæй ~ чувствовать себя обязанным
хорз æвзæрæй нал ~ не отличать хорошего от плохого
хъуыддаг бæлвырдæй ~ глубоко понимать дело
Зæриффæ хатыдты Дианæйы. Хатыдта, кæй дзы стыхсти æмæ уымæ цæра, уый йæ кæй нал фæнды. *Умар. Цард тындзы сæ размæ* Зариффа понимала Диану. Понимала, что надоела той, и она не хочет, чтобы она жила у неё
хъуыддаджы тыххæй ~ обращаться по делу
~, хъуыддæгтæ дæхи фæндиаг нывыл кæй нæ цæуынц, уый дæр. Понимаю и то, что дела твои идут не так, как тебе бы хотелось
хатыр прощение, извинение; снисхождение, милость; льгота; пощада
~ кæнын прощать, извинять; уступать, идти на уступки
~ курын просить прощения, извиняться;
~ фыдракæнджытæн амнистия
~тæ лæвæрд цæуынц под амнистию попадают; льготы предназначаются
~æй из милости
~æй раттын уступить
~æй уæд прошу прощения
~ы аккаг нæу он не заслуживает снисхождения;
ænæ уæлдай ~тæй без всяких извинений; без лишних церемоний
● æртæ хатты Хуыцау дæр ~ кæны три раза и Бог прощает
искæй ~æй ради кого-то
● йæ рæдыдыл фæсмон чи кæны, уымæн Хуыцау дæр ~ кæны кто в ошибке раскаивается, того и Бог прощает
кæрæдзийæн ~тæ кæнын идти на взаимные уступки
рæстæг ~ нæ зоны время беспощадно
уæрджытыл лæугæйæ ~ курын просить прощения на коленях
Хуыцауы ~æй Божьей милостью
хатыргænæг снисходительный
● ~ адæмæй арфæйаг снисходительный заслуживает благодарности

● ~ фыццаг йæхицæн хатыр кæны — снисходительный прежде всего к себе снисходителен

хатыргур — извиняющийся; просящий прощения

хатырджын — милостивый

хатырдзинад, хатыр — прощение

хатыркурæг — извиняющийся; просящий прощения

~ хъæлæсы уагæй — извиняющимся голосом

хатыркурæгау — извиняючись

хау — нить; волокно; бахрома; волос; *бот.* тычинка

кæлмæрзæны ~тæ асхъауын — перебирать бахрому платка

тæбыны ~тæй быд — сплетённый из шерстяной нити

цæстыты ~тæ — ресницы

хауæггаг — отпавший, выпавший; упавший; бесприютный; непоседливый

~ дыргътæ — падалица *(о фруктах)*

~ хъæбул — блудный сын

~мæ æрхауын — обнищать; стать бездомным

хауæццæгтæ — остатки *(неизрасходованные средства);* отходы

хауæн I — место падения; обвал

арф ~тæ — глубокие пропасти

хауæн II — *грам.* падёж

~ты кæрæттæ — падежные окончания

арæзтон ~ — направительный падеж

архайдон ~ — творительный падеж

æддагбынæттон ~ — внешне-местный падеж

гуырынон ~ — родительный падеж

дæттынон ~ — дательный падеж

иварон ~ — винительный падеж

мидæг-бынæттон ~ — внутренне-местный падеж

номдарты ~тæ сбæрæг кæнын — определить падежи существительных

номон ~ — именительный падеж

фæрссаг ~тæ — косвенные падежи

хуызæнон ~ — уподобительный падеж

цæдисон ~ — совместный падеж

Табасарайнаг æвзаджы ис цыппор аст ~ы. — В табасаранском языке сорок восемь падежей

хаугæ-хауын — во время падения; в падении

● бæлас ~ дæр йæ кадыл мæт кодтæ — уже падая, дерево о своём достоинстве беспокоилось

хауд — 1. падение; потеря; 2. упавший; впалый, запавший

~ бæласы бын фæуын — быть придавленным упавшим деревом

дурты ~ — камнепад; обвал камней

Дзыхъхъы иу хатт ныххауын у ænæнхъæлæджы рæдыд, дыккаг ~ та ænæсрастгæнгæ ædылыдзинад. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ*
В яму упасть один раз – невольная ошибка, второе падение – непростительная глупость

зæххыл ~æй лæууын
валяться на земле

мидæмæ ~ рустæ
впалые щёки

уæлгоммæ ~æй
лёжа на спине

цонджы ~
ампутация руки

йæ цонг ~
у него нет руки

● искæй цонджы ~æй хи æнгуылдзы ~ тынгдæр риссы. *Максим. Хæххон барæг*
своя рубашка ближе к телу; потерять свой мизинец больнее, чем когда другой руку теряет

хауджын
бахромчатый

~ кæлмæрзæн
платок с бахромой

хауын
1. падение; 2. падать; касаться, иметь отношение, бежать

~æй тæрсын
бояться упасть; оберегать от падений

æххуыс нæм никæцырдыгæй хауы
помощи нам ждать неоткуда

бар йæм нæ хауы
он не имеет права

кæстæртæм кувыны бар нæ хаудта
младшим не положено было произносить тосты

бæлæсты сыфтæ хауынц
опадают листья с деревьев

дæлмыггагмæ ~
относиться к подвиду

дзæгъæлы нæ ~
неслучайно относиться к

дзыхæй дзырд дæр ныр нал хауы
слова не услышишь; слова больше не вымолвит

зæрдæ тъæппытæ хауы
сердце разрывается

зæхмæ ~
падать на землю

● иугæр хауыс, уæд хуызæнæн, бæхæй. *Максим. Сау хохы фиййау*
если уж умереть, то, как полагается, в седле

йæхи ахæм хуызы дары, цыма ацы фарста уымæ хаугæ дæр нæ кæны
он себя ведёт таким образом, будто это к нему отношения не имеет

кæрæдзи сæрты ~
лететь через головы друг друга

къæдзæхæй ~
упасть со скалы

къордмæ ~
относиться к группе; быть членом группы

ирайнаг æвзæгтæм ~
относиться к иранским языкам

● къухтæм ~
идти в руки; доставаться

муртæ нæм хауынц
нам только крошки перепадают; мало нам достаётся

Æмæ йæм цы муртæ хаудта, уыдон ничердæм æххæссыдысты. *Арсен. Тохы бон*
А тех крох, которые ему перепадали, ни на что не хватало

нымæцмæ ~
относиться к числу; входить в число

стъалыйау арвæй ~
падать звездой с неба

Фехста, æмæ йæ фат нысанмæ хаугæ дæр нæ бакодта. *НК.*
Выстрелил он, но стрела его даже в цель не попала

тъæппытæ ~ — разрываться

уарыны æртæхтæ хауынц — падают капли дождя

уый мæнмæ нæ хауы — меня это не касается; это не моего ума дело

– Бафæрсын сæ не ‘мбæлы? – Æмбæлы. Æрмæст уый дæумæ нæ хауы. *Максим. Райсомы мигъ* — – А вопрос задать им можно? – Можно. Но это не твоего ума дело

уыцы ныхæстæ иууылдæр дæумæ дæр хауынц — все эти слова в полной мере относятся и к тебе

фæйнæрдæм ~ — разлетаться в разные стороны

● хаугæ кæн — вали отсюда

– Хаугæ кæн, мæ бар сæ бауадз. *Максим. Райсомы мигъ* — – Беги отсюда, предоставь их мне

хаугæ сæм ницы æркодта — ничего им не досталось

хæрдмæ ~ — подскакивать; сильно вздрогнуть

хæрдты ~ — волноваться; сильно реагировать

цинæй хæрдты ~ — прыгать от радости

цæсты дардмæ ~ — издалека бросаться в глаза

● цардæй тъæпп ~ — жить в полном достатке

хауынад — падение

æргъты ~ — падение цен

буæртты ~ы закъон — *физ.* закон всемирного тяготения

хафæн — скребница; тёрка

дзывыры сыджыт ~ — скребница земли с сохи

хъæды ~ — стружка

хафт (*бир.* хæфтытæ) — 1. удар; трение; хлоп!; 2. выскобленный, очищенный; натёртый *(на тёрке)*

авиацион хæфтытæ — авиаудары

● ды – æвзидгæ, уыдон – ~! — ты угрожаешь, они бьют

ехсы ~ сæмбæлын кæнын — хлестнуть кнутом

лыстæг ~ — мелко нарезанный; натёртый

тымбыл къухæй ~ — удар кулаком

хæрæджы ~ кæнын — трудиться как ишак

хафт-хафт кæнын — ударять

~æй ралæууын — приняться осыпать ударами

хафын — скоблить; тереть; строгать

æххуырстæй ~ — батрачить

● искæй чъизитæ ~ — разгребать за кем-то грязь

● рустæ хæрдмæ ~ — раскаиваться

● фындз зæххыл ~ — сильно состариться

● хирдæм ~ — грести под себя

Йæ фыдæн дæр ницы у, йæхирдæм æгæр хафы, уый йедтæмæ. *Тæтæри. Размæ* — Отец его тоже ничего, только уж сильно под себя гребёт

хафына — *разг.* казнокрад; подгребающий под себя чужое добро

хафынад — трение

хахгæнæг (*бир.* хахгæнджытæ) чертёжник
хахгæнæн линейка
хахныв чертёж; эскиз; схема; график
~ кæнын чертить
фæндæгты ~тæ дорожная разметка
хахнывгæнæг (*бир.* хахнывгæнджытæ) чертёжник
хахнывгæнæн готовальня; рейсфедер
хахнывкæнынад черчение
хахнывон чертёжный
~ куыст чертёжная работа
хахуыр 1. клеветник; сплетник; кляузник; 2. сеющий раздор; двуличный, фальшивый
~ æвзаг сласын начать травлю
● ~ – дывзагон сплетник – двуязычный
~ты амæттаг бауын стать жертвой клеветы
~ кæнын клеветать; сплетничать; написать анонимку; катить бочку на…
● ~ лæджы дзырд калмы цæфæй риссагдæр у слово клеветника может ранить больнее ножа
~ ныхас клевета, сплетня
~тæ фыссын писать кляузы
Кæд мыл ~тæ фæфыстой, уæддæр сæм хæрамзæрдæ нæ дарын. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* Хоть они и писали всюду на меня кляузы, я на них зла не держу
ænæбындур ~ безосновательная клевета
● зæрдæ ~ у сердце двулично
хæлæггæнджытæ ~тæ кæнынц клевещут завистники
чъизи ~ грязная клевета, навет
Ды кæй кой кæныс, уый чъизи ~ уыди, æмæ мыл нæ баныхæсти. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* То, о чём ты говоришь, было грязной клеветой, и она ко мне не пристала
● искæй чъизи ~ты бын фæкæнын опорочить; облить грязью, оклеветать кого-л.
хахуыræвзаг сплетник
хахуыргæнæг (*бир.* хахуыргæнджытæ) клеветник; сплетник
хахуырдзинад натравливание; клевета; сплетня
хахуырлæг сплетник; клеветник, кляузник
● хахуырлæджы дзырд калмы цæфæй риссагдæр у слово клеветника жалит больнее змеиного укуса
хахх (*бир.* хæххытæ) линия; черта
~æй ахизын выйти за пределы, за рамки; преступить черту
Нæ фыдæлтæ дæр кæсын, фыссын нæ зыдтой æмæ сæ уый тыххæй искуы исчъи, кæйдæр загъдау, ~æй ахызт. *Ладемыр. Артдзæст* Наши предки тоже ни писать, ни читать не умели, но, как говорится, за чертой никто из них не остался

~æй кæй ахызт, уый бамбæрста æмæ йæ ныхас æрдæгыл фескъуыдта. — Он почувствовал, что преступил черту и оборвал себя на полуслове

æфсæнвæндаджы ~ — железная дорога

Фæстæдæр та сси, Китайы Скæсæн æфсæнвæндаджы ~ыл цыдæриддæр скъолатæ уыд, уыдоны инспектор. *Куыдзæг. Илас Æрнигон* — Впоследствии он стал инспектором всех школ китайской восточной железной дороги

бæзджын ~ — жирная линия

дихгæнæг ~ — разделительная линия

● къулыл зылын ~! — эка невидаль! зарубка на стене

– Алыкка мæ хъуыдис. – Нæхимæ и, рахиз мидæмæ. Уæртæ къулыл зылын ~ акодтон, уымæ уæддæр бакæс – иу хатт афоныл æрбацыд. *Лademыр. Поезд анкъуысыд* — – Мне нужно с Алыкка повидаться. – Дома он, заходи. Вон на стене я зарубку сделала, зайди, взгляни на неё, в честь того, что он вовремя хоть один раз пришёл

лыстæг ~ — штрих

раст ~ — прямая черта; *перен.* предел

саст ~ — *геом.* ломаная линия; черта

тæппытæ ~ — пунктирная линия

уалдæфон ~ — *ав.* воздушная линия

уылæнтæгонд ~æй бахах кæнын — подчеркнуть волнистой линией

фахсон ~ — откосная линия

фронты раззаг ~ — *воен.* передовая

чысыл ~ — черточка

цæсгомы хæххытæ — черты лица

хаххыг — чертёж

хаххыггæнæг — чертёжник

хаццон — 1. аренда; 2. арендный

~ райсæг — арендатор

~ фæзынаргъдæр кæнын — поднять арендную плату

~ фиддон — арендная плата

~æй райсын — взять в аренду

~æй бынат райсын — взять место в аренду

~ы раттын — сдать в аренду

Утæппæт зæххытæ, кæй дзы уæй акодта, кæй ~ы радта. *Цхуырбаты М. Æнæмæлгæ уидаг* — Столько земель, часть он распродал, часть сдал в аренду

зæххы ~ — аренда земли

Фæстæмæ айстой сæ ~тæ Къобетæй æмæ сæ афтæмæй донмæ æртардтой æмæ сæ фæстæмæ здæхтой. *Беджызаты Ч. Мæсгуытæ дзурынц.* — Забрали у Кобеевых свои земли, что сдавали им в аренду, и всячески мучали их

хæбæлхъус. — лопоухий

хæбæц — растопыренный

~æй бадын (лæууын) — сидеть или стоять, расставив ноги

хæбæццæг — козлы

хæбизджын пирог с свежим сыром

хæбрæгъ *разг.* рвань

зæронд ~тæ старое тряпьё

удисæн ~ похоронное снаряжение

хæбуз 1. оспа; волдырь; сыпь; 2. пёстрый

~ æфтауын прививать оспу

~æй рынчын больной оспой

дæлгоммæ ~ подкожная оспа

хæбузæфтауæн оспопрививание

хæбуздзыхъхъ *(бир.* хæбуздзыхъхъытæ) 1. рябинка на лице; 2. рябой

~ытæ адæймаг рябой человек

~ытæ цæсгом рябое, изъеденное оспой лицо

цæсгом ~æй баззад лицо осталась в оспинах

Йæ цæсгомыл иугай ~ытæ уыди, фæлæ йæ уыдон фыдуынд, мыййаг, нæ кодтой. *Арсен. Рæдыд* На лице у него остались отдельные оспинки, но они его даже и не портили

хæбырæгъ багор

Уалынджы Хъивалы хохы айнæгæй ратахти нæртон уари æмæ Æхсæртæджы ныссагъта йæ ныхтæ, ~тау. *НК.* Между тем со скалы горы Хивал слетел ястреб и впился в Ахсартага когтями, крепкими как багор

хæд прямо; непосредственно

~ размæ перед самым началом

~ сæрыл над самой головой; прямо над

~ фарсмæ в непосредственной близости; сбоку

Уый уарзтон кæддæр æз / Лæппуйæ ælвынын / Нæ хъæуы ~ фарсмæ / Хæсгардæй цъæх нæу. *Балаты Т. Куы бафынай вæййы* Когда-то любил я / Мальчишкой еще ножницами стричь / Прямо возле села / Растущую зелёную траву

~ фæстæ прямо после; вслед за

~ халскъуыд точная копия

Адæмæн масты хос – Хъамболату цины хос. Йæ фырт дæр йæхи ~ халскъуыд. *Æхсарбег. Куырды фырт* Людям на горе – Камболату на радость. А сын его точная копия

хæд- *первая часть сложного слова, со значением* само-

хæдад, хæдаккаг впору, в самый раз

хæдагъоммæ прямо накануне

бæрæгбоны ~ накануне праздника

чындзæхсæвы ~ прямо перед свадьбой

хæдархайгæ автоматический

хæдархайд самодеятельность

аивадон ~ художественная самодеятельность

хæдахуыр 1. самообразование; самоучка; 2. самодеятельный

~ æрмдæснытæ самоучки рукодельники

~ къорд — самодеятельный коллектив
~ фыссæг — писатель-самоучка
хæдахуыргæнæн чиныг — самоучитель
хæдæввæрсон — самоуверенный; самонадеянный
хæдæвдæлонгæнгæ — саморазгружающийся
~ машинæ — самосвал
Æз дæр æм фæкастæн, æмæ йын радтой дзыхъхъыннæуæг ~ ЗИЛ. Айларты Ч. Цард æмæ мæлæт æфсымæртæ сты — Я тоже ему помог, и дали ему новёхонький саморазгружающийся ЗИЛ
хæдæвзаг — красноречивый, речистый
● ~ у – тæлмац æй нæ хъæуы — речист он – не нужен ему переводчик
хæдæвзæрд — 1. культуры, вырастающие на другой год без посадки; самородок; 2. сорный, дикорастущий
~ бæлæсты бын фæуын — зарасти дикорастущими деревьями
хæдæвзæрдæй — сорняком; без посадки
~ зайын — быть дикорастущим
-хæдæг: — *частица* сам
мæхæдæг — я сам
дæхæдæг — ты сам
йæхæдæг — он сам
хæдæгай — ах, кстати, между прочим, то бишь
~, де ’мбал цы фæци? — между прочим, куда девался твой товарищ?
«~» зæгъын — спохватиться
О, ~, уый та мæ куыд байрох и! — Ах, да, как я мог забыть!
О, ~, хабар фехъуыстай? — Кстати, слыхал новость?
хæдæгъдау — приличный; порядочный, воспитанный
хæдæгъдауæй — само по себе; само собой; своим чередом
Царды дæр æмæ сфæлдыстады дæр ~ ницы гуыры. *Р.14. 02. 2019* — И в жизни, и в творчестве просто так ничего не даётся
хæдæппаргæ: ~ кæрдæн машинæ — *с.-х.* жатка-самосброска
хæдæфсад — ополчение
хæдæфсарм — скромный; стыдливый, застенчивый; благовоспитанный
чи цас зондджындæр у, уыйбæрц ~дæр — кто умнее, тот скромнее
~ фæлгонц — скромный, застенчивый образ
Йæхицæй ~дæр æмæ уаздандæр адæймаг тынг зын ссарæн у. *Р. 10.09.1980* — Более скромного и благородного человека, чем он, трудно себе представить
хæдæфсармæй — скромно; застенчиво, из приличия
хæдæфсармдзинад — скромность; стыдливость, застенчивость
Æрмæст йæ ~ дæр бирæйы аргъ куы у. Малиты В. Сурмейы хæдзар — Одна только его скромность чего стоит
хæдæфсымæр — родной брат
хæдæфтыд — выкидыш

хæдæхс автомат

Партизанты нæмыгзгъæлтæ скуыстой. Чи ~æй, чи гранатæй – архæйдтой рæвдз. *Букъуылты А. Фаризæт* Партизаны начали плотный обстрел. Кто из автомата, кто гранатой – действовали успешно

хæдæхсæн *ист.* самострел

хæдæхсгæ самозаряжающийся; автоматический

~ топп автоматическое ружьё

хæдбар 1. независимость, самостоятельность; 2. независимый, самостоятельный

~ адæймаг независимый человек;

~ бахъахъхъæнын отстоять суверенитет

~ паддзахад суверенное государство

~ паддзахад расидын объявить суверенитет государства

~ паддзахадыл банымайын признать независимым государством

хæдбарад, хæдбардзинад автономия, независимость, самостоятельность

хæдбарæй самовольно, самостоятельно

хæдбарджын независимый, свободный, самостоятельный

хæдбарыг *бот.* самоопыление

хæдбæтгæ *мех.* автосцепка

хæдбыл, хæдбылгæрон у самого края; на самом краю

хæдбын I на самом дне

хæдбын II сапог из кожи на мягкой подошве, элемент мужского национального костюма

сæрак ~ чувяк, скроенный целиком из куска кожи

хæдбындур самобытный

~ æрмдзæф самобытный почерк

~ курдиат самобытный талант

Бало йæ ~ курдиатæй дисы æфтыдта Своим самобытным талантом Бало всех повергал в изумление

~ нывгæнæг самобытный художник

хæдгуыргæ, хæдгуырд 1. самородок; 2. саморождающийся, самопоявляющийся

хæддзæугæ самоходный

~ артиллери самоходная артиллерия

хæддзу 1. незваный гость; 2. неприглашённый, приходящий без приглашения

~ уазæг незванный гость

● ~ уазæг къæдор куы баййафа, уæддæр хъуамæ бузныг уа незваный гость за любое угощение пусть благодарен будет

● ~ уазæгæн кад нæй незваному (непрошеному) гостю почёта нет

Гъеныр хæрзбон, мæ хур!.. / Нал мæ уындзынæ, / Дардмæ дæ ~йы мацæуыл дом! *Къоста. Хæрзбон* Ну, а теперь прощай, моё солнце!.. / Меня тебе больше не увидеть, / От далёкого скитальца не требуй больше ничего

Мæ мæгуыр Ирыстон! / Æрцæуæг æлдарæй, / Тыхгæнæг ~йæ дæ ма уæд, ма, мæт? *Къоста. Катай*
Бедный мой Иристон! / С властью пришельца-алдара, / Пришельца-насильника / Миришься ты?

хæддзуйæ
без приглашения; самотёком

~ ауадзын
пустить на самотёк

~ æрбацæуын
прийти незваным гостем

– Уыдонмæ сидгæ бакодтат? – Уæдæ дæуау ~ æрбацыдысты! *Ашæх. Аууоны аргъ*
– А они по приглашению пришли? – А что они как вы незваными гостями заявились!

хæдзонд
умный, понятливый, сознательный

~ уæвын
не торопиться, быть осмотрительным

Нарт уыдысты ~ æмæ дзырдарæхст
Нарты отличались благоразумием и красноречием

Дисæй мæлын: ахæм ~, æд уынд, æд хъару чызг Хъуыдæйнаты хуызæны куыд бауарзта? *Дæбе. Алхæсты ускуырд*
Диву даюсь: как такая благоразумная, красивая, да и сильная девушка могла полюбить такого как Кудайнат

Хасан йæ зæрдæмæ хæстæг æрбайста ~, бонзонгæ Умары, йæ цæстуарзондзинады тыххæй. *Умар. Уæ нæ хæхтæ, нæ бæстæ*
По сердцу пришёлся Хасану понятливый, скромный Умар, привлёк его своим доброжелательным отношением

Сæрæн, дам, дæ, дзурынц, хъабатыр, / Дæу хонынц æмбæлттæ ~. *Дæуыт. Фыдæлты зæххы зарæг*
Говорят, ты энергичный, смелый, / Друзья считают тебя сознательным

хæдзондæй
продуманно; рассудительно

хæдивæг (*бир.* хæдивджытæ)
замещающий, заменяющий; заместитель

~æй снысангонд кæнын
назначить заместителем

бæрнон нымæрдары ~
заместитель ответственного секретаря

сæйраг дохтыры хæдивæджы хæстæ
обязанности заместителя главного врача

сæргълæууæджы ~
заместитель руководителя

сæрдары ~
заместитель председателя

фыццаг ~
первый заместитель

хæдивæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг
временно исполняющий обязанности заместителя

Хъуыддæгтæ мæ хæдивæджы бар бакодтон
Дела я поручил своему заместителю

хæдиндукци
физ. самоиндукция

хæдиргъæф
самооборона

хæдифтонг
организованный; самоподготовка

хæдкæстæр
следующий по возрасту в семье

хæдкомкоммæ
прямо напротив

хæдмаст
вспыльчивый

Быцентæ та уыдысты ~. *НК.*
А род Быцента были вспыльчивы

хæдмæл
1. падаль; дохлятина; 2. дохлый

~ кæнын
околевать; падаль

Мах дæуæн нæ фыдæлтæй фæстæмæ кусæм, æмæ нын нæ цæрæнбонты иу ~ карчыцъиу никуы раппæрстай. *НК.*
Мы, а до нас отцы наши, на тебя столько работали, а ты за всё это время одну дохлую курицу нам ни разу не выделил

● ~æй халоны цæстмæ туджы цæджындз арæзт ис — ворона падаль за версту чует

Уæд та заргæ акæнут, симд æнæ зарæгæй ~æй уæлдай нæу. *НК.* — Хоть спели бы, а то симд без песни дохлый какой-то получается

● ~ыл халæттæ куыд æрæмбырд вæййынц — как вороны на падаль слетаются

Мæ бинойнаджы хæстæджытæ мæ алфамбылæй ~ыл халæттæ куыд æрæмбырд вæййынц, афтæ æрбамбырд сты. *Æхсарбег. Хæххон доны уынæр* — Родственники жены обступили меня как вороны, что слетаются на падаль

● ныхасæн йæ сæр куынæ фехъусай, уæд ~ кæны — слушать надо с самого начала

~ фыд нæ хæрын — падалью не питаться

● ~ хъуджы стигъджытæй фылдæр цы вæййы — желающие найдутся павшую скотину выпотрошить

хæдмæлхор — стервятник

● ~ хомхорыл худти — сам падалью питался, а над сыроедом смеялся

● халон ~ у — ворон – падальщик

~ халæттау знæгтæ сæ алывæрсты æртæхынц — как вороны стервятники слетелись враги

хæдныфс — 1. самоуверенность; 2. самоуверенный

хæдойнаг (*бир.* хæдойнæгтæ) — отрез на рубаху

уæд ын мæнæй ~ — с меня ему отрез на рубашку

● чидæр арвыкомæй æнæ ~ куыд нал цыд — без отреза на рубашку из дальних странствий не хотел возвращаться

хæдон (*бир.* хæдæттæ) — рубашка, сорочка

~ рагъæй фелвасын — стянуть рубаху

~ раласын — снять с себя рубашку

æнæдыстæ ~ — безрукавка

æруадзгæ ~ — рубашка навыпуск

æфсæддон ~ — гимнастёрка

æхсæвдарæн ~ — ночная рубашка

згъæр ~ — кольчуга

● иу ~ы абырын — подружиться; стать неразлучными

● иу ~ дæр уæрæх уыди — были закадычными друзьями; одна рубашка на двоих просторной была

Æмæ та Бабазы ныхмæ дæр фæци, уæд сын иу ~ уæрæх куы уыд. *Тæтæри. Размæ* — Так он теперь и на Бабаза ополчился, а то были не разлей вода

● кæрц ~æй хицæн кæнын — встревать в отношения между близкими людьми; разлучать неразлучных

● кæрцæй ~ хæстæгдæр у — рубашка ближе к телу, чем тулуп

● кæрцæй ~ы ’хсæн дæ къух ма кæн — между близкими не встревай; *букв.* между шубой и рубахой руку не просовывай

сабыргæнæн ~ — смирительная рубашка

скъуыдтæ ~ — драная рубашка

● фæстаг ~ раласын — снять с себя последнюю рубашку

Уынгæг бон адæймагæн фæстаг къæбæр, рагъы ~ раттын диссаг нæу. *Хæблиаты С. Дзæнæты маргъ* — Неудивительно, что в трудный час человек готов поделиться последним куском хлеба, отдать последнюю рубашку

● искæмæн йæ фæстаг ~ раласын — оставить кого-л. без рубашки; сделать кого-л. нищим

цыбырдыс хæдæттæ — рубашки с короткими рукавами

хæдразæй, хæдразмæ — как раз; перед, накануне

фæндæгыл искæй ~ цæуын — идти по дороге прямо перед кем-л.

Райсом-иу дукани æхгæныны ~ фæзын. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Завтра объявись прямо перед закрытием магазина

хæдтæрхон — самосуд

хæдтæхæг *(бир.* хæдтæхджытæ) — самолёт

~ыл цæуын (тæхын) — лететь самолетом; лететь на самолёте

æнæрбадгæ атахт ~ыл — беспосадочный перелет

бæлццæтæ ласæн ~ — пассажирский самолёт

бæлццонон ~ — пассажирский самолёт

куынæггæнæг ~ — самолёт-истребитель

сгарæг ~ — самолёт-разведчик

уæзласæг ~ — грузовой самолёт

хæдтæхæджы афæлтæрд — испытание самолёта.

хæдтæхæджы хуызæг — авиамодель

хæдтулгæ — 1. самокат; машина, автомобиль; 2. самокатный

зынгсирвæзтыты ныхмæ тохгæнæн ~ — пожарная машина

Ныртæккæйы царды та ма нæлгоймаг æнæ ~йæ цæй нæлгоймаг у?! *Лæдемыр. Артдзæст* — В наше время мужчина без машины – не мужчина?!

хæдтулгæскъарæг (*бир.* хæдтулгæскъæрджытæ) — водитель

хæдтыхми — самоуправство

хæдуагæвæрд — самоопределение

нациты ~ы бар — право наций на самоопределение

хæдуæвындзинад — самобытность, своеобразие

хæдуæлвæд, хæдфæдыл — немедленно, вслед за, по горячим следам

йæ ~ æрбалæууыд — он явился вслед за ним

хæдфарсмæ — рядом; под боком

хæдфæстæ — вслед за, следом, по пятам

хæдфындзы бынмæ — прямо под самым носом

хæдфысгæ, хæдфыссæг — самопишущий

~ ручкæ — самопишущая ручка

хæдхал, хæдхалдих; хæдхалскъуыд — очень похожий; имеющий сходство; точная копия

йæ мады ~ — копия своей матери

Фæлæ ахæм ~ скъуыд никуыма федтон. Фаззæттæ ма вæййынц афтæ. *Æхсарбег. Хæххон доны уынæр*
Но такого сходства я ещё никогда не видел. Только близнецы бывают так похожи

хæдхæцæг самодержавный

~ æфсæдтæ царские войска

~ паддзахад самодержавное государство

хæдхæцæгад самодержавие

~ы раппæрст свержение самодержавия

хæдхицау (*бир.* хæдхицæуттæ) самодержец, автократ

хæдхицауад самовластие

хæдхицауадон, **хæдхæцæг** самодержавный

хæдхонæг человек, идущий куда-л. без приглашения; непрошеный гость

● хонæг дæ куы нæ уа, уæд ~æй ма цу никуда не ходи без приглашения

хæдхуыз, хæдхуызæн самобытный; с собственным лицом

Цалынмæ не ‘взаг зонæм æмæ йыл дзурæм, уæдмæ нын дунейы адæмыхаттыты ‘хсæн уыдзæни нæхи ~ цæсгом æмæ ном. *Шамил.*
Пока мы знаем свой язык, пока говорим на нём, до тех пор у нас будет своё собственное лицо и своё имя среди других народов мира

хæдхуыздзинад самобытность, своеобразие

Нæ адæмы фидæн æнгом баст у нæ национ æвзаг æмæ удварны ~ бавæрыныл. *Р. 04.08.2018*
Будущее нашего народа тесно связано с сохранением нашего языка и духовной самобытностью

хæдхъом самостоятельный

хæдхъомад самостоятельность

хæдхъуыр с короткой шеей, короткошеий; *перен.* вспыльчивый

хæдцæугæ самоходный

хæдцæф зародыш

хæдцур совсем рядом; в непосредственной близости

Алыбег цалынмæ йæ ~ æрлæууыд, уæдмæ йæ нæ фæхъуыды кодта. *Гæстæн. Дысоны фын*
Она не заметила Алыбега, пока он не остановился совсем рядом

хæдыстыд самовосхваление

хæдз приспособление для кручения верёвки *(из травы, грубой шерсти);* крюк, крючок

● ~æй ласын тащить на аркане; принуждать силой

● фæллой куынæ кæнай, уæд худинаг ~æй раласдзынæ
не трудиться, значит, срамиться

● фыдбылыз ~æй ласы создаёт себе проблему

хæдзайраг (*бир.* хæдзайрæгтæ)*;* **хæдзарон** домочадец; живущий в доме на правах члена семьи

● сиахс ~ у зять – член семьи

● уызын ~ ысси ‘мæ уæдæй фæстæмæ хоргалмы læппынтæ сæхицæн бынат нал ардтой – уызыны судзинтæ сæ хъыгдардтой æппынæдзух
вот и зажил ёж с ними, а змеёныши места с тех пор себе не находят – не дают им жить ежовы иголки

● хæдзайраджы бадт кæнын — рассесться как у себя дома

хæдзар (*бир.* хæдзæрттæ) — дом; жильё; домашнее хозяйство

~-~ зилын — ходить из дома в дом

~ амайын — возводить дом

● ~ æд мыстытæ басудзын — сжечь дотла

~ æфснайын — прибираться в доме

● ~ бындурæй рæзы — дом начинается с фундамента

● ~ истæмæй дæр цæры ’мæ ницæмæй дæр — дом устоит при любых невзгодах

● ~ йæхи зынгæй судзы — пожар внутри самого дома случается

~ кæнын — отстраиваться; строить дом

● ~ кæнын бындурæй райдайынц — всё должно быть по порядку; *букв.* дом с фундамента начинают строить

● ~ кæнын зын у, йæ фехалын æнцон — построить дом трудно, а разрушить его легко; ломать не строить

● ~ нал зонын — отбиться от дома

● ~ нæ, фæлæ уæтæр! — не дом, а овчарня

~ саразын — строить дом; сделать всё своими руками; самому себе всё устроить

● ~ чи нæ сарæзта, уый афтæ ’нхъæл у ’мæ цæджындзтæ сæхæдæг æвзæрынц — неопытному кажется, что всё само получается; *букв.* кто дом не строил, думает, что столбы из земли растут

● ~æн йæ саразын – зын, йæ ныууадзын – уымæй зындæр — трудно дом построить, покинуть дом ещё труднее

● ~ тыхæй н’ арæзтæуы, ~ зондæй арæзтæуы — дом не силой строят, а умом

● рафау æй æмæ дæ ~ сарæзтай — если будешь критиковать его, сам себе всё испортишь

~ ссарын — вернуться домой живым

~ суæвын — зажить; стать состоятельным, зажиточным

~ халын — разрушать дом

● хи ~ халын — вредить самому себе; портить себе жизнь

● ~ цæджындзтыл арæзт у — дом строят на опорах

● ~ цы хъæуы нал и, уый хъæууат у — где домов нет, там и села нет

~æй афæндараст кæнын — проводить из дома

● ~æй – мæгуыр, зæрдæйæ – хъæздыг — *букв.* в доме бедность, а в душе щедрость

● ~æй ныхас рахæссын — выносить сор из избы

~æй ратæрын — выставить, выгнать из дома

● ~æй фæздæг куынæ цæуа, уæд æдзардыл нымад у — если дымок не вьётся над домом, значит, он нежилой

● ~æн йæ сахъæттæ марды бон рабæрæг вæййынц — что в доме не так, в день похорон видно становится

● ~мæ бахостæ уыд: уый æмæ уый ам и? – Нæй, фæлæ ~ ам и, фысым нæм бакæ — стучатся в дом: такой-то дома? – Его нет, но дом на месте, будь гостем

● ~мæ кæстæры номæй фæдзурынц — когда приходят в дом, вызывают младшего мужчину

~мæ куыст — домашняя работа; уроки на дом

● ~мæ лæджы номæй фæдзурынц — в дом стучат, кличут имя мужчины
● ~мæ уæз нæй — своя ноша не тянет
● ~мæ фæндаг цыбыр у — дорога домой всегда короче
● ~мæ хай — доля угощения каждой семье
~ы æгъдау — порядок в доме
● ~ы æгъдау хистæрæй цæуы — порядок в доме от старшего идёт
● ~æй ~мæ дæр хицæн æгъдау ис — в каждом доме свой порядок
● ~ы дымгæ цæуыл бафу кæна, уый нæй — в доме пусто; ветер свищет
~ы бæркад — изобилие дома
● ~ы бæсты тыргъ басудзæд! — пусть крыльцо сгорит, чем весь дом
~ы дзаумæттæ — утварь
● ~ы уынаффæ фæндагмæ нæ бæззы — что в доме накажут, то в дороге не пригодится
~ы фæд — родословная
~ы хицау — хозяин, хозяйка (дома); домовладелец
~ы цæрджытæ — жильцы дома
● ~ы чи цæры, уый у — кто в доме живёт, тому он и принадлежит
~ы чиныг — домовая книга
~ы цæджындз — балка дома; опора и надежда семьи
● нæлгоймаг – ~ы астæуккаг цæджындз — мужчина – главная опора дома
~ыл сæмбæлын — благополучно вернуться домой
Алчидæр йæ ~ыл дзæбæхæй æмбæлæд! — Пусть каждый путник возвращается невредимым в свой дом!
● хи ~æн дзы æмбал нæй — в гостях хорошо, а дома лучше
алцыдæр ~æй цæуы — всё из семьи идёт
æдзæрæг ~ — нежилой, заброшенный дом
● æдзæрæг ~ – хæлынбыттыртæн ахстон — нежилой дом – гнездо летучих мышей
● æнæбæх ~æй ~ нæй — безлошадный дом – не дом
бирæуæладзыгон ~ — многоэтажный дом
гуыдыræй æхгæд хæдзæрттæ — запертые на замок дома
гуыпп ~ — зажиточный дом; крепкое хозяйство
● давæг йæхи ~æй дæр давы — вор и у себя из дома таскает
● дæ ~ы хор куы уа, уæд дзы мыст дæр уыдзæн — в доме, где припасено, и мышке есть чем поживиться
● зæрватыкк дæр ма йæхицæн ~ кæнын зоны — даже ласточка умеет себе строить дом
● зиууон куыст ~ыл бæркад æфтауы — совместная работа – источник изобилия в доме
иумæйаг ~ — общий дом
● иуы аххосæй ~ нæ хæлы — семья не распадается по вине лишь одной стороны
● кафаг лæппу ~ нæ дары — из танцора плохой кормилец семьи
кæлæддзаг ~ — ветхий дом; ветхое жильё
● кæлæддзаг ~ æдзæрæгыл нымад у — ветхий дом, что нежилой
кувæн ~ — молельный дом, святилище

Нарты стыр кувæн ~ — большое святилище нартов

● кусгæ чи кæны, уый ~ сойджын у — кто работает много, тот ест сытно

● сæ ~ – фиййауы мусонг — дом у них – шалаш пастуха

мæ ~ — *ласк. обращение* Мой дорогой!

мæ ~ыл! — *межд.* Боже мой!

Мæ ~ æрбайхæлд! — Горе мне, моему дому!

мæ ~ы нæ базæронд — я ему ничем не обязан

● мæгуырæй дæр лæгæн ~ куы уа, уæд ын ницы у — если бедняк живёт в своём доме, уже не пропадёт

● мыды къусчы хуызæн ~ — дом – полная чаша

● нæ ~ы цал уидыджы 'мæ цал къоппайы ис, уый дæр ма нын зоны — он знает всю нашу подноготную, всё до последней ложки и плошки

райгуырæн ~ — отчий дом; родной дом

● райгуырæн ~æй йæ цæрæн ~мæ — из отчего дома в дом мужа

рæстæгмæ ~ — времянка; временное строение

● сæнттæй хæдзæрттæ ничи аразы — дома в мечтах не строятся

● – Уæ лæгтæ кæм ысты? – Лæгтæ ам не сты, фæлæ лæгты ~ ам и — – Где ваши мужчины? – Мужчин на месте нет, но дом мужчин вот, он на своём месте

Уæддæр лæгæн йæхи ~! — Ничего нет лучше родного дома!

● уæрдон кæдæм нæ тула,' уыцы ~ы бæркад нæй — если телега во двор не заезжает, то и изобилие в доме не прирастает

хи ~мæ цæуæгау — как к себе домой; по-свойски

хи ~ы — у себя дома

● хи ~ы бын арт бандзарын — подложить свинью самому себе

● хонын мæгуыры хъæуы, уыййедтæмæ хъæздыг йæ ~ы дæр бахæрдзæн — приглашать так бедного, богатый и у себя в доме найдёт, чем наесться

● хорз ~æй хорз ном фылдæр лæууы — доброе имя живёт дольше добротного дома

● хорз сылгоймаг – ~ы зæд — хорошая хозяйка – ангел дома

хъарм ~æй æддæмæ рахизын дæр нæ фæфæнды — из тёплого дома ноги прочь не несут

хъæздыг ~ — зажиточный, богатый дом

цæрæн ~ — жилой дом; дом будущего мужа

цæрæн ~ы бардуаг — покровитель жилища

● цæрынæй хæрынмæ ~-~фæкодта 'мæ ædзарæй баззад — всю жизнь только о доме мечтал, а остался бездомным

цыма хи ~ы и — чувствует как у себя дома свободно

хæдзарад — хозяйство

~ы хайады хицау — завхоз

адæмон ~ — народное хозяйство

иумæйаг ~ — совместное хозяйство

кæсæгтæ дарæн ~ — рыболовное хозяйство

пъланыларæзт ~ — плановое хозяйство

фæстæзад ~ — отсталое хозяйство

хиæххуысадон ~ — вспомогательное хозяйство

хъæууон ~ — сельское хозяйство

цæрæнуæтты-коммуналон ~ жилищно-коммунальное хозяйство

хæдзарадон хозяйственный

~ организацитæ хозяйственные организации

хæдзарæфтыд бауын разориться, обнищать

хæдзарбынгæнæн разорительный

хæдзарвæндаг (*бир.* хæдзарвæндæгтæ) родословная; порода, семья

Наф – хæдзарвæндаджы бардуаг Наф – покровитель семьи

Уæдæ ацу Сауденджызы ‘лдармæ æмæ йæ æд ~ какон сындзыл басудз. *НК. 4* Тогда отправляйся к черноморскому алдару и истреби его со всей его семьёй

– Уациллайы ныхас раст у, – дзуры Фælвæра. – Мадзынæджы ~ уадз æмæ къабазджын ацæуа! *НК. 2* – Правильно Уацилла говорит. – сказал Фалвара. – Пусть семья Мадзынага останется и пусть разрастается

Хорз хæдзарвæндаджы лæппу у, æз сын сæ бинонты зонын Этот парень с хорошей родословной, я всю их семью знаю

хæдзарвæндаджы хистæр старший семьи; старейшина фамилии

хæдзаргæнæг (*бир.* хæдзаргæнджытæ) застройщик; обзаводящийся хозяйством

● ~ – æнæ хæдзар, куырд – æнæ кард сапожник без сапог; строитель без дома; кузнец без меча

● ~ йæхи дæр нæ уарзы застройщик сам себя не любит

● æппæтæн ~ æнæ хæдзарæй баззад всем строил дома, сам без дома остался

● хæдзаргæнæджы мард фæсдуар *(о неблагодарных потомках)* труп строящего дом – за дверью

~ æй, дам, калм дæр йæ хуынкъмæ лидзы даже змея прячется от застройщика в своей норе

хæдзаргæс присматривающий за домом; хозяин дома

~æй ныууадзын оставить присматривать за домом

хæдзаргæсуат домоуправление

хæдзаргонд (*бир.* хæдзаргæндтæ) хижина, домик

хæдзардар кормилец

● ~ æнцой нæ зоны кормилец семьи отдыха не знает

иунæг ~ единственный кормилец

хæдзардарæг (*бир.* хæдзардарджытæ) *уст.* кормилец, кормилица

● гал ~ у вол – кормилец семьи

Ева дæр йæ дзаумæттæ акодта – алыхатт дæр иу æфандараст кодта йæхæдзардарæджы. Ева тоже оделась – она каждый раз провожала своего кормильца

Уæ фыд сымах карæнæй ~ уыди. Ваш отец в вашем возрасте был кормильцем семьи

хæдзардарæджы ном хæссын йæ бахъуыдис пришлось ему взвалить на себя обязанности кормильца семьи

хæдзарджын имеющий дом; домовладелец

хæдзардзин домовитый, хозяйственный

~ адæймаг хозяйственный человек

~ ахаст дарын относиться по-хозяйски

● хæдзарæн йæ ‘фсин ~ куы нæ уа, уæд ын йæ бæркад дымгæ хæссы если хозяйка дома не экономна (не бережлива), то изобилие дома развеет ветер

~ хицау домовитый хозяин

~ цæстæй кæсын — подходить по-хозяйски
хæдзардзинад — бережливость, хозяйственность
хæдзардзинæй — по-хозяйски
резервтæй ~ пайда кæнын — использовать резервы по-хозяйски
хæдзари-хæдзар — по домам; из дома в дом
хæдзарон — 1. член семьи, домочадец; 2. домашний
~ фос — домашние животные
~ тæрхъус — кролик
хæдзаронау — по-свойски
Лæппу сыл фæцахуыр æмæ йæхи ~ дардта — Мальчик привык к ним и держался по-свойски
хæдзаронтæ — домашние; домочадцы; хозяева (обитатели); колядки
Гъе, ~, уазджытæ на уадзут?! — Гей, хозяева, гостей не принимаете?
~, ~! Фæцæуынц уæм дæрдбæлццонтæ... Æддæмæ ма цæм ракæсут! Уæ мæсыгмæ цæ бакæнут! *Зарæг* — Гей, хозяева, / Идут к вам путники издалека! / Путников встречайте, / В башню свою приглашайте
хæдзаруат — развалины дома; место, где стоял дом
хæдзаруатæй — в развалинах
хæдзархæлд: искæйы ~ бакæнын — разорить кого-л.
хæдзархор — разоритель дома
● цом-цомы уазæг – ~ — гость, что долго прощается, разорителен
хæдзарыхицау — домовладелец; глава семьи
хæдзгонд — крючковатый
хæдзыкъа — крюк
~йæ дæр æй ничи ’рбаластаид — его насильно не приведёшь
хæзгул — любовница
~ дарын — завести любовницу
хæзна — 1. драгоценность; ценность; сокровище; клад; казна; богатство 2. ценный, драгоценный
– Бахатыр кæн, фæлæ ды, Сослан кæй хонынц, уый нæ дæ? – Гъеуыцы ~ дæн. *Ашæх, Сослан* — – Простите, но, случайно, вы не тот Сослан? – Вот я как раз то сокровище и есть.
~ дур — драгоценный камень
~йау хъахъхъæнын — очень дорожить
~йау фæцагурын — тщательно искать
~йæн ныууадзын — оставить в наследство
~ты ~ — самое дорогое, самое бесценное
● ~ты ~ – удгоймаджын цæрд — ничего нет дороже человеческой жизни
● ~ты ~ – лæджы дзæбæх — самое большое сокровище – хороший человек
~ты бæстонгæнæг — хранитель сокровищ
~ты хуыздæрыл нымайын — считать самым дорогим достоянием
æвæрд ~ — реликвия

ærдз йæ курдиæтты ~йæ рæдауæй лæвар скодта — природа щедро одарила своими богатствами

бæстæйы ærдзон ~тæ — естественные богатства страны

культурон ~тæ — культурные ценности

удварны ~тæн фесафын — растерять духовные богатства

фыдæлты ~ — доставшееся от предков богатство

Фыдæлты ~ нæ къулыл ænæсærфтæй / Иу-фынддæс азы фæлæууыд. *Къоста. Ахуыр* — Дедовское добро (ружьё) нечищенным висело на нашей стене / Около пятнадцати лет

● фыды лымæн – фыды ~ — друг отца – наследство, оставленное отцом

хæзнаагурæг — кладоискатель

хæзнадар — казначей

хæзнадон — сокровищница

~мæ стыр æвæрæн бахæссын — внести большой вклад в золотой фонд

аивады ~мæ стыр æвæрæн бахæссын — внести большой вклад в творческую сокровищницу

адæмон сфæлдыстады ~ — сокровищница народного творчества

хæзнаджын — богатый

~ зæххытæ — плодородные земли

хæзнакъахæн — рудник

хæйрæг *(бир.* хæйрæджытæ) — чёрт, дьявол, бес

● ~ æй ссардыдта — бес попутал

● ~ æй аныхъуырдта — черти съели

● ~ æй базонæд чи у — чёрт знает, кто; невесть кто

● ~ йæ зонæг — чёрт его знает

● ~-лæг — проныра; пройдоха

● ~ меркъайы ныххауæд — провалиться к чертям собачьим

Кæд отставкæ, уæд отставкæ. ~ меркъайы ныххауæд, – загъта йæхинымæр. *Дæбе. Адæм адæм сты* — В отставку, так в отставку. Пусть всё катится к чертям, – сказал сам себе

● ~ тæрхъусы хуызы цæуы — дьявол ходит в обличии зайца

● ~æй цæсты рухс чи куры! — просить невозможное; *букв.* кто вымаливает у чёрта свет!

● Зæронд ~! — Старый чёрт!

● искæмæн йæ хæйрæджы ном зæгъын кæнын — доводить кого-л. до отчаяния / безумия

Йæ хъæбулы хæйрæджытæм сыфцæй ничи фæласы. *Гуыцмæзты М. Иу бон æмæ иу æхсæв* — Никто своего ребёнка к дьяволу волоком не тащит

● кæд ~ дзæнæтмæ бахауа — совершенно невероятно; *букв.* если чёрт в рай попадёт

● скъаппы ~ — 1. уродина; 2. некрасивая

● тамако хæйрæджы холлаг у — табак – дьявольское зелье

● фос хæйрæджы нымæтау у — скот подобен бурке дьявола

● хæйрæджы будысмаг куыд хъæуы — *букв.* нужен как черту ладан

● хæйрæджы йæ фæстаг къахæй æрцахсын — приноровиться; изловчиться; *букв.* чёрта за заднюю ногу ухватить

● хæйрæджы læппын — чертенок
● хæйрæджы ноздт — крепкие напитки; арака
● арахъхъ хæйрæджыты сфæлдыст у — арака – изобретение дьявола
● хæйрæджы роны искæй ссарын — отыскать даже у чёрта за пазухой
● хæйрæджы сайд — оставить в дураках; облапошить; околпачить

Хæйрæджытæ мæ сайынц æви? — Что мне привиделось?
хæйрæджы фæлдыст уæвын — быть творением дьявола
хæйрæджы хай — нечто дьявольское
● йæ хæйрæджы хай йыл фæуæлахиз — дьявольское в нём одержало победу
хæйрæджытæ дæр ~æй нал равзардзысты — сам чёрт не разберёт
● хæйрæджыты амæттаг фæу! — чтоб тебя черти съели!
● хæйрæджыты æхсæв — *этн.* ночь сверхестественного обитателя дома
● хæйрæджытæ дæ фæхæссæнт! — *разг.* чёрт тебя побери!
– Нæ дзауматæ нын цы ~ фæхаста? – фæрсынц Нарт Сырдоны. *НК.* — – Какие черти унесли наши вещи? – спрашивают нарты Сырдона
● хæйрæджыты фæтдзæгъдæн — чертёнок
● хуы, ~ æмæ къæдзилджын уыры иумæ цæрынц — свинья, чёрт и хвостатая крыса одного поля ягода
● цæмæй ~ уыд — откуда ему было знать
Цы хæйрæджытæ йæ æрбахастой? — Какими ветрами? Какой чёрт его принёс?

хæйрæгдзинад — хитрость, коварство; трюк
~ æрхъуыды кæнын — замыслить зло
Нæ, ам æндæр ~ æмбæхст ис — Нет, здесь кроется что-то другое
Цыдæр ~ йæ зæрды æрæфтыд — Он задумал какую-то хитрость

хæйрæджджын — бесноватый; припадочный; чёртовый
~ фæдæ? — в тебя бес вселился?
~ хъæр сисын — вопить; орать дурным голосом
● ~æн дзуары кой рæхуыст у — бесноватого слова о святом больно ранят

хæйрæджыхойраг — *разг.* арака, водка

хæкъуырцц, хæкъуырццæг — икота
~ кæнын — икать; прерывистый звук
● ~ куы кæнай, уæд уый зон, æмæ чидæр дæ кой кæны — если икаешь, кто-то тебя вспоминает
Иветæ сындæгæй рувæн райста æмæ ~гæнгæйæ араст уынгмæ. — Ивета медленно взяла тяпку и, всхлипывая, поплелась на улицу
~æй кæуын — плакать, всхлипывать
Адæм фæсабыр сты, фæхъус сты, æрмæст ма Хъазийы ~ кæуын хъуысти. *Секъа.* — Народ затих, успокоился, слышались лишь всхлипывания Кази

хæлайфаг *(бир.* хæлайфæгтæ) — материал / отрез на брюки

хæлар *(бир.* хæлæрттæ) — 1. друг, приятель; 2. преданный; идущий впрок; приятный; 3. на здоровье; на пользу
● ~ æрдхорд – æфсымæрæй хуыздæр — преданный друг лучше брата

~ дын уæд — на здоровье

~ кæнын — посвящать *(покойнику);* жертвовать

~ уæвын — дружить

● ~æн азтæ ницы къуылымпыйы хос сты — годы дружбе не помеха

● ~имæ хæстæг бакæнын хорз у, фæлæ знагимæ лымæн бакæнын – уый дис-сагдæр у — породниться с приятелем хорошо, но подружиться с неприятелем это более удивительно

~ы салам — дружеский привет

~ы цæстæй кæсын — относиться по-дружески

~ ын фæуæнт — пусть ему будет на здоровье

алкæимæ ~ — человек, который со всеми на дружеской ноге; компанейский, общительный

æмсис хæлæрттæ — собратья по перу

● бæлас уидæгтæй фидар у, лæг – хæлæрттæй — дерево сильно корнями, а человек друзьями

зæронд ~ы ныр уымæ нал æвдæлд — старому приятелю стало не до него

зæронд ~ы ферох кæнын — позабыть старого дружка

● зиууон куыст ~ у — работать сообща всем полезно

искæимæ ~æй цæрын — дружить, поддерживать знакомство с кем-л.; водить хлеб-соль

● лæг хъуамæ йæ знаджы дæр æмæ йæ ~ы дæр зона — человек должен знать и своего врага и друга в лицо

мæ ~ / мæ лымæн — *разг.* дружище, старина

рагон ~ — старый приятель

● сæдæ сомæй сæдæ ~ы хуыздæр — не имей сто рублей, а имей сто друзей

фæлтау хæлæрттæй баззайæм — давай лучше останемся друзьями

● хæлæртты хъуыддаг исбон нæ фæрсы — дружба не на достатке строится

● хорз хæлæрттæн сæ маст дæр, сæ цин дæр иу у — у хороших друзей и горе, и радость пополам

● цъиу-цъыбырттæг æмæ кæсаг-хуыдзыхæг цардысты стыр хæлæрттæй — птица-щебетуха и рыба-усач в большой дружбе поживали

хæларад — дружба

Æвæдза, цы уæлдай ис калмæй, лæгæй / ~ куы нæ тауа хорау фæрнæй. *Дæуыт. Хæларад куы нæ тауа фæрнæй* — И всё-таки, какая разница между человеком и змеёй, / Если он не сеет дружбу как зерно

хæларæй — дружно; в согласии

~ цæрын — жить в дружбе

Гыццылæй нырмæ ~ фæцардысты Заурбегимæ — Они дружат с Заурбеком с раннего детства

● ~ цæрын мыды кæхц у, хæрамæй цæрын бындзы цæф у — в согласии жить – мёд пить, во вражде жить – всё время тужить

хæларæнгæс — дружественный; приязненный

хæлардарæг — дружественный

~ паддзахад — дружественное государство

хæлардзæст — доброжелательный; дружелюбный

хæлардзæстæй — доброжелательно; дружелюбно

Куыд амадтой фыдæлтæ уым гæнæхтæ? / Куыд-иу æрзад зæрæстæтты мæнæу? / ~ куыд кастысты нæ хæхтæ? / Бæрзонд фахсæй куыннæ рахаудта сæ хъæу? *Дæуыт. Æз уарзын*

Как возводили предки эти башни? / Как на этих склонах пшеница росла? / Как доброжелательно взирали горы? / Как не свалилось с высокого склона наше село?

хæлардзинад дружба; расположение; доброта

~ æнусмæ хæссын хъæуы дружбу нужно хранить вечно

● æргом ныхас ~ нæ халы откровенное слово дружбе не помеха

● знаг дæ ~æн ку' агура, уæддæр дæ хæцæнгарз ма бафснай враг твоей дружбы искать станет, но ты оружие далеко не прячь

хæларзæрдæ добросердечный, дружественный; великодушный; расположенный *(к кому-л.);* отзывчивый

Асланбег тынг хæцыд йæ хæлар Хаджымæты сæрыл, зæгъгæ, уый у стыр ~ адæймаг. *Хацырты С. Æцæг хæлар*

Асланбек горячо отстаивал своего друга Хадзымата, мол, он очень добросердечный, отзывчивый человек

хæларзæрдæдзинад добросердечность, великодушие

хæлаф (*бир.* хæлæфтæ) штаны, брюки

~ы къах штанина

Лæджы ~æн йæ иу къахы куы ныббырдзынæ, уæд цæ дæ уæлæ та куыд кæныс? *НК.2*

Как ты собираешься надеть мужские штаны, если ты целиком в одну штанину помещаешься?

~ыл схæц-схæц кæнын подтягивать штаны

æруадзгæ ~ штаны навыпуск

лæджы мидæккаг ~ кальсоны

рæтыд ~ стёганые штаны

уæрæхфадыг ~ расклешённые брюки

цæрмын-хæлын хæлæфтæ кожаные штаны

цыбырфадыг ~ шорты

хæлæг зависть

● ~ æмæ чъынды 'фсымæртæ сты зависть и жадность одного поля ягоды

~ кæнын завидовать; *разг.* завидки берут

~ кæнын гæдыбæлæстæм. / Сæ сæрыстырдзинад сын уарзын. *Дауыраты Д. Гæдыбæлæстæ*

Завидую я тополям, / Люблю их горделивость

● ~ мæлæт у зависть смерти подобна

искæй æнтыстытæм ~æй мæлын завидовать чужим достижениям

конд æмæ уындæй никæмæ ~ кæнын ничьей внешности я не завидую

● куыдз куыдзы ~мæ рæйы собака лает из ревности к другой собаке

ныхас бамбарыны тыххæй ~ никæмæ бакодтаид она была цепкая; она быстро всё схватывала

● хæлæджы сæр предмет зависти

● хæлæджы фауд лæджы макуы бакæн из зависти, ревности другого не охаивай

● хæлæджы цæст куырм баци завистник слепнет от зависти

цард ~æй нæу завистник – плохой советчик

цы дæм ис уый ~ ма кæн не жалей того, что имеешь

хæлæгæй из зависти

~ мæлын — умирать от зависти, очень завидовать

● ~æй йæ цæстыты фыдтæ тайынц — он очень завистливый человек

фыр ~ — из сильной зависти

фыр ~ нытътъæпп кæнын — лопнуть от зависти

Адæм ~, хæрамдзинадæй æмæ фыдæнæн кæрæдзиуыл бирæ цыдæртæ фæмысынц, æмæ уыдæттыл æууæндын æдылыдзинад у. *Арсен. Джанаспи* — Люди из зависти, враждебности, в отместку много чего друг на друга наговаривают, и верить всему этому глупости

хæлæггаг — предмет зависти

æмæ дæм ~æй та цы ис? — а что в тебе завидного

хæлæггæнæг (*бир.* хæлæггæнджытæ) — 1. завистник; 2. завистливый

● ~ æдзæстуарзон вæййы — завистник добра не пожелает

● ~ æнкъард куы уа, уæд бæрæг нæма вæййы, йæхиуыл исты зиан æрцыд æви искæуыл исты хорздзинад, уый — грустит завистник – то ли у самого горе, то ли у другого радость

● ~ мæллæг кæны — завистник от зависти сохнет

● ~ хæлæгæй цæры — завистливый одной завистью и живёт

● хæлæггæнæджы цæст не 'фсæды — *ср.* брюхо сыто, да глаза голодны, глаза завидущие

~ хæлæг кæны æппæтмæ: / Рæсугъд фæлыстмæ, ахуырмæ, куыстмæ, / Хæлæг кæны йæ сыхæгты цæуæтмæ, / Йæ къухтæ тавы искæйы тыхстмæ. *Дæуырæ.* — Завистник завидует всему: / Красивой одежде, учёбе, работе, / Завидует детям соседей, / А на чужих заботах греет руки

хæлæгдзинад — зависть; завистливость

~ йедтæмæ æм æппындæр ницы ис — его главное свойство – завистливость

~ стыр аипп у — зависть – большой грех

хæлæгкаст кæнын — зариться

хæлæйфаг — то, что расхищают, расхватывают; тот, кого грабят

● тæргайгæнаджы хай – ~ — пока одни обижаются, за них другие распоряжаются

хæлæ-мылы — 1. беспорядок; 2. беспорядочный

цавæрдæр ~ — какая-то неразбериха

хæлæн — разрушающий; разрывной

~ архайд — подрывная деятельность

~ буаргъæдтæ — взрывчатые вещества

~ нæмыг — разрывная пуля; взрывчатый

● ~ хохæй ~ дур хауы — с горы, что разрушается, падают камни, что её разрушают

хиаразгæ ~ æрмæджытæ — самодельные взрывчатые вещества

хæлæттаг — 1. развал; разруха; 2. подлежащий разрушению, уничтожению, разграблению

~ кæнын — разбазаривать; растранжирить

● æвзæр æфсины къæбиц ~ вæййы — кладовая плохой хозяйки разбазаривается

исбон ~ кæнын — разбазаривать имущество

паддзахадон исбон ~ кæнинаг нæу — нельзя разбазаривать государственное добро

иумæйаг мулк ~ кæнын — разбазаривать общее достояние
продукттæ ~ кæнын — разбазаривать продукты
● халæттæн ~ фæуын — быть разбазаренным, растранжиренным
хæлæттаггæнæг (*бир.* хæлæттаггæнджытæ) — расхититель, расточитель
хæлæттаггонд — расхищенный
хæлæф, хæлоф — 1. поспешность; стремительность, напор; аврал; алчность; грабёж; 2. поспешный, торопливый
~ кæнын — набрасываться с жадностью; расхватывать; грабить; хапать, огрести
~ кæнын ницæуыл хъæуы — спешка ни в каком деле не нужна
~ куыст — аврал; спешная работа; запарка
● лæскъдæттæг фосыл ~ кæнын — расхватывать то, что сулит прибыль
чызджытæ йыл ~ кæнынц — девушки от него без ума
хæлæфæй, хæлофæй — нарасхват; точно на пожар, словно угорелый
~ аразын — сделать в пожарном порядке
● ~ дын фаг нæ фæци — мало тебе нахапанного
~ исты ахæрын — поесть на скорую руку
– Кæдæм уайыс ~, зæронд лæг? – фæрсы йæ Сослан. – Нарт Хызы фидар басастой, æмæ ма мæ кæд уым исты фæуид, зæгъгæ, тындзын. *НК.* — – Куда бежишь, старик, в такой спешке? – спрашивает его Сослан. – Нарты взяли крепость Хиза, бегу туда, думаю, вдруг смогу поживиться чем-нибудь
~ хæринаг ацæттæ кæнын — приготовить еду на скорую руку
~ хæссын — растаскивать
билеттæ ~ исын — брать билеты нарасхват
хæлæфгæнæг — грабитель, расхититель
хæлæфгæнгæйæ — с алчностью, с жадностью, стремительно
хæлæфдзинад — спешка, жадная торопливость
хæлæццаггæнæг *кæс* **хæлæттаггæнæг**
хæлбурцъ *(бир.* хæлбурцъытæ) — судорога; икота
зæрдæ цины ~ скæны — сердце сжимается от радости
~ытæ кæнын — суетливо, судорожно действовать
цыдæр ~ дзы сирвæзы — он делает судорожные движения
хæлгæ — разлагающийся, разрушающийся
~ бомбæ — *воен.* фугасная бомба
хæлд *(бир.* хæлдтытæ) — 1. разруха, развал; рана, язва; 2. разрушенный; испорченный; расстроенный
~ сылгоймаг — непорядочная, падшая женщина
~мæ цæуын — приходить в упадок; разрушаться
● æхсæнчъы ~æй – дураефхæлд — неженка; от укуса блохи у него мозоль
● дам-думгæнагæн йæ хъуыддаг ~ у — у сплетника дело не заладится
ærдæг хæлдтытæ — полуразрушенный
рагон ~тытæ — древние руины
рояль ~ у — рояль расстроен

фидæртты ~тытæ — руины крепостей
хæдзар ~ æрæййафын — застать разруху в доме

хæлдас — роговой наконечник на конце рукоятки косы

хæлддзаг (*бир.* хæлддзæгтæ) — 1. развалины, руины; рухлядь; 2. разрушенный

~ кæнын — приводить в негодность
~ мæсыг — разрушающаяся башня
бырæттæм аппаринаг ~ — непригодная рухлядь
Дыууæ ~ тракторæй бирæ афæлдахæн нæй. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Двумя разбитыми тракторами много не вспашешь

хæлддзинад — разорение; разруха; испорченность, распущенность

хæлиу — расставленный, раздвинутый; разбросанный

~ кæнын — рассыпать, раскидывать; разбрасывать; расставлять; распространять(ся)

дин ~ кæнын — распространять веру
дзых ~ кæнын нæ уадзын — не давать пикнуть
искæй кой ~ кæнын — распространять слухи о ком-л.
облигацитæ ~ кæнын — реализовывать облигации
● хъуыдытæ Бадзейы фысты ~ нывæйыйынц — мысли разбегаются как испуганные овцы
Алы бон æгас цу. Чысыл бахатыр кæн, кæннод мæ хъуыдытæ Бадзейы фысты ~ ныууыдзысты. *Умар. Стъалы куы скæса* — Здравствуй. Подожди немного, а то мои мысли разбегутся как овцы Бадзе

хæлиуæй — вразброд, врассыпную
~ цæуын — идти врассыпную
дзых ~ дарын — разинуть рот

хæлиугæнæг (*бир.* хæлиугæнджытæ) — распространитель
дины ~ кусджытæ — миссионеры
тарнизы ~ — распространитель опасной болезни

хæлиугонд — разбросанный; распространённый
~ цæуын — распространяться

хæлиудзых — ротозей, зевака
Цæстфæлдахджытæ! Æвæццæгæн мын исты ~ æнхъæл уыдысты, фæлæ сын Тætæрхъан сæхи ~тæй фæуадзы. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Жулики! Наверное, они меня за ротозея принимали, но Татаркан их самих оставил в дураках

хæлиудзыхæй — в дураках; недоуменно, растерянно, ошарашенно

~ кæсын — ворон считать, ротозейничать
~ уадзын — оставить в дураках; оставить ни с чем
Хæстæллад хъазахъхъæгтæ фыццаг ~ аззадысты. *Дзадтиаты Т. Æхсаргæрдты зæлланг* — Уставшие от боёв казаки вначале разинули рты от изумления
● ~ рацу-бацу кæнын — толкаться без дела

хæлиудзыхдзинад ротозейство
хæлиуком ротозей
хæлиукомæй разинув рот
хæлиу-мæлиу разбросанно, рассеянно; вразвалку, качаясь
~ цæуын идти вразвалку
хæлиуцонг развесистый
хæлмаг (*бир.* хæлмæгтæ) струп
~ кæнын покрываться струпьями
ахсæны ~ язва желудка
● æнæ ~, æнæ цъæлæй здоров-невредим
Се ‘ппæт дæр мын æнæ ~ æнæ цъæлæй бахъомыл сты. *Р. 08.1-.1997* Все они у меня выросли целыми и невредимыми
зындзæбæхгæнæн хæлмæгтæ трофические язвы
комы къултыл лыстæг хæлмæгтæ на зеве мелкие язвы; *мед.* стоматит
хæлмæгтæ къахын ковырять болячки; задевать за больное
● хæлмаджы уæлæ – цъутхал мало болячки, так на тебе прыщ поверх
цармы хæлмæгтæ язвы на коже
хæлойфаг поспешный; торопливый
хæлоф *кæс* **хæлæф**
~ кæнын набрасываться с жадностью на еду; расхватывать; грабить; хапать, грести
~мæ згъорын бежать на переполох
● фыдбылызты сайрагдæр сты: искæмæ хæлæг кæнын æмæ ~ кæнын главное из зол: завидовать кому-то и быть загребущим
хæлофæй *кæс* **хæлæфæй**
хæлсачъы название травы
хæлтъамæ лепёшка из кукурузной муки, сваренная в супе
хæлтъамæдон похлёбка из кукурузной муки
● ~ бахæрды фæстæ дæндæгтæ каконы сындзæй чи фесхъауы после похлебки чего в зубах ковырять
● басæн мын – йæ сæртæ, ~æн – йæ бынтæ мне бульона вершки, а из похлёбки гущу
хæлуарæг (*бир.* хæлуарджытæ) паук
● ~ мыл куы фæхæца, уæд кæмæ бауайдзынæн куда мне бежать в минуту отчаянья
маргджын ~ ядовитый паук
хæлуарæджы тын паутина
хæлуарæджы тыны бахауын попасть в паутину
хæлур перепонка; *анат.* грудобрюшная преграда, диафрагма
ленкгæнæн ~ плавательная перепонка
хæлурон перепончатый
хæл-хæл журчание; хохот
~ кæнын журчать *(о ручье);* хохотать

ныхæстæ дарддæр суадонау ~ кодтой — и дальше зажурчали разговоры
цæугæдон ~ кæны — речка журчит
хæлхъой *д.* — беспорядок
хæлц — продовольствие; провиант, питание
~ дæттын — питать
~ нæхи хардзæй у — провиант за наш счёт
Сæ ~ уыди сæхицæй æмæ алчи хаста йемæ исты хæринаг йæ хæдзарæй. *Арсен. Джанаспи* — Каждый должен был сам принести себе еду из дому, кормёжкой их не обеспечивали
~æй-дарæсæй — и еда, и одежда
~æй, дзаумайæ æххуыс кæнын — помогать едой, одеждой
~æй дæр æмæ дарæсæй дæр схъуаг сты Нарт æмæ сфæнд кодтой фæстæмæ раздæхын. *НК.* — Оголодали нарты, обносилась их одежда, и решили они домой возвращаться
афтид ност æнæ ~æй — выпивка без закуски
æхсæны ~ — общий котёл
Уым уыди бирæ алыхуызон ~ – судзагхалæй сивыры фых дзидзæйы онг. *Тæтæри. Размæ* — Там было много разнообразной пищи – от пряностей до отварного мяса
боны ~ — дневной рацион
Уый дзы æрвыл райсом дæр искæй хæдзары раз балæууы, цæмæй йын йæ боны ~ арæвдз кæной, радгай йын хæрын кæнынц. *Хацырты С. Хæхты фæдисон* — Каждое утро он подходит к какому-нибудь дому, чтобы они подготовили ему дневной рацион, они кормят его по очереди
удварны ~ — духовная пища
фæтынггонд ~ — усиленное питание
хæлцаг — пищепродукты
хæлцад — питание, продовольствие
æхсæнадон ~ — общественное питание
туаг-æхсырон ~ — кисло-молочные продукты
хæлцадон, хæлцджын, хæлцуæйгæнæг — продовольственный
~ дукани — продовольственный магазин
хæлцон — сума, мешок
хæлцфыцынад — пищеварение
хæлцхъуаг уавын — жить впроголодь; недоедать
хæлцыхъуагæй — впроголодь
хæлццон — яйцо без скорлупы
● ~æу нытътъæпп ласын — лопнуть как яйцо без скорлупы
хæлын I — перепонка; кожаный
~ кæрц — корсет *(в национальном костюме невесты)*
~ худ — барашковая шапка
хъусы ~ — *анат.* барабанная перепонка
хæлын II — рушиться, разрушаться; портиться; расстраиваться; развязываться
~ айк — яйцо без скорлупы

къона хæлы — пропадает дом; всё рушится
мæстæй ~ — лопаться от злости, ярости; гневаться
● цы ис, ууыл ~ы бæсты æфтауын хъæуы — имеющееся не разрушать до основ надо, а созидать на его основе

хæлынбазырджынтæ — *зоол.* перепончатокрылые
хæлынбыттыр — *зоол.* летучая мышь
~ты цъист-цъист — писк летучих мышей
● ~ куы мæргъты сайы, куы – мыстыты — летучая мышь то к птицам пристанет, то к мышам

Адæмæн сæ цæхджын фыдтæ / Царæй фæныкмæ тæдзынц, / Махмæ та ~тæ / Цары ахсдæттæ кæнынц. *Къоста. Мæгуыры зарæг* — У людей с туш солёного мяса / Капает жир в золу с потолка, / А у нас летучие мыши / Гнёзда вьют на потолке

хæлынгонд — перепончатый
хæлынзæрдæ — мягкотелый; ранимый
~ адæймаг — мягкотелый человек
хæмпæл — бурьян
● ~ æд уидæгтæ къахын хъæуы — бурьян нужно с корнем вырывать
● ~ыл арт куы бандзарай, йæ тæрхъустæ лидзын уæд байдайынц — бурьян загорится, зайцы разбегутся
● æнæ ~ цæхæрадон нæй — везде есть недостатки; *букв.* нет огорода без бурьяна
● бирæдзураг лæг ~ цæхæрадоны хуызæн — любитель слов подобен саду, что бурьяном зарос
● бирæдзураг лæг – ~ цæхæрадон — языком молол, а сад не прополол
Лæгæт æрцарæзта сугтæ мæ къæцæлтæй, / Зæххæй йæ бамбæрзта, ~ дзы байтыдта. *Къубалты А. Æфхæрдты Хæсанæ* — Построил себе логовище из дров и палочек, накрыл землёй, постелил в нём бурьян
● хосгуræн – ~тæ, ссадгуræн – фæræктæ — просящему сена – бурьян достанется, просящему муки – отруби останутся

хæмпæлгæрдæг (*бир.* хæмпæлгæрдæджытæ) — сорняк
~ тагъд рæзы — сорная трава хорошо растёт *(говорится о не по возрасту высоких)*
~ æмæ коррупци æмхуызон бæзджынæй рæзынц — сорняки и коррупция цветут пышным цветом
хæмпæлгæрдæгджын — сорняковый
хæмпæлджын — заросший сорняками
~ цæхæрадон — заросший буряном огород
хæмпæлзачъе — обросший, небритый *(букв. заросшая борода)*

хæмпус — рыхлый, пышный, взбитый; пушистый
~ гуылтæ — пышные пироги
~ зæхх — рыхлая земля
~ кæнын — разрыхлять; взбивать
царм ~ кæнын — размягчать кожу

~ къæдзил тилгæйæ, бырынкъ алырдæм здахгæйæ, фæлмæн хъæлæсæй дзуры мæгуыр лæгмæ фæлитой сырд. — Пушистым хвостом виляя, крутя мордой во все стороны, ласковым голосом обращается к бедняку плутоватый зверь

~ къухтæ — пухлые руки

~ къухты ассæста æхца æмæ сæ йæ дзыппы афснайдта. *Арсен.* — Пухлыми руками перебрал деньги и припрятал их в карман

~ миты бын — под рыхлым снегом

миты урс ~ гæлæбу — белая пушистая снежинка

Нæ, фæлæ кæд уаддымд дæр фестади урс / Æмæ ~ митæй бафынæй бæлæстыл, / Адджын фын – йæ хай… *Мамыкъаты Хъ. Этюд* — Нет, но может ураган побелел, / И снегом пушистым заснул на деревьях, / Приятных ему сновидений

~ ныхæстæ — пышные фразы

урс фыры хъуынау ~ — пушистый как шерсть белого барашка

фæлмæн ~ хыссæ — мягкое рыхлое тесто

хæмпусрус, хæмпусуадул — *разг.* щекастый

хæмхудджын — 1. мордоворот; 2. мордастый; толстомордый

хæмхудтæ, хæмхуттæ — *вульг.* морда, лицо

● ~ зылын куы уой, уæд æй айдæны аххос ма кæ — нечего на зеркало пенять, коли рожа крива

● ~ сцъæх кæнын — набить морду

Дæ ~ дын чи сцъæх кодта? — Кто тебе съездил по физиономии?

~ цæвын — двинуть по морде; надавать по физиономии

● ~м базилын — морду начистить

Хæлиудзых, мæнæн мæ уæраг цæф кæй у, уый нæ зоныс, æви дын дæ ~м базилон? *Малиты В. Мæйрухс æхсæвтæ* — Зевака, ты как будто не знаешь, что у меня колено болит, или мне тебе морду набить?

~æн хафт — *разг.* бац по морде; мордобитие; зуботычина

бæхы ~ — морда лошади

Батрадз ын йæ ~м февнæлдта æмæ йыл фыццаг идон афтыдта, стæй йыл æваст саргъ авæрдта. *НК.* — Батрадз ухватил его за морду и сначала на него уздечку надел, потом седло

сæтæйдзаг ~ — слюнявая морда

Йæ бæх, цыма доны хъæстæ рагæй нал фæци, уый хуызæн дурты æхсæн йæ уымæл ~ уыцы-иу цавд фækодта. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Его конь, как будто его давно не поили, мигом ткнулся своей влажной мордой меж камней

хæмц — ам; хрум; откушеный с хрустом кусок

~ кæнын — хрумкать; откусывать с хрустом

егъау ~ кæнын — уплетать за обе щеки

зæрдиаг ~ кæнын — откусить большой кусок

тæрхъусау уырыдзы ~-~ кæнын — грызть морковку как кролик

хæмыцырихи — *бот.* ковыль

Ærмæст, йæ хъуырмæ чи хæццæ кодта, ахæм хус ~ арвæн йæ иу кæронæй иннæмæ фæйлыдта. *Максим. Райсомы мигъ*

И только сухой ковыль, что был ему по горло, колыхался из одного конца до другого

хæндыг (*бир.* хæндыгтæ, хæндгуытæ, хæндыджытæ)

кадка с сыром в рассоле

хæндыджы мигæнæны дарын

сыр хранится в кадке

Тæбын, ~, кауы мих æмæ згæхæрд зæгæлы онг зонынц кæрæдзийы хæзнатæ. *Мæрзойты С. Къæхтысæр*

Они до мельчайших подробностей знают у кого какие сокровища, вплоть до пряжи, кадки с сыром, кола для плетня, ржавого гвоздя

хæндыгхъус

воришка сыров

хæнкъæл

лапша

● ~æй хаст чызг

избалованная, изнеженная девочка

~ы тæбæгъ

тарелка лапши

карчы бас ~имæ

куриный бульон с домашней лапшой

хæнкъуытæ

рябой *(о человеке)*

хæнкъуытæцæсгомджын

с рябым лицом

хæнц-хæнц

хруст; хрум-хрум

хæппæр

мокрота

~ æппарын

отхаркивать

~ феуæгъд кæнын

отводить мокроту

хæпп

бах

~ кæнын

пугать; кидаться

● ~æй дæр йæ уд суайы

она очень пуглива; от каждого стука душа в пятки уходит

● ~æй уадзыг кæны

очень пугливый; от громкого щелчка душа в пятки уходит

● ~æй уадзыг чи кæны, уый фæдисæн нæ бæззы

очень пугливого в погоню не берут

● иу ~æй чи фæтæрсы, уыдонæй не стæм

мы не робкого десятка

куыдзау ~-~ кæнын

кидаться как собака

хæппол

важный, высокопарный; надутый, напыщенный; роскошный

~ ныхас

напыщенная речь

хæпполдзинад

роскошь; вычурность

~ сæрыфаст

пышная причёска

~ы аныгъуылын

утопать в роскоши

хæппуд

пугливый, трусливый

~ ма у

не дрейфь

Гъе, ~! – зæгъгæ йын загъта, / Къах дæр нал ныдзæвы зæххыл / Æмæ барæджы ныууагъта. *Гриш.*

Эй, трус! – проговорил он, / Улепётывает, не касаясь земли, / А всадника оставил

хæппудзинад

трусливость, трусость, робость, боязливость

● ~ йæ уæнджы ис

он трус по природе

хæпылой

волдырь *(при ожоге)*

хæраг прожорливый; едкий

~ туагад едкая кислота

бирæ ~ *разг.* обжора

● мæстджын – дзураг, ноздджын – ~ кто сердит, тот много говорит, кто пьян, тот много ест

● мæстджын – дзураг, фæзæгъынц, стонг – ~ кто сердит, тот много говорит, кто голоден, тот много ест

● фæстинон ~ у после болезни аппетит хороший бывает

хæрадзаст робкий; сероокий

хæраймаг враждебный

хæрам (*бир.* хæрæмттæ) 1. вред; вражда; грех; 2. злокачественный; вредный, коварный; злобный; враждебный

● ~ æвзаг бæстæ сафы злобный язык всё кругом портит

~ æмæ дызгъуын æгъдæуттæ – вредные и уродливые обычаи

~ зæрдæ дарын относиться враждебно

Хамырзæмæ, мæгуыр, чидæртæ ~ зæрдæ дардтой æмæ дзы сæ маст райстой. *Лademыр. Дыууæ бæллæхы* К бедняге Хамырзе кое-кто относился враждебно, вот и отомстили ему

~ кæнын давать осложнение *(о ране);* обижаться, злиться

~ мæм ма кæнут не держите на меня зла

● сынкъ йæ афоныл куы нæ фæкъæртт кæнай, уæд ~ кæны если нарыв вовремя не вскрыть, он даст осложнения

~ уæвын враждовать; жульничать *(в игре)*

● ~ дæм чи у, уымæн фæндагыл йæ бæх амæлæд, зæрондæй та – йе 'фсин пусть у твоего недруга конь в пути падёт, а на старости – жена умрёт

~ дæм чи у, уый хæдзармæ ма ноджыдæр ахæм хабар байхъуысæд. *Лademыр. Дыууæ бæллæхы* Только врагу могу пожелать получить ещё раз такое известие

~ фæуын обидеться; восстановиться против

Æмæ йæм мæсты дæр не суыдаис, ~ дæр нæ фæуыдаис. *Дзадтиаты Т. Æхсаргæрдты зæлланг* На него ни рассердиться нельзя, ни обидеться невозможно

● ~ хойраг нæ тайы неугодная пища не усваивается

~æй риу нындзыг вæййы цепенеет грудь от ненависти

● ~ы гакк хæссын нести клеймо позора

~ы охыл ныхæстæ кæнын говорить из вредности, по злобе

● ~ы фæндаг бирæ нæ хæссы путь злобного недолог

● ~ы фæстагау фесæф! уйди с глаз!

● ~ы фос хæдзарыл нæ хæцы неправильно нажитое впрок не идёт

~ыл нымайын считать прегрешением

æвирхъау хæрæмттæ вопиющие несправедливости

иу ~ ныхас дæр нæ чтобы ни одного враждебного слова

● иуæн ~ чи вæййы, уый иннæмæн халар разыны что одному вред, другому польза

● мæ мады æхсыр мын ~ фæуæд да не пойдёт мне впрок молоко матери

Мæ мады æхсыр мын ~ фæуæд, æз ма дæ хæдзары иу бон дæр куы нылæууон! *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ*
Да не пойдёт мне впрок молоко моей матери, если я останусь в твоём доме ещё хоть на один день

Раздæхтис фæстæмæ цадæй Сослан æмæ йæ хæрæмтты карз бафхæрдта. *НК.*
Вернулся Сослан с озера и сурово наказал своих обидчиков

раст æмæ ~
правый и неправый

Мæхимæ дæр ~ – раст раиртæсæны фаг зонд ис. *Болайы фырт. Чермен*
У меня и самого достанет ума, чтобы разобраться кто прав, кто виноват

цардарæзты хæрæмттæн кæрон скæнын
покончить с мешающими строительству жизни погрешностями

● чысыл ~ дæр кæимæ фæуай, ууыл макуыуал бауудæнд
не доверяй тому, кто уже подводил тебя даже в малом

Цыфæнды ~ дæр мæм фæу
Обижайся, сколько хочешь

Зонд цы скодта хорзæй, / ~ сæ пырх кæны. *Шамил.*
Всё, что создано разумом, / Уничтожает вражда

хæрамæй
нечестно; коварно; вероломно; враждебно

~ æмбулын
выигрывать бесчестно

~ кæсын ælгъаг низ у
вероломство – отвратительная болезнь

~ цæуын
проявлять коварство, подводить

Батырадз фæрсы Дæргъæфсæроны: – Хæларæй йæ нуазон, æви ~? – Бар дæхи, Батырадз. *НК.3*
Спрашивает Батрадз Даргафсарона с длинной челюстью: – Выпить как друг или недруг? – Право твое, Батрадз

хæрамгæнæг (*бир.* хæрамгæнджытæ)
враждующий; коварный; несправедливый

Кæй базыдтон ~, / Кæм фæцардтæн хæдзаргæнæг, / Нал фæразын ацы зынтæй. / Æз не ссардтон мæхи ‘мхуызон. *Секъа. Акæс*
Познал коварство, / Там где жил и строил дом, / Не могу больше терпеть эти трудности. / Себе равного я не нашёл

хæрамджын
враждебный; злобный; имеющий врагов

хæрамдзаст
враждебный; ненавистный, недружелюбный

~ ныддардта. / ~ нæ уыди, / Куы уыди ыстонгдзаст, / Йæ уарзт дзы æрбайрох. *Арсен*.
Затаил зло. / Враждебным не был, / Когда оголодал, / Любовь свою предал

хæрамдзинад
вражда, враждебность; ненависть, злоба

~ дарын
враждовать; ненавидеть

Ацы хъæлдзæг дзыллæйы æхсæнæй уæ зæрдæты кæрæдзимæ ~ ма ахæссут. *Дæбе. Æхсарбег*
С этого веселья не уносите в душах взаимную ненависть

~ нæ ныууадзын
отомстить за причинённое зло

~ сæвзæрд йæ зонды
задумал недоброе

● алы худинаджы хъуыддагæн дæр йæ уидаг ~æй равзæры
каждый постыдный поступок уходит корнями в зло

~ тауын
сеять зло

● ~æй ~ æвзæры
зло порождает зло

Сылгоймаг сылгоймагмæ хæлæггæнæг вæййы, хæлæг та ~мæ сайы. *Æхсарбег. Куырды фырт*
Женщинам свойственно завидовать друг другу, а зависть порождает злобу

~ы фæдыл ма ацу
не иди на поводу у злобы

Дыууæ фыды фырты æхсæн туг æхсад нæма æрцыд æмæ ~ дзæкъул йæ былтæй калд. *Биазырты Д. Гуацъæтæ æмæ Схъæлатæ* — Между двумя родными братьями кровь пока ещё не была смыта, и чаша вражды была переполнена

ærгом ~ — неприкрытая неприязнь

зæрдæ ~æй байдзаг — сердце переполнилось ненавистью

къласон ~ — классовая ненависть

Мулк тыхджынæй тыхджындæр кодта æмæ дыууæ къухæй ~ы марг адæмы хсæн зæрста. *Азæмæт. Ус богал* — Богатство всё крепло и обеими руками сеяло ненависть между людьми

тудджынты ~ — вражда кровников

тудджынты ~ен кæрон скæныны æгъдау — обычай прекращения вражды между кровниками

Хæлардзинад кæм уа, уым ~ бынат нæй! — Где дружба, вражде места нет!

хæлардзинад фæуæлахиз ~ыл — дружба победила ненависть

цавæрфæнды ~ыл фæуæлахиз уæвын — одержать верх над любым злом

хæрамзæрдæ — коварный, злой *(человек),* с недобрым сердцем; злопамятный

● искæмæ ~ дарын — иметь зуб против кого-л.

● ~ лæг хæлæггæнаг вæййы — коварный человек завистлив

~ лæг у æмæ мæ йæ маст æнæ райсгæ нæ фæуыдзæн. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — Он злопамятный человек и не приминёт отомстить мне

хæрамиуæг — злоупотребление

~ кæнын — злоупотреблять

æууæнкæй ~ кæнын — злоупотреблять доверием

хæрамтауæг (*бир.* хæрамтауджытæ) — злодей; сеящий зло

● цæст ~ у — зло в глазах рождается

хæрамхæссæг (*бир.* хæрамхæсджытæ) — 1. вредитель; 2. вредоносный

хæлархæссæг æмæ ~ тыхтæ кæрæдзимæ тохгæнæг сты — силы добра и зла борются между собой

● цæмæй дæм ~ ма уа, уый тыххæй фæсвæд макæй кой кæн — не злословь ни о ком, и никто не станет тебе вредить

хæрамхæссæн — вредоносный; наносящий вред

● цæф – ~ — за удар ответить придётся

хæрамхуызæй — обиженно; с оскорблённым видом

хæрæг (*бир.* хæрджытæ) — осёл; *муз.* кобылка *(под струны на скрипке и других музыкальных инструментах)*

● ~ ~мæ сиды: аных мæ ‘мæ дæ аныхон — осёл зовёт осла: ты мне – я тебе

● ~ æмæ бæх ивддзаг нæ кæнынц — осла не примут за коня

● ~ æмæ хуы сæхи æрвадæлтæ хонынц — осёл и свинья считают себя родственниками

● ~ бæхæн – уаргъхæссæн — осёл за лошадью груз тащит

● ~ бæхы не ’ййафы — *букв.* осёл коня не догонит

● ~ бæхы хынцмæ сæпп-сæпп кæны — осёл подражает коню

● ~ быдыры чъыллипп кæны — осёл на равнине брыкается

● ~ бырынкъæй урс кæны — осёл с рыла седеть начинает

● ~ æвæтæй куыд цæвы, дæндагæй дæр афтæ хæцы — осёл задними ногами бьёт, да ещё и кусается

● ~ кæй кусы, уый иуыл йæхæдæг куы хæрид, уæд ~ нæ уаид — осёл бы не был ослом, если бы всё, что заработал, сам ел

● ~ куыста 'мæ – бæхæн — осёл старался, а всё коню досталось

● ~, ма ныммæл – уалдзæг æрцæуы — осёл, не умирай, скоро наступит весна

● ~ сæдæ фæсира, уæддæр йæ фæстаг джырт-джыртмæ цæуы — как ни старайся, а природа своё возьмёт

● ~ уасынæн дарын — держать осла ради его крика

● ~ фос кæнынмæ фæцыд æмæ йæ дыуæ хъусы дæр нал æрхаста — осёл пошёл поживиться и пропал, даже ушей лишился

● ~ фыдгуыстæй зæронд кæны — от работы ослы старятся

● ~ хуым бахордта, йæхæдæг хъæумæ фæтæргай — осёл поле испортил, а сам жаловаться в село прибежал

● Мæнæ ирон æмбисонд куыд зæгъы, афтæ: иу ~, дам, хуым бахордта æмæ хъæумæ тæргæй алыгъд. *Тасо. Ныхасы къуыбылой* — Одна осетинская пословица гласит, осёл пашню испортил, а сам жаловаться в село прибежал

● ~ хуымтæ хæрынæн дарын — себе во вред поступать; поступать себе назло

Фæлæ депутат уыцыхъуыддæгтæ куы нæ æххæст кæна, куы нæ сыл тыхса, уæд чидæр ~ хуымтæ хæрынæн куыд дардта. *Ашæх. Æуæнчы аргъ* — Но если депутат обязанности свои не выполняет, не болеет за них душой, тогда зачем себе во вред поступать

● ~æй фылдæр ничи кусы, фæлæ уæддæр ~ у — больше осла никто не работает, но всё равно он ослом остаётся

● ~æй хуым кæнын — безобразничать, вести себя плохо

● ~æн, дам, йæ сæр фынгмæ хастæуыди, уый та зæхмæ тылди — не ценить оказанной чести; *букв.* осла голову (*как голову жертвенного животного*) на стол положили, а она на землю скатилась

~æн, дам, йæ сæр фынгмæ хастæуыди, уый та зæхмæ тылди. Æз дæ ацы куысты хуыздæр æнхъæлæй сæвæрдтон, ды та мыл гадзрахатæй цæуыс. *Изæтбег. Кæлæх фæндаг* — Ты не ценишь того, что я для тебя сделал. Я тебя из лучших побуждений на эту работу назначил, а ты пошёл на предательство по отношению ко мне

● ~æн дæр ма хуыцаубон вæййы — даже у осла выпадают выходные

● ~æн йæ сæр – ыстыр, йæ къæхтæ – гыццыл — у осла голова велика, ноги малы

● ~æн сындзы къоппа минас у — осёл и колючкой отобедает

● ~æн фæнычы стулын – удæнцой — ослу в золе поваляться – блаженство

● ~æн – хæрхидон — ослу – уздечка

● ~æн цæхх нæ фидауы — слишком тонкое блюдо для грубого вкуса

● ~ыл саргъ сæвæр, уæддæр ~ — осёл и под седлом останется ослом

– Кæм сты дæ пъагæттæ? – Пъагæттæ, – ныххудт чидæр – ~ыл – бæхы саргъ. – Пъагæттæн лæг хъæуы, бæдæйнаг лæг. *Максим. Æхсызгон улæфт* — – Где твои погоны? – Погоны, – засмеялся кто-то. – Как корове седло. – Погоны должен носить мужчина, бравый мужчина

~ыл сбадын — взгромоздиться на осла; опозориться

~ыл сбад фæстæрдæм æмæ йыл æртæ здæхты акæн Ныхасы астæуты. *НК*.
Сядь на осла лицом к хвосту и сделай три круга посередине Нихаса

Акæс-ма уыцы ~мæ!
Только посмотри на этого упрямого идиота!

● æвзæр ~ – йæ хæдзармæ сæп-сæпгæнаг
никчемный осёл домой чапает

● æвзæрæн, дам, йæ амонд ~ыл бады
никчемному, говорят, везёт

● æнæзонд ~ былæй хауы
глупый осёл с обрыва падает

● æнæхицау хæрæджы бирæгътæ хæрынц
бесхозный осёл волкам в пасть попадает

● баст ~ æм нæ фæлæудзæн
невозможно сдержаться, удержаться; *букв.* и осёл с привязи сорвётся

Мæсты нæ, фæлæ йын йæ гæды ныхæстæм баст ~ æм нæ фæлæудзæн. *Ашæх. Æууæнчы аргъ*
Да что значит злиться, его лживые россказни кого угодно выведут из себя

● бæх бакусы – ~ æй бахæры
лошадь заработает – осёл съест

● бæхæй ~мæ хизын
быть пониженным в должности; потерять статус; *букв.* пересесть с коня на осла

● бирæ ~ дæр кусы
больше осла никто не работает

● бирæ ‘взæр хæрджытæй иу бæх хуыздæр
лучше один конь, чем сто плохих ослов

● бирæгъ хæрæджы куы фергæвды, уæд ~ йæ цæстытæ бацъынд кæны
осёл жмурится, когда волку в пасть отправляется

Борæты бур ~
фольк. рыжий осёл Бораевых

● галы хæрджытимæ куы ныббæттай, уæд йе ~ кæны, йе зæвæтæй цæвын базоны
вол, что с ослами водится, или ослом станет, или брыкаться научится

● искæй бæхæй хи ~ хуыздæр
лучше плохонькое, да своё; *букв.* свой ишак лучше чужого коня

кусаг хæрæджы хуызæн
как ишак работящий

мæрдты хæрæджы тъæнгтæ фæхæр
чтоб ты на том свете отбросами питался

Тæрхъус хæрæджы йæ хистæр арвад хоны: нæ сæртæ æмæ, дам, нæ хъуста æмхуызон сты.
Заяц осла старшим братом считает: головы наши, мол, и уши одинаковы

● сындз хæргæйæ ~ уасы
осёл ревёт, как колючку найдёт

● уæдмæ кæнæ ~ мæлдзæн, кæнæ – йæ хицау
до тех пор много воды утечёт; к тому времени или осёл сдохнет или его хозяин умрёт

хæрæджы æфтаугæ
подседельник осла

● искæмæй хæрæджы æфтаугæ саразын
подвергнуть кого-л. унижению

● хæрæджы бæстæ дæ хæйрæг загъдæуæд
уж лучше пусть чёртом называют, чем ослом

● хæрæджы былæй куы ’ппарай, уæд æй уæлбылмæ схой
хочешь осла с обрыва скинуть, толкай его вверх по склону; делает всё назло, наоборот

● хæрæджы зæронд – æгойгæнæг
за старым ослом никто присматривать не станет

хæрæджы куыст кæнын
работать на износ; работать как ишак

хæрæджы къæлæу
ослёнок, ослик

● къæлæу хæрæджы фæдисон у — ослёнок побежит ослу помогать

хæрæджы саргъ — самодельное деревянное седло

● хæрæджы уаргъ хæссын — нести непосильную ношу

● хæрæджы хафт кæнын — вкалывать как осёл

хæрæджы цард йæ зæрдæмæ нæ цæуы — вкалывать как ослу ему не нравится

● хæрæджы цин дæндагæй — осёл радуется по-ослиному

● хæрджыты дугъы дæр иу ~ разæй кæны — в скачке ослов тоже победитель бывает

хъæддаг ~ — дикий осёл

– Чи куыдз, чи ~, ам мæ зæхмæ йæ ныфс чи æрбахаста? – Куыдз дæр дæхæдæг æмæ ~ дæр, кæд дæ сæт цæуыл калыс? *НК.* — – Что за пёс, что за осёл, кто посмел на мою землю прийти? – И пёс ты сам, и осёл, чего слюной брызжешь?

● чидæр ~ уасынæн куыд дардта — неправильно использовать, не по назначению; распоряжаться всем плохо

хæрæгбæдæн — *бот.* бересклет обыкновенный

хæрæггæс — погонщик ослов, мулов

● чидæр æфсæрмæй ~ бацыд — так стеснялся, что ослов пасти вызвался

хæрæгджын — имеющий осла

~ бæлццон — путник на осле

хæрæгсаст — ничья

хъазт ~æй ахицæн — игра закончилась вничью

хæрæгсындз *(бир.* хæрæгсындзытæ) — *бот.* осот полевой; татарник

● мæнæуы хуымы ~ дæр фæзыны — ослиную колючку и на пшеничном поле увидишь

● хæрæджы хæринаг – ~ — ослу в пищу – ослиную колючку

хæрæгхæлмаг, хæргæхæлмаг — *мед.* чесотка

хæрæгхæлмагджын — чесоточный

хæрæджыдымæг — ерунда; чертовщина

Ай цæй ~ у! — *груб.-прост.* как бы не так! чёрта с два! Это что за чёрт!

Хæстон лæг дам у, ~ у! — Говорят он фронтовик, чёрта с два!

хæрæджыхойраг — *мед.* лишай

хæрæдзаст — мрачный; с пронизывающим взглядом

Дæлæ нæм дæлæсыхæй иу къуыппных, ~ лæппу цæуы ‘мæ нын бон изæрмæ нæ фæттæ фембырд кæны. *НК.* — Вон из нижней части села поднимается один крутолобый мрачный юноша и день напролёт наши стрелы собирает

хæрæмигъ — чёрная туча; густой туман

~ сыстад — появилась чёрная туча

зæххыл бæзджын ~ бадти — на землю опустился густой чёрный туман

Цалдæр боны фæндæгты рыг ~ау хъæуы сæрмæ ауыгъдæй фæлæууыд. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Несколько дней дорожная пыль чёрной тучей висела над селом

хæрæн — место, где едят *(напр. столовая);* то, чем едят *(напр. ложка, вилка и т.п.);* соляные источники; солончаки; *охот.* пастбище диких животных

хæрæндон (*бир.* хæрæндæттæ) — столовая; место, где едят

хæрæнтæ блюда; *груб.* морда, зубы; *охот.* челюсти

Дæхи иуварс айс, науæд дын ныртæккæ дæ ~ банымайдзынæн! *Максим. Сау хохы фиййау* Уберись-ка в сторону, а не то я тебе сейчас зубы пересчитаю!

Хъуыды ма кæныс хъæугæрон æрхы дæ хæрæнтыл размæ куыд абырыдтæ, уый? *Максим. Уасил, Уасил* А ты не забыл, как ты на краю села в овраг упал мордой вниз?

хæрæфырт ребёнок, отпрыск женского представителя фамилии; племянник, племянница *(дети сестры);* внук, внучка *(дети дочери)*

Дауджытæн табу! Дæ арфæ цæм фехьуысæд! / Иу ~ та циу! Радтæнт нын фараст!.. *Къоста. Хетæг* Духам-покровителям слава! / Да услышится ими твоё благославенье! / А что племянник один! / Да будет их девять!

- ~ адджын у племянник сладок
- ~ астæуыккаг цæджындз у племянник фамилии – главная опора
- ~ барджын у племяннику многое позволено
- ~ домбай у племянник силён
- ~ тугисæг у племянник отомстит за фамилию
- ~ тыхджын у племянник силён
- ~ы сидзæр мадырвадмæ цæуы мальчик, сиротой оставшись, к братьям матери идёт жить

хæрв чешуя; змеиная шкура

- калм йæ ~ уалдзæг æппары змея шкуру весной меняет
- калмы ~æй дын – чырын, хæфсы цъарæй – мæрддзаг из чешуи змеи тебе гроб, из шкуры лягушки – погребальное одеяло
- калмæн йæ цæф марг у, йæ ~ – хос укус змеи смертелен, чешуя её целебна
- ногуæрст лæгæн калмы ~ дæр ахъаз у кто только зажил своим домом, всему рад, даже змеиной чешуе

хæргæфс мул

- ~ куы ныззайа, уæд дын мысыйраг бæх басгуыхдзæн мулу бы только ожеребиться, а так он египетским скакунам не уступит
- ~ цасдæриддæр цæуа, уæддæр фæстагмæ хæрæджы сæпп-сæпп акæны как бы мул не старался, всё равно под конец будет чапать как осёл
- хæрæгæй ~ гуыры, ~æй – æфсургъ у осла мул родится, у мула – скакун

хæргæ-хæрын во время еды

~ дзурын нæ фæтчы во время еды разговаривать неприлично

- ~ искæй дзыхмæ кæсын смотреть в рот едоку; считать съеденнные куски
- ~ куыдз дæр нæ рæййы *букв.* во время еды и собака не лает

хæрд I подъём; уклон

~тæ æмæ уырдгуытæ подъёмы и спуски

- ~ы бын уырдыг вæййы, уырдыджы бын та – ~ всё циклично; после подъёма спад, после спада поъём
- ~ы дæр æмæ уырдыджы дæр сæм нæ цæуæм они нам на дух не нужны

~ты кæсын смотреть поверхностно; *перен.* смотреть, не вникая в дело

~ты хауын ходить на головах

дурджын ~ каменистый подъём

хæрд II 1. еда, питание; трапеза; 2. изъеденный, съеденный

~ æмæ ноз продукты и напитки

● ирон бæгæны ~ дæр у ’мæ ноз дæр осетинское пиво – это и еда, и напиток

сæ ~ дæр иу у æмæ сæ ноз дæр иу они неразлучны; водой не разлить

● ~ бæрц уарзы есть нужно в меру; всё хорошо в меру

● ~ зынфидæн у за угощение отблагодарить не так просто

● ~, куыст æмæ хæстæй хъауджыдæр нæй еда, работа, война – вот главные занятия

Сослан уæддæр йæ цагъд нæ уадзы æмæ дзуры: «Æз дæн Нарты Сослан, æмæ мæнæн йе ~ куы нæ уа, йе хæст, уæд цæрын нæ зонын». *НК. Сослан мæрдты бæсты* А Сослан всё бьётся, не останавливается и говорит: «Я – нарт Сослан, и без еды, без войны жить не умею»

~æй æфсис нæ зонын не знать меры в еде; объедаться

~æй бæрц зонын знать меру в еде

~æй дæ хъуырмæ уыдтæ ты был сыт по горло

~æй хиуыл хæцын быть умеренным в еде

● ~æн афон нæй есть можно в любое время

● ~æн æгъдау хъæуы во время еды следует соблюдать приличия

~ы фæдыл цæуын быть в поисках еды

● æрдæг ~æй фæуадзын не доесть до конца

● бирæгъы ~ кæнын есть жадно, как волк

● куыстыл – уæнгмард, ~ыл та – бирæгъ за работой слабак, за едой – волк

● лæг афтæ: бирæгъы ~! Бирæгъ афтæ: лæджы ~! человек говорит про жадного:ест как волк! А волк говорит: ест как человек!

● давоны ~ сусæг нæ кæны шила в мешке не утаить; *букв.* не скроешь, что черемшу поел

● иу ~æй ничи цæры нельзя жить, питаясь один раз в день

● иу боны ~æй цæрын жить одним днём

● иу боны ~æй бирæгъ дæр нæ цæры пищей одного дня и волк не проживет

● йæ ~ йæ фарсыл нæ бахæцыд еда не пошла ему впрок

● касы ~ – къæсæрмæ кашей надолго сыт не будешь

● ~ куынæ уа, уæд тыхджынæй тыхджын нæй как полопаешь, так и потопаешь; не поешь, силы не наработаешь

● махсымæ хорæй конд у ’мæ ~æн дæр æххуыс брага из зерна готовится и голод тоже утоляет

● сиры ~ – къæсæрмæ, дзыккайы ~ – хохмæ кашей сыт до порога будешь, сытной дзыкка до самой горы будешь сыт

Уæхимæ ~æй фæкæсут! Угощайтесь!

хъæддзауы ~ бакæнын поесть от души; наесться от пуза

хæрдаив откос

хæрдафон время еды

сихоры ~ время обеда

хæрдгæ золотые нитки, канитель
~ æндæхтæ канитель
~ бос шнур; галун
хæрдгæбыд галун, золотая тесьма
хæрдгæхуыд шитый серебром, золотом, канителью; золотое шитьё
~ хъуымац парча
хæрдджын сытый
● ~ стонджы не 'мбары сытый голодного не разумеет
● ~ыл зымæджы уазал дæр нæ тых кæны сытому и зимняя стужа нипочём
● бирæгъ, бахæра – нæ бахæра, уæддæр ~ у волк, что сыт, что голоден, всё одно волк
● дæ ~æй ~ куы уыдтæн, дæ ноздджынæй – ноздджын! твоими радостями сыт был
● куывдмæ ~æй ацу – æххормагæй æрбаздæх на пир уходи сытым, возвращайся голодным
Йæ фысымтæ-иу ын йæ размæ куыд ницы æрхастаиккой, фæлæ йæ хъуыры къæбæр нæ хызт, æмæ-иу сæфсон кодта ~ дæн, зæгъгæ. *Гуыцмæзты А.* Хозяева-то, конечно, накрывали на стол, но ему кусок в горло не лез, и он отговаривался, мол, я сыт
хæрдмæ вверх
~ гæпп кæнын подпрыгивать
~ сисын поднять наверх
тырыса ~ сисын поднять знамя над головой
~ суайын взбежать, взобраться
~ фæхауын вздрогнуть; испугаться
~ хъилæй аззайын стать прямо, вертикально
~ цæуын подниматься
искæй ~ скæсын нæ уадзын не оставлять кого-л. в покое; унижать кого-л.
мæгуырыл дур ~ тулы на невезучего (бедняка) и камень катится снизу вверх
цинæй ~ хауын скакать от радости
хæрдмæдзæуæг (*бир.* хæрдмæдзæуджытæ) растущий; поднимающийся; восходящий
хæрдмæдзог ранний; поднимающийся
~ стъалы восходящая звезда
~ цъиу *зоол.* жаворонок
хæрдмæдзу *зоол.* жаворонок
хæрдмæисæн подъемный
~ кран 1. подъемник, лифт; 2. подъемный кран
~ механизм подъёмный механизм
хæрдмæцыд восхождение
æргътыты ~ подъём цен
хохмæ ~ аразын организовать восхождение на гору
хæрдог I (*бир.* хæрдоджытæ) бусы; бисер

хæрдог II *бот.* ясменник цепкий (трава)
хæрдхуыз откормленный, сытый
● скъæфгæ бирæгъ кæны ‘мæ дзы нæ цæрдхуыз у, нæ – ~ волк всё хапает, а всё равно ни кожи в нём, ни рожи
● ~æй æртхуыз хуыздæр у лучше в тепле, чем в сытости
хæрдхъаджджын недоедание
хæрдхъуаг (*бир.* хæрдхъуæгтæ) недоевший
хæрз очень, весьма; совершенно; вполне
~ æдылы очень глупый
~ æрæджы совершенно недавно
~ гыццыл очень мало; кот наплакал
~ дзæгъæлы совершенно напрасно
~ изæртæ уыл кæнæд! добрых вам вечеров!
Æз базадтæн ~ иунæгæй, / Цы кодтаин, куыд цардаин. *Хъаныхъуаты В. Кадæг* Я осталась совершенно одна, / Как мне быть, как жить
~ райсомтæ дыл цæуæд! чтоб твоё утро всегда было добрым!
~ сидзæр круглый сирота
~ хионтæ ближайшие родственники
~ хо родная сестра
хæрзаг пожалуй, вероятно
~, æнхъæл у, æмæ вероятно, думает, что…
~ ма зæгъой, йæ ныхасæн хицау нæу ещё скажут, что не хозяин своему слову
~, мæ исчи æдылы рахуыдта! Вероятно, меня сочли дураком!
~, ныр фæсмон кæныс небось, теперь раскаиваешься
~, сæхимидæг фæхудынц скорее всего, в душе смеются
хæрзбоныгуырд родившийся в благоприятный день
хæрзад вкусный
~ хæринаг вкусная еда
● суадон йæ сæрæй ~дæр у родник у истока вкуснее
хæрзаив великолепный, прекрасный; художественный; ухоженный
~ арæзт тщательно (красиво) отделанный, сделанный со вкусом
~ кæрт ухоженный двор
~ уацмыс прекрасное в художественном отношении произведение
~ – йæ бакаст, уæздан – йе сныхас внешность хороша, речи благородны
хæрзаивдзинад аккуратность, тщательность отделки
хæрзарæзт хорошо одетый; разряженный; щегольской; благоустроенный
~ бæхтæ ухоженные кони
чындзытау ~ разодетые как невесты
Сатана Нарты чындзыты ~ ыскодта ‘мæ цæ фестын кодта стъалыты ‘нгæс. *НК. 3* Шатана принарядила нартовских невесток, и засверкали они как звёзды
хæрзарæзтдзинад благоустройство

сахары ~ — благоустройство города

хæрзарæхст — 1. ловкость, умелость; 2. умелый, ловкий, искусный

~ топпæхсæг — меткий стрелок

Ærцындзæй, хæсгардæй / ~, чызгау... / Гъеуæддæр «дæ-да-дæй» / Чи зарыд мæнау? *Къоста. Чи дæ?* — Иголкой, ножницами / Орудовал не хуже девушки… / Да и кто мог «да-да-дай» / Голосить как я?

~ цæрдæг кæстæртæ æртæ чъирийы æмæ æхсырфæмбæлттæ, æфсæйнаг уæхстыл кондæй, æрбахастой. *НК.* — Ловкие. умелые младшие принесли три пирога и шашлык из бараньих внутренностей на вертелах

хæрзарæхстæй — умело, ловко

~ хъазын — умело играть

~ пайда кæнын — пользоваться наилучшим образом

Фыссæгæн зынаргъ у йæ мадæлон æвзаг æмæ дзы ~ пайда кæны. *Р. 10.04.2018* — Дорог писателю его родной язык, и он умело им пользуется

хæрзарæхстдзинад — ловкость

хæрзаудæг (*бир.* хæрзаудджытæ) — покровитель; благодетель; благотворитель

~ æхсæнад — благотворительное общество

~ дзуар — святой покровитель

зындгонд хæрзауджытæ — известные меценаты

хæрзаудæн, хæрзаудæндзинад — 1. покровительство; благосклонность; 2. благодетельный; благотворительный

~ кæнын — благоволить; покровительствовать

~ дыл кæнæд! — Пусть покровительствует тебе!

~ы нысанæн — с благотворительной целью

~ы фæрæзты руаджы — на средства, вырученные от благотворительности

æвæллайгæ ~ архайд — неутомимая благотворительная деятельность

хæрзаудæнгæнæг — доброжелатель

хæрзаудæнгæнæгау — по-доброму; покровительствуя

хæрзаудæнгæнæн — благотворительный; благодетельный

~ æхсæнад — благотворительное общество

хæрзахуыр — хорошо обученный; воспитанный

~ сывæллон — воспитанный ребенок

хæрзахъаз — благовоспитанный; благотворный

хæрзæг (*бир.* хæрзæджытæ) — 1. достоинство; добропорядочность; 2. достойный, добропорядочный

ахуырады ~ — отличник

● хæрзæджы хорзыл дуне цин кæны — все радуются достоинству достойного

Уæд цы базонын хъуыд нарты хæрзæджытæн / Се сиахс кæй уыд, сæ туджджын Къандзы фырт, / Фæлæ ма хъуыддагæн фехалæн кæм уыдис! *НК.* — Тогда уже догадались достойнейшие нарты, / Что зять их – сын их кровника Кандза. / Но дело уже вспять не повернёшь!

Фæлæу-иу ды ма тæрс къуыбырджын фæндæгтæй. / Фæрæзондзинад дæр ~ у, ~. *Дæуыт. Бæлццон* — Но ты не бойся ухабистых дорог, / Выносливость, ведь, тоже достоинство

хæрзæггурæггаг (*бир.* хæрзæггурæггæгтæ) мзда, магарыч за сообщённую приятную новость

Дæ ~ мæн! С тебя причитается!

кæрæдзимæ хæрзæггурæггæгтæ цæуын поздравлять друг друга

бинонтæ кæрæдзимæ ~ фесты члены семьи стали поздравлять друг друга

● искæмæ ~ суайын побежать за вознаграждением

Мæхи цъæрæмыхст дæр кæй нæ фæкодтон, уый базонгæйæ, мæ мадмæ ~ суад. *Бицъоты Г. Æвдадзы хос* Узнав, что я и царапины не получил, он помчался к моей маме за магарычом

цыма исты хæрзæггурæггаджы хабар æрбахаста с таким довольным видом, будто хорошую весть принёс

Рахæссын кодта бирæ къафеттытæ æмæ сæ сывæлæттыл ~æн байуæрста. *Дæбе. Адæм адæм сты* Она заставила вынести много конфет, чтобы раздать их детям за добрую весть, что они принесли

хæрзæгъдау, хæрзæгъдауджын скромный, благовоспитанный, благонравный

æвдисгæ митæй ~ ханжа; лицемер

хæрзæгъдаудзинад благовоспитанность

æвдисгæ митæй ~ ханжество; лицемерие

хæрзæджытæ лучшие из лучших; сливки общества

хæрзæлвæст подтянутый

хæрзæмбæлæг (*бир.* хæрзæмбæлджытæ) человек, встреча с которым приносит счастье; добрый вестник

~ ныл сæмбæлæд! пусть нам встретится добрый вестник

~ Уастырджи, фыдцæст æмæ нæ фыдкъахæй бахиз! Приносящий счастье Уастырджи, огради нас от дурного глаза и встречи с недобрым!

● рувас-æмбæлæг у ~, тæрхъус-æмбæлæг та – фыдæмбæлæг встретить лису к удаче, а зайца – к неудаче

Алыбон нæм æгас цу. ~ фæу Добро пожаловать. Будь вестником удачи

хæрзæмбæлæггаг мзда, магарыч первому встречному человеку или вестнику после удачи *(на охоте, в путешествии и т.п.)*

хæрзæнæнхъæлæджы совершенно неожиданно

хæрзæнгæс очень похожий

~ æфсонæй под тем же предлогом

хæрзæнтыст 1. удача; 2. удачный; успешный

хæрзæнцонæй совсем легко

хæрзæрыгон совсем молодой

~ у, фæлæ йæ хуымæтæг ма ‘нхъæл. *НК.* Он совсем молод, но не думай, что у него молоко на губах не обсохло

хæрзæрыгонæй совсем молодым; в молодости

бинонты кой ~ бакæнын жениться совсем молодым

хæрзæууæнк благонадёжный

хæрзæууылд кæнын тщательно пережёвывать; тщательно обдумывать

● бахъуыды бон ~ æмæ тыхныхъуырд хъæуы — в нужный час всё надо тщательно делать и обдумывать

дæ алы дзырд дæр ~ бакæн, стæй йæ зæгъ — прежде чем сказать, обдумай каждое своё слово

хæрзæфснайд — опрятный

~ адæймаг æмпъызт дарæсы дæр фидауы — опрятный человек и латанную одежду умеет носить

хæдзæрттæ ~ бакæнын — навести порядок в домах

хæрзæфснайддзинад — опрятность

хæрзæхсад — хорошо вымытый; выстиранный

~ дарæстæ — выстиранная одежда

~ дыргътæ æмæ халсæртæ — вымытые фрукты и овощи

къухтæ ~ кæнын — тщательно мыть руки

хæрзæхсæв — спокойной ночи

~ кæнут! — спокойной вам ночи!

хæрзæхсныст — 1. хорошо ссученная пряжа; 2. хорошо ссученный

хæрзбон — прощай; пока!; до свидания!

~ зæгъын — попрощаться

~ мыккагмæ — прощай навеки

~ рау — до свидания; прощай

~ы ба — поцелуй на прощание

~ы ныхæстæ зæгъын — сказать прощальные слова; попрощаться

~, ~, мæ уарзон, / Æз дард балцы цæуын. *Кочысаты М. Ма кæн хъыг* — Прощай. Прощай. Любимая, / Я отправляюсь в дальний путь

~ы фынг — прощальное застолье

фæстæг ~ — последнее прощание

Хонын æмбалæн нæ фыдбылыз мемæ, / Тагъддæр мæ балцæн йæ фæстаг кæрон / Уый «фæндарастæй» кæд ссарин æз йемæ.. / Ма фæфæсмон кæ!.. ~ у, ~. *Къоста. Хæрзбон* — Выберу в спутницы злую судьбину, / Чтоб поскорей с ней конец обрести... / Ты ж позабудь про печаль и кручину, / Не сожалей, не горюй и – прости!

хæрзбын — до основания

~ бакæнын — истребить под корень

~ бауай! — чтоб от тебя ни одного потомка не осталось

хæрзвадат — 1. благоустройство; 2. благоприятный; благоустроенный

~ рæстæг — благоприятное время

~ уавæртæ саразын — создать благоприятные условия

~ фæтертæ — благоустроенные квартиры

хæрзгæнæг (*бир.* хæрзгæнджытæ) — благодетель; добрый дядя

● ~ дæр йæхицæн æмæ ‘взæргæнæг дæр — и благо делающему, и зло творящему воздастся

~ хорз ары — благодетелю платят той же монетой

Дæмиры хæрзгæнджытæй иу уыдис Галазы фырт, æмæ йын йæ хорздзинад никуы ферох кодта. *Хозиты Б. 14.02.2019*

Один из тех, кто помогал Дамиру, был Галазов, и он никогда не забывал этого добра

● ~ хорз ары, фыдгæнæг – æфхæрд æйфафы

добро творящему добро воздаяние, злодею – наказание

● ~ хорз кæд ссардта?

не делай добра, не получишь зла; *букв.* когда сделанное благо благом вернулось

● ~ хорз кæм ссары, уырдæм мæ фæкæн

благодетелю редко воздаётся должное

● ~æн йæ артыл доны къус

благодетелю за добро неприятность

лæг хъуамæ йæ хæрзгæнæджы зона

должно помнить своего благодетеля

мæнг хæрзгæнджытæ

мнимые благодетели

уæларвон ~

небесный благодетель

Иу фыдгæнæджы азарæй, аххосæй фесæфынц цалдæр хæрзгæнæджы

один злодей несколько благодетелей погубить может

Фыдгæнæг адæмæн вæййы фыдгæнæг паддзах, ~ адæмæн – ~ паддзах

У насильников и правитель насильник, у благодетельных и правитель благодетелен

Хуыцау хæрзгæнæджы дардмæ уыны

Бог благодетеля издалека видит

● хæрзгæнæджы коммæ бакæс

прислушайся к совету того, от кого идёт добро

хæрздаргъ

очень долгий

хæрздæф

1. аромат, благоухание; 2. душистый; благоуханный

Кæрдæг-иу хæдзары къуымты куыд байтыдтой, æмæ-иу уат ~æй куыд байдзаг. *Таго. Ныхасы къуыбылой*

Когда траву расстилали в доме, комната наполнялась благоуханием

хæрздæфгæнаг

душистый, ароматный

хæрздзæгъæл

совершенно бесприютный; напрасный

~ баззайын

остаться без всякого присмотра

хæрздзæгъæлы

впустую; вхолостую; напрасно

фыдæбæттæ ~ рауайдзысты

все хлопоты будут напрасны

хæрздзæринад

благосостояние

адæмы ~

благосостояние народа

цæрджыты ~

благосостояние жителей, населения

хæрззæронд

престарелый; очень старый

~ лæгæй йæ баййæфтон

я познакомился с ним, когда он был в преклонном возрасте

~ ныййарджытæ

престарелые родители

хæрззонд

благоразумный

хæрззондахаст

благонамеренный

хæрззылд

ухоженный

~ кæрт

ухоженный двор

хæрзизæр

добрый вечер

~ зæгъын

пожелать спокойной ночи

Мæ цъæхбазыр сæнттæ, / æгоммæгæс уд, / «хæрзбон» уын нæ зæгъын – / ~тæ ут. *Максим. Хæххон барæг*

Мои голубокрылые мечты, / Моя непокорная душа, / Я не говорю вам «прощай», / Доброй ночи вам.

~тæ уал!

доброй ночи!

хæрзиуæг (*бир.* хæрзиуджытæ) одолжение; добро *(доброе дело);* благо; помощь; услуга; награда, вознаграждение; дар; достоинство; заслуга

● ~ дæ куы нæ куырдæуа, уæд æй ма дæтт не оказывай услуг, о которых тебя не просят

~ кæнын дарить; оказывать помощь, услугу; одалживать

● ~ курæгæй йæ дæттæг хъæздыгдæр у тот, кто оказывает услугу, богаче того, кто о ней просит

~мæ бавдисын представить к награде

● ~ лæвар нæ дæттынц, туджы аргъ ын бафидын хъæуы награды легко не достаются, за них кровью платят

● ~ никæмæй рох кæны добрые дела / услуги никто не забывает

~ ракæнын облаготедельствовать

~ саккаг кæнын представить к награде

æмбæлгæ ~ райсын получить заслуженную награду

кадджын ~ почётная награда

кæрæдзийæ ~ курын оказывать взаимные услуги

● кувæг лæгæн баххуыс хæрзиуæджы хуызæн у помочь молящемуся – благо

паддзахадон хæрзиуджытæ райсын получить государственные награды

сæйрагдæр æмæ цытджындæр ~ высшая и самая почётная награда

хæрзиуæджы аккаг достойный награды

хæстон хæрзиуджытæ военные награды

хæрзиуæгагур (*бир.* хæрзиуæгагурджытæ) проситель

хæрзиуæггæнæг (*бир.* хæрзиуæггæнджытæ) благодетель; оказывающий услугу, услужливый; охотно дающий бытовые предметы напрокат без вознаграждения

● ~ хорз нæ ары делаешь добро, а себе обязательно проблемы создашь

сусæг хæрзиуæггæнджытæ тайные благодетели

● хатæг ~ у: йæхицæн ницы домы проситель – благодетель: для себя ничего не просит

хæрзиуæгдæттæг благодетель; делающий добро; оказывающий помощь

● курæгæй ~ хъæздыгдæр у делающий добро богаче просителя

хæрзиуæгон за вознаграждение; магарычёвый

~ архайд оплачиваемая деятельность

~ хъуыддæгтæ магарычёвое дело

Стыр суссæггаг æмæ уыимæ ~ хъуыддаг раргом кæнынмæ дæм фæдзырдтон. *Нартыхты М. Уалдзыгон сагъæс* Я тебя позвал, чтобы посвятить в очень секретное и очень магарычёвое дело

хæрзиунæг совершенно одинокий

хæрзиунæгæй в одиночку

~ цæрын жить в одиночестве

хæрзифтонг хорошо снаряжённый, снабжённый, подготовленный

● ~ фæндагыл æдыхст у — хорошо снаряжённый в дороге забот не знает

Æппæтæй дæр æй ~ скодта: дарæсæй, хæцæнгæрзтæй; йæ бæхрæгъæуттæм хуыздæр бæх нал ныууагъта. *НК.* — Всем лучшим снарядил его: одеждой, оружием; во всех табунах лучше коня не осталось

хæрзифтыгъд — вооружённый до зубов

хæрзкойгонд — хорошо ухоженный

хæрзконд — стройный, хорошо сложённый; красивый

æппæтæй ~дæр – удæй ~ — самая красивая – с красивой душой

рæсугъд æмæ ~ — красивый и стройный

Рæнхъ-рæнхъы уым, уаты, бирæ чызг лæууыди, / Амæй-ай рæсугъддæр, амæй-ай ~дæр. *НК.* — В комнате там много девушек в ряд стояло, / Одна другой краше, одна другой стройнее

Хуыцау хорз, æмæ æрдзæй фидар фæци, ~ æмæ уæнгджын, хъаруйæ æххæст. *Арсен. Тохы бон* — Благодарение Богу, от природы он был крепким, хорошо сложённым и физически сильным

Расты уыцы уысм, фæдисонау, / Йæ урс бæхыл æрбатахти / Æрдхæрæны рæсугъд ~ барæг. *Хъаныхъуаты В. Кадæг* — Прямо в тот момент в тревоге / На своём коне влетел / Необыкновенно стройный всадник

хæрзконддзинад — стройность

лæппуйы ~ — юношеская стройность

хæрзмарзт — чисто подметённый

хæрзмæбæллæг — доброжелатель

хæрзмæллæг — истощённый

Сæ мулк, се ‘хсар, сæ намыс æргом ысси ~ — заметно иссякли и их богатство, и отвага, и слава

~ суæвын — истощиться

хæрзмыггаг — породистый

~ фос — породистый скот

хæрзном — почтенный

хæрзныллæг — очень низко; крайне низко

искæй ~ æруадзын — оскорбить чьё-л. достоинство, самолюбие

хи ~ æруадзын — опуститься, низко пасть

хæрзракæнæг (*бир.* хæрзракæнджытæ) — благодетель

хæрзсæфт — гибель, катастрофа; потеря

хæрзтæф *кæс* **хæрздæф**

хæрзтуг — породистый, чистокровный

~ бæхтæ — чистокровные лошади

хæрзуаг — порядочный; добродетельный

хæрзуаггдзинад — добродетель

хæрзуд — добронравный, добродушный

Исчи дæм-иу комкоммæ куы бакаст, уæддæр-иу фæсырх дæ. Мæнмæ гæсгæ, уый ~ы нысан у. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Стоило кому-нибудь на тебя прямо посмотреть, как ты сразу краснела. По-моему, это признак добронравия

хæрзуынд — приятный на вид, красивый, прекрасный

~ сылгоймаг уайтагъддæр бафæрæзта йæ мойы йæ къухы æрбатымбыл кæнын. *Дæбе. Æхсарбег* — Красавице жене сразу удалось прибрать к рукам своего мужа

Мæ уд ын нывонд у, / Мæ зæрдæ – йæ хай: / Рæсугъд у, хæрзконд у, / ~ у чызгай. *Æрнигон. Чызгай* — Душу свою ей в жертву приношу, / Моё сердце ей принадлежит: / Она красива и стройна, / Видная девица она

хæрзуынддзинад — красота

хæрзфых — хорошо сваренный, выпеченный

~ дзидза — хорошо сваренное мясо

хæрзхалдих — точная копия

хæрзхаст — хорошо выкормленный, откормленный, упитанный, выхоленный *(о животном)*

хæрзхæстæг — 1. ближайший родственник; 2. очень близко, вплотную

хæрзхуыз — полный, упитанный *(о человеке)*

~ кæнын — полнеть, толстеть, прибавлять в весе

~ кæнынæн худын æмæ хъæлдзæг уæвынæй хуыздæр хос нæй. *Максим. Йæ худындзæг та фæкъæртт* — Самое верное средство прибавить в весе – это смех и веселье

æгæр ~ — слишком полный

хæрзхуызтæарæзт — полноватый

хæрзхуымæтæг — проще простого

хæрзхъал — очень гордый; заносчивый

хæрзхъæд — высококачественный, доброкачественный; добротный; прочный

~ агуыридурæй амад — возведённый из прочного кирпича

~ адæймаг — порядочный человек

Дæ фыд та ~ адæймаг у. Удæй домбай. *Умар. Стъалы куы скæса* — А твой отец – порядочный человек, сильный духом

~ æмæ пайдайаг хæринаг — качественная и полезная пища

~ æххуыс кæнын — оказывать квалифицированную помощь

~ лæггæдтæ — качественные услуги

хæрзхъæдæй — добротно; качественно; основательно; в полном объёме

~ æххæст кæнын — выполнять качественно, полностью

æнæкъуылымпыйæ æмæ ~ — без задержек и в полном объёме

хæрзхъæддзинад — доброкачественность; добротность; прочность

хæринаджы ~мæ цæст дарын — контролировать качество пищи

хæрзхъомылгонд — воспитанный; благовоспитанный

хæрзцагъд — сильно побитый; разбитый наголову; хорошо взбитый; сильно наточенный

~ ныккæнын — разбить наголову, сокрушить

хæрзцæттæ — полностью готовый; созревший

Сауджыны цæсгом сырх-сырхид дардта ~ помидоры хуызæн, йæ цъынд цæстытæ ноджы тынгдæр ныцъцъынд сты. *Арсен. Джанаспи* — Лицо священника раскраснелось как перезрелый помидор, а узкие щелочки глаз стали ещё уже

хæрзчысыл 1. крошечный, малюсенький; 2. совсем немного

~ рæстæг рацыд совсем немного времени прошло

фæрстытæ – бирæ, дзуаппытæ – ~ вопросов много, ответов очень мало

Кæд хур касти, уæддæр мит æрмæст хæдзæртты сæртыл ранæй-рæтты фезмæлыди. Уый дæр ~. *Умар. Стъалы куы скæса* Хоть и было солнечно, но всё равно снег на крышах домов только местами оттаял. И то чуть-чуть

хæрзыстыр очень большой; великий

хæринаг (*бир.* хæринæгтæ) пища, кушанье, еда

~æй нæм цы и? что у нас есть (по части) съестного?

~ дарын питать; кормить

● ~ дæр ын ма ратт хлебом не корми

Йæ гыццылæй нырмæ дæр трактортимæ лымæн уыди. ~ дæр ын ма ратт трактор ыл сбадыны раз. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* Он с детства бредил тракторами. Хлебом его не корми, дай на трактор сесть

● ~ уырзæй æвзарын быть привередливым, капризным в еде

Ныр дæр æмæ æрыгонæй дæр ~ уырзæй не ‘взæрста: цы ис, уый хорз. *Гæстæн. Мæйы фæстаг бонтæ* Ни сейчас, ни в молодости привередливым в еде не был: довольствовался тем, что есть

~ хъуаг æййафын недоедать, не имея достаточно пищи

~ыл дуар æхгæдæй макуы дар, æмæ бинонтæ зыд ма кæной никогда не держи еду под замком, а то семья жадничать станет

~ыл фæхæст уæвын раздобыть еду

адджын ~ вкусная еда

● ад цы хæринаджы нæ уа, уый фарсыл нæ хæцы безвкусная пища впрок не идёт

● ацы ~ мæ мард дæр рабаддзæн никто не устоит перед такой вкусной пищей

æвзаргæ ~æй хæссын кормить отборной едой

æнæпайда ~ бесполезные продукты

● æппæтæй адджындæр ~ – царвимæ ’взаг фых самая вкусная еда – язык, приготовленный на сливочном масле

● дæ ~ мæсчъы доны ад кæны у твоей еды болотный привкус

дзидзайæ конд хæринæгтæ мясные блюда

● зæрдæмæ фæндаг хæринаджы уылты лæууы путь к сердцу лежит через желудок

искæй ~ æндæр ад кæны у чужой пищи другой вкус

● иу боны ~ фæнды мæ гуыбыны уæд, фæнды – мæ хызыны на один день еды можно и в желудке припасти, и в котомке нести

● иугъæдон ~ зæрдæ н’ агуры однообразная пища приедается

● куыйты ~ фæуын быть оплёванным, растоптанным

● искæй куыйты ~ бакæнын уайдзæфтæй æмæ æртхъирæнтæй навтыкать кому-л.; засобачить, обхамить, унизить кого-л. упрёками и угрозами

Сæхимæ хохы расыг лæг куыйты ~ фæуид, ныхасмæ рацæуын нал бауæндид. *Мæрзойты С. Къæхтысæр* У них в горах пьяного человека смешали бы с грязью, так пристыдили бы, что он потом на ныхас постеснялся бы выходить

маст ~ — горькая еда
● маст ~ адджынæн нæ бахæрдзынæ — еду, что горчит, в удовольствие не съешь
● мыд алы ~имæ дæр фидауы — мёд к любому блюду подходит
пайдайаг ~ — полезный продукт
табуйаг ~ — запретная еда; сакральная еда
чъиритæ нымад сты табуйаг ~ыл — осетинские пироги считаются сакральной пищей

● фæссихоры ~ – æхсæвæрæн нывæрзæн — еда после обеда – часть ужина
● фурд бонджын у – цы нæ ~ дзы ис, ахæм нæй — богата морская вода, всякая в ней водится еда
хæрзад ~ — вкусная еда
● хохаг ~ хæрзад у — горская еда вкусная
хæрздæф ~ — ароматная еда
хæрзхъæд æмæ пайдайаг хæринаг — качественная и полезная пища
хæринаджы ад не'мбарын — не чувствовать вкус пищи
хæринаджы кой кæнын — заниматься готовкой; готовить еду
Æфсин къæбицы хæринаджы кой кодта. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Хозяйка в кладовке хлопотала, готовила еду
Хорз æфсин цы нæ ~ / Авæрдзæн лæгæн йæ разы! *Къоста. Булкъ æмæ мыд* — Хорошая хозяйка какое только кушанье / Не поставит на стол попотчевать гостя
хæринаджы комдзаг скæнын — отведать
хæринаджы комдзаг дзыхмæ нал схæссын — отказаться от еды; не притронуться к еде

Фыр мæстæй йæ сæр дæлæмæ æруагъта, хæринæгтæм йæ къух дæр нæ бакодта Бибо. *Беджызаты Ч. Бирæгъ* — От ярости низко опустил голову, даже не дотронулся до еды Бибо

хæринаджы нардæй гуыбын тоны — от жирной пищи желудку тяжесть
хæринаджы тайынад — усвояемость пищи; пищеварение
хæринаджы уæлдæйттæ — объедки; остатки еды
хæринаджы фæдыл — в поисках пищи
хæринаджы хæрзхъæддзинад — качество питания
хæринаджы хорз — лучшая еда, лучшие продукты
хицæн ~ амал кæнын — зарабатывать себе на пропитание
● хосты хос ~ у — главное для здоровья – питание
● хорз ~ фесæфыны бæсты 'взæры гуыбын аскъуыйæд — *прост.* лучше пусть пузо лопнет, чем еда пропадёт
хуымæтæг хæринæгтæ — простые блюда
● хъæбæр кæрдзын – нæ ~, цъитидон – нæ нуазинаг — крепкий чурек – наша еда, наше питьё – ледниковая вода

хæринаггæнæг (*бир.* хæринаггæнджытæ) — кухарка; повар
хæринагхъуаг уæвын — не доедать; жить впроголодь
~ нæ уадзын — снабжать едой
хæрис — ива
● ~ыл кæрдо нæ зайы — на иве груши не растут

~ цадмæ никъкъул, / Ныр йæ бæллиц – æххæст. / Макæ, ма мæм никъул, / Уæлæ стъалы, дæ цæст. *Бестауты Г. У фæллад ærдз фынæй*

Ива к озеру прильнула, / Желание сбылось её, / Чего ты мне подмигнула, / Звёздочка, счастье моё

● къуыбар ~æй раздæр ничи ’фтау

ива первой почки выпускает

хæрисбын, хæрисхъæд

ивняк

хæркъуы

вспыльчивый

~ лæг цыма æцæгæйдæр йæ холы агуырдта, уыйау фæйнæрдæм дзагъултæгæнгæ уæрдонæй æрхызт æмæ дыууæ лæппумæ дыдынау бадыв-дыв кодта. *Азæмæт. Фыййауы лæдзæг*

Вспыльчивый человек, который будто и впрямь охотился за добычей, огляделся вокруг, слез со скрипучей телеги и как оса прожужжал двум мальчишкам

~ дзырд

запальчивая речь

хæрнæг (*бир.* хæрнæджытæ)

поминки; *ист.* тризна

~ æмæ цины фынгтæ æфсæдынæн не сты

суть поминальной трапезы и радостного застолья не в насыщении желудков

~ саразын

устроить поминки

~ скæнын

приготовить еду для поминок

Гæппæл дæр мын нал уыд. / Цы фæци мæ зæхх? / ~æн дам бахъуыд… *Къоста. Чи дæ?*

Ни клочка у меня уже не было, / Куда девалась моя земля? / На поминки, говорят, понадобилась

● дыууæ ~æй æнæхай фæуын

остаться ни с чем; *букв.* с двух поминок ни одной доли не получить

кæйдæр ~ куывд вæййы

чужие поминки, что пирушка

номы куывдтæ ‘мæ номы хæрнæджытæ

кувды в чью-л. честь и поминки, посвящённые кому-л.

хæрнæджы фынг аразын

устраивать поминальный стол

хæрнæджы фынджы æгъдау

порядок поминального стола

хæрнæггаг (*бир.* хæрнæггæгтæ)

предназначенный для поминок

хæрнæггæнæг (*бир.* хæрнæггæнджытæ)

устраивающий поминки

Миййаг цы ‘нæ рцæуы. Уæд та дзы иу (*гал*) мæ ~ аргæвдут. *Æхсарбег. Хурхæтæны*

Чего не бывает. Зарежьте тогда одного из быков на мои поминки

хæрог

хрупкий; изъеденный червоточиной

~ кæнын

делать(ся) хрупким; делать(ся) рыхлым; рыхлить; гнить

хæрогсæр

пустоголовый; легкомысленный

Мæ лæппуйы бонты æз дæр иу ~æн скъæфæг ацыдтæн. *Ашæх. Æууæнчы аргъ*

И я было в юности участвовал в похищении девушки для одного пустоголового

хæрогстæг

хрупкого сложения

хæррæгъ

1. тряпьё, лохмотья; 2. изорванный, ветхий

бæхы ~

кляча

Уæртæ мæм иу бæхы ~ ис. Уæлæмæ дæр æмæ дæлæмæ дæр! *НК.*

Вон есть у меня одна кляча. Всего навсего

● зæронд ~

старая развалина; дряхлый, немощный человек

Ныр зæронд ~æй / Фæсмонæй мæлын. / Хаудзынæн цæхгæрæй / Зындонмæ, зæгъын. *Секъа.*

Теперь, став дряхлым, / Мучаюсь раскаяньем. / Прямиком попаду / В ад, говорю

кæрцы ~ — ветхая шубейка

Бабе бирæ нæ афæстиат, хæдзармæ бацыд æмæ йæ телегрейкæйы ~ раппæрста. *Тæтæри.* — Бабе не стал долго задерживаться, зашёл в дом и сбросил свою драную телогрейку

уæлæдарæсы ~тæ — тряпьё; ветхая одежонка

хæррæгъдзинад — ветхость

хæрх — *перен.* куча; множество, очень много, обилие; *груб. прост.* до фига

~ æмæ ’рдæг — навалом; до фига и больше

● ~ æмæ бырон — *разг.* уйма, куча, хоть завались

– Редакции куысты хъæндзинæдтæ бирæ ис, æнхъæлдæн. – ~ æмæ бырон. *Æхсарбег. Куырды фырт* — – В работе редакции, кажется, много недостатков. – Хоть завались

æвдисæнтæ – ~ — свидетельств куча

æхца ~ бахардз кæнын — истратить уйму денег

дæнцæгтæ ~ — примеров уйма

нозт ~ — *прост.* хоть залейся; выпивка рекой

хæруссаг — откормленный, перекормленный

● адон ~ галау уæззау ысты — на подъём тяжёлые, что быки откормленные

хæрхæмбæлд — встреча лицом к лицу

~ фæуын — встретиться лицом к лицу; наткнуться

Нартимæ кæрæдзийыл ~ фесты æмæ кæрæдзиуыл ралæууыдысты. *НК.* — Наткнулись они прямиком на нартов и ринулись друг на друга

Цæмæй йæ зыдтон, Мырзахъулы фыртимæ та мæ ногæй ~ фæуын кæй хъæудзæн, уый? *Максим. Райсомы мигъ* — Откуда мне было знать, что доведётся еще раз встретиться лицом к лицу с сыном Мырзакула?

Тæккæ дысонизæр суадоны раз ~ фесты. Хъуыдинæ æрбацæйхаста дон. Хуысинæ уыгæрдæнæй æрыздæхт. *Хъайтматы С. Ирæд* — Как раз вчера вечером они столкнулись у родника. Кудина несла воду в дом. Хусина возвращался с сенокоса

хæр-хæр — хрип; волочение по земле

~ кæнын — скрипеть; хрипеть; волочить, тащить с шумом *(по земле)*

риуæй уæззау ~ хъуысы — из груди доносится тяжёлое хрипенье

хæрхæраг, хæрхæргæнаг (*бир.* хæрхæргæнджытæ) — 1. скрежет, скрип; 2. скрипящий; шумящий

~ хъæлæс — хриплый голос

● æхсæны хуым – ~ — на совместном поле всегда шума много

● уæййаг хуым – ~ — про поле, что на продажу, много чего скажут

хæрхидон — род уздечки

● хæрæгæн – ~ — ослу – уздечка

Хæйрæгбадæны сбадын кодтат мæн... / Хæрæгау мыл хъæбæр ~ дарынц. *Шамил. Паддзахы хъаст* — Усадили меня в кресло шайтана… / Крепкой уздечкой как осла меня взнуздали

саулох бæхыл ~ — скакуну прочную уздечку

хæрын I есть; питаться

● ~ æмæ дарын куы уарзай, уæд кусын дæр уарз — любишь кататься, люби и саночки возить; любишь поесть, люби и поработать

● ~ дæр куыст у — пищу поглощать тоже работа

~ кæнын — кормить; разъедать; выедать

~-нуазын — столоваться; есть-пить

хæрынæн куы нал у — он не в состоянии принимать пищу

Дæ зæронд стджытæн асасти сæ хъару, / Кусынæн куы нал дæ, хæрынæн инн'ахæм. *Къубалты А. Æфхæрдты Хæсанæ* — Нет прежней силы в старых твоих костях, / К работе стал негодным, не можешь даже есть

● абон дæ цы хъæуы ~, уый райсом бахæр — не торопись, съешь завтра то, что сегодня хотел съесть

алы хъылма ~ — питаться всякой дрянью

ард ~ — клясться; давать слово

аходæн ~ — завтракать

Адæм кæм кусынц, кæм бадынц; / Чи фæци, чи та ма хордта йæ аходæн. *Къоста. Ахуыр* — Люди то работают, то посидят; / Кто уже позавтракал, а кто ещё доедал

● æгуыстæй пайда куы кæнай, уæд уый зон, æмæ искæй фæллой хæрыс — знай, если ты живёшь, бездельничая, то ты кормишься чужим трудом

æд хъуын æмæ хъис ~ — съесть со всеми потрохами

ænæ уæлдай тæргæй ~ — кушать без всяких капризов

● бадæг гал кæрдæг нæ хæры — вол, что с места не сойдёт, утробу не набьёт

● былыцъæрттæ ~ — кусать губы; страстно желать

дон йæ былтæ хæры — река размывает берега

æхсæвæр ~ — ужинать

● æхсæвæрыл бирæ ~ нæ фæччы — на ночь не объедаются

адджинæгтæ ~ — есть сладкое

дзидза ~ — есть мясо; есть вдоволь

● дæ дзыхыл хæц, æмæ дзидза хæрай! — помалкивай, и будет у тебя всё в порядке

● дзидза арсау æмбыдæй ничи хæры — мясо стухшим только медведь ест

– Исчи дæ аххосджын кæны, кæйдæр фæллой хæрыс, зæгъгæ? *Малиты В. Тæрхон* — – Разве тебя кто-нибудь упрекает, что ты чужой хлеб ешь?

● иу цæхх æмæ кæрдзын ~ — делить хлеб-соль

● иумæ исты хæрдзыстæм — вместе съедим что-н. (*говорят, когда у двоих совпадают мысли, слова)*

● йæхи къухтæй ~ дæр æй нæ уагътой сæ уазæджы — уже не знали, как гостю угодить; *букв.* гостю не давали своими руками пищу в рот отправлять

● кæд кас хæрыс, уæд ын уидыг дæр дар — будь предусмотрительным; кашу есть идёшь, где потом ложку найдёшь

● кæй нæ уарзай, уымæн йæ ~ цъæмцъæм, йæ цæуын – сæпп-сæпп — кого не любишь, тот во время еды шамкает, во время ходьбы шаркает

● къæбæр ~ — есть хлеб; зарабатывать на хлеб

● къæлуа чи хæры, уый йæ гуыбын сайы — толокном сыт не будешь
● мæ разæй цыдæр хæрдзынæ — ты меня опередил, у нас мысли совпали
● миты бын цъæнут дæр хæрдзысты — придётся, так и осоку под снегом съедят
сихор ~ — обедать
сусæгæй ~ — тайком есть
Уый сусæгахуыр у, сусæгæй та хæрдзæни искуы,– зæгъы Сослан. *НК.4* — Этот привык втихаря всё делать, небось, тайком где-нибудь ест, – говорит Сослан
сырдтау кæрæдзи ~ — пожирать друг друга как звери
Тагъд, кæннод дæ куыддæр мæ фырттæ æрбаййафой, афтæ дæ хæрдзысты. *НК.* — Поторапливайся, а то как только тебя мои сыновья застанут, сразу съедят
фаг нæ ~ — недоедать
~æн бæззын — быть пригодным для еды
● пысыра ~æн бæззы, фæлæ судзгæ кæны — крапива съедобна, но жгуча
~æн бæзгæ зайæгойтæ — съедобные растения
● хæссынæн – рог, ~æн – адджын — чтоб нести было легко, а есть приятно
● мыдамæст ~æн адджын у, хæссынæн – рог — мёдовую лепёшку и нести легко, и кушать сладко
хæрыс ма нал — ешь-пей не хочу
хи ~ — есть себя поедом, изводить себя; переживать; отчаиваться, огорчаться
Ноджы зындæр та йын уый уыдис, цы æрцыд ууыл бинонтæ сæхи кæй хæрынц. *Умар. Цард тындзы сæ размæ* — Тяжелее всего ему было то, что в семье так переживали произошедшее
хи мæтæй ~ — испереживаться
искæуыл хи ~ — печься о ком-л.; заботиться
● цы хæрыс, уый мын зæгъ, æмæ дын зæгъдзынæн-чи дæ, уый — скажи мне, что ты ешь, и я скажу тебе, кто ты
● чидæр ком дардта 'мæ бас цымдта, фæлæ фыд нæ хордта — быть непоследовательным; *букв.* в пост мясо не ел, а бульон пил

хæрын II — чесаться
● ~ худинаг нæу — чесаться не стыдно
● мæ галиу армыдзыхъхъ мæ хæры – исты 'фтиаг мæм хаудзæн — левая ладонь чешется – к деньгам
● мæ галиу æрфыг мæ хæры – цыдæр фыд мæм кæсы — левая бровь чешется – быть беде
● мæ масты 'рфыг мæ хæры — чешется левая бровь, быть беде
● мæ рахиз æрфыг мæ хæры: исты хорз мыл цæудзæн — правая бровь чешется – жди радости
● кæй кæм хæра, уым ныхдзæн — каждый найдёт для себя выход; *букв.* каждый почешет себя в том месте, которое чешется
куыдзы йæ буар тынг хордта — собака вся чесалась
Бæх йæ бынаты æнцад нæ лæууыди, цыма йæ быndзытæ хордтой. *Арсен. Цы уыдзæн, цы?* — Лошадь не стояла на месте, как будто мухи её донимали

хæрынкъа — складной ножик; отвёртка

~йы æвзаг — лезвие ножика
фистонджын ~ — нож с рукояткой

хæрынмондагдзинад — аппетит
Уазджытæ мæм ис, ды дæр сæ цуры куы абадис. *Ærмæст дæ ма ферох уæд демæ рахæсс ~. Дзæдтиаты Т. Æхсаргæрдты зæлланг* — У меня гости. Посидел бы ты тоже с ними, только не забудь прихватить свой аппетит

хæрыны цъиу — вид воробья

хæс — долг, обязанность; задолженность; задание, задача

● ~ ~æй фидгæ у — долг платежом красен
~ ахицæн кæнын — выплатить долг; вернуть долг сполна
~ æвæрын — поставить задачу; определить обязанности
нæ размæ ~ æрæвæрдтам — мы взяли на себя обязанность; поставили перед собой цель
~ æххæст кæнын — исполнять свой долг
~ кадимæ сæххæст кæнын — с честью исполнить долг
Мах Хуыцауы раз нæ ~ сæххæст кæндзыстæм — Наш долг перед Богом будет выполнен
~ æххæстгæнгæйæ — при выполнении служебного долга
~ баххæст кæнын — выполнить задание
~ дарын — быть обязанным; быть в долгу
~ кæнын — поручать
~тæ скæнын — наделать долгов
● ~ исын чи уарзы, уый йæ фидынмæ рæвдз нæ вæййы — кто в долг часто берёт, с неохотой долги отдаёт
● ~ йæ фидынæй рæсугъд у — долг платежом красен
~ райсын — взять в долг; отомстить
● ~ райсын æнцон у, йæ фидын зын у — легко берётся, да тяжело отдаётся; кто любит занимать, тому несдобровать
химæ ~ райсын — связать себя обязательством
● ~ уаргъ у — долг – тяжёлая ноша
~тæ æххæстгæнæг — исполняющий обязанности
~тæ бафидын — рассчитаться, освободиться от долгов
● йæ ~ чи бафиды, уый æнæмæт у — долг заплати и без забот живи
● ~тæ фидинаг сты — долг платежом красен
● ~тæй йæ хъустæм у — он по уши в долгах
● ~ты бын фæдæн — я весь в долгах
~ы бацæуын — влезть в долги
~ы раттын — дать в долг
● дæ къухæй ~ы ратт æмæ йæм дæ къахæй цу — отдай в долг ручками, а ходи за ним ножками
● ælгъинæй ~ макуы райс — у скряги в долг не бери
æнæбафидгæ ~ — неоплатный долг
æнусон ~ бафидын — умереть

Мадджын, фыдджын уыди, фæлæ уыдон се ‘нусон ~ бафыстой. *Бицъоты Г. Норст цæхæр* — Были у него и отец, и мать, но они уже ушли из жизни

æфсæддон ~ — воинская обязанность

æфсæддон ~æй уæгъд уæвын — быть освобождённым от воинской повинности; не быть военнообязанным

бадзырдон ~тæ — договорные обязательства

зæронд ~тæ — старые, невыплаченные долги

● læг куы фæмæгуыр вæййы, уæд йæ зæронд ~тыл зилы — человек, когда обеднеет, своих старых должников вспоминает

● искæмæй рæвдыд райсын у ~ы бацæуын, искæй баравдауын та у ~ бафидын — быть обласканным кем-то, значит, быть в долгу перед ним, самому приласкать – выплатить этот долг

искæмæн ~ ыл банымайын — вменить кому-л. в обязанность

исты ~ ыл банымайын — считать своим долгом

намысы ~ — долг чести

размæвæрд ~ — поставленная задача

сыгъдæг ~ — святой долг

табуйаг ~ — священный долг

● уæлæуыл мын ~ ратт æмæ дын æй мæрдты бафиддзынæн — на этом свете мне в долг дай, а я тебе его на том свете обязательно верну

фæстаг ~ дæттын — отдать последний долг (*умершему*)

● ~ хæсгардæй уæлдай нæу, хæлардзинад кæрдгæ кæны — долги вредят дружбе, *букв.* долги режут дружбу как ножницы

хиуыл ~ нæ ныууадзын — не остаться в долгу

хицауады ~ — правительственное задание

хæсадон — должностной

~ хæстæм гæсгæ — согласно должностным обязанностям

хæсæвæрд — долг, обязанность; задача

разамонджытыл ~ ис — руководителям вменяется

хицауады ~ — правительственное задание

хæсгард (*бир.* хæсгæрдтæ) — ножницы

~ къæдзил зæрватыччытæ — ласточки с раздвоенными хвостами

~ нывæрзæн æвæрын — *этн.* положить в изголовье ножницы, чтобы отогнать плохие сны, злых духов

Ацы хатт-иу дæ нывæрзæн ~ бавæр æмæ фыдфынтæ нæ уындзынæ. *Хъайттаты С. Дидинæг æмæ хъама* — В этот раз положи ножницы в изголовье своей кровати, и не будут тебя кошмары больше мучить

~æй алыг кæнын — отрезать ножницами

~æй кæрдын — резать ножницами

~ та райста ноджы Быценты чызг, / Кæрдгæ-хуыйгæ та бонмæ куы фæкодта. *НК. Хæмыц ус куыд ракуырдта* — Вновь взялась за ножницы девушка из рода Быцента, / Вновь резала-шила до самого утра

~ы бырынчъытæ — острие ножниц

~ы фындз — острие ножниц

болат ~ — стальные ножницы

Бедуха, зæгъы, йæ болат ~ / Йæ дысы бамбæхста æмæ, куы ныккастис / Йæ фыды мардмæ, афтæ йæ зæрдæсæр / æваст фæрæхуыста йæ болат ~æй. *НК.* — И спрятала Бедуха свои стальные ножницы / В рукав и, взглянув, / На тело отца своего, так в самое сердце / Пронзила себя своими стальными ножницами

хæсгæ — ручной; откормленный; принесённый; переносной; усыновлённый

~ лæппу — усыновлённый мальчик

~ сывæллон райсын — взять ребёнка в семью

~ тохъхъыл — откормленный баран

~ тохъхъылау нард кæнын — раздаться как откормленный баран

къухы ~ гранат — ручная граната

къухы ~ хызын — сумка; ручная кладь

~ мард фæу! — умереть тебе вдали от дома

хæсгонд — порученный

~ æрцæуын — быть порученным

хæсдарæг — должник

~ рохгæнаг у — должник забывчив; у должников память хуже, чем у заимодавцев

● хъæсдарæг – хосдзауæй ~ — наковальня перед косарём в долгу

хæсдæттæг (*бир.* хæсдætджытæ) — кредитор

хæсджын — 1. должник; 2. обязанный

● алчидæр йæ мады раз ~ у — все мы в долгу перед нашими матерями

● искæй хорзыл куы домай, уæд дæхи ~ кæныс — от других благ ждёшь, им обязанным становишься

ницы ~ дзы дæн — я ему ничем не обязан

Сауджын ахъуыды кодта: «О, Джанаспи, æнхъæлдæн æмæ дæ ~æй дыууæ цармы стигъынмæ хъавыс!» *Арсен. Джанаспи* — Священник смекнул: «О, Джанаспи, да ты, кажется, со своего должника две шкуры спустить собираешься!»

Сымахæй кæддæриддæр ~ уыдзыстæм — Мы перед вами в вечном долгу, мы вам очень обязаны

хи ~ыл нымайын — считать себя обязанным

Иннæтæн нæ зонын, фæлæ æз стыр ~ыл нымайын мæхи нæ æдзард хæстонты раз. *Хæблиаты С. Æнамæ мын чи бадзурдзæн?* — Не знаю, как другие, но я себя считаю в неоплатном долгу перед нашими безвременно погибшими воинами

● Хуыцау, ~æй мæ ма амар! — Боже, дай мне выплатить все долги при жизни!

хæсджындзинад — задолженность

хæсисæг (*бир.* хæсисджытæ) — займодержатель

хæсист — обязательство

хæслæвæрд — задание, поручение

~ сæххæст кæнын — выполнить задание

~ раттын — давать поручение

æмбæлон ~ раттын — дать соответствующие поручения

~ыл нæ фæтых уæвын — не справиться с поручением

~тæ афойнадыл сæххæст кæнын — выполнить поручения в срок

бæлвырд ~ райсын — взять определённые обязательства
иумæйаг паддзахадон фæлварæны ~тæ — задания единого госэкзамена по окончании школы
комкоммæ ~æй — по прямому поручению
паддзахадон ~ — госзадание
сæрмагонд ~ — особое поручение
фондзазоны ~тæ æртæ азмæ сæххæст кæнын — выполнить пятилетку в три года
фыццаградон ~тæ — первоочередные задачи
хуымæтæг ~тæй райдайын — начать с элементарных заданий

хæснаг (*бир.* хæснæгтæ) — пари; заклад
~ кæнын — держать пари, биться об заклад
● ~ уæздан лæгимæ скæн — пари надо заключать с благородным человеком
~æй фæсайын — не выплатить зарок
хæснаджы тыххæй — на спор
Хæснаджы тыххæй ма иунæг хатт рæдийгæ уæддæр фæкæн æмæ адæмы хуызæн дуар æрбахой. *Лademыр. Даргъ-Къохы* — Хоть на спор один раз ошибись и как нормальный человек постучись в дверь

хæснагæн — на спор; на пари
~ æвæрын — предлагать заклад
– Ракафæм! – загьта Сослан.– Цы ‘вæрыс ~ та? *НК.* — – Давай станцуем! – сказал Сослан. – За какой заклад бьёмся?

хæснаггæнæг (*бир.* хæснаггæнджытæ) — держащий пари
~ йæ амонд æвзары — тот, кто держит пари, испытывает своё счастье (везенье)

хæснаггæнæн (хай) — дужка (*грудная кость курицы*)

хæснаггонд — побившийся об заклад; участвовавший и проигравший в споре
~ уæвын — побиться об заклад
Æз дæн кæйдæримæ ~ æмæ йæ хæснагæй фæсайдтон. *НК.* — Я кое с кем пари держал, а зарок не выплатил

хæссæг (*бир.* хæсджытæ) — 1. кормилица; носитель; 2. несущий; воспитывающий
дин ~ — миссионер; проповедующий религию
ног культурæ ~ — носитель новой культуры
зиан ~ — вредный; приносящий вред
пайда ~ — полезный; приносящий пользу
рæстдзинад ~ — несущий правду
фарн æмæ амонд хæсджытæ — несущие благость и счастье
фыдбылыз хæсджытæ — источники неприятностей
хæцгæ низ ~ — носитель инфекционной болезни

хæссæггаг (*бир.* хæссæггæгтæ) — плата за кормление скота; плата за доставку*(чего-л.)*

хæссæн то, на чём или в чём носят, возят; носилки; *охот.* вьючное животное *(осёл, мул)*

ælæm ~ *этн.* скачки в поминальном обряде

дзаума ~ *этн.* раздача подарков из сундука невесты

хæссинаг (*бир.* хæссинæгтæ) иждивенец; то, что нужно отнести, перенести

æмбисондæн ~ поразительный; общеизвестный; вошедший в поговорку; пресловутый

дæнцæгæн ~ примерный; заслуживающий подражания

диссагæн ~ неправдоподобный; достойный удивления

сæрмæ ~ не вызывающий презрения; достойный

● фыццаг зæнæг – халоны ~ первенца ворон уносит

хæссын нести; уносить; уводить; выполнять *(напр. обязанности);* кормить, содержать; воспитывать; длиться, продолжаться

азым ~ находить недостатки, винить

бинонты ~ содержать семью

бирæ ~ долго длиться; быть продолжительным

● фых хойраг бирæ нæ хæссы варёная пища быстро портится

● гал мидæг хор – мидæг донæй ~ откармливать скотину в стойле, без выпаса

дæнцæгæн ~ приводить в пример; брать за образец

дзырд ~, æвзаг ~ доносить; клеветать; наговаривать; натравливать; ссылаться

зæрдæмæ ~ принимать близко к сердцу

искæй размæ ~ представлять кому-л.; предъявить кому-л.

ном ~ называться; носить имя

номхыгъдмæ ~ вносить в список

сæрмæ ~ считать возможным, достойным

тас ~ нести опасность; быть страшным

туг хæссы кровь – не водица

ус ~ жениться

● хæрæджы уаргъ ~ взвалить на себя ношу осла

фау ~ порицать; осуждать; хулить

● фыдæлты ‘мбисæндтæм фау хæссæн нæй притчи предков в осуждении не нуждаются

фæдджийы ~ носить в подоле; лелеять; беречь

● цуанон лæг йæ фæнычы къæрмæг йæ фæдджийы хæссы охотник золы щепотку бережёт

● худ ~ носить шапку; быть настоящим мужчиной

● худтæ чи хæссы, уыдон сегас лæгтæ не сты не всё, кто шапку носят, достойны называться мужчинами

хи ~ содержать себя; самому зарабатывать на жизнь

хæст I (*бир.* хæстытæ) война, бой, битва, сражение

● ~ ~ у ’мæ дзы хæцын хъæуы — на войне, как на войне; война для того, чтобы воевать

– Ауайут æмæ йын зæгъут: «Кæд дæ хæрд, ноз хъæуы, уæд дын Æнамæ бадзурæм, кæд дæ ~ хъæуы, уæд та дын Дадамæ бадзурæм». *НК. Сослан мæрдты бæсты* — – Бегите и скажите ему: «Если ты есть-пить хочешь, мы свою мать позовём, если ты с войной пришёл, тогда мы своего отца покличем»

● ~ дыууæйæн æмбис у: амонд кæй фарс æрлæудзæн,уый бæрæг нæй — в войне неизвестно, на чью сторону удача станет

● ~ иугай гæрæхтæй стынг вæййы — война с одиночных выстрелов начинается

~ никæуыл ауæрды — война не щадит никого

~ райдайынæй тæссаг у — назревает война; запахло порохом

~ ракъахын — развязать войну

~ расидын — объявить войну

«Тохмæ, тохмæ, Германы ~мæ!» Райгуырæн зæхх сидт йæ хъæбултæм — На войну, на войну с Германией!» Родина взывала к своим сынам

● ~æй æмæ фæдисæй лидзын – худинаг — от войны и от тревоги бежать позорно

● ~æн йæ кæрæтты дæр нæ ауади — не был на войне; не нюхал пороха

~мæ ардауын — подстрекать к войне

~мæ ацæуын — уйти на фронт

~мæ барвæндонæй ацæуын — уйти на фронт добровольцем

~мæ ацыд æмæ нал сыздæхт — ушёл на войну и не вернулся

~æн кæрон скæнын — покончить с войной; прекратить войну

~ы архайæг — участник войны

● ~ы бон цæуыл фæхæст уай, уымæй хæцын хъæуы — с чем тебя война застала, тем и сражайся

● ~ы боны сгуыхтæн йæ кад мыггагмæ цæры — подвиг в войну в веках живёт

~ы быдыр — поле битвы

● хъæбатыр ~ы быдыры рабæрæг вæййы — героизм на поле брани проявляется

● ~ы мард лæгæн йæ зарæг дардыл хъуысы — песнь о погибшем в войне далеко разносится

● ~ы тæригъæд нæй — война пощады не знает

● ~ы тыхæвзарæн хъæуы — в войне испытываются силы

~ы фæстиуæг — последствия войны

● ~ы хъæр фæдисы хъæр у — шум сраженья – крик тревоги

● ~ы цæхæрæн йæ фæнык не ’мбийы — зола на пепелище войны не гниёт

● адæм туг цы ~ы ныккалой, уым фидыдæн æнæ ’рцæугæ нæй — после войны, на которой кровь проливают, обязательно мир заключают

æнæкæрон ~ — бесконечная война

æфсад ~ыты сфæлтæрдта — армия закалилась в боях

генералон ~ — генеральное сражение

дунеон ~ — мировая война

Дыккаг дунеон ~ — Вторая мировая война

уазал ~ — холодная война

химидæг ~ — гражданская война

Фыдыбæстæйы Стыр ~ — Великая Отечественная война

● дзæбидырты ~ кæнынц — бьются как туры; бьются до полной победы одного

● дзæбидырты ~ы тыхджындæр мæлы — в битве сильнейший из туров погибает

● иу, дам ~ы уыди, иннæ та йын йæ хабæрттæ кодта — один на войне сражался, а другой про войну истории рассказывал

● иугæр ~ы бацыдтæ, уæд искæй зондмæ ма хъус — начал сражение, действуй своим умом

● кæмæн ~, кæмæн хуры цæст — кому война, кому мать родна

лæгæй лæгмæ ~ — поединок один на один

Мах нæ уарзæм кæрæдзи, / ~ дæр нæ иу кæны мах. *Шамил.* — Мы не любим сами себя, / И война не сближает нас

тугкалæн ~ — кровопролитное сражение

Куы тырны знаг йæхæдæг кардмæ, / Фæцагæйы тугкалæн ~. *Къоста. Хетæг* — И когда враг сам на меч бросается, / Кровопролитье начинается

● уады фæстæ – уарын, ~ы фæстæ – кæуын — бури к дождям, а войны к слезам

● хæцæнгарз ~ы бон – хъазуат æвдисынæн — в час сраженья оружие для проявления отваги нужно

хъазуатон ~ытæ — боевые схватки; ожесточённые бои

● цард ~ у — жизнь – борьба

хæст II — 1. укус; хватка; 2. укушенный

~ кæнын — хвататься; раздобыть

æхцайыл ~ кæнын — заполучить деньги; разжиться деньгами

● йæ узæлд фæззыгон бындзы ~ау — её нежности, что укус осенней мухи

калмы ~ — укус змеи

● калмы ~ цæфæй риссагдæр у — укус змеи больнее ранения

● куыдзы ~æн куыдзы хъуын йæ хос — чем ушибся, тем и лечись; укус собаки от от собачьей шерсти пройдёт

● стонг сысты ~ мыл фæкодта — присосался ко мне как голодная вошь

Джанаспи, фыдæлты æгъдæуттыл ~ адæймаг, номæй нæ хуыдта йæ усы, дзырдта йæм афтæ: «мæнæ ус», «усай». *Арсен. Джанаспи* — Джанаспи, придерживавшийся прежних порядков, не обращался к жене по имени, а говорил ей так «вот, женщина», «жёнушка»

хæстагъоммæ — накануне войны

~йы рæстæг — довоенное время

хæстамонд — военная удача; удача в сражениях

~ дæ уæд! — Да сопутствует тебе удача в бою!

хæстарыд — опалённый войной

~ зæрдæ — опалённое войной сердце

туджы æртæхтæй æхсад, ~ тырыса — пропитанное кровью, опалённое в сражениях боевое знамя

хæстæввонг — 1. вояка; 2. готовый к бою

æфсæдтæ ~ цæттæ — войска в боевой готовности

цæргæстау ~ лæууын — быть на боевом взводе; как орлы готовыми быть кинуться

Рæсугъд бинойнаг, кæнæ арæнгæрон гæнах, кæнæ фæндаггæрон сæнæфсирдон дарæг æдзух йæхи хæзнаты тыххæй хъуамæ ~ уа!

У кого жена-красавица, башня на границе, виноградник близ дороги должен быть готов защищать свои сокровища

хæстæг (*бир.* хæстæджытæ)

1. родственник; 2. близкий, родной; 3. близко; около; близ

~ æййафын

приходиться родственником

дард ~ æййафын

быть дальним родственником

~ æрвад

близкий родственник

~ бакæнын

породниться, сделаться родственниками

~ бакæнынмæ ничи хæссы йæ ныфс ахæм хæдзаримæ. *Пæгаты С. Мастисджытæ*

Породниться с такой семьёй никто не решается

● ~ дæндагнизæн æххуыс нæу

родня не всё может – от зубной боли не поможет

~ нал цæуы

близко не подходит

~ нæ уадзын

не подпускать близко

● ~ никуы сæфы

родство не пропадает

● ~ сæрнизæн æххуыс нæу

родня не всё может – от головной боли не поможет

~ хион

родной; близкий; близкий родственник

хæстæджытæ æмæ хиуæттæ

родные и близкие

● ~ хуымы нæ зайы

родственник на грядке не вырастет

~ цæуын (балæууын)

подойти, приблизиться

~æй-хионæй

родные и близкие; всей роднёй

~æн агурын

свататься; решить породниться

– Мах стыр бузныг стæм, сымах уæздан мыггаг нæ ~æн кæй агурынц, уымæй.

– Для нас большая честь, что ваша благородная фамилия хочет с нами породниться

~æн бæззын

возможно породниться

– Мах дæр дын ~æн бæздзыстæм. – Мæнмæ ахæм чызг нæй, – загъта Сосе, – æмæ иунæг лæджы хæдзар чи фæдара. *Секъа.*

– И мы тебе в родственники подходим. – Нет у меня в доме такой дочери, – сказал Сосе, – что могла бы вести хозяйство одинокого мужчины

● æмбисæхсæвмæ ~

около полуночи

● ~æн хæстæджы аргъ хъæуы

родственников надо ценить

● дард æрвадæй ~ сыхаг хуыздæр у

близкий сосед лучше дальнего родственника

● дæ ~æн æхца пайдайы ма ратт

родственнику деньги в рост не давай

дæрддзæф ~

дальний родственник

дæрддзæф ~ дæр ~ у

дальний родственник тоже родственник

дыууисæдз азмæ ~

около сорока лет

● дзæбæх ~ зæрдæ у

хороший родственник – это для души

зæрдæмæ ~ райсын

принять близко к сердцу

искæй ~ нæ уадзын

держать в почтительном отдалении; не допускать с кем-л. близких отношений

искæй ~æн агурын

хотеть породниться с кем-л.

Мин чи æрбахæсса, уымæн – чызг æмæ йын мæнæ – ~. *Токаты А. Урс сынтытæ*

Кто тысячу рублей принесет, тому – дочь, с тем и породнимся

● мæгуырæй адæм дардмæ лыгъдысты, амонд та сæм ~ нæ цыд — люди бедняка обходили за версту, а удача и близко не подходила к нему

тынг ~ — очень близко

● хæстæджы хæдзары дыууæ басы цымдæуы — в доме у своих ешь за двоих

● хорз сыхагæй хорз ~æй уæлдай нæй — хороший сосед, что хороший родственник

хъæумæ ~ — близ деревни

хæстæгад — родство

~ы тагтæ — родственные узы

æгъдауæй ~ — родство по браку

тугæй ~ — кровное родство

хæстæгдæр — 1. ближайший; 2. ближе

~ рæстæг — в ближайшее время

~ фидæны — в ближайшем будущем

~ цалдæр боны — в ближайшие дни

бонæй-бон ~ кæнын — приближаться с каждым днём

Ирон æвзагмæ æппæты ~ нымад цæуы согдияг æвзаджы байзæдтаг ягнобаг æвзаг. *Сæтцаты Э.* — Считается, что ближе всех к осетинскому языку стоит потомок согдийского языка – ягнобский

кæрæдзимæ ~ æрбалæуын — сгрудиться; встать ближе друг к другу

● кæрцæй хæдон – ~ — рубашка ближе к телу, чем шуба

хæстæгдзаст — близорукий

хæстæгдзинад — близость *(по месту);* родство

~ æмæ каисдзинад — родство и родство по браку (*свойство*)

дыууæ мыггаджы ~ыл фæцин кæнын — радоваться за союз двух семей

кæрæдзимæ ~ дарын — состоять в родстве

Уый сымахмæ, ныры фæсивæдмæ, нымады ницыуал у, фæлæ цалынмæ ~ыл авд фæлтæры нæ рацæуа, уæдмæ нæ фæтчы дыууæ мыггаджы æхсæн къай агурын. *Малиты В. Сурмейы хæдзар* — Это у вас, у нынешней молодёжи не принято считаться хоть с чем-нибудь, а так, только в седьмом поколении от общего корня можно родниться двум семьям

хæстæгиуæг — родственная связь

~ кæнын — проявлять родственные чувства; родниться

каисдзинады ~ — родство по свойству, через брак

хæстæгмæ — вблизи; с близкого расстояния

● дард хур дæр у, фæлæ ~ тавы — солнце тоже далеко, но тепло его близко

● дардмæ кæй агуырдтам, уый ~ ссардтам — искали вдалеке, нашли вблизи

● дардыл хæтæг, ~ хæссæг — искать поодаль, найти поблизости

искæй ~ нæ зонын — не быть близко знакомым *(с кем-л.)*

хæстæлвæст — поджарый; сжатый

Хуыздæр уый уыдзæн, æмæ йæ бæх ~ чи ныккæнид. *НК.3* — Победит тот, кто коня своего сильнее сдавит

Цыбыр, ~, худæг æмæ æнцонæвæрæн «Уайсадæг чындз» тынг цыдис адæмы зæрдæмæ. *Куыдзæг. Илас Æрнигон* — Короткая, сжатая, смешная и лёгкая в постановке пьеса «Застенчивая невестка» очень нравилась зрителям

хæстæмбæлд сражение; стычка
хæстæндзарæг (*бир.* хæстæндзарджытæ) поджигатель войны
хæстæргом агрессор; *разг.* драчун
хæстæргъæвд боевик
хæстæрмæг боеприпасы
хæстæфхæрд развороченный, покорёженный войной
хæстбойнон *уст.* беременная
хæстваллад уставший от войны
● ~ лæгæн йæ сæр куыройы цалхау зилы у уставшего от войны человека голова идёт кругом (*как мельничное колесо*)
хæстдомд закалённый в боях; призванный на войну
~ фæлтæр призванное на войну поколение
хæстифтонг вооружённый; готовый к бою
~ кæнын вооружать
хæстифтонгдзинад боеготовность
хæсткъахæг (*бир.* хæсткъахджытæ) поджигатель войны
хæстмаст вспыльчивый
хæстмондаг, хæстæргом воинствующий
● ~ лæгмæ мæлæт хæстæг у кто войну ищет – смерть свою кличет
хæстмондагдзинад воинственность
хæстон 1. воин; участник войны; 2. боевой
~ авиаци военная авиация
~ æгъдау боевой порядок
~ æрмæг боеприпасы
~ ифтонгдзинад боевая готовность
● ~ кард тугæй сæрст у – не ’мбийы клинок воина обагрён кровью и не ржавеет
● ~ лæг адзалæй нæ тæрсы воин смерти не страшится
● ~ лæг ронбæгъд нæ уарзы воин не любить распущенности
● ~ лæгæн йæ нæмыг зынаргъ у воин дорожит каждой пулей
~ уавæр военное положение; военное время
~ фæтæг военачальник
~ фæтк боевой порядок
~ хиндзинад военная хитрость
● ~ы цæстытæ цæхæртæ калынц у настоящего воина в глазах огонь
● иу лæг ~ у, дыууæ – ’фсад один человек – воин, двое – войско
рæнхъон ~ рядовой
хи хъæбатыр ~æй равдисын проявить себя героическим воином
хæстон-революцион военно-революционный
хæстрæнхъон *воен.* строевой
~ цæттæдзинад строевая подготовка
хæстуарзæг воинственный
хæстуарзон воинственный
хæстуарзондзинад воинственность
хæстуацайраг военнопленный
хæстулæфт одышка; прерывистое дыхание

хæстфæрæзтæ боеприпасы

хæстхъом боеспособный

Уæдæ Ирыстоны ~ чидæриддæр уыд, уыдон ацыдысты хæсты быдырмæ. Все боеспособные мужчины Осетии отправились на поля сражений

Нæ фыдæлтæ, дам, Алантæ уыдысты! / Уыдысты бирæ, алкæддæр ~. *Дауыра. Азæлд* Наши предки аланы были, говорят! / Их было много, всегда готовы воевать

хæстхъомдзинад боеспособность

хæтаг 1. бродяга; кочевник; развратник; 2. развратный

● ~-~ цæл ары, æгæр ~ цæф ары для странствующего двери открыты, бродячему быть битым

~ сылгоймаг æмæ емыллыкк бæхыл æууæнк нæй Нет доверия гулящей женщине и необъезженной лошади

~ устытыл зилын беспутничать

● æфсин ~ к' уа, уæд чындзытыл дæр дау кæны каждый судит по себе; *букв.* если свекровь беспутная, она и невесток в этом подозревает

хæтаджы ном ыл сбадти за ним закрепилась репутация гуляки

хæтæг бродячий; кочевой, странствующий;

● ~ лæг дæн, цæуæг лæг дæн я странствующий человек, люблю бродить

● ~ лæг – мæйдар æхсæв боны хатт чи кæны! бродяга – человек, который что днём, что ночью разгуливает!

● ~ лæг нæ бын зоны, нæ – ис у бродяги нет ни пристанища, ни имущества

● дзæгъæл ~ лæджы мард дзæгъæл баззайы кто скитается везде, того и могила неизвестно где

Нæртон ~ адæм кочевой народ нартов

хæтæгон кочующий; путешествующий

хæтæгцард бродяжничество; кочевой образ жизни

хæтæгцардгæнæг бродячий

хæтæл ствол; стебель; трость; трубка; *охот.* свирель

~ы холлаг *охот.* порох

Иугæйттæй агурыс фароны ~тæ, / Стонг фосау сæфыс ды дæр! *Къоста. Æнæ фыййау* Ищешь ты стебли в лесу прошлогодние… / Погибнешь, как голодный скот!

донвæды ~тæ водопроводные трубы

резинæ ~ резиновая трубка; труба

сармадзанты ~тæ оружейные стволы

топпы ~ ружейный ствол

электрон тыхдæттæг ~тæ провода электроснабжения

хæтæлвæд трубопровод

хæтæлзæнг *охот.* серна

хæтæлфындз хобот

~ цæрæгойтæ *зоол.* хоботные

хæтæн скитание, бродяжничество; поход, тропа

● ~ы ахуыр лæгæн иу ран бадын зын у кто привык скитаться, тому на месте не сидится

~ты ахæтын попутешествовать

æвæд ~тæ нехоженные тропы

● дæрддзæст лæг – ~ы раздзæуæг дальнозоркий в походе первым идёт

кæм (цы) ~ты уадтæ? где ты скитался?

● Нарт ~ы цæуаг уыдысты нарты любили странствовать

● цæуæнты фæцыд, ~ты фæхатти много ходил, во многих походах перебывал

● цæуæнты сымах цæут, ~ты сымах хæтут, аллон-биллоны тæф та мæнæй цæуы! Вы в походы ходите, вы по свету бродите, а аллон-биллоном пахнет от меня!

хæтæнран кочевье

хæтæнхуаг (*бир.* хæтæнхуæгтæ) бродяга; странник

~ куыйтæ бродячие собаки

~ суæвын стать бродягой

Адæм сæ рæгъау мæнмæ уымæн радтой, æмæ сын æй æз дæ хуызæн хæтæнхуæгтæн байуарон? *Елбыздыхъо. Худинаджы бæсты – мæлæт* Разве народ мне поручил свой табун для того, чтобы я его раздавал таким бродягам, как ты?

~ фырт блудный сын

~ цард кочевая жизнь

Йæ хъалæй ~ чи суыдзæн. *Бицъоты Г. Цæстырухс* Кто станет бродяжничать от хорошей жизни

хæтгæ блуждающий; скитающийся; странствующий; кочевой

хæтой кочевник

хæтын 1. блуждание; скитание; 2. бродить, блуждать; скитаться; странствовать; кочевать

● хæтæнты ды хæтыс, цæуæнты ды цæуыс ты в походы ходишь, ты по свету бродишь

цыма фыдфыны ~ блуждать как во сне

Нал хæтынц хъæдты сырдтæ, / Карз хъызт сыл калы сындз. *Шамил.* Не бродят больше звери в лесах, / Лютый мороз кусает их колючками

хæтындзинад бродяжничество; странствование; разврат

хæф гной

~ кæнын гноиться; гноить

~ рауадзын выпустить гной

~ рацъирын вытянуть гной

~æй дзаг полный гноя; весь в гною; гнойный

хæфдзаст (*бир.* хæфдзæстытæ), **хæфдзæст** гнойник*; мед.* абсцесс

– ~ уыди йæ цæфхадгом æмæ йæ фæкъæртт хъæуы. – Омæ йæ фæкъæрт кæн. Цæмæн тухийæ марыс бæхы*? НК.* – Гнойник был у него под копытом, надо ему вскрыть его. – Ну и вскрывай. Зачем мучить коня?

хæфс (*бир.* хæфсытæ) лягушка

«Мæнæ дæ чындз!» зæгъгæ, гобæтты æхсæнæй / Фелвæстой иу ~ æмæ йæ æвдисынц / Нæрæмон Сосланмæ Быценты фæсивæд. *НК.*

«Вот невестка твоя!» и с такими словами из-под матраца / Выхватили лягушку и показывают её / Молодые Быцента вспыльчивому Сослану

● ~ дæр ма калмы хъæлæсмæ уасгæ æмæ удхаргæнгæ фæбыры

даже лягушка, пока змея её глотает, кричит и мечется

● ~æй рæуæгдæр цырд læппу

ребёнок, что шустрый лягушонок

~ы læппын

лягушонок

● ~æн йæ læппын хуры тын

для лягушки её детёныш солнечный лучик

Фæлæ, дам, ~æн йæ læппын хуры тын. Аллы ныййарæгмæ дæр йæхи хъæбул хуыздæр фæкæсы иннæтæй. *Фæрниаты Б. Мады рæдыд*

Но, говорят, для лягушки её детёныш лучик солнца. Каждой матери её ребёнок кажется лучше других

● ~æн калмы ком – йæ ингæн

зев змеи – могила для лягушки

~ы хъуахъхъ

кваканье лягушек

~ытæ æхсæв доны былтыл куы фæгæппытæ кæнынц, бон та – уасгæ, уæд æнхъæлмæ кæс къæвдамæ. *Р.10.12. 2018*

Если лягушки по ночам на берегу скачут, а днём квакают – жди дождя

Тыхсаст, фæсус хъæлæсæй хъуысы / Къæвдамæсидæг ~ыты хъæрахст. *Исидор. Цардамонд*

Слышится, как слабыми хриплыми голосами / Кликают лягушки дождь

~ыты уасын

кваканье лягушек

● доны цæлхъ ~ дзæнгæрæг хоны

плеск воды звонок для лягушки

● йæ дзабыртæй ~ытæ уасынц

у него обувь дырявая

Йæ къахы скъуыдтой, йæ къухты тæппæлтæй дæр ~ытæ уасыд. *Максим. Хæххон барæг*

В трещинах его ног, в волдырях его рук квакают лягушки

уæртджын ~

черепаха

● уæртджын ~ цæргæстæн тæхын амоны

черепаха орлов летать учит

Цадмæ ~ытæ райдыдтой алырдыгæй гæппытæ кæнын, æмæ цыбыр рæстæгмæ цад ~æй байдзаг

Со всех сторон лягушки попрыгали в воду, и совсем скоро заполнилось озеро лягушками

Уырдыгæй рацыдтæн æмæ иу цады æрбацыдтæн: ~æй йæ тæккæ дзаг, хæлбурцъытæ кодтой, лæбурдтой мын мæ бæхы къæдзилмæ. *НК.*

Уехал я оттуда, еду мимо озера: а оно кишит лягушками, квакают, за хвост моего коня пытаются ухватиться

хæфсхæрæг — *зоол.* аист

хæфсхор — *зоол.* выпь

хæфсыкъах *(бир.* хæфсыкъæхтæ) — *бот.* лютик обыкновенный

хæффындз — сопля

хæффындзхор — 1. сопляк; 2. сопливый

хæхбæстаг — житель горной области, горец

хæхбæстæ — горная область, нагорье

~й быдырмæ ралидзын — переселиться с гор на равнину

~й ралидзæг — переселенец с гор на равнину

● арв хæхбæсты тынг фæнæры — в горах гром гремит особенно громко

● быдираг маргъæн хæхбæсты зын цæрæн у — степной птице в горах трудно живётся
райгуырæн ~ — родные горы
Уалдзæджырдæм хуры хъарммæ мит фæсæлæф вæййы ‘мæ зæйтæ хæхбæсты арæх цæуын байдайынц. — К весне от солнечного тепла снег становится рыхлым, и в горах часто сходят лавины

хæххон — 1. горец; 2. горный, горский
~ адæм — горцы
~ æрттиваг къæй — слюда
~ фæндаг — горная дорога

хæцаг — кусающийся; драчливый; сварливый
● ~ галæн йæ сыкъа сæтты — бодливой корове Бог рогов не дал
● ~ галы каст кæны — смотреть как драчливый бык
~ калм — гадюка
~ куыдз — злая собака
~ куыдз сусæгæй лæбуры — злая собака исподтишка нападает
● ~ фыры каст цы кæныс? — что смотришь как бодливый баран?
калмау ~ — жалящий как змея
● сыхаджы низ ~ у — дурные примеры заразительны

хæцæг — 1. боец; сторонник *(чего-л.);* 2. дерущийся; воюющий; воинствующий, цепкий
~ æфсад — действующая армия
исбоныл ~ — меркантильный человек; шкурник
● размæ бырсæг – сæрыл ~ — наступающий – защитник

хæцæн I — ручка; рычаг; поручень; рукоятка; приклад
дуары ~ — ручка двери
~ыл дыууæ къухæй ныйичъи уын — вцепиться в поручень обеими руками
~ыл мæхирдæм рахæцыдтæн — я потянул ручку на себя

хæцæн II — 1. бой; 2. боевой; для боя
~ быдыр — поле боя
Хызы быдыр у Нартæн сæ ~ бынат — На поле Хиза происходили сражения Нартов
~ кард — боевой нож
Нартæн сæ балцы цæуæн, сæ ~ майрæмбон уыд — Нарты в поход и в бой по пятницам отправлялись

хæцæнгарз (*бир.* хæцæнгærзтæ) — орудие, оружие; вооружение
● ~ хæсты бон – хъазуат æвдисынæн — оружие в час битвы покажет, чего отвага стоит
● знагмæ æнæ ~ ма ‘взид — врагу безоружным не грози
~ барвæндонæй дæттын — добровольно сдавать оружие
~æй хорз арæхсын — хорошо владеть оружием
~мæ æвналын — прибегать к оружию
кæрæдзимæ ~ сисын — схватиться вооружёнными
атомы аппы хъомысджын нæргæ ~ — ядерное оружие
æхсæн ~ — метательное оружие
зынгæхсгæ ~ — огнестрельное оружие

цыргъаг ~ — холодное оружие
дыууæрдæм цыргъ ~ — обоюдоострое оружие
Уæртæ дын иу лæг фæхъуызы... / Иу къæцæл дæр æм нæ уынын ~æй. *Къоста. Ахуыр* — Вижу – вон какой-то человек крадётся… / Нет у него никакого оружия, ни палочки даже

хæцæнгарзгæнæг (*бир.* хæцæнгарзгæнджытæ) — оружейник

хæцæнгарздон (*бир.* хæцæнгарздæттæ) — *воен.* арсенал

хæцæнгæрзтæгæнæн — оружейный; военный
~ завод — военный завод

хæцæнхос — вооружение

хæцгæ — заразный
~ низ — инфекционная болезнь, эпидемия

хæццæ I *д.* — *послелог* с

хæццæ II — 1. смесь, помесь; 2. смешанный; запутанный
~ иронау дзурын — говорить на смешанном осетинском
~ кæнын — смешивать; путать; доходить; доезжать; прибывать;
къуылымпытимæ ~ кæнын — поступать с перебоями; снабжать нерегулярно
~ уæвын — смешаться; перемешаться
~ фыс — заблудшая овца
арæзтадон ~тæ — строительные растворы
артаджы ~ — горючая смесь
бæрзæнд ~ кæны метрмæ — высота достигает метра
буаргъæдты ~ — смесь веществ
газеттæ ~ кæнын — доставлять газеты
дымæн ~тæ — курительные смеси
зæрдæ ~ кæны — тошнит, мутит
зæрдæмæ нæ ~ кæны — не доходит до души; оставляет равнодушным
ацы хабар æппындæр йæ зæрдæмæ нæ ~ кæны — это известие совершенно его не волнует
зæххæн йæ арæнтæ ~ кæнынц суанг денджызмы — границы земель доходят до самого моря
зонд ~ кæны — в голове путаница
кæимæдæр ~ кæнын — путать с кем-л.
кæронмæ ~ кæнын — приближаться к концу; доводить до конца
сыгъзæринимæ ~ æрзæт — золотоносная руда
сырх, зæрæ æмæ бур ~тæ цъар — красно-золото-жёлтая кожура

хæццæгæнæг (*бир.* хæццæгæнджытæ) — смешивающий; путающий

хæццæгонд *кæс* **хæццæ**

хæццæдзинад — смешение
туджы ~ — кровосмешение

хæццæйæ — вперемежку, вразбивку

хæццæ-мæццæ 1. путаница; 2. путаный
~ æвзагæй ныхас кæнын говорить, мешая слова
~ хъуыдытæ путаные мысли
Йæ хъуыдытæ уыдысты ~. Ныхас цæмæй райдайа, уый дæр нæ зыдта. *Ашæх. Батраз æмæ Лиза* Мысли его путались. Он не знал, с чего начать разговор

хæццон аренда; дань
~ыл раттын отдавать в аренду
фыстой кæфхъуындарæн чызг ~ отдавали дракону девушку в качестве дани

хæцын держать(ся); поддерживать; бороться; бороться; воевать; биться, кусать(ся); ругать
● æрра богъ-галау хъæбысæй хæцы дерётся как бешеный бык
● æрфыгæй ма хæц, дæ дзых райхал не хмурься, скажи, в чём дело
бартыл ~ бороться за права
● гуымыдза фыр сыкъаджынимæ хæцыди ‘мæ йæ йæ хъустæ дæр нал фесты от молочного ягнёнка, что с рогатым бараном дрался, и ушей не осталось
дæндагæй ~ кусать
● дыргъбæлас калæгыл тæригъæд хæцы дерево с плодами рубить – душу свою губить
знаджы ныхмæ ~ биться с врагом
Кæм та мын хъæдимæ хæцыдтæ, кæм та мын дуримæ хæцыдтæ – д’ астæу цæуыл фæкъуыпп и? *НК.* Где ты опять сражался с лесом, где ты опять воевал с камнем – почему ты сгорбился?
искæмæ тынг ~ сильно бранить, распекать
кæрæдзиуыл тыххæй ~ держаться на честном слове
къæхтыл тыххæй ~ еле держаться на ногах
къухтæй ~ держать руками; хватать, схватывать
рæвдаугæ хъæлæсæй ~ увещевать
● рæйгæ куыдз хæцгæ нæ кæны не бойся собаки, которая лает
рæстдзинадыл ~ бороться за правду
сусæгæй ~ кусаться исподтишка
сытæй ~ бодаться
удуæлдайæ ~ самоотверженно биться
фарсыл ~ идти впрок
Мæнæ бæллæх: мæнæн дын æнæ Саукуыдз мæ фарсыл исты хæцыд! *Гусалты Б.* Вот незадача: мне без Саукудза впрок ничего не пойдёт!
хæсты кæронмæ ~ пройти всю войну
хиуыл ~ держать себя в руках; владеть собой; воздерживаться от чего-л.
Заретæ цыфæнды уавæрты дæр йæхиуыл ~ фæрæзта. *Гæстæн. Дысоны фын* Ни при каких обстоятельствах Зарета бы не дала волю чувствам
хуыссæг нæ хæцы сон не идёт
хъæбатырæй ~ героически сражаться
хъæбысæй ~ *спорт.* бороться; кусать(ся); бранить
цæст ницæуыл хæцы не на что глаз положить

хæцынхъом боеспособный
хæцæнгарзыл ~ чидæриддæр уыд все, кто могли держать в руках оружие
хæцынхъомдзинад боеспособность
хæцъæф мышца; мускул
~ы уæфтæг мышечная ткань
зæнджы ~ тæ икры
хæцъæфджын мускулистый
хæцъæфон мышечный
хæцъил повязка; лоскут, тряпка
хæцъилрон кушак
хенц резание
~ кæнын резать
херы качели
~ кæнын качаться
хехына 1. *бран.* увалень, остолоп; 2. неуклюжий
хецъро качание
~ кæнын качать(ся)
хи себя, свой; собственный, личный
~ бавдисын претендовать на что-л.; выдвигать свою кандидатуру
~ бакæнын присвоить, прикарманить
Æмæ дыууæ мæймæ ссардта ~ бакæнæн кæмæн уыди, ахæм цыппаруатон фатер. *Æхсарбег. Куырды фырт* И в течение двух месяцев он нашёл такую четырёхкомнатную квартиру, которую можно было присвоить
~ дарын вести себя, держаться
~ низæй амæлын умереть своей смертью
Уым нæй цæрæн сæрибарæй, æдасæй, / Нæй ~ низæй уым а зæххыл мæлæт. *Михал Цæссыгты ком* Там нет свободной, безопасной жизни, / От болезней здесь никто не умирает
~ ныхæстæй радзурын пересказать
~ рауæлдай кæнын принести себя в жертву
● ~ стауынæй ~ фауынæй хъауджыдæр нæй что себя хвалить, что себя стыдить плохо
~ уаргъ уæз нæ кæны *посл.* своя ноша не тянет
~ цæстæй фенын увидеть собственными глазами
хиад свойство
хиадон свойственный
хиамарæг самоубийца
хиамарын самоубийство
хиаразгæ самодельный
~ станок самодельный станок
хиаргъ себестоимость
товарты ~ къаддæр кæнын снижать себестоимость товаров
хиахуыркæнынад самообразование; приобретение навыка
хиæмбарынад, хиæмбарындзинад самосознание

национ ~ национальное самосознание

хиæрхъуыды измышленный; придуманный; нарочито вымышленный, самопровозглашённый

Хъыгагæн, мах рæстæджы нæм сарæх сты ~ уæлдай митæ, æгъдаухалæн фæзындтытæ. *Р.04. 08.2018* К сожалению, в последнее время участились самопровозглашённые ненужные порядки, подрывающие традиционные устои

хиæфхæрæн самобичевание; самокритика

~ ныхæстæ слова раскаяния; самокритичные слова

хиæххуысадон вспомогательный

~ хæдзарæдтæ вспомогательное хозяйство

хибавæрд самосохранение

хибар независимый; своевольный; уединённый; предоставленный самому себе; свободный; произвольный

~ змæлдтытæ произвольные движения

~ кæнын делать независимым; изолировать; выделять

~ куыст самостоятельная работа

~ къуым укромный уголок

~ нысаниуæг самостоятельное значение

~ паддзахад независимое государство

~ ран уединённое / укромное место

~ тæбæгъ отдельная тарелка

~ хъуыдыкæнынад независимое мышление

хибарæй наедине; самостоятельно; отдельно; добровольно

~ цæрын жить отдельно, самостоятельно

~ дин райсын добровольно перейти в веру

хибаргомау, хибаргондæй в стороне; обособленно, в уединении

Бæрзонд, хъæуы сæрмæ æвæрд уыди иу ~ хæдзар. *Арсен. Æнхъæл нæ уыдысты* Высоко, над селом стоял уединённый дом

куыддæр ~ аззайын остаться в стороне

хибаргонд уединённый; предоставленный самому себе

~ сыхтæ кварталы

хибардзинад уединение; независимость

~мæ сидын призывать к независимости

хибахъахъхъæд самооборона

хибæстаг, хибæстон 1. земляк, сородич; 2. отечественный

~ нывгæнджыты куыстытæ мæ зæрдæмæ фылдæр цæуынц Работы художников, наших соотечественников, мне нравятся больше

хиваст упрямый; своенравный,произвольный; самовольный

~ митæ своенравные поступки

~ хатдзæг произвольный вывод

хивастæй по произволу

хивæнд 1. упрямство; упрямец; 2. упрямый; своевольный, своенравный; непреклонный; строптивый

~ адæймаг упрямый человек, упрямец

Адæм, дам, дæ зындзырд æмæ ~ хонынц. Æмæ цæмæй ~ дæн? *Æхсарбег. Куырды фырт* Мол, народ тебя считает несговорчивым и упрямым. А в чём моё упрямство заключается?

● ~ гал былыл цæуы упрямый вол по краю обрыва ходит

● ~ лæг оцани бæхæй фыддæр у строптивый человек хуже строптивого коня

● ~ зæрдæ упрямец

Йæ бонæй уа зæрдæ! / Куыд ~ у, куыд! / Зæгъ-ма йын: æвзæр дæ, / Уырны йæ бæгуы! *Къоста. Чи дæ?* Что ему, этому сердцу! / Упрямо оно как! / Скажи: ты плохое, / Как же, поверит оно!

~ ми своевольный поступок

● ~мæ уайдзæф нæ хъары упрямого упрёком не проймёшь

● ~ы дзæкъул упрямец, строптивец

Уый ахæм адæймаг у, æмæ куы сфæнд кæна, уæд ~ы дзæкъул у. *Таго. Ныхасы къуыбылой* Он такой человек, что если он что-нибудь задумает, его и с места не сдвинешь

● æдылыйæ ~ – сæфты хос дураку упрямство – верная погибель

● хæрæгау ~ упрямый как осёл

хивæндæй упрямо; самовольно; без разрешения

● ~ цард æмбулæн нæй упрямством ничего не добиться

зæххытæ ~ бацахсын самовольно захватить земли

● иудадзыг ~ дæр цард нæй нельзя всё время своевольничать

хивæнддзинад упрямство; своеволие; непреклонность; произвол

~ ныххатыр кæнын простить произвол

хивæндон *кæс* **хивæнд**

хиввæрсон 1. апломб; 2. самоуверенный

хигъæдæй сам по себе

хигъæдон оригинальный; своеобразный

~ хъуыды своеобразная мысль

фыссæджы ~ æрмдзæф индивидуальный авторский стиль

хигъæдондзинад своеобразие, самобытность; оригинальность

хид I мост

● ~ы бын бирæ дон аивгъуыди много воды утекло с тех пор; было да сплыло

● æрдуйы ~ыл цæуын рисковать жизнью, висеть на волоске; *фольк.* идти по тонкому мосту в мир мёртвых

Иу æвзæргæнæджы уд дæр дзы æрдуйы ~æн йæ кæронмæ нæ хæццæ кæны – зындонмæ ныххауы. Душа грешника не может добраться до конца тонкого моста – падает прямо в ад

Адзал сæ фæдыл зылдис. Афтæ зæгъæн ис, æмæ-иу хатгай æрдуйы ~ыл цыдысты. *Ахуырбег. Хуры зарæг* — Их преследовал рок. Можно сказать, что порой они были на волоске от смерти

● раст лæг æрдуйæ ~ыл дæр ауайдзæн — честный человек и по тонкому мосту пройдёт

● дон ~ы бынты — никто ничего не узнает; не останется и следа

~ы цæджындзтæ — опоры моста

хид II — пот

● ~ авд къоппæй — в поте лица

● ~ авд къоппайæ калын (кусгæйæ) — работать не покладая рук / до седьмого пота

Цы уын æй æмбæхсон, æз нæ хицаумæ нæ бæллын. Афонмæ сæ ~ кæлы, уый тыххæй уын ард хæрын. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* — Не буду скрывать, не завидую я нашему начальству. Сейчас уже семь потов с них сошло, я клянусь в этом

● ~ æмæ тугæй йæ дойны уадзы — живёт за счёт чужого каторжного труда; *букв.* чужим потом и кровью жажду утоляет

~ æрхафын / сæрфын — вытереть пот

~ калын — потеть; много трудиться

~ къæхты бынæй акалд — семь потов сошло

йæ уазал ~ акалди — холодный пот прошиб

● сæрд дæхицæй ~ рауадз æмæ зымæгон ма басийай — летом пота своего не пожалей, зимой не замёрзнешь

сур ~ акалын — работать до седьмого пота

~ кæнын — потеть

● ~ цы куысты нæ ракæнæй, уым та сой нæ вæййы — если пот не прольёшь, навара не получишь

~ы æртæхтæ — капли пота

~ы мæцын — обливаться потом

Къахæй сæрмæ мæ ~ы мæцын. Цыма мыл къæвда уары. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — С ног до головы обливаюсь потом. Как будто под дождь попал

ныхы ~ асæрфын — стереть пот со лба

туг æмæ ~æй ælхæд — заработанное кровью и потом

фыркуыстæй фæсонтыл ~ы цæхх сбадти — от работы соль от пота проступила

хидарындзинад — поведение

Нæ фæсивæдæн хъуамæ мах, хистæртæ, нæхи ~æй фæзминаг уæм. *Р. 27.05.2017* — Для молодёжи поведение нас, старших, должно стать примером для подражания

хидæг-иунæг — бобыль

хидæйдзаг (*бир.* хидæйдзæгтæ) — потный

хидваст — *мед.* потница

хидвæллой — труд в поте лица

~æ бакусын — заработать трудом в поте лица

~æ цæрын — тяжело зарабатывать на жизнь

æнтыст ~ уарзы — чтобы чего-то добиться, надо потрудиться

хидниз тиф
хидыхъус у моста
хиз пастбище
Хæрзхастдæр æмæ рæсугъддæр Челейы къамбецтæй, Челейы хъуыццытæй ничи æрыскъæрдзæн æхсæны ~мæ. *Æрнигон. Челе* На общем пастбище не было более откормленных и радующих глаз буйволов и коров, чем те, которые принадлежали Челе
хизæг (*бир.* хизджытæ) пасущий; пастух
арæныл ~ нарушитель границ
фыдбылызæй ~ сæрдзæвæнтæ булавки-обереги
хизæггаг плата пастуху и владельцу пастбища
хизæн пастбище; место, сооружение для перехода на другую сторону, на другой берег реки; мост
~ фæзтæ пастбища
Рæсугъд ~тæ, / Æфсæст фосы дзуг, / Сæрибары дуг – / Фыййауы сæнттæ. *Къоста. Хъуыбады* Красивое пастбище, / Сытое стадо, / Пора свободы – / Вот мечты пастуха
фæндæгты сæрты ~ бынæттæ дорожные пешеходные переходы
хъæздыг ~ богатое пастбище
хизæндон, хизæнуат выгон, пастбище
хизонынад самосознание
хизонындзинад самосознание
кълассон ~ классовое самосознание
хизын лезть; пасти; беречь, хранить
асиныл уæлæмæ ~ подниматься по ступенькам
æгъдауы сæрты ~ преступить закон
æмбоныл ~ лезть через забор
дæхи хиз береги себя
● дуарыл цæуæн куы уа, уæд рудзынгыл ма хиз зачем в окно, если в дверь можно
зæрдæйы ~ брать за душу
● мæгуыр тæрхъус, рувæстимæ чи хизы нелегко зайцу с лисами водиться
рагацау ~ предостерегать
сæрты ~ переступать; не считаться; пренебрегать
● æгъдауы сæрты нæ хызтæуы преступать обычай не положено
● дзырды сæрты хизæн нæй нельзя переступать через данное слово, нарушать договор
фос ~ пасти скот
цармæ ~ лезть на чердак
хъуццытæ ~ пасти коров
дæ цæстытæ ~мæ уыдысты? как ты этого не заметил? где твои глаза были?
● йæхи чи хизы, уый Хуыцау дæр хизы бережёного (и) Бог бережёт
хи фыдбылызтæй ~ хранить себя от напастей
хиирхæфсæн занимательный, увлекательный

~ бынæттæ — места для развлечений
базарадон-~ — торгово-развлекательный
хиирхæфст — развлечение
хиисбонад — собственность
паддзахадон ~ — государственная собственность
хиисбондзинад — собственничество
~ психологи — собственническая психология
хиконд — самодельный
~ дзаумæттæ — поделки; сделанные собственными руками вещи
~ хъазæнтæ — самодельные игрушки
хикритикæ — самокритика
~ стынг кæнын — развернуть самокритику
хил — волос
● сæры ~тæй арæхдæр — больше чем волос на голове
Йæ сæры ~ дзæвгар фæуырс. Астæ цас уыдысты, уымæй фылдæр ныууагътой цæсгомыл сæ фæд. *Æхсарбег. Хæххон доны уынæр* — В волосах прибавилось седины. Следов на лице было больше, чем прожитых лет
Дыууæ хистæр файнусты кæрæдзийы сæры ~мæ бавнæлдтой, алывыдтæ калынц. *Биазырты Д. Сæгуассæ* — Две старшие невестки вцепились друг другу в волосы, честят друг друга на чём свет стоит
● сылгоймагæн йæ ~ даргъ у, йæ зонд цыбыр — у женщины волос длинный, ум короткий
Дудар йæ зачъейыл йæ къух æрхаста æмæ, æнæдзургæйæ, кæройнаг ~тæ æууæрста. *Арсен. Джанаспи* — Дудар, ничего не говоря, провёл рукой по усам, покрутил кончики усов
хилаг (*бир.* хилджытæ) — ползущий; *зоол.* пресмыкающийся
хилæг, хилæгой — *зоол.* пресмыкающееся
хилдасæг (*бир.* хилдасджытæ) — парикмахер
● ~ йæхи сидзæры сæрыл ахуыр кæны — мастером можно стать за счёт беззащитного
хилдасæджы дæсныйад — искусство парикмахера
хилдасæн — парикмахерская; *этн.* снимание бороды
хилджын — волосатый
хилын — ползти; плестись
● ~æн чи райгуырди, уый хъуамæ хилгæ кæна — рождённый ползать, должен ползать
уаллонау ~ — ползать как червь; плестись
– Цæй, куыдтæ мын цæрут? – Цард та кæм ис, – уаллæтау хилæм. *Æхсарбег. Куырды фырт* — – Как вы тут поживаете? – Да как поживаем, как черви ползаем
фæсте ~ — плестись в хвосте
цыппæртыл ~ — ползти на четвереньках
химарæг (*бир.* химарджытæ) — самоубийца
химарындзинад — самоубийство
химæ — к себе; за собой

~ адæмы æркæсын кæнын — привлечь к себе внимание
~ зилын — смотреть, следить за собой *(хорошо одеваться, хорошо питаться)*
~ ласын — притягивать к себе; притяжение
~ сайын — манить
~ уадзын — подпускать; впускать
~ уæфт — домотканный
~ хъусын — уйти в себя; скорбеть, печалиться
хъуыддаг ~ райсын — взять всё под свой контроль

химælвасаг — притягивающий; притягательный
химælвасæг — притягательный
~ тых — притягательная сила
химæрайст — взятый, принятый
~ хæстæ — взятые обязательства
химæскъæфæг — пленительный
химæхъус, химæхъусæг — замкнутый
ægæр ~ у, алцы йæ зæрдæмæ хæссы — он слишком замкнутый, всё принимает близко к сердцу

химæхъуысынад — подавленность
химбарынад, хиæмбарынад — самочувствие; самосознание
хими — химия
химид — внутренний; про себя
знагимæ æмæ ~ фыдракæндты ныхмæ тох кæнын — броться с внешними и внутренними врагами
Уæдæй нырмæ фæсыгъди ~ арты. *Бицъоты Г. Цæстырухс* — С тех пор её изнутри пожирает огонь

химидæг — внутренний; внутри; между собой; про себя
~ афардæг уæвын — уйти в себя
~ æхсидын — закипать от злости
~ дис кæнын — удивляться про себя
~ уавæр — внутреннее положение
~ тыхсын — испытывать переживания
Ахæм цæстынгасæй ~ фæтыхст æрыгон комбриг, афæлурс, афтæмæй йæ сæр æруагъта. *Дзадтиаты Т. Æхсаргæрдты зæлланг* — Под таким взглядом молодой комбриг сник, побледнел, опустил голову
~ фыцын — кипеть от злости
рæдыдтытыл ~ басæттын — признаться себе самому, что ошибся

химикат(тæ) — химикат(ы)
химик — химик
Йæхæдæг та ахъуыды кодта: «Чысыл фæлæуу, мæнæ мæ ~тæ сусæгæй цы марг скодтой, уымæй дæ дзæбæх куы нæ бафсадон!». *Малиты В. Тæрхон* — А сам думает: «Вот, погоди, уж я тебя от души попотчую одним ядиком, секретной разработкой моих химиков!»

химикон, химион — химический

~ æмархайд — химическая реакция
~ буаргъæдтæ — химические вещества
~ буаргъæдæй фæхъæстæ уæвын — отравиться химическим веществом
~ иртæсттæ — химические исследования
~ иугæндтæ — химические соединения
~ сконд — химический состав
~ фæлварæнтæ — химические опыты
~ хæцæнгарзæй спайда кæнын — использовать химическое оружие
~ хъахъхъæныны фæрæзтæ — средства химической защиты

хин — 1. хитрость; коварство; колдовство; плут; 2. хитрый; коварный; злой

~ æмæ кæлæн — хитрец, ловкач
~æй йе дзаг, чысыл уæвгæйæ — мал, да хитёр
Ælдар рæзгæ цы не скодта, уыйбæрц ~ æмæ кæлæнæй йемыдзаг у. *Максим. Райсомы мигъ* — Алдар насколько ростом не вышел, настолько хитрости и коварства полон

● ~æн кæлæн – йæ хос — клин клином вышибают; против козней колдовать нужно

Ис уын знæгтæ, фæлæ сæ ~тæн та хос ис мæнмæ. *Арсен*. — Есть у вас недруги, а против их козней у меня есть средство
● ~æн кæлæнтæ зоны — клин клином вышибают; против козней колдовать умеет

~тæ кæнын — строить козни; колдовать
Хуыцау смæсты æмæ сын ахæм ~тæ сарæзта, æмæ Нарты мæнæутæ бон цъæх кодтой, æхсæв та цæттæ. *НК.* — Разгневали они Бога, и он так устроил, что у нартов урожай днем незрелым становился, а созревал ночью
~тæ æфтауын — напускать порчу; наводить чары
~тæ фехалын — разрушить чары
● ~ы барæг фæсвæдты цæуы — кто обман раскрывает, напролом не идёт
● арвы ~ æмæ зæххы кæлæн — небывалый хитрец
● Сырдон – арвы ~ æмæ зæххы кæлæн — Сырдон – хитрец, каких свет не видывал
Сырдоны ~тæ — проделки Сырдона
● ахæм ~ адæймаг у ’мæ йын æвæд миты йæ фæд ничи ссардзæн — такой хитрец и плут, что на свежем снегу его следы не найдут
йæ ~тæ йæхиуыл æртыхстысты — её козни обернулись против неё самой
● адзалы ~ æй æрæййæфта — судьба сыграла с ним злую шутку; скончался

дæлимонты ~тæ — дьявольские проделки
Раст нын цыма ~тæ счынди — Прямо, как будто нас околдовали
● рувас ~ у, лæг – кæлæн — лисица плутует, а человек колдует
сау ~тæ — злые чары; чёрная магия
Æмæ куы ссудза боны цырагъ уæд, / Уæ сау ~тæ æртыхсдзысты уæ сæрыл. *Шамил.* — Зажжётся снова светом день, / Грехи ваши падут на вас самих

● хингæнæгæн й’ авд ~ы йæхи фæвæййынц — козни плута могут семь раз против него самого обернуться

Æмæ дыууæйæ дæр сæ ~тимæ бавзалы сты. *НК.1* — Они оба со своими хитростями испепелились

цыдæр ~ы фæнд æм ис — он задумал какую-то хитрость

хинайæн — пляж; купальня; банная мочалка

хинайæндон — ванная

хинæ — хина, хинин

хинæй — обманом; хитростью

~ рацæуын — *разг.* ловко обмануть, провести кого-л.

~ архайын — хитрить, лукавить; уклоняться от решения

~ сархайын — пуститься на хитрость; козни

● ~ цæрæн нæй — хитростью не проживёшь

● ~ цæуын — хитрить, ловчить

Адæймагыл ~ цæуын цас хорз у, фæлæ йын уæддæр бамбарæн и. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — Конечно, нехорошо хитрить с человеком, но всё равно понять это можно

Кæй никуы дыл рацыдтæн ~, / Дæхи зæрдæ уымæн æвдисæн. *Гаджиты Г. Гутон æмæ стъалытæ* — В том, что я никогда не обманул тебя, / Найду я свидетелем сердце твоё

æнæ ~ — без обмана, честно

нæдæр ~, нæдæр тыхæй — ни хитростью, ни силой

хинæйдзаг (*бир.* хинæйдзæгтæ) — 1. плут, хитрец; пройдоха; 2. хитрый, плутоватый

~ хъуыдытæ æмбæхсын — скрывать коварные замыслы

~ цæстытæ — глаза с хитрецой

● мадзура ~ у — молчун – лгун

~ худт бакæнын — хитро улыбнуться

Сырдон ~ кæм нæ уыд – йæхи халисæг акодта, йæ худ зыгъуыммæ фæфæлдæхта æмæ хæлттæ уым ныппæрста. *НК.* — Сырдону коварства было не занимать – вызвался доставать жребии и бросил их в шапку, которую вывернул наизнанку

хинæнгæс — лукавый; хитрый; плутоватый

~ цæстытæ — лукавые глаза

хинæрттывд — хитрый блеск

цæстытæ ~ фæкодтой — в глазах появился хитрый блеск

Мæдинæйы цæстыты ~ сæмбæлд Зæринæйы цæстæнгасыл. *Малиты В. Сурмейы хæдзар* — Зарина уловила хитрый блеск во взгляде Мадины

хинбыд — 1. хитросплетение; 2. хитросплетённый

● ~ къуыбылой халын — распутывать клубок хитросплетений

хинвæнд — хитрость, хитроумие

~ бамбарын — раскусить

хингæнæг — обманщик; плут; ворожея

● ~æй хиндæртæ вæййы — на всякого хитреца найдётся больший хитрец

● ~æн йæ хин авд хатты йæхи у — козни плута могут семь раз против него самого обернутся

● ~ыл йæ хин æртыхсы — козни плута против него самого обернутся

Ælхæнæг ~ у æмæ мæ гæбæр фестын кодта, фæлæ мæ алас. *НК.* — Покупатель колдуном оказался и превратил меня в паршивенького, но ты меня забери

хингонд — заколдованный

хиндзинад (*бир.* хиндзинæдтæ) — хитрость; колдовство; уловка

● ~ – æвзæры хай — коварство – удел никчемного

~æй фæтых уæвын — одолеть хитростью

хæстон ~ — военная хитрость

Сатана зыдта хиндзинæдтæ, æмæ царыл фестын кодта стъалытæ æмæ мæй. *НК.* — Шатана умела колдовать и сделала так, что на потолке зажглись звёзды и месяц

хиндзыд — заколдованный

хинкъарынад — самочувствие

~ фæхуыздæр кæнын — улучшить самочувствие

боныхъæдимæ баст ~ — метеозависимость

хинтæгæнæг — колдунья, знахарка

● ~æн йæ хинтæ фæстагмæ йæхиуыл æртыхсынц — хитросплетения в конце концов опутывают самих хитрецов

хинхудт — хитрая, игривая улыбка; усмешка

мидбылты ~ бакæнын — хитро улыбнуться

Йæ былтæ ~æй фæзылын сты — Её губы скривились в усмешке

хинхудтгæнгæ — хитро улыбаясь

хинхуыз — хитроватый

~ цæстынгас — хитроватый взгляд

хинхуызæй — хитро, хитровато

хинывфыст — автопортрет

хинымæр, хинымæры — про себя

~ басæдтын — признаваться самому себе

Ацы хатт кæй фæхæрд ис, ууыл ~ басасти. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Он сам себе признался, что на этот раз он проиграл

~ кæсын — читать про себя

~ ранымайын — перебрать в памяти

~ тæрхон хæссын — осуждать в душе

~ тыхсын — страдать в душе; кошки на душе скребут

~ фæндтæ кæнын — мечтать втайне

~ хыгъд скæнын — подсчитать в уме

~ хъуыдытыл фæуын — уходить в себя

хинысырд — *охот.* неуязвимый сказочный зверь

~ лæгъстæтæ бæргæ кодта, зæгъгæ, нал цæудзынæн. *НК.4* — Сказочный зверь всё уверял, что, мол, больше не появится

хион (*бир.* хиуæттæ, хионтæ) — 1. родственник; свойственник; 2. свой, родной; собственный

● ~ ~ у — родной есть родной

● ~ лæджы тыхсты бон бахъæуы — родные нужны человеку в трудный час

● ~-хæстæг нæ зонын — не помнить родства; не знаться с родственниками

● ~ цæсты нæ ахады — нет пророка в своём отечестве

● ~æн æхца æфстау ратт, æмæ сызныг уыдзыстут — одолжи родственнику деньги – обретёшь врага
● ~мæ уазæджы номæй нæ дзырдæуы — с родными церемонии ни к чему
● ~ы агурын хъæуы — надо искать своих
● ~ы ад кæнын — чувствовать теплоту и сердечность
~ы æнкъарæнтæ — родственные чувства
~ы æнкъарæнтæй ницыуал баззад — не осталось никаких тёплых чувств
● ~ы искæй хæдзары стыр хайæ ма хынц — в чужом доме своего не выделяй
● ~ы цæстæй кæсын — относиться как к родному человеку
● æнæ ныфс, æнæ ~ лæгæн цæрæн нæй — без надежды, без родни не прожить
хæрз ~тæ — ближайшие родственники
хиуæттæ æмæ хæстæджытæ — родня
хиуæттæ кæнын — своевольничать
хиуæттæ уарзаг бинойнаг — жена, любящая родственников
Тæхуды, йæ ~ты сгуыхтæй / Кæй бæстæ у мадау рæвдыд. / *Шамил. Тæхуды* — Счастлива, та земля, / Что обласкана доблестью, как материнской лаской

хиондзинад — кумовство
хионхуыз — свойский; простой, компанейский человек
хионхуызæй — по-свойски
хи ~ дарын — вести себя по-родственному
хиппæлой — бахвал; самохвал, хвастун
● ~ æмæ тæппуд уæнгæлы ад кæнынц — бахвал и трус одинаково противны
~ ныхæстæ — бахвальство, самовосхваление
● ~ – хи æгадгænæг — самохвал сам себя позорит
● ~тæ хъæбатыр нæ вæййынц, хъæбатыртæ ~ нæ вæййынц — бахвал не может стать героем, герой не может бахвалом быть
хиппæлойдзинад — самохвальство; бахвальство
хирвæссон — самодовольный; самоуверенный
~ худт кæнын — самодовольно посмеиваться
Æгæр къæйных, æгæр ~ нæу? Куыд бахаста йæ ныфс чызджы тыххæй комкоммæ фыдмæ бацæуын? *Максим. Æхсызгон улæфт* — Не слишком ли он дерзок и самоуверен? Как он мог посметь напрямую прийти к отцу девушки?

хирдыгæй — со своей стороны; на свою сторону
● исты ~ фæкæнын — присвоить; завладеть; выдать за своё
хирдыгонау — по-своему
● искæй ~ симын кæнын — заставлять кого-л. плясать под свою дудку; подчинять кого-л. своим требованиям
хъуыддаг ~ фæзилын — повернуть дело по-своему
хирной *д.* — безносый
хиртт — фырканье; сморканье
~ кæнын — фыркать; сморкаться
хирург — хирург
хирургон — хирургический
~ операци — хирургическая операция
хисайд — самообман

хисæрфæн полотенце
дæрзæг ~ жёсткое полотенце
сыгъдæг ~æй ныссæрфын вытереть чистым полотенцем
хист (*бир.* хистытæ) поминки, тризна
~æн фæстаг хъуг æргæвдын резать последнюю корову для поминок
● ~æн дæ бахæрдæ уæд чтобы на поминки тебя (*скот*) зарезали
● ~мæ цæуынхъом нал уæвын состариться и не показываться на люди; *букв.* на поминки перестать ходить
алы мæрдджын дæр ~ скæны каждому умершему устраивают поминки
аргæвд-иу ~æн нæ хъуг зарежь на поминки нашу корову
афæдзы ~ годовые поминки
● искæй ~ы дæ рон ма райхал на чужих поминках живот не набивай
Коцойты Арсены карикатурæтæ: Малхаз ~мæ фæцæуы. Малхаз ~æй рацыди. Карикатуры Коцоева Арсена: Малхаз идёт на поминки (*стройным*). Малхаз с поминок возвращается (*выпустив пузо*)
● Малхаз, дам, ~æй рацæуы мол, Малхаз с поминок (*с набитым животом*) идёт
мæ ~ мын ахæрай! чтоб ты посидел на моих поминках!
мархойы ~ постные поминки
Сымах ~ытæм дæр рæхджы бацыргъ кæндзысты чидæртæ сæ хъаматы кæрдтæ. *Æрнигон. Челе* В скором времени кое-кто наточит свои ножи, чтобы и на ваши поминки сходить
Сырдон йæ мæрдтæн ~ куыд кодта Как Сырдон поминал своих покойников
● чидæр дыууæ ~æй æнæхай куыд фæци, афтæ остаться ни с чем; *букв.* с двух поминок ни одной доли не получить
● чындзæхсæвы гал ~æн аргæвстой готовились к веселью, а случилась беда; *букв.* быка на свадьбу откармливали, а понадобился он на поминки

хистаг (*бир.* хистæгтæ) продукты, предназначенные на поминки
хистауæг 1. самохвал; 2. тщеславный
хистауын тщеславие
хистæйраг то, что предназначается старшему; доля старшего

хистæр старший; *ист.* старейшина рода; самый старший в роду; тамада
● ~ ~ кæм нæу, уым бинонтæ нæй там, где не чтят старших, там семьи нет
● ~ адæмæй кæнгæ у старшинство не возраст определяет, люди
● ~ æнгуылдз большой палец
● ~ æрыхснырста 'мæ устытæ систадысты старший чихает, а женщина встаёт, обычай соблюдает
● ~ дзуры, кæстæр хъусы старший говорит, младший слушает, молчит
● ~ – зондамонæг, кæстæр – æгъдаухæссæг старший наставляет, младший исполняет
~ зонадон кусæг старший научный сотрудник
● ~ кæстæр нал æмбарын потерять уважению к возрасту

~ уазæг — старший гость

~ фæлтæр — старшее поколение

● ~ фырт — старший сын

● ~ ын ~ нæу, кæстæр – кæстæр — не находит общего языка ни со старшими, ни с младшими

● ~æй кæстæрæй — и стар, и млад

~æй фылдæр кувын нæ фидауы — тост старшего самый длинный должен быть

● ~ æн йæ фындз амæрз, æмæ йæ зондæй бафæрс — поухаживай за стариком (*букв.* вытри ему нос) и попроси у него совета

● ~æн – кад, кæстæрæн – рад — старикам – почёт, молодым – дорога

● ~æн кæстæр йæ ныфс у, сæрбахъуыды сахат та йæ тых у — старшему младший опора, а в трудный час его сила

~æн лæггад кæнын — прислуживать старшему; заботиться о старшем

~æн сбадын — сесть за старшего; возглавить стол

● ~мæ цы кæстæр нæ хъусы, уый йæхицæн фыдбылыз у — младший старшего слушать обязан, а то будет сам собою наказан

~ы дзыхæй схаудта – алыг, дыууæ зæгъын ыл нал фæтчы, фыдбылызмæ сайы. *Баситы М. Иубæстаг* — Старший слово сказал – как отрезал, возражать не положено, можно навлечь беду

~тæй фехъусын — услышать, узнать от старших

● ~ы буц дар – ды дæр зæронд кæндзынæ — относись к старому с уважением, будешь и сам в таком положении

~ы бынаты бадын — сидеть на почётном месте

● ~ы дзырд – æгъдауы æмдых у — слово старшего – закон

● ~ы коммæ кæсын хъæуы — старшему должно повиноваться

● ~ы ныхас Хуыцауыл тынгдæр æмбæлы — слово старшего Бог быстрее услышит

● ~ы разæй цæуын аипп уыд — вперёд старшего не положено проходить

● ~ы сæр хъуыды кæнинаг у — со старшим следует считаться

● ~ы тыхæй басæттын – уый фæтк у — закон жизни – быть сильнее старшего

● ~ы фарн бирæ у — благость старшего велика

● ~ы хай — львиная доля, большая часть

● ~ы хорз фæндæй кæстæр дæр рæзы — от благопожеланий старших младшие подрастают

● æнæ ~æй æмæ æнæ кæстæрæй хæдзарæн цæрæн нæй — что за дом без старших и без младших

● Ацæмæз ~тæн кæстæр' уыди, кæстæртæн æмбал уыди — Ацамаз старшим прислуживал, младшим товарищем был

буц ~ — уважаемый старший

дыууæ боны ~ дзы уæддæр нæ дæн? — *букв.* я хоть на два дня старше его? со мной не следует считаться?

● зондджын ~ дзуар у — умный старший, что святой

кадджын ~ — почтенный старший

● кæстæр – рæдиаг, ~ – бараг — что младший ошибается, старшим прощается

● кæстæр ~æн – æгъдынцой — младший для старшего – его стремя

● кæстæр ~æн бирæ балæггад кæны — младшему надо много услуживать старшему

● кæстæр ~ы кæм нал зона, уым цард нæй — где старшего младший не почитает, там жизни не бывает

● кæстæр ~ы фæзмаг вæййы — младший подражает старшему

● кæстæр хъырнæг у, ~ та – зарæг — младший подпевает, старший запевает

● кæстæрæн ~ы разæй дзурыны фæтк нæй — не положено младшему раньше старшго говорить

● кæстæрæн йæ хæс – ~мæ хъусын — долг младшего – слушать старшего

● кæстæртæ ~тæй хуыздæр куынæ цæуой, уæд мыггаг сæфтмæ цæуы — младшие должны быть лучше старших, иначе род вырождается

● кæстæры лæггад – ~æн зæрдæрухс — услужение младших – отрада для старших

● кæстæры оммен – ~æн æхцон — аминь от младших – отрада для старших

● кæстæрыл иууылдæр ~ ысты — над младшим все старшинствуют

куырыхон ~тæ — мудрые старшие

мыггаджы ~ — старейшина фамилии

● нарт ~-дзæбæх æмæ кæстæр-арæхæн уыдысты — у нартов были хорошие старшие и много младших

● нарт æмвæнд, æмуынаффæ уыдысты: ~ы дзырдмæ куыд хъуыстой, кæстæры дзырдмæ дæр афтæ хъуыстой — у нартов царили единодушие и солидарность: слово старшего значило столько же, сколько слово младшего

ныхасы ~ — старейшина на нихасе

● табу ~ты фарнæн! — хвала благости старших

фыццаг ~ — первый старший *(за столом)*, тамада

Фынджы ~ыл бирæ хæстæ æвæрд ис æмæ сæ æххæст кæны дыккаг æмæ æртыккаг ~имæ — Во время застолья на тамаде большая ответственность, ему помогают второй и третий старший

● хорз кæстæр – ~, æвзæр ~ – кæстæр — хороший младший – что старший, плохой старший – что младший

● хорз ~тæ кæм нæй, уым хорз кæстæртæ дæр нæй — где нет хороших старших, там нет и хороших младших

хистæрад — старшинство

хистæрæй — по старшинству

куыд ~ — по старшинству

куыд ~ ранымайын — перечислить по старшинству

● хæдзар ~ куы мæлой, уæд амондджын у — правильно, когда смерть по старшинству в дом приходит

хистæргай — по старшинству

Цыма стыртæ уыдысты, уыйау-иу ~ рабадтысты. *Арсен. Фынддæс азы* — Усаживались совсем как взрослые – по старшинству

хистæргæнгæ цæуын — взрослеть; стареть

Адæм куыд ~ цæуынц, афтæ кадджынæй кадджындæр кæнынц — По мере того как люди стареют, уважение к ним возрастает

хистæрдзинад — старшинство

хистæриуæг кæнын — верховодить, руководить

хистæриуæджы бын — под началом

хистæркъласон — старшеклассник

~ты фæстаг дзæнгæрæг — последний звонок для выпускников школы

хистæрхуыз — выглядящий старше своих лет

хистгæнæг (*бир.* хистгæнджытæ) — устраивающий поминки

хистхор — поминальщик

● ~æн йæ кард цыргъ вæййы — кто на поминки часто ходит, тот свой нож острым держит

Дыууæ ~ы кæйдæр хисты уыйбæрц бахордтой, æмæ дзы иуы дохтыры æххуыс бахъуыд — На чужих поминках два поминальщика так поминали, что одному врач потребовался

хиталæг *кæс* **тихалæг**

хитгæ низ — *мед.* хроническая болезнь

хитын — 1. мучение; стон; 2. мучиться, изнывать, страдать, болеть; долго сидеть на месте

мидбынаты ~ — не двигаться с места, страдать

ам иунæгæй хит — мучайся здесь в одиночку

Чысыл дæлдæр пыхсбынæй йæ хъустыл ауад нæлгоймаджы ~. *Фæрниаты Дз. Фæдисон* — Чуть пониже из-под кустарников донёсся стон мужчины

хиу — с широко расставленными ногами

● ~ ныллæууын — *перен.* хвататься за всё сразу

куыстыл ~ — жадный до работы

хиуа — *зоол.* сойка

● ~ нартхоры хуым фесæфта — сойка кукурузное поле склевала

~йы сис — перо сойки

хиуарзаг, хиуарзон — 1. эгоист; 2. самолюбивый

~ адæймаг — эгоист

хиуарзондзинад — самолюбие, эгоизм

~ бафхæрын — нанести удар по самолюбию

~ мæ срæхуыста — было задето моё самолюбие

~ыл цæф — удар по самолюбию

Йæ ~ыл цы цæф рауад, уымæй дзæвгар рæстæг йæ чемы не ‘рцыди. *Малиты В. Сурмейы хæдзар* — От полученного по самолюбию удару он не скоро смог оправиться

искæй ~ыл ауæрдын — щадить чье-либо самолюбие

искæй ~ фæцагайын — задеть чьё-л. самолюбие

хиуафт — домотканный

~ тæбын — домотканное сукно

цæуд къуымбилæй ~ хъуымац — домотканная ткань из плохой шерсти

хиуыл — себя; на себя

~ æгæр æрвæссын — возгордиться, вести себя высокомерно, зазнаваться, задирать нос

~ ардауын — восстановить против себя

~ ауæрдын — щадить себя

~ бæттын — привязать к себе; приучить к себе

~ кусын — совершенствоваться; работать над собой

~ схæцын — воспрянуть духом
~ уæвын — заниматься своими делами, быть занятым собой

хиуылæрвæссон — самонадеянный; самоуверенный
хиуылæрвæссонæй — самонадеянно; самоуверенно
хиуылæрвæссындзинад — самоуверенность
хиуылæууæндонхуыз — самоуверенный
хиуылхæсæвæрд — самообложение
хиуылхæст — сдержанный
● нæлгоймаг кæддæриддæр хъуамæ ~ уа — мужчина должен сохранять присутствие духа в любой ситуации

Сослан дæр иуыл ~ кæм уыд. *НК.1* — Сослан тоже сдержанностью вовсе не отличался

хиуылхæстдзинад — сдержанность; самообладание
хиуылхæцгæ — выдержанный, воздержанный; спокойный, не теряющий хладнокровия

кæддæриддæр ~ уæвын — владеть собой при любых обстоятельствах
хæрдыл ~ уæвын — быть умеренным в еде
хиуыл хæцын — сдерживаться, воздерживаться; держать себя в руках

хиуылхæцындзинад — воздержанность
~ равдисын — проявить сдержанность
хиуынаффæйад — самоуправление
бынæттон ~ — местное самоуправление
хифæдзæхстад — перестраховка
хифæливæн — самообман
хифæрныгдзинад — самодостаточность
– Циу ацы цард?.. Нæ фыдæлтæ цæрынæй хæрынмæ фу-фу кодтой ацы ~ыл. — – Что у нас за жизнь?.. Наши предки испокон веку дрожали над этой самодостаточностью

хифснайындзинад — самообслуживание
хифыдхор — самоед
хих — сучок; веточка; игла *(хвойного дерева)*
нæзыйы ~ — веточка сосны; побег
● уыдон бирæ сты: хъæды ~ æмæ кæрдæджы 'лгъдзæг цæйбæрц ысты, уыйбæрц — им нет счёта; их что веток в лесу, что травы на лугу

Уæ бæхтæ та хъæды ~ æмæ сæ лæхтæ хæрæнт! *НК.* — А ваши кони пусть жуют сосновые ветки да собственный навоз!
хихджын — сучковатый; ветвистый; хвойный
~ бæлас — ветвистое дерево
~ хъæд — хвойный лес
хихор (кæсаг) — щука
хихсæн — умывальник
хихуыд — самодельный
~ дзабыртæ — сшитые чувяки

хихуызæн самобытный
~ нывгæнинады скъола самобытная школа живописи
хиххъæд хвойный лес
хихъалгæнæн предназначенный для собственного удовольствия
хихъарындзинад стремление; домогание
хихъахъхъæнынад, хихъахъхъæнындзинад самооборона
хихъахъхъæнынхъомдзинад обороноспособность
хихъæппæрисад самодеятельность
хихъæппæрисон самодеятельный
хихъом уæвын быть самодостаточным
хицау (*бир.* хицæуттæ) начальник; хозяин; свёкор
бынаты ~ покровитель дома
~ мæхæдæг дæн хозяин – барин; я сам себе хозяин
искæй амондæн хи ~ кæнын держать чью-л. судьбу (или жизнь) в своих руках
истæй ~ обладатель чего-л.
диссаджы хъæлæсы ~ обладатель чудесного голоса
● кусæнгарз йæ ~мæ гæсгæ у каков мастер, таков и инструмент у него
туманы ~ ма дæн у меня осталось десять рублей
Мæ дзыппытæ сфæлдæхтон. Æртындæс сомы ~ ма дæн, æндæр мæм ницыуал и, æппындæр ницыуал. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* Я вывернул карманы. Я обладатель тринадцати рублей, и больше у меня ничего нет, абсолютно ничего
уæззау зонды ~ тугодум
фидар уыды ~ волевой человек
● лæг ~ куы уа, уæд ыл алцыдæр фидауы начальнику можно всё
сæры ~ муж; супруг
мæ сæры ~ хозяин; *букв.* хозяин моей головы (*обращение к супругу*)
стыр ~ большой начальник
уæлдæфы ~ директор свежего воздуха; бездельник
– Агрономæй æви ахуыргæнæгæй кусыс? – Сæ иу дæр нæ. Æз ам уæлдæфы ~ дæн. *Дæбе. Адæм адæм сты* – Ты агроном или учителем работаешь? – Ни то, ни другое. Я являюсь директором свежего воздуха
хæдзары ~ хозяин дома
хи ныхасæн ~ хозяин своему слову
хорз ~ хороший хозяин
хицауад правительство, начальство
~ы уæнг член правительства
бынæттон ~ местное начальство
рæстæгмæ ~ *ист.* временное правительство
хицауадгæнæг руководящий, правительственный
~ комитет равзарын избрать руководящий комитет
хицауадон правительственный; господствующий

хицаугæнæг властный
хицаудзинад власть; управление; господство
~ кæнын властитель, господствовать
иу лæджы ~ единовластие
хицауиуæг правление, управление; власть; господство; владычество, владение
~ кæнын хозяйничать, занимать руководящее положение, играть первую скрипку
хицауиуæггæнæг (*бир.* хицауиуæггæнджытæ) правящий; господствующий; начальствующий
~ адæймаг руководящий работник
~ къордтæ правящие круги; правитель, управляющий
~ субъект начальствующий субъект
хицауиуæгдзинад начальствование
хицæй себя; собой
~ ныббузныг уæвын быть довольным собой
~ цыдæр аразын строить из себя
~ æппæлын хвастаться, бахвалиться
~ æппæлын худинаг у себя хвалить недостойно
хицæйбузн самодовольство
хицæн отдельный, обособленный
~ бынат ахсын занимать особое место
~ кæнын отделять, обособлять; выделять(ся)
иннæтæй ~ кæнын отличаться от других
● кæрц хæдонæй ~ кæнын встревать между близкими людьми; разлучать близких
~ къусбар кæнын держаться в стороне
~ сæрмæмулк частная собственность; на душу населения
● ~ фæздæг уадзын жить своим отдельным домом
хорз æвзæрæй ~ кæнын отличать хорошее от плохого
цæстытæй нæ ~ кæны стоит перед глазами
хицæнæй отдельно, обособленно, порознь; особняком
~ цæрын жить отдельно
~ цæуын идти порознь
бырæттæ ~ æмбырд кæнын сортировать мусор
сылгоймæгтæ бадтысты ~, нæлгоймæгтæ – ~ женщины сидели отдельно от мужчин
хицæнгонд отделённый; отделённый от семьи
хицæнгъуызон *кæс* **хицæнхуызон**
хицæндзинад (*бир.* хицæндзинæдтæ) отделение, обособление *(действие, процесс);* обособленность; разобщённость; особенность
~æй бæрæг дарын отличаться особенностью
æвзаджыздæхты ~ особенность говора
зынгæ ~ заметная разница

нациты ‘хсæн хицæндзинæдтæ — национальная разобщённость
растфыссынады ~ — особенность правописания
Цавæр ~ ис се ‘хсæн? — Чем они отличаются?
хицæнтæ кæнын — размежёвывать; различаться; разводиться
хицæнхуыз — разновидность
хицæнхуызон — своеобразный, оригинальный; самобытный
хицæнхуызы — по-разному
хицæуттæ — власти
æфсæддон ~ — военные власти
хицон (*бир.* хицæттæ) — свой, близкий
Бирæ фæцардтæ, бирæ бынтæ фæкодтай дæ фæстæгтæн, не ссардтай æрмæст дæхицæн иу æмгар, иу ~. *Æрнигон. Челе* — Долгую жизнь ты прожил, много достатка скопил для своих младших, но не нашёл ты для себя друга, не нашёл близкого себе человека
~ы цыд æрбакæнын — зайти по-свойски
Ацы ~ы цыд чи æрбакодта мæ хæдзармæ, уый чи уа? *Ашæх. Фæндыр* — Кто бы это мог быть, кто это так по-свойски зашёл ко мне в дом?
хицонау — по-свойски
хлепа — рожь
хлор — *хим.* хлор
хлорофилл — *бот.* хлорофилл
хо — сестра
~йы гæбаз — сестричка
● ~йы зæрдæ æфсымæрмæ, æфсымæры зæрдæ та хъæдмæ — сердце сестры – к брату, а сердце брата – в лес
● ~йы зæрдæ æфсымæрмæ тæнæг у — в сердце сестры нежность к брату
Авд ~йы — *астр.* созвездие Плеяд *(букв. Семь сестёр)*
кæнгæ ~ — названая сестра
кæстæр ~ — младшая сестра
● мады ~йæ мады ад цæуы — сестра матери, что мать
медицинон ~ — медицинская сестра
● минас дæ куы фæнда, уæд дæ мады ~мæ бауай, маст дæ куы фæнда, уæд – дæ фыды ~мæ — если хочешь угоститься, забеги к сестре матери, если хочешь разозлиться – зайди к сестре отца
● Сæго Мæгойы усы ~йы лæг — *ирон.* седьмая вода на киселе, об очень дальнем родственнике
● хистæр ~ – мады бæсты — старшая сестра – всё равно, что мать для младших
● чындзæй ~ зæгъын — быть шафером
Хъамболат дæр зæрдиагæй аудыдта лæппуйыл. Йæ хæстæгдæр æрвад, йæ мадæй йын ~ загъта. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Камболат искренне заботился о мальчике. Он его ближайший родственник, шафер его матери
хогонд — сводная сестра
ходыгъд — золовка, сестра мужа

~ у, æмæ цас тагъддæр ахъуытты уа, уыйас мын хуыздæр куы уыдзæн. *Ладемыр. Дыууæ бæллæхы*	Она сестра моего мужа, и чем быстрее она выметется из дома, тем лучше для меня
хойæн	колотушка
хойраг (*бир.* хойрæгтæ)	1. еда, пища, кушанье; провизия; 2. пищевой; зерновой
~ æууылдæй дарын	разжевать и в рот положить
~ хæлар кæнын	посвящать еду умершему
~ цухæй	впроголодь
æнæхæрзхъæд ~æй фæхъæстæ уæвын	поесть некачественную пищу
æфсадæн ~	сытная пища
дзаджджын æмæ адджын ~	обильная и вкусная пища
● конд ~ыл фæстæмæ чи нæ хæцы, уымæн йæ цæрæнбон бирæ	Здоровья тому, кто делится хлебом-солью
нæфæтджиаг ~	недозволенная пища
● тамако – хæйрæджы ~	табак – дьявольское зелье
Тамако нæ дымын. Нæ фыдæлтæ йæ хæйрæджы ~ хуыдтой. *Ашæх. Цы номæй дæм бадзурон*	Не курю. Наши предки называли табак дьявольским зельем
уадз æмæ цæра, исты мах ~ куы нæ хæрдзæни	пусть живёт, он ведь не наш хлеб ест
фæстауæрцгонд хойрæгтæ	сэкономленные продукты
хæрзад ~	вкусная еда
хæрнæджы ~	поминальная еда
хи конд ~æй пайда кæнын	пользоваться своими продуктами
хойрæгты дуканитæ	продовольственные магазины
хойраджы ивар	воздержание от еды
хойраджы промышленность	пищевая промышленность
хойраджы культуртæ	зерновые культуры
Ныр æртæ боны æнæ хойраджы хъæстæ стæм. *Болайы фырт. Чермен*	Вот уже три дня, как у нас маковой росинки во рту не было
хойрæгтæ фæлдисын	посвящать пищу покойнику
хус ~	сухомятка
● хъарм ~ Уастырджи дæр хæры	горячая еда и Уастырджи угодна
цæхджын ~	вкусная пища
Дзагцæстæй ракаст йæ лæджы хæстæджытæм, йæ сыхæгтæм. Раппæлыдысты йын йæ цæхджын ~æй. *Максим. Æхсызгон улæфт*	Она хлебосольно встретила родственников мужа, его соседей. Они нахваливали её вкусную еду
● цæхджын ~ фидæрттæ дæр сæтты	вкусная еда крепости берёт
● цæхджын ~æй тудждыжтæ дæр мæ бафидауынц	вкусная еда и кровников примирить может
● цæхджын ~æн бирæ ‘нтысы	вкусная еда может многое сделать
● цæхджын ~æн ницы аргъ кæныс?	ты вкусную еду совсем не ценишь?
хойын	бить; стучать; толкать; молотить

● арв æмæ зæхх кæрæдзийы хостой — *букв.* небо и земля колотили друг друга *(о грозе)*

æфсæртæ кæрæдзиуыл ~ — стучать зубами
дуæрттæ ~ — стучать в двери; ломиться силой
дуар ~ — стучать в дверь
кæрты дуар ~ — стучать в калитку
дзæбугæй ~ — стучать, забивать молотком
● сæ риутæ хойынц — бьют себя в грудь
● сæр дуртыл ~ — биться головой о камни
● сæр къултыл ~ — биться головой о стену; раскаиваться
● дыууæ къухæй сæр ~ — сокрушаться; бить себя по голове
● уæрджытæ ~ — бить себя по коленям
● хи къултыл ~ — биться об стены
● зæрдæ йæхи къултыл хойы — сердце колотится в груди

холлаг (*бир.* холлæгтæ) — корм, сено, трава
~ кæрдæджытæ — кормовые травы
дæрзæг холлæгтæ — грубые корма
● дыууæ куыдзæн ~ нæ ныккæндзæн — жадный; *букв.* двух собак не накормит
● искæй куыдзы ~ бакæнын — подвергнуть острой критике, продрать с песочком; бросить собакам на растерзание

● сындз – хæрæджы ~ — пища осла – колючка
холладжы цæхæра — кормовая свекла
● цъæмæлæй хор – кæрчыты ~ — шелухой от зерна кур кормят

холлаггаг (*бир.* холлаггæгтæ) — кормовой
холлагдон (*бир.* холлагдæттæ) — амбар; сеновал
холлагхъуаг — бескормица
● хорхъуагæй ~ зындæр у — хуже нехватки зерна бескормица
Нартыл иу аз тыхджын ~ зымæг скодта æмæ катайы бацыдысты: «Цы ма бакæнæм?» *НК.* — Настала зимой тяжёлая бескормица, стали переживать нарты: «Что же нам делать?»

холы — корм; падаль
~йæн уадзын — оставить корм; оставить на съедение
~йæ хи бафсадын — насытиться
● искæй бирæгътæн ~йæн уадзын — оставить кого-л. в трудной ситуации; *букв.* оставить кого-л. на съедение волкам

– Бирæгътæн мæ ~йæн уадзыс, уый цæмæй зыдтон, æндæр иунæг бон дæр нæ фæлæууыдаин. *Максим. Æхсызгон улæфт* — – Знал бы я, что ты меня на съедение волкам оставляешь, ни на один день бы не задержался

● ~йыл куыдз дæр къæйных у — за свой корм и собака наглой становится
● арс йæ ~ы ‘мбыдæй хæры — медведь гнильём питается
● сынты уаваræн у: ~ы кæм и, уый уайтагъддæр базоны — как ворон: всегда разузнает, где падалью поживиться можно
уæртæ сынт йæ ног ~ хæры — вон ворон своей новой падалью питается
Ацы ~ уый фæуæд, / Æз æй дæттын абон дæр, / Уадз æмæ йæ уый хæрæд. *Секъа.* — Пусть эта падаль ему достанется, / Я и сегодня уступлю, / Пусть полакомится

Халон загъта цæргæсæн: / – Цæй, иумæ хæтæм, / ~тæ бирæ ис хъæугæрон, / Иумæ сæ хæрæм. *Секъа.*

Ворон орлу говорит: / – Давай вместе будем, / Вон за околицей сколько падали, / Вместе будем есть

цуанæттæ сæ тугдзыхтæн ~йæн сæвæрынц

охотники оставляют их хищникам для корма

холыхор

питающийся падалью; вампир

~ сынтытæ цъæхахст кодтой

вороны-падальщики истошно каркали

хом I

сырой, несваренный

~ дон

сырая вода

~ дзидза

сырое мясо

~ дзидза хæрын

питаться сырым мясом

~ халсæрттæ

сырые овощи

● сæ иу ~ зæгъы, иннæ – фых

всем не угодишь; мнения расходятся; одному недоваренное, другому разваренное

Хъасболат фыццаг хатт нæ хъуыста йæ кæстæр læппу æмæ уымæн йе ‘мбал чызджы койта: чи ~ зæгъы, чи фых. *Æхсарбег. Хæххон доны уынæр*

Касполат уже не раз слышал разговоры о своём сыне и его подруге: кто хулит, кто хвалит

хом II

текст. бязь

● рагон лæг ~æй хæдон нæ куымдта ‘мæ къутуйы ауон бадти.

в старину один не хотел надевать рубаху из бязи и сидел под кустиком

хомаг

сырьё

бынæттон ~æй конд

изготовленный из местного сырья

хомаджы базæ

сырьевая база

экологон æгъдауæй сыгъдæг ~

экологически чистое сырьё

хомамæст

кушанье из сыра и муки, прожаренных зёрен кукурузы или ячменя

Кæстæр чи у, фест æмæ мын ~ ракæн

Кто там из младших, пойдите, принесите мне кукурузный чурек

хомæй

сырым; в сыром виде

● ~ кæй радтай, уый дæм фыхæй æрбаздæхæд

что ты сырым раздал, пусть в готовом виде тебе вернётся

● ~ мæ бахæрдзæн

в ту же минуту сырым съест меня, не помешкает

~ нæ бæззын

в сыром виде не употребляться

● зивæггæнаджы гуыл ~ баззад

пирожок у ленивого не спёкся

хомбыл

перен. слюнявый; неопытный; желторотый

Дæ хъус æм кæй фæдардтай! Адоны фæлтæр ~тæ сты. *Бицъоты Г. Зæды зæрдæ*

Хорошо, что ты ей помогла! Это поколение желторотиков

хомхор

хищник; сыроед

● ~ фых хæринагыл фау æвæры

сыроед от сваренной еды нос воротит

● хæдмæлхор ~ыл худти

сам падалью питался, а над сыроедом смеялся

хомыс, **хомамæст**

кушанье из сыра и муки, прожаренных зёрен кукурузы или ячменя

● ~ лакъамийæн æххуыс у — кушанье из сыра и муки – подспорье пирогу с начинкой из сладкого солода

Физонæг ма, йе хæбизджын Дзурæд! / Уазæг дæр цæ буц у, / Фæлæ задын, ~, бламыхъ, / Гайтма дæ хæрынц, – ныхъхъус у! *Къоста. Булкъ æмæ мыд* — Ну, шашлык, пирог – понятно! / Им всегда попотчуют гостя. / Но вот грубая еда, / Довольствуйся, что тебя едят

хомых — 1. растяпа; 2. вялый; неживой

хомыхдзинад — вялость

хонæг (*бир.* хонджытæ) — зовущий, называющий, именующий; приглашающий

~ æрвитын — послать приглашение

● ~ – æдзæсгомгæнæг, æдзæуæг – фæсмонгæнæг — кто приглашение посылает, ставит в неловкое положение, а тот, кто приглашение не принимает, – сожалеет

● ~ дæ куынæ уа, уæд хæдхонæгæй ма цу — без приглашения не ходи, куда не позвали

Æгас цæут, уазджытæ, ~ уæм уыд æви хæддзуйæ фæзындыстут? *Хæблиаты С. Дзæнæты маргъ* — Здравствуйте, гости, вас приглашали, или вы незваными заявились?

● ~ læг адæмæй арфæйаг у — приглашающему люди бывают благодарны

~æн раарфæ кæнын — поблагодарить приглашающего

Уырызмæгмæ-иу куы барвыстой, абад нæм зæгъгæ, уæд-иу ~æн загъта: – Фысымтæн арфæ ракæн, ацæуын мæ бон нæу. *НК.2* — Когда Урызмага приглашали куда-нибудь попировать, он обычно отказывался: – Поблагодари хозяев, но прийти не смогу

~æн разыйы дзуапп раттын — принять приглашение

ænæ ~æй куывдмæ æрцæуын — заявиться на пир без приглашения

Нæртон лæгæн худинаг уыд хæдзармæ ænæ ~æй цæуын — Для нарта считалось предосудительным ходить в гости без приглашения

дæ хонджытæ дыл кæм амбæлдысты? — кто тебя пригласил? где приглашающие тебе повстречались?

саргъыбæхыл ~ — верховой приглашающий; приглашающий почтительно

Арфæгæнджытæй хæдзар байдзаг, Хъæрæби сæм саргъыбæхыл ~ куы арвыстаид, уæддæр уыйбæрцæй не ‘рамбырд уыдаиккой. *Лademыр. Раздарæн* — Дом заполнился поздравляющими. Если бы даже Караби всадников послал приглашать людей, столько бы народа не собралось

● сæрмагонд ~мæ ænхъæлмæ кæсын — ждать особого приглашения

● уæйгуыты ~ау фæци — пропал

● фыдæлты заман-иу ~æн «нæ» зæгъæн нæ уыди — в старину приглашающему отказывать нельзя было

● фыццаг ~ – кадджын, дыккаг ~ – æфсарм, æртыккаг ~ – æгад — одно приглашение – знак уважения, второе – уже стеснение, третье – бесчестье

● хонæджы каст кæныс — ты,видимо, приглашающий

хонджытæм ма ænхъæлмæ кæсут — не ждите приглашения; проявите инициативу сами

хонæн — 1. приглашение; 2. пригласительный

~ гæххæтт — пригласительный билет

хонын — звать, называть, именовать; приглашать

● ~ мæгуыры хъæуы, уыййедтæмæ хъæздыг йæ хæдзары дæр бахæрдзæн — приглашать так бедного, богатый и дома не голодает

Йæ хъæуккæгтæ районæй æрвыст уазджытæм æгæр, æгæр куы хатыдысты, уæд сæм йæ хъус дардта æмæ йын æй цас бамбарын хъуыд, алыг змæнтынмæ сæ кæй нæ хонынц, уый. *Ладемыр. Хæддзуйæ хистæр* — Когда его односельчане уж слишком настойчиво приглашали гостей из района, он прислушался, и ему не составило труда понять, что их не глину месить зовут

æвдисæны бынатмæ ~ — приглашать на свидетельское место

Æрра кæй хоныс? — Ты кого считаешь чокнутым?

● æз дæ хох куы хонон, уæд мæ ды та мæсыг хондзынæ — стану звать тебя горой, а ты меня башней станешь называть

● гæды фиумæ куы не ‘ххæссы, уæд æй мархо хоны — кот не дотягивался до сала и называл его скоромным

Куыд æй хонынц? — как его зовут?

Шёгрен стыр аргъ кодта Æгъуызаты Иуанейы рухстауæн куыстæн, хуыдта йæ «Зондджын ирон». — Шёгрен высоко ценил просветительскую работу Агузаты Иуане, называл его «умный осетин»

● зылыны зылын хуыдтон, растæй раст дзырдтон — называл всё своими именами

● иуы куы хонай, уæд къорды фаг ысцæттæ кæн — хоть одного в гости зови, а еды на стол много клади

● йæхи донæй дæр сыгъдæгдæр хоны — он считает себя выше всех

● йæхи сауджыны фæныкæй дæр сыгъдæгдæр хоны — он считает себя святее всех

куывдмæ ~ — звать на пир

● лæг мæ хон, æмæ дæ хох хонон — зови меня мужчиной, а я тебя стану горой величать

ницæйаг ~ — считать никчемным

фæллад суадзынмæ ~ — приглашать на отдых

фæсауунмæ ~ — называть за спиной

хæдзармæ ~ — приглашать в дом, в гости

Дæ хæдзар куы бабын, уæд ма мæ кæдæм хоныс? *Малиты В. Тæрхон* — У тебя же в доме беда, так куда ты меня приглашаешь?

Кæд сæм арахъ нæй, уæд ма цавæр «дзæбæх арахъ» нуазынмæ хуыдта? *Арсен. Цыппар туалладжы* — А если у них араки нет, то на какую «хорошую выпивку» он нас в дом к себе звал?

хи ~ — считать себя; называть себя

хи æппындæр азымджын нæ ~ — не считать себя виноватым

Дæхи аххосджын хоныс æви нæ? — Ты считаешь себя виноватым или нет?

Дæхи лæг хоныс? — Ты считаешь себя мужчиной?

хи амонджын ~ — считать себя счастливым

● хонынæн истытæ хъæуы — чтоб приглашать нужно средствами располагать

чындзæхсæвмæ ~ — приглашать на свадьбу

хор I — хлеб (зерновой); зерно

● ~ ~ы ад нал кæны, дон доны ад — потерять вкус к жизни

Ænæ кæрæдзи сын ~ ~ы ад нал кодта, дон доны ад. *Малиты В. Мæйрухс æхсæвтæ* — Друг без друга им жизнь была не в радость

~ æфснайын — убирать урожай

● ~ дæр хуссары хъарм уарзы — зерно тоже любит южное солнце

~ тауын — сеять зерно

~тæ сисын — собрать урожай *(букв. снять хлеба)*

● ~тæ тугыл аскъуыдысты — зерновые уродились

~ы къозо — *бот.* головня

~ы мыггаг — семена зерна

Хорз ~ы мыггаг æвзæр сыджыты не ‘взæры. *Боциты Б.* — И хорошее зерно на плохой почве всходы не даёт

~ы нæмыг — зерно

● ~ы нæмыгæй сомы кæнын — клясться хлебом, зерном

● йæ хуымы иу ~ы нæмыг баппарынмæ дæр зивæг чи кæны, афтæмæй уæлбæхæй нартхор тонын кæй фæнды — в землю зернышко бросить ленится, а урожай, не спешиваясь, убрать хочет

● дæ бæх хорз уа, уый дæ кæд фæнды, уæд æй ехсæй ма нæм, фæлæ ~ы нæмыгæй — хочешь, чтобы конь был хорош, потчуй его не кнутом, а зерном

~ы хъæздыг тыллæг — богатый урожай зерновых

● æндæр ~ æндæрад кæны — другой хлеб имеет другой вкус

● æхсæвæр æрæгмæ куы хæрай, уæд ~ фылдæр нæ лæууы — сколько ужин не откладывай, еды больше не станет

● æхсæст ~ы хуызæн læппутæ — ребята как на подбор

● гонтæ ~ы уæзæй сæттынц — закрома ломятся от зерна

● дæ хæдзары ~ куы уа, уæд дзы мыст дæр уыдзæн — есть зерно в доме, будут в доме и мыши

● д’ афæдзы фæллой – ~ы кæфой — за года работ – зерна совок

● иу ~, иу донæй цæрын — иметь всё общее; вместе питаться

Мæскуыйы-иу ахуырады иу ~ иу донæй чи цард, уыдонæй бирæтæ хæрзæрыгонæй ахицæн сты цардæй. *Р. 16.02.2016* — Многие из тех, кто учился в Москве, жили впроголодь, ушли из жизни совсем молодыми

● ~ æмæ донæй цæрын — перебиваться с хлеба на воду

Æрмæст Мамсыр ставддæр у, Асæбе та, цыма ~ æмæ донæй нæ цæры, уый хуызæн хус æмæ даргъ. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* — Только Мамсыр покрупнее, а Асабе, как будто не на хлебе и воде живёт, худощав и высок

● картоф ~ы ’мбис у — зерно в два раза ценнее картофеля

● хорз ~æн йæ дæстæг уæззау у — от хорошего колоса пучок колосьев весом

● цъæмæлтæ ~æй фæхицæн кæнын — отделить зёрна от плевел; отличать важное от несущественного

● цъæмæлæй ~ – кæрчыты холлаг — шелуху курам скармливают; курам на смех

хор II — хор

хорарæх — богатый (обильный) урожай хлеба

хораса(н) — *мед.* цитварное семя

хорасан среднеазиатский
хорæвгæнæн ссыпной пункт
Хорæлдар *миф.* покровитель хлеба, урожая
хорæрзад урожай; урожайность
бæрзонд ~ высокий урожай
~ фæфылдæр кæнын поднять урожайность
● фаджысджын хуым – ~ унавоженное поле урожайное
хорæрцыд урожай
● дæ фаджыс мын фенын кæн, æмæ дын дæ ~ зæгъон покажи, сколько навоза у тебя, и я скажу, каков будет твой урожай
хорæфснайæн 1. уборка урожая; 2. хлебоуборочный
~ техникæ хлебоуборочная техника
хорватаг 1. хорват; 2. хорватский
хоргалм медянка (змея)
Иухатт раджы кæддæр уызын ~мæ курæг æрбацыд, рæстæгмæ мæ дæ хæдзары цæрын бауадз, зæгъгæ. ~ ысразы. *Гуытъиаты К. Хоргалм* Давно как-то пришёл ёж к медянке, пусти, мол, меня к себе в дом пожить немного. Медянка и пустила его
хоргæнæг (*бир.* хоргæнджытæ) хлебороб
хоргæрдæг I (*бир.* хоргæрдæджытæ) *бот.* звездчатка
хоргæрдæг II (*бир.* хоргæрдджытæ) *с.-х.* жнец
хоргур просящий зерна (хлеба)
хоргуысты: ~ совхоз зерновой совхоз
хордон (*бир.* хордæттæ) амбар, житница, зернохранилище
● ~ – бæркады къæбиц амбар – кладовая изобилия
● уыры ~ы къуымы куы бада, уый бадт кæны сидит как крыса в углу амбара
хорджын урожайный; хлебный, хлебородный; богатый хлебом
~ аз урожайный год
~ районтæ хлебные районы
● фосджыны дуармæ – маст, ~ы дуармæ – хъазт скотовода у ворот неприятности ждут, у хлебороба хороводы ведут
хордзен переметная сума
хордзон *анат.* задний проход
хорз (*бир.* хæрзтæ) 1. добро, благо; 2. хороший, добрый
– Куыд стут? – Нырма уал ~ – Как вы? – Пока ничего
~ ~æй бафидын оплатить добром за добро, оплатить той же монетой
● ~ адæймагæн сæлдаг – йæ ныхас, сæлдаг – йæ кæлмæрзæн, сæлдаг – йæ сæрбæттæн у хорошей женщины её речи – шёлк, платок – из шёлка, косынка – из шёлка
● ~ адæмæн иумæйаг у добро людей объединяет
● ~ алыран дæр – кæстæр хороший всем старается услужить
~ ахуыр кæнын хорошо учиться
~ æмæ æвзæр кæрæдзийæ нæ иртасын не отличать плохое от хорошего

~ ænæкæронæй	нет пределов совершенству
● ~ барæг ævзæр бæхыл нæ бады	хороший наездник на плохого коня не сядет
● ~ барæг фыццаг зылды дугъæтты разæй нæ фæцæуы	хороший наездник на первом круге в отрыв не уходит
● ~ бæргæ уаид, фæлæ æгæр тæлтæг арæзт	всем хорош, да горяч
● ~ бæх æппæлынхъуаг нæу	хороший товар сам себя хвалит
● ~ бæх бирæ нæ цæры	у доброго коня век недолог
● ~ бæх йæхи ælгъитын нæ уадзы	добрый конь проклятий не заслуживает
● ~ бæхæн дæр хъузон хъæуы 'мæ – ~ лæгæн дæр	поддержать надо и хорошего коня, и хорошего человека
● ~ бæхы ехс нæ хъæуы	хорошему коню кнут не нужен
● ~ бæхыл ævзæр барæг нæ фидауы	плохой наездник на хорошем коне плохо смотрится
~ бонтæ уыл цæуæд!	добрых вам дней
~ дыл æрцæуæд	желаем тебе добра
~ зæрдæйыл уæвын	быть в хорошем настроении
~ зæххыл ис æмæ йæ сис	добро находится на земле, и ты его подними; не ленись и у тебя всё будет
● ~ зынæй у	хорошее трудно достаётся
● ~ ивддзаг нæ кæны	хорошее не остаётся незамеченным
● ~ йæ фарн мæрдтæм нæ хæссы	добрый человек своё доброе на земле оставляет
● ~ кæм и, уым ævзæрæн дæр æнæуæвгæ нæй	где есть хорошее, там и плохое есть
● ~ кæмдæриддæр бæззы	хорошее везде пригодится
~ кæна – йæхицæн	делать хорошее – себе во благо
~ кæнын	делать добро
~ кусæг	хороший работник
● ~ куырой алы хор дæр ссы	(он) использует всё, извлекает выгоду из всего
● ~ куырой хуылыдз ыссинаг дæр ыссы	хорошая мельница и сырое зерно перемелет
● ~ куыройыл радæй ыссынц	на хорошей мельнице – очередь
● ~ лæг адæмæн æхсæны у	хороший человек – общее достояние
● ~ лæг адæмы у, 'взæр та – йæхи	хороший человек – достояние народа, а плохой себе самому только нужен
● ~ лæг дзыхъхъæй дæр зыны	хорошего человека отовсюду видно
● ~ лæг зæрондæй дæр ~ у	хороший человек до старости хорош
● ~ лæг йæ ~ хъуыддагæй цæры	хороший человек жив своими хорошими делами
● ~ лæг фидис нæ кæны	хороший человек других не хулит
● ~ лæгæн йæ зæнæг – йæхимæ гæсгæ	у хорошего человека и дети под стать
● ~ лæгæн йæ кад йемæ нæ ныгæнынц	честь и слава хорошего человека смерти не знают
● ~ лæгæн йæ кой нæ сæфы	память о хорошем человеке остаётся

● ~ лæгæн йæ фæндаггаг разæй цæуы — хороший человек в дороге без провизии не останется
● ~ læджы зиан адæмы зиан у — утрата хорошего человека – утрата народа
● ~ мæсыг аразы, ’взæр – гæнах — хороший строит башню, а плохой крепость
● ~ нæ фæлмæцы — хороший человек устали не знает
● ~ уый у ’мæ йе знагæн дæр лæггад чи кæны — хорош тот, кто и врагу своему услужить сможет
● ~ фиййау пыхсы дæр ары йæ фосы фæд — хороший пастух след своего стада и в зарослях найдёт
● ~ фиййау уæрыччы дæр тохъхъыл-фырыл нымайы — хороший пастух и ягнёнка за откормленного барана считает
● ~ хæрæг дæр – хæрæг æмæ ’взæр хæрæг дæр – хæрæг — осёл и осёл, что хороший, что плохой
● ~ хуымы лыскъæфсир дæр фæвæййы, фæлæ уæддæр ~ у — хорошее поле плохой колос не портит
● ~ хъуг къæртайы дзаг æхсыр æркодта, стæй йæ къахæй ыскъуырдта — не оправдались надежды; корова полное ведро молока дала, потом его опрокинула;
● ~ хъул сах æмæ тæу бады — удачу сменяет неудача
● ~ цы кæна – йæхицæн — всё хорошее делается для самого себя
~ ма ракæн æмæ фыд ма ссарай — не делай добра, не получишь зла
~ уæвын — быть хорошим
● ~ ус лæггæнæг у, – фæзæгъынц, – æвзæр ус та – æгадгæнæг — говорят, хорошая жена – мужа честь поднимает, а плохая опускает
~ фенын — угостить
~ хабар фехъусын — услышать хорошую весть
● ~ цуанон бирæ топхос нæ судзы — хорошему охотнику много пороха не надо
● ~ цуаноны нæдæр сырд сайы, нæдæр – хæцæнгарз — хорошего охотника и зверь не проведёт, и оружие не подведёт
● ~æй ~ зæгъын хъæуы — хорошее следует похвалить
● ~æй ~ нæ агуырдæуы — от добра добра не ищут
● ~æй дæр æмæ ’взæрæй дæр лæджы бон бирæ у — и хорошему, и плохому многое удаётся
~æй баззай! — Прощай!
~æй дзы ницы рауайдзæн — из этого ничего хорошего не получится, до добра не доведёт
~æй йæм ницы ис — у него только отрицательные черты
● ~æй ма хуыздæры ’хсæн бирæ зæхх ис — между хорошим и лучшим огромная дистанция
~æй ницы равдисын — не проявить себя с хорошей стороны
~æй фыдæй ницы уæлдай ис — всё без разницы
~æй хуыздæртæ ис — нет пределов совершенству
● ~æн кад хъæуы, æвзæрæн – уайдзæф — хорошего надо почитать, плохого упрекать
● ~æн кæрон нæй — добро бесконечно
● ~æн мæгуырæй тас нæу — хорошему бедность не грозит
● ~æн ызнæгтæ бирæ и — у хорошего бывает много недругов

~мæ не ‘ркæнын	не довести до добра
● ~ы алчидæр зоны	хорошего знают все
● ~ы бацæуын	сделать много добра
● ~ы дын чи бацæуа, уымæн æй бафид	отплати добром за добро
исты ~ы дын куы бацæуин	хочется сделать что-н. для твоего блага
● ~ы кой дардмæ хъуысы	слух о хорошем далеко разносится
● ~ы стауын нæ хъæуы	хороший в похвале не нуждается
~ыл банымайын	счесть достойным, хорошим
адæмы ~æн	на благо народа
● алчидæр йæхимæ ~ кæсы	себя каждый хорошим считает
● ацы дунейыл ~ усæй хуыздæр нæй	лучшее благо – хорожая жена
● æвзæр райдайæн ~æй ницы дæтты	плохое начало к хорошему не приведёт
● æвзæр хуымы ~ тауинаг дæр сæфы	на плохом поле и хорошие семена пропадут
● æвзæр цы зæгъа, ~ уый нæ зæгъдзæни	что плохой скажет, то хороший не вымолвит
● æвзæрæн ~ бæсты нæ цæуы	плохому впрок ничего хорошее не идёт
● æвзæрæн ~ ма ракæн, æмæ фыд ма ссарай	не делай добра недостойному, чтобы не иметь неприятности
● æгæр ~ дæр ~ нæу	слишком хорошо тоже не хорошо
● æфсины ~æн æмбал нæй	хорошей хозяйке цены нет
дæ ~ ~ у, фæлæ…	это всё хорошо, но…
дæ ~ мæхиуыл нæ ныууадздзынæн	я перед тобой в долгу не останусь
дæ бон ~!	Здравствуй! Добрый день!
дæуæн ~æй тас нæу!	не ждём от тебя ничего хорошего
искæй ~мæ бæллæг	благодетель, доброжелатель
искæй ~ы кой кæнын	уважительно относиться, говорить о ком-л.
● искæй ~ыл куы домай, уæд дæхи хæсджын кæныс	требуешь хорошего, становишься обязанным
● искæй ~ыл фæкæлын	*ирон.* быть облагодетельствованным
● дæ хæрзтыл дын фæкалдыстæм?	чем ты нас облагодетельствовал? Мы тебе ничем не обязаны
– Мæнæн ницы тас у. Æз немыцæй ницы дарын. – Цыма иннæтæ немыцы хæрзтыл фæкалдысты, уыйау, – ныццæхгæр Анетæ. *Максим. Æхсызгон улæфт*	– Мне ничего не грозит. Я немцам ничем не обязана. – А остальных как будто немцы на руках носили, – возразила Анета
искæмæн ~ фæуын	сделать добро кому-л.; отчитать кого-л.; задать хорошую трёпку
иттæг ~	как нельзя лучше; отличный, замечательный
● йæ ~ мигæнæн æддæ ничи уадзы	хороший инструмент на улице не бросают
● кæддæры ~ зæрдыл нал фæлæууы	оказанная услуга – уже не услуга
● лæджы ~ фæндагыл бæрæг кæны	человек в пути проявляет свои достоинства
мæнæ ~ адæм!	люди добрые!

● Нартæм æвзæртæ цас уыд, хæрзтæ сæм дыууæ ахæмы уыд — хороших у нартов было вдвое больше, чем плохих

уавæр сæ хæрзтæй нæу — положение не из лёгких

● фароны ~ ацы азæн дæр æххуыс у — старое добро и сегодня действенно

● фæстагмæ ~ – æцæг ~ — хороший до конца и вправду хорош

● хæрзтæ равдæлон кæнын — выложить всю правду

● хæрзтæй хуыздæртæ ис — нет предела совершенству

хи ~ фенын — на славу угоститься

Хуыцауы хæрзтæй хайджын у — пусть Бог наделит тебя благами

● цалынмæ læг йæ ~ усæй æвзæрмæ ’рхауы, йæ ~ бæхæй фыддæрыл ысбады, уалынмæ сæ нæ бамбары — пока в жёны плохая после хорошей не попадётся, пока хорошего коня на плохого не сменит, человек цены хорошему не узнает

цы боны ~мæ æнхъæлмæ кæсыс? — чего ты ждёшь?, чего ты медлишь?

Цыдæриттæр ~æй ис, уымæй хайджын куыд фæуат — чтобы вы были наделены всем хорошим

хорзайæн — хлебородный

хорзау нал фæуын — испытывать неловкость

~ нал фæци — ему было неловко; стало не по себе

Афтæ ныхъхъус сты, цыма улæфгæ дæр нал кодтой. Сæрдары ныхæстæм Махар дæр ~ нал фæци. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Все так притихли, как будто перестали дышать. Махару тоже стало неловко от слов председателя

хорзæрдæм, хорзырдæм — в лучшую сторону

~ фæзынын — положительно сказаться

уавæр ~ цæхгæр фæивта — положение кардинально улучшилось

цард ~ аивта — жизнь изменилась в лучшую сторону

хорзæрцыд — хорошее событие; успех

Искæй зын хъыг кæмæн нæу, уый йæхи ~ыл дæр нæ цин кæны. *Гусалты Б. Тугдар æмæ тугагур* — Кого чужое горе не трогает, тот и своей удаче не порадуется

хорзæх — награда; благодать, милость; доброе отношение

– Дæ райсом хорз! – Кæй райсом у, уый ~ дæ уæд! — – Доброе утро! – И вам того же!

~ райсын — получить награду; милость, благодеяние

адæмы ~æн — на благо народа

~мæ æнхъæлмæ кæсын — ожидать милости, хорошего события

~мæ бæллын — стремиться к хорошему

~ы аккаг скæнын — удостоить награды

● æрæджиауы ~ дæ уæд! — после драки кулаками не машут; поезд ушёл; задним умом крепок

Бæрæгбоны ~ уæ уæд! — С праздником вас!

бæрзонд ~мæ бавдыст æрцæуын — быть представленным к высокой награде

дæ ~æй — пожалуйста, милости просим, ради Бога

дæ ~ мæ уæд! — *разг.* вашими молитвами *(ответная реплика на вопрос о здоровье, успехах)*

Кæд мæ дæ ~ уа уæд — при твоей доброй воле

● дунейы хæрзтæй се ‘ппæты хуыздæр адæмы ~ — самое большое из всех благ – признание людей

йæ зæрдæйы ~æн кæрон нæй — у него бесконечно доброе сердце

фыдæх ~мæ ивын — сменить гнев на милость

хицауады ~ — правительственная награда

Хуыцауы ~ — Божий дар

Хуыцауы ~æй йæ хай нæ фæцис — у него таланта ни на грош

● цард адæмы ~ыл æнцайы — жизнь зиждется на хороших людях

хорзæхгæнæг (*бир.* хорзæхгæнджытæ) — благодарствующий, милостивый, добрый

хорзæхгур — проситель

Зæрваттык цуанон Хуыцауæй ~ у, хæдзармæ фарнхæссæг — Ласточка просит у покровителя охоты удачи, в дом благодать приносит

хорзæхджын — награждённый

дыууæ орденæй ~ æрцыд — его наградили двумя орденами

сгуыхтыты тыххæй æфсæддон хæрзиуджытæй ~ æрцæуын — быть представленным к знакам воинского отличия за подвиги

Бало (*Тæбæхсæутты*) ~ æрцыд Ленины орденæй, Фæллойы Сырх Тырысайы орденæй (дыууæ хатты). *Р.02. 07.2015* — Бало (Тхапсаев) был награждён орденом Ленина, орденом Трудового Красного Знамени (дважды)

~ уæвын — быть наделённым чем-л.

хорзгæнæг (*бир.* хорзгæнджытæ), **хæрзгæнæг** — 1. благотворитель; благодетель; добродетель; 2. благотворительный; благодетельный; добродетельный

~ лæг дуне сæтты, / Æвзæргæнæг бон дæр тæрсы, / Æхсæв-бонмæ хъæугæрæтты, / Æрра куыдзау, дзæгъæл лæсы. *Секъа.* — Благодетельный мир покоряет, / А преступный боится дневного света, / Как бешеный пёс по окраинам шныряет, / С ночи до самого рассвета

● ~ хорз никуы ссардта — благодетелю ещё никогда не воздалось

● ~ хорзыл кæм æмбæлы? — когда благодетелю бывают благодарны?

Хуыцау ~ — милостивый Боже

Куыд Хуыцау ~, афтæ Уырызмæгæн йæ разы фæцис фæрæт. *НК.* — Милостью божьей оказался перед Урызмагом топор

хорздзинад (*бир.* хорздзинæдтæ) — добро; благо; добродетель; доблесть

~ ~æй фидын æмбæлы — за добро следует платить добром

~ бæсты кæмæн нæ цæуы, ахæм адæймаг — неблагодарный человек

~ кæнын — делать добро (кому-л.); доброта;

● ~ сараз æмæ йæ доны бакал — сделать хорошее и не ждать благодарности

~ куы никæмæн саразай, уæд дæуæн дæр хорз ничи фæуыдзæн. *Гæстæн* — Если никому не делать добра, то и тебе хорошее никто не сделает

~ нæ рох кæны — добро не забывается

● ~ уæлæ нæ уадзын — обязательно отплатить за добро

~ фæуын — сделать добро

~ыл нымад — считающийся хорошим, на хорошем счету

адæмы ~æн — на благо людей

æнæнхъæлæджы ~ скæнын — преподнести приятный сюрприз

Ærдз адæймагæн цы бирæ хорздзинæдтæ радта, уыдонæн се ‘ппæты дисагдæр у уарзондзинад. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Из всех благ, которыми природа наделила человека, самое удивительное – любовь

бирæ хорздзинæдты бацæуын — сделать много добра

искæй хорздзинæдтæм бæллæг — доброжелатель

Исчи дын ныхыбыныйас ~ куы фæуа, уæддæр æй хъуамæ дæ зæрдыл дарай. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — Если кто-то хоть маленькую толику добра тебе сделает, ты должен об этом помнить

● иумæ иннæйы ~ хъыг кæсы — добродетель одного другому обидной кажется

кæрæдзийы ~ыл цин кæнын — радоваться счастью друг друга

● сæ хорздзинæдтыл сын нæ фæкалдтæн — они меня не облагодетельствовали

Афтæ нæ зæгъдзынæн, æмæ йын йæ бирæ хорздзинæдтыл фæкалдтæн, фæлæ мын цалдæр хатты сбæззыдис. *Р. 25.08.2011* — Не скажу, что он меня осыпал милостями, но несколько раз он мне помог

цæрджыты ~æн — на благо жителей

хорззæрдæ — добросердечный, ласковый

~ ахаст — душевное отношение

хорззæрдæджын — с добрым сердцем, добросердечный; добродетельный

~ уазæгуарзаг фысым — добросердечный, гостеприимный хозяин

Æнæуи мæм фæкасти ~ æмæ раст лæг. Тынг æхсызгон мын уыди Хъасболатимæ базонын. *Арсен. Цыппар туалладжы* — А так он мне показался добросердечным и хорошим человеком. Очень приятно мне было познакомиться с Касполатом

хорззондахаст — благонамеренность

хорззондахастджын — благонамеренный

хорзуынинаг — требующий особого обращения

~ уазæг — важный гость; особенный гость

~ уазджытæ бæргæ стут, фæлæ бахатыр кæнут. *Ашæх. Катя* — Вы гости, заслуживающие особого угощения, но уж не обессудьте

хорзырдæм — к лучшему

~ ивддзинæдтæ — улучшения; изменения к лучшему

фæзындзæн ~ адæмы цардыуагыл — улучшит образ жизни людей

хъуыддагыл ~ разынын — помочь делу

Ног цъылын, дам, мæрзаг, фæзæгъынц. Чындз хæдзарыл ~ зынын байдыдта. *Азæмæт. Амондуарджытæ* — С появлением невестки в доме происходят изменения к лучшему, говорят, новая метла хорошо метёт.

~ фæстиуæг — положительное последствие

хорисæн — заготовительный

~ пункт — заготовительный пункт

хорласæг (*бир.* хорласджытæ) — перевозчик хлеба (зерна)

хорнерцыд — неурожай

хорсæфт — неурожай

хорсыгъдæггæнæн — *с.-х.* триер, машина для сортировки и очистки зерна

хортауæг (*бир.* хортауджытæ) сеятель (зерна)
хортауæн посевной
~ куыстытæ посевные работы
хортыд сев; посев
уалдзыгон ~ весенний сев
хор-хор общий, нестройный шум голосов
хор-хора откормленный зерном
● ~ бæх откормленный конь
● ~ бæх æмæ хъæмпхор бæх иу не сты откормленный зерном конь коню, что соломой питается, не ровня

Уад ниудта, уад уæззау хæсты быдыræй / Æрттывта уым Болатæн дæр йæ кард. / Болат бырста йæ ~ цъæх бæхыл. *Михал. Мæ фыды хуым* Доносился вой ветра с поля тяжёлого боя, / Сверкал там и клинок Болата, / Рвался вперёд Болат на своём откормленном сером коне
хорхъуаг неурожайный; оставшийся без зерна
~ аз неурожайный год
● ~æй фосхъуагæй уæлдай нæй что без зерна остаться, что без скота
● ~æй холлагхъуаг зындæр у бескормица хуже неурожая зерна
– ~ сдæн, иу голлаг мын мæнæу æфстау радт, фæззæджы дын æй дыууæйæ æрбаласдзыстæм. *Чеджемты Æ. Сауцаты Бускайы тыххæй* – Не осталось у меня зерна, дай мне в долг один мешок зерна, осенью два (*вдвоём*) привезём
● чъынды лæг тагъддæр ~ кæны скупой быстрее остаётся без зерна
хорцæттæгæнæн хлебозаготовки
Хорыбон праздник перед началом яровых запашек
хорыкуыстгæнæг хлебороб
хорысæр праздник после первой уборки озимых хлебов
хорыссæн мукомольный
~ куырæйттæ мукомольные мельницы
хос I сено
~ кæрдын косить траву
● ~æн йæ уавæр – йæ бирæ если сена – то много
~ы цъына стог сена
● ~ы цъынайы судзин агурын искать иголку в стоге сена
бæхæн ~ ратт йæ фаг дай лошади сена вволю;
● гал ~æй амæлæд пусть мне будет хуже; *букв.* пусть вол сеном объестся и умрёт
● ныхæстæй кæвдæс ~æй дзаг нæ кæны разговорами сыт не будешь; *букв.* речами ясли сеном не заполнишь

Чифæнды цыфæнды дзурæд, искæй ныхæстæй йæ хъуджы кæвдæс ~æй никæмæнма байдзаг. *Максим. Æхсызгон улæфт* Пусть говорят, что угодно, разговорами ясли сеном не наполнишь, корову не накормишь
хос II лекарство, средство; повод, причина; выход

~ кæнын — находить средство, лекарство; лечить; пустить в ход все средства

~ рафыссын — выписать лекарство

~ ссарын — найти лекарство, средство

– Куыд уæм кæсы, Роберт, исты ~ ма йын ис? – ~ алы низæн дæр вæййы. *Таго. Титæйы гобелен* — – Как вам кажется, Роберт, есть ещё какое-нибудь средство? – Средство бывает от всех болезней

~æн амонын — рекомендовать в качестве лекарства

адæмон ~тæ — народные средства

аивы ~æн — для красоты

– Фæстæрдыгæй машинæтыл цырагъ никæуыл федтай? – Се ‘ппæтыл дæр. – æмæ дæм куыд кæсы, уыцы цырагъ хъæугæ кæны æви аивы ~ у? *Хæблиаты С. Дзæнæты маргъ* — – Ты сзади на машинах огни видел? – На всех видел. – А как ты думаешь, они нужны или просто для красоты?

æвдадзы ~ — действенное средство; чудодейственное лекарство

æндæр ~ мын нæй — больше мне ничего не поможет

ирвæзæн ~мæ æнхъæлмæ кæсын — ждать избавления

сæрæн ницыуал ~ зонын — не знать, что делать

сæрнизы ~ — средство от головной боли; причина головной боли, переживаний

Кæд ма мæхи амарон, æндæр мæ сæрæн ницыуал ~ зонын. *Æхсарбег. Хурхæтæны* — Разве что мне с собой покончить, другого выхода я для себя не вижу

сæрыстырдзинады ~ — повод для гордости

халæн ~ — взрывчатое вещество

● хæйрæджы сайдæн ~ æрцæудзæн, фæлæ коса лæг кæй фæсайа, уымæн ~ нал и — против чёрта лукавого средство найти можно, но против лысого обманщика не найти

худæджы ~ — повод для смеха

хуыссæджы ~ — средство от бессоницы; снотворное

хуыфæджы ~ — средство от кашля

Хуыцаумæ дæр ын ~ нал ис — его уже никто не вылечит

хылы ~ — повод для ссоры

● гæррæтт дыууæйæн – хылы ~, хъæубæстæн та – хæсты ~ — ссора между двумя может привести к войне во всём селе

● иу къæбиц – дыууæ ’фсинæн хылы ~ — две хозяйки вместе не сработаются

● иу хъомгæс – дыууæ хъæуæн хылы ~ — два села одного пастуха не поделили

● холы бирæгътæн – хылы ~ — волки из-за падали дерутся

цы æрцæуы, уымæн ~ нал ис — смирись с тем, чего нельзя исправить

хосарæх — обилие сена

хосæвæрæн — сеновал

хосгæнæг (*бир.* хосгæнджытæ) — 1. доктор, врач, *уст.* лекарь, фармацевт; 2. целебный

● ~ын хос нал скæндзæн — безвыходная ситуация; ни один лекарь (доктор) его не вылечит

~ суадон — целебный источник
адæмон хосгæнджытæ — народные целители
● præстæг йæ ~, йæ иунæг хæрзгæнæг — время его лекарь, его единственный благодетель
хосгæнæджы дæсныйад — квалификация врача
хосгæнæджы зонад — квалификация, опыт врача

хосгæнæн — лекарственный; лечебный
~ зайæгойтæ — лекарственные растения
~ кæрдæджытæ — лекарственные травы
~ цъыфтæ — лечебные грязи
уæззау цæфæн ~ нал и — тяжёлое ранение не вылечить

хосгæрдæг *(бир.* хосгæрдджытæ) — косарь
Саударæй дæ цæвæг куы нæ рацæгъдай, изæрдалынгтæм уис куы нæ фæхæссай, уæд цæй ~ дæ! *Ладемыр. Дыууæ бæллæхы* — Если ты спозоранку свою косу не наточишь, если до темна не покосишь, то какой из тебя косарь!

хосгæрдæн — 1. сенокос, покос; 2. сенокосный
~ машинæ — сенокосилка

хосгæрст — сенокос (место)
● дурты цæнд кæм уа, уым нæ хуымгæндæн бæззы, нæ – ~æн — земля, где груда камней ни для вспашки непригодна, ни для сенокоса
● йæ ~ – иу ран, йæ хуымгæнд – иннæ ран — всё непоследовательно; сенокос в одном месте, пашня в другом
● уæ ~ – хуыскъыл, уæ цæвæг – доны — всё не так, как положено
Ацыддæн зад хуымтыл, ~мæ схæддзæ дæн. *Къоста. Ахуыр* — Пошёл я по хлебам обильным, дошёл до покоса

хосгæс — сторож, охраняющий сено

хосдарæн — пороховница

хосдон — сеновал
Хорæй дæр, фосæй дæр / Ис мæм ныр фаг. / Фосæн мæм хосæй дæр / Хосдæттæ дзаг. *Æрнигон. Афæдз* — И зерна, и скота у меня / Вдоволь теперь стало. / Сеном для скота / Полны сеновалы

хосдзау, хосгæрдæг — косарь
● гæды йæ къæдзилæй ~ы фæзмы — кошка хвостом машет, косарю подражает
● хъæсдарæг цæгъдын чи нæ зоны, уый ~æн нæ бæззы — кто с наковальней обращаться не умеет, косарём не сумеет
● ~æн зад уыгæрдæн – йæ гуылхæрæн — для косаря хороший луг – что наслаждение

хоскæнын — 1. лечение; 2. лечиться

хост (*бир.* хостытæ) — стук; битьё
дуары ~мæ ничи ракаст — на стук в дверь никто не выглянул
Дуары ~мæ ничи кастис æддæмæ, æмæ уæд æртæ læджы сæ уæхсчытæй æмæ къæхты цæфтæй батыдтой дуар. *Арсен. Мырзабеджы карьерæ* — На стук в дверь никто не откликнулся, и тогда трое мужчин плечами и ногами выбили дверь
искæй фæхты ~ ныккæнын — избить до полусмерти

● къулæджы ~ ын йæ сæр ныккодтой — деревянной колотушкой по голове ему настучали

хотых — оружие, доспехи
~тæ — вооружение
~тæй ифтонг уæвын — быть вооружённым
атомон ~тæй сæвдæлон кæнын — избавиться от атомного оружия
куырыхон дзырд у зондджыны ~ — мудрое слово – оружие умного
~тæй басæттæн нæй — оружие бессильно
хæстон ~ — боевое оружие
Афтæ мадæлон æвзаг баххуыс кодта, разынд стыр ~ хæстон операцийы. *Дзадтиаты Т. Æхсаргæрдты зæлланг* — Так помог родной язык, оказался действенным оружием в военной операции
цуаны ~тæ — охотничье оружие
Нарт сæ номдзыд ~тæ фелвæстой æмæ йæ афтæмæй сурынтæ байдыдтой. *НК.* — Выхватили нарты своё прославленное оружие и бросились в погоню

хотыхдар — оруженосец; хранитель оружия; рыцарь

хотыхджын — вооружённый, имеющий оружие
~ барæг — вооружённый всадник
~ кæнын — вооружать
~ тыхтæ — вооружённые силы
~ фыдгæнджытæ — вооружённые преступники

хотыххæссæг *(бир.* хотыххæсджытæ) — оруженосец

хох *(бир.* хæхтæ) — гора
● ~ ~ы хынцмæ хæлы — дурной пример заразителен; гора, глядя на другую, разрушается
● ~ ~ыл не ’мбæлы, лæг лæгыл – кæддæриддæр — гора с горой не сходится, а человек с человеком сойдётся
● ~ хæзна — гора – богатство
● ~æн – фæндаг, быдырæн – дон — горе дорогу, равнине воду
● ~ы дзуар баззади, быдыры – ælдар — святой в горах остался, равнине алдар достался
● ~ы цъуппыл æууæнк нæй — (на) вершине горы доверия нет
~æй быдырмæ — с гор на равнину; отовсюду
● рувас ~æй быдырмæ йæхи тавта — лиса повсюду грелась, нежилась
Барис хæстæгдæр ма рацу! Рувас ~æй быдырмæ йæхи куыд тавта, уый лæуд цы кæныс? *Лademыр. Дыууæ бæллæхы* — Борис, подойди ближе! Что ты там стоишь поодаль, как лиса, что грелась с горы в поле
● ~ цахæм у, ахæм дур дзы тулы — каков поп, таков и приход; *букв.* какова гора, таков и камень, что с неё катится
● ~æй дур куы рахауы, уæд фæстæмæ нал стулы — камень, что с горы упал, вспять не покатится
● ~æй дзæбидыр хауы, мыст нæ фæлæ — с горы тур падает, а не мышь
Æнæнхъæлæджы хъуыддæгтæй тæрсын нæ хъæуы, мæ хур, ~æй дзæбидыр хауы, мыст нæ фæлæ. *Умар. Цард тындзы сæ размæ* — Дорогой, не надо бояться неожиданных дел: с горы тур падает, а не мышь

● ~æн йæ сæр чи зоны, йæ бын дæр ын уый зоны — кто на вершине горы бывал, тот и подножие её знавал

~тæ афæлдахын — горы свернуть

~ы айнæг — утёс

~ы бын — подошва (подножие) горы

~ы дагъ — горная складка, горный пласт

~ы дзæнхъатæ — горный хрусталь

~ы дзæбидыртæ — горные туры

~ы къабæзтæ — отроги гор

~ы рагъ — горный хребет

~ы скъуыд — трещина гор

~ы суанг — горная цепь

~ы фахс — склон горы

~ы хизæн / ахизæн — горный проход

~ы цъупп — вершина горы

● ~ыл сæрыстыр макуы ’су, денджызы дæ ныфс макуы фесаф — в горах не будь самонадеян, в море не теряй воли

● æмдых æмæ æмзонд адæм ~ дæр фæлдахынц — единомышленники, взявшись вместе, могут горы свернуть

● бæрзонд ~ыл их нæ уары — высокую гору градом не побьёт

ихын ~ — айсберг

Уæлæмæ дæ, ихын ~ау, де ‘стæм хай йедтæмæ нæ зыны. *Гусалты Б. Тугдар æмæ тугагур* — От тебя виднеется только твоя одна восьмая часть, совсем как у айсберга

къæдзæхджын хæхтæ — скалистые горы

● къæсæр – ~, фæскъæсæр – быдыр — гора – порог, за порогом – равнина

● лæугæ ~æй зæй цæуы — с гор, что стоят, лавины сходят

● нæ лæугæ ~, нæ цæугæ мæсыг — наша опора и надежда

● нæ уынгæг хæхты дур – арæх, зæхх – кадавар — в наших тесных горах камня много, а земли мало

● нæ хæхты бæрц фæцæр! — Живи вечно!

● расыг лæгмæ ~ дæр гыццыл кæсы — пьяному гора с пригорок кажется

● сау ~ – донджын, урс ~ – лæгæтджын — много рек на чёрной горе, много пещер на белой

● сау ~æй урс дур нæ хауы — с чёрной горы белый камень не свалится

Сæнайы ~ — гора Казбек

Капекк схардз кæныны бæсты, дам, Хъазыбеджы ~ы цъупмæ сыдз-мыдзы сбырдзæн. *Лademыр. Поезд анкъуысыд* — Говорят, он и на гору Казбек, пятясь, взберётся, лишь бы копеечку не потратить

Нал сæмбæлдзыстæм? *Æмæ*, дам, ма суанг хæхтæ дæр куы сæмбæлынц. *Гæстæн. Фембæлды æгъоммæ* — Больше не встретимся? Так, говорят, даже гора с горой сходятся

● фæндаг куы уа, уæд ~ æмæ быдыр сыхæгтæ сты — была бы дорога, а так гора и равнина – соседи

● цыма сæ авд ~ы сæрты цæуын хъæуы — как будто им надо преодолеть семь горных вершин

хохаг (*бир.* хохæгтæ) — 1. горец; 2. горный, горский

~ къæйдурæй чъырамад	сложенный из горного сланца
~ суадон	горный родник
~ тæгæр	высокогорный клён
~ цæргæстæ	горные орлы
нарæг ~ къахвæндæгтæ	узкие горные тропы
хохæфцæг	горный перевал
хохбæстаг	горец
хохбузныг	очень благодарный
● æнæ ~, æнæ быдыр-бузныг	неблагодарный
● æнæ ~, æнæ быдыр, афтæмæй фесæфт мæ фæллой	пропал мой труд самым неблагодарным образом
хохбын	гористый
хохдур	горный камень
● адæм æмдыхæй ~ дæр фæлдахынц	вместе люди могут горы своротить
~ы мыггаг	горная порода
хохджын	гористый
~ ран	гористая местность
хохкъæртгæнæг (*бир.* хохкъæртгæнæгтæ)	горнопроходчик
хохræбын	1. подошва, подножие горы; предгорье; 2. предгорный
хохræмудзæг (*бир.* хохræмудзæгтæ)	взрывник (*специалист по работам в горах*)
хохыйас	размером с гору
хочъи	чума *(у животных)*
хрестомати	хрестоматия
худ	шапка, шляпа, папаха; *бот.* венчик
~ дарын	носить шапку; быть мужчиной
кæд ~ дарыс, уæд йын йæ кад дæр хъахъхъæн	шапку носишь, умей эту честь отстоять
мах дæр ~тæ дарæм	мы ни в чём не уступаем; нам мужества не занимать
Ард бахордтой уыцы бон, ирон лæджы ~ кæй нæ фæхудинаг кæндзысты, уый тыххæй. *Хацырты С. Хæхты фæдисон*	Они поклялись в тот день, что никогда не уронят честь осетина
● ~ чи нæ дары, уый цæй лæг у	что за мужчина, кто шапку не носит
~ сæрæй сисын	снять шапку
● ~ хæрдмæ æппарын	подбрасывать шляпу вверх *(в знак радости)*
● ~æй хынджылæггæнæн нæй	шапкой не играются
● ~тæ чи хæссы, уыдон сегас лæгтæ не сты	не у всех, кто с шапкой на голове, мужество в душе
● алчи йæ ~ы бын лæг у	с каждым надо считаться
бухар ~	шапка из каракуля
йæ сæрæй йæ ~ зынаргъдæр	богатство в шапке на голове, а не в самой голове
кады ~	венец

● йæ ~æн кад кæнын нæ зоны — он не стремится к славе; не требует к себе внимания

каисты ~ — *этн.* шапка от родственников жены умершему

кæлмæрзæн æмæ ~ — платок и шапка; женщина и мужчина

Нарты Уырызмæг загъта – абонæй фæстæмæ кæлмæрзæн æмæ ~ æмуæзтæ уæнт. *Хъайттаты С. Куырдуаты бадæг* — Нарт Урызмаг сказал – с сегодняшнего дня пусть будут равны платок и шапка

● йæ ~ кæлмæрзæнæй баивта — повёл себя недостойно мужчине; повёл себя как женщина

къæлидорджын ~ — фуражка; головной убор с козырьком

лæджы ~ — мужская шапка

● лæджы ~ куы хæссай, уæд дзы ‘фсарм ис — мужская шапка ко многому обязывает

● лæджы ~ нæ фæхудинæг кæнын — не уронить честь мужчины

● лæджы сæр æрмæст ~ дарынæн нæу — голова мужчины не только, чтоб шапку на ней носить

мæгуыргуры ~ — нищенская шапка

● мæнæн дæр мæ ~ къуыдырыл конд нæу — у меня тоже голова на плечах есть

Ахæм рæстæг æркæндзæни æмæ сылгоймаг нæлгоймагыл стых уыдзæни, зондамонæг ын суыдзæни, лæг йæ ~æн дæр хицау нал уыдзæни, æмæ бæсты сæфт цæудзæни. *Санаты Сем.* — Настанет такое время, и женщины возьмут верх над мужчинами, будут им указывать, мужчина и над шапкой своей волен не будет, наступит конец света

нымæт ~ — войлочная шляпа

тегла ~ — шляпа

тъæпæнгопп ~ — пилотка

уæлдзарм ~ — меховая шапка

хæрдгæхуыд ~ — украшенная золотым шитьём шапочка невесты

хорасан ~ — шапка из золотистого каракуля

хъусджын ~ — ушанка

● цæгæрсæр йæ ~ куы сисы, уæд дзы ‘фсарм-æфсæрмытæ нал вæййы — как плешивый шапку снимет, так стесняться ему больше нечего

цъуп ~тæ — островерхие шапки

цъындæ ~ — вязаная шапка

чъилджын ~ — шляпа

худаг — смешливый, часто смеющийся; насмешник; хохотун

● ~ кæуыл нæ бахуддзæн? — насмешник над всяким посмеётся

● фæллад фистæг – бæхджыныл ~ — сам пеший да усталый, а над верховым потешается

● худаджы бæх фæстейы зайы — конь, того кто много смеётся, всегда позади остаётся

худаистæй — от всего сердца; *букв.* с непокрытой головой

худæг (*бир.* худджытæ) — смеющийся; смешной, забавный, потешный; смех

~ уромын — сдерживать смех
~ фæкæсын — показаться смешным
Кæд сымахмæ ~ нæ фæкасти, уæд ыл мах та ахудтыстæм — Вам это не показалось забавным, а мы посмеялись
уый ~ нæу — не до смеха; это не смешно
● ~ ыл бахæцыд — смешинка в рот попала
● ~æй артæндихтæ кæнын — смеяться до коликов
~æй афæлдæхын — покатиться со смеху
● ~æй гуыбындихтæ фесты — живот надорвать со смеху
~æй бакъæцæл уæвын — покатиться со смеху
~æй къæцæлтæ кæнын — покатываться со смеху
~ау кæнын — посмеиваться
~æй марын — *разг.* насмешить, уморить со смеху
Амардтай мæ ~æй дæ ныхæстæй — ты меня уморил, доконал своими остротами
~æй мæлын — *разг.* помирать со смеху
~æй хи схæссын — вдоволь насмеяться
● ~æй йæ бикъ бафтыд — от смеха пупок развязался
● ~ыл худгæ кæнынц — над смешным надо смеяться
~æн ныхас баззад — превратилось в шутку; вошло в поговорку
● ~мæ нал худти, дзурæгмæ нал дзырдта — над смешным не смеялся, с говорящим не говорил
фыр ~æй — от сильного смеха
● фыр ~æй йе рагъы нуæрттыл ратулбатул кæны — катается со смеху
● худæджы бынаты æвæрын — превращать в посмешище
● худæджы дзæкъул фестын — заливаться смехом; *букв.* превратиться в мешочек смеха
худæджы ныхас фехъусын — услышать смешной рассказ, остроту
худæджы радзырд — юмористический рассказ; анекдот
● худæджы хал ахæрын — смешинку проглотить
● худаджы хал хауаг у — смех заразителен; насмешнику жребий часто выпадает
худæджы хос фæуын — стать поводом для смеха
худæджы хуызы æвдисын — показывать, выставлять в смешном свете
● худаджы цæст цъынд вæййы — у насмешника глаза бывают прищуренными
● чидæр ~æн хæрæджы уаст кодта — кто-то для потехи ослом ревел

худæн — весёлый
~ бонтæ уыл цæуæд — живите весело
æдзух кæугæ ничи кæны. Иу бон ыл ~ бон дæр скæны — Нельзя всё время только плакать. Случаются и радостные дни
● ~ лалым — весельчак; хохотун; комик; *букв.* бурдюк со смехом
~ ныхасæй адæмы гуыбыны цъæрттæ фæриссын кæнын — у людей животы болели от хохота от смешных рассказов

~ цæстæнгас — весёлый взгляд

худæнæнгæс — весёлый

худæнбыл — улыбающийся, весёлый

~ цæсгæмттæ — улыбающиеся лица

~ дæр уый тыххæй дæ, мыййаг? – афарста Хæмыц, – æви дæ саргъы базы тæбæккыл худыс? *НК.4* — – Не от этого ли тебе так весело? – спросил его Хамыц, – или ты над седельной подушкой потешаешься

худæнбылæй — с улыбкой

~ кæсын — смотреть с улыбкой

Сырдон ~ æд æхцатæ сæ хъæуы балæууыд. Ныхасы рæзты ссæуы 'мæ йæ фæрсынц: – Сырдон, уый цы хæссыс? *НК. 4* — Сырдон, улыбаясь, с деньгами заявился в село. Проходит он мимо нихаса, а его спрашивают: – Сырдон, что это ты несёшь?

худæндзаст — радостный, улыбающийся; улыбка

худæндзастæй — радостно; улыбчиво

худæнхуыз — с весёлым видом; весёлый

худæнхуызæй — смеясь, улыбаясь

худгææмхасæн — посмеиваясь

худгæйæ — насмешливо; смеясь

худдаг — материал для шапки

худдарæг — мужчина

~ гуырд — рождённый мужчиной

худинаг (*бир.* худинæгтæ) — 1. позор, стыд; 2. позорный, постыдный

- ~ æмæ æгад! — стыд и срам!
- ~ æмæ æрдиаг — стыд и плач
- ~ æмæ алайаг! — стыд и позор (срам)
- ~ дамгъæ нæу — стыд – не клеймо; стыд не дым, глаза не выест

– Папæ! Уый та куыд? ~! ~ – ~ дамгъæ нæу, мыггагмæ дæ ныхыл нæ баззайдзæн. *Ашæх. Цы номæй дæм бадзурон* — – Папа! Как это так? Стыдно! – Стыд – не клеймо, не навечно на лбу у тебя останется

~ кæнын — позорить; бесчестить

- ~ мыггагæн иумæйаг у — срам на всю фамилию ложится
- ~ сæрыл æруадзын — допустить позор на свою голову; опозориться

Дæн дæуæй ныфсхаст, / Макуы æруадз ~ / Ды мæ сæрмæ æваст. *Кочысаты М. Хъама* — Я верю в тебя, / Никогда ты не дашь / Опозорить меня

- ~æй тæрсын хъæуы — позора надо опасаться
- ~æй куы тæрсай, уæд дыл не 'рцæудзæн — если позора остерегаться, он на тебя не падёт
- адæймаджы ~ сапонæй æхсгæ нал у — чёрного кобеля не отмоешь до бела
- æппæтæй дæр ис бамбæхсæн, ~æй бамбæхсæн нæй — от всего скрыться можно, а от позора невозможно

Дæ ~ дын нал фæласдзæн дон! / Фæлтау фæлидз æхсæвыгон фæстæмæ. *Михал. Цæссыгты ком* — Не смоют твоего позора воды реки! / Уж лучше ночью вернись, убеги

● бæсты ~, мыггагмæ ~ фæдæн — я опозорен на весь мир, на века
Бирæ хæрын нæ фыдæлтæм худинаджы ми уы — У наших предков считалось позорным быть неумеренным в еде
искæй ~ æй бахъахъхъæнын — спасти кого-л. от позора, спасти чью-л. репутацию
● лæгмæ искæй ~ дæр хъуамæ æгад кæса — даже чужой позор унизителен для человека
● мæгуыр уæвын ~ нæу — бедность не порок
● мæлæтæй ма фæтæрс, ~æй тæрс — бояться надо не смерти, а позора
● Нарт ~ сæ сæрмæ нæ хастой — нарты гнушались позора
● судзгæ ~ — жгучий стыд
● фæлтау хæсгæ мард куы фæуыдаид ацы худинаджы бæсты — лучше бы меня из дома вынесли вперёд ногами, чем опозориться
● хæстæй æмæ фæдисæй лидзын – ~ — сбегать с войны и от тревоги позорно
● худинаджы бæсты – мæлæт — лучше смерть, чем позор
худинаджы гакк — клеймо позора
худинаджы зарæг скæнын — сложить позорную песню
искæмæн йæ худинаджы кой айхъуысын кæнын — распространить слух о чьём-то позоре
худинаджы хъæр — позор, бесславие
нæ худинаджы хъæр айхъуыст — о нашем позоре всем стало известно

худинаггаг — предмет или причина позора

худинаггæнæг (*бир.* худинаггæнджытæ) — 1. позорник; 2. позорящий
адæймаджы ном ~ — недостойный; позорящий репутацию
● æвзæр – мыггаг ~ — бесчестье одного – на всю фамилию пятно
худинаггæнæджы гак — клеймо позора
йæ худинаггæнæджы ном айхъуысдзæн — его ославят; все узнают о его бесчестье
Цы загътай?! Зæххы скъуыды ныххау фæлтау, ~! *Дзадтиаты Т. Æхсаргæрдты зæлланг* — Что ты сказал?! Да лучше бы ты сквозь землю провалился, позорник!
● налат чындз – дыууæ мыггаджы ~ — невестка, что хамит, сразу две фамилии срамит

худинаггæнæн — позорящий
~ уаваерры уæвын — оказаться в позорном положении
Æмæ нæ дзыхæй цы нæ ~ дзырдтæ хауд! — Как мы только не честили, не срамили

худист — с непокрытой головой
~æй æмæ зонгуытыл лæугæйæ курын — сняв шапку, просить, стоя на коленях
~æй искæмæ бацæуын — пойти на поклон; обращаться с нижайшей просьбой

худт — смех; улыбка; насмешка
~ы фемæхст — взрыв смеха
аразгæ ~ — деланный смех
æнæсæр ~ — беспричинный смех
æмыр ~ бакæнын — беззвучно рассмеяться
искæй ~мæ бахудын — рассмеяться в ответ на чей-то смех
мидбылты ~ — улыбка

хъæлдзæг ~ кæнын — весело смеяться

худызмæл бакæнын — смеяться украдкой, втихомолку; усмехаться

худын — смеяться; издеваться; осуждать

~ ~ у, фæлæ — смех смехом, но

● адæм кæрæдзиуыл худгæйæ цæрынц — люди всю жизнь посмеиваются друг над другом

● æгæр ~ – худинаг — смеяться слишком много неприлично

● дыууæ куы худой, уæд кæрæдзиуыл худынц — двое смеются – друг над другом посмеиваются

искæй зындзинадыл ма худ — не смейся над чужой бедой, своя на гряде

искæй худыны аккаг скæнын — сделать кого-л. посмешищем

● иу йæхиуыл худы, дыууæ – кæрæдзиуыл, æртæ – искæуыл — один над собой смеётся, двое – друг над другом, трое – над кем-то

● ма мыл худ æмæ дæ ма фауон — станешь на смех меня поднимать, стану грязью тебя поливать

мælгæйæ дæр знæгтæм ~ — не сдаваться до конца; погибая, смеяться в лицо врагам

● нарт худгæйæ фесæфтысты — нарты умирали, смеясь

Нарты хуыздæртыл куы худтæн, ныр мæхæдæг цæй ранмæ æрцыдтæн. *НК.* — Потешался я над нартовскими героями, а сам теперь в каком положении оказался

мидрихийы ~ — улыбаться в усы

● тынд ælвыдыл худы — ощипанный над остриженным потешался

● Сæтти Бæттийыл худти — одним миром мазаны; стоят друг друга; один другого не лучше

● хъазгæ кæм кæнай, уым худгæ дæр кæн — там, где шутишь, смейся

● хъазын æмæ ~ зæрдæйæ цæуынц — шутки и смех идут от души

цæссыг калгæ ~ — плакать от смеха

худындзæг — весёлость; смешливость

йæ ~ фæкъæртт — она умирала от смеха

худыскъæфæг — ворующий шапки

● ~ йæ худ йæ роны дары — кто сам шапки у других таскает, тот свою за пояс затыкает

хуийæн — пошивочный материал

хуийæндаг — дратва

хумара — шут

хур — солнце

● ~ адæмæн æнæуæрст у — солнце всем и каждому принадлежит

● ~ адæмæн иумæйаг у — солнце для всех общее

~ адæмæн иумæйаг ~ у. Алкæмæн дæр дзы хъуамæ хай уа. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* — Солнце общее для всех. Всем должно быть место под ним

~ аныгуылд — солнце село; солнце закатилось; наступила смерть

● чи амæлы, ууыл ~ аныгулы — умершего солнце закатилось

махæн нæ ~ аныгуылд — нас постигло горе

~ арвы ронмæ схызт	солнце в зените
● ~ армы тъæпæнæй сæхгæнæн нæй	солнце своей ладонью не затмишь
● ~ бæсты сæры тых у	солнце сильнее всего в мире
● ~ дæр адæмыл се ’ппæтыл не ’ххæссы	нельзя объять необъятное, *букв.* солнце тоже не всех греет
● ~ дæр алкæмæн адджын нæу	всем не угодишь
~ дæр æй нал æндавы	жизнь потеряла смысл; даже солнце больше не греет, не радует
● ~ дидинæг æмæ фаджысы ’мхуызон тавы	солнце одинаково греет и цветок, и навоз
● ~ дуры гуыбынмæ дæр хъары	солнце и камень прогревает
● ~ ингæнмæ дæр æндавы	солнце и в могиле согревает
~ йæ был нæма сдардта, афтæ	ещё до восхода солнца
~ йæ зынг цæстæй ныккæсы	солнце жаркими лучами припекает
~ йæ тæмæны ис	солнце находится в зените
● ~ йæхимæ халсар ыздахы	овощ к солнцу поворачивается
● ~ кæцырдæм тавы, уыцырдæм бадтæуы	рыба ищет где глубже, а человек где лучше
● ~ мигъбон дæр вæййы	солнце и в туманный день светит
~ судзы	солнце печёт
● ~ сæ нæ судзы, къæвда сыл нæ уары	они хорошо устроились
● ~ хусгæ чи кæны, уымæ нæ лæууы	время не ждёт; солнце спящего не ждёт
● ~æй бæрæгдæр у	*разг.* как дважды два (четыре); совершенно ясно, понятно
● ~æй-къæвдайæ	в любую погоду
● ~æй хъæстгæнæн нæй	на солнце жаловаться грех
● ~æн æнæ скæсгæ нæй, донæн æнæ цæугæ нæй	всё должно идти своим чередом
● ~æн мæ йæ хорзæх, мæйæн йæ фыдæх	пусть буду в милости у солнца, в немилости у луны
● ~мæ баззайын	остаться на солнце; остаться без присмотра
● æхсæны уазæг ~мæ баззад	всем миром пригласили, да на солнце позабыли
~мæ ныууадзын	сушить на солнце; оставлять на солнце; не уделить внимания
● ~мæ рахæссын	сделать достоянием гласности; обнародовать
царды хъæндзиндтæ ~мæ хæссын	вскрывать и обсуждать недостатки, проблемы
● митæ ~мæ ракалын	разоблачить действия
● Æз ын йæ зæронд мæрдты дæр ~мæ ракалдзынæн!	Я ему всё припомню
● ~мæ хуссар хæстæгдæр у	юг к солнцу ближе
● ~мæ чи бахус вæййы, уый æмбийгæ нал кæны	что на солнце высохнет, уже не сгниёт
● ~тæ æмæ дзы мæйтæ кæсынц	её лицо сияет

~ы системæ — солнечная система
~ы тæппытæ — солнечные пятна
~ы тын — луч солнца
~ы фæтар — затмение солнца
● ~ы хъарммæ хъыбылтæ дæр кафгæ фæкæнынц — согревшись на солнце, поросята и то в пляс пускаются
● ~ыл дæр ма сау стъæлф фæзыны — и на солнце бывают пятна
● адæмы дарæг – ~ æмæ сыджыт — солнце и земля – кормильцы людей
● æмæ мыл ~ ракаст — и я очень обрадовался
зæрин ~ — золотое солнце
● зæхх æрдзæн йæ мад у, ~ та – йæ фыд — земля – мать природы, а солнце – её отец
● зæхх цæуын куы зонид, уæд нæ ~мæ фæкæнид — если бы земля ходить умела, она бы всех к солнцу повела
● искæй алы бон ~мæ дарын — заставлять кого-л. ждать; надоедать кому-л. каждый день
● искæмæн ~тæ фенын кæнын — оказать благодеяние
нæ ~ы хай — наше солнышко
нæ ~ы хай ныл рæстырдæм разилдзæн — удача повернётся к нам лицом
ницы ~тæ дзы федтон уый размæ дæр — я и раньше тоже ничего хорошего от него не видела
● махмæ (мах уынджы) дæр ~ кæд бахудид — будет и на нашей улице праздник; будет и у нас радость
● хъуыддæгтæ ~мæ ракалын — разоблачить чей-л. обман, вывести кого-л. на чистую воду
● цы ~, цы къæвда дæ æрбахаста? — каким ветром тебя занесло? (*букв. каким солнцем, каким дождём тебя занесло?)*
мæ ~ы чысыл — моё солнышко
мæрдты ~ — *фольк.* солнце мёртвых

хурауун (*бир.* хурауæттæ) — тень
● хурауæттæ æмæ æнцад фæндæгтæ агуырын — искать лёгких путей; быть расчётливым

хурæнбæрæг; хурæргом — отчётливый; очевидный
хурæнгæс — солнцеликий; солнцеподобный
~ саурæсугъд — солнцеликая красавица
– Кæй чызг дæ, ацы ~? – Мад æмæ фыдæй – сидзæр, фæлæ мын авд æфсымæры ис. *НК.2* — – Чья ты дочь, солнцеликая краса? – Нет у меня ни отца, ни матери, но есть у меня семь братьев
хурæркаст — восход солнца, появление солнца
хурæфсæст — солнечный, насыщенный солнцем
~ зæхх — солнечная земля
хурбадæн — солнечное место, где обычно собираются старики
хурбон — солнечный день
● ~ æваст арв куыд æрцæва, уыйау — как гром средь ясного неба
● ~ дæ нымæт ма ныууадз, къæвдайы дæ кæрц — будь предусмотрительным
~ скодта — настал солнечный день

● ~ хуры хъармыл ма бацин кæн, къæвда йæ раивдзæн — в солнечный день не обольщайся, следом гроза придёт

~тæ дæр та скæндзæн! — Жизнь снова изменится к лучшему! Будут ещё солнечные дни!

Уыцы рæстæджы ~тæ хаста, зæхх хъæбæр уыди æмæ фæдмæ гæсгæ зын ссарæн уыдысты. *Арсен. Джанаспи* — Дни стояли солнечные, земля затвердела, и найти их по следам было очень трудно

● фыдбон – дзабырджын, ~ – бæгъæвад — в плохой день в обуви, в хороший босиком

хурварс (*бир.* хурвæрстæ) — солнечная (южная) сторона; солнцепёк

● зæрдæтæ ~ абадын кæнын — порадовать сердца; доставить удовольствие

кæрты ~ бадын — сидеть на солнечной половине двора

● цардæн йæ ~ фенын — повидать хорошую жизнь

хурвæлтæр, хурфæлтæр — засуха; период солнечных дней

~ æгæр бирæ хæссы — засуха слишком затягивается

хургом — дом мужа (замужней женщины)

~мæ ацæуын — уйти в дом мужа

йæ ~æй æрбацыд — пришла из дома мужа; вернулась к родителям

хурда — сдача, мелочь; мелкие деньги

~ райсын — получить сдачу

хурдалынг, хурталынг — *астр.* солнечное затмение, заход солнца

хурджын — солнечный; засушливый

~ аз — засушливый год

~ бонты нымæц — количество солнечных дней

~ мифтæ — солярные мифы

хурдзаст — светлый

~ цæсгом — светлый лик

хурдзæф — солнечный удар

~ фæуын — получить солнечный удар

хурзæрин — сверкающее солнце; заря; сияние *(букв. золотое солнце)*

хурма — *бот.* хурма

хурмæбадæн кæнын — лениться

~ ма кæ — не ленись, нечего на солнышке нежиться

хурмæзил(æг) — *бот.* подсолнечник

~ байтауын — посеять подсолнечник

● чызджы зæрдæ ~æй уæлдай нæу — сердце девушки непостоянно

хурныгуылæйнаг — западный

хурныгуылæн — заход, закат солнца; запад; западный

хурныгуылд — заход, закат солнца

~æй хурыскастмæ — от заката до рассвета

● ~ы фæстæ зынг дæттын нæ фæччы — после заката давать огонь кому-л. не положено

● ног дарæс ~ы нæ чындæуы — новую одежду не обновляют после заката

хуррæстæг — солнечная, засушливая погода; засуха

хурсыгъд (*бир.* хурсыгъдтытæ) сожжённый солнцем, выжженный; загорелый, шоколадного цвета

хурталынг, хурдалынг *астр.* солнечное затмение, заход солнца

хуртуан (*бир.* хуртуантæ) рассыпанный на солнце для просушки

хуртуангæс человек, охраняющий зерно для просушки

хуртуанхор *разг.* воробей

хурфæлтæр засуха; период солнечных дней

хурх (*бир.* хурхытæ) *анат.* гортань, дыхательное горло

~ балвасын задушить; схватить за горло

~ кардæй лыг кæнын перерезать горло

~ кæнын душить; задыхаться; доводить до отчаяния

~æй мæлын мучиться; изнуряться

~мæ марæн кæрдтæ хæссын приставить нож к горлу

~ы нарæг комок к горлу подступил;

мæстæй ~ы нарæгмæ уæвын от злости горло перекрыло

~ы онг по горло

● ~ы уæныстæгау ныллæууын стоять костью в горле

● ~ыл фæныхсын наступить на горло

● искæй ~ыл ныххæцын наступить на горло

● исчи нæ базондзæн æмæ та нæ сау куыстæй бадомдзæн, ~æй нæ амардзæн нас узнают, заставят выполнять чёрную работу, замучают нас

● куыдз стæгæй ~ кæны собака давится костью

● марды ~ бахсындзæн мёртвому глотку перегрызёт

● мæрддзæсты ~ыл – хæйрæджы къæлæт у скупого на шее ярмо дьявола

● уый марды ~мæ дæр нæ фæлæудзæн он готов и мёртвому в глотку вцепиться

● уый хъæбæрзæрдæ адæймаг у: марды ~ дæндагæй бахæрдзæн у него сердце из камня, он и мёртвому глотку зубами перегрызёт

● цалынмæ кард хастой, уæдмæ æвзаг ~ ахауын кодта зря острый нож взяли, острым языком голову уже сняли

хурхауындзæн(тæ) *анат.* бронхи, горло (дыхательное)

хурхæтæн *астр.* солнцестояние

~мæ чи нæ сæвзæра, уыцы хуымтыл дæ къух ауигъ. *Æхсарбег. Куырды фырт* На те посевы, которые не взошли до солнцестояния, можно махнуть рукой

~ы мæй июнь

зымæгон ~ зимнее солнцестояние

сæрдыгон ~ летнее солнцестояние

● Цыппурсы ~ы хур – сæрдырдæм, зымæг – тъæнджырдæм Солнцестояние в рождество к теплу; зимой – к трескучим морозам

хурхбаст: ~ кæнын душить; привязывать за шею *(напр. собаку, козу и т.п.)*

хурхбæттæг *(бир.* хурхбæтджытæ) душитель

хурхгæнæг *(бир.* хурхгæнджытæ) 1. душитель; 2. удушающий

хурхон *лингв.* гортанный

~ мыр гортанный звук

хурхуадындз *анат.* трахея; голосовые связки

хурхъæз *бот.* бамбук

хурцæсгом восток; восточный

хурыскаст восход солнца

● ~ чи фена, уымæн йæ изæр амондджын вæййы кто рано встаёт, того счастье найдёт

● ~æй лæг йæ сыхагыл тагъддæр сæмбæлы встретится сосед раньше, чем рассвет

~ы агъоммæ до восхода солнца

● афтæ бафынæй, æмæ ~мæ йæ къах дæр нал атылдт так крепко уснул, что даже ногой не двинул

иу ~æй иннæ ~мæ от одного восхода до другого; целые сутки

Уымæн йæ сæрмæ ‘нцон сæфтæн нæу, иу ~æй йæм иннæ ~мæ хъæуы цæуын. *НК. 2* Туда на вершину так просто не попасть, придётся идти целый день и целую ночь

сæууон ~мæ æнхъæлмæ кæсæгау с нетерпением ждать утреннего восхода

райсомы ~æй изæрдалынгтæм æрæнцой нæ зонын трудиться, хлопотать всеь световой день

фидæны ~ начало будущей жизни

хурныгуылдæй ~мæ от заката до рассвета; всю ночь

ком фæдарынц ~æй хурныгуылдмæ пост следует держать от рассвета до заката солнца, весь день

хурыскæсæйнаг восточный

хурыскæсæн восход солнца; восток

~ы агъоммæ до восхода солнца

хуры тын луч солнца

хурыцæст луч солнца

● æнæ ~ фенгæйæ халсар нæ рæзы овощи созревают, когда солнце пригревает

хус сухой

~ быдырты зонæ *геогр.* зона сухих степей

~ дымгæ суховей

~ дыргътæ сухие, сушёные фрукты

~ кæнын сушить(ся), сохнуть; усыхать

~ кæрдæг сухая трава

~ къæбæртæ сухари

~ ныхæстæ пустые бессодержательные разговоры

~ ныхæстæй ницы пайда ис из «спасибо» шубы не сошьёшь; соловья баснями не кормят

~ рæстæг засуха

~ сыф сухой лист

~ фазы уыгæрдæнтæ суходольные луга

~ цæссыг æппарын плакать без слёз

~ыл фæуадзын оставить на мели

● бæласы цъупп тагъд ~ кæны крона дерева быстро сохнет

гæрзтæ ~ кæнын сушить бельё

● иу ~ къæцæл – артæн æндзарæн для растопки одна сухая палка требуется

уидаг ~ кæны корень сохнет

хусармæй
Хæдзары куыстытæм сæхи æппæрстой, цуаны цыдысты æмæ фæстæмæ ~ никуы æрыздæхтысты. *Азæмæт. Ход*

хусæй
~ дасын
● дæ кард цыргъæй дар, дæ топпыхос ~
● цæсты бынтæ ~ хæссын

хусæнфæразон
хусгæнæн
~ цех

хусгомау
хусгонд
хусдзинад
хускæнынад
хусрæстæг
дæргъвæтин ~

хуссайраг *(бир.* хуссайрæгтæ)
~здæхт ныхас

хуссар
хуссариаг

Хуссар Ирыстон
хуссарварс
хуссаргæрон
хуссар-хурныгуылæйнаг
хуссар-хурныгуылæн
хуссар-хурыскæсæйнаг
хуссар-хурыскæсæн
хусфæразон
хусхæссаг
~ тæлм

хуы I
~ аргæвдын
● чидæр, дам, ~ аргæвста 'мæ йæ хæдзарæй нал цыди
● ~ æдзух хъæрзы, фæлæ дзы ницы риссы
● ~ æмæ хъазæн сæ фæндаг иу нæу
● ~ йæ бæрзæй ауæй кодта доны ленкыл
● ~ нывондæн нæ бæззы
● ~ чъизийæ нæ тæрсы
● ~йæн йæ фарсыл дур куы ныццæвай
Знаг ницы змæлы, ~йæн йæ фарсыл дур куы ныццæвай, уый хъус ныцци. *Баситы М. Иубæстаг*

ни с чем; с пустыми руками
Они хватались за работу по дому, ходили на охоту, с которой никогда не возвращались с пустыми руками

насухо; сухо
брить насухо; иметь острый язык
клинок держи острым, а порох сухим
не плакать

засухоустойчивый
1. сушилка; 2. сушильный
сушильный цех

суховатый
высушенный
сухость
сушка *(действие, процесс)*
засуха
затяжная засуха

южный; южанин
юго-осетинский говор

1. юг; 2. южный
1. житель Южной Осетии; 2. юго-осетинский

Южная Осетия
южная сторона, южный склон
южная окраина
юго-западный
юго-запад
юго-восточный
юго-восток
засухоустойчивый
засушливый
засушливая полоса

свинья
забить, зарезать свинью
кто-то свинью забил и больше из дому не выходил
свинья всё время вопит, а так у неё ничего не болит
гусь свинье не товарищ
свинью легко подкупить
свинья в жертвенное животное не годится
свинья грязи не боится
как свинья, огретая камнем
Противник затаился, затих, как свинья, которую огрели камнем

● ~йæн кад кæнынц цъуй лæдзæгæй — свинье почести, да рябиновой палкой

● ~йæн сыкъатæ куы уыдаид, уæд бæстæппæт байсæфтаид — *разг.* если бы свиньи были рогатыми, они бы всех бодали

● ~йы бæлæгъы холлаг бахæрын кæнын — унизить; заставить есть из свиного корыта

● ~йы гуыбыны дуртæ дæр тайынц — свинья и камни переварит

~йы хъис — свиная щетина

● ~йы хъис – дзаумайæн — свиную щетину да в дело

● ~йы кæримæ куы уадзай, уæд йæ сæрмæ хизы — посади свинью за стол, она и ноги на стол; дай ему палец, он и всю руку откусит

● ~йы хуыздæр бынат цъыфдзасты — для свиньи грязь – лучшее место

~йы хъыбыл — поросёнок, *унич.* свин, поросёнок

● ~та арвæн цы зоны — как свинья в апельсинах

~тæ дарын — держать свиней

~тæй зынæфсисдæр æмæ чъизидæр — ненасытней и отвратительней, чем свиньи

● дзуары номыл ~ ничи 'ргæвды — святым свинью не посвящают

нæл ~ — боров

хъæддаг ~ — *зоол.* вепрь

хуы II — небольшая копна

хуыбырст — атака не по правилам

Уый ~ уыдис, нымады нæу, ногæй 'ræвналæм. *Нафи.* — Это атака была не по правилам совершена, давай сначала возьмёмся

хуываст — *мед.* крапивная лихорадка

хуыгарк — куропатка

хуыгæс — свинопас; свинарь

хуыгуыбын — *разг.* обжора

хуыд — 1. шитьё; шов; 2. шитый

~ сыхалын — распороть

машинæйæ ~ — шитьё на машине; шов

хуыдалынг — кромешная тьма

Æнафоны бæлццон фæстæмæ акаст, æмæ ком ~, разæй къухы цæст фæтъыс. *Азæмæт. Ход* — Оглянулся запоздалый путник, в ущелье кромешная тьма, а впереди – хоть глаз выколи

хуыдиртæст — с разошедшимися швами *(на черепе);* расхождение швов *(на черепе)*

хуыдон *(бир.* хуыдæттæ) — свинарник

хуыдуг, хуыдыг — 1. удушье; 2. задохнувшийся

~ кæнын — задыхаться

Ахæм дызæрдыг фарстытæ ~ кодтой Зæмирæты. *Джиоты Д. Зæмирæт* — Такие подозрительные расспросы душили Замират

фырмæстæй ~ кæнын — задыхаться от сильного гнева

Дæ ныхас мастæн у æнхъизæн, / Кæнын дæ ныхасмæ ~. *Михал. Дидинæджы ингæн* — Твои слова меня всё больше злят, / Я задыхаюсь от твоих слов

фырхуыфтæй ~ кæнын — задыхаться от сильного кашля

хъуынайы тæфæй ~ кæнын — задыхаться от запаха гнили

хуыдуггæнæг (*бир.* хуыдуггæнджытæ) — удушливый

~ газ	удушливый газ
~ низ	астма
хуыдуггæнæн	удушающий
~ фæздæг	удушающий дым
хуыдым, хъуыдым	затон; запруда; водоворот, омут; пучина
царды ~	водоворот жизни
хуыдырбулкъ	репа
хуыдыхæлд (*бир.* хуыдыхæлдтытæ)	расползание одежды по шву
хуыдзарм (*бир.* хуыдзæрмттæ)	свиная кожа
хуыдзæг	*мед.* свинка
хуыдзых	усач *(рыба)*
хуыз	цвет; масть; вид, образ; внешность; *биол.* вид
~ аивын	измениться в лице (побледнеть, покраснеть)
~ афæливын	*букв.* изменить образ; резко измениться
~ скалын	похорошеть; хорошо выглядеть
~ исын	фотографировать(ся)
~ы цъыртт дзы нал аззад	кровь отлила от лица; сильно побледнел
Абон дæ ~ хорз нæу, кæд дæ исты риссы?	У тебя сегодня неважный вид, может, болит у тебя что-нибудь?
алы ~ы	в разных видах
æддаг ~	внешний вид
æмбæлгæ ~ы	должным образом
æндæр ~ равдисын	принять другой вид
æндæр ~ы равдисын	показать в другом свете, виде
æцæг ~ равдисын	показать истинное лицо
æцæг ~ раргом кæнын	разоблачить; сорвать маску
бæлæсты зынаргъ ~тæ	ценные породы древесины
бирæ ~тæ ссарæн ис	можно найти много сходства
йæ ~ фæцыди, фæлыгъд	он побледнел
никæцы ~ы	ни под каким видом
тырысайы ~тæ	цвета флага
фидисы ~ы	в виде упрёка
хъазты ~ы	в игровой форме
хуызад	вид, разновидность
хуызæвдисæг	обозначающие цвет
~ терминтæ	термины цветообозначения
хуызæг	образец, тип; копия
хуызæгон	образцовый
хуызæй	с видом; внешне; в качестве
~ рæсугъд	внешне красивый
алы ~	во всех видах; всеми возможными способами
æнæбары ~	покорно

æркасты иу ~ — на первый взгляд; по виду
æртаджы ~ пайда кæнын — использовать в качестве горючего
æфсæрм ~ — с застенчивым видом
исты ~ — каким-то образом, каким-н. образом
тарст ~ кæсын — смотреть испуганно
~ дæр нæ зонын — не знать даже на вид

хуызæн (*бир.* хуызæттæ) — подобный, похожий; должным образом
● ~æй ~мæ чидæр лæг амардта — сходство иногда может быть опасным
~ кæнын — уподоблять
мæ ~ уæ фесæфт? — Не меня ищете? Такого как я потеряли?
мæнæ мæ хуызæттæ — мне подобные
йæхи ~ нал у — он сам не свой; потерял душевный покой
Иуылдæр йæхимæ кæсынц. Афæстаг рæстæг мæгуыр, йæхи ~ дæр нал у. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Вся работа на ней. В последнее время бедняжка сама на себя не похожа
истæм йæхи ~ нæй — ему нет равных
● кæд хауыс, уæд хорз бæхæй, кæд хыл – уæд ~ — падать – так со скакуна, враждовать так по-настоящему
ныхасгонды ~ — как сговорившись
уыцы ~æй дæ мады гуыбыны фараст мæйы куыд бафæрæзтай?! — если ты такой нетерпеливый, то как ты 9 месяцев оставался в чреве матери?!
● чи кæмæй райгура, уый ~ кæны — от кого народился, в того и уродился

хуызæнæн — достойный, нужный
~ æфхæрд — должное наказание
~ æфхæрд баййафын — понести должное наказание
~ дзуапп — достойный ответ
Йæ минæвæрттæн ~ дзуапп нæ радтой. — Его сваты не получили внятного ответа
~ лæг сæм нæй — у них нет ни одного достойного мужчины
~ мыздæ исын — получать достойную зарплату
алцыппæт дæр ~ — всё как нужно
Йæ мадæй райгуыргæ æфсымæрæй уæлдай нæу ~ æмгар! *Лademыр. Артдзæст* — Достойный друг, всё равно что родной брат!
Ма кæн; куы кæнай, уæд – ~ — Не делай; а если делаешь, то как надо

хуызæндзинад — аналогия; сходство

хуызæртау — капля крови

~ дзы нæй — (он) побледнел

хуызгæнæг (*бир.* хуызгæнджытæ) — художник

хуыздæр — лучший; лучше
~ бон та кæуыл ис? — а кому живётся лучше?
● ~ быцæуæй нæу — спором не решается, кто лучше
~ гæнæн мын нæй — у меня нет другого выхода
~ зонд дæм æрцæуæд — дай Бог, чтоб ты поумнел, передумал
~ кардих — лучший кусок
~ куыд нæ вæййы — как нельзя лучше

~ нæ вæййы — отлично, лучше не бывает *(сделать что-л.)*

– Уый æнхъæл дын нæ уыдтæн… æмбал ма дзы ~ цы вæййы – йæхи бустæгæнæг скодта Чабæхæн. *Максим. Быны чызг* — – Никогда от тебя такого не ожидала… тоже мне подруга, – проворчала Чабахан

~ нæ хъæуы — хоть куда

~ фидæнæн — ради лучшего будущего

~æй ~ кæнын — совершенствоваться; становиться всё лучше

● ~æй ~тæ бирæ ис — нет предела совершенству; лучше лучшего всегда найдутся

~æн райсын — предпочесть

~ты ~ыл нымад сты — они считаются лучшими из лучших

Сæхимидæг тæрхон кæнынц æмæ дзурынц: «Цымæ нæм лæг ~, ус~ чи уыдзæнис?» Æмæ нæ фидауынц. *НК.* — Решают они между собой и говорят: «кто у нас лучший из мужчин и лучшая из женщин?» Никак не могут к согласию прийти

~ты æмрæнхъ лæууын — быть в лучших рядах

~ты номхыгъд — список лучших

~ыл амбæлут! — удачи вам!

~ыл банымайын — предпочесть

● адæмæн сæ ~тæ фылдæр сты — хороших людей на свете больше

Адæмæн сæ ~тæ фылдæр сты, дæ амонд ма ссардзынæ. *Умар. Уыцы бон касти хур* — Хороших людей на свете больше, ты ещё найдёшь свою судьбу

● æнæнизæй ~ нæй — здоровье дороже богатства

● ахæрынæй анхъæлмæ кæсын ~ у — обещанного три года ждут

● æгад цардæй мæлæт ~ у — лучше смерть, чем позорная жизнь

æппæтæй ~ — лучше всех

● æппын нæйы бæсты чызг ~ — уж лучше дочь, чем совсем без детей

дæ ~ау фæу — *доброе пожелание* чтобы ты лучше стал

дæ ~ы фенай — я хочу, чтобы ты встретил человека получше

дзæвгар ~ — гораздо лучше

● дзыхыл хæцынæй ~ дзы ницы и — молчание – золото

● зæгъынæй нæзæгъын ~ у — промолчать всегда лучше

● къуымых кардæй фæрæт ~ у — лучше топором, чем тупым ножом

мыггаджы ~ — гордость фамилии

ницæмæй ~ — ничем не лучше

рынчын бонæй бонмæ ~ кæны — здоровье больного с каждым днём улучшается

уыйта ноджы ~ — тем лучше

● федтонæй нæ федтон ~ — притворись, что не видел

● хорзæй ~тæ ис — всегда есть кто-то лучше

хъуыддæгтæ ~æй ~мæ цæуынц — дела идут в гору

царды ~ бонтæ — самые счастливые дни в жизни

чызджыты ~ — лучшая девушка

хуыздæрæнрайст предпочтение
хуыздæрæнхъæл надеящийся на лучшее; питающий надежды
~ – бонвыддæр надеяться на улучшение, а получить ухудшение
хуыздæрдзинад высшее, высокое качество; превосходство
хуыздæрхъуаг уæвын оставлять желать лучшего
фæндæгты уавæр у ~ дороги оставляют желать лучшего
цæрыны уавæртæ ~ сты жилищные условия оставляют желать лучшего
Иннæ ахæм хъæутау, ам дæр бирæ ис лыггæнинаг фарстатæ: фаг нæй куысты бынæттæ, царды уавæртæ сты ~. *Р. 02.09.2015* Здесь, как и в других горных селениях, много нерешённых вопросов: недостаток рабочих мест, условия жизни оставляют желать лучшего
хуыздæрырдæм в лучшую сторону; к лучшему
~ фæбæрæг уæвын сказаться к лучшему
боныхъæд ~ ивы погода меняется к лучшему
хуызджын цветной
~ ахорæнтæ цветные краски
~ згъæртæ цветные металлы
~ нывтæ цветные краски
~ фильм цветной фильм
хуыздзыд вылинявший
хуызивд 1. видоизменение; перемена цвета; 2. видоизменённый; выцветший
~ кæнын деформировать
~ æфсæддон дарæс выцветшая военная форма
~ къаба вылинявшее платье
хуыз ивын линять
хуызивынад видоизменение; преобразование
хуызисæг (*бир.* хуызисджытæ) фотограф
хуызисæн 1. фотография (мастерская); 2. фотографический
~ аппарат фотоаппарат
хуызист (*бир.* хуызистытæ) снимок, фото
хуызсæфт обесцвеченный; застиранный
хуызхор сальная железа; угорь *(на коже)*
хуызыртау, хуызæртау капля крови
хуыинаг шитьё; материал для пошива
хуыйæг (*бир.* хуыйджытæ) портной, швея
дæсны ~ искусная швея
хуыйæджы дæсныйадыл фæцалх уæвын овладеть мастерством швеи
хуыйæн швейный, пошивочный
~ машинкæ швейная машинка
~ цех пошивочный цех

хуыйæндаг (*бир.* хуыйæндагтæ) толстая нитка для специально обработанной кожи (козьей) для сшивания сбруй, дратва

хуыйнын называться; зваться

хуыйын шить

хуыйысæр *муз.* двуструнная скрипка

Гъе, хъæздыг куырм Бибо!.. Гъе, тыхджын зæронд лæг!.. / Радта дын Уастырджи сау хъисæй ~. *Къубалты А. Æфхæрдты Хæсанæ* Эй. Богатый слепой Бибо! / Эй сильный, старый человек! / Послал тебе Уастырджи двуструнную скрипку из чёрной щетины

хуыкком берлога; пещера

● арс йæ ~ы йæ дзæмбы сдæрдзæн будет медведь в берлоге лапу сосать

хуылф (*бир.* хуылфытæ) утроба, чрево; недра; внутренность

~ы низтæ внутренние болезни

● æнхъизгæ бæгæны ~æн хос у перебродившее пиво – как лекарство

зæххы ~ недра земли

● кæрæдзийæн, йæ ~ы кæмæн цал тъанджы ис, уый дæр ма зонынц знают друг у друга всю подноготную

мæ удæй мæ ~ы ницыуал аззади душа в пятки ушла

цæст – ~ы айдæн глаза – зеркало души

● чъырау йæ маст йæ ~ы ‘хсиды как извёстка, весь кипит от злости

хуылфмæ вовнутрь

~ дзурæгау по секрету

хуылфас объём; вместимость

хуылфыдзауматæ, хуылфыдзаумæттæ *анат.* внутренности; потроха; требуха

хуылфырдыгæй изнутри

хуылыдз мокрый, сырой

● ~ æвзаджы нæ хæрды цæуын хъæуы, нæ – уырдыджы – дзуры, йæ зæрдыл цы ’рбафты, уыдон языку что, ему в гору не подниматься, с горы не спускаться – мелет себе, что взбредёт

~ кæнын мочить, обливать, водой; сырость

● донласт ~æй нал тæрсы утопленник воды не боится

зыбыты ~ мокрый до нитки

● хорз куырой ~ ыссинаг дæр ыссы хорошая мельница и сырое зерно мелет

хуым пашня, поле

~ кæнын пахать

искæуыл хæрæгау ~ бакæнын заставить кого-л. каторжно работать

● æз фесæфтæн – ныр хæрæгæй дæр ~ кæнæнт! мне конец – теперь пусть делают, что им заблагорассудится, хоть на ослах пашут!

~ кæрдын жать

~ ласын бороновать

~тæй хъæздыг тыллæг сисын собрать хороший урожай с полей

~тæм хъацæнтæй базилын удобрить поля

● ~ы кæрон ссарын на грядке найти; в капусте найти; *букв.* на краю пашни обнаружить

Тохтийы фырт дæр ~ы кæрон не ‘ссардæуыд, лæгдзинадæй хъæстаг нæу. Сына Тохти тоже не на грядке нашли, у него мужских качеств предостаточно

● дæ ~ы кæроны мæ ссардтай? я что у тебя на грядке вырос?

Уæ ~ы, миййаг, æрзадтæн? Цы мыл хъæртæ кæныс? Ты думаешь, я у вас на грядке вырос? Чего разорался?

● ~ы кæрон баззайын выпасть из поля зрения

Хъæртæ йыл кодта, æртхъирæнтæ йæм кодта, цыма йæ йæ ~ы кæрон æрцахста, уыйау. *Максим. Хурзæрин* Он кричал на него, угрожал ему, словно застал его на краю своей пашни

● ~ы уалдзæг куыд байтауай, фæззæг дзы афтæ ’рзайдзæн что посеешь, то и пожнёшь; как поведёшь себя, таковы будут и последствия твоего поведения

~ы фыццаг ауæдз скæнын проложить первую борозду; положить начало

æнæтынд ~тæ неубранные поля

æхсæны ~ общая пашня; бесхозная собственность

● æхсæны ~ – дурджын общая пашня каменистой остаётся

● æхсæны ~ – хæрæгхизæн на общей пашне ослам привольно пастись

– Куы хизай, уæд æхсæны ~ы – тас дын нæу. Цалынмæ адæм кæрæдзимæ дзурой «ды ауай, ды ауай», уалынмæ дæ гуыбын бафсаддзынæ. – Пастись надо на общей пашне – ничего не бойся. Пока люди будут друг друга подгонять «ты побеги, ты прогони», ты сам уже брюхо набьёшь

● зæрæстон ~ кæрдæгджын кæны заброшенная земля быстро травой зарастает

● зæххы бын ~ кæны *прост.* он действует тишком

● искæй дзæгъæл ныхæстæй йæ ~ ничима ныккарста пустыми разговорами дело не сделаешь, пашню не вспашешь

● искæйы ~ барув, дæхи ~ хæмпæлы бын фæуæд не думать о себе; чужую грядку прополи, своя пусть бурьяном зарастёт

● иумæйаг ~ кувæндон у общее поле – святилище

Нæ ~тæй куы скæной уыгæрдæн, / Нæ цард ныууыдзæн хæрзмынæг. *Секъа.* Если наши поля превратятся в угодья для сенокоса, / Наша жизнь совсем замрёт

● дыууæ ‘мхæрæфыртæй арс хуынкъмæ лидзы, дыууæ ‘мсиахсæй та хæрæг ~æй дæр не здæхы сыновей двух сестёр и медведь страшится, а мужей двух сестёр даже осёл не боится

● фæндаггæрон хосы ’мæ къулы ~ы бæркад нæй нет пользы от зерна вдоль дороги и пашни на склоне

Ой, нæ хидæйдзаг ~тæй хынджылæг куы кæнынц, иунæг Хазби! *Хазбийы зарæг* Ой, глумятся над нашими пашнями, кровью нашей политыми, Хазби!

хуымафон период пахоты

хуымæллæг (*бир.* хуымæлджытæ) *бот.* хмель

Цы кæнæм… царды фыдох ~ау нæ уæлæ æртыхсти. *Болайы фырт. Адæм* Что нам делать… опутала нас жизнь как хмелем своей тяжестью

хуымætæг простой, элементарный; обыкновенный; безыскусный, наивный

~ адæймаг человек с улицы; обычный человек

интервью ~ адæмæй исын интервьюировать рядовых граждан

~ бинонтæ — простая семья

Мæ хорз фысым, æвæццæгæн / Мæхи хуызæн ~ дæ. *Хъаныхъуаты В. Кадæг* — Моя добрая хозяйка, похоже, / Ты, как и я, из простых

~ кæнын — упрощать

● ~ нæу — не лыком шит

~ хъуыдыйад — *грам.* простое предложение

~æй вазыгджындæрмæ — от простого к сложному

хуымæтæгад — наивность

хуымæтæгæй — запросто; без стеснения; по-простому

ацы хъуыды нæм ~ æрцыд — мысль возникла у нас сама по себе

хуымæтæггонд — простоватый; упрощённый

хуымæтæгдзинад — простота, непосредственность

хуымæтæгхуызæй — запросто

хуымæтæджы — 1. простой, обыкновенный; 2. просто; так себе; напрасно

~ æвзагæй стыр хъуыддæгтыл дзурын — говорить о важном простым языком

– æз, æвæццæгæн, тагъд смой кæндзынæн, – ~ фехъуысын кодта Клава. *Умар. Адæймаджы амонд* — – Я, наверное, скоро замуж выхожу, – както буднично объявила Клава

~ буаргъæд — простое вещество

Дон, йæ миниуджыты бæрæггæнæнтæм гæсгæ, ~ буаргъæд нæу. — Вода, по своим свойствам, непростое вещество

~ бузныг фæуын — преисполниться благодарностью

Рагæй дæр сæрæн адæймаг уыди Фаризæт. Дзæгъæл ~ бузныг дзы нæ уыди Дзæрæхмæт дæр. *Æхсарбег. Куырды фырт* — С давних пор Фаризат отличалась энергичностью. Не зря и Дзарахмат был ею доволен

~ гæн — лён

~ зæхкусæджы фырт Плиты Иссæ хæсты азты ссис номдзыд æфсæддон разамонæг — Плиев Исса, сын простого земледельца, во время войны стал известным военачальником

~ нæ — не зря; неспроста

Знаг ~ нæ ныхъхъус — Враг неспроста примолк

~ нæ равзарын — выбрать специально; иметь основания для выбора

~ нæ фæзæгъынц — не зря говорится

~ нæ дзырдæуы «Туг хæссы», зæгъгæ. — Не зря говорят «Кровь – не вода»

дзæгъæл ~ — соверешенно напрасно

хуымгæнæг (*бир.* хуымгæнджытæ) — пахарь

● ~ йæ хуыздæр галы фæстаг ифтындзы — пахарь лучшего вола под конец приберегает

хуымгæнæн — 1. пахота; время пахоты; 2. пахотный

~ы мæй — апрель

● иу галæй ~ нæй — с одним волом много не вспашешь

хуымгæнд (*бир.* хуымгæндтытæ), **хуымгонд** — пашня, вспаханная земля, запашка; посев

● уымæн йæ ~ зæххы быны ис — его козни трудно распознать

Нæ дзыллæйы зæрдæ – / Мæ ~ы хай; / Нæ бæсты сагъæстæ – / Мæ фæззыгон най.. *Къоста. Ныфс* — Сердце нашего народа – / Доля моей пашни; / Горестные думы нашего края – / Мой осенний обмолот

хуымгæрдæг (*бир.* хуымгæрдджытæ) — жнец

хуымгæрдæн — жатва; время жатвы

хуымгæрон — край поля

● æз дæр искæй ~ не ‘рзадтæн — меня тоже не в капусте нашли

Æз дæр искæй ~ не ‘рзадтæн. Истори бирæ уарзын. Куыддæр станца арæзт фæуæм, афтæ – хæрзбон, Хъобангом! Къолаимæ Мæскуыйы балæуыдтæн. *Мæрзойты С. Къæхтысæр* — Я тоже не лыком шит, историю люблю очень. Вот достроим станцию – и прощай, Кобань. Вместе с Кола отправимся в Москву

хуымгонд (*бир.* хуымгæндтытæ) — пашня

хуымгуыст — полеводство

хуымджи — *зоол.* пескарь

хуымдзау — жнец; пахарь

хуымзæхх (*бир.* хуымзæххытæ) — пахотная земля, пашня

хуымон — 1. земледелец; работающий в поле; 2. полевой

~ галау — как вол на пашне

● ~ галау хи баифтындзын — впрячься в работу как вол в поле

Цæй ~ ма ис мæнæй? — Какой из меня ещё работник?

хуымпъыр — кобура

● ~ы нал лæууын — проявлять нетерпение; не знать удержу

дамбацайы ~ — кобура для пистолета

дамбаца ~ы нытътъыссын — положить револьвер в кобуру

хуымыдзаг — очень много; целая грядка

● ~ æппæлæн ныхастæ фæкæнын — наговорить много хвалебных слов

Æз æмæ дæу хуызæттæй хуымыдзаджы аргъ у. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Он стоит множества тебе и мне подобных

хуын — подарок, гостинец, приношение

уæ ~ бирæ уæд! — большое спасибо за ваш подарок!

хуынд (*бир.* хуындтытæ) — 1. приглашение; угощение; 2. приглашённый, званый; пригласительный

~ы билет — пригласительный билет

~ы сæр цы у? — по какому поводу приглашают?

~ы цæуын — ходить в гости

Дыккаг бон-иу æрхуыдта сыхбæсты адæмы, кæнæ та-иу ацыд ~ы йæ сыхæгтæм. *Багаты Л. Мæ фæззыгон най* — На второй день он приглашал своих соседей или сам шёл в гости к соседям

Нарт æмхæрд, æмнуæзт уыдысты дауджытимæ,– æрцыдис Куырдалæгон Сатанайы ~мæ. *НК.* — Нарты с небожителями на равных ели-пили, – явился по приглашению Шатаны Курдалагон

● искæдæм ~ы куы цæуай, уæд дæ хæдзары дæхи бафсад — прежде, чем в гости отправиться, поешь хорошенько

● искæй ~мæ æххормагæй ма цу — голодным в гости не ходи

Зæрватыкк зæдты ~мæ атахти, Батрадзæн йæ хъусы цыдæр ацъыбарцъыбур кодта. *НК.* — Прилетела ласточка на пир к небожителям. Батрадзу на ухо что-то прощебетала

Маходзайы ~ сын бакодта — угостил их плохонько (*как Маходза)*

~тытæ æмæ хынцтытæ — приглашения и угощения

хуындæджер — монарх; султан *(титул)*

хуындæджы бадын — *уст.* жить у родителей или родных *(о замужней женщине)*

● ~ бадæгау хуынтæ домы — подарков требует как будто она у родителей

хуындæмбал (*бир.* хуындæмбæлттæ) — попутчик, товарищ приглашённого

хуындзау (*бир.* хуындзæуттæ) — *этн.* посланец с приданым невесты и с подарками

Хуындзæуттæй хистæр сылгоймаг радзуры æмæ равдисы чызджы хæдзарæй ærвыст хуын. — Старшая из женщин показывает подарки, что привозит родня невесты, рассказывая о каждом

хуынкъ (*бир.* хуынчъытæ) — дыра; отверстие; скважина; нора

~ дзыпп — дырявый карман

● ~ суарийы аргъ нæу — выеденного яйца не стоит

~мæ алидзын — забиться в нору

гуыдыры ~ — замочная скважина

кауты хуынчъытæй кæсын — подглядывать через плетень

● лидзæг лæгæй калм йæ хуынчъы ’мбæхсы — переселенца даже змея боится, торопится в норке схорониться

лыстæг хуынчъытæ — с мелкими отверстиями

● мысты ~ туманæй агурын — спасаться бегством, бежать изо всех сил

● ногуæрст лæгæй калм йæ ~мæ лидзы — кто своё отдельное хозяйство заводит, даже на змею страху нагонит

рувасы ~ — лисья нора

судзины ~ — игольное ушко

фат судзины хуынчъы ацæуы — стрела проходит сквозь игольное ушко

фындзы ~ — ноздря

● хæйрæглæг гæркъайы хуынчъы дæр абырдзæн — пройдоха и сквозь игольное ушко пролезет

хуынчъытæ кæнын — дырявить

цæсты хуынчъытæ — глазницы

хуынкъæмпузæн — заплатка; затычка

хуынкъгæнæн — 1. сверло, дрель; 2. сверлильный

~ машинæ — сверлильная машина

хуынчъытæгæнæг — пронзительный; пронизывающий

~ цæстæнгас — сверлящий, пронзительный взгляд

хуыпп (*бир.* хуыппытæ) — глоток

~ дæр нал — ни глотка больше

иу ~ы хъæстæ дæр цыма нæ фæци — ни в одном глазу; как будто и не пил

доны ~ нæ бауромын — обмочиться

Сывæллонæн йæ доны ~ йæ хæлафы аирвæзт — ребёнок обмочился в штаны

зæрдиаг ~ скæнын — сделать большой глоток; от души хлебнуть

● мæлдзыджы ~æй денджыз нæ сур кæны — муравей отопьёт, так море не пересохнет

цалдæр ~æн ануазын — выпить в несколько глотков

хуыр — щебень; гравий

● ~тæ æхсæдын — заниматься бесполезным делом, проводить время без пользы

Мах дæр ам ~тæ не ‘хсæдæм — Мы тут тоже не дурака валяем

Уæдæ се ‘мбæлттæ дæр, кæйдæр загъдæй, ~тæ не ‘хсæстой, физонæггæгтæ конд уыдысты уæхстытыл. *Лademыр. Сæ улæфт суагътой* — Да и друзья их, как говорится, не баклуши били, мясо уже было на шампурах

лыстæг ~ — мелкий щебень

фæндæгтыл ~ ныккæнын — посыпать дороги гравием

хуырбын — каменистый

~ былгæрон — каменистый берег

хуыргарк (*бир.* хуыргæрчытæ), **хургарк** — куропатка

~ау къæппæджы бахауын — оказаться в западне как пойманная куропатка

кавказаг ~ — кавказская куропатка

хуыргæрчытау ныццæгъдын — перебить как куропаток

хуырджын, **хуырбын** — каменистый

~ зæххытæ — каменистые почвы

~ хæрдвæндаг — каменистая дорога в горах

хуырзæнк — съедобное растение

хуыррытт — фырканье; храп

~ кæнын — фыркать; храпеть

~ фынæй кæнын — крепко спать; храпеть во сне

бæхы ~ — конское фырканье

● нырма никуы бæхы ~, никуы ехсы къæрцц — пока ни слуху, ни духу

Нырма никуы бæхы ~, никуы ехсы къæрцц, сæхи афтæ дарынц, цыма цавæрдæр ивддзинæдтæн æнæ æрцæугæ нæй. *Мæрзойты С. Къæхтысæр* — Пока ещё ничего не известно, а они ведут себя так, будто какие-то изменения неизбежны

хуырх — молочная сыворотка

● ~ы мигæнæн æнæ цыхтæй ныууадзын нæ фæччы — сыворотку без сыра держать не принято

● зæронд ~æй туагдæр — кислятина, хуже старой сыворотки

сæрыхъуынтæ ~æй æхсын — помыть волосы сывороткой

хуырхæг (*бир.* хуырхæджытæ) — *бот.* щавель

хуырхгæс — *уст.* кусок сыра, который клали в сыворотку как символ неиссякаемости; *букв.* охраняющий сыворотку

хуыр-хуыр храп, храпение
~ кæнын храпеть
фынæй æфсонгæнгæ ~ кæнын притворяясь спящим, храпеть для вида
хуырхыстон сосуд для сыворотки
хуырым 1. тупица, бестолочь; 2. наивный; тупой, тупоумный
бынтон ~ простофиля
● фысты астæу – ~ фыс среди овец – бестолковая овца
хуырымдзинад тупость
хуырымхузæй туповато
хуысар 1. дорогая шёлковая материя; 2. шёлковый
~ хъуымац шёлковая материя
хуысæр *мед.* сибирская язва
хуыскъ (*бир.* хуысчъытæ) 1. суша; 2. высохший, сухой, засохший; бесплодный
● ~ бæлас – арты æртдзыхæн сухое дерево – на растопку
● ~ бæлас аууон нæ дары сухое дерево тень не отбрасывает
● ~ бæлас дидинæг рафтаудзæн сухое дерево не зацветёт
Кæд рафтауиккой сыфтæр нæ ~ бæлæстæ Вдруг у нас зазеленеют листвой деревья, что давно засохли
~ бæрз засохшая берёза
~ кæнын высыхать; становиться бесплодным
● æнгуз бæлас йæ уидагæй ~кæны дерево ореха с корней сохнет
● бæлас йæ цъуппæй ~ кæны дерево с верхушки сохнуть начинает; рыба гниёт с головы
~ къалиу сухой сук
~ хъуг яловая корова
Уæд дын, Хæмыцмæ уыди, авд азы ~ чи уыд, ахæм хъуг. *НК.* Была у Хамыца корова, что семь лет не телилась
● ~ хъугæн æхсыр æруадзын кæнын раздоить яловую корову
~ цонг сухая рука
хуыскъаг яловая
хуыскъадаг сухое русло; сухой овраг
● хуыскъададжы дæр кæф æрцахсдзæн *букв.* и в сухом овраге выловит рыбу
хуыскъастæу 1. лодырь; 2. *перен.* неповоротливый, ленивый
хуыскъæл *бот.* клубни кервеля обыкновенного, топинамбур *(земляная груша)*
● ~ адджын у, уизза та ноджыдæр адджындæр кервель сладок, а толстый корень ещё слаще
● ~ æнæ мæкæрæз нæ зайы топинамбур по соседству с кервелем растёт
● ~, дам, йæхицæй æхсин кодта земляная груша возгордилась
● ~ къахынмæ цæуын идти копать репу
хуыскъæлхор едящий кервель
хуыскъдзинад бесплодие

хуыскъкъух неумёха
хуыскъниз *мед.* паралич
хуыснæг *(бир.* хуыснæджытæ) вор
● ~ алкæмæ дæр хуыснæджы цæстæй кæсы вороватый всех в воровстве подозревает
~ кæнын воровать
● хуыснæджы фæстаг – ахæстон вор в тюрьме жизнь закончит
хуыснæджы хъуызт кæнын идти, крадучись
● хуыснæджы цард цыбыр у век вора недолог
хуыснæгад, хуыснæгдзинад воровство, хищение, грабёж
хуызнæгарæзт вороватый
хуыснæгау по-воровски
хуыснæггаг краденый, ворованный
~ басы ад нæй худо нажитое впрок не идёт
Хуыснæггаджы бас / Фуфуйæ сысы. *Къоста. Халон æмæ рувас* Суп из ворованного мяса / Быстро испаряется
хуыснæгдзаст вороватые глаза
хуыснæгдзинад вороватость
хуыснæгон воровской
хуыссаг *разг.* соня
хуыссæг *(бир.* хуысджытæ) 1. сон; 2. спящий; гаснущий
● ~ алкæй дæр сæтты сон над всеми властен
~æй не ’фсæдын не высыпаться
~æй тыхджындæр ницы ис сон одолевает всех
~ыл нал хæцы она лишилась сна; сна ни в одном глазу
Зæххы цинæй сыл æхсæв ~ нал хæцыд, бон æнцой нал зыдтой. *Азæмæт. Амонд-уарджытæ* Они лишились сна на радостях, что у них есть земля, не знали они покоя и днём
мæ ~ фæлыгъд сон пропал
~ æй нал ахсы сон не идёт
~ мæ сбырста сон меня одолел
● дунейы фосæй дунейы ~ адджындæр у сон слаще большого количества скота
● зæрондæй ~ тæргай лидзы на старика сон дуется и близко не подходит
● хуыссæджы дзæкъул соня, засоня
хуыссæджы цъыртт нæ фенын не сомкнуть глаз
хуыссæгуарзаг сонливый
хуыссæгхъæлдзæг, хуыссæнхъæлдзæг заспанный, сонный
~ цæсгом заспанное лицо
хуыссæгхъæлдзæгæй, хуыссæнхъæлдзæгæй спросонок
хуыссæгхъуаг 1. бессонница; 2. сонный
~æй йæ сæр тъæппытæ хауд, уæддæр рæвдз фестад. *Мæрзойты С. Къæхтысæр* От бессонницы у неё раскалывалась голова, но она всё равно резво поднялась
хуыссæджы: ~ артеритæ *анат.* сонная артерия

хуыссæн, хуыссæнуат — 1. место, где спят; ложе, постель, кровать; 2. спальный

~ бынæттæ — спальные места

~ вагон — спальный вагон

~ кæнын — стелить (постель)

æнæфснайд ~ — неубраная постель

● дæ ~ цас уа, дæ къæхтæ уыйас адаргъ кæн — по одёжке протягивай ножки

● уыдон сæ ~ не схъарм кæндзысты, цалынмæ… — они не задержатся долго на новом месте, пока…

хуыссæнгарз *(бир.* хуыссæнгæрзтæ) — постель, постельное бельё; постельные принадлежности

хуыссæндон (*бир.* хуыссæндæттæ) — спальня

хуыссæндзаст — сонливый

хуыссæндзаума *кæс* **хуыссæнгарз**

хуыссæнуат — спальня

хуыссæнхъæлдзæгæй — спросонья

хуыссын — спать; лежать; гаснуть

~ афон у — пора отправляться спать, на боковую

~ кæнын — укладывать спать

авдæны ~ — лежать в колыбели

– Уый та куыд, нырма авдæны куы хуыссыс? – Уый та мæхи бар у. *НК.* — – Это как, ведь ты ещё младенец, в колыбели лежишь? – А это уже моё дело

арт хуыссы — огонь гаснет

дæлгоммæ ~ — лежать ничком

къонайыл ~ — спать у очага

рынчындоны ~ — лежать в больнице

сывæллоны ~ кæнын — укладывать ребёнка спать; гасить

сынтæджы ~ — спать в кровати

хуыррыттæй ~ — спать, похрапывая

цырагъ ~ кæнын — тушить, гасить лампу

хуыст — 1. сон, спанье; лежание; 2. погасший, потухший

~ вулкан — потухший вулкан

~æй бафсæдын — поспать вволю

артдзæст ~æй лæууыди — огонь был потушен

мæрдон ~æй хуыссын — заснуть вечным сном

● тæрхъусы ~ – хъилхъусæй, хæлæртты хæрд – иу къусæй — заяц спит – ушки на макушке, друзья пьют – из одной кружки

хуытæдараен — свиноводческий

~ фермæ — свиноводческая ферма

хуытæдарын(ад) — свиноводство

хуытæм зилæг — свинарь, свинарка

хуыфæг *(бир.* хуыфджытæ) — кашель

● ~ æмæ уарзондзинадæн басусæг кæнæн нæй — *посл.* любовь да кашель не утаишь

уымæл ~ — влажный кашель
хус ~ — сухой кашель
хуыфæджы фæхъызт — приступ кашля
хуыфæджы хос – — средство от кашля
● хъæхъхъаг фиу къæрных гæдыйæн – хуыфæджы хос — от прогорклого сала, что своровала, кошка кашляла немало
хъихъгæнаг ~ — *мед.* коклюш

хуыфи — решето из кожи
хуры-~йы хуызæн скæнын — изрешетить
хуры-~ скодтой сæ фæттæй знаджы буар — изрешетили своими стрелами тело врага

хуыфт — кашель *(единичный)*
тыхджын ~æй хуыдуг кæнын — задыхаться от сильного кашля

хуыфын — кашлять

Хуыцау (*бир.* хуыцæуттæ) — Бог
~ – уæлейы, зæхх – бынæй — Бог наверху, земля внизу, все мы под Богом ходим
~, мах – де уазæг! — Боже, мы в твоей милости
~ алкæй дæр уыны — одному Богу известно всё
~ ахæм аваера — лучше не бывает, иметь дар к чему-л.
~ бахизæд! — Боже упаси, Боже сохрани
~ дын ма уæд! — *ср.* Бога на тебя нет!
~ дын нæй! — креста на тебе нет!
~ дын хорз ракæнæд! — да вознаградит тебя Бог!
мæнæн та ахæм хорз ~ ракæна — мне только этого и надо
Æрцыдтæн æмæ – æдзух, дам, дæ мысын. Мæнæн та ахæм хорз ~ ракæна. *Дæбе. Адам адæм сты* — Приехал и – Мол, всегда скучаю по тебе. А мне только этого и надо
кæд дын ~-зæхх ис — если у тебя есть что-нибудь святое
Ныууадз мæ, кæд дын ~-зæхх ис, уæд мæ ныууадз! — Оставь меня в покое, если у тебя есть хоть что-нибудь святое, оставь меня
~ йæ бæллæх кæуыл сæвæра, уымæн фыццаг йæ зонд айсы — когда Бог наказывает, он лишает человека разума
~ йæ дæсны — один Бог ему поможет
~ йæ зонæг — Бог его знает
~ кæсдзæнис, æмæ – махмæ — и тогда Бог нам поможет
~ мын радта — Бог помог (послал) мне
~ уын æй ныббарæд — пусть простит вас Бог
~ ын фæуæд тæрхонгæнæг! — Пусть Бог ему будет судья!
Гъей, чызгай, цæмæн / Афæлывтай мæн?! / Цæй, дæ ~ дын / Уæд тæрхонгæнæг! *Къоста. Фесæф* — Гей, девушка, почему / Обманула ты меня?! / Ну, тогда пусть твой Бог / Будет тебе судья!
~æй æфхæрд — обиженный Богом
~æй бузныг! — Слава Богу
~æй дæ бауырнæд — поверь мне ради Бога
~æй дæм тæригъæд нæ кæсы — побойся Бога
~æй дæр æмæ адæмæй дæр рох — забытый Богом и людьми

Цы хур, цы къæвда æрбахаста дæ хуызæн дзæбæх лæджы ~æй дæр, æмæ адæмæй дæр чи ферох, уыцы Мæсчъыхъæумæ? *Максим. Æхсызгон улæфт*

Какими ветрами занесло такого достойного человека в забытое Богом и людьми селение Масчыкау?

~æй курæгау дæ курын

как Бога прошу тебя

~æй лæвæрд курдиат

талант от Бога

~æй нæ тæрсын

Бога не бояться

~æй разы!

хвала Богу!

~æй сомы кæнын

клясться Богом

Цалынмæ мын ~æй сомы ракæнай æмæ мын сыджытæй ард бахæрай, уæдмæ дыл нæ баууæнддзынæн

Пока ты мне Богом не поклянёшься и клятву не дашь, я тебе не поверю

~æн зын ницы у

всё во власти Божьей

Батрадз фæмард уæлæрвты цæрджытимæ тохы. ~æн афтæ хъыг уыдис уыцы хабар, æмæ йыл æртæ цæссыджы æрæппæрста.

Пал Батрадз в борьбе с небожителями. Огорчила Бога эта весть, и тремя слезами оплакал он его

~æн кувын

славить Бога

~мæ кувын

молиться, обращаться к Богу

~мæ фехъуыст йæ куывд, æмæ Къандзы усæн райгуырд лæппу, ном ыл сæвæрдтой Сæууай. *НК*.

Услышал Бог его молитвы, родился у жены Кандзы сын, назвали его Сауай

~ы æваст ницы ис

на всё воля Божья

~ы бар нæхи бакодтам

мы надеемся (доверились) на Бога

~ы гæрах

решительный человек

~ы зæрдæ дыл ма фæхудæд!

не прогневи Бога

~ы ницæуыл

ни за что, ни про что; без причины

Мæнæ куыд мардтон лæджы ~ы ницæуыл. *Тæтæри. Мæ хо*

Я чуть было ни за что, ни про что не убил человека

~ы ницæуыл фесæфын

пропасть ни за что

~ы стæн!

клянусь Богом!

~ы ’ууæнк мын ратт

дай мне веру в Бога

~ы фæздæгæй марын

коптить белый свет, существовать

~ы фæрцы

Божьей милостью

~ы фыдæх мæ уæд

да покарает меня Бог

~ы хатыræй

ради Бога, ради всего святого

~ы хорзæх

благо; божья благодать

О, ~, дæ хæрзтæ куы уарай, уæд-иу мах къулдуæрттыл дæр ма ахиз. *Мæрзойты С. Къæхтысæр*

О, Господи, когда будешь раздавать блага, не пропусти и наш порог тоже

~ы хуымæтæджы

совершенно напрасно

Æвæдза, амондджын дæр куыннæ у Гамбол. ~ы хуымæтæджы стыхсы иуæй-иу хатт йæ цардæй.

Всё-таки счастливчик этот Гамбол. Так, иногда совершенно без повода бывает недоволен своей жизнью

~ыл рахатти

Бог отвернулся от него

~ыл хи фæдзæхсын

просить защиты у Бога

алцы дæр ~ фæндонæй

человек предполагает, Бог располагает

бинонтæ кæрæдзийы куы уарзой, уæд сæ ~ дæр уарзы — дружную семью и Бог любит

зæрдиаг куывд ~мæ хъуысы — молитва, что от сердца исходит, до Бога доходит

зæххон хуыцæуттæ — земные боги

зонддæтæг ~ у — Бог даёт разум

Иунæг ~ — Единый Бог

иунæг ~ æй зоны — одному Богу известно

кæд ~ы фæнда, уæд — если Богу будет угодно

мæ ~ – ме ’вдисæн — Бог свидетель, видит

мах ма ~ æн йæ хъулон хъуг адавтам? — чем мы провинились перед Богом? Что мы у Бога телёнка украли?

нæ цард ~ы къухты ис — всё (наша жизнь) в руках Господа

Стыр ~ — Большой Бог

сфæлдисæг ~ æй дын ард хæрын — клянусь Богом (Творцом)

дуне сфæлдисæг ~ — творец; создатель

æз ~æй ардхæрд дæн – цы дзырд зæгъон, уымæн фæсайæн нæй — Я перед Богом клятву дал – слово дам, должен сдержать его

Табу ~æн! — Благодарение Богу!

Хуыцæутты ~ — бог богов

цыма йæ ~ йæхимæ фæхаста — как будто Бог прибрал к себе

Ууыл læппу фесæфтис, цыма йæ ~ йæхимæ фæхаста, афтæ. *Дæбе. Адæм адæм сты* — На этом парень исчез, как будто исчез с лица земли

хуыцауæмбал — богоугодный

хуыцауæн кувæг — набожный

хуыцауæхсæв — субботний вечер

хуыцаугæрах — сорвиголова; отчаянный человек

Хуыцауыардыстæн — Клянусь Богом

хуыцауыналат — бессовестный; наглый

хуыцауысконд — сотворённый Богом

хуыцауыстæн — ей-богу, клянусь Богом!; честное слово

хуыцаубон — воскресенье *(день недели)*

хуычъы — растение со съедобными корнями

хыбар-хыбур — шорох, шуршание, скрип

алы хыбыр-чибур — всякая всячина

хыбыртт — шорох, шум

~-~ кæнын — скрести

хыгъд I — счёт; учёт; вычисление, список

~ байгом кæнын — открыть счёт

~æй иппæрд уæвын — быть исключённым из списка

~æй аппарын — списать со счета; исключить из списка; снять с учёта

~æй рамбулын — победить со счётом

хъазты ~ æмхуызон кæнын — сравнять счёт в игре

~мæ хауын — попасть в список

~мæ гæсгæ бафидын — заплатить по счёту
~тæ кæрæдзиуыл бадынц — счета сходятся
~тæй ацух кæнын — исключить из списков
~ы æвæрын — ставить на учёт
~ы цæуын — числиться; считаться
дæргъæй-дæргъмæ ~ — длинный список
товарты ~ — учёт товаров
цæугæ ~ — текущий счёт

хыгъд II — угощение
хыгъдæг — ведомость; смета
хыгъдлæвæрд — отчёт
авансон ~ — авансовый отчёт
хыгъдон — отчётный
хыгъдрæдыд — просчёт
хыгъдхæссæг *(бир.* хыгъдхæсджытæ) — счетовод, учётчик
~ журнал — журнал учёта
Бригады ~ мидæгæй уаты цыдæртæ нымадта. *Æхсарбег. Куырды фырт* — В глубине комнаты бригадный учётчик что-то подсчитывал

хыдыр булкъ — *бот.* брюква

хыз — сетка; вуаль; кружевной платок; тюль; сеть, невод, бредень
~ исын — *этн.* снимать с невесты вуаль
~ы бахауын — попасться в сети
~ы кæф стæлфыд — получили большой улов; попала рыбина в невод
гæлæбутæахсæн ~ — сачок
кæсагахсæн ~ тæ — рыболовные сети
● лыстæг ~æй ацъыллинг ласын — выскользнуть из затруднительного положения
лыстæг ~ы бахауын — попасть в крайне затруднительное положение, попасть в сети
социалон ~тæ — социальные сети
цуанон ~æй æрцахсын — поймать силками
чындзы ~ — кисея невесты; фата

хызæг — *анат.* сетчатка; сетка
хызгонд — кружево
хызисæг — *этн.* снимающий фату *(по ритуалу)*
хызисæджы лæвар — *этн.* подарок поднимающему вуаль невесте

хызисæн — *этн.* поднятие вуали
~ы фæтк — ритуал поднятия вуали невесты

хызуæфт — 1. вязание; трикотаж; 2. вязаный
~ кофтæ — вязаная кофта

хызт — вход, вхождение
уазæджы ~ бакæнын — войти чинно / как гость

хызт уæвын быть застрахованным; быть в безопасности

Адзалæй ~ ничи вæййы — От судьбы не уйдёшь

бæллæхæй ~ уæвын — обезопаситься от напастей

Цард бæрæгбонтæй фидауы, фæлæ уæззау фæлварæнтæй дæр ~ не стæм. *Мæрзойты С. Къæхтысæр* — Жизнь украшают праздники, но от тяжёлых испытаний мы тоже не застрахованы

низтæй ~ уæвын — обезопаситься от болезней

фæндæгтыл цæугæйæ фыдбылызæй ~ уæвын — быть в безопасности на дороге от происшествий

хызын сума, котомка

мæгуыры ~ бакæнын — стать нищим, пойти с сумой по миру

● тæбæкк ~ — с пустыми руками

– Хъуаг æййафæм артагæй дæр. – Ахæм тæбæкк ~имæ рейды цæуæн нæй. *Дзадтиаты Т. Æхсаргæрдты зæлланг* — – У нас и топлива не хватает. – С такими тощими котомками в рейд идти нельзя

● фиййауæн цы уа, уый – йæ ~ы — всё имущество пастуха в его котомке

хызынджынтæ *зоол.* сумчатые животные

хыл ссора; драка

~ кæнын — ссориться; драться

~ къахын — искать повод для ссоры с кем-л.

Мæхи зонынхъом куы фæдæн, уæдæй нырмæ нæ хъæуы ахæм хабар нæ уыди, Тætærхъан ~ кæм нæ ракъахта. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — С тех пор как я себя помню, не было в селе ни одного события, во время которого Татархан не развязал бы ссору

~ расайын — вызвать ссору; спровоцировать скандал

● ~ туманæй агуырдта — он был драчливым; нарывался на драку

~мæ ахизын — перерасти в ссору

~ы фæстаг фидыдмæ цæуы — ссора заканчивается миром

~ы хос — повод для ссоры

● иу къæбиц – дыууæ ’фсинæн ~ы хос — две хозяйки вместе не сработаются

● иу хъомгæс – дыууæ хъæуæн ~ы хос — два села одного пастуха не поделили

● зондджын йæ ~ раздæр ныууадзы — кто умнее, тот первым прекращает ссору

быцæу ныхас ~мæ рахызтис — спор перерос в ссору

кард фынгыл куы зилай, уæд ~мæ сайы — крутить нож на столе – к ссоре

ницæйаг ~тæ — дрязги

сæ ~ – къæсæрæй дуармæ — они ссорятся и тут же мирятся

се ’хсæн ~ никуы рауад — они никогда не ссорились

● стыр ~æй гыццыл фидыд дæр хуыздæр у — небольшое перемирие лучшей большой ссоры

хорз ~æй æвзæр фидыд хуыздæр у — худой мир лучше доброй ссоры

хылаг 1. предмет спора; 2. спорный

хыламæттаг жертва ссоры. драки

~ фæу! — чтоб ты сгинул в драке!

хылæргом 1. забияка, задира, драчун; 2. сварливый; драчливый; вспыльчивый

● æнæбонæй ~ — первый из забияк, а сам слабак

хылгæнаг — сварливый; драчливый

хылгæнæг (*бир.* хылгæнджытæ) — драчун

● ~ æмæ иргъæвæг нал хицæн кæнын — не различать, где правый, где виноватый

● ~ куыдз æмæ ~ лæгæй уæлдай нæй — что пёс драчливый, что человек сварливый

● дыууæ ~æн æртыккаг иргæвæг вæййы — двое дерутся, третий разнимает

● дыууæ ~æн фыдбылыз – дыууæ 'мбисы — двум драчунам – беда пополам

Бурæфæрныг радзырдта: – Чи у ~? Сырдон бадзырдта: – Уазæг! Хылкъахæн кæны, æмæ нын нæ бадт мастмæ кæны. *НК.4* — Бурафарныг проговорил: – Кто зачинщик? Сырдон отвечает: – Гость! Он ссору затевает, наше застолье добром не кончится

хылкъах, хылкъахæг — задира

~ хатгай тæппуд вæййы — задира иногда оказывается трусом

хылкъахæн — провокационный, провоцирующий ссору

~ кæнын — затевать ссору, драку

~ митæ — драчливые повадки

хылмондаг — 1. забияка, драчун; задира; 2. сварливый, драчливый

● ~ лæг цъæх арт уадзы — задира изрыгает пламя

хылуарзаг — забияка

хылы-мылы — 1. беспорядок, суета, сумбур; бестолковость, путаница; 2. запутанный, смешанный

~ кæнын — смешивать, путать

хъуыддæгтæ ~ кæнын — спутать карты

~ хъуыддаг — трудно разрешимое, запутанное дело, задача

~ фыстытæ — каракули

хылычъи, хылычъы — 1. крючок, застёжка; щебень; 2. *перен.* сварливый

~ дур — камешек

Æз лæууын зæххон доны фарсма. Сыгъдæг у цæстысыгау. Йæ бынæй æрттивынц сыгъдæг æхсад ~тæ. *Максим. Фæд* — Я стою у горной реки. Вода её чиста как слеза. Со дна поблескивают чисто вымытые камешки

● дургай, ~гай халын — постепенно разрушаться

● мæсыгамайæгæн ~ дæр æххуыс у — строителю башни всё в помощь

● стыр дуры ~ раст кæны — мал камешек, а булыжник большой подправит

~ уасæг — задиристый петух

~ уасæгау мæм æрбауайы æмæ, æртхъирæнтæгæнгæ, мæ уæлхъус алæууы. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — Подбегает ко мне как задиристый петух и, угрожая, становится рядом

хым-хым — сопение

хымхымæг — гнусавый

хынджылæг глумление, насмешка, издевательство; поношение; забава; баловство

~ кæнын, скъæрын глумиться, насмехаться, издеваться; поносить; забавляться; валять дурака

– Мæнæ дзы замманай уазджытæ. – Мæ хæдзарыл, æцæг зæгъыс æви ~ кæныс? *Хæблиаты С. Дзæнæты маргъ* – Вот так гости замечательные пожаловали. – Боже мой, ты правду говоришь или насмешничаешь?

ænахъом чызджытæй ~ кæнын совращать несовершеннолетних девушек

ærгомæй ~ кæнын открыто глумиться

~æн быхсын сносить насмешки; терпеть издевательства

● фæлмæн лæг – ~æн над мягким человеком глумятся

хынджылæджы хай фæуын стать объектом насмешек, глумления

хынджылæгæй с издёвкой; в насмешку

хынджылæггаг предмет издевательств, насмешек, шуток

хынджылæггæнæг *(бир.* хынджылæггæнджытæ) шутник

хынджылæггæнæгау шутливо

хынджылæгдзинад издевательство; шутовство

хынцагурæг взыскательный, требовательный

хынцæг *(бир.* хынцджытæ) 1. счетовод; 2. считающий, вычисляющий; угощающий, хорошо принимающий, радушный

хынцæгзонд расчётливый

хынцæн счёт

~ математикæ вычислительная математика

~ыл нымайын считать на счётах

хынцдар счетовод

хынцинаг *(бир.* хынцинæгтæ) *мат.* пример, задача

~ скæнын решить пример (задачу)

~ уæвын приниматься в расчёт; учитываться

алгеброн ~ алгебраический пример

хынцинæгтæ хынцын решать примеры и задачи

Сывæлæттæ скъолайы кæрты сæхицæн æнæмæтæй фæхъазынц, æз та мæ хынцинæгтæ фæхынцын. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* Дети себе беззаботно во дворе школьном играют, а я в это время свои задачки решаю

хынцмæ под влиянием; по примеру; по образцу

иннæты ~ по примеру остальных

Аппе дымдта йæ мад æмæ йæ фыд сусæгæй, æмбæлтты ~. *Бицъоты Г. Урс æмдзæвгæтæ* Аппе курил втайне от родителей под влиянием своих друзей

искæй ~ под влиянием кого-л.

кæрæдзийы ~ глядя друг на друга; под взаимным влиянием

● зæй зæйы ~ уайы лавина лавину за собой тянет

● хох хохы ~ хæлы — дурной пример заразителен

● сугтæ арты кæрæдзи зынгæй судзынц, бæхтæ дугъы кæрæдзи ~ уайынц — дрова в костре разгораются друг от друга, кони на скачках, глядя друг на друга скачут

● хæрæг бæхы ~ сæпп-сæпп кæны — осёл ковыляет, думает, коню подражает

хынцфарст — 1. настойчивые (назойливые) вопросы, подробные расспросы; 2. дотошный

~ кæнын — дотошно расспрашивать

Æмрæст дæ рагацау курын, ма-иу схъыг у, ~ дæн. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Только я тебя заранее прошу, не тяготись мною, я дотошный

хынцфарстæй — дотошно

~ баййарын — донимать расспросами

хынцыд — учёт; расчёт

~ цæуын — учитываться; браться в расчёт

иртасджыты ~мæ гæсгæ — по расчётам исследователей

хынцыл — комок

хынцын I — считать, вести учёт; калькулировать; учитывать обстоятельства, обстановку

● астæ хынц, фæлæ бонтыл ма ‘ууæнд — года считай, а дням не доверяй

● æхсæв-бон нæ ~ — не считаться со временем; не разбирать времени суток

Сæ уд рауæлдай кодтой иууылдæр. Æхсæв-бон нал хыгътой. *Баситы М. Зæрдæты дугъ* — Работали, не покладая рук. Не считаясь со временем

дæсы онг ~ — считать до десяти

цухдзинæдтæ ~ — учитывать недостатки

хынцын II — хорошо принимать, угощать, оказывать уважение, почёт

уазæджы ~ — хорошо принимать, угощать гостя

Цыма цæ фæдисæй / Ыскъæры, тындзы / Æмæ цæ йæ уисæй / Ænæвгъау хынцы. *Къоста. Хъазтæ* — Как будто по тревоге / Гонит их, спешит, / И щедро угощает их / Своей хворостиной

Диссаг уыд, уый бæрц сæ фысым куыд аххæсти / Уыйас дзыллæтыл хынцынæй, лæггадæй!.. *Къоста. Хетæг* — Было удивительно, как мог хозяин дома / Столько принять гостей, угостить их, почтить

● хионы искæй хæдзары стыр хайæ ма хынц — в чужом доме своего не выделяй

хынцынад — *мат.* вычисление

хыррытт — скрип, шорох

хыртт-мыртт кæнын — тянуть резину

~ дæр нæ кæны — и в ус не дует; ни о чём не беспокоится

мæнмæ уæлдай ~ – ~ нæй — я спуску никому не дам; медлить не стану

хыртт-хыртт — чесание; царапанье; скрип, шорох

~ кæнын — чесать; скрести; царапать

хырттын-бырттын — бренчание *(на музыкальном инструменте)*

~ кæнын — бренчать
хырх *(бир.* хырхытæ) — пила
~æй фадын — пилить
лыстæг ~ — ножовка
электрон ~ — электрическая пила
хырхæйфадæн — 1. лесопилка; 2. лесопильный
хырхæйфадæнтæ — опилки
хырхын — пилить; *разг.* красть; таскать; *перен.* пить
хырхындзинад — воровство
хырыз — рыхлый, ноздреватый; пористый; хрупкий
~ мæр — рыхлая почва
~ их — хрупкий лёд
~ кæнын — разрыхлять; делать пористым; делать хрупким
хырызгонд — разрыхлённый
~ зæхх — разрыхлённая земля
хырыздзинад — рыхлость; пористость; хрупкость
хырыздур — пемза
хыссæ — тесто
~ кæнын — месить тесто
~ змæнтын (нæмын, æвдулын) — валять тесто
● æндæр ~йæ конд уæвын — быть сделанным из другого теста
Кæнæ æз æндæр ~йæ конд дæн, кæнæ… Нæ зонын! Нæу æй мæ бон бамбарын – цы сын нæ фаг кæны!.. *Къодоты О. Зæронд хид* — То ли я из другого теста сделан, то ли… Не знаю! Не могу понять, чего им не хватает!..
хæмпус ~ — пышное тесто
хыссæзмæнтæг — тестомес
хытъын — брюхо
~ рауадзын — отрастить пузо
хытынджын — 1. толстяк; 2. пузатый; толстый; толстопузый
хытъына — *разг.* пузан, брюхатый
хытъынарæзт — пузатый
хыцъылы-мыцъылы — хицили-мицили (дьявол)

Хъ

хъабагъ поселение; хутор

хъабахъ цель, мишень; *уст.* мишень при состязании в стрельбе в честь покойника; состязание в стрельбе

~ акъуырын сбить мишень

Царциатæ ~ æрывæрдтой æмæ фæтдзæф райдыдтой. Поставили Царциата мишень и стали стрелять из луков

● мил æмæ ~ чи фæцæф кæны, уый хъæлдзæг вæййы кто в цель попал, тот и весел

Хæстон Сослан æмæ æфсæнрихи Хæмыц / Фæйнæ цалдæр æхсты фæкодтой ~ы, / Фæлæ се ‘хст ~мæ хæстæг дæр нæ бацыд. *НК.* Боевитый Сослан и железноусый Хамыц / Несколько раз пустили свои стрелы по мишени, / Но даже близко к мишени не пролетели их стрелы

хъабахъуат место для стрельбы, полигон

хъабыл угодный, согласный; приемлемый

хистæрты куывд ~ уæд пусть будут услышаны молитвы старших

нæ алкæй номыл дæр цы ‘ртæ чъирийы ис, уыдон не ‘сфæлдисæгæн ~ уæнт! пусть три пирога, сделанные в честь каждого из нас, будут угодны создателю!

хъабых картон

хъавæг (*бир.* хъавджытæ) намеревающийся; стремящийся; целящийся

~ фæивгъуыдта целящийся промахнулся

● ~æй æвзидæг фæраздæр приступивший к делу всегда опередит раздумывающего; *букв.* замахивающийся опередил целящегося

Кæд скъæфгæ, уæд æвæстиатæй, науæд ~æй цæвæг фæраздæр вæййы. *Лademыр. Дыууæ бæллæхы* Если решили похищать, то медлить нельзя, иначе стреляющий опередит целящегося

● бирæмæ ~ æппын нæй кæны много хочешь, мало получишь

● дæ чыссæ уæлæнгай ма дар – хъавджытæ йæм ис береги свой кошелёк. Есть до него охотники

● дыууæмæ хъавæджы иу дæр нæ кæны в двоих прицелился, ни одного не подстрелил

хъавæн прицел; бойница

мæсыджы ~ бынæттæ бойницы крепости

топпы ~æй кæсын смотреть через ружейный прицел

хъавгæ, хъавгæ-хъавгæ 1. осторожный; 2. прицеливаясь; осторожно

~-æндзæвгæйæ наощупь

~-æрхæцгæйæ осторожничая

~ фарст бакæнын осторожно спросить

~ цыдæй крадучись

хъавгæйæ осторожно; неуверенно; бережно

~ архайын — действовать осмотрительно

~ дзурын — думай над тем, что говоришь

~ спайда кæнын — бережно использовать

ныхасы ~ дæрдтыл зилын — говорить обиняками

хъавд — намерение; стремление; прицел

йæ ~ы ис — у него есть намерение

– *Æз уымæн йæ ~ зонын. – Цавæр ~ ын зоныс? – Гадзо уымæ хъавы, цæмæ йæ денджызы былмæ дзæбæхкæнынмæ арвитой. Тæтæри. Æз уымæн йæ хъавд зонын* — – Я прекрасно знаю о его намерении! – О каком намерении ты знаешь? – Гадзо хочет так всё устроить, чтоб его послали на лечение на моря

Лæппутæн сæ ~ кæй нæ фæмæнг уыдзæн, уый сыл гуырысхойаг нал уыд. *Лademыр. Дыууæ бæллæхы* — Не было сомнения в том, что ребята не промахнутся в своих намерениях

ныхасы ~ — посыл; цель высказывания

фыццаг ~æй — с первой попытки; с первого выстрела

хъавын — намереваться; стремиться; целиться, прицеливаться

цæуынмæ ~ — намереваться уйти

Цы хабæртты кой уын ракæнынмæ ~, уыдон раджы уыдысты — То, о чём я собираюсь вам поведать, случилось давно

цы зæгъынмæ хъавы, хæйрæг æй базонæд — сам чёрт не разберёт, что он собирается сказать

Ды мах афæливынмæ хъавыс, æз дын дæ мæнг ныхæстыл не ууæндын. *НК.1* — Ты нас собираешься обвести вокруг пальца, я твоим лживым речам не доверяю

топпæй ~ — прицеливаться из винтовки, ружья

Уæд уæйгуытæ дæр рацыдысты æттæмæ æмæ цыргъ кæнынц, сæ мады гуыбынæй семæ цы кæрдтæ рахастой, уыдон,– хъавынц Сосланы аргæвдынмæ. *НК. Сослан мæрдты бæсты* — Тогда и уаиги вышли наружу и стали точить мечи, с которыми они на свет народились, собрались они зарезать Сослана

хъадаман — путы; кандалы

~тæ бакæнын — надеть кандалы

~тæ аппарын — сбросить с себя оковы

~тæ арæдувын — разорвать оковы; освободиться от пут

цагъары ~тæ атонын — разорвать оковы рабства

О, о чызг, æгъатыр, фыдуаг у нæ заман, / Бæрзонд хæхты риуыл дæр фенын ~. *Дæуыт. Гæнæх* — О, девушка, не знает жалости наше смутное время, / Даже на высоких горах я вижу оковы

хъадаманæвæрд — в кандалах

хъадждзын — 1. недостаток, недостача; нехватка; 2. нуждающийся; недостаточный, неполный, нецельный; недостающий

~ кæнын — лишать чего-либо

~ уæвын — нуждаться, недоставать

дон ~ уæвын — испытывать недостаток воды

æрмæст маргъы ‘хсырæй ~ — всего в изобилии; только птичьего молока не хватает

хорзæхтæ æмæ хæрзиуджытæй ~ нуждающийся в наградах и отличиях

хъаджджындзинад недостаток, недостача

хъаз гусь

~тæ дарын держать гусей

● ~æй уæлдай йыл цæсгом нæй у него никакой совести

~æй уæлдай йыл цæсгом нæй, афтæмæй мын йæхицæй фырнымд лæг аразы. *Изæтбег. Æндæрг* Что такое совесть, он вообще не знает, а строит из себя щепетильного человека

● ~ы цæсгом бессовестный человек

● нæл ~ы цæсгомау – фидар никакой совести

● ~ыл дон бакалæгау как с гуся вода; нипочём

Йæ уайдзæфтæ йын ~ыл дон бакалæгау мисхалы бæрц дæр ницæм~ æрдардтой. *Изæтбег. Цъæхдзаст донычызг* Её упреки им как с гуся вода, ни во что их не ставили

● бабызы ленк ~мæ хъыг кæсы гусь ревнует, что утка тоже плавает

денджызы ~тæ лебеди

● хуы ‘мæ ~æн сæ фæндаг иу у свинье и гусю по пути

хъазаг шутник, забавник, балагур

● ~ хъазæггаг кæны шутник сам становится предметом шуток

хъазайраг *ист.* крепостной

~ бар крепостное право

~ зæхкусджытæ крепостные крестьяне

~ кæнын закрепощать

~ куыст рабский труд

~ цардæвæрд *ист.* крепостное право

хъазайрагдзинад *ист.* крепостное право; крепостничество

хъазайрагкæнынад закрепощение

хъазайрагон *ист.* крепостной

хъазайрад *ист.* крепостничество

хъазайрадон *ист.* крепостнический

хъазар дорогой, недешёвый

~ кæнын дорого запрашивать, высоко ценить

~дæр сыстын обойтись дороже

Йæ (*фыркъайы*) ласын йæ аргъæй ~дæр куы сыстдзæн. *Лademыр. Фыркъа* Перевозка его (*барана*) обойдётся дороже его самого, овчинка выделки не стоит

кадавар æмæ ~ в диковинку и по дорогой цене

хъазардзинад дороговизна

хъазах 1. казах; 2. казахский

хъазахъхъаг (*бир.* хъазахъхъæгтæ) 1. казак; 2. казацкий

хъазæг (*бир.* хъазджытæ) 1. игрок; 2. играющий

~ æмбал сын фæци у них появился товарищ по играм

æрæхстджын ~ умелый, опытный игрок

ныхмæлæууæджы ~ соперник в игре; игрок соперничающей команды

фæлтæрддæр хъазджытæ более опытные игроки

футболæй ~ футболист
хуыздæр хъазджыты æмрæнхъ æрлæууын стать в один ряд с лучшими игроками
хуыздæр хъазæджы ном рамбулын получить звание лучшего игрока
хъазджыты къорд спортивная команда
хъазæггаг плата за развлечение; объект шуток
● хъазаг ~ кæны над шутками смеются, и над шутником смеяться станут
хъазæгой шутник, балагур
хъазæн 1. игрушка; игра; шутка; забава; 2. игральный; шуточный; шутливый
~ æмæ уыл худæн бонтæ цæуæд! Весёлых и радостных дней вам!
~ къамтæ игральные карты
~ ми шутливая выходка, проказа; проделка
~ ныхас шутка; прибаутка
~ ныхас кæнын шутить, балагурить
~ ныхас не ‘мбарыс? шуток не понимаешь?
~ фæз площадка для игр; игровое поле
сывæллæтты ~ фæзуæттæ детские игровые площадки
~ фæйнæг игровая доска
~ чындз тряпичная кукла
æвзæр ~ плохая, злая шутка
ифтындзгæ ~ заводная игрушка
уый ~ нæу это не пустяки
хиконд ~тæ самодельные игрушки
хъазæнæмхæццæ полушутливый
~ ныхасæй дзурын говорить полушутя
хъазæндон (*бир.* хъазæндæттæ) место, где играют; игорный дом
хъазæндзырд шутка, прибаутка; анекдот
къуымых ~ плоская шутка
хъазæнныхас шутка
~ уарзаг шутник, балагур
хъазæнфæлгъауæнтæ заигрывания
~ кæнын заигрывать
хъазæнхъул весельчак, шутник, остряк; забава, предмет шуток, веселья; *разг.* ребёнок
Ай не ‘ппæты кæстæр у, нæ ~ это наш самый маленький, наша забава
● кæм ~, кæм мастыдзæкъул то потешает, то огорчает
Кæм цын ~ уыд, кæм мастыдзæкъул – Нартæн. *НК.4* Он то нартов смешил, то неприятности им приносил
● искæмæй ~ аразын подшучивать над кем-л.
● кæйдæр къухы ~тæ суæвын стать игрушкой в чужих руках
Удгоймаджы цард ~ кæмæн сваййы, уымæн адæмы æхсæн бынат нæй. *Мæрзойты С. Къæхтысæр* Тому, для кого чужая человеческая жизнь игрушка, не место среди людей
хъазгæ шуточный; игральный

хъазгæйæ кроме шуток, без шуток

æнæ ~ кроме шуток, всерьёз

хъазгæмхасæн шутливый

~ дзуапп шутливый ответ

– Уый та мæгуыр дысон-бонмæ кæйдæр чызджы тыххæй рафт-бафт фæкодта, – ~ дзуапп радта Хадзбечыр. *Максим. Æхсызгон улæфт* – А он, бедняга, оказывается, всю ночь ворочался из-за какой-то девушки, – шутливо ответил Хазыбечир

~ сайд акæнын разыграть; подшутить

~ фелхыскъ кæнын подпустить шпильку; ущипнуть, подколоть

Ахæр, æмæ адынджыр уай – фæзæгъынц ~ Поешь, может, подрастёшь – говорят в шутку

хъазгæмхасæны полушутя

хъазгæ-худгæйæ весело, легко

~ фæтых уæвын одержать лёгкую победу

хъазгæ-хъазын во время игры; играючи

хъаздон (*бир.* хъаздæттæ) помещение, в котором содержатся гуси; гусятник

хъазинаг предмет шуток, издевательств, насмешек; посмешище

Дæ зæронд ~мæ ’рхауæд! чтоб ты на старости в посмешище превратился!

● зæрондæй чи хъазы, уымæн йæ зæронд ~ фæвæййы кто над стариками насмехается, сам в старости в посмешище превращается

● дзырд ~ нæу словами не играют

● мæ сæр ~ фæци стал я посмешищем

● Хуыцауы ном ~ нæу не говорить имя Бога всуе

хъазт (*бир.* хъæзтытæ)**I** танцы; игра; шутка

~ ~ у, фæлæ сæры цæф ~ нæу шутки шутками, а удар по голове не шутка

~ ~ у, фæлæ цыфæнды ~æн дæр кæрон вæййы. *Таго. Ныхасы къуыбылой* Шутки шутками, но у каждой шутки конец бывает

~ бацыд йæ тæмæны игра была в самом разгаре

Уыцы ~мæ касти уæйыгæн йæ лæппу ‘мæ дзырдта: – Æртæ Нарты ~ сарæзтой, æмæ мын уырдæм æнæ цæугæ нæй. *НК.4* Смотрел на эти игрища сын великана и говорит: – Три рода нартов празднования проводят, мне туда нельзя не пойти

хи ~тæй акъæртт кæнын танцевать до упаду

Ой, Цола, Цола ~мæ нæ цæуы, / Уæрæйдæ, йæ цъæх цухъхъа – уæлæсин. / Уæрæйдæ, сындзы тæрхъус – галыйас. *Зарæг* Ой, Цола, Цола на танцы не ходит, / Уарайда, серая его черкеска коротка. / Уарайда, в колючках заяц – величиной с быка

Дæ фидауц ~мæ, / Дæ симгæ кафтмæ / Кæм лæууы иунæджы зæрдæ! *Зарæг* Перед твоей прекрасной игрой, / Перед твоим плавным танцем / Не устоит сердце юноши

æд фæндыр ~мæ бахизын вступить в танец, играя на гармошке

~ы фæхæрд уæвын проиграть игру

~ы хицау распорядитель танцев

~ы чегъре распорядитель танцев

артисты ~ — игра артиста
ænæбары ~ — игра не по правилам
зондæвзарæн ~ — интеллектуальная игра
ирон ~ — осетинское танцевальное мероприятие
ирон ~ симдыл фæвæйы — осетинские танцы завершаются симдом
Олимпаг хъæстыты уæлахиздзаутæ — победители Олимпийских игр
сывæллæтты хъæстытæ — детские игры
тыхæвзарæн хъæстытæ — силовые игры
фæндыры ~ — игра на гармошке
● фыдбон бæхмæ ма бабæлл, ~ы чызджы ма бауарз — Во время ненастья не позарься на коня, во время пира – не влюбись в девушку
хæларадон ~ — товарищеская встреча, товарищеский матч
шахмæттæй ~ — шахматная игра

хъазт II — случка животных

хъазтизæр — вечеринка; спектакль; бал, вечер самодеятельности; молодежные танцевальные игрища

фæсивæд ~ саразынц — молодёжь устраивает танцевальный вечер

хъазуат — 1. отвага; смелость; 2. ожесточённый

~ ракæнын — совершить геройский поступок
Сослан хæтæг лæг уыд. Йæ уд, йæ дзæцц исты ~ ракæнын: сырд амарын, искæй фæхынцын, æфхæринаг лæджы бафхæрын; бадын нæ зыдта. *Гуытъиаты Хъ.* — Сослан любил странствовать. Больше всего ему хотелось всегда отвагу проявлять: убить зверя, угостить кого-нибудь, наказать обидчика; сидеть на месте не любил
~ тох — яростный бой
~ тохы бацæуын — вступить в ожесточённую схватку
~ хæст — ожесточённый бой
● хæцæнгарз хæсты бон – ~ æвдисынæн — оружие в час битвы покажет, чего отвага стоит

хъазуатæй — храбро, смело, геройски; решительно; ударно, по-ударному

~ абырсын — смело пойти в атаку
~ кусын — работать по-ударному
~ цæуын — идти на приступ
Авд цуаноны бадынц / Айнæджы ныхыл, / Тынг ~ зарынц, / Нал хæцынц зæххыл. *Къоста. Фсати* — Семеро охотников сидят / На выступе утёса, / Поют, стараются изо всех сил, / Ног под собою не чуют от радости
знæгтимæ ~ хæцын — отважно сражаться с врагами

хъазуатдзинад — храбрость, смелость, геройство; решительность; ударничество

хъазуатон — 1. ударник; 2. ударный; героический

~ æфсад — гвардия
~ куыст — ударная работа
– Мæхæдæг кусын хуыйæн фабричы. Дыккаг аз дзы нымад дæн ~ыл. *Дæбе. Уæззау операци* — Сама я работаю на швейной фабрике. Второй год считаюсь ударницей

~ тох	героическая борьба
хъазуатонад	ударничество
хъазуатхуыз	воинственный
хъазхъуыр	лебединая шея; с длинной шеей *(о человеке)*
~ чызг	девушка с лебединой шеей
хъазын	играть, резвиться, веселиться; плясать, танцевать; шутить; играть на сцене; джигитовать
~ ~ у, фæлæ…	шутки в сторону / прочь, но…
● ~ ~ у, фæлæ сæры цæф ~ нæу	шутки шутками, но дело принимает серьёзный оборот, *букв.* шутки шутками, а ранение в голову уже не шутка
● ~ æмæ худын зæрдæйæ цæуынц	шутки и смех должны из сердца исходить
~ ма ныууадз!	шутки в сторону!
– Хъазгæ мæ ма кæнут,– дзуры сæм Сослан,– / Фæлæ ма мын зæгъут, Быценты фæсивæд, / Мæ чындз сæ кæцы у ацы чызджытæй? *НК.*	– Нечего со мной шутки шутить, – говорит им Сослан, – / Скажите-ка лучше, молодые Быцента, / Которая тут моя невестка?
Махæн бæргæ ницы у. Фæлæ ды уый ~ ма хон. *Умар. Уыцы бон касти хур*	Нам-то ничего. Но ты этим не шути
~ыл нæ дæн	мне не до шуток; говоря серьёзно
ды хъазгæ кæныс, фæлæ мæнмæ ~ нæ цæуы	ты шутишь, а мне совсем не до шуток
● æхсæрдзæны дон фынчытимæ хъазы	вода в водопаде играет, пенится
бæхыл ~	джигитовать; гарцевать
● дон æмæ зынгæй нæ хъазтæуы	с водой и огнём не играют
кæрты ~	играть во дворе
къамæй ~	играть в карты
нæдзурынтæй ~	играть в молчанку
Иумæ кусгæйæ нæдзурынтæй хъазæн нæй. *Дæбе. Царды хицæуттæ*	Работая совместно, в молчанку играть нельзя
футболæй ~	играть в футбол
● фæндаггонмæ ~ нæ цæуы	путнику не до шуток
● хор-хор бæхау йæ сæрæй хъазы	головой вздёргивает, что горделивый конь
● хынджылæг чи кæны, уый йæхицæй хъазы	насмешник сам над собой глумится
хъулæй ~	играть в альчики
цæсгомыл хъазыд хъæлдзæг мидбылхудт	на губах играла весёлая улыбка
● цæст дæр хъазгæйæ схауы	шутки шутками, а глаз вон
Цы ’рцæуы, уый хъазгæйæ ’рцæуы	всё, что случается, играючи случается
хъазынæрдæм	в шутку
~ аздахын	обернуть в шутку
Мадæн Алихан æргом дзуапп нæ радта. Ныхас ~ аздæхта. *Ашæх. Нæ фыдæлты фæндæгтæ*	Алихан не дал матери прямого ответа. Обратил разговор в шутку

хъазынуарзаг шутник

хъазынхъом способный играть

хъайван балка *(потолочная)*

Уæлæ цары ~ куы уаид. / Махæн нæ разы цайдан куы уаид! *Зарæг* Был бы потолок с перекрытием. / Вот бы перед нами чайник возник!

хъайла яичница

~ æмæ хæбизджын *этн.* обряд угощения зятя; *букв.* яичница и пирог с сыром

æхсыры цъæртæй ~ яичница на сметане

сиахсы ~ яичница для зятя

● хъалæй ~ цæгъдын беситься с жиру

Иуæй-иу хъæздгуытæ æвæллон æфтиагтæ кæмæ хауы, уыдон сæ фырхъалæй ~ цæгъдынц. *Р.04. 07.2017* Некоторые богатые, живущие на нетрудовые доходы, с жиру бесятся

● хъæугъæйæ ~ хуыздæр у чем драться, лучше угощаться

цагъд ~ яичница-болтунья

– Ацы дунейы æппæтæй зындæр циу? – ~йæ фæстæмæ айчытæ саразын. *Гусалты Б. Тугдар æмæ тугагур* – Что не свете самое невозможное? – Из яичницы яйца снова сделать

хъаймагъ (*бир.* хъаймæгътæ) сливки, каймак; сметана

~ цъирын снимать сливки; забирать лучшее

зæххы ~ цъирын пользоваться земными благами

царды ~ хæрын пользоваться благами жизни; снимать сливки

хъаймæт потоп; конец света

~ æрхæццæ кæны приближается конец света

Иу бон та Ныхасы бадтысты мæ дзурынц Сырдонмæ: – ~ æрхæддзæ кæны, Сырдон, æмæ дæ тохъыл афтæмæй фесæфынæн æвгъау у. *НК.* Сидели опять на нихасе и говорят Сырдону: – Приближается конец света, жалко пропадёт твой откормленный баран

~ скодта несчастье постигло

– Цы фыдбылызы къах дæ æрхаста? ~ ныл скодта, уый нæ уыныс? – сбустæ кодта йæ лæгыл Анетæ. *Максим. Æхсызгон улæфт* – Какая нелёгкая тебя принесла? Не видишь что ли, конец света у нас тут? – разворчалась на мужа Анета

~ уый мидæг ис, æмæ самое страшное в том, что

~ы арты судзын сильно мучиться; терпеть невыразимые страдания

~ы бон Судный день

Мæ бæстæн кæронмæ / Мæ зæрдæ, мæ зонд / Мæ ~ы бонмæ / Кæнын æз нывонд. *Æрнигон. Сомы* Своему краю полностью / Свою душу, свой разум, / До конца своей жизни / Я посвящаю

Зæхх арвимæ куы баиу уа, / ~ы бон куы ралæууа, – / Уæддæр ын нæй ænæ ссаргæ. *Хъаныхъуаты В. Кадæг* Если даже земля и небо сойдутся, / Наступит судный день, / Его найти надо, во что бы то ни стало

● бынсæфты ~ конец света, конец всему

● донæй ~ уыди, артæй ~ уыдзæн был потоп, вселенский пожар грядёт

Уыди, загъы, æртæ фæлтæрæн æртæ ~ы: иу – артæй, иннæ – донæй, æртыккаг – уазалæй.

Было, говорят, в каждом из трех поколений по испытанию: – первое всесветным огнём, второе вселенским потопом, третье – всемирным холодом

● Мæнæ ~!

Вот беда!

– Сем, зæгъ-ма, æппæты зындæр ~ цы вæййы? – Адæм се ‘взаг, се ‘гъдауыл сæ къух куы сисой, кæстæр хистæры куынæуал æмбара…

– Скажи, мудрейший, что самое ужасное в жизни? – Когда люди отказываются от своего языка, своих обычаев, когда младший старшего не уважает

хъайтар

герой; *уст.* витязь

~ сылгоймаг

разг. бой-баба; смелая, дерзкая женщина

~тæн рохгæнæн нæй

героев надо помнить

æвæрццæг ~

положительный герой

æппæрцаг ~

отрицательный герой

ивгъуыд рæстæджы ~тæ

герои прошлых лет

кадджыты ~тæ

герои сказаний

сæйраг ~

главный герой

Советон Цæдисы ~

герой Советского Союза

Советон Цæдисы ~ы нæмтты аккаг уæвын

быть достойным звания Героя Советского Союза

Уæрæсейы ~

Герой России

фæллойады ~тæ

герои труда

хæстон ~тæ

герои войны

хъайтардзинад

геройство, храбрость

~ домын

требовать отваги

~ лæгæн рагæйдæр йæ туджы æхсыстис

издавна храбрость у мужчины в крови

~ равдисын

проявить героизм

~æй разæнгард кæнын

мотивировать мужеством, вдохновлять героизмом

хъайтарон

героический

~ зарæг сисын

завести героическую песню

~ зарæггæнджыты къорд

хор героической песни

~ кадæг

героическое сказание

хъал I

1. гордость; гордец, спесивец; 2. гордый; самоуверенный; спесивый, надменный

● ~ бæх й’ аууонæй тæрсы

спесивый конь своей тени боится

~ бон ныккалын

разориться; обеднеть

~ зæрдæ

1. заносчивость; чванливость; гонор; 2. спесивый

~ кæнын

зазнаться, заважничать

Кæд бынат ахсы, уæддæр сæ ~тæй нæу

Хоть он и занимает должность, но не важничает

● ~ лæг йæ цыдæй бæрæг у

заносчивого по походке узнать можно

● ~ ныхас хъæдбыны дæр нæ фидауы

заносчивые речи нигде не приличествуют

~ уæвын

гордиться; быть гордым; быть спесивым, надменным

Уарзон ныхæстæ, / Цард анхъæлæджы?!.. / Гъей, цы ~ уыдтæн / Уыцы рæстæджы!. *Къоста. Фесæф*
В ожидании / Благодатных дней?! / Как же счастлив был / Я в любви своей!.

Макуы у кæйдæртау ~ / Ды дæ тых æмæ дæ зондæй, / Архай, лæппу, алкæд зондæй. *Дæуыт. Гæмæт*
Никогда не гордись как другие / Своей силой и статью, / Всегда, сынок, действуй с умом

● ~ цы нæ кæны, мæгуыр цы нæ бары
чего только богач не творит, чего только бедняк не стерпит

● ~æй хъарм хуыздæр у
чем красоваться, лучше тепло одеваться

● ~æн – ~ дзаума, мæгуырæн – хъарм дзаума
щёголю – щегольской наряд, бедняку – тёплый

~тæ калын
зазнаваться, чваниться

дæ ~ мыл ма кал
легко / хорошо говорить

Дæ ~тæ мыл куы нæ калис! *Æз дæуæй ~дæртæ федтон. Хуыгаты С. Урс изæртæ*
Легко тебе говорить! Видал я и более горделивых, чем ты

æмбисонды ~
гордец, зазнайка

æнæфæнык ~
из грязи в князи

● æнæфæнык ~ йæ худ зулмæ хæссы
из грязи в князи и шапка набекрень

æнæхæлафæй ~тæ
голоштанник, а с гонором

Ацы æнæхæлафæй ~тæ сæ дзыхтæ ныххæлиу кодтой, фæстæмæ, дам, мах бонджыны къæлæтмæ нæ бацæудзыстæм.
Эти задаваки-голодранцы открыли рты, мол, мы под ярмо богатых больше не пойдём

æрæджиау(ы) ~
когда бедняк разбогатеет, он и Бога забудет

● бацæуæндон ын никуы ис, афтæмæй йæ ~ – æмбисонд
его никуда не впускают, а его гонор меры не знает

● мæгуыр ~ы зæрдæмæ нæ цæуы
бедный богатому не по нраву

● мæгуыры зæрдæ фынтæй ~
бедняка тешат его сны

нарты ~тæ
нартовские гордецы

– Фыдбон сæ хай фæуæд Нарты ~тæн! – загъта йын Къармæгон. *НК.*
– Пусть хлебнут горя нартовские гордецы! – сказала ему Кармагон

сæ ~æн кæрон нæй
заносчивость их не знала границ

тынг ~
высокомерный, задирающий нос

Уæ бонæй уат, цы ~ стут
хорошо вам, какие вы гордые

Фæхудæнт мыл ~тæ, / Ды се ‘мбал нæ дæ! / *Къоста. Ныфс*
Пусть спесивые смеются надо мной, – / Ты не товарищ им

хъал II
1. бодрствование; пробуждение; 2. бодрствующий

~ кæнын
будить

~ уæвын
бодрствовать, не спать

хъалагъур
караул; сторож, часовой, караульный, охранник

~ хæссын
нести караул

~æй кусын
работать сторожом

● афтæ дзур, æмæ дын æй ~ бафиддзæн
говори себе, а сторож тебе возместит

радгæс ~
часовой

халагъургænæг караульщик
хъалац(ы) большая чаша
хъалæй I от самоуверенности; от пресыщенности; с жиру
~ футтытæгæнгæ капризничая; фыркая
● ~ хъайла цæгъдын беситься с жиру
● иу йæ тыхстæй – курæг, иннæ – йæ ~ одного нужда толкает, другого блажь
хъалæй II наяву
● лæг фыны диссæгтæ уыны, – ~ фесæфынц во сне чудеса снятся, наяву они пропадают
Сæрмæт йæ фыны дæр, йæ ~ы дæр йе ‘мгæртты зæрдæхудт никуы райста. *Мæрзойты С. Ælгъыст* Сармат ни во сне, ни наяву никогда не обидел своих друзей
фыр ~ кичась; из чванства
хи ~ævдисын вести себя заносчиво
хъалæнгæс горделивый
хъалгæнаг задавака; задиристый
● æрæджиауы хъæздыг ~ у недавно разбогатевшие особенно горделивы
● дзæгъæл ~ у беспризорный задиристый бывает
хъалгæнæг (*бир.* хъалгæнджытæ). 1. будильник; 2. будящий
хъалгомау 1. щеголь; 2. горделивый; кичливый
хъалгонд пробуждённый, разбуженный
хъалгъæн, хъæлгъæн *бот.* крыжовник
хъалдзинад гордость; самоуверенность; спесивость, надменность; франтовство
~ы æфсон из самоуверенности
йæ ~æн кæрон нæй он себе цены не сложит
хъалйан кальян
хъаллæ *уст.* крепость; станица
хъалмыхъхъаг (*бир.* хъалмыхъхъæгтæ) 1. калмык; 2. калмыцкий
~ цай калмыцкий чай
хъалон дань, подать, налог, оброк
Кæмдæр та халон – / Цыма дзы ~ / Нæ фыййау дардта – / Цыхты къæртт ссардта. *Къоста. Халон æмæ рувас* Ворона где-то опять, / Как будто пастух был должен / Платить ей дань, / Нашла кусочек сыра
~ исыны фæткæвæрд порядок взимания налогов
~ нæ хатыр кæнын не прощать подати, не освобождать от оброка
● ~ сæр гуыбыр кæны подать унижает
~æй суæгъд кæнын освободить от налога
~тæ æмбырд кæнын собирать налоги
~тæ æмбырдгæнæн базæ налогооблагаемая база
~тæ бафидын уплатить налоги
~тæ афоныл æмæ æххæстæй фидын выплачивать налоги в срок и в полном объёме

~ты фиддонтæ — налоговые платежи
~ы ænæбафыст хай — недоимка
æфтиагыл иумæйаг ~ — единый подоходный налог
иумæйаг хъæууонхæдзарадон ~ — единый продовольственный налог
паддзахадон бюджетмæ цæуæг ~тæ — отчисления в госбюджет
● мæгуыр хъæздыгæй ~ дары — бедняк обязан богатому дань платить
уæззау ~æй фервæзын кæнын — освободить от тяжелой дани, оброка
хъалонæвæрд — обложение податью, налогом
хъалонæвæрынад — налогообложение
хъалондар — *ист.* данник
хъалонисæг, хъалонис — сборщик налогов
хъалонфидæг (*бир.* хъалонфидджытæ) — налогоплательщик
~ адæм — налогоплательщики
хъалсæр — 1. гордец; гордячка; 2. горделивый
хъалсæрæй — горделиво
хъалтæгонд — горделивый
хъалхуызæй — горделиво
хъалы — наяву
хъама — кинжал
~ сласын — обнажить кинжал
~ йæм куы сласай, уæддæр уæлдай æндæрхуызæн нæ фæуыдзæн — его ничем не проймёшь; его даже угрозами не проймёшь
~йæ барæхойын — ударить кинжалом
~йы тъæпæн — лезвие кинжала
~ты кæрддзæм — ножны для кинжала
● ~ кæрддзæмæй ласын дæ ма бахъæуæд — чтобы не понадобилось кинжал из ножен вытащить
~ æнæхъуаджы макуы слас, куы йæ сласай, уæд та йæ æгадæй ма нытътъыс йæ кæрддзæмы. *Мæрзойты С. Дзæбуг æмæ хъæсдарæг* — Кинжал без нужды не обнажай, а коли вытащил, то в ножны не вкладывай с позором
● кæрæдзимæ ~тæ сисын — пойти друг на друга с оружием
къуымыхфындз ~ — кинжал с изогнутым клинком
~йы коммæ лæбурæн нæй, дыууæрдыгæй дæр цыргъ у. *Умар. Уæ нæ хæхтæ, нæ бæстæ* — Нельзя хвататься за клинок кинжала, он обоюдоострый
● хæцæнгарзæй хæйрæг ~йæ тынгдæр ницæмæй тæрсы, зæгъгæ, ахæм ныхас баззад фыдæлтæй — в старину говорили, мол, из оружия чёрт больше всего кинжала остерегается
цыбыр ~ — кортик
цыма ~йæ зæрдæрæхуыст фæуын — как будто получил удар в сердце
хъамалвæстæй — с обнажённым кинжалом
– Хæстæг мæм мачи æрбацæуæд! ~ йæ скæрдæнтæ кæндзынæн! – хъæр сæм кæны ~. *Максим. Æхсызгон улæфт* — – Пусть никто не вздумает приблизиться ко мне! Изрежу любого на куски! – кричит он, грозя обнажённым кинжалом
хъамаджын — с кинжалом

● Хæдарцонтæ – ~тæ — девушки Хадарцевых – непримиримые, воинственные

хъамбул — утолщение кости в сочленении

~ уæраг — крепкое, сильное колено

хъамбулджын — сильный; ширококостный; человек крепкого телосложения

арсау ~ — крепкий как медведь

хъамыл — камыш

● уæдмæ ингæныл ~ дæр ма æрзайдзæн — к тому времени всё быльём зарастёт; *букв.* на могилах камыш прорастёт

Цалынмæ Кæсæгæй фæдис хæццæ кæна, уæдмæ нæ ингæнтыл ~ дæр ма æрзайдзæн. *Болайы фырт. Чермен* — Пока из Кабарды придёт помощь, наши могилы камышом порастут

Алы хъинц, алы сыбыртмæ дæр-иу мæ зæрдæ ныссæххæтт ласта, мæ сæры хъуынтæ ~ау слæууыдысты. *Ашæх.* — От каждого скрипа, каждого шороха мое сердце в пятки уходило, волосы дыбом вставали

хъамылбын *кæс* **хъамылджын**

хъамылгæрдæг — камыш

хъамылджын — поросший камышом; местность, обильно поросшая камышом

хъан — *ист.* воспитанник *(мальчик, отдаваемый на воспитание в чужую семью)*

● ~ы цард кæнын — жить припеваючи

Ма тæрс, махмæ ды / ~ы цард кæндзынæ: / Дзул дын тулдзыстæм мыды, / Адджын цай цымдзынæ. *Къоста. Цъиу æмæ сывæлæттæ* — Не бойся, у нас ты будешь жить припеваючи: / Будешь хлеб с мёдом кушать, / Пить сладкий чай

● уæд сæм ~ы цыд кодтай, ныр сæм хъалы цæст дарыс — то ты к ним как их воспитанник приходил, а теперь свысока на них смотришь

– Æмбалæн мын бæззы. – Гъе, уæдæ хорз. Мæ ~ у. *Умар. Адæймаджы амонд* — – Он годится мне в товарищи. – Вот и хорошо. Он мой подопечный

хъанауз — канаус, плотная шёлковая ткань

хъанджын — *ист.* воспитатель

хъандзал — 1. пружина; рессора; клавиша; сталь, отличающаяся большой упругостью, крепостью; 2. упругий, крепкий, твёрдый

~ зæгæл — стальной гвоздь

~ фæндыр — гармошка

Фæгæппытæ кодтой сæ бынæттæй, цыма сæ ~тæ фехстой хæрдмæ. *Мæрзойты С. Ælгъыст* — Повскакивали со своих мест, как будто их пружинами кверху подбросило

хъандзалбарæн — безмен

хъандзалджын — пружинный; на рессорах

хъанхæссæг *кæс* **хъанджын**

хъапджын — содержащий много косточек

хъапп (*бир.* хъæппытæ) — косточка, ядро; *анат.* яичко; *перен.* сущность

æнæ хъæппытæй — без косточек

ængузы ~ — ядро ореха
● бирæгъ фыры хъæппытæм æрхауын æнхъæлмæ куыд каст, уыйау — терпеливо выжидать вожделенного
ныхасы ~ — суть дела / разговора
хъæппыты цъæрттæ — скорлупа; шелуха
● цардæн йæ ~ хæрын — снимать сливки жизни; жить на широкую ногу
цæсты ~ — хрусталик *(глаза)*

хъапхай *кæс* **хъахбай**

хъарагъул, хъалагъур — караул, часовой, сторож; стража
~ лæууын — нести караул
радгæс ~ — часовой
цыты ~ — почетный караул

хъарæг (*бир.* хъарджытæ) — *уст.* причитание женщин *(над покойником),* поминальная песня
~ кæнын — оплакивать *(покойника);* причитать
Скæнæм нæ кæстæртыл – / Хæсты зынгхуыстытыл кадæг, / Мадæлты удтæй та / Хъуысы сæ ~ æрмæст. — Сложим о младших, / В войне погибших песню, / А из душ матерей / Рвётся только скорбный плач
● ~æй цæфæн æххуыс нæй — слезами горю не поможешь
● æргомæй – зарæг, сусæгæй – ~ — в горле – песня, в душе – причитания
зæрдæхалæн хъарджытæ — душераздирающие причитания; горестный поминальный плач
Кæй чызг мыл ыскæндзæн зæрдæхалæн ~, / Кæй кæуынæй риздзæн къæдзæх. *Къоста. Æнæ хай* — От чьих причитаний будут сердца содрогаться, / От чьих рыданий содрогнётся утёс
● авдæны зарæг кæм акæнынц уым зæрдæхалæн ~ дæр райхъусы — в доме и колыбельную песню поют, а то бывает и причитания слышатся
~ æмæ зарæг фæрстæй фæрстæм цæуынц. Афтæ у цард. *Ашæх. Æртæйæ* — Причитания и песни бок о бок ходят. Такова жизнь
зæрдæ домы ~ — сердцу хочется плакать
кадгæнæг ~ — прославляющая поминальная песнь
● мысты ~ – гæдыйæн зарæг — плач мышки – песня для кошки

хъарæггæнæг (*бир.* хъарæггæнджытæ) — плакальщица

хъаргæ курдиат — слезная просьба

хъарм — 1. теплота, тепло; 2. тёплый
~ дзаума скæнын — одеть тёплую одежду;
~ кæнын — согревать; подогревать
~ хъæбысы — в тёплых объятиях
мады хъæбысы ~æй бафсæдын — насладиться теплом материнских объятий
æдде уæлдæфы ~ у 5 градусы — на улице 5 градусов тепла
зæрдæйы ~ — душевное тепло
Фылдæр хатт зæрдæйы ~ æмæ нæм быхсындзинад фаг нæ разыны — Чаще всего нам не достаёт душевного тепла и терпеливости
~ зæрдæ нæ дарын — относиться с прохладцей
~ уæлæдарæс — тёплая верхняя одежда

~æй фæцух кæнын — лишить тепла
● бæх армы ~æй рæзы — конь подрастает от тепла рук
ногдыгъд ~ æхсыр — тёплое парное молоко
● хæдзары ~æн æмбал нæй — важней всего домашний уют и тепло
хурмæ ~ у — на солнышке тепло

хъармад — теплота, тепло
~ы суадон — источник тепла
Лæджы цæстытæ-иу куыддæр лæвæрдтой ~. *Умар. Уæ нæ хæхтæ, нæ бæстæ* — Глаза мужчины излучали тепло

хъарман — *бот.* ильм, вяз

хъармандур — *бот.* орешек ильма, вяза

хъармгæнæн — отопление; грелка
~ рæстæгмæ хи цæттæ кæнын — готовиться к отопительному сезону
центрон ~ — центральное отопление

хъармгонд — согретый

хъармдæттæг — обогревательный; обогревающий
~ хæтæлтæ — теплосети
~ хызæг — теплосеть

хъармдзинад — теплота
~æй ифтонг кæнын — снабжать теплом
уды ~ никуы бавгъау кæнын — щедро делиться душевной теплотой

хъармтуг — теплокровный
~ цæрæгойтæ — *зоол.* теплокровные *(животные)*

хъармуарзаг — теплолюбивый
~ зайæгойтæ — теплолюбивые растения

хъармуат — парник; теплица
~ы зайæгой — тепличное растение; слабый, изнеженный человек

хъару — способность, дарование; сила, энергия; доблесть
~ асæттын — подорвать силы
Йæ иунæг фырты маст, йæ лæг Куыдзыгойы мælæт ын асастой йæ ~. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Потеря единственного сына, смерть её мужа Куыдзыго подорвали её силы
~ равдисын — показать силу; применить силу
● фадат ран-иу дæ ~ равдис — в нужное время продемонстрируй силу
~ цас амоны — насколько позволяют силы
Йæ ~ цас амыдта, йæ зонд цас ахста, уыйбæрц йæхиуыл нæ ауæрста. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Насколько позволяли силы, насколько позволял разум, он не щадил себя
~тæ бафæлварын — испытать силы; состязаться
~тæ нæ бавгъау кæнын — не жалеть сил
~тæ сысынц — силы иссякают; силы на исходе
● арт æмæ донимæ дæ ~ ма æвдис — с огнём и с водой силами не тягайся
æппæт ~тæй бацархайын — приложить все силы
● дæ ~ æмæ дæхæдæг — тебе и карты в руки; всё в твоих руках

Абон райдайдзыстут цехтæм цæуын, ахуыр кæндзыстут. Уæ ~ æмæ уæхæдæг. *Умар. Адæймаджы амонд*

Сегодня вы начнёте ходить в цеха, будете учиться. Всё в ваших руках

● дæ ~йæ дæ ныфс фылдæр уæд!

чтоб мужества у тебя было больше, чем сил!

дывæр ~йæ æрæвналын

приняться с удвоенной силой

● искæй ~ къахыр кæнын

подтачивать чьи-л. силы / здоровье

● искæй хъæу дын дæ дарæсæн кад кæнынц, уæхи хъæу та дæ ~йæн

в чужом селе почитают по одежде, в своём – по силе

● иу ~ кæмæдæриддæр вæййы

у каждого есть хоть какое-нибудь дарование

йæ ~йæн æмбал нæ уыд

он был очень сильным; ему не было равных по силе

кæд зондæй нæ, уæд та – ~йæ

не умом, так силой

● Нарт цæмæй Нарт уыдысты? – Тых æмæ ~йæ, зонд æмæ ’хсарæй

Чем нарты славились? – Силой и доблестью, умом и мужеством

● нæ ~ нæ иудзинады ис

наша сила в нашем единстве

нырма йæ ~ йæхимæ ис

он пока ещё полон сил

● раздæр уал дæ ~ далыстимæ авзар, стæй та – фырытимæ

пока вон с молодыми потягайся, потом с сильными

раздæры ~йы хицау нал уæвын

растерять силушку

● уынд ~йæн æххуыс нæу

внешность – не показатель силы

хи ~йæ

своими силами

● хи ~йæ къæхтыл слæууын

добиться всего своими силами

● хъæр ~йы нысан нæу

крик – не признак силы

хъаруацджын

сильный, дюжий

Ахæм ~ чи у, чысыл уæвгæйæ, / Кæд уыдон мыккагмæ сылгоймæгтæ ис, / Уæд мæ уыдонæй стæггаг куы уаид. *НК.*

Это у кого такая сила, хоть ростом не вышел, / Если в их фамилии женщины есть, / Хотел бы я породниться с их семьёй

хъаруджын

сильный, мощный; доблестный; деятельный

● ~ы раз къæдзилæй архай, æнæхъаруйы раз – риуыгуыдырæй

перед сильным хвостиком виляй, на слабого – грудью иди

ærдзæй ~ нæ рахаста

он физически не силён от природы

хъарусаст

обессилевший; ослабевший

~æй хæрыныл дæр нал уыдысты. *Ладемыр.*

Они так обессилели, что им было даже не до еды

хъаруцух

слабый, обессиленный

хъарын I

просачиваться, проникать ; предлагать; действовать, оказывать действие, влияние;

дон хъары

протекает

зæрдæмæ ~

доходить до сердца

дзырд æм нæ хъары

слова на него не действуют

● ницы йæм хъары

ничего до него не доходит, как с гуся вода

Фæлæ йæм йæ дугъоны мæтæй хистæрты куывдытæ хъаргæ дæр нæ кодтой. *Дзæдтиаты Т. Æхсаргæрдты зæлланг*

Но он так переживал за своего скакуна, что тосты старших до него даже не доходили

ныфсæвæрæнтæ йæм нæ хъарынц — слова утешения и ободрения не действуют на него

● ныхас æм æрæгмæ хъары — *разг.* до него поздно доходит; до него как до жирафа

~ кæнын — пропитывать

мæ цырыхъхъыты дон хъары — в мои сапоги проникает вода

● хур дуры гуыбынмæ дæр хъары — солнце всё побеждает

хъарын II — выслеживать; стараться; навязывать

ædзух фæллойыл ~ — постоянно трудиться

хи уды дзæбæхдзинадыл ~ — стараться для собственного благополучия

хъасаб — мясник

хъасапп — бойня; *уст.* харчевня

хъасбахъ — навес на плетне, сарай *(для скота)*

Хъаспы денджыз — Каспийское море

хъаст (*бир.* хъæстытæ) — жалоба; ропот

~ бадæттын — подать жалобу

~ бахæссын тæрхондонмæ — подать жалобу в суд

~ кæнын — жаловаться, подавать жалобу

тæрхондонмæ ~ кæнын — подавать жалобу в суд

● ~ ма ахæсс — не поминай лихом; не обессудь

Дзаума нæм фаг нæй, æмæ нæхæдæг радыгай фæхæрæм, ~ нæ ма ахæссут. *Æхсарбег. Хурхæтæны* — Посуды у нас не хватает, мы и сами едим по очереди, так что не обессудьте

~ мæ мачи ракæнæд — пусть на меня никто не жалуется

Искуы ма мæ фæндагыл куы ‘рлæууай, уæд-иу мæ ~ ма ракæн. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Если ты ещё когда-нибудь станешь на моём пути, то тогда не жалуйся

~ы гæххæт — жалоба

● куырм йæ дыууæ цæстыл ~ кодта — слепой на оба глаза жаловался

● хъæстытæ æмæ сидтытæй иунæг кæрц дæр нæ бахуыйдзынæ — из жалоб да призывов шубу не сошьёшь

Æз фынджы хъуыддаг бакæнон, нæуæд дын дæ ~ Хуымæлæджы дон дæр нал аласдзæн. *Хæблиаты С. Дзæнæты маргъ* — Я займусь столом, а не то твои жалобы даже река Хумалаг не унесёт

хъæстытæм æмбæлон хъусдард здахын — реагировать на жалобы должным образом

хъæстыты чиныг — жалобная книга

● йæ хъæстытæ йын стыр дон / Терк дæр нæ аласдзæн — он постоянно жалуется; его жалобам нет конца

хъастгæнæг (*бир.* хъастгæнджытæ) — истец, жалобщик; осуждающий

фыццаг хъастгæнæджы алчи раст фæхоны — кого первым выслушаешь, того сторону и возьмешь

хъаст кæнын аипп у, хъастгæнæджы та æгад кæны — жаловаться недостойно, жалующийся роняет себя

хъастуарзаг — сутяга

хъастхæссæг (*бир.* хъастхæсджытæ) — истец; заявитель; жалобщик

Хъастхæсджытæ къаддæр куы уаиккой, уæд æнцондæр кусæн уаид. *Умар. Цард тындзы сæ размæ*
Было бы меньше жалобщиков, легче бы работалось

хъатара патронташ

хъауа кофе

хъауадон кофейник

хъаугъа запальчивость; спор; свара; ссора; драка; конфликт

~ кæнын затевать спор, драку, спорить

● ~йæ зæрдæ цъæх кæны ссоры приедаются

● ~йæ хъайла хуыздæр чем драться, лучше угощаться

~йы лалым скандалист, забияка

Цы та дыл æрцыд, æнусон ~йы лалым? – хъазгæйæ бафарста Зауырбег. *Дæбе. Уæззау операци*
Что опять случилось, вечный забияка? – шутя, спросил Заурбек

~ты рæстæг æрцæуы назревает спор

æнæбындур ~тæ беспочвенные ссоры

дæргъвæтин ~ продолжительный конфликт

егъау ~ грандиозный скандал

мидæггагон ~тæ внутренние противостояния

сæ ныхас ~мæ рахызт их разговор перерос в конфликт

Чи аркъау хуыдта хуыздæр, чи дзæбуг, чи куынц, афтæмæй цын ыстыр ~мæ ацыди. *НК.4*
Для кого клещи считались лучше, для кого молоток, для кого кузнечный мех, так и переросло всё в драку

~ нæ, фæлæ сæм дæрзæг ныхас дæр никæд рауад! *Гæстæн. Мæйы фæстаг бонтæ*
Не то что ссоры, даже жёсткого разговора между ними никогда не было

хи ~йæ дард хæссын избегать конфликтов

Æртыккаг загъта: – Хæцут уæ бæхты рохтыл æмæ цæуæм йæ размæ, чи зоны æмæ хъуыддаг сырæзид ænæ ~йæ, ænæ туг акалгæйæ. *Арсен. Рæдыд*
А третий сказал – Держите коней за поводья и пойдём вперёд, кто знает, вдруг дело обойдётся без стычки, без кровопролития

● хорз ~йæ æвзæр фидыд хуыздæр худой мир лучше доброй ссоры

хъаугъагæнаг (*бир.* хъаугъагæнджытæ) 1. спорщик, скандалист; 2. запальчивый; сварливый; любящий спорить

хъаугъагæнæг (*бир.* хъаугъагæнджытæ) 1. *разг.* задира; 2. спорящий; ссорящийся;

хъаугъайаг спорный; скандальный

Æз дын галтæ ратдзынæн, фæлæ дæ зæхх ~ ма суæд. *Малиты Х. Мæйрухс – хуры тын*
Волов я тебе дам, но чтобы земля твоя не стала спорной

~ уынаффæ спорное решение

Фæмæсты, йæ бынатæй фестад æмæ йын афтæ: «Мæ бардзырд ~ ма кæн! Сæххæст æй кæн!» *Цгъойты Х. Р.10.02. 2018*
Разъярился, поднялся с места и так говорит: «Не оспаривай мой приказ! Выполняй его!»

хъауджы разница, различие, отличие

~ кæнын разниться, отличаться

Куыйтæм дæр ахæм ~тæ ис, уый æнхъæл нæ уыд Къабуз. *Хæблиаты С. Дзæнæты маргъ* — Кабуз даже не подозревал, что между собаками есть такие различия

~ нæу — одинаково

● нывонд галæй ~ нæ уæвын — *букв.* быть как жертвенный бык

рæстæг дугъон бæхæй ~ нæу — время, что скаковая лошадь

Цыппæрæм та йæ фырхæрдæй / Хуыйæ ~ нæ уыди. *Фондз усы. Зарæг* — А четвёртая, своим обжорством / Не отличалась от свиньи

хъауджыдæр — 1. отличающийся; 2. безразлично; 3. кроме, в отличие

● ~ нæу — всё равно; одинаково, безразлично

● ~ сæ нæй — между ними нет разницы; одного поля ягоды, одним миром мазаны; два сапога пара

● æдзæлгъæд ныхас æмæ куыдзы рæйдæй ~ нæй — что человек языком чешет, что собака брешет

Цы ~ ис цæгатæй, фæсхохæй? Мурдæр ницы. *Тыджыты Ю. Мæ цъæх обау* — Какая разница между севером, горами? Вообще никакой

~ кæнын — отличать; пристрастно относиться

хи хъæбултæй ~ нæ кæнын — любить как своих родных детей

бирæтæй ~ — в отличие от многих

Европæйаг размæцыд адæмтæм дæр ис ахæм æгъдæуттæ, æмæ сæ махæй ~, æххæст кæнынц. *Р.04. 08.2018* — У прогрессивных европейских народов тоже есть схожие обычаи, но они, в отличие от нас, их соблюдают

дæуæй ~ — кроме *(в отличие от)* тебя

ивгъуыд азтæй ~ — в отличие от прошлых лет

мæнæн ~ нæу — мне безразлично

● сау куыдзæй урс куыдзæй ~ нæй — один чёрт, что белый пёс, что чёрный

● хорз æмбал æфсымæрæй ~ нæу — хороший друг всё равно, что брат

хъауджыдæрдзинад, хъауджыдзинад — отличие, различие, разница; расхождение

Цы ~ сæ ис? — Какая между ними разница?

Фæлæ уæддæр æмбæрста, дыууæ лæппуйы æхсæн стыр ~ кæй ис. *Умар. Цард тындзы сæ размæ* — Но тем не менее она понимала, что между этими двумя молодыми людьми огромная разница

хъауын — уменьшать; расходовать, потреблять

Бинонтæ цас фылдæр уой, уыйас æнцондæрæй кусынц æмæ хъауынц сæ хидгуысты фæллæйдтæ. *Айларты И. Тæрхоны лæгтæ* — Чем больше семья, тем легче им работается, тем меньше пота проливается каждым

● бæрцыл ~ — расходовать умеренно

● исæй ~ – удæй ~ — чем живётся труднее, тем и сердце беднее

хъахбай — проститутка; развратник

Уæй ~! — У, бесстыдная!

● ус-~æ лæг-~æ хъауджыдæр нæй – иу ысты — один чёрт, что жена развратная, что муж

хъахбайдзинад — разврат; блуд

~ кæнын — развратничать, блудить

хъахбайыздæхт блудливый
хъахъхъæд сохранность; оборона, охрана
~ уæвын сохраниться; быть защищенным
хъахъхъæдад охрана
ædгæрзтæ ~ вооружённая охрана
хъæдты ~ охрана лесов
хъахъхъæнæг 1. сторож; охранник; защитник; 2. присматривающий, оберегающий; наблюдающий, караульный
бартæ ~ уполномоченный по правам
къонайы фарн ~ хранительница очага
сылгоймаг къонайы фарн ~ женщина – хранительница очага
сывæллæтты бартæ ~ уполномоченный по правам ребёнка
фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ защитники отечества
хъахъхъæнæн 1. средство защиты; 2. защитный; охранный
~ æвдисæнгæххæт охранная грамота
~ бынат сторожевой пост
~ мæсыг сторожевая башня
~ хæцæнгæрзтæ оружие обороны
æнæниздзинад ~ы мадзал средство защиты здоровья
хъахъхъæнын охранять, караулить, стеречь; оберегать; стоять на часах, защищать; отстаивать
авгау ~ беречь как стекло
● æвзæрæй дæхи хъахъхъæ, хорзæй ма тæрс берегись недоброго человека, а доброго не бойся
æгъдæуттæ ~ сохранять традиции
æдасдзинад ~ обеспечивать безопасность
● æнæуæнк лæгæй бирæгъау дæхи хъахъхъæн остерегайся ненадёжного человека пуще волка
ærдз ~ беречь природу
● кæд худ дарыс, уæд йын йæ кад дæр хъахъхъæн если уж ты мужчина и шапку носишь, о чести помни
уæхи хъахъхъæнут будьте осторожны, берегитесь
● йæхи чи хъахъхъæны, уый Хуыцау дæр хъахъхъæны бережёного (и) Бог бережёт
фыдæвзагæй хи ~ опасаться злоречивых людей
фыдбылызæй хи ~ оберегаться, защищаться от напастей
хи ~ обороняться; беречься; воздерживаться
● хъуызаг куыдзæй дæхи хъахъхъæн; æргомрæйд чи кæны, уый дын ницы кæндзæн остерегаться надо крадущейся собаки, та, что с лаем бросилась – вреда не причинит
цæстыгагуыйау ~ беречь как зеницу ока
хъахъхъæнынад защита, оборона
~ батонын прорвать оборону

бæстæйы ~ фидар кæнын — крепить оборону страны
тымбыл ~ — круговая оборона
уæлдæфы ныхмæ ~ — противовоздушная оборона
хъахъхъæнынадон — оборонный, оборонительный
хъахъхъæнынхъом — обороноспособный
хъахъхъæнынхъомад — обороноспособность
хъацæн — *с.-х.* удобрение; приправа, заправка
~ кæнын — удобрять
~ты хуызы дæр пайда кæнын — использовать в качестве удобрений
кæнгæ ~ — искусственное удобрение
хæмпæлгæрдæг æнæ ~æй дæр йæ сæр сдары — сорняк и без удобрений взойдёт
хъацын — удобрять
зæхх фаджысæй ~ — удобрять землю навозом
хъæбатыр — 1. храбрец; 2. храбрый, мужественный, смелый, бесстрашный, доблестный, отважный
● ~ хæсты рабæрæг вæййы — герой проявляет себя на поле брани
~ты къорд — горсть храбрецов
● æвзæр куыдз йæ дуармæ – ~ вæййы — у своих ворот и плохая собака бесстрашно лает
нæ ~ æфсад — наша доблестная армия
Советон Цæдисы ~ — Герой Советского Союза
Уæрæсейы ~ — герой России
Фæллойы ~ы ном — звание Героя Труда
хæсты ~ — герой войны
хъæбатырдзинад — храбрость, мужество, смелость, бесстрашие, доблесть, отвага
æцæг ~ равдисын — проявить подлинный героизм
Адæймаг йæ ~ æмæ йæ лæгдзинадæй куы фæиппард уа, уæд æппæтæй дæр иппæрд кæны. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Когда человек утрачивает мужество и человеколюбие, тогда он утрачивает всё
~ы тыххæй ахуыпп кæнын — выпить для храбрости
хъæбæр — 1. твердь; 2. сильный, крепкий; чёрствый, жёсткий
~ æмхъæлæсонтæ — твёрдые согласные
~ буар — твёрдое тело
● ~ галæн ~ хъæдæй ~ къæлæт — сильному волу крепкое ярмо из твёрдого дерева делают
● ~ дзыхæй дзурын — говорить жёстко, с непримиримостью
~ кæрдзын — чёрствый хлеб
~ лæууын — мужаться, проявлять стойкость, характер
~ нозт — спиртные напитки
~ нысан — *лингв.* твёрдый знак
~ уазал — крепкий мороз; твёрдый
~ цыхт — твёрдый сыр

– Æрмæст дыууæ арахъы анозтон, æндæр нæ.– Уый арахъы ~мæ æмæ агуывзæйы асмæ гæсгæ у. *Арсен. Джанаспи*

– Я всего два стакана араки пропустил, всего-то. – Это ещё зависит от крепости араки и от размера стакана

● дур дурæй ~дæр

крепче камня только камень

дзулы ~тæ

корка хлеба

Мæ фæсон дурæй ~дæр!

Спина моя тверже камня!

мысинæгтæ дойнаг дурæй ~дæр сты

воспоминания твёрже камня

● «нæй» дурæй ~дæр

на «нет» и суда нет

● сæры ~тæ фæнæмын

отлупить, сильно побить

хъæбæрад, хъæбæрдзинад

твёрдость, затверделость

хъæбæрæй

резко; твёрдо, уверенно

~ дзурын

утверждать; говорить резко, вызывающе; говорить уверенно, твёрдо

ныхас ~ ауадзын

жёстко повести разговор

~ зæгъын

сказать уверенно

хъæбæрвад

крепкий *(на ноги),* закалённый

● хæххон адæм ~ сты

горцы крепки на ноги *(хорошие ходоки)*

хъæбæрдзинад

жёсткость; твёрдость

хъæбæрдзых

запальчивый; самоуверенный

~æй дзурын

говорить самоуверенно

● æвзæр куыдз йæ дуармæ – ~

плохой пёс у своих ворот решителен

хъæбæрзæрдæ

бессердечный, жестокий; чёрствый, бездушный

● уый ~ адæймаг у: марды хурх дæндагæй бахæрдзæн

у него жестокое сердце: он мёртвому глотку перегрызёт

йæ тæригъæдæй ~ адæм сæ цæссыг фæкалдтой

от жалости к нему даже жестокосердные люди пролили слёзы

хъæбæркæнынад

затвердение, отвердение

хъæбæрных

твердолобый

хъæбæрхор

бот. ячмень

хъæбæрцъар (*бир.* хъæбæрцъæрттæ)

переплёт, обложка; папка

гæххæттытæвæрæн ~

папка для бумаг

хъæбуз

таракан

хъæбул

ласк. дитя; детище

● ~ы ~, дам, хи ~æй адджындæр у

внуки дороже собственных детей

● ~ы ~ – фæстæг хуры тын у зæронды зæрдæйæн

внуки – последний лучик солнца для стареющего сердца

● ~æй зынаргъдæр ницы ис

нет ничего дороже дитя

● ~тæй афтидæй аззайын

лишиться детей

● ~ы ад банкъарын

испытать родительское чувство

● ~ы маст мад æмæ фыдæн фыдох у

горе ребенка – несчастье для родителей

~ыл чи æруайы, уыцы цæф мадæн тынгдæр рисы. ~æй мадыл раздæр сæмбæлы. *Максим. Райсомы мигъ*

Удар по ребёнку матери большую боль причиняет. Он вначале по матери приходится

● ныййарæджы ælгъыст ~ыл нæ цæуы

проклятие родителя на ребёнка не ложится

хъæбулджын многодетный; с многочисленным потомством

● арсау – ~, бæласау – уидагджын многодетна как медведица, как дерево со многими корнями

хъæбулуарзаг чадолюбивый

хъæбын, хъæбынгонд пирожок с мясом или с сыром, вареник

● гæдыйы фынтæ ~тæ кошке снятся пирожки

● кæддæр, дам, Æрыдоны дон ~тæ ласта говорят, что река Ардон когда-то пирожки приносила; дела давно минувших дней; преданья старины глубокой

Сатана дæр ын хæрзчысыл мыдамæст ~ йæ дзыхы атъыста. *НК.4* Шатана тогда сунула ему в рот маленькую медовую лепёшку

хъæбыс объятие

~ кæнын обнимать(ся); обхват, охапка

~ы æрбакæнын приобнять

~ы дзаг охапка

~ы ныттухын заключить в объятия

~æй хæцын бороться, драться

ærдзы ~ы на лоне природы; вне города, в лесу, в поле

● дæ къæбæр хауа – дæ ~мæ чтоб кусок, если падает, тебе на грудь

● мады ~ сабийæн – йæ авдæн объятия матери – колыбель для ребёнка

● ныййарæджы ~ – æппæтæй адджындæр самое приятное – объятия матери

хæхты ~ы фæллад уадзын отдыхать в горах

Куыд хорз у ам нæ хæхты рухс ~ы, / Ам цас ис амонд, цин æмæ рæвдыд! *Хъаныхъуаты В. Цæуын та ног* Как хорошо в объятьях наших гор, / Сколько здесь счастья, радости и ласки!

● хъарм ~тæй цард нæ сараздзынæ на одних объятиях жизнь не построишь

● хъарм ~ы аккаг заслуживающий тёплого отношения

хъæбысахст обхват

хъæбысæйхæст *спорт.* борьба

хъæбысæйхæцæг (*бир.* хъæбысæйхæцджытæ) *спорт.* борец

уæгъдибар ~ борец-вольник

уæззауæзон ~ тяжеловес

Хъаныхъуаты Бола уыд ~ Кануков Бола был борцом

хъæбысхæст борьба

ærдзимæ ~ нæ тайы природа не терпит борьбы с собой

спортивон ~ спортивная борьба

уæгъдибар ~ вольная борьба

хъæбысхъæд часть ткацкого станка

хъæвдын щенок

● зæронд куыдзæн ~ хъустæ у старой собаки слух как у щенка

Кæс дæхимæ, куыдзы ~! Берегись, щенок!

хъæд I лес, бревно; дерево; стебель; рукоять, ручка

● ~ бирæ бæлæстæй фидауы — лес красен деревьями
● ~ сырдæй ныхджын, хъæу лæгæй тыхджын. *Азæмæт. Ход* — лес силён зверями, село – мужчинами
~æй быдырмæ — из леса в поле
~æй куы не ‘рхæццæ дæн, цас мын æвгæныс! — Я же не с голодного леса прибежал, сколько ты мне кладёшь еды!
● ~æй сæхтæг кæны, дурæй – æгънæг — мастер на все руки
● ~мæ сугтæ ласын — дрова в лес возить; воды морю прибавлять
~тæ уадзын — сплавлять лес
~ы арф бацыди — он забрёл в глубь леса
~ы институт — лесной институт
~ы куыстад — лесоводство
~ы промышленность — лесная промышленность
~ы тарф — чаща, лесная глушь
~ы тæлм — лесная полоса
~ы тъæпæн — лесной массив
● ~ы халонау – иунæг — один как ворон в лесу
~ы хæдзарад — лесное хозяйство
~ы хæрæн — лесосека
æгæндæг ~ — дремучий лес; девственный лес
агъуысты ~ — строевой лес
аразæн ~тæ — строительные леса
● æвзæр хæрæг ~мæ дыууæ цыды кæны — дурная голова ногам покоя не даёт; *букв.* плохой осёл за дровами два раза ходит
æдзæрæг ~ы — в дремучем, безлюдном лесу
Æлдары кой ~ы бын, æви, дам, æвзæр йæ коймæ цæуы, фæзæгъынц?! *Хъайтыхъты А.* — Лёгок в лесу на помине алдар, или, мол, плохой появляется при его упоминании, говорят?!
● дурæй дæр – иунæг, ~æй дæр – иунæг — один как перст
● иу бæлас цасфæнды стыр ма уæд, уæддæр дзы ~ нæй. *Цгъойты Х. Ирон фæндыр* — Одно дерево, пусть огромное, – это не лес
● иу фæрæт æгæндæг ~ нæ фæцæгъддзæн — одним топором дремучий лес не вырубить
ехсы ~æй бахойын — постучать рукоятью плети
къуызырджын ~ афадын — рубить сучковатые деревья
Мæлæты æнцон дæм нæ кæсы ахæм къуызырджын ~ афадын. Саст авг аныхасын. *Тæтæри. Размæ* — Тебе кажется парой пустяков рубить такие сучковатые деревья. Разбитое стекло склеить
нартхоры ~ — стебель кукурузы
● сæр ~тæ æмæ дуртыл хойын — биться головой от раскаянья; казниться, сильно сожалеть
сыфтæрджын ~ — лиственный лес
тар ~ — дремучий лес
● бинонты цард тар ~ у — чужая семья – тёмный лес
тæрсбæласджын ~тæ — буковые леса

уæрæхсыфджын ~тæ — широколиственные леса

фæрæтæн йæ ~ асаст — рукоять топора сломалась

● фæрæты ~ аныхъуырын — аршин проглотить

● Хетæг ~мæ нæ, фæлæ ~ – Хетæгмæ! — не Магомет к горе, а гора к Магомету; *букв.* не Хетаг к роще, а роща к Хетагу

● цары ~тæ хæрын — быть скупым, ненасытным*; букв.* есть потолочные доски

● цы ~ нæ басгарай, уый сырдджын хоныс — хорошо там, где нас нет

Чи ~æй рæгъæдæй / Сырх мæнæргъ хæссы, / Чи халсарæй кæмтты / Æргъæмттæ бæтты. *Къоста. Сæрд* — Кто из леса спелую / Красную малину несёт, / Кто в ущельях из съедобных трав / Связывает пучки

хъæд II — качество; свойство

~ æмæ бæрц — качество и количество

зæрдæйы ~ — характер

йæ ~ы нæй — не в его характере

Нымудзын йæ ~ы нæй, æргом ныхас у йæ миниуæг — Доносить не в его характере, ему присуща открытость

лæджы ~ — мужество; мужской характер

Нæ бæрзæнд – дыууæ дисны, нæ уæрх – уымæй къаддæр, / Тых, лæджы ~æй мах фæлварын нæ хъæуы. *НК.* — Ростом мы не вышли, в ширину и того меньше, / Но испытывать нашу силу и мужественность на прочность не стоит

Мах ахæм адæмы ~ стæм, галиуырдæм ныл базыртæ сагъд ис. *Умар. Уалдзæджы улæфт* — Мы такого свойства люди, всё делаем наоборот

ныхасы ~æй базонын — узнать по говору, по выговору

хъæдабæ — 1. *текст.* бархат; 2. бархатный

~ къаба — бархатное платье

хъæдабæхуыз — бархатистый

хъæдаг — молодой лес; саженцы

хъæдарæхджын — лесистый; богатый лесом

хъæдæг — одеревенелый, твёрдый, упругий

~ кæнын — деревенеть, твердеть, делаться упругим

хъæдæрмæг — лес, лесоматериал, древесина

арæзтадон ~ — строительный лесоматериал

бæстыхайы ~ — строевой лес

кæрдо бæласы ~ — древесина грушевого дерева

фаст ~ — *строит.* пиломатериалы

хъæдæрмæджы куысты промышленность — деревообрабатывающая промышленность

хъæдбыдыр — лесостепь

хъæдбын — 1. опушка *(леса);* подлесок; 2. лесистый

● ахæм ныхас ~ы дæр нæ фидауы — такие речи нигде не уместны

Лæг дзырд нæма фæци, афтæ дын ~æй / Иу бирæгъ рахæддзæ фахсмæ. *Къоста. Ахуыр* — Не успел человек договорить, как из лесной опушки / Выбежал на склон горы волк

● хорзы кой ~ы дæр фæкæнынц — о хорошем молва и до леса доходит

Уыцы дисы уæлвæд кæсы, ‘мæ ~æй / Фæзынди иу чидæр, уындæй – гыццыл лæппу. *НК.*
Смотрит, оторопев вслед, а с опушки / Показался кто-то, по виду мальчуган

хъæдвыд древесина
хъæдгарз деревянные вещи, изделия
хъæдгæнæг, хъæддзау лесоруб
хъæдгæрон опушка леса
хъæдгæс лесник, лесничий
хъæдгом (*бир.* хъæдгæмттæ) рана; нарыв; язва; уязвимое место; причина забот
~ байгас рана зажила
● ~ фæцагайын задеть больное место
● ~ыл цæхх зæрын сыпать соль на рану
~ фæкъæртт нарыв прорвался
● æвзæр ныхас зæрдæ ~ кæны злое слово сердце ранит
дудгæ ~ саднящая рана
● зæрдæйы ~ буары ~ нæу, æрæгмæ дзæбæх кæны душевная травма – не телесная рана, она долго не заживает
● зæрдæйы ~ рæстæг сдзæбæх кæны время лечит сердечные раны
● искæй рагон ~мæ къухæй бавналын разбередить чью-то старую рану
хæстон хъæдгæмттæ боевые ранения
● цыфæнды ~æн дæр рæстæг йæ дзæбæхгæнæг у время лечит любые раны
хъæдгоммæгæсæг врачеватель; лекарь
● куыдзæн йе ’взаг – йæ ~ для собаки её язык – её лекарь
хъæдгонд (*бир.* хъæдгæндтæ) лесок, небольшой лесок
Къохы алыварс ныллæг хъæдгæндтæ бирæ уыд. *Р.08.07.2017*
Вокруг рощи было много невысоких лесов
хъæдгуыстгæнæг 1. деревообделочник; 2. деревообделочный
~ фабрикæ деревообделочная фабрика
хъæддаг (*бир.* хъæддæгтæ) лесной; дикий
~ гæды *зоол.* дикий кот
~ кæрдо дикая груша
~ карк *зоол.* фазан; тетерев
~ мæргътæ дичь
~ мыдыбындз шмель
~ сырд дикий зверь
● ~ сырд дзуджы астæу нæ лæууы дикому зверю в стаде не место
~ хуы кабан
хъæддагдзинад варварство, дикость, зверство
хъæддаглæг дикарь
хъæддæсны столяр, плотник
хъæддых 1. напряжение; 2. стойкий, крепкий, сильный, твёрдый; настоятельный; настойчивый; упругий; 3. стойко; крепко, сильно

~ адæймаг — суровый, требовательный человек

~ домæн — настоятельное требование

~ зæрдæйы конд — твёрдый характер

Ælдары фырттæ бырсынц тыхмимæ, ~ фæлæууæм нæ дыууæ иумæ. *Мамыкъаты Хъ. Мыггаджы мæсыг* — Сыновья алдара идут напролом, / Давай вдвоём окажем им сопротивление

~ кæнын — крепнуть

~ куыст — упорный труд

хъæддыхад, хъæддыхдзинад — стойкость; упорство; упругость; настойчивость

хъæддыхæй — стойко, упорно; настойчиво

хъæддзарв — *охот.* смола древесная

хъæддзау — дровосек, лесоруб

● ~ – æнæ арт — дровосек без огня; дровосек – без дров, сапожник без сапог

● ~ лæг ыстонг кæны — дровосек быстро чувствует голод

● ~ы ’нгом бинонтæ дард бæлццон хонынц — дровосека, что из дружного дома выходит, дожидаются как дальнего путника

● ~ы фынг — холодная еда; скудное угощение

● ~ы хæрд кæнын — жадно есть, наброситься на еду (как дровосек)

Мурат дæр сæххормаг æмæ ~ы хæрд кæны. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Мурат тоже проголодался и метёт как дровосек

● хорз фæрæт – ~æн æмбал — хороший топор – хороший спутник дровосека

● цурк – ~æн æмбал — клин дровосеку товарищ

хъæддзаумагæнæг (*бир.* хъæддзаумагæнджытæ) *кæс* **хъæддæсны** — деревообделочник

хъæдкъул — деревянная стена; сруб; деревянный забор

хъæдкъуыр *кæс* **хъæдхой**

хъæдласæн — вывозка леса

хъæдон — качественный

хъæдох — леший

хъæдрæбын — опушка леса

хъæдсадзæн — 1. облесение, лесонасаждение; лесопосадки; 2. лесопосадочный

быдырхъахъхъæнæн ~тæ — полезащитные лесонасаждения;

хъæдтундрæ — *геогр.* лесотундра

хъæдур — *бот.* фасоль, боб

~тæ садзын — хромать, прихрамывать

Кæсут-ма, кæсут Битърмæ, къæхтæ йыл базад, ~тæ нал садзы. *Тæтæри. Размæ* — Вы только посмотрите на Битра, у него ноги выросли. Он больше не ковыляет

~ы гагатæ — фасолинки

~ы кæрддзæм — стручок фасоли

● ~ы кæрддзæм æмæ йæ гагайау æрбангом кæнын — тесно сплотиться как стручок и фасолинка

Сабиты мæт æмæ мæгуырдзинад æфсины йæ чындзимæ ~ы кæрддзæм æмæ йæ гагайау æрбангом кодтой. *Азæмæт. Ход*
От забот о детях и бедности сплотились свекровь и невестка как фасолинка и стручок

тымбыл ~
горох

тъæпæн ~
чечевица

хохаг ~
горская фасоль

хъæдурбæлас
бот. акация

хъæдургæрдæджытæ
бот. бобовые травы

хъæдурджын
пирог с фасолью

хъæдуртæсадзæг
хромой

Æз дæр сфæлмæцыдтæн, кæм цы ædzæстуарзон ис, уыдонæй. Суанг ма мæ ~ Цъиусур дæр йæхи радав-бадав кæны. *Æхсарбег. Хурхæтæны*
Я тоже устал от всяких недоброжелателей. Даже мой хромой Циусур избегает меня

хъæдурхос
бот. вика

хъæдурхуызтæ
бот. бобовые

хъæдфадæг (*бир.* хъæдфадджытæ)
пильщик

хъæдфадæн
1. лесопилка; 2. лесопильный

~ завод
лесопильный завод

хъæдхой, хъæдкъуыр
дятел

йæ фындз ~ы фындзы хуызæн
у него нос как у дятла

Уалынмæ иу бæласы сæрмæ фæкомкоммæ 'мæ ~ иу ыстыр бæлас дзæбугæй хойæгау хойы. *Гуытъиаты Хъ.*
И тут увидел, как на макушке большого дерева дятел как будто молотком стучит по дереву

хъæдхъахъхъæнæн
лесозащитный

~ тæлм
лесозащитная полоса

~ станцæ
лесозащитная станция

хъæдхъиутæ
расшатанный; повреждённый; непрочный

хъæдцæттæгæнæнтæ
лесозаготовки

хъæдцух
безлесие

хъæдын
деревянный

~ бæх
деревянная лошадка

Мæ фыццаг æдсаргъ бæх йæ ~ цæфхæдтæй / Нæ зæхбын хæдзары ныууагъта йæ фæдтæ. *Дзаболаты Х. Фæндаджы уæз*
Моя первая лошадка, что я оседлал, деревянными подковами своими / В нашем приземистом доме оставила свои следы

~ дзуар
икона

~ къус
деревянная чаша

● ~ къух
неумёха, недотёпа

~ уидыг
деревянная ложка

~ хæдзар
деревянный дом

Тærхъусæн ~ хæдзар уыдис, рувасæн та – ихын.
У зайца был дом деревянный, а у лисы ледяная избушка

~ цайцымæн уидгуытæ
деревянные чайные ложки

● нырма дæм мæ ~ цæстæй кæсын
моё терпение не безгранично; я пока терплю

хъæдындз
лук

~ы бын — головка лука

~ы цъæрттæ — луковая шелуха

~ куы лыг кæнай, уæд кард уазал доны атул — перед тем как резать лук, окуни нож в холодную воду

Уæ ~ы тæф уæ хъæлæстæй кæлы, æмæ мæм хæстæг ма лæуут. *Малиты В. Тæрхон* — От вас луком разит, так что не стойте около меня

– Дæуæй та цы бахæрон, – загъта рувас, – йе нард нæ дæ, йе дыл бырц нæй, ~ы тæф дæр нæ кæныс, цæххъуаг дæр дæ, комыдæттæ дæр дæм нæ уайынц! *Гуытъиаты Хъ.* — – Чем тут полакомиться, – говорит лиса, – ни жира в тебе, ни перца, ни луком не пахнешь, ни соли в тебе, от тебя слюнки не текут!

арсы ~ — черемша

Балтæ ‘мæ дам ~тæ. / Батæ ‘мæ дам хъæбыстæ. *Зарæджы ныхæстæй* — Вишни, да вишни. / Поцелуи, да объятия

зæнгджын ~ — *бот.* лук-порей

ставд карст ~ — крупно нарезанный лук

цъæх ~ — зелёный лук

хъæдындзæг — луковица

хъæдындзджын — пирог с сыром и зелёным луком

хъæдынкъул — бревенчатый

~ хæдзар — бревенчатый дом; сруб

хъæдысырд — лесной зверь

Хæдзары ~, / Хъæубæсты Сырдон — Дома зверь лютый, / На людях Сырдон мудрый

хъæдысыст (*бир.* хъæдысыстытæ) — клоп

~ыты фесафын — вывести клопов

хъæз — *бот.* тростник; камыш *(стебель камыша)*

сæкæры ~ — сахарный тростник

~æй уадындз — дудочка из стебля камыша

хъæзбын — камышовая или тростниковая заросль

хъæздыг (*бир.* хъæздыджытæ, хъæздгуытæ), **хъæзныг** — 1. богач; 2. богатый, состоятельный

~ адæм — богатые люди, богачи; денежные мешки

~ æвзагæй дзурын — обладать красивой речью

● ~ дыл ичъиау ныххæцæд! — чтобы у тебя водились деньги! чтобы ты стал богатеньким!

~ зæхх — плодородная почва

~ кæнын — богатеть; наживаться

– Нал мæ базыдтай? Æвæццæгæн ~ кæндзынæн, – худти чызг. *Умар. Адæймаджы амонд* — – Ты меня не узнал? Видно, стану богатой, – смеялась девушка

~ лæг — богач, богатый человек

● ~ рохгæнаг у — у богатых память короткая

~ хизæн — богатое пастбище

~ хорæрзад — богатый урожай

~ хорæрзад æрмæст адæймаджы бакуыстæй аразгæ нæу — хороший урожай зависит не только от вложенного труда

~ цард кæнын — жить в достатке

~æй, мæгуырæй — все независимо от состояния, что богач, что бедняк

стырæй-чысылæй, нæлгоймагæй-сылгоймагæй, ~æй-мæгуырæй — все без исключения; и стар, и млад, и мужчины, и женщины, и богач, и бедняк

~æй, мæгуырæй, кæмæдæриддæр æмхуызон цæстæй кастысты, кæмæндæриддæр æмхуызон фысым уыдысты. *Секъа.* — Они ко всем относились одинаково, всех одинаково принимали, не смотрели, кто богатый, кто бедный

адæмы хъæздгуытæ æмæ мæгуыртыл дих кæнын — делить людей на богатых и бедных

алыхуызон цаутæй ~ уæвын — быть богатым на всякие события

● дзыппæй – мæгуыр, зæрдæйæ – ~ — на карман беден, душой богат

● иу йæ мæгуырæй куры, иннæ – йæ ~æй — одного нужда толкает, другого богатство

йæ хъæздыджы кой дардыл айхъуыст — весть о его богатстве далеко разнеслась

● мæгуыр æмæ хъæздыджы фæндаг иу нæу — бедному с богатым не по пути

● мæгуыры дзæкъул ~æн уæззау у — сума бедняка тяжела для богача

● мæгуыры цæст цы бауарза, уый хъæздыджы цæст нæ бауарздзæн — бедняк доброжелательнее богача

● рæдау адæймаг ~ нæ кæны — щедрый человек не разбогатеет

● удæй ~ æппæтæй ~ у — кто богат душой, богат всем

● хæдзарæй мæгуыр, зæрдæйæ ~ — дом у него бедный, а душа богатая

● хæрзиуæг курæгæй йæ дæттæг ~дæр у — тот, кто оказывает услугу, богаче того, кто о ней просит

● хонын мæгуыры хъæуы, уыййедтæмæ ~ йæ хæдзары дæр бахæрдзæн — приглашать так бедного, богатый и дома не голодает

Хъæуы хъæздгуытæй иу дæр æфхæрды не ‘рцыди. Дис кодтой иууылдæр, ай цы хабар у, зæгъгæ. *Арсен. Бимболы карьерæ* — Не пострадал ни один из сельских богатеев. Все дивились, мол, в чём тут дело

● цардæн йæ ~мæ ма бабæлл, фæлæ йе ’гъдаумæ — не стремись к богатству, стремись к порядку

хъæздыгад, хъæздыгдзинад — богатство

~ æвдисæг дзаумæттæ — предметы роскоши

хъæздыггæнæн — обогатительный

хъæздыгдзинад — богатство, благосостояние; достаток

● ~ адæймаджы æнкъарæнтæ куырм кæны æмæ тæригъæд нал фæзоны — достаток притупляет чувства, способность сострадать уменьшает

~ хъиамæтæй у — богатство даётся тяжёлым трудом

æвзаджы ~ — богатство языка

● дзыппы ~æй уды ~ хуыздæр у — духовное богатство важнее материального

хъæзныг — богатый

~ зæрдæйыуаг — хорошее настроение

~ фæлтæрддзинадæй спайда кæнын — применить богатый опыт

~ фынг æрæвæрын — накрыть богатый стол

хъæзын камышовый

хъæл столб *(крыльца);* подставка, вбитая в землю для игры в чижик

~ æмæ лæдзæгæй хъазт детская игра в чижика

хъæла 1. раззява; 2. глупый, несообразительный

хъæлæба спор, шум; возня; гвалт, галдёж; волнение; вопли, крики

~ кæнын галдеть, спорить, шуметь

Цæй ~ у ай? Что за шум?

цины ~ радостный гомон

Се ‘нæгъдау ~йæ мын мæ хъуыдытæ фæлидзын кæнынц. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* От их беспорядочного галдения мои мысли разбегаются в разные стороны

хъæлæбауынæр галдёж, галдение; гогот

хъæлæби, хъæлаби дурачок

● дæхицæй ~ ма араз не строй из себя дурачка; не валяй дурака

хъæлæкк конечно

~ зонын знать наверняка

– Цæмæй февзæры цыма, дымгæ кæй хонæм, уый, Бубæ? Ды йæ ~ зондзына. *Лæдемыр. Тъæпæнсæр обау* – Откуда берётся то, что мы называем ветром, а, Буба? Ты, конечно, знаешь

уæд, ~, хуыздæр уаид было бы, конечно, лучше

Хорз лæг уыд, ~ Несомненно, он был хорошим человеком

Царды фæндæгтæ, ~, гакъон-макъон сты. *Æхсарбег. Куырды фырт* Дороги жизни, конечно же, извилисты

– ~ хорз уаид – рагæй фæнды мах дæр, Нартимæ тугхæстæг куы уаиккам, уый. *НК.* Это бы, конечно, хорошо было – и нам давно хочется / Породниться с нартами

Агъуыст йæ кухы куы бафта. Кæй бафтдзæн, уый та йæ ~ уырны. *Лæдемыр. Хъæуæй горæтмæ* Когда удастся заиметь квартиру. А что так оно и будет, он верил безусловно

хъæлæрдзы *бот.* смородина

сау ~йы гагатæ ягоды чёрной смородины

сырх ~ красная смородина

хъæлæс *в разн. знач.* голос

~ бадæттын подать голос

~ дæттын отдавать голос; голосовать

~ кæнын голосовать

дыууæ къухæй ~ кæнын полностью соглашаться; голосовать двумя руками

~ фадын надрывать голос; драть глотку

Æнахуыр дзагъултæ кæнынц кæрæдзимæ, ома, уыцы æхсызгонæй йæ ~ чи фады, зæгъгæ. *Лæдемыр. Артдзæст* Они как-то странно поглядывают друг на друга, мол, кто это там с таким удовольствием горло надрывает

~мæ æвæрд цæуын быть поставленным на голосование, баллотироваться

~мæ æрæвæрын поставить на голосование

~ты фылдæр — большинство голосов
~ы бар — право голоса
~ы дзаг — во весь голос; в полный голос
~ы интонаци — интонация голоса
~ы мадзæлттæ — голосовой аппарат
~ы уаг — тон; интонация
йæ ныхмæ фæлæууæн кæмæн нæй ахæм ~ы уагæй — тоном, не терпящим возражений
Нинæ, рынчын сывæллон ам даргæ нал у, уæхимæ ацæут, – йæ ныхмæ фæлæууæн кæмæн нæй ахæм ~ы уагæй дзуры Госсæмæ. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — Нина, ребёнка здесь больше держать нельзя, идите домой, – тоном, не терпящим возражений, говорит Госсама
куыдфæнды ~ы уагæй — безразличным тоном
æххæстбарджын ~ — рещающий голос, мнение
зæллангæнæг ~ — звенящий, звучный голос
иухуызон ~ы уагæй дзурын — говорить монотонным голосом
● искæй ~ы ахæссын — накричать на кого-л.
Бицкъо йæ чындзы тынг бафхæрдта: раст, дам, æй йæ ~ы рахаста. *Умар. Уалдзæджы улæфт* — Бицко очень обидел свою невестку: говорят, он даже накричал на неё
зæрдæтахт ~æй — обомлевшим, испуганным голосом
зыр-зыргæнгæ ~æй — дрожащим голосом
искæй ~ы айсын — прогнать кого-л.
мæнгуд ~ — слабый голос
мынæг ~æй — приглушённым голосом
нæргæ ~ — зычный голос
ныллæг ~æй — едва слышным голосом
разыдзинады ~ раттын — дать согласие; отдать голос в поддержку
уайсадгæ ~æй — вполголоса; понизив застенчиво голос
уынаффæйон ~ — совещательный голос
фылдæр ~тæй расидын — решить большинством голосов
цъæхснаг ~ — звонкий голос

хъæлæсæвæрд — баллотировка, голосование
хъæлæсджын — голосистый
хъæлæскæнынад — голосование
сусæг ~ — тайное голосование
æргом ~ — открытое голосование
хъæлæслæвæрд — голосование
æппæтадæмон ~ — всенародное голосование; плебисцит
хъæлæсон — *линг.* гласный
~ мыр — гласный звук
хъæлæсыдзаг — 1. громкий; 2. во весь голос; в полный голос
~ цъæхахст кæнын — завопить из всех сил

Пъагонджын ма йæ ~ цыдæр ныхъхъæр кодта, иуварсырдæм ныццудытта æмæ бæхæй атахт. *Максим. Æхсызгон улæфт*
Тот с погонами ещё что-то прокричал во весь голос, качнулся в сторону и упал с коня

хъæлæсыдзагæй
громко

~ аралло кæнын
орать; кричать благим матом

~ кæл-кæл кæнын
смеяться во весь голос

~ ныххудын
засмеяться во весь голос

«Æз афтæ нымайын, æмæ журналисты хæс у æхсæнады алы фыддзинады тыххæй ~ хъæр кæнын» – фыста Арсен *(Коцойты)*.
«По моему мнению, долг журналиста состоит в том, чтобы по каждой проблеме общества поднимать крик», – писал (*Коцоев*) Арсен

хъæлæсыуаг
тон; звучание

~ фæфæлмæндæр кæнын
смягчить голос

аразгæ ~
деланный тон

ахæм ~æй
таким тоном, голосом

æбæрæг ~æй фæрсын
спрашивать бесцветным голосом

æнтъыснæг ~æй дзурын
говорить стеснённым голосом

зæрдæхъыдзыгæнæн ~æй
душещипательным тоном

куыдфæндыйы ~æй
безразличным тоном

тыхст ~æй дзурын
говорить обеспокоенно

хъæлгъæн, хъалгъæн
бот. крыжовник

хъæлдзæг
бодрый, живой, весёлый; бодрствующий, под хмельком

~ бонтæ уыл кæнæд!
Весёлых вам дней!

~ кæнын
веселить, радовать

зарæгæй зæрдæ ~ кæны
песня радует сердце

~ лæг
весельчак

~ уæвын
веселиться, радоваться, ликовать, быть в приподнятом, весёлом настроении

~æн кæрон нæ уыд
радости не было границ

хъæлдзæгахаст
весёлый характер

хъæлдзæгæй
весело, бодро, радостно

~ -хъæлдзæгдæр кæнын
оживляться всё больше и больше

~ æмæ пайдайагæй
весело и с пользой

бонтæ ~ ‘рвитын
проводить время весело

хъæлдзæггæнæг
доставляющий радость; радующий

хъæлдзæггæнæн
занимательный

хъæлдзæгдзаст
радостный, ликующий взгляд

хъæлдзæгдзинад (*бир.* хъæлдзæгдзинæдтæ)
веселье, радость, ликование

~ æмæ æнкъарддзинад
радость и грусть

~ æмæ æнкъарддзинад фæндонæй не сты. Царды уаг сæ дæтты. *Дæбе. Уæззау операци*
Радостным или грустным человек не по собственному желанию бывает. Это зависит от условий жизни

~ æнæниздзинады фæрæз у
веселье источник здоровья

~ æрбайсæфт — радость улетучилась
~ хæссæг — доставляющий радость
~ хæссын — нести радость
~æй хи ласын — избегать веселья
бæрæгбон ~æй фидауы — веселье украшает праздник
тыхлæмæрст ~ — деланое веселье

хъæлдзæгхуыз — весёлый, ликующий

хъæлдзæгхуызæй — весело

хъæлдзæуæг — на ходулях идущий; чванливый

● хъилдзæуæгыл ~ сæмбæлы — одинаковые часто встречаются

хъæлзæнг — 1. *охот.* серна; 2. тонконогий; длинноногий; голенастый

хъæллæгъ — стебли хлебных*(кукурузных)* злаков, остающиеся после жатвы; жнивьё

хъæлсы — *охот.* олень

хъæлхъæлаг — *анат.* дыхательное горло, трахея

хъæл-хъæлæба — звуки возни, суеты

хъæлдзæг ~ — радостная возня

хъæмæ — дома; домой

~ цæуын — идти домой

Мæ зæрдæ йæ риссынæй не ‘нцади, нæ, куывтон-иу кæд тагъддæр æрцæуис ~. *Дæуыт. Æз акæсын хæларæй* — Душа не переставала болеть, / Я молилась о твём скорейшем возвращении домой

~ цæуæм, ~ цæуæм. / Уæри, уæри-рарæ. / Кæдæм цæуæм, ~ цæуæм, / Гъей-уæрæйдæ, рирæ, уæри-рæ. *Зарæг* — Домой едем. Домой. / Уари, уари-рара. / Куда едем, домой едем, / Гей, уарайда, рира, уари-ра

Цом ~ сын зæгъон, уый дæр нæ уæндын, уымæн æмæ тæрсын, уыдон фаг лæггад куы нæ скомон. *Хурзæрин. 13.09.2019* — Пригласить их в дом не решаюсь из страха, что не смогу оказать должного уважения гостям

Ацу тагъд ~, хуыдинаггæнæг! Йæ хицауы раз æрбалæууыдис! *Ашæх. Урс сынтытæ* — Иди скорее в дом, позорница! Как только перед свёкром предстать решилась!

зæрдæ æппындæр ~ не ‘хсайы — домой совсем не тянет

къæлæтджын ~ бахæссын кодта зæронд лæг — старик заставил отнести кресло в дом

~ раздæхын — вернуться домой

хæстæй ~ раздæхын — вернуться с фронта домой

Æмæ-иу фæскуыст ~ куы ‘рыздæхти, уæд-иу йæ бирæ сывæлæттимæ хъазынтæ æмæ кафынтæ систа. *Æхсарбег. Куырды фырт* — А когда он после работы приходил домой, то начинал играть и танцевать со своими многочисленными детьми

хъæмп (*бир.* хъæмпытæ) — солома

Сослан бæхы мард мæхæлыстыгъд акодта, йæ цармы йын ~ ныннадта. *НК.* — Сослан снял шкуру с коня целиком и набил её соломой

~ы гуцъула — пучок соломы

~ы мур — соломинка

Аргъ ын нæй йæ куыстæн, / Æнæуый цы зæгъай, – / ~ы мур – йæ лыстæн. / Сындзын арт – йæ фæндаг. *Секъа. Ныры дуджы цæрдтытæ*

Цены нет его работе, / А так что скажешь, – / Подстилка из соломы, / Костёр из колючек – его путь

~ы рагъы йас

большой как стог

● ~ы рагъы судзин агурын

искать иголку в стоге сена

~ы хал

соломинка

Хур арæхдæр тавы, / Ысулæфы зæхх, / Сæгъ ~æй нæ давы, / Нæ хуссæрттæ – цъæх. *Къоста. Чи дæ?*

Солнце чаще припекает, / Земля вздыхает, / Коза солому не таскает, / Зазеленели наши южные склоны

Фесæф, фесæф нæ фæсивæд, / ~æй хосы куы не 'взарыс: / Дæ цины дæр дæхи 'взагæй / Зæрдæрухсæй куы не ззарыс! *Секъа.*

Сгинь, сгинь, наша молодёжь, / Сено от соломы не отличаешь: / Да и в радость по-своему / Весело не запоёшь

хъæмпгæрдæн

соломорезка

хъæмпхуыз

буланый (*масть лошади*)

хъæмпын

соломенный

~ арт скæнын

разжечь солому

Æй-джиди, уыцы æхцатыл арт бандзар, Æз сæ басудзин. Басудзин сæ, ~ арт скæнин æмæ уым. *Токаты А. Урс сынтытæ*

Ох-хо-хо, сжечь бы эти деньги Я бы их сжег. Сжег бы их, собрал бы солому и в её огне сжег

~ сара

сарай, покрытый соломой

хъæмпынсæр

соломенная крыша

хъæмпыхал (*бир.* хъæмпыхæлттæ)

соломинка

● ~ фуйæ аскъуийы, фæлæ хъæмпыхæлттæй быд ыставд бæндæн къамбецы цæд дæр н' аскъуындзæн

на соломинку дунешь и сломаешь, но толстую бечеву, что из соломы сплетена, не порвать даже упряжке буйволов

● ~ы бæрны дæр нæ цæуын

совсем ничем не распоряжаться

де 'фсины æвастæй ~ы бæрны дæр ма бацу

без ведома свекрови даже соломинку не сдвинуть с места

● дон кæй фæцæй ласы, уый ~мæ дæр фæлæбуры

утопающий и за соломинку хватается

Йæ дзыхы та ~. / Дзедз æмæ дзедз! / ~æй цы кæны?

В клюве несет соломинку / Дзедз и дзедз! / А на что ей соломинка?

хъæн

1. повреждение; рана; язва; *перен.* недостаток; 2. повреждённый

~тæ аиуварс кæнын

изжить недостатки

~тæ æмбæхсын

скрывать недостатки

Нæ ~тæ кæрæдзийæ æмбæхсгæ куы кæнæм, уæд нæ пълантæ баххæст кæнын нæ бон нæ бауыдзæн. *Тæтæри. Размæ*

Если мы будем друг от друга скрывать наши недостатки, мы не сможем выполнить наши планы

~тæ бæрæг кæнын

вскрывать недостатки, критиковать, заниматься критикой и самокритикой

~тæ бындзарæй сыскъуынын

искоренить недостатки в работе

~тæ дзæбæхгæнæг

хирург; *уст.* лекарь

~тæ хурмæ хæссын

вскрывать недостатки

æхсæнадон царды ~тæ хурмæ хæссын — вскрывать общественные пороки
искæмæн йæ ~тæ зæгъын — указать кому-то на его недостатки
нырма дæр йæ зæрдæйы ~ нæ байгас — до сих пор не затянулась его сердечная рана

● сындзкъухæй рагон ~тæм æвналын — бередить давние раные
● уазæг ~тæ бæрæг кæны — гостю все недостатки видны
● хæстæгмæ ~тæ бæрæгдæр сты — с близкого расстояния недостатки заметнее

хъæндæл, хъæндæлы — *бот.* дудник лесной, дягиль лесной
● ~ сæнкыл худти — *букв.* дудник над борщевиком смеялся
● ~ хæрæджы былтæ нæ судзы — *букв.* губы ослу дудник не жжёт
● ~ хæрын чи нæ зоны, уымæн йæ былтæ судзы — нужно быть осмотрительным; *букв.* дудник надо умеючи есть, а не то губы обжигает

● ~ы зæнг афтæ бахæр, æмæ дын дæ былтæ куыннæ басудза — стебель дудника так ешь, чтобы губы не обжечь

хъæндил — жук
~ бæласыл йæ уидæгмæ тæхуды кæны, мыдыбындз та йæ дидинæгмæ. *Максим. Райсомы мигъ* — Жук мечтает о дерева корнях, а пчела о его цветках
майы ~ — майский жук
картофы ~ — колорадский жук
фаджысы ~ — навозный жук
● ~ау фаджысы бабырыд — забрался в навоз как жук

хъæндилæг — жучок
Ацы хъæндил – ~, / Йæ базыртæ – æрттиваг, / Йæ астæуыл – цыргъ хъама, / Йæ уæлæ та – цъæх цухъхъа. *Алолай* — Этот жук – жучок, / У него блестящие крылья, / На поясе острый кинжал, / На нём серая черкеска

хъæнджын — повреждённый, с повреждением

хъæндзинад (*бир.* хъæндзинæдтæ) — недостаток, пробел; недочёт
~ баххæст кæнын — восполнить пробел
● ~ йæ цæфыл дзæбæх кæнын хъæуы — недостаток надо сразу устранять
~ сбæрæг кæнын — выявить недочёт
ахсджиагдæр хъæндзинæдтæ — важнейшие недочёты
æргомгонд ~ — выявленный недочёт
● æцæг хæлар уый у æмæ дын дæ хъæндзинæдтæ дæхицæн чи дзуры, дæ хорздзинæдтæ та адæмæн — настоящий друг это тот, кто о недостатках твоих тебе в лицо скажет, а о твоих достоинствах людям расскажет
хъæндзинæдтæ аиуварс кæнын — устранить недочёты

хъæндыргъа — верзила

хъæпæн — сугроб; занос
● ~ рувасы симдæй нæ сæтты — лиса сугроб не потревожит
миты ~ — снежный сугроб
Дæуимæ мæм хъызт зымæджы ~тæ, тærккъæвдайы лæсæнтæ нымады дæр нал сты. *Цгъойты Х. Мæ уды тавс* — С тобой мне суровой зимой сугробы, сильные ливни нипочём

уад стыр миты ~тæ æрбассывта — намело большие сугробы

Цы фæцис? Кæд ыл нæ фембæлд, кæннод йæ машинæ ~ы кæд ныххаудта? *Джиоты Д. Замирæт* — Куда он делся? Может быть, они не встретились, а вдруг его машина в сугробе застряла?

хъæппæрис — инициатива

~ бахæссын — внести инициативу

~ равдисын — проявить инициативу

æндиуд ~ — смелый почин

æхсæнадон ~тæ — общественные инициативы

закъонæвæрынадон ~тæ — законодательные инициативы

Æмбырдмæ хаст æрцыдысты бирæ ахсджиаг закъонæвæрынадон ~тæ. *Р. 28.04.2017* — На собрании было внесено много важных законодательных инициатив

хъæппæрисæй — по инициативе

хи ~ — по собственной инициативе; собственными усилиями; самовольно

хи ~ архайын — действовать на своё усмотрение

Редакторы хæслæвæрдтæ æххæст кæнгæйæ, стæй нæхи ~ мах Ирыстоны кæм нæ балæууыдыстæм, ахæм къуым нæ баззад. *Ахуырбег. Хуры зарæг* — Выполняя задание редактора, а также по нашей собственной инициативе, не осталось в Осетии уголка, где бы мы ни побывали

фæллойгæнджыты ~ — по инициативе трудящихся; добровольно

хъæппæрисджын — инициативный

хъæппæрисдзинад — инициативность

хъæпына — *с.-х.* полоса скошенного хлеба

хъæр — звук; крик; восклицание

~ æмæ ахст — *разг.* шум и гам

уат ~ æмæ ахстæй байдзаг — в комнате стоял гвалт

~ кæнын — кричать

Æгас Нарт сæ фаты ~æй бамбæхстысты. *НК.* — От свиста их стрел нарты все попрятались

~ нæ кæнын — скрывать; не разглашать

Кæд æй ~ никуы скодта, уæддæр ратæхбатæхæй куыдзы фæллад бакæны. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* — Хотя он никогда не признается, от всей этой суеты он устаёт как собака

● ~ мæрдтæм дæр хъуысы — крик и покойникам слышен

~тæм алырдыгæй æрбазгъорын — сбежаться на крики

Дæлзæххæй, уæлзæххæй, / Кæмдæриддæр дæ, – тагъд мæ ~мæ фæзын!.. / ~ мæрдтæм дæр хьуысы, – куы бамбæхсай барæй, / Уæд усы кæрдæны мыггагмæ фæхæт!.. *Къоста. Катай* — Где бы ты ни был, / Быстро на зов мой явись! / Клич и до мёртвых доносится, если спрятаться вздумаешь, / То вечно скитайся ты в женском платке

● ~ы нысан — *линг.* восклицательный знак

● ~ы бын фæкæнын — брать горлом; запугивать;

● æдылыйæн æмдзæгъд нæ хъæуы: доны ~мæ дæр кафы — дураку и хлопать не нужно, он и под шум воды станцует

бæхты къæхты ~ — стук копыт

● хæрæг бæхты къахы-~мæ куыд кафа, уыйау. — как осёл, что под стук конских копыт гарцевать начинает

● де ’взæрдзинад ~ дæр ма кæн — скрывай свои недостатки

● адæмы ~ бамбарын — понимать, что происходит вокруг

● æнæ ~, æнæ цъистæй — тихо-спокойно; тишь да гладь

æнæ уæлдай ~æй — без лишних криков

● дон цæрæнбонты ~гæнгæ цæуы, фæлæ йын дзуапп ничи дæтты — вода издавна криком кричит, но ответ ей никто не даёт

● зæй зæйы ~мæ змæлы — дурной пример заразителен; лавина на шум лавины сходит

● зарæджы ~мæ фæндаггон дæр фæхъырны — звукам песни и путник подпевает

зæрдæуынгæггæнæн ~мæ — под душераздирающий рев

йæ кой, йæ ~ дæр нæй — ни слуху, ни духу

кæрæдзийы ~ æмбарын — понимать друг друга

Æртыккаг аз ыл кусын æмæ нырма нæ кæрæдзийы ~ нæма бамбæрстам, йæхирастгæнæгау загъта зæронд лæг. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* — Третий год я работаю над этим, но пока ещё мы друг друга не понимаем, оправдываясь, проговорил старик

● къуырмайæн ~-ныхас рæхуыст у — глухому громкие слова обиду наносят

● лæджы ~æй бирæгъ лидзы — криком человек и волка напугать может

тæссаг ~, азары ~ — ужасающий крик

● топпы ~мæ хъустæ гуыр-гуыр кæнынц — уши гудят от звуков выстрелов

● фæндондзинад топпы ~æй дæр нæ лидзы — желание даже звуком выстрела не спугнуть

фæндыры ~ — звуки фандыра

● иу фæндыры ~мæ кафын — под одну дудку плясать

цины ~тæ — радостные возгласы

хъæрабугъа *д.* — малодушный

хъæрасæст — глухой, приглушённый

хъæрасæстæй — вполголоса; надломленным голосом

Хуыцау уын æй ма ныббарæд! – ~ ма дзырдта Хамырзæ. *Лademыр. Дыууæ бæллæхы* — Да не простит вам этого Бог! – только и говорил Хамырза сдавленным голосом

хъæрахст — рыдание

~ скæнын — поднять шум

Сылгоймаг ~ кодта, ælгъыста, йæ гæндзæхтæ цагъта — Женщина рыдала, проклинала, билась в агонии

бæстæ ~ сси — повсюду слышались рыдания

Барджытæ пыхс сæ сæрыл рахастой. Бæста ~ сси. *Максим. Райсомы мигъ* — Всадники ринулись вперёд. Отовсюду слышались крики, вопли

Сабыр! Уæ ~æй хæдзар уæ сæрыл систат — Тихо! Своими воплями вы весь дом подняли на ноги

зæрдæхалæн ~ — душераздирающее рыдание

хъæрæй — 1. громкий; 2. громко, вслух; во всеуслышание

~ дзурын — говорить громко

● абон хъус-хъус цы кæнынц, уый сомбон ~ дзурын райдайдзысты — сегодня шепчутся, завтра во всеуслышание говорить станут

~ нынниуынæй хуыздæр æм бæргæ ницы фæкастаид. *Арсен. Фембæлдысты* — Больше всего хотелось заголосить во весь голос

~ ныуулæфын — громко вздохнуть

~ ныхас — громкий разговор

● сусæг зарæг ~ нæ фæчындæуы — тайные песни громко не поют

Æмæ фыдæлтау ~ ныззарут, / Нæсæттон феста уæ зонд, уæ хъару! *Мамыкъаты Хъ. Мыггаджы мæсыг* — И подобно предкам громко запойте, / Несгибаемы пусть станут ваши разум и мощь

хъæрæйдзурæн — громкоговоритель

хъæрæйзагъд, хъæрæйдзырд — возглас, громкое восклицание

хъæрæмхиц — громкий

хъæрæсейаг — 1. карачаевец; 2. карачаевский

хъæрæу — одноглазый, кривой

~ бындз — *зоол.* слепень

~ мыст — *зоол.* крот

хъæргæнаг — 1. крикун; *охот.* ружьё; 2. крикливый, шумный

Æмбисонд йæ кард, йæ ~ – хæстмондагæй цъæх арт чи уадзы. *НК.* — Необычный у него клинок, а ружьё так и рвётся в бой

Уайсадгæ сæм кодтой ~ дæттæ дæр. / Ныр, акæс, дæргъытæй хуыссынц Ныхасы, / Нарты фæсивæдæн куыд не ‘мбæлы, афтæ. *НК.* — При них даже шумные реки боялись звук издавать. / А теперь вон посмотри, разлеглись на Нихасе, / Лежат так, как не положено нартовской молодёжи

● ривад куырой ~ у — пустая мельница громко стучит

хъæргæнæг (*бир.* хъæргæнджытæ) — вестник; лицо, посылаемое для извещения родных, знакомых о чьей-либо смерти

● халон – ~ — ворона – вестник печали

● хъæргæнæджы ’нтъæрд кæны йæ бæхы — гонит своего коня так, будто он вестник смерти

Ахуысс, ахуысс, афынæй у, / Мæ мады зæнæг. / Рæхджы дæм у æрцæуинаг / Сагъæс, ~. *Секъа* — Полежи. Полежи, забудься сном, / Брат мой родной. / Скоро постучится к тебе / Горе, вестник горя

Борæтæм мын ~ фæу, Хæмыц æмæ Уырызмæгмæ – мæ дыууæ ‘фсымæрмæ. *НК.* — Оповести о моей печали Бораевых, Хамыца и Урызмага – двух моих братьев

хъæрзæг (*бир.* хъæрзджытæ) — стонущий; больной

хъæрзт — стон

хъæрзын — 1. стон, стенание; 2. стонать, охать; жаловаться

● домбай лæг топдзæфæй нæ хъæрзы — отважного и пуля стонать не заставит

● искæй низæй стæм лæг хъæрзы — чужое мало у кого болит

● иу цæфæй – хъæрзгæ, дыккаг та – мæлæт — одна рана стонать заставит, другая на тот свет отправит

● низ кæмæ нæй, уый нæ хъæрзы — у кого ничего не болит, тот и стонать не станет

● рынчын куы нæ хъæрза, уæд æй низæй ничи фæрсы — больной не стонет, никто о его болезни и не вспомнит

● хуы æдзух хъæрзы, фæлæ дзы ницы риссы — свинья-то стонет, да не от боли

Зонын, дæ зæрдæ куыд ризы мæ цуры, Хъусын ныр дæр ма йæ сусæг ~. *Къоста. Хæрзбон* — Знаю, как сердце твоё трепещет при мне, / Я и теперь слышу его потаённый стон

Зæрдæнизæн хъусын / Дæ риуæй ~. *Æрнигон. Фæлмæн у дæ лыстæн* — С болью в сердце слышу / Из груди твоей стон

хъæрмад, хъæрмаддзинад — теплота

~ кæнын — портиться,

кæф ~ кæны — рыба тухнет

уæлдæфы ~ æмæ уымæлад — температура и влажность воздуха

хъæрмædон (*бир.* хъæрмædæттæ) — минеральные воды *(тёплые)*

хъæрмгонд — согретый, утеплённый

хъæрмгуыруат, хъæрмистад — *физ.* теплоёмкость

хъæрмон — тепловой

~ тых — *физ.* тепловая энергия

хъæрмтуг — *зоол.* теплокровие

хъæрмуат — теплица; оранжерея, парник

хъæрмуд — дружный, понимающий *(уважающий)* других

~ ахастытæ — дружественные отношения

~ æнкъарæнтæ — теплые впечатления

~ бинойнаг — понятливая жена

~ зæрдæ дарын — относиться с теплотой

~ нал сты — отношения между ними испортились

~ ныхас зæгъын — говорить тёплые слова

~ фембæлд — дружеская тёплая встреча

искæмæ ~ уæвын — их отношения были тёплыми

хъæрмудæй — дружелюбно, дружественно; душа в душу

~ мысын — вспоминать с теплотой

~ цæрын — жить душа в душу

Ныккасти хæларæй йæ усмæ: – Цæуыл мын ыстыхстæ, цæуыл? Цæрдзыстæм ~ æнусмæ. *Дæуыт. Фыдæлты зæххы зарæг* — Он посмотрел на жену дружелюбно: Чего ты забеспокоилась, чего? Будем вечно жить дружно

хицауадимæ ~ цæрын — хорошо ладить с начальством

хъæрмуст — чуть тёплый, тепловатый

~ æхсыр — тёплое молоко

Йе сæфт кæмæй уыдта, уыдонмæ йæ лæппу дæр ~ никуы уыд. *Мæрзойты С. Æлгъыст* — С теми, кого ненавидел отец, у сына никогда не было тёплых отношений

хъæрмустдзинад — тепло

хъæрмхуыпп, хъæрхуыпп — похлёбка, суп

~ цымын — есть похлёбку

æхсыры ~ — молочный суп

мархойаг ~ — постный суп

фысы фыды ~ цъæх хъæдуримæ — суп из баранины с зеленой фасолью

хъæрмэлектроцентрал — теплоэлектроцентраль

хъæрныллæгон — *муз.* контральто

хъæрон — восклицательный

~ нысан — восклицательный знак

~ хъуыдыйад — *лингв.* восклицательное предложение

таурæгъон, фарстон æмæ ~ хъуыдыйæдтæ — повествовательнное, вопросительное и восклицательное предложения

хъæрхуыпп, хъæрмхуыпп — похлёбка, суп

хъæрццыгъа — ястреб

ærмахуыр ~ — прирученный ястреб

æфсæндзых ~ — *фольк.* железноклювый ястреб

искæуыл ~йау хи ныццæвын — кинуться коршуном на кого-то

● иу бон ~ карчы цъиу кæцæй аскъæфы, дыккаг бон дæр уырдæм æртæхы — ястреб на другой день летит туда же, откуда вчера утащил курёнка

● раздæр цы карк ныууаса, ~ дæр уый хæссы — инициатива наказуема; курицу, что первой закудахчет, ястреб утащит

Мачи уæ уа, æмæ уæ ~ фæхæсса. *Ладемыр. Рæвдауæнтæ* — Чтоб ни один из вас не остался, и чтоб ястреб вас всех унёс

● халон йæхи хæссын нæ фæрæзта ‘мæ ~йы йе ‘ккой ыскодта — браться за непосильную задачу; ворона сама еле таскалась, да ещё ястреба на себя взвалила

хъæсдарæг (*бир.* хъæсдарджытæ) — наковальня

● ~ – æнæ азым — наковальня не при чём

● ~ – хосдзауæй хæсдарæг — наковальня в долгу перед косарём

дзæбуг æмæ ~ — молот и наковальня

● лæгæн – дзæбуг æмæ ~, усæн – судзин æмæ æнгуырстуан — мужу – молот и наковальня, жене – иголка и наперсток

хъæстаг — тот, на кого обижаются, жалуются

~ ницæмæй у — он ни на что не жалуется

~ сæ не стæм — мы на них не в обиде

искæмæй ~æй баззайын — остаться в обиде на кого-л.

Арæхсгæ скæнæд Зауырбег, æндæр мæ уый дæр ~æй нæ баззайдзæн. *Максим. Уасил, Уасил* — Пусть только Заурбек справится, а так он в накладе не останется

● фæдисы фæстаг ~ у — жалуются на того, кто в погоне последним шёл

хъæстæ I — отведывание, проба; родственники по крови

● сæ ~ иу у — из одного рода; *разг. ирон.* с того же огорода

~ кæнын, ~ фæуын — отведывать, пробовать

~ сыскъуынын — истребить весь род, всю породу

Сæ ~ дæр сын сыскъуынын хъæуы, кæннод кæм уой, уым æнæзмæст хос нæй. *Умар. Большевиччытæ* — Всю их породу надо истребить, а не то там, где они, всегда будет смута

нозты ~ фæуын — выпить, приложиться к выпивке
уый мах ~йæ дæр нæу — он даже не нашего рода
доны ~ дæр нæма фæци — *разг.* у него с утра ни крошки не было во рту
цъынды ~ нæ фæуын — не сомкнуть глаз

хъæстæ II — ядовитый, осквернённый
хъæстæл — пахтанье, сыворотка
хъæстгæнаг (*бир.* хъæстгæнджытæ), **хъастгæнæг** — истец, *разг.* жалобщик
● фыццаг хъæстгæнаджы алчи раст фенхъæлы — версия первого жалобщика всегда кажется правдивой
● хъæстгæнджытæй алчидæр йæхи раст кæны — каждый истец себя оправдывает

хъæс-хъæс *кæс* **хъыс-хъыс**

хъæттых, хъæддых — выдержанный, стойкий
хъæттыхдзинад — выдержка, стойкость
хъæу — селение, деревня
~ хорз адæмæй фидауы — село хорошими людьми славится
● ~æй ~ы æхсæн дæр хицæн æгъдау ис — везде свои порядки
~æй ~мæ — из села в село; в каждом селе
● ~æн æгъдау æмæ хæдзарæн фæтк ис — в каждом селе свой порядок, в каждом доме свой уклад
~ы бын — нижний край села
~ы йаргъ лæг — уважаемый на селе человек
~ы мидæг — в селении, на селе
~ы сæр — верхний край села
~ы сæр кæнæ ~ы бын чи цæры, уыдон дзæвгар цæуын бахъæуы автобусы æрлæууæнæй. *Р.07.03. 2017* — Жителям верхнего и нижнего кварталов села приходится долго идти от остановки автобуса
алфæмбылай ~тæ — окрестные сёла
● æнæлдар ~ы – рувас ælдар — на безрыбье и рак рыба
● бæстæн æгъдау вæййы, ~æн та – фæтк — миру – закон, а селу – порядок
быдыры ~тæ — равнинные сёла
● дæ ~ы ’взæр лæг куы уа, уæд дзы дæ хæдзарæн тæрс; дæ комы куы уа, уæд та дзы дæ ~æн тæрс — если есть в селе человек плохой – бойся за дом свой; если в ущелье такой – бойся за своё село
зауат ~ — запущенное село
● иу ~æй иннæ ~мæ сасиргур цæуын — за семь вёрст киселя хлебать
● иу æвзæр ~ы адæмæн фæтк æвæрдта — самый никудышный из всех взялся наводить порядок в селе
● кæйдæр ~мæ, дам, уалдзæджы дзывылдар æрæгмæ тахти, æмæ уымæ æнхъæлмæ кæсгæйæ æнæ хуымгондæй баззадысты — говорят, в одно село синицы весной всё никак не прилетали, а все их ждали и не пахали
● се ’хсæн ~ æмæ калак — между ними большая разница
сыхаг ~тæ — соседние сёла
● тъæпæн ~ — кладбище

Мæн Тъæпæн ~мæ Иры уарзт нæ уадзы, / Мæн Хуры ~мæ нал уадзы Мælæт. *Шамил.*

Меня на кладбище не пускает Осетии любовь, / А Смерть не пускает меня в Солнца село

● тъæпæн ~мæ фæтагъд кæнын

безвременно скончаться

Дуне æгæр фæтагъд кодта тъæпæн ~мæ æмæ Дженалдыхъо фæстаг цалдæр азы уыд иунæг. *Тлаттаты Б. Дæ куырой фæривæд*

Дуне безвременно ушла из жизни, и Дженалдыко последние годы был один

фæрсаг ~

посёлок

хæххон ~тæ

высокогорные сёла

цардхуыз ~

зажиточное село

● цы ~мæ бацæуай, уый æгъдау кæн

в чужое село со своим уставом не ходят

хъæу-ирæд

калым, собранный сообща

Хæдзар ын сарæзтой. / Фæкодтой йæ цæрынхъом, / ~æй йын бинойнаг æрхастой... *Дзаболаты Х. Хæхбæсты фарн*

Построили ему дом. / Помогли встать на ноги ему, / Всем селом собрали на калым его невесте

хъæуа-нæхъæуа

надо не надо; без надобности, кстати и некстати

Фælæ ды командир дæ, æмæ, ~, дæхи цæхæрмæ æппарай, уый мæм раст нæ кæсы. *Хацырты С. Хæхты фæдисон*

Но ты командир, и мне кажется неправильным, чтобы ты без надобности рисковал собой

Нæ урс сæрыхъилтæ… ~ уæ кой уын æнæ ракæнгæ нæ фæвæйæм. *Максим. Æхсызгон улæфт*

Наши седины… Кстати и некстати – мы не можем обойтись, не упомянув вас

хъæуæг, хъæугæ

нужный, необходимый

хъæуæмбырд

собрание всего села; *уст.* сход

хъæуæнгомæй

дружно, всем селом

хъæубæстаг (*бир.* хъæубæстæгтæ)

сельчанин; сельский

хъæубæстæ

односельчане; общество; жители одного села

● сыхаг – айдæн, ~ – чиныг

сосед – зеркало, односельчане – книга

хъæубæстон

сельский, деревенский

хъæувæдис

тревога всего села

хъæугæ

нужный, необходимый

~ адæймаг

нужный человек

~ æрмæг агурын

собирать необходимую информацию

~ æххуыс

необходимое содействие

~ гæххæттытæ

нужные, требуемые документы

~ ивддзинæдтæ бахæссын

внести необходимые изменения

~ литературæ

нужная (актуальная) литература

~ миниуæг

неотъемлемый атрибут

~ рæстæг

необходимое время; срок

Ныр та уал сæвæр / ~ рæстæгмæ нæ цирхъ, нæ хъама,– / Бæрзонд фæцæуа нæ мæсыг хъуамæ! *Мамыкъаты Хъ. Мыггаджы мæсыг*

А пока отложи / До срока наши секиру и кинжал, – / Высоко должна вознестись наша башня!

~ фæлтæрддзинад

необходимый опыт

~ цæстдард — необходимая забота

тынг ~ — нужное позарез

хъæугæндхалæг — разрушитель поселения

● ~ – адæмæй æлгъыст — разрушитель поселения проклят людьми

хъæугæрон (*бир.* хъæугæрæттæ) — околица, край села

Иу фæззæг Сырдон ~ бакодта мæнæуы хуым. *НК.* — Одной осенью Сырдон на пашне на окраине посеял пшеницу

Йе науæд басудз (*тулдз бæлас*) арвы æрцавдæй ам хъæугæроны, ей. / Дæ ауонмæ дын уæд нал бакæндзæн уарзон уарзоны, ей. *Зарæг.* — Или чтобы ты (дуб) сгорел от удара молнии на краю села, гей. / Больше не будут встречаться влюблённые в твоей тени, гей

хæдзар уыд ~, хъæдмæ ‘ввахс — дом стоял на краю села, близко к лесу

Саргъæй ~ æрхиз, – / Къулыл иу ныллæг хæдзары / Ауыгъд авд цухъайы ис, / Æмæ уыдон раз сæркъулæй / Алæуу иучысыл. *Гриш. Авд цухъайы* — Спешись на краю села, – / На склоне низенький дом, / А в нём висят семь черкесок, / Перед ними голову склони / И постой немного

● хорз бæх йæ мард ~мæ хæссы — хороший конь из последних сил до края села доберётся

хъæугæс — страж селения

хъæугуывд — общий сельский пир; общественный пир

~ æрвылаз кæнын — ежегодно устраивать общий пир

Дыккаг бон Нузал ~ кодтой æмæ дзуары бын æрæмбырд сты æмæ ныхас кодтой. *Секъа. Сафиат* — На второй день в Нузале устраивали пир для всего села, собрались у святилища, вели разговоры

хъæударæг — оплот села

● иу куырд хъæуæн ~ у, хъæсдарæг — на кузнеце всё село держится

● фиййау ~ у — пастух всё село выручает

хъæудзырд — уговор всем селом

хъæуи-хъæу — по всем сёлам

~ зилын — околачиваться по сёлам

æппæлæн ныхæстæ уынгмæ раирвæсты æмæ ~ афардæг сты — хвалебные слова стали известны по всем сёлам

кæйдæр хæдзæртты ~ рахау-бахау кæнын — скитаться по чужим домам, по разным сёлам

Дæ фырт ~ арахъдзуан кæны. *Елбыздыхъо. Дыууæ хойы* — Твой сын бродит по сёлам в поисках выпивки

хъæуккаг (*бир.* хъæуккæгтæ) — 1. сельчанин; 2. сельский, деревенский, аульный

~ ахургæнæг — сельский учитель

~ лæг — сельчанин; житель села

Æз ~ лæг дæн, мæ уидæгтæ хуымгæнды норст сты. *Мæрзойты С. Къæхтысæр* — Я сельский человек, мои корни глубоко в пашню вросли

~ фæсивæд — сельская молодежь

~ цардыуаг — сельский уклад жизни

хъæусæфт — погибель, гибель всего селения

хъæусовет *(хъæууон совет)* — сельсовет *(сельский совет)*

~ы сæрдар — председатель сельсовета

хъæууай кæн! *разг.* смотри у меня!

хъæууат остатки поселения; заброшенное село

● хæдзар цы хъæуы нал и, уый ~ у где домов нет, там и села нет

хъæууон сельский

~ арæзтад сельское строительство

~ уацхæссæг сельский корреспондент, селькор

~ хæдзарад сельское хозяйство

Æз ~ чызг, царды ницыма федтон, уый – горæтаг лæппу. *Гæстæн. Фембæлды агъоммæ.* Я – сельская девушка, ничего ещё в жизни не видевшая, а он городской парень

хъæууонхæдзарадон сельскохозяйственный

~ куыстытæ сельскохозяйственные работы

хъæууынг улица *(в деревне)*

Æз мæ цирхъ, цæугæйæ, дардзынæн фæрсы'рдæм / Æмæ саугъæды хъæууынджы хуызæн, / Хъæууынджы хуызæн фæд зайдзæн мæ фæстæ. *НК.* Я буду идти и свою секиру вбок держать, / И в тёмном лесу улицей, / Как будто улицей проложу я след

хъæуын быть нужным; недоставать

● афтæ йын хъæуы так ему и надо, он заслуживает эти неприятности

бакæнын цы хъæуы то, что необходимо сделать

бирæ на хъуыди нужна была самая малость

● дзырдтæ æлхæнын нæ хъæуы за словом в карман не лезть

● кæй хъæуы æмæ кæй нæ хъæуы кому надо и не надо

– Фæлæуу-ма, гуымаг лæг, ныхæстæн мæ хъæуыс! Гуымаг лæг дæр æм æрлæууыд, æмæ йæ байиæфта Созырыхъо. *НК.* – Постой-ка, гумский человек, разговор к тебе есть! Гумский человек и остановился, догнал его Созырыко

● мæлæтмæ ма йæ æрдуйы бæрц хъуыди он был на волосок от смерти

● сæрбахъуыды сæр хъæуы, фыдсæры та гуыр хъæуы в трудный час – голова нужна, а головы нет – грудь подставляй

тынг æхсызгон мæ хъæуыс ты мне очень нужен

уый сæр дзы нæ хъæуы в нём нет надобности

уыдæттыл дзурын нæ хъæуы нечего об этом говорить

● хъæуы ма дæ, нал сколько хочешь, сколько угодно душе

Фыд фыццаг рамæсты, стæй йæм худæг фæмидæг. Фæлæ хæдзармæ куы æрбацыди, уæд ын дзыхæй – хъæуы ма дæ, нал. *Æхсарбег. Куырды фырт* Сначала отец рассердился, потом ему стало смешно. Но, когда он вернулся домой, он его так отчитал – мало не покажется

● хæсты бон цæуыл фæхæст уай, уымæй хæцын хъæуы с чем тебя война застала, тем и сражайся

● хистæриуæг æмæ кæстæриуæг фæндагыл дæр хъæуынц Знать, как к старшим и младшим относиться, и в пути пригодится

● хъæуы, уæд хъæуы надо, так надо

æмæ ма дзы ды та чердæм хъæуыс? а ты ещё здесь с какого припёку?

хъæуындзинад потребность; надобность

дæсныйады ~ — необходимость мастерства

хъæуысæр — верхний край села, верхняя часть села

хъæуысæрмæ — над селом

хъæуыхицау (*бир.* хъæуыхицæуттæ) — *ист.* староста села; глава села; глава сельской администрации

~æй сæвзарын — выбрать главой села

~мæ дзырд бахæссын — доложить, доносить главе села

~мæ хъаст бахæссын — подать жалобу сельскому главе

раздæры ~ — прежний глава села

уæды ~ — тогдашний глава села

хъæфс-хъæфс — шлёпанье по топкому месту

хъæхъхъаг — едкий, резкий; злой; неистовый

~ ад кæнын — горчить

~ адæймаг — злой человек

~ кæнын — горкнуть; ожесточаться

~ куыдз — злая собака

● ~ куыдз – дзугæн йæ хъахъхъæнæг — злая собака – сторож стада

● куыдз йæхи дуармæ ~ у — всяк кулик на своём болоте велик; *букв.* собака у своих ворот злая бывает

● ~ фиу къæрных гæдыйæн – хуыфæджы хос — на воре шапка горит; *букв.* от прогорклого сала воровитая кошка кашлять станет

сыгъд æмæ æндæр ~ тæф — запах горелого и всякий едкий запах

хъæхъхъагдзинад — горечь; неистовство

хъæццул — одеяло, покрывало

~ йæхимæ ивазы — одеяло манит к себе; так и хочется понежиться

~ химæ ивазын — тянуть одеяло на себя

~æй æрæмбæрзын — накрыть одеялом

~æй хи бамбæрзын — накрыться одеялом

~ы агъуд — пододеяльник

бумбули ~ — пуховое одеяло

рæтыд ~ — стёганое одеяло

фæсмын ~ — шерстяное одеяло

хи ~æй æрнорста — натянул на себя одеяло

Цырагъ ссыгъта æмæ сывæллæты ~ хаудæй куы ауыдта, уæд йæ зæрдæйы тугтæ нытгагъдысты. *Елбачиты Г. Дыуæ идæдзы* — Сердце кровью обливалось, увидев при зажжёном свете упавшее на пол одеяло, которым были накрыты дети

сывæллоны ~ы батухын — закутать ребенка в одеяло

хъæц — терпение

~, мæ чызг, зынтæн адæймаг хъæуы. *Гуыцмæзты А. Дæ уды фарн* — Терпение, доченька, с трудностями справиться характер нужен

хъæцын — ждать, поджидать; очень беречь, проявлять большую заботу

● æрхъæцмæ нæ ~ — нетерпеливо ожидать

Йæ писмо йын куы райста, уæдæй фæстæмæ та хъæцгæ дæр нал кодта йæ ссыдмæ. *Дæбе. Æхсарбег* — С тех пор как он получил это письмо, он с нетерпением ожидал его приезда

уæззау рыстыл ~ — терпеть сильную боль

● фынæйыл дæр нæ ~ — обожать; носиться с кем-л.

дæ цæсгом куыд хъæцы! — как ты смеешь!

мæ цæсгом нæ хъæцы — я не решаюсь, стесняюсь, стыжусь

къæсæрмæ дæр нæ ~ — проявлять нетерпение

хъеллау — качание, шатание; скитание; неуклюжее движение; блуждание

~ кæнын — качать(ся), шатать(ся);

дзæгъæлы ~ кæнын — ошиваться; болтаться без цели

къуылых къахыл ~ кæнын — шататься на хромых ногах

уынгты дыууæрдæм ~ кæнын — слоняться взад-вперёд по улицам

● арвæй зæххы астæу ~ кæнын — болтаться между небом и землёй; не иметь крыши над головой

зындоны ~ кæнын — подвергаться мукам в аду

Йæ мæллæг къабæстæ, цыма йæхицæй нæ уыдысты, уый хуызæн уæгъд ~ кодтой. *Максим. Хæххон барæг* — Его худющие руки болтались, как будто они ему вообще не принадлежали

хъеллаугæнæг (*бир.* хъеллаугæнджытæ) — качающийся*(медленно, вяло);* шатающийся

хъеллаугæнæн — качели

хъен — 1. вертикальный; 2. стоймя; в стоячем вертикальном положении

● ~ слæууын — встать вверх ногами

Æвæццæгæн, æнамонды цæлхдур йæ разы ~ лæууыд. *Секъа.* — Видимо, камень несчастья стоял как вкопанный перед ним

● афтид голлаг ~ нæ лæууы — пустой мешок стоймя не поставишь; на пустой желудок не поработаешь

● сæрыл ~ слæууын — стать на голову; *прост.* разбиться в лепёшку, всеми силами стараться

Æмæ мæн куы нæ хъыгдариккой, уæд сæ сæртыл ~ дæр слæууæнт — Пусть себе хоть на ушах стоят, лишь бы они мне не мешали

Пълан æри æмæ дæ сæрыл ~ дæр слæууу! *Малиты В. Саст бандон* — Разбейся в лепёшку, но план обеспечь!

хъеномецъо кæнын — *разг.* делать медленно, делать кое-как

хъентæ-ментæ — 1. качание, шатание; 2. неравномерно; в беспорядке, беспорядочно

хъеццау кæнын — качаться, шататься

хъеццаугæнæг — шатающийся, качающийся

Уалынмæ разæй фæндаджы сæрмæ къæдзæхы тигъыл рухсы тынтæ ~ау скафыдысты. *Æхсарбег. Хæххон доны уынæр* — А между тем впереди над дорогой на выступе горы, покачиваясь, заплясали лучи света

хъиамæт — тяжёлый труд; мучение; имущество

~ кæнын — тяжело трудиться; мучиться

~æй мæлын — сильно страдать
~ы æппарын — толкать на путь мучений
ænæхъуаджы ~ — напрасный труд
зындоны ~ уæлæуыл фидын — терпеть адские муки при жизни
хъæздыгдзинад ~æй у — благосостояние даётся кропотливым трудом

хъиамæтгæнæг (*бир.* хъиамæтгæнджытæ) — страдалец; мученик
хъиамæтджын — многострадальный; натерпевшийся
хъиамæттаг — мучительный
хъизæмайраг — мучительный, страдательный
~дæр хъизæмар — самые страшные муки
хъизæмар (*бир* хъизæмæрттæ) — мучение, страдание, истязание
~ кæнын — мучиться, томиться, страдать
~æй марæг — мучитель
~æй марын — мучить, истязать
– Куы никуы дæ бахъыгдардтон, уæд мæ цæмæн ~æй марыс уыцы æнæтæригъæдæй? *Дæбе. Уæззау операци* — – Я же никогда ничем тебе не мешал, так за что ты меня с такой безжалостностью мучаешь?
~æй мæлын — мучиться, страдать
~æй цы нæ бавзæрста, ахæм нæй — она прошла все круги ада
● искæй хъизæмæрттæн кæрон скæнын — положить конец чьим-л. мучениям
● лæгæн æгæр ~æй йæ сæр урс кæны — человек седеет от чрезмерных страданий
хъизæмæрттæ æвзарын — испытывать мучения
зындоны хъизæмæрттæ æвзарын — испытывать адские мучения
уарзондзинад амонд нæ хæссы, æрмæстдæр ~ — любовь не приносит счастья, только страдания
хъизæмæртты уаргъ химæ райсын — взять на себя тяжесть страданий
хъизæмаргæнæг (*бир.* хъизæмаргæнджытæ) — мученик, узник, страдалец
хъизæмардон — застенок
хъизæмардзинад — мучение, страдание
~ы амæттæгтæ — жертва страданий
хъил — 1. дубинка, палка, жердь; шест; древко; ходули; 2. поднятый
~ кæнын — поднимать; приподнимать
~ лæууын — стоять прямо, вертикально
йæ бæрзæй йын ~æй ныххойын хъæуы — надо ему всыпать по первое число; палкой по затылку надо всыпать
~тæй конд бырутæ — забор из кольев, частокол
~тæй синтæ ныддауын — огреть палкой по бёдрам
Цыма йын исчи йæ фæхстæ ~æй хойы, цыма дзы мидæгæй арт судзы. *Максим. Хæххон барæг* — Как будто ему кто-то палкой по бокам лупит, как будто у него внутри всё горит
● быны ~тæ кæнын — очень ослабеть
нартхорхойæн ~ — палка, которой обивают кукурузные зёрна

хъæдуры ~ — жерди для фасоли
тырысатæ ~тыл фæйлауынц — знамёна на древках развеваются
сæрыхъуынтæ ~ бадтысты — волосы стали дыбом
хосы ~тæ — шесты, жерди для сена
● хосы ~ы дæргъæн — длинный как жердь
● цæлхы дæндæгты æхсæн ~ ацæвын — вставлять палки в колёса

хъиладзагъд — удар дубиной, палкой; побитый дубинкой, палкой

~æй сурын — преследовать с дубинкой
Амырхан ма йæ ~æй йæ разæй бæргæ айста, фæлæ уымæй дурыны сæстытæ нал баныхæстысты. *Ладемыр. Мадзура лæппу* — Амурхан-то погнал её со двора палкой, но от этого уже разбившийся горшок не склеился

хъилæй — торчком; дыбом; вертикально
къæдзил ~ дарын — задрать хвост
● фындз ~ хæссын — задрать нос

хъилдзæуæг — важничающий; чванящийся; идущий на ходулях

● ~ фестын — возгордиться
● схъæлдзæуæгыл дын ~ амбæла! — встретились спесивый да кичливый!
фырхъалæй ~ уæвын — важничать от самодовольства

хъилхъæдур — *бот.* вьющаяся фасоль

хъилхъус — 1. *охот.* осёл, заяц; 2. вислоухий; чуткий, с острым слухом

● ~ æмæ дзагъырдзæст — вислоухий, да ещё и глаза вытаращенные
● ~ у — держи ушки на макушке
● ~ уæвын — смотреть в оба

хъилхъусæг — *охот.* волк

хъилхъусæй — чутко; с осторожностью; прислушиваясь
~ лæууын — быть настороже
● тærхъусы хъуыст – ~, тærхъусы хуыст – дæлгоммæ — у зайца слух острый, а спит он ничком

хъимис — *анат.* копчик

хъинц (*бир.* хъинцытæ) — скрип
~ кæнын — скрипеть
æнæ ~ æнæ уынæрæй — бесшумно; без звука и скрипа
Сабыргай сыстад æмæ æнæ ~æй æнæ уынæрæй агъуыстæй ацыд. *Хъайттаты С. Фæдисонтæ* — Тихонько поднялся и, не издав ни единого звука, вышел из комнаты

дуары ~мæ фехъал уæвын — проснуться от скрипа двери
Нæ хæдзары дуар æхсæвæй бонæй йæ ~æй не ‘нцайы. Иутæ ацæуынц, иннæтæ фæмидæг вæййынц. *Хъаныхъуаты В. Уæхæдæг мæ бамбарут* — В нашем доме день и ночь раздаётся скрип открывающейся двери. Одни уходят, другие входят

дзабыры ~ — скрип обуви
● сæмæн æнæсæрстæй ~ кæны — несмазанное колесо скрипит

Æмæ дысон дæхæдæг адæмыл куы зылдтæ, æви дын дæ сæмæн айсæрстой, ~ куыд нæуал кæна? *Дæбе. Уæззау операци*

Ты же вчера сам обходил народ, или тебя подкупили, подмазали колесо, чтобы не скрипело?

цæлхыты ~-~

скрип колёс

хъинцгæнаг (*бир.* хъинцгæнджытæ)

скрипучий

● мæгуыры уæрдон – ~

у бедняка телега громко скрипит

● фидар бæлас ракæлы, ~ – баззайы

скрипучее дерево долго стоит, а дуб сразу валится; слабый человек может обладать завидным долголетием

цъупдзаг ~ уæрдæттæ

доверху гружённые скрипучие телеги

хъинц-хъинц

скрип

~ кæнын

поскрипывать, громыхать, дребезжать

æнæсæрст уæрдонау ~ кæнын

скрипеть как несмазанная телега

хъис

щетина; струна; жила

бæхы ~

конский волос

йæ ~ дæр нæ фæтасдзæн

даже мускулом не пошевелит

– Ды чызг нæ дæ, фæлæ Нарты Хæмыц дæ. – Цæмæй мæ зоныс? – Ныр ма уал кæсæны акæс: Хæмыцы болат ~тæ ракъуыбыртæ сты. *НК.3*

– Ты не девушка, а нарт Хамыц. – А ты меня откуда знаешь? – А ты в зеркало посмотри на себя: вон усы булатноусого Хамыца пробиваются

● ратт ын æй – йæ мæрдты ~ дзы ссарæд!

пусть подавится; пусть заберёт и поперхнётся этим

фæндыры ~тæ

струны фандыра

Æнæ хъама кæрддзæм, / Æнæ ~тæ фæндыр. / Æнæ уый æз цы дæн? / Æнæ уый æз нæ дæн. *Къадзаты С.*

Кинжал без ножен, / Без струн фандыр. / А что я без неё? / Без неё я не я

хъысмæты уæззау къух йæ фæндыры ~тæ æгъатырæй стыдта

тяжёлая судьба безжалостно оборвала струны его фандыра

хуыйы ~

щетина свиньи

хъисæг

щётка

пъолмæрзæн ~

половая щетка

хъисбын

жёсткая, грубая шерсть

хъисджын

щетинистый; жёсткий

хъисонтæ

муз. струнные инструменты

хъист, хъист-хъист

скрип; визг

~ кæнын

скрипеть; визжать

æнæ ~, æнæ цъистæй

без звука; без сучка, без задоринки

● зæронд уæрдон кæд ~ фæкæны, уæддæр ма бирæ фæтулы

старая телега скрипит, но ещё долго прослужит

● зæронды ~тæ хæрын

доживать свой век; коротать век

● мæгуыры ~тæ хæрын

бедствовать

● кæрæдзийы ~тæ тонын

ссориться; вцепиться друг другу в волосы

Æмхуызон куы уаиккой, уæд сæ иу инæйы ~ нæ тонид фæсауюнмæ. *Ладемыр. Æнæном писмо*

Если бы они были одинаковыми, то не щипали бы друг друга исподтишка

хъисфæндыр, хъисынфæндыр *муз.* струнный инструмент
~ты оркестр струнный оркестр
хъисыг щетинистый; жилистый
Æмбисбонмæ ратыхст нæ аходæн. Кæсагласæй ~дæр разынд нæ зæронд карк. *Лademыр. Мадзура лæппу* Обед наш затянулся. Наша старая курица оказалась жилистой как цапля
Тотрадз цы у, уымæй иууылдæр ~ æмæ нуар у. *Лademыр. Арв ныттар* Тотрадз весь соткан из жил и нервов
хъисын 1. жёсткая, грубая шерстяная ткань; 2. волосяной, из волоса; из грубой шерсти
~ бæндæн верёвка из конского волоса;
мæгуыры ~ власяница
● сæ иуыл – ~, иннæуыл – пæлæз что один, что другой; два сапога пара
● хъысмæт сыл мæгуыры ~ баппæрста судьба обрекла их на жалкое существование
~ фæндыр скрипка, струнный инструмент
Дадайæн та йæ ~ фæндыр / Йæхимæ ‘рбамбырд кодта сых. *Цæгæраты Г. Дада* А дада своей скрипкой / Собрал вокруг себя всех окрест
хъисынфæндыр скрипка, струнный инструмент
~æй цæгъдæг исполнитель, музыкант, играющий на струнном инструменте
хъиу крестец, сложенный из снопов
хъилтыл амад ~тæ крестец на шестах
хъиутæ *анат.* сухожилие
● мæгуыры ~ хæрын жить впроголодь, бедствовать; грызть *(свои)* сухожилия *(от голода, отчаяния)*; сильно бедствовать
Бон изæрмæ сау куысты мæ удæй арт цæгъдын æмæ мæ ~ хæрын. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* День-деньской я тружусь, не покладая рук, а живу впроголодь
хъиу-хъиу кæнын страдать, переживать; болеть; плакать, жаловаться, *разг.* распускать нюни
хъихъхъ сдавленный крик, писк *(птицы)*
~ытæ кæнын издавать звуки; кричать; пищать
хъихъгæнаг *охот.* сойка
хъихъхъуыфæг *мед.* коклюш
хъихъыр *анат.* адамово яблоко; кадык
хълапи пастила из сливы
хъоды бойкот; отвержение
~ кæнын бойкотировать; отказываться, отрекаться
~ тæрхон бойкот
комбæсты ~ отвержение жителями ущелья
мыггаджы ~ отвержение фамилией
рæстæгмæ ~ временный бойкот
сыхбæсты ~ бойкот соседей

хъæубæсты ~ — отвержение селом

Изæры мæ хæдзармæ куынæ фæзынай, уæд дыл мæнæй уый ~ бакодта. *Бицъоты Г. Урс æмдзæвгæтæ* — Если ты вечером не появишься у меня дома, лично я отрекусь от тебя

хъодыгæнæг (*бир.* хъодыгæнджытæ) — бойкотирующий, отрекающийся

хъодыгонд — бойкотированный; отречённый; отверженный

~æй мæлæт хуыздæр — лучше смерть, чем быть отверженным

~æн нæдæр йæ цинмæ цыдысты рæстаг адæм, нæдæр йæ мардмæ. *Айларты И. Тæрхоны лæгтæ* — В дом к отверженному не ходили ни по радостным поводам, ни на траурные мероприятия

бинонтæй ~ — отверженный семьёй

Чызджы бинонтæ куы базыдтой, Фаризætæн йæхи фæндыд, уый, уæд ыл чысыл ма бахъæуа, ~ ма бакæной. *Хъайттаты С. Фæдисонтæ* — Когда семья девушки узнала, что Фаризат и сама была на это согласна, они чуть было не отказались от неё

уый ~ у — он бойкотирован

хъодыйаг — бойкотируемый

хъодзидæндаг — кривозубый

хъоло — *бот.* щавель конский

хъолоджын — место, поросшее конским щавелем; пирог с начинкой из конского щавеля

хъом I — способный, в силах, в состоянии сделать

исты ~ уæвын — быть способным, быть в силах, в состоянии сделать что-либо

ды нын баххуыс ~ дæ — ты в состоянии нам помочь

хъом II — крупный рогатый скот

дзæгъæл ~ — скот без присмотра

хъомад — способность

хъомвос — крупный рогатый скот

хъомгæс — пастух крупного рогатого скота

● иу ~ – дыууæ хъæуæн хылы хос — два села одного пастуха никогда не поделят

рады ~ — очередной пастух

хъомдон (*бир.* хъомдæттæ) — хлев

Дзаг – стурæй йæ ~, бæхтæй – йæ хъарм бæхдон. *Æрнигон. Челе* — Его хлев полон скота, в его тёплой конюшне полно лошадей

● искæй хъомдæттæ сыгъдæг кæнын — делать чёрную работу за кого-то

хъомлæууæн — место, куда собирают скот

хъомпал — 1. смешение; беспорядок, хаос; 2. суматошный; хаотичный, беспорядочный

~ кæнын — смешивать(ся); смешаться, прийти в беспорядок

~ лыгъд — беспорядочное бегство

~ цард — суматошная жизнь

хъомрæгъау — стадо крупного рогатого скота

хъомроро *разг.* беспорядочное хождение

хъомрын повальная болезнь скота, чума

● ~ уыл схæцæд *(проклятие)* да унесёт вас чума!

хъомхизæн пастбище крупного рогатого скота

хъомыл взрослый; возмужалый, совершеннолетний

~ кæнын выращивать; воспитывать, довести до самостоятельности

рæзгæ фæлтæры ~ кæнын воспитывать подрастающее поколение

~ чызг взрослая, совершеннолетняя девушка

хъомылад воспитание; зрелость; совершеннолетие

~ы аттестат аттестат зрелости

Адæймагæн йæ удыхъæд куыд уа, йæ ~ куыд уа бинонты ‘хсæн, афтæ адæмы раз дары йæхи. *Пагаты С. Мастисджытæ* Человек ведёт себя на людях в зависимости от того, каков его нрав, какое воспитание он получил

Уæвгæ уыдта: йæ læппу раст ~ кæй рахаста райдианæй… *Къодоты О. Дуджы фæлгæт* А вообще-то он видел: его сын правильно воспитывался с самого начала

хъомыладон воспитательный

~ куыст воспитательная работа

хъомылгæнæг (*бир.* хъомылгæнджытæ) воспитатель; няня

хъомылгæнинаг (*бир.* хъомылгæнинæгтæ) воспитанник; питомец

хъомылгонд (*бир.* хъомылгæндтытæ) 1. питомец; 2. выращенный; воспитанный

~ цæуын выращивать; воспитывать

нывыл ~ благовоспитанный

хъомылдзинад *кæс* **хъомылад**

хъомылхуыз повзрослевший

~ та æрмæст йæ рæзæй фæци – сбæрзонд чызг. *Умар. Стъалы куы скæса* А повзрослевшей она была только на вид – вытянулась девочка

хъомыс, хъомысад сила, мощь, могущество; влияние

~дæр кæнын усиливать

фæразондзинад ~дæр кæнын повышать выносливость

æххæст ~æй кусын работать на полную мощность

цы ~ мын дæ? какая мне от тебя польза?

Адæм кæуыл не ‘ууæндынц, уыцы хъуыддагæн сырæзыны ~ нæй! *Æхсарбег. Куырды фырт* Дело, в которое не верят люди, не может быть успешно осуществлено!

паддзахады ~ могущество государства

продукци уадзыны ~ производительность

стырдæр ~мæ тырнын стремиться к большей власти

уавæрты ~æй под давлением обстоятельств

● фæуыны ~ыл нал и ни конца, ни края

хъомысджын мощный, могучий

~ æфсад могучая армия

~ курдиат — мощный талант

Ирон театры сценæйы «Саучызг» куы цыдис, уæд иуахæмы сæмбæлдтæн Хуыбецты Раяйыл æмæ йын арфæ ракодтон, ахæм ~ уацмыс кæй ныффыста, уый тыххæй. *Ахуырбег. Хуры зарæг* — Когда на сцене осетинского театра шла пьеса «Саучызг», я встретил Раю Хубецову и поздравил её с написанием такого мощного произведения

~ нæртон мыггыг — сильная нартовская фамилия

~ паддзахад — могучая держава

~ разынд йæ чысыл рæзгæ уд — её маленькая душа оказалась очень сильной

хъонахъ — *уст.* приятель, кунак

Рæстæг чысыл куы рауади, / Бимболат æй уæд аласта / Йæ ~мæ. *Хъаныхъуаты В. Кадæг* — Прошло немного времени, / И Бимболат отвёз его / К своему кунаку

хъонтхора — *бот.* укроп

хъонц *д.* — недовольство; печаль, грусть

~ кæнын — печалиться, грустить

хъоппæг (*бир.* хъоппæгтæ, хъоппæджытæ) — 1. *бот.* лилия; *перен.* мыльный пузырь; 2. выпученный

~ дидинæг — *бот.* лилия

дойнаг ~ — *бот.* водяная лилия

~ цæстытæ — выпученные глаза

йæ ~ цæстытæ дзы фæсагъта — уставилась на него своими выпученными глазами

хъоппæджы апп æмæ сыф — семя и лист лилии

Уæд ын лæппу загъта: – Гъе ам лæу денджызы был æмæ кæс, æмæ кæд денджыз сырх ~тæ хæсса, уæд уый зон, æмæ æз æгас нал дæн. *НК.3* — И говорит ему юноша: – Стой здесь на берегу моря и смотри, если на море появится красная пена, знай, что меня в живых больше нет

хъоппæгдзæст, **хъоппæгцæст** — пучеглазый; с большими глазами; волоокий

~ хæфс — пучеглазая лягушка

хъоргъ — яма глубокая *(для заключённых); охот.* логово зверя

~ы ныппарын — бросить в яму

Кæй марын акæнын кодта, кæй та Косеты мæсыджы ~ы ауадзын кодта. *Секъа.* — Кого убить приказал, а кого велел бросить в яму в башне Косеты

● бал бирæгъты сæ ~мæ батæрын — одержать победу в трудном деле; *букв.* загнать стаю волков в их логово

Йæ бирæ хорзæхтæ бакусынæн хъуыди лæгдзинад равдисын, бал бирæгъты сæ ~мæ батæрын. *Изæтбег. Æндæрг* — Чтобы заслужить столько наград, нужно было проявить мужество, загнать стаю волков в их волчье логово

● дыууæ арсы иу ~ы нæ фæфидауынц — двум медведям в одном логове не ужиться

хъоргъан — пограничный знак

хъоррагъ — шест с крючком; косые стропила, скрепляющие соломенную крышу

хъотыр — *мед.* проказа

~æй ссыгъдæг уæвын — очиститься от проказы

Царды йын чи нæ фæпайда уыдзæн, уыцы адæмы ~ау йæхимæ æввахс нæ уадзы. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ*

Тех, кто ему в жизни не пригодится, он сторонился как прокажённых

Цæрдудæй бадын ~ау зæппадзы, / Фæлвары мæн йæ хъомысæй хъысмæт. *Шамил.*

Сижу живьём в склепе для прокажённых, / Испытывает судьба на прочность меня

хъотырджын прокажённый

хъох-хъох хрюканье

~ кæнын хрюкать *(о свинье)*

хъримаг *кæс* **хъыримаг**

хърихъупп (*бир.* хърихъуппытæ) *зоол.* журавль

~ хæстæджыты / Донбылтыл зилы... / Бирæгъ йæ цыппæртæ / ~мæ тилы. *Къоста. Бирæгъ æмæ хърихъупп*

Журавль поблизости / По берегу бродит… / Волк своими четырьмя ногами / Машет журавлю

● ~ фистæгæй сурæгау тратить время зря; *букв.* что журавля пешком преследовать

~ыты бал клин журавлей

Æз æцæгæй дæр, ~ йæ балæй куыд фæхицæн уа, афтæ фæхицæн дæн мæхиуонтæй. *Тæтæри. Размæ*

Я и вправду отдалился от своих близких, подобно журавлю, отбившемуся от своего клина

~ыты хал клин журавлей

● мæлæты ~ тоже мне важная птица

хърихъуппытæй хъазын детская игра в журавли

хъуаг (*бир.* хъуæгтæ) 1. недостаток, нехватка; 2. нуждающийся

~ дæ ницæмæй ныууадздзыстæм ты ни в чём не будешь нуждаться

~ æмæ стонг йæ домдтой страдал от лишений и голода

~ кæнын нуждаться; недоставать

~ уæвын недоставать; быть не в своём уме

чысыл ~ у гуырдæй он с рождения не в своём уме

æнæ иу бон ~ как один день; ровно; день в день

Фæцард дæс æмæ цыппæрыссæдз азы æнæ иу бон ~. *Тлаттаты Б. Дæ куырой фæривæд*

Он прожил ровно девяносто лет, день в день

исты ~ æййафын испытывать нужду в чём-л.

Дæ сидзæргæс мады бон дын ницы бахуыс кæнын уыдис, æмæ хъуæгтæ æййæфтай. *Дæбе. Уазджытæ*

Твоя вдовая мать ничем не могла тебе помочь, вот ты и терпел нужду

ницы ~ æййафын ни в чём не нуждаться; иметь всего вдоволь

рæвдыд ~ æййафын нуждаться в заботе; быть необласканным

хæринаг ~ æййафын недоедать; плохо питаться

Кæд сæхæдæг алцæмæй дæр ~ æййæфтой, уæддæр-иу сæхи дæр ныууагътой æххормагæй, фæлæ махæн хастой куы æхсыр, куы мисын. *Максим. Уæззау хабар*

Хоть сами они нуждались во всём, но могли, от себя отрывая и недоедая, нам нести то молоко, то кислое молоко

ницы ~ уæвын ни в чём не испытывать недостатка, ни в чём не нуждаться

● кæрц ма дыс ~ уыди — только этого не хватало

– Хæстæгдæр нæм зæгъын, рацу: нæ кæрц ма дыс ~ уыди. – Уæхæдæг мацы ~ ут, кæрц ænædысæй дæр фæлæудзæни. *Чеджемты Г. Хъуыбады* — – Говорю, подойди ближе, нам только тебя не хватало, как рукава до шубы. – Лишь бы вы сами ни в чём не нуждались, а шуба и без рукава подождёт

сæрæй ~ — не в своём уме, не все дома

хъуаджы кастытæ кæнын — озираться как помешанный

уый ~ ма уыдыстæм — (вот) не было печали, (так черти накачали); только этого нам не хватало

хи ~æй уадзын — отрывать от себя

хи ~æй нæ уадзын — себя не забывать

хъуæгтæ æргом кæнын — вскрывать недостатки

алкæмæн дæр йæ хъуæгтæм гæсгæ — каждому по потребностям

хъуаджы сахат баххуыс кæнын — оказать помощь в трудный час

цы ~ сты? — чего им не хватает / не достаёт?

цыдæр ~ — винтика не хватает

~ цыдæр — чокнутый

хъуагдзинад (*бир.* хъуагдзинæдтæ) — недостаток, пробел, недочёт; нужда, бедность

~ фæкъаддæр кæнын — несколько восполнить пробел; уменьшить дефицит

Цыфæнды адæймагæн дæр йæ хорздзинæдтæ йæ хъуагдзинæдтæй бирæ фылдæр сты — У любого человека положительных качеств больше, чем недостатков

æхсызгон ~ — насущная потребность

нуазæн доны ~ æййафын — испытывать нехватку питьевой воды

хосты ~ — нехватка лекарств

хъуагдзинæдтæ фæсвæд кæнын — скрывать недостатки

хъуагдзинæдтæ фиппайын — подмечать недостатки

цæрæнуаты ~ æййафын — нуждаться в жилье

хъуаджы-æнæхъуаджы — надо не надо

хъуаджы нæ — неспроста; не зря

хъуаз — лань; самка оленя, оленуха

~ы æхсыр — молоко оленухи; нечто труднодостижимое

Ницы хъуаг уагътой сæ фырты, ~ы æхсыр куы бахъуыдаид, уæддæр ын уый дæр ссардтаиккой. *Дæбе. Налхъуытæ* — Их сын ни в чём не нуждался, даже если бы ему понадобилось молоко оленухи, они бы и его раздобыли

Ууыл дæр сæ нал уагьта, фæлæ сын райдыдта / Хуыскъ адагæй хæссын хуыскъ ~ты мæрдтæ. *НК.* — И этого ему показалось мало. Стал он / Им приносить из сухой балки туши подстреленных оленух

хъуамæ — должно, возможно, очевидно

~ дын алчидæр дæ риуы кард ныссадза — каждый не приминёт вонзить в тебя нож

куыд нæ ~ бахауа адæймаг дисы — нельзя не поразиться; как не прийти в изумление

ныртæккæ ~ ацæуон — я должен уйти сейчас

хъуари — дранка, тёс, особый лес для покрытия крыши

~йæ æмбæрзт хæдзар — дом, крытый тёсом

хъуарийæ — тёсовый

хъуахъхъ — кваканье; карканье

~ кæнын — квакать; каркать

● ~ дзыхæй аззайын — оставаться, оказаться в дураках

Тедейы фæд агурынæй Газачъы ницæйаг уд æрдуйæ нарæгдæр сси, фæлæ ~ дзыхæй баззад. — В поисках следов Теде никчемный Газак изнурился до предела, но остался в дураках

~ дзыхæй фæуадзын — оставить в дураках

~ дзыхæй хъусын — заслушаться; слушать с открытым ртом

● рагацау цæуыл ~ кæныс — не радуйся раньше времени; *разг.* не говори «гоп», пока не перепрыгнешь

● халон ~ йедтæмæ Уастырджийы зарæгнæ зоны — ворона ничего кроме карканья не умеет

халоны ~ — воронье карканье

● халоны ~ æвæндарасты фыдæхгурæггаг у — воронье карканье на дорогу – к беде

хæфсы ~ — кваканье лягушки

хъуæцæ *д.* — дым

хъуг (*бир.* хъуццытæ) — корова

~ дуцын — доить корову

● ~ йæ сал куы бахæры, уæд йе ’хсыры хъæд хорз нал вæййы — у коровы, что послед свой съела, молоко портится

● галæй алæбурдта ‘мæ ~æй æрбаздæхти — вернуться с поджатым хвостом; *букв.* ушёл как бык, приплёлся как корова

● ~æн йе ’хсыры конд йе ’взагæй у — молоко у коровы на языке; надой молока коровы от её корма зависит

арвы ~ — небесная корова

● арвы ~ куыд давдæуы — как воруют небесную корову

● арвы ~æй бæрæгдæр — яснее ясного; совершенно очевидно

Милица Дианæй нæ бахæрам кодта. Арвы ~æй дæр бæрæгдæр уыди йæ раст уд. *Дзабаты Т. Донхæрис* — Милиция не сочла Диану виноватой. Её невиновность была совершенно очевидной

дуцгæ ~ — дойная корова

паддзахад дуцгæ ~ нæу — государство – не дойная корова

заинаг ~ — стельная корова

зад ~ — отелившаяся корова

● галмарæггаг ~ — за причинённое зло – награда

● иу ~æй дыууæ цармы ма стигъ — с одного вола двух шкур не дерут

● æдзæлгъæд фосæй иу дуцгæ ~ хуыздæр — одна дойная корова лучше никчемного стада

● æхсырджын ~ бинонты мад у — дойная корова, что мать семейства

● бур усæй чи фæтарст, уый бур ~ дæр нал дардта — пуганая ворона и куста боится; *букв.* кто рыжей женщины испугался, тот и корову рыжую больше не заведёт

● гуымыдза ~ цæваг у — безрогая корова бодлива; бодливой корове бог рога не дал

● ме ’хсыры къæрта мын ахæм ~ акалæд, æмæ та йæ ног чи байдзаг кæна — пусть ведро молока такая корова опрокинет, которая его снова наполнить может

● мадæл хъуджы рæуæдахуыр нæ хъæуы — отелившуюся корову к телёнку приучать не надо

Чидæр ~æй фæхицæн кодта йæ роды, æмæ ныр кæрæдзимæ æмбуйæ уасынц. *Р.07.08.2014* — Кто-то разлучил корову с её телёнком, и теперь они мычат в один голос

● мард хъуджы стигъджытæ бирæ ис — павшую корову многие выпотрошить желают

● сау хъуджы æхсыр дæр урс у — корова черна, да молоко у неё бело

● сау хъуджы бын бур род — чёрная корова отелилась рыжим телёнком

● фæстаг ~ аргæвдын — ничего не пожалеть

Ныр скуывдзысты æртæ чъирийы. æргæвддзысты сæ фæстаг ~ дæр. *Максим. Мæ зæрдæмæ хъуыстон* — Теперь на радостях они помолятся тремя пирогами. Последнюю корову не пожалеют

хъуджы æхсыр — коровье молоко

хæрзмыггаг хъуццытæ дæттынц бирæ æхсыр — породистые коровы дают много молока

● хъуджы къах род нæ мары — корова своего телёнка не затопчет

● хъуджы лыгъд кæны мæ разæй — пустился наутёк

● хъуджы фæдагыл никуы æрхæцын — не знать, с какой стороны к корове подойти; никогда не доить корову; не иметь никакого опыта

Цæрынæй–хæрынмæ йæ ус хъуджы фæдагыл никуы æрхæцыди, йæ сывæлæттæ æхсыры сæндæг никуы бахордтой. *Ашæх. Сослан* — Спокон веку его жена не знала, что такое корову подоить, его дети никогда не ели тюрю

● хуыскъ ~ æмæ хуыскъ адаг иу ысты, сæ дыууæ дæр – æнæпайда — бесплодная корова, что сухое русло – оба бесполезные

● хуыскъ ~ уæйгуытæй йæхи куыд хиза, афтæ дзы мæхи хизын — бесплодная корова великанов сторонится, за себя боится, так и я

● хуыскъ ~æй æфтауаг карк хуыздæр у — лучше курица-несушка, чем корова бесплодная

● хуыскъ ~æн æхсыр æруадзын кæнын — сделать невозможное; раздоить бесплодную корову

хъуццытæ хизын — пасти коров

● цæваг ~ хъæхъхъаг куыдзыл хæцы — бодливая корова злую собаку бодает

хъугдæй — *букв.* коровосос; медведка

хъугдуцæг (*бир.* хъугдуцджытæ) — доярка

хъугдзарм — коровья шкура

● арвæй йæм ~ы йас нал зыны — для него небо стало в овчинку

Скæнис ~æй æрчъитæ, / Къахис митбынæй мæхъитæ, / Стонг æмæ сыдæй... / Ахуысс, цæй!.. *Къоста. А-ло-лай* — Будешь ты, надев арчита, / Отгребать под снегом скрытый / Сена мерзлый клок. / Поспи!

хъугом (*бир.* хъугæмттæ) — большой участок пахотной земли в горах; поляна перед селом

● кæмæндæр йæ цæвæг хъæуы ~ ныккарста, фæлæ йын йæхи хуым нæ карста — в общественных работах преуспел, а себе не сумел

хъузг (*бир.* хъузджытæ) скорлупа; шелуха; раковина

айчы ~ яичная скорлупа

айчы ~æй рабырын вылупиться

Балы хърихъуыппыты кæстæртæ уый сæ тæккæ кæстæр уыдис, се ‘ппæтæй фæстæдæр рахызтис йæ айчы ~æй. *Дæбе. Хърихъупп Бип-бип* Из всех маленьких в журавлином клину этот был самый маленьким, он позже всех вылупился из яйца

айчы хъузджы бакæнын загнать в угол

● айчы хъузджы йас ныууæвын съёжиться; стать величиной с яичную скорлупу

Дыууæйæ куы фæфарс вæййынц, уæд мæгуыр сылгоймаг ныккæуы, айчы хъузджы йас ныввæйы. *Дзæбаты Т. Сидзæртæ æмæ сидзæргæстæ* Когда они вдвоём объединяются, бедная женщина плачет, ей места мало бывает

● айчы хъузджы дæр бацæуын может уместиться в яичной скорлупе

Иу лæгæн айчы ~ – йæ хæдзар, / Судзины бын – йæ дуар, / Карды ком – йæ фæндаг. У одного человека яичная скорлупа – его дом, / Игольное ушко – его дверь, / Лезвие ножа – его дорога

Йæ хъуыры нартхоры ~ тъыст кæмæн уыд, ахæм æхсыры авг зынд. *Хуыгаты С. Урс изæртæ* Видна была бутылка молока, горлышко которой было заткнуто кукурузной кочерыжкой

сыкъаджын сæтæлæг йæ сæр ~æй ивазы рогатая улитка высунула голову из раковины

хъузджы арф нымбæхсын замкнуться в своей скорлупе; уйти в себя

хъузджы балæсын замкнуться в своей скорлупе

Æдде бакæсгæйæ, æдзухдæр афтæ зынди, цыма Барис хъазынæрдæм арæзт у, фæлæ уый æрмæст йæ ~ уыд. *Умар. Стъалы куы скæса* Если смотреть со стороны, то всегда казалось, что Борис по характеру весельчак. Но это была только внешняя оболочка

● айчы ~ куы асæтты, уæд ын баныхасæн нæй сделанного не воротишь

хъузон (*бир.* хъузæттæ) всадник, допускаемый во время скачек на подмогу к другому всаднику; *перен.* содействующий; толкач

● дугъон ~мæ гæсгæ у каков толкач, таков и скакун

● дугъон бæх дæр ænæ ~ нæ уайы и скакуну толкач нужен

Авд джигит барæджы Солтаны фæйнæ фарс / Уынджы фæбалцысты, хъузæттау йемæ... *Къоста. Хетæг* Семь всадников-джигитов по обеим сторонам Солтана / Вместе с ним тронулись в путь сопровождать его

● зонд амондæн – йæ ~ ум счастью помощник

хицауад æмæ сæ хъузæттæ начальство и его пособники

Тузар райкомы секретарь кæй сси, уый Бексолтаны куыст уыдаид. Уымæн йæ ~ уыди. *Æхсарбег. Куырды фырт* То, что Тузар стал секретарём райкома, это работа Бексолтана. Он его проталкивал

● хорз бæхæн дæр хъузæттæ хъæуы ‘мæ хорз лæгæн дæр пособники нужны и хорошему коню, и хорошему человеку

хъул *анат.* позвонок; альчик, косточка; шар

Уæд та ма иу уылд бакæнин мæ ~? Что ли ещё раз попытать удачу?

● мæ ~ сах абадти! какая удача! мне повезло!

● мæгуыры ~ кæд бадти сах — когда бедняку улыбалась удача

рагъыстæджы ~ — *анат.* позвонок

фæтасæн ~ — сустав

хъазæн ~ — альчик для игры

хъазæн ~ аразын — выставлять кого-л. на посмешище

хъазгæйæ йæ ~ сах абадт — ему повезло в игре

● йæ астæуы уæлдай ~тæ ис — *разг.* у него лишние позвонки *(о ленивом человеке)*

Хъаст сæ нæ кæнын. Сæ астæуы уæлдай ~тæ нæ фæци. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Ни на кого из них не жалуюсь. Ни у кого из них лени нет в характере

● хорз ~ сах æмæ тæу бады — хороший альчик всегда в выигрышном положении падает

цонджы ~ фелвасын — вывихнуть запястье

хъулаон — осадный

~ уавæр — *воен.* осадное положение

хъулагонд — осаждённый; окружённый

~ къорд раппæрста урс тырыса — осаждённый отряд выбросил белый флаг

хъулæттæ — в пятнах; пятнистый

хъулон (*бир.* хъулæттæ) — 1. пятно; 2. пёстрый, пегий; рябой; пристрастный, несправедливый

~ ахуырст — пёстрая окраска

~ бæх — пегая лошадь

● куадзæн йæ ~ бæхыл æрцæуы — приближается пасха на своём пегом коне

~ уыры — *зоол.* суслик; хомяк

~ дарын — выделяться

Акæс: сывæллонæй, усæй, чындздзон чызгæй / Хъæуы дæлвæд быдыр хъулæттæ дары!.. *Къоста. Хетæг* — Посмотри: детьми, женщинами, девушками на выданье / Поле под селом пестрит

адæмы ‘хсæн ~ дарын — выделяться среди людей; отличаться

~ кæнын — быть несправедливым, относиться с пристрастием, предубеждением; выделять

Уæ ме ‘намонд хъæбултæ, ~ уæ куы никæй кодтон, ~. *Максим. Райсомы мигъ* — О, мои несчатсные дети, я же никого из вас не выделяла

● ~ уарзт кæнын — любить по-особому

Фыд йæ чызджы ~ уарзт кæны — Отец по-особому любит свою дочь

Дæ фыд дæр дæ мæ хуызæн худта. Æвæццæгæн дæ ~ уарзтæй дæр уымæн уарзта. *Максим. Райсомы мигъ* — Твой отец тоже считал, что ты на меня похожа. Наверное, поэтому он любил тебя по-особому

~ цæстæй кæсын — относиться пристрастно; баловать; потворствовать прихотям

● хъулæттæ мады гуыбыны дæр ис — дети одной матери тоже не одинаковы

● царды хъулæттæ — несправедливости жизни

● цы дæн, уымæй æргом дæн – калмау мæ ~ æддæрдæм у — я человек прямой, у меня как у змеи пятна наружу

хъулондзинад (*бир.* хъулондзинæдтæ) — пристрастие, несправедливость, несправедливое отношение, лицемерие

хъулонтуг — метис

хъулонцъиу *зоол.* свиристель
хъумбала *бот.* мать-и-мачеха
хъумбара *воен.* мортира; ядро
хъунцъ (*бир.* хъунцъытæ) *зоол.* род водяного глиста
хъус ухо
~ ~ы ацыд пронёсся (прошёл) слух
~ ацахста слух уловил
Куыддæр хиды фале фæци, афтæ йæ ~ ацахста Чермены зарæг. *Ашæх. Нæ фæлтæры фæндæгтæ* Как только они перешли мост, его слух уловил, что где-то поют песню о Чермене
~ дарын обращать внимание; наблюдать; присматривать(ся)
Чызгæн йæ зæрдæмæ чи цыд, уыдон йæм сæ ~ нæ дардтой. Те ребята, которые ей нравились, не обращали на неё никакого вниания
~ кæнын успокаивать(ся); заставлять молчать
~ты къæрмæджытæ нытътъыссын заткнуть уши; не обращать внимания на что-л.
~ы сæтæлхъузг *анат.* ушная раковина
~ы хæлын *анат.* барабанная перепонка
● ~ ныззарыд в ухе зазвенело
~æй æвзæр хъусын плохо слышать; иметь плохой слух
● ~æй рæвдз нал у он стал плохо слышать
● ~тæ бахъил кæнын навострить (насторожить) слух
● ~тæ сивазын выдрать за уши
● ~тæ фæхъил кæнын навострить уши
● ~тæ хæрæджы ~тау стыр кæнынц уши как у осла большими становятся
● ~тæ хъилæй дарын быть начеку
● ~тæ хъуысынæн сты уши даны, чтобы ими слушать
● ~тæй ласын за уши притягивать
тæргæйтæ æмæ бустæй йедзаг у йæ ~тæм обидами и упрёками сыт по горло
● ~ты онг чъизи миты ныссадзын погрязнуть по уши в неблаговидных делах
● ~тыл уайын слышится
● бæхы йæ ~тæй ма равзар коня по ушам не выбирают
● дæ ~тæ хизынмæ уыдысты? ты что не слышал?
● дæ ~ты кæрмæджытæ ис? что у тебя затычки в ушах?
● дыууæ ~мæ хæсты уæвын быть по уши в долгах
дзоныгъы ~ полоз
● зæрдæ æнæ ~тæй къуырма у когда сердце не слышит, оно глухо
● искæй ~ы бацæгъдын внушить кому-л. что-л.
● искæй йæ ~æй тыхласт кæнын тащить кого-л. за уши
● искæмæн йæ дыууæ ~ы йæ къухтæм раттын оторвать уши кому-л.
● иу ~æй иннæйы ауадзын пропустить мимо ушей
● йæ ~тыл дæр не схæцыдис даже не обратила внимания
● къахæй сæрмæ ~тæ фестын превратиться в слух

● къултæн дæр ~тæ ис — у стен есть уши

● лæг бонæн диссаг куынæ хъуса, уæд йæ ~тæ хæрæджы хъусты йас кæнынц — если каждый день новое не услышишь, уши растут как у осла

● мæ ~тæм не 'вналын æмæ уыдон дæр ногæй лæууынц — когда вещами не пользуются, они не снашиваются

● мæ ~тыл æруади — слышал краем уха

● мæ ~ы кæронæй дæр æй нæ фехъуыстон — даже краем уха не слышал

● мæ галиу ~ зары: чидæр мæ фыдгой кæны — у меня в левом ухе звенит, кто-то обо мне судачит

● мæ рахиз ~ зары: чидæр мæ хорзы кой кæны — у меня в правом ухе звенит, кто-то обо мне хорошо говорит

● ныхæстæ йæ дыууæ ~ы фæрсты асыффытт ластой — он пропустил эти разговоры мимо своих ушей

судзины ~ — игольное ушко

● фысы ~ дæр нал баззад — ни крошки не осталось

● хæстæй ~тæм у — он по уши в долгах

хи ~тæй фехъуысын — слышать собственными ушами

хи ~тыл нæ бауудæндын — не верить своим ушам, удивляться услышанному

● цы уыди, уымæй ~тæ фестади — он весь превратился в слух

цырыхъхъы ~тæ — голенища сапог

-хъус — *второй компонент слов со значением* вор: *кæркхъус; кæрдзынхъус*

хъусаг (*бир.* хъусæгтæ) — послушный

Æфсады æнцондæр срастгæнæн уаид, кæд уым дæр тынг хъусæгтæй нæ уыдис. *Дæбе. Адæм адæм сты* — В армии легче было бы перевоспитать его, хотя там он тоже был не из послушных

хъусад — молчание

хъусаутæ — жабры

хъусæг (*бир.* хъусджытæ) — 1. слушатель; 2. слушающий

~ сæм нæй — их никто не слушает; все их игнорируют

● ~æй кæсæг дæсныдæр у — лучше увидеть, чем услышать

● æдылы дзурæгмæ зондджын ~ хъæуы — глупого говорящего только умный слушающий поймёт

● дзурæг æдылы куы уа, ~ та зондджын, уæддæр кæрæдзийы бамбардзысты — если говорящий глуп, а слушающий умён, они всё равно поймут друг друга

иу нæ иннæмæ ~ нал вæййы — мы перестаём слушать друг друга

● куы дзурай, уæд дæм хъуамæ ~ уа — когда говоришь, кто-то должен тебя слушать

радиомæ хъусджытæ æмæ телевизормæ кæсджытæ — радиослушатели и телезрители

● уыдон æрцыдмæ хорзæй фæцæрут, аргъаумæ хъусджытæ! — живите и здравствуйте вечно, слушатели сказок

хъусджытæм хæццæ кæнын — доводить до слушателей

хъусæггагæй — понаслышке

хъусæй молча
~ лæууын хранить молчание
Дзамболат иу цъус ~ алæууыди, стæй ма йæ ныхасыл бафтыдта. *Æхсарбег. Куырды фырт* Дзамболат короткое время помолчал, потом добавил
хи ~ дарын хранить молчание
хъусæн 1. слух *(чувство); мед.* трубка; 2. слуховой
~ оргæнтæ органы слуха
хъусгæфыст диктант; диктовка
хъусдарæг (*бир.* хъусдарджытæ) 1. наблюдатель; 2. обращающий внимание, наблюдающий; прислушивающийся; следящий
~ фысым заботливый хозяин
хъусдард надзор, присмотр; внимание; забота; попечение
~æй цух нæ уадзын не оставлять безо внимания
æдзынæг ~ пристальное внимание
æмбæлон ~ надлежащее внимание
æнæ ~æй нæ баззайын не остаться без внимания
æнæ ~æй ныууадзын оставлять без присмотра, без внимания
Цас хорз фæсивæд нæм ис, æмæ сæ сæхи бар куыд ныууагътам, æнæ ~æй. *Тæтæри. Размæ* Сколько у нас хорошей молодёжи, а мы их предоставили самим себе, оставили без внимания
æнувыд ~ заботливый уход
истæмæ ~ саразын сосредоточить внимание на чём-л.
сывæллонæн ~ хъæуы ребёнку нужен уход
фаг ~ здахын уделить достаточное внимание
хъусдардаккаг заслуживающий внимания
~ уæвын заслуживать внимания
хъусдаринаг (*бир.* хъусдаринæгтæ) к сведению, вниманию
хъусдарындзинад постоянное наблюдение; внимательность
хъусджын с большими ушами
хъусинаг (*бир.* хъусинæгтæ) объявление; извещение, повестка, известие
хъуснæдарæг невнимательный
хъусой 1. *охот.* заяц; 2. ушастый
хъуссæг (*бир.* хъуссæджытæ) серьга
хъусхæлын *анат.* барабанная перепонка
хъусхилæг (*бир.* хъусхилджытæ) *зоол.* мокрица
хъусхос пороховница; порох
хъусхосбос *уст.* портупея
хъус-хъус *разг.* втихомолку, втихаря
~ кæнын (дзурын) нашёптывать; шептаться; секретничать
хъус-хъусæй по секрету; понаслышке; по слухам
Дис кодта – йе ‘мбæлттæ йæ разы афтæ ~ никуы дзырдтой. *Арсен. Фыдбылыз* Он удивлялся – его друзья в его присутствии никогда не секретничали

хъусцæг (*бир.* хъусцæджытæ) *кæс* **хъуссæг**

хъусцæг-дидинæг *бот.* рябчик

хъусын слушать(ся)

~ кæнын сообщать, извещать, давать знать, объявлять, докладывать, доводить до сведения

● æдылымæ чи хъуса, уый æдылы кæны кто дурака слушать сумеет, сам поглупеет

дурдзавдæй ~ слушать, застыв

зæрдæмæ ~ прислушиваться к чувствам

● иугæр хæсты бацыдтæ, уæд искæй зондмæ ма хъус начал сражение, действуй своим умом

кæстæр хистæрмæ нал хъуыста младшие перестали уважать старших

мæ фыдгул ахæм ныхæстæм хъуса врагу пожелаю такое услышать

● минæвармæ алчидæр хъусы посредника (свата) все слушают

● сабыр ныхасмæ калм дæр хъусы к спокойному слову и змея прислушается

● сывæллон хистæртæй цы хъуса, уый дзуры ребёнок говорит то, что от старших слышит

таурæгъмæ ~ слушать сказку

химæ ~ уйти в себя, замкнуться в свою скорлупу

Дæуыт уæззау фæндæгтыл рацыд царды. Зын сахат йæхимæ хъусыныл никуы фæци. *Максим.* Дороги жизни Давида (*Дарчиева*) были трудными. В тяжёлую пору никогда не уходил в себя

● хъусы кæронæй ~ слушать невнимательно, краем уха

хъусынгæнæг (*бир.* хъусынгæнджытæ) 1. глашатай; 2. объявляющий, извещающий, сообщающий; информационный

хъусынгæн уведомление

хъусынгæнинаг (*бир.* хъусынгæнинæгтæ) извещение, повестка; декларация

иумæйаг ~ совместная декларация

хъуывгъан кумган, рукомойник

хъуыд 1. нехватка, недостача; 2. недостающий

хъуыдалы *бот.* двухрядный ячмень

Уыди йын хæдзæрттæ Уналы, / Йæ бинонтæн ардта къæбæр. / Уыгæрдæнæй хаста ~, / Йæ къонайæ норста цæхæр. *Дæуыт. Фыдæлты зæххы зарæг* Был у него дом в Унале, / Зарабатывал на хлеб своей семье. / С поля приносил ячмень, / Поддерживал огонь в очаге

хъуыдатт клохтанье

~ кæнын клохтать

● иу карк айк сыхæгтæм æфтыдта, ~ кæнынмæ та сæхимæ цыди курица неслась у соседей, а кудахтать домой шла

● йæ ~ мæн, йæ айк та кæйдæр тружусь я, а пожинают плоды другие; *букв.* кудахтанье – мне, а яйцо кому-то

● й’ айк – иу ран, йæ ~ – иннæ ран в одном месте квохчет, в другом яйца высиживать хочет

Сылгоймаг хин æмæ кæлæн у, йæ айк – иу ран, йæ ~ – иннæ ран. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* Женщины хитры и коварны. Там где квохчет, там яйца нести не хочет

● хи каркæн йæ ~ дæр æхсызгон у — своё всё радует; *букв.* своя курица кудахчет, и то приятно

хъуыдæг — память

хъуыддаг (*бир.* хъуыддæгтæ) — дело; занятие; событие

~ алыг кæнын — решить вопрос

~ аргъæвын — положить под сукно; откладывать решение дела, оставлять без внимания просьбу

~ ахъæр — дело получило огласку

Кæннод дæ хъуыддæгтæ куы ахъæр уой, уæд дын цас кад уыдзæн уый? *Умар. Цард тындзы сæ размæ* — А то, если твои делишки получат огласку, это тебе что честь сделает?

~ ацъæпп кæнын — состряпать дело

~ æнцонæй цæуы — *разг.* как по нотам; гладко, без затруднений и осложнений

~ æрдæгыл ныууадзын — оставить дело незавершённым; остановиться на полпути

Æз мæ ныфс нæ хастон, фæлæ Нателлæ, ~ æрдæгыл чи ныууадза, ахæм нæу. *Нафи. Сабибонты мысинæгтæй* — У меня-то не хватало смелости, но Нателла, она не из тех, кто на полпути останавливается

~ бакæнын — жениться

ног бинонты ~ бакæнын — жениться повторно; завести новую семью

~ базон, стæй тæрхон кæн — разберись сначала, потом судить будешь

● ~ йæхи амондзæни — дело покажет; там видно будет

~ кондыл банымайын — счесть дело сделанным

● ~ куы æрцæуа, уæд дзы уынаффæ нал хъæуы — после драки кулаками не машут; после чего-л. случившегося; когда уже ничем нельзя помочь, бессмысленно негодовать, принимать меры

● ~ куыройы цалхау рахизырдæм зилы — дело идёт как по маслу

~ ницæмæ æрдарын — не придать значения

~ рæстмæ нæу — дело неладно

● ~ сæнхъызт — дело пошло; дело выгорело

● ~ уый мидæг ис, æмæ — дело в том, что; в этом вся загвоздка

~ уымæ цæуы — к этому всё идёт; дело приближается, клонится к чему-л.

● ~ фæсыкк — *разг.* упустить возможность; потерпеть неудачу

~ халын — дезорганизовать, расстраивать *(дело)*

~ химæ исын — брать дело в свои руки; взять вину на себя

Сылгоймæгтимæ баныхас кæнын, уæхæдæг æй зонут, æнцон нæу. фæлæ уæ кæд фæнды, уæд æз ~ мæхимæ исын. *Максим. Балцы зарæг* — Вы сами знаете, договориться с женщинами нелегко. Но если вы хотите, я возьмусь за это дело

Уымæн уæлдæй нæу. Фыццаг хатт нæ цæудзæни ахæстонмæ. Хъуыддæгтæ кæд йæхимæ айсид. *Æхсарбег. Хæххон доны уынæр* — Ему всё равно. Ему в тюрьму идти не впервой. Может, возьмёт всё на себя

● ~ хурæй бæрæгдæр — дело яснее ясного

● ~ цæмæ цæуы, уый æмбарын — понимать, что к чему
● ~æн йæ зын йæ райдайæн — лиха беда начало
~æй хи иуварс ласын — увиливать от дела
~мæ кæсæг — рассматривающий дело
● ~тæ рæстмæ нæ цæуынц — дела не идут; идут под гору
● ~тæ рæстмæ цæуынц — дела идут на лад
● ~тæ фыддæрæй фыддæрмæ цæуынц — час от часу не легче, к старым прибавились новые затруднения

аиуварсгæнинаг хъуыддæгтæ — дела, терпящие отлагательство
арфæйы хъуыддæгтæ — благославенные дела
● алы хъуыддаджы дæр зæрдæйы хорзæх хъæуы — в любое дело нужно вкладывать душу
● æбæрæг ~мæ æнхъæлмæ гæсгæйæ адæймаг зæронд кæны — ожидание и неопределённость старят человека
æнæнхъæлæджы хъуыддæгтæ — непридведенные, незапланированные дела
æндиуд ~ — смелое предприятие
галиу ~ — неправедное дело; левое дело
галиу ~тыл фæцайдагъ уæвын — пристраститься к неправедным делам
● гуырысхойаг ~ – фæсмойнаг — в сомнительное предприятие ввяжешься – раскаешься

зæрдæриссæн хъуыддæгтæ — удручающие дела
иу ~æй дæр иппæрд нæ уæвын — не оставаться в стороне от дел
● кæйдæр ~мæ дзых дарын — *разг. неодобр.* вмешиваться не в своё дело
● лæг ~æй фидауы — мужчину поступки красят
лыггонд ~ — решённое дело
● ног ~! — *разг.* это что-то новое!
ныхасæй ~мæ рахизын — перейти от слов к делу
● уый йæхи ~ у — это его дело, это его касается
● уый мæ ~ нæу — то не моё дело
усымæ мæ ницы ~ — мне до этого нет никакого дела
фыццаградон хъуыддæгтæ — первоочередные дела
хорз ~æй дзы ницы рауайдзæн — ничего из этого хорошего не выйдет
хуымæтæг ~ — простое дело; ерунда
Хи рæзтыл кусын хуымæтæг ~ нæу — Работать над собой – не простое дело
хъуыддæгтæн кæрон скæнын — завершить дела, довести до конца начатое
хъуыддæгтæ куыд сты / цæуынц? — как обстоят дела?
хъуыддæгтæ нæ цæуынц — дела не идут
хъуыддæгтæ ныссуйтæ сты — в делах сплошная путаница
● хъуыддæгтæ хурмæ ракалын — выводить на чистую воду
● хъуыддæгты бын фæуын — погрязнуть в делах
Дæ сæрмæ нæ нал хæссыс æви хъуыддæгты бын фæдæ? *Мæрзойты С. Къæхтысæр* — Мы для тебя стали недостаточно хороши, или ты в весь в делах?
● хъуыддаджы бацыдтæ, уæд æй кæронмæ ахæццæ кæн — взялся за дело, так доведи до конца
хъуыддаджы лæг — человек дела

хъыджы ~ — траурное мероприятие
цины ~ — радостное событие
ацы хъуыддаджы фæдыл… — на этот счёт; по этому поводу; в этом отношении
дæ ~ раст — удачи тебе
● дыууæ цы ~ зоной, уый адæм се ’ппæт дæр зондзысты — что двое знают, то весь мир знает
исты ~ыл хæст уæвын — заниматься чем-то
иу ~ ма… — и вот ещё что…
мæ ~ абырыд — *прост.* мне повезло
тынг æнцон ~ — *прост.* плёвое дело, не составляет никакого труда
уыдон иууылдæр уый хъуыддæгтæ сты — *неодобр.* всё это – дело его рук
уый бынтон æндæр ~ у — это совсем другое дело
уый стыр ахсджиаг ~ у — это важное событие
чи цы у, уый йæ хъуыддæгтæй бæрæг вæййы, уый мæ ~ нæу — человека по его делам видно, это не моё дело
цы ~ мæ ис? — какое мне дело?
чи никуымæ æрцыди ахæм ~ нæу — обычное дело; ничего сверхъестественного

хъуыддагарæзт — сделка
хъуыддагдар — делопроизводитель
хъуыддагджын — деловой
~ лæг — деловой человек; делец
хъуыддагзынд — осведомлённость
хъуыддагзонæг — осведомлённый; компетентный
хъуыддагкæнынад — делопроизводство
хъуыддагхалæг (*бир.* хъуыддагхалджытæ) — дезорганизатор
хъуыддагхалынад — дезорганизация; вредительство
хъуыддагхуыз — деловой; деловитый
~ лæг — деловой человек
хъуыддагхуызæй — деловито; с деловым видом
хи ~ ævдисын — показывать себя деловитым
– Кæдæм цæуыс ахæм ~? – Цæуын Гуынты ‘лдармæ. Хæрд æмæ ностæй дам ыл чи фæтых вæййы, уый хорз суазæг кæны. *НК.2* — – Куда ты идёшь с таким деловым видом? – Иду к гунскому алдару. Говорят, кто его перепьёт и больше него съест, того он на славу принимает

хъуыды — мысль; память
~ сæрæй нал цух кæны — мысль не выходит из головы
~ сцæвын — додуматься, припомнить
~йæ тыхджын — мыслящий, аналитичный
~йы — в уме
~йы дарын — иметь в виду
рæсугъд фæндтæ ~йы дарын — иметь благородные намерения
~йы кæрон дæр нæй — даже в мыслях нет

~йы ныхмæ ærлæуын — воспротивиться мысли
~йы адзæгъæл уæвын — задуматься
~мæ гæсгæ, — по мнению,
Мæ ~мæ гæсгæ, Цагат Кавказы цы журналтæ цæуынц, уыдонæй зæрдæмæдзæугæдæр у «Ираф». *Baco. P. 27.12.2017* — По моему мнению, из всех журналов, выходящих на Северном Кавказе, самым интересным является «Ираф»
~тæ ælвисын — размышлять
~тæ ærдæгыл аскъуынын — прервать ход мыслей
~тæ раргом кæнын — раскрыть свои мысли
~тæ сæмтъеры сты — мысли спутались
~тæ сæры ныффист сты — мысли перепутались в голове
~ты аныгъуылын — погрузиться в мысли, в воспоминания
~ты афардæг уæвын — погрузиться в раздумья
~ты ælхынц — клубок мыслей
~ты бæрзонд нысан — высокое значение помыслов
~ты рæстдзинадыл æппындæр нæ дызæрдыг кæнын — нисколько не сомневаться в правильности мыслей
~ты сыгъдæгдзинад — чистота помыслов
~ты фæуын — носиться с мыслью, раздумывать
~ты хал — нить мысли
~ты хал ærбаскъуыди — прервался ход мыслей
● арф ~йы хицау — мудрый, глубокомысленный человек
Кæй зæгъын æй хъæуы, йæ дзурын æнцон у, фæлæ йæ мидæг та ис арф ~ — Следует отметить, что говорить это легко, но в этом заложен глубокий смысл
ævронг ~ — здравый смысл
ænæзонд ~ — абсурд
бæзгæ ~ — дельная мысль
дзæгъæл ~ — шальная мысль
историон ~йы мысинагæн ныууадзын — сохранить в исторической памяти
йæ сæры ændæр ~тæ и — его мысли заняты другими вещами
кæрæдзи ~тимæ сразы уæвын — согласиться с мыслями друг друга
● мæ ~йы кæроны дæр нæй (мæ ~йы дæр нæй) — я далёк от мысли, что…; у меня и в мыслях нет
мæнг ~ — заблуждение
сæйраг ~ — главная мысль
уацмысы сæйраг ~ — основная мысль произведения
Арвыл сау мигътæ уылæнтæ куыд фæкæнынц къæвда рæстæджы, афтæ Лексойы сæры дæр сау ~тæ уылæнтæ кæнынц. *Арсен. Декрет* — Как тёмные тучи носятся по небу во время бури, так и в голове Лексо мечутся тёмные мысли
сæр алы ~тæй байдзаг — каких только мыслей не пришло в голову
сусæг ~тæ — сокровенные мысли
хи ~йыл ацæуын — настоять на своём
Лæппу уæддæр йæхи ~йыл ацæудзæн, никæмæ байхъусдзæн. — Мальчик всё равно настоит на своём, никого не послушается
хи ~тæ раст æмæ æххæстæй дзурын — откровенно и полностью высказываться

хъуыды кæнын мыслить, думать, соображать; размышлять; помнить

~ кæн думай, размышляй

~тæ æмæ тæрхæттæ кæнын думать и гадать

бæлвырд нал ~ кæнын смутно помнить

зæрдæйы ~тæ кæнын строить догадки; предполагать

дзыхæй нæ дзурын, фæлæ зæрдæйы ~ кæнын не произносить ни слова, но в душе строить догадки

Мæхинымæры загътон: цыма йæ ~ дæр нæ кæнын, афтæ дардзынæн мæхи. *Ашæх. Хæхты* Про себя я решил: буду вести себя так, как будто я её не замечаю

сгуыхтдзинæдтæ ~ кæнын помнить о заслугах, свершениях

сомбоныл ~ кæнын заботиться о будущем

фæстаг боныл ~ кæнын заботиться о последнем дне

хъуыдыгæнаг догадливый; памятливый; сообразительный

дæрдтыл ~ лæг дальновидный, предусмотрительный человек

● мæгуыр ~ у голь на выдумки хитра

хъуыдыгæнæг (*бир.* хъуыдыгæнджытæ) думающий; мыслящий; мыслитель; замечающий

~ æй нæ уыди никто его не замечал

æндæр хуызы ~ инакомыслящий

мæн ~ нæй до меня никому нет дела

хъуыдыгæнæн мыслительный

хъуыдыгонд осмысленный; продуманный

алцы дæр мын ~ у у меня заранее всё продумано

рагацау ~ заранее продуманный

Йæ алы къахдзæф дæр ын ~ у у него каждый шаг продуман

хъуыдыды молочно-восковая спелость

~ нартхор молочно-восковой спелости кукуруза

● ~ фесты хортæ: уыйбæрц тас сын нал у хурæй кукуруза уже молочно-восковой спелости, жара её уже не повредит

хъуыдыджын продуманный; вдумчивый

~ æмдзæвгæ стихотворение с глубоким смыслом

~ ныхас кæнын говорить взвешенно

уæ дзырдты ис ~ апп в ваших словах есть рациональное зерно

хъуыдыдзаст задумчивый

~ цæстæнгас задумчивый взгляд

хъуыдыдзастæй задумчиво

~ кæсын задумчиво смотреть

хъуыдыйаг то, что следует учитывать, принимать во внимание

сомбон ~ у о будущем надо заботиться

хъуыдыйад (*бир.* хъуыдыйæдтæ) мысль; *грам.* предложение

~ы уæнгтæ *грам.* члены предложения

~ы сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæ — *грам.* главные и второстепенные члены предложения

æххæст æмæ æнæххæст хъуыдыйæдтæ — *грам.* полные и неполные предложения

ænæбæттæг вазыгджын ~ — *грам.* бессоюзное сложное предложение

æппæрццæг хъуыдыйæдтæ — *грам.* отрицательные предложения

вазыгджын ~ — *грам.* сложное предложение

бабæтгæвазыгджын ~ — *грам.* сложносочиненное предложение

æмсæр хуымæтæг хъуыдыйæдтæ — *грам.* равноправные простые предложения

домгæвазыгджын ~ — *грам.* сложноподчиненное предложение

таурагъон ~ — *грам.* повествовательное предложение

уæлæмхæст ~ — *грам.* придаточное предложение

æфсоны уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ — *грам.* придаточное предложение причины

фарстон ~ — *грам.* вопросительное предложение

хуымæтæг ~ — *грам.* простое предложение

хуымæтæг дывæрсыг ~ — *грам.* простое двучленное предложение

хъæрон ~ — *грам.* восклицательное предложение

хъуыдыкæнынад — мышление

дардыл ~ — дальновидность; предусмотрительность

сфæлдыстадон ~ — творческое мышление

хъуыдым, хуыдым — затон; запруда; водоворот, омут; пучина

Цард – нæ намыс фæлварæн – / Йæ тынтæ, йæ ~ / Уымæй бирæтыл сбады / Фыдзæрдæйы гакк. *Брытъиаты А. Лæгвæд* — Жизнь – испытание нас славой – / Её лучами, её водоворотами / На многих ложится / Враждебности клеймо

хъуыдытæгæнаг — задумчивый

хъуыдыхъом — мыслящий

хъуызаг — имеющий обыкновение подкрадываться; крадущийся

● ~ куыдзæй дæхи хъахъхъæн; æргомрæйд чи кæны, уый дын ницы кæндзæн — бойся собаки, которая подкрадывается, та, что в лицо лает, ничем не навредит

Ай та æмгары хæдзармæ ~ уыди / Алы æнафоны. / Гъе ‘ма фæрæдыди. *Къоста. Уæлмæрдты* — А этот к дому друга подкрадывался / Во всякий неурочный час. / Вот и ошибся

хъуызæг (*бир.* хъуызджытæ) — подкрадывающийся

хъуызæгау — крадучись

хъуызгæ-хъуызгæ — подкрадываясь; тайком

бæласæй бæласмæ, къудзийæ къудзимæ ~ — красться от дерева к дереву, от кустика к кустику

хъуызын — подкрадываться

хъæддаг гæдыйау ~ — незаметно подкрасться, как дикая кошка

Арс фæззæг йæ къæсмæ бацыди, уалдзæг та хъуызгæ рацыди. — Осенью медведь в берлогу забрался, а весной, крадучись, выбрался

Фæвæййы сæрд, хъуызгæ фæцæуы, / Уæддæр ма ивазы йæ хал. *Мамыкъаты Хъ.* — Заканчивается лето, уходит, крадучись, / А всё равно ещё тянется его след

хъуылæг — маслобойня, маслобойка

хъуым — омут, водоворот

денджызы ~ — морская пучина

хъуымац (*бир.* хъуымæцтæ) — ткань, материя, материал

~æй дзабыртæ — тряпичные чувяки

~ы гæбæзтæ — лоскутки ткани

● ацы ~ куыдзы сræйдмæ дæр нæ фæлæудзæн — ткань эта очень прохудилась; *букв.* эта ткань уже от собачьего лая порвётся

дæргъытæ ~ — ткань в полоску

зæлдаг ~ — шёлковая ткань

иваг ~ — линяющая материя

тæбын ~ — шерстяная материя

хæрдгæхуыд ~ — парча

хиуафт ~ — домотканое полотно

цæстытæ ~ — ткань в горошек

чырынтæ ~ — материя в клетку

хъуымацуафæг (*бир.* хъуымацуафджытæ) — ткач

хъуымацуафæн — текстильный, ткацкий

~ фабрикæ — текстильная фабрика

хъуымбыл — *бот.* клубень; кисть; метёлка

Агуындæ-рæсугъдæн йæ цыллæ ~ дзыкку хæццæ кодта раст йæ фадхъултæм. — У красавицы Агунды её длинные шелковистые густые волосы доставали до щиколоток

Йæ цыллæ ~ дзыккутæ гом рудзынгæй æддæмæ радардта, сæудымгæмæ мын асур уой зæгъгæ. *НК.2* — Она выглянула в окно, мол, просушу на утреннем ветерке свои шёлковистые волосы

хъуымбылæг (*бир.* хъуымбылджытæ) — шарообразный, круглый

Сосланы карды фистоныл ис алæмæты ~, уый йын тар æхсæвты рухс кæны йæ фæндаг. *НК. II* — У Сослана на черенке есть чудесный шарик, который освещает ему путь тёмными ночами

хъуымбылдзыкку — с густыми волосами; с буклями,

● ~ цæгæрсæры рис не ‘мбары — кудрявый лысого не разумеет

хъуымиаг (*бир.* хъуымиæгтæ) — раб; крепостной; наложница

хъуымыз, **хъымыз** — кумыс; молозиво

● йæ ~ донгæмттæй кæлы — *перен.* молоко на губах не обсохло

● нырма йæ ~ йæ былтыл ис — молоко на губах не обсохло

– Мæнæ дæ ~ дæ комыкъултыл куы бахус уа, уæд. – ~ загътай? Уый карæнæй? *Максим. Райсомы мигъ* — – Вот когда у тебя молоко на губах обсохнет, тогда. – Молоко говоришь? Это в его-то возрасте?

хъуымызбыл — молокосос; желторотый

~ ма уыдтæн, афтæмæй мæхи фидар къухтæм райстон. *Къодоты О. Дуджы фæлгæт* — Я был ещё совсем юным, когда взял сам себя в руки

нырма ~ у, уæддæр зæндтæ амоны — молокосос ещё, а туда же – поучать

хъуымызудæст — молокосос, рохля

● ~ у нырма — он ещё совсем желторотик

хъуымыхъхъ — кумыки

хъуымыхъхъаг — 1. кумык; 2. кумыкский

хъуын волос; шерсть одной овцы

● ~ арц абадти волосы дыбом встали

● ~ сыл нæ хæцы они живут в нужде

~ты бындзыг пучок волос

● арсы ~ы мæлдзыг капля в море; иголка в стоге сена; *букв.* в шерсти медведя муравей

● æд ~ – æд хъис целиком и полностью, от начала до конца, со всеми потрохами

● бинонтыл ~ фæхæцыд семья стала лучше жить

● бынтæ кæмæн нæ баззайы, ууыл ~ нæ хæцы кто наследство не получил, тот не разбогатеет

● искæй ~ цæгъдын *разг.* дать хорошую взбучку

● искæуыл ~ æрхæцын нæ бауадзын не дать кому-л. поправить материальное положение

Æхцатæ… Цас фæнды сæ куы ‘мбырд кæнон, уæддæр мыл ~, æрду не ‘рхæцдзæни. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* Деньги… сколько бы я их не собирал, всё равно богатство ко мне не пристанет

● куыдзы ~æй нымæт ничи кæны из собачьей шерсти бурку не валяют

● куыдзы хæстæн куыдзы ~ йæ хос клин клином вышибают; следует противодействовать тем же средством

● къахы ныхæй сæры ~мæ от кончиков ногтей до кончиков волос

Йæ къахы ныхтæй йæ сæры ~мæ аныгъуылди Челе куысты, йæ сæр никуы систа æмæ никуы акасти фæйнæрдæм царды рухсмæ. *Æрнигон. Челе* Весь целиком окунулся Челе в работу, некогда ему было ни голову поднять, ни по сторонам оглядеться, увидеть солнечный свет

● лæппын ~ акалын повзрослеть; опериться

сæры ~тæ волосы на голове

● сæры ~ тонын рвать на себе волосы

● уымæн дæр йæ нымæт ~тæй конд у он тоже не лыком шит; *букв.* у него бурка тоже из шерсти

теуайы ~ верблюжья шерсть

Ахæм даст уын ныккæндзынæн, цæрæнбонты уыл ~ куыннæуал æрзайа. *НК.* Я так вас выбрею, что в жизни больше ни волоска не вырастет

хъуына *бот.* плесень; мох

● ~ кæуыл сбадт заплесневелый, замшелый; приевшийся, избитый анекдот

~ сæвæрын заплесневеть

~ схæцыд оброс мохом

~йæ фæлæууæн нæй от запаха плесени там невозможно находиться

~йы тæф кæнын пахнуть плесенью

● бадгæ дон ~ кæны в стоячей воде плесень заводится

● тулгæ дурыл ~ нæ хæцы катящийся камень мохом не обрастает; кому на месте не сидится, тот добра не наживёт

● фæндæгтыл цъæх ~ не ‘рхæцыд дорожки не заросли; *букв.* дороги плесенью не покрылись

Æмæ йæ цард авд хатты кæд фæзындæр, уæддæр йæ сусæг фæндæгтыл цъæх ~ не ‘рхæцыд. *Азæмæт. Ход* — И хотя жизнь его стала ещё в семь раз труднее, тайные его тропы не заросли травой

цъымара доны цъæх ~тæ — зеленая плесень на заболоченной воде

хъуынаджын — с плесенью; с мхом

хъуынадзин *д.* — тёлка двух лет

хъуынарцæй — сердитый

хъуынахæрд — заплесневелый

хъуынджын — 1. *охот.* медведь; 2. волосатый; мохнатый; косматый

~ æрфгуытæ — густые мохнатые брови

хи ~ кæнын — насупиться; разозлиться; ощетиниться

хицæй ~ арс ма сараз — не строй из себя косматого медведя

хъуынджынæрфыг — насупленный, хмурый

хъуынджынæрфыгæй — неприязненно; мрачно; неодобрительно

кæрæдзимæ ~ кæсын — относиться друг к другу неприязненно

хъуынджынзæрдæ — вредный

хъуынтъыз — взъерошенный; нахмуренный; сморщенный, хмурый

~ арв æмæ ~ бон — хмурое небо и мрачный день

~ ахаст — мрачное отношение

~ кæнын — хмуриться; морщиться

хъуынтъызæрфыгæй, хъуынтъыздзастæй — хмуро; насупленно

● ~ кæсын искæмæ — *разг.* хмуро, неприязненно поглядывать на кого-л.

хъуынтъызхуызæй — хмуро, сурово

хъуынхъис — волосок, щетинка

кæрæдзийы ~ хæрын — драть волосы друг на друге, враждовать

● сæныччы хъусыл кæрæдзи ~ нытто-нын — передрались из-за пустяка так, что пух и перья летели; *букв.* из-за уха козлёнка друг другу волосы повыдергали

хъуыр — горло, горлышко

~ ивазын — вытягивать шею

● ~ы цъар ивазын — умолять, упрашивать

● ~æй къæбæр фелвасын — отнимать последнее; вырвать кусок из горла

● ~æй фæстæмæ сласын — из горла вытащить

● ~мæ уæвын — надоело, сыт по горло

~мæ фæлæбурын — вцепиться в горло

● ~мæ хæстæйдзаг — по уши в долгах, по самое горло

~тæ ахгæнынц — горло перехватывает

~тæ æнхъæвзын — полоскать горло

~ты дохтыр — лор-врач

~ты рыст — боли в горле

~ы ауадзын — проглотить; съесть с потрохами

Искæмæй чысыл сæрæндæр у, æндæр дæ фырхæлæгæй сæ ~ы ауадздзысты. *Максим. Æхсызгон улæфт*
Стоит быть немного проворнее остальных, и тебя проглотят с потрохами от зависти

~ы кæнын
обнимать, заключать в объятия

● ~ы нæ цæуы
прост. не лезет в горло (рот); совершенно нет желания съесть что-л.

● ~ы фæбадын
стать проблемой; застрять в горле; поперхнуться, стать поперёк горла

● æвзаг йæ ~ы фæбадт
язык проглотил

Винера ницы дзуры. æмæ йыл цы æрбамбæлд, йе ‘взаг йæ ~ы фæбадт? *Гæстæн. Мæйы фæстаг бонтæ*
Винера не говорит ни слова. Что с ней такое случилось, что язык проглотила?

сæ фæндтæ сæ ~ы фæбадтысты
их замыслы обернулись для них неудачей

● искæй ~мæ скæнын
переполнить чашу терпения; допечь кого-л.

● искæй ~ы къæрмæг атъысын
закрыть рот кляпом; заткнуть кого-л.

Иу бон дæр мын мæ ~ы къæрмæг атъыстой, ныр дæр куы нæ дзурин, уый йæ фæнды. *Дæбе. Уæззау операци*
На днях тоже они заткнули мне рот и сейчас хотят, чтобы я помалкивал

● иууылдæр дзы сæ ~мæ сты
всех он достал; он всем надоел

● кæуындзæг ~ы абады
слёзы комом к горлу подступают

● куыстæй ~мæ уæвын
хлопот полон рот, работы по горло

● маст сæ ~тæм ссыд
ярость переполнила их

● мæ ~ы йæ ‘гънæгæн дарын
ношусь с ним как курица с яйцом

авджы ~
горлышко бутылки

● мæгуыræн йæ фæстаг капекк йæ ~æй раласын
у бедняка последний грош отнять

● мæрддзæст лæджы лæвæрд ~ы сæдзы
что жадный даёт, в горле комом встаёт

сармадзаны ~
жерло пушки

● уд ~мæ схæццæ
на пределе сил

Уынгæг ~æй райдай / Ды дзурын мæ маст, / Мæ кæддæры катай, / Мæ кæддæры уарзт... *Цæрукъаты А. Гитарæ*
Сдавленным голосом начни / Говорить о моей обиде, / О моей стародавней тревоге, / О давнишней любви

фыртыхстæй йæ ~мæ
по горло в бесконечных волнениях

Хъуыран
рел. Коран

● мæ ~ афтæ нæ амоны
это не в моих правилах; меня так не учили

Хъуыраныстæн
Клянусь Кораном!

хъуырасаст
хриплый

~ фæуын
охрипнуть

хъуырау
кувшин

● ~ы цы ис, уый уидыг зоны
ложка знает, что у кувшина внутри

● дурын ~æн афтæ загъта: «Дæ бын дæр дын зонын æмæ дæ сæр дæр»
кувшину горшок говорит: Я про тебя всё знаю

Чызг йæ стыр ~ зæххыл æрæвæрдта
Девушка опустила свой большой кувшин на землю

хъуырæгънæг (*бир.* хъуырæгънæджытæ)
брошка; пуговица

~ рафтауын
отстегнуть брошку; расстегнуть пуговицу

хъуырбæттæн, хъуырдарæн, хъуыртухæн шарф, кашне; галстук

хъуырдухæн мучение; стенания

~ кæнын мучиться; возиться

~ты аххосаг причина страданий

~ты бахауын попасть в переплёт

Хъуыдыты ~ сæ æвдæрзта æхсæв-бонмæ. *Цгъойты Х. Уарзты кæлæнтæ* Всю ночь они провели во власти мучительных раздумий

хи ~æй марын мучиться, истязать себя

Уый не 'фтыд мæ къухы: / Цæуæн æм нæ уыд. / Цыдæр ног ~ / Мæ риуы фæзынд... *Цæрукъаты А. Гитарæ* Никак не мог её заполучить: / Не мог к ней дорогу найти. / Какое-то новое страдание / Поселилось в груди

хъуырджын горластый

хъуырдзæвæн, хъуырдзæуæн воронка

хъуырмæгæнæг надоедающий, надоедливый

хъуырмæгонд взволнованный

хъуырмæ кæнын донимать, надоедать; мучить

● ~ ма кæн: хуыздæр бонтæ дæр та дыл скæндзæн не горюй: будет и на твоей улице праздник

хъуырниз *мед.* скарлатина; ангина

хъуыртухæн кашне

хъуыртт глоток

~ кæнын глотать, проглатывать *(жидкость)*

~ы дæр никæцæй зынын быть совсем незаметным

уыциу ~ сласын хлебнуть одним глотком; заглотнуть

хъуыртт-хъуыртт бульканье, глотание

~ кæнын булькать; глотать

хъуыр-хъуыр ропот; ворчанье

~ кæнын роптать, ворчать; брюзжать

хинымæры ~ кæнын бурчать про себя

хъуырхъуыргæнæг (*бир.* хъуырхъуыргæнджытæ) ворчун, брюзга; сварливая женщина

хъуырцæг ошейник

хъуырыгънæг пуговица на горле; брошь; украшение

● искæй ~æн бахуыйын кого-то обхаживать, носиться с кем-л.

Æви афтæ æнхъæлыс, математикæ мæнæй хуыздæр зоныс æмæ дæ мæхицæн ~æн дардзынæн. *Малиты В. Сурмейы хæдзар* Или ты думаешь, раз ты математику лучше меня знаешь, я буду с тобой носиться как с писаной торбой?

хъуырысæртæ глотка

хъуырыцъар 1. кожа на горле; 2. умоляюще; плаксиво

● ~ ивазын умолять, упрашивать

~æй лæгъстæ слезные уговоры

● ~ыл ныххæцын умолять кого-л., приставать

Мад ~ыл ныххæцыд: æрмæст иу комдзаг скæн Мать заклинала:съешь хоть один кусок

● ~ыл хæцгæйæ дзурын — умолять кого-л.; канючить

хъуырычъи — *прост.* лишённый слуха

~ хъус — короткие, подрезанные уши *(напр. у собаки);* лопоухий

хъуыст — доведённый до сведения; услышанный

хъуыстгонд — известный, знаменитый, популярный; объявленный

~ абырæг — знаменитый абрек

Барджыты æхсæн хъæлсæр бæхыл æрцæйцыди ~ абырæг. *Ашæх. Нæ фæлтæры фæндæгтæ* — В окружении всадников верхом на горделивом коне приближался знаменитый абрек

~ ахуыргонд — знаменитый учёный

~ хъæбысæйхæцæг — знаменитый борец

æппæт дунейыл ~ — известный во всём мире

дардыл ~ — широкоизвестный

канд нæхимæ ~ нæу, фæлæ ма суанг фæсарæнты — знаменит не только у нас, но и заграницей

хъуысын — быть слышным, слышаться, доноситься

йæ кой, йæ хъæр никæцæйуал хъуысы — о нём ни слуху, ни духу

бузныджы ныхæстæ хъуысыдысты — слышались слова благодарности

дардмæ хъуысын — становиться широко известным

● лæджы ном дардмæ хъуысы — имя настоящего мужчины гремит

● хорзы кой дардмæ хъуысы — добрая слава далеко разносится

● хæсты мард лæгæн йæ зарæг дардыл хъуысы — песнь о погибшем в войне далеко разносится

дзæбæх хабæрттæ хъуысынц — доходят хорошие вести

зарджытæ хъуысынц — слышны песни

Сабитæ тагъд рæзынц, / Ратдзысты ног хъару цардæн, / Ногæй хуымгæндтытæй / Хъуысдзæн сæ цинæйдзаг зард. *Брытъиаты А. Фарн усе фидыды, адæм!* — Быстро дети растут, / Новую силу жизни дадут, / И вновь с полей зазвучит / Их радостное пение

Нæ кувын нал хъуысы Хуыцаумæ — не доходят до Бога наши молитвы

ногæй цы хъуысы? — что нового слышно? как дела?

сыбыртт дæр нæ хъуысы — не слышно ни шороха

хæдзары хъуысы цины хъæлæба — в доме раздаётся радостный гвалт

хъуытаз — колокольчик

~ хъæлæсæй зарын — петь звонко, заливисто

● дзæнгæрæгæн ~ – йæ хъырнæг — большому колоколу маленький колокольчик подпевает

Цæразонтæ-иу балцы куы цыдысты, уæд сæ тырысайыл ~ уыди: никæмæй тарстысты. *Гуытъиаты Хъ.* — Когда Царазонта шли в поход, на знамя прикрепляли колокольчик – никого не боялись

хъуытазмыр — звонкий; заливистый

~ фæндыры уæздан зæлтæ — звонкие благородные звуки фандыра

хъуытазхъæлæс — звонкоголосый

хъуытазхъуыр — голосистый

хъуытыргъан брезгливый; разборчивый; воздержанный

хъуыхæхъуых кæнын хрюкать

хъыбыл поросёнок; молодое животное

~ аргæвдын заколоть поросенка

~тæ тæгæнайы сæ бырынчъытæ тъыссынц поросята тычут в корыто носы

~тæй иу дзæргъы дзидзи дадта, иннæ хъыбыл та уый къуди æмæ афтæ дыуадæсæй кæрæдзийы фæстæ ныххал ысты. *НК.4* Один поросёнок сосал свиноматку, другой его шею, так все двенадцать цепочку образовали

~ты хъыллист поросячий визг

Диакъон … цæстыфæныкъуылдмæ рацахста ~ы. Хæдзар байдзаг ис ~ы хъыллистæй. *Арсен. Гигойы куадзæн* В мгновение ока схватил дьякон поросёнка. Дом наполнился поросячьим визгом

арсы ~ медвежонок

Акæсма уымæ, куыдзы ~! Смотри на него, ублюдок!

хуыйы ~! Поросёнок! Неряха!

Цъиуты схæсдзынæн, ауæй сæ кæндзынæн æмæ хуыйы ~ балхæндзынæн, сыл ~; уый мын ~тæ нызза йдзæн. Цыплят выращу, продам их и куплю поросят; свинью, свинья мне даст приплод

йанассынæйы ~ чёртово отродье

● хуры хъарммæ ~тæ дæр кафгæ фæкæнынц на солнце разморившись, и поросята плящут

● чидæр, дам, ~ы мард нæ фæрæзта æмæ дзæргъы мард сæккой кодта не уметь соотносить свои силы

хъыбыллæ компас

Адæймаг йæ цардæн йæ ~ йæхæдæг у. *Гæстæн. Мæйы фæстаг бонтæ* Человек – сам компас собственой жизни

хъыг скорбь, печаль, горе; неприятность; скука

~ кæнын скорбеть, печалиться; горевать; скучать; тяготиться

~ фæкæсын огорчить(ся); обидеть(ся)

~ыл дзырд нын ма фæуæд! пусть наши слова не покажутся обидными

ацыдыл ~ кæнын скорбеть по поводу кончины

ænæкæрон ~ беспредельное горе

зæрдиагæй ~ кæнын искренне скорбеть

зæрдæ йæ ~æй тьæппытæ хауди от горя сердце разрывалось

Зæрдæ, ферох кæн дæ ~, / Зонд мæ не скæндзæн хъæздыг, / Цардæн ницы хос у катай… / …Нæй, нæ рох кæны мæ ~, / Мемæ балымæн ис катай. *Шамил. Хæтæнхуаг* Сердце, позабудь свою печаль, / Не прибавит богатства мне ум, / И тревоги ничем не помогут … / Нет, не уходит печаль никуда, / И со мной моя боль навсегда

● искæй ~ фæсæфцæг чужую беду руками разведу

● искæй ~ыл ~ кæнын сочувствовать горю, сопереживать кому-л.

● искæй хъыджы цæуын обидеть кого-л.

● лæг царв æмæ мыдæй дæр ~ кæны *букв.* даже самые приятные вещи могут наскучить человеку

мæ ныхас дын ~ ма уæд — не в обиду будь сказано

Мæ Иры фæсивæд! / Дæ цинæй, дæ ~æй / Фæластон мæ сау зæрдæ дард. *Къоста. Æнæ хай* — Молодёжь Осетии моей! / От радостей твоих и от твоих печалей / Унёс далеко я сердце омрачённое своё

● тызмæг лæгмæ раст ныхас дæр ~ кæсы — человек, что сердится, и на правильные слова обидится

йæ хъыджы йæ фарсмæ балæууын — в трудный момент поддержать

Нæй нæ хъыджы / Йæ тæнджытæ агурæн донæн. *Брытъиаты А. Лæгвæд* — В момент беды / Не ищут броду

хъыджы бацæуын — ущемить, уязвить, навредить

никуы никæй хъыджы бацæуын — никогда никого не обидеть

Уе ‘хсæн схъомыл дæн, никуы никæй хъыджы бацыдтæн мæхи хуызæн мæгуыр адæмæй. *Хацырты С. Хæхты фæдисон* — Я вырос среди вас, никогда и ничем не обидел никого из таких же бедняков как я сам

● цæрæнбонты бындзы хъыджы дæр никуы бацæуын — в жизни даже мухи не обидеть

хъыджы бон — день скорби

хъыджы фынгтæ — поминальные столы

● цæстытæн ~ кæнын — не желать увидеть

хъыгаг — 1. скорбь; неприятность; 2. прискорбный; неприятный

~ цау — прискорбный случай

стыр ~ кæд у, уæддæр — как ни прискорбно, но

стыр ~ хабар хъусын кæнын — сообщить прискорбное известие

хъыгагæн — к сожалению

~, ærдзы лæвæрттæн аккаг аргъ нæ кæнæм. *Р.22. 08.2018* — К сожалению, мы не ценим дары природы должным образом

~, махæй бирæтæ æппæлæн арфæтыл сахуыр вæййынц. *МД. 9.1987* — К сожалению, многие из нас привыкают к комплиментам, к лести

хъыгад *кæс* **хъыг**

хъыггаг — прискорбно, неприятно

кæд ~ у, уæддæр… — как ни прискорбно, но…

Хорз адæймаг æмæ хорз кусæг арæх, ~ кæд у, уæддæр иу нæ вæййынц. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Как это ни прискорбно признавать, но зачастую хороший человек и хороший работник это не одно и то же

хъыггæнæг (*бир.* хъыггæнджытæ) — скорбящий, горюющий, соболезнующий

~ адæм — скорбящие, соболезнующие

«~ зæд» кæй схуыдта Къоста, уыцы нывы æвдыст æрцыд Анна Поповайы сурæт. — На картине, которую Коста назвал «Скорбящий ангел», изображена Анна Попова

хъыггæнæн — скорбный; горестный

Сентябры фыццаг бонтæ ирон адæмæн систы ~ бонтæ. *Р.15. 08.2018* — Первые дни сентября стали для народа Осетии днями скорби

хъыгдарæг (*бир.* хъыгдарджытæ) — тот, кто причиняет неприятность, беспокойство; тот, кто мешает

Куы базоной се ‘фхæрæджы, уæд ахæм адæмы мыггаг ысты, æмæ сæ хъыгдарæджы мæрдтæй дæр ысласдзысты. *НК.1*

Если они узнают, кто нанёс им обиду, то такие они люди, что и на том свете до своего обидчика доберутся

Сывæллон уæм нæй, ~ уæ нæй

Детей у вас нет, никто вам не мешает

● хъыгдарджытæ – хæрх, æххусгæнджытæ – цъус

мешающих – туча, помощников – малая куча

хъыгдард

обеспокоенный; притеснённый; больной

~ баййафын

пострадать; потерпеть ущерб; получить травму

адæм æнаххосæй ~ баййæфтой

люди безвинно пострадали

дæ æнæниздзинад ~ уыдис

у тебя были проблемы со здоровьем

йæ зæрдæ ~ у

у него больное сердце

хъыгдардбаййафаг (*бир.* хъыгдардбайййафджытæ)

пострадавший; потерпевший

~ адæм райсдзысты хъæугæ æххуыс

потерпевшие получат необходимую помощь

хъыгдарын

мешать; беспокоить, тревожить

~ы хос

помеха, преграда, препятствие

æнæ хъыгдаргæ

не беспокоя

искæй ~

мешать кому-л., портить всё дело

никæй ~, мачи мæ хъыгдарæд

я никому не мешаю, пусть и мне никто не мешает

хи пайдайæн иннæты ~

думать только о своих интересах в ущерб другим

хъыгдзинад (*бир.* хъыгдзинæдтæ)

горесть, скорбь

~ бирæ нæ ахаста

печаль была кратковременной

Цыфæнды зын куысты уыдаид Гиго, кæнæ цыфæнды ~ æрбадтаид йæ зæрдæйыл, уæддæр-иу хъыбыл йæ зæрдыл куы æрбалæууыд, уæд та-иу йæ маст айрох ис. *Арсен. Гигойы куадзæн*

Какую бы тяжёлую работу не делал Гиго, какое бы отчаяние не охватывало его сердце, стоило только Гиго вспомнить про поросёнка, как злость куда-то улетучивалась

хъыгзæрдæ

1. печаль, грусть; 2. печальный, грустный

~ уæвын

быть печальным; быть в трауре

хъыгзæрдæйæ

печально; с прискорбием

~ мысын

вспоминать с тяжёлым сердцем

~ тæфæрфæс ракæнын

выразить искреннее соболезнование

хъыгхуызæй

грустно

хъыдзы

щекотка

~ кæнын

щекотать

зæрдæ ~ кæны

на сердце радость

искæй хиуарзондзинад ~ кæнын

щекотать чьё-л. самолюбие

искæмæ æхцон ~ акæнын

польстить кому-л., потешить самолюбие

фындзы хуынчъытæ ~-~ кæнын

щекотать ноздри

~йæ тæрсын

бояться щекотки

хъызт (*бир.* хъызтытæ)

1. мороз; холод, стужа; 2. морозный; студёный

~ бон — морозный день; день испытаний
нырма йыл иу ~ бон нæмæ скодта — он ещё не испытал трудностей
~ зымæг — студёная зима
● ~ зымæг кæндзæн: дудахъхъытæ тæхынц — зима будет суровой: дрофы улетают
цъычъытæгæнгæ ~ — трескучий мороз

хъызын I — *разг.* сглазить; повредить успеху
хъызын II — наступать *(о ненастье, морозах)*
хъыллипп (*бир.* хъыллиппытæ) — прыжок на месте; лягание, брыкание
~ кæнын — прыгать на месте; лягаться, брыкаться; произносить нечленораздельные звуки

хъыллист (*бир.* хъыллистытæ) — писк, визг *(животных)*; *муз.* дискант, высокий детский голос
~ кæнын — пищать, визжать *(о животных)*
Хъыбыл, ~гæнгæйæ, голладжы куы стæлфыди, уæд сауджын сыстади æмæ загъта: – Бузныг, не ‘фсин дæр уæ тынг бузныг фæуыдзæн! *Арсен. Гигойы куадзæн* — Когда поросёнок завизжал из мешка, священник поднялся с места и сказал: – Благодарю, и хозяйка наша тоже будет вам весьма признательна!

хъыллистгæнæг — писклявый
~ хъæлæс — писклявый, пронзительный голос

хъылма — отрава, яд; название ядовитого растения; наркотики
~ смагæй дæрдты лидзын — убегать от отвратительного запаха
буары ~ бауадзын — принять наркотик
зианхæссæг ~ — вредоносное средство
йæ дзыхæй цынæ ~ скалдзæн — какую только мерзость не скажет

хъылмайæдзаг — ядовитый
хъылындзы — возбуждение
~ кæнын — возбуждаться
хъым-хъым — гнусавое произношение
хъымхъымæг, хъымхъымгæнаг — гнусавый человек
хъым-хъым кæнын — гундосить, гнусавить
хъындыр — кандык, луковица
зæронд ~ — *разг.* старая кочерыжка, гнилой корень
хъындырдзæхдон (*бир.* хъындырдзæхдæттæ) — кислое молоко с черемшой или с чесноком

хъынцъым — горе, печаль; беспокойство
~ кæнын — горевать, печалиться; беспокоиться
ма ~ кæнут — не беспокойтесь
зæрдæ ~æй марди — сердце надрывалось от беспокойства
хи ~æй марын — печалиться, убиваться; скорбеть

хъынцымаг — прискорбный
Цæуыл ~ кæнут? — О чём вы сокрушаетесь?
хъынцъымгæнæг (*бир.* хъынцъымгæнджытæ) — тот, кто печалится, горюет; скорбящий

хъынцъымгæнгæйæ с прискорбием
хъыпп звук; тук; щёлк
æнæ ~æй – æнæ сыппæй *прост.* без выражений, без лишних слов
хъыпп-сыпп еле слышный звук, шорох
● ~ не скæнын ни слова не сказать, не обмолвиться ни словом
йæ дзыхæй ~ дæр не схауди не издал ни звука
æнæ ~ – æнæ сымæй втихомолку
● дæр æй нæ уадзы он не даёт ему пикнуть
● ~ дæр нæ уæнды он пикнуть не смеет
хъыппи *зоол.* пескарь
хъыпы болезнь горла
хъыргъы *зоол.* название хищной птицы; *перен.* ведьма
● афтид армы ~ нæ бады пустыми руками ничего не добьёшься
Фыдæлты загъдау, афтид армы ~ дæр нæ бады, ницы самал кæнын нæ бон баци. *Умар. Адæймаджы амонд* Как говорили наши предки, пустыми руками и сокола не приручишь, ничего у нас не вышло
зæронд ~ старая ведьма; карга
хъыргъызаг 1. киргиз; 2. киргизский
хъыримаг кремнёвое ружьё
~ топп мидагъудмæ чи зыдта, фæринк кард та – мидкæрддзæммæ! *Куыцыччы зарæгæй* Он кремневое ружьё зачехлённым, а клинок в ножнах мог распознать!
● йæ ~ галау ныууасыд прогрохотало его ружьё
хъырмыз фуксин, красная анилиновая краска
хъырнæг (*бир.* хъырнджытæ) подпевающий
~ фæндыр струнно-смычковый двухдековый инструмент
● æвзæр зарæгæн хорз ~ хъæуы плохому певцу хороший подпевающий нужен
● зарæг ~æй фидауы песню украшает подпевающий
● ирон зарæг æнæ ~æй бæгънæг у осетинская песня без подпевающих не годится
хъырнын 1. подпевание; 2. подпевать; вторить; визжать *(о животных)*
● арвы нæрынмæ зæхх дæр хъырны когда небо громыхает, земля подпевает
хинымæр ~ напевать про себя
● хъæрæй зарæгæн сабырæй ~ хъæуы громкоголосому певцу подпевать нужно тихим голосом
фæндыры ~ сопровождение гармошки
хъырристгæнаг скрипучий, хрустящий
~ уæзласæн громыхающий грузовик
~ хæрæгуæрдон скрипучая повозка, запряжённая осликом
хъыррыст хруст; треск, скрип
~ кæнын хрустеть

дуары ~ фæцыди — раздался скрип двери

мит къæхтыбын ~ кæны — снег хрустит под ногами

Йæ цонг-иу куы сцæйиста, уæд-иу йæ нуæртты ~ ыссыди. *НК.1* — Стоило ему приподнять руку, как раздавался хруст его суставов

хъырттæг — очень старый *(человек)*

хъыртхъом кæнын — подкрепиться; становиться на ноги

Куывды чысыл ~ фестут, æмæ уæ хæцын нæ кæнын. *НК.1* — Вы на пиру плохо подкрепились, и я вас сражаться не заставляю

хъыртызмæлæг — живая душа

~ дзы нал ныууагътой — истребили всех под корень

хъысмæт — судьба

~ æвзарын — испытывать судьбу

● ~ æрдуйыл лæууы — судьба висит на волоске

~ лыггæнæн тæрхон — судьбоносное решение

~ нæ баиу кодта — судьба нас свела

~ сæ сæ кæрæдзийæн снысан кодта — судьба предназначила их друг другу

~ сбæттын — связать судьбу

● ~ фæкардих кæнын — повлиять на судьбу

● ~ – цардвæндаг — судьба – жизненный путь

● ~ цы скæрда, уый æвзаринаг — чему бывать, того не миновать

● ~ы цардвæндагæй иуварс ахизæн нæй — нельзя сойти с жизненного пути, обозначенного судьбой

● ~æй æфхæрд адæймаг — обиженный судьбой человек

● ~æй ирвæзæн нæй — от судьбы не уйдёшь

~æй нысангонд фæндаг — предназначенная судьбой дорога

~æй фаг рæвдыд нæ баййæфта æмæ мысинæгтыл ænувыд нæу. *Мæрзойты С. Къæхтысæр* — Судьба его не очень баловала, поэтому воспоминаниями о прошлом он не дорожил

~æй хъаст кæнын — роптать на судьбу

● ~ты сæрты нæ ахиздзынæ — судьбе перечить не будешь

● ~ы æвджид ныууадзын — оставить на произвол судьбы

~ы барвæндæй лæгæн – йæ амонды чиныг, фæлæ йæ алчи кæсын нæ зоны — Волею судьбы написана книга судьбы человека, но не каждый умеет её читать

● ~ы тæрхон – Хуыцауы тæрхон — приговор судьбы – Божий приговор

~ы фæзилæнтæ — повороты судьбы

~ы хай фæуын — выпасть на долю

~ы æппæт хъизæмæрттæ бавзарын — испытать все тяготы судьбы

~ы цалх разылди — повернулось колесо судьбы

Адæймагæн йæ ~ цы скæрда, уымæй ирвæзгæ нæу — Что судьба предопределит человеку, того не избежать

Алы адæймагæн дæр Хуыцау скарста йæхи ~ — Каждому Господь предназначил его собственную судьбу

додойаг ~ — горестная судьба

искæй ~ лыг кæнын — определять чью-то судьбу

искæй ~ хицæн кæнын — решать чью-то судьбу

йæ ~ афтæ уыд — таков был его удел

йæ ~ мæ бæрны ис — его судьба в моих руках

йæ ~ ыл рахадти — судьба обидела / подвела его

кæуинаг ~ — горькая судьба; жалкий удел

● къахы уæлфадмæ цы ныхас нæ хъуысы, уый ~мæ хъуысы — тихо сказанное слово судьба расслышит

Нæ вæййы сау лæгæн ~, / Цагъар нæ фæтæрсы æгадæй. *Шамил.* — У простолюдина не бывает судьбы, / Раб не боится позора

уæззау ~æн сæттын нæ бакомын — не сломиться из-за тяжёлой судьбы

хъысмæтлыггæнæг (*бир.* хъысмæтлыггæнджытæ) — вершитель судеб

хъысмæтхæссæг — судьбоносный

~ нысаниуæг — судьбоносное значение

хъыс-хъыс — скрежет; скрип

~ кæнын — скрежетать; скрипеть

дæндæгты ~ — зубовный скрежет

Йæ дæндæгтæ æрхафта кæрæдзиуыл æмæ сæ ~ ссыдис. *Арсен. Мырзæджы карьерæ* — Он так стиснул зубы, что они аж заскрипели

дуары ~ — скрип двери

Йæ сæр нæ систа, дуары ~ куы ссыд æмæ тæссонд хъæдын асинтыл æнæуынæрæй тыргътæй саударæг ус куы æрхызт, уæд дæр. *Мæрзойты С. Хъысмæт* — Не поднял он головы даже, когда скрипнула дверь, и по шаткой лестнице тихо спустилась женщина в траурной одежде

хъысхъысæг — *бот.* заячья капуста; сорная трава

хъысхъысгæнаг — скрипучий; визгливый

~ хъæлæсæй дзурын — говорить скрипучим голосом

хъыцъы — *бот.* кресс-салат; горчица *(растение)*

~йы нæмыгтæ — семена горчицы

● ~йы нæмыджы бæрц æххуыс дæр никæмæй зонын — не получить никакой помощи ни от кого

хъыцъыдон (*бир.* хъыцъыдæттæ) — горчичный раствор; горькое

● бирæ ~ бануазын — хлебнуть горя; испить горькую чашу до дна

Бирæ мæстытæ дзы зонынц дыууæ хойы, бирæ хъыцыдæттæ сын бануазын кодта. *Ашæх. Нæ фæлтæры фæндæгтæ* — Много неприятностей он доставил обеим сёстрам, много пришлось хлебнуть им горя

● ~ искæимæ иу сыкъайæ бануазын — испить вместе горькую чашу

Чермен læппуимæ дзырдта æмгæрттимæ дзурæгау, цыма ~ иу сыкъайæ банызтой, йæхи афтæ дардта. *Мæрзойты С. Ælгъыст* — Чермен говорил с парнем как с ровесником, он вёл себя так, как будто они горечь испили из одного рога

● бирæ хъыцъыдæттæ бадарын — причинить много страданий

● хъыцъыдæттæ æвзарын — испытывать мучения

– Базæронд дæн, фæлæ мын удæнцойдзинад нæдæр бон ис, нæдæр æхсæв. – Æз дæр уыцы хъыцъыдæттæ æвзарын. *Р. 19.07.2018* — – Состарился я уже, но нет моей душе покоя ни днём, ни ночью. – Да и я ту же чашу горькую пью

Ц

цавæр какой? каков? что такое?
~ у хуызæй каков он собой? (*на вид)*
~ адæмыхатт дæ? кто ты по национальности?
адæймаг ~ у, уый йæ цæсгомыл фыст у человека по лицу видно
~ цæстæй йæм кæсыс? какое у тебя к нему отношение?
цавæрфæнды всякий, любой
~ зындзинæдты сæрты æнцонæй ахизын легко справляться с любыми трудностями
~ фæзынд всякое проявление
хицæн адæймаджы культы ~ фæзынд всякое проявление культа личности
~ хуызы в любом виде
● рæстæг ~ хъæдгæмттæ дæр байгас кæны время лечит любые раны

цавæрдæр какой-то
~ аххосæгтæм гæсгæ по каким-то причинам
~ æнахуыр æхцондзинад æнкъарын ощущать какую-то непривычную лёгкость
~ диссаджы æнкъарæнтæй зæрдæ байдзаг сердце наполнилось удивительными чувствами
Кæуылты лæг дзы рауад! Фæлæ йæ иуахæмы ~ æнæсæттон низ æрбырста. *Ладемыр. Æнæном писмо* Какой из него вышел человек! Но вот однажды какая-то неизлечимая болезнь одолела его
~ рæстæджы дæргъы некоторое время
~ сусæг фæнд какой-то тайный замысел
цавæрдæриддæр какой бы ни был; всякий
цавд тот, кого ударили; ранение; удар; биение; *линг.* ударение
~ау баззайын остолбенеть
~ы нысан сæвæрын поставить знак ударения
дзæгъæлдзу ~ *грам.* свободное ударение
дзырдæн йæ ~ы бынат место ударения в слове
зæрдæйы ~мæ хъус дарын следить за пульсом
Баргъæвстæн дæ уазал цæстæнгасы, / Уый мæ туг йæ сабыр ~æй зоны. *Хаджеты Т.* Окоченел я от твоего холодного взгляда, / Знаю я это по медленному пульсу своему

цавдар *д.* передняя ляжка
цавддур окаменелый
~ фестын окаменеть
Фыййау абон дæр ~æй баззад уыцы ран. Мæрдтæй дæр уыцы бонæй ацы бонмæ ничиуал цæуы. *НК.3* И сегодня ещё стоит там этот пастух, обратившийся в камень. И из мёртвых по сей день больше никто не выходит
цавддурау остолбенев, как вкопанный

~ аззад йæ бынаты — как будто к месту прирос

~ ærлæууыд — он остолбенел

Саг æдзынæг касти Къоламæ. Уый та ~ лæугæйæ баззад. *Тасо. Ныхасы къуыбылой* — Олень пристально смотрел на Кола. А тот стоял как вкопанный

цагъайраг (*бир.* цагъайрæгтæ) — 1. раб; крепостной; 2. рабский, кабальный

цагъайраджы къæлæт хæссын — носить ярмо раба

цагъайраджы цардæй тыхсын — тяготиться рабской долей

цагъайрад — рабство

цагъайрадон — рабский

цагъар — раб

● ~ дæр цæры æмæ цагъардар дæр — и раб живёт, и рабовладелец; каждому своё

Æз ам паддзах нæ дæн, фæлæ ~, / Сымахæй курын иу хорзæх – тæригъæд. *Шамил. Паддзахы хъаст* — Я здесь не властелин, а раб, / А вас лишь о сострадании молю

~ы бахауын — попасть в рабство

~ы къæлæт хæссын — носить ярмо раба; быть рабом

~ы ном нæ райсдзыстæм фæндонæй, фæлтау цъæх арты райсдзыстæм мæлæт. *Елехъоты М.* — Добровольно не станем рабами зваться, уж лучше в синем пламени сгорим

~ы райсын — увести в рабство

цагъарад, цагъайрад — рабство

цагъаргонд — порабощенный, закабалённый

цагъардар — 1. рабовладелец; 2. рабовладельческий

цагъардарон — рабовладельческий

~ цардæвæрд — *ист.* рабовладельческий строй

цагъар кæнын — закабалять, порабощать

цагъардзинад — рабство; порабощение, закабаление

~ сæрмæ не рхассын — не мириться с рабским положением

цагъаруаваæр — рабство; иго; рабское положение

цагъæрахъ — роща, пуща

цагъд I (*бир.* цагъдтытæ) — 1. побоище, битва; ворох; 2. побитый, пораженный; сраженный; вырубленный; истреблённый; погибший; очищенный

~ къуымбил — очищенная шерсть

~ хъайла — омлет

~ы фæуын — быть истреблёнными; погибнуть

~ы фæуат, нарт! – Сырдон сын загъта,– Кæд Хуыцау искуы ис, уæд ын мауал кувут. *НК.* — – Чтоб вам сгинуть, нарты! – сказал им Сырдон, – Если есть где Бог, то не молитесь ему больше

сухы ~ ныккæнын — истребить под корень

Æнæхъæн автобусы дзаг адæм, дам, Ærджынæрæджы ~ы фæцæй кодтой цавæрдæр хæрæгуæрдоны аххосæй. *Хæблиаты С. Дзæнæты маргъ* — Говорят, полный автобус пассажиров чуть не разбился у Эльхотовских ворот по вине ослиной упряжки

Фæдис систой. Æнæ мæн цыма ~ы фæуыдзысты — Впали в панику. Как-будто без меня они погибнут

чъырæй ~ — побелённый *(о стенах, потолке и т.п.)*

цагъд II (*бир.* цагъдтытæ) — инструментальное исполнение; мелодия

зæрдæлвас ~ — пленительная музыка

зæрдæмæхъарæг ~ — трогательная мелодия

зæрдæхалæн ~ — грустная мелодия

зæрдæхъал ~ — жизнерадостная мелодия

кафæн ~ — танцевальная мелодия

рагон ~ — старинная мелодия

уæздан ирон ~ — благородная, утончённая осетинская мелодия

фæндарасты ~ æркæнын — исполнить прощальную мелодию

фæндыры ~ — игра на фандыре

хи фæндыры ~мæ кадджытæ æмæ таурæгътæ кæнын — исполнять легенды и сказания под собственный аккомпанемент на фандыре

ханты ~ — популярная в Осетии танцевальная мелодия

цагъи — истощённый, слабый

цагъдæрдуз — просека

цад (*бир.* цадтæ, цæдтæ) — озеро; пруд

аразгæ ~ — искусственный пруд

æхсидгæ ~ — *фольк.* бурлящее озеро

æхсыры ~ — *фольк.* молочное озеро

зындоны ~ — *фольк.* озеро ада

Æмæ сæ фæнд ууыл ахицæн ис: «Йæ мад Сатанайы йын цæрдудæй мæрдтæм барвитæм – зындоны ~ы йæ баппарæм». *НК.* — И приняли они тогда решение: «Мать его Шатану живой отправим в мир мёртвых – бросим её в озеро ада».

Хуры фыдздзаг тынтæ зæххыл куы сæмбæлдысты, уæд Хурычызг зæххон ~мæ хуры тынтыл рахызти. *НК.* — Когда первые лучи солнца коснулись земли, дочь Солнца спустилась на этих солнечных лучах в земное озеро

йæ цæстытæ ~ы йæстæ уыдысты — глаза её были как озёра

кæсагдарæн ~ — пруд для разведения рыб

кæсагджын ~ — рыбное озеро

хæххон ~ — горное озеро

хъуыдыты ~ы аныгъуылын — погрузиться в мысли

цъитион ~ — ледниковое озеро

цадæг — медленный, тихий; постепенный; неторопливый

~ къахдзæф — неторопливый шаг

Цæй-ма, цы кæнон, зæгъ, цæй-ма, цы дын кæнон, / Чи дæ, мæ хæлар, æрбайхъус мæм ~. *Къоста. Хетæг* — Что же мне делать, ну что же мне делать с тобой! / Кто ты, мой друг, ты не торопясь, выслушай меня

цадæггай — медленно, тихо, потихоньку, постепенно; последовательно; мало-помалу

~ бамбарын — постичь постепенно; мало-помалу разобраться

Дæхиуыл фæхæц. Гъе, афтæ уыдзæни хуыздæр, цы æрцыди, уый ~ бамбардзынæ дæхæдæг. *Букуылты А. Фаризæт* — Возьми себя в руки. Вот так-то будет лучше. То, что произошло, ты постепенно осознаешь сама

~ тыхы бацæуын — постепенно войти в силу

къæхтыл ~ цæуын — медленно переставлять ноги

хъуыды ~ ныффидар кæнын — постепенно закрепить мысль

Ныр æнцад бадгæйæ ~ дзурын хабар. Фæлæ уæд тагъд архайын хъуыд. *Дæбе. Пакет* — Сейчас сижу себе и неторопливо веду свой рассказ. Но тогда надо было быстро действовать

цаддон (*бир.* цаддæттæ) — озёрная вода

цай — чай

~ аразыны фабрикæ — чаеразвесочная фабрика

~ цымын — пить чай

битьынайы ~ цымын — пить чай с мятой

~ы агуывзæ — стакан чая

~ы тæбæгъ — блюдце

~ы уидыг — чайная ложка

Куы цæрин æз æрмæст дзул æмæ ~æ, / Уæддæр мæ сæры рухс хъуыдытæ гуырид... *Дзаболаты Х. Мæгуыр* — Даже если бы перебивался я хлебом и чаем, / Всё равно бы светлые мысли приходили на ум

адджын ~ — сладкий чай

цайгæрдæг (*бир.* цæйгæрдджытæ) — *бот.* чай

цайгæрдæджы къутæр — чайный куст

цайгæрдæджы плантаци — чайная плантация

цайдагъ — привычка

~ кæнын — приучать; прививать привычку

куыстыл ~ кæнын — приучать к работе

хистæртæн кад æмæ аргъ кæныныл ~ кæнын — приучать уважать и ценить старших

цайдан — чайник

цаймаг — постыдный, чего стыдятся; *этн.* угощение, устраиваемое человеком в знак признания вины (*своей или его младших)*

~ мæнæй фæуæд — застолье причитается с меня

цаймагдзау — участник застолья

Ацы ныхæстæм ~тæ тынг лæмбынæг фæхъуыстой. *Тасо. Ныхасы къуыбылой* — Участники застолья внимательно выслушали эти слова

цайцымæн — чайный; для чая

~ агуывзæ — чайный стакан

цал — сколько

~ æмæ ~ азы — уж сколько лет

~ æмæ ~ хатты — уж сколько раз; многократно, снова и снова

~ сты уалæй — все как один; в полном составе

Бинонтæ ~ сты уалæй нартхор тонынмæ ацыдысты æхсæвæддæйæ. *Хæблиаты С. Дзæнæты маргъ* — Семья в полном составе отправилась с ночёвкой на прополку кукурузы

~ чиныджы дæм ис? — Сколько у тебя книг?

● гуыбыны ~ тъанджы ис, уый базонын — выпытать всю подноготную; узнать тайные, скрываемые подробности

● нæ хæдзары ~ уидыджы æмæ ~ къоппайы ис, уый дæр ма нын зоны — он знает о нас всё; *букв.* знает все ходы и выходы в нашем доме

● чи ~ æвзаджы зона, уал лæджы у — сколько языков знаешь, столько раз ты человек

цалæймаг, цалæм — который *(по порядку)*

● уый та ма дзы ~ у? — а это при чём?

Бурийæн йæ пыхцыл рихитæ сæ мидбынат скафыдысты, ды та дзы ~ дæ, зæгъгæ, Деболайы фæстæ акаст. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* — Лохматые усы Бури зашевелились, и с таким видом, мол, а ты ещё тут откуда взялся, он проводил Дебола

– Нæуæд мæ дзыпп фæрогдæр кæнынæн æндæр мадзал не ссардтаин? – Дæ дзыпп та дзы ~ у? *Ашæх. Æууæнчы аргъ* — – А не то я не нашёл бы другого повода облегчить свой карман? – А карман твой здесь при чём?

цалæмдæр — какой-то *(по счёту)*

цалæмдæриддæр — какой бы то ни (*по счёту)*

цалгай, цалгæйттæй — по сколько

цалдæр — несколько, сколько-то

~ азы йæ нал федтон — несколько лет я его не видел

~ куысты иумæ кæнын — делать сразу несколько дел одновременно

~ сæдæйы — несколько сотен

~ хатты фылдæр — в несколько раз больше

● иу æмбыд фæткъуы ~ бамбийын кæны — одно гнилое яблоко несколько попортит

фæстаг ~ азы — за последние несколько лет

хæстæгдæр ~ боны — в ближайшие несколько дней

цалдæриддæр — сколько бы ни

цалх (*бир.* цæлхытæ) — колесо

● ~мæ не ‘ххæссыд æмæ сæмæны къубал ыстыдта — до колеса не доставал и сорвал головку стержня

~ы дæндаг — спица колеса

~ы зæнг — ось мельничного колеса

~ы мæскъ — ступица колеса

~ы чъил — обод, шина колеса

● ~ дæндаггай зилы — *букв. спицы* колеса постепенно вертятся; не всё сразу делается

Балсæджы ~ — колесо Балсага

Рараст ис гуыргуыр гæнгæ Балсæджы ~ Сосланы марынмæ. *НК.* — Выкатилось с грохотом колесо Балсага на погибель Сослану

Царды цыд æгъатыр у, Балсæджы ~æй уæлдай нæу. *Р. 21.07.2018* — Ход жизни безжалостен, как колесо Балсага

дæндагджын ~ — зубчатое колесо

● искæй ~ы къæцæлтæ тъыссын — вставлять палки в колёса

● куыройы ~ау рахизмæ зилы — дело, словно мельничное колесо, поворачивается в нужную сторону

фæстаг цæлхытæ — задние колёса

Хæдзарæй æддæмæ мæ мидæмæ ~ куы нæ тула, уæд уый хæдзар нæма у. *Ашæх. Батраз æмæ Лиза* — Если в дом не въезжает и из дома не выезжает телега, то какой это дом

царды ~ — колесо жизни

царды ~ фæстæмæ разилæн нæй — колесо жизни нельзя повернуть вспять

цæлхыты бын фæкæнын — подавить колёсами

цалхгæнæг (*бир.* цалхгæнджытæ) — колёсник

цалхыдзаг, цæлхыдзаг — полный круг

~ мæй — полная луна; полнолуние

цалцæг — ремонт; починка (*обуви, платья)*

~ кæнын — ремонтировать, чинить

капиталон ~ — капитальный ремонт

цалцæггæнæг (*бир.* цалцæггæнджытæ) — ремонтирующий; ремонтный мастер

цалцæггæнæн — мастерская ремонтная, починочная

цалцæггонд — отремонтированный

цалынмæ — пока

● ~ агæпп кæнай, уæдмæ гъопп ма зæгъ — не говори гоп, пока не перепрыгнешь

● ~ арв скæуа, уæдмæ зæхх нæ бахуды — пока небо не разрыдается, земля не заулыбается; земля оживает от дождя

● ~ йæ дæ къутуйы бафснайай, уæдмæ дæ хоры æрзадæй ма раппæл — пока зерно в амбар не уберёшь, урожаем не хвались

● ~ йæ иу къах иса, уæдмæ йын йæ иннæ къах куыдз ахæрдзæн — он едва (еле, насилу) ноги волочит, очень медлительный; *букв.* пока поднимает одну ногу, собака откусит другую

~ йæ мæ цæстæй фенон, уæдмæ мæ нæ уырны — пока не увижу – не поверю

~ мæ къæхтыл цæуон — пока могу ходить

~ цæрон… — до конца дней своих, пока я жив

● æфсæйнаг ~ зынг у, уæдмæйæ цæгъдын хъæуы — куй железо пока горячо

● дæ фыдæхыл ~ дæхæдæг ахъуыды кæнай, уæдмæ дæ маст уромын фæраз — пока свою неприятность сам не обдумаешь, гнев свой при себе держи

цалырдæм — в какую сторону, в каком направлении

цалырдыгæй — с какой стороны? откуда?

цам — стыд; стеснение; конфуз; виновник; бесславный

цамæхсын — 1. кровопролитие; 2. истекать кровью

туджы ~ы мæцын — обливаться кровью

цамта, цанта — сума, сумка (пастушья)

цанæбæрæг, цанæбæрæджы — немного, не очень много, незначительно; не совсем хорошо, неважно

~ цæрынц — бедновато живут

цапуал: ~ цыд — галоп, бег лошади

цар — потолок, свод, перекрытие; чердак

● ~æй зæхмæ лæг у — очень высокий человек; ростом под потолок

● ~мæ асинтæ ‘вæрын — лезть на стенку от боли

~мæ схизын — залезть на чердак

фынгтæ ~мæ амад — столы накрыты до потолка

● искæй ~мæ скæсын кæнын — хорошо угостить; оказать кому-л. тёплый приём

Хъуырман æмæ йе ‘мбæлтты Иналдыхъо фырбуцæй ~мæ скæсын кодта. — Иналдыко от избытка чувств угостил Курмана и его друзей на славу

● йæ ~ы дымгæ зилы — ● на чердаке не всё в порядке; человек со странностями

тæдзгæ ~ — текущая крыша

тъæпæн ~ — плоская крыша

● хæлæггæнаг ~мæ цъындæй кæсы — завистник смотрит на потолок, зажмурив глаза

● цард искæимæ иу ~ы бын арвитын — прожить вместе / под одной крышей всю жизнь

цæрæнхос, цардыхос — средства к существованию

царæфтыд — погибший, разорившийся (*букв. без крова)*

царв *(бир.* цæрвтæ) — масло топлёное

~ аныхъуырынæгау — гладко, без затруднений, как по маслу

● ~ æмæ мыды ленк кæнын — как сыр в масле кататься

● лæг ~ æмæ мыдæй дæр хъыг кæны — даже масло с мёдом приедаются

~ дзулыл байсæрдын — намазать масло на хлеб

~ хъæхъхъаг кæны — масло горкнет

~ цæгъдын — сбивать масло

● ~ы тулæгау цæрын — как сыр в масле кататься

● иу къух ~ы, иннæ мыды — жить в достатке

● дада хорзæй хорз у: йæ тæрныхæй сой тæдзы, йæ дзыхæй та – ~-мыд — дедушка всем хорош: со лба у него масло каплет, а изо рта – мёд

● фæнды йын йæ сæрыл ~ ауадз — никак не угодишь ему

● фысæн йæ царм кæрцаг у, йæ ~ та бæркад у — шкура овцы для шубы, а масло для изобилия

чъиритæ ~æй сæрдын — смазывать пироги маслом

● уыдон дæр цæрвтæ нæ хæрынц — они тоже не в масле катаются

царвцæгъдæн, хъуылæг — маслобойка

цард (*бир.* цæрдтытæ) — жизнь; существование

~ аскъуыд — жизнь оборвалась

● ~ æй сдæрзæг кодта — жизнь ожесточила его

● ~ æмæ мæлæты арæныл лæууын — быть между жизнью и смертью

~ æнхъизы — жизнь бьёт ключом

● ~ æрсуры — жизнь заставит

● ~ гуыбыны нал цæуы — с жиру беситься; быть недовольным жизнью

~ дæ йæхæдæг сахуыр кæндзæн — жизнь научит всему

● ~ дæр сылыкъахæй у ’мæ – сæфт дæр — и жизнь, и погибель – всё от женщины
● ~ донæн йæ тæнджыты бауайæгау нæу — жизнь прожить – не реку вброд перейти
● ~ дугъон бæхæй уæлдай нæу — жизнь подобна скакуну (быстро проходит)
~ – дыууæ боны — жизнь коротка
● ~ дзаг гонтæй фидауы — жизнь красна полными закромами
● ~ зæххæй цæуы — земля – кормилица
~ ивгæ цæуы — жизнь течёт и меняется
~ искæй сæрвæлтау æрхæссын — пожертвовать жизнью
~ йæ цыдæй цæуы — а жизнь продолжается
● ~ кæмæ цы тигъæй раздæхдзæн, уый бæрæг нæй — неизвестно, к кому жизнь каким боком повернётся
● ~ куыд у? — как жизнь молодая?; как дела?; как поживаешь?
● ~ нæртон куывд нæу — жизнь прожить – не поле перейти; жизнь сложна и пройти её не просто
● ~ нывондæн æрхæссын — пожертвовать жизнью
~ рауæлдай кæнын (~ радтын) — погибнуть; не пожалеть жизни
● ~ ссарын — зажить хорошо
● ~ суæлдай кæнын — пожертвовать жизнью
● ~ тох у — жизнь – борьба
~ уынаффæйæ у — жизнь должна идти по плану
● ~ хæйрæг у – куы кæй къонайыл абады, куы кæй — судьба изменчива; счастье хоть раз да постучится в дверь каждого
● ~ хæлæгæй нæу — не надо никому завидовать
● ~ хъамайы фындзæй аразгæ нæу — нельзя строить жизнь на вражде
● ~ цæджджинæгау фыцы — жизнь бьёт ключом
● ~ цæрынæн у — жизнь для того чтобы жить
● ~ цæуы æмæ йæ кæнонтæ кæны — всё течёт, всё изменяется
● ~ цыбыр у – скаст æмæ ныккаст! — жизнь – лишь миг!
● ~ чердæм фессæндзæн, уый бæрæг нæй — жизнь неизвестно куда повернёт
● фосы бирæ – ~ы сой — много скота – сытая жизнь
● ~ ыл хъазгæмхасæнæй фæци — он провёл жизнь играючи
● ~æй ахицæн уæвын — умереть, испустить последний вздох
~æй бафсæдæнт! — пусть наслаждаются жизнью!
● ~æй хъулæй хъазæгау хъазын — играть с жизнью
~æй чи бафсæст, мælætæй чи нæ фæтарст, ахæм зæххыл нæмæ райгуырд — нет такого человека, кто бы жизнью пресытился, кто бы смерти не боялся
~æй исты фенын — прожить хорошо
~æй къæртт æппары — он хорошо живёт; он берёт от жизни всё
~æй ничи ма схъыг (ничи ма бафсæст) — жить ещё никому не надоело
● ~æй ницы фенын — не видеть ничего хорошего в жизни
~æй разы уæвын — быть довольным жизнью
● ~æй тъæпп хауын — жить вольготно / как у Христа за пазухой
~æй фæсте баззайын — отстать от жизни
~æй хицæн кæнын — быть при смерти

~æй хынджылæг кæнын — прожигать жизнь
● ~æй хъаст нæ кæнын — на жизнь не жалуюсь; живу в полном довольстве / достатке / безбедно
~æн аргъ нæ кæнын — не дорожить жизнью
● ~æн йæ хъæздыгмæ ма бабæлл, фæлæ йе `гъдаумæ — не зарься на богатую жизнь, зарься на порядочную
~æн тæссаг нæу — жизнь вне опасности
~æн чи сбæзза, ахæм — пригодный для жизни
● ~ы алцæмæн дæр рад ис — всё в жизни идёт своим чередом
● ~ы алцыдæр фиддон у — в жизни за всё надо платить
~ы ахадгæ — важный для жизни
~ы ацæуын кæнын — провести в жизнь
~ы æмбæлццон — спутник (*спутница*) жизни
● ~ы æрæгвæззæг — осень жизни
● ~ы бонтæ тонын — проводить жизнь
~ы дæргъвæтиндзинад — продолжительность жизни
Хуыцау дын дæ ~ дæргъвæтин скæнæд! — Пусть Бог дарует тебе долгую жизнь!
● ~ы кæронмæ хæццæ кæнын — быть на склоне лет
~ы ныв — жизнеописание
~ы уавæртæ — условия жизни
● ~ы фæзилæнтæ ничи зоны — никто не знает, что его ждёт в жизни
● ~ы фæндæгтыл ауайын хъæуы — жизнь прожить – не поле перейти; век протянется – всего достанется
~ы фæрæзтæ — средства к существованию
● куыст ~æн фæрæз — работа – средство к существованию
~ы фæтк — жизненный уклад
~ы хостæ — средства к жизни
~ы цыд — биография, жизнеописание
● адæмы ~ уарзондзинадыл баст у — человеческая жизнь зиждется на любви
алкæмæн йæ ~ йæхи хъуыддаг у — личная жизнь человека никого не касается
æвæлмон ~ — праздная жизнь
æдзæллаг ~ — безалаберная жизнь
æдзæх ~ — пресная, скучная жизнь
æнæмæт ~ — беззаботная, сытая жизнь
æнæнысан ~ — бесцельная жизнь
æнæуаг ~ — беспутный образ жизни
æнкъард ~ — тоскливая жизнь
æнусон ~ — вечная жизнь; бессмертие
● æнусы ~æй æнусы ном хуыздæр у — чем жизнь в летах, лучше имя в веках
ærвылбон ~ — повседневная жизнь
æхсæнадон ~ — общественная жизнь
бинонты ~ — семейная жизнь
● бинонты ~ чи нæ уарзы, уый адæмы ~ дæр нæ уарзы — кому не люба семья, тому и люди не любы
● бухъ ~ — сытая жизнь, жизнь в довольстве

дæ ~æй сфæлмæцыдтæ? — *прост.* жить надоело?
дзæнæты ~ æрвитын — блаженствовать; жить как в раю
зæрдæзæгъгæ ~ ссарын — устроить жизнь по душе
зæххон ~ — земная жизнь
искæимæ ~ баиу кæнын — пожениться
● искæй ~ ænад кæнын — отравлять чью-л. жизнь
● искæй ~ змæнтын — вмешиваться в чужую жизнь
● искæй ~æй ацæрын — оказаться на чьём-либо завидном месте
Тæхуды, дæ ~æй / Куы цæрин æз дæр, / Дæ зæрдæйæ иу къæрт / Куы уаид мæн дæр. *Æрнигон. Цъиу* — Вот бы пожить / Твоей жизнью и мне, / Кусочек твоего сердца / Если бы был в душе моей
● искæйы хи ~æй ахаxх кæнын — вычеркнуть кого-л. из своей жизни
● иу боны цæстæй ~мæ ничи кæсы — не живи одним днём
● иузæрдыг лæг ~æн хæзна у, йæхицæн та – знаг — преданный человек – для всех ценность, для себя он враг
● иуы аххосæй ~ нæ хæлы — семья распадается по вине обоих супругов
● йæ ~ ад нал кæны — потерять вкус к жизни
● куыдз æмæ лæдзæджы ~æй цæрынц — живут как собака с палкой
къусбар ~ — стеснённые жизненные обстоятельства
● къуындæг ~ кæнын — жить в стеснённых материальных обстоятельствах
● лæг æмæ ус кæрæдзи куы 'мбарой, уæд сæ ~ æнцон у — если между мужем и женой лад, то и жизнь их в радость
~ нывондæн æрхæссын — пожертвовать жизнью
тæригъæддаг ~ — жалкое существование
уæгъдибар ~ — свободная жизнь; вольготное житьё
уæлæон ~ — земная жизнь
● фæздæг кæцæй кæлы, ~ дæр уым ис — откуда дымок вьётся, там и жизнь бьётся
фыццаг ~æй цæрын — жить прежней жизнью
● хæдзары ~ йæ куыдз æмæ гæдыйыл зыны — как в доме живут, по их собаке и коту поймут
● хъаны ~ кæнын — жить на широкую ногу
● хъæды сырды ~æй цæрын — жить совершенно одному / в изоляции

цардамал кæнын — зарабатывать на жизнь
цуанæй ~ кæнын — промышлять охотой

цардамонд — счастье
~ ссар! — желаю счастья! *(букв. счастье найди)*

цардарæзт — строй, устройство, уклад; строительство; благосостояние
адæмы ~ — народное благосостояние
æмтъеры ~ — беспорядочная, сумбурная жизнь
знæмон ~ — родовой строй
рухс ~ыл хъуыды кæнын — думать о светлой жизни

цардарæзтад (*бир.* цардарæзтæдтæ) — уклад жизни; строительство жизни
сабыр ~ — мирное строительство
фыдæлтыккон ~ — традиционный уклад жизни

цардархайд жизнедеятельность
цардаудæн кæнын *рел.* заботиться о живых с того света
цардахаст образ жизни; условия существования
цардахъ навес
~ хæдзар дом с навесом
цардæвæрд строй, уклад
æхсæнадон ~ общественный строй
цардæгас живой
~ æвзæгтæ живые языки
~ нывы хуызæнæй зынын выглядеть как в жизни
ветерантæй, хъыгагæн, абон бирæтæ ~ нал сты к сожалению, многие ветераны уже ушли из жизни
цардæмбал спутник / спутница жизни
~æй йæ хорз амонд фæци повезло ему с супругой
раздæры ~ бывший супруг
суинаг ~ будущий супруг / супруга
хицæн ~ агурын искать спутника жизни
цардæмхиз, цардæмхиц жизнеспособный
цардæнадгæнæг (человек) отравляющий жизнь
цардæнадгæнæн отравляющий жизнь
цардæрфыст жизнеописание
цардæфсæст жизнерадостный, весёлый; довольный
цардæфсæстдзинад жизнерадостность
цардæфхæрд обиженный жизнью
цардбар, цардбарæг (*бир.* цардбарджытæ) жизнерадостный; жизнелюбивый; полный сил
цардбæллон оптимист, любящий жизнь
цардвæлтæрд, цардфæлтæрд с большим жизненным опытом
~ адæймагæн зын бамбарæн нæу опытному человеку нетрудно разобраться
цардвæндаг (*бир.* цардвæндæгтæ) жизненный путь; биография
● адæймаджы ~ цинтæ æмæ мæстытæй конд у жизненный путь человека выстлан радостями и огорчениями
дæнцæгæн хæссинаг ~ достойная подражания, примерная жизнь
дæргъвæтин ~ длинная биография
хæстон ~ военная биография
царддæттæг животворный
~ патриотизм животворный патриотизм
~ хур животворное солнце
царди, уыди; царди æмæ уыди *(сказочный зачин)* жил-был
цардивæн перемена жизни
~ рæстæджы во время перемен
цардизæр, цардыизæр старость
~ æрхæстæг старость подошла
цардмæсидæг жизнелюб
цардуаг быт; уклад

знамон ~ — племенной быт
цардуаджы дзаумæттæ — предметы быта
цардуалдзæг — молодость; весна жизни
цардуарзаг — жизнелюб, бодряк
~ цæстæнгасæй — с жизнелюбивым отношением
цардуарзон — любящий широко пожить;
~ адæймаг — великодушный, добросердечный; жизнелюбивый человек
цардуарзонæй — оптимистично; радостно
цардфæлтæрд — умудрённый жизненным опытом
цардфæлтæрддзинад — опыт, опытность; искушённость
цардфенæг — бывалый, опытный
цардхалæг (*бир.* цардхалджытæ) — тот, кто разбивает жизнь
цардхалæн — вредоносный
цардхуыз — благополучный, цветущий (*о человеке)*
Кæд боны рухс нæ уыдта, уæддæр уыд хъæлдзæг, ~ æмæ дзырдарæхст. *Ахуырбег. Хуры зарæг* — Несмотря на то, что (сказитель) не мог видеть белого света, он был весел, оживлён и словоохотлив
цардхъæлдзæг — жизнерадостный
~ фæсивæд — жизнерадостная молодёжь
цардхъом — 1. приспособленность к жизни; 2. жизнеспособный
цардхъомад, цæрдхъомдзинад — жизнеспособность
цардхъуаг — безвременно умерший
~ æййафын — умереть молодым
цардхъуагæй — безвременно; преждевременно
~ мæрдтæм барвитын — свести в могилу раньше срока
цард-цæрæнбонты — в течение всей жизни, во всю жизнь, во веки веков
хиуыл кусын ~ хъæуы — над собой надо работать всю жизнь
цардыбонтæ — жизнь
~ æнæмæтæй æрвитын — беспечно проводить жизнь
цардыуаг (*бир.* цардыуæгтæ) — строй (жизни); образ жизни; быт, жизнь; условия жизни
ивгъуыд ~ — прежний уклад
колхозон ~ — колхозный строй
рагон ~ — старый, традиционный уклад
хæдзары ~ — домашний быт
цардыуаджы домæнтæ — жизненные потребности
цардыуагон — бытовой
~ æппæрццæгтæ — бытовые отходы
цардыхæс — призвание, назначение
царм (*бир.* цæрмттæ) — кожа; шкура
● ~ æмæ стæг фестын — превратиться в скелет; похудеть
~ æмæ стджытæ — кожа и кости

Цæй Асланбег ма дзы ис – ~ æмæ стджытæ. *Хацырты С. Хæххон фæдисон* — До что там осталось от Асланбека – кожа да кости

~æй конд дзаумæттæ — изделия из кожи

● рувасæн йæхицæй йæ ~ хуыздæр — мех лисы дороже её самой

тохъылы ~æй кæрц — шуба из овчины

● ~æй буары æхсæн абырын — залезть в самую душу; втереться в самую близость

Зарифæ зыдта йæ лæджы зæрдæ æмæ та ацы хатт дæр йæ ~æй йæ буары æхсæн абырыд. *Умар. Цард тындзы сæ размæ* — Зарифа знала своего мужа и в этот раз тоже попыталась влезть ему в самую душу

● ~æй стæрræст кæнын — выскочить из кожи вон

~ы бабырын — приставать, надоедать

аив ~ы бырæттæ дæр вæййы — в красивой обёртке и мусор встречается

алдыгъгонд ~ — дублёная кожа

● дæ ~ де ‘лдыгъы аргъ нæу — овчинка выделки не стоит

● искæй ~ бастигъын — ободрать как липку; отнять у кого-л. всё дочиста; разорить

Йæ мæгуыр усы ~ цæрдудæй нæ бастыгъта, æндæр ын цы нæ фыддзинад сарæзта, ахæм над баззад. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — Со своей бедной жены он разве что шкуру не спустил, а так как только не истязал её

● иу сырдæй дыууæ ~ы стигъæн нæй — с одного зверя две шкуры не сдирают

● йæ ~ йе стджытыл бахус — весь высох, очень похудел

йæ ~ы нал цæуы — он очень поправился

йæ маст йæ ~ы нал цæуы — его разрывает от злости

● йæ ~ы уæ батыхтæуа — чтоб вы оказались в его шкуре; испытали бы его проблемы на себе

● йæ тæригъæд ын адæймаджы ~ нæ уромы — сердце разрывается от жалости к ней

● лæджы ~ фидар у (бирæтæ уромы) — человек может выдержать многое / всё

● мæ ~ы бабырыд — втёрся ко мне в доверие

● мæ ~ы дæ батыхтæуæд! — тебя бы в мою шкуру!

● рувасау мæ мæ ~мæ сурут — гонитесь за мной как за лисой из-за шкуры её

● сæгъ тыры мылыйæн цы ракодта, тыры мылы та уый сæгъы ~æн ракодта — отплатил той же монетой

фыс бирæгъы ~ы — волк в овечьей шкуре

● хи ~ ирвæзын кæнын — спасать свою шкуру

хъæддаг сырдты цæрмттæ — шкуры диких зверей

– Кæнæ цын сæ цæрмттæ цæмæн растыгъта? Кæнæ утæппæт ехсытæй цы кæны? *НК.* — – Или для чего он с них шкуры содрал? Или зачем ему столько плетей понадобилось делать?

Хæдзары хистæр сырды зæрдæ куы фæвæййы, уæд бинонты дæр батухы сырды ~ы. *Ашæх. Катя* — Когда у главы семьи сердце зверя, то он и членам семьи придаёт звериное обличье

● цалынмæ арсы амарай, уалынмæ йæ ~æй ныфс макæмæн бавæр — не дели шкуру неубитого медведя

цармыдзаг — в теле

~ хæрын æмæ нуазын — вволю есть и пить

Сымах уæ сæртæ хойут, экспериментæ кæнут, мах та нæ ~ хæрдзыстæм æмæ нуаздзыстæм. *Таго. Ныхасы къуыбылой* — Вы там ломайте головы, ставьте эксперименты, а мы будем себе есть и пить от пуза

цармыстигъæг (*бир.* цармыстигъджытæ) — *презр.* шкурник; эксплуататор

цармстигъæн — грабительский; разорительный

~ æргътæ — заоблачные цены

цармыстыгъд кæнын, цæрмыстыгъд кæнын — ободрать как липку, ограбить дочиста; быть точной копией

Царциатæ — 1. *этн.* название вымершей народности; чудеса; 2. древнее; удивительное; чудесное

● æз дын царциаты митæ бакæндзынæн — я тебе устрою / покажу / задам жару

Царциаты диссæгтæ — чудеса «царциатæ», вот чудеса

царынцха — саранча

царыхъæд — потолочная балка

● ~тæ цæджындз уромы — потолочные балки на столб опираются

цас — сколько

~ амал ын уыдис, уыййас — насколько было в его силах

~ дæ фæнды, уый бæрц — сколько угодно

~ диссаг у? — что удивительного?

~ дын æнтысы, ~! — Сколько же тебе удаётся сделать!

~ рæстæг рацыди? — сколько времени прошло?

~ хуымæтæгдæр, уыйбæрц хуыздæр — чем проще, тем лучше

~ы аргъ у? — сколько стоит?

зын зæгъæн у, ~ рæстæг ахæсдзæнис — трудно сказать, сколько потребуется времени

кæмæн ~ йæ бон уыд — кто сколько мог

цасгай (*бир.* цасгæйттæ) — по скольку

цасдæр — несколько, сколько-то

цасдæриддæр — сколько бы ни

● йæ зæрдæ ~ зæгъа — сколько его душе угодно, вволю, вдосталь

● хæргæфс ~ цæуа, уæддæр фæстагмæ хæрæджы сæпп-сæпп акæны — сколько бы мул не старался, всё равно под конец будет как осёл чапать

цасм — петля (из верёвки); просвет; сеть; силок

цасфæнды — сколько угодно

~ кæуай, уæддæр дзы мæсыг нæ самайдзынæ — слезами горю не поможешь; *букв.* сколько ни плачь, слезами крепость не построишь

Хæрæджы ~ æфхæр, / Уæддæр нæ фæуыдзæн æрхуымдæр. *Шамил.* — Что толку оскорблять осла, / Он всё равно не станет удручённым

цатыр — шатёр; палатка

цау — случай; происшествие; приключение

~æн æвдисæн уæвын — быть свидетелем происшествия

~тæй фæраздæр уæвын — предупредить события

~тæй хъæздыг — богатый на события

~тыл афæлгæст — обзор событий

æвирхъау мæлæты ~	чудовищная смерть
æмбисонды ~ æрцыдис	имело место чрезвычайное происшествие
æнамонд ~	несчастный случай
æнæнхъæлгæ ~	нечаянный случай
зæрдылдарæн ~тæ	памятные события
зноны ~	вчерашний случай; событие
историон ~	историческое событие
хæстон ~тæ	военные события
хуымæтæджы ~	недоразумение
цардæй ист ~тæ	подлинные, жизненные истории
цауд	плохой, слабый; никчёмный
~ дæндаг	испорченный зуб
~æй ~дæрæй цæуын	становиться всё хуже; катиться вниз
тæккæ ~дæр разынын	оказаться хуже всех
никæмæй ~дæр	ничуть не хуже остальных
Йæ хæдзар никæй хæдзарæй ~дæр уыди	Его дом был не хуже, чем у других
цафонфæнды	в любое время; когда угодно
~ бахъæуæд, уайтагъд дæ уæлхъус алæууынц	когда бы ни понадобилось, они сразу оказываются рядом
~ рæстæг	в любое время
цахæм, цавæр	какой
~ аргъ кæнын	как оценивать
~ у хуызæй?	каков он собой? Каков с виду?
~ чиныг дын раттон?	какую вам дать книгу?
цахъхъæн	однолеток, ровесник, одних лет
~тæй раздæр кары бацæуын	повзрослеть раньше сверстников
ахæм ~мæ фæцæрын	дожить до такого возраста
● йæ ~ хъæд æмæ дур дæр нал и	его ровесников уже никого нет в живых
цыбыр рæстæгмæ йæ ~тæй фæраздæр	вскоре опередил своих сверстников
Чызг рæзын байдыдта: мæй йыл куы ацыди, – афæдзы ~ кодта. *НК.*	Стала девочка подрастать: месяц исполнился, а она как годовалая стала
цаца	*дет.* платье, одежда
цæваг	драчливый, бодливый
● ~ галæн йæ сыкъа сæттаг у	у бодающегося быка рог ломается
● ~ хъуг хъæхъхъаг куыдзыл хæцы	бодливая корова и на злую собаку нападёт
цæвæг I (*бир.* цæвджытæ)	бьющий, ударяющий; бодливый
● ~ дзы иргъæвæджы нал зоны	наступила полная неразбериха
● ~ дзы марæджы нал зоны	положение запутанное; нет никакого порядка
Дæ цæвæджы фæхъхъау фæу!	Чтобы ты стал жертвой нападающего!
Уæд ахæм замантæ скодта, бæстæ афтæ сæмтъеры æмæ дзы ~ марæджы нал зыдта. *Максим. Æхсызгон улæфт*	Тогда наступили такие времена, в мире царила такая неразбериха, что понять ничего нельзя было
● ~ гал æнæ сыкъайæ дæр йæ кæнон бакæндзæн	бодливый бык и без рогов своего добьётся

● ~ галы каст кæнын — смотреть исподлобья
● ~ фыры цыд кæнын — идти как бодливый баран
● ~ хъугæн Хуыцау сыкъатæ нæ дæтты — бодливой корове Бог рогов не даёт
● гуымыдза хъуг ~ у — безрогая корова драчлива

цæвæг II (*бир.* цæвджытæ) — *с.-х.* коса

● ~ æмæ кæрдæг иумæ нæ фидауынц — они несовместимы; *букв.* коса с травой не уживаются
● ~ дурыл сæмбæлд — нашла коса на камень
~ цæгъдын — точить косу
● ~ыл куы нæ хæцай, уæд хос нæ кæрды — если косу в руки не взять, она траву не скосит

Сæ цæвджытæ та æрсагътой уыгæрдæны кæрон, ома, фæстæмæ тагъд зындзыстæм. Хъыгагæн сын хъысмæт æндæрхуызон тæрхон рахаста. — Каждый из них воткнул свою косу на краю пашни, мол, скоро вернёмся домой. К сожалению, судьба распорядилась по-другому

цæвæджы æхситт дардмæ хъуысы — Свист косы разносится далеко

Куы цæуыс разæй ды нырма, / Æмæ дæ цæвæджы æхситдзæф / Кæны фæлитойты къуырма. *Нафи*. — Ты всё ещё идёшь впереди, / А свист твоей косы / Оглушает злоумышленников

цæвæгау — *геогр.* коса, отмель
цæвæгхос (*бир.* цæвæгхостæ) — *бот.* окопник
цæвæгхъæд, **цæвæджы хъæд** — ручка косы
~ аныхъуырын — аршин проглотить
цæвæн — место удара; то, чем ударяют
цæвæнгарз — то, чем можно бить, ударять (*палка, плеть, кнут, хворостина)*

Æмæ дæм цы ~ ис, цæмæй мæ амарынмæ хъавыс? *НК.* — А чем ты вооружён, чем убить меня собираешься?

цæвæныссыртæ — бивни
пылы ~ — бивни слона
цæвæрын — положить; подставить; похоронить
дзыппы ~ — положить в карман; прикарманить
хицауы бынаты ~ — назначить начальником
цæвиттойнаг (*бир.* цæвиттойнæгтæ) — 1. шедевр; пример; 2. примерный, образцовый
~ арæхстдзинад — умение, достойное подражания
~ ахастдзинæдтæ — отношения, достойные подражания
~ бинонтæ — образцовая семья
~ миниуæг — примерное качество
дзыхы ныхасæй ~ — достойная подражания манера речи
цæвиттойнæгтæ æвдисын — подавать пример
цæвиттон — 1. пример; 2. словом, короче говоря
~ агурæг дард цæуын нæ хъæуы — за примером далеко ходить не надо
~, адæм уым баззадысты — словом, весь народ остался там;
~ æрхæссын — привести пример

Мæ фысвосы нымац Иры зæххыл ~æн хæссынц. *Ахуырбег. Хуры зарæг* — Количество моих овец в Осетии приводят в пример

~, йæ хъысмæт бæллиццаг нæ рауад — словом, судьба его не была желаемой

Сывæллæтæ уыдысты ~ се ‘гдауæй æмæ сæ ахуырæй — Дети были примерными в поведении и учении

цæвонтæ — *муз.* ударные

цæвын — бить, ударять; избивать; поражать, разбивать, побеждать

● арв куыд нæры, афтæ нæ цæвы — не так страшен чёрт, как его малюют

зæвæтæй ~ — лягаться; брыкаться

кардæй ~ — бить ножом

Кардæй йæ карстой, фатæй йæ цавтой, йæ амарынæн амал нæ ардтой – болатбæрзæй уыд. *НК.* — Ножом его резали, стрелы в него пускали, не могли убить его – был у него стальной затылок

● дур æхсын чи нæ зоны, уый дзы йæ къæбут цæвы — не берись за то, чего не умеешь; навредить себе по неумению

«Сах» æппæт хъулты дæр цæвы — «шах» самое выигрышное положение альчика

● хæрæг зæвæтæй куыд цæвы, дæндагæй дæр афтæ хæцы — осёл и лягается, и кусается

хи ~ — ударяться

● цы гал цæуа, цæвгæ дæр уый кæнынц — кто везёт, того и погоняют

цæг — звено; кольцо; петля

бæттæг ~ — связующее звено

къæппæджы ~ — силки; *охот.* колбаска

рæхысы кæройнаг ~ — крайнее звено цепи

цауты рæхысыл бафтыд фæстаг ~ — к цепочке событий прибавилось последнее звено

хистæртæ цардæн – йæ фыццаг ~ — первое звено в жизни – старшее поколение

цæгаг — хворостина

цæгат I — 1. север; 2. северный

Республикæ Цæгат Ирыстон-Алани — Республика Северная Осетия–Алания

Цæгат Кавказ — Северный Кавказ

карды ~ — противоположная лезвию сторона ножа;

фæрæты ~ — обух топора

цæгат II — родительский дом замужней женщины; родственники замужней женщины

● ~ адджын у — отчий дом для женщины сладок

● амонд дæ ~ы ныууадз, амонд дæ ног хæдзармæ æрхæс — счастье в родительском доме оставь, новое счастье в дом мужа принеси

Куывæддæй куывд дæр ыл, æвæццæгæн, уымæн æрцыд: амонд йæ ~ы ныууагъта, амонд йæ ног хæдзармæ æрхаста. *Максим. Фæстаг æхсæв* — Наверное, потому и всё, что ей пожелали хорошего, сбылось: счастье в родительском доме оставила, новое счастье в дом мужа принесла

бæзджын ~ — влиятельная родня невестки

● йæ ~æй йæ быны лæдзæг рахаста — из приданного только палка
● хъæздыг ~æй мæгуыр хæдзар хуыздæр у — лучше с мужем в шалаше поживать, чем в богатом отчем доме век вековать
цардбæрæг ~ — зажиточные родственники замужней женщины
● чызг йæ ~æй рæвдыд куы нæ вæййы, уæд æгад у — женщине, если её родные не помогают, она не в чести бывает
Чындзы æнæхъæн афæдз йæ ~ фæдары. *Дзабайты Т. Донхæрис* — Целый год после замужества девушку содержит её родительский дом

цæгатаг (*бир.* цæгатæгтæ) — 1. северянин, житель севера; 2. северный
~ æрттывд — северное сияние
~ рувас — *зоол.* песец
~ саг — северный олень
цæгатбос — верёвка или цепь (*воловьей упряжи)*
цæгатварс (*бир.* цæгатвæрстæ) — северная сторона
цæгатдзагъд — потеря замужней женщиной всех родственников
~ баййафын — потерять всех близких (*о замужней женщине*) в отчем доме
цæгат-ирыстойнаг — северо-осетинский
цæгат-хурныгуылæйнаг — северо-западный
цæгат-хурныгуылæн — 1. северо-запад; 2. северо-западный
цæгат-хурыскæсæйнаг — северо-восточный
цæгат-хурыскæсæн — 1. северо-восток; 2. северо-восточный
цагæтырдыгæй — с севера
цæгæр — *мед.* парша
цæгæрбын — бесплодная, голая земля
цæгæрсæр — плешивый, лысый, без волос
● ~ йæ худ куы сиса, уæд ын уæлдай нал у — когда плешивый снимет шапку, ему уже нечего стесняться
● ~ хос кæнын куы зонид, уæд фыццагдæр йæхи сæрæн схос кæнид — если бы плешивый мог лечить, он бы прежде всего вылечил свою голову
цæгæрхъуына — *бот.* лишайник
цæгуат — кольцо, окружность
цæгъдæг (*бир.* цæгъдджытæ) — 1. истребитель; 2. бьющий; избивающий; уничтожающий, истребляющий; играющий (*на музыкальном инструменте)*

цæгъдæн I — мешалка
● зынг ~ кæнын — подстрекать к кровопролитию
● къæссайы ~тæ — последыши
мандолинæйæ ~ — *муз.* медиатор
хъисын фæндыræй ~ — *муз.* смычок
хъуылæг ~ — поршень для сбивания масла
цæгъдæн II — *муз.* смычок
хъисын фæндыræй ~ — смычок осетинской скрипки

цæгъдын 1. ковка; 2. уничтожать, истреблять; ковать; рубить, вырубать; вытряхивать; колотить, ударять; сбивать; отбивать (косу); играть (*на музыкальном инструменте)*

гауыз ~ вытряхивать ковёр

гæндзæхтæ ~ биться в конвульсиях; лезть из кожи вон

дзæнгæда ~ тараторить; молоть вздор

дзæнгæрæг цæгъды бьёт колокол

фæдисы дзæнгæрджытæ ~ бить в набат

знаджы ~ истреблять врага

къуымбил ~ взбивать шерсть

пыхсытæ ~ вырубать кустарник

● разæй худгæ кæны, фæстейы та счъилы нуæрттæ цæгъды в лицо улыбается, а за спиной на пятки наступает

● сынæр ~ фосы хъуыддаг у жевать жвачку обычное дело для скота

тугдзыхты ~ истреблять хищников

удæй арт ~ сильно стараться, из кожи лезть

● ус ын куыд цагъта, уый дæр афтæ кафыд он танцевал под дудку своей жены

Баба фыццаг рæстæг тынг ныхмæ лæууыд, фæлæ фæстагмæ йæ ус ын куыд цагъта, уый дæр афтæ кафыд. *Дзабайты Т. Сидзæртæ æмæ сидзæргæстæ* Дедушка первое время был категорически против, но постепенно стал плясать под дудку своей жены

фæндыræй ~ играть на гармошке

фæрæт ~ ковать топор

цæвæг ~ точить косу

цæд (*бир.* цæдтытæ) пара быков в упряжке

● авд ~ы къамбецтæ иуырдæм ахæцыдысты, иу ус иннæрдæм, æмæ дам сæ ус аласта женщину не переупрямить; *букв.* женщина и семь буйволов перетянет

иу ~ы галтау подобно быкам в одной упряжке; в тандеме с кем-л.

Йæ мойимæ иу ~ы галтау царды уæз ласта размæ. *Р. 10.06.2017* С мужем вдвоём, как пара быков в одной упряжке, тащили воз жизни

Цæрæнбонты иу ~ы галтау иумæ фæцыдысты Всю жизнь шли вместе как быки в одной упряжке

цæдис союз, объединение

~ кæнын, ~ аразын заключать союз

● кæфой æмæ сыхырна ~ ысты совок с решетом пара

кусджыты æмæ зæхкусджыты ~ союз рабочих и крестьян;

профессионалон ~ профессиональный союз

фæлхæсады ~ потребсоюз

фысджыты ~ союз писателей

● халамæрзæн æмæ уисой – ~ грабли и метла заодно

цæдисæмбал (*бир.* цæдисæмбæлттæ) соучастник; союзник

● куырмæн лæдзæг – ~ слепому палка – его верный спутник

● ныфсæвæрæг – ~ кто надежду даёт, тот и союзник

цæдисон 1. союзник; 2. союзный

~ æмбал сообщник, компаньон, партнёр

Бибо йæхæдæг бирæ сурæттæ æмæ фæлгонцтæ сарæзта театр æмæ кинойы, – йæхи сурæт та æрхаудта йæ ~ æмбæлттæм. *Хозиты Б. Р.14. 02. 2019* Бибо создал множество портретов и образов в театре и кино, а долг создать портрет его самого должны исполнить его коллеги

~ æфсад союзная армия

~ хауæн *грам.* совместный падеж

цæдисондзинад союзничество

цæдждзинаг (*бир.* цæдждзинæгтæ) медный лужёный котёл для пива (*объёмом более 40 вёдер)*

Æз та Борæты ~ бахсиддзынæн æмæ сæ авд иннæ абоны хæринаг æмæ ностæй схæсдзынæн. *НК.* А я запаяю медный котёл Бораевых и через семь дней накормлю и напою их

иудзырдæй куыст ~ау æхсысти одним словом, работа кипела

цард ~ау фыцы жизнь кипит

цæджындз столб

Арвы ~ *астр.* Полярная звезда

рæбинаг ~ главная опора

бинонты рæбинаг ~ старший мужчина в доме

сæрызæды ~ священный столб

● хæдзары астæуккаг ~ мужчина в доме

Судзы мады зæрдæ дæр. Кæлынц йæ хæдзары ~тæ иугай. *Максим. Райсомы мигъ* Болит сердце матери. По одной рушатся опоры её дома

● хæдзар ~тыл арæзт у дом на столбах стоит

● хæдзар чи нæ сарæзта, уый афтæ ’нхъæл у ’мæ ~тæ сæхæдæг æвзæрынц кто дом не строил, думает опоры из земли сами растут

● царыхъæдтæ ~ уромы потолочные балки на столб опираются

● чысыл комдзаг дæр æххормаг лæгæн ~ у голодному человеку и маленький кусочек – поддержка

электрон тыхдæттæн ~ электрический столб

цæй I, цæй-ма какой; *межд.* ну, ну-ка

~ ахуыргонд у! какой из него учёный!

~ æмæ доныбылмæ ацæуон пойду-ка на речку

~ фидар дæ, хæстон лæг! Как же ты вынослив, боец!

~ фын æмæ ~ æндæр какой там сон

~ фын æмæ ~ æндæр – йæ цæстæнгас талынг цъары къуымты радав-бадав систа Малсæг. *Максим. Хæххон барæг* Какой там сон – только и знал, что водил глазами по тёмным углам Малсаг

~! *разг.* а ну (*окрик, выражающий приказание, угрозу)*

~, банцай! ну, перестань!

~, тагъддæр рацу! ну-ка, выходи быстрей!

~-ма ну-ка! будь другом! а ну-ка, дружок!

Ды дæ мæ зарæгæн йæ сæр. / ~, сыст, ызнæт фæдисон, цырддæр! *Бестауты Г. Уадтымыгъ*
Моя песнь о тебе, / Ну, вставай быстрее по тревоге!

цæй II
род. падеж от цы

цæйау … уыйау
как… так

цæйбæрц
сколько; в какой мере; насколько

● ~ бахъæудзæн, уый нырма бæрæг нæу
пока неизвестно, какое количество понадобится

● ~ цæссыг фæкалдтой
сколько слёз пролили

● дæ удæй уд ~ нæ фæкæнай, уæддæр дын дзы ницы рауайдзæн.
Сколько бы ты ни старался, ничего у тебя всё равно не получится

● уæдæй нырмæ ~ рацыдис астæ – Хуыцау йæ зонæг
сколько лет прошло с тех пор, один Бог знает

цæйбæрцфæнды
сколько угодно

цæйдæр
какой-то

цæйдæриддæр
какой бы то ни

цæййаг
какой; пригодный

~ загътай дæхæдæг
как ты сам выразился

Ахæм адæймаг ~ у!
На что годится такой человек!

Мæ фыд ~ фæзæгъы, уыйау
Как говорит мой отец

цæййау
подобно чему

цæйнæфæлтау
чем

● ~ бирæ æмæ æвзæр, фæлтау гыццыл æмæ хорз
чем много и плохо, лучше меньше, да лучше

цæйфæдыл
по какой причине; почему

Ахуыргæнæг ын бамбарын кодта, уырыссаг ныхæстæ иронау фыст ~ сты, уый. *Куыдзæг. Илас Æрнигон*
Учитель разъяснил ему, почему русские слова написаны по-осетински

Ам ~ удхар кодтон, уымæн абон дæр ницыма зонын. *Æхсарбег. Куырды фырт*
Чего я здесь так промучился, я и по сей день не знаю

цæкуы
поджаренное зерно

● ~йау хæрдмæ хауын / схъиуын
букв. подскакивать как поджаренные зёрна

● арсыл ~тæ æппарын
заниматься бесполезным делом

цæкуыйаг (*бир.* цæкуыйæгтæ)
зёрна, годные для поджаривания

Уæрхæг цырын арт ацарæзта, Уæрхтæнæг та уæлкъæйыл ~ æркодта. *НК.*
Уархаг развёл сильный огонь, а Уархтанаг насыпал зёрна на сковороду

~ тæвд къайыл скафын кæнын
заставить вертеться ужом на сковородке

Иу хъуыддаг мæ куы нæ уромид, уæд æй ~ тæвд къайыл скафын кæнин.
Если бы не одно дело, которое меня сдерживает, я бы его заставил вертеться ужом на сковородке

цæкуыхор
поджаренное зерно

Уæд цын сыгъд ~ы ссад доны удæстæй сæ разы аваердта. *НК. 4*
Тогда подали им на стол горелые молотые зёрна, замоченные в воде

цæл
угощение; пир

~ кæнын
угощаться; готовить угощение; пировать

~ кæнын куы уарзай, уæд кусын дæр уарз — любишь едой насладиться, люби и трудиться
зиууоны ~ — угощение участников совместной работы
● кæд мын зиууоны ~ уыдзæн, уæд цæуын — если угощение для участников зиу, общей работы будет, тогда пойду
нæртон ~ — пир горой
● Тутырæн – къуымæл, адæмæн – ~ — для Тутыра – квас, а для народа – пир
● хæтæг-хæтæг ~ ары, æгæр хæтæг цæф ары — для странствующего двери открыты, бродячему быть битым

цæлæмбыд — скупой; скаредный
~ лæгау — как скупец

цæлвасын — затянуть, стянуть; зажать

цæлгæнæг (*бир.* цæлгæнджытæ) — тот, кого угощают

цæлгæнæн — место, где готовится угощение; кухня
æфсæддон ~ — полевая кухня

цæлгуыбын — *разг.* обжора

цæллаг — хитрый
● ~ рувас — хитрая лиса
● ~ рувас бирæ цæры — хитрая лиса долго живет

цæллахъхъ — всплеск
уылæнты ~ — плеск волн

цæлмартæн — *мед.* грыжа; больной грыжей

цæлуарзаг — 1. обжора; гурман; 2. любитель вкусно поесть
● магусайæ ~ — сам лентяй, а вкусную еду ему подавай

цæлхæмбырд — круг
~ бадт — встреча за круглым столом
Хъæуы хистæртæ ныхасы ~æй рабадтысты. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Старейшины села сели в круг на нихасе
~ ралæууын — стать в круг
~æй æрныхас кæнын — обсудить за круглым столом
~ы архайджытæ — участники круглого стола

цæлхвæд, цæлхвæндаг (*бир.* цæлхвæндæгтæ) — след от колёс, колея

цæлхгæнæг, цалхгæнæг (*бир.* цæлхгæнджытæ) — колесник

цæлхдур — препятствие; камень преткновения
● алкæй фæндагыл дæр ~тæ фæзыны — на любом пути имеются препятствия
~ аиуварс кæнын — устранить препятствие
~ æвæрын — препятствовать, тормозить
● ~ уый мидæг ис — *прост.* вот в чём запятая; вот в чём помеха
~ы хос — камень преткновения
Афтæ йæм каст, цыма бинонтимæ афтæ хæстæг кæй у, уый ~ы хос у. *Умар. Стъалы куы скæса* — Ему казалось, что его тесная близость с семьёй может оказаться для него камнем преткновения
æнæ ~тæй — без затруднений, без осложнений, помех

● искæй раз ~тæ аразын — вставлять палки в колёса; намеренно мешать в осуществлении какого-л. дела

● искæй раз егъау ~æн лæууын — быть камнем преткновения для кого-л.

Разиатимæ кæрæдзи æмбæрстой, се ‘хсæн сусæгдзинадæй ницыуал уыди. Фæлæ уæддæр Сасинкæ сæ фæндагыл лæууыдис егъау ~æн. *Бирæгъты С. Фыдыус* — С Разиат они хорошо понимали друг друга, между ними не осталось больше никаких секретов. Но всё равно, Сасинка стояла как камень преткновения на их пути

● рæстæджы цыд ~ нæ зоны — время не остановить

● уыцы иу ~ыл къах скъуырын — наступать на одни и те же грабли

цæлхдурæвæрæн кæнын — чинить препятствия

цæлхдурджын — тернистый; многотрудный, тяжёлый

~ фæндаг — тернистый путь; многотрудная судьба

Зындгонд ирон фыссæг æмæ поэт Хацырты Сергейы цард уыд вазыгджын æмæ ~. *Р. 06.04.2017* — Жизнь известного осетинского прозаика и поэта Хачирты Сергея была сложной и трудной

цæлхыдзаг, цалхыдзаг — полный круг

~ мæй — полная луна; полнолуние

цæлхнад — проезжая дорога

цæлхыг — колесница

цæлхъ (*бир.* цæлхъытæ) — щелчок; удар

~-~æй фыцын — бурно кипеть; бурлить

Хъæрмхуыпп уæларт ~-~æй фыцы. Æфсин кæрдзынтæ кæны. *Æрнигон. Челе* — На огне вовсю кипит, разбрызгивается суп. Хозяйка печёт пироги

~ ласын — ударять

Сослан цæ ~ытæ райдыдта, авдавдæй ма иу авды ауагъта, иннæтæ бынхафт кæрдæгау æркалдысты. *НК.* — Сослан с мечом в руке разворачивается и начинает их рубить, из семи по семь оставил седьмую часть, остальных как траву покосил

● доны ~ хæфс дзæнгæрæг хоны — плеск воды лягушка за звонок принимает

ехсы ~ытæ — удары кнута

Сæ ехсы ~ытæй æмæ сæ бæхты къæхты хъæрæй Нарты зæронд лæгтæн Ныхасы бадгæйæ сæ зæрдæ ныссæххæтт ласта. *НК.* — От свиста их кнутов и топота копыт их коней у старейшин, что сидели на ныхасе, сердца зашлись

зæрдæйы ~-~ куырдты дзæбугты хостау хъуысы — стук сердца как удары кузнечного молота слышатся

йæ ~ зæххыл фæцыд — грохнулся о землю

доны йæ ~ фæцыди — бултыхнулся в воду

дзæнгæрæджы уæззау ~ытæ — тяжёлые удары колокола

царды ~ытæ — удары судьбы

Дæ цард, дæ цин – дæ хæст, дæ тохы. / Нæрыс, бырсыс ‘мæ дæ уырны, – / Дæ ~æй атондзынæ хохы. *Бестауты Г. Уадтымыгъ* — Твоя жизнь, радость – в войне, в бою. / Громишь; наступаешь, верю я, – / Своим ударом гору своротишь

цæлхъивын — затянуть, стянуть; зажать, придавить

цæм — сало (*на реке)*

цæмæдæр — почему-то; к чему-то

~ гæсгæ йыл сыстырзæрдæ сты — почему-то от него отвернулись

~ гæсгæ мæм йæ ныхæстæй иу дæр нæ бахъардта — Почему-то его слова до меня вовсе не дошли

адæймаг ~ фæбæллы, ~ фæтырны — человек к чему-то стремится, чего-то добивается

цæмæдæриддæр — к чему бы не; чего бы не

~ уæ зæрдæ ‘хсайы,уыдон уæ къухы бафтæнт — всё, к чему вы стремитесь, пусть исполнится

цæмæй — *союз цели* чтобы; откуда

~ йæ зоныс? — откуда тебе знать?

~ сæрæстыр дæ? — чем ты гордишься?

Ахæм лæварæн йе ‘мсæр лæвар æмбæлы. Мах та дын æй ~ бафиддзыстæм? *Максим. Райсомы мигъ* — За такой подарок положено ответить не меньшим подарком. А мы тебе чем отплатим?

тагъд кæнын, ~ ма поезд баййафон — тороплюсь, чтобы успеть на поезд

цы хъуамæ кæна адæймаг, ~ фылдæр фæцæра? — что должен делать человек, чтобы прожить дольше?

Фæндыди сæ, ~ зæххыл хæст ма уа, ~ æдылы зондджыны ма ‘ргæвда, ~ иу иннæйы мулк ма дава, ~ хъæздыг мæгуыры царм ма стигъа. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — Им хотелось, чтобы на земле не стало войны, чтобы глупый не убивал умного, чтобы один не обкрадывал другого, чтобы богатый не сдирал живьём шкуру с бедного

цæмæйдæр(ты) — чем-то, кое-чем, кое-как

цæмæйдæриддæр — чем бы не

~ дæ фæнды, уымæй дын ард хæрын — поклянусь всем, чем пожелаешь

баххуыс кæндзыстæм нæ бон ~ у, уымæй — поможем всем, чем сможем

царды ~ уыд цух, уыдонæй ныр хайджын уæд — всё, чем жизнь его обделила, пусть ему теперь достанется

цæмæйцæрон — средства к существованию; *разг.* пожитки

цæмæйцæронтæ — *разг.* мужское причинное место

цæмæн — *нареч. причины и цели* почему; зачем

~? — с какой стати? зачем? на каком основании

● ~ загътон, зæгъгæ, иу хатт фæфæсмоны бæсты, цæуылнæ загътон, бирæ хæттыты фæсмон кæн — чем один раз пожалеть, что сказал, лучше много раз сожалеть, что вообще не сказал

~ нæм фæзивæг кодтай знон? — почему ты вчера не зашёл к нам?

цæмæндæр — *нареч.* почему-то; для чего-то

~ мæм мæ зæрдæ афтæ дзуры, цыма мады ныхæстæм байхусдзæн лæппу — Почему-то мне кажется, что сын послушает свою мать

цæнæбæрæг — не бог весть сколько; не очень много

Фæмæгуыр дæн…æрзæронд дæн.. Зæххытæй дæр мыл ~ бирæ æрæнтысдзæн. *Болайы фырт. Чермен* — Обеднел я… постарел… Да и земли мне невесть сколько достанется

цæнгæт — 1. чугун; 2. чугунный

~ хъæлæсæй — с металлом в голосе

цæнгæтуадзæн — чугунолитейный

~ завод — чугунолитейный завод

цæнгдарæн, цонгдарæн браслет

цæнгдыс нарукавник (*из кожьей кожи для жнецов, охотников*)

цæнгдых сила рук; физическая сила

цæнд куча, масса; громада

● ~ы мондагæн ~ыл бадти за деревьями леса не видеть

● ~ыл дур нæ арын не видеть очевидного; *букв.* в куче камней камня не находить

~ыл дæр дуры къæртт нæ арын, / Мæ куыстæй не ‘взæры бæркад. *Шамил. Фæстаг ныфс* Не нахожу я камня среди камней, / И нету прока от работы моей

● дур дурыл æвæр æмæ дзы ~ рауайдзæн камешек к камешку и соберешь большую кучу

дуртæ ~мæ æрæмбырд кæнын собрать камни в кучу

Мæнæн цæй хицау ис, æмæ йæм алы сыхаг дæр йæ хуымы хылычьы дæр æрбарæцугъы, æз та сæ ~мæ фæхæссын. *Нафи. Сырдоны цæссыгтæ* Нет в семье хозяина, и каждый сосед швыряет на мое поле мусор со своего поля, а я собираю его в кучу

дурты ~ куча камней

зæххæнкъуысты рæстæджы хæдзар дуры ~ фестадис во время землятрясения дом превратился в груду камней

Лæггадгæнджытæ Тедейы алхыскъ кодтой, Ходон гуыбын ~ыл хоинаг, зæгъгæ. *Азæмæт. Азæмæты таурæгътæ* Прислуживавшие за столом подкалывали Теде, говоря, что обжору следует побить камнями

Зæлдайæн Зарбеджы уындæй йæ зæрдæ рысти, цыма-иу йæ зæрдæйы ихы ~ ныккалди, уыйау. *Секъа.* При виде Зарбека у Залда щемило сердце так, как будто его обдало ледяным дождём

Алы къуыппыл – дæ кувæндон, / Алы ~ыл – дæ хуымæллæг. *Хоры сæры куывд* На каждом холме – твоя молельня, / На каждом бугре – твой хмель.

цæнкъуыл калека; увечный

~ кæнын наносить увечья, калечить

бæлас ~ кæнын калечить дерево

~ сдзæбæх ис калека исцелился

цæнкъуысын сдвинуться; пошатнуться; покачаться, затрястись

~ кæнын сдвинуть; пошатнуть; покачать; затрясти

цæппарын, ныппарын бросить вниз

цæппæр пуговица (*чаще перламутровая или стеклянная);* бусы; жемчуг; чешуя рыбы

~ы хуызæн *букв.* яркий как верхняя пуговица

дзæнгæрæджы ~ кнопка звонка

кæсаджы ~тæ рыбья чешуя

● салдат йæ ~ ахордта солдат ничего не выдал

сидæг ~ыл ныххæцын нажать кнопку вызова

цæппузыр пуговица; бусинка

~тæй хал кæнын низать бусы

хиды ~тæ капли пота

цæстысыг ставд ~æй нызгъæлын	залиться крупными слезами
● йæ цæстысыг налхъуыт-налмас ~тæй ызгъæлы	слёзы бусинками лются из глаз
цæпуал цыдæй цæуын	мчаться рысью
цæра: кæрæдзийы ~йæ цæрынц	живут душа в душу
дæ ~йæ цæрдзынæн	я буду боготворить / молиться на тебя
Цытæ дзурыс! Кæд цæрын, уæд уый тыххæй куы цæрын, уый ~ куы кæнын. *Ашæх. Катя*	О чём ты говоришь! Если я живу, то ради него, я боготворю его
адæм йæ ~йæ цæрынц	люди боготворят его
адæмы ~йæ цæрын	жить для своего народа
● æнæ ды ~йæ кæрдзын нæ хæрын	не представлять себе жизни без тебя / без другого
цæрæг (*бир.* цæрджытæ)	1. живущий, проживающий; житель; 2. зажиточный
~ колхоз	зажиточный колхоз
~ хæдзар	зажиточный дом
бынæттон цæрджытæ	местные жители
бындурон ~	коренной житель; абориген
● зæхх цæрæджы у	земля для живущих на ней
Турчы ~ ирæттæ	осетины, проживающие в Турции
уæларв ~	небожитель
фатеры ~	квартирант; проживающий в квартире
хъæуы цæрджытæ	сельчане; сельские жители
цæрæгджын	обитаемый
~ пункт	населённый пункт
~ сакъадах	обитаемый остров
æппæты ~дæр	самый густонаселённый
цæрæгой	животный организм
~тæ зымæг зæххыл мæрдфынæй кæнынц, стæй, уалдзæг арв куы нынæры, уæд райхъал вæййынц	Животные зимой спят крепким сном, затем стоит только прогреметь весеннему грому, они просыпаются
● ~тæм дæр ис миниуæг	у животных тоже свои качества
~ты æрмахуыргæнæг	укротитель животных; дрессировщик зверей
~ты паддзахад	органический (*животный)* мир; мир животных
~ы чырæг	животная клетка
æнæрагъыстæг ~тæ	беспозвоночные животные
æхсырæйхæссæг ~тæ	млекопитающие животные
денджызон ~тæ	морские животные
дыкъахыг ~	человек; зверь о двух ногах
дзæгъæл ~тæ	беспризорные животные
саскхор æхсырæйхæссæг ~	травоядное млекопитающее
сыкъаджын ~	рогатое животное
сынæрдзæгъдæг ~тæ	жвачные животные

табуйаг ~ священное животное
фыдхор ~тæ плотоядные животные
халхор ~тæ травоядные животные
хæдзæрон ~тæ домашние животные
хуымæтæг ~тæ простейшие организмы
хъæддаг ~тæ дикие животные

цæрæгуд существо; живое создание

цæрæдздзаг 1. жизнеспособность; 2. жизнеспособный

цæрæн 1. жилище; 2. жилой
~ бынат жильё; место обитания
~ фæзуат жилая площадь
~ хæдзар жилой дом

цæрæнбар прописка
~ райсын получить прописку

цæрæнбон жизнь, долголетие, дни жизни
~ расидын сказать здравицу
~ы ахст пожизненное заключение
дæ ~ бирæ! живи многие годы! *(пожелание)*
искæй ~ бануазын поднять бокал за чьё-л. здоровье, выпить за чьё-л. здоровье

цæрæнбонты всю жизнь, всегда; на всю жизнь
~ æнхъæлмæ кæсын ждать всю жизнь
~ бæрнон бынæтты фæкуысын проработать всю жизнь на руководящих должностях
~ дæр мæ нæ ферох уыдзæни вовек не забуду
~ фæтох кæнын всю жизнь бороться
● дæ ~ мацæуыл бахуд, æндæра дæ хай фæуыдзæн над чем смеялся, то и получишь

цæрæнбынат (*бир.* цæрæнбынæттæ) жилище; жильё; место обитания
~ æнæбары ныууадзын кæнын быть вынужденно перемещённым
~ ивын поменять квартиру / жилище
~æй сыстын кæнын выселить
~ы номхуынд адрес

цæрæндон (*бир.* цæрæндæттæ) местожительство
æфсæдты ~ казарма
зæрæдты ~ дом престарелых

цæрæнран жительство

цæрæнуат (*бир.* цæрæнуæттæ) усадьба; квартира

цæрæнуатон жилищный
~ уавæртæ жилищные условия

цæрæнфæрæзтæ средства к существованию

цæрæнхос источник, средство существования

цæрæццаг жизнеспособный; долголетний
~ уæвын быть жизнеспособным
уæ ноггуырд ~ уæд! долгой жизни вашему новорождённому!

~ фæлтæр — жизнеспособное поколение
~ фæсивæд — жизнеспособная молодёжь
цæрвæхсидæн — каша из муки и масла
цæрвджын — маслянистый; масляный, с маслом
цæрвисæн — Снятие масла (*праздник в Масленицу*)
цæрвитын — послать вниз
Цæрвтæ къахæн, Цæрвкъахæн — Масленица
цæргæ! — будь здоров!
цæргæбонты — всю жизнь
цæргæс — орёл, царь птиц
● ~ куынæуал фæтæхы, уæд цады был хизы — орёл, что не летает, по берегу озера гуляет / ковыляет
Мæн дуг батонын халонæй нæ фæнды, / Мæн а зæххыл ~æй хъæуы цард. *Бырнацты Б. Рубаитæ* — Не хочу жизнь как ворон прожить, / Хочется орлом на земле этой быть
● ~ тæхгæйæ фидауы — орёл красив в полёте
~ы бæллын, / Уæларвы нæрын. *Къоста. Хъуыбады* — Мечта орла / Взлететь за облака
● ~ы бырынкъ йæ ныхтæй тыхджындæр у — *букв.* клюв у орла сильнее его когтей
● ~ы цæст дардмæ уыны — орёл вдаль смотрит
● ~ыл уари 'лдариуæг кæны — сокол довлеет над орлами
Тæхгæ чи кæны, уыдон се 'ппæт ~тæ не сты. Уæлдайдæр мæ хуызæн гуымыдзатæ. *Максим. Райсомы мигъ* — Не все, кто летают, орлами бывают. Особенно такие непутёвые как я
● халонæн йæ лæппын амард æмæ йыл ~ты та кæуын кодта — загребать жар чужими руками; *букв.* у ворона птенец умер, так он орлов его оплакивать заставлял
хæххон ~ — горный орёл
~ кæцæй стæхы, уый нæ, фæлæ кæй онгты стæхы, уый у диссаг. *Бицъоты Г. Цæстырухс* — Удивления заслуживает не то, откуда орёл взлетает, а то, как высоко он может воспарить
цæргæсфындз — орлиный нос
цæргæ-цæрæнбонты — в течение всей жизни, всю жизнь
цæрдæг — ловкий, проворный, быстрый, поспешный, торопливый; бодрый, живой
~ бæх — ретивый конь
~дæр! — *разг.* больше жизни!, живей!, веселее!
~ зæнгтæ — резвые ноги
~ сывæллон — живой ребёнок
~ фæзылд — ловкий поворот
~ фæлæууын — быть начеку
цæрдæгæй, цардæггомау — ловко, проворно, быстро, поспешно, торопливо; живо, бодро
цæрдæггæнæг — бодрящий
цæрдæгдзинад — ловкость, проворство, быстрота, поспешность, торопливость; живость, бодрость

цæрддытæ житьё-бытьё

цæрддзу сильное беспокойство; сильное желание, жажда (*чего-л.)*

~ кæнын страдать; метаться; сильно беспокоиться

Ныууадз сывæллоны, цы дзы дæ ныхтæ ныссагътай! Адæм ыл ~ кæнынц, уымæй хуыздæр ма цы хъуамæ уа. *Цхуырбаты М. Æнæмæлгæ уидаг* Оставь ребёнка в покое, что ты в него вцепился! Люди о нём беспокоятся, что ещё может быть лучше

● арс йæ læппыныл ~ кæны медведица о своем детеныше печётся

● сыдæй ~ кæны страдать, изнемогать от голода

цæрдуд 1. живучесть, жизнеспособность; 2. живой

~ æрдз живая природа

~ læппуйыл кæдæм хъарæг кæныс? чего ты оплакиваешь живого?

~ уæвæг живое существо

цæрдудæй живьём

● ~ искæй мæрдтыл бафтауын похоронить кого-л. заживо

● ~ ингæнмæ батæрын свести в могилу заживо

● худинаджы бæсты та ~ ингæнмæ ныххизын лучше живым в могилу лечь, чем позор терпеть

● ~ кæуинаг фæуын участь достойна того, чтобы её оплакать

● ~ ныгæнын хоронить заживо

цæрдхуыз, цардхуыз благополучный, цветущий (*о человеке)*

● скъæфгæ бирæгъ кæны 'мæ дзы нæ ~ у, нæ – хæрдхуыз волк всё хапает, а всё равно ни кожи в нём, ни рожи

цæрдхуынкъ, цæртхуынкъ сквозное отверстие

~ кæнын пробить насквозь

цыргъ дæндæгтæй ~ фæкæнын прокусить насквозь острыми зубами

Уыцы даргъ æфсæн зæгæлтæ кæуыл аныдзæвынц, уый ~ фæкæнынц. *НК.* Эти длинные железные гвозди к кому прикоснутся, того насквозь протыкают.

цæрдхуынкъæй насквозь

цæринаг, цæрæццаг жизнеспособный; долголетний

~ гуырд фæуæд долголетия новорожденному

Фыдбылызтæ зæронд азыл фесæфæнт! Ног азыл та нын ног ~ læппутæ радт! Пусть сгинут все невзгоды вместе со старым годом! В новом году пусть народятся здоровые детки!

цæрмхафæн инструмент для снятия верхней кожицы с овчины, скобель

цæрмыстыгъд ободранный; очень похожий на кого-либо, вылитый

● ~ бакæнын обобрать до нитки

● йæ фыды ~ бакодта он вылитый отец

Чи у, кæм æй федтаин? Фælæуу, фælæуу, ай Дунетханы ~ куы бакодта! *Ахуырбег. Хуры зарæг* Кто она, где я мог её видеть? Постой, постой, она же вылитая Дунетхан

цæрутæ *охот.* живые

цæрын жить

● æнæ фосæй цæрæн нæй без скота не проживёшь

● «а» æмæ «о»-йæ ~ — жить душа в душу, очень дружно, хорошо понимая друг друга (*часто о супругах)*

● адæмимæ ~ зонын хъæуы — надо уметь жить в согласии с людьми

● арвы кæрон ~ — жить за тридевять земель

æнцад-æнцойæ ~ — жить тихо-мирно

● искæй зондæй ~ — идти на поводу у кого-л.

● искæй ~ уадзын — не мешать кому-л. жить

● иу боны куыстæй ничи цæры — нельзя жить одним днём

● йæ бинонтæ хæларæй кæмæн цæрынц, уымæн йæ хæдзары бæркад бирæ у — дом, где царит мир и дружба, царит и изобилие

● кæнæ цæргæ, кæнæ мæлгæ — либо пан, либо пропал

● кæрæдзийы цæрайæ цæрынц — живут душа в душу

● кæсаг сурыл нæ цæры — рыба на суше не живёт

● куыдз æмæ лæдзæджы цардæй цæрынц — ладят как собака с палкой

лымæнæй ~ — жить в дружбе

● стон-схæрæй ~ — не ладить друг с другом

● туджджын æмæ тугагурæй цæрынц — живут как кровники

● цæр æмæ хæр! — будь здоров (*пожелание чихнувшему*)

● цæргæ! — будь здоров (*пожелание чихнувшему*)

● цæр, цалынмæ Хъæриуы хох тыччыйы йас бауа! — Живи вечно!

● цæрынæй чи бафсæст, ахæм нæй цæрыны баргæхæтт — жизнью нельзя пресытиться вид на жительство

цæрынæй-хæрынмæ, цæргæ-цæрæнбонты — от колыбели до могилы, на протяжении всей жизни, всю жизнь

● ~ хæдзар-хæдзар фæкодта 'мæ æдзарæй баззад — всю жизнь только о доме мечтал, а остался бездомным

цæрынмондаг — жаждущие жизни

цæрынтæ-хæрынтæ байдыдтой — *ср.* стали жить поживать и добра наживать (*обычное завершение сказок)*

цæрынхъом — ставший на ноги, поправивший своё материальное положение

цæрынхъомад — жизнеспособность

цæрынхъуаг (*бир.* цæрынхъуæгтæ) — мало живший; безвременно умерший

~æй амæлын — безвременно скончаться

цæсгом (*бир.* цæсгæмттæ) — лицо, вид; слава; честь; совесть

● ~ армыдзаг йедтæмæ нæу — надо совесть иметь

~ батæрын — набраться наглости

~ бахæрын — потерять совесть

~ дæр дзы хъæуы! — совесть надо иметь!

● ~ – зæрдæйы айдæн — лицо – зеркало души

● ~ равдисын — явиться, появиться, показаться

æцæг ~ равдисын — показать истинное лицо

● ~ скæнын — хорошо проявить себя; показать себя с хорошей стороны

● ~ суадзын — распуститься; стать бессовестным; обнаглеть

Кæстæртæ та бынтон сæ ~ суагътой — Младшие совсем распустились

● ~ сырх куы нал кæна, уæд уый стыр бæллæх у — когда человек перестаёт краснеть, это ужасно

Йæ ~ сырх кæмæн нæ кæны, ахæмимæ зын цæрæн у. *Бицъоты Г. Урс æмдзæвгæтæ* — Трудно жить с человеком, у которого нет совести

~ сырх хъулæттæ сси — лицо пошло красными пятнами

● ~ фырæфсæрмæй сыгъди — лицо горело от стыда

● ~ ыл нæй — у него нет никакой совести

~æй зонын — знать в лицо

~ы æнцъылдтæ — морщины на лице

~ы хуыз фæцыд — лица на нём нет; побледнел

● ~ы цъар ыл нæй — совести у него никакой нет

● ~ыл дæр фыст у — всё очевидно; всё на лице написано

● дæ ~ авгау сыгъдæг у — твоя совесть чиста

● дæ ~ æмæ дæхæдæг — пусть это будет на твоей совести

дæ ~ куыд амоны, афтæ архай — поступай по совести

искæй ~ чъизи кæнын — опозорить кого-л.

искæй раз рухс ~ уæвын — совесть чиста перед кем-то

йæ ~ ærлæбырди — он потерял лицо; совсем стыд потерял

● йæ ~ куыд хъæцы — *прост.* как у него совести хватает! как он смеет

йæ ~ фендæрхуызон — он изменился в лице

йæ ~ хид нæ кæны — он никого не стесняется

● йæ ~ цикъæйау ныффæлурс — она побледнела

● йæ ~ы хуызыртау нал и — она стала смертельно бледной

● йæ ~ ыл æрхауд — он потерял совесть

● йæ цуры мæ ~ сыгъдæг у — моя совесть перед ней чиста

къухтæ зæххыл æрхойут – уæ ~ыл æрсæрфут — ударьте руки об пол – оботрите их о лицо

мæ ~ нал хъæцы — мне совестно

мæ ~ судзы — у меня лицо горит (от стыда)

● сыгъдæг ~ кæмæн ис, уый хуыздæр фынæй кæны — у кого чистая совесть, тот лучше (спокойно) спит

● уымæн йæ ~ къамбецы цармæй у — он толстокожий, бессовестный

● цы ~ ма сæм равдисдзынæн? — как я им посмотрю в глаза?

Расыгæй кæнынц / Сæхицæн ~. / Ай дын сæ митæ, – / Куыд фæнды сæ дом. *Секъа. Расыггæнджытæ* — Выпивши, / Показывают себя. / Вот их поступки, / Что с них требовать

тымбыл ~ — круглое лицо

тымбыл къухы йас ~ — лицо с кулачок

Хъæццулы бын амбæрзта къухтæй йæ ~, æмæ, чысыл-ма хъæуа, хъæрæй ма нынниуа... *Арсен. Фембæлдысты* — Под одеялом закрыл лицо руками, и, чуть было, не взвыл

фæлæхс ~ — испитое лицо

цы ~æй мæм æрбацыдта? — с какой совестью ты заявился ко мне?

цæсгомæмбæрзæн — вуаль; чадра; покрывало (*для лица)*

цæсгомджын — бессовестный; наглый; смелый; добросовестный, совестливый

Нæй ~ куыстæй исбон скæнæн дæр. Афтæмæй лæг æрцыд давыны фæндагмæ *Шамил. Ирон аив дзырды зæрингуырд* — Трудясь порядочно не наживёшь богатства. И так стал человек на путь воровства

иттæг ~ ми бакæнын — поступить вполне порядочно

цæсгомджынæй — не за страх, а за совесть; добросовестно

~ хæстæ æххæст кæнын — добросовестно выполнять свой долг

цæсгомон номивæг — *грам.* личное местоимение

цæссыг, цæстысыг — слеза

~ æууæнчы хос нæу — слезам не верят

● ~ калын — пустить слезу; проливать крокодиловы слёзы

Цымæ цæмæн калы ~?.. / Кæддæр, дам, ам салдат хæцыди, / Йæ риуыл сæмбæлди нæмыг. / Бæлас кæд ууыл кæны хъыг?.. *Дæуыт* — Почему слёзы оно проливает?.. / Говорят, когда-то здесь солдат воевал, / Пуля в грудь ему угодила. / Может, дерево плачет о нём?..

æнæвгъауай ~ калын — лить слёзы безостановочно

~ згъалын — плакать, проливать слёзы

Æмæ йыл æртæ цæссыджы æрæппæрста Хуыцау. *НК.* — И три слезы пролил по нему Бог

~ лæмæгъдзинады нысан нæу — слёзы не признак слабости

Æмæ аку. Уый ницы кæны. ~ лæмæгъдзинады нысан нæу. Уый сыгъдæг зæрдæйы нысан у. *Хъайттаты С. Хъомгæсы фырттæ* — А ты поплачь. Это ничего. Слёзы – не признак слабости. Слёзы – признак чистосердечности

~ нæ бауромын — не сдержать слёз

~ расайын — вызвать слезы

~ фемæхсти — залиться слезами, плакать в три ручья

● ~æй ницы бакæндзынæ — слезами горю не поможешь

~тæ æнæныфсдзинады нысаниуæг сты — слёзы признак слабости

Нана, лæгæн уынгæг сахат / Зæрдæныфс нæу ~. *Кочысаты М.. Хæрзбон* — Мама, мужчине в трудный час / Слеза не станет опорой

● ~тæ уæлæнгай дарын — быть слезливым

● ~тæй хи æхсын — обливаться, умываться слезами

Æз ын æхсын йæ хъæдгæмттæ ~æй, ... / Йæ рыст, йæ тыхст, йæ сагъæстæй хъæрзын. *Шамил. Хъодыгонд зæд* — Я омываю слезами его раны, / Стонет от его боли, тревоги, его дум душа моя

● æнæ ~æй бакæсæнтæ нал ис — нельзя смотреть без слёз

æфсоны ~тæ — притворные слёзы

● дзæргъы ~тæ бирæгъыл æртыхсдзысты — отольются кошке мышкины слёзки; как аукнется, так и откликнется

● særdæ куы судза, уæд сохъхъыр цæстæй дæр ~ цæуы — когда душа болит, то и из кривого глаза слеза капает
● særdæ куынæ судза, уæд ~ нæ кæны — душа не болит, слёзы не льются
● йæ ~æй йæ сау цæсгом нæ ныхсдзæни — слезами он не оправдается, не отмоется
● ~ мардæгасгæнæг нæу — слезами с того света не вернёшь
● ~ масты судзаг йемæ ласы — слезы облегчают горе
нымад ~ — скупая слеза
судзгæ ~ калын — лить горючие слёзы
● хæйрæджы ~ — арака (слёзы дьявола)
цæссыджы хуызæн сыгъдæг адæймаг — честный, порядочный человек
цины ~тæ — слёзы радости
цины ~тæ бирæ нæ хæссынц — слёзы радости недолги
цæссыгæйдзаг — полный слёз; в слезах
~ цæстытæ — заплаканные глаза
цæст (*бир.* цæстытæ) — глаз; круглое отверстие, дыра; просвет; колесо; отделение
~ ахæссын — окинуть взглядом; осмотреть
● ~ æнхъæл нæ уыди æмæ æрфыг-æрфыг кодта — после неожиданного везения требовать больше; вместо благодарности за везенье человек хочет большего
~ æрæвæрын — *разг.* глаз положить на кого-л.; обратить внимание, заинтересоваться кем-л., чем-л.
~ æрныкъулын — подмигнуть (*кому-л.)*
● ~ дарын — обращать внимание; следить; наблюдать; контролировать постоянно присматривать за кем-л., чем-л.
● ~ искæуыл æрхæссын — оглядеть кого-л.
~ йе ’внæлдыл нæ хæцы — у него всегда работа спорится
~ кæй нæ уына, уый зærдæйæ æнцондæр æппарæн у — с глаз долой – из сердца вон
~ытæ кæрæдзийыл нæ æрæвæрын — не сомкнуть глаз; не заснуть ни на минуту
● ~ сыджыт йедтæмæ ницæмæй æфсæды — жадного могила исправит
● ~ цы нæ уына, уымæн фидар у — чего глазу не видно, перед тем устоять можно
~æй хорз нал уæвын — плохо видеть; иметь слабое зрение
~ы арфæ — заговор против сглаза
● ~ы гагуы — зрачок
● ~ы гагуыйау хъахъхъæнын — беречь пуще глаза; не дать волосу упасть с головы; заботливо, бдительно
● ~ы зулæй — краем глаза
● ~ы зулæй дæр æм нæ бакаст — даже краем глаза не взглянул
~ы кæрон — краешек глаза
● ~ы кæронæй дæр нæ фенын — даже глазом не увидеть
● ~ы къахтæн – ~ы къахт — око за око
~ы къуырф — *анат.* глазница
● ~ы ныкъуылд — мгновение ока, мгновение

● ~ы сындз фестын — стать ненавистным
~ы тигъæй — краем глаза
~ы тъæбæртмæ — мгновенно, в мгновение ока
~ы тъыфал — веко
~ы фæныкъуылдмæ — с лёту; легко сделать что-л.
● ~ы цæй бæрц хъæуы, гуыбыны уый бæрц нæ хъæуы — видит око, да желудок неймёт
~ытæ атартæ сты — в глазах потемнело (помутилось)
● ~ытæ атонын нал куымдтой — не мог оторвать глаз
~ытæ аууæрдын — потереть глаза
~ытæ бацъынд кæнын — смежить глаза
~ытæ доны разилын — прослезиться
● ~ытæ дзы риссынц — быть неприятным для глаз; раздражать

~ытæ ныдздзагъыр кæнын — уставиться, таращиться
● ~ытæ цæхæртæ акалдтой — искры из глаз посыпались
~ытæй туг кæлы — плачет кровавыми слезами
~ытæй фæтар уæвын — скрыться из глаз
~ыты тъыбар-тъыбур — моргание, частое движение веками
~ытыл æнæрхæцæгæй амæлын — умереть в одиночестве; некому было закрыть глаза
● ~ытыл нæ бауурндын — не поверить своим глазам
~ытыл уайын — стоять перед глазами
● абоны ~æй кæсын — быть недальновидным; оценивать по состоянию на сегодня
● адæмы ~мæ архайын — *разг.* работать на публику; стремиться завоевать симпатии зрителей, слушателей
● æвзæр ~æй кæсын — относиться плохо, неодобрительно, враждебно
● ældары ~ – зынæфсис — алдару всё мало; у алдара глаза завидущие
● æмæ йæ мæ ~ы кæронæй дæр нал ауыдтон — и был таков; и внезапно исчез; убежал, сбежал
● æцæгдзинад ~ытæ къахы — правда глаза колет
● бирæйæ ~ дæр не ’фсæды — многим и глаз не насытится
● галиу ~æй кæсын — смотреть неподобающим образом
● дæ ~ытæ хизынмæ уыдысты? — как этого не заметил? где твои глаза были?
● дæ ~ытыл дæ хъустæй фылдæр æууæнд — верь больше своим глазам, чем своим ушам

донхуыз ~ытæ — тёмно-серые глаза
● дыууæ ~ы астæуæй фындз фелвасдзæни — *прост. шутл.* на ходу подмётки рвёт (режет); чрезвычайно изворотливый
Зæрдæйы дуар дзых фæхонынц, / Дæуæн та сты дæ ~ытæ. *Цæгæраты Г. Дæ цæстытæ* — Говорят, ключ к сердцу – уста, / А у тебя этот ключ – твои глаза
● знаджы ~æй кæсын — враждебно относиться
● зул ~æй кæсын — смотреть косо

● искæй ~ы ахадын — быть в милости у кого-л., быть любимцем
● искæй ~ы бафтауын — скомпрометировать кого-л.
● адæмы ~ы бафтауын — опорочить кого-л. публично
● дæхи фыдгулы ~ы макуы бафтау — не давай врагу повод навредить тебе
искæй ~ы бафтын — привлечь к себе чьё-л. внимание, обратить на себя внимание

искæй ~ы бахауын — бросаться в глаза, привлекать внимание
● искæй ~ы бæрзонд æвæрд уæвын — быть в почёте у кого-л.; высоко цениться
● искæй ~ытыл æрхæцын — закрыть глаза умирающему
● искæй хæдзары галы ~æй кæсы, йæхи хæдзары та – цъиуы ~æй — в чужом доме заправляет, а в своём на птичьих правах
искæмæ / истæмæ цыппар ~æй кæсын — очень внимательно смотреть, во все глаза
● искæмæй ~ нал исын — уставиться на кого-л.
● искæмæн ~ бауарзын — пожелать кому-л.добра; порадеть
● мæ ~ ын уарзы — я желаю ему добра; рад за него
истæуыл ~ытæ ахæссын — оглядеть что-л.
исты ~мæ дарын — упрекать в чём-л.
йæ ~ дæр нæ фæныкъулдзæн — глазом не моргнёт
йæ ~ дзы нал æмæ нал æфсæсти — он не мог насмотреться на…
йæ ~ никæуыл хæцы — он никого не замечает
йæ ~ытæ доны разылдысты — у неё слёзы навернулись на глаза
комкоммæ ~ытæм кæсын — смотреть прямо в глаза
куыд фæндыйы ~æй кæсын — смотреть безразлично
● куырм йæ дыууæ ~ыл хъаст кодта — слепой на оба глаза жаловался
● къухы цы вæййы, уый ~ы нæ ахады — что в руках бывает, тому цены не знают
● лæгæн йæ ~ытæ дзæгъæлы куы зилой, уæд йе ’взæр уымæй бæрæг у — плохого человека видно по бегающим глазам
● лæджы ~æн бафсис нæй — глаза завидущие, ненасытные
мæ ~ы рухс — свет очей моих; моя радость
мæ ~ыл не ’ууæндын — глазам своим не верю; ни в какие ворота не лезет

● мæ ~ ыл никуы æрхæцыд — я не заметил его, не попался мне на глаза
● мæ ~ытæ мæ кæд нæ сайынц — если меня не подводит зрение
мæ ~ытæ ныуурс сты — я долго ждал, глаза проглядел
● мыггагмæ ~ытæ æрæхгæнын — умереть, уснуть вечным сном
сагъæсвæлдæхт ~ытæ — задумчивые глаза; озабоченный взгляд
● тæхгæ-тæхын маргъы ~ нæ ивгъуыдта, ахæм рæстдзæф уыд — птицу на лету в глаз бил, такой меткий был
туасæй рæхойаг ~ытæ — колючий взгляд
уыдонæн сæ ~ æвзæр никæмæн зæгъдзæн — они никому не желают плохого, очень доброжелательны
уый тыххæй мæ ~ы къаддæр нæ ахаддзынæ — от этого я тебя меньше уважать не стану; не изменю о тебе своего мнения
уынаг ~ — всевидящее око
● фыр диссагæй ~ытæ рабырыдысты — от удивления глаза на лоб полезли

● фырхæлæгæй йæ ~ыты фиутæ тайынц — от зависти худеет
хи ~ыты раз — на глазах у кого-л.
хи дыууæ ~æй фенын — увидеть собственными глазами
хион ~ы нæ ахады — нет пророка в своём отечестве
хионы ~æй ракæсын — отнестись по-свойски
хъоппæг ~ытæ — глаза навыкате
цалынмæ мæ ~ æрттива — пока я жив
цъæх ~ытæ — голубые / зелёные / серые глаза
● чызджы ~ – рагъæныл — у девочек только тряпки на уме

цæссыджы рæзынæг — *анат.* слезная железа

цæстахадгæ — заметный, значимый

цæстахаст — обозрение; воззрение
политикон ~ — политическое воззрение

цæстæвæрæн — привлекающий взгляд; притягивающий взор

Дугъон бæхæн-иу тарстысты цæстыйæ, хинтæй, фыдбылызтæй. Ис æмбисонд: «~ фос цæстдзыд кæны» *Шамил. Фидиуæг, 2004, № 5* — Что до скакуна, то боялись сглаза, козней, несчастий. Есть поговорка: «скот, что взгляд притягивает, и сглаз притягивает»

цæстæй — на глаз
æнæхотых ~ — невооружённым глазом

цæстæйуынаг — глазастый; зоркий

цæстæйфенæг — очевидец

цæстæнгас (*бир.* цæстæнгæстæ) — взгляд, взор; выражение глаз; точка зрения, аспект; внимание

~ æрхæссын — обвести, окинуть взглядом
Сылгоймаг мыл йæ ~ æрхаста, стæй уæд дзуапп радта. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Женщина оглядела меня, затем дала ответ
~ – зæрдæйæн йæ айдæн. *Кочысаты. М.* — Взгляд – зеркало души
~ иуварсырдæм аздахын — отвести взгляд в сторону
● ~ сæйрагдæр у, хæрд æмæ ноздзæн ницы сты — важнее приветливо встретить гостя, чем вкусно угостить
~æй базонын — определить по выражению лица
Рауайдзæн уайтагъд сæ размæ сæ ныййарæг… / Уайтагъд сæ базондзæн иу ~æй дæр. *Къоста. Хетæг* — Вот тотчас выйдет им навстречу родная мать… / Тут же всё поймёт с первого взгляда
~ыл бæрæг дарын — видно по выражению глаз
æргом ~ — откровенный, прямой взгляд
искæй ~ химæ раздахын — привлечь чьё-л. внимание
искæй ~æй цæрдхуынкъ кæнын — пронзать взглядом кого-л.
искæмæ ~ аивын — изменить своё отношение к кому-л.
искæмæ уæлдай ~ дарын — относиться к кому-л. по-особенному
искæмæн исты ~æй ацамонын — глазами, взглядом указать кому-л. что-л.
искæуыл ~ æрхæссын — оглядеть кого-л.
иумæйаг ~мæ гæсгæ — по общему мнению

кæрæдзийы ~æй æмбарын — понимать друг друга с полуслова
къахæн ~ — испытующий пронизывающий взгляд
мæлдзой ~ — безжизненный взгляд
тызмæг ~ — мрачный, суровый взгляд
● уазал ~ дарын — холодно обращаться с кем-л.
● уазæг ~мæ кæсы — гость во взгляде хозяина всё читает
● фæлмæн ~ — мягкий взгляд
фæрсласæг ~ — пристрастное мнение
хицæн цæстæнгæстæ — различающиеся мнения

цæстæнкъард — грусть в глазах

цæстдарæг (*бир.* цæстдарджытæ) — 1. наблюдатель; 2. наблюдающий, надзирающий

æхсæнадон ~ — общественный наблюдатель
Дæуæн дæхицæн æртæ цæстдарæджы баххуырсын хъæуы. *Бицъоты Г. Цæстырухс* — К тебе самому троих надзирателей приставить нужно

цæстдарæн — 1. наблюдение; 2. наблюдательный
~ пункт — наблюдательный пункт

цæстдард — наблюдение, присмотр, надзор
~ы бын уæвын — быть под наблюдением
ам ~ хъæуы — здесь нужен глаз да глаз
уæлдæй ~ — дополнительный присмотр; усиленный надзор

цæстдардæй — под эгидой

цæстдаринаг — нуждающийся в присмотре

цæстдзыд, цæстыдзыд, цæстыд — сглаз
~ кæнын — сглазить
~ кæны мад йæхи сывæллоны дæр — сглазить и родная мать может
~æй тæрсын — бояться сглаза
● цæстæвæрæн фос ~ кæны — скот, что взгляд притягивает, и сглаз притягивает

цæстдзыдгæнæг — глазливый

цæсткæсæнтæ — очки

цæстмæ — напоказ; в глаза
● ~ дзурын — льстить; говорить пристрастно
● ~ ми — *разг.* показуха

цæстмædарæн — 1. упрёк; 2. упрекающий

цæстмædард — упрёк

цæстмæми — что-то показное; деланное; *разг.* показуха
~тæ кæнын — лебезить, льстить
~тæ сæрмæ никуы ‘рхæссын — никогда не опуститься до лицемерия

цæстмæхъус — 1. лицемерие, лесть; 2. лицемерный; 3. лицемерно
~ адæмыл бауæндын — поверить лицемерным людям
● ~ ныхас дæ сæрмæ ма хæсс — не опускайся до лицемерия

~ ныхас / Фыдбылыз хæссы. *Къоста. Халон æмæ рувас* — Льстивые слова / Приносят беду

~ ныхасмæ мын æй ма бамбар, Къоста. Ды бирæ диссæгтæ федтай, бирæ адæмтимæ сæмбæлдтæ æмæ дæ зарджытæ дæр афтæ дæсны уымæн сты. *Максим. Æхсызгон улæфт* — – Не сочти мои слова за лесть, Коста. Ты много повидал, со многими людьми встречался, и потому в твоих песнях столько мастерства

цæстмæхъусдзинад — лицемерие

цæстниз — *мед.* конъюнктивит

цæстныкъулæнтæ — *прост.* глаза, мигалки

цæстныллæугæ — ослепительный; привлекательный

цæстой — кривой, одноглазый

цæстуарзон — доброжелательный, дружественный

~ арфæтæ — благопожелания

~ критик — благожелательный критик

цæстуарзонæй — доброжелательно

цæстуарзондзинад — доброжелательство

цæстуынгæ — 1. видимый; очевидный; наглядный; 2. на виду, перед глазами

~ ахуыргæнæн дзаумæттæ — наглядные пособия (*учебные)*

~ æцæгдзинад — очевидная истина

~ дæнцæг — наглядный пример

цæстуынгæйæ — на глазах; очевидно

~йæ сайын — врать в глаза

цæстфæлдахæг (*бир.* цæстфæлдахджытæ) — жулик, мошенник, обманщик; фокусник

цæстфæлдахджыты амæттаг бауын — стать жертвой мошенника

цæстфæлдахæн — жульнический, мошеннический

~ хъуыддаг — жульническое дело

~ митæ кæнын — жульничать

~ митæ раргом кæнын — изобличить жульничество

цæстфæливæг (*бир.* цæстфæливджытæ) — жулик, мошенник, обманщик; фокусник

цæстфæливæн — 1. видимость; 2. лживый, жульнический; мошеннический, обманный

уый иууылдæр ~ у — это одна видимость

цæстфæлхатæн — показной

~ акæнын — втереть очки

~æн — для отвода глаз; на показ

цæстыахадгæ — видный; очевидный

цæстыгагуы, цæсты гагуы — зрачок

цæстыгагуыйау — как зеницу ока

~ хъахъхъæнын — беречь как зеницу ока

цæстыгæнаг / цæстыгæнæг — подверженный сглазу

цæстыдæлтъыфæл — нижнее веко

цæстыздахаг — привлекательный

цæстызулæй — краем глаза

Сабан Бедзæйы ~ ауыдта, Зæрæбегмæ та комкомма бакаст. *Бицъоты Г. Арвы айдæн* — Сабан увидел Бедзу краем глаза, а Зарабегу посмотрел прямо в глаза

цæстыйæ тæрсын — бояться сглаза

цæстылуайæн — видение; галлюцинация

цæстылхæцæг — сидящий у постели умирающего

● æнæ ~æй мæлын — умереть в одиночку; *букв.* некому глаза закрыть

цæстытæ хъуымац — ткань в горошек

цæстырухс — 1. утешение; зрение; 2. *ласк.* милый, ненаглядный

цæстысыг *кæс* **цæссыг** — слеза

~ ызгъæлы / Агмæ сусæгæй... / Митæйдзаг æхсæлы / Мары фæздæгæй… *Къоста. Сидзæргæс* — Слёзы скатываются / Украдкой в котелок… / Заиндевелый можжевельник / Душит своим дымом

цæстысындз — ненавистный человек; бельмо в глазу

~ уæвын — мозолить глаза; колоть глаза

æнæхъæн сыхбæстæн дæр ~ ссис — вся округа возненавидела его

~ фестын — вызывать неприязнь, раздражение

– Уæ хорзæхæй, цы йын кодтат? «Нæ мæ уарзынц. Сæ ~ мæ федтой», æндæр йæ дзыхæй куы ницы хауы, – мæхи нал баурæдтон æз. *Максим. Æхсызгон улæфт* — – Во имя всего святого, что вы ему сделали? «Меня не любят. Я для них бельмо в глазу», больше ни о чём он не говорит, – не сдержался я

цæстытигъæй бакæсын / фенын — посмотреть / увидеть краешком глаза

цæстыуæлтъыфал — верхнее веко

цæстыфæныкъулдон — мгновенный

цæсты фæрдыг — *анат.* хрусталик

цæстыфтауæн — компрометирующий

~ уац — дело о дискредитации; дискредитирующее событие

цæстыхау — ресница

цæттæ — готовый; зрелый, спелый, зрелый; согласный; явный; заведомый

~ гæды ныхас — явная ложь

~ дыргътæ — спелые фрукты

~ дзаума — готовое платье

~ кæнын — готовить, приготовить

сихор ~ кæнын — готовить обед

хи ~ кæнын — готовиться

хи бæстон ~тæ кæнын — основательно готовиться

чиныг мыхуырмæ ~ кæнын — готовить книгу к печати

~ уæвын — быть наготове, настороже, начеку

~ у! — Будь готов!

● ~йы мад æвæсмон — мать собранного сына спокойна

алцæмæ дæр ~ — готовый ко всему

алцыдæр ~ — всё в готовом виде

кæддæриддæр ~ всегда готов
цæттæгæнæг (*бир.* цæттæгæнджытæ) 1. заготовитель; 2. приготавливающий, заготавливающий; подготовительный
цæттæгæнæн заготовительный; подготовительный
~ пункт заготовительный пункт
~ куыстытæ подготовительные работы
цæттæгæнынад, цæттæкæнынад подготовка
артиллерион ~ артиллерийская подготовка
цæттæгонд приготовленный, подготовленный, заготовленный
цæттæгондæй в готовом виде
дзул ~ ælхæнын покупать выпеченный хлеб
цæттæдзинад готовность, подготовка; подготовленность; зрелость
хæстон ~ боевая подготовка
цæттæйæ наготове
~ дарын быть под рукой / под боком
хæцæнгæрзтæ ~ дарын держать оружие наготове
~ лæууын быть в состоянии готовности
ныхæстæ ‘взаджы былыл ~ лæууынц слова готовы сорваться с губ
алцыдæр ~ на всём готовом
уæларвæй ~ æрхаугæ нæ уæвын не падать с неба в готовом виде
цæу козёл
● дæркъæн ~ы стыгъд куы кæнай, уæд йæ тæн ыскъуийы нужно соизмерять усилия
● дзугæн ~ куыннæ уа, уæд дзæгъæл хизынц если отару козёл не ведёт, она куда угодно забредёт
● дзуджы разæй ~ цæуы во главе отары козёл идёт
● искæй ~ы сæныкк рахонын умалить заслуги; *букв.* чужого козла козлёнком считать
цæуаг 1. ходок; 2. часто посещающий
● Нартæн та сæ ныхас ~ уыд молитвы нартов сбывались
нæй ~ нæ дæ цинмæ, нал дæ зынмæ никто не приходит к тебе ни на радость, ни на беду
● стæм ~ цæл ары, арæх ~ цæф ары частого гостя никогда радушно не встречают
● уазæг сæм ~ уыд у них часто бывали гости
цæуæг (*бир.* цæуджытæ) идущий, едущий; проезжающий; прохожий; ездок; пассажир; ходок
цæуæггаг плата за вход (*куда-л.);* плата за проезд; *этн.* обряд для маленьких мальчиков
цæуæн 1. проход, место прохода; 2. проходной
● ~ты иума фæцæуын давно знать друг друга; многое вместе пережить
● ~ты нæма ацыдтæн, хæтæнты нæма ахадтæн я ещё ничего не видел, не попробовал в жизни

сусæг ~тæ — тайные ходы
уый бирæ ~ты ауади — он проехал по многим местам; он посетил многие места; у него большой опыт

цæуæт *кæс* **цот**
цæугæ — идущий; проточный; *бухг.* текущий; переходящий
~йæ — на ходу, не прекращая движения
мæ ~ мæсыг, мæ ~ хох — моя опора, моя надежда
~ мивдисæг — *грам.* переходный глагол
~ сой — *охот.* вода
~ хъуыддæгтæ — текущие дела
~ хыгъд — текущий счёт
цæугæдон — проточная вода, река
● ~**ыл** къус калæгау – йæ ныхас — его слова бесполезны; всё равно, что реку из кружки водой поливать
● ~ыл хъуына нæ хæцы — проточная вода не плесневеет
хæххон ~ — горная речка
цæугæхыгъд — текущий счёт
цæугæцард — кочевая жизнь
~ кæнын — вести кочевой образ жизни
цæугæцардгæнæг (*бир.* цæугæцардгæнджытæ) — кочевник
цæугæ-цæуын — на ходу, во время движения
~ истытæ хæрын — перекусывать на ходу
~ лæдзæгыл æнцой кæнын — при ходьбе опираться на палку
цæугуист — козлёнок (*от одного года до полутора лет)*
цæукъа — козлёнок (*от шести месяцев до года)*
цæуыл *кæс* **цы**
~ сагъæстæ кæныс? — о чём задумались?
~ æй ауæй кодтай? — за сколько продал?
~ бадыс? — на чём сидишь?
цæуылдæр — о чём-то; на чём-то
цæуылнæ — почему не
~ цæуыс театрмæ? — почему (ты) не идёшь в театр?
цæуылфæнды — на что угодно
~ дæр разы уæвын — быть согласным на что угодно
цæуын — *в разн. знач.* идти, проходить; ехать; вести; хотеться
ацы фæндаг хъæдмæ цæуы — эта дорога ведёт в лес
æгас цæуæд! — да здравствует!
● ælгъин лæгмæ уазæг нæ цæуы — к скупому гости не идут
● бæркад сылгоймаджы къухæй цæуы — изобилие от женщины идёт
● бæсты нæ цæуын — не быть благодарным
● æвзæрæн хорз бæсты нæ цæуы — плохой за хорошее благодарности не испытывает

бонтæ цæуынц — дни идут
дыргъдоныл ~ — идти через сад
● дзуджы разæй цæу цæуы — вожак-козёл идёт впереди отары
зæрдæмæ ~ — нравиться
● идæдз усмæ мигъбон кæуын цæуы — вдове в ненастный день плаксиво на душе становится
● иууыл масты фæдыл дæр цæуæн нæй — нельзя всегда иди на поводу у мести
● куыдзы фæстаг бирæгъмæ цæуы — собака свою смерть от волка встретит
мæрдтæм ~ — умирать; отправляться на тот свет
● æнæ иу миниуæг мæрдтæм ничи цæуы — что-нибудь хорошее о каждом можно сказать
моймæ ~ — выходить замуж
науы ~ — ехать на пароходе
ныхас цæуы ахсджиаг фарстатыл — разговор идёт о важных вопросах
● рагзаман-иу усæрхасты фæстæ афæдзбалцы цыдысты — в старину после женитьбы на год в поход уходили
рæстæг цæуы — время идёт
сахат раст цæуы — часы идут верно
скъоламæ ~ — ходить в школу
● тыхджын дæрдтыл нæ цæуы — сильный не ищет обходных путей
● фæндагыл цæуыс, уæд дæ лæдзæг ма ныууадз — в путь идёшь, палку свою не забудь
● хæдзарæй фæздæг куынæ цæуа, уæд æдзардыл нымад у — если из дома дымок не вьётся, значит, никто в нём не живёт
● хæдзары ’гъдау хистæрæй цæуы — порядок в доме от старшего идёт
хæдзармæ ~ — идти домой
хинæй æмæ сайдæй цæуын — пойти обманом и хитростью
Цал азы дыл цæуы? — сколько тебе лет?
цуаны ~ — идти на охоту

цæуынæввонг — готовый уйти
цæуынвæнд — намеревающийся уйти
цæуыннæуал — почему нет?
цæуынхъом — в состоянии ходить, передвигаться

Къахыл ~ чи у, уый къахæй рацæуæд; авдæны чи ис, уый æд авдæн рахæссут; хуыссæны чи и, уый – æд хуыссæн! *НК.* — Кто сам ходить может, пусть приходит, кто в люльке лежит, того принесите вместе с люлькой, кто постельный, несите вместе с постелью

нырма ~ стæм — мы ещё на ногах

цæуынхъус — намеревающийся уйти

уазæг ~ нæу. — гость не собирается уходить

цæф — 1. удар; рана; 2. раненый

~ агайын — раздражать рану
~ арс мæстыгæр вæййы — раненый медведь страшен
~ байгаси — рана зажила
● ~ сырдау фæлидзын – худинаг — бежать подобно раненому зверю постыдно

● ~ сырды гæпп бирæгъ дæр не ’ййафы — раненного зверя и волк не догонит

~ фæуын — получить ранение

Царциатæ схъиудтытæ байдыдтой, бирæ сæ мæлгæ акодта, бирæ сæ ~тæ фæци, бираемæ та ~ нæ хъардта. *Царциаты рæдыд* — Начались волнения среди Царциата, многие из них погибли, многие были ранены, а многих удары не брали

~ хæстон — раненый воин

Дæхи цæфтыл алкæд уыд фидар дæ зæрдæ, / Кæйдæр ~тыл калдтай ыставд цæстысыг. *Максим. Мæ хæстон хомæ* — Свои раны ты со стойкостью терпела, / Над ранами других горячие слёзы лила

Сласта Кундзæн йæ фæттæ ‘мæ йын йæ ~тыл æвдадзыхос акодта. *НК.* — Вытащил Кудзан эти стрелы, а на раны чудодейственное лекарство положил

~тæ бабаттын — перевязать раны

● ~ йæ ~ыл куынæ бабæттай, уæд ферхæм вæййы — надо принимать экстренные, своевременные меры; *букв.* рану надо сразу перевязать, а то загноится

~тæ бастæрын — зализать раны

● ~ыл рæхуыст æфтауын — усугублять положение

арвы ~ — громовой удар; удар молнии

● арвы ~ армы ~ нæу — удар грома и удар рукой не одно и то же

● æвзæр лæгæн – ~, хорзæн та – уайдзæф — где никчемному пинок, там хорошему упрёк

● æвзæр лæджы ~ хорз лæгæй нæ риссы — хороший нечувствителен к ударам от плохого человека

ænæивгъуйгæ ~ — удар без промаха

● æхсары ~æй æвзаджы ~ зындæр у — злые языки страшнее пистолета

● бæлас иу ~æй нæ кæлы — дерево одним ударом не валится

● бæрзæйсæттæн ~ — сокрушительный удар

иу ~æй — одним ударом, сразу

● йæхи мыл цъиуджын карчы ~ ныккодта — набросилась на меня как квочка

карды ~ау — как удар ножом

● кæд ~æй нæ мæлыс, уæд дын уый та – рæхуыст — не мытьём, так катаньем

● куыдз йæ ~ къæсæрмæ нæ хæссы — собака незлопамятна

● лæг ма хъамайы ~æн дæр фæразы — человек всё стерпит; даже удар кинжала выдержит

мæлæтдзаг ~тæ — смертельные раны

мæлæтдзаг ~ фæуын — получить смертельную рану

● низ йæ ~ыл дзæбæх кæнын хъæуы — болезнь следует пресечь вовремя

йæ тæккæ ~ыл — как раз, вовремя

тыхджын ~ — сильный удар

уæззау ~тæ баййафын — получить тяжёлые ранения

● фысы ~ фырæн нæ риссы — удар овцы баран не почувствует

● хæтæг-хæтæг цæл ары, æгæр хæтæг ~ ары — для странствующего двери открыты, бродячему быть битым

● хорз гал йæхиуыл ~ нæ уадзы — хороший бык ударов не заслуживает
● хъаст хъаст у, фæлæ сæры ~ хъаст нæу — *разг.* шутки шутками, но удар в голову – не шутка
хъуыддаг йæ ~ыл аразгæ у — дело надо выполнять вовремя
● чидæр ~æй ~мæ ‘нхъæлмæ каст — ожидать удара за ударом
цæфныхъуырдтытæ кæнын — есть как волк, есть с жадностью
цæфсын — согреваться; загораться; гореть, пылать; прилипать
цæфтауын — положить
сырды мард аджы цæфтыдтой — тушу дичины в котёл положили
цæфтæ-гуыртæ — удары
Суайы чындз сыл цилхъæй ралæууыди æмæ сæ ~ систа. — Невестка Суа накинулась на них с секирой и давай их крушить
цæфхад (*бир.* цæфхæдтæ) — подкова
~ садзын — подковывать
● ~ уал нæм ис, бæх ма нæ хъæуы — *ирон.* за малым дело стало *букв.* подкова у нас уже есть, нужно лошадь еще найти
● ахæм у, ахæм, æмæ мæлдзыгæн цæфхæдтæ ныссадздзæн — такой он умелец, что муравья подкуёт
æндон цæфхæдты хъæр — стук стальных копыт
бæхы цæфхæдты бын зæхх хъæрзгæйæ ризы — земля, сотрясаясь, стонет от стука конских копыт
● дугъон бæхæн йæ цæфхæдтæ тагъд их-сийынц — у скакуна подковы быстро изнашиваются
● зæронд бæхы мардæй цæфхæдты йедтæмæ ницы пайда ис — от старого коня, что сдох, какая польза кроме подков
● Хæрæджы ~! — отребье!
цæфхæдтæй зæхх хойын — стучать копытами по земле
цæфхадæг — подковообразный
цæфхадвæд — след подковы
цæфхадджын — с подковой
цæфхадсагъд — 1. *охот.* конь; 2. подкованный
~ цырыхъхъытæ — сапоги с железными набойками
цæфхадсадзæг (*бир.* цæфхадсадз-джытæ) — кузнец
цæфхадсадзæн — кузница
цæхæр — горящие угли, жар, огонь, искра
● ~(тæ) скалын — *разг.* наводить марафет; приводить себя или что-нибудь в порядок
● ~ банордын — прикрыть золой горящие угли
● ~тæ калын — сердиться, горячиться, метать громы и молнии
● ~ыл бадæгау — сидеть как на иголках
● искæй ~мæ дарын — подвергать страданиям
Ærвыл бон дæ ~мæ чи дары, уыцы лæгимæ цæрæн куыд и, цыма? *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — Интересно, как можно жить с мужем, который тебя каждый день заставляет страдать?

● искæй къухæй ~тæ æмбырд кæнын — чужими руками жар загребать
● мады гуыбынæй рахæсгæ ~ — искра Божья; врождённая талантливость, одарённость, природный дар
пецæй ~ ракал — выгреби жар из печки
хæсты ~æй аирвæзын — уцелеть в пламени войны; вырваться из пламени войны
● цæстытæ ~ калдтой — глаза метали искры, гром и молнии
цæхæра — свёкла; овощи, зелень
сæкæры ~ — сахарная свекла
холладжы ~ — кормовая свекла
цæхæрадон (*бир.* цæхæрадæттæ) — сад, огород
~ы æрыскъæф — клубника
~ы куыст — огородничество
~ы хуым — грядка
~ы чындз — пугало; чучело
● алы ~ы дæр хæмпæл фæзыны — во всём имеются свои недостатки
дзæнæты ~ — райский сад
● хорз ~ы дæр зылын настæ фæвæййы — на ровной грядке кривые овощи случаются; в семье не без урода
цæхæрадонгæс — садовый сторож; садовник
цæхæраджын — пирог с зеленью, свекольной ботвой
цæхæркалæг — огнедышащий
~ хох — огнедышащая гора
цæхæркалгæ — огнедышащий; блистательный; ослепительный; искромётный
цæхæруд — горячее сердце
цæхæрхафæн — кочерга
цæхæрцæст — резвый; горячий; смелый; ловкий
~ læппу — ловкий юноша
цæхбын зæхх — солончак
цæхгæр I — кадушка
цæхгæр II — 1. поперечный; крутой, резкий; прямой; решительный; 2. круто, резко; прямо; решительно
~ аивын — измениться в корне
цардвæндаг ~ аивын — круто изменить судьбу
~ дзуапп — категорический ответ
~ ивддзинæдтæ — крутые изменения
~ мадзæлттæ — решительные / кардинальные меры
~ «нæ» — категорический отказ
~ ныллæууын — воспротивиться; занять решительную позицию
~ ныхас — резкое слово
Мæ ~ дзырд дæ зæрдæмæ нæ цæуы, / Мæнæй уый дæ сыхагæн дæр нæ хъæуы. *Дауыра.* — Мои резкие слова тебе не по вкусу, / Лично мне такой и как сосед не нужен

~ уырдыг — крутой спуск
~ фарстæн ~ дзуапп раттын — дать прямой ответ на прямой вопрос
~ фæзылд — резкий, крутой поворот
~ фæрæз — радикальное средство;
~тæ дзурын — говорить резкости

цæхгæрæй — поперёк; круто; резко; категорически; внезапно

цæхгæрдзинад — решительность

цæхгæрмæ — 1. поперечный; 2. поперёк
~ уынг — поперечная улица
~ хъæд — поперечная балка
● фарста ~ æрæвæрын — поставить вопрос ребром

цæхдарæн — посуда, в которой хранится соль; солонка

цæхдон (*бир.* цæхдæттæ) — рассол
● дæ ~ кæм нæ уа, уым дæ къæбæр ма тул — не суй свой нос в чужие дела; не пытайся поживиться за чужой счёт
● дзул искæй ~ы тулын — лезть не в своё дело
Кæд афтæ æнхъæл дæ, æмæ мæнæн æндæр куыст нæй, æмæ дæ ~ы мæ дзул тулын, уæд. *Тасо. Ныхасы къуыбылой* — Если ты думаешь, что мне больше нечем заняться, кроме как лезть в твои дела, то

цæхджын — 1. соленья; 2. солёный; квашеный
~ кæнын — солить
~ къабуска — квашеная капуста
~ хойраг — вкусная еда
● æгæр ~ дойны кæны — пересол вызывает жажду; во всём нужно знать меру

цæхджынад — солёность

цæхдзыд: ~ мæртæ — солончаки

цæхсын — помыть; умыть
хи ~ — помыться; умыться
Цъæх дарæс ыскодтой нæ фæзтæ, / Цæхсадта нæ сау хæхты уарын. *Секъа. Уалдзæг* — В зелёный ряд оделись наши равнины, / Дождь умыл наши тёмные горы

цæхх (*бир.* цæххытæ) — соль
● ~ æмæ кæрдзын — угощение, стол, хлеб да соль; радушный приём
● ~ æмæ кæрдзын уарзонæй хæрын — жить в дружбе, ладить
● ~ æмæ кæрдзын фенын — отведать хлеб да соль; быть чьим-л. гостем
● ~ æмæ кæрдзынæй хай кæнын — делиться хлебом-солью
● ~ æмæ дын кæрдзынæй фысым стæм; нæ ~ нæ кæрдзынæй нын саход, нæ ~ нæ кæрдзыныл нын барвæсс — отведайте хлеб-соль; чем богаты, тем и рады, не побрезгуйте нашим хлебом-солью
● дæ ~, дæ кæрдзынæй дын бахордтон, æмæ дын ныр мæ бон ницыуал у — я отведал твои хлеб-соль, и теперь не могу враждовать с тобой
● искæй размæ ~ æмæ кæрдзын рахæссын — встретить хлебом-солью

~ æмæ нуæзтæй ард бахæрын — поклясться солью и выпивкой
● ~ фынджы æрдæг у — соль – главное на столе
~ хæринагæн ад дæтты — соль придаёт пище вкус
● ~æй ~ цæхджындæр нæ кæны — соль от соли солонее не станет
~æй ифтыгъд берданкæ — заряженная солью берданка
● ~ы пут искæимæ бахæрын — съесть пуд соли, долго общаться с кем-л.
~ы тæпп — щепотка соли
~ы туагад — *хим.* соляная кислота
● ~ыл ~ кæнын нæ хъæуы — соль на соль не надо сыпать; не надо излишне усердствовать
● искæй хъæдгомыл ~ зарын — сыпать соль на рану
● истæуыл ~ ныккæнын — сделать привлекательным, приманивать
● мастыл ~ зæрын — подливать масла в огонь
хæрыны ~ — поваренная соль

цæххойæн — ступа для размельчения соли
цæххыстон *кæс* **цæхдараен**
цæх-цæх — шипение (*жаркого)*
цæцæйнаг (*бир.* цæцæйнæгтæ) — 1. чеченец; 2. чеченский
цæцæн — чеченцы
целлулоид — целлулоид
целлюлозæ — целлюлоза
цемент — цемент
цементгæнæн — цементный
~ завод — цементный завод
цементон — цементный
ценз — ценз
цензор — цензор
цензурæ — цензура
цензурон — цензурный
центнер — центнер
центр — *в разн. знач.* центр
уæзы ~ — *физ.* центр тяжести
административон ~ — административный центр
централизаци — централизация
~ кæнын — централизовать
централизацигонд — централизованный
централизм — централизм
демократион ~ — демократический централизм
центризм — центризм
центристон — центристский
центрон, централон — центральный
цеппелин — *ав.* цеппелин
церемони — церемония
церемониалон — церемониальный

цех цех
цехон цеховой
цивилизаци цивилизация
цивилизацигонд цивилизованный
цигайнаг 1. цыган; 2. цыганский
цикл цикл
лекциты ~ цикл лекций
куыстады ~ производственный цикл
циклад цикличность
циклгай цикличный, по циклам
~ куыст цикличная работа
циклон циклон
цикори *бот.* цикорий
цикъæ *текст.* мадаполам
цил *бот.* папоротник
цилиндр *тех.* цилиндр
цилиндрон цилиндрический
цилхъ, цирхъ, цирыхъ обоюдоострый топор; секира; меч, который носится со стрелами
~æй ралæууын крушить
цин I 1. радость; 2. радостный
● ~ æмæ зиан æфсымæртæ радость и горе – братья
● ~ æмæ хъыг – фæрсæй-фæрстæм радость и горе всегда идут рука об руку
~ дын фенон радости тебе желаю
~ кæнын радоваться
~æй æфсæст радостный; нарадовавшийся
● ~æй иу ран нал лæууыд от радости ему не сиделось
~æй мæлын радоваться, ликовать
~æй уæларвмæ хауын подпрыгивать до небес от счастья
~æй хæрдты хауын радость бьёт ключом
● ~æн зарджытæ, мардæн – хъарджытæ в радости надо петь, в горе скорбеть
~ы базыртæ йыл баззади у него на радостях выросли крылья
~ы хабар радостное событие
~ы цæссыг слёзы радости
искæй ~ыл ~ кæнын радоваться чужой радости / чужому счастью
● йæ ~æн кæрон нæй он на седьмом небе от счастья
кæстæрты ~æй æфсæст ут! пусть радуют вас ваши младшие!
● маст чи нæ зоны, уый ~ дæр нæ зоны кто не испытал горя, не знает, что такое радость
● рагацау ма ~ кæн не радуйся раньше времени; не говори «гоп», пока не перепрыгнешь
райгуырæн бæстæйы хъысмæтæй цæрын, йæ ~æй ~ кæнын, йæ рисæй риссын жить судьбой своей родины, радоваться её радостям, переживать её боль
фыр ~æй на радостях

● хæрæджы ~ дæндагæй — неуклюжее проявление радости
хи ~æй хæссын — радоваться, ликовать
цин II — чин
хистæр æфсæддон ~ — высший военный чин
цинаг — 1. предмет радости; 2. радостный
~ хабар — радостная весть
– ~ хабар уын не схастон. – Дæ уынд, нын цы фæнды ~ хабарæй дæр æхсызгондæр у. *Болайы фырт. Чермен* — – Я не принёс вам радостную весть. – Видеть тебя нам приятнее любой радостной вести
~ хъуыддаг — радостное событие
цинаджы фынг — застолье по радостному поводу
цинад *кæс* **циндзинад** — радость, веселье
цинæвдылд — обрадованный
● ~ зæрдæйыл уазал дон басæххæт кæнын — омрачить радость; окатить холодной водой обрадованное сердце
цинæйдзаг — жизнерадостный, полный радости
цинæфсæст — наполненный радостью
цинвайлыдæй — на радостях
цинга — *мед.* цинга
цингæнаг — приветливый; радушный
цингæнæг — радостный; выражающий радость
цинджын — радостный
циндзаст — радостный; ликующий
циндзинад — радость, веселье
~ хъыгдзинадырдæм аздæхын — омрачить веселье
цинел — шинель
цинизм — цинизм
циникон — циничный
цинк — *хим.* цинк; цинковый
цинкæнын — радушие
цинкографи — *тип.* цинкография
цинуацхæссæг — вестник радости
цинхæссæг — доставляющий радость
цинхуыз — радостный
цинхуызæй — радостно
цирк — цирк
циркуль — циркуль
циркуляци — циркуляция
цирхъ, цирыхъ, цилхъ — обоюдоострый топор; секира; меч, который носится со стрелами
~æй æвзидын — угрожать оружием
цистернæ — цистерна
цитадель — цитадель
цитатæ — цитата
~ хæссын — цитировать

~ æрхæссын — привести цитату

цитрусонтæ — цитрусовые

циу — каков; какой

● каркæн йæ фыд ~, йæ бас дæр – уый — какова курятина, таков и бульон

Дæуæн та ~, гал амæла – дзидза, уæрдон асæтта – суг. *Мæрзойты С. Дзæбуг æмæ хъæсдарæг* — А тебе-то что, вол падёт – на мясо пойдёт, телега сломается – дрова будут

циферблат — циферблат

цифрæ — цифра

цифрон — цифровой

~ æвдисæйнæгтæ — цифровые данные

цицыр I — *зоол.* цесарка;

● ~ы арæзт — разодетый, разряжённый, расфуфыренный

Цицыр II — *астр.* название одной из семи звёзд созвездия Плеяд

цокола — кисть, кисточка (*на одежде)*

цола — тощий, худой; слабосильный

цолагомау — худощавый

цоладзинад — *разг.* худощавость, худоба

цолахъхъ — челн, лодка

цолпы — большая разливательная ложка, половник

цомаг — лиса

цомахъ I — *уст.* мусульманин; иноверец; иноземец

цомахъ II — лев; *перен.* влиятельный человек

цонг (*бир.* цæнгтæ) — рука

арæхсджын цæнгтæ — умелые руки

бæласы ~ — ветка, сук дерева

Бæласы ~ыл / Цæргæсау сбадти, / Йе сæфты стонгыл / Ныр дисæй марди. *Къоста. Халон æм рувас* — На ветке дерева / Орлицей села, / Смертельно голодная, / Так есть хотела

дыргъбæлæсты цæнгтæ æрзæбул сты дыргъты уæзæй — ветки фруктовых деревьев свесились под тяжестью плодов

● галиу ~ куы сæрра уа, уæд ыл рахиз ~æй ныххæц æмæ ænæ фыдбылыз уай — правой рукой ухвати взбесившуюся левую руку, и не будет неприятностей

● дæ ~ аиваз æмæ йæм баххæсдзынæ — стоит только руку протянуть

Дæ ~ аиваз æмæ йæм баххæсыдаид, амонд æм афтæ æввахс æрбаллæуыд. *Бицъоты Г. Урс æмдзæвгæтæ* — Стоило только руку протянуть, и вот оно, так близко было счастье

● дæ цæнгтæ кæйонг æххæссой, уый онг сæ аиваз — по одёжке протягивай ножки

● искæуыл цæнгтæ æрбатухын — обнять кого-л.; заключить в объятия

● иу ~æй ме ’ннæ ~ыл ныххæцыдтæн — я еле сдержал свой гнев

● йæ ~ фелвæсти — вывихнул руку

● йæ цæнгтæ йæхицæй нал уыдысты — она очень устала, *букв.* у неё руки отваливались

● йæ цæнгтæ ницыуал æмбарынц — руки онемели от усталости

рахиз ~ — правая рука; первый помощник

● рахиз цæнгтæ фæдарын — оказать большую помощь

Æз стыр хæсджын дæн дæ фыд æмæ йе ‘фсымæрæй. Уыдон мæм тæккæ тыхсты рæстæджы сæ рахиз цæнгтæ фæдардтой. *Гæглойты В. Гъе, мардзæ, исчи!..* — Я в огромном долгу перед твоим отцом и его братом. Они в самое трудное время протянули мне руку помощи

● мæ рахиз ~ лыгмæ дæттын — давать правую руку на отсечение, ручаться за что-л. с полной ответственностью

Фæлтау мæ рахиз ~ куы ахаудаид æмæ удыгагайы хуызæн зæххы гæппæл уаринаг куы нæ фæуыдаид. *Азæмæт. Азæмæты таурæгътæ* — Лучше бы у меня правая рука отнялась, только бы не пришлось раздавать эти желанные земли

цæнгтæ ивазын — тянуть руки

● цæнгтæ бафистæг кæнын — приступить к работе; засучить рукава

Адæм, цæнгтæ бафистæг кæнут, / Æмæ хæстæн бахæцæм йæ хурхыл! *Гриш.* — Засучите, люди, рукава, / Возьмём войну за горло!

цæнгтæ фæйнæрдæм æппарын — разводить руками; раскинуть руки

цонгвистæгæй — засучив рукава

цонгдарæн, цæнгдарæн — браслет

цонгджын — ветвистый

цонджы æлхуый — *анат.* лучевая кость

цонджы хъул — *анат.* запястье

цоппай — *уст.* обряд хождения вокруг поражённого громом; припев во время погребения поражённого громом; обряд во время засухи; топтание

~ кæнын — *уст.* ходить вокруг поражённого молнией места; *перен.* трудиться не покладая рук

мид ~ — топтание на месте

● мидбынаты ~ кæнын — топтаться на месте

цот, цæуæт — плод; приплод; потомство; поколение

~ кæнын — давать приплод, потомство

~ рауадзын — народить детей

– ~æй сын цытæ рантыст? – Дыууæ фырты. — – Сколько у них детей? – Два сына

~ схæссын — воспитать, вырастить детей

Фыдæбонæй æмæ тухитæй схæсс ~ы, стæй дын дæ цæстытæ æрæхгæнæг дæр ма уæд. *Хæблиаты С. Дзæнæты маргъ* — В трудностях и муках вырастить детей, чтобы умереть в полном одиночестве

~ы цин æгæрон у — дети доставляют огромную радость

бирæнымæц ~ — многочисленное потомство

● искæй ~æй ~ нæй — чужие дети своими не станут

Йæ ~ æвзæрст хоры хуызæн рауадысты — Его дети как на подбор

Куы нæ ис дæ ~æй / Дæ разы лæууæг, / Куы нæ ис нæ хотæй / Дæ сæрыл кæуæг. *Æрнигон. Æнамонд Ирыстон* — И некому из детей / Возле тебя стоять, / И некому из сёстер / Над тобою рыдать

фæзминаг ~ — примерные образцовые дети

цотгænæг (*бир.* цотгænджытæ) производитель; дающий приплод, потомство

цотгænæн детородный

цотджын имеющий детей

Мадæн йæ хъæбул ~ куы сваейы, уæддæр ма йын цъиуджын каркау тæрсгæ фæкæны. *Умар. Адæймаджы амонд* Мать над своими детьми как квочка трясётся, даже когда у них уже свои дети

цотуарзаг чадолюбивый

цотхал плодовитый

● сæ ног чындз ~ фæци: бирæ сывæллæттæ хуырызгъалæгау разгъæлдта молодая сноха оказалась плодовитой: много детей народила, что щебень высыпала

цотыцот внуки

цуайнаг (*бир.* цуайнæгтæ) чугун; чугунный котёл, чугунок

дзыккагænæн гыццыл ~ маленький чугунок для дзыкка

● иу цуайнаджы фых сваренные вместе; похожие

Сæ дыууæ дæр уыдысты æмзонд, æмуд, иу цуайнаджы фых адæймæгтæ. Оба и чувствовали, и думали одинаково, двое из ларца

Сидзæртæн хъæдуртæ / Се ‘хсæвæр хуыдта, / Афтæмæй цын дуртæ / Цуайнаджы фыхта. *Къоста. Сидзæргæс* Сиротам она говорила, / Что варит к ужину фасоль, / А сама в котелке / Варила для них камни

цуан охота

~ кæнын охотиться

● ~ы боны топп ма сыгъдæг кæн не делай поспешно то, что следовало бы сделать заранее; на охоту идти – собак кормить, ружьё чистить

~æй фæрæз кæнын промышлять охотой

~ы куыстæй цæрын жить за счёт охоты

~ы цæуын идти на охоту

● ~ы чи саг мары, чи – тæрхъус кому как повезёт

● Гули ~ы куы цæуынц, сæ куйтæн холлаг уæд дæттынц в Гули когда на охоту идут, тогда собак кормить начинают

цуанаразæг (*бир.* цуанарæзджытæ) егерь

цуангænæг (*бир.* цуангænджытæ) охотник

● топп ~ нæу не ружьё делает охотника

цуандзау цæуын ходить на охоту, охотиться

цуанон (*бир.* цуанонтæ, цуанæттæ) 1. охотник; 2. охотничий

● ~ йæ хæдзары никуы амæлы охотника дома смерть не застанет

~ лæг мæрдтæм / Хæстæгдæр цæры, / Йæ мард та уæлмæрдтæм / Нæ хæццæ кæны. *Къоста. Чи дæ?* Охотник к мёртвым / Ближе ходит, / А останки его самого / До кладбища не доходят

~ куыдз легавая (охотничья) собака

● ~ лæгыл таурæгътæ хæссын дæр фидауы байки рассказывать охотнику к лицу

● ~ цы саджы суры, уымæй æндæр ницы фæуыны охотник, что в оленя метит, ничего другого не заметит

~ та ахæм дæн, æмæ мæ цуанонтæ / Цуаны нæ фæуадзынц семæ! *Къоста. Ахуыр* А охотник из меня такой, что даже сами охотники / Не берут меня на охоту!

~ фембæлд сырды фæдыл — охотник напал на след зверя
● ~ цы ком нæ басгары, уый сырдджын хоны — везде хорошо, где нас нет
~тæ æмæ сырдтæй хъазт — игра в охотников и зверей
~ы зæрдæ нæрæмон / ænæнцой у — у охотника беспокойное сердце
● æгуыдзæг ~ыл сырд æмбæлаг у — никчемному охотнику удача часто сопутствует
● Афсати алы ~æн сырд нæ дæтты — Афсати не каждому охотнику посылает дичь
● зыд ~ æмæ зыд бирæгъæй уæлдай нæй — что жадный охотник, что жадный волк
● иу сырд ~æн – зынхъавæн, дыууæ – ‘нцондæр — охотнику легче целиться в двух зверей
рæстдзæвин ~ — меткий охотник
рæстдзæф ~ — меткий охотник
сау хъæды ~ы ныхæстæ кæнын — рассказывать вымышленные, невероятные истории; охотничьи байки плести
● сырд дæр ~ыл лидзы — на ловца и зверь бежит
● фæлтæрд ~ дардыл зилы — опытный охотник охотится вдали
хорз ~ бæрц зоны — хороший охотник знает меру
● хорз ~ бирæ топхос нæ судзы — хороший охотник зря не палит
● хорз ~ дзæбидыртæн сæ ривæдафонмæ нæ хъавы — хороший охотник не станет дожидаться, пока туры отдыхать соберутся
● хорз ~ иу æхстæн дыууæ дзæбидыры нæ мары — хороший охотник одним выстрелом двух туров не завалит
● хорз ~ иунæг æхсæвиуаты тыххæй дæр халагъуд аразы — хороший охотник и из-за одной ночёвки шалаш поставит
● хорз ~æн хæхтæ дæр фаг нæ кæнынц — хорошему охотнику и в горах тесно
● хорз ~ы нæдæр сырд сайы, нæдæр – хæцæнгарз — хорошего охотника ни зверь не обманет, ни ружьё не подведёт
цуанæтты æвзаг — охотничий язык

цугун — 1. чугун; чугунок; 2. чугунный

цугунуадзæн — чугунолитейный

цудæг (*бир.* цудджытæ), **цудгæ** — колеблющийся; шатающийся, пошатывающийся, качающийся, покачивающийся; спотыкающийся

цудтытæ кæнын — шататься
расыгау ~ кæнын — шататься словно пьяный

цудын — колебаться; шататься, пошатываться, качаться, покачиваться; спотыкаться
~ нæ бауадзын — не дать оступиться
Мæхæмæт зынаргъ адæймаг у, æмæ йæ хъуамæ ~ ма бауадзæм. *Тæтæри. Размæ* — Махамат дорогой нам человек, и мы не должны дать ему оступиться
● ~æн ~ худинаг у — совершать ошибки стыдно
● лæг ~ дæр зоны — человек может споткнуться в жизни
царды цудгæ-цудгæ цæуын — неуверенно идти по жизни

цудындзинад — колебание; шатание, пошатывание, покачивание

цуйраг ближний

● фыддзæрин ~ нæ уадзы с неуживчивым близко не сойдёшься

цу-ма пойди-ка!

цума посыльный, на посылках; на побегушках

Йæ хæдзары куыстытæм йæ къух нæ тасы, искæмæн та ~йæн у. *Умар. Уалдзæджы улæфт* По дому работу его не заставишь делать,- зато для других он мальчик на побегушках

~ кæнын посылать с поручением; ходить по поручениям

Мад æмæ фыдæн кæстæриуæг æмæ ~мæ чи баййæфтаид Заретæйы. *Ашæх. Фæндыр* Никто не поспел бы за Заретой, во всём пытавшейся угодить родителям, исполнить их поручения

● ~ лæппуйæ кусын *разг.* быть на подхвате, работать подсобником; выполнять поручения

Фыд æмæ хистæр æфсымæры раз лæппумæ ~йæ дарддæр ницы хаудта. *Умар. Уæ нæ хæхтæ, нæ бæстæ* При отце и старшем брате ему кроме мелких постоянных поручений ничего не перепадало

● ~йы бæх слуга, человек на побегушках

~йы лæдзæгæн дарын держать при себе шестёрку, мальчика на побегушках

● искæмæ ~йæ фæцæуын быть у кого-л. на побегушках

цумаввонг послушный

цумагæнæн человек на побегушках, исполнитель чужих прихотей

цумахъом могущий выполнять чьи-либо поручения

~ фæуын достичь возраста, когда привлекают к выполнению поручений

Хъæууон хæдзары æрвылбоны уæлдай-иу ~ саби радты фæхайджын. *Бицъоты Г. Гыцца райгуырæн бæстæ куыд уарзта* В сельском доме ребёнку, бывало, рано доставалась работа по дому

цупал *кæс* **пуцал**

цур 1. близь; 2. *грам. (послелог)* около, близ, у

бæласы ~ около дерева

● дæ чындзæй йæхи ~ ма раппæл не хвали невестку в глаза

искæй ~æй раивгъуын отойти от кого-л.

Цы мады бафæнддзæн йæ хъæбулты йæхи ~æй ауадзын? *Умар. Адæймаджы амонд* Какая мать захочет отпустить от себя своих детей?

искæй ~ы нæ баллæууын рядом не стоять; не выдерживать сравнения

Конд æмæ уындæй дæр бирæ лæппутæ нæ баллæудзысты йæ ~. *Дæбе. Минæвæрттæ* Что касается внешности, многие парни не идут с ним в сравнение

искæй ~ы уæвын быть рядом

ницæй ~ исты уæвын диссаг нæу рядом с ничтожеством быть кем-то неудивительно

уазджыты ~ — в присутствии гостей

● удисæг адæймаджы ~ хъарæг ма кæн — не причитай при том, кто ещё не отдал Богу душу

хи ~æй ауадзын — отпустить от себя

цурк (*бир.* цурчытæ) — клин

● ~ ~æй æппарын хъæуы — клин клином вышибают

● ~ ~æй æфтауынц — *прост.* клин клином вышибают

Æфсин йæ къух ауыгъта. – ~ хъæды куы ныффидар вæййы, уæд æй æфтаугæ дæр ~æй кæнынц. *Цæголты В. Уыцы æнæнцой бонты* — Хозяйка махнула рукой. Когда клин застревает в дереве, его клином и вышибают

● ~ архæн ызнаг у — клин враг сучку

~ боцъо — бородка клином

~ зачъе — бородка клином

● ~ хъæддзауæн æмбал у — клин – дровосеку товарищ

~ хъæды ныххойын — загнать клин в бревно

● дыууæты ’хсæн ~ къуырын — вбивать клин между двумя

Ныры дуджы дыууæ æфсымæры кæрæдзийы арæх нал уынынц. Æгъатыр рæстæг йæ бæзджын ~ арфæй-арфдæр къуырыныл архайы. *Азæмæт. Ходон хæрæг Берлины* — Сейчас даже братья не видятся часто. Безжалостное время старается вбивать клинья всё глубже и глубже

● цурчы ныхмæ, дæм, ~ æндадзын хъæуы — клин клином вышибают

цурчы саст — обломок клина; коротышка

…дзырдта фæсномыгæй йе ‘мбæлттæ «цурчы саст» кæй хуыдтой, уыцы цыбыргомау Хъази. *Максим. Хæххон барæг* — Говорил низкорослый Кази, которого товарищи за глаза называли «обрубком»

цуркæлвыд — подстриженный клином

~ рихитæ — клиновидные усы

цуркæнгæс — клинообразный

цуркгонд — клинообразный

~ боцъо — клинообразная борода; бородка клинышком

цуркхуыз — клинообразный

цурон — льстивый; лицемерный

~ митæ, ныхæстæ — показные поступки, льстивые слова

~ æмæ цæстмæхъус адæймагтæ фылдæр фыдтæ саразынц æхсæнадæн æргом фыдгæнджытæй. *Айлæрты И. Тæрхоны лæгтæ* — Лицемеры и подхалимы больше вредят обществу, чем явные преступники

Алмасхан йæхицæй зондджындæр кусаджы йæ цурмæ æввахс нæ уагъта æмæ йæ куыстуат æдылытæ æмæ ~тæй байдзаг. *Изæтбег. Ændæрг* — Алмасхан работника умнее себя близко не подпускал, поэтому учреждение заполнилось глупцами и льстецами

цурондзинад — лесть; лицемерие

цурчыйас низкорослый, малорослый

~ лæг человек с ноготок

цурыбадæг (*бир.* цурыбадджыттæ) *уст.* повитуха; сиделка

цурын жарить, поджаривать (*на масле)*

цух 1. перерыв; разрыв; отделение (действие); лишение; 2. неполный, недостаточный; 3. отдельно; поодаль

~ кæнын отлучаться; отсутствовать; уменьшать(ся); исключать; увольнять

Зыдтой йæ иууылдæр, нуазы уый, фæлæ ~тæ нæ кодта, йæ куыст нывыл æххæст кодта æмæ йын уымæ гæсгæ йæ нозт хъуыды дæр ничи кодта. *Арсен. Джанаспи* Что он выпивает, знали все, но работу не срывал, всё, как положено, выполнял, и потому никто на его пьянки внимания не обращал

~ нæ уадзын не оставлять

хъуыдытæ ~ нæ уадзынц мысли не оставляют; мысли преследуют

– Кæд æй тæргæ ракодтой? – уыцы хъуыдытæ ~ нæ уагътой фыды. *Ашæх. Нæ фæлтæры фæндæгтæ* – Может быть, его выгнали, исключили? – эти мысли не давали отцу покоя

бартæй ~ *юр.* лишение прав

зæрдæйæ ~ нæ кæнын оставаться в сердце

зондæй ~ недалёкий, тронутый умом

искæй куыстæй ~ кæнын лишить кого-л. должности

истæмæй ~ зайын избежать чего-л.

Искуы мын куы схъомыл уаис, / Уæд ды дæр дзы ~ нæ заис, / Бирæ мын цæрай!.. *Къоста. А-лол-лай!* Если ты когда-нибудь станешь взрослым, / И ты её тогда не избежишь. / Долго на радость живи!

истæмæй ~ уæвын быть лишённым чего-н.

Хорз Цæлыкк дурыл ныр баддзæн æдзух, / Амондæй ~ уыдзæн, цардæй дæр – ~. *Æрнигон.* Славный Цалыкк сидеть на камне вовек обречён, / Отлучённый от счастья, и от жизни отлучён

Йæ фыды нæ зыдта, фæлæ уыйхыгъд мады рæвдыдæй ~ нæ уыд. *Цхуырбаты М. Æнæмæлгæ уидаг* Отца он не знал, но зато материнской лаской обделён не был

Мæ цæстыты разæй нæ ~ кæны не могу забыть…

нуазыны донæй ~ æййафын испытывать недостаток в питьевой воде

скъолайæ ~ кæнын исключать из школы

чысыл ~ немного в отдалении

цухæй недостающий

æнæ иу ~ все до одного

Бæлæстæ мæлæты дзæбæх фæхæстысты æнæ иу ~. Деревца здорово прижились и, к тому же. все до одного

бон ~ через день

Уый сусæгахуыр у, сусæгæй та хæрдзæни искуы,– зæгъы Сослан,– фæлæ ма мын мæ сырдты сæртæ анымайут, ам æххæстæй ысты, æви ~? *НК. 4* Он привык есть тайком, опять, наверное, ест тайком, – говорит Сослан, – но пересчитайте моих зверей по головам, все ли на месте или кого не хватает?

чысыл ~ — без малого
чысыл ~ дæс азы рацыди — прошло без малого десять лет
цухгæнинаг (*бир.* цухгæнинæгтæ) — то, что подлежит ограничению отделению, исключению, уменьшению
цухгонд — лишённый; оторванный, отдалённый; освобождённый; уволенный; исключённый
цухдзинад (*бир.* цухдзинæдтæ) — ограничение; отделение (действие); лишение; упущение; недостаток; пропуск (*незанятое место)*
рæстæгмæ ~ — временное ограничение
хосты ~ — нехватка лекарств
цухдзинæдтæ баййафын — терпеть лишения
цухдзинæдтæ бацамонын — указать на недостатки, упущения
цухдзинæдтæ цæстмæ бадарын — упрекать, указать на недостатки, упущения
цухдзинæдтæн быхсын — терпеть лишения
цух-мух — шатание; тяп-ляп
● ~ арæхдæр фæндараст кæны — небрежному, неуверенному чаще везёт
~ кæнын — пошатываться (*при ходьбе)*
● хъуыддаг ~æй нæ ацæудзæн — так просто дело не пойдёт
– Нæхи нæ бацæттæ хъæуы – Хъахъхъæдурмæ афтæ ~ты нæ ныууайдзынæ – æгъдау, мæ хо! *Умар. Стъалы куы скæса* — Нам надо подготовиться – в Даргкох так запросто не съездишь – обычай, сестричка!
цух-мухтæгæнгæ — пошатываясь
цухъхъа — черкеска
● ног ~йыл зæронд æмпъузæнтæ ничи æвæры — на новую черкеску к чему старые заплатки нашивать
Æмæ ныр цыма йæ цуры / Йе ‘гас авд фырты уыны, / Уыйау ~тимæ дзуры, / Сабыр бустæ сын кæны. *Гриш. Авд цухъхъайы* — И теперь как будто рядом / Семерых сынов видит она, / Так с черкесками говорит, / И потихонечку ворчит
цухъхъаваг, цухъхъахор — кусок материи (*отрез)* на одну черкеску
цухъхъайаг (*бир.* цухъхъайæгтæ) — материал, предназначенный на черкеску
цухъхъахор, цухъхъаваг — кусок материи (*отрез)* на одну черкеску
цхауи — сито
цы — что; какой
● ~ æрцыди? (~ хабар у?) — в чём дело? что случилось?
~ уа, уый уæд — будь, что будет
~ чындæуа? — что делать?
~ нæ вæййы — чего не бывает
● ды ~ зæгъай æмæ æз ~ нæ бакæндзынæн — твоё слово – для меня закон
● ~ уыдис, уый федтам, ~ уыдзæн, уый дæр та фендзыстæм — что было – мы видели, что будет – увидим
цыбæйлаг, цыбæллаг — вожделенный

цыбæл 1. соблазн; прихоть; лакомка; 2. жадный
~ кæнын возбуждать аппетит; вожделеть
кæрæдзимæ ~ каст кæнын смотреть друг на друга с вожделением
хæринаджы тæфмæ ~ кæнын почувствовать аппетит от запаха еды
Æмæ Дыса кæм ссардтаид, кæцæй æрхастаид ахæм ~ хæринæгтæ? *Секъа.* А где было Дыса найти, где раздобыть такие лакомства?
цардмæ йæ ницыуал ~ кæны потерял вкус к жизни
~тæ суадзын удовлетвориться
~ы фæдыл цæуын соблазниться
мæ ~тæ уайынц у меня слюнки текут
цыбæлæй жадно; скупо; с вожделением
~ кæсын зариться
~ æнхъæлмæ кæсын нетерпеливо, с жадностью ждать
цыбæлгæнæг (*бир.* цыбæлгæнджытæ) 1. соблазнитель; 2. аппетитный; соблазнительный
цыбæлдзинад жадность, соблазн
цыбæлхуызæй с жадностью
цыбыр короткий
~ æмгъуыд короткий срок
~ ахгæд *эл.* короткое замыкание
~ бæрнады æхсæнад общество с ограниченной ответственностью
~ дзуапп раттын коротко ответить
~ зондæй не ‘рцахсын не дойти коротким умишком
~ зондæн даргъ æвзаг умом короток, значит, языком долог
~ зонды хицау недалёкий умом человек; ограниченный человек
● сылгоймагæн йæ дзыкку – даргъ, йæ зонд – ~ у женщины волос долог, ум короток
Нæ зонд – ~, мæгуыр – нæ зæрдæ, / Æдых, фæллад лæгау, нæ дзырд. *Къоста. Салам* Наш разум – короток, бедно наше сердце, / Бессильно, усталому человеку подобно наше слово
~ кæнын сокращать(ся), уменьшать(ся), укорачивать(ся)
зымæджы ‘рдæм – бон ~дæр кæнын райдайы к зиме день становится короче
Бæлæгъаразæг дæр фæдзæгъæл ис æмæ бæлæгъ цыппар æнгуылдзы ~дæр фæкодта. *НК.* Ошибся мастер, что лодку делал и сделал её на четыре пальца короче
~ куырæт короткий (выше колен) бешмет
~ къахдзæфтæй уайын идти коротким шагом
● гæдыйы къах ~ у у лжи ноги коротки; на лжи далеко не уедешь
Мæхæдæг дæр сæ иууыл ~тæй нæ дæн – дыууæ метры цыппар сантиметры хъуаг. *Максим. Æхсызгон улæфт* Я и сам не из коротышек – во мне два метра без четырёх сантиметров
~ ныхасæй короче говоря

~ радзырдтæ — короткие рассказы
~ præстæгмæ — за короткое время
~ уылæнтæ — короткие (радио) волны
тæккæ ~дæр фæндагыл акæнын — повести кратчайшим путём
– Уый дардыл дзуринаг у, – зæгъы Уырызмæг. – Радзур нын æй, нæ фæндаг дæр ~дæр кæндзæни. *НК.* — – Это долго рассказывать, – говорит Урызмаг. – Расскажи нам, так и путь наш короче покажется
~ фембæлд — краткая встреча
~ фиппаинаг — краткое наблюдение, замечание
~ хъæлæсон — *грам.* краткий гласный

цыбырæй — коротко; короче; вкратце
~ зæгъгæйæ — короче говоря
~ ныффыссын — составлять конспект
~ радзурын — кратко излагать
тынг ~ — вкратце, в двух словах
хæрз ~ — совсем кратко, очень сжато

цыбырælвыд — короткостриженый
цыбырæмгъуыдон — краткосрочный
цыбыргонд — сокращённый; укороченный
цыбырдым — короткохвостый; куцый
цыбырдзаст — близорукий
цыбырдзастдзинад — близорукость
цыбырдзинад — краткость
цыбырдзырдæй — *вводн. слово* одним словом, короче говоря
цыбырзонд — неумный, ограниченный; недалёкий; беспамятный, забывчивый

– Рæдийыс, Елхъан. Адæмæн дæхи хуызæн ~ æнхъæл ма у. Уыдон ницы ферох кæндзысты. *Максим. Æхсызгон улæфт* — – Ошибаешься, Елкан. Не думай, что у людей такая же короткая память, что и у тебя. Они ничего не забудут
● ~ адæймаг мæстыгæр вæййы — ограниченного человека рассердить нетрудно, дурака легко вывести из себя

цыбыркæнынад — сокращение; укорочение; ликвидация
цыбыркъах — 1. *охот.* дикий кабан; 2. коротконогий
~ хæлаф — шорты
цыбыркъух — короткорукий; бедный
~ бинонтæм фæкæсын — заботиться о малообеспеченных семьях
● ~ уæвын — испытывать нужду
æхцайæ ~ уæвын — иметь денег в обрез
● даргъæхсар æмæ ~ — отважный, но бедный
зæххæй ~ — иметь мало земли

цыбыркъухæй — бедно
~ цæрын — перебиваться с трудом

цыбырныхасæй — короче говоря
цыбырræстæгон — кратковременный
цыбыртæгонд — сокращённый; укороченный

цыбырхъуыр с короткой шеей, горлышком и т.п.; *перен.* вспыльчивый

● ~ уæвын *прост.* заводиться с пол-оборота; быть вспыльчивым

● Быцентæ уыдысты хæстмаст, ~, цыбыр мыггаг Быцента были вспыльчивы и невыдержаны, род их был немногочисленным

цыбырхъуырдзинад вспыльчивость, невыдержанность

цывзы *бот.* перец (красный)

● ~ чи бахæры, уымæн йæ ком басудзы кто перец съедает, того он и обжигает

~йы сыфтæ листья перца

судзаг ~тæ горький перец

цывзыджын наперченный, горький

цывзысырх красный как перец

~ фындз красный как перец нос

цывзы-цæхдон соус из сваренных и замаринованных листьев перца

цыг невыигрышное положение альчика

цыд (*бир.* цыдтытæ) движение, передвижение, течение; ходьба, походка; ход; хождение; шествие

~ фæтагъддæр кæнын прибавить шагу; ускорить шаг

● æвзæр хæрæг хъæдмæ дыууæ ~ы кæны дурная голова ногам покоя не даёт; *букв.* плохой осёл за дровами два раза ходит

дæ ~ы сæр цы у? какова цель твоей поездки?

дзæгъæл ~ кæнын напрасно ходить

йæ ~ы кой кодта он продолжал свой путь, не обращая ни на что внимания

кадджын ~ торжественное шествие

● мæйдар æхсæв боны ~ кæны ориентируется в темноте хорошо; тёмной ночью как при свете дня ходит

минæвæртты фыццаг ~ первый приход сватов в дом невесты

поезды ~ движение поезда

сиахсы ~ *этн.* приход зятя в дом родственников жены

сусæг ~ *этн.* приход жениха в дом будущих родственников

● сылгоймаг æмæ бæхы сæ ~æй æвзарынц женщину и коня по походке выбирают

уазæджы ~æй араст уæвын отправиться с визитом

фæдисы ~æй бацæуын ворваться как по тревоге

фæткæвæрд ~ упорядоченное движение

хъавгæ ~æй цæуын идти крадучись

царды ~ ход, течение жизни

цыдæр что-то; какой-то

~ æбæрæг тых какая-то неведомая сила

~ пайда хæссын приносить какую-то пользу

● ~ ын нæ фаг кæны винтика в голове не хватает

● хицæй ~ аразын — набивать себе цену, *разг.* строить из себя кого-л.

цыдæриддæр — что бы ни; всё

● ~ уа — во чтобы то ни стало; ни мытьём, так катаньем

~ хъæуы, уыдон сцæттæ кæнын — подготовить всё, что нужно

● æдзæсгом лæг ~ фæразы — бессовестный всё стерпит

зæххы цъарыл ~ хорзæй ис — всё, что есть хорошего на свете

цыдæр-мыдæр — кое-что, нечто; такой-сякой

«Гъей, Ладо. ~ лæг нæ дæ», ахъуыды кодта Темыр. *Тасо. Ныхасы къуыбылой* — «Эй, Ладо, а ты не так-то прост», – подумал Темыр

цыдæрхуызон — какой-то

цызæ — шитьё золотом

цыкурайы фæрдыг — *фольк.* чудесная бусинка

цыллæ — 1. шёлк (сырой); 2. шёлковый

~йы куыст — шелководство

~йы къуыбар — кокон

~йы калм — шелковичный червь

цыллæгæнæг (*бир.* цыллæгæнджытæ) — 1. шелковод; 2. шелковичный

~ калм — шелковичный червь

цыллæгæнæн — место, где занимаются шелководством

цыллæуафæн — шелкоткацкий

цылыхъ — бурдюк для ношения воды в дороге

● тагъд мын, хæрынæн адджын, хæссынæн рог чи уа, ахæм хæринæгтæ ацæттæ кæн мæ ~ы дзаг! — быстро наполни мне в дорогу бурдюк едой, что есть приятно, нести легко

цым — *бот.* кизил

● арс ~ы бын базæронд — обещанного три года ждут; медведь состарился, ожидая, под кизиловым деревом

цыма — *союз* (как) будто, словно

● ~ ницы æрцыди — как будто ничего не случилось, как ни в чём не бывало

афтæ мæм фæкаст, ~ нæхимæ дæн — мне показалось, будто я дома

хуыссы, ~ мард у — лежит, будто мёртвый

~ йæ дзых донæй дзаг у — помалкивает, играет в молчанку, как воды в рот набрал

● ~ Хъарсы фидар басастай — *букв.* как будто взял крепость Карс; тоже мне победитель!

цымæ — *модальное слово* интересно

~, цы кусы уый — интересно, что он делает

цымгæ — жидкая пища; суп, похлёбка; кашица; кисель и т.п.

цымгæфых — сваренный всмятку

айк ~ кæнын — варить яйцо так, что желток остаётся жидким, а белок становится крутым; сварить всмятку

цыминаг жидкая еда; питьё
цымхор *охот.* медведь
цымыдис любопытный; всему удивляющийся; восторженный;
~ адæймаг любознательный, любопытный человек
● ~æй мæлын сгорать от любопытства
● ~ ныддис и, йæ сæрыхъуын ныпписи любопытный изумился, его волос засмолился
● ~ мыл арт бафтыдта это возбудило, разожгло моё любопытство
цымыдисаг любопытный, интересный
цымыдисдзинад любопытство; восторженность
цымыдисон любопытный; восторженный
цымын хлебать; пить глотками
● хохæй сой цъырдта, къæдзæхæй æхсыр цымдта, ахæм тыхджын уыд он был настолько сильным, что из горы жир сосал, из скалы молоко пил
цай ~ афон время чаепития
цына осадок; известняк, известковый туф
цынадур пемза
цынæхуызон какие только не, какой угодно
цыппар четыре
цыппаррæнхъон *лит.* четверостишие
цыппарфисынон четырехугольный
цыппарфондзысæдз (ы) четыреста
цыппарыссæдзæм восьмидесятый
цыппарыссæдз(ы) восемьдесят
цыппæрæймаг *кæс* **цыппæрæм**
цыппæрæм 1. четверг; 2. четвёртый
~ хай четверть, четвёртая часть
цыппæрвадæй во всю прыть
Бæх, æвæццæгæн, амы фæндæгтыл фæлтæрд чи уыди, ахæм ~ тахти гакъонмакъон къахвæндагыл. *Максим. Æхсызгон улæфт* Лошадь, очевидно привыкшая к здешним дорогам, скакала во всю прыть по извилистым тропинкам
цыппæрвадыг галоп
цыппæрвадыгæй вскачь; карьером
~ уайын мчаться карьером
цыппæргай по четыре
цыппæрдæс четырнадцать
цыппæрдæсæймаг, цыппæрдæсæм четырнадцатый
цыппæрдигъон, цыппæрфисынон четырёхугольный
цыппæрдзæлхыг четырёхколёсный
цыппæркъахон, цыппæркъахыг четвероногий
цыппæртæ конечности
цыппæртыл лæууын стоять на четвереньках
цыппæртыл цæуын передвигаться одновременно на руках и коленях; *разг.* ползти на карачках

цыппæртыл хилын — ползти на четвереньках

цыппор — сорок

цыппоркъахыг: ~ зулкъ — *зоол.* сороконожка

Цыппурс — *рел.* Рождество

цырагъ (*бир.* цырæгътæ) — свеча; лучина; лампа; лампочка; светоч, светило

æхсæвсудзæн ~ — ночник

● бæлас зæххыл ныццавта ’мæ сугæн æгæр лыстæг, ~æн æгæр ыставд, ахæм пырх ныцци — ударил дерево оземь, и оно раскололось так, что на дрова было мелковато, а для лучины толстовато

● бон æй ~ы рухсмæ дæр не ссардзынæ — днём с огнём (фонарём) не найдёшь

● искæмæн дæндагæй ~ дарын — быть верным слугой кому-л.

мыдадзын цырæгътæ ссудзын — зажечь восковые свечки

номарæн цырæгътæ ссудзын — зажечь свечи в знак памяти

● сойын ~ы хуызæн атайын — быстро исчезнуть, сгореть как свеча; умереть

Чызг сойы ~ау батади, æмæ айдæнмæ кæсын дæр йæ зæрдæ нал комы. *Изæтбег. Æндæрг* — Девушка растаяла как свеча, и ей больше не хочется смотреть в зеркало

уазджыты уæлхъус ~ау лæууын — прислуживать гостям самым внимательным образом

электрон ~ — электрическая лампочка

~ы авг — ламповое стекло

~ы рухсмæ — при свете свечи

фæтæгены ~ы рухсмæ — при свете керосиновой лампы

цырагъваг — мизерная сумма денег

цырагъдар, цырагъдарæг — держащий свечу; *перен.* просветитель

искæй уæлхъус ~ау лæууын — верно служить кому-л.

мæрдты ~æй фæцу — чтоб ты и на том свете был прислужником

цырагъдарæн — подсвечник

цырв (*бир.* цырвытæ) — осадки пива; дрожжи

~æй уазал æнхъызт куы скæны бæгæны, уæд ын æмбал нæй — пиво, которое перебродило холодным, ни с чем не сравнить

бæзджын бынтæ хус кодтой ~æн — осадки, гущу сушили для пивных дрожжей

бæгæнæйы ~ытæ — пивные дрожжи

Цы уа йæ ~ мæ карз тыхстæн? / Мæ уарзон хъæу, / Кæд та мыййаг зæрдæрыстæй. / Кæй мысын дæу? *Хъодолаты Г.* — Что есть причина моей озабоченности? / Моё любимое село, / Может быть, сердечная боль. / От того, что я скучаю по тебе?

хъуыддаджы ~ — ключевой человек в деле; душа коллектива

цыргъ — 1. острие; 2. острый

~ æвзаг — острый язык

● йе ‘взаг сæрдасæнæй ~дæр — язык, что бритва

~ зачъе — острая бородка

~ зонды хицау — остроумный человек

~ кæнын — точить; делать острым

● дæндæгтæ ~ кæны — зубы точить; таить зло, обиду
~ ныхас — острое высказывание; колкие слова
~ фæрæт — острый топор
Зæронд тулдз бæлас, тагау хус бауай мæ тæригъæдæй, ей. / Дæ бындзарæй дæ хъæддзау акала йæ ~ фæрæтæй, ей. *Зарæг.* — Старый дуб, чтоб тебе засохнуть от моих печалей, гей. / Чтоб дровосек тебя под корень срубил своим острым топором, гей
~ хъама — острый кинжал
● искæй ~ æрцындз — человек, больше беспокоящийся о благе других, чем о своём благе
~ дæндæгтæй цæрдхуынкъ фæкæнын — прокусить насквозь острыми зубами
карды ~ — остриё ножа
кард ~æй дарын — держать нож наготове
● кæрæдзимæ ~æй æвзидын — быть на ножах; враждовать
● сылгоймаджы æвзаг та кардæй ~дæр у — язык женщины страшнее бритвы
● усардыд лæг ~ карды комæй уæлдай нæу — мужчина, которого жена натравила, опасен как острие ножа
● хистхорæн йæ кард ~ вæййы — кто на поминки часто ходит, тот свой ножик острым наготове держит

цыргъаг (*бир.* цыргъагтæ) — холодное оружие
цыргъад — острота, остроумное выражение
цыргъæвзаг — остряк, остроумный человек
цыргъæнхъыст — сильно перебродивший *(напр., о квасе)*
цыргъбылæг — острогубцы
цыргъгæнæг (*бир.* цыргъгæнджытæ) — точильщик
цыргъгæнæн — оселок, точильный камень
цыргъгонд — отточенный, острый
цыргъгоппа — остроконечный
~ сырхстъалыджын худ — будёновка
цыргъзонд — остроумный
~ лæг — остроумный человек
цыргъзонддзинад — остроумие
~ равдисын — проявить остроумие
Цыргъисæн — *этн.* праздник в честь начала сенокоса
цыргъкъуымон — остроугольный
Цыргъобау — святилище в честь покровителя плодородия в Ольгинском
цыргътигъджын — остроконечный; остроугольный
цыргъфындз — остроносый; остроконечный
цырд — быстрый, ловкий, живой, проворный, расторопный; активный
● ~ лæуу**!** — не зевай!
цырдад — быстрота
цырдгомау — 1. быстрый, проворный; 2. быстро, живо, проворно
цырддзаст — настороженный; бдительный; зоркий

● ~ уæвын — быть бдительным, осторожным
цырддзастæй — зорко; бдительно; настороженно
цырддзастдзинад — настороженность; бдительность; зоркость
цырддзæуæг — быстроходный
цырддзинад — ловкость, проворство, расторопность
цырдкъах — быстроногий
цырен — пламя; азарт, задор, разгар
~ артæй судзын — гореть ярким пламенем
~ кæнын — загораться, гореть; подстрекать; вдохновлять(ся); возбуждать(ся)
~æй дзурын — говорить с азартом
æмбырд йæ тæккæ ~ы уыд — собрание было в самом разгаре
дзыхæй ~ калын — извергать пламя из пасти
цыренгæнæг (*бир.* цыренгæнджытæ) — подстрекатель; застрельщик; вдохновитель; возбудитель
цыренкæнындзинад — возбудимость; подстрекательство
цырт, цыртдзæвæн — надгробный камень; памятник
Цыртдзæгъдæн — *уст.* название весеннего дня, когда белят извёсткой надгробные камни, памятники
цырх — груз
цырхæрзылд — грузооборот
цырхисæн — грузоподъёмный
~ машинæтæ — грузоподъёмные машины
цырхын — складывать в кучу; сваливать
цырын, цырен — пламя; азарт, задор, разгар
~ кæнын — подзадоривать; раззадоривать
ныфс ~ кæнын — побуждать; внушать смелость
сгуыхтдзинæдтæм ~ кæнын — вдохновлять на подвиги
цырынгонд — поспешный; торопливый
цырыхъхъ (*бир.* цырыхъхъытæ) — сапог
~ къахæй раласын — стащить сапог с ноги
бæрзондхъус цуаноны ~ытæ — охотничьи сапоги с высоким голенищем
уæззау ~ытæ æфсæйнаг цæфхæдтимæ — тяжёлые сапоги с железными набойками
Йæ къæхтыл уыд, сæууон æртæхтæ æмæ хæххон уарынтæ сæ ахуырст кæмæн аластой, ахæм ~ытæ. *Максим. Æхсызгон улæфт* — На ногах у него были сапоги, краска с которых облезла от утренней росы и горных дождей
~ытæ сæрфын — чистить сапоги
цырыхъхъаг — материал для сапог
цырыхъгæнæг (*бир.* цырыхъгæнджытæ) — сапожник
цырыхъхуыйæн — сапожная мастерская
цыт — честь, почёт, уважение; слава
~ кæнын — оказывать честь; уважать
● ~ хорз у, фæлæ фырдзыт æдзыт у — почитать хорошо, а боготворить не пристало

Цыма Нартæм æрцыдтæн, æмæ мыл Нартæ ~имæ ‘мбæлынц, æмæ цæ æз саджы фыдæй хорз федтон. Гъеуый дын мæ фын. *НК.*
Как будто, попав к нартам, меня встретили с почётом, а я их олениной угощаю. Вот тебе мой сон

~ы гæххæтт
почётная грамота

~ы уазæг
почётный гость

~ыл мæлæг
честолюбец

æфсæддон ~имæ бавæрын
похоронить с воинскими почестями

● ирон лæг ~ы фæдыл мæлы
осетинам присуще честолюбие

● кад кæм уа, уым ~ дæр ис
где слава, там и почёт

● кад, ном æмæ ~ – æмхуызон
слава, имя и честь равны

стыр ~
высокая честь

хистæртæн ~ кæнын
уважать, почитать старших

● цыма дын дæ ~ы худ фелвæстон
как будто я лишил тебя высокой должности / лишил кресла

цытджын
пользующийся уважением, почётом; знаменитый; славный; великий

~ æмбырд
высокое собрание

~ уазджытæ
почётные гости

цытуарзаг
честолюбивый

цытуарзондзинад
честолюбие, жажда почестей; тщеславие

цыфæнды
всякий, любой; безразлично какой

~ афон дæр
в любое время

~йæ дæр
во чтобы то ни стало; обязательно, несмотря ни на что

Лæг ма ~ фæуæд, фæлæ йерæдзыпп, – / Ифтыгъд нæу зæгъгæ нæ загътон?!. *Къоста. Ахуыр*
Бог с ним с человеком, но ружьё, – / Разве не сказал я, что оно не заряжено

цыфæндыдæр
разг. что попало, безразлично, что попадёт под руку, что в голову придёт

цыфыддæр
самый плохой; конченный

~ знаг
злейший враг

~ фыдгултæ
злейшие враги, противники

цыхауи
мелкое решето

~ кæнын
просеивать через решето; *разг.* вытаскивать, обнажать (*кинжал, шашку и т.п.)*

цыхт (*бир.* цыхтытæ)
сыр; брынза

~ ахсын
приготовлять сыр, брынзу

~æй дзыкка
дзыкка из сыра

~ытæ хæндыджы дарын
держать сыр в рассоле

къæдоры ~
творог

къобаг ~
кобинский сыр

фæлмæн ног ахст ~
свежий мягкий сыр

фысы ~ы гуымбыл
кружок сыра из овечьего молока

● хæндыгхъусæн давæггаг ~ы къæртт йæ хъуыры сæдзы
краденый сыр в горле застревает; краденое впрок не идёт

● хуырхы мигænæнænæ ~æй ныууадзын нæ фæччы — ёмкость для сыворотки без сыра держать не принято

хъæбæр ~ытæ — твёрдые сыры

цæхджын ~ — солёный сыр

цыхтахсæн I — 1. сыроварня; сыроварение; 2. сыроваренный; сыродельный

~ завод — сыроваренный завод

~ чырæг — корзина для откидывания творога

цыхтахсæн II — сычуг (*один из отделов желудка жвачных)*

цыхуызæн — какой, каков

бон ~ у? — какая сегодня погода?

уындæй ~ у? — каков он собой?

● чи ~ дзуар у, ахæм чъиритæ йын кувынц — каково божество, таковы и пироги, что ему посвящаются

Дæс æмæ ссæдз азы дæн разамынды куысты æмæ ~ кусæг нæ федтон, ахæм нал ис. *Дæбе. Адæм адæм сты* — Тридцать лет я на руководящей работе и каких только работников не повидал

цыхуызы — каким образом

Газеттæ та бынтон нал æуæрстой. ~ йæ не ‘вдыстой, ~ дзы не ‘ппæлыдысты. *Максим. Райсомы мигъ* — А газеты вообще не скупились. Каким только образом не подавали его, как только не хвалили его

цыхцыр, цыхцырæг (*бир.* цыхцырджытæ) — струя; водопад, каскад; жёлоб

● цыхцыраджы бынæй хусæй рагæпп ласын — выйти сухим из воды; выпутаться из любого затруднения

чъизи цыхцырджытæ цæугæдæттæм саразын — направить грязные стоки в реки

цыхцырæгæй — каскадом; струёй; сплошным потоком

~ ныллæууын — литься струёй

туг лыстæг ~ уадис — кровь бежала тонкой струйкой

Мæ туг фæцыд ~… / Æрбахъуызы мæ удхæссæг. *Хъаныхъуаты В. Кадæг* — Я истекаю кровью… / Подкрадывается моя смерть

Цъ

цъай колодец
~ дон колодезная вода
арф ~ глубокий колодец
● дон цы ~æ нуазыс, уым ту ма кæн не плюй в колодец, из которого воду пьёшь
цъала топкое место с кустарником
● тулдз – тулдзджыны, фæрв ~йы каждый на своём месте
цъалды кухонный топор, большой нож *(для мяса)*
цъалхæй-малхæй *разг.* всё подряд
~ сæ иу лæджы хуызæн бахынцыс. *Бицъоты Г. Арвы айдæн* Ты угощаешь всех подряд, как будто одного человека
цъамалæг (*бир.* цъамалджытæ) *бот.* валерьяна
цъаммайраг *(бир.* цъаммайрæгтæ) скверный, мерзкий, гадкий, низкий; *разг.* наглец
цъаммар 1. негодяй, гад; 2. скверный, мерзкий, гадкий, низкий
~ адæймаг грязная личность
● ~ лæг ~ митæ фæкæны подлый человек на подлости только и способен
~ митæ мысын наговаривать; приписывать гадости
~ митæн кæрон скæнын положить конец мерзким выходкам
~ ныхæстæ фæкæнын наговорить гадостей
цъаммардзинад (*бир.* цъаммардзинæдтæ) мерзость, гадость; низость
цъанут, цъанутгærдæг осока
цъап *разг.* тяп-ляп
● ам ~, уым ~ там тяп, сям ляп
цъапп-цъуппæй вчерне, наскоро
куыст ~ ацæдтæ работа наскоро закончена
цъар (*бир.* цъæрттæ) пласт, слой; кора; кожура; кожа, кожица; скорлупа; переплёт; оболочка; обёртка
айчы ~ы стигъæнтæ яичная скорлупа, очистки
æддаг ~ обложка; верх *(напр., пальто)*
æнгузы ~ скорлупа ореха
æхсыры ~ сливки; пенка *(на молоке)*
● æхсыры ~æй фæхæссын баловать; ни в чём не отказывать
базы ~ наволочка
бæласы ~ кора дерева
Нæ йæ баурæдта фæрв. – Хъæды фыддæр фæу,– загъта Сослан,– дæ ~ дын ахорæнæн куыд стигъой, дæхæдæг та хуыскъ куыд кæнай! *НК. Сосланы мæлæт* Не удержала его ольха. – Будь самой никчемной в лесу, – сказал Сослан, – чтоб кору твою ради краски обдирали, а сама, чтоб ты ссохлась!

ænæ ~æй бæлас сыфтæр нал рафтаудзæн	на дереве без коры не будет листвы
● былы цъæрттæ хæрын	быть в нетерпении; сильно хотеть; кусать губы в нетерпении
зæххы ~	земная кора
зæххы ~æй фесæфын	исчезнуть с лица земли
● йæ зæрдæ фиуæй бæзджын ~ сæвæрдта	он очерствел; сердце жиром заплыло
Сагъæстæй йæ зæрдæ сау ~, сау агъуд скодта æмæ æртæ азы фæстæ уый дæр амарди. *Секъа. Мад æмæ фырт*	От переживаний на сердце чёрная пелена, чёрный панцирь появился, и через три года и его не стало
● куыдзæн фиуы ~æй æрчъитæ скæн æмæ сæ бахæра	совершать глупости; напрасно стараться; *букв.* сделай собаке обувку из сала, чтоб она её съела
сætджын ~	*анат.* слизистая оболочка
фælмæн ~	мягкая обложка
хъæбæр ~	твёрдая обложка
хъæдындзы цъæрттæ	луковая шелуха
● хъуыры ~æй лæгъстæ кæнын	умолять; заклинать
цæсгомы ~	кожа лица; совесть
● цæсгомы ~ ыл нæй	ни стыда, ни совести у него
цывзыйы цъæрттæ	листья перца
чиныджы ~	обложка
цъарæвæрд	напластованный; обёрнутый; переплетённый; обшитый; покрытый
цъаргай	по слоям, слоями
~ кæнын	отслаивать
~ стигъын	срезать слоями; снимать слой за слоем
цъаргæндтæ	пироги
цъарджын	слоистый; с переплётом; в обёртке
сызгъæрин ~ къафетт	конфета в золотистой фольге
цъарист	со снятой кожурой, пеной
~ æхсыр.	снятое молоко
цъарыстыгъд	ободранный; очищенный; ограбленный
~ кæнын	ограбить, обобрать
цъасс (*бир.* цъассытæ)	дыра, отверстие; скважина; нора; расщелина
айнæджы (хохы) ~	расщелина утёса
● алы сætæлæг дæр йæхи ~ы лæзæры	каждая улитка в свою раковину забивается
хæхты цъассытæ	горные расщелины; узкие ущелья
цъата(тæ)	отруби
цъатахæццæ	с отрубями
~ дзул	хлеб с отрубями
цъахгæр	*бот.* целебное растение, оконник (живокость)
цъах-цъах	вопли; вытьё
дæлимонтæн цыд сæ ~	слышались вопли нечистой силы
цъацъа	выжимки, отбросы

цъæбæртт барахтанье *(в воде),* плеск
~ытæ кæнын барахтаться *(в воде)*
цъæгъæдз челнок *(ткацкий)*
● ~ æлхуи æмæ уæдæрттæй фидауы челнок без веретена и шпульки ничто
тынуафæн ~тæ ткацкий челнок
Исчи йыл куы бахуда, иу ранæй иннæмæ ~ы рауай-бауай цы кæныс, зæгъгæ? *Лademыр. Рынчын фæрсæг* Вдруг над ним будут смеяться, мол, чего ты бегаешь взад-вперёд как челнок?
цъæгъæдзон челночный
~ дипломати челночная дипломатия
цъæгъгъаст (*бир.* цъæгъгъæстытæ) брызги
~ кæнын брызгать
цъæй сукровица
цъæл I разбитый; сломанный; надломленный; раздавленный
~ кæнын разбивать; ломать; давить
лыстæг ~тæ бауын разбиться на мелкие кусочки
Сæхи найын сæ æрфæндыди. Терк йæ тæккæ ивылдæй. Дыккаг бон æй изæрырдæм дæлæ горæтгæрон ссардтой, ~тæй, пырхытæй. *Максим. Райсомы мигъ* Вздумалось им купаться. А Терек в самом разливе. На второй день к вечеру нашли его на окраине, раздавленным, побитым
Созырыхъо сивтыгъта топп, ныццавта йæ Мукарайыл, æмæ уый раппæрста нæмгуытæ ~æй. *НК.* Созырыко зарядил ружьё и разряди его прямо в Мукара, а тот только выплюнул пули сплющенными
● сæр ~ кæнын ломать голову; сильно стараться
цъæл II пивная гуща, барда
зады æмæ хуымæллæджы ~тæ выжимки солода и хмеля
● мæгуырæн ~ дæр дзыкка у бедняку всё сойдёт
цъæлхъæр(тæ) вопль, гомон; обрывки разговора, спора; крики
Æрмæст дзæгъæлы ~ – нæ! только без лишних споров!
цъæмæл(тæ) шелуха, отбросы, отходы, выжимки
● ~ дæр æфсир уадзы ‘мæ хор дæр, фæлæ сæ кад иу нæу. всходы и шелуха даёт, и зерно, но ценность их разная
– А-гъа! Фæзынд сæ иу. Сæ зæдтæй нæу, Фæлæ чызгæй ~ нæ вæййы. *Шамил. Хъодыгонд зæд* – А! Вон появилась одна. Она, конечно, не из ангелов. Но девушек никчемных не бывает
● ~æй хор – кæрчыты холлаг отходы зерна – корм для кур
● ~тæй кæрдзын нæ цæуы из шелухи чурек не спечёшь
● ~ты фæстæ сыхырна дæр фехстой вместе с отходами и решето выбросили
● искæй фæсте ~ бакалын возвести поклёп; оговорить; облить помоями; *букв.* кому-л. вслед отбросы швырнуть
● уыцы ~ уæхи кæрчытæн акал расскажи об этом своей бабушке; *букв.* эту шелуху своим курам скорми
● хорхъуаг ~æй не ‘взары кто нуждается, всё использует

Радым, радым, Галæгон, нæ хор нын йæ зыгуымæй, ~тæй асыгъдæг кæн, æмæ дын сырх уасæг аргæвддзыстæм, фæстаг фыййаг дæу уыдзæн!

Подуй, подуй, Повелитель ветров, развей шелуху и мы зарежем тебе красного петуха, а последняя лопата зерна твоей будет

цъæм-цъæм

шамканье; чавканье; чмоканье

~ кæнын

шамкать; чавкать; чмокать; жадно есть

● кæй нæ уарзай, уымæн йæ хæрын – ~, йæ цæуын – сæпп-сæпп

кого не любишь, тот во время еды шамкает, при ходьбе шаркает

цъæнуд, цъæнут *кæс* **хъæз**

тростник

Сæ дарæс бызгъуыр, скъуыдтæ, ~ы хæлттæй бæстытæ, мæллæг, сæ цæстытæ арф кæцæйдæр æрттивынц. *Секъа.*

Одеты в лохмотья, в рваньё, тростником подпоясаны, худые, глубоко запавшие глаза блестят

цъæнутгæрдæг

бот. вид осоки; болотная трава

цъæнутджын

тростниковый

● ~ хъæд æмæ фыдæххæл бинонтæй уæлдай нæй

тростниковый лес, что недружная семья

~ фætæн

тростниковые заросли

Балсæджы Цалх та дзы фætарстис æмæ ~ фætæнмæ йæхи баппæрста. *НК. Сосланы мæлæт*

Опять испугалось его Колесо Балсага и укрылось от него в зарослях тростника

цъæпæра

вязанка; пачка; *бот.* кисточка

æхцаты ~

пачка денег

Стъолыл лæууыди йæ разы мыхуыргонд сыфты ~

Перед ним на столе лежала стопка напечатанных листов бумаги

цъæпо, цъæппо

кисть, кисточка

цъæппæг (*бир.* цъæппæджытæ)

тех. кусачки; плоскогубцы

цъæпп-цъæпп кæнын

шлёпать, шагать по грязи

цъæрна *д.*

1. пятно; 2. пёстрый

номыл ~ сæвæрын

запятнать имя

цъæрræмыгъд, цъæрræмыхст

царапина; рана

~ кæнын

царапать; наносить рану

● ~ дæр никуы фæци

даже царапины на нём не было; он не пострадал

Дыууа азы дæргъы й~ алыварс мардысты адæм, Хъуырман та ~ дæр никуы фæци. *Хæблиаты С. Дзæнæты маргъ*

В течение двух лет вокруг него погибали люди, а Курман даже царапины не получил

~ытæй дзурын

говорить на ломаном языке

Бега æмæ Дзæрæх та уырыссагау ~тытæй дзурын фæцайдагъ сты, æмæ-иу кæрæдзийы уырыссаг æмæ ирон ныхасыл сæхи худæгæй схастой. *Нафи*

Бега и Дзарах повадились говорить на ломаном русском и начинали хохотать над своими смешанными русскими и осетинскими выражениями

цъæт

пружина

~тыл бадæгау кæнын

проявлять нетерпение; быть наготове; *букв.* сидеть как на пружинах

Бадгæ дæр кодтам ~тыл бадæгау. Зыдтам – ныртæккæ та фæзындзысты знаджы хæдтæхджытæ. *Æшæх. Сырх стъалы*

Сидели мы как на взводе. Знали – вот-вот появятся вражеские самолёты

Уыйфæстæ, цыма, ~æй конд дæ, уый хуызæн хъæддых кæсдзынæ дæхимæ, рог æмæ хъæлдзæг уыдзынæ. *Арсен.*
А после, как будто ты весь из пружин состоишь, таким сильным ты себя почувствуешь, будешь лёгким и весёлым

ændon ~tæ
стальные пружины

цъæтджын
пружинный

~ сынтæджы хуыссын
спать на пружинистой кровати

цыппардзæлхыг ~ уæрдон
четырёхколёсная повозка с рессорами

цъæукъа
козлёнок

цъæх
1. синяк; *разг.* арака; *охот.* волк; 2. синий; голубой; зелёный; серый; сизый

~ адарын
зазеленеть

~ арв
голубое небо

~ арт уадзын
страстно хотеть; сгорать от нетерпения

~ бирæгъ
серый волк

~ болат
сталь, синий булат

Æмæ та йæ бахаста Куырдалæгонмæ æмæ та йæ саразын кодта хорз, сыгъдæг сау болат æмæ ~ болат. *НК.2*
Понёс он его к Курдалагону, Небесному кузнецу, и снова попросил его сделать ему черный булат и синий булат

~ кæнын
синеть; голубеть; зеленеть; красить в синий, голубой, зелёный цвет

~ кæрдæг
зелёная трава

~ кæрз
ясень зелёный; синева

~ мæга
зоол. коростель

~ мигъ
сизый туман

~ нæмыг
неспелое, незрелое зерно

~ нæу
дёрн, трава

~ уæвын
быть зелёным, незрелым

● ~ фæнык фестын
превратиться в пепел; сгореть дотла

Мæ хъæбул дзæбæх уæд, æндæр, дам, æз ~ фæнык дæр фестон. *Къæбысты З. Царды фæлтæртæ*
Лишь бы, мол, мой ребёнок был жив-невредим, а от меня хоть горстка пепла пусть останется

~ халон
серая ворона

~ цухъхъа
серая черкеска

● ~æй – рæгъæд
молодой, да ранний; не по возрасту

Хъыг мын уыдысты йæ ныхæстæ. ~æй æгæр тагъд-тагъд чи арæгъæд, ахæм. *Максим. Æхсызгон улæфт*
Обидели меня его слова. Сам он из тех, кто наскоро не по возрасту повзрослел

● ~æй хи фаг фæуын
выпить много араки; принять на грудь, как следует

Стæй сæ цалынмæ «~æй» сæ фаг фæуа, уæдмæ сæм æнхъæлмæ дæр ма кæс. *Хъаныхъуаты В. Адæймаджы фидауц*
И, потом, пока они хорошенько «на грудь не примут», можно и не ждать их возвращения

~tæ
синяки и кровоподтёки

ærvхуыз ~
синий

арвы ~
синева неба

боны ~æй сау изæрмæ
с раннего утра до позднего вечера

боны ~мæ æнхъæлмæ кæсын
дожидаться рассвета

буары ~тæ — синяки на теле

Ænæуый дæр хорз зыдта Фатымæ йæ лæджы къухты ахаст, иу хатт æмæ дыууæ хатты нæ хаста йæ буар ~тæй къуыригай æмæ фылдæр. *Арсен. Джанаспи* — И без того знала Фатима руку своего мужа, не раз и не два ходила вся в синяках неделями, а то и подоле

● зæрдæ ~ у — надоело

иууылдæр ~ уæвын — весь в синяках

кæрдæгхуыз ~ — зелёный

сæрвæттæ ~ кæнын байдыдтой — луга зазеленели

● Фараст лæппуйы ‘мæ иу ~ чызг! — (*благопожелание невестке*) девять сыновей и одну какую-нибудь дочку!

● химæ ~æй фæкæсын — выпить вдоволь араки

● чи ~ зæгъы, чи – рæгъæд — у каждого своё мнение; *букв.* кому зелено, кому впору созрело

цыма ~ æхсынцъы ахордта — как будто кислое съела; *букв.* как будто съела зелёную алычу

цъæхарт; цъæх арт — синее пламя; ясное пламя

~ уадзын — страстно хотеть; сгорать от нетерпения

● дзурынмондагæй ~ уадзын — еле сдерживаться от желания поговорить

Ныртæккæ чызгæй фылдæр цы ис. Мой кæныны фыдæй ~ куы уадзынц. *Тæтæри. Чындз* — Девушек сейчас хоть пруд пруди. Они же от желания выйти замуж просто синим пламенем горят

● мастæй ~ уадзын — полыхать от злости

цъæхахст (*бир.* цъæхахстытæ) — неистовый крик, вопль

~ кæнын — издавать вопль; вопить, кричать

хъæлæсы дзаг хъæр æмæ ~ кæнын — вопить во весь голос

Дыууæ усæй иу – Нинæ – ærвонгдæр уыди, фæлæ иннæ ус лæгтæй æнæрасыгдæр нæ уыди, æнæхъуаджы худт æмæ ~ытæ кодта. *Арсен. Ænæхъус Карум* — Из двух женщин Нина была потрезвее, а другая была пьяной не меньше мужчин, не к месту хихикала и вскрикивала

зæрдæхалæн ~ — душераздирающий крик

ноггуырды ~ — крик новорожденного

● сывæллон ~имæ фæзыны дунемæ — ребёнок с криком приходит в этот мир

уынгæг зæрдæйы ~ — щемящий душу вопль

цъæхахстæй — во весь голос, истошно

~ кæуын — плакать навзрыд

цъæхахстгæнæг — визгливый

цъæхбæх — лошадь серой масти

● ~ыл бадын — чувствовать себя уверенным

цъæхбыл — желудок *(у птицы)*; куриный пупок

● мæ ~ сцæйхауы — сгораю от нетерпения; мне невтерпёж

цъæхбын — синеватый; зеленоватый; сероватый; голубоватый

цъæхвæлыст, цъæхфæлыст — покрытый зеленью; озеленённый

цъæхдæндаг — оскомина

~ суæвын — набить оскомину

● сау хохы фыййау сау нæмыг бахордта, урс хохы фыййау та дзы ~ сси — пастух на чёрной горе чернику ел, а на белой горе пастух оскомину набил

● цардæй ~ кæнын — жизнь опостылела

цъæхдзаст — синеглазый; голубоглазый; сероглазый

цъæхнау — *поэт.* мурава

цъæхнæмыг — *бот.* голубика

цъæхой — 1. серый волк; 2. синий; голубой; зелёный; серый

цъæхсæртæ скæнын — построить солидный дом / дворец; дом с крышей из жести

цъæхснаг — 1. *муз.* меццо-сопрано, сопрано; 2. резкий, звонкий; крикливый; острый *(на вкус)*

~ кæрдæг — *бот.* осока

~ рæйд кæнын — визгливо гавкать

~ уадындзæй уасын — дудеть на звонкой свирели

~ уис — хворостина; длинный сухой прут

~ хъæлæс — звонкий голос

~ хъæр — пронзительный крик

цъæххал — зелень

цъæххос — медный купорос

цъæх-цъæхид — ярко-синий; ярко-голубой; ярко-зелёный

~ дарын — синеть; зеленеть

● ~ расыг суæвын — напиться в стельку

цъæхцъиргæ — *охот.* арака

цъæхыг — зелень

цъенга: ~ къуымæл — плохой квас

цъери — скирд

хосы ~ — скирд сена

Уый искæй уæзæгыл тыхæвзаræн нæ кæны, ændæра йын æз хорз зонын йæ арсы дзæмбытæ, ænæхъæн ~ сæ æрбахъæбыс кæны гæрзбæндæнау. *Нафи. Туг не ‘мбийы* — В чужом доме он силой не меряется, а не то я хорошо знаю его медвежьи лапы, целый скирд сена ими обхватить может

цъери-хъил — стожар, шест, вбиваемый в землю посреди стога

Ас лæгтæ уынынц кусæнгæрзтæ: чи йæ цæвæджы хъæд лæгъзытæ кæны, чи та ~ты сæрвасæнтæ цыргъ кæны. *Нафи. Туг не ‘мбийы* — Пожилые мужчины осматривают свои рабочие инструменты: кто шлифует черенок косы, кто обтачивает шесты для стога

– Дæуæн дæ кард ~ы дæргъæн у æмæ! – йæхи раст кæны Бабе. – Махмæ та хъаматæ йеддæмæ ницы ис! *Нафи. Туг не ‘мбийы* — – Потому что твой клинок длиннее, чем шест в стогу! – оправдывался Бабе. – А у нас кроме наших кинжалов ничего нет

цъиах (*бир.* цъиæхтæ) — *зоол.* грач; галка

цъиах-цъиах — карканье; галдёж

~ кæнын — каркать, галдеть

цъика — полотно

~йау фæлурс — бледный как полотно

цъил — волчок, кубарь; *охот.* аркан

~ кæнын — *разг.* будоражить

~ фестын — вертеться как юла; увиваться

Стæй цыма бæсты æндæр чызг нал ис. Уæвгæ сæ хæйрæг базонæд, иууылдæр йæ алыварс ~ фестынц. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Как будто на свете других девушек больше нет. Хотя чёрт их разберёт, все вертятся вокруг как волчки

~ау зилын — вертеться волчком

● æд ~, æд мил — со всеми потрохами

цъилгæрдæг — *бот.* папоротник

цъингуыр — название рыбы; *перен.* плут, хитрец

цъипп-цъипп — писк *(цыплят)*

тæригъæддаг ~ — жалобный писк

цъиуау ~ кæнын — пищать беспомощно

● цъиуау ~гæнгæ фæцу — чтоб жил ты в страхе; попискивая

цъирæг (*бир.* цъирджытæ) — сосущий; сосунок

цъирын — сосать

лула ~ — потягивать трубку

мидæмæ ~ — всасывать

сой ~ — выжать соки

● хохæй сой цъырдта, къæдзæхæй æхсыр цымдта, ахæм тыхджын уыд — а силы в нём было столько, что из гор соки выжимал, из скал молоко выдавливал

туг ~ — пить кровь

уд ~ — изводить; истязать

Бирæ фысджытæ цард нæ зонынц, биноныг æм нæ кæсынц, фæлæ йæ се ‘нгуылдзтæй цъирынц. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — Многие писатели не знают жизни, не наблюдают пристально за ней, вот и высасывают всё из пальца

цъист — давка; писк

~ кæнын — давить, прищемлять; пикнуть

Хохаг сылгоймаг фæрæзон у. Иу ~ дæр дзы нæ райхъуыст. *Баситы М.* — Горянки выносливы. Она даже звук не издала

цъити — ледник; глетчер

● ~ арвы хæрæфырт у — глетчер небу родным племянником приходится

● ~ их у, их та – дон — ледник – это лёд, а лёд – это вода

● ~ йæ уæзæй ыскъуийы — ледник от собственной тяжести раскалывается

~тæ тайæн рæстæг — время таяния ледников

● ~ сæрды – сырдтæн ривæддон — ледник летом для зверей – место отдыха

æнусон ~тæ — вечные ледники

● ~ æнусты цæры, мит та – дыууæ боны — ледник вечен, а снег мимолётен

● залтон мит æмæ æнусы ~ — снег лавин и вечный глетчер

● ~йы цъуппыл дæр фæцæрдзыстæм — перенесём любые невзгоды

Никæмæн дæ ратдзынæн. Бæстæ йæ бындзарæй куы рафæлдæха, уæддæр. ~йы цъуппыл дæр фæцæрдзыстæм. *Максим. Райсомы мигъ*
Я тебя никому не отдам. Даже если мир перевернётся. Вместе мы любые невзгоды преодолеем

● дыууæ уды ~йы сæр дæр фæцæрдзысты
двое любящих везде проживут (*и на леднике*)

цъитидон (*бир.* цъитидæттæ)
ледниковая талая вода

цъитиджын, цъитисæр
ледниковый, покрытый льдом

цъиу
птица, птичка; птенец

● ~ дæр йæ ахстон мысы
даже птица тоскует по своей клетке

● ~ дзы æфсæстæй нæ ныззардзæнис
скупы на угощение; *букв.* птичка от сытости не запоёт у них

● ~ йæ тоныны аргъ нæу
овчинка выделки не стоит

● ~ нæмыг уидзы
кто-то из младших подслушивает; *букв.* птичка зёрнышки клюёт

– Уый хæстон сусæг у. – ~тæ нæмгуытæ уидзынц, уый нæ зонут? *Болайы фырт. Чермен*
– Это военная тайна. – А что у птички ушки на макушке, вы не знаете?

● ~æй, бæдулæй
все без исключения; все от мала до велика

● ~æн йæ афон куы æрцæуа, уæд ын æнæ тæхгæ нæй
когда птица подрастает, она улетает

~тау иу хъæлæсæй уасын
говорить в унисон / в один голос

~тæ рауадзын
вывести цыплят

● ~ты ’взагæй дзурын
говорить на тайном, непонятном языке

● ~ты сайд акæнын
перехитрить; облапошить

● ~ты фæззæджы нымайынц
цыплят по осени считают

~ы æхсыр
птичье молоко

● ~ы æхсырæй зынаргъдæр
дороже птичьего молока

● ~ы æхсыр дзы нæ уыдис, уый йеддæмæ
разг. чего там только не было…

● ~ы мард дæр никуы сусæг кæны
ничего нельзя утаить

Чи амардта мæ фыды? ~ы мард куы никуы сусæг кæны, уæд æнæхъæн бæхджын лæг куыд байсæфт. *Нафи. Фыдæлты туг*
Кто расправился с моим отцом? Птица падёт, и то все узнают, а как тогда верховой всадник мог бесследно пропасть

● ~ы марынмæ æхсæргард сласын
из пушки по воробьям бить

● ~ы цæст нæ ивгъуйы
меткий, птицу в глаз бьёт

Æнæхъæн комы дæуæй æвзыгъддæр цуанон куы никæй хуыдтой: ~ы цæст нæ ивгъуйы», «карды комыл ахиздзæн». *Максим. Æхсызгон улæфт*
Во всём ущелье искуснее тебя охотником никто не считался: «птицу в глаз бьёт», «по лезвию ножа пройдёт»

● ~ыл саргъ сæвæрын
сильно преувеличивать; делать из птицы скакуна

● ~ыл саргъæвæрæг
любитель преувеличить

гоппой ~
зоол. жаворонок

дыгоппон ~
зоол. удод

карчы ~
цыплёнок

● карчы ~ы дæр нæ бахъыгдарын
быть безобидным; *букв.* даже цыплёнка не обидеть

● йæ хæдзары сæрты ~ атæхын нæ уæндыд — даже птица не смела пролететь над его домом

● мах дæр хæмпæлы ~тæ не стæм — *прост.* мы тоже не лыком шиты

● уый ~æй, бæдулæй чи нæ зоны, ахæм нæй — его знают все на свете; кто его только не знает

● хабар ~тау ауасын — распространить, разнести новость

сырддон ~ — дикая птичка; воробей

хъæддаг ~ — дичь

цъиуахсæн — силок; праща

цъиуæхсæн *кæс* **дурæхсæн**

цъиувæдис — паника; переполох

Бæстæ ~ скодтой. Цы йæ нæ схуыдтой, ахæм нал баззад. *Максим. Райсомы мигъ* — Подняли жуткий переполох. Обзывали его, как только могли

Йæхи мæстытæ йæм ~ау кæсын байдыдтой. *Мæрзойты С. Дзæбуг æмæ хъæсдарæг* — Его собственные неприятности стали казаться ему мелочными

цъиувæдисгæнæг — паникёр

цъиудон — клетка *(для птиц)*

цъиудуц — человек, из всего извлекающий выгоду

цъиуджын карк — квочка

~ каркау хи искæуыл ныццæвын — наброситься на кого-л. как квочка

– Ды дæр, Залихан, авд хохы фæстæ куы нæ цæрыс. Залиханыл йæхи ~ карчы цæф ныккодта чызджытæй чидæр. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* — – Да и ты, Залихан, не за семью горами ведь живёшь. Наскочила на неё как квочка одна из девушек

~ каркау хи спыхцыл кæнын — нахохлиться как квочка

цъиудзæст — глаз *(у птицы);* узор *(для вышивания);* петля *(в одежде)*

цъиудзых — крошечный ротик

цъиузмæлæг, цъиуызмæлæг — живая душа; хоть кто-то

~ дзы нæй — там нет ни души

цъиусæр — глупый, неразумный

~ адæймаг — тупица, ничтожество

цъиусур — коршун, кобчик, ястреб

● ~ цъиутæн тæригъæд нæ зоны — коршун пощады не знает

● искæуыл ~ау хи баппарын — налететь, как коршун

● цъиу авд æвзаджы зыдта, фæлæ йæ ~ куы ‘рсырдта, уæд йæхи æвзаг дæр нал зыдта — птичка семь языков знала, а как от коршуна убегала и родной язык позабыла

цъиутæхæг — живая душа; *букв.* птичка летящая

Хуыснæг, æндæр ызмæлæг, / ~ дæр нæ уадзын; / Рæстæй зилын мæхæдæг, / Гæды митæ нæ уарзын. *Секъа.* — Ни вора, никого живого, / Никого не подпускаю; / Всё сам по праву делаю, / Не терплю подхалимства

цъиу-цъиу — щебетанье

~ кæнын — щебетать

цъиуызмæлæг *кæс* **цъиузмæлæг**

цъоли *диал.* — предводитель

цъоз *охот.* деревянная лопаточка *(прикрепляется к жерди и служит мишенью при стрельбе)*

цъой жито *(рожь)*

цъолоби рогожа, циновка

цъондыр подбородок

цъортт кæнын *разг.* отнимать; обнажать *(кинжал);* выхватывать; выскальзывать

цъуй рябина

цъула погнутый, притуплённый *(об острие)*

~ кæнын погнуть, притупить *(острие)*

● зæронд бæласыл ног фæрæт ~ кæны о старое дерево новый топор затупится

~ уæвын погнуться, притупиться*(об острие)*

● ~ нæ комы не поддаётся; не гнётся

● къæрттæй ~ не ‘ппарын упорствовать; стоять на своём

чызджы мыггаджы хистæртæ къæрттæй ~ не ‘ппæрстой. старейшины фамилии девушки были непреклонны

цъулбер пиявка; *уст.* кулак *(в деревне)*

æгæр куы цъира, уæд æй йæ хъæлæсæй скалы чрезмерность впрок не идёт

цъумур *д.* грязный

цъупгонд возвышенный; заострённый

цъупдзаг переполненный

~ графин переполненный графин

Уæзласæн машинæ уыд ~ нартхорæй. Грузовик был доверху нагружен кукурузой

цъупп (*бир.* цъуппытæ) вершина, верхушка

~ арæзт остроконечный

~ кæнын наполнить до краёв, доверху; собирать в кучу

~ы онг до самой верхушки

бæласы ~ крона дерева; макушка; клок, комок, клубок *(напр., шерсти)*

мигъы ~ облачко

сæры ~ макушка

сæры ~ыл сбадын усесться на голову; паразитировать

● тæккæ бæрзондæр ~мæ схизын *букв.* покорить самую высокую вершину; добиться самой заветной мечты

● уарзонимæ цъитийы ~ыл дæр фæцæрæн ис с милым рай и на вершине ледника

хохы ~ вершина горы

● хохы ~ыл æууæнк нæй вершина горы непредсказуема

● Чырыстийы ~мæ сисын расхвалить до небес; превозносить

Йæ бæхæй æппæлынтæ систа, раст æй Чырыстийы ~ыл балæууын кодта. *Максим. Райсомы мигъ* Стал расхваливать своего коня, прямо вознёс до небес

● чъирийы уæлæ – ~ бесплатное приложение; сбоку припёка

Æз та ма дзы чъирийы уæлæ ~ дæн! *Æз цæуон. Ашæх. Цард – фын* — А я ещё здесь сбоку припёка! Пойду, пожалуй

цъуппамад — нагруженный доверху

Йæ тæккæ ~ у цард æнæнхъæлгæ цаутæй! *Дзабайты Т. Донхæрис* — Жизнь полна неожиданностей

цъуппæвæрд — наполненный, нагруженный доверху

~ уæрдон — гружёная доверху телега

цъупхуд — шлем, остроконечный головной убор

цъус — 1. малый, маленький; 2. мало, незначительно

~ рæстæгмæ — вскоре; ненадолго

~ уæд æмæ дзæбæх — пусть мало, но хорошо

~ фæстæдæр — несколько позже

~ хицæндзинæдтæ — незначительные различия

æнахуыр ~ нымæц — небывало маленькое число

æз царды ~ мæстытæ нæ бавзæрстон — неприятностей на мой век выпало немало

цъусгай — помалу, понемногу; постепенно

~ къахыл слæууын — со временем стать на ноги, жить лучше

цъусдуг — короткое время, некоторое время; момент, мгновение

~ афæстиат кæнын — подзадержаться

цъусдуджы амонд — мимолётное, недолгое счастье

цъусдугмæ — ненадолго

цъусдугон — кратковременный

цъутта — намордник *(коровий)*

● дзæгъæлдзыхæн – ~ — болтуну – намордник

● дзыхыл ~ дарын — не разговаривать; помалкивать

● искæй дзурæнтыл ~ сæвæрын — заткнуть кого-л.; заставить замолчать

Мыккаджы лæгтæ ~тæ сæвæрдтой дамдумгæнджыты дзыхтыл. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Мужчины, представители фамилии, заставили сплетников прикусить языки

● искæй дзыхыл ~ нæ сæвæрдзынæ — *разг.* на чужой роток не навесишьзамок

цъуттабос — верёвка от намордника

цъуттаваердæй — в намордникe; несвободно

цъутхал (*бир.* цъутхæлттæ) — прыщ; прыщавый

~ læмарын — выдавливать прыщ

● искæй рисгæ ~ læмарын — наступать на больное место

Йæ зæнгыл ~ рауад Уырызмæгæн. Хуымætæджы ~. Райдианы йæ хъуыды дæр не ‘ркодта. *Максим. Æхсызгон улæфт* — Вскочил у Урызмага на колене прыщ. Обыкновенный прыщ. Он на него вначале и внимания не обратил

~ цæсгом — прыщавое лицо

● де ’взагыл ~ — типун тебе на язык

цъутхалджын — прыщеватый

цъуых-цъуых — свист пули; скольжение

~ кæнын — скользить, катиться

цъыбар-цъыбур щебетание; плескание *(в воде)*
~ кæнын щебетать; плескаться *(в воде)*
хъуысы мæргъты ~ доносится щебетание птиц
цъиуты хъæлдзæг ~ весёлое щебетание птиц
цъыбыртт ныряние, полоскание *(в воде)*
~(ытæ) кæнын нырять, полоскаться *(в воде)*
цъыввытт быстрое движение
~ кæнын (ласын) быстро проноситься, мелькать
цъыгъгъуытт плеск *(рыбы в воде);* скольжение
цъыдагъ дёготь
цъыз мошка
цъыззытт чирканье *(напр., спички)*
цъыкк (*кæс* цъыччытæ) удар острым, тонким предметом, хлыстом
~ кæнын ударять чем-либо острым, тонким; хлестать
æвзагæй ~-~ кæнын щёлкать языком
æхсæрфарсы ~ пощёчина
● нырма нæ бæхы хуыррытт, нæ ехсы ~ пока ни слуху, ни духу
сахаты ~-~ тиканье часов
цъылинаг (*бир.* цъылинæгтæ) *бот.* веники
цъыллинг (*бир.* цъыллинджытæ) виляние; плеск *(рыбы в воде)*
~ кæнын ускользать
кæсæгты ~ плеск рыб
цъыллинджытæ кæнын плескаться; вихлять
цъыллынгой жаждущий
Сатана фыдгуыбын ~тæй нæу. Нарты хæйттæ æмæ ныуазæнтæ æз бавæрдтон сæ бахъуыды бонмæ. *НК.1* Шатана не из тех, кто объедаться привык. Складывала я на чёрный день еду, напитки, что присылали мне нарты
цъылын *бот.* кисточка, веник
● ~æй ныссæрфын подмести веником
● иударон ~ саразын использовать на побегушках; заставить шестерить
● ног ~ мæрзаг у новая метла хорошо метёт
● ног чындзы ~ сыгъдæг мæрзаг у у молодой невестки метла чисто метёт
● уынгты ~ праздношатающийся
цъымара болотистое место, болото
● ~йы дон – къогъодон болотистое место – рассадник комаров
~йы мæнæргъы *бот.* морошка
~йы смидæг вæййын угодить в болото
цъымараджын, цъымарабын топкий, болотистый
~ зæххытæ болотистые земли
цъына копна сена
Уалынмæ кæсы иубон, æмæ иу лæг схызти денджызæй: лæгæн йæ сæр – хосы ~йы йас, йæ бæх – нæлсæгъы йас. *НК.2* Между тем, смотрит однажды, человек из моря появляется: голова у мужчины что копна сена, а конь величиной с козла

хос ~тæ самайын — сложить сено в копны

– Стыр тыхгæнæг æрбацæуы; йæ бæх хъæууаты йас у, йæхæдæг та – стыр ~йы дæндаджы йас. *НК.2* — Насильник огромного роста приближается; конь под ним, величиной с село, а сам, что стог сена

● ~йы хъæмпы хал — соломинка в стоге сена

цъынд — короткий сон

● карчы ~ акæнын — вздремнуть (короткое время)

● худаджы цæст ~ вæййы — кто смеётся, глаза зажмуривает

● цæсты ~ нал фенын — не сомкнуть глаз

цæстытæ ~ кæнын — жмурить глаза

цъында — чулок, носок

~ бийын — вязать носок

~ хæдон — вязаная рубашка

● ~йы хъусы æхца æвæрын — держать деньги в чулке

● иу тагæй ~ дзаума ничи кæны — одной ниткой ничего не свяжешь

къуымбил ~тæ — вязаные носки

цыбыр ~ — носок

цъындабыд — 1. вязка; 2. вязаный

цъындагæнæн — чулочный

~ фабрикæ — чулочная фабрика

цъындæг-мындæг (-æй) — зажмурившись; вслепую; необдуманно

цъындæй — с закрытыми глазами

æз æй ~ бакæндзынæн — это пустяки для меня

● къæбæр ~ нæ хæрын — украдкой не есть

● цы йын у: гæдыйау ~ хæры — что ему: жмурится, что кот за едой

цъынддзаст, цъынддзæст — с закрытыми глазами; с узким разрезом глаз; плохо видящий; узкоглазый

цъынддзæстæй, цъындцæстæй — прищурившись; зажмурившись

● ~ æууæндын искæуыл — слепо верить кому-л.

цъынды — заклад, залог, задаток

~ æхцайы пайдайæ цæрын — жить на доходы / проценты

● ~ кæй радтай, уый дæу нал у — что в залог оставил, то потерял

~ райсын — взять в залог

~йæ райсын — выкупить

дзаума ~йы раттын — дать вещь в заклад

искæй ~ ныууадзын — оставить кого-л. в заложниках

● йæ гал ~йы чи радта, уый фембылд и — кто быка заложил, тот и проиграл

цъындыаргъ — выкуп

цъыртгæнæн — пульверизатор; *мех.* маслёнка

цъыртт — плеск, прысканье, брызганье; капля

~ кæнын (ласын) — плескать; спрыскивать; брызгать

рухсы ~ — луч света

зæрдæмæ рухсы ~ бауадзын — вселить немного надежды

фæстаг ныфсы ~ — последний луч надежды

хуры ~ — луч солнца

хуызы ~ дзы нæ баззади — лица на ней нет; ни кровинушки не осталось в лице

хуыссæджы ~ нæ фенын æхсæв-бонмæ — не сомкнуть глаз всю ночь

цъыр-цъыр — стрекотание; журчание

цъырцъыраг (*бир.* цъырцъырæгтæ) — кузнечик; сверчок; стрекоза

цъырцъыраджы зарæг — стрекотание кузнечика

цъырцъырæгты уаст — стрекотание кузнечиков

– Дæ салдат цъырцъыраджы хуызæн у, фæлæ йæм лæгдзинад ис, хъæрзгæ дæр куыд не скодта! *Нафи.* — – Солдатик твой, что кузнечик, но мужества у него хватает, даже не застонал ни разу!

цъырыхснæг — 1. гололедица; 2. влажный; скользкий

цъыс-цъыс — шипение, стрекотание

~ кæнын — шипеть, стрекотать

физонæг ~ кæны — шашлык шипит

Гъæйтт-гъæйтт, лæппутæ, абоны / ~ кæнгæ физонæг, / Ма йæ ныууадзут райсоммæ, / Фасмон кæндзыстут фидæныл. *Зарæг* — Ну-ка, ребята, сегодняшний / Шипящий шашлык / На завтра не оставляйте, / Будете жалеть

● искæй уæхстыл бур физонæг æрæгмæ ~ кæны — на чужом шампуре свой шашлык долго румянится

цавæрдæр ~ йæ хъустыл ауад — слух уловил какое-то стрекотание

цъыс-цъысаг (*бир.* цъыс-цъысæгтæ), **цъырцъыраг** — кузнечик; сверчок; стрекоза

цъысым — ловушка, западня; тупик; кутузка

~æй рабырын — выбраться из западни, из тупика

~ы бахауын — оказаться в затруднительном положении

адæймаг ~ы куы бахауы, уæд ын æхсызгæнæг хъæуы — если человек оказался в трудном положении, ему нужен помощник

~мæ баппарын — бросить в кутузку

~мæ батæрын — загнать в тупик (в угол)

цъыууитт — сильно истощённый, похудевший, осунувшийся

цъыф — грязь; лужа; слякоть; грязный

~ калын — клеветать

~ кæнын — загрязнять(ся), пачкать(ся)

~ къахæй нылæууын — втоптать в грязь; оставить грязные следы

~ уæвын — быть загрязнённым, запачканным

~æй нал зынын — не виднеться от грязи

~æй сласын — вытащить из грязи

~имæ змæнтын — смешивать с грязью

~имæ схæццæ кæнын — смешать с грязью

~мæ аппарын — втоптать в грязь

– Уыйау дын æз дæ сæр ~мæ куы 'ппарин, уæд мæ афонмæ бæхыкъæдзилыл бабастаис. – Уагæры мæ цы дзырдта? *НК.1* — – Если бы я тоже также тебя в грязь втаптывал, ты бы меня к конскому хвосту привязал уже. – А что он такого про меня говорил?

кады бынатæй ~мæ нывзилын — из князи в грязи

къахыдарæсы ~тæ цæхсын — почистить обувь от грязи
● намыс ~мæ нывзилын — честь втоптать в грязь
~ты æвдулын — обмакнуть в грязь
~ы ваннæтæ — грязевые ванны
~ы ныссæдзын — увязнуть *(в грязи)*
~ы ныссæндын — втоптать в грязь
● дыууæрдæм ~тæ нæмын — слоняться без дела; месить грязь взад-вперёд

хосгæнæн ~тæ — лечебные грязи
фæндагыл ~æй ацæуæн нæй — на дороге непролазная грязь
Дæлæ, зæгъы, иу барæг ахæм æрбацæуы, æмæ йæ бæхы сæфтджытæй цы ~тæ хауынц, гъе уыдон йæ сæрты халæттау тæхынц. *НК.3* — Вон, говорит, такой всадник приближается, что комья грязи, что от подков его коня вылетают, над головой, вороньём разлетаются

цъыфбын — грязноватый
цъыфвæндаг — распутица
цъыфджын — грязный; топкий, болотистый
цъыфдзаст (*бир.* цъыфдзæстытæ) — 1. лужа; топь; болото, трясина; 2. топкий, болотистый

~ басур кæнын — осушить болото
~ кæнын — заболачиваться
~æй сласын — вытаскивать из грязи
● лæгъзвæдæй ~мæ баздахын — сбить с правильного пути
● хуыйы хуыздæр бынат – ~ — свинья лужу всегда найдёт
цъыфкалæг (*бир.* цъыфкалджытæ) — клеветник
цъыфкалæн — клевета
~ кæнын — клеветать, травить, *перен.* обливать грязью
~ ныхæстæ — наветы; поклёп
~ уацмыс — пасквиль
цъыфхор — грязнуля
● гæртамхор – ~ — грязный взяточник
цъыхыры — кустарник
Уый фæдыл Уырызмæг æмбырды уым фæуагъта æмæ хæстæг ~мæ ацыди. *НК.1* — Пришлось Урызмагу оставить собравшихся и отправиться в ближайший кустарник

Ч

чабæдзау паломник мусульманин
чапар сатрап, деспот; *уст.* полицейский
чебре, чъебре карга; хрыч
зæронд ~ старый хрыч; старикашка
чегъре, чъегъре проводник; посредник; распорядитель на танцах
~ цæуын сопровождать
чегъредзинад посредничество
чек чек
чела плоский камень
чем *разг.* настроение
● ныртæккæ йæ ~ыл у он сейчас в хорошем настроении
● йæ ~ы нæй (нæу) быть в плохом настроении; быть не в духе
~ы ’рцæуын прийти в себя
Мæстытæ чысылгой-чысылгай сабыр кæнын райдыдтой, фæлæ Мурат йæ ~ы нæмæ ‘рцыди. *Æхсарбег. Куырды фырт* Обиды постепенно стали забываться, но окончательно Мурат ещё не пришёл в себя
чема лодка, ладья
~ тæрын грести
● куы уæрдон – ~, куы ~ – уæрдон то так, то эдак
чемпа хромой
къуылых ~ хромец, хромуша
чемпион чемпион
дунейы ~ чемпион мира
чемпионат *спорт.* чемпионат
ченчеритæ ченчерита *(название детской игры)*
чепена хороводный танец
● мидбынаты ~ кæнын топтаться на месте
Нæ мидбынаты ~ кæй кæнæм, уымæн ахоссæгтæ бирæ ис. *Æхсарбег. Куырды фырт* На то, что мы топчемся на месте, есть много причин
чепп настроение
● ~ыл нæ уæвын *разг.* разладиться; расклеиться
дæ ~ыл нæ дæ ты что-то не в духе, не в настроении
Нæ сæ баззад разыйæ уыдонæй дæр, йæ ~ыл кæй нæ уыд, уымæ гæсгæ. *Къоды О. Дуджы фæлгæт* И ими он тоже остался недоволен, так как был не в духе
чердæм *нареч. места* куда, в какую сторону
Дæ ныхæстæ ~ сты? Куда ты клонишь?

Фынгыл бадджытæй кæд чидæртæ ницы сдзырдтой, уæддæр Гуыбейы ныхæстæ ~ уыдысты уый бамбæрстой. *Ладемыр. Рынчынфæрсæг* — Хоть кое-кто из сидевших за столом ничего не сказал, всё равно они поняли, куда клонит Губе

чердыгæй — откуда, с какой стороны

● хур ~ тавы, уыцырдæм де ‘ргом аздах — поворачивайся лицом к солнцу

чердыгон — какой, с какой стороны, откуда

уый ты ~ митæ сты — а это ещё что за выходки

черкесаг (*бир.* черкесæгтæ) — 1. черкес; 2. черкесский

Чермен фæйнæгфарс — человек необычайной силы

Чермены цæссыг — арака; спиртное

~æй йæхимæ тынг фæкæсти — перебрал спиртного

чернилæ — чернила

чернилæдон — чернильница

чесæ — *бот.* бук, самшит

чесена — замок, чертог; склеп

четар *кæс* **джелбетт**

четарджын — нравственный

четæн — грубое полотно, холст

урс ~ — белёный холст

чехаг (*бир.* чехæгтæ) — 1. чех; 2. чешский

чехоткæ — туберкулёз, чахотка

чи — *мест.* кто

уый æнхъæл та ~ уыд? — а кто мог это предполагать?

~ зоны — кто знает..., как знать…

● ~ хом зæгъы, ~ – фых, ~ цъæх фæзæгъы, ~ – рæгъæд — кто во что горазд; сколько людей, столько мнений

~ цы у, уый адæм зонынц — люди знают, что он из себя представляет

~ цас фены, уыйас зоны — кто много видел – много знает

~ куыд арæхсы, афтæ архайы — каждый действует, как может

~ цы кæны, уый йæхицæн кæны — что посеешь, то и пожнёшь

● ~ цы агуры, уый ссары — *разг.* было бы желание, а возможность найдётся

~ кæй, уый дыууæйыл у — кто кого – это неизвестно; бабушка надвое сказала

~ нæ раргом, ахæм сусæгдзинад нæй — всё тайное становится явным

«~ дæ, ~?» – «Бечи» — – «Ты кто?» – «Дед Пихто», *букв.* «Кто ты?» – «Бечи»

● ~ ницы кусы, уый нæ рæдыйы — человеку свойственно ошибаться; не ошибается тот, кто ничего не делает

~ фæнды уæд — кто бы ни был

● ~ амæлы, уый схорз вæййы — о мёртвых говорят либо хорошо, либо ничего

чидæр (*бир.* чидæртæ) — *мест.* кто-то; некто

● ~, дам, бирæгъы мæрдгæс скодта — *ирон.* пустить козла в огород
● ~ æнæ галæй кæвдæстæ бийын — заниматься бесполезной работой
● ~ иу хъæуæй иннæ хъæумæ сасиргур цыди — не ближний свет, далеко и попусту идти, тащиться куда-л.; *букв.* некто пошёл в соседнее селение попросить сито
● ~ йæ бæхыл бадт, афтæмæй ма йæ бæхы агургæ кодта — на коне сидел верхом, а коня найти не мог
● ~ йæхицæн сир кæнын нæ зыдта æмæ кæмæндæр дзыкка кæнын амыдта — сам не умел даже сир (кашу) готовить, а других дзыкка учил готовить
● ~ кæрдзыны ном байрох кодта — совсем память отшибло
● ~ сау фысы донæй урс кодта — чёрного кобеля не отмоешь добела
● ~ цæст æнхъæл нæ уыд, æмæ æрфыг-æрфыг кодта — не было ни гроша, да (и) вдруг алтын
● ~ хъомгæс цæуын йæ сæрмæ хаста, фæлæ йæ мызд райсынмæ æфсæрмы кодта — *букв.* кто-то не гнушался быть пастухом, а жалование получать стыдился

чидæриддæр — кто бы ни, каждый, всякий
рæдийгæ ~ кæны — ошибиться может каждый
чиз — жёсткий; грубый
~ хъуын — грубая шерсть
чиновник — чиновник
чиныг (*бир.* чингуытæ) — книга, книжка; *уст.* письмо; документ; рукопись; грамота
~ æвæрæн — полка для книг
● ~ царды айдæн у — книга – зеркало жизни
æфснайæн ~ — сберегательная книжка
самандуры йас ~ — книга тяжёлая как кирпич
сырх ~ — красная книга
уæнгон ~ — членская книжка
фыссæн ~ — записная книжка
хæдзары ~ — домовая книга
хъæстыты ~ — книга жалоб
чингуыты скъапп — книжный шкаф
чиныджы нæ зонын — не уметь читать
● иу сауджын, дам, йæхи чиныджы йедтæмæ никæй чиныджы зыдта — говорят, был священник, который только свою книгу читать умел
Зылындзаст Зауырбег чиныджы нæ зыдта, афтæмæй райста ручкæ, чернилæйы-иу æй атылдта æмæ дзы стъолыл цыдæртæ хъулæттæ кодта. *Арсен. Джанаспи* — Кривой Заурбек грамоты не знал, но, сидя за столом, взял ручку, время от времени макал её в чернильницу и что-то кулякал там
чиныгкæсæг (*бир.* чиныгкæсджытæ) — читатель
чиныгкæсджыты конференци — читательская конференция
чиныгкæсæджы билет — читательский билет
чиныгкæсæн — читальный

~ зал — читальный зал
чиныгдон — библиотека
чиныгуадзæг (*бир.* чиныгуазджытæ) — издатель
чиныгуарзаг (*бир.* чиныгуарзджытæ) — книголюб
чиныджыдæсны — *уст.* книжник
читт — внимание
~ кæнын — слушаться, повиноваться
~ нæ бакомын — не повиноваться
● цардæн ~ нæ бакомын — не сдаваться судьбе
Батырбег цардæн ~ нæ бакуымдта, йæ ныхмæ цæхгæр ныллæуыд, йæ фæндаг размæ райгæрста. *Гæстæн. Йæ рухс ном* — Батырбек не дрогнул перед лицом жизненных проблем, не колеблясь их решал, прокладывал себе дорогу вперёд
чиуд — крен
науы ~ — крен корабля
чиуын — спотыкаться; слегка прихрамывать; крениться
● дыууæ къахæй ~ — хромать на обе ноги
чифæнды — кто бы ни
~ слæууæд мæ размæ – ничи мæ бауромдзæн. *Максим. Хæххон барæг* — Кто бы ни встал у меня на пути – никто меня не удержит
чупп — чуб
чуваш (*бир.* чувашæгтæ) — 1. чуваш; 2. чувашский
чугун *кæс* **цугун**
чумæдан — чемодан
чумизæ — *бот.* чумиза
чустъи — *прост.* чувяки
чызг (*бир.* чызджытæ) — девушка, девочка; дочь
● ~ куырмæджы моймæ нæ цæуы — девушка не должна выходить замуж вслепую
● ~, дæумæ дзурын, чындз, ды йæ бамбар — я к тебе обращаюсь, дочь, а ты, невестка, к сведению прими
● ~ мыккагæй æвзарынц — девушку по родословной выбирают
абадгæ ~ — старая дева
● æвзæр чызг йæ фыды уæларт мæлы — никчемная девица в отцовском доме навек засидится
● æвзæр комæй ысгуыхт ~ нæ цæуы — из плохого окружения хорошая девушка не выйдет
æнæцыд ~ — одинокая самостоятельная девушка
● æз мæ фыдæн ~æн нæ райгуырдтæн — я не я, если я не добьюсь своего
бæдæйнаг ~ — бедовая девочка
бæллæхы ~ — бедовая девочка
● бæстæ æмæ доны аргъ ~ — бесценная, несравненная девушка
● дæ мад та кæй ~ у? — не слишком ли тебя заносит?; *букв.* твоя мать из чейных будет

● чызджы зæрдæ иваг у — сердце девушки переменчиво
● чызджы сæр разилын кæнын — *прост.* мозги затуманить девушке; увлечь девушку

чызгæмбал — подруга; *этн.* подруга невесты
чызгærвитæг (*бир.* чызгærвитджытæ) — гость на свадьбе в доме невесты
чызгærвитæн, чызгærвыст — свадьба в доме невесты
чызгвæд — женщина, у которой рождаются только девочки

чызггур — жених
чызгджын — тот, у кого есть дочери
● ~ нæ дары, læппуджын нæ хæры — у кого дочери, той одежды не остаётся, у кого сыновья, той еды не достаётся
● ~ – тыхджын (у) — у отца девушки всегда больше прав
● ~ – тыхджын, курæг æдых — отец девушки почитается, кто сватается, подчиняется

чызгдзинад — девственность
чызгон — девичий
~ бонтæ — девичество, юность
~ фынтæ — девичьи мечты
чызгхуыз — похожий на девушку, женоподобный
чызгыскъæфт — похищение девушки
чылауи — *бот.* слива
~йы апп — сливовая косточка
~тæй чыргъæд байдзаг кæнын — собрать корзину слив
сау ~ — чернослив
хъуынджын ~ — персик
чын — волчок, кубарь
чындæуа — следует (делать)
ныхас йæ сæрæй чындæуы — разговор следует вести с самого начала
цы ~? — что делать?
Георги сагъæс кодта, дарддæр куыд цардæуа, цы ~, ууыл. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Георгий переживал о том, как дальше будет жить, что делать

чындз (*бир.* чындзытæ) — невестка, сноха; кукла в девичьем наряде
~ хæссын — брать невесту в дом жениха
~ы дзаумæттæ дзурын — оглашать вещи невесты
~ы хыз — кисея невесты; фата
ног ~ хызы бын куыд лæууа, афтæ — как невеста под вуалью
~ы цæуын — выходить замуж, жениться
● иу боны номыл ~ы ничи цæуы — замуж не на один день выходят
къæцælæй ~ытæ — самодельные куклы из палочек
ног ~ — молодая невестка
● ног ~ æнæзивæг — молодая невестка устали не знает

уæ ~ лæппуты мад фæуæд — пусть ваша невестка станет матерью мальчиков *(пожелание)*

уайсадаг ~ — невестка, соблюдающая обет избегания

уайсадаг ~ мын фестад — тоже мне засмущался как красна девица

чындздзон ~ — девушка на выданье

чындзаг — девушка на выданье

Табу дын кæнæм, æмæ нын зæгъ: кæй зоныс аггаг ~æй Нартæн? Хистæртæн бараг чи уа, кæстæртæн – æмгараг. *НК.2* — Заклинаем, скажи, кто есть у нартов на выданье достойная девушка? Чтоб к старшим терпелива была, младшим равной

чындзæмбал (*бир.* чындзæмбæлттæ) — родственник невесты, сопровождающий невесту в дом жениха

чындзæхсæв — свадьба

● дæуæн дæ гуыбыны ~ ис, мæнæн та дзы хист дæр нæй — у тебя в животе праздничное угощение, а у меня и поминального не наберётся

чындздзон — свадебный; невестинский

~ дзаума — приданое невесты

~ къаба — свадебный костюм, свадебное платье

~ чызг — девушка на выданье

чындзхаст — свадьба *(с приведением невесты в дом)*

чындзхæссæг (*бир.* чындзхæсджытæ) — свадебный дружка, шафер; приехавший за невестой в свадебном поезде

● чындзхæсджыты уынд сын фæкодтой — угостили их на славу

чындзхон — приглашающий на свадьбу

● Нарты фæтк нæ фехалдзынæн: ~æн «нæ» зæгъæн нæй — нельзя нарушать нартовский обычай – не отвечу отказом на приглашение на свадьбу

чынтæ — *фольк.* чинта (*народность*)

● ~й кæсæгмæ ахæццæ уæвын — всё перебрать, вспомнить всё на свете

Хистæр ~й кæсæгмæ ахæццæ ис, хохы дзуæрттæ æмæ быдыры зæдтыл фæзылди. *Изæтбег. Цъæхдзаст донычызг* — Старший вёл пространные разговоры, не обошёл вниманием ни святых гор, ни равнинных ангелов

● афтæ нæ уыд нæдæр Нартæм, нæдæр ~м — такого никогда не бывало

чыр — куча, множество; *перен., уст.* ячейка

чырахо, чъырахо — *уст.* пистолет

чырæ — извоз, перевозка грузов или людей

~ ласын — заниматься извозом; обоз

полчъы ~ — полковой обоз

чырæг — *биол.* клетка

цин мæ ахъардта мæ буары алы чырæджы дæр — радость проникла в каждую клеточку моего тела

чырæггъæд — клетчатка

чырæгон — клеточный

чырæдзау — возчик; участник обоза

чырæласæг (*бир.* чырæласджытæ) — обозник

чырваз короб, большая корзина *(для хранения шерсти)*

чыргай помногу; в большом количестве

чыргъæд корзина из прутьев; короб, коробка; ящичек; улей

мыды ~ пчелиный улей

● хæдзар мыды ~ы хуызæн сбиноныг кæнын привести дом в образцовый порядок

● мыдыбындзыты ~ фæцагайын разворошить улей; подвергать кого-л. опасности

мыдыбындзыты ~ фестын превратиться в пчелиный улей

фæлхæсадон ~ потребительская корзина

чырс иней, изморозь

чырсбадт заиндевелый

~ бæлæстæ заиндевелые деревья

чыртæ-чыртæй кучами; группами; толпами

адæм ~ цыдысты ног арæзтад уынынмæ люди группами шли смотреть новостройку

чыр-чыр заразительный смех, хохот

~ кæнын заразительно смеяться, хохотать

чырын сундук; клетка *(на материи, бумаге);* гроб

згъæр ~ кованый сундук

марды ~ деревянный бушлат; гроб

Мæ хъисфæндыр агъуд-хуымпъыры – æвæрд, / Цыма раст мæрдадзон ~ы. *Цæрукъаты В. Артисты юбилей* Моя скрипка в футляр положена, / Ну точно как в гробу лежит

чырынтæ в клетку

~ хъуымац материя в клетку

~ тетрад тетрадь в клетку

чырыстон 1. христианин; 2. христианский, православный

~ дин христианская религия

чырыстонад христианство

чыс, чысдур валун, гравий, щебень

чыссæ кошелёк; кисет, мешочек

чысыл малый; мало, немного, чуть-чуть

~ бакæнын мало сделать

~ бæллæх неприятность

● ~ дон фурдæй хъæргæнагдæр у малая речка громче больших журчит

● ~ зонæг – бирæдзураг малознающий много говорит

● ~ комдзаг дæр æххормаг лæгæн цæджындз у в трудный момент любая помощь важна; *букв.* голодному даже маленький кусочек поддержка

~ магъз мозжечок

~ цыдæртæ кое-что; кое-какие обстоятельства; пустяки

~æй, стырæй	от мала до велика
~æй фæстæмæ	с малых лет
ахуыргонддзинад æм ~тæ йедтæмæ нæй	он совсем малообразованный
æмбисæй ~ фылдæр	с незначительным перевесом, чуть больше половины
● бирæ рацыд, ~ рацыд – чи зоны	кто его знает, когда это было
● мæлдзыг ~ у, фæлæ хæхтæ фæлдахы	мал да удал
уаты ~ рухс ис	в комнате мало света
● фæрæт ~ у, фæлæ стыр бæлас калы	мал золотник, да дорог; *букв.* топор мал, но валит большое дерево
чысыларгъ	малоценный
чысылæй-стырæй	от мала до велика
чысылбинонтæ	малосемейный
чысылгай-чысылгай	помаленьку
чысылгомау	маловато
чысылмур	малюсенький
чысылраздæр	немного раньше
чытапп	Коран

Чъ

чъапæ курдюк

чъапæджын курдючный

~ фыс курдючная овца

чъебре карга, ведьма; старуха

Цы мын уынаффæтæ кæныс, зæронд ~? Æз дæ уынаффæтæ хъуаг нæ дæн. *Ашæх. Æфсинтæ æмæ чындзытæ* Чего лезешь со своими советами, старая карга? Я в твоих советах не нуждаюсь

чъегъре, чегъре проводник; посредник; распорядитель на танцах

зæронд ~ старикан

Цард афтæ у – зæронд ~ мæрдтæм араст, / Рухс дунемæ ноггуырд ракаст. *Хъаныхъуаты В. Цард афтæ у* Жизнь такова – старикан к праотцам удалится, / Новорожденный на свет народится

чъепп (*бир.* чъеппытæ) отсечение; разрезание, рассечение

~ кæнын *разг.* отсекать, отрезать, рассекать, отрубать; щипать *(траву);* совершать дурные поступки

Фос ælвыд нæмæ фесты, фиййæуттæ сæхæдæг ~ кæнынц. *Тæтæри. Размæ* Стрижку овец ещё не закончили, пастухи сами занимаются стрижкой

чъеппа обрубок

къуылых ~ хромоножка

чъепс кусок кожи, материи, лоскут

чъепсælвыд остриженный

~ бæлас подстриженное дерево

чъерами *диал.* абрикос, курага

чъибиткæ кибитка

чъизи 1. грязь; 2. грязный; позорный

~ æвзаг грязный язык

~ кæнын грязнить; позорить; компрометировать

адæймаджы ном ~ кæнын очернять человека

хи ~ кæнын мараться; пятнать своё имя

Дзæгъæлы йæм систон мæ къух. Мæхи мæ ~ кæнын нал хъуыди. *Умар. Цард тындзы сæразмæ* Зря я поднял на неё руку. Не следовало мне ронять своё имя

~ къахæй бацæуын наступить грязным башмаком; втоптать в грязь

æгъдæуттыл ~ къахæй бацæуын втоптать в грязь обычаи

~ митæ неприемлемые, поступки; компрометирующее поведение

~ митæ бафæзмын подражать плохому

Ахæм ~ ми йæ сæрмæ æрхæсдзæн Зариффæ, уый æнхъæл та чи уыдис? *Умар. Цард тындзы сæразмæ* — Кто бы мог допустить, что Зарифа опустится до такого низкого поступка

● ~ хъуыддаг сапонæй цæхсгæ нал у — от грязного дела даже мылом не отмоешься

● бæгæныйы къус ~ къухы нæ фидауы — чаша с пивом должна быть в чистых руках

● дон адæмы сыгъдæг кæны, адæм та йæ ~ кæнынц — вода людей чистыми делает, а они её грязной

искæй цæсгом ~ кæнын — позорить кого-л.

● сау къуымбил урс къуымбилыл ~йæ худти — чёрная шерсть белую грязной считала, да насмехалась

● хуы ~йæ нæ тæрсы — свинья грязи не боится

чъизибæрзæй — грязнуля

чъизидзæсгом — неумытый; бессовестный

● хи ~ кæнын — терять совесть; запятнать себя

чъизидзинад — подлость, грязь

● арæх галуанты цæры ~, сахъари къæсы – уæздандзинад — часто во дворцах обитает скотство, а в мазанках благородство

● ~ æмæ мæнгарддзинад зын уромæн сты — трудно мириться с непорядочностью и коварством

чъизитæ — нечистоты

~ калын — бросать грязь; клеветать

● искæуыл ~тæ калын цæхсгæ нал у — грязные наветы мылом не отмыть

● искæй ~й сласын — вытащить кого-л. из грязи

● искæй ~ хафын — убирать грязь за кем-то

● мæрдтæм алы ~ мысын — придумывать грязные небылицы

● царды ~ — грязь жизни

Уæвгæ нæ хицауæн йæ ~ Терчы дон дæр нæ аласдзæн. *Гæстæн. Æндæрг* — А впрочем, грязные делишки нашего начальника даже воды Терека не смоют

чъизихуыз — грязноватый *(о цвете)*

чъил — дуга; обод; загиб

~ кæнын — загибать

мусы ~ — сусек; закрома

● искæмæй курыны бæсты дæхи мусы ~тæ ‘рсæрф — чем одалживаться у кого-л.. поскреби по своим сусекам

сасиры ~ — обод решета

цалхы ~ — обод колеса

● цæстытæ ~ты дзаг аисты фырдиссагæй — глаза на лоб полезли от удивления

чъилаг (*бир.* чъилæгтæ) — материал для ободьев

чъилджын худ — шляпа с полями

чъиллон (*бир.* чъилæттæ) — испачканный, измаранный, грязный

~ ныхас — грязные слова; пересуды

Кæмдæрты йæ цæсгомыл къæвдайы чъилæттæ аззад — На его лице местами остались грязные разводы от дождя

чъиллон-миллон — 1. муть; грязь; 2. мутный; покрытый грязью

чъиллонцæсгом чумазый

чъилыйас величиной с обод

сасиры ~ цæстытæ огромные глаза; округлившиеся глаза

сывæлæтты цæстытæ сасиры ~ фестадысты у ребёнка глаза округлились

чъима *зоол.* стриж

чъина букет

чъина худ венок

чъиппа, чъеппа (присказка) очередь

аргъауы ~ дæу фæуæд теперь твоя очередь приукрасить сказку

чъири пирог с начинкой

● дæ ~ иннæрдæм афæлдах смени пластинку, поговори о чём-л. другом

● ~ йæ дзаджджынæй хордтой æви йæ къæрисæй? в каком порядке следует есть пирог с сыром?

~тæ кувын освящать пироги

● ~тæ кувæндонæй фæстæмæ ænæ куывдæй æрхæссын совершенно не справиться; пошли с пирогами Богу молиться, он и не справится; *букв.* пироги из святилища неосвящёнными принести

Цæй сиахсаг у уый махæн, ~тæ кувæндонæй фæстæмæ ænæ куывдæй чи æрхаста? *Хъайттаты С. Куырдуаты бадæг* Какой из него зять для нас, послали его с пирогами Богу молиться, он и не справился

~тæй кæстæр ацаходы младший должен отведать кусочек освященного пирога

● ~йы уæлæ цъупп бесплатное приложение

Уый уарзгæ кодтай, æз та афтæ ~йы уæлæ цъупп. *Æхсарбег. Куырды фырт* Любил-то ты её, а я так, бесплатное приложение

æртыгай ~тæй кувын отмечать радостные события; молиться / возносить молитву над тремя пирогами

Не ‘ртæ ~мæ цыдæр хъару, цыдæр фарн ис. *Бицъоты Г.* Есть в наших трёх пирогах особая сила, особая благодать

дыууæ ~йы два поминальных пирога

● æртæ æмæ дыууæ ~йы æхсæн тыгъд быдыр и между тремя и двумя пирогами огромная разница

ирон ~тæ осетинские пироги

ирон ~тæй суазæг кæнын потчевать осетинскими пирогами

● ирон фынг ирон ~тæй фидауы осетинские пироги – украшение осетинского застолья

куывдæй кусарты сгуы æмæ ноздт ~тимæ арвитын послать ляжку жертвенного животного, напитки и пироги как долю с пира

уæраджы ~ коленная чашка

хуыны ~тæ праздничные пироги

– Цы фестут, уæдæй нырмæ сымах агурын. – Дæ ~тæ уазал ма кæнæнт, миййаг? – Æнæ ~тæй дæр уын ницы уыдзæн. *Максим. Нæ фехъуыстон ма зæгъ* – Куда вы подевались, я с тех пор вас ищу. – Что пироги твои остывают? – И без пирогов обойдётесь

чъирийаг годный на пироги

чъиригонд диск

чъирикувæг (*бир.* чъирикувджытæ) освящающий ритуальные пироги

~ дæ Хуыцау скæнæд чтобы Богу было угодно, чтоб ты стал освящать пироги

● ~ыл æвзæр ныхас нæ фидауы освящающему пироги не позволительно сквернословить

чъирикувæджы куывд дыл æрцæуæд пусть сбудется всё, что тебе пожелал тамада

Чындзæхсæв саразæнт, уыййедтæмæ ~ агурын нæ бахъæудзæн. *Мæрзойты С. Хъысмæт* Пусть свадьбу устроят, а за тамадой дело не станет

● æдзæрæг хъæуæн ~æн бæззы в селе, где никто не живёт, за тамаду сойдёт

ирон ~æн сбæзз чтоб ты тамадой за осетинским застольем стал

● йæхи хæдзары оммены бар кæмæ нæ хауы, уый дæр искæй хæдзары ~ ысвæййы в своём доме права голоса не имеет, а в чужом пироги освящать сумеет

чъирифыссæн I *бот.* мальва, просвирняк

чъирифыссæн II форма, которой наносят узор на пирог

чъиу 1. живица, смола, канифоль; жевательная смола; жвачка; 2. засаленный, грязный

~ æууилын жевать жвачку

● ~ æууилын – чызджы хъуыддаг девушкам бы только жвачку жевать

● ~ æууилынæй æнцондæр проще простого

назыйæ ~ лæдæрсы из сосны стекает смола

чъиуæуиллæг жующий жвачку

● ~ йæ гуыбын сайы жвачку жевать только желудок обманывать

чъиуназ пихта кавказская

чъиухид терпкий трудовой пот

● ~ фæкалын *разг.* работать до седьмого пота

Фæлæ уæддæр зæхмондаг дыууæ сыхаджы ~ калгæ сæ куыст кодтой. *Азæмæт. Амондуарджытæ* Но всё равно оба соседа, охочие до земли, работали до седьмого пота

чъицын прозябать

Фæлæ дын ~ мæхæдæг зын ран. *Дæуыт* Но я и сам прозябаю в трудностях

чъогъыл спорщик, скандалист

чъыбыла бадья

чъыбыс *кæс* **чъепс**

чъылдым зад; спина; тыл; изнанка

~ раздахын повернуться спиной

Сæхион сæхи куы фæуа, уæд нæм сæ ~ нæ раздæхдзысты? *Максим. Райсомы мигъ* Как только они своего добьются. Не повернутся ли они к нам спиной?

~ фарс оборотная сторона

æфсады ~ — тыл армии
къухы ~ — тыльная сторона руки
Уымæн дæр йæ цæстытæ бауымæл сты, æмæ сæ йæ къухы ~æй сæрфы. *Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ* — У него тоже глаза увлажнились, и он вытирает их тыльной стороной ладони
● уазæгæн йе ‘ргомæй йæ ~ хуыздæр у — лучше гость уже уходящий
● чъынды æфсин уазæгæн йæ ~мæ кæсы — скупая хозяйка ждёт, пока гость поскорей уйдёт
де знагмæ дæ ~ макуы аздах — не поворачивайся к врагу спиной
историмæ дæ ~ ма здах — нельзя игнорировать исторические факты
Нарт ~ æхстахуыр нæ уыдысты — Нарты никому в спину не стреляли
фæтæн ~ — широкая спина
хæдзары ~ — задний фасад дома
Сæ хæдзæрттæ кæрæдзи ~тæм æвæрд сты. *Ладемыр. Дыууæ сыхаджы* — Их дома (через забор) на противоположные улицы выходят
хæсты ~ — тыл врага
● цардæн йæ ~ уынын — не знать изнанки жизни

чъылдымвæлдæхтæй — спиной
Уый та ~ лæууыд рудзынджы цур, тамако дымдта. *Хæблиаты С. Дзæнæты маргъ* — А он стоял у окна, повернувшись спиной, курил

чъылдымдзæф — ранение сзади; удар в спину
Уый дын цæм куыддæртæй куы бахъуызыд фæсвæдты – хъуамæ цæ ~ фæкæна Нарты. *НК.1* — Как-то он ухитрился подкрасться к ним со спины – должен он сзади напасть на нартов

чъылдымздæхтæй — спиной к кому-л.; неприветливо
~ лæууын — стоять спиной к кому-л.

чъылдыммæ — позади, сзади; в тылу; назад
Куйтæ сæ рæййынæй фæсабыр сты ~. *Хæблиаты С. Дзæнæты мæргъ* — За домом стих лай собак

чъылдымон — оборотный

чъылдымырдæм — назад, в обратную сторону

чъылдымырдыгæй — сзади, с тыла, с тыловой стороны
~ марын — убивать сзади, в спину
Фыдызнаджы ~ марын / Лæгæн æхсары нысан нæу. *Михал. Дидинæджы ингæн* — Даже злейшего врага убить исподтишка / Не пристало отважному мужчине
~ багæрах кæнын — выстрелить в спину; нанести предательский удар
Ахæм адæймагыл гадзрахатæй нæ рацæудзæни, ~ йæ нæ фехсдзæн. *Æхсарбег. Куырды фырт* — Такой не способен пойти на предательство, в спину не выстрелит

чъылдымыстæг (*бир.* чъылдымыстджытæ) — *анат.* спинной хребет, позвоночник

чъыллипп (*бир.* чъыллиппытæ) — ляганье, брыканье; прыганье
~ кæнын — лягаться, брыкаться; прыгать
цæуыл ~ытæ кæнут? — что вы брыкаетесь

Лæппуйæ хъазты кæрон никуы æрлæууыди, иу ~ никуы акодта кафты номыл. *Æрнигон. Челе*

Парнем он никогда не вступил в круг танцующих, никакого движения танцевального никогда не сделал

● емылыккау ~ытæ кæнын

брыкаться как необъезженная лошадь

● уæлæмхасæн ~æн

для пущей важности

чъыллипгæнæг

брыкающийся

~ бæх

норовистый конь

Бексолтан ~ бæхтæ нæ уарзта, Асланбег та, алы барæджы йæ рагъмæ чи уадзы, ахæм бæхы хуызæн нæ уыд. *Æхсарбег. Куырды фырт*

Бексолтан не любил норовистых коней, а Асланбек не походил на коня, кто любого всадника к себе подпустит

● сабыр хæрæгыл дыгæйттæ бады, ~ыл та иу дæр нæ

спокойного осла и вдвоём оседлать можно, на норовистом один не усидит

чъылыхдон

бесплодный

● ~ хуым нæ хорæн у, нæ хосæн

никакой пользы; *букв.* с бесплодного поля ни зерна, ни сена

● мæгуыр лæгæн йæ фаджысджын дæр ~ вæййы

у бедняка и удобренная земля не даёт урожая

чъымбыс

тряпка, кусок ткани

чъынды

1. скряга, скупец; 2. скупой

~ адæймаг

жадный человек

● ~ ’фсин къæйных уазæгæй тæрсы

скупая хозяйка дерзкого гостя боится

● ~ ’фсин уазæгæн йæ чъылдыммæ кæсы

скупая хозяйка ждёт, когда гость уйдёт

● ~ ‘фсин уазæджы мæстæй мары

скупая хозяйка гостя измором берёт

● ~ гопп

разг. скупердяй, жадина

● ~ дыккаг хатт фиды

крохобор платит дважды

~ уæвын

быть скупым

~ та афтæ уыди, æмæ куыдзæн йæ хæдзарæй стæг нæ раппæрстаид

от скупости собаке кость никогда не бросит

● ~ ма у, æмæ цæрын фæразай

не будь прижимистым и будешь жить-поживать

● ~ лæг тагъддæр хорхъуаг кæны

у скупого зерно быстрее заканчивается

● ~ хъæздыг – мæгуырæй мæгуырдæр

богатый скупец – беднее бедняка

~йæ йæм нæ хастой фау, / Уыд ауæрдæг, фæлæ рæдау.

В жадности его не упрекнул бы, / Бережлив, но хлебосолен был

~йæн адæм иууылдæр знæгтæ сты, фæлæ йæ цыфыддæр знаг – йæхæдæг

у жадного все вокруг враги, но злейший враг он себе сам

● ныхæстæй ~, хъуыдытæй рæдау

скуп на слова, щедр на мысли

чъындыгомау

жадноватый

● раппæлынмæ ~ у

скуп на похвалы

чъындыдзинад

скупость

● сæ ~ æмбисондæн дзуринаг фæци

их скупость стала притчей во языцех

хæлæг æмæ ~ æфсымæртæ сты

зависть и жадность – братья

чъыпхæ

форма для выбивания фигур на кожаных изделиях

чъыр

известь, извёстка

● ~ доны бакалын

все испортить; всё потерять

Дæ чызджы горæтмæ куы ауадзай, уæд цыма дæ ~ доны бакалдтай, афтæ дæм фæкæсæд. *Сæбæтхъуаты Р. Æмхъæуккæгтæ* — Отпустишь дочь свою в город, считай, что известку в воду спустишь

~æй цæгъдын — белить

~ы тæдзæнтæ — сталактиты

сыгъд ~ — гашёная известь

чъырамæст — раствор *(строительный)*

● мæ ~ акалди — *прост.* с меня сошло семь потов

чъырæйцагъд — 1. побелка; 2. побеленный; выбеленный

~ къултæ — побеленные стены

● æмбыд къул – ~ — на гнилую стенку – свежую побелку

● зæронд дзæппаз ~ — старый склеп наново покрашен / побелен

Ныр ды та ~ дзæппазы хуызæн кæуыл худыс? *Сæбæтхъуаты Р. Æмхъæуккæгтæ* — Ну а теперь на кого ты в улыбке щеришься, подобно старому побеленному склепу

чъырдон — ёмкость для раствора извести

чъырдур — известняк

~ау хæлын — рушиться, быть непрочным

● зæрдæ ~ау згъæлæнтæ кæны — сердце разрывается на части

чъырджын — известковый

чъырсудзæн пец — печь для обжига известняка

чъыртт — плевок *(сквозь зубы)*

~ кæнын — плевать *(сквозь зубы)*

~ дæр ыл (арахъыл) нæ ныккодтаид, йæ къухмæ дæр æй нæ райстаид. *Максим. Райсомы мигъ* — Он бы на неё (араку) и плюнуть бы не захотел, и в руки бы не взял

чъырттым I — *разг.* скряга

чъырттым II — *зоол.* малиновка, название птицы

● ~ бурдымыл худти — малиновка над желтохвосткой смеялась

– Куыд хахуыр кæнынц чидæртæ æмæ куыд халынц бинонты цард! – йе ‘взагæй ~ы цъыкк-цъыкк бакодта Хъайсын. *Тæтæри. Размæ* — – Как некоторые напраслину возводят и как разрушают чьи-то семейные жизни! – щёлкнув языком как малиновка, сказал Кайсын

чъырхын — *разг.* тащить; переть*; уст.* пить, напиваться допьяна

хæдзармæ ~ — тащить домой; красть, умыкать

чъырхъацæн — известковое удобрение

чъырызмæст — *эвф*. птичий помёт

чъырын — 1. башня из извести; 2. известковый

чъырыхæлд кæнын — крошиться как известь

чъыссæ — катышек теста

Ш

шайбæ *тех., спорт.* шайба
шампайнаг шампанское
~ сæн шампанское вино, шампанское
шантаж шантаж
~ кæнын шантажировать
шарадæ шарада
шарф (*бир.* шарфытæ) шарф
шахматист шахматист
шахмæтон шахматный
шахмæттæ шахматы
~й хъазæг шахматист
шахмæтты турнир шахматный турнир
шахмæтты парти ахъазын сыграть партию в шахматы
шахт, шахтæ шахта
~мæ ныххизын спуститься в шахту
шахтёр шахтёр
шашкæ шашка
~тæй ахъазын сыграть в шашки
швабрæ швабра
швейцариаг (*бир.* швейцариæгтæ) швейцарец; швейцарский
швециаг швед, шведский
швейцар швейцар
шевиот, шивиот шевиот
шеф шеф
шивиот шевиот
ширмæ ширма
шифанер шифоньер
шифер шифер
шляпæ шляпа
шовинизм шовинизм
шовинист шовинист
шовинистон *полит.* шовинистический
шоколад шоколад
шофыр шофёр
шпион шпион
~ы куыст кæнын шпионить
шпионаж, шпиондзинад шпионаж
шприц шприц
шпъалы шпала

шрапнель *воен.* шрапнель
шрифт шрифт
бæзджын ~ жирный шрифт
лыстæг ~ мелкий шрифт
штаб *воен.* штаб
~æн разамынд дæттын руководить штабом
~ы рабадт заседание штаба
æвзарæн ~ избирательный штаб
генералон ~ генеральный штаб
штабон *воен.* штабной
штаб-фатер *воен.* штаб-квартира
штамп штамп
штампæвæрд, штампгонд штампованный
штампон штамповочный
штангæ *тех., спорт.* штанга
штангист *спорт.* штангист
~ты ерыстæ соревнования штангистов
штат *(адм.-террит. единица)* штат; штат
кусджыты ~ штат сотрудников
штатон штатный
штейгер *горн.* штейгер
штемпель штемпель
штепсель *эл.* штепсель
штольнæ *горн.* штольня
штрейкбрехер штрейкбрехер
штукатур штукатур
штукатургæнæг (*бир.* штукатургæнджытæ) штукатурщик
штурм штурм
~æй исын штурмовать, брать штурмом
Фидар нын исгæ у ~æй! / Иу цæстфæныкъуылд ма баззад æрмæст. *Гриш. Атакæ.* Нам нужно брать крепость штурмом! Времени почти не осталось
штурмæн *мор., ав.* штурман

Э

эвакуаци *воен.* эвакуация
~йы æрвитын эвакуировать
~йы цæуын эвакуироваться
эвакуацион эвакуационный
~ рахизæнтæ эвакуационные выходы
эволюци эволюция
эволюцион эволюционный
~ æгъдауæй эволюционным путём
эгоизм эгоизм
эгоист эгоист
экватор *геогр.* экватор
экваториалон *геогр.* экваториальный
эквивалент эквивалент
эквивалентон эквивалентный
экзамен, фæлварæн экзамен
~ дæттын сдавать экзамен
~ исын принимать экзамен
~ раттын сдать экзамен
бацæуæны ~ вступительный экзамен
рауагъдон ~ выпускной экзамен
фыццаг ~ы къах скъуырын провалиться на первом экзамене
экзаменгæнæг (*бир.* экзаменгæнджытæ) экзаменующий, экзаменатор; экзаменующийся
экзамендæттæг (*бир.* экзамендæтджытæ) экзаменующийся, сдающий экзамен
экзаменисæг (*бир.* экзаменисджытæ) экзаменатор; принимающий экзамен
экземпляр экземпляр
экипаж экипаж
эклектизм *филос.* эклектизм
экономи экономия
политикон ~ политическая экономия
экономизм *полит.* экономизм
экономикæ экономика
аууоны ~ теневая экономика
базарадон ~ рыночная экономика
дунеон ~ мировая экономика
фæллойы ~ экономика труда
фæткдæттыны ~ экономика управления
экономикон экономический
~ географи экономическая география
~ кризис экономический кризис

экономист экономист
экран экран
экранизаци экранизация
экскаватор *мех.* экскаватор
хæддзæугæ ~ шагающий экскаватор
~ыл кусæг экскаваторщик
экскурси экскурсия
экскурсидзау экскурсант
экскурсион экскурсионный
экскурсовод экскурсовод
экспанси экспансия
экспедитор экспедитор
экспедици экспедиция
геологон ~ геологическая экспедиция
~ сræвдз кæнын снарядить экспедицию
экспедицион экспедиционный
эксперимент эксперимент
~ кæнын экспериментировать
~ сæвæрын поставить эксперимент
экспериментalон экспериментальный
~ æрмадзтæ экспериментальные мастерские
экспериментгæнæг экспериментатор
эксперт эксперт
~ты уынаффæмæ гæсгæ в соответствии с заключением экспертов
фæсарæйнаг хъуыддæгты ~ эксперт по международным делам
экспертизæ экспертиза
экспертон экспертная
~ æмвæзад уровень экспертизы
~ æрфарст экспертный опрос
~ æрфарст саразын провести экспертный опрос
~ къамис экспертная комиссия
эксплуататор эксплуататор
эксплуатаци эксплуатация
~ кæнын эксплуатировать
~йы æмгъуыд срок эксплуатации
~йы æмгъуыд фæвæййы заканчивается срок эксплуатации
~йы радтын сдать в эксплуатацию
~мæ лæвæрд æрцæуын быть сданным в эксплуатацию
эксплуатацигæнæг (*бир.* эксплуатацигæнджытæ) эксплуататор; эксплуатирующий
эксплуатацигонд эксплуатированный; эксплуатируемый
экспонат экспонат
равдысты ~ экспонат выставки
экспорт *эк.* экспорт

~ кæнын	экспортировать
экспортгæнæг	экспортёр
экспортон	экспортный
экспресси	экспрессия
ныхасы ~ фæрæзтæ	экспрессивные средства речи
экспроприаци	экспроприация
~ кæнын	экспроприировать
зæххыты ~	экспроприация земель
исбонæн ~ кæнын	экспроирировать имущество
экстенсивон	экстенсивный
~ хъæууон хæдзарад	экстенсивное сельское хозяйство
экстенсивондзинад	экстенсивность
экстерн	экстерн
скъола ~æй фæуын	окончить школу экстерном
экстернат	экстернат
экстраординарон	экстраординарный
~ цау	чрезвычайное событие
экстремистон	экстремистский
~ къорд	экстремистская группировка
элеватор	*с.-х., тех.* элеватор
элеваторон	элеваторный
элеги	*муз.* элегия
электрификаци	электрификация
хъæууон хæдзарады ~	электрификация сельского хозяйства
электровоз	*тех.* электровоз
электрод	*физ.* электрод
æвæрццæг ~	положительный электрод
æппæрцæг ~	отрицательный электрод
электролампæгæнæн	электроламповый
электролиз	*физ.* электролиз
электролитон	*физ.* электролитический
электромагнит	*физ.* электромагнит
электрон I	электрон
электрон II	электрический; электронный
~ пост	электронная почта
~ рухс	электрический свет
~ тых	электричество
~ тыхнымайæг	счётчик
~ фæрæзтæ нымайæг	электросчётчик
~-нымайæн машинæ	электронно-вычислительная машина
электростанцæ	электростанция
электротехник	электротехник
электротехникæ	электротехника
элемент	*в разн. знач.* элемент

ænæбайсгæ ~	непременный элемент
æцæгælон ~тæ	чуждые элементы
пайдахæссæг ~	полезный элемент
тæссаг ~	опасный элемент
химион ~	химический элемент
атом у химион ~æн йæ лыстæгдæр хайыг	атом – элементарная частица химического элемента
элементарон	элементарный
эликсир	эликсир
эмаль	эмаль
эмансипаци	эмансипация
эмблемæ	эмблема
эмбриологи	*биол.* эмбриология
эмбрионалон	*биол.* эмбриональный
эмигрант	эмигрант
эмиграци	эмиграция
~ кæнын	эмигрировать
эмир	эмир
эмират	эмират
эмисси	*фин.* эмиссия
эмоци	эмоция
эмоционалон	эмоциональный
эмпиризм	*филос.* эмпиризм
эмпириокритик	*филос.* эмпириокритик
эмпириокритицизм	*филос.* эмпириокритицизм
эмульси	*хим.* эмульсия
энергетикæ	энергетика
энергетикон	энергетический
энерги	энергия
энтузиазм	энтузиазм
~ равдисын	проявить энтузиазм
энтузиаст	энтузиаст
энциклопеди	энциклопедия
энциклопедион	энциклопедический
эпиграммæ	*лит.* эпиграмма
эпиграф	эпиграф
эпидеми	эпидемия
эпидемиолог	эпидемиолог
эпидемиологи	эпидемиология
эпидемиологион	эпидемиологический
эпидемион	эпидемический
эпизод	эпизод
эпикæ	эпика
эпикон	*лит.* эпический

эпилепси *мед.* эпилепсия
эпилог *лит.* эпилог
эпитафи эпитафия
эпитет *лит.* эпитет
эпопей эпопея
эпос *лит.* эпос
адæмон ~ народный эпос
ирон адамы ~ осетинский народный эпос
эрæ эра
мах ~йы агъоммæ до нашей эры
эрози эрозия
эрудици эрудиция
эрудит эрудит
эскадрæ *мор.* эскадра
эскадрили эскадрилья
эскадрон *воен.* эскадрон
эскалатор эскалатор
эскиз эскиз
эссенци эссенция
эстафетæ *спорт.* эстафета
эстетикæ эстетика
эстетикон эстетический
эстойнаг эстонец; эстонский
эстрадæ *в разн. знач.* эстрада
эстрадон эстрадный
этажеркæ этажерка
эталон эталон
этап этап
этапон этапный
этикæ этика
этикет этикет
этикеткæ этикетка
этикон этичный
этимологи *лингв.* этимология
этимологион *лингв.* этимологический
~ дзырдуат этимологический словарь
этнографи этнография
этнографион этнографический
этнос этнос
этюд этюд
эффект эффект
эффективон эффективный
эшелон *воен.* эшелон, поезд
æфсæддон ~ воинский эшелон, воинский поезд

Ю

юбилей	юбилей
~ бæрæг кæнын	отмечать юбилей
~æн раарфæ кæнын	поздравить с юбилеем
~ы цытæн	в честь юбилея
райгуырды ~	юбилей в честь дня рождения
сæдæ азы ~	столетний юбилей
юбилейон	юбилейный
~ бæрæгбæттæ	юбилейные торжества
~ майдан	юбилейная медаль
юбиляр	юбиляр
~æн гуырæнбоны фæдыл арфæтæ кæнын	поздравлять юбиляра с днём рожденья
~ы номыл	на имя юбиляра
ювелир	ювелир
ювелирон	ювелирный
юмор	юмор
~ы фæрæзтæ	юмористические средства
æрдзон ~	природный юмор
рæстдзæвин ~	тонкий юмор
юморист	юморист
юмористон	юмористический
юридикон	юридический
~ гоймаг / адæймаг	юридическое лицо
юрисдикци	юрисдикция
юрисконсульт	юрисконсульт
юриспруденци	юриспруденция
юрист	юрист
юстици	юстиция

Я

ягнобаг (*бир.* ягнобæгтæ) 1. ягнобец; 2. ягнобский
~ æвзаг ягнобский язык
~ æвзаг у ирайнæг æвзæгтæй иу (*скæсæйнаг дæлкъорд*) ягнобский язык является одним из иранских языков (*восточная подгруппа*)
ядерон ядерный
~ хæцæнгæрзтæ ядерное вооружение
якобинец *ист.* якобинец
якорь *мор., тех.* якорь
якутаг (*бир.* якутæгтæ) 1. якут; 2. якутский
ямб *лит.* ямб
январы январский
январь январь
янки янки
янтарæй янтарный
япойнаг (*бир.* япойнæгтæ) 1. японец; 2. японский
ярлык ярлык
яровизаци яровизация
~йы стади стадия яровизации
~ кæнын яровизировать
ярус *театр., геол.* ярус
яхтæ яхта

Справочное издание

ОСЕТИНСКО-РУССКИЙ СЛОВАРЬ

ТОМ 4
Т – Я

Составители:
Гуриев Тамерлан Александрович
Гутиева Эльмира Тамерлановна

Технический редактор Е.Н. Маслов
Оформление обложки Е.Н. Макарова
Компьютерная верстка С.А. Булацева

Подписано в печать 25.09.2019.
Бум. офс. Формат бумаги 70×100 $^{1}/_{16}$. Печать цифровая.
Гарнитура «Times».
Усл. п.л. 65,5. Тираж 300 экз. Заказ №159.

СОИГСИ ВНЦ РАН
362040, г. Владикавказ. пр. Мира, 10

Отпечатано ИП Цопановой А.Ю.
362002, г. Владикавказ, пер. Павловский, 3